# АДЫГЭБЗЭ
## -МАКЪЫБЗЭ-

**БЕР ХЬИКМЭТ**

## SUNU

Bu kitap, Adıgecede bulunan sesler üzerine bir çalışmadır; Adıgecenin işleyişinde seslerin anlam ve rollerini ortaya koymayı hedefler. Bir ses dili olan Adıgecenin ses anlam temelindeki işleyişinin açığa çıkarılması, onun dilbiliminin temeline ilişkin bir çalışmadır.

Dil analitik bir alandır; onun bilimi de bu analitiğe uygun olarak kalmalıdır; bir dilbilim, herhangi bir dilin güzergahına müdahale etmemelidir. Her bir dil, kendisinin anlaşılmasını gereksinir, arzular ve sadece buna rıza gösterir; ve dil, kendisinin işleyişine dıştan müdahaleye küser, bozulur.

Günümüzde dilbilimsel disiplinlerin işleyişi yukarıdaki ifadelere uymaz: Mevcut bir dilbilimsel metod, -gramer-, her dile giydirilen bir şablon olarak piyasadadır.

Adıgecenin bir ses anlamsal dil olması gerçeğinden hareketle gerçekleştirilen bu çalışma iki bölümden oluşur. Birinci bölüm, seslerin genel karşılaştırılması ile aralarındaki ilişkiler ve işleyişlerinin incelenmesidir. Bu çerçevede, seslerin doğuş ve çoğalma süreci ile, anlam ve sözcüklerin ortaya çıkışının irdelenmesidir ki, bu, bir ses dili için gereken genel bir inceleme olarak değerlendirilebilir. İkinci bölüm, her bir sesin başlıbaşına incelenmesidir ki, onların sesvarlıksal durumları ile, bulundukları sözcüklerdeki anlamlarının ortaya çıkarılmasını içerir. Bu itibarla da, ikinci bölüm hem felsefiktir, hem de daha geniş bir kompozisyonu mümkün kılar. Anlaşılacağı üzere, ikinci bölüm daha temel bir çalışmadır; birinci bölümdeki incelemenin de kaynağıdır.

Belirtmek gerekir ki, bu çalışma, Adıgecedeki seslerin incelenmesi ile ses anlam kompozisyonlarının ortaya çıkarılması sürecinin izlenmesinde kendini açık hale getiren felsefik ve matematiksel boyutlarıyla seslerin etüd edildiği, kendine has güzergahı oluşmuş özgün bir çalışmadır.

*

Sesin anlamsızlığı temelinde inşa olan bir dilbilim, sesin anlamlı olması durumunda kısıtlanır; bu noktada sınırlıdır. Konuşma dili seslerden oluşur; bir dili doğuran ve işler kılan, seslerdir. O halde, tüm dillerin temelde ve başlangıçta ses anlamsal olduğu söylenebilir. Ne var ki, bir yol kazası sonucu olarak bir dil artık ses anlamsal işleyişe sahip değilse de, o dil ses anlamallığın irregüler işleyişini bağrında taşır.

Seslerin anlamsız olması ile, anlamsal öğeler olması durumundaki iki farklı yaklaşımdaki dilbilimsel ve dilsel kavramlar da farklılaşır. Bu cümleden olarak, konu ile ilgili mevcut kavramlar değişmeye adaydırlar.

Adıgece, seslerin temel varlığında ve anlamlı öğeler olarak işleyişinde kendini gösteren bir dildir; ses anlamsal bir dildir; bir ses dilidir. Onun anlaşılması ve analizi, seslerin varlığı ile işleyiş mantığını kapsar, temele alır. Böyle olmakla Adıgece, bir sözcük ve kök kelime bütünlerinden öte, seslerin okunmasını önceler.

Böyle bir ses anlamsal okumada, konuşma dilinin ötesinde bir genel mantığı ifade eden bir sözcük olarak karşımıza çıkar "бзэ (dil)"; ve "бзэ"nin Adıgecedeki işleyişi de bu yöndedir. Oysa, "mantık" ve "logos" kelimelerinin ilgili dillerde konuşma dilinden türediği açıktır; mevcut bilgiler de, bunların sözsel ve dilsel kavramlar olduğuna ilişkindir. Dilsel ve mantıksal kavramlar günümüzde bu bilgiler temelinde anlaşılır; ne var ki Adıgece, konuşma dili ötesinde ve kendi temelinde bir mantığı işaret eder.

Adıgece "бзэ", bir konuşma dili ötesinde, her tür "göreli kendinden açılım ve işleyiş"i ifade eder. Bu işleyiş, her varolanın tözel varlığını -dişil olanın sürekliliğini- garanti altına alan bir temel işleyiştir. "Бзы (dişi)",  "kendine göreli ve kendinde açılım"ı kapsayan bir temel olgudur. "Бзэ (dil)" işleyen bir dişildir; dişi (бзы) olanın zamansal işleyişidir "бзэ (dil)".

Mantık dediğimiz şeyin bu öncelliğinde, konuşma dilini doğuran olgu, kozmik işleyişin bir devamı olan canlının mantığının ileri aşaması olarak ortaya çıkan insanın ürünü ve canlılığının bir uzantısı olan sesin işleyişine dayanır. İnsanın canından (псэ) nüksederek bir varlıksal form (лъэ) kazanan sestir söz (псалъэ) denen şey; ve bu eylemde bulunmaktadır konuşmak (псэлъэн).

Sesin, kendisini üreten canlı mantığına bağımlı olarak işleyiş kazanması, kozmik ve doğal olana uygun bir mantık argümanı oluşturur. Ses malzemeleriyle kurulmuş olan bu somut mantık kümesi, konuşabilen tek canlı varlık olan insan bakımından, tek somut mantıktır (бзэ); ve bu durumda, konuşma dili başlıbaşına "бзэ" olarak ifade edilebilir. Tüm dillerde mantık ve konuşma dilinin aynı kökenli veya özdeş sözlerle ifade edilebilmesinin temeli bu gerçek olmalıdır.

*

İnsan organizmasında canlılığın bir mantığı olarak meydana gelen bir iç işleyişin organizma dışındaki devamıdır ses. Bu içkin olayın, sessel

varlık kazanmasıdır söz; ve konuşma dilini oluşturan şey, canlılığın bir devamı olan bu mantıksal işleyiştir. Doğal olarak konuşma dilinin ortaya çıkışı böyledir; kozmik ve doğal işleyişini kaybetmeyen bir dil de böyle olmalıdır. Adıgece bugün de, bu temel ve işleyiş mantığına sahiptir.

Bir organizma ile ses, farklı varlıksal kategorilerdir; ancak ses, kendisini üreten organizmanın işleyişinde şekillenmekle, onun işleyiş mantığının bir devamıdır. İnsan organizmasının içkin bir olayı ile, onun mantığının bir devamı ve ifadesi olarak seslenimi (ses kümesinde yer alması) arasında lineer bir fonksiyon vardır. Bunun tersi fonksiyonunun da varlığı bir ses dilinin ifadesidir.

Ses kümesinde yer alan sesler ″ünlü, ünsüz″ olarak iki gruba ayrılabilir. Ünlü sesler, insan ses birimleri olarak kendiliğinden duyulabilir seslerdir; ünsüzler ise, bir ses birimi olarak duyulur olmak için ünlü desteğine ihtiyaç duyan seslerdir.

Ünlüler ses kümesini kateden, arşınlayan, ses kümesinin öz ve çeperini belirleyen seslerdir; yani, ünlüler ses kümesinin geometrisini oluşturan seslerdir. Bu geometride cereyan eden içkin, kendiliğinden ve sessiz, felsefik olay ve anlamlar ünsüzler tarafından ifade bulur.

Adıgece seslerin doğuş süreci ve ilişkileri, yukarıdaki ifadelere uygundur. Kozmik ve doğal sürece uygun bir süreç izler Adıgece seslerin doğuş ve ilişkileri. Bu ifadelerin küçük bir örneği olması bakımından, ünlü seslerin oluş sürecine ve kılgıladıklarını -ortaya koyduklarını- ifade ettiğimiz geometriye kısaca değinmek gerekirse, şu adımlar sıralanabilir:

*Adıgecede en temel ünlü ses, en az ve küçük ünlü, minimum ve en ekonomik ünlü ses “ы”dır. Her sesin “ы” aracılığıyla ses kümesinde birim ses olarak varlık kazandığı söylenebilir. “Ы” sesi, dışarı verilen nefesin doğal olarak çıkarabildiği ünlü sesdir ki, asgari güç sarfedilerek meydana gelen ünlü sestir. Bu gücün artırılması ve ses açısının genişletilmesi “э” sesini verir ki, bu “ы” yı izleyen ilk adımda ortaya çıkan ünlü sestir. “Э”, ilk ünlü adım ve hareket olmakla, bir ötelenme ve fonksiyonel zaman olarak işlev görür.

*Fonksiyonel zaman, ilk hareket ve ilk güç artırımı ile ilk genişleme olarak ortaya çıkmıştır ki, burada gerçekleşen ilklerin sonucunda bir ilk kılgı sözkonusudur. Bu kılgı, fonksiyonel zamanın (э) ulaştığı noktada ona dik olan bir kılgıdır. Bu “и” sesidir; o, hareket ve fonksiyonel zamana bağımlı olarak ortaya çıkan bir kılgı olarak müteakip tüm kılgıların kılgı alanıdır. O, zamanın sürekliliğinde hep kılgılanır; hep kılgılanma alanı olarak kalır (иджы).

*“Э” ile, ona göreli olarak meydana gelen “и” seslerinin bu ilişkisinde ortaya çıkan ses “у”dır; ve bu ilk ilişkinin ortaya koyduğu ilk açılım olarak, her tür açılımı ifade eden bir sestir “у”. Bu ifadelerde, “э”nın değişimine göreli olan bir fonksiyon sözkonusudur ki, böyle bir fonksiyonun ait olduğu sistem “zamansal koordinat sistemi” olarak tanımlanır.

*Bir kılgı olarak ortaya çıkan “и”, zamana bağımlılığında ve zamanın sürekliliğinde hep kılgılanandır; kılgılama bölgesidir. İlk kılgılanımında “и”, mekanın kendisinden doğacağı tek boyutlu kılgıdır. Zamanın sürekliliğinde sürekli kılgılanan “и”, bir “и” açılımı olarak mekandır. “И” açısında ve “и” bölgesinde oluş, bu mekansal sistemde olmaktır ki, burası “mekansal koordinat sistemi”dir.

Ses kümesi geometrisi küresel ve eğri bir geometridir ki, bunun kozmik geometriye uyan bir geometri olduğu açıktır. Adıgece, küresel ve kozmik geometriyi iyi tanımaktadır (хъурей).

Mekan, zamanın yaratımı ve göreliğindedir ki, mekansal ve uzamsal bir sistemin temelinde hep gizil bir zamansal boyut işler. Ve bu ifadeler Adıgecenin işleyişinde garanti altındaki bilgilerdir.

Mekanın, varolanın görüye çıktığı bir alan olması nedeniyle, geometrik olarak daha somut ifadeler kullanabiliriz: Yerküresel olan bir mekansal koordinat sisteminin ordinatı ($x$) deniz seviyesidir (хы). Varolanların görüde olduğu mekan, onların görülmesi ve varlığın kavranması ile ilgili felsefik anlamlı ünsüzlerin yoğunlaşma yeridir.

Tüm bu hususlar ve benzeri birçok konu, Adıgecenin kendi doğal işleyişinde, kendiliğinden, dilin kendini ifşası olarak, bu kitabın içeriğini oluşturur.

| ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭР | Т.Н. |
|---|---|
| ПЭУБЛЭ | 5 |
| ЯПЭРЕЙ IЫХЬЭ<br>ЗЫ МАКЪЫБЗЭРЭ, АР ЗЭРЫЗЭТЕУВЭ ЩIЫКIЭР | 17 |
| ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ<br>БЗЭ ТЕРМИНОЛОГИЕМ ЗЫ ХЭПЛЪЭГЪУЭ | 19 |
| Бзэ, Макъ, Макъыбзэ | 19 |
| Макъ Категоризацэхэр, Макъхэр Къызэрхъурэ ЗэрызэщхьэщыкIыр | 25 |
| ЕТIУАНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ<br>МАКЪ IУЭРХЭР | 29 |
| Макъ Iуэрхэр Къохъу | 29 |
| Макъ Iуэрхэм МакъыщIэхэр Къагъэхъу | 41 |
| Макъ Iуэрхэм Къагъэхъу Геометрикэ Системэр Бзэм Зэрыхэлэжьыхь ЩIыкIэр | 49 |
| Макъ Iуэрхэм Зы Хэплъэгъуэж | 75 |
| Макъ Iуэрхэр Псалъэ Зэрыхъурэ, Ахэм Псалъэ Къызэрагъэхъу ЩIыкIэр | 77 |
| ЕЩЭНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ<br>МАКЪ ЩЭХУХЭР | 80 |
| Макъ Щэхухэр Зэрызэрелъытарэ, Зэрыбагъуэр | 80 |
| Макъ Щэхухэм Яджрэ Я Iэмалыгъуэхэр | 87 |
| Макъ Щэхухэр Мыхьэнэрэ Псалъэу Утыку Къызэрихьэр | 96 |
| ЕПЛIАНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ<br>МАКЪХЭР ЗЭРЫЗЭГУХЬЭУ ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭР | 107 |
| ЕТIУАНЭРЕЙ IЫХЬЭ<br>МАКЪХЭР МЭПСАЛЪЭ | 111 |
| ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ<br>МАКЪХЭР ПСАЛЪЭМЭ | 113 |
| ЕТIУАНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ<br>МАКЪ IУЭРХЭР | 125 |
| «Ы» Макъымрэ "Iы"мрэ | 125 |
| «Э, IЭ, А» Макъхэр | 129 |
| «И, IИ, Й, Я, Е, IЕ» Макъхэр | 142 |
| «У, IУ, О» Макъхэр | 173 |
| ЕЩАНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ<br>МАКЪ ЩЭХУХЭР | 190 |
| «С, Ц, ЦI, З, ДЗ» Макъхэр | 190 |
| « Гь-Дж, Гу, Г, Гъ, Гъу» Макъхэр | 217 |

| | |
|---|---|
| «Д, Т, ТI» Макъхэр | 242 |
| «Ж, Жь» Макъхэр | 256 |
| «Щ, ЩI, Ш» Макъхэр | 266 |
| «К-Ч, Ку, КI, КIу» Макъхэр | 286 |
| «Къ, Къу» Макъхэр | 294 |
| «Кхъ, Кхъу» Макъхэр | 302 |
| «Хъ, Хъу» Макъхэр | 304 |
| «Х, Ху» Макъхэр | 309 |
| «Хь» Макъыр | 318 |
| «Лъ, Л, ЛI» Макъхэр | 325 |
| «П, ПI, Б» Макъхэр | 331 |
| «Ф, ФI, В» Макъхэр | 343 |
| «М, Н» Макъхэр | 355 |
| «Р» Макъыр | 370 |
| ЕПЛIАНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ<br>МАКЪ ЩЭХУ ЗЭГУЭТХЭР (Зэгухьэрэ Зэхэжахэр) | 372 |
| Макъ Зэгуэтхэр Къызэрыхъум Зы Хэплъэгъуэ | 372 |
| «П, ПI, Б» Гупым КъыхэхъукI Макъ Зэгуэтхэр<br>(Псы, Пщы, Пшы, Пхы, Пхъы, Пхъу, Плъы; ПцIы, ПщIы, ПкIы, Пкъы, ПлIы; Бзы, Бдзы, Бгъы, Бгъу, Бгы, Бжы, Бжьы, Блы) | 379 |
| «Д, Т, ТI» Гупым КъыхэхъукI Макъ Зэгуэтхэр<br>(ТкIы, ТкIу; Тхъы, Тхъу, Тхы, Тху; Тхьэ) | 435 |
| «Щ, ЩI, Ш» Гупым КъыхэхъукI Макъ Зэгуэтхэр<br>(Щты, Щхъы, Щхъу, Щхьэ; Шхы, Шху) | 449 |
| «Лъ» Макъым КъытехъукI Макъ Зэгуэтыр (Лъху) | 456 |
| «Ф» Макъым КъытехъукI Макъ Зэгуэтыр (Фты) | 456 |

# ПЭУБЛЭ

Макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэм яджыр къэгъэунэхун Іуэхур, абы и бзэщІэныгъэр джыжын Іуэхугъуэм и пэщІэдзэу лъытапхъэщи, мы лэжьыгъэм и гугъэр адыгэбзэм хэту щыт макъхэр къэгъэунэхун Іуэхугъуэрщ.

Псэлъэбзэу щыт бзэ псори макъкІэ ухуауэ щытщ. Ауэ, дэтхэнэ зы бзэм макъхэр я Іэмалыгъуэрэ мыхьэнэрэкІэ лажьэу хэтыжкъым. МакъкІэ ухуауэ щыт бзэм и макъхэр Іэмалыгъуэрэ мыхьэнэу къэмысэбэпыжу щытмэ, мыр, бзэр къызэрыхъуа лъабжьэр зэрыщІэмытыж Іуэхугъуэу лъытапхъэщ. Апхуэдэ бзэхэм я лъабжьэрэ я зы Іыхьэр хэщІауэ жыІэпхъэщ.

Адыгэбзэр зы макъыбзэщ; ар икІи, макъ Іэмалыгъуэрэ мыхьэнэу зэтеувауэ щыт зы бзэ щапхъэу лъытапхъэщ. Адыгэбзэр, макъым къыщыщІэдзауэ зэтеувэу щытщи, зы *архив*ышхуэрщ: Макъыр псэущхьэм къызэрыхэІукІ лъандэрэ зэрызэтеувэм къызэрыгуэкІкІэ, цІыхум къигъуэгурыкІуар зыхэзыубыдэу зы архивырщ ар.

Макъхэр къызэрыхъу лъандэрэ зэтеувэу къэгъуэгурыкІуэу зы бзэщ адыгэбзэри, ар зы бзэжьырщ. НэгъуэщІ бзэжьхэм я лэжьэкІэр къэгъэунэхунрэ къэхутэжыным и щІэныгъэ лъабжьэрщ адыгэбзэм и бзэщІэныгъэр. А бзэжьхэм къапкъырыкІарэ, нобэ бзэ куэдым хэту щыт псалъэ куэдыр гурыІуэгъуэ зэрыхъуфынум и ІункІыбзэр зыІыгъыр нобэй псэууэ щыт адыгэбзэрауэ жыІэпхъэщ. Зы бзэжьрэ, зы *сивилизацэ*у щытам къыщІэныжауэ лъытапхъэщи, адыгэбзэм щыщ псалъэ мащІэр хыхьауэ къыщІэкІынкъым нэгъуэщІ бзэжьхэм; тІэ, ахэм ящыщ куэдыр хэту лъытапхъэщ нобэрей бзэ гуэрхэм.

Адыгэбзэр зэрызэтеувэр гурыІуэгъуэ щыхъум щыгъуэ, щІэныгъэжьрэ фІэщхъуныгъэжь псалъэрэ *термин*у щытхэмрэ, *эзотерие* гупщысэрэ бзэуэ ялъытэ псалъэ куэдыр адыгэбзэм къызэрытехъукІар е адыгэбзэр зэрызэтеувэ щІыкІэм езэгъыу къызэрыхъуар гурыІуэгъуащэ хъуну къыщІэкІынщ. Ахэри къызэрыунэхунур адыгэбзэм и щІэныгъэр щызэтеувэм щыгъуэрщ; ар мыхъумэ, нобэ апхуэдэхэм теухуауэ жыпІэхэр *спекулацэ*у лъытапхъэщ.

Макъым къыщыщІэдзауэ зэтеувэу щыт адыгэбзэр зы цІыхугъэ архиву лъытапхъэщ. Адыгэбзэр, макъыр псэм къызэрыхэжыр зи лъабжьэу къэхъурэ зэтеувэу щІидзауэ зы бзэрщи, дэтхэнэ зы гуэррэ зы щыІэгъуэр цІыхум зэрилъытэр къыриІуэрэ, ар зи лъабжьэрэкІэ зэтеувэу къогъуэгурыкІуэр. Зы гуэрыр къызэрыхъурэ зэрызэтеувэм и пэщІэдзэрэ и пэжыпІэр къэзыІуэтапхъэрщ адыгэбзэр. Мыпхуэдэу зы архивыр зезыхьэрэ къэзыгъэсэбэпыр фІырыфІкІэ щыуэнкъым. Адыгэбзэм уедаІуэу щытмэ, ущыуэнкъым.

Адыгэбзэр мыпхуэдэу зы архив щыхъукIэй, бзэм и лэжьэкIэм хуэдэу зэтеувэ щIыкIэ зиIэу щытрэ, бзэм къиIуэтапхъэу щыт дэтхэнэ зы щIэныгъэр нэхъыфIыжу къэзыIуэтапхъэу зы бзэрщ. Мыпхуэдэ щIэныгъэхэр (*гуманитар* щIэныгъэ), *антропологие* лъабжьэу утыку къизылъхьэфыну щыт адыгэбзэр тIэ, зы гуманитар щIэныгъэбзэ щапхъэрщ.

Мыпхуэдэу зы гуманитар щIэныгъэбзэу зэрылъытапхъэр зы лъэныкъуэщ. Ауэ, *козмик*рэ *натурал* къэхъугъуэм зэрезэгърэ зэрекIукIэрэу зы лъабжьэм тету зэрызэтеувэм къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы щыIэ гуэррэ щыIэгъуэр и лъабжьэрэкIэ зэрилъытэрэ къызэриIуатэм папщIэ, дэтхэнэ зы *позитыв* щIэныгъэм езэгърэ дэгъуу зы бзэу лъытапхъэщ адыгэбзэри, тIэ, адыгэбзэр зы щIэныгъэбзэрщ.

ЩыIэрэ щыIэгъуэ хъур зи Iуэхугъуэу щытрэ, щIэныгъэу утыку къимыхьар къэгъэунэхуныр зи Iуэхугъуэр *философие*рщи, щыIэрэ щыIэгъуэр лъабжьэрэкIэ утыку къизылъхьэфу зэтеувауэ щыт зы бзэр, тIэ, философиер нэхъыфIыжу зыхузэфIэкIыну зы бзэрщи, адыгэбзэр зы философиебзэрщ.

Дэтхэнэ зы гуэрыр зэрызэхэлъ щIыкIэрэ зэрыужьыр нэхъыфIыжу къэзыIуэтэфыну жыхуэтIэ зы бзэр, цIыхур зыгъэужьыфыну зы бзэрщ. ИкIи, макъ нэгъунэ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэу щыт адыгэбзэр, цIыхур хуитрэ джэгуу, уджрэ усэу зыхэпсэухьыфыну зы бзэрщи, тIэ, мыпхуэдэу щыт зы бзэр зы усэбзэщ. Адыгэбзэр усэбзэу зы гупщысэбзэрщ.

Адыгэбзэр мыпхуэдэу лъэныкъуабгъуэу щыту зы бзэрщ. Абы зы Iуэхугъуэр къызэриIуэтэну щIыкIэр дэтхэнэ и зы лъэныкъуэмкIэрщ. Зы къэIуэтапхъэр мыпхуэдэу лъэщу къэзыIуэтэфу щыт зы бзэр, икIи зы усэбзэу щытмэ тIэ, фIэкIыпIэ зэримыIэрщи, ар зы литерэтурэбзэфIщ.

Мы жытIауэ щытхэри зэрыхэлъыжкIэрэу, адыгэбзэм едаIуэрэ ар зэхэзыхыр зыIэпешэри зыхешэр; абы къиIуатэхэр *медитацэ*у гурыIуэгъуэ къыпхуещIыр. Адыгэбзэр натуралрэ козмикэм езэгъыу зэрзытеувэрэ зэрылажьэм къызэрыгуэкIкIэ, ипщэкIэ зи гугъу тщIауэ щыт щIэныгъэрэ гъуэзэджэхэр цIыхум козмикэрэ медитацэу къыхелъхьэр адыгэбзэм. Адыгэбзэр *медитатив*у зы бзэрщ.

Адыгэбзэр игъуэджэу зезыхьэрэ, абы хэпсэухьу щытыр зэрыпсэур зэрыжытIам хуэдэу щытащ; икIи, щытынщ. Абы къыуигъэцIыхур цIыхугъэкIэрщ къызэрыуигъэцIыхури, уи цIыхугъэр хегъэбагъуэр; цIыхур зыцIыхуу зэрыщытым щыгъуазэ уэрыхуищI щIыкIэри мыпхуэдэщ адыгэбзэм. "Адыгагъэр цIыхугъэщ" псэлъэжьыр игъуэ зэрыхъурэ къызэрыгъуэгурыкIуэ лъабжьэрэ щхьэусыгъуэри мырагъэнщ.

Адыгэбзэр цIыхум лъэныкъуабгъуэу и хущхъуэу зы бзэрщи, ар къэзыпсэлъым имыщIэххэу щхьэпэшхуэ хуэхъурщ; тIэ, зыфIэкIуэду щытыр щхьэпэншэщ.

Адыгэбзэр цIыхунрэ цIыхугъэр хэзыгъэбагъуэрэ, гъащIэрэ Тхьэр зыгъэпэжу зы бзэрщи, зыхуэщхьэпэрэ зыхуэфащэм зэрихьэпхъэу зы бзэрщ. Ар хуэфащэу зезыхьэн цIыхур Тхьэм игъэбагъэ тIэ.

*

Макъхэр къэгъэунэхуныр зи гугъэу щыт мы тхылъыр, къэбэрдеибзэм хэту щыт макъ псори зыхиубыдэу зы лэжьыгъэрщ. Ауэ, дэтхэнэ зы макъым е зы макъ гупым и лэжьыгъэм зы тхылъ зэпэщ узэригъэтхыфынури жыIэпхъэщ. Ар щыхъукIэй, макъ псори зыхиубыдэу зы хэплъэгъуэ пэлъытэу лъытапхъэщ мы тхылъыр.

Япэрей Iыхьэр, макъхэр къызэрыхъурэ зыр зым зэрелъытауэ зэрыщытым и гугъу ищIыу зы Iыхьэрщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткIэй, ар икIи, зы макъыбзэр зэрыухуэрэ зэрызэтеувэ щапхъэр утыку къизыгъахьэу лъытапхъэщ.

ЕтIуанэрей Iыхьэр, Къэбэрдей алфавитым хиубыдэу щыт дэтхэнэ зы макъым щхьэжу телэжьыхьын Iуэхугъуэ IэнатIэрщ. Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIэй, щхьэжу зы макъым иджрэ и Iэмалыгъуэр, ар мыхьэнэу утыку къызэрихьэ щIыкIэр, макъыр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ макъ жыгыу ухуэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэр зыхэзыубыдэу зы Iыхьэрщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ ящIыу къыщIэкIынщи, етIуанэрей Iыхьэр нэхъ лэжьыгъэ лъабжьэрщ; япэрей Iыхьэр хуиту утыку къызэрихьэфым щхьэусыгъуэ хуэхъурэ, и лъабжьэм щIэлъыр етIуанэрей Iыхьэрщ.

Дэтхэнэ зы Iыхьэм и япэрей пычыгъуэр абы и пэублэ пэлъытэу зэхэлъхьауэ щытщи, тIэ мыбдежым, лэжьыгъэм и хэгъэгъуэзапхъэу куэд жытIэн хуэныкъуэжкъым. ИкIи, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэ IэнатIэу дызтелэжьыхьым къызэрыгуэкIкIэ, игъуэ къыщыхъум щыгъуэ, хэгъэгъуэзапхъэу жыIэпхъэхэр утыку къыдолъхьэр.

Мы тхылъым и Iуэхугъуэр къэбзэрдеибзэм теухуащ. Зытелэжьыхьрэ, лэжьыгъэри къызэриIуатэр къэбэрдеибзэрщ. Ауэ, мы лэжьыгъэхэр адыгэбзэ псомкIэй зы лэжьыгъэ щапхъэу лъытапхъэщ. Ар щхьэ, дэтхэнэ зы адыгэбзэ жьэрыпсалъэр зэрызэтеувэр, макъхэр Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэу зэрыщытыр, макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхьрэ къызэрысэбэпыр къэгъэунэхун папщIэ, адыгэбзэм и зы дэтхэнэ жьэрыпсалъэм теухуауэ, щхьэжу мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр утыку къилъхьэн зэрыхуейр жыIэпхъэщ.

Адыгэбзэр, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр хуиту къэзыIуэтэфу зы бзэу лъытапхъэщ. Ауэ, нобэ зы Iуэхур нэхъ тыншу гурыIуэгъуэ зыщIынур, а Iуэхугъуэ IэнатIэм теухуа *терминологие*рщи, игъуэу щытлъытэм щыгъуэ, бзэхэм хэт хъуауэ щыт *термин* гуэрхэр къыдогъэсэбэпыр. ТIэ, адыгэбзэу щымыт мыпхуэдэ псалъэхэр, урысыбзэм зэрыхэт щIыкIэр ди щапхъэрэ, Адыгэ алфавитыр лъабжьэу зэрытлъытэм къызэрыгуэкIкIэ, нобэрей хэкурыс Адыгэм къызэрыриIуэ щIыкIэу ттхауэ щытщ.

Мы лэжьыгъэм и Iуэхуу щытыр зы *грамер* лэжьыгъэ утыку къилъхьэныркъым; икIи, псалъэрэ лэжьэкIэхэр "фIэщыгъэцIэ, щыIэцIэ, цIэпапщIэ, плъыфэцIэ, глагол" хуэдэу, грамер термину зэрилъытэрэкIэ къекIуэкIыркъым лэжьыгъэр. ТIэ, мы терминхэм къыраIуэ Iуэхугъуэхэри къызтехъукI лъабжьэу, макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэхэр къэгъэунэхунырщи, ахэр къызэрыунэхурэ зэрызэхущытыр, мыхьэнэщIэрэ псалъэхэр утыку къызэрихьэращ ди Iуэхугъуэу щытыр. Ар щыхъукIэй, адыгэбзэм хуэщхьэпэну щытрэ щыIэу щыт терминхэри къэунэхуу жыIэпхъэщ. ТIанэ, макъым къыщыщIэдзауэ адыгэбзэм и лэжьэкIэу къэунэхум къызэрыгуэкIкIэ, езы бзэм хуэIуауэ *категоризац*рэ терминхэри утыку къилъхьэпхъэ зэрыхъунури гурыIуэгъуэнщ. ТIэ, адыгэбзэм и грамерыр къэгъэунэхупхъэу къытпэщыт зы Iуэхуэгъуэмэ, ар зэрызэтеувэри мыпхуэдэ лэжьыгъэхэмкIэ утыку къихьэну къыщIэкIынщ.

Лэжьыгъэ кIуэцIым игъуэ къыщысым щыгъуэ, глагол лэжьэкIэу зи гугъу тщIыуэ щытхэр зытеухуар "Глагол Тхылъ (Fiiller Kitabı)/ Бер Хь." зи цIэу щыт тхылъым и етIуанэрей Iыхьэрщ.

*

Сыт хуэдизу, я бзэщIэнычгъэр езы бзэхэм хуэIуауэ утыку къимыхьами, Кафкас бзэ унагъуэр макъыбзэу жыIэпхъэщ. А бзэ унагъуэр зы хадэу плъытэмэ, адыгэбзэ-абазэбзэ-убыхыбзэм я лъабжьэр зэхуэдэщи, ахэр къудамэшхуищу зэгуэт зы жыг дыкъуакъуэу лъытапхъэщ.

Адыгэбзэр мы жыгышхуэм и зы къудамэшхуэу е зы жыгыу къапщтэмэ, абы и къудамэхэри адыгэбзэ жьэрыпсалъэу щытхэрщ. Дэтхэнэ зы къудамэр зи къудамэу щыт жыгым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ зы ужьыгъуэ зиIэрщ. ТIэ, мы псалъэм къызэрыгуэкIкIэй, дэтхэнэ зы къудамэм езым хуэIуауэ зы ужьыкIэрэ зы щIыкIэ иIэжщи, дэтхэнэ зы къудамэу жыхуэтIэ жьэрыпсалъэри щхьэжу зы лэжьыгъэу ди пащхьэм иту лъытапхъэщ. Дэтхэнэ зы къудамэр зэрыужьым хуэдэу къэхъуу жыIэпхъэщ жьэрыпсалъэрэ *диялект*хэри, тIэ, дэтхэнэ зым и ужьыкIэм елъытауэ макърэ макъ Iэмалыгъуэхэр зэрыщытыр, я зэрызэхущыт щIыкIэр джыжын хуейщ.

Мыпхуэдэу, зы жьэрыпсалъэрэ зы диялектым теухуауэ лэжьыгъэхэр утыку къихьэу щытмэ, дэтхэнэ зы лэжьыгъэ IэнатIэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэфыну щыт щыуагъэхэри гъэзэхуэжынщ. ИкIи, лэжьыгъэхэм утыку къыралъхьэу щыт щIэнхэр зэгъэпщапIэм ихьа хъунщ.

ТIанэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэхэм бзэр зэрызэтеувэ щIыкIэу *синкроникэ* бзэщIэныгъэу лъытапхъэ лъэныкъуэр нэхъыфIу къагъэунэхунщ. ИкIи, зы бзэм и зы дэтхэнэ лъэныкъуэр зэщIиубыдэу утыку къихьэу щыт лэжьыгъэ куэдыр, бзэм и тхыдэрэ и *диякроникэ* щIэныгъэ лъэныкъуэр зыхуэныкъуэу зы Iуэхугъуэрщи, ар къэгъэунэхуным фIыуэ щхьэпэ хуэхъунщ.

Макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэу зэтеувэу зы бзэу щытлъытэм щыгъуэ, тIэ, макъхэр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри къэгъэунэхупхъэщи, мыр, макъым и Iэмалыгъуэрэ и мыхьэнэжыр къэгъэунэхун Iуэхугъуэу зы *археологие* лэжьыгъэу жыIэпхъэщ.

Ар щыхъукIэй, дэтхэнэ зы макъыр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьрэ, щхьэжу дэтхэнэ зы макъ Iэмалыгъуэр бзэ лэжьэкIэм зэрижэ щIыкIэр къэгъэунэхун Iуэхур ди пащхьэм ит мэхъури, мыр, дэтхэнэ зы макъым и жыгыр къэгъэунэхун Iуэхугъуэу лъытапхъэщ икIи. ТIэ, къэдгъэунэхуну ди пащхьэм иту щыт зы лэжьыгъэ IэнатIэр макъ жыграуэ щытлъытэм щыгъуэ, ар, адыгэбзэм хэту щыт макъхэм я *генеалогие* лэжьыгъэу лъытапхъэщ.

*

Макъхэр мыхьэнэншэу зылъытауэ щыт зы бзэщIэныгъэрщ нобэ утыку иту щыт бзэщIэныгъэр. Абы зэрилъытэр кIэщIыу мыпхуэдэу жыIапхъэщ: «Макъ мыхьэнэншэхэр ауэ къызэрыкIуэу зэрызэгуэхьэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт зы "псалъэпкъ"ри мыхьэнэншэщи, абы *аффикс*кIэрэ лэжьыгъэ зэригъуэтым къызэрыгуэкIкIэрщ бзэр зэрылажьэр».

Мы псалъэхэм зэрилъытэрэкIэ, зы псалъэр, къэзыгъэхъуу щыт макъхэм пыщIауэ щыткъым; макъхэр мыхьэнэншэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, макъкIэ ухуауэ щыт зы псалъэри мыхьэнэншэщи, абы и лэжьэкIэм зы мыхьэнэ гуэр траухуауэ къогъуэгурыкIуэр. Зы псалъэм къигъэлъагъуэр, езым хэмылърэ и Iэмалыгъуэу щымыт гуэрырщи, зы мыхьэнэ гуэрым теухуарэ хуэIуауэ къыраIуэрщ "псалъэ"р. ТIэ, "псалъэ"р макъыу зэтеухуа зы *материял*у елъытэр мы бзэщIэныгъэм. Апхуэдэу зэхэлъу щытрэ лэжьыгъэ зиIэу щыт зы бзэри зы гуэрхэр гурыIуэгъуэ зыщIыну щыт зы логие гъущэу лъытапхъэщ тIэ. Мыхэм зэралъытэмкIэ, бзэр псэншэщ; икIи, псэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытауэ щымытырщ; дэтхэнэ зы гуэркIэ, псэм зы зэпыщIэныгъэ зыхуиIэу щыт гуэрыркъым бзэр. Мыпхуэдэ зы еплъыкIэу зэтеувэрэ лэжьыгъэ зиIэ хъууэ щыт бзэщIэныгъэм бзэм къыхуихьынурэ бзэм и щхьэм къыригъэкIуэнури мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэращ.

Ауэ, адыгэбзэрэ зы макъыбзэм теухуауэ, мыхэр пэжу лъытэххэн Iэмал зимыIэ еплъыкIэрщ. Зы макъыбзэр псэншэкъыми, макъ IэмалыгъуэрэкIэ зэхэлъхьарэ лажьэу щытырщ. Бзэр, макъ IэмалыгъуэрэкIэ лэжьыгъэ зыгъуэтырщи, мы Iэмалыгъуэхэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт мыхьэнэхэр псалъэхэрщ. "Псалъэ"р зы матерял пэлъытэркъыми, зы гуэрыр ауэ къызэрыкIуэу зылъытэркъым; ар зыбжыркъым, зы бжыгъэ пэлъытэу зылъытэркъым. "Псалъэ"р, "псэ"м къыхэхъукIрэ зы щыIэгъуэрэ зы "лъэ" зыгъуэту зэтеувэрщ. Псэущхьэм къыхэхъукI макъыр абы и псэм и унэтIыгъэ зы лъэкIыныгъэу утыку къихьэрщи, псэм и ужьыкIэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт мы

Іэмалыгъуэр, зы гуэр зыджыпхъэрщ; бзэр, псэ ужьыкІэм къызэрыгуэкІкІэ зэтеувэрэ ужьыгъуэ зиІэу утыку къихьэрщ.

Макъхэр пкъыгъуэм и лъэкІыныгъэу къэхъуу щыІэгъуэ зыгъуэту къэІухэрщи, зы Іэмалыгъуэу псэм къигъэхъурэ зы Іэмалыгъуэу утыку къихьэхэрщ; макъхэр къызэрыІу Іэмалыгъуэм къызэрыгуэкІкІэрщ макъхэм я мыхьэнэу утыку къихьэхэри.

Бзэм и ужьыгъуэм дэщІыгъуу ужьыгъуэ зиІэрэ мыхьэнэщІэхэр утыку къыралъхьэу щытщ макъхэм. ТІэ, зы макъ Іэмалыгъуэр бзэм и лэжьэкІэм къызэрыгуэкІрэ зэрелъытарэкІэ къыщысэбэпым щыгъуэ, утыку къырилъхьэу щыт мыхьэнэри зэрыужькІэрэу мыхьэнэ нэгъуэщІыгъуэхэр утыку къызэрихьэм къызэрыгуэкІкІэ псалъэхэр зэтоувэр.

Зы макъым мыпхуэдэу мыхьэнэ ужьыкІэу мыхьэнэ зы бжанэр зэриджыфкІэрэу бзэр мэлажьэр. Ауэ, макъ мыхьэнэншэ бзэщІэныгъэм къызэрыгуэкІкІэ, кІуэ пэтрэ зы псалъэм къигъэлъагъуэн хуейр зы мыхьэнэ закъуэу мэлъытэри, адыгэбзэм макъ Іэмалыгъуэрэ мыхьэнэ ужьыкІэр хэкІуэдэжыпІэм хуокІуэр. Мыр зи щхьэм къырикІуэу щыт адыгэбзэм и лъхьугъэр кІуэ пэтрэ хощІыр: Макъ Іэмалыгъуэрэ мыхьэнэр мылэжьэжыпІэм зэрыхуэкІуэм къызэрыгуэкІкІэ, макъыр зи лъабжьэу ужьыгъуэ зиІэу щыт адыгэбзэр кІуэ пэтрэ бгъэуэ къанэным хуокІуэр, мэсэкІыр.

БзэщІэныгъэм къызэрыгуэкІкІэ, макъхэр зэрызэгухьэрэкІэ утыку къихьэу щыт зы псалъэм и мыхьэнэр зы мыхьэнэ закъуэм къызэрытенэрэкІэ, макъ Іэмалыгъуэр мылэжьэж зэрыхъум имызакъуэу, бзэр зыщІадж методым къызэрыгуэкІкІэ, псалъэрэ жыІэгъуэхэри бзэщІэныгъэр къызтехъукІауэ щыт бзэхэм я псалъэрэ я жыІэгъуэхэм ящхь хъун гъуэгумкІэ мэунэтІри, бзэр *асимилацэ* мэхъур.

Мыбы къыщымынэу, адыгэбзэр етІуанэрей бзэуэ зэрыщытми къызэрыгуэкІкІэ, макъ гуэрхэм я къэІукІэри а бзэхэм хэту щыт макъхэм ящхь хъууэ щытщи, макъхэри асимилацэ мэхъур. Мыбы и щапхъэу лъытапхъэщ, нобэ хэкурыс Адыгэм ″хы, лы, жы, жь″ макъхэр къызэрыриІу хъуа щІыкІэр.

Мыпхуэдэу къэхъуу щыт асимилацэ Іуэхугъуэхэм къызэрыгуэкІкІэ, адыгэбзэр и щэным йокІыр; абы и щэныр зохъуэкІыр.

Яджу щыт зы бзэм къызэрыгуэкІкІэрщ зы бзэщІэныгъэри зэрыхъунур. Ауэ, зи гугъу тщІыуэ щыт бзэхэм къызэрыгуэкІкІэ утыку къихьауэ щыт щІэныгъэр лъэщу зы щІэныгъэй хъуауэ щытщ нобэ. ИкІи, Европэ гупщысакІуэхэм бзэм теухуауэ мащІэй къагъэунэхуакъым. А гупщысэхэм я нэхъыбэр дэтхэнэ зы бзэм дежкІи пэжу лъытапхъэу къыщІэкІынщ; ауэ, а гупщысакІуэхэм я гупщысэр къэунэхуауэ щыт щІэныгъэхэм къызэрыгуэкІкІэрщи, ахэм яхуэпэжыжьэрэ, я гупщысэхэм химыубыдэфыну пэжыгъэ куэд щыІэу къыщІэкІынщ бзэм теухуауэ. Яджауэ щытрэ бзэщІэныгъэу утыку ит бзэмкІэрщ а гупщысакІуэхэр

зэрыгупщысэри, мыбы зэрезэгъкIэрщ бзэм теухуауэ пэжыгъэ зиIапхъэу жаIэхэр.

А гупщысэхэм и нэхъыбэр адыгэбзэм папщIэй пэжу лъытапхъэми, а гупщысэхэмрэ бзэщIэныгъэм зы бзэр макъыбзэу зэрыщытын гупщысэр хиубыдэркъым. Макъыбзэ щIэныгъэр утыку къыщихьэм щыгъуэ, абы бзэр зэрилъытэнур куэду щхьэхуэ хъуфыну къыщIэкIынщ. Мыпхуэдэ зы щIэныгъэр, бзэм и Iуэхур макъым къыщIидзэрэ къезыгъажьэу зы лъабжьэ Iуэхугъуэрщи, тIэ мыпхуэдэу зы лъабжьэм щIэIэбэ щIэныгъэм, нобэ, щIэныгъэм и цIэкIэ утыку иту щыт щхьэфэтелъ Iуэхугъуэрэ щIэн куэдыр зихъуэкIынщ.

Адыгэбзэр зэрылъэщым къызэрыгуэкIкIэ, литерэтурэ лъэщ къэзыгъэщIыфыну зы бзэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ар, *литерэтурант*ыфIхэр къыхэзыгъэкIрэ зиIэу зы бзэрщ нобэй. Ауэ, абы и бзэщIэныгъэр зэгъэпэщауэ утыку къызэримыхьарэ, нэгъуэщI бзэщIэныгъэ *шаблон*ым зэрыщIаджыкIым къызэрыгуэкIкIэ, литерэтурэми сабэ трищIапхъэщ. Нобэу дыздитым, бзэщIэныгъэм къытхуиIуэхуарэ и унафэм къызэрыгуэкIкIэ, литерэтурэм и цIэкIэ, адыгэбзэм и псэлъэухуар ублэрэкIауэ мэгъэлажьэр. Мыпхуэдэу, утыку ит зы бзэщIэныгъэр фIэщхъуныгъэ пэлъытэу къызэрысэбэпым къызэрыгуэкIкIэ, псэлъэщIэрэ псалъэ зэтеувэкIэщIэхэр бзэщIэныгъэр къызтехъукIа бзэ лъэныкъуэмкIэ мэунэтIыр.

Адыгэбзэм езыр зэрыщыту зы усэбзэу щыт щхьэ, зыщIаджыкI шIэныгъэрэкIэ и щхьэм къырикIуэу жыхуэтIэхэм къызэрыгуэкIкIэ, фIырыфIкIэ бзэм и псэм усэн къыдэжыркъым. Усэр нэпцIрэ щхьэгъэпцIагъэ Iуэхуу зэрыщымытым папщIэу къыщIэкIынщи, адыгэбзэм хуэфащэ усэхэр утыкум къихьэркъым.

Адыгэбзэр литерэтурэбзэфIрэ усэбзэу щытми, ар щIэныгъэрэ философие гупщысэхэм телэжьыхьынрэ, ахэр къэIуэтэн папщIэ къэдгъэсэбэпакъым. ЩIэныгъэ лъэныкъуэу къытлъысар, къэхутакIуэм хуэщхьэпэну щыт хъыбархэр зэхуэхьэсынырти, къэхутакIуэ гуэрхэри къытхэкIыфащ. Ауэ, бзэрэ щэнхабзэм и лъабжьэ псом щIэплъарэ, абы и щIэныгъэр утыку къизылъхьэу къэзыIуэтэжа къызэрытхэмыкIам папщIэрагъэнщ щыуагъэу жыхуэтIэ Iуэхугъуэхэр къыщIэхъур.

Адыгэбзэр щIэныгъэ лъэныкъуэу къэдымгъэсэбэпыфауэ зэрыщытрэ, щIэныгъэ лъэныкъуэу ди IэдэкъэщIэкI хъуауэ щытхэм къагъэщIауэ утыку ит *контекст*ыр лъабжьэ къызэрытхуэхъуам папщIэй, щIэныгъэрэ гупщысэ утыку къилъхьэн Iуэхугъуэр къытпэжыжьэ хъуауэ щыту жыIэпхъэщ нобэ. ТIэ, бзэр щIэныгъэрэ гупщысэ къэIуэтэн папщIэ къэбгъэсэбэпу щытмэ, утыку иту щыт контекстри кIуэ пэтрэ зэхъуэкIынщ. Натуралрэ козмикэм езэгъыу зэтеуварэ лэжьэкIэ зиIэу щыт адыгэбзэр гъащIэри зыгъэпэжу зы бзэрщи, макъым къыщIидзэу зэтеувауэ щыт

адыгэбзэм къиIуэтэнухэр гъащIэрэ цIыхугъэм езэгъръэ ахэр зыгъэщIэращIэ гупщысэрэ щIэнхэрщ.

Адыгэбзэм дэтхэнэ зы гупщысэрэ щIэныгъэр куэду тыншу гурыIуэгъуэ зэрищIыфынурэ къызэриIуэтэфынур нахуэщ; абы щIэныгъэр къызэриIуэтэнури усэбзэ пэлъытэрщ икIи. Адыгэбзэм, щIэныгъэр дызэресам хуэдэу нэщхъ зэхэукIагъэжкIэркъым къызэриIуатэр; щIэныгъэр гурыфIагъэрэ гуфIэпсыжу къызпыжу щыт адыгэбзэм, щIэныгъэ пхъуантэр зэрыщIэбгъэувэу, абы из хуищIыпхъэщ щIэныгъэдыщэпсыр.

*

Зы бзэр къэзыпсэлъ цIыхубэм и логиеу жыIэпхъэщ. Бзэм къиIуатэрэ къызэриIуатэ щIыкIэр, а цIыхубэр зэрыгупщысэ щIыкIэрщ. Ар щыхъукIэй, дэтхэнэ зы щIэныгъэм хуэдэу жыIэпхъэкъым бзэщIэныгъэр.

ЦIыхур зэрыгупщысэр къэзыIуатэрэ, щхьэжу щыIэгъуэ зиIэж хъуауэ щыт зы логиерщ бзэри, абы и щIэныгъэр, цIыхум иухуэу щытхэм и лъабжьэри къэзыгъэунэхупхъэрщ. Ар щыхъукIэй, цIыхум иухуэхэм теухуауэ щIэныгъэщIэхэри утыку къыригъэхьэфыну щытщ бзэщIэныгъэм. БзэщIэныгъэр щIэныгъэ мащIэм пыщIауэ щытынкъым: Ар щIэныгъэ куэдым и лъабжьэрэ и щапхъэ хъуфу щытырщ; икIи, бзэщIэныгъэм къызэрыгуэкIкIэ зэтеувэу щыт щIэныгъэ *дисиплин*хэри щыIэщ нобэ.

Хабзэрэ щэнхабзэри бзэ лIэужьыгъуэу зэрыщытыр гулъытапхъэщи, щэнхабзэ лIэужьыгъуэхэр зэрилъабжьэрэкIэ утыку къихьэу щыт гуманитар щIэныгъэ жыхуаIэхэмрэ бзэщIэныгъэм зэпыщIэныгъэ зыхуаIэщ. А щIэныгъэхэр къызтехъукIарэ, а щIэныгъэхэм я Iуэхугъуэ IэнатIэу щытхэм я лэжьэкIэр бзэм и логием хуэдэу лъытапхъэщ.

Дэтхэнэ зы щэнхабзэ IэнатIэр зэрылъабжьэрэкIэ утыку къихьэу щыт зы гуманитар щIэныгъэ лIэужьыгъуэр, а щэнхабзэ IэнатIэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ зы щIэныгъэрщ. Ахэр, яджарэ къызтехъукIа щэнхабзэм елъытауэ зы щIэныгъэ хъуауэ щытщ; ауэ, мыпхуэдэурэ кIуэ пэтрэй, цIыхугъэ псори зыхиубыдэу *универсал* щIэныгъэ пэлъытэуй зэтоувэр.

Бзэ лъэныкъуэри мыбы хуэдэу щытщи, Европэм и бзэхэр зэраджкIэрэу ухуауэ щыт зы *филологие*рэ бзэщIэныгъэращ утыку ит хъуари, а лъандэрэ нэгъуэщIыбзэхэр абы щIаджыкIыр. Мы утыку ит бзэщIэныгъэр лъабжьэ зэрыхъукIэрэй, универсалу зы бзэщIэныгъэй мэухуэр.

Бзэр, гуманитар щIэныгъэ лIэужьыгъуэрэ логиехэм я щапхъэу лъытапхъэщи, дэтхэнэ зы щэнхабзэм къытехъукIрэ гуманитар щIэныгъэу зэтеувахэм хуэмыдэжу, нэхъри лъабжьэу зы Iуэхугъуэрщ бзэщIэныгъэр. БзэщIэныгъэр мыпхуэдэу нэхъ лъабжьэрэ пашэу зэрылъытапхъэм и щхьэусыгъуэр, бзэр щхьэжу зы щыIэгъуэ зыгъуэтауэ зы логиеу зэрыщытращ.

Зы гуманитар щIэныгъэр зэраджарэ утыку къызэрихьам хуэдэжу къыщыбгъэсэбэпым щыгъуэ, уи щэнхабзэр зихъуэкIыпхъэу къэсэбэпыфынщ. Ауэ, а нэхъ логие щапхъэрэ пашэу щыт бзэр, узэрыгупщысэрэ уи гупщысэр къызэрыпIуатэ бзэр, нэгъуэщI бзэщIэныгъэхэм щыщIэбджыкIым щыгъуэ, къэхъур гурыIуэгъуэщи, а бзэр къэзыпсэлъу щыт цIыхум и логиерэ и гупщысэкIэр, кIуэ пэтрэй езы бзэр зэхъуэкIынщ. Мы зэхъуэкIыныгъэм, бзэм зэпыщIэныгъэ зыхуиIэу щыт хабзэрэ щэнхабзэ лIэужьыгъуэхэри зихъуэкIыу щIидзэнщ.

Мыр зы Iуэхушхуэщ; уи бзэрэ уи щэнхабзэм емыщхьрэ хуэмыдэм къатехъукIауэ щыт щIэныгъэхэр зэрыщыту къапщтэрэ уи бзэрэ уи щэнхабзэр щIэбджыкIыныр, ахэр ипIэм игъэкIын гъуэгум тегъэхьэнырщ. ИкIи, мыпхуэдэ закъуэу къанэркъым Iуэхури, цIыхугъэ щэнхабзэ IэнатIэрэ архиву щыт гуэрхэр егъэкIуэдыр мы къэхъу Iуэхугъуэм. Псалъэм папшIэ, макъым къыщыщIэдзауэ зэтеувэу щыт зы бзэр, макъыр мыхьэнэншэу зылъытэ зы бзэщIэныгъэм щыщIэбджыкIым щыгъуэ, макъ Iэмалыгъуэрэ лэжьэкIэр зэрыхэкIуэдэжым къызэрыгуэкIкIэ, хэкIуадэр а макъыбзэм и лэжьэкIэ закъуэм къыщымынэу, макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэ лэжьэкIэр гурыIуэгъуафIэ зэрымыхъуж гъуэгум зэрытехьэрэкIэ кIуэдыпIэм ихуэр, цIыхугъэ псом и лъабжьэм теухуауэ зы Iыхьэрщ икIи.

Нобэ дэтхэнэ зы бзэм хуэдэу адыгэбзэри зыщIаджыкI бзэщIэныгъэрэ методыр Европэ бзэхэм къатехъукIаращи, тIэ, адыгэбзэри кIуэ пэтрэ а бзэхэм ящхь хъун гъуэгум техьауэ жыIэпхъэщ. А щIэныгъэхэр къызтехъукIауэ щыт бзэхэм хэту щыт макъхэр мыхьэнэрэ Iэмалыгъуэу икIэ нэгъунэ нахуэ зэрымыхъум къызэрыгуэкIкIэ, макъхэр мыхьэнэншэу зылъытэу зы бзэщIэныгъэу ухуащ. ТIэ, мы бзэщIэныгъэм щIаджыкI адыгэбзэм и макъ мыхьэнэхэр нэмыплъ зэрыхъукIэрэу, кIуэ пэтрэ макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэхэр хэкIуэдэжыпIэм хуэкIуэу жыIэпхъэщ.

ЩIэныгъэр –нэхъыбэу гуманитар щIэныгъэхэр- къэзыгъэщIым дежкIэ, зэхъуэкIыжыпхъэу мэлъытэр; ауэ, а щIэныгъэр къызхуехрэ къызхуэкIуэм дежкIэ, фIэщхъуныгъэ пэлъытэу лэжьэкIэ зиIэу лъытапхъэ мэхъур. Ар щыхъукIэй, езэгъ емызэгъми, щIэныгъэ жыхуаIэр зэрыщытрэ зэмыхъуэкIыу ягъэлажьэр.

Утыку итрэ, икIи универсалу зэтеувэ бзэщIэныгъэм дежкIэ макъыр мыхьэнэншэщ; ауэ, адыгэбзэм и макъхэр мыхьэнэ зимыIэу щыткъым; адыгэбзэр зэрызэтеувэ щIыкIэр макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэкIэрщ. ТIэ, мо бзэщIэныгъэм къытехъукIа методыр мы бзэм езэгъынкъым, хуэфэщэнкъым. А методыр зэрыщыту зы бзэщIэныгъэ щапхъэу зэрыплъытэ щIыкIэу адыгэбзэр абы щыщIэбджыкIым щыгъуэ, кIуэ пэтрэ адыгэбзэр а методым зыхурегъэкIур; ар щыхъукIэй, езы адыгэбзэр, зэрихабзэу ужьыжыркъыми, зызэхуешэр.

Адыгэбзэр зыщIадж бзэщIэныгъэрэ методым къызэрыгуэкIкIэ, бзэ лэжьэкIэр зэрыщыту къамыгъанэу, зэхъуэкIарэ щыуагъэ хабзэхэр

хуагъэфащэу зэрыщIидзар жыIэпхъэщ нобэ. Мыпхуэдэу кIуэмэ, бзэм и лъабжьэр щIэудынрэ, кIуэ пэтрэ и гъуэгум текIыныр къытпэщыт Iуэхугъуэхэм ящыщщ. Абы къытыраубгъуарэ, кIуэ пэтрэй зы фащэ хуэхъуу щIэзыдза бзэщIэныгъэм къызэрыгуэкIкIэ, зызэхуешэр бзэм. Адыгэбзэм хуэфащэр езым и хабзэм къытехъукIыну щытщи, ар, а хабзэр зезыхьэхэм я фэм дэкIыну зы лъэкIыныгъэу утыку къихьэну щыт зы фащэрщ. Мыхъумэ, адыгэбзэр кIуэ пэтрэ мэбгъунлэр.

Адыгэбзэр етIуанэрей бзэуэ зэрахьэу зы бзэрщ нобэй, мыр и щхьэусыгъуэу жыIэпхъэщ зи гугъу тщIы щыуагъэхэр утыку къызэрихьам хуэдэу къызэрынэрэ лэжьапIэ зэрагъуэтым. Ауэ, адыгэбзэр япэрейрэ *первэ*у зы бзэрщи, мыпхуэдэу зехьэным иужь итыни хуейщ ар. Ар цIыхугъэм хуэщхьэпэу зы бзэрщи, гъэпсэуныр зы цIыхугъэ Iуэхугъуэу щытщ. Ауэ, ар зехьэнрэ гъэпсэун Iуэхур япэрауэ къэзыпсэлъ цIыхум и пщэрылъу щытщ.

Мыпхуэдэу пщэрылъ къытхуэхъур псэлъэбзэ закъуэрауэ щыткъым. Бзэ лIэужьыгъуэу щыт дэтхэнэ и зы логие лъэныкъуэу, и хабзэрэ и щэнхабзэ IэнатIэр иджыжын хуейуэ щытщ Адыгэм. Мыхэм я нэхъ лъабжьэрэ пашэр, щхьэжу зы логие IэнатIэу щыт бзэр иджыжынкIэй щIидзэн хуейщ Iуэхум.

**ЯПЭРЕЙ ІЫХЬЭ**

# ЗЫ МАКЪЫБЗЭРЭ, АР ЗЭРЫЗЭТЕУВЭ ЩІЫКІЭР

## ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ
## БЗЭ ТЕРМИНОЛОГИЕМ ЗЫ ХЭПЛЪЭГЪУЭ

### БЗЭ, МАКЪ, МАКЪЫБЗЭ

Адыгэбзэм уедаIуэу щытмэ, ″бзэ″р ″бзы″ псалъэм къызэрытехъукIар гурыIуэгъуащэу щытщ. Ауэ, бзымрэ бзэм мыпхуэдэу зы зэпыщIэныгъэ къызэригъэлъагъуэр щхьэжу щIэныгъэкIэ яджауэ щыткъым. Ар щхьэ, бзэр зы бзыгъэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэй къыхэщу хэтщ щIэныгъэхэм.

″Бзы″ псалъэм макъ мыхьэнэрэкIэ зэпкъырыхауэ иджыр игъуэ къыщысым щыгъуэ гурыIуэгъуэ хъуну къыщIэкIынщ. Ауэ, ″бзы″р лъабжьэрэ лъапсэу зэрыщытыр, сытри къызтехъукIрэ къэзылъхуу зэрыщытыр, дэтхэнэ зы бзэрэ зы щIэныгъэмкIэй гурыIуэгъуэу щытщ.

ТIэ, мыпхуэдэу лъабжьэу щыт ″бзы″ псалъэм къытехъукIыу щыт ″бзэ″ри зы лъабжьэ Iуэхугъуэрщ: ″Бзэ″р, ″бзы″ псалъэм и кIуэтэгъуэу (э) щытырщ. Ар щыхъукIэй, ″Бзэ″р лъабжьэрылажьэу зэрыщытыр жыIэпхъэнщ.

Аращи, ″бзы″ псалъэращ ″бзэ″ псалъэр къызтехъукIрэ, абы и лъабжьэу щытри, апщыгъуэм, япэрауэ ″бзы″ псалъэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъун хуейщ. Мыбдежыр макъ мыхьэнэ зэпкъырыхыпIэу щыткъыми, абы и пэщIэдзэ щIыпIэрщ; ауэ, ″бзы″р гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, ар зэпкъырытхын хуейуэ къытпэщытщ.

Макъ мыхьэнэрэкIэ зэппкъырыпхыу щытмэ, ″бзы″ псалъэм къикIыр мыпхуэдэу жыIэпхъэщ: «″ЗэрелъытэныгъэрэкIэ ужьыгъуэ (бы)″ эфект (б) зиIэжу (зы) щытыр». Ар тIэ, занщIэрэ и закъуэу, щхьэжрэ езырыжу ужьыгъуэу (у) щытыныр къизыIуэркъыми, зы гуэрым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ ужьыгъуэрщ (бы). ТIэ, ар щхьэжрэ зыми емылъытауэ щытыркъыми, мыпхуэдэ ужьыгъуэ хъуркъым: Зы гуэрым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ ужьырщ абы къыриIуэри, икIи, мыпхуэдэ ужьыгъуэ Iуэхугъуэхэр зэрелъытауэ зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, ужьыгъуэхэр къызхэхъукIыпхъэу щытрэ къэзыгъэхъупхъэрщ.

″Бзы″р, икIи ужьыгъуэ эфект зиIэрщ; икIи, мыпхуэдэу щхьэжрэ зыуэ щытырщи, зы псорэ лъабжьэу щытырщ. ТIэ, ″бзы″р дэтхэнэ зы ужьыгъуэр къэзыгъэхъурэ къызхэхъукI зы псорэ лъабжьэрщ. Дэтхэнэ зы гуэрыр зы лъабжьэм къытеужьыкIыу къэхъуу щытщи, ″бзы″р а лъабжьэрщ. Бзыр дэтхэнэ зы гуэр къызтехъукIыпхъэ лъабжьэрщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къытхуащIыр хэтыжу, тIэ ″бзэ″р гурыIуэгъуэ зэрыхъуну щIыкIэр ″бзы″м и кIуэтэгъуэущ. ″Бзэ″ псалъэм къыриIуэм теухуауэ мыхэр жыIэпхъэщ тIэ: «ЗэрелъытэныгъэрэкIэ ужьыгъуэ зиIэжу лъабжьэрылажьэу щытырщ бзэр. Ар ″бзы″м и кIуэтэгъуэрэ и зэманыгъуэ (э) ужьыгъуэу щытырщ. Дэтхэнэ зы гуэрым и

лъабжьэрылэжьэкIэу щыт бзэр, а лъабжьэу щытыр зэрыщыту зэрыкIуатэрэ зэрылажьэр къизыIуэрщ. Лъабжьэу щыт "бзы"р зэрыщыту зэрыкIуатэрщ "бзэ"ри, а кIуэтэгъуэри убзыхукIэрэу зэрыкIуатэр къизыIуэрщ; дэтхэнэ зы кIуэтэгъуэ IэнатIэри зы бзыгъэ зиIэжырщ».

"Зэрелъытэныгъэ" зиIэу зэрыкIуатэрэ зэрылажьэм къызэрыгуэкIкIэй, бзэр, къызтехъукI Iуэхугъуэм елъытауэ щытырщи, къызтехъукI Iуэхугъуэр къэзыгъэлъагъуэрэ утыку къизылъхьэрщ. Ар щыхъукIэй, бзэр икIи, зэпыщIэныгъэ зиIэу щыт хъурщ. КъызтехъукIым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытауэ зэрыужьым зэрытеткIэрэу зэпыщIэныгъэ зиIэ щыхъукIэй, абы нобэ "логие" жыхуэтIэращ гурыIуэгъуэ къытхуищIыр. ТIэ, "бзэ"р дызэрыпсалъэрэ псэлъэбзэ закъуэр къизыIуэу зы псалъэркъым.

Пэсэрей алыджыбзэмкIэ "логос" псалъэри "бзэ" жыхуэтIэрауэщ нобэ къызэрыдгурыIуэжыр. Ар "псалъэ"ри "бзэ"ри къизыIуэу зы псалъэу щытауэщ зэралъытэр. Ауэ, а "логос" псалъэм къытехъукIауэ щыт "логие" псалъэм нобэ къырагъэкI мыхьэнэр гурыIуэгъуэу щыт щхьэ, "логос"у щыта алыджыбзэр икIи "псэлъэбзэ"рэ икIи "логие"у зэрыщытар апхуэдизу гурыIуэгъуэ къытхуэхъуркъым. А псалъэр адыгэбзэм и зы псалъэм хуэдэу зэпкъырыхыпхъэ хъуфу зы псалъэркъым.

Алыджыбзэу жыхуэтIэ "логос"ыр, "псалъэ"рэ "бзэ"м папщIэ къыраIуэу щытауэ зэралъытэр жытIагъэщи, адыгэбзэу щыт "бзэ" псалъэм къикIым нобэ "логие" жыхуаIэм хуэдэ мыхьэнэщ гурыIуэгъуэ къытхуищIыр. ИкIи, "бзэ"р адыгэбзэм зэрыхэтрэ къызэрысэбэп щIыкIэм щыгъуазэ ущыхуэхъум щыгъуэ, абы щхьэжу иджыр "логие"у зэрыщытыр гурыIуэгъуэ мэхъур. Ар псэлъэбзэ закъуэркъыми, дэтхэнэ зы бзэ лIэужьыгъуэр зыхэзыубыдэу щыт зы логиерщ.

ТIанэ, адыгэбзэм "бзы"рэ "бзэ" псалъэхэм зэпыщIэныгъэ зэрзыхуаIэм хуэдэу, алыджыбзэкIэ "бзы" мыхьэнэмрэ "логос" псалъэрэ мыхьэнэм зы зэпыщIэныгъэ иIэу яджакъым.

ТIэ, "логос" псалъэр зытеухуар, алыджыбзэкIэ "псалъэ"рэ "бзэ" жыхуиIэрауэ щытами, ар лъабжьэу зэралъытэм къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы бзэ лэжьэкIэрэ бзэ лIэужьыгъуэу щытым папщIэ къагъэсэбэпу, нобэрей "логие" жыхуэтIэр абы къытыращIыкIагъэнщ.

Алыджыбзэу щыт "логос" псалъэр зэпкъырыхыпхъэу щыткъым; ауэ, дэтхэнэ зы бзэм "бзэ" псалъэр зэрыхэтыр "псэлъэбзэ"у зэрыщытыр жыIэпхъэщ. Адыгэбзэ "бзэ" псалъэри щхьэжу "псэлъэбзэ"р къизыIуэрщ. Ауэ, абы и закъуэм къыщымынэу, дэтхэнэ зы лъабжьэрылажьэу щытрэ, зэрелъытэгъуэрэкIэ ужьыгъуэращ "бзэ" псалъэм къикIыр. ТIэ, ар цIыхум и псэлъэбзэй хъунщ; икIи, цIыхубэр зыр зым зэрелъытарэкIэ я ужьыгъуэрэ я зэхэтыкIэр къизыIуэ зы логиеу, "хабзэ"й хъунщ. Мыбы къыщымынэу, псэ ужьыгъуэ щIыкIэри хэтыжу, дэтхэнэ зы зэрелъытэгъуэ ужьыгъуэу щытми "бзэ" фIэщыпхъэщи, мыпхуэдэу щыт дэтхэнэ зы лэжьэкIэ зиIэ

Iуэхугъуэрэ, мыпхуэдэу дэтхэнэ зы щIэныгъэ лэжьэкIэрэ Iуэху щIэкIэри зы бзэу щытынщ.

″Бзэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыу щытыр, зы куэдагъэу зэхэту щытхэм язэхуакум зы зэрелъытэныгъэ зэрыдэлъкIэрэу, ахэр зэрылажьэрэ зэрыужьыр къизыIуэу щыт хъумэ, зы куэдагъэр ″хэ″м гурыIуэгъуэ къытхуищIырщи, тIэ ар ″хабзэ″ псалъэм къыриIуэу зы Iуэхугъуэгъуэ хъунщ. А куэдагъэ хъуурэ зэхэтыр зы цIыхубэу щытмэ, тIэ, цIыхубэ зэхэтыкIэм и бзэри ″хабзэ″ псалъэм къыриIуапхъэ хъунщ.

Дэтхэнэ зы куэдагъэм и зэхэтыкIэр ″хабзэ″ псалъэм къызэриIуэфым къызэрыгуэкIкIэй, макърэ псалъэу зы зэхэтыкIэ зиIэр зы псэлъэбзэу щытщи, ар щхьэжу ″бзэ″ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIырщ; тIэ бзэм и зэхэтыкIэрэ и лэжьэкIэри ″бзэм и хабзэ″ хъунщ. ″Хабзэ″ри зы логиерщи, ар дэтхэнэ зы куэдагъэу щыт ″хэ″м и логиерщ. Аращи, дэтхэнэ зы макърэ псалъэм и кIэух хъуурэ щыт ″бзэ″р, а макърэ псалъэм къыриIуэм и логиеу щытырщ.

Зы гуэрыр зэрыщытрэ зэрылажьэ щIыкIэр къизыIуэр, абы и логиерщ икIий; тIэ, ″бзэ″р логиерщи, кIэух зыхуэхъум и логиери къизыIуэрщ; зы псалъэр зэрылажьэр кIэухкIэрщи, кIэух зыхуэхъум и ″логие″ращ ″бзэ″м къигъэлъэгъуэнур. Зы гуэрыр зэрылажьэр абы и щIыкIэрщи, ″бзэ″ кIэухым къыриIуэр зи кIэухым и логиерщ; а зи кIэух хъуам езыр пэлъытэрщ ″бзэ″р кIэух щыхъукIэ утыку къихьэу щыт псалъэм къыриIуэр. Мыбдежым къэхъур, ″псалъэм езырыж″ мыхьэнэрауэ жыIэпхъэщ. Мыбы папщIэщ, ″бзэ″р кIэух зыхуэхъур езырыжрэ езыр дыдэу гурыIуэгъуэ щIэхъур (зэхуэдабзэ, щIэрыпсыбзэ, езырыбзэ). ″Макъыбзэ″ щыжытIэм щыгъуэй, ар икIи ″макъыу ухуа бзэ″рщ, икIи, ″макъ логие зиIэ″рэ ″макъ дыдэ″рщ къикIыр.

ГурыIуэгъуэщи, ″бзэ″р мыпхуэдэу лэжьакIуэу зы Iуэхугъуэу адыгэбзэм хэту зы псалъэрщ. Ар дэтхэнэ зы логиер къизыIуэу зы псалъэрщи, логие жыхуаIэр аращ икIи. Ар псэлъэбзэ закъуэу щытыркъым. Ауэ, псэущхьэм къыриIуэфу щыт макъхэр, игъуэджэу къызэригъэсэбэпыжрэ, кIуэ пэтрэй а макъхэмкIэ дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр гурыIуэгъуэрэ къэIуэтапхъэ зэрищIым къызэрыгуэкIкIэ, псэлъэбзэри утыку къихьагъэнщ. А псэущхьэм и псэм къыхэхъукIрэ утыку къихьэу щыт макъхэр мыпхуэдэу щхьэпэ зызэрыхуищIыжым папщIэ, зы Iуэхугъуэ IэнатIэрэ, щхьэжу зы щыIэгъуэу, жьэрыбзэ е псэлъэбзэ жыхуэтIэр дэтхэнэ зы ″бзэ″м и щапхъэу утыку къызэрихьар гурыIуэгъуэнщ. Ар, псэущхьэм и логиер къызэрысэбэпрэкIэ щхьэжу зы IэнатIэрэ зы бзэу утыку къызэрихьарэ зэритым къызэрыгуэкIкIэ, бзэ псоми ящхьэщыкIыу, ″бзэ″м езырыжрэ ″бзэ″ закъуэу лъытапхъэ хъуагъэнщ.

Дэтхэнэ зы бзэм ″бзэ″ псалъэр зэрыхэтыр псэлъэбзэрэ жьэрыбзэу щытщ нобэ. Ар мыпхуэдэу зы антропологие Iуэхугъуэу утыку къихьауэ щытщи, ″бзэ″ щыжыпIэм щыгъуэ, гурыIуэгъуэ хъуурэ щытыр аращ. ИкIи,

логиерэ бзэм къыдгуригъаIуэу щытыр къызтехъукIар мы жьэрыбзэрауэщ нобэ къызэрыдгурыIуэжыр. Мы жьэрыбзэр псэущхьэм и псэрэ и логием къызэрыгуэкIрэ зэрелъытауэ, "бзэ" жыхуэтIам хуэдэу зэрыужьам папщIэй, гъащIэрэ псэр зэрыужьыр къизыIуэрщ икIи. ТIэ, ахэм дэщIыгъуу ужьарэ зэтеувауэ щытщ псэлъэбзэри, абы дэтхэнэ зы логиер хэплъэгъуапхъэщ.

Аращи, "бзэ" жыхуэтIэр цIыхум и псэлъэкIэу щытым къызэрыгуэкIкIэ гурыIуэгъуэ хъуа бзэ закъуэракъым; псалъэкIэ зэхэлъхьарэ зэтеувауэ щыт бзэ закъуэракъым "бзэ"р. Абы зи гугъу ищIыр, нобэ "логие" псалъэр къызэрыдгурыIуэ щIыкIэу, логием траухуа мыхьэнэрщи, мыпхуэдэу дэтхэнэ зы логие мыхьэнэ зиIэу щыт Iуэхугъуэрщ адыгэбзэмкIэ "бзэ" псалъэм къикIыр. ИкIи, "бзэ" псалъэм зы мыхьэнэ траухуауэ щыткъыми, ар макъ Iэмалыгъуэу зэрызэхэлъым къызэрыгуэкIкIэ, нобэ "логие" жыхуэтIэр зэриIуатэращ жытIэр.

ТIэ, зы бзэр псэлъэбзэу щытми, зы логиеу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, абы телэжьыхьынрэ ар джын Iуэхур, *комуникэтив*у тлъытэу щыт бзэм къыщынэнкъым. Абы и лэжьыгъэхэм, философиерэ антропологие Iуэхугъуэхэри хэлъыжу, щIэныгъэ дисиплин нэгъуэщIыгъуэ Iуэхугъуэ IэнатIэхэри къытехъукIынщ.

Мыбы къыщымынэу, зи лъабжьэ щIэмыударэкIэ ужьыгъуэ зиIэу щыту зэтеувэ зы бзэм и лэжьэкIэм зы математикэй иIэнщи, а бзэр щыбджым щыгъуэ, и математикэбзэри къэунэхуфынщ. ТIэ, мыпхуэдэу щытщ адыгэбзэри, ар, лъабжьэр зэримыгъэкIуэдарэкIэ ужьыкIэ зиIэу зы бзэрщ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, абы езым математикэбзэри къигъэщIыпхъэу щытщи, математикэ зымыщIэу щытми къыгуригъэIуэну къыщIэкIынщ математикэр.

*

ЩыIэу щыт псом хуэдэу, макъри зы щыIэгъуэ зиIэ гуэрырыщ. Ар щыIэ гуэрхэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щыIэкIэ зиIэ хъууэ щыт гуэрырщ. Ар щыхъукIэй, зы макъыр къызтехъукIам къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ щыIэу щытырщ.

Макъ къэзыгъэхъуфу щыт щыIэгъуэ зиIэхэм ящыщщ псэущхьэхэри. Псэущхьэ ужьыгъуэ зиIэ хъуарэ макъ къэзыгъэхъуфхэм къыраIуэфу щыт макъхэри зэщхьэщокIыр. Ахэм къатехъукI макъхэри щхьэжу зы щыIэгъуэ зиIэ мэхъуфыр. Ауэ, ужьарэ зэгъэпэщауэ щыт псэущхьэ гуэрхэм къагъэхъуу щыт макъхэр, къэзыгъэхъуауэ щыт псэущхьэхэм зыхащIэжыр; ар зи макъ Iуэхугъуэрэ лIэужьыгъуэр гурыIуэгъуэ къахуохъужыр. Макъ зэхэзыхыу щыт псэущхьэ псомкIэй, мащIэрэ куэду зэщхьэщыкIми, макъхэр гурыIуэгъуэ къахуэхъуу щытщ.

ТIэ, ар щыхъукIэ, къызтехъукIам зэрелъытарэкIэ щыIэгъуэ зыгъуэтауэ щыт макъхэм зы лэжьыгъэ ягъэзащIэу щытщи, апщыгъуэм, "зэрелъытарэкIэ зы ужьыгъуэ зиIэу" зы лэжьыгъэр мэгъэзащIэр. Ар щыхъукIэй, "бзэ" псалъэм къикIыр мэгъэзащIэр. Мыпхуэдэу къэсэбэпу

щыт макъхэр къызэрыIу щIыкIэрэ къызтехъукIари гурыIуэгъуэ зыщIыжырщи, ар зыхуэкIуэрэ зыхэзыщIэ псэущхьэмкIэ зы мыхьэнэ зиIэу щытырщ.

А нэхъ ужьарэ зэгъэпэщауэ щыт цIыхум, къыриIуэфу щыт макъхэмкIэ зы бзэ хуэухуарэ иухуауэ щытщ: ЦIыхум и ужьыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, къыриIуэфу щыт макъхэм я Iэмалыгъуэр къызэригъэсэбэпкIэрэу, а псэущхьэр, и гугъэр утыку къизылъхьэфу зы псэущхьэрщ.

Макъхэр цIыхум и кIуэцIым къыщыхъу Iуэхугъуэхэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ макъ щыIэкIэ зиIэ хъуурэ щыт Iэмалыгъуэ гуэрхэрщ. ЦIыху кIуэцIым къыщекIуэкI Iуэхугъуэу жыхуэтIэхэр, а пкъыгъуэм езым и кIуэцIым езырыжу къыщежьэрэ къыщыхъуу щытми, а пкъыгъуэ щIыбым къыщекIуэкI зы Iуэхур а гум зэрызыхищIэрэ зэрыгурыIуэгъуэ щIыкIэу а гу кIуэцIым къыщыхъуу щыт зы Iуэгъуэу щытми, а псэущхьэм и кIуэцIым къыщекIуэкI Iуэхурщ макъыр къэзыгъэхъур. Макъхэр, мыпхуэдэу къызэрыхъу щIыкIэрэ щхьэусыгъуэхэри къизыIуэжу зы Iэмалыгъуэу щытынщ натуралуй, а псэущхьэм (цIыху) и гум къызэригъэщIрэ зэрыхыхьэм гулъытэ зэрыхуищIыжкIэрэй, а макъхэр къигъэсэбэпу щIидзэфынщ. Мы макъ Iэмалыгъуэхэр, кIуэ пэтрэ зы Iуэхугъуэр къизыIуэу щыт макъыу, зы Iуэхугъуэр къэзыгъэлъагъуэ мэхъури, ар къыщыхъум щыгъуэ утыку къихьэращ зы мыхьэнэ зиIэу тлъытэу щытхэр. Ар, зы Iуэхугъуэ пыухытыкIарэ, зы мыхьэнэ гуэру цIыхум къыщыгурыIуэжым щыгъуэщ, бзэ Iуэхугъуэр къыщыхъурэ щызэфIэкIыр.

Мыхьэнэ жыхуэтIэр бзэ лъэныкъуэмкIэ тIэ, цIыху кIуэцI Iуэхугъуэу цIыхум къыриIуэрэ утыку къихьэу щыт макъхэм я Iэмалыгъуэр зы Iуэхугъуэ пыухытыкIам теухуа щыхъуращ къыщыхъур. А макъ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ, а макъыр зытеухуауэ лъытапхъэ хъуауэ щыт гуэрырщ мыхьэнэр.

ТIэ, мыбдежым Iуэхугъуит I щытщ: «Зыр, цIыхум и кIуэцIым къыщекIуэкI Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ макъыу утыку къихьэу щыт Iэмалыгъуэращи; мыр, цIыху кIуэцIым къыщыхъумрэ, ар макъыу къыщыIум я зэхуакум математикэу дэлъу щыт зы *функц*эрщ. Адрейри, утыку къихьауэ щыт мы макъ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ, а макъыр зы Iуэхугъуэ пыухытыкIам теухуауэ зэрыщытырщи; тIэ, макъым и къэIукIэм къыщIидзэу, ар къызгурыIуэну щыт цIыхум и гум хуэкIуэу зы функцэрщ мыбдежым къэхъури, ари етIуанэу зы функцэрщ».

ТIэ, кIуэцIым къыщыхъурэ утыку къихьэу щыт макъыр зы мыхьэнэ зиIэу утыку къихьэн папщIэ, лъэбэкъуитI ухуэныкъуэщ. А лъэбэкъуитIри зэпымыудауэ IуэхугъуитIырщи, математикэу функцэу гъэлъэгъуапхъэу щытщ.

Зы макъыр, дэ зэрыжытIэм хуэдэу къэхъуауэ щытми, бзэ щIэныгъэр къызтехъукIауэ щыт бзэхэм макъыр мыхьэнэншэу къырадзауэ щытщ. А бзэ щIэныгъэмрэ, а щIэныгъэр зытеухуауэ щыт бзэхэм я дежкIэ, макъ Iэмалыгъуэ лэжьэкIэр кIуэдауэ щытщ. Ар щыхъукIэй, макъ Iэмалыгъуэрэ, абы къызэрыгуэкIкIэй, макъым зы мыхьэнэ утыку къызэрилъхьэфын лъабжэр щIэудауэ щытщ. Зи гугъу тщIы бзэ щIэныгъэм утыку къырилъхьэр аращи, ″мыхьэнэ″р зы макъ гупым къигъэлъагъуэ Iуэхугъуэрщ. Ауэ, мы макъ гупымрэ, абы къигъэлъагъуэ мыхьэнэмрэ зы зэпыщIэныгъэ зыхуаIэркъым. ТIэ, мы бзэ щIэныгъэм къызэрыгукIкIэ, псалъэр, къэзыгъэхъуу щыт макъхэм зэй емылъытауэ зы Iуэхугъуэу щытмэ; зы макъ гупыр, ауэ къызэрыкIуэкIэ зэхуэзарэ зы псэлъэпкъыу утыку къихьауэ щытырщи, ари аффикскIэрэ щылажьэм щыгъуэ псалъэ жыхуаIэр утыку къихьэу щытщ. Ар щыхъукIэй, мы щIэныгъэм макъ Iэмалыгъуэрэ макъ мыхьэнэ Iуэхугъуэ хэтынкъым.

Мы бзэщIэныгъэм къызэригъэлъагъуэрэкIэй, ипщэкIэ къитIуауэ щыт функцэхэри къэхъуркъым. Ауэ, а жытIахэр, икIи натуралрэ логием езэгъыу зы Iуэхугъуэу щытщ; икIи, адыгэбзэр зэрыщыт щIыкIэми гурыIуэгъуэ ищIыр аращ.

Аращи, нобэ тепщэ къытхуэхъуауэ щыт бзэ щIэныгъэм макъ Iэмалыгъуэр зэригъэкIуэдам къызэрыгуэкIкIэ, макъ Iэмалыгъуэрэ макъ мыхьэнэ лэжьэкIэ зиIэу щыт бзэхэм и лъабжьэр щIиудыну зы щIэныгъэу мэлажьэр.

*

Зы макъыр натуралу къызэрыIум езэгъыу адыгэбзэм зэрыхэтыр гурыIуэгъуэу щытщ. Макъхэр мыхьэнэншэу зэрыщымытрэ, макъ IэмалыгъуэрэкIэ зэтеувауэ щыт адыгэбзэр, зы псэлъэбзэр зэрызэтеува щIыкIэу макъыбзэу щытщи, къэгъэунэхупхъэщ ар.

Зы псэлъэбзэр псалъэрэкIэ лажьэу щытщи, зы псалъэри макъкIэ ухуауэ щытщ. Псалъэм хэту щыт макъхэм щхьэжу мыхьэнэхэр яджыр; икIи, макъхэм езыхэри щхьэжу зы псалъэу щытщ. Ар щыхъукIэй, макъкIэ ухуауэ щыт зы бзэр, макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэрэкIэ зэхэлъхьарэ зэтеувауэ щытмэ, ар зы макъыбзэрщ; макъ лъабжьэр зымыгъэкIуэдаращ. Адыгэбзэр мыпхуэдэу зы макъыбзэрщи, макъхэр къызэрыхьурэ бзэр зэрызэтеувэм и *архив*у щытщ. Мы архивым утыку къырилъхьэну Iуэхугъуэхэр мыкIуэдрэ, цIыхугъэм хуэлэжьэжрэ щхьэпэу щытын папщIэ, абы и бзэщIэныгъэр езым хуэIуауэ джын хуейуэ щытщ.

Абы и щIэныгъэр ухуапхъэу щытщи, тIэ, дэтхэнэ зы щIэныгъэ лъэныкъуэмкIэй хэплъапхъэу щытщ адыгэбзэм. ИкIи, абы ущытелэжьыхьым щыгъуэ, щIэныгъэ IэнатIэ нэгъуэщIыгъуэхэр къызэрыппыщIэхуэр гурыIуэгъуэнщ. Аращи, мы лэжьыгъэр къыщекIуэкIым щыгъуэ, езырыжу зы *интердисиплинар* Iуэхугъуэ зэрыхъур гулъытапхъэу щытщ.

Адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытрэ, макъхэр къызэрыхъурэ зэрызелъытауэ зэрыщытым и зы хэплъэгъуэу щытщ мы тхылъ Iыхьэм и Iуэхур.

## МАКЪ КАТЕГОРИЗАЦЭХЭР,
## МАКЪХЭР КЪЫЗЭРЫХЪУРЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКIЫР

Адыгэбзэ щIэныгъэм макъхэр ″макъзешэ″рэ ″макъдэкIуашэ″у зыхагъэкIауэ щытщ. А *категоризацэ*р бзэр зэрадж щIыкIэм езэгъыу зы еплъыкIэм къытехъукIауэ щытщ; икIи, макъхэм ягъэзащIэу щыт Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэ, мы фIэщыгъэцIэхэр игъуэрэ яхуэфащэ хъуауэ щытщ.

Ар щхьэ, макъхэр къызэрыIу щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэй категоризацэ пщIыфыну щытщи, мы еплъыкIэмкIэ макъхэр зэхэгъэкIыныр ди лэжьыгъэм езэгъыу зы категоризацэрщ. ТIэ, ди лэжьыгъэм зэрезэгъкIэрэй макъхэр ″макъ Iуэр″рэ ″макъ щэху″у зэхэгъэкIыпхъэщ.

Мыпхуэдэ еплъыкIэм къызэрыгуэкIкIэ категоризацэ щIын Iуэхугъуэу, макъхэр ″щэху″рэ ″Iуэр″у зэхэгъэкIын Iуэхугъуэм ″макъзешэ″рэ ″макъдэкIуашэ″ еплъыкIэр щIихъумэркъым, IэщIыб ищIыркъым; а котегоризацэм ягъэзащIэр нэгъуэщI Iуэхугъуэрщи, а еплъыкIэри игъуэ щыхъукIэ зетхьэнщ.

″Макъ Iуэр – макъ щэху″ терминхэр, макъхэм я фонетикэ Iуэхугъуэм теухуа терминхэрщ; ″макъзешэ – макъдэкIуашэ″ терминхэр, макъхэр бзэм зэрыхэткIэрэу ягъэзащIэ лэжьыгъэм теухуауэ щыт терминхэрщ.

″Макъ Iуэр″ жыхуэтIэр, зы макъзешэ хуэмыныкъуэу Iум къыжьэдэкIыфрэ езырыжу къэIуфу щыт макъхэрщ (ы, э, Iэ, а, Iу...). ″Макъ щэху″ жыхуэтIэхэр, Iум къыжьэдэкIынрэ къэIуфын папщIэ зы макъзешэ зыхуэныкъуэ макъхэрщ (мы, ны, къы, хы...). Мыбдежым нэрылъагъуэу щытщи, адыгэбзэм хэту щыт макъдэкIуашэхэр лъабжьэрэ щхьэжу къызэрыIуфыр ″ы″ макъзешэкIэрщ.

Дэтхэнэ зы ″макъ щэху″р зы ″макъдэкIуашэ″уй щытщ; ар щхьэ, ″макъ Iуэр″у щыту хъуар ″макзешэ″у щыткъым (Iэ, Iу). ″Макъ Iуэр″у щытрэ, икIи ″макъ дэкIуашэ″у щытхэри щыIэщ (Iу). Дэтхэнэ зы ″макъ щэху″р къызэрыIур зы ″макъзешэ″кIэрэщ; ар щхьэ, ″макъ Iуэр″ псори езырыжу къэIуфу щытми, адыгэбзэм зэрыхэткIэрэу ″макъ Iуэр″рэ икIи ″макъзешэ″у щыт макъ гуэрхэм щхьэжу я къэIукIэр ″ы″ макъзешэкIэрэщ (иы, уы).

″Макъ Iуэр″рэ ″макъ щэху″ терминхэр адыгэбзэ щIэныгъэм термину къагъэсэбэпауэ зэрыщымытым папщIэ, термин щIэуэ лъытапхъэщ. Ауэ, мыбы хуэдэ терминхэр нэгъуэщIыбзэхэм папщIэ зэрахьэ терминхэрщ. ″Макъ Iуэр″ыр гурыIуэгъуафIэу щытщ; тIэ, ″макъ

Iуэр"у щымытри "макъ щэху" жыхуэтIэрщ. Ар щхьэ, мы жытIауэ щытым, "макъ щэху" фIэщыгъэцIэр игъуэу зэрытлъытэр нахуэ ищIыркъым; а фIэщыгъэцIэр зи щхьэусыгъуэр иджыри нахуэ хъуауэ тлъытэркъыми, тIэ, "макъ щэху" жыхуэтIэм къикIыр гурыIуэгъуэ тщIын хуейуэ щытщ.

"Макъ щэху" фIэщыгъэцIэр къызэрыдгъэсэбэп Iуэхугъуэм езэгъыу зы термину жыIэпхъэщ. Сыт щхьэ жыпIэмэ, ар зытеухуауэ щыт макъхэр къэзыгъэщI псэущхьэ пкъыгъуэм и зы *организацэ*у къэхъуарэ щэхуу абы хэту щытхэрщ. Зы псэущхьэм, и кIуэцIым къекIуэкIыу щытхэм къигъэщIрэ утыку къыримылъхьэу щыт зы гупщысэ *атом* пэлъытэрэ зы *актцэ* Iуэхугъуэхэрщ "макъ щэху" жыхуэтIэхэр. Мы актцэ щэхухэр макъыу утыку къилъхьапхъэу щытмэ, ахэр макъыу къызэрыIуэну щытхэрщ "макъ щэху" жыхуэтIэхэр.

А псэущхьэ кIуэцIым къыщыхъуауэ абы щэхуу хэт актцэхэу жыIэпхъэщ "макъ щэху" жыхуэтIэхэр. А макъхэр, зы псэущхьэгум къызэригъэхъукIэрэу, абы щыIэ щыхэхъухьрэ щэхуу хэту щыт макъхэрщ. Макъ жыхуэтIэр къэIуу щытырщи, мы актцэ щэху жыхуэтIэхэр макъыу къэIуарэ зэрымакъыу щыIэ мыхъуауэ щытхэрщ; ахэр щэхуу щыт макъхэрщ. Ахэр къэIунрэ утыку къихьэн папщIэ, зэхэхыпхъэ хъун папщIэ, зы макъзешэ зыхуэныкъуэ макъхэрщ. ТIэ, къэхъуауэ щытми, къэIунрэ зэхэхыпхъэ хъун папщIэ, зы макъ Iуэрым къыдишеин хуейуэ щыт макъхэрщ "макъ щэху" жыхуэтIэхэр.

Мыбдежым пыщапхъэу щытщ мыр: "Щэху" псалъэм къикIыу щытыр гурыIуэгъуэу къыщIэкIынщи, ар "лъабжьэрыху"у щытырщ; ар щыIэ хъуа гуэрми, нахуэ мыхъуарэ утыкум къимыхьаращи, щыIэкIэу зэрыхъун хуейуэ утыку къимыхьауэ щытырщ. Ар лъабжьэрылажьэу щытырщи, апхуэдэу щыщыткIэй, иджыри наIуэ мыхъуарэ гущIыIум къытемыхьаращ.

Мы псалъэхэм къызэрыгуэкIкIэ, "макъ Iуэр"рэ "макъ щэху" терминхэр, макъхэм я къэхъукIэрэ я щыIэкIэр къизыдзэу щыт фIэщыгъэцIэ зэрыхъум папщIэй, игъуэу фIэщыгъэцIэ хъуауэ жыIэпхъэщ. ТIэ, макъхэр "макъ Iуэр"рэ "макъ щэху"у зэрытлъытэм нэмыщI, "макъзешэ"рэ "макъдэкIуашэ"у щыт терминхэри, игъуэ зэрыхъукIэрэу къэдгъэсэбэпыну щытщ.

*

Макъхэр цIыху кIуэцIым къыхэхъукIыу къэIурэ утыку къихьэу макъ жыхуэтIэ щыIэгъуэ зыгъуэтхэрщ. Ахэр, цIыху пкъыгъуэм къыщекIуэкIыу щыт зы плъынрэ хьэзыр хъун Iуэхугъуэр макъыу утыку къызэрихьэхэрщ. Пкъыгъуэм къыщыхъуу жыхуэтIэхэр *актцэ*хэрщ, *реактцэ*хэрщ, *рефлекс*хэрщ, гупщысэ цIыкIухэрщ, гупщысэ *атом* е гупщысэ нэкулъхэрщ.

Мыхэр зы пкъыгъуэрэ зы лъэу щытым и псэугъуэрэ и ужьыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, а пкъыгъуэм и кIуэцIрэ и гум и лъэкI хъууэ къэхъухэрщ.

Ахэр мыпхуэдэу къызэрыхъум хуэдэжу, зы макъыу утыку къызэрихьэфри пкъыгъуэ лъэкIыныгъэу щытщи, ахэр зы макъыу къэIуныр зи къэлэн хъуауэ Iэпкълъэпкъ иIэщ цIыхум. Мыпхуэдэу зы лъэкIыныгъэу псэужьыгъуэм къигъэхъуу щытрэ, ахэри макъыу къызэрыIуфкIэрэу, къызхэIукI лъэм и лъэкIыныгъэу къэхъухэрщ макъхэри, ардыдэу зы лъэкIыныгъэрэ Iэмалыгъуэу утыку къихьэхэрщ. ТIэ, а къызэрыхъу лъэкIыныгъэр зи Iэмалыгъуэу къэIухэрщ макъ жыхуэтIэхэри, бзэм халэжьыхьри мы я Iэмалыгъуэ Iуэхухэрщ.

Пкъыгъуэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр макъ технологием къызэрыгуэкIкIэ макъыу утыку къохьэхэр. Макъ технологие жыхуэтIэхэри ″жьэ, Iу, Iупэ, дзэ, бзэгу, тэмакъ, пэщхъын...″ Iэпкълъэпкъхэрщ. Макъхэр зэрызэщхьэщыкIыр, кIуэцIым къыщыхъуу щыт Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэ цIыхум къыжьэдэкI жьыр мы технологие Iэмэпсымэу щытхэм зызэрагъэпэщкIэрэущ.

Макъхэр мыпхуэдэу цIыху пкъыгъуэм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэ щыхъукIэ, а кIуэцIым къыщекIуэкI Iуэхугъуэм елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ, зы лъэкIыныгъэрэ Iэмалыгъуэ яIэу щытщ макъхэми, а Iэмалыгъуэр къызэрысэбэпкIэрэу зы мыхьэнэ ягъэлъагъуэрэ яджу щытщ. Мыпхуэдэу зы мыхьэнэ утыку къилъхьэнкIэ къызэрысэбэпкIэрэу лажьэу щытмэ, цIыхум ар мыпхуэдэу къигъэсэбэпу щIидзэмэ, зы макъыбзэ ухуэнщ. Мы ухуэу щыт бзэм ахэр зэрыхэт щIыкIэр, я лъабжьэр ямыгъэкIуэду къэсэбэпхэу щытмэ, тIэ, я *матесис*ыр ямыгъэкIуэду аращ мыбы къикIыр. ЦIыху жыхуэтIэ псэущхьэр кIуэ пэтрэ зэхъуэкIрэ, макъхэри мыбы къызэрыгуэкIкIэ зэхъуэкIыу щытми, зи гугъу тщIы матесисыр ямыгъэкIуэду зэхъуэкIыу щытмэ, а бзэр иджыри макъыбзэу лажьэу къызэтенэнщ.

Макъ Iуэррэ макъ щэху жыхуэтIэхэр зэрызэщхьэщыкIыр икIи фонетикэкIэрщ, икIи ягъэзащIэ IуэхугъуэрэкIэрщ. ЯгъэзащIэрэ я фонетикэр зэмызэгъыу щытынкъым зы макъыбзэм дежкIэ. Ахэр къызэрыхъу щIыкIэр цIыху кIуэцI Iуэхугъуэрщи, къызэрыIурэ къызэрысэбэпхэри къызтехъукI Iуэхугъуэхэм елъытауэ щытынщ.

Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIэй, кIуэцIым къыщекIуэкIыу щыт Iуэхугъуэхэу реактцэ, рефлекс хуэдэу *акут* Iуэухугъуэхэм къатехъукI макъхэр макъ Iуэрхэрауэ жыIэпхъэщ. Ауэ, гупщысэ атомрэ гупщысэ нэкулъ жыхуэтIэ кроникэ, актцэ Iуэхугъуэхэм къатехъукIыу щыт макъхэр нэхъыбэу макъ щэхухэрауэ жыIэпхъэщ.

ТIэ, ар щыхъукIэй, макъ Iуэрхэм яджрэ ягъэзащIэр нэхъ *динамик*эу, кIуэтэгъуэрэ ужьыгъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, зы геометрикэ Iуэхугъуэм езэгъыу щытынщ. Ахэр мэIу, мэкIуатэ; макъ дунейр къапщытыхь, къажыхьыр. Макъ дуней жыхуэтIэу щытыр, макъ щыIэгъуэ зиIэхэр зэрытыпIэрщи, а макъ кулъыр из ящIыр макъ Iуэрхэм. Мыпхуэдэу къызэрысэбэпкIэрэй, макъ щэхухэри зэрашэфри, ахэр макъыу

къагъэIур. Ахэр кIуэцIым къырашри, макъ кулъым хагъэхьэр; макъыIу къэIуф ящIыр. Мы Iуэхугъуэхэр зыгъэзащIэ макъ Iуэр гуэрхэращ макъзешэу щытхэр.

Макъ Iуэрхэм зы щIыпIэр, -макъ кулъым и зы IэнатIэр- из ящIыр, къапщытэр. Ар щыхъукIэй, зы геометрикэ IэнатIэ яджыр. Макъ Iуэру хъуар къызэрыIурэ макъ кулъым хагъэзэщIыхьым къызэрыгуэкIкIэ геометрикэ IэнатIэ утыку къыралъхьэр. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, ахэр къызэрыIум къызэрыгуэкIкIэ, макъ кулъ кIуэцIым зы гъуэгуанэ ирикIуэу щытхэрщи, а гъуэгуращ яджыу щыт геометрикэ IэнатIэр.

Макъ Iуэрхэм мыпхуэдэу Iэмалыгъуэ яIэр зэрылажьэрэ бзэм зэрыхыхьэрэкIэй, бзэм халэжьыхь Iуэхугъуэри геометрикэ Iуэхугъуэу щытщ. Дэтхэнэ зы макъым иIэу щыт мыпхуэдэ Iэмалыгъуэр бзэм зэрыхэлэжьыхьым къызэрыгуэкIкIэ, зы геометрикэ IэнатIэр мэджыр; макъзешэн Iуэхугъуэ зэрагъэзащIэрэкIэй, зыдэкIуэрэ щыдж лъэныкъуэмкIэ яшэр макъдэкIуашэхэр.

Макъ Iуэрхэр мыпхуэдэу геометрикэ IэнатIэ зыджу щыт макъхэрщи, гурыIуэгъуэ зэрыхъуну щIыкIэри геометрикэ системэрэкIэрщ. Ауэ, макъ щэхуу щытрэ, макъзешэхэм зэрашэ макъхэр мыпхуэдэу гурыIуэгъуафIэу щыту жыIэпхъэкъым. Ахэм щхьэжу яджыр зэраджкIэрэу, кызпыхьэрэ къызкIэлъыкIуэ макъым елъытауэ мэджыр икIи; икIи, макъзешэхэм зыдашэ гъуэгурэ щIыпIэми щоджхэр. Мыпхуэдэу зы логием тету лэжьыгъэ зиIэу щытхэрщ макъ щэхухэри; ахэм я лэжьэкIэри тIэ, математикэу утыку къилъхьэпхъэнщ. Ауэ, ахэм щхьэжу яджрэ ягъэлъагъуэу щытыр зы математикэ *операцэ* IуэхугъуэкIэ зэфIэкIыркъым. Макъ щэхухэм лъабжьэрэ щхьэжу я матесисыр зэрамыгъэкIуэдарэ, зы логие лъабжьэрэ зы *эпистемэ* зэраIэу зэрылажьэр математикэу утыку къилъхьэпхъэу щытми, я къэхъукIэрэ щхьэжрэ лъабжьэу яджыр къэгъэунэхуныр, математикэ операцэкIэ зэфIэкIыфын Iуэхуу къыщIэкIынкъым.

Макъ щэхухэр къызэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, щыIэрэ щыIэгъуэ Iуэхугъуэхэм хуэIуауэ жыIэпхъэщ. ТIэ, ахэр кIуэцIым къыщыхъуу щыт гупщысэ атомрэ гупщысэ нэкулъ жыхуэтIэхэм нэхъ езэгъыу щыт макъхэрщ. Ар щыхъукIэй, макъ щэхухэм я Iэмалыгъуэрэ яджыр, къагъэлъагъуэ мыхьэнэхэр нэхъыбэу философие Iуэхугъуэу жыIэпхъэщ. Ар щыхъукIэй, ахэр гурыIуэгъуэ щIыжын Iуэхугъуэри философие Iуэхугъуэ IэнатIэу щытщ.

## ЕТIУАНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ МАКЪ IУЭРХЭР

### МАКЪ IУЭРХЭР КЪОХЪУ...

Макъ Iуэрхэр езырыжу къэIуфу щыт макъхэрщи, макъ Iуэр гуэрхэр къызэрыIу щIыкIэм ипкъ иткIэ, макъ зешэн къэлэн ягъэзащIэу щытщ. Макъ щэхухэр къызэрыIуфыр макъзешэхэмкIэщ. Макъзешэхэр макъ Iуэру зэрыщытым папщIэ, езырыжу къэIуфу щыт макъхэрщи, ахэм я фIыгъэрэкIэ утыку къихьэу щытщ ″макъ щэху″хэр. Мы Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэй, ″макъ щэху″хэр ″макъдэкIуашэ″у щытщ. ″Макъзешэ″хэр, кIэухыу къызпыхьэу щыт макъдэкIуашэ жыхуэтIэхэр зезышэхэрщ. Ар щхьэ, дэтхэнэ зы макъ Iуэрым макъзешэ къэлэн хузэфIэкIыркъым. Макъ Iуэру щытрэ, макъзешэ пашэрэ лъабжьэри ″ы″ макъырщ. Макъ щэхурэ макъдэкIуашэу щытхэр а нэхъ лъабжьэрэ къежьапIэу утыку къызэрихьэрэ щхьэжу къызэрыIур ″ы″ кIэухкIэрщ. Адыгэбзэм хэту щыт макъ Iуэр гуэрхэри къызэрыIу щIыкIэр ″ы″ кIэухкIэрщ.

МакъдэкIуашэ жыхуэтIэхэр, къэIунрэ зэхэхыпхъэ хъун папщIэ макъзешэхэм хуэныкъуэу щыт макъхэрщ. Дэтхэнэ зы макъыр а нэхъ мащIэрэ езырыжу къызэрыIуфыр ″ы″ макъзешэкIэрщ. Ар, зы макъыр утыку къихьэн папщIэ дызхуэныкъуэу щыт а нэхъ мащIэ макъырщ. Ар а нэхъ *экономик*эу щыт макъ Iуэрырщи, зы макъдэкIуашэр къэIунрэ утыку къихьэн папщIэ, а нэхъ мащIэу, *минимум* дызхуэныкъуэу щыт макъзешэрщ. Ар *минимал*у щыт макъ Iуэрырщи, зы макъ щэхур ипIэм зэритыж пэлъытэу езырыжкIэрэу утыку къизыгъахьэрэ къэIупхъэ зыщIырщ. А макъ щэхур утыку къизыгъахьэрэ ар къызхэхъукIауэ щыт гум къыхэзышырщ ″ы″ макъыр. Зы макъ щэхур къыщыхъуа щIыпIэм къыхэзышрэ къэзыгъэIу зэрыхъукIэрэй, ″ы″р макъзешэ лъабжьэрщ; макъзешэ нэхъапэрщ, пашэрщ.

Зы пкъыгъуэм къигъэхъуарэ абы хэту щыт зы макъ щэхур зы мыхьэнэ Iэмалыгъуэу щытщи, ар къызэрыхъуарэ къызхэхъукIам зэрыхэткIэрэй, *оргинал*у зы мыхьэнэрщ. А оргинал мыхьэнэр утыку къизыгъахьэу щыт минимал макъыр ″ы″ зэрыхъукIэрэй, ″ы″р оргиналыр утыку къизыгъахьэф макъ Iуэрырщ. Зы макъ щэху оргиналыр утыку къизыгъахьэр ″ы″рщи, макъдэкIуашэу хъуар оргиналу къызэрыIу щIыкIэр ″ы″ макъкIэрэщ.

″Ы″р макъ Iуэррэ макъзешэ пашэрщ. Нэхъапэ къэхъуауэ щыт макъ Iуэрырщ ″ы″ макъыр; ар къызэрыхъуам и щхьэусыгъуэри, макъхэр зэхэхыпхъэ щIын папщIэу жыIэпхъэщ. Бзэ лэжьэкIэу, абы нэгъуэщI щыIэгъуэ щхьэусыгъуэй иIэкъым; къызэрысэбэп закъуэр аращи, а *рол*ыр зэригъэзащIэращ бзэм хилэжьыхь Iуэхугъуэри. Аращи, ″ы″ макъыр

щхьэжу къэсэбэпу бзэм хэтыркъым; икIи, абы щхьэжу зы мыхьэнэ пыухытыкIа къигъэлъагъуэу щыткъым. Ар зы макъдэкIуашэ нэужьырщ щызэхэпхри, ар зы макъым и кIэухыу щызэхэпхым щыгъуэй, а макъыр щхьэжу зэрыщытыпIэрэ зэрыхъун хуеипIэм йоувэр. Ар утыку къихьа нэужьрагъэнщ адрей макъхэр кэзуурэкIэ къызэрыхъуари.

*

"ЫI" макъ нэужьым а нэхъ мащIэу къэру зытебгъэкIуэдэну макъыр "э" макърауэ жыIэпхъэщ; ар етIуанэрейуэ экономикэу зы макъырщ. ТIэ, етIуанэу къэхъуарэ утыку къихьауэ щыт макъзешэр "э" макъырщ. "Э" макъыр къэIуфын папщIэ, "ы" макъыр къызэрыIуф къэрум нэхъыбэ ухуэныкъуэнщ. Аращи, зы макъыр зэрыщытым тетрэ езырыжу къэIуфын папщIэ, тебгъэкIуэдэну щыт къэру нэхъ мащIэу щытыр "ы"рщи, адыгэбзэ макъхэр къызэрыIур "ы" макъкIэрщ.

ТщIэуэ щыт нэгъуэщI бзэхэм хэту щыт макъ щэхухэр къызэрыIу макъзешэр "э" макъкIэрщ нэхъыбэу; бзэ гуэрхэм я макъ щэхухэр къызэрыIури "и" макъкIэрщ. Мы макъхэри, "ы" макъ нэужь къэхъуарэ абы елъытауэ макъ щэхур оргиналым и гъунэгъуу утыку къизылъхьэфыну макъхэрщ.

"ЫI" макъыр, а нэхъ къэру мащIэ зытебгъэкIуадэрэ, макъзешэхэм я нэхъэпэж къэхъуауэ щытырщи, утыку къыщIихьа щхьэусыгъуэрэ бзэм хэту къызэрысэбэпри, макъхэр къэIунрэ зэхэхыпхъэ хъун папщIэу жыIэпхъэщ. Ар минималу зы макъырщи, зы макъ щэхур къипIуэн папщIэ "ы" макъым уфIэкIмэ, а макъ щэхур щхьэжрэ оргиналу щытыжынкъым, зэхъуэкIынщ. Ар къэIун папщIэ, минималу узхуэныкъуэ къэрур хэбгъахъуэмэ, а макъ щэхур бгъэкIуэтэнщ, ипIэм къипшынщ, щхьэжу оргинал иджыр зэпхъуэкIынщ.

Мыпхуэдэу, "ы" макъым минимал къэрукIэ къыкIэлъыкIуэр "э" макъырщи, тIэ, "э" макъыр къызэрысэбэпынури мы жытIахэм къагъэунэхуу щытщ. Мы псалъэхэм пыпщэмэ, мыхэр жыIэпхъэнщ: «Макъхэр къэIун къудейм папщIэ зыхуэныкъуэу щыт къэрур бгъэбагъуэмэ, а макъхэр зыдэщытым къипшынщ, бгъэкIуэтэнщ. Апщыгъэм макъхэр зэрыщыту къэнэнкъым, гъуэгу техьэнщ; джыуэ щIадзэнщ. Мис мыращ "ы" макъым къыкIэлъыкIуэу щытрэ, абы елъытауэ "э" макъзешэм игъэзащIэр. Ар гъэкIуэтэн къэлэн зыгъэзащIэрщ; кIэух зыхуэхъу макъыр и пIэм къизышрэ гъуэгу тезыгъахьэрщ; ар кIэух зыхуэхъу макъым и зэхъуэкIыгъуэрэ зэманыгъуэ хуэхъурщ. Мы псалъэхэм къызэрыгуэкIкIэй, "э" макъыр, зэманыгъуэ Iуэхугъуэр зыгъэзащIэрщ, зыгъэлъагъуэрщ».

Зы зэманыгъуэ Iуэхугъуэр къэзыгъэлъагъуэу щыт "э"ри "ы"м хуэдэжщи, щхьэжу къэсэбэпыркъым. Абы зы макъым и кIэухыу зыкъегъэлъагъуэ закъуэр. Зэманри езырыжрэ щхьэжу тлъытэфыркъым; къекIуэкI Iуэхугъуэрэ джыуэ щытым къызэрыгуэкIрэ, ахэр зэрыкIуатэрэ

зэрызэхъуэкIым елъытауэ зэманыр тлъытэу щытщ. Мыпхуэдэ Iуэхугъуэрщ ″э″ри кIэух закъуэу къыщIэсэбэпыр; ар кIэух закъуэу къызэрысэбэпкIэрэу, зы Iуэхугъуэм (макъ, псалъэ) глагол хуэхъуу щытщи, а Iуэхугъуэр зэманыгъуэрэкIэ егъэлажьэр.

Зэманри, ар зыгъэлъагъуэу щыту бзэм хэт ″э″ макъым хуэдэщи, щхьэжу щытыркъым; зэманыр езырыжу гулъытапхъэрэ, къэпщытапхъэу щыткъым; ар джырэ утыку къихьэм гулъытэ къытхуищIыжу щытырщ. Зэманыр зыгъэджращи, джыуэ щытым и глаголу щытщ; джыр зэрыджыр зэманкIэрэущ; ар джыуэ щытым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ лъытапхъэ хъууэ щытырщ. Дэтхэнэ зы макъыр зы джыгъуэ зэрыхъукIэрэй, зы мыхьэнэ иджу щытщи, мис а мыхьэнэм зэманыгъуэ зэригъуэтрэ зы кIуэтэгъуэ Iуэхугъуэ щыхъум щыгъуэ, а макъым и кIэм къыпыхьэу щытыр ″э″ макъырщ. Мыбы и пхэндж Iуэхугъуэу, зы макъыр мыпхуэдэу зы кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэрэкIэ (э) лажьэу щытми, абы ″ы″ къыщыпыхьэм щыгъуэ, а макъыр къоувыIэри и пIэм йохыжыр; ″ы″ макъзешэр кIэухыу къызэрыпыхьэм къызэрыгуэкIкIэ, а макъыр, къызэрыхъуа щIыкIэм йоувэжри, езырыжрэ щхьэжу иджыпхъэу щытыр иджу къонэр.

Дэтхэнэ зы макъым и кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэу къыхуэкIуэр къэзыгъэлъагъуэу щыт ″э″ макъыр математикэ терминкIэ ″зэманыгъуэ *диферент*″у жыIэпхъэщи, сытми и зэхъуэкIыныгъэр абы (э) езырыжу и зэхъуэкIыныгъэм елъытауэ къэхъуу щытщ. Зы макъыр зы мыхьэнэ зыджрэ, ари зы *функцэ* зэрыхъукIэрэу, а функцэр зэманыгъуэрэкIэ зэрыкIуатэр къэзыгъэлъагъуэр ″э″ макъзешэрщ. Ар *функциял* зэманыр къэзыгъэлъагъуэрщ.

″Э″р, зэманыр зыдэкIуэ лъэныкъуэмкIэ зышэрэ, мыувыIэрэ функциялу, кIуэуэ щыт хъууэ лъытапхъэрщ. Зы *козмикэ* зэманыгъуэр гурыIуэгъуэ зыщIыуй лъытапхъэщ ″э″р. ИкIи, нэхъыфIыжу гурыIуэгъуэ зэрыхъу щIыкIэр козмикэу щылъытапхъэращ ″э″ Iэмалыгъуэри, зэманыгъуэу ″э″м къигъэлъагъуэм езыри къызэрежьар зы козмикэ Iуэхугъуэу лъытапхъэщ: Козмикэу джыуэ щытым и щхьэусыгъуэ хъур езырыжу кIуэуэ щыт козмикэ зэманырщи, джарэ утыку къихьари зыгъэкIуатэрэ зыгъэужьыр а козмикэ зэманыгъуэу зэрыщытым хуэдэжу, утыку иту щыт зы макъ джыгъуэр зыгъэкIуатэрэ зышэри, функциял зэманыгъуэ къэзыгъэлъагъуэу бзэм хэту щыт ″э″ращ. Ар козмикэ зэманыр зыдэкIуэ лъэныкъуэм езэгъыу кIуэрщи, ″зэман шабзэ″у -икIи ″зэман шабзэшэ″у- лъытапхъэу щытырщ.

-Зэманыр дэнкIэй мэужь, зэрыужьрэ зэрышэ щIыкIэм ″шабзэ″ хужытIэмэ, ″зэман шабзэ″р зыдэкIуэ лъэныкъуэр зыгъэлъагъуэри ″шабзэшэ″ хъунщи, тIэ, ″функциял зэман″рэ ″зэман шабзэ″р къыриIуэу жыхуэтIэ ″э″р икIи ″зэман шабзэшэ″уи лъытапхъэщ-.

*

Мыпхуэдэу зэманым козмикэу зы кIуапIэ лъэныкъуэ иIэщи, а кIуапIэ лъэныкъуэпэращ зэман шабзэу щытыр. Зэманыр, къызэрежьэ лъандэрэ козмикэу дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэй кIуэуэ щытырщ. Ар щыхъукIэй, зэманым и зы кIуапIэ лъэныкъуапэр зэман шабзэ зэрыхъурэкIэ, зэманыр дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэй унэтIауэ кIуэуэ щытщ. Зэман шабзэрэкIэ дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэ кIуэтэгъуэ хъууэ щытыр, дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэ зыдынэсауэ щыт щIыпIэ псори зэманыр къызщежьам елъытауэ зэхуэдэу зы жыжьагъэу щытынщи, ахэм зы хъуреигъэ къагъэлъэгъуэнщ.

–Зэман шабзэр зыгъэукъуэншын гуэррэ зыгъэгувэн зы щхьэусыгъуэ гуэр щымыIэмэ, зэман шабзэр дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэй зыдынэсауэ щыт щIыпIэхэм къызэрыгуэкIкIэ, зэманыр къызщежьа щIыпIэм елъытауэ зы хъуреифI утыку къихьэнщ-.

Дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэ зэхуэдэу зы гъуэгу IэнатIэр иужьым къызэригъэнарэкIэ, зы зэманыгъуэ IэнатIэм теухуарэ къызэрыгуэкIкIэ, къежьапIэм елъытауэ зы хъуреирщ утыку къихьэр. ТIэ, зы зэман IэнатIэм къызэрыгуэкIкIэ, зэман шабзэр дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэ зыдынэсам ибзыр зы хъурей зэрыхъукIэрэу, а хъурейуэ жыхуэтIэращ зы зэманыгъуэу джарэ утыку къихьар. Зы зэманыгъуэ IэнатIэрэкIэ утыку къихьа хъуреягъэрщ хъуэ жыхуэтIэр. Ар зы зэманыгъуэ IэнатIэрэ зэхъуэкIыныгъэм (*диференс*ым) утыку къыригъэхьауэ "хъуар"щ. А хъурейрэ зы зэман диференсым къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьауэ щытыр зы зэманыгъуэм иджауэ щытырщ. Зэманым иджыр хъурейуэ мэджыр.

А хъурейуэ щытрэ зэманым иджыр, зэман шабзэр зыдэкIуэ лъэныкъуэм хуэзадэу зы лъэныкъуэмкIэ къанэу щытынщ. Мыпухэдэу зэман шабзэшэпэм хуэзадэрэ зы хъуреигъэу къэхъур зэманым иджрэ утыку къыригъэхьэрщи, ар зэман шабзэр –зэман шабзэпэр- зыдынэсращ; ар -абдежыр- зы зэман IэнатIэм елъытауэ джыуэ щытырщ, зы зэманыгъуэу джырщ.

Ар а зы зэман IэнатIэм елъытауэ зы къэувыIэпIэу лъытапхъэмэ, зэманыгъуэм (э) и къэувыIэн Iуэхугъуэри зыгъэзащIэр "ы" макъ Iэмалыгъуэу щытщи, мис мы хъуреипIэрэ зэман IэнатIэу къэувыIэпIэр зи Iуэхур "ы"уэ лъытапхъэнщ. Ар щхьэ, "ы"м игъэзащIэ Iуэхугъуэрэ къигъэлъагъуэр, зы къэувыIэпIэ Iуэхугъуэу щытми, "ы"м къызэригъэувыIэ щIыкIэр зы гуэрыр зэрыщытам хуэдэрэ зэрыщыта щIыпIэм иригъэхьэжын Iуэхугъуэрщ. Абы игъэзащIэр, зы гуэрыр оргиналу зэрыщытыр утыку къырилъхьэнырщи, ар къызпыхьэр зэманым къыригъэлу щытщ; зэманым къызэрыгуэкIкIэ зы зэхъуэкIыныгъэу утыку къихьа Iуэхугъэр хэтыжу къигъэлъагъуэркъым абы.

Абы къигъэлъагъуэр, къэхъуарэ щыIэу щыт гуэрыр зэрыщыIэ щIыкIэу, оргиналу утыку къырилъхьэнырщ, къигъэIунырщ. Ауэ, мыбдежым дызтепсэлъыхьыр, утыку къихьауэ щытыр щыIэ гуэррэ

оргиналу къэгъэлъагъупхъэу щыт гуэрыркъым. Мыпхуэдэу утыку къихьа гуэрым езыр зы *оргие* гуэрщи, ар езыр зы щIэ гуэрщ. А оргием езым теухуауэ зы гуэрыр зэрыщытрэ зэрыоргиналыжу къэзыгъэлъэгъуапхъэ зыщIынури ″ы″ макъым игъэзащIэ Iуэхугъуэм хуэдэу жыIэпхъэщ; ауэ, утыку къихьагъащIэу щыт гуэрыр щхьэжу зы оргиеу зэрыщытым папщIэ, ар оргиналу зэрыщытам зышэжу щыт ″ы″м къыриIуэфыну зы гуэркъым; мы къэхъуагъащIэрэ оргиеу утыку къихьагъащIэр зэрыщыту утыку къилъхьэн Iуэхугъуэр ″ы″м хузэфIэкIынкъым. Мы утыку къихьар зыдэкIуэнрэ зыдехыжын щыIэкъыми, ар зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн хуейуэ щытщ. ТIэ, мы Iуэхугъуэр ″ы″м хузэфIэмыкIыу зы Iуэхуу щытмэ, ар зыхузэфIэкIын гуэр къэхъун хуейщи, макъыу къэIупхъэмэ къиIуэн хуейщ.

Зы зэманыгъуэм иджарэ, оргинал гуэрым езырыж мыхъуу, абы къытехъукIыу утыку къихьа щIэ гуэрыр къызэрыхъур къэгъэлъэгъуэн Iуэхугъуэр ″ы″м и къэлэным щхьэщыкIыу щыт зы Iэмалыгъуэрщ. Зэман шабзэр къыздынэса щIыпIэхэм и хъуреягъкIэ убзыхуауэ утыку къихьэрэ джыуэ жыхуэтIэ Iуэхугъуэр зы къэувыIапIэу щытми, ар ″ы″м игъэзащIэм хуэдэу, а Iуэхур зэрыщытарэ къыздежьа щIыпIэм ихьэжын Iуэхугъуэркъым; и оргием хыхьэжыпхъэу оргиналу зэрыщытам хуэгъэкIуэжын Iуэхугъуэркъым. Ар езыр зы оргие щIэрщ. Мыбдежым джауэ зы гуэр утыку къихьауэ щытщи, ар зыдехыжын гуэр щыIэкъым. Мис мы Iуэхугъуэ хъуреягъэу, зэман шабзэр зыдынэсым деж –зэман шабзэшэпэм хуэзадэу- джыуэ щытыр -хъууэ щытыр- зыгъэлъагъуэу утыку къихьэ макъыр, джыр зэрыдж щIыкIэр зэрыщыту къэзыгъэлъагъуэрщи, ар, къэзыгъэувыIэрэ и къежьапIэм хуэзышэжыфу щыт ″ы″ макъым къигъэщIыпхъэрэ къытехъукIыпхъэу зы макъ хъуну къыщIэкIынти, тIэ, ″ы″ макъым елъытауэ псыгъуэрэ кIыхьрэ дэкIыу зы макъырщ ари, ″и″ макъырщ. Ауэ, ар (и) ″ы″ макъ Iэмалыгъуэр лъабжьэу зэрыщыIэрэ зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ къэхъуауэ щыту зы макъми, зэманыгъуэм (э) елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ щыIэгъуэ зыгъуэтауэ зы макъырщ.

ГурыIуэгъуэр аращи, мы къэхъуауэ щыт ″и″ макъыр утыку къызэрихьэм и щхьэусыгъуэр ″э″ макъырщ; ар щхьэ, къызтехъукI макъ плъыфэр ″ы″ макъырщ. ″И″р, ″ы″ пэлъытэрэ абы щхьэщыкIыу ″э″м къигъэхъуауэ зы макъырщ.

″И″ макъыр козмикэу къызэрыхъу щIыкIэм –е, козмикэу гурыIуэгъуэ къытхуищIым- деплъыжмэ, ар зэманыгъуэрэкIэ джауэ щыт зы оргие щIэ гуэрыр къэгъэлъэгъуапхъэу зэрыщытым папщIэ утыку къихьауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIэй, ″и″м къигъэлъагъуэр зы щыIэ хъуауэ щыт гуэрщи, а гуэрыр зэрыщытрэ зэрыоргиналу къызэрыIуну щIыкIэри ″ы″ макъ кIэухрэкIэ зэрыхъунур гурыIуэгъуэнщ; арагъэнщи, ″и″р ″ы″ кIэухкIэ къэIуу бзэм хэтщ: ″Иы″.

ТIанэ, ″и″р къыщыхъуу жыхуэтIэм щыгъуэ, ″э″мрэ ″ы″м нэгъуэщI, макъ гугъу зэрыдмыщIри гулъытапхъэу щытщ. ″Э″мрэ ″ы″ макъхэр, бзэм

хэт зэрыхъу щIыкIэу макъзешэу щытщи, зы макъдекIуашэм и кIэухыу зыкъагъэлъагъуэ закъуэр; ахэм ягъэзащIэр зи кIэух хъуэ щыт Iуэхугъуэхэм елъытауэ щытщи, ахэм, зи кIэух хъур ягъэлъагъуэр, ягъэлажьэр. Ар щхьэ, ахэм утыку къырагъэхьауэ щыт "и"р щхьэжу къосэбэпыр; ар джыуэ щытыр, икIи джыр щыдж щIыпIэр къэзыгъэлъагъуэу щытырщи, езырыжу зы мыхьэнэ иIэу щытщ "и"м.

Ар утыку ит Iуэхугъуэм щхьэщыкIрэ щхьэжу къэсэбэпыфу зы Iэмалыгъуэрэ зы Iуэхугъуэу щытырщ. Ар щхьэжу къызэрысэбэпым хуэдэжу, зы Iуэхугъуэр езым къызэрыгуэкIкIэ къызэрыхъу щIыкIэу, зы псалъэм ипэми похьэр; зы Iуэхугъуэр "и"уэ жыхуэтIэ щIыпIэм зэришэрэ къызэригъэлъагъуэрэкIэ, зы псалъэм и кIэухи мэхъуфыр.

Мис мыпхуэдэу зы зэман диференсым къызэрыгуэкIрэ елъытауэ утыку къихьэр, хъуарэ джауэ щытырщи, а щыIэ хъуарэ джар къэзыгъэлъагъуэр "и" макъырщ. Хъурэ джыуэ утыку къихьэр, зыдэщыIэ зэманыгъуэрэ щыдж зэман щIыпIэри къэзыгъэлъагъуэр "и" Iэмалыгъуэрщи, мис ар "иджы"рщ. "Иджы"р, зи гугъу тщIауэ щыту утыку къихьа хъуреипIэ лъэныкъуэу "джы"рщи, ари хъур щыхъу зэманырщ. "Илжы" псалъэр зэрызэтеувэ щIыкIэми къызэригъэлъагъуэу, "джы"р мы псалъэм и глагол хъурщи, ар "и" макъым къыкIэлъыкIуэу зы макъыу зэрыщыткIэрэу, "и" IэмалыгъуэрэкIэ утыку къызэрихьэр гурыIуэгъуэщ.

*

Хъур зэрыхъу щIыкIэр хъурейуэ зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, зэхуэдэу зы гъуэгу зыкIуауэ щыт зэман шабзэшэхэр зыдэщыт щIыпIэхэр къиухъуреихьыу зы зэманыгъуэ хъуреигъэ джыуэ щытщ. А джыуэ щытрэ, зэманыр къызэрежьа лъандэрэ къикIуар, джауэ щыт зы зэманыгъуэ зэрыхъуакIэрэу, зэманыгъуэ зиIэрэ зэманыгъуэ зэхъуэкIыпIэу щытыр къэзыгъэлъагъуэр "э"рщ. Ар щхьэ, а зэманыгъуэ хъуреигъэрэкIэ –зэман шабзэр зыдынэсым деж- джыуэ щытыр, "э" шабзэшэпэхэм хуэзадэрэ зэман шабзэм теухуэу джы хъурей лъэныкъуэр къэзыгъэлъагъуэр "и"рщ. Зэман шабзэр зыдынэсым теухуэр джырщи, ар "и"рщ; ар зы зэман шабзэпэм (э) щыджрэ утыку къихьэрщ.

ГурыIуэгъуэращи, "и" ухуэр къызтехъукIыр езырыжу къэхъуарэ ужьу щыт зэман шабзэрщ (э); абы къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ хъурейуэ джыуэ щытщ хъуэ щыту жыхуэтIэри; ар зыгъэлъагъуэрэ зэман шабзэм елъытауэ щытыр "и" лъэныкъуэрщ.

ТIэ, хъуэ щытым лъэныкъуитI иIэщ. Зыр зэман шабзэу щытырщи, ар "э"ращ къэзыгъэлъагъуэр. Адрейри, зы зэман IэнатIэм теухуауэ зэман шабзэ зэхуэдэ жыжьагъэхэм къаухухьыу щыт зы хъуреипIэрщи, а лъэныкъуэр зэманыр зыдэкIуэ лъэныкъуэу щыт шабзэм хуэзадэу зы лъэныкъуабэу щытщ. "Э" р зэман шабзэу зэрыщытым хуэдэу, "и"ри, джыуэ щыт псори щыджырщ, ар къэзыгъэлъагъуэрщ; икIи, дэтхэнэ зы

гуэрым зэманкIэрэ и джыгъуэр къэзыгъэлъагъуэрщ. ″И″р, дэтхэнэ зы щыIэ гуэрыр къэгъэлъэгъуэн Iуэхугъуэ зыгъэзащIэу адыгэбзэм хэтщ.

*

″Э″ зэман шабзэр зэрыкIуатэрэкIэу, къыздынэсауэ зыдэщыт хъуа зы IэнатIэу утыку къихьэр зы хъуреипIэу щытщи, а хъуреипIэм къызэрыгуэкIкIэ джыуэ щыт лъэныкъуэр къэзыгъэлъагъуэр ″и″рщ. Ар зы зэманыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт Iуэхугъуэрщи, мыпхуэдэ защIэу ужьу щытщ Iуэхур. Зэманыр мыувыIэу зэрыкIуатэм къызэрыгуэкIкIэ, зи гугъу тщIыуэ щыт мы Iуэхугъуэр мыувыIэу мэхъур. МыувыIэу джыуэ щытщ сытри, мыувыIэу зы гуэрхэр къохъур.

Ар щыхъукIэй, зы IэнатIэм теухуауэ хъур зэкIэлъыпыту къохъур; тIэ, мы зэкIэлъыпыту хъууэ кIуэм, иужь къинэу щыт хъуа гуэрхэри къегъэхъур; хъуарэ хъуреипIэ зиIэу щыт гуэрхэр, щIэуэ къэхъуу щыт хъуреипIэ гуэрхэм мыувыIэу иужь къонэр. Мис мыпуэдэу ″э″мрэ ″и″м зы Iухуэгъуэу утыку къыралъхьэрэ къагъэлъагъуэр мыувыIэу зэрыхъурэкIэ, ужьу зэрыщытыр къэзыгъэлъагъуэри ″у″ макъ Iэмалыгъуэрщ.

Зы зэманыгъуэ IэнатIэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щытрэ джыуэ щытыр, зэманыгъуэу джыуэ щытырщи, мыр зы *сенкроникэ* Iуэхугъуэрщ: ″И″р ″э″м елъытауэ утыку къихьэрщи, ″э″р зыдэщыIэ дыдэрщ, щыкIуатэ дыдэм дежщ зы ″и″ лъэныкъуэр утыку къыщихьэр. Мыпхуэдэу лъэныкъуитIым сенкроникэу утыку къыралъхьэ Iуэхугъуэр, лъэныкъуитI зыхэлъу зы Iуэхугъуэрщи, абы утыку къыралъхьэу щыт Iуэхугъуэ ещанэращ ″у″ Iуэхугъуэу утыку къихьэр. ТIэ, мыбдежым къэхъуу щыт ″у″ Iэмалыгъуэри зы сенкроникэ Iуэхугъуэу щытщ.

Ауэ, ″у″уэ утыку къихьэр мыбдежым къыщынэркъым. Зэманыр зэхъуэкIрэ аргуэрэу зы гуэр утыку къихьэу щытмэ, тIэ, зэкIэлъыпыту щыт Iуэхугъуэрщ къэхъуу щытри, ари ″у″ Iуэхугъуэрщ. Зэман шабзэр зыдынэсам къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэрэ джыуэ щытыр зэпыкыгъуэ зэримыIэрэкIэ мыувыIэу хъууэ щытмэ, зи ужь къинэу щыт джа гуэрхэр щыIэнщи, мы гъуэгур къэзыгъэлъагъуэрщ ″у″р. Зэманым зэрелъытарэкIэ зэкIэлъыпыту къэхъуу щытхэр зэманкIэрэй зэкIэлъхьэужьу щытщи, тIэ, мыбдежым ″у″р *диякроникэ* Iуэхугъуэрщ.

Сенкроникэу щыт ″у″р зы зэман щабзэр (э) зыдэщытым къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьауэ щытрэ джым (и) зэдащIэу щыт ещанэрщ. А лъэныкъуитIым зэдащIэрэ, я зэхуакум дищIэрщ ″у″ сенкроникэр. Ауэ, зэман шабзэр зэрыкIуатэм къызэрыгуэкIкIэ, утыку къихьэу щытрэ джыуэ щыт гуэр зэрыхъукIэрэй, зы Iуэхугъуэ гуэри къэхъуу щытщ: Зэман итымрэ зэман блэкIам я зэхуаку дэлъу щыт гуэр. Мис мы зэман зэхъуэкIым къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щыт джыгъуэ зэкIэлъхьэужьыкIэри, зы диякроникэ Iуэхугъуэу ″у″рщ. Ар ″э″мрэ ″и″ кIуэтэгъуэм къагъэхъуу щыт Iуэхугъуэрщ.

″У″р, ″э″мрэ ″и″м яджыр мыувыIэу къызэрыхъур къэзыгъэлъагъуэрщи, а IэмалыгъуитIри зыхэзыубыдэрщ. ″У″м ″э″ри ″и″ри хэтщ; а макъитIым зэдащIэрщ ″у″р; а макъитI зэхуакум дищIэрэ, ахэр зэрыкIуатэрэкIэ язэхуакум къадищIэрщ ″у″р. Ар зэманыгъуэ ужьрэ, дэтхэнэ зы зэманыгъуэ IэнатIэмкIэ утыку къихьэу щыт ″и″м къигъэлъагъуэу джырэ хъур зыхэзыубыдэрщ. Ар щыхъукIэй, ″у″м къигъэлъагъуэр, хъуурэ щытыр зэрыхъурэ зэрыужьырщи, ари зэпэхъурейуэ зы Iэмалыгъуэ зиIэ хъуфырщ. Дэтхэнэ зы гуэрыр зэрыхъурэ зэрыужь Iэмалыгъуэр, а гуэрым и хъукIэрэ и зыунэтIыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, и ужьыгъуэу щытыр къэзыгъэлъагъуэр ″у″ Iэмалыгъуэрщ.

″У″р утыку къихьауэ щыт зы Iуэхугъуэрэ ужьыгъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, къэIупхъэ зэрыхъуну щIыкIэр ″ы″ кIэух зэрыхъунур гурыIуэгъуэнщи, ар макъыу ″уы″уэ къэIуу хэтщ адыгэбзэм.

″Э″мрэ ″и″ лъэныкъуитIым яджу щыт системэр, зыр зым зэрелъытарэкIэ зэрыщытыр, зэрелъытарэкIэ утыку къырагъэхьэу щытыр къэзыгъэлъагъуэр ″у″рщ. А лъэныкъуитIри зыхэту щытрэ, а системэу ухуэрщ ″у″ макъым къигъэлъагъуэр. ″И″р ″э″м елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щытрэ, ″э″р зэрыкIуатэм къызэрыгуэкIкIэй зэхъуэкIыу щытыр къэзыгъэлъагъуэрщи, мы лъэныкъуитIрэ IуэхугъуитIым къызэрыгуэкIкIэ хъуурэ щытыр ″у″рщ.

Мы къэтIуатэхэм къагъэлъагъуэр аращи, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэрэ щыIэгъуэ зиIэу щыт гуэрыр къызэрыхъурэ зэрыужь щIыкIэм и гугъу тщIыуэ жыIэпхъэщ. ЩыIэу щытым и ужьыкIэрэ, и геометриер утыку къизылъхьэу зы системэм и гугъу зэрытщIыр гурыIуэгъуэу къыщIэкIынщ. Мыр бзэ логием утыку къырилъхьэу зы системэрщ; абы къызэрыгуэкIрэ ардыдэу, зы геометрикэ координат системэу щытщ.

Зи гугъу тщIыр зы математикэ Iуэхугъуэрщ; ауэ, математикэри зы щIэныгъэу утыку къизылъхьар цIыхуу щытщи, ар абы и логием къытехъукIауэ щыту зы Iуэхугъуэрщ. Ар зы логие Iуэхугъуэрэ, логиери бзэуэ зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, а Iуэхугъуэр бзэм нэхъыфI къэзыIуэтэн щыIэнуй къыщIэкIынкъым. ИкIи, бзэр псалъэрэкIэ зэтеувэрэ, псалъэри псэм къыхэхъукIыу щыт гуэрмэ, тIэ, бзэм утыку къырилъхьэ системэр псэ ужьыкIэрэ хъуурэ щытыр зэрыхъуу щыт хъуреигъэкIэрэу къыщIэкIынти, ипщэкIэ къэтIуэтауэ щыт Iуэхугъуэхэм езэгъыу щыту къыщIэкIынщ мы хужытIэу пытщэхэри.

Математикэ еплъыкIэм нэмыщI, мы къэхъуу щытыр философие лъеныкъуэмкIэй къэIуэтапхъэ щыхъукIэ, мыхэр пыщапхъэщ:

«КIуэтэгъуэ лъабжьэу щыт функциял зэманыгъуэм (э) къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ утыку къихьэрэ зэман шабзэпэм щыджыр (и) зэман шабзэпэм (э) хуэпэзадэу хуэпэувыжырщ (и). ТIэ, мый тIум (″э-и″м) мы я зэхущытыкIэм зэдащIэ зыужьыгъуэри ахэм (э-и) я *сентез*у утыку къихьэрщ (у). Мыпхуэдэу къэхъу Iуэхугъуэр козмикэ зыужьыгъуэ

щIыкIэрщ; зэман шабзэпэм (э) щыджыр (и) абы хуэпэувыжурэ къохъур ″козмикэ зыужьыгъуэ (у)″р. Зэман шабзэм щыджыр а шабзэпэм апхуэдизу хуэпэувыжу щытщи, зэманыгъуэм иджрэ утыку къихьэу щыт джыгъуэшхуэхэм -щIылъэшхуэхэм, вагъуэхэм- я къэрурэ я хьэлъагъэм зэман шабзэри ягъэукъуэншэфыр, зытрагъэукъуаншэр. Мы къэтIуатэхэм къэгъэлъагъуэр къэхъуныгъэрэ хъуурэ къекIуэкIыныгъэм и *диялектикэ*у зэрыщытри гурыIуэгъуэщ: А нэхъ лъабжьэрэ къежьыпIэу -″*а приорие*″у-щыт диялектикэ».

*

ИпщэкIэ зи гугъу тщIауэ щыт системэр, жытIауэ щыт псалъэхэм къызэраIуатэ щIыкIэр къэтхъын хуеймэ, лъэныкъуитI зиIэу зы *координат* системэращ тщIынури, тIэ, абы и зы лъэныкъуэр ″э″щ, и зы лъэныкъуэри ″и″щ. Мыпхуэдэу зы зэман координат системэ утыку къиплъхьэмэ, зэрыбгъэлъагъуэнур ″Таблицэ:1″м хуэдэу лъытапхъэщ.

Мы координат системэр, математикэ щIэныгъэм зэман координат системэр къызэрагъэлъагъуэ щIыкIэм зэрыхуэдэр нэрылъагъущ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, ″э″ лъэныкъуэу къэдгъэлъэгъуауэ щытым зэманыгъуэ къызэригъэлъагъуэрэкIэ математикэ термину зэратхыр ″*t*″уэ щытщ. Греколатин лъабжьэкIэ зэманым и фIэщыгъэцIэм и пэщIэдзэ тхыпкъымкIэ тхауэ щытщ ″э″ лъэныкъуэу щыт ″t″ыр. Ар дыдэу, къызтехъукIауэ щыт бзэм къызэрыгуэкIкIэ, ″и″ лъэныкъуэр ″*y*″уэ ягъэлъагъуэу къыщIэкIынщи, адыгэбзэм зэрыхэтрэ къызэрыIум хуэдэу ″и″ макъыу щытщ ар.

Мы координат системэм и ″и (*y*)″ лъэныкъуэм папщIэ ″*абсис*″, и ″э (*t*)″ лъэныкъуэм папщIэй ″*ординат*″ хужаIэр. ″Ординат″ фIэщыгъэцIэм къызэрыхэщкIэ, гурыIуэгъуэу щытщи, ар координат системэр зэрелъытауэ щыт лъэныкъуэрщ; абы и щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэщ координат системэр зэрызэтеувэрэ утыку къызэрихьэр: Ар зэхъуэкIыпхъэ лъабжьэу щытырщи, мыбы къызэрыгуэкIкIэ функцэр зохъуэкIыр; ар, системэм и диферентырщ.

Аращи, ″э″р бзэм хэту къызэрысэбэпыр мыпхуэдэу зы ординату зэрыщытыр гурыIуэгъуэу щытщ. ТIэ, зэманыр зэрыужьрэ зэрызэхъуэкIым къызэрыгуэкIкIэ, утыку къихьэу щыт ″и″ лъэныкъуэ зэхъуэкIыныгъэмрэ, мы къэхъуу щыт зэхъуэкIыныгъэм утыку къырилъхьэу щыт ужьыгъуэм зэрыхуэдэр гурыIуэгъуэщ, мы математикэ координат системэр.

ГурыIуэгъуэу щытщи, мы координат системэр зытезыухуар пэсэрей лъэхъанэм псэуа Алыдж лъэпкъхэм ящыщу щыт Юглид-щ (Euglides). Абы утыку къырилъхьауэ щыт коордитат системэм и лъэныкъуитIыр зэхуэпэзадэу щытщ. Ар щхьэ, мы лъэныкъуитIыр зэхуэпэзадэу щытми, зэрыкъуаншэр хэткъым Юглид системэм. Ауэ, адыгэбзэм къызэриIуатэу, ипщэкIэ жытIахэм къызэрыхэщыр аращи, а лъэныкъуитIыр зэхуэпэзадэ укъуэншауэ зэхущытщ.

Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, адыгэбзэм къыдигъэлъагъуэ системэр козмикэ системэу щытщ. Юглид системэр козмикэрэ натурал системэу

щыткъым; и лъэныкъуитӀыр зэхуэпэзадэрэ, дэтхэнэ зы лъэныкъуэри захуэу щыту ялъытауэ зы системэрщ. Ар щыхъукӀэй, хъуурэ щытыр зэрыхъу щӀыкӀэр хъурейуэ щытмэ, ар пэжу къигъэлъэгъуэфыркъым; икӀи, зы хъурей Ӏуэхугъуэри икӀэ нэгъунэ зэпкъырихыфу щыткъым Юглид ситемэм. ИкӀи, хъурейуэ щыт козмоз Ӏуэхугъуэхэр а системэр къэбгъэсэбэпу къыщыбгъэлъагъуэм щыгъуэ, системэм и лъэныкъуэхэр захуэрэ зэхуэпэзадэу зэрызэхущытым къызэрыгукӀкӀэ, къэхъуу щыт щыуагъэхэр мэбагъуэр.

А системэр Юглид къигупщысауэ щытми, ар зи лъабжьэр натуралрэ козмикэ Ӏуэхугъуэу зэрыщытар гурыӀуэгъуэщ; ар къуаншэрэ хъуреипӀэу зы системэ зэрыхъун хуейр бзэм къиӀуатэу щытщи, логием зэрезэгъкӀэрэу зэрыхъун хуейр арагъэнт. ИкӀи, жыпӀэ хъунщ, а логиерэ щӀэныгъэр Юглид ипэӀуэ зэрщыӀар. Ар пэсэрейхэм къызэрыщӀэныжам къызэрыгуэкӀкӀэ, Юглид езым зэреплъ щӀыкӀэмкӀэ утыку къыригъэхьэжауэ къыщӀэкӀынт.

Юглид и системэм хэту щыт лъэныкъуитӀри захуэрэ зэхуэпэзадэу щытщ. Ар щхьэ, натуралрэ козмикэу щыт системэр гурыӀуэгъуэ зэрыхъуаращи, ″хъур зэрыхъуу щыт хъуреигъэ″ жыхуэтӀам къызэрыгуэкӀкӀэ къуаншэу щытынщ. Аращи, зы Ӏуэхушхуэрэ козмоз лэжьыгъэр Юглид системэмкӀэ хьисэп щыпщӀым щыгъуэ, щыуагъэшхуэхэр къытохъукӀыр. Абы папщӀэрщ, иужьрей лъэхъанэхэм, натуралрэ козмикэу щыт зы координат системэ ухуэн зэрыхуейр щӀалъытар. Абы телэжьыхьа щӀэныгъэлӀыр мащӀэкъым. Ауэ, иужьым, хъуреигъэр и лъабжьэ зэрыхъукӀэрэу ″укъуэнша координат системэ″ зэпэщ утыку къизылъхьар Риман-щ (Riemann). Эйнштайн (Einstein) зытелэжьыхьарэ, и *теориехэр* зытеухуауэ щыт координат системэри Риман геомэтрие системэрщ.

*

Зи гугъу тщӀыуэ щыт мы системэр адыгэбзэм къызэриӀуатэ щӀыкӀэмрэ математикэбзэм къызэриӀуатэ щӀыкӀэр утыку къыщиплъхьэм щыгъуэ, зэхуэдэу зы логие лъабжьэ зэраӀэр гурыӀуэгъуэ мэхъур. Математикэ терминрэ *символхэр* латин тхыпкъэхэмкӀэ зэрахьэр.

Мы зэман координат системэм къызэрыгуэкӀкӀэ, зы зэман ($t$) зэхъуэкӀыныгъэм утыку къырилъхьэрэ зэхъуэкӀыр, абы хуэзадэу щыт лъэныкъуэрщ ($y$). Мыр адыгэбзэмкӀэ жыпӀэу щытмэ, ″э, и″ макъхэм къыраӀуэ Ӏуэхугъуэм зэрыхуэдэр гурыӀуэгъуэу щытщи, ипщэкӀэ ар жытӀагъэхэщ. ТӀэ, зэманыгъуэм (э) утыку къырилъхьэрэ, ар щызэхъуэкӀым щыгъуэй, зэхъуэкӀыу щытыр ″и″м къигъэлъагъуэрщ. Мы къэхъуу щыт Ӏуэхугъуэр зэманым елъытауэ зэхъуэкӀыныгъэ зиӀэу зы функцэрщ ($y = f(t)$); а функцэм и зэхъуэкӀыныгъэр къызхэкӀыр функциял зэманырщи ($t$), абы и зэхъуэкӀыныгъэм елъытауэ къэхъуу щытщ ″$y$″м и зэхъуэкӀыныгъэр. Мыр адыгэбзэ тхыпкъэхэмкӀэ зэрыптхынур ″и = у(э)″щ. Мыбдежым ″$t$″р

функциял зэман зэрыхъум хуэдэ къабзэу, ″э″ри функциял зэману зэрыщытыр ипщэкIэ жытIагъэхэу щытщ. Мы *формулац*эм ″*f(t)*″уэ хэтыр зыщатх щIыпIэри, адыгэбзэ макърэ тхыпкъэу ″у″мкIэ къэдгъэлъэгъуауэ щыт щIыпIэрщи, ″у″м ипщэкIэ дызэрытепсэлъыхьам хуэдэу зы Iуэхугъуэрщ ″*f(t)*″кIэ къагъэлъагъуэу щыт функцэр. ТIэ, адыгэбзэмкIэ ″у″ макъым иджыр математикэбзэмкIэ ″*f(t)*″уэ къагъэлъагъуэм хуэдэщ.

Функциял зэманыр зыхуэIуарэ, мы зэманым и зы функцэу щытыр, зэманыгъуэрэкIэ зэхъуэкIыныгъэ зиIэ хъууэ кIуэрщи, мыр зы ужьыгъуэ Iуэхугъуэрщ; ари адыгэбзэ ″у″ макъым къыриIуэ Iуэхугъуэрщ. Зэманыр щызэхъуэкIым щыгъуэ, абы къызэрыгуэкIкIэ зэхъуэкIыу щытыр ″и″рщи, мы зэхъуэкIыныгъэрэкIэ ужьу щытырщ функцэ (*f(t)*) жыхуэтIэу щыт ужьыгъуэр (у). Зы функциял зэман IэнатIэм ($\Delta t$: Δэ) елъытарэкIэ къэхъуу джыр зыгъэлъагъуэр зы ″и″ IэнатIэрщ ($\Delta y$: Δи); мы зэман зэхъуэкIыныгъэм (Δэ) къызэрыгуэкIкIэ зэхъуэкIыу щытрэ джыгъуэу (Δи) утыку къихьэри зы функцэрщи, а функцэ IэнатIэр мыпхуэдэщ: «$\Delta y = f(t + \Delta t) - f(t)$».

Мыпхуэдэу зэхъуэкIыныгъэ къызэрыхъурэкIэ щIэуэ къэхъур утыку къызэрихьэрэ, ипэкIэ хъуарэ утыку итыр мыбы иужьым къызэригъанэрэкIэ кIуэтэгъуэу щытыр, зэманым елъытауэ зэхъуэкIрэ ужьыгъуэ зиIэу зы функцэрщ ($y = f(t)$); ари адыгэбзэ макъкIэ ″у″ Iэмалыгъуэм къигъэлъагъуэрщ.

*

Дэтхэнэ зы гуэрыр лъэныкъуитIрэкIэ къэзыгъэлъагъуэу зы системэу щытщ ″и-э″ системэри, зэхъуэкIыныгъэр къызтехъукIыу щыт лъабжьэри зэманыгъуэу (э) щытщ. Ауэ, зэман Iуэхугъуэрэ зэхъуэкIыныгъэ хъууэ щытым, зы кIыхьагъэрэ зы бгъуагъэри иджрэ къигъэлъагъуэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ.

Зы кIыхьагъэрэ зы пкъыгъуэм и инагърэ и лъэгагъэри къэпщытэн Iуэхугъуэр мы координат системэмкIэ къэгъэлъэгъуапхъэщ. Мы системэм хуэдэу зы лъэныкъуэр фукциял зэхъуэкIыныгъэрэ, абы зэрелъытарэ къызэрыгуэкIкIэй адрей лъэныкъуэр зэхъуэкIыпхъэ зэрыхъукIэрэу, язэхуакум дэту щытыр мы лъэныкъуитIымкIэ къэпщытапхъэщ.

Мыпхуэдэу, инагърэ лъэгагъэрэкIэ зэпкъырызыхынрэ къэзыгъэлъэгъуэфыну зы системэм ухуэныкъуэмэ, инагъэр зэрызэхъуэкIыр зэгъэпщапхъэу, къэпщыну щытыр зеплъытэну зы зэхуапIэрэ и лъэгапIэр зэхуэдэ защIэу зы лъабжьэм (зы ″*линие*″у) ухуэныкъуэнщи, а лъабжьэр, а нэхъ ехыпIэ лъэбжьапIэу зэрыплъытарэкIэ зы ординат лъэныкъуэу щытынщ. А лъабжьэу щыт щIыпIэр захуэрэ, и лъэгагъэр зэмыхъуэкIыу зы линиеу щытмэ, абы елъытауэ инагъ зэхъуэкIыр утыку къилъхьапхъэ хъунщ. Зы лъэгапIэр зэгъэпщапхъэу къэсэбэпу щыт линиер, кIыхьагъкIэ зэрызэхъуэкIым елъытарэ къызэрыгуэкIкIэй, абсис лъэныкъуэм и зэхъуэкIыныгъэр

къэгъэлъагъуапхъэу щытмэ, тIэ, мы лъэныкъуитIым я зэхуакум дэтыр къэпщытапхъэу щытынщ.

Мы жытIэр щIы хъурейрэ дуней Iуэхугъуэу щытрэ, натуралу абы тету щыт гуэрхэм я инагърэ я лъэгагъэр зэгъэпщэн хуей щыхъум щыгъуэ, и лъэгапIэр зэхуэдэрэ зэмхъуэкIыу зы лъабжьэ линие ухуэныкъуэнщ. Натуралу ар, дуней гущIыIум елъытауэ зэхуэдэ зэхуапIэу щыт ″хы″ гущIыIурщ. ЩIы хъурейуэ щыт дунейм и гущIыIум и нэхъ тэфагъэрэ и нэхъ ехыпIэу щыт зэхуапIэр хы гущIыIурщи, ар зэмыхъуэкIыщэу щыту зы лъэгапIэрщ. ТIэ, хы гущIыIур, щIы хъурейуэ щыт дунейм, натуралу, и ординат лъэныкъуэу къэсэбэпыпхъэу щытырщ. Дунейм дэтхэнэ и зы щIыпIэм хыр, лэгапIэр зелъытэгъуэ хъуфыну зы лъабжьэу щытщи, ар дуней щIы хъурейм натуралу ординат хуэхъуу щытырщ. Абы елъытауэ лъэгагъэхэр (абсис лъэныкъуэ) къэпщытапхъэу щытщ.

Таб:1




Таб: 2




Мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм теухуауэ къэсэбэпу щыт геометрие координат системэм и ординат лъэныкъуэри къызэрагъэлъэгъуа тхыпкъри –ар латиныбзэкIэ къызэрыраIуэр зэщхьэщыкIыу щытми- ар ″*x*″уэ тхауэ щытщ. –ИкIи, мы тхыпкъэмкIэ (х) тхауэ щыт макъыр грисыбзэм зэрыхэтри а макъыр адыгэбзэм зэрыхэтым хуэдэу къэIукIэ зиIэу зы макъщ-. Абсис лъэныкъуэу щытыр аргуэрэу ″*y*″ тхыпкъымкIэщ къызэрагъэлъагъуэри, ар ″и″ макъыу къызэрыIур гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэкIэ ″и″р дэтхэнэ зы гуэрыр зыгъэлъагъуэрщ, икIи ″и″р глагол формэм щихьэм щыгъуэ къэхъуу щытыр ″ин″ псалъэрщ. Ар (ин) абсис (и) хэхъуэгъуэ (н) хъунырщ.

Мы системэм хэту щыт диферентыр гурыIуэгъуэщи ″*x*″ырщ; ар зи лъэгапIэр зэмыхъуэкIыу зы линием тету функциял кIуэтэгъуэ шабзэу щытырщи, ар зэрызэхъуэкIым къызэрыгуэкIкIэ функцэр зохъуэкIыр (*f*(*x*)). Мы системэр ″*x*-координат″ системэрщ; ″*t*–координат″ системэр ″Таб:1″ырщи, ″Таб:2″м къигъэлъагъуэри ″*x*-координат″ системэрщ.

## МАКЪ IУЭРХЭМ МАКЪЫЩIЭХЭР КЪАГЪЭХЪУ...

Мыпхуэдэу ипщэкIэ къызэрыхъу щIыкIэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуарэ утыку къихьауэ щыт ″ы, э, и, у″ макъхэр, нобэ адыгэбзэм хэту щыт адрей макъ Iуэрхэри къызтехъукIауэ щыт макъхэрщ.

Мы макъхэм япэрауэ къагъэщIыу щыт макъхэр, езыхэр къызэрыIу щIыкIэр зызэрахъуэкIрэкIэ утыку къихьэ макъхэрауэ жыIэпхъэнщ. Макъ IуэрыщIэхэр къэзыгъэхъуну щытрэ, макъ Iуэр лъабжьэу жыхуэтIэхэр, жьэм къыжьэдэкI жьы къэрур хуиту къызэрысэбэпкIэрэ къэхъуауэ щыт макъхэрщ. А макъхэр мыпхуэдэу къызэрыхъурэ зэрыIум къызэрыгуэкIкIэй, макъзешэу щытхэщ.

Мы хуиту къэсэбэпу щыт жьыр зы лъэныкъуэегъэз зэрыхъурэкIэ, мы макъхэм я къаIукIэр зохъуэкIыр. Апщыгъуэм мы хуиту къэIуу жыхуэтIа макъхэм я хуитыпIэр зэрыкIуэдрэ, зэрызэхуэша зэрыхъукIэрэу къыщыIухэм щыгъуэ, дэтхэнэ зы макъым и зы IэнатIэу щыт зы макъыу лъытапхъэщ къэхъурэ къэIуу щыт макъыр. Мис апщыгъуэм, мы макъ Iуэр лъабжьэрэ макъзешэу щытхэм къатехъукI макъхэр, къызтехъукIауэ щыт макъым и зы IэнатIэ пэлъытэу зы макъыу щытщ. Къэхъуу щыт мы макъхэм Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэу утыку къыралъхьэри, къызтехъукIауэ щыт макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэм и зы IэнатIэу зэрыщытыр жыIэпхъэщ.

Таб: 3

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| I | Ы | Э | И | У |
| Ы | Iы | | | |
| Э | | Iэ | | |
| И | | | Iи | |
| У | | | | Iу |

Дэтхэнэ зы макъым хуиту и къэIукIэр зэрызэхуэлъэфэс щIыкIэрэ зэрызэтеуплIанщIэм къызэрыгуэкIкIэ, хуиту къэмыIужыф зэрыхъукIэрэу, утыку къихьэу щыт макъхэрщ мы макъхэр. Ахэр къызтехъукIа макъым и *лимитац*эу къэIуу щыт макъхэрщ. ЩIэуэ къэхъуу щыт мы макъхэр, къызтехъукIыу щыт макъым и зэхуэшарэ и пIытIа пэлъытэу къэIуф макъ Iуэрхэрщи, ахэр, къызтехъукIа макъым елъытауэ хуиту зэрыщымытыжым

хуэдэжу, убгъуауэ къэIуу зы макъыуй щыткъым; ахэр бгъузэу къэIуу щыт макъхэрщ. Ахэр къызэрыхъу щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэу щытщ "Таб: 3"р.

Мы таблицэм къигъэлъагъуэрэ, утыку къихьагъащIэу щыт макъ Iуэрхэм теухуауэ жыIэпхъэхэр къытпэщытщ.

Iы:

ГурыIуэгъуэ зэрыхъуараци, "ы" макъым игъэзащIэу щытыр, зы макъыр къэIупхъэ щIыныр щ. Ар зы макъ кIэухыу къэIуу щытщи, абы щхьэжу зы гуэр иджыркъым. Ар зы макъым и кIэух зэрыхъукIэрэу, а макъыр и нэхъ пэжыпIэу къегъэIур, а макъыр оргиналу къегъэIур.

Ар мыпхуэдэу зы макъыр оргиналрэ экономикэу къэIун папщIэ къызэрысэбэпым къызэрыгуэкIкIэ, абы езым и лимитацэу къытехъукIыну щыт зы макъ Iуэрыр щхьэпэ хъужынкъым. "Ы"м езыр оргие къэзыгъэлъагъуэрщи, абы аткIэ макъ Iуэр минималрэ оргиналу зы макъ гуэр щыIэнкъым. Апхуэдэ гуэр къэхъуу щытмэ, оргием аткIэ зы оргинал зэрыщымыIэнум къызэрыгуэкIкIэ, "ы" лимитацэр оргиналу зы гуэр къэзымыгъэлъагъуэ хъунщ. ТIэ, "ы"м и лимитацэ хъунур мыхъуныгъэ Iуэхугъуэ хъунщ.

Абы бзэм хищIыхьыну щыт зы фIыгъэрэ хъуныгъэ хэту къыщIэкIынкъым. Ар щыхъукIэй, "ы"м къытехъукIыу щыт "Iы" макъыр, *позитив*у джыуэ щыту бзэм хэтынкъым. "Ы" макъыр, дэтхэнэ зы макъым и кIэухыу къыпыхьэрэ, кIэухыу къызпыхьэр езырыжу зыгъэлъагъуэу зы макъырщ; мы и къэлэныр зэригъэзащIэ щIыкIэр лимитацэ щыхъум щыгъуэ, утыку къихьэрэ къэIуу щыт "Iы" макъым, мы "ы" къэлъэнри хузэфIэкIыжыркъым. Ар икIи, макъзешэу щыткъым. ИкIи, а макъым натуралу къикIрэ къигъэлъагъуэр мыхъуныгъэ Iуэхущ.

Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, "Iы" кIэухыр "къы" кIэухым хуэдэу къэсэбэпыфу щытщ: Псалъэм папщIэ, "хъункъым" псалъэр "хъунIым" хуэдэу къизыIуэхэр щыIэщи, ар зы жьэрыпсалъэу умылъытэми, "Iы" макъым игъэзэщIапхъэр игъэзащIэу урохьэлIэр. Мыбы нэмыщIыу "Iы" макъыр нэгъуэщI макъхэм яхэту къэсэбэпыркъым; абы нэгъуэщI зы макъи къигъэщIыркъым. Ар ипщэкIэ къэтхьауэ щыт щапхъэм нэгъуэщIкIэ бзэм хэту лэжьыгъэ зиIэу зы макъкъым.

Аращ тIэ, икIи гулъытэпхъэу щытщ, "Iы" тхыпкъкIэ тхауэ щыту бзэм хэтхэр "Iэ ехьэлIа" Iуэхугъуэу "Iэ-ы"м къытехъукI "Iы"уэ зэрыщытыр.

Iэ:

"Э" макъри щхьэжу къэсэбэпыркъым; сыт щхьэ жыпIэмэ, ар зы щыIэ гуэрым и кIэух зэрыхъукIэрэу, зи кIэухыр зэрызэманыгъуэр къэзыгъэлъагъуэрщ. Ар функциял зэманыгъуэрэ кIуэтэгъуэр къэзыгъэлъагъуэу щытырщи, "э"р зы IэнатIэрэ лимитацэ щыхъум щыгъуэ, къэхъуу щыт "Iэ"р зы зэманыгъуэ IэнатIэрщ, -ар ипщэкIэ "Δэ"уэ лъытапхъэ щIэтщIари мыращ-. "Iэ"р, щыIэр зы зэманыгъуэ

пыухытыкIарэкIэ зыгъэлажьэу къэсэбэпырщ. Ар щхьэжу зы зэманыгъуэ IэнатIэу щытырщи, гурыIуэгъуэрэ къыпIэщIэхьапхъэу зы зэманыгъуэрщ. Абы иджыр функциял зэману щыт "э"м иджым хуэдэу дэтхэнэ зы фукциял кIуэтэгъуэркъым; абы иджыр зыхуэдизыр мынаIуэми, зы зэманыгъуэ *абсолуд*ырщ.

Iи:

Зы зэманыгъуэ зэхъуэкIыныгъэм елъытауэ джырэ утыку къихьэр къэзыгъэлъагъуэу щыт "и"р зэхуэшэжрэ лимитацэ щыхъум щыгъуэ, къэхъуу щытыр, "и защIэ"рэ "зитыжу щыт и" зэрыхъукIэрэй, утыку къихьэу щытыр "Iи"рщ.

Зэманыгъуэм зэрелъытарэ къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт зы Iэмалыгъуэрэ зы лъэныкъуэу щыт "и"р, къызтехъукIарэ зэрелъытауэ щытым елъытауэ зэрыщымытыжкIэрэу езырыжу къанэмэ, зэхуэшэжрэ лимитацэ хъууэ щытмэ, тIэ, абы зыри къигъэлъагъужынкъым. Ар зэманым елъытауэ зэхъуэкIынкъым, джыуэ щытыр къигъэлъагъуэжынкъым.

Апщыгъуэм тIэ, къэхъуу щыт "Iи"м езым зегъэлъэгъуэжыр; езым зызэригъэлъэгъуэж "и"уэ щыт "Iи"р, езым ехьэлIауэ щыт зы гуэрыр зэрехьэлIарэкIэ къыриIуэу къосэбэпыфыр (Iис); мыхъумэ, джырэ щыIэу щыт гуэрыр къигъэлъагъуэркъым.

Iу:

"У" макърэ зыужьыгъуэ гуэрыр къэзыгъэлъагъуэр зэхуэшарэ лимитацэ щыхъум щыгъуэ, къэхъуу щытыр зы ужьыгъуэ IэнатIэрщи, ар "Iу" макъым иджырщ. "Iу"р зыужьыгъуэ гуэрым и зы IэнатIэрщ; ар, дэтхэнэ зы лIэужьыгъуэ гуэрым хыхьэпIэрэ хэкIыпIэ хуэхъуу щыт зы IэнатIэр къэзыгъэлъагъуэрщ.

*

Нэрылъагъуэу щытщи, "Таб:3"ым къигъэлъагъуэрэ утыку къихьагъащIэу щыт макъ Iуэрхэр макъзешэ къэлэн зыгъэзащIэу щыт макъ Iуэрхэркъым. Ахэр макъзешэхэм къатехъукIыу щытми, къызтехъукIыу щыт макъхэм я лимитацэ зэрыхъукIэрэу, ахэм макъ зешэн Iуэхугъуэр ягъэзэщIэжыркъым.

"Iы" макъыр гурыIуэгъуэщи, мыхъуныгъэу къыщысэбэпыр зы жьэрыпсалъэуи щыткъым; ар щыхъукIэй, езым хуэIуауэ щыту, бзэм зы лэжьыгъэ химыгъэзащIыхьу лъытапхъэщ. Ауэ, ар мыхъуныгъэ Iэмалыгъуэу зы макъыу къэхъуауэ щытщи, ари хэтыжу, макъ Iуэрхэр мыхэращ:

«ы, Iы, э, Iэ, и, Iи, у, Iу».

Аращи, мыпхуэдэ лъэбакъуэрэкIэ утыку къихьауэ щыт макъ Iуэрхэр, бзэ лэжьэкIэм хэт зэрыхъуарэкIэ, ахэм ящыщ гуэрхэр макъ IуэрыщIэхэр къызтехъукIыну лъабжьэу къосэбэпыр (Таб: 4).

Таб: 4

| | Ы | Э | Iэ | И | Iи | У | Iу | Iы |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ы | | | | | | | | |
| Э | | А | | *Е* | | О | | |
| Iэ | | | | | | | | |
| И | | Е | | | Й | | | |
| Iи | | IЕ | | | | | | |
| У | | | | | | | | |
| Iу | | *О* | | | | | | |
| Iы | | | | | | | | |

Мы таблицэм къигъэлъагъуэу щытрэ, зи гугъу тщIа макъ Iуэрхэм къагъэщIыу щыт макъ IуэрыщIэхэм теухуауэ жыIэпхъэхэм деплъынщ.

А:

Зэманыгъуэ къэзыгъэлъагъуэу щыт ″э″ макъыр къызтехъукIыр, ″ы″м и кIуэтэгъуэрщи, япэрауэ зы кIуэтэгъуэу къэхъурщ; ар кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэр къэзыгъэлъагъуэу утыку къихьарэ мыпхуэдэу утыкур зыубыдауэ зы макъырщ. Ар къызэрыхъуам къызэрыгуэкIкIэ мыпхуэдэу зы Iэмалыгъуэу щыт хъуаращи, абы хэбгъахъуэр кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэу фунциялым щхьэщыкIыгъуэрщ. Аращи, ″э″р къызэрыIу щIыкIэм щхьэщыкIыу зы къэрум къигъэщI ″а″ макъыр ″э″рэ фунциялу зы кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэу щытым щхьэщыкIыныгъэрщи, тIэ, ″э″м щхьэщыкIрэ кIуэр фунциялыгъэр зыгъэкIуэдрэ, ″э″ куэдагъэрэ Iувагъэу лъытапхъэщи, ар ″а″ макъырщ. ″А″р зы Iувагъэу зэхэтрэ куэду щыт ″э″рауэ лъытапхъэрщ; ар а нэхъ мащIэу ″э″уэ тIум къигъэщIыпхъэрщ; ″э″рэ фунциялу щыт зэманыгъуэм хэмытырщ ″а″ри, зы жыжьагъэрщ.

Зэманыгъуэ зиIэрэ кIуатэу щытыр къэзыгъэлъагъуэу щыт ″э″р, мы Iуэхугъуэр икIэ нэгъунэ къизыIуэрщ; а нэхъ зэман цIыкIу дыдэри зыхэлърэ гурыIуэгъуэ зыщIырщ ″э″р; ар функциял зэманыр къизыIуэрщ.

Ар щыхъукIэй, зы нэрыбгэм дежкIэ, иджырэ итыпIэу щытым химыубыдэрэ абы иужь къинауэ щыт зы зэманыгъуэри, ″э″рэкIэ зы куэдагъэ зиIэ зэрыхъуам папщIэ, ″а″уэ лъытапхъэ хъуащ.

Е, нэгъуэщI зы къэIуэтэкIэу ″а″р, узтеIэбапхъэрэ уи Iэм IэщIэлъу щымытырщ; ар уэ къыуэлъытауэ ″э″ Iэмалыгъуэу щымытырщи, уэрэ а зи гугъу пщIымрэ уи зэхуакум ″э″ Iэмалыгъуэ зы бжанэ дэлъу щытмэ, ар уэ къыуэлъытауэ ″а″уэ щытщ.

Мыращ ″а″ри, ″э″ куэдагъэрэ Iувагъэу лъытапхъэщ; ар ″э″ функциял зэманыгъуэм щхьэщыкIрэ хэмыхьэу щыт зэманыгъуэрщ. Иджым имытрэ функциялу щымыт зэманыгъуэрэ жыжьагъэрщ ″а″р.

Е:

"И" макъыр, ипщэкIэ къызэритIуам хуэдэу щытщи, ар зэманыгъуэрэкIэ япэрауэ джыуэ щытырщи, ар джыпIэрщ. Ар щыхъукIэй, зэманыгъуэмрэ (э) "и"р зэхуэпэзадэу зэхущытщ. Ай тIур зы лъэныкъуэ зырыз зэрыхъукIэрэу, лъэныкъуитIрэкIэ лажьэу зы системэ мэухуэр.

"Э"р щхьэжу щыIэу зы гуэркъым; ар щыIэм зэрыпыщIарэкIэ гурыIуэгъуэ хъурщ, щыIэр зыгъэкIуатэрщ, зезыхуэрщ; икIи, щыIэпIэр (и) къэзыгъэхъурщ. Ар щхьэ, "и"р зэманыгъуэм елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ джыпIэу утыку къихьаращ; зэманыгъуэ IэнатIэм къигъэщIрэ утыку къихьэу щытыр гурыIуэгъуэ зыщIырщ ари, зы гуэрыр къыщыхъу зы щIыпIэу лъытапхъэу щытырщ. Ар щыхъукIэй, дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым хуэдэу зэманыгъуэ къигъуэтыпхъэу щытынщ "и"м; ар "э" къызпыхьэфу зы гуэрщ.

Ар щыхъукIэй, лъэныкъуитIым языхэзу щыт "и"р, адрей лъэныкъуэу щыт "э" лъэныкъуэ зэриIэрэкIэ кIуэрэ ужь хъунщ. Мы кIуэтэгъуэрэ лэжьыгъэр, зытеухуауэ щыт гуэрым (пп: зы псалъэ) хуэкIуэн Iуэхущ гъэзащIэр (екIуэлIэн). Ауэ, а кIуэтэгъуэрэ лэжьыгъэр, зы гуэрым теухуауэ щымытрэ хуэмыкIуэмэ, къэхъуу щытыр "и" лъэныкъуэр "э" лъэныкъуэмкIэ кIуэн Iуэхугъуэ закъуэрэ защIэрщи, ар, зи гугъу тщIыуэ щыт системэр тхъунщIын Iуэхугъуэ хъууэ аращ: Системэм и зы лъэныкъуэр (и) адрей лъэныкъуэмкIэ (э) лажьэу аращ мыбы къикIыр.

Мыпхуэдэу къэхъур "иэ"рщи, ар "е" тхыпкъкIэ тха хъуауэ хэтщ Адыгэ алфавитым.

*Е*:

Ар щхьэ, Адыгэ алфавитым хэту щыт "е" тхыпкъым къигъэлъагъуэр "иэ" закъуэркъым. ИпщэкIэ таблицэм хэту щытрэ, латин *каректер*у щыт "*е*"р къызтехъукIыр гурыIуэгъуэщи, "...эи" макъ зэгуэтращ. "Иэ" закъуэ мыхъуу "эи"р е "эй"ри "е" тхыпкъымкIэ ятхауэ ди алфавитым хэтщи, ари "е" тхыпкъым хуэдэу гурыIуэгъуэ дощIыр.

Ар щхьэ, "иэ"р "и"м и зы лэжьыгъэу макъыбзэу щыт бзэ лэжьэкIэм езэгъыу щытщ; икIи, зы Iуэхугъуэр щхьэжу иджу щытщ абы, "е (иэ)"р щхьэжу къосэбэпыр. "Е (иэ)"р къызэрыхъуар "е (эи)"м елъытауэ куэду жыжьэ зэманыгъуэрагъэнщ. ИкIи, "э"м и зы лэжьэкIэ пэлъытэу щыт "эи"р, "э"р ипэ къихьэу зы макъыу зэрыщымытым къызэрыгуэкIкIэ, щхьэжу зы мыхьэнэ зиIэрэ зы псалъэуй щыткъым. Ар псынщIэрыIуэу къэIуу щыт "эи" зэкIэлъхьэужь макъым къытехъукIауэ зы макъ зэгуэтырщ. Ар къызэрыхъуар гурыIуэгъуэщи, псалъэм хэту зэкIэлъыпыт "эи" макъырщ; икIи, ар къыщыхъуари "иэ"м елъытауэ гъунэгъу лъэхъанэу жыIэпхъэщ.

"Эи" макъ зэгуэтитIыр щхьэжу зы макъ хъуркъым; макъ зэгуэту зы мыхьэнэй иджыркъым; а макъитIыр мыпхуэдэу зэгуэту зы мыхьэнэ иIэу лъытэныр бзэм емызэгъыу зы Iуэхугъуэрщ. "Э"рэ "и"р зэкIэлъхьэужьу зы псалъэм хэту зэрыщыткIэрэу псынщIэрыIуэу къыщыIум щыгъуэ,

къызэрыIурэ зэрызэхэпхым къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щыт макъ зэхэжаращи, абыи ″е″ тхыпкъыр хуагъэфэщащ.

Ауэ, дауи ирехъу, ″эи″ зэгухьэ макъхэм утыку къырагъэхьауэ зы макъыу щытщ ″е″ тхыпкъым къигъэлъагъуэ макъри, зы макъыр къызэрыхъу щIыкIэм и зы щапхъэу щытщ ар. Нобэй, КIахэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″фэи″ жыхуаIэу щытыр Къэбэрдей жьэрыпсалъэкIэ ″хуей″уэ зэрыщытыр, зи гугъу тщIыуэ щыт Iуэхугъуэм и зы щапхъэу лъытапхъэщ. ПсынщIэрыпсэлъэкIэм къигъэщIауэ жыхуэтIэ мы ″эи″ макъыу щытрэ ″е″ тхыпкъымкIэ тха хъуар, нэхъыбэу Къэбэрдей жьэрыпсалъэу щытщи, жыIэпхъэщ икIи, ар Къэбэрдей жьэрыпсалъэу къэхъуауэ.

Аращи, ″эи″уэ щыт ″е″р, псэлъэкурэ псэлъэкIэм къыщыхъу макъщи, псалъэм ипэм пыту е щхьэжу къэсэбэпыркъым. ″Иэ″уэ щытым кIэухыу ″й″ къыщыпыхьэм щыгъуэ, къэхъуу щыт ″иэй″м ″эй″ зэрыхэтыр нэрылъагъущ; ауэ, ″ей″ым ″эй″ къызэрыхэмыIури гурыIуэгъуэщ. А псалъэр ″ей″рщи, абы къыриIуэр ″й″м зыхуэкIуэращи, мыбдежым ″хуэкIуэн″ Iуэхур зыгъэзащIэр ″е (иэ)″уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ТIэ, а зыхуэкIуэу щыт ″й″р ″и эфект″у щыт зэрыхъукIэрэй, ″е (иэ)″р зыхуэкIуэр ″и″ джыпIэрщ. ″И″р джыпIэу зэрыщыткIэй, абы хуэкIуэр абдежым щыджынщ. Абдежым (и) щыджыр зы функцэрщ; ар зы функцэмэ, хэбэгъуэнырщ; мыфункцэмэ, функцэ хъунырщ.

Мыбдежым, Iуэхуу къэхъур, ″и″м хуэкIуэн Iуэхурщи, ″ей (иэй)″ псалъэм хэту щыт ″е″р зыхуэкIуэр абсису (и, й) зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ къэхъур зы лъабжьэ Iуэхурщ, зы джыпIэм хуэкIуэн Iуэхурщ. Ар щыхъукIэй, кIуэрэ джым иджыр къэзыгъэхъу хъунщ; етIуанэу зы къэхъупхъэри аращи, кIуэрэ джыр, иджрэ къэхъуу щытым хиубыдэжын Iуэхущ. Ар ″еиныгъэ″ къэзыгъэлъагъуэу зы Iуэхугъуэ зэрыхъур гурыIуэгъуэщ. ТIэ, ″и-й″ кIэухым иджыу щытыр зы джыпIэрэ абсисыгъэ щыхъукIэ, зи кIэухым ехьэлIауэ зы еиныгъэ Iуэхугъуэрщ утыку къихьэр.

Зы псалъэм икIэм ″э″ къыщыпыхьэм щыгъуэ, ар ординат лъэныкъуэу кIуатэрщи, абыи ″и, й″р къыщыпыхьэжым щыгъуэ, абсис лъэныкъуэу мэджыжри, ар координат IэнатIэу лэжьыгъэ зиIэ хъурщ. Ар щыхъукIэй, утыку къихьэрэ джыуэ щытыр, зы системэрэ зы лъабжьэрщ. Мы Iуэхур зыхуэджыр, зы псалъэрэ щыIэ гуэру щытырщи, тIэ, а псалъэм къыхэхъукIрэ абы ей гуэр къэхъунщ; икIи, а псалъэр къызэрысэбэпкIэрэу зы IуэхугъуэщIэ къэхъуфынщ; тIанэй, а псалъэр зыхиубыдэрэ ар зей хъуфын гуэр къэхъупхъэщ: «Хьей, жеин; хей, вэнвей; цей, къуей; дей, псэлъэрей...».

ТIэ, зы фунцэр щыджыр (и) зэманыгъуэ зыгъуэтрэ кIуатэу (иэ) щытрэ, аргуэрэу абсисыгъэкIэ щыджыжым щыгъуэ, утыку къихьэр ″иэй″рщ. Ар ″и″м хуэкIуэн Iуэхугъуэу зы функцэрщи, координат системэм и зы IэнатIэр зыхэзыубыдэу зы функцэрщ къэхъур. ИкIи, мыпхуэдэу ″и″м хуэкIуэн Iуэхугъуэу утыку къихьауэ щыт ″ей″ псалъэр бзэм хэту лэжьыгъэ

зэриIэр лъабжьэ зэрыхуэхъукIэрэу, ″эй″ макъитIу зы псалъэм и кIэух хъууэ щытым яджри еиныгъэ Iуэхугъуэу щытщ; зи гугъу тщIыуэ щыт *″е″* макъыр макъитI зэхэжарэ *лиезон* жыхуаIэм къигъэщIауэ щыту зы макъ пэлъытэу утыку итщ.

ТIанэ, а макъитIыр зэщхьэщыкIыу зэрамылъытам къызэрыгуэкIкIэ, ари (*е*: эи), къызэрыхъу щIыкIэм щхьэусыгъуэрэ лъабжьэ хуэхъуауэ щыт ″иэ″р къызэрагъэлъэгъуа тхыпкъымкIэ къагъэлъэгъуауэ хэтщ алфавитым (е).

Iе:

ИпщэкIэ зи гугъу тщIауэ щыт ″иэ″ макъыр зыми пымыщIарэ щхьэжу щылажьэм щыгъуэй, къэхъупхъэу щытыр ″Iе″уэ лъытапхъэщ. Апщыгъуэм, ар ″е″ макъ зэхуэлъэфэсарэ зэтеуплIэнщIам къигъэщIауэ жыIэпхъэщ.

ИкIи, ″е(иэ)″ макъым игъэзащIэу щытыр гурыIуэгъуэ щыхъукIэ, ар щхьэжрэ зыми пымыщIауэ щылажьэкIэ джыуэ щытыр зы фIыгъэу зэрыщымытри гурыIуэгъуэщ. Ар мыпхуэдэу щхьэжрэ и закъуэу лэжьыгъэ зиIэ хъуфу утыку къыщихьэм щыгъуэ, тIэ, езырыжу къэнапхъэй хъунщи, мис апщыгъуэм лимитацэ зызщIыжу щыт ″е″м ″Iе″ макъыр къытехъукIынщ.

Гулъытапхъэу щытщи, ″е″р ″иэ″уэ зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, абы къытехъукIыу щыт ″Iе″ри зэпкъырыхауэ зэрытхыпхъэр ″Iиэ″рщи, тIэ, мыпхуэдэу щытщ таблицэм хэту ″Iе″р къызэрыхъур зэрыплъагъури, ар ″Iи″м ″э″ щигъуэткIэрщ (Iиэ). ″Iи″р гурыIуэгъуэщи, езырыжу щыт ″и″рщ, абы зыри къигъэлъагъуэркъым, ар зыми хуэлажьэркъым; ар зызхуэлэжьэжу щыт ″и″рщ. Зыхуэлэжьэжу щыт зы макъым (Iи) зэманыгъуэ игъуэтрэ кIуатэу щытми, зыхуэлэжьэнрэ зыхуэщхьэпэн щыIэнкъым. Ар зыми емылъытарэ мыпыщIауэ лэжьыгъэ зиIэ хъунырщ. Ар щыхъукIэй, щыIэ гуэрым щхьэпэ хуэмыхъуу лэжьэнырщ мыр. Аращи, ″Iиэ″у щыт ″Iе″р щхьэпэу зы гуэркъым; ар мыщхьэпэрщ. Ар фIым и пхэнджырщ. ″Iе″ макъыр мыпхуэдэу къэхъурэ къэдгъэлъагъуэу зэрыщыткIэрэу, ар ″е(иэ)″ макъыр къыщыхъуа лъэхъанэ нэужьым къызэрыхъуари гурыIуэгъуэщ.

Й:

″Й″ макъым ипщэкIэ и гугъу тщIауэ щытащ. Апщыгъуэм ар ″и″ зэхъуэкIыныгъэу тлъытауэ щытащ. Ар пэжщ; икIи, ″й″р ″ы″ зыпымытыжу щыт ″и″рщи, ар ″и″ макъ псо мыхъуу щытырщ; мыбы къызэрыгуэкIкIэй, ар ″и″ макъ ныкъуэуй лъытапхъэщ. Ауэ, ар ″и″ эфекту жыпIэмэ, нэхъ гурыIуэгъуэ хъууэ къыщIэкIынщ утыку къырилъхьэ Iуэхугъуэр.

Таблицэм зэрыхэплъагъуэрщи, ″и″ макъымрэ ″Iи″м къатехъукIыу лъытапхъэщ ″й″р. Ар щыхъукIэй, ″й″р ″и″ Iэмалыгъуэ зиIэрэ ″и езырыж″ хъууэ щыт IэмалыгъуэрэкIэ лажьэу щыту зы макъыу лъытапхъэрщ. Ар ″и″ макъ эфект зиIэрщи, а эфектыр ″и″ защIэу лэжьыгъэ зиIэ хъуфырщ.

Адыгэбзэм хэту ″й″ тхыпкъымкӀэ тхауэ щыт дэтхэнэ зы макъыр ″и″м ″ы″ зэрыпымытрэкӀэ къэӀуу щыт макъырщ. ″ЙокӀ″ым пыплъагъуэри, ″хуей″м и кӀэухыу щытри ″ы″р пыхуауэ щыт ″и″рщ. ″Е″ макъыр къызэрыхъуу жыхуэтӀэ ″иэ″м хэту щыт ″и″р къызэрыӀу щӀыкӀэри ″й″уэ щытщи, ″е″р ″йэ″уи лъытапхъэщ; ар щхьэ, ″и″м иджыр зэридж щӀыкӀэу къэгъэлъэгъуапхъэу зэрыщытым къызэрыгуэкӀкӀэ ″иэ″у ттхауэ щытщ; икӀи апхуэдэу тхыпхъэщ; сыт щхьэ жыпӀэмэ, дэтхэнэ зы макъыр щхьэжу къызэрыӀур ″ы″ кӀэухымкӀэрщи, зы макъым ″э″ къыщыпыхьэм щыгъуэ, ″ы″ макъым ипӀэ иувэу щытщ ″э″ри, мыбы хуэдэжу зы Ӏуэхугъуэрщ ″и″ми ″э″р кӀэух зэрыхуэхъу щӀыкӀэр; мыбы папщӀэ, ″е″р ″иэ″уэ лъытапхъэщ.

О:

Бзэ лэжьэкӀэм иужькӀэ къигъэщӀауэ щыту зы макъщ ″о″ макъыр. Ар зы псалъэм хэту щытрэ зэкӀэлъхьэужьу щыт ″…эу…″ макъхэр псынщӀэрыпсалъэу къыщыраӀуэм щыгъуэ, къэхъуфу щытрэ зэхэпхыу щыт макъырщ.

Ар сытым щыгъуэй къэхъуркъым; къэхъун папщӀэ, япэрауэ ″эу″ макъ зэкӀэлъыкӀуэм дэтхэнэ зыр къиӀуэн хуейуэ мылъытапхъэу псынщӀэрыӀуэн хуейщ. Мыпхуэдэу зы псалъэм хэту къызэрыӀу щӀыкӀэу утыку къихьауэ щыт ″о″ макъыр, къызэрыхъуа щӀыкӀэм къызэрыгуэкӀрэ зэрытетыжкӀэрэу, зы псалъэм икуращ зыкъыщигъэлъагъуэрэ къыщысэбэпыр. ″О″р зы псалъэм ипэ иту къэсэбэпыркъым. Абы, щхьэжу зы мыхьэнэй иӀэкъым.

Ауэ, ″эу″ макъыитӀыр щызэгухьэм щыгъуэ, яджу щытращ, ахэм къытехъукӀауэ щыт ″о″ макъми иджрэ къигъэлъагъуэр; ар къызэрысэбэпыр джыуэ щытыр къигъэлъагъуэнырщ: Мы ″эу″ макъитӀ зэкӀэлъхьэужьыр зэман (э) ужьыгъуэу (у) зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщи, а макъитӀым зэурэ зэ щхьэ зэдэщӀыгъужу яджыр къиӀупхъэ зэрыхъунур а макитӀыр макъ зэхэжауэ къыщыӀурщ къэзыгъэлъэгъуэнур. ТӀэ, зэман ужьыгъуэм и зы итыпӀэр псынщӀэу зэхъуэкӀырщи, мыпхуэдэу зы ужьыпӀэри псынщӀэу къиӀуапхъэщ; мыр зыгъэзащӀэу щыт ″эу″ зэкӀэлъыпыт макъыр псынщӀэрыджу ″о″уэ къиӀуэныр игъуэщ. Мыбы и щапхъэу щытщ ″сэукӀуэ″ псалъэр псынщӀэрыжыӀэкӀэу къыщипӀуэм щыгъуэ къэхъуу щыт ″эу″ макъ зэгуэтыр ″о″ зэрыхъури, апщыгъуэм а псалъэр ″сокӀуэ″у къэӀунщ.

Бзэм хэту ″о″ макъыр къызэрысэбэпри, ар къызэрыхъуа щӀыкӀэм къызэрыгуэкӀкӀэ, ит зэман къигъэлъагъуэу щытщ. ГурыӀуэгъуэу щытщ, мы макъыр бзэм и лэжьэкӀэрэ къызэраӀуэ щӀыкӀэм къызэрыгуэкӀкӀэ, гъунэгъу лъэхъанэхэм къыщыхъуар. Дауи ирехъу, ″о″ макъыр гъунэгъуу зы лъэхъанэм къэхъуауэ щытми, ар къызэрыӀу щӀыкӀэм къызэрыгуэкӀкӀэ, иту щыт зы Ӏуэхугъуэр къызэригъэлъагъуэр гурыӀуэгъуэу щытщи, къызэрысэбэп щӀыкӀэри мыпхуэдэ ӀуэхугъуэрэкӀэрщ.

*″*О*″*уэ къэдгъэлъэгъуауэ щыт макъыр къызэрыхъу щIыкIэр зыхуэIуар ″Iуэ″ макъ зэгуэтырщи, ар псынщIэрыжыIэкIэу къыщипIуэм щыгъуэ, ″Io″уэ къэIуфынщ. Ар мыпхуэдэу къызэрыIуэфынум къызэрыгуэкIкIэ, Адыгей алфавитым хыхьауэ щытщ. Къэбэрдей тхэкIэу ар зэрытха хъуар ″Iуэ″ущ; ″о″ е ″Io″къым. КIахэ тхэкIэу ″Iуэху″р ″Ioф″ хъуауэ зэрыщытыр зы щапхъэрщи, мыпхуэдэу къызэрагъэсэбэпам къызэрыгуэкIкIэ, таблицэм латин каректэру ″*о*″уэ къэдгъэлъэгъуауэ щытщ. Ар къызэрыхъуа щIыкIэр адрей ″о″м ещхьрэ хуэдэу щытми, бзэм къигъэщIа нэхърэ, тхэкIэм къытехъукIа ″о″ макъыу лъытапхъэщ. ТIэ, адыгэбзэр зэратха алфавитхэм хэту щыт ″о″ макъыр бзэм къызэрагъэсэбэпрэ, макъ зэхъуэкIыныгъэ щапхъэу зэрыщытым папщIэ, ″о″м и къэхъукIэ щапхъэу таблицэм хэту къэдгъэлъэгъуащ.

## МАКЪ IУЭРХЭМ КЪАГЪЭХЪУ ГЕОМЕТРИКЭ СИСТЕМЭР БЗЭМ ЗЭРЫХЭЛЭЖЬЫХЬ ЩIЫКIЭР

Макъ жыхуэтIэхэр зы щыIэгъуэ зиIэхэрщ. А макъыу зы щыIэкIэ зиIэрэ зы щыIэгъуэу щытхэр зыдитыр макъ кулъу лъытапхъэщ. Ахэр макъыгъуэм зэриткIэрэу щыIэ хъууэ щытхэрщ. А макъ щыIэгъуэ зиIэхэм ящыщ гуэрхэри зы псэущхьэм къыриIуэу щыт макъхэрщ. Мы макъхэр а псэущхьэм и кIуэцIым къыхэхъукIыу утыку къихьэрэ, макъыу щыIэгъуэ зыгъуэтхэрщ; а пкъыгъуэ кIуэцIым къыщекIуэкI Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэ, утыку къихьэрэ макъыу зы щыIэкIэ зыгъуэту, щыIэ хъууэ щытхэрщ.

Ар щыхъукIэй, зы организмэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэмрэ, мы Iуэхугъуэхэм къызэрыгуэкIрэ утыку къихьэу щыт макъхэмрэ я зэхуакум зы зэпыщIэныгъэ дэлъщ. Макъ щыIэгъуэу щыт гуэрхэр къызтехъукIыр псэущхьэпкъырщи, а макъхэмрэ псэущхьэ кIуэцI Iуэхугъуэхэм зы зэпыщIэныгъэ зыхуаIэщ. Макъ кулъым хэту щыт макъ гуэрхэмрэ псэущхьэ кIуэцI Iуэхугъуэхэм зы зэпыщIэныгъэ зыхуаIэщ.

Дэтхэнэ зы макъыу псэущхьэ кIуэцIым къыщыхъур, къэзыгъэхъуу щыт кIуэцI Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIрэ елъытауэ щытщ. Мыпхуэдэу зы цIыхум и кIуэцI Iуэхугъуэу зы мыхьэнэ зиIэу къэхъуу щытым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ макъ кулъым хыхьэрэ хэт хъууэ щыт макъ гуэрхэр щыIэу щытмэ, тIэ, мыпхуэдэу щыт зы зэпыщIэныгъэр зы функцэ терминым къыриIуэу щыт зы Iуэхугъуэрщ. Ар щыхъукIэй, мы зэпыщIэныгъэр зы функцэу (*f*) къэгъэлъэгъуапхъэщ: ″Таб:5″.

Мыпхуэдэу псэущхьэ кIуэцIым къыщыхъуу щыт зы Iуэхугъуэрэ мыхьэнэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ, макъ кулъэм хэт хъуауэ щыт зы макъым зы мыхьэнэ Iэмалыгъуэ иIэ хъууэ щытмэ, а функцэр мыпхуэдэу жыIэпхъэщ:

*«f:* цIыху кIуэцI → макъ кулъ».

Псэущхьэ кӀуэцӀым къыщыхъуу щыт зы Ӏуэхугъуэ гуэрыр зы щапхъэу утыку къитлъхьэн папщӀэ, а кӀуэцӀ Ӏуэхугъуэу щытым языхэзыр ″щ″уэ тлъытэмэ, абы зэрелъытарэ къызэрыгуэкӀкӀэ макъ кулъым къыщыхъуну щыт макъыр ″ы″ кӀэухкӀэ къызэрыӀукӀэрэу ″щы″уэ щытынщи, тӀэ ари мыпхуэдэу гъэлъэгъуапхъэщ:

«щы = *f*(щ)».

ГурыӀуэгъуэу щытщи, мы къэдгъэлъэгъуа функцэр зы *линеер* функцэрщ: Пкъыгъуэм къыхэхъукӀрэ, макъ технологиехэм зэрагъэзахуэм къызэрыгуэкӀкӀэ, макъыр занщӀэу макъ гупым хохьэр, макъ кулъэм хэт мэхъур.

<u>Таб: 5</u>




Мыпхуэдэу пкъыгъуэм къыхэхъукӀрэ утыку къихьа зы макъыр къызхэхъукӀам къызэрыгуэкӀкӀэ зы мыхьэнэ Ӏэмалыгъуэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщи, аращ я зэхуакум дэлъу щыт зэпыщӀэныгъэри къызхэкӀыр. ИкӀи, зи гугъу зэрытщӀым хуэдэу зы линеер функцэ Ӏуэхугъуэри къызэрыхъу щӀыкӀэри аращ.

КӀуэцӀ Ӏуэхугъуэу щыт ″щ″ыр макъ зэрыхъур ″щы″уэщи, тӀэ, ″щ″ыр ″щы″ макъым и эфект зиӀэу кӀуэцӀ Ӏуэхугъуэу щытрауэ жыӀэпхъэщ. ИкӀи, ″щы″ макъри, кӀуэцӀ Ӏуэхугъуэу къэтлъыта ″щ″ыр къигъэхъупхъэрэ абы теухуэу зы эфект зиӀэу зы макъыу лъытапхъэщ.

Зы цӀыху макъыр мыпхуэдэу къызэрыхъу щӀыкӀэм тетыжрэ, и *матесис*ыр зэримыгъэкӀуэдакӀэрэу бзэм хэту щытмэ, абы игъэзащӀэу щытынури, къызхэхъукӀауэ щыт Ӏуэхугъуэращ. ТӀэ, мыпхуэдэ зы макъыр бзэм зэрыхэткӀэрэу, цӀыху кӀуэцӀ Ӏуэхугъуэри езы макъым елъытауэ утыку къихьэфынщ. Ар щыхъукӀэй, зы макъыр цӀыхум зэрызэхихым къызэрыгуэкӀкӀэ, зы кӀуэцӀ Ӏуэхугъуэрэ зы мыхьэнэу гурыӀуэгъуэ хъунщ. Апщыгъуэм, ипщэкӀэ зи гугъу тщӀа функцэм (*f*) и пхэндж лэжьыгъэри утыку къихьэнщ.

ИпщэкIэ къэдгъэлъэгъуауэ щыт таблицэм щапхъэу хэт "щ" макъым дыхуэкIуэжмэ, тIэ, "щы" макъыу къэIур зэхэзыхыу щыт псэущхьэм къызэрыгурыIуэнури, "щ" Iуэхугъуэущ. Ауэ, мы Iуэхугъуэр къэхъун папщIэ, зы макъым зы Iэмалыгъуэ пыухытыкIа иIэн хуейщи, а Iэмалыгъуэр кIуэцI Iуэхугъуэм и мыхьэнэ Iэмалыгъуэу щытын хуейщ. А макъыр мыпхуэдэу къызэрыхъуарэ къызтехъукIам зэрелъытарэкIэ къэсэбэпыжу щытмэ, абы пыухытыкIарэ наIуэу зы Iэмалыгъуэрэ, а Iэмалыгъуэм къыриIуэу зы мыхьэнэй иIэнщ. Апщыгъуэращ, а макъыр зы кIуэцI Iуэхугъуэрэ мыхьэнэу сыт щыгъуэй псэущхьэм къыщыгурыIуэнур. Мыпхуэдэу, макъыр зы мыхьэнэу гурыIуэгъуэу щытрэ, кIуэцI Iуэхугъуэм хуэкIуэжыпхъэу щытмэ; а макъым елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ зы кIуэцI Iуэхугъуэрэ мыхьэнэр къэхъуу щытмэ; тIэ, ар ипщэкIэ къэдгъэлъэгъуа функцэм и пхэнджу –е зэгъэдзэкIауэ- лэжьэкIэ зиIэу зы функцэрщ. Апщыгъуэм, ипщэкIэ тхауэ щыт функцэм (*f*) и пхэндж функцэр къохъури, ар мыпхуэдэу тхыпхъэщ: «1/*f*».

Мы жытIахэм гурыIуэгъуэ ящIыр аращи, зы цIыхум и кIуэцIым къэхъуу щыт Iуэхугъуэр къэIунрэ макъыу утыку къихьэн Iуэхугъуэрщ макъ жыхуэтIэу щыт Iуэхугъуэр. А макъыр зэхэзыхым, а макъыр къызтехъукIауэ щыт а кIуэцI Iуэхугъуэри гурыIуэгъуэ къыхуищIыжу щытмэ, тIэ, абы зы мыхьэнэрэ зы кIуэцI Iуэхугъуэ игъэзащIэу щытщи, зы бзэм хэту щыт макъхэр мыпхуэдэу щытмэ, а бзэр зы макъыбзэрэ макъ мыхьэнэ бзэуэ щытынщ.

ГурыIуэгъуэр аращи, зы бзэр ипщэкIэ къызэритIуам хуэдэу макъыбзэу щытрэ, макъхэм я матесисыр мыкIуэдыжу бзэр лажьэу щытмэ, цIыхум и пкъыгъуэрэ макъ технологие зэхъуэкIхэм къызэрыгуэкIкIэ, макъхэр кIуэ пэтрэ зэхъуэкIыу щытми, ипщэкIэ утыку къитлъхьауэ щыт функцэхэм я лэжьэкIэр зэхъуэкIынкъым. ТIэ, зы макъыбзэм и лэжьэкIэрэ и ужьыкIэу щытыр мыпхуэдэщ; абы и логиер зэмыхъуэкIрэ ужьу зэрыщыткIэрэу, и зэхъуэкIыкIэу щытыр мыращ. Макъхэр зэхъуэкIыу щытми, макъ матесисыр щIызэмыхъуэкIым къызэрыгуэкIкIэ, макъыбзэр зэрымакъыбзэу лэжьыгъэ зэриIэкIэу къызэтенэнщ. Зэманым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытауэ къэхъуу щыт мы зэхъуэкIыныгъэр лъабжьэ щIэуд къэмыхъуу псэущхьэм и зэхъуэкIыныгъэм къызэрыгуэкIкIэ макъхэм я зэхъуэкIыныгъэу щытмэ, мы зэхъуэкIыныгъэр математикэу *диференсиял*у зэхъуэкIыныгъэу жыIэпхъэщ.

Танэ, бзэр макъкIэ ухуарэ зэрыужьым къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы макъ Iэмалыгъуэр япэрауэ утыку къызэрихьам зы мыхьэнэж иухуауэ щытщи, бзэр зэрылажьэрэ зэрыужь шIыкIэм а макъ Iэмалыгъуэ мыхьэнэри игъэужьу жыIэпхъэщ. А мыхьэнэжрэ лъабжьэу щытыр зэрыужькIэрэу нэгъуэщI мыхьэнэхэри утыкум къохьэфыр. Ар щыхъукIэй, бзэм и лэжьыгъэрэ и ужьыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, макъым и мыхьэнэжыр лъабжьэу зэрыщытрэ зэрылажьэрэкIэ нэгъуэщI мыхьэнэхэри утыку

къихьэу мэужьыр. Макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэжыр зы лъабжьэу зэрыщыткIэрэу, абы и хъуреягъым мыхьэнэщIэхэр зэрзытеувэ щIыкIэрэущ макъ мыхьэнэу щыт зы бзэр зэрыужьыр. А макъ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьауэ щыт япэрей мыхьэнэм мыхьэнэщIэхэр къызэрытехъукIыр, псэрэ бзэ ужьыгъуэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэщ. Мыпхуэдэ ужьыгъуэрэ зэхъуэкIыныгъэри математикэу зы *диферансиял* Iуэхугъуэу къэхъуу жыIэпхъэщ. ТIэ, мыпхуэдэу зы макъ Iэмалыгъуэм утыку къырилъхьэу щыт мыхьэнэжымрэ, бзэр зэрыужькIэрэу утыку къихьэу щыт мыхьэнэхэм язэхуакум зы диферансиял математикэ дэлъынщ.

Ар диферансиял математикэу утыку къилъхьапхъэу щытщ. ТIанэ, псэ ужьыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ ужьыгъуэ зыгъуэту щыт бзэм къызэрыгуэкIкIэрщ макъ Iэмалыгъуэ мыхьэнэжым и диференсу утыку къихьэхэри, тIэ, ипщэкIэ зи гугъу тщIауэ щытрэ пкъыгъуэ кIуэцIымрэ макъ кулъым язэхуакум дэлъу щыт функцэр утыку икIыркъыми, зы диферансиял функцэу мэухуэр.

Игъуэ къэсрэ макъхэм дыщытелэжьыхьым щыгъуэ, дэтхэнэ зы макъ Iэмалыгъуэм зы мыхьэнэж зэригъэзащIэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуну къыщIэкIынщи, а мыхьэнэжым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ мыхьэнэщIэхэр утыку къызэрихьэм гулъытэ хуэтщIынщ. Мыпхуэдурэ зы макъым и мыхьэнэжым къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт мыхьэнэхэм зэпыщIэныгъэ зэрзыхуаIэу ужьыгъуэу зэрыщытым зы мыхьэнэ жыг зэраухуэр жыIэпхъэщ.

Ауэ, мыбдежым зы щапхъэ хъун папщIэ, ипщэкIэ зи гугъу тщIауэ щыт "щы" макъым и мыхьэнэжымрэ, абы къытехъукI мыхьэнэщIэхэм и гугъу тщIынщ. "Щы" макъымрэ и Iэмалыгъуэр "сыуэ ит"ым къыхэхъукIыу жыIэпхъэщи, "щы"м и Iэмалыгъуэрэ и мыхьэнэжыр "щыIэ" лъабжьэу щытыр къэзыгъэлъагъуэрауэ жыIэпхъэщ. Мыр зи Iэмалыгъуэрэ зи мыхьэнэжкIэрэу, бзэ ужьыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, ужьыгъуэ зыгъуэтауэ утыку къихьауэ щыт "щы"р псалъэхэм зэрыхэткIэрэу гъэзэщIэфу щыт зы мыхьэнэр тIэ, "зэманыгъуэ"у щытынщ. ТIанэ, зэманкIэрэ къэхъуу щытыр зы "щыIэгъуэ" Iуэхугъуэрщи, тIэ, ари гурыIуэгъуэ ищIыу къэсэбэпу щIидзэнщ "щы" макъым. ИтIанэй, зэманыр зэрыужьым къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэр зы джыпIэрэ щIыпIэрщи, тIэ ар гуэрэри "щы" Iэмалыгъуэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыу щIидзэнщ.

Мыпхуэдурэ "щы" макъыр псалъэхэм хэту гурыIуэгъуэ зэрыхъур зэщхьэщыкIыу лъытапхъэщи, ахэр "щы" макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэжым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ утыку къызэрихьэр гурыIуэгъуэщ. А мыхьэнэщIэхэу "щы" макъым утыку къырилъхьэхэр, "щы" Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэжыр щIэмыхъумэрэ абы и ужьыгъуэу къэхъухэрщ; а мыхьэнэж гущIыIум къытырищIэ мыхьэнэщIэхэрщ.

Мыпхуэдурэ бзэ ужыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, ″щы″ Iэмалыгъуэм япэрауэ утыку къырилъхьэу щыт зы мыхьэнэм къызэрыгуэкIкIэ, мыхьэнэ ужьыгъуэу, мыхьэнэщIэхэр утыку къырилъхьапхъэу щытщи, тIэ мы мыхьэнэхэр, мыхьэнэжу щытри яхэлъыжу зы зэхъуэкIыныгъэу утыку къихьэу щытхэщ. Ар щыхъукIэй, ″щы″ макъ Iэмалыгъуэ матесисыр зэрымкIуэдкIэрэу зы ужьыгъуэрщ къэхъури, мы мыхьэнэхэм я зэхуакум дэлъу щыт зэпыщIэныгъэр зы диферансиял математикэу жыIэпхъэрэ утыку къилъхьапхъэщ.

*

Мыращ адыгэбзэр зэрыщыт щIыкIэр. Адыгэбзэм зы макъыр къызэрыIури ″ы″ кIэухкIэрщ; ар щыхъукIэй, зы кIуэцI Iуэхугъуэм макъ кулъым хэту зыкъыщигъэлъагъуэр ″ы″ макъкIэрщ. ″Ы″ макъыр цIыхум и макъ технологием натуралу къигъэщIыфу щыт а нэхъ макъ Iуэр мащIэрэ цIыкIурщи, ар макъ Iуэр лъабжьэрщ. Ар мыпхуэдэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, цIыхум и кIуэцIым къыщекIуэкIыу щыт зы Iуэхугъуэ цIыкIур, Iэмал зэриIэкIэ зэрыщытрэ занщIэу, макъ кулъым зэрыхыхьэрэ зы макъыу къызэрыIур зыгъэзащIэр ″ы″ макърауэ жыIэпхъэщ.

Зы кIуэцI Iуэхугъуэ лъабжьэр ″ы″ кIэухкIэрэу макъыу къызэрыIум къызэрыгуэкIкIэ, ″ы″ макъыр макъ Iуэр лъабжьэу лъытапхъэщ. Ар макъ Iуэр ″хъы″уэ лъытапхъэрщ. ЦIыхум и макъыр макъ кулъым зэрыхыхьэрэ къызэрыIур ″ы″ макъырщи, ″ы″р макъ Iуэр нэкулъу щытырщ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, зы макърэ зы мыхьэнэу щытыр оргиналу къызэрыIур ″ы″ макъырщи, ар икIи математикэ координат системэм и оргину щыт ″о″ символым игъэзащIэ Iуэхугъуэри зыгъэзащIэу къэсэбэпырщ.

″Ы″ макъыр къызэрыIу къэрур хэбгъахъуэмэ, ар къэIун папщIэ узхуэныкъуэ къэрум нэхъыбэ тебгъэкIуадэмэ, къэхъуну щытыр зы макъ Iуэр нэгъуэщIырщ. ИкIи, мыпхуэдэу къэру хэхъуэкIэу, ″ы″ макъым къыкIэлъыкIуэрэ щхьэщыкI къэрур зытекIуадэр ″э″ макъырщ. ″Э″р, ″ы″ макъ къэру ужьыгъуэу лъытапхъэщ; ар зы кIуэтэгъуэрщ. ″Ы″ макъыр зы макъ Iуэр лъабжьэ зэрыхъурэ, макъ Iуэр жыхуэтIэри макъылъэм и геометрикэ IэнатIэу зэрыджыр гурыIуэгъуэу щытмэ, тIэ, ″ы″ макъым ущхьэщыкIмэ, къэхъур ″э″рщи, ар зы кIуэтэгъуэ лъабжьэрщ.

″Ы″ макъыр макъ геометрикэ нэкулъырщи, а нэкулъым ущикI Iэмалыгъуэу щыт ″э″р, макъ геометрие джын Iуэхугъуэм ущыхыхьэ Iэмалыгъуэрщ. ″Э″р мыпхуэдэу зы макъ Iуэр лъабжьэм (ы) къыкIэлъыкIуэрэ щхьэщыкI зэрыхъукIэрэу кIуэтэгъуэ лъабжьэрщи, нэгъуэщI макъ Iуэрхэри къэхъупIэм изыгъахуэрщ. Ар макъ Iуэр лэжьэкIэ лъабжьэ зэрыхъурэ, макъ Iуэрхэми зы геометрикэ системэ зэраухуэм къызэрыгуэкIкIэй, ″э″ макъыр геометрикэр зэрыухуэну лъабжьэу щытырщ; абы елъытауэ утыку къихьэу щытщ нэгъуэщI макъ Iуэрхэр. Макъ Iуэрхэр зэрыбэгъуэным и къежьапIэ хъур, макъ Iуэр нэкулъу щыт

″ы″ макъым щхьэщыкIыу щыт ″э″р къыщыхъуращи, ар зы кIуэтэгъуэ функциялу утыку къохьэр: ″Таб:6″.

Мыпхуэдэу оргиналрэ лъабжьэр къэзыгъэлъагъуэ ″ы″мрэ ″э″ макъым зэпыщIэныгъэ зэрзыхуаIэрэ, ″э″р зы кIуэтэгъуэу утыку къызэрихьэм къызэрыгуэкIкIэ, ар зэман къэхъунрэ кIуэтэн Iуэхугъуэм хуэдэу зы Iуэхугъуэу лъытапхъэрщи, зы кIуэтэгъуэ IэнатIэри зы зэман шабзэу лъытапхъэщ. Зэманыр зэрыужьыр дэнкIэйщ; ″ы″м къытехъукIыу щыт ″э″ри зэрыужьынур дэнкIэйщ. ″Ы″ макъыр зы макъ Iуэру щытми, ар зыдитым итрэ зы макъ Iуэр Iэмалыгъуэу щытырщи, макъ Iуэр нэкулърэ а нэхъ макъ Iуэр мащIэрщ; абы хэбгъахъуэ къэрур лъэныкъуэ псомкIэ кIуапхъэу щытщ. ″Э″ къэхъукIэм ″ы″р икум къызэринэм хуэдэу, козмикэ зэман шабзэри дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэ къэхъуу щыт кIуэтэгъуэрщ.

Таб: 6




″Э″р мыпхуэдэу зы кIуэтэгъуэу утыку къызэрихьэм къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы кIуэтэгъуэрэ мыувыIэу кIуэтэгъуэ зиIэу щыт зэманыр, фунукциял зэманыгъуэу къэзыгъэлъагъуэрэ къэзыIуатэу бзэм хэлэжьыхьырщ. Ар макъ Iуэр лъабжьэу щыт ″ы″м щхьэщыкI къэрурэкIэ зы кIуэтэгъуэу япэу къэхъуауэ щыт зы макъырщи, функциял кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэр къэзыгъэлъагъуэу зы пIэр зыубыдарщ. Ар зы функциял кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэу зи пIэ зыгъуэтауэ зы макъырщи, абы щхьэщыкIыр функциялу щымытыжырщ. Ар (э) зы зэман шабзэу щытырщи, абы щхьэщыкIыр функциялу зэманыгъуэ зимыIэрщ. ТIэ, мыпхуэдэу функциял зэманыгъуэу щымытыр къэзыгъэлъэгъуапхъэу утыку къихьэнухэр абы (э) къытехъукIыпхъэу щытмэ, а макъхэр абы и функциялыгъэр зыхэмылъ хъунухэрщ. Функциял зэманыгъуэрэ кIуэтэгъуэр къыриIуэныр зи пIэ хъуарэ зи пIэр зыгъуэтауэ щыт ″э″р зэманыгъуэр щыIэхукIэ, абы и кIуэтэгъуэу щытыр къэзыгъэлъагъуэрщ; ар зэпыкыгъуэ зимыIэу зэманыгъуэрэ кIуэтэгъуэр къэзыгъэлъагъуэ макырщ. Ар зэрыкIуатэм къызэрыгуэкIкIэ зэманым утыку къырилъхьэхэр утыку къохьэфыр; ар мыувыIэу кIуэтэгъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, абы и кIуэтэгъуэм дэтхэнэ зы IэнатIэу утыку къихьэу щытхэр зэманыгъуэ IэнатIэм утыку къырилъхьэхэрщ.

Зы кIуэтэгъуэр къызэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, джыуэ щыт гуэр къохъури, аращ ″э″р зыдэкIуэм щыджрэ зы функциял зэманыгъуэ IэнатIэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэрщ. Мыпхуэдэу зэпыудыгъуэ зэримыIэрэкIэ

кIуэтэгъуэ зиIэу щыт зэман шабзэшэпэ ″э″м хуэзадэу къэхъур, ″и″ лъэныкъуэу утыку къихьэрщ. Ар ″э″ лъэныкъуэм елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щытырщи, тIэ, мы лъэныкъуитIым (э, и) я зэхуакуми зы функцэ (*f*) дэлъщ.

Мыпхуэдэу лъэныкъуитIыу утыку къихьэм я зэхуакум дищIэу щытыр ″э″м зэрелъытарэкIэ утыку къихьэу щыт ″и″ лъэныкъуэ хэхъуэгъуэрщи, тIэ, мы къэхъуу щыт функцэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ: «и = *f*(э)».

″Э″р зэрыкIуатэм къызэрыгуэкIкIэ, ″и″ лъэныкъуэу джыри зохъуэкIыр. Мыпхуэдэу язэхуакум зы функцэ дэлъу щыт мы макъитIым зы Iуэхугъуэ зэдаджыр. А макъитIыр зэкIэлъхьэужьу бзэм хэту зыкъыщагъэлъагъуэм щыгъуэ, езыхэм щхьэжу яджым изакъуэм къыщымынэу, я зэхущытыкIэм къызэрыгуэкIкIэ зы системэ Iуэхугъуэ мэгъэзащIэр. Мы ягъэзащIэ Iуэхугъуэхэм иужькIэ дытепсэлъыхьынщ.

Таб: 7




Ауэ, мы макъитIым я зэхущытыкIэм утыку къыралъхьэу щыт Iуэхугъуэр ″Таб:7″м зэрыхэтым хуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ. Зы зэман шабзэр зыдэщытыр ″э1″уэ тлъытэмэ, зэманыр зэрызэхъуэкIым къызэрыгуэкIкIэ, абы къыкIэлъыкIуэу щытыр ″э2″уэ къэгъэлъэгъуауэ щытщи, мы зэман шабзэр зыдэщытым зэрелъытарэкIэ утыку къихьэрэ абы хуэзадэу джыр ″и1″рэ ″и2″уэ къэдгъэлъэгъуащ.

Мыпхуэдэу зэманыгъуитIыу (э1, э2) къэдгъэлъэгъуахэм я зэхуакум дэлъу щыт зэманыгъуэ зэхъуэкIыныгъэр ″Δэ″уэ; зэманым елъытауэ утыку къихьэу щыт ″и1, и2″м я зэхуакум къыдэнэ ″и″ зэхъуэкIыныгъэри ″Δи″уэ къэдгъэлъэгъуащ. ЗэхъуэкIыныгъэр зы функциял Iуэхугъуэу къызэрыгъэлъагъуэр мыпхуэдэщ.

Ауэ, ар зэманыгъуитIым я зэхуакум дэлъу щыт зы зэманыгъуэ IэнатIэ зэрыхъукIэрэу, ″Δэ″уэ къэдгъэлъэгъуа зэманыгъуэ IэнатIэр бзэм зэрыхэт щIыкIэр ″Iэ″уэ лъытапхъэщ. Ар щыхъукIэй, зэманыгъуэ зэхъуэкIым къызэрыгуэкIкIэ зэхъуэкIыгъуэу къэхъуу щыт ″Δи″ри, ″й″уэ хэту лъытапхъэщ бзэм. Зы зэманыгъуэ цIыкIукIэ е псынщIэу зыгуэр къэгъэлъэгъуэн Iуэхугъуэр зыгъэзащIэр ″й″уэ хэтщ бзэм. Ар ″и″ макъым и эфекту лъытапхъэщ зы макъыу; ар щыхъукIэй, ″и″р къырамыIуэу щытми, абы и эфектыр къэзыгъэлъагъуэ ″й″р къыщыраIуэм щыгъуэ, ″и″ Iуэхугъуэрщ абы игъэзащIэу щытыр. Ар мыпхуэдэу игъуэ щыхъу щIыпIэрэ къыщысэбэпхэр гуэрыIуэгъуэу хэтщ бзэм.

Мыпхуэдэщ, ″э″мрэ ″и″р зэрызелъытарэ зэрызэхущыт щIыкIэрэ, абы къатехъукIыу щыт ″Iэ, й″ макъхэми бзэм хэту ягъэзащIэ Iуэхугъуэхэр. ИкIи, а макъитIым я зэхуакум къыдищIэри, я зэхъуэкIыныгъэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щыт ужьыгъуэри ″у″ макъ Iэмалыгъуэм къыдгуригъаIуэрщи, ″Iу″ри абы къытехъукIыу щыт зы ужьыгъуэ IэнатIэрщ.

Мыпхуэдэу ″ы″м щхьэщыкIыныгъэр къэхъурэ, ″э″ кIуэтэгъуэр къыщыхъум щыгъуэ, къэхъур зы ужьыгъуэрщ. ГурыIуэгъуэрщи, ар къызтехъукIыр оргинырщ; ″ы″р оргинрэ лъабжьэу зэрыщыткIэрэй зы ″хъы″ Iуэхугъуэрщи, абы къытехъукIрэ ужьу къэхъур ″хъу″рщ. Ар зэры″хъурей″ри таблицэм щыхэплъагъуэу щытщ; ар зэпэхъурейуэ щыту зы Iуэхугъуэрщ.

*

Аращи, ″ы″м и кIуэтэгъуэу щыт ″э″р зэман шабзэм и лэжьэкIэм хуэдэу лажьэрщи, ар функциялу зэрылажьэрэ зэрыкIуатэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэр джыпIэрщ, ″и″рщ. Математикэ системэу ″*t*-координат″ системэр мыращи, функциял зэманыгъуэ зэхъуэкIым (Δ*t*:Δэ) къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэрэ зэхъуэкIырщ (Δ*y*:Δи) къигъэлъагъуэр.

″И″р зэман шабзэ (э) кIуатэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щытрэ, зэман лъэныкъуэм хуэзадэу -пэувыжу- утыку ит хъурщ. Зэманыр щызэхъуэкIым щыгъуэй зэхъуэкIыу щытыр ″и″ лъэныкуъэрщи, зэманыгъуитIым я зэхуакур зы зэманыгъуэ IэнатIэ зэрыхъум хуэдэжу, зэманым елъытауэ утыку къихьэу щыт ″и″тI зэхуакури зы джыпIэ IэнатIэрщ. ТIэ, ″Δи″уэ къэдгъэлъэгъуар ″и″тIым я зэхуаку дэлъу щыт зы ″и″ IэнатIэу щытмэ, ар джырэ щыIэ хъууэ щытхэм япIэрщ, я джыпIэрщ. Аращ бзэм ″и″р зэрыхэтри, ″и″р къызэрысэбэпыр зы джыпIэущ, зы итIыпIэущ; итыпIэм къикIынрэ хыхьэн Iуэхугъуэхэр къизыIуэу зы макъырщ ″и″р.

Зы джыпIэрэ, щыIэм и пIэр къизыIуэу щыт ″и″р къызэрыхъур зэманым зэрелъытарэкIэрщи, зэманыр дэнкIэй щыджым къызэрыгуэкIкIэ, ″и″уэ утыку къихьэри дэнкIэйрщ. ТIэ, ″и″р ″э″м къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ утыку къихьэу щытрэ, зы джыпIэрэ зы пIэу щытырщ.

ИкIи, а пIэр дэнкIэйщи, лъэныкъуэ зэпэхъуреигъэ IэнатIэ гуэрыр зыхиубыдэу щытщ ″и″м. ТIэ, ар зы пIэрэ зы щIыпIэу щыт Iувагъэ зиIэу зы джыпIэрщ. Ар зы джыпIэрщи, тIэ, абы щыджыр къэзыгъэлъэгъуапхъэу зы координат системэр къэлъытапхъэрэ къэгъэунэхупхъэу щытщ. А координат системэм, зы щыIэ гуэрыр зэрыкIуатэрэ, а гуэрым из ищIрэ зэщIиубыдэу щыт щIыпIэхэр къигъэунэхуу щытщ.

Юглид системэу щыт ″*x*-кооридинат″ системэр утыку къызэрихьэрэ, игъэзащIэу щытыр тIэ, ″и″ лъэныкъуэу утыку къихьэу щыт джыпIэрэ щыIэпIэм къытехъукI системэрщ. А ″и″ лъэныкъуэу утыку къихьэм къызэрыгуэкIрэ, абы къытехъукIыу щыт мы системэр, щыIэу хъуам ипIэ хъуэ щытырщ. Ар дызтетрэ дызхэтырщи, ди лъэныкъуабгъуэу щытырщ.

А системэр дэтхэнэ зы лъэныкъуэри зыхэзыубыдэу зы системэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, абы и щхьэусыгъуэри, ″и″р къызтехъукIауэ щыт ″э″р функциялрэ дэнкIэй ужьыгъуэ зэриIэрщ. Мы координат системэр, лъэныкъуитI зиIэу зы системэу лъытапхъэ щыхъум щыгъуэ, ар ″*x*-кооридинат″ системэрщ. Ауэ, а Iуэхугъуэр зэрынатуралрэ козмикэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, лъэныкъуитIкIэ зэфIэкIыу зы системэркъым; ауэ, лъэныкъуитI координат системэри къызтехъукIрэ гъэлъэгъуапхъэ зыщIыр аращ. Ар лъэныкъуитIыу зэрыбгъэлъагъуэм хуэдэжу лъэныкъуищуй къэгъэлъэгъуапхъэщ. Математикэу мыпхуэдэу зы координат системэм и лъэныкъуэхэр ″*x, y, z*″уэ къагъэлъагъуэр.

Зы координат системэр мыпхуэдэу лъэныкъуищ зэхэлъу къэбгъэлъагъуэу щытми, зэманыр зэрыфункциялрэ, мы системэри зэманым къызэрыгуэкIкIэ зэрыджрэ утыку къызэрихьэм папщIэ, сыт щыгъуэй натуралрэ козмикэу зэман лъэныкъуэр функциялу хэтрэ хэлэжьыхьу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. ТIэ, зэманым къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт ″и″ Iэмалыгъуэ ужьыгъуэм утыку къырилъхьэу щыт мы щыIэпIэми функциял зэманыр аргуэрэу хэлэжьыхьу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, зэманыр дэтхэнэ зы щыIэгъуэрэ щыIэпIэм и зы лъэныкъуэрэ и зы *измерение*у (*dimension*) щытщ. Зэманыр, дэтхэнэ зы координат системэм натуралрэ козмикэу хэлэжьыхьу щытщ.

ТIэ, аращ бзэм жиIэри, ″щы″р зэзыгъэпэщар ″Iэ″кIэ щылажьэм щыгъуэ ″щыIэ″ зэрыхъум хуэдэжщи, лъэныкъуищ зиIэу щытыр зэрылажьэрэ щыIэ зэрыхъур зэманыгъуэрэкIэрщ: Зы зэманыгъуэ IэнатIэрэкIэрщ (Iэ) мыпхуэдэу ″щы″уэ е щы лъэныкъуэу утыку къихьэу щытыр ″щыIэ″ зэрыхъур.

Дэ функциял зэманым дыхэтрэ, абы къызэрыгуэкIкIэ дыщыIэу щытщи, ар занщIэу гурыIуэгъуэ къытхуэхъуркъым; е, ар щхьэжу къэпщытапхъэу щыткъым. Дэ абы къызэрыгуэкIкIэ дыщыIэрэ дызэхъуэкIыу дызэрыщытым папщIэ, функциялу щыт зэманыр щхьэжрэ занщIэу къэтпщыфыркъым. Ауэ, зэхъуэкIыу щыт гуэрхэр

къызэрыдгурыIуэрэ зэрытлъагъум къызэрыгуэкIкIэ долъытэр зэманыр. Дэр хуэдэжу утыку къихьэрэ, дэ ди щытыпIэрэ ди пIэу щытыр зэрызэхъуэкIым къызэрыгуэкIкIэ, зэхъуэкIыныгъэр къыдгурыIуэу щытщи, мыбы къызэрыгуэкIкIэй, а функциял зэманыр гурыIуэгъуэ къытхуохъур. А гурыIуэгъуэ къытхуэхъуращ зэманыр зэрыблэкIрэ зэрызэхъуэкIыр, зэрыкIуатэр къызэрытпщытэри. Дэ езыр, зэманым къызэрыгуэкIкIэ ″и″ лъэныкъуэу джауэ щытрэ щыIэ дыхъуауэ дыщытхэрщи, ди пIэрэ ди щыIэпIэу щыт ″и″ зэхъуэкIыныгъэр къызэрыдгурыIуэм къызэрыгуэкIкIэ ″э″ зэхъуэкIыныгъэри гурыIуэгъуэ къытхуохъур.

″Э″р щхьэжу къызэрымсэбэпри дигу къэдгъэкIыжынщи, тIэ, абы и щхьэусыгъуэр мы зи гугъу тщIа Iуэхугъуэращ. А функциял зэманыр (э), дызтету щыт щIыпIэр (и) къызтехъукIрэ зэрызэхъуэкIым и щхьэусыгъуэу щытщи, тIэ, щыIэрэ щIыпIэ зэхъуэкIым къызэрыгуэкIкIэ къэтпщытэу щытращ зэману тлъытэр. Мыхъумэ, функциялу щыт зэманыр занщIэу къэтпщыфыркъым.

Мы жытIауэ щытхэр, адыгэбзэ макъхэм я зэрызэхущытыкIэм къатехъукIыу щыт зы системэрщи, а системэм къызэрыгуэкIкIэ жытIауэ щытхэр натуралрэ козмикэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

*

Аращи, ипщэкIэ къэдгъэлъэгъуауэ щыт таблицэращ (Таб:7) Юглид геометрикэ координат системэр къызтехъукIыпхъэу щыт гупщысэрэ лъабжьэри. Ар натуралрэ козмикэу щыт Iуэхугъуэхэм нэхъ езэгъыу щыт зы геометрикэ системэрщ. Ауэ, Юглид системэр нобэ зы математикэ системэу зэрахьэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, дэ бзэмрэ математикэм дытепсэлъыхьыну щытмэ, аращ математикэ системэу къэдгъэлъагъуэнур. ИкIи, а системэр ипщэкIэ къэдгъэлъэгъуа хъурей системэм и зы IэнатIэрэ и зы щIыкIэу зэрыщытыр нэрылъагъущ. Нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэй, математикэ системэр лъэныкъуитI зиIэу утыку къитлъхьэу дытепсэлъыхьынщ.

ТIэ, ″Таб:7″уэ къэдгъэлъэгъуа системэр лъабжьэу зэрыщыткIэрэу, Юглид геометрикэ координат системэм зы функцэр щапхъэу къыщыдгъэлъагъуэу, абы къызэрыгуэкIкIэй, бзэм хэту щыт макъ Iуэрхэм я щIыкIэм дытепсэлъыхьынщ.

Зы функцэр координат системэм къызэрыбгъэлъагъунур ″Таб:8″м зэритым хуэдэщи, жыпIэ хъунущ, мы системэм хэту щыт математикэ терминхэу тхауэ щыт дэтхэнэ зы *символ*ыр къызэрысэбэпыр, адыгэбзэ макъ Iуэрхэм ящыщу щыт дэтхэнэ зы макъым игъэзащIэм езэгъыу.

Макъ Iуэрхэм ягъэзащIэ Iуэхугъуэр зы геометрикэ Iухуэгъуэ IэнатIэрщи, ахэр зипэ къызпыхьэу щыт макъхэр мы геометрикэ IэнатIэу утыку къихьам къызэрыгуэкIкIэ мэлажьэр; кIэух зыхуэхъу макъхэр зыдашэ лъэныкъуэри, а макъзешэхэм я Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ зы геометрикэ IэнатIэу щытщ.

Таб: 8




ТӀэ, дэтхэнэ зы макъ Ӏуэрым бзэм хигъэзэщӀыхьу щыт Ӏуэхугъуэхэр утыку къызэритлъхьэкӀэрэу, математикэрэ бзэ системэхэр зэрызэдэгъур таблицэхэр (Таб:7; 8) къэдгъэсэбэпурэ къэдгъэлъэгъуэнщ.

Э, ӀЭ, А:

″Э″р функциял зэману тлъытагъэхэщи, математикэкӀэ ар ″*t*″ символкӀэ къэдгъэлъагъуэрщ. Дэтхэнэ зы макъым и кӀэух зэрыхъукӀэрэу, а макъым иджу щыт Ӏуэхугъуэр функциялу зыгъэкӀуатэр ″э″ кӀэухырщ. Ар кӀэух мыхъумэ щхьэжу къэсэбэпыркъым. Ар кӀэух зыхуэхъу макърэ псалъэм хуигъэзащӀэр зэманыгъуэрэкӀэ игъэкӀуэтэнырщи, таблицэм ″Δ*t*″уэ къэдгъэлъэгъуа хэхъуэгъуэр къызэрыхуихьрауэ жыӀэпхъэщ. ″Э″р функциял зэман зэрыхъукӀэрэу, мыпхуэдэу зы функцэм зы функциял хэхъуэгъуэрэ зэхъуэкӀыныгъэр къыхуэзыхьырщ. А функцэ жыхуэтӀэр зы макърэ зы псалъэу жыпӀэмэ, тӀэ, абы ″э″р къыщыпыхьэм щыгъуэ, а псалъэрэ макъым и Ӏэмалыгъуэрэ и мыхьэнэу утыку къихьэм игъэзэщӀапхъэу щыт кӀуэтэгъуэр къыхуехьыр. Мы кӀуэтэгъуэу ″э″м игъэзащӀэу щытыр, кӀэух зыхуэхъуу щыт макърэ псалъэм утыку

къырилъхьэ мыхэнэрэ Іэмалыгъуэм къызэрыгуэкІрэ елъытауэ къэхъуу щытщ.

Мыпхуэдэу зы зэманыгъуэ ІэнатІэу къэдгъэлъэгъуауэ щыт ″$\Delta t$″р, зэманыгъуитІ язэхуакурэ зы зэманыгъуэ ІэнатІэ пыухытыкІауэ тлъытэмэ, ар зыхуэдизыр мынахуэу лимитацэ хъуауэ щыт зы функциял зэманыгъуэрщи, тІэ, ар икІи зы зэман бжыгъэрэ къэпщытапхъэу щыт зы зэманыгъуэ ІэнатІэу щытырщ. Ар ″Δэ″уэй лъытапхъэрщ. ТІэ, мы Іуэхугъуэр, координат системэм и зэман зэхъуэкІыныгъэрэ зы зэманыгъуэ ІэнатІэр къэзыгъэлъагъуэрщи, ар икІи функциял зэманыгъуэрэ зэман шабзэр зыхэлэжьыхьырщ; икІи абы и зы Іыхьэрщ.

Мыпхуэдэу щыт зы функциял зэман ІэнатІэр, зыхуэдизыр мынахуэу зы зэманыгъуэрщ; ар ″Іэ″ макъым къыдгуригъаІуэу адыгэбзэм хэту щыт зы зэманыгъуэрауэ лъытапхъэу къыщІэкІынщ. Аращи, дэтхэнэ зы гуэрыр зэрыщыІэр зы зэманыгъуэ ІэнатІэкІэрщи, ″Іэ″р кІэухрэ глагол зэрыхуэхъукІэрэу ″щы″м зы псалъэу утыку къырилъхьэу щытыр ″щыІэ″нырщ.

Фукциял зэманым и зы ІэнатІэр лъытапхъэ щыхъум щыгъуэ, ар зы зэманыгъуэ ІэнатІэу лъытапхъэрщи, ар ″Іэ″рщ; ар зы функциял зэманыгъуэм и зы ІэнатІэу щытырщи, абы и зы дэтхэнэ щІыпІэри функциялу зэрыщытым къызэрыгуэкІкІэ, функциял зэманыр абыи хэту мэлажьэр. Ар функциял зэманыр зыхэлэжьыхьрэ, икІи зы функциял зэман ІэнатІэу щытырщи, уздиту щыт зы зэманыгъуэ ІэнатІэрщ. А зэманыгъуэ ІэнатІэр узщыІэ узэрыхъукІэрэу, а щыІэпІэр икІи функциялу зэманыр зыхэлэжьыхьырщ.

Ар щхьэ, мыпхуэдэу зы зэман ІэнатІэу щытами, уздимытыжрэ джауэ щытыр, блэкІауэ щыт зы зэманыгъуэр ″а″рщ. Аращи, зы зэманыгъуэ ІэнатІэу щыт ″Іэ″р щыблэкІам щыгъуэ ″Іа″ мэхъур.

″Э″ макъым игъэзащІэу щыт функциял зэманыгъуэрэ ит зэманыгъуэу (эу:о) щымытыр, ″а″уэ лъытапхъэу щыт зы зэманыгъуэрщ. Зы зэманыгъуэр блэкІауэ щытми, е къэкІуэну зэманыгъуэу щытми, уздимытрэ функциялу щымытмэ, а зэманыгъуэр ″а″рщ.

″Э″ макъыр, макъ Іуэр лъабжьэу щыт ″ы″м япэрауэ къыхэхъукІа макъырщ; ар ″ы″р къызэрыІу къэрур зэрыбагъуэрэкІэ къэхъуауэ щыту зы макъырщи, зы бэгъуэгъуэрэ зы кІуэтІэгъуэ Іэмалыгъуэр япэрауэ зыгъэзащІэу къэхъуарщ. Мыхэм къызэрыгуэкІкІэй, ″э″р функциял зэманыгъуэрэ зэман шабзэу щытырщи, абы щхьэщыкІыныгъэр ит зэманыгъуэу щымытрэ, зи гугъу ящІыу щыт а зэман шабзэ ІэнатІэрэ щІыпІэм темытырщ. Аращи, ″э″ макъ къэрум и хэхъуэгъуэу щыт ″а″р зы ″э″ куэдагъэрэ Іувагъэу щыт хъурщи, ар ″э″м къигъэлъагъуэм имытрэ щхьэщыкІырщ; ″э″м иджым имыту щыт зэманыгъуэрэ кІуэтэгъуэрщи, ар зы жыжьагъэрэ зы куэдагъэр къизыІуэрщ.

Фунциялу зэрыщымытым къызэрыгуэкIрэ, уздимыт зы зэманыгъуэ зэрыхъукIэрэу, блэкIа зы зэманыгъуэм хуэдэжу къэкIуэну зы зэману тлъытэу щытри ″а″уэ лъытапхъэщ: ″Адэ, аддэ, апщыгъуэ″ щыжыпIэм щыгъуэ, ар зы зэман жыжьагъэу къыппэщытырщи, ар блэкIауй щытынщ, къэкIуэну зы зэманыгъуэуй щытынщ.

Мы жытIэхэр зэман координат системэм ($t$-координат) къызэрыгуэкIкIэ жытIэу щытхэрщи, ардыдэу ″$x$-координат″ системэм къызэрыгуэкIкIэ, уздимыт зы щIыпIэм пэжыжьэу щыт дэтхэнэ зы щIыпIэри ″а″уэ лъытапхъэщ (аддэ, ар, абдежыр). Ар уздимытрэ узылъэмыIэс зэрыхъукIэрэй, лъэгагъэрэ лъэхъшагъэй хъунщ. ″А″р функциялу дыздимытрэ дызлъэмыIэсырщи, ар джауэ щытырщ е иджыри мыджэрщ.

″А″р зэман координат системэм къызэрыгуэкIкIэ, ″э″уэ щымытырщ, е ит зэманыгъуэу (о) щымытырщ; ″$x$-координат″ системэм къызэрыгуэкIкIэ къэзыIуатэ нэрыбгэм (сэ) и итыпIэ мыхъуу щытырщ. ″А″р а нэрыбгэм и итыпIэ (и) гъунапкъэрэ, ″э″м и гъунапкъэуи щытынщ, ар щхьэ, а щIыпIэрэ зэманыгъуэм къызэхиубыдэу щымытырщи, функциял зэман мыхъурщ. ″А″р ″э″м и гъунапкъэм аткIэрщ. ″И″р ″э″м къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ утыку къихьэу щыт щIыпIэрщи, ″а″р а итыпIэм и сэмэгурабгъурщ, и ижьабгъурщ, ищхьэбгъурщ, илъэбжьабгъурщ. ″Э″м къызэрыгуэкIрэ елъытауэ къэхъуу щытыр ″и″рщи, ар зы итыпIэмэ, ″э″р абы и щхьэусыгъуэу дэщIыгъурщ. ″И″ джыпIэу щыт ″иджы″м хэмытрэ, ит зэманыгъуэу щымытыр ″а″рщи, ар функциялу щымытырщ.

″А″р функциял зэман (э) щIыбырщи, функциял зэманым къызэригъэхъурэ къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьарэ нахуэ хъуауэ зы зэманыгъуэрщ. Зы функцэу щыт зы псалъэм ″а″ къыщыпыхьэм щыгъуэ, а псалъэр блэкIарэ зы функцэу джа зэрыхъукIэрэу, а Iуэхугъуэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ:

«$\{t \to a\}$; $\lim f(t) = \mathrm{F}(a)$».

Мы къэдгъэлъэгъуа *формулацэ*р ″$t$-координат″ системэм теухуауэ щытщи, ар дыдэр ″$x$-координат″ системэм теухуауй тхыпхъэщ: «$\{x \to a\}$; $\lim f(x) = \mathrm{F}(a)$».

Мыбдежым къэхъуу щытыр зытеухуар зэманыгъуэу щымытрэ, зэманым зэрелъытарэ къызэрыгуэкIкIэ ухуауэ щыт зы пIэрэ зы щIыпIэу зэрыщытыр (и) гурыIуэгъуэщ; ″а″уэ утыку къихьэр зы жыжьагъэу щытщи, ар икIи функциял зэманым хэмытырщ (э), е абы иджарэ зы жыжьапIэ ″и″ хъуарщ.

ИпщэкIэ къэдгъэлъэгъуа таблицэм хэтрэ ″$\Delta y$″уэ щытыр ди функциял зэманыгъуэ зэхъуэкIыныгъэм утыку къырилъхьэ функцэрауэ тлъытэмэ, ар функцэу щыджыр дыздитрэ дызлъэIэсу щыт щIыпIэрэ зэманыгъуэрауэ щытмэ, тIэ, абы и щIыбкIэ къанэр фунциялу щымыту

лъытапхъэ хъурщи, ″а″ зэманыгъуэм хиубыдэр абдежхэрщ: ТIэ, функциялу щымытрэ, функциял щIыбым къыдэнауэ щыт потансиял функцэ щIыпIэхэр зэманыгъуэрэкIэ дыздимытырщ, икIи, дыздит зэманыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ джыуэ щымыт щIыпIэрщ, зы жыжьапIэрщ. Ар дыздимыту дэтхэнэ зы щIыпIэмкIэ къанэрщи, лъэныкъуитI координат систэмэм къызэрыгуэкIкIэ, а дыздимыту щыт лъэныкъуитIыр ″F(a)1, F(a)2″уэ тлъытэмэ, мыпхуэдэу утыку къихьарэ ″а″уэ лимитацэ хъуауэ щыт мы функцэхэмрэ функциял зэманыгъуэрэ щIыпIэм иджу щыт функцэр зэрызэхущытыр мыпхуэдэу гъэлъэгъуапхъэщ: «F(a)1 < {*f(t), f(x)*} < F(a)2».

Мыпхуэдэщ ″э″мрэ ″а″м я зэхущытыкIэри, ″э″ зыхэту щыт зы Iуэхугъуэр функциялу щытщ; ауэ, функциялу щымытрэ, мыджрэ мылъэIэсыпхъэу щыту зы жыжьапIэу щытыр, блэкIа е къэмыхъуауэ щытырщи, ар ″а″ IэмалыгъуэкIэ мэгъэлъагъуэр. Дэтхэнэ зы псалъэрэ щIыпIэм ″а″р хэплъагъуу щытмэ, абдежыр функциялу щымыт зы зэманыгъуэрэ зы жыжьагъэр, мылъэIэсыпхъэрэ мыджапхъэр къэзыгъэлъагъуэрщ.

Лэжьыгъэр къызщекIуэкIыр функциялу щытырщи, ″а″ мыхъуу щыт щIыпIэрэ зэманыгъуэр функциялщ. Бзэм и лэжьэкIэу, Iуэхур къэзыIуатэу щыт ″сэ″ нэрыбгэр функциял зэманыгъуэм и зы IэнатIэ пыухытыкIам пэрытырщи, абы къынэсу щыт зэман шабзэхэр зыхэзыубыдэ щIыпIэр ″сэ″м и ит зэманыгъуэрщ; ″сэ″р зыдит зэманыгъуэрэ (э) зыхэту щыт джыпIэм (и) къызэрыгуэкIкIэрщ Iуэхуу къекIуэкIыр зэрилъытэрэ къызэриIуатэр. ″Сэ″р, зэманыгъуэ шабзэр зылъэIэсу щыт нэрыбгэращ; ар зэманыгъуэм исырщи, функциял зэманыгъуэу щыIэгъуэ зыгъуэтырщ; Iуэхур зылъэIэсрэ къэзыIуатэр аращ. Зыдиту щыт зэманыгъуэ IэнатIэм и щIыбыр абы зэманыгъуэу зэрилъытэр ″а″уэщ; а зыдит зэманыгъуэ IэнатIэм къызэрыгуэкIкIэ зы джыпIэ IэнатIэу ″сэ″р зыдит щIыпIэм химыубыдэри ″а″уэщ ″сэ″м зэрилъытэр.

Функциял зэманыр къызнэсрэ, функциялу бзэ лэжьэкIэр къызпкъырыкIыр ″сэ″рщи, ар функциял нэрыбгэрщ. Абы и ужьыгъуэу къыпэщытрэ къынэсу щытыр ″уэ″рщи, ари функциялу зылъытэрщ ″сэ″р. ″Сэ″м къынэмысрэ функциялу щымытыр ″а″щ ″ар″щ.

″Сэ″м езыр функциял зэманыгъуэм иту зызлъытэрщи, зы гуэрыр зэманыгъуэу щытми, зы щIыпIэу щытми, абы зэрилъытэр зэманыгъуэкIэрщи, езыр зыхэмытыр ″а″рщ. ИкIи, пэжыр аращи, сытри къызхэкIыр зэманыгъуэу щытщи, тIэ, ″и″ри зелъытар зэманыгъуэрщ. Аращи, функциял зэманыгъуэрэкIэ джырэ утыку къихьэу щыт ″и″ лъэныкъуэу, ″сэ″р зыхэмытрэ зынэмысыр е къылъэмыIэсыр ″а″ зэманыгъуэрэ щIыпIэрщ.

″Сэ″р зыдитыр ит зэманыгъуэрэ, ари ″Δэ″рауэ тлъытэмэ, ари ″э1″рэ ″э2″м язэхуакуу щытщи, мы зэманыгъуэхэм я щIыбхэр ″а″уэ елъытэр ″сэ″м. ″Δэ″м къызэрыгуэкIкIэ джыри ″Δи″уэ щытщи, ари ″сэ″р зыдит

щIыпIэрэ джыпIэрщ; мы щIыпIэрэ джыпIэм и гъунапкъэу щыт щIыпIэ лъэныкъуитIыр ″и1″рэ ″и2″рщи, мыхэм я щIыбкIэ къанэри ″сэ″р зылъэмыIэсу щыт зы жыжьапIэрщи, ахэри ″а″уэ илъытапхъэ мэхъур ″сэ″м. Мы иужьрейуэ къэтIуэтахэр математикэ координат системэу, зэманыгъуэрэ ($t$) жыжьагъэр ($x$) къизыIуэ ординат лъэныкъуитIкIэуй гурыIуэгъуэ зэрыхъун хуейр нэрылъагъуэщ.

ТIанэ, мы жытIэхэр гурыIуэгъуэ зэрыхъун хуейр аращи, таблицэхэм (Таб:7,8) ущыхэплъэм щыгъуэ, плъагъуу щыт Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэ зэтеувэу щытщ псалъэхэр. Псалъэхэр зэрызэтеувэ щIыкIэр ″сэ″м елъытауэ щыткъым; зы псалъэр, таблицэм и теплъэм къызэрыгуэкIкIэ зэтеувэу щытщи, ар хэткIэй зэхуэдэу щытщ. Аращи, псалъэм папщIэ, зы псалъэу щыт ″псалъэ″р хэткIэй зэхуэдэу функциялу зы псалъэрщ. Ауэ, а псалъэр зы глагол (псэлъэн) хъурэ лажьэу щытмэ, ар зэрылажьэ щIыкIэр, ″сэ″уэ щыт нэрыбгэр функциял зэманыгъуэ IэнатIэу зытетым къызэрыгуэкIкIэрщ: «Сопсалъэ, уопсалъэ, мэпсалъэ; сыпсэлъащ, упсэлъащ, псэлъащ...».

″Сэ″уэ Iуэхур къэзыIуатэм елъытауэ къэIуэтапхъэрэ лэжьыгъэ егъуэтыр зы глаголу щыт псалъэм. Ар щыхъукIэй, абы Iуэхур къызэриIуатэр зыдэщыт щIыпIэрэ зэманыгъуэм елъытауэ щытщи, дэтхэнэ зы нэрыбгэм теухуауэ Iуэхур къызэрекIуэкIым и жыIэкIэхэр зэщхьэщыкIынщ: «СокIуэ, уокIуэ, макIуэ, егъакIуэ».

Бзэм щхьэжу хэт дэтхэнэ зы псалъэр *генэралнэ* Iуэхугъуэу хэткIэй зэхуэдэу зэтеувауэ щытми, зы глаголу щыт псалъэр ″сэ″м къызэриIуатэрэ къызэрипсэлъым къызэрыгуэкIкIэ лэжьыгъэу щытщ. ТIэ, бзэ лэжьыгъэу, Iуэхур къызэрыхъурэ къызэрекIуэкIыр, ар къэзыIуатэу щыт ″сэ″ нэрыбгэр зыхэту щыт зэманыгъуэрэ, абы къыхунэсу щыт ″зэман шабзэ IэнатIэ″м къызэрыгуэкIкIэрщ.

″Э″р, зэман шабзэри гурыIуэгъуэ зыщIырщи, ар функциял жыхуэтIэ зэманыгъуэрщ. Абы имыту щытыр зэман шабзэр зыдэщымыIэрщи, блекIауэ щытрэ дызтекIарщ, е къэмыхъуарэ потансиял зэманыгъуэу щытырщи, дыздэкIуэрщ; ауэ, иджыри ″э″уэ щымытырщ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, ипщэкIэ къэдгъэлъэгъуа таблицэм ущыхэплъэм щыгъуэ, дызтету щыт зэманыгъуэрэ щIыпIэ IэнатIэр ″$\Delta t$″уэ лъытапхъэмэ, абы хэмытыр ″а″ макъым къигъэлъагъуэрщ: ″А″р зы зэманыгъуэ жыжьагъэрщ; джарэ мыджэу щыт зэманыгъуэрщ; блэкIарэ къэмысарщ; дызлъэмыIэсрэ дызнэмысырщ. Ауэ, мы Iуэхугъуэхэр бзэм хэту къэзыIуатэр ″сэ″ нэрыбгэрщи, ар зыдэщыт щIыпIэрэ зыхэту щыт зэманыгъуэ итыпIэм къызэрыгуэкIкIэрщ бзэр зэманрэ щIыпIэм елъытауэ зэрылажьэр, глаголизацэ зэрыхъур.

Адыгэбзэм хэту щыт дэтхэнэ зы ″а″ макъым игъэзащIэр ипщэкIэ къитIуауэ щыт псалъэхэм математикэу утыку къыралъхьэ Iуэхугъуэхэрщ. ″А″р щхьэжу щытми, зы псалъэм ипэм пытми, псэлъэкум итми, кIэухыу

щытми, игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэхэр ипщэкIэ къитIуа Iуэхугъуэхэм хуэдэщ. ИкIи, зы псалъэр хэткIэй зэхуэдэу зы псалъэу щытщи, ар зэрызэтеувэ щIыкIэр таблицэм хэплъагъуэу щыт Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэрщ. Ар щыхъукIэй, мы псалъэ зэтеувэм хэту щыт ″а″ макъхэм ягъэзащIэри ардыдэу блэкIарэ мыджапхъэу щытхэрщ.

Зы псалъэр зы функцэрщи, ар функциялу лэжьыгъэ зиIэрщ; функциял лэжьыгъэ жыхуэтIэр бзэм и терминкIэ глаголу щытырщ. ТIэ, функциял лэжьыгъэр зыгъэзэщIэну щытыр глаголу щытын хуейщи, зы псалъэм и кIэухыр ″э″уэ щытмэ, ар а псалъэм и глаголу щытщи, ар сыт щыгъуэрэ хэткIэй функциялу щытын папщIэ ″э″уэ къэнэн хуейщ. Зы псалъэрэ функциялу зы лэжьыгъэ зиIэм и кIэухыр зэй ″а″ хъункъым; хъуурэ щытмэ, а псалъэр функциялу зы псалъэркъыми, блэкIа Iуэхугъуэ къизыIуэу зы псалъэ хъунщи, ар ″сэ″м къызэриIуатэм хуэIуауэ щытынщ; ауэ, хэткIэй зэхуэдэу зы псалъэу щыт хъункъым.

Функциял зэманыгъуэр къэзыгъэлъагъуэ макъыр ″э″уэ щытщи, ар зы псалъэм и кIэухыу щытмэ, зэрыщыту къэнэн хуейщ. Мыбы къызэрыгуэкIрэ, зы псалъэр зы функцэ псорэ зы мыхьэнэу зэрыщыткIэрэу, а псалъэм и мыхьэнэр зэрыщыту зэрылэжьэну функциял зэманыр, и глаголу щыт кIэухкIэрщи, а кIэухыу щыт ″э″м ипэ ит ″э″ макъыр ″а″ мэхъур. Лэжьэн лъэныкъуэ хъууэ щытыр зы псалъэм и глагол лъэныкъуэрщи, ар функциялу щытын хуейщ; тIэ, абы ипэ итри функциялыгъэм икIын хуейщ. КIэухым ипэ ит ″э″р ″а″ щыхъукIэй, а псалъэр функциялу хэткIэй зэхуэдэрэ псоуэ мыхьэнэ зиIэ мэхъур (щапхъэ: псалъэ, псэлъакIуэ; лIакъуэ, лIэкъуацIэ). Ауэ, а псалъэм лэжьыгъэ игъуэтрэ, нэгъуэщI мыхьэнэхэр къытехъукIыу щытмэ, а къэхъуу щыт Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэ, ″а″ хъуауэ щыт ″э″р аргуэру функциялу зэрылэжьэну щIыкIэм хуэкIуэжыфынщ. Ауэ, а псалъэр зэмыхъуэкIрэ зэрыщыту лажьэу щытын Iуэхугъуэу, абы нэгъуэщI кIэух кIыпыхьэми, псалъэр зэрыщытыр зэмыхъуэкIыу къонэр: «Псалъэ, псэлъэн, псалъэкIэ, псэлъэкIэ...».

И, Й, IИ, Е, IЕ:

″И″р зэры″абсис″ыр гурыIуэгъуэщи, зэманыгъуэм елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ джыуэ щытырщ. Абы и къэхъукIэр ипщэкIэ гурыIуэгъуэ хъуауэ щытщи, зэманыр щызэхъуэкIым щыгъуэ зэхъуэкIыр ″и″ лъэныкъуэрщ; ар зэманым зэрелъытарэкIэ зэхъуэкIыныгъэр къызщыхъурэ щыдж лъэныкъуэрщ.

Абы, бзэм хэту и лэжьэкIэу щытри, и къэхъукIэм къызэрыгуэкIрэ зэрезэгъкIэрщ. Ар зы псалъэрэ зы функцэр щыдж лъэныкъуэу щытырщи, зы псалъэм ипэ иту щытмэ, а псалъэм лэжьыгъэ зэригъуэтыр абы (и) къызэрыгуэкIкIэрщ. Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIэ, ″иджы″ псалъэр утыку къызэрихьэм хуэдэу Iуэхугъуэ егъэзащIэр ″и″р зы псалъэм ипэ къыпыхьэмэ. Псалъэм папщIэ, ″игъуэ″ псалъэм къикIыр, ″и″ лъэныкъуэу

″гъуэ″ хъурщ, ″и″р гъуэуэ лэжьэнырщ; зы Iуэхум хуэфIрэ езэгъыу зы зэманыгъуэрэ зы къэхъупIэ щигъуэтыр къизыIуэу зы псалъэрщ ар. ″И″ лъэныкъуэу щытым ″н″ кIэух къыпыхьэрэ зы глаголу утыку къыщихьэм щыгъуэ, къэхъу псалъэр ″ин″щ; зы щыIэ гуэрыр зыдитыр зы ″и″ лъэныкъуэрщи, ″и″ лъэныкъуэу ужьыгъуэ зиIэрэ багъуэр ″ин″ырщ.

Зы гуэрыр зисыпIэрэ зилъыпIэр къэзыгъэлъагъуэр ″и″рщи, ″исын, илъын″ хуэдэ псалъэхэм ипэ ит ″и″р зы щIыпIэрэ зы джыпIэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, утыку къихьэу щыт псалъэ мыхьэнэм и джыпIэр къэзыгъэлъагъуэу ″и″р къызэрысэбэпыр гурыIуэгъуэщ.

″И″ лъэныкъуэр зы джыпIэрэ зы итыпIэрщ. Джыр зыщыдж лъэныкъуэрщ ″и″ лъэныкъуэр. Зэманыгъуэу ужьым утыку къырилъхьэрщ ″и″ри, джыр щыдж щIыпIэу ″иджы″р зэманыгъуэ ужь хъурейуэ къэхъурщ. Зэманыгъуэу абы хэмытыр функциял зэманыгъуэу щымытырщи, ″а″рщ. Мыр ″Таб:7″ым хэтлъагъуэу щытым къыдгуригъаIуэрщ.

Иджым иту щытрэ, Iуэхур къэзыIуатэу щыт ″сэ″р зыдимыту щыт ″и″ щIыпIэри, ″сэ″р функциялу зыдимыт щIыпIэ зэрыхъукIэрэй, ″сэ″м елъытарэ къызэрыгуэкIкIэрэу, зы функциял зэманыгъуэрэ щIыпIэу щымытырщи, ари ″а″уэ елъытэр ″сэ″м. Аращи, ″сэ″р зыдит зэманыгъуэм иту щытми, ″сэ″р зыдэщыт щIыпIэм имыту щытыр ″сэ″м къызэрыгуэкIкIэ ″а″ращи, ″сэ″м абы зэреджэр ″ар″ауэ щытщ. Мыпхуэдэщ ″абы, абдежыр, ар...″ хуэдэу утыку къихьэу щыт псалъэхэр къызэрыхъур. ТIэ, гурыIуэгъуэу щытщи, мы псалъэхэр, къэзыIуатэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытауэ утыку къихьэу щытхэрщи, ″сэ″р зыдит зэманыгъуэрэ щIыпIэм елъытауэ ″а″ щIыпIэхэрщ; таблицэм къыуигъэлъагъуэм къызэрыгукIкIэ ″а″ щIыпIэу лъытапхъэу щыт псорикIкъым.

Зы ещэнэрей гуэрыр ″сэ″м зы зэпыщIэныгъэ зыхуимыIэу щытырщи, ар, ″сэ″р зытету щыт функциял зэманыгъуэм хэту щытми, а функциял зэманыгъуэм и зы Iыхьэу щытрэ ″сэ″р зыхэту щыт зэман шабзэ IэнатIэм къызэрыгуэкIкIэ лъытапхъэ хъууэ щытырщ. Зы функциял зэманыгъуэ хъурейм хэту щытми, ар, ″сэ″ нэрыбгэм къыхуэкIуэу щыт зэман шабзэ IэнатIэм имытырщ. Мыпхуэдэу ″сэ″р зыхэту щыт зэман шабзэ IэнатIэ жыхуэтIэр ″сэ″м дежкIэ *субиект* Iуэхугъуэу щытырщ. Мыбы и щIыбу щытрэ ″сэ″р зыхэмытыр ″сэ″мкIэ *обиект* хъупхъэу щытырщ.

ЗыдитыпIэу щыт функциял зэманыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, ″сэ″м функциялу илъытэр зыдиту щыт зэманыгъуэрщи, абы и щIыбым къанэу щытыр ″сэ″р зылъэмыIэсхэрщ; ахэр хуэпэжыжьэу зэрилъытэрэкIэй, зэманыгъуэм зэрелъытарэ къызэрыгуэкIкIэ елъытэри ″и″ лъэныкъуэу къеIуатэр. ТIэ, ар зы ″и″ IэнатIэрэ лъэныкъуэу, зы Iуэхур зыщыдж лъэныкъуэу мэгъэлъагъуэри, ″и″м къызэрыгуэкIкIэ зэтеувэу щыт зы псалъэу утыку къохьэр. Ар ″и″ лъэныкъуэ зэрыхъукIэрэу зы Iуэхур зыгъэзащIэри, а Iуэхур щыгъэзащIэри, псалъэм ипэ къыпыхьэу щыт ″и″ лъэныкъуэу гурыIуэгъуэ мэхъур: «ИщIын (зы джыпIэрэ Iуэхугъуэу утыку

иту щыт ″и″м къызэрыгуэкIкIэ гъэзэщIэн), ихьын (зы Iуэхуу щыт ″и″р зыхуэдизым хуэкIуэн); икIэ (зы Iуэху е зы джыпхъэу щытым и ухыпIэ; джыкIэ), ипэ (джыпэ)...».

″Сэ″р зыдит щIыпIэр субиективу щытырщи, мыпхуэдэу джыпIэу щытыр ″сэ″м къызэриIуатэри езым къызэрыгуэкIкIэрщ: ″си Iуэху″. ″Уэ″р ″сэ″м и субиективыгъэм хиубыдэрщи, ари къызэриIуатэр езым и Iуэхум хуэдэу щытщ: ″уи Iуэху″. Ауэ, ″сэ″м о*биектив*у къыхущытыпхъэрэ илъытэу щыт ещэнэрей нэрыбгэм и Iуэхур зэрилъытэр о*биектив*щи, ″и Iуэху″уэщ.

″Сэ″ нэрыбгэр Iуэхур къэзыIуатэрщи, ар функциял зэманыгъуэу щыт зы зэман шабзэ IэнатIэм (псалъэм папщIэ: э1′) тету лэжьыгъэ зиIэрщ. Абдежыр зы функциял зэманыгъуэ IэнатIэ хъурейуэ (э1) щытым хиубыдэу щытми, ″сэ″м къыхуэкIуэу щыт зэман шабзэ IэнатIэр абы (э1) и зы IэнатIэу щытщ. Мис мыбдежыр (э1′) ″сэ″р зыщыдж зэманыгъуэ IэнатIэу щытырщ; ар щыхъукIэй, ″сэ″м езым ит зэманыгъуэу игъэзащIэр къызэриIуатэр мы зэманыпIэм (э1′) къызэрыгуэкIкIэрщ: «СокIуэ, согъакIуэ, сощI».

″Сэ″м езыр зыдит зэманыгъуэрэ щIыпIэм къызэрыгуэкIкIэ, зыужьыгъуэ зыхуиIэрэ и итыпIэм иту илъытэр езыр зэпсалъэрщи, ар ″уэ″уэ елъытэр. ″Уэ″ нэрыбгъэр, ″сэ″м и ужьыгъуэу зэрыщытрэ, мыпхуэдэу зэпыщIэныгъэ зыхуиIэу зэрилъытэм къызэрыгуэкIкIэ, ари езы ″сэ″р зытет зэманыгъуэм (э1′) тету елъытэр: «УокIуэ, богъакIуэ, бощI».

Ауэ, ещэнэрей нэрыбгэу щытыр ″иджы″ зэманыгъуэм иту щытми (э1), ″сэ″р зыдиту щыт ″зэман шабзэ IэнатIэм (э1′)″ хэмытырщ; зырэ зэхуэдэ функциял зэманыгъуэ IэнатIэм (э1) къызэрыгуэкIкIэ джыуэ щытми, ″сэ″р зытету щыт (и1′) IэнатIэм зэрыхэмыткIэрэу, ″сэ″м пэжыжьэрщ ар. Ар къызщекIуэкIыр зэманыгъуэу иджыуэ щытми, Iуэхугъуэу зыщыдж щIыпIэрэ, а Iуэхур зыдж нэрыбгэр зыдиту щыт ″и″ щIыпIэр (и1′ щIыб) ″сэ″р зыдиту щыт ″и″ IэнатIэм (и1′) зэрыхэмытрэ зэрыпэжыжьэм къызэрыгуэкIкIэ ″а″рщ.

Зы ″и″ хъурейм хэту щытми, ″и″ хъурейм и зы IэнатIэ жыжьапIэм зэриткIэрэу зы Iуэхугъуэу гъэзащIэрэ, ар зыгъэзащIэр ″сэ″м къызэрыгуэкIкIэ жыIэпхъэ щыхъукIэ, ар мыпхуэдэщ: ″макIуэ″. А жыIэкIэр зыхуэIуар, ещэнэрей нэрыбгэрэ ″ар″у щытым езым къызэрыгуэкIкIэ гъэзащIэу щыт Iуэхугъуэрщи, а Iуэхур езырыжрэ натуралу мэгъэзащIэр. Зы Iуэхур ещэнэрей нэрыбгэр зэрекIуалIэрэкIэ гъэзащIэу щытмэ, а Iуэхур ″абы″ игъэзащIэу щытщи (егъэзащIэр); тIэ, а Iуэхур, зыгъэзащIэу щыт ещэнэрей нэрыбгэм зэрелъытарэ къызэрыгуэкIкIэ (абы), ар ″иэ″рэкIэ екIуалIэу ″й″рэкIэй (″и″ эфекту) иджрэ игъэзащIэ зэрыхъукIэрэу ″**е**гъакIуэ (**е**: иэй)″ хуэдэу жыIэпхъэ хъунщ.

Функциял зэманыр *сингуляр*у зы Iуэхугъуэу щытщи, ар дэнкIэй зэхуэдэщ. Абы и зы Iыхьэр ″э1″уэ лъытапхъэмэ, ар зэпэхъурейуэ дэнкIэй

зэхуэдэу щытщ. Ар зэхуэдэу щытми, дэтхэнэ зы нэрыбгэр щхьэжу зыдит щIыпIэр, а нэрыбгэм къынэсу щыт зэман шабзэ IэнатIэм къызэрыгуэкIкIэ зэщхьэщыкIыу джыпхъэу щытщ. Ещэнэрей нэрыбгэр зыдэщыт щIыпIэр, ″сэ″р зыдэщымыт зы ″и″ IэнатIэу щытырщ. А ещэнэрей нэрыбгэр зы мыхъурэ, куэд хъууэ щытмэ, ещэнэрейуэ щытыр зы ″и″ IэнатIэ закъуэ мыхъуу, ″и″ IэнатIэхэр къызэрыхъур гурыIуэгъуэщи, а ″и″ IэнатIэхэр зэрыкуэду лъытапхъэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Мы ″и″ куэдагъэ Iуэхугъуэр бзэм къызэригъэлъагъуэнури, ″иа″у зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ: Дэтхэнэ зы щIыпIэрэ зы нэрыбгэри зыдитыр зы ″и″ щIыпIэрщи, ″и″ щIыпIэу щыIэхэм зы гъунэ зэриIэрэкIэу, я зэхуаку зы зэманыгъуэрэ зы жыжьагъэ дэлъщ; а ″и″хэр зэхуэдэу зы функцэ зэманыгъуэ IэнатIэрэ шабзэм темытхэрщи, ″сэ″м ахэр зэрилъытэри зы ″и″ куэдагъэущ. Ар зы ″и″ IэнатIэ закъуэу щымытрэ, зы ″и″ куэдагъ къизыIуэу зы жыIэкIэм утыку къырилъхьэнщ. Утыку къырилъхьэу щытыр зы Iуэху закъуэу щытми, ар зыгъэзащIэр ещэнэрей нэрыбгэ куэдрауэ щытмэ, ″иа″ IэмалыгъуэрэкIэ мэгъэзащIэр. А макъитI зэгуэтыр алфавитым къызэрыгуэкIкIэ зэратхар ″я″ тхыпкъымкIэрщ. Мы псалъэхэр мы Iуэхугъуэм и щапхъэхэрщ: «″И Iуэху, я Iуэху: иа Iуэху″; ″ещI: иэщI; ящI: иаэщI″; ″егъакIуэр: иэйгъакIуэр; ягъакIуэхэр: иаэйгъакIуэр → иагъакIуэр″». -ГурыIуэгъуэщи, ″иа″м къыкIэлъыкIуапхъэ ″э″р е ″эй″р ″а″м хэтыж хъууэ щытынщи, ар къэIуркъым; ″егъакIуэ″ псалъэм и куэдагъэр ″иаэйгъакIуэ″ хъуми, ар ″иагъакIуэ″у мэгъэзащIэр-.

″И″р зы псалъэм и кIэухыу щытмэ, тIэ, ар а псалъэм и глагол хъууэ щытщи, ″и″р джын лъэныкъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, а псалъэр аргуэру мэджыр, мэгъэзащIэр: «Ари, уэри, зыри, псори...».

Мыпхуэдэу ″и″ лъэныкъуэр глагол зэрыхъукIэрэу, кIэух зыхуэхъуу щыт зы псалъэр джарэ утыку къихьауэ щыт зы Iуэхугъуэрщи, ари зы ″и″ лъэныкъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ. ТIэ, а псалъэм ″и″ макъыр кIэух къыхуэхъуауэ щытмэ, ар аргуэру джыжу аращ. Мыпхуэдэу Iуэху гъэзащIэу щытым, аргуэрэу зы ″и″ кIэухыр къыпыхьэжу щытмэ, апщыгъуэм, аргуэру джыжу щытын Iуэхугъуэрщ къэхъуу щытри, мыпхуэдэу, етIуанэу ″и″ лъэныкъуэу джыжмэ, ар ″и″ лъэныкъуэу ит мэхъур. ″И″ е абы и эфектыр (й) аргуэру кIэухыу къэсэбэпмэ, апщыгъуэм, а псалъэр ″и″ лъэныкъуэжу щыт мэхъур; ″и″ тIум я зэхуакум зы функцэщIэ IэнатIэ дэлъщи, мыпхуэдэу ″и″тIкIэ лэжьыгъэ зиIэ хъууэ щыт зы псалъэр, мы зэрыджа щIыкIэу къонэр. Ар щыхъукIэй, утыку къихьэр зы псэлъэщIэ мэхъур: «ИкIий, кIурий, фий...; кIуриин, фиин, диин...».

ИпщэкIэ функцэ символу ″Δу″кIэ къэдгъэлъэгъуар ″и″ зэхъуэкIыныгъэ IэнатIэрщи, ар ″Δи″уэй лъытапхъэу щытщ. Ар зы ″и IэнатIэ цIыкIу″у зэрыщытрэ, зы ″и зэхъуэкIыпхъэ цIыкIу″ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, бзэм зэрыхэлэжьыхьыр зы ″и *эфект*″у лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу ″и эфект″у къэсэбэпу адыгэбзэм хэту щыт макъыр ″й″

тхыпкъымкIэ тхауэ щыт макъырщ. ″Й″ макъыр ″ы″ макъкIэ къэмыIужу щыт ″и″ макъырщ; мыхъумэ, щхьэжу зы макъыркъым; аращ икIи, ″й″р ″и макъ эфект″у щIыжытIэр. ″Й″р ″и эфект″у зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, кIэухыу зыпыт зы псалъэр ″и″ лъэныкъуэмкIэ хигъахъуэу щытщ ″й″м. Ар зыпыту щыт псалъэр (функцэ) джауэ утыку зэритым ($y = f(t)$) къызэрыгуэкIкIэ зы ″и″ Iуэхугъуэу лъытапхъэрщи, ар ″й″кIэ щылажьэм щыгъуэ (Δи), хэхъуэу щытыр ″и″ лъэныкъуэрщ ($\Delta y = f(t + \Delta t) - f(t)$). Мыпхуэдэу къэхъуу щытыр бзэм къызэригъэлъагъуэр аращи, зы Iуэхугъуэу щытыр (кIуэ) аргуэрэу утыку къилъхьэныр е хэгъэхъуэныр ″и″ кIэухым хуэдэжу (кIуэи), ″й″ кIэухрэкIэй мэгъэзащIэр: ″кIуэй″.

Джырэ утыку къихьэр ″и″ лъэныкъуэу щытщи, а джыр къэзыгъэлъагъуэри ″и″ макъыу къосэбэпыр. Ауэ, ″и″р зэманым зэрелъытарэкIэ джыуэ щытыр къэзыгъэлъагъуэрщи, ар зэманым елъытауэ щытщ; тIэ, ар лимитацэ хъунрэ зэрелъыта гуэр щымыIэжу езырыжу къэнэнкъым. Мыпхуэдэу къанэмэ, зэрелъытауэ щыт зэманым пыщIэныгъэ хуиIэжынкъым; ар щыхъукIэй, джыуэ зэхъуэкIынкъым; джыуэ щыт гуэри къигъэлъэгъуэнкъым.

″И″р зэманым елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ джырщ, джыпIэу утыку къихьэрщ; джыр къэзыгъэлъагъуэрщ; ар зэхъуэкIрэ икIырщ; зэманым къызэрыгуэкIкIэ зэхъуэкIырщи, зэмыхъуэкIрэ зэфIэнэу къанэркъым; ар зэрелъытэгъуэ зиIэрщи, мыпхуэдэуй зэхъуэкIырщ, зэфIэмынэрщ. Ар езырыж хъурэ, езым зыкъигъэлъагъужу щыт хъумэ, зитыжрэ зэфIэнауэ къанэу щытмэ, ар ″*абсолудсенэ* и″ хъунщи, ар математикэу зэрыбгъэлъагъунур ″*IуI*″ хъунщ: Мис мыпхуэдэу лъытапхъэщ ″Iи″р бзэм зэрыхэт щIыкIэр. ″Iи″м джыуэ зы гуэр къигъэлъагъункъыми, джыр езым зэрехьэлIарэкIэ къиIуапхъэ хъунщ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэ, зы гуэрыр ″зыIис″рэ, ″и″м зэрелъытар жыIэпхъэу хэтщ бзэм; ар нэгъуэщIыуй къэсэбэпу бзэм хэт хъуркъым.

″Е″р япэрауэ ″иэ″рщи, ар абсисыр зэман лъэныкъуэмкIэ кIуэуэ зы Iуэхугъуэрщ. Ар щыхъукIэй, а координат системэм зы функцэ хэту щытмэ, абы екIуалIэу аращ хъур. Функцэр зы псалъэу щыту къыдолъытэри, тIэ, а псалъэ мыхьэнэм къызэрыгуэкIкIэ, абы екIуэлIэнрэ а мыхьэнэр гъэзэщIэн Iуэхугъуэ егъэзащIэр ″е″м. Ар математикэу, а функцэм екIуэлIэнрэ игъэлъагъуэн Iуэхугъуэрщи, ″иэ″р зыхуекIуалIэ функцэр центр щIын Iуэхугъуэрщ; координат системэр функцэм зэрекIуалIэрэ, а функцэр центр зэрищIкIэрэу зэригъэлажьэр гурыIуэгъуэ ещIэр ″иэ″м. ″Е (иэ)″ макъыр зы псалъэм ипэ пыту щытмэ, е псэлъэухаитIым къыдыхьэмэ, игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэр мыпхуэдэщ.

Ар щхьэжрэ езырыжу щытмэ, зы функцэ Iуэхугъуэ щымыIэу (зы псалъэ Iуэхугъуэ щымыIэу) координат системэм езыр зэхъуэкIрэ кIуатэу аращ къэхъуу щытри; зы координат системэр зэрыщыIэ щхьэусыгъуэр зы функцэ къигъэлъагъуэн папщIэрщи, тIэ, мыпхуэдэу зы функцэ Iуэхугъуэ

щымыIэмэ, щхьэжу "е"р къызэрысэбэпыну щIыкIэрэ, бзэм абы хищIыхьыну щIыкIэр фIыкъым, Iейщ. Аращи, мыпхуэдэу, щхьэжрэ зыми емылъытарэ пыщIэныгъэ зэримыIэрэкIэ лэжьыгъэ зыгъуэту щыт "е (иэ)"м Iуэхуу игъэзэщIэнурэ бзэм хэту къызэрысэбэпынур "ер"щ, "ем хуэкIуэн" Iуэхугъуэрщ.

Мыпхуэдэу щхьэжрэ езырыжу, абсолудсенэу "е"р къызэрысэбэпращ "Iе" макъри, ар абсолудсенэ "и"уэ щытым къытехъукIа "Iи"р зэрыкIуатэрщ; апщыгъуэ къэхъуу шытыр, зыри фIэмыIуэхуу кIуатэу щытынраш системэр. Абы зы функцэ Iуэхугъуэ зэрихуэркъыми, бзэм зэрыхэлэжьыхьри, зы макърэ зы псалъэр зэрыфIэмыIуэхукIэрэщ, фIыгъэрэкIэркъым. ЩыIэр зы функцэрэ, ари зы координат системэм тету къэгъэлъэгъуапхъэу щытмэ, ари зы псалъэрщ бзэм зэрыхэт щIыкIэри, тIэ, "Iе"р псалъэрэ щыIэм емызэгъыу бзэм хэту щытырщ.

"И"р зы макърэ псалъэм и кIэух хъууэ щытмэ, а псалъэр абсис лъэныкъуэмкIэ зышэрщ, дэзышейрщ. Ар щыхъукIэй, ар зи кIэух хъур "и" лъэныкъуэ хъурщ; дэкI хъурщ: «Дэлъеин, дэкIуеин, дэпщеин...».

"И"р "э" кIэух нэужьым къыщыкIуэм щыгъуэ, тIэ, зэманыгъуэу кIуэр абсискIэ дэкIуей мэхъур; ар щыхъукIэй, "эи" зэкIэлъыпыту зы псалъэм и кIэух хъууэ щытым игъэзащIэр, а псалъэм иджым къызэрыгуэкIкIэ, а координат системэ IэнатIэр зэщIиубыдэу лажьэ мэхъур. Ар щыхъукIэй, утыку къихьэу щыт функцэрэ псэлъэщIэр, къызтехъукIам ей мэхъуфыр: «Хьей, жыгей...».

Е, къызтехъукIарэ зелъытауэ щыт функцэрэ псалъэри зыхэтыжрэ зэщIиубыдэу зы функцэрэ псэлъэщIэрщ къэхъуу щытри, тIэ, къызтехъукIа псалъэм къигъэлъагъуэ мыхьэнэри "зей" мэхъур: «Дей, кхъужьей...».

Мыбы изакъуэу къэмынэу, къэхъуауэ щыт мы еиныгъэ Iуэхугъуэу къэсэбэп макъ зэгуэту щыт "эи"р кIэух зэрыхъукIэрэу, зэщхьэщыкI Iуэхугъуэу шытми, еиныгъэр зэрилъабжьэрэкIэ псэлъэщIэхэр къэхъуу щытщ: «Хуей, вэнвей, псей, бжей, гъеин, цей, кей...».

Мыбдежым кIэух хъууэ щытыр "й" зэрыхъукIэрэу, абсис эфектыр мэгъэзащIэр. "И"р джыпIэрщи, функцэр "и" лъэныкъуэ защIэу щылажьэм щыгъуэ, функцэр джыпIэм щоджыр; джыпIэм щыджыр джыпIэм ей мэхъур; езыр зы джыпIэу джыр зейуэ щыт мэхъур. Псалъэр и кIэухрэ глаголу мэлажьэри, къызтехъукI псалъэм къыхэхъукIрэ ар дишейуэ, абы щхьэщыкIыу, ари зыщIиубыдэу зы псэлъэщIэр къохъур. –Мы "ей" кIэухыр зы функцэу, зи мыхъуми (а нэхъ мащIэу), "$y = x2$" хуэдэу зы функцэрщ-.

-Мыпхуэдэу щхьэжрэ кIэухыу къэIу "ей"м хуэдизу Iупщ Iыу зэхомыхрэ "й"р кIэухыжу мытхауэ щытми, Iуэху лIэужьыгъуэ глаголхэр ещэнэрей нэрыбгэ закъуэм и ит зэманыгъуэ лэжьэкIэр къызэрежьэр зэрытхауэ щыт "е"ми хэту щыт макъхэр "иэй"уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мы жытIахэр мыбы щыгъуэй мэгъэзащIэр (ещI → "иэйщI")-.

У, ІУ:

″У″р ужьыгъуэу лъытапхъэрщи, ар функциял зэманыгъуэ зэхъуэкІыныгъэм къызэрыгуэкІкІэ джыуэ щытым утыку къыригъэхьэу щыт функцэрщ: «*f(t), f(x)*».

″У″р ″э″рэ ″и″м къагъэщІыу щытырщи, сенкроникэрэ диякроникэу, дэтхэнэ зы ужьыгъуэм и лъабжьэрщ. Ар зэманыгъуэрэ дэтхэнэ зы щыІэ гуэрым и ужьыгъуэу щытырщ.

Зэман блэкІым къызэрыгуэкІрэ зэрелъытарэкІэ, джырэ утыку къихьэр къэзыгъэлъагъуэу щыт ″и″м и зэхъуэкІыныгъэкІэ къэхъуу щытыр ужьыгъуэрщи, зы ужьыгъуэ ІэнатІэу щытыр бзэм зэрыхэт щІыкІэр ″Іу″ макъым къигъэлъагъуэрауэ жыІэпхъэщ. Ар ипщэкІэ ″$\Delta t$ (Δэ)″ зэхъуэкІыныгъэмкІэ къэхъуу щыт ″$\Delta y$ (Δи)″ зэхъуэкІым къызэрыгуэкІкІэ утыку къихьэу щыт функцэ (*f(t)*) ІэнатІэрщ. ″У″р ужьыгъуэу зэрыщыткІэрэу функциялщи, ″Іу″р зы ужьыгъуэ (у) ІэнатІэрщ; ужьыгъуэу щытым и хыхьэпІэрэ и хэкІыпІэу щытырщ ар. Ар зы ужьыгъуэрэ зы функцэм и зы ІэнатІэрэ лимитацэрщ. Ужьыгъуэр къызэрыхъурэ, функцэр зэрызэхъуэкІрэ зэрыбагъуэм къызэрыгуэкІкІэй, ужьыгъуэрэ функциялу, ″Іу″м ипІэри зэхъуэкІынщ. Ар зэманыгъуэрэ зыужьыгъуэу утыку итым елъытауэ зы ужьыгъуэ ІэнатІэрщ.

Аращи, зы Іуэхур зы функцэу зэрыщыткІэрэу зы ужьыгъуэу щытщи, ″Іу″р абы и зы ІэнатІэрщ; ужьыгъуэр къыздынэса щІыпІэ ІэнатІэр ″Іу″рщ. А ужьыгъуэр зэрыкІуатІэрэкІэй, ″Іу″ри мэкІуатІэр; икІи, ″Іу″р гъэкІуэтэнри ужьын Іуэхугъуэрщ. Аращ, ″Іу″р функциял зэманкІэрэ (Іуэ) ″ху″ным утыку къырилъхьэр зы ужьыгъуэ зэрыхъукІэрэу зы ″Іуэху″р къызэрыхъу щІыкІэр.

О:

ТІанэ, ипщэкІэ къэдгъэлъэгъуауэ щыт координат системэм абсисрэ ординатыр зыщыхыхьэпІэу щытыр математикэ символу къызэрагъэлъагъуэр ″о″рщи, ар ″оргин″ жыхуаІэрщ. Ар бжыгъэкІэ жыІэпхъэу щытмэ, бжыгъэ зимыІэрэ мыхъуаращи, бжыгъацІэу ″зырикІ (0)″ жыхуаІэрщ. Бжыпхъэрэ къэпщытапхъэу щыт функцэр зыдэщымыІэрэ, къызщыхъуу щыт щІыпІэращ ар. Ар къэхъупІэрэ кІуэдыпІэрщ.

АдыгэбзэкІэ ″ит зэман″ыр къэзыгъэлъагъуэу щыт макъыр ″о″ макъырщи, ар икІи математикэ символу ″къахъупІэ″р къызэригъэлъагъуэм езэгъыу щыту жыІэпхъэщ: МатематикэкІэ ″о″ символым къигъэлъагъу щІыпІэр къэхъупІэрщ, оргиерщ, оргиныірщи, джарэ зы функцэу утыку итыр къызхэхъукІарщ абдежыр. ИкІи, щыІэу щыт функцэр щымыІэ зыщыхъужырщ. ТІэ, сытри щыджыр иджы зэрыхъукІэрэу, ″иджы″р оргиерэ оргинуй лъытапхъэщ. Къэхъур къызщыхъурэ щыджыр ″иджы″ращи, ар икІи, джауэ щыт гуэрыр щыухырщ; икІи, щІэуэ джыр къызщыхъурщ.

″О″ макъыр ″эу″ макъ зэгухьахэм къытехъукIауэ зы макъыу хэт хъуауэ щытщ адыгэбзэми, ипщэкIэ мы макъхэм теухуауэ жытIахэр гурыIуэгъуэмэ, ″эу″ макъ зэгуэтыр зэманыгъуэ ужь хъурейуэ зэрыщытыр нахуэ хъунщ. Ар щыхъукIэй, ″о″р иужькIэ къэхъуауэ щыт зы макъми, макъыбзэ логиер зэрылажьэрэкIэ къэхъуарэ, джыпIэр (″иджы″р) игъуэджэу къизыIуапхъэу зы макъыу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ.

″О″р, зы гуэрыр зыщымыIэрэ (0), щыIэрэ функцэр утыку къихьэн IэмалыгъуапIэу щытырщи, ар джыпхъэ гуэрым и джыпIэрэ и кIуэдыжыпIэ (иджы) зэрыхъукIэрэу, математикэ оргиныр къэзыгъэлъагъуэу къэсэбэпырщ.

Аращи, сытри къэзыIуатэу щытрэ бзэр зыгъэлажьэу щыт ″сэ″р функциял зэманым зытет щIыпIэр зы итыпIэщи, абдежыр ″сэ″м ″э″ ужьыгъуэу (у) зэрилъытэм къызэрыгуэкIкIэ, псалъэр ″сэ″м къызэрыгуэкIрэ и ит зэманыгъуэу мэлажьэр: ″сокIуэ″.

Ы:

Зы макъыр щхьэжу зэрыщытрэ, оргиналу иджыр къэзыгъэлъагъуэр ″ы″ кIэух пыту къыщыIурщи, ар ″ы″м дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ гурыIуэгъуэ хъуагъэнщ. Зы макъым зы гуэр иджу щытщи, ар зы гуэр оргинал гуэру зэрыщытыр къэзыгъэлъагъуэр ″ы″ кIэухкIэ къыщыIурщ. ТIэ, зы макъым ″э″ кIэух иIэрэ зы Iуэхугъуэ гуэр иджу щыт щыхъуам щыгъуэй, абы аргуэрэу ″ы″р къыпыхьэжмэ, а макъыр и оргиналыпIэм иришэжынщ. Зи кIэухыр ″ы″уэ щыт макъыр, оргиналу щыт макъырщ.

Зы макъыр оргиналу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, абы ужьыгъуэ щигъуэтыр а нэхъ мащIэу зы ″э″ къыщыпыхьэрщи, апщыгъуэм зэманыгъуэрэкIэ мэужьыр. Дэтхэнэ зы макъ щэхум езым и Iэмалыгъуэр оргину зэрыщытым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ, абы ″э″ къыщыпыхьэм щыгъуэ, математикэу, координат системэм техьэрэ ужьу жыIэпхъэщ; зэманым елъытауэ зы функцэр (*f(t)*) къэхъуауэ жыIэпхъэщ апщыгъуэм. ТIэ, зы макъыр оргиным зэритрэ оргиналу зэрыщытым текIарэ (э къыпыхьэмэ), функциял зэхъуэкIыныгъэм (э) къызэрыгуэкIкIэ зы функцэу ужьыгъуэ игъуэтауэ щыкIуэм щыгъуэ, аргуэрэу ″ы″р къыпыхьэжрэ ″э″р пыхужмэ, а макъыр зэрыщытарэ гъуэгум щытехьа щыпIэм мэкIуэжыр; зэманыр похужри зэманым темыхьауэ зэрыщытам хуэдэ мэхъужыр; зэманыр къыздемыжьауэ щыт оргиным хохьэжыр, и оргиналыгъэм мэкIуэжыр. Ар математикэрэ координат системэу жыпIэмэ:

«″$y = f(t)$″щ; зэманыгъуэр (э) зэрыкIуэдым (ы) къызэрыгуэкIкIэ, ″$t = 0$″щи, тIэ, ″$y = 0$″ хъунщ; апщыгъуэми, Iуэхур ″$f(t) = 0$″ хъунщ».

ТIэ, мы къэхъуа Iуэхур, зы макъыр ″ы″ кIэухыу щылажьэм хуэкIуэжын Iуэхугъуэрщи, зэманыгъуэм елъыта функцэр къэхъуркъыми, а макъыр и оргиналыпIэм зэрыиткIэрэу зы *потансиял* функцэу зэрыщытым хуэдэ мэхъужыр. Ар, математикэрэ функцэ Iуэхугъуэм

дызэрытепсэлъыхьым къызэрыгуэкIкIэ ″F″уэ гъэлъэгъуапхъэу щыту лъытапхъэщ.

Мыр оргиналу зы операцэрщи, ″ы″ кIэухкIэ къэIуу щыт макъхэр и оргиналыпIэм зэрыхуэкIуэжымрэ, математикэкIэ оргиныр зэрагъэлъэгъуауэ щыт ″о″ символым игъэзащIэр зэрызэхущытыр утыку къырилъхьэу зы щапхъэщ: ″О″р ″иджы″рэ ит зэману щытыр къизыIуэ макъ зэрыхъурэ, ари къэхъупIэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ оргину зэрыщытымрэ, макъыр ″ы″ кIэухкIэрэу оргиналу утыку зэритыр зыпызыщIэу зы операцэ щапхъэрщ.

Ауэ, ″ы″ макъым игъэзащIэр, сыт щыгъуэй мыпхуэдэу оргиным игъэкIуэжын Iуэхугъуэркъым. Ар къызпыхьэу щыт псалъэм и мыхьэнэм къызэрыгуэкIкIэ, а псалъэм иджу щытыр къегъэувыIэр; а псалъэрэ функцэу щытыр, ординат лъэныкъуэу къыздынэсам тету къегъанэр. Математикэу, ординатыр къызэрыувыIэрэ функциял зэхъуэкIыныгъэ къызэрымыхъум къызэрыгуэкIкIэрэу, а функцэр мыужьыж мэхъури, а къызэрына щIыкIэрэ зэрыджауэ зэрыщытым тету къоувыIэр.

Ар щыхъукIэй, джауэ щытыр зэрыщыту къызэтоувыIэри, иужьрей дыдэу зэхъуэкIыныгъэ щыхъуа щIыпIэр зыхэлъыжу, а функцэр лимитацэ мэхъур. Мыращ зы псалъэм ″э″ кIэухыр щыпыхурэ ″ы″р къыщыпыхьэм щыгъуэ къэхъур. Зэманыгъуэу (э) щылажьэрэ щыкIуатэм щыгъуэ, абы ″ы″р кIэухыу къыщыпыхьэжым къэхъуу щытыр мыращ. А псалъэм хэту щыт макъхэм зэдаухуарэ ″э″ кIэух зэрыпыткIэрэу къагъэхъуауэ щыт мыхьэнэр къоувыIэри, мыкIуэтэжу зыдэщытым къонэжыр. Мыпхуэдэу утыку къихьэу щыт псалъэхэр зэтеувыIауэ, ехьэлIарэ екIуэлIапхъэу гъэзэщIэн хуейуэ щыт псалъэхэу утыку къохьэр: «Къэпсэлъэн, къэпсэлъын; IэщIагъэ, IэщIагъ....».

НытIэ, зы псалъэу зы функцэ зэтеувауэ щытым ″ы″ кIэух къызэрыпыхьэу къэтIуэтауэ щытхэр математикэ лъэныкъуэри хэтыжу къэIуэтапхъэмэ, мыхэр жыIэпхъэнщ:

«Зы функцэр ″$y = f(t)$″щи, ″ы″р ″э″ кIэухым ипIэкIэ зы псалъэм къыщыпыхьэм щыгъуэ, функциял зэман зэхъуэкIыныгъэр къэувыIауэ аращи, ар ″$\Delta t = 0$″ хъунщ. Ар къыщыхъум щыгъуэ, абы къыпэщытрэ къызэрыгуэкIкIэ зы джыгъуэ IэнатIэри къэхъуркъыми, ар ″$\Delta t = 0$″м къызэрыгуэкIкIэ, ″$\Delta y = f(t + \Delta t) - f(t) = 0$″ хъунщ. ″$\Delta y = 0$″ хъууэ щытмэ, функцэр зэмыхъуэкIрэ мыужьыжу, ординатыр къызэрыувыIакIэрэу зэрыщыту къанэрщи, утыку къихьауэ щыт функцэр зэмыхъуэкIыу щытми, мыбдежым нэгъунэ ухуарэ (ар зы псалъэмэ, абы хэту щыт макъхэм зэдаухуауэ щыт мыхьэнэр) утыку къызэрихьа щIыкIэу, зэрыщыту къонэр ($y = f(t)$). Ар щхьэ, ар зэманкIэрэу ужьыжкъыми, утыку иту щыт зы функцэпкъыу къонэр; тIэ, ари ″Fм″ хуэдэу тхыпхъэнщ».

**

Мы къэтIуатэхэр математикэм къызэрыгуэкIкIэ къэтIуатэу щыткъым. Ди Iуэхуу щыткъым математикэри. Ауэ, бзэм дыщытелэжьыхьым щыгъуэ, фIэкIыпIэ зэримыIэ щIыкIэу гулъытапхъэ къытхуэхъуу щытщ математикэр. Бзэм и лэжьэкIэрэ и логием дызэрыхыхьэм къызэрыгуэкIкIэ, утыку къитлъхьэу щыт псалъэрэ гупщысэхэр математикэ щIэныгъэми къызэриIуатэр гулъытэ къытхуохъур. Адыгэбзэм щыгъуазэ дыхуещIыр математикэбзэми, аращ математикэ терминхэм и гугъу щIэтщIыр.

ТIэ, зы бзэр зы логиеу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, и лэжьэкIэм къигъэлъагъуфыну къыщIэкIынщ математикэри. Ауэ, ипщэкIэ зи гугъу зэрытщIам хуэдэу, зы бзэм математикэ лэжьэкIэри макъхэм къызэрыгуэкIрэ теухуэу утыку къырилъхьэн папщIэ, а бзэм и лъабжьэр щIэмыударэ зэгущу зэхэту щытын хуейуэ къыщIэкIынщ. Математикэ щIэныгъэри зы логие Iуэхугъуэрщи, бзэр зэрылогиерэ, и лъабжьэр щIэмыудауэ логие лъабжьэу щытмэ, тIэ, математикэбзэри къызтехъукIынур абы утыку къырилъхьэ логиерэ гупщысэкIэрагъэнщ. Арагъэнщ адыгэбзэм дыщытелэжьыхьым щыгъуэ, математикэбзэри къыщIэунэхур.

Математикэ жыхуэтIэр зы логием тету щытырщи, ари зы бзэу щытщ. ИкIи, ар къызтехъукIари цIыхум и гупщысэращи, мыпхуэдэу гупщысэр утыку къизылъхьэу щыт зы бзэр зи лъабжьэ щIэмыударащ. Зи лъабжьэ щIэудын дэнэ къэна, натуралрэ козмикэр зэрилъабжьэрэкIэ зы бзэу зэрызэтеуварэ, къызэрыхьу лъандэрэ зытету щыт логиер мыкIуэдарэ мыгъуэщауэ щытщи, арагъэнщ мыпхуэдэу математикэбзэм дэщIыгъурэ, ар къигъэхъуу щIыщытыр адыгэбзэр.

Мыпхуэдэу щытщи, макъхэм я Iэмалыгъуэр мыкIуэдауэ я *матесис*кIэрэ зэрылажьэу хэтщ адыгэбзэм. Макъ Iэмалыгъуэр къызэрысэбэпыр утыку къызэрихьа лъандэрэ зы лъабжьэм тету щытрэ, и матесисри имгъэкIуэдауэ щытмэ, тIэ, а макъыр щыбджыжым щыгъуэ, математикэми зыкъигъэлъагъуэнщ. Дэнэ къэна, математикэр утыку къызэрихьэ логиер а лэжьыгъэм къигъэунэхужу щытщи, аращ ипщэкIэ къэхъуу щыт Iуэхугъуэр.

Математикэр зы щIэныгъэ щхьэхуэу утыку итщ нобэ. Абы езым хуэIуауэ терминхэр иIэжщ. Математикэ координат системэр зы операцэ системэрщи, абы Iуэхур зэригъэзащIэ щIыкIэр езым хуэIуагъэжщ. Бзэм макъхэр зэрыхэтрэ, матесису зэрылажьэри бзэ Iуэхугъуэу щытыжщ. Ауэ, адыгэбзэм хэту щыт макъхэм я матесисыр зэрымыкIуэдам къызэрыгуэкIкIэ, ахэр нахуэ пщIырэ бджыжмэ, математикэ гупщысэр къатехъукIыпхъэу щытынщ. Ар дыдэуй, математикэ гупщысэкIэ убгъэдыхьэми, адыгэбзэ макъхэр тыншу бджыжыфынщ.

ИпщэкIэ къыжытIахэм къызэрагъэлъагъуэу, адыгэбзэ макъхэр зы системэ зыджу щыт макъхэрщ. Натуралрэ козмикэм езэгъыу щытщи, ахэр

зэрыужьыбзэмкӀэ къэхъуауэ зэрыщытыр жыӀэпхъэщ макъхэри; зы математикэ системэр къызэрыхъурэ зэрызэтеувэ логиер яхэлъу щытщ ахэм. Дэтхэнэ зы системэр натуралрэ козмикэ системэм емызэгъыу щытми, ар, мыпхуэдэ лэжьэкӀэ зиӀэу щыт зы бзэм къигъэлъэгъуапхъэу зэрыщытынур гурыӀугъуэнщ: Зы системэр натуралрэ козмикэ лъэныкъуэмкӀэ *тест*рэ *критикэ* зыщӀыфыну зы логие зиӀэу зы бзэу жыӀэпхъэщ адыгэбзэр.

Математикэри цӀыхум и зы Ӏуэхугъуэу щытщ; цӀыхур гупщысэрэ бзэ зиӀэрщ. Бзэр псэлъэбзэ закъуэу щыткъым; ар дэтхэнэ зы щыӀэр къызэрыхъурэ зэрыужь щӀыкӀэр зытету щыт логиеращ. Ар щыхъукӀэй, математикэри зы логиеу щытщ; икӀи, цӀыху логием иухуауэ зы щӀэныгъэ *дисиплин*щ. Ауэ, гъэщӀэгъуэныр аращи, мы лъабжьэжьыр нобэй, адыгэбзэм хэту щытщ; икӀи, ухуауэ щыт Юглид координат системэр критикэ зэрыпщӀыпхъэу зыкъегъэлъагъуэр.

ИпщэкӀэ математикэ системэр къызэрыхъу щӀыкӀэр бзэм и лэжьэкӀэм утыку къырилъхьэу жыӀэпхъэщ. ИкӀи, къэдгъэсэбэпауэ щыт математикэ терминрэ ӀэнатӀэри, математикэ къежьапӀэу щытырщ. Ар щыхъукӀэй, дэтхэнэ зы математикэ дисиплинрэ ӀэнатӀэу щытыр (*диференсиял, тригонометри*...) бзэ лэжьэкӀэм зэрезэгъкӀэрэу къэгъэсэбэпыпхъэу щытщ. ИкӀи, а математикэ системэхэм хилъхьэну щыт еплъыкӀэ щӀэхэри къытехъукӀыну къыщӀэкӀынщ адыгэбзэм ущытелэжьыхьым щыгъуэ. Ди Ӏуэхур математикэркъым; ауэ, бзэр зэрылажьэм ухэлэжьыхьмэ, математикэр нэхъ лъэщрэ лъагэу къэзыгъэсэбэпыфыну математикантхэр къытхигъэкӀыну къыщӀэкӀынщ адыгэбзэм. ИкӀи, мы бзэр игъуэрэ хуэфащэу джарэ, и бзэщӀэныгъэр утыку къихьауэ щыт хъумэ, тӀэ, математикэри тыншу гурыӀуэгъуэ зэрыхъуфынури гулъытапхъэу щытщ.

Дауи ирехъу, зы бзэрэ зы логиер пэжу щытрэ къызэрежьа лъабжьэр зэримыгъэкӀуэдарэкӀэ лажьэу щытмэ, козмикэуй щытынщ, натуралуй щытынщ; мыхэм езэгъыу щыт математикэми дэщӀыгъунщ. Ар щыхъукӀэй, ахэм дэмыкӀуу щыт Ӏуэхугъуэрэ лъэныкъуэхэри зэрымыпэжыр къигъэлъэгъуэфынщ.

## МАКЪ ӀУЭР ГУПЫМ ЗЫ ХЭПЛЪЭГЪУЭЖ...

ИпщэкӀэ къызэрыдгъэлъэгъуам хуэдэу щытщи, ″ы″р цӀыху макъ Ӏуэр нэкулъырщи, ар макъ Ӏуэрхэр къызтехъукӀырщ. Абы, япэрауэ къыхэхъукӀыр ″э″ макъырщи, ар, макъ Ӏуэрхэм и къэхъукӀэм и къежьапӀэрщ, и пэщӀэдзэрщ. ″Э″р зы кӀуэтэгъуэрэ хэхъуэгъуэу къызэрыхъум къызэрыгуэкӀкӀэ, ар зыдынэсым елъытарэ абы хуэзадэу утыку къихьэр ″и″рщ. Мыпхуэдэу макъ Ӏуэр кӀуэтэгъуэрэ къэхъукӀэу утыку къихьауэ щыт ″э″рэ ″и″ макъитӀым зэдащӀэрэ, я зэхуакум дищӀэу

щытыр ″у″рщ. Мыпхуэдэщ макъ Iуэр лъабжьэрэ ужьыгъуэр къызэрыхъур. ТIэ, макъ Iуэр лъабжьэрэ ужьыгъуэр къыщыхъуакIэй, макъ Iуэрхэри ахэм къытехъукIынщи, аращ икIи къэхъури, адрей макъ Iуэрхэр мы макъ Iуэр лъабжьэхэм къатохъукIыр.

ИкIи гурыIуэгъуэу щытщ, мы макъ Iуэр къэхъукIэр натуралрэ козмикэм зэрезэгъыр. Макъ Iуэр лъабжьэу жыхуэтIэ мы макъхэр натуралу къэIуу щытщ: Ахэр, цIыху кIуэцIрэ жьэм, дэтхэнэ зы пэувэрэ къэзыгъэувыIэ зэрыщымыIэрэкIэ, жьыр натуралрэ хуиту къызэрыжьэдэкIым къигъэхъуу щыт макъхэрщ.

Мыпхуэдэу къэхъуауэ щыт макъ Iуэрхэм геометрикэ IэнатIэ зэраджри гурыIуэгъуэнщ; икIи, ипщэкIэ ари жытIагъэхэщ. Макъ Iуэру жыхуэтIэу хуиту къэIухэр (макъ Iуэр пIытIахэр хэмыту) макъ щэхухэр зезышэрщ. Макъ Iуэрхэм зы геометрикэ IэнатIэ зэраджым къызэрыгуэкIкIэ, макъзешэу къызпыхьэрэ зэрашэу щыт макъ щэхурэ макъдэкIуашэхэр, зыдашэм щагъэджыр: Макъзешэр къызпыхьа макъдэкIуашэр, а геометикэ IэнатIэм щоджыр. ТIэ, макъзешэхэр макъдэкIуашэхэр зыщыджыпIэрщ (мы, мэ, ма, ми, му, мо...).

ТIанэ, макъ Iуэр гуэрхэр къызэрыхъурэ къызтехъукI макъ Iуэрхэм къызэрыгуэкIкIэ, щхьэжу зы щыIэпIэрэ зы щыIэгъуэ зиIэу щытхэрщи, ахэм къыкIэлъыкIуэу щыт макъ щэхухэр мы джыгъуэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ мэджыр (иджы, игъуэ, Iущ, ут, Iэт...).

Мыпхуэдэу къэхъурэ, бзэм хэлэжьыхьу щыт макъ Iуэрхэр, къызэрыхъурэ зэрызэкIэлъхьэужьыкIэу алфавитым хыхьэу щытмэ, нэхъ игъуэ хъуну къыщIэкIынщ. ИкIи, ахэр зэрыщыту хэтхэн хуейуэ къыщIэкIын алфавитым. ТIэ, макъ Iуэрхэр алфавитым зэрыхэтхэн хуеймрэ, ахэр бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэу, псалъэ къэхъункIэ къызэрысэбэпхэми тIэкIу тепсэлъыхьыпхъэу къыщIэкIынщ.

*

″Таб:4″ым къызэрыгуэкIкIэ къэхъуарэ, бзэм хэлэжьыхьу утыку къихьауэ щыт макъ Iуэрхэм и бжыгъэр пщIыкIуплIщ:
«ы, Iы, э, Iэ, а, и, Iи, й, е, *е*, Iе, у, Iу, о».

Нэрылъагъуу щытщ мы таблицэр къызэрысэбэпкIэрэу нэгъуэщI макъхэри къызэрыхъуфыну зэрыщытыр; апхуэдэу къэхъуауэ щыт макъхэр, адыгэбзэрэ абэзэбзэ жьэрыпсалъэхэмрэ нэгъуэщIыбзэхэм хэту щытщ.

Ар щхьэ, гулъытапхъэрэ гъэщIэгъуэныр аращи, макъ Iуэррэ макъзешэхэр къызэрыхъу щIыкIэри, ахэм ягъэзащIэу щытри, мы утыку къихьауэ щыт макъхэм нэгъуэщI макъхэр къызэригъэщIыфыну зэрыщытри къэзыгъэлъагъуэрэ гурыIуэгъуэ ищIыфу щытщ адыгэбзэм. Ар къызхэкIыр, япэрауэ, адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытращ; икIи, адыгэбзэм макъ мыхьэнэ лэжьэкIэр зэриIэрэ, макъхэм я матесисыр зэрамыгъэкIуэдарэ, и лъабжьэр зэрыщIэмыударащ.

Макъ Iуэрхэм  ящыщрэ, лимитацэ хъуауэ жыхуэтIэу щыт макъ пIытIахэр хомыбжэмэ, адрейхэр макъзешэщ. Макъ Iуэр лъабжьэу жыхуэтIэхэм къатехъукIрэ хуиту къэIукIэ зиIэ макъ Iуэрхэр макъзешэщ.

Адыгэбзэм зэрыхэткIэрэ макъзешэ къэлэн зымгъэзащIэу щыт макъ Iуэрхэм хуэдэу жыIэпхъэщ нэгъуэщIыбзэ куэдым хэту щыт макъзешэ къэлэн зыгъэзащIэу щыт макъ Iуэрхэр:
«Iы*: ı*; Iэ: *a, Ia: a*; Iи :*i*; Iе: *e*; Iу: *u*».

Нэръылъагъуэу щытщи, мы макъхэр зи макъзешэу щыт бзэ нэхъыбэм, адыгэбзэм хэту щытрэ, жьыр жьэм хуиту къызэрыжьэдэкIым къигъэхъуу щыт макъхэр хэткъым. Макъ Iуэр лъабжьэу къэтлъытауэ щыт макъхэри мыпхуэдэу натуралрэ хуиту къызэрыIуэр жытIауэ щытащи, апхуэдэу макъ Iуэр къэIуныр зы лъабжьэщ. НэгъуэщI бзэ куэдым мыпхуэдэу хуитрэ лъэщу макъ Iуэр къызэрыIур ″ударенэ″ Iуэхугъуэу ялъытэр.

Адыгэбзэм дыкъыхуэкIуэжмэ, абы макъ Iуэру къигъэщIауэ щытхэр, мы таблицэ (Таб:4) лэжьыгъэми къызэригъэлъагъуэрщи, мыхэращ:
«ы, Iы, э, Iэ, а, и, Iи, й, е, *е*, Iе, у, Iу, о».

Мыбы ″*е*″мрэ ″е″р зэхуэдэу тхауэ щытщи, алфавитым зэрыхэтхам хуэдэу а макъитIри ″е″уэ къэдгъэлъэгъуэнщ. ТIэ, зы жьэрыпсалъэ пыухытыкIауэ къэсэбэпуй жыIэпхъэ мыхъуми, ″ы″м къытехъукIауэ щыт ″Iы″ри хэтыжу, Къэбэрдей алфавитым хэтын хуейуэ лъытапхъэ макъ Iуэр бжыгъэр пщIыкIущщ зэрыхъур:
«ы, Iы, э, Iэ, а, и, Iи, й, е, Iе, у, Iу, о».

Мыбы нэмыщI, макъ зэгуэт гуэрхэри зы тхыпкъкIэ тхыпхъэй мэхъури, аращ Крил алфавитым къызэрыгуэкIкIэ адыгэбзэ алфавитми къыхыхьауэ шыт ″я″ тхыпкъыр. ″Я″ тхыпкъым къигъэлъагъуэу щыт макъхэр ″иа″ (икIи, ″йа″) макъ зэгуэтхэрщ. ″Я″ тхыпкъым хэту щыт макъхэр икIи макъзешэу щытщ; ауэ,  ″я″ тхыпкъым къигъэлъагъуэу щыт макъхэр зы *слог*у щытщи, макъзешэ къэлэн игъэзащIэркъым. ″Я″ тхыпкъым хэту щыт макъхэр макъ Iуэру зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, а слогри Iуэру къэIуу щытщи, ари хэббжэмэ, Адыгэ алфавитым хэту щыт макъ Iуэр тхыпкъхэр зыкIэ мэбагъуэр.

ТIанэ, ″я″ тхыпкъым теухуауэ жыIэпхъэхэр щыIэщ: ″Я″ тхыпкъым къигъэлъагъуэу щыт макъ зэгуэтыр нахуэрэ IупщIыу щыт макъхэрщ; ахэр зэрызэгухьэкIэ яджыр зэхъукIыркъым, зэрыщыту щытыжхэщ. ″Е″ тхыпкъым иджым хуэдэу (иэ, эи) зы IуэхугъуэщIэ утыку къихьэркъым ″я″ тхыпкъым къигъэлъагъуэ макъхэмкIэ. Ар щыхъукIэй, ″я″м хиубыдэу щыт дэтхэнэ зы макъыр зэрыщыту тхыпхъэщи, щхьэхуэу ″я″р къэгъэсэбэпын ухуэныкъуэжынкъым. Ауэ, алфавитым щыхэткIэ ″я″ тхыпкъри хэдбжэжынщ.

ТIэ, Къэбэрдей алфавитым хэту щыт макъ Iуэрхэр ипщэкIэ къызэрыдгъэлъэгъуам хуэдэу зэкIэлъхьэужьыкIэ иIэу щытыныр игъуэщ. Мы зэкIэлъхьэужьыкIэм зэрезэгъкIэрэу, макъ Iуэр гупхэри нахуэу щытщ. Макъ Iуэхэр зэхэгъэкIыпхъэу щытмэ, ахэр ″э, и, у″м къызэрытехъукIым къызэрыгуэкIкIэ гуп зэрыщIыпхъэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ:

«Ы, IЫ»; «Э, IЭ, А»; «И, IИ, Й, Е, -Я-, IЕ»; «У, IУ, О».

## МАКЪ IУЭРХЭР ПСАЛЪЭ ЗЭРЫХЪУРЭ, АХЭМ ПСАЛЪЭ КЪЫЗЭРАГЪЭХЪУ ЩIЫКIЭР

Макъыбзэу щыт адыгэбзэм хэту щыт макъ Iуэрхэм и зы бжанэр, къызэрыIу щIыкIэу зы мыхьэнэ утыку къизылъхьэу щытхэщи, а дэтхэнэ зы макъыр зы псалъэу лъытапхъэщ:

«Iэ, а, и, е, Iе, у, Iу».

Ауэ, макъ Iуэррэ макъзешэ къэлэн зыгъэзащIэу щытхэр нэхъыбэу зыхуэсэбэпым къызэрыгуэкIкIэ рол зиIэ макъхэу щытщ. Ахэр ипщэкIэ къызэрыдгъэлъэгъуарэ къызэрыхъуа щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, ахэм геометрикэ рол ягъэзащIэу щытщ.

Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъ Iуэрхэм, ипщэкIэ утыку къызэрихьам къызэрыгуэкIкIэ гурыIуэгъуэу щытщи, я къэлэнрэ ягъэзащIэр, зы геометрикэ Iуэхугъуэу щытщ. Макъ Iуэр гуэрхэм я Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэй, занщIэу глагол лэжьэкIэ ягъуэтыр:

«Ин, ун, Iун» макъхэр занщIэу глагол мэхъур; мыхэм щыщ макъитIым ″э″р къыщыпыхьэм щыгъуэй аргуэрэу занщIэу глагол мэухуэр (уэн, Iуэн)».

Таб: 9

| | Сы, э | ЩIы, э | Цы, э | Дзы, э | Зы, э |
|---|---|---|---|---|---|
| Э | Сэ | ЩIэ | Цэ | Дзэ | Зэ |
| Iэ | Iэс, Iэсэ, Iэса | | Iэц | Iэдзэ, Iэ дзэ, Iэдз, Iэдза, Iэ за; дзыIэ, дзыIа, дзаIэ, дзэIэ, дзаIа | Iэзэ, Iэза; зы Iэ, заIэ, заIа |
| А | Са | ЩIа | | Дза, адзэ | За, азэ |
| И | Ис, исэ; си, сэи, саи | ИцI, ицIэ, и цIэ; цIэи | И цы; цыи | Идз, идзэ, идза, и дзэ, и дза; дзыи, дзэи, дзаи, дзэя, дзая | Из, яз, язэ, яза, изэ, и зы, и зэ; зи, зыи, зэи, зае, зыя, зая, |
| Iи | Iис | | | | |
| Й | Сый, сэй, сай | цIый, цIэй, цIай | Цый, цэй | Дзый, дзэй, Дзай | Зый, зэй, зай |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Е | Ес, есэ; се, сые | ецI, ецIэ; цIые, цIе, ЦIей | Це, цей | Едз, едзэ, едза, ядза, я дзэ, ядза; дзые, дзе, дзей, дзае | Ез, яз, езэ, язэ, езы; зе, зей, зые, зэе, зае, |
| У,э | Ус, усэ, уэс, уасэ, уса, уаса; сыуа, сауэ, сауа, сыуэ, сэуэ | уцI, уцIэ, у цIэ, уэ цIэ, у цIа, уцIа; цIу, цIыу, цIыуэ, цIэуа, цIэу, цIау, цIауэ, цIауа | Уц, уэц, уцэ; цыу, цыуэ, цэу, цэуэ, цау, цауэ | Удз, удзэ, уэдз, уэдзэ, удза, уадза, уа дза; дзыу, дзэу, дзыуэ, дзэуэ, дзауэ, дзыуа, дзауа | Уз, уза, уэз, уэза, узэ, уазэ, у зэ, уэ зэ, уа зэ, уэ зы; зэу, зауэ, зэуа, зыуэ, зыу, зу |
| Iу,э | Iус, Iусэ, Iуэсэ, Iуасэ, Iуса, Iуаса; сыIуэ, сыIуа, сэIу, сэIуэ саIуэ, саIу, саIуа | IуцI, IуцIэ, IуэцIэ, IуацIэ, IуцIа, IуацIа, Iуэ цIэ, Iуа цIэ; цIыIу, цIаIу, цIыIуэ, цIаIуэ, цIыIуа, цIаIуа | Iуц, Iуцэ, Iуац, Iуэц, Iуэцэ, Iуацэ; цыIу, цэIу, цыIуэ, цэIуэ, цаIуэ | Iудз, Iудзэ, Iудза, Iудзэ, Iуадз, Iуадза, Iуэдзэ, Iуэ дзэ, Iуа дзэ; дзыIу, дзыIуа, дзыIуэ, дзаIуэ, дзэIуэ, дзаIуа | Iуз, Iузэ, Iуза, Iуэз, Iуазэ; зыIу, зы Iу, зэIу, зэIуэ, заIуэ, зэIуа, заIуа, заIу, зыIу, зыIуэ, зыIуа |

Макъыбзэу щыт адыгэбзэм, мыхьэнэу къигъэщIын Iуэхугъуэм теухуауэ, макъ Iуэрхэри зэпохьэр; ахэр зэкIэлъхьэужьу къызэрыIуфым къызэрыгуэкIкIэй, зы мыхьэнэщIэ утыку къыралхьэри, псалъэрэ жыIэгъуэхэр яухуэр. Япэрауэ, "ы" макъым ипIэм иувэу щыт "э"р макъ Iуэрхэм икIэм къыщыпыхьэм щыгъуэ, псэлъэщIэхэр утыку къохьэр:
«Уэ, Iуэ; "е"уэ щыт "иэ"ри мыпхуэдэщ; "э" куэдагъэу щыт "а"р "и"м къыщыпыхьэм щыгъуэ, и къэIукIэу щытрэ "я" тхыпкъым къигъэлъагъуэ "иа"ри ардыдэу щытщ».

НэгъуэщI макъ Iуэрхэри зэпыхьэфу щытщи, зэкIэлъхьэужьу къэIуу псалъэрэ жыIэгъуэхэр утыку къохьэр:
«ИIэ, яIэ (иа-Iэ), уIэ, аIэ, ай тIур, ае, ауэ, еIэ, еуэ, еууей, еIу, иIу, ей, уи, уей, уае...».

Макъ Iуэрхэр зэрызэгухьэрэкIэ къэхъуу щыт мы псалъэрэ жыIэгъуэхэр зы таблицэм иту къэгъэлъэгъуапхъэщ; апщыгъуэм икIи, зэгухьэрэ зэгуэмыхьэу щыт макъхэр нэхъыфIыжу гулъытапхъэ хъунщ, икIи, мыбы и щхьэусыгъуэу щытхэри къэунэхупхъэ хъунщ.

Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIэ, макъ Iуэрхэмрэ макъ щэхухэр зэрызэгухьэрэ псалъэрэ псэлъапхъэхэр утыку къызэрихьэр къэзыгъэлъагъуэу зы таблицэрщ "Таб:9"ыр.

Бзэ лэжьэкIэрэ, ар зэрызэтеувэ щIыкIэр, псалъэхэр утыку къызэрихьэр макъхэр зэрызэгухьэкIэрщи, макъ зэгуэмыхьэу щытхэри

хэплъэгъуапхъэщ мы таблицэми, зэгухьэфу щыт макъхэм утыку къыралъхьэу щыт псалъэрэ жыIэгъуэхэр е псэлъапхъэхэр хэплъэгъуэфу щытщ мы таблицэм.

Щапхъэу къэтхьауэ щыт макъ щэху зы бжанэмрэ макъ Iуэрхэр зэрызэгухьэрэкIэ утыку къихьэу щыт псалъэрэ жыIэгъуэхэр зэрымымащIэр гулъытапхъэу щытщ. Мыпхуэдэ хъуну къыщIэкIынщ зы макъыбзэм псалъэхэр къызэригъэщI щIыкIэри, а макъхэр зэрызэгухьэф Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ утыку къихьэфыну щыт псалъэрэ жыIэгъуэм и бжыгъэр кIэ зимыIэу лъытапхъэщ.

ЩIыпIэ куэд имыубыдын папщIэ ″ы, Iы, о″ макъхэр хэгъэкIауэ щытщ таблицэр. ГурыIуэгъуэщи, ″ы″рэ ″э″ кIэух зиIэу щыт макъхэм я куэдагъэрэ я жыжьагъэр ″а″ хъууэ щытщи, щхьэжу ″А″ макъ сатырым хэмыту ″а″ макъыр къызэрыхъур гулъытапхъэщ.

Мыр зы Iуэхугъуэ IэнатIэу щытщи, зы щапхъэу щыт мы таблицэм хиубыдэри макъ щэху зы бжанэрщ; тIэ, къэна лъэныкъуэхэм телэжьыхьыныр, бзэм хэлэжьыхьын зи гугъэу щыт еджакIуэхэм къахуренэ.

## ЕЩЭНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ
## МАКЪ ЩЭХУХЭР

### МАКЪ ЩЭХУХЭР ЗЭРЫЗЭРЕЛЪЫТАРЭ, ЗЭРЫБАГЪУЭР...

Макъ щэхухэр макъ Iуэрхэм геометрикэ IэнатIэ зэраджым хуэдэу математикэу щыту жыIэпхъэкъым. Пэжьщ, я мыхьэнэ Iэмалыгъуэрэ я матесисыр зэрамыгъэкIуэдауэ бзэм зэрыхэтри, утыку къыралъхьэу щыт мыхьэнэрэ псалъэхэр мыпхуэдэу зэтеувэу щытыщ. Ар щыхъукIэй, я лэжьэкIэр математикэ операцэкIэ утыку къилъхьэпхъэу щытщ. Ауэ, макъ щэхухэр къызэрыхъурэ, щхьэжу яджу щытыр нэхъыбэу философие Iуэхугъуэу жыIэпхъэщ.

Макъ щэхухэр цIыху кIуэцIым къыщекIуэкI зы Iуэхугъуэу, ″ы″ кIэухкIэрэ къызэрыIурэ макъ кулъым хэту зыкъыщагъэлъагъуэм щыгъуэ, утыку къыралъхьэрэ къагъэлъагъуэр философие Iуэхугъуэу жыIэпхъэщ. Ар щыхъукIэй, дэтхэнэ зы макъ щэхум къигъэлъагъуэу щыт философие Iуэхугъуэм щхьэжу тепсэлхъыхьын хуейуэ щытщ.

ТIэ, макъ щэхухэм теухауэ мы пыкыгъуэм и гугъу зэрытщIынур, ахэм яку дэлъу щыт зэпыщIэныгъэрэ, мы зэпыщIэныгъэм къызэрыгуэкIкIэй къызэрыхъу щIыкIэм дытепсэлъыхьынырщ. ТIанэ, макъ щэхухэр мыхьэнэрэ псалъэу утыку къызэрихьэм дытепсэлъыхьынщ. Иужьрей Iыхьэм макъ щэхухэм щхьэжу дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ, ахэр зэрыфилозофие щIыкIэм нэхъыфIыжу зыкъигъэлъагъуэнщ.

ТIэ, мы пыкыгъуэм и пэщIэдзэу, ипщэкIэ макъ Iуэрхэм дыхэплъэжарэ ахэр гуп гупу зэрызэхэдгъэкIа лэжьыгъэм хуэдэу, макъ щэхухэри зэхэдгъэкIмэ, адыгэбзэ макъхэр алфавитым зэритын хуей щIыкIэм теухуауэ жыIэпхъэхэр утыку къихьэну къыщIэкIынщ.

Нобэ адыгэбзэ (къэбэрдеибзэ) алфавитым хэту щыт макъ щэхуу жыхуэтIэу щытхэр мыхэращ:
«Б, в, г, гу, гъ, гъу, д, дж, дз, ж, жь, к, ку, кI, кIу, къ, къу, кхъ, кхъу, л, лъ, лI, м, н, п, пI, р, с, т, тI, ф, фI, х, ху, хь, хъ, хъу, ц, цI, ч, ш, щ, щI».

Мы макъхэр алфавитым зэрыкIэлъхьэужьыкIэри, -макъ Iуэр жыхуэтIэхэр къызэрыхэгъэкIа щIыкIэу- мы зэрыттхам хуэдэу щытщ.

Алфавитым хэту щыт макъхэр зэрызэкIэлъхьэужьыкIэр урысыбзэ алфавитым зэрегъэщхьарэкIэ ухуауэ щытщ. Урыс алфавитым хэту щыт тхыпкъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэри Европэ алфавит зэхэлъхьэкIэм зэрезэгърэкIэ ухуауэ щытщ. Мы алфавит зэхэлъхьэкIэри, а алфавитхэр къызтехъукIауэ щыт алфавитыжьрэ лъабжьэм къигъуэгурыкIуам къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьауэ зы Iуэхущ. Танэ, макъыр мыхьэнэншэу зылъытэу щыт зы щIэныгъэм къызэрыгуэкIкIэ, макъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэр Iуэхушхуэу ялъытэу щыткъым. Ауэ, алфавит зэхэлъхьэкIэм зы *стандарт* иIэу щытмэ, елэжьыгъуафIэрэ гулъытэгъуафIэ хъуну къыщIэкIынщи, мыбы къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы бзэм и макъхэр алфавитым щыхыхьэм щыгъуэ, зэхуэдэрэ зэщхьу зэхалъхьэр.

Ар щхьэ, адыгэбзэ макъхэр мыхьэнэншэкъым; икIи, макъыбзэу щытщ адыгэбзэри, макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэхэр зэрылъабжьэрэкIэу алфавитыр зэхэлъхьа хъууэ щытмэ, нэхъ гурыIуэгъуэрэ гулъытапхъэу зы Iуэхугъуэ утыку къихьэну къыщIэкIынщ.

Макъхэм мыхьэнэ яIэу щыжытIэм щыгъуэ, макъыр зэрыдж щIыкIэу къигъэлъагъуэр и мыхьэнэрауэ аращ жытIэр. Ар щыхъукIэй, зэгъунэгъуу къэIу макъхэм я мыхьэнэхэри зэгъунэгъуу щытщ. ТIэ, зэгъунэгъуу къэIуу щыт макъхэр зэрызэкIэлъхьэужь щIыкIэу макъ гупхэр къэгъэунэхуарэ алфавитыр зэхэлъхьауэ щытмэ, адыгэбзэм нэхъ къезэгъыну щытщ; икIи, мыпхуэдэу зэхэлъхьауэ щыт зы алфавитыр, абы елэжьынухэмкIэй нэхъ тынш хъуну къыщIэкIынщ.

ТIанэ, макъ Iуэрхэм дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ зэрытлъэгъуам хуэдэу щытщи, адыгэбзэм хэту щыт макъхэр утыку къызэрихьарэ, а утыку къихьауэ щыт макъхэми кIуэ пэтрэ нэгъуэщI макъхэр къызэрагъэщIар гурыIуэгъуэу щытщ. Ар щыхъукIэй, макъ гуэрхэр нэгъуэщI макъхэм къатехъукIауэ щытщи, мыхьэнэрэ макъкIэй къызтехъуакIарэ зыхуэгъуэнэгъу макъым ещхьщ; икIи, а макъыр къызтехъукIауэ щыт макъым елъытарэ пыщIауэ щытщ. ТIэ, мы макъхэр зы макъ гупу лъытапхъэщи, ахэр зэкIэлъхьэужьу хэтын хуейщ алфавитым.

Мы еплъыкIэмкIэй, макъ Iуэрхэр къызэрыхъурэ зызэрелъытам къызэрыгуэкIкIэ, гуп гупрэ зы IэнатIэу щытын хуейщ. Абы

къыкIэлъыкIуэну щыт IэнатIэри, иджы зи гугъу тщIыуэ щыт макъ щэхухэрщи, ахэри гуп гупурэ зэхэгъэкIауэ зэкIэлъхьэужьыкIэр утыку къилъхьэн хуейщ. Мыпхуэдэу щытын хуейуэ къыщIэкIынщ адыгэбзэ алфавитым и зэхэлъхьэкIэр.

Зы макъыбзэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, адыгэбзэм и макъхэр зэрыкуэдыр гурыIуэгъуэу щытщи, а макъхэр зэрыкуэдым щышынэн хуейуэ щыткъым; дэнэ къэна, ахэр зэрыщыту хъумэнрэ, дэтхэнэ зы жьэрыпсалъэм хэту щыт макъхэри къызэщIиубыдэу алфавитым игъэхьэн хуейуэ щытщ. Абы хэкIуадэ макъыр зы макъыбзэ лъабжьэм хэщIырщ.

Натуралрэ езырыжу, бзэм и лэжьэкIэм къызэрыгуэкIкIэ кIуэду щыт зы макъым иджыр, а макъым и гъунэгъуу щыт нэгъуэщI зы макъым трилъхьэу, езыр кIуэдыжми и Iэмалыгъуэрэ и мыхьэнэр зэрыгъэзащIэр *гарант* зэрищIкIэрэу, бзэм хэкIуэдыкIыу жыIэпхъэщ. Ар щхьэ, алфавитым зэрыхомыгъэхьам къызэрыгуэкIкIэ кIуэдыпIэм ибгъахуэу щыт зы макъым и Iэмалыгъуэр нэгъуэщI зы макъкIэрэ натуралрэ бзэ логием езэгъыу щIызомыгъэзэщIэфым папщIэй, -икIи, ар уэ бгъэзэщIэфыну зы гуэркъым, ар зэманыгъуэрэ псэ IуэхугъуэрэкIэ мэгъэзащIэр-, бгъэкIуэду щыт зы макъыр бзэм и зы Iэмалыгъуэрщ: Мыпхуэдэ зы Iуэхур зи *хьэкъ* хъууэ щыт гуэр щыIэнкъым!

Аращи, ипщэкIэ утыку къихьэрэ зы мыхьэнэ пыухытыкIа къэзыгъэлъагъуэу щыт макъ Iуэрхэри хэтыжу зэхэлъхьэн хуейщ алфавитыр. А нэхъ мащIэу, нобэ гъэзэщIапхъэу щытыр аращи, мы жытIэхэм къызэрыгуэкIкIэ алфавитыр зумыхъуэкIыу щытми, адыгэбзэм хэту щыт макъхэр зэрыщытыр къыщыгъэлъэгъуэн хуейщ алфавитым и къежьапIэм деж.

*

ИпщэкIэ Къэбэрдей алфавитым макъхэр зэратха тхыпкърэ, ар алфавитым зэрыхэт зэкIэлъхьэужьыкIэр къэдгъэлъэгъуауэ щытщ. Мы ттхауэ щыт тхыпкъхэр алфавитым зэрыхэткIэрэу, язэхуакум къыдэхьэу щыт макъ Iуэрхэр хэдгъэкIауэ къэдгъэлъэгъуауэ щытщ. Мы макъ щэхухэр къызэрыIу щIыкIэм дызэрыщыгъуазэм къызэрыгуэкIкIэ макъ гупхэр утыку къихьэнщ. Апщыгъуэм, яджу щыт мыхьэнэхэри зэрызэпэгъунэгъур гурыIуэгъуэ хъуну щытщ. Макъхэр къызэрыIум хуэдэу мэджри, зэщхьу къэIуу щыт макъхэм яджрэ утыку къырагъэхьэу щыт мыхьэнэхэри зэгъунэгъуу щытщ.

Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ ящIыу щыт зы еплъыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, макъ щэхухэр гуп гупу зэхэгъэкIын хуеймэ, илъабжьэкIэ къэдгъэлъэгъуауэ щыт гупхэр утыку къилъхьэпхъэу щытщ. Макъ щэхурэ макъдэкIуашэу утыку итхэр къызэрыIу щIыкIэу зэхэбгъэкIыу щытмэ, ахэр, мыхьэнэу яджым къызэрыгуэкIкIэй гуп гупу зэхэбгъэкIауэ аращ хъури; мы еплыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, зы телэжьыхьыгъуэм утыку къыригъэхьауэ щыт макъ щэху гупхэр мыпхуэдэу щытынщ:

«С, ц, цI, з, дз»; «гъ, гъу, гь-дж, г, гу»; «д, т, тI»; «ж, жь»; «щ, щI, ш»; «к-ч, ку, кI, кIу»; «къ, къу»; «кхъ, кхъу»; «хъ, хъу»; «х, ху»; «хь»; «лъ, л, лI»; «п, пI, б»; «ф, фI, в»; «м, н»; «р».

Зи гугъу тщIа еплъыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, зы гуп щIын Iуэхугъуэри, мы къэдгъэлъэгъуауэ щыт щIыкIэ закъуэрауэ жытIэркъым. Ауэ, макъхэр къызэрыIу щIыкIэрэ, зы макъым нэгъуэщI макъыр къызэригъэщIыфри хэтыжу, IэнатIэ IэнатIэу тепсэлъыхьыпхъэ щIауэ зы еплъыкIэкIэ утыку къихьауэ щытщ мы макъ щэху гупхэр.

*

Макъ щэхухэр ″с″ макъымкIэ къедгъэжьащи, абы дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ, и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэ хъуну къыщIэкIынщ. ИкIи, мыпхуэдэу гуп зэрытщIам и щхьэусыгъуэри, макъхэм дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ нахуэ хъуну къыщIэкIынщ.

Ауэ, мы макъхэр мыпхуэдэу гуп гупу зэхэбгъэкIми, тежыIыхьын гуэрхэр щыIэщ абы. Ахэр къызэрыхъурэ, зыр зым елъытауэ зэрыщытыр, зыр зым къызэригъэщIыпхъэу зэрыщытыр жыIэпхъэщ. ЖыпIэ хъунущ, мы макъхэр зыр зым зэрелъытарэкIэ къэхъуауэ; къэIун Iэмалыгъуэр къызэрысэбэпрэ, макъыр къыздикI щIыпIэр технологиеу къызэригъэсэбэпкIэрэу, цIыхум зы макъым нэгъуэщI макъхэр къытыригъэхъукIауэ жыIэпхъэщ.

Макъхэр зыр зым елъытауэ ″пхъэшагъэ, щэбагъэ, дэгугъэ, псыгъуагъэ, гъумагъ, щэхугъэрэ Iуэрыгъэ″кIэ зэгъунэгъурэ зэщхьэщыкIыу щытщи, мыпхуэдэрэкIэй, зыр зым къигъэщIыпхъэрэ къытехъукIыпхъэу зэхущытщ. Мыпхуэдэ еплъыкIэмкIэ убгъэдыхьэу щытмэ, дэтхэнэ зы макъым и пхъашэрэ и щабэ къэIукIэ зиIэ макъхэр къэгъэхъупхъэу щытщ. МыпхуэдэрэкIэй, алфавитым нобэ хэмыту щыт макъхэри къызэрыIупхъэр гурыIугъуэ мэхъури, къиIуапхъэу щыт дэтхэнэ зы макъыр зэрыхэмытыр гурыIуэгъуэ мэхъур бзэм. ТIанэ, а макъхэм дэтхэнэ зыр нэгъуэщI адыгэбзэ жьэрыпсалъэм зэрыхэтри гурыIуэгъуэщ. Мыбы, къиIупхъэу щытрэ бзэм хэт мыхъуа макъхэри, хэту щытарэ нобэ хэкIыжауэ щыт макъ гуэрхэри зэрыщыIапхъэр гурыIуэгъуэ къыпхуещIыр.

Макъыр пхъэшагъэрэ щэбагъэу зэрызэщхьэщыкIым нэмыщI, дэтхэнэ зы макъым и пIытIа макъри къэхъупхъэу жыIэпхъэщ. Ар щхьэ, а макъ пIытIа псори бзэм хэтыжу щыткъым, е хэту къэсэбэпакъым. Ауэ, бзэм хэту щытрэ ″I″ нагъыщэкIэ къэдымгъэлъэгъуауэ щыт макъ гуэрхэр нэгъуэщI макъхэм я пIытIауэ къэIупхъэу щытщ. Псалъэм папщIэ, ″к″ макъым и пIытIар ″кI″ зэрыхъум хуэдэжу, ″гь″ макъым и пIытIари ″кI″ хъунщ; ″ч″ макъым и пIытIам хуэдэжу къэIунщ ″дж″ макъым и пIытIари, ар ″чI″ хъунщ. ″Гъ, хъ, кхъ″ макъхэм и пIытIар ″къ″ хъунщ. Пытщэмэ, ″щ″ макъым и пIытIауэ щыт ″щI″ макъыр, икIи ″жь″ макъми и пIытIа хъунщ. Аращи, адыгэбзэм и макъхэм, дэтхэнэ зы лъэныкъуэрэ еплъыкIэм къызэрыгуэкIкIэ зэпыщIэныгъэ зэрызыхуаIэр жыIэпхъэщ.

Дэтхэнэ зы макъым и пIытIа макъыр хэтыжу щыткъым дэтхэнэ зы адыгэбзэ диялектым. ″Ж″ макъым и пIытIари, ″ш″ макъым и пIытIа макъри къэбэрдеибзэм хэмыту щытми, кIахэбзэм хэтщ. Мыбы хуэдэу щытщи, абазэбзэ жьэрыпсалъэхэми нэгъуэщI макъхэм я пIытIахэр хэту щытщ.

″Хь″ макъым и щабэу къэIуу зы макъи хэтащ адыгэбзэми, ар тыркубзэрэ (h) алманыбзэм (ch) хэту щыт зы макъым хуэдэу щытащи, и гугъу щытщIакIэ мыбдежым ар ″h″ тхыпкъымкIэ къэдгъэлъэгъуэнщ.

Мыбы ещхьу къэIуу щытрэ, иджрэ къикIыр мынаIуэжу щытами, дыгъуасэ нэгъунэ адыгэбзэм зы макъыу къигъэсэбэпу щытауэ зы макъырщ ″хь″ е ″h″м и пIытIауэ лъытапхъэу щыт а макъыр. А макъымкIэ къыриIуэу щытащ адыгэбзэм, нобэ ″хьэрып″ жыхуэтIэу щыт псалъэм ипэ иту щыт ″хь″ри, ар гурыIуэгъуэ хъун папщIэ ″Ih″уэ ттхынщ. А макъыр ″хь″ макъым зэригъунэгъур гурыIуэгъуэу щытщи, абазэбзэм хэту зэрыщытрэ къызэрысэбэпри, адыгэбзэ ″хь″ макъ мыхьэнэм ещхьу щытщ.

Мы зи гугъу тщIы IэмалыгъуэхэмкIэ бэгъуауэ щытагъэнщ макъхэри, ахэр мы IэмалыгъуэхэмкIэ зыр зым къытехъукIыу щытщ. Къэбэрдеибзэм нобэ хэту щыт макъхэри мыпхуэдэу зыр зым елъытауэ зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, зыр зым къытехъукIауэ лъытапхъэу щытщ. Мы зи гугъу тщIауэ щыт Iэмалыгъуэхэм (щабэ, пхъашэ, пIытIа...) къызэригъэхъурэ зэрзелъытакIэрэу, нобэ къэбэрдеибзэ макъхэу алфавитым хыхьауэ щыт макъхэр мыпхуэдэу гуп гупу тхыпхъэщ:
«С, ц, цI, з, дз»; «гъ, гь-дж, г»; «д, т, тI»; «ж, жь»; «щ, щI, ш»; «к-ч, кI»; «къ, къу»; «кхъ»; «хъ»; «х»; «хь»; «лъ, л, лI»; «п, пI, б»; «ф, фI, в»; «м, н»; «р».

*

Нэрылъагъуу щытщи, мы макъ гупхэм ″у″ кIэух зиIэу щыт макъхэр хэттхакъым. ″У″ макъыр ужьыгъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, ″у″р кIэух зыхуэхъуу щыт макъым и ужьыгъуэ мыхьэнэкIэрэ зы макъыщIэ утыку къихьэу щытщ.

ГурыIуэгъуэ зэрыхъунуращи, зы макъыбзэм Iэмал зэриIэрэкIэ макъ куэд хэтынущ. Макъыр къызэрыхъуфынурэ зэрызэхъуэкIыфыну Iэмалыгъуэхэр къызэригъэсэбэпкIэрэу макъ щIэхэр къигъэщIыну къыщIэкIынщ абы. Дэтхэнэ зы бзэри, зы зэманыгъуэм мыпхуэдэу щытагъэнщ. Бзэр макъкIэ зэрыухуэм ипкъ иткIэ, псэлъэбзэм и лъабжьэр макъыбзэу щытщ. Дэтхэнэ зы макъыр зы джын Iэмалыгъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, зы Iуэхугъуэр къызэригъэлъагъуфрэ абы теухуауэ къызэрысэбэпкIэрэу, зы мыхьэнэ утыку къохьэр. А зы мыхьэнэу щытым зэрытеухуарэ абы зэрыпыщIарэкIэ къэхъуу щытыр зы псалъэу къосэбэпыр. Аращи, макъ къизыIуэрэ, ар зы бзэу къэзыгъэсэбэпу щIэзыдза цIыхум, нэхъ Iэмалыгъуэ куэд къигъэхъун гупщысэкIэ макъхэр

игъэбэгъуэн иужь итагъэнщ; макъхэр зы псалъэу къызэрысэбэпым папщӀэ, ахэр игъэбэгъуэн гугъэ иӀагъэнщ.

Макъ гъэбэгъуэн гугъэ зэриӀэрэ, абы и ужь зэритыр щыжытӀэм щыгъуэ, а Ӏуэхугъуэм щхьэкӀэ хэтрэ елэжьыу, ар зы модернизмэ Ӏуэхугъуэу жытӀэркъым. ТӀэ, натуралрэ псэ ужьыкӀэм къызэрыгуэкӀрэ зэрелъытарэкӀэ, цӀыхум езыри зыщыщрэ зыхэтыжу щыт зы лъабжьэу натуралрэ козмикэ системэр зэрылажьэм и гугъу тщӀыуэ аращ мыбдежым.

Мыбы къызэрыгуэкӀкӀэй, макъхэр щабэрэ пхъашэу, дэгурэ пӀытӀауэ къызэриӀуэрэкӀэ игъэбэгъуэн Ӏуэхугъуэм нэмыщӀ, макъхэм яджым и ужьыгъуэ Ӏэмалыгъуэу "у" кӀэухыр къигъэсэбэпащ. ЖыпӀэ хъунущ, дэтхэнэ зы макъ гупым хэту щыт зы макъым и ужьыгъуэ мыхьэнэр зэрыхъупхъэрэ макъыу къызэрыӀуфынум къызэрыгуэкӀкӀэ, "у" кӀэух пыту макъ гуэрхэр утыку къихьауэ.

ТӀэ, пхъэшагъэрэ щэбагъэу, пӀытӀа зэрыхъукӀэрэу утыку къихьэу къэбэрдеибзэм хэту щыт макъ щэху гупхэр ипщэкӀэ къэдгъэлъэгъуауэ щытщи, ахэм ящыщ макъ гуэрхэм "у" кӀэух зиӀэу къатехъукӀ макъхэр къэдгъэлъэгъуэнщ. "Таб:10"ым, къэбэрдеибзэм нобэ къыхэнэжауэ "у" кӀэухкӀэ къэӀу макъхэмрэ, ахэр къызтехъукӀ макъхэр къегъэлъагъуэр.

<u>Таб: 10</u>

| <u>КӀэух</u> ↓ | Гъ | Гь | К | КӀ | Къ | Кхъ | Хъ | Х |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| У | Гъу | Гу | Ку | КӀу | Къу | Кхъу | Хъу | Ху |

Мы таблицэм хэту щымытрэ "у" кӀэух зиӀэу къэӀуу щыт нэгъуэщӀ макъхэри иӀэщ адыгэбзэм. Ауэ, дызтелэжьыхьрэ макъыу ттхыр къэбэрдеибзэрщи, нэгъуэщӀ адыгэбзэрэ абазэбзэ макъхэр хэдгъэхьакъым. Нобэрей Адыгей бзэм хэту щытрэ "у" кӀэухкӀэ къэӀу макъхэм ящыщщ мыхэр: «Жъу, пӀу, тӀу, цу, шъу, шӀу».

Мыпхуэдэу "у" кӀэухкӀэ къэӀуу щыту нэгъуэщӀ макъхэри хэтщ абэзэбзэми.

Къэбзэрдеибзэм щхьэжу макъыу "у" кӀэухкӀэрэ къэӀуу хэт макъхэр ипщэкӀэ къызэрыдгъэлъэгъуам хуэдэщ. Ауэ, мыпхуэдэу щхьэжу макъ мыхъуу щытми, "у" кӀэухкӀэрэ къэӀуу макъ зэгуэту псалъэхэр хэтщ къэбэрдеибзэми, ахэри кӀуэ пэтрэ щхьэжу макъ къэхъупхъэ гъуэгум тетыну щытауэй жыӀэпхъэщ. Мы зи гугъу тщӀыхэр "тӀу, шу, цӀу" псалъэхэрщ. Мыхэм къакӀэлъыкӀуэу щыту лъытапхъэщ "пӀу, ву, фу, ду" хуэдэ макъхэри. ТӀэ, адыгэбзэр псэ ужьыкӀэр зи лъабжьэу, сыт щыгъуэй лъэщыджэрэ лъхугъуэм иту щытщи, ар натуралу и ужьыгъуэм иту щытмэ, макъ Ӏэмалыгъуэхэм кӀуэ пэтрэ макъыщӀэрэ лэжьэкӀэщӀэхэр

къигъэщIыпхъэу щытщ. Мы къэтхьауэ щыт щапхъэхэри, ″у″ кIэух зыпыту щхьэжу зы макъ къэхъун гъуэгум тету щытауэ, ауэ, щтарэ дияуэ къэнахэу лъытапхъэщ.

ТIэ, ипщэкIэ ″у″ кIэухкIэ къызэрыIуфым къызэрыгуэкIкIэ, щхьэжу макъыщIэу утыку къихьэхэмкIэй бзэм хэту щыт макъхэр бэгъуауэ щытщ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, ″у″ кIэухкIэ къэIурэ утыку къихьауэ щыт макъхэри хэтыжу, нобэрей къэбэрдеибзэм и алфавитым хэт макъ щэхухэр зэрыхъуар мыпхуэдэщ:
«С, ц, цI, з, дз»; «гъ, гъу, гь-дж, г, гу»; «д, т, тI»; «ж, жь»; «щ, щI, ш»; «к-ч, ку, кI, кIу»; «къ, къу»; «кхъ, кхъу»; «хъ, хъу»; «х, ху»; «хь»; «лъ, л, лI»; «п, пI, б»; «ф, фI, в»; «м, н»; «р».

*

ГурыIуэгъуэр аращи, ″у″ кIэух къызэрыпыхьэрэкIэ къэхъуу щыт макъхэр, зэгуэту щыт макъхэрщ; макъитIым къытехъукIауэ щыт макъхэрщ. ″У″р зы макъым и кIэухыу къызэрыIукIэрэу, зэкIэлъыпытрэ зэхэжауэ къэIуфу щыт макъхэрщ ахэр. Зы макъыбзэм и макъхэр куэд ищIын системэр зэрылажьэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуауэ щыт макъхэрщ ахэри, мыбы хуэдэу, макъ щэху гуэрхэри зэпыхьэрэ къэIупхъэ зэрыхъуфкIэрэу, утыку къихьэу щыт макъ щэху зэгуэтхэр къегъэхъур макъыбзэу щыт зы бзэ системэм.

Таб: 11

| кIэ-ух ↓ | Т | ТI | Щ | Ш | Лъ | П | ПI | Б | Ф |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| С | | | | | | Пс | | | |
| ЦI | | | | | | | ПцI | | |
| З | | | | | | | | Бз | |
| Дз | | | | | | | | Бдз | |
| Дж | | | | | | | | | |
| Гъ | | | | | | | | Бгъ | |
| Гъу | | | | | | | | Бгъу | |
| Г | | | | | | | | Бг | |
| Т | | | Щт | | | | | | Фт |
| Ж | | | | | | | | Бж | |
| Жь | | | | | | | | Бжь | |
| Щ | | | | | | Пщ | | | |
| ЩI | | | | | | | ПщI | | |
| Ш | | | | | | Пш | | | |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| КI | | ТкI | | | | | ПкI | | |
| КIу | | ТкIу | | | | | | | |
| Къ | | | | | | | Пкъ | | |
| Хъ | Тхъ | | Щхъ | | | Пхъ | | | |
| Хъ у | Тхъу | | Щхъу | | | Пхъу | | | |
| Х | Тх | | | Шх | | Пх | | | |
| Ху | Тху | | | Шху | Лъху | | | | |
| Хь | Тхьэ | | Щхьэ | | | | | | |
| Лъ | | | | | | Плъ | | | |
| Л | | | | | | | | Бл | |
| ЛI | | | | | | | ПлI | | |

ТIэ, зы макъыбзэм и лэжьэкIэу щытыр макъ IэмалыгъуэкIэрщи, Iэмал зэриIэкIэ, макъхэр бэгъуэн хуейуэ щытагъэнщ. Аращи, макъдэкIуашэ зэгухьэрэ зэхэжэу зы макъ пэлъытэу къэIуфу щытхэр хэтщ адыгэбзэм.

Ахэм яджу щыт мыхьэнэри, зэгухьэрэ зэхэжэу а макъыр къэзыгъэхъуауэ щыт макъхэм я Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, зы мыхьэнэщIэ Iэмалыгъуэу утыку къохьэр. Макъ къэIукIэкIэй, мыхьэнэкIэй, зэгуэхьапхъэрэ зы мыхьэнэ пыухытыкIа утыку къизыгъэхьэфу щыт макъхэращ зэгухьэрэ зы макъыщIэ къэзыгъэхъуу щыт макъхэр. Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIэ, къэбэрдеибзэм нобэ хэту щытрэ, зы мыхьэнэ пыухытыкIа зиIэу бзэм къыхэсэбэпыхь макъ щэху зэгуэтхэр хыболъагъуэр ″Таб:11″ым.

Мы таблицэм теухуауэ мыхэр жыIэпхъэщ:

*Япэрауэ, къэхъуагъащIэу къэдгъэлъэгъуауэ щыт макъ зэгуэтхэр зэрыттха щIыкIэр бзэм хэту зэратха щIыкIэм хуэдэу щытщ; ар щхьэ, ахэр къызтехъукIауэ щыту къэтлъыта макъхэм кIэщIэттхащ. Псалъэм папщIэ, ″пцIы″ макъ зэгуэтыр къызтехъукIауэ тлъыта макъхэр ″пI″рэ ″цI″ макъыу щытщ; ауэ, ар ″пIцI″къыми ″пцI″уэщ зэрыттхар.

*ГурыIуэгъуэрщи, къэбэрдеибзэм хэту къэIуу щыт макъ зэгуэт псори къигъэлъагъуэркъым мы таблицэм. Мыпхуэдэу макъ щэхухэр зэрызэгухьэрэкIэ мыхьэнэщIэхэр утыку къихьэуй хэтщ бзэм. Ауэ, мы зи гугъу тщIыуэ щыт IэмалыгъуэрэкIэ утыку къихьэу щыт макъ зэгуэт псори зы макъ пэлъытэу лъытапхъэу щыткъыми, ахэр зы макъ зэгуэт щхьэхуэу тлъытакъым; ахэм игъуэ къыщысым щыгъуэ дытепсэлъыхьынщ.

*Къэдгъэлъэгъуауэ щыт макъ зэгуэтхэр зыхэту щытыр къэбэрдеибзэращи, адрей адыгэбзэрэ абазэбзэми нэгъуэщI макъ зэгуэтхэр хэтщ.

*"Тхьэ, щхьэ" макъ зэгуэтхэм "э" зэрыпытыр нэрылъагъущи, ахэр "хьэ" псалъэм къытзэрытехъукIам папщIэ, апхуэдэу щытщ; икIи, бзэми зэрыщытрэ зэмыхъуэкIыу лажьэу хэтщ.

ТIэ, макъ щэхухэм къатехъукIауэ ипщэкIэ къэдгъэлъэгъуа макъ зэгуэтхэм зы мыхьэнэ пыухытыкIа утыку къызэралъхьэм къызэрыгуэкIкIэ, мы макъ зэгуэтхэри зы макъыбзэ лэжьэкIэм къигъэщIауэ щыт макъыщIэхэрщи, ахэри хэббжэу щытмэ, къэбэрдеибзэм хэту щыт макъхэр зэрыбагъуэр нэрылъагъуу щытщ.

## МАКЪ ЩЭХУХЭМ ЯДЖРЭ Я IЭМАЛЫГЪУЭХЭР

ИпщэкIэ макъ Iуэрхэр къызэрыхъурэ яджу щытыр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуауэ щытщ. Ахэр къызэрыхъурэ, зэрыджыр геометрикэ Iуэхугъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэ къытхуэхъуагъэхэщ. Ауэ, макъ щэхухэр къызэрыхъур нэхъ кIуэцI Iуэхугъуэрэ философие Iуэхуу зэрыщытыр жытIауэ щытащи, тIэ, ахэр макъ Iуэрхэм хуэдэу гурыIуэгъуафIэ хъуну къыщIэкIынкъым. Ауэ, козмикэрэ натуралым яджри зы геометрикэ Iуэхугъуэу лъытапхъэщи, тIэ, макъ IуэрхэмкIэрэ утыку къихьэу щыт геометрием езэгъыу джыну къыщIэкIынщ макъ щэхухэри. Ахэм яджыр зы геометрикэ IэнатIэу щыткъым; ауэ, мыпхуэдэу геометрикэу утыку къихьэрэ хъууэ зэрыщытым щхьэусыгъуэ хуэхъунри хэтыжу, геометрием и зы дэтхэнэ щIыпIэм къыщыхъур къэзыгъэлъагъуэ Iэмалыгъуэхэращ макъ щэхухэм яджыр.

Макъ щэхухэм яджыр макъ Iуэрхэм хуэдэу зы геометрикэ IэнатIэу щымытми, макъ Iуэрхэм бзэм халэжьыхьыр геометие Iуэхуу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, бзэр зэрызэтеувэрэ псалъэхэр зыр зым зэрелъытарэкIэ къызэрыхъу щIыкIэри геометрикэу щытщ.

Макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэхэм телэжьыхьын Iуэхур иужьрей Iыхьэ лэжьыгъэу щытщи, мыбдежым ахэм я къэхъукIэрэ яджу щытым мащIэу зэ дыхэплъэнщ; икIи, зыр зым зэрелъытауэ яджыр утыку къызэрихьэм къызэрыгуэкIкIэй, зэгъэпщапхъэу къэунэхуну къыщIэкIынщ. Макъ щэхухэм яджыр философие Iуэхугъуэу лъытапхъэщи, ахэр къэгъэунэхун Iуэхур дэтхэнэ зы макъым щхьэжу телэжыхьын зыхуэныкъуэу зы Iуэхугъуэрщ. Ауэ, ахэм яджыр зы Iэмалыгъуэу щытщи, *абстракцэ*у яджрэ, зыр зым елъытауэ гурыIуэгъуэ щIынырщ мыбдежым къытпэщыт Iуэхугъуэри, ахэр зэрызэщхьэщыкIым гулъытэ хуэщIын Iуэхугъуэрщ.

Мы лэжьыгъэм къигъэунэхуну къыщIэкIынщ икIи, макъ щэхухэр гуп гупу ипщэкIэ зэрызэхэдгъэкIам и щхьэусыгъуэр.

Щхьэжу щыт макъ щэхухэр къэдгъэунэхуу щытмэ, ахэр зэрызэгухьэрэ зэрызэхэжэу утыку къихьэу щыт макъ зэгуэтхэри

къызэрыхъу щхьэусыгъуэри гулъытапхъэ хъуну жыIэпхъэщи, щхьэжу макъ зэгуэтхэм телэжьыхьыныр етIуанэрей Iыхьэм къыхуренэ.

«С, ЦI, Ц, З, ДЗ» Гупыр:

Мы гупыр, щымыIэрэ мыхъур, щыIэр къызэрыхъу шхьэусыгъуэр, сытри зырэ зэхуэдэу зэрыщытрэ, абы къызэрыхидзкIэрэу хъууэ зэрыщытыр къэзыIуатэ макъ гупырщ.

ЩыIэ мыхъуауэ зэхэлъырэ ″цIырхъ″у щытыр, зы лъабжьэрэ зы нэкулъыр зэрыскIэрэу, абы нэгъуэщIыгъуэхэр къызхэкIыпхъэ зэрыхъу Iэмалыгъуэр; сытри зырэ зы псом къызэрыхэхъукIрэ зэрыхиубыдэр; ар зы къэрукIэрэ зэрыщыту зэрыкIуатэр къизыIуэ макъхэрщи, козмикэрэ геометрикэу утыку къихьэхэр зэрыщытрэ, я щIыкIэу щытыр къэзыIуатэ макъхэрщ. ИкIи, мыхэм хуэдэ Iуэхугъуэхэр бзэм хэзылэжьыхь макъхэрщ.

Сы: Дэтхэнэ зы щыIэр къызэрыхъурэ зэрыужьым и щхьэусыгъуэрщи, ″ы″м ″э″р къызэрытехъукIым къыщыщIидзэу, зэман шабзэр (э) зыдынэсар зы джыпIэу (и) утыку къызэрихьэрэ, абдежым (иджы) щыджри ″сы″ IэмалыгъуэрэкIэщ къызэрыхъур. Ар, дэтхэнэ зы хъугъуэрэ щыIэгъуэм и къэхъуныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъурщ. ″Сы″ Iэмалыгъуэр къэмыхъумэ, хъуну зы гуэр щыIэнкъым.

ЦI: Ар щыIэ мыхъурщ, щыIэ мыхъунурщ, зэй щымыIарщ; нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, мыщыIэрщ; мыщырщ, мыщынурщ, зэй мыщарщ.

Цы: ЩымыIэ пэлъытэу щыIэ цIыкIу гуэрырщ.

Зы: Ар нэхъ псоуэ щыIэгъуэ зиIэрщ, щыIэу щыт псори зыхэзыубыдэрщ; а нэхъ зэгущыгъуэрэ лъэщыгъуэ зиIэу щыIэгъуэрщ; нэгъуэщI щыIэхэр къызхэкIрэ зыхыхьэжырщи, щыIэгъуэ пашэрэ лъабжьэрщ; икIи, сытри зыхэзыубыдэрэ зыхыхьэжу щыт псорщ.

Дзы: Зы гуэрыр зэрыщытрэ зыуэ къызэрынэрэкIэ кIуэтэнырщ.

«Гъ, Гъу, Гь-Дж, Г, Гу» Гупыр:

″Сы″ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, зы гуэрыр утыку къызэрихьэр, мыувыIэу зы гуэрхэр утыку къызэрихьэпхъэр, зы гуэр къэзыгъэхъупхъэрэ къызэрыхъур, ар къызтехъукIрэ, абы къытехъукIри къизыIуэ макъхэрщ. Хъугъуэ фIыгъуэу гъащIэр къызщежьэрэ, ар щыухри; гъащIэ зиIэм пIэ хуэхъурэ зэрыхэкIуэдэжри къизыIуэ макъхэр зыхэт гупырщ.

Мо козмикэрэ натуралу геометрикэу ужьыр зэрыджрэ, зэрыджыпхъэу зэрыщытыр; абы щыIэгъуэщIэрэ псэугъуэр къызэрыхэхъукIрэ зэрыхэкIуэдэжыр къизыIуэ макъхэр зыхэзыубыдэ гупырщ.

Гъы: ГъащIэм ехьэлIа Iэмалыгъуэхэр зыджырщи, ″гъэ″рэ гъащIэр къызэрежьэрэ зэрызэпыуду зэрыухыр къизыIуэрщ.

Гъу: ″Гъы″ ужьыгъуэу щытырщи, ″гъы″м игъэзащIэхэр зэрыужьрэ зэрыкIуэдыжыр зыхэзыубыдэу щытырщ; мы Iуэхугъуэхэм пIэ хуэхъу Iэмалыгъуэрщ.

Гьы-Джы: ″Сы″ Iэмалыгъуэ защIэу итым къыхэхъукIынур къызэрыхэхъукI щIыкIэр къизыIуэрщ. ″Сы″ защIэрэ зэхэту щытым къигъэхъур ″гьы-джы″ IэмалгъуэрэкIэ утыку къохьэр. Мы макъитIыр нобэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэ зэщхьэщыкIхэм зы мыхьэнэу къыраIуэ хъуа макъхэрщ.

Гу: ″Гьы (джы)″ Iэмалыгъуэ ужьыгъуэу щытырщи, мыувыIэу джырэ джыпхъэу щытын Iэмалыгъуэрщ.

Г: ″Гьы-джы″ Iэмалыгъуэм къыхэхъукI зы къэру Iэмалыгъуэрщ. ФIыуэ джын Iуэхугъуэм къигъэщIырщи, фIыуэ джырщ.

«Д, Т, ТI» Гупыр:

Зэхэлърэ зэпэщу щытрэ, лъэщыгъэ зиIэр; мыпхуэдэу зы псоуэ щытым щхьэщыкIыр; зырэ зэгущу зэхэлъыгъуэм хэпщIэрэ хэпщэу, ар зэпкъырызыхурэ зыгъэбагъуэр къизыIуэ макъ гупырщ. ТIэ, мыпхуэдэу бжыгъэрэ геометрикэу зы къэрууэ зэхэлъу щыт пори къизыIуэр; абы щхьэщыкIрэ щхьэщыкIыныгъэу къыхэхъухьыр; ар зэрыкIуатэрэ зэрыбагъуэр къизыIуэ макъхэрщ.

Козмикэр зэхэту зэрыщытыр, зы геометриерэ зы псоуэ зэрыщытыр; абы химыубыдэр зы щхьэщыкIыныгъэу гурыIуэгъуэ зыщIыр; абы езыри, абы хиубыдэу щыт дэтхэнэ зы IэнатIэри зэрыкIуатэрэ зэрыбагъуэм игъуэр къызэрыхъурэ, щхьэусыгъуэ хуэхъур; мыпхуэдэуй зэрызэщхьэщыкIыр къизыIуэ макъ Iэмалыгъуэхэрщ.

Ды: Зэхэлърэ зэгущу щытырщи, зы лъэщыгъэрэ зы купщIэ зиIэрщ; зэрыщыту зэрыкIуатэр ″дзы″ IэмалыгъуэкIэрщ.

Ты: ″Ды″рэ зэхэлъу щыт зы псом химыубыдэрэ, абы и щхьэщыкIыныгъэ Iэмалыгъуэрщ.

ТIы: ″Ды″рэ зэхэлъу щытым хищIэрщи, ар зы псоуэ зэрыщытым изгъэкI Iэмалыгъуэрщ; зырэ зы лъэщыгъэу щытыр зэрызэхэлъ щIыкIэр зыгъэкIуэдрэ, ар зэщхьэщызгъэкIырщ; абы зэщхьэщыкIыныгъэрэ бэгъуэн Iэмалыгъуэу къыхуэкIуэрщ.

«Ж, Жь» Гупыр:

Къэхъурэ хъууэ щытым и лъабжьэр зэримыгъэкIуэдкIэрэу зэрылажьэрэ, зы жылэр хъууэ щытым зэрижэрэкIэ зэрымыкIуэду зэрыхъумауэ къызэрынэр къизыIуэ Iэмалыгъуэр; дэтхэнэ зы гуэрыр хъууэ зэрыщытрэ, къэувыIэпIэ зэримыIэрэкIэ лажьэу зэрыщытыр къизыIуэ макъхэрщ.

Козмикэу къэхъуу щытрэ геометрикэу ужьыр, сыт щыгъуэй иужь къыригъанэ гуэрхэр зэрыщыIэрэкIэ увыIэгъуэ имыIэу зэрылажьэр къизыIуэрщ; абы зы къэувыIэпIэрэ зы итыпIэ зэримыIэр гурыIуэгъуэ зыщI макъыр зыхэлъырщ. Ауэ, мыпхуэдэу мыувыIэу зэрылажьэ щIыкIэр къызхэкIыр, къызэрежьа къэрурэ нэкулъырщи, ар зэримыгъэкIуэдыр гурыIуэгъуэ зыщI макъ гупырщ. Козмикэрэ натуралу ужьыгъуэ зиIэу щытыр, зы купщIэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ зэрыужьыр; сыт

къэхъуу щытрэ хъууэ щытми, а нэкулърэ жылэр зэрыхъумэрэ, абы зэрепхар къизыIуэрщ. А жылэрэ къэрур хъууэ щытым зэрижэрэ зэрыхэлъкIэрэу хъур къохъур.

Жы: Ар жану зы макъырщ; псынщIэрыкIуэрщи, дэтхэнэ зы гуэрыр зыгъажэрщ; икIи, дэтхэнэ зы гуэрым мыувыIэу ирижэрщ. Ар псынщIэрыжэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ сытри зезыпхрэ зыпызыщIэрщ, зыпызыщIэжырщ. Иужь дыдэ къэхъуар и лъабжьэрэ и къежьапIэм зышэжыф Iэмалыгъуэрщ. Ар зы жылэрэ жылэ лэжьыгъэ зиIэ макъ Iэмалыгъуэрщ.

Жьы: ″Жы″м хуэдэу жану зы макъыу щымытми, увыIэпIэ имыIэу лажьэрщи, лэжьыгъэр къызэрекIуэкIыр къизыIуэ макъ Iэмалыгъуэрщ. Ар къызэрыIуатэ щIыкIэр увыIэпIэ зэримыIэкIэрщи, зы Iуэхур блэкIа е къэмысауэ щытми, ар къэувыIэпIэрэ итыпIэ зэримыIэкIэрэ гурыIуэгъуэ зыщIыр ″жьы″ макъырщ. Ар гъэпсэхупIэ зимыIэу лэжьакIуэу зы макъ Iэмалыгъуэрщ.

«Щ, ЩI, Ш» Гупыр:

ЩыIэгъуэрэ щыIэ лъабжьэр къызэрыхъур; ар къызщыхъурэ къыздэхъу зэманыгъуэрэ щIыпIэр; щыIэ гуэрым езым хуэIуарэ и кIуэцIкIэ къыщыхъур, ар утыку къызэрихьэр къизыIуэ макъ гупырщ.

Козмикэу ужьыгъуэу щытым къыхэхъукIым и щхьэусыгъуэр ″сы″ Iэмалыгъуэрщи, мыпхуэдэу джырэ утыку къихьэн Iуэхугъуэр къизыIуэр; зэманыгъуэ ужьым къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щыт мы Iуэхугъуэр къызщыхъу зэманыгъуэ IэнатIэр, ар къызщыхъурэ къыздэхъу щIыпIэр къэзыгъэлъагъуэр; дэтхэнэ зы щыIэу утыку къихьауэ щытым езым къыхэхъукIыжри къэзыIуатэ макъ Iэмалыгъэ гупырщ.

Щы: ″Сы″ Iэмалыгъуэу къэхъуу щыт защIэрагъэнщ ″щы″ри, ″сы″р зэрытыж щIыкIэу сыуэ щытынрагъэнщ ″щы″р; ″сы″ Iэмалыгъуэр иту зэрысыр ″щы″уэщ. Зэман шабзэр зыдынэсым езырыжу щысрэ щыджым щыгъуэ къэхъури ″щы″рщи, абдежыр ″щыгъуэ″ хъурщ; мы щыгъуапIэм къыщыхъуу щыт ″щы″р зы зэман IэнатIэрэкIэ лэжьыгъэ зэригъуэткIэрэу щыIэ мэхъур.

Зэман ужьыгъуэми ″щы″р къызэригъэхъур гурыIуэгъуэу щытщ мыбдежым; ар щхьэ, ″щы″р зэман ужьыгъуэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъыта закъуэу къэхъуу зы Iэмалыгъуэу къыщIэкIынкъым. Ауэ, ар къызхэхъукIыр ″сы″ Iэмалыгъуэрщи, абы и къэхъукIэ щхьэусыгъуэр ″сы″р иту щыт зэрыхъурщ.

″Сы″ Iэмалыгъуэр къызхуэкIуэрэ къызнэсым щыхэлэжьыхьым щыгъуэ къэхъур ″щы″рщи, апщыгъуэр зы ″щыгъуэ″рщ. ″Сы″р зынэсрэ зыхэлэжьыхьым щыхэлэжьыхь щыгъуэращ ″щы″рщи, ар мыпхуэдэу зэриткIэрэу зэрыджым къыхэхъукIыр зы зэманыгъуэ IэнатIэрэкIэ ″сы″р зыхэлэжьыхьыпхъэрщи, зы зэманыгъуэрэкIэ мыпхуэдэу ″щы″уэ щытыр ″щыIэ″рщ. ″Сы″р къызхуэкIуэрэ зыхэлэжьыхь хъум хэту

щыхэлэжьыхьыхукIэ, ар сыуэ щыт хъунырщи, мыпхуэдэу къэхъур ″щы″ Iэмалыгъуэрщ; икIи, мы ″щы″р зэрилъабжьэрэкIэ зы зэман IэнатIэу ″сы″р зыхэлэжьыхьыпхъэу къэхъуращ ″щыIэ″ жыхуэтIэр.

Дэ езыхэр, зы щыIэу щытрэ, зи лъабжьэрэ къызэрыхъу щхьэусыгъуэр икIэ нэгъунэ къызгурымыIуапхъэу щытхэм, тIэ, ″щы″ри икIэ нэгъунэ къызгурымыIуапхъэу дыщыту къыщIэкIынщ. ИкIи, дэ ″щы″р дызэрилъабжьэрэ, сытри ″щы″ лъабжьэу лъытапIэм дызэриткIэрэу, тлъытэфыну щытхэр ″щы″р зи лъабжьэу щытхэрщ.

Ауэ, ″щы″м ипэрэ, ″щы″р къызхэхъукIыр ″сы″уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ″сы″р ″щы″м аткIэрщ. ″Сы″м ипэу щытрэ, ″сы″м аткIэри ″цIы″рщи, ар ″сы″ Iэмалыгъуэ зыхэмылэжьыхьырщ; ар мысырщи, мыджырщ, мыджапхъэрщ; мыджэрщи ″щы″рэ щыIэ мыхъупхъэрщ, мыщыIэрщ. ″Щы″м щхьэщыкIыр ″ты″рщи, ари щыIэу щымытырщ; щыIэм щхьэщыкIырщ, ужьыгъуапIэ лъэныкъуэрэ лъэгапIэу щытырщ.

Мы къэтIуатэхэм къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы гуэрыр къыщыхъури, къызщыхъури, къыздэхъури, сытри ″щы″уэ зэхэлъхьауэ щытщи, ″щы″р мыпхуэдэ IэмалыгъуэрэкIэ къэсэбэпу бзэм хэлэжьыхьу щытщ.

ЩIы: ″Щы″ лимитацэрщ ″щIы″ри, ар ″щы″м къызэрыхэхъукIкIэрэу, щыIэр къыздэхъупIэрщ, зы щIыпIэрщ. Дэтхэнэ зы гуэррэ хъууэ щытым и зы теплъэгъуэрэ и зы итыгъуэр зы щIыпIэрщ. Сыт къэхъуми, къызтехъукIыу щытыр зы щIырщи, щIын Iэмалыгъуэм зэман ужьым къыхуихьыр ″щIэ″рэ щIэн″ырщ. ″ЩIы″р ″щы″м и лимитацэрэ и локализацэрщи, щыIэу щыт дэтхэнэ зы гуэрыр къызщыхъупIэрщ. Дэ щIым дызэрытеткIэрэу къэдлэжьыр щIын Iуэхурщи, тщIым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэщ тщIэри; икIи, тщIэращ тщIыфыр.

Шы: Дэтхэнэ зы гуэрым и кIуэцIкIэ къыхэхъукIыу къыщIэжрэ къиж гуэр щыIэу щытмэ, мыхэр ″шы″ Iэмалыгъуэм къиIуэтапхъэ мэхъур. Ар езырыжу къижыпхъэуй щытщи, мыпхуэдэу ″шы″ Iэмалыгъуэ кIуатэр ″шэн″ Iуэхугъуэр къызхэкIыпхъэрщ.

«К-Ч, Ку, КI, КIу» Гупыр:

Мы макъхэм яджыр щыIэ гуэрхэм я щIыкIэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэрщ. Зы гуэрыр зэрыпсыгъуэрэ ку зэримыIэр, зы гуэрым ку зэригъуэтыр; псыгъуэрэ езырыжу зы щIыпIэм къыхэхъукIыр; мыпхуэдэу къэхъуу щыт щыIэ гуэритIым я зэхуаку дэлъу щыт зы зэрелъытэгъуэфIыр къизыIуэу щыт макъ Iэмалыгъуэхэрщ.

Мыхэм козмикэу зы гуэр яджу щымытми, щIым тету къэхъурэ щыIэу щытхэм теухуа щIыкIэхэр къагъэлъагъуэр. Ауэ, дэтхэнэ зы ужьыгъуэу щытым зы курэ кууагъ зэриIэри гулъытапхъэщ.

Кы-Чы: Мы макъитIыр адыгэбзэм и жьэрыпсалъэхэм зы мыхьэнэ яджу къэсэбэпу щытщ нобэм. А макъыр къызэрыIум хуэдэщ, абы къыраIуэу щытри, зы гуэрыр ″зэпыкын″рэ ″зэгуэкын″ Iуэхугъуэхэр

гурыIуэгъуэ ищIыу щытщ. Зы къэкIыгъэм къыгуэпкыу щыт зы къуэдамэ цIыкIури ″кы″щ. Ар икIи, псыгъуэрэ ку зимыIэ пэлъытэу зэрыщытым хуэдэщ ″кы″ макъым иджыр.

Ку: ″Кы″рэ ку зимыIэм и ужьыгъуэу (у) къэхъунур, абы ку зэригъуэтынурагъэнщи, ар къизыIуэр ″ку″ макъырщ.

КIы: ″Кы″ макъым и пIытIа макъыу щыт мы макъыр, псыгъуэрэ ку зимыIэ пэлъытэу, ″кы″ пэлъытэу зы къэхъукIэр къэзыгъэлъагъуэрщи, ар къэкIыгъэхэм я къэхъукIэр къизыIуэрщ. Мыбы къызэрыгуэкIрэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр къизыIуэу бзэм хэлэжьыхьу щытщ ″кIы″ макъыр.

КIу: Ар ″ку″рэ ″кIы″ макъитIми къатехъукIыфу щыт зы макъырщ. ″КIу″р, ку зыдищIэу щытрэ, лъэныкъуитIым язэхуакум дэлъу щытыр лимитацэ хъун Iуэхугъуэрщи, зи зэхуакурэ зи кум мыпхуэдэу къыдэхъухьыр, мы зэхуакурэ кур зырэ зэхуэдэ щIын пэлъытэ Iуэхугъуэрщ. Ар къыздэхъухьу щытхэм я зэхуакур зырэ зы пэлъытэу зэпыщIэныгъэ зиIэ мэхъури, мыр зи зэхуаку къыдэхъухьхэм я и зы IэмалыгъуэфIырщ. Дэтхэнэ зы гуэритIрэ лъэныкъуитIым язэхуакум дэлъу щыт ужьыгъуэу, ахэм зыр адрейм зэреплъытэныгъэфIыр ″кIу″ Iэмалыгъуэм иджырщи, а Iэмалыгъуэм ехьэлIарэ хуэкIуэрщ ″екIу″ жыхуаIэр.

«Къ, Къу» Гупыр:

Утыку къихьэнрэ къэхъуныр, а къэхъуныгъэм и ужьыгъуэу щытыныр къизыIуэ макъ гупырщ.

Козмикэу дэтхэнэ зы гуэрыр къэхъун Iуэхугъуэр зы ″къы″ Iэмалыгъуэрщ. Псалъэм папщIэ, ″и″ лъэныкъуэрэ ″иджым″ къыщыхъун Iэмалыгъуэу утыку къихьэр къызэрихьэу зэрыщытыр къизыIуэрщ ″къы″ Iэмалыгъуэр. Дэтхэнэ зы къэхъур зэпыщIарэ, зэгуэмыкIрэ зэщхьэщымыкIыу ужьу щытмэ, ар ″къу″ Iэмалыгъуэрщи, козмикэу къэхъуу щытыр къызтехъукIым пыщIауэ, абы и ужьыгъуэу щытщи, а къызтехъукIым и къуу щытщ. Ауэ, къызтехъукIам пымыщIауэ лъытапхъэу, зы гуэрым щхьэжу зы щыIэгъуэ щигъуэтым щыгъуэ, ар ″къуэ″ псалъэм игъэзащIэу зы Iуэхугъуэрщ.

Къы: Дэтхэнэ зы гуэрыр утыку къызэрихьэр къизыIуэу зы Iэмалыгъуэрщ ″къы″ макъыр. Зы гуэрыр къызхэхъукIым хуэкIуэжын пэлъытэу, кIуэдыпIэм ихуэжынри къиIуэтапхъэщ ″къы″ Iэмалыгъуэм.

Къу: КъыхэхъукIыныгъэр къэзыгъэлъагъуэ ″къы″м и ужьыгъуэр ″къу″ хъунщи, ар къыхэхъукIрэ къыхэхъукIыпхъэ хъууэ щыту зы ужьыгъуэрщ.

«Кхъ, Кхъу» Гупыр:

Къэхъупхъэрэ лъабжьэу щыт Iуэхугъуэхэр къизыIуэу щыт макъхэу лъытапхъэщ.

Кхъы: КъызхэхъукIыпхъэр зы лъабжьэу зэрыщытыр къизыIуэ макъыу лъытапхъэщ.

Кхъу: Мы къыхэхъукIыпхъэрэ лъабжьэу щытым и ужьыгъуэ хъурщ.

«Хъ, Хъу» Гупыр:

Лъабжьэу щыт дэтхэнэ зы гуэрымрэ, ар зэрылъабжьэрэ абы и ужьыгъуэу къэхъур къизыIуэ макъ Iэмалыгъуэ гупырщ.

Козмикэу дэтхэнэ зы гуэрыр къызтехъукIыр зы лъабжьэрщи, ″хъы″рщ. Зэманыгъуэрэ зы кIуэтэгъуэр къыздежьэр зы лъабжьэрщи, ″цIырхъ″ырщ; абы къызэрытеужьыкIкIэрэу хъууэ щытыр козмикэрэ геометриеу утыку къихьэрщ. Лъабжьэрэ макъ Iуэр нэкулъу жыхуэтIа ″ы″ макъыр зы ″хъы″уэ лъытапхъэрщи, абы къытехъукIыныгъэ хъурэ утыку къихьэр ″э″рщ. ″Э″ шабзэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ утыку къихьэр ″и″рщи, ари, езым къытехъукIыну щытхэм я лъабжьэу зы хъырщ; абдежым (и) къытехъукIыр, абы и ужьыгъуэу иджырщи, дэтхэнэ зы гуэрыр къыщыхъурэ щыджыр иджырщ.

Хъы: Ар зы лъабжьэрщ. Дэтхэнэ зы гуэрыр лъабжьэу лъытапхъэ зэрыхъукIэрэу зы ″хъы″уэ щытырщ.

Хъу: Дэтхэнэ зы лъабжьэу щыт ″хъы″м и ужьыгъуэу къэхъурэ хъууэ щытыр къизыIуэ макъ Iэмалыгъуэрщ. ″Хъу″р къызтехъукIыр ″хъы″рщи, ″хъы ужьыгъуэ″у щытыр ″хъу″рщ.

«Х, Ху» Гупыр:

Зэхуэдэу зы тэфагъэрэ, захуэрэ зэхуэдэ защIэу зы куэдагъэр; мыпхуэдэу зы лъабжьэ хъууэ щытыр; мыпхуэдэу зэрыщыткIэрэу гъэкIуэтэн Iуэхугъуэу хун Iуэхур къизыIуэ макъ гупырщ.

Козмикэу къэхъур хы пэлъытэу захуэрэ зэхуэдэу лъытапхъэщи, ар зэрыужь щIыкIэри мыпхуэдэу зэрыхукIэрщ.

Хы: Захуэрэ зэхуэдэу, лъабжьэрэ зы системэм и ординат хъупхъэу щытырщи, ар мыпхуэдэу Iэмалыгъуэ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, япэрауэ зы псы хъуреишхуэм фIэщыгъэцIэ хуэхъуарщ. ИкIи, ″хы″р а зи фIэщыгъэцIэм и макъым хуэдэу къэIуу зы макъ зэрыхъури гулъытапхъэщ.

Ху: ″Хы″рэ зы зэхуагъэрэ куэдагъэр, зы лъабжьэр зэрыщыту гъэкIуэтэн Iуэхугъуэу ″ху″р ″хы″м и ужьыгъуэ Iэмалыгъуэрщ.

«Хьы» Макъыр:

Ар зы гугъуехь макъыу къэIурщ. Зы гугъуехь лэжьыгъэр къыщекIуэкIрэ, абы и нэужьым зэхэпхыу щыт макъырщи, мыпхуэдэу Iуэху кIуэтэгъуэхэри къизыIуэрщ. Мы гугъуехь Iуэхугъуэхэр къэзылэжь псэущхьэрагъэнщ ″хьэ″ фIэщыгъэцIэр зыхуэфащэр. А фIэщыгъэцIэр, нобэрей цIыхур къызтехъукIам игъэзащIэ Iуэхугъуэхэм къызэрыгуэкIкIэ фIэщыгъэцIэ хуэхъуауэ къыщIэкIынщ.

«Лъ, Л, ЛI» Гупыр:

ГъащIэрэ псэугъуэм къихьу щыт Iэмалыгъуэхэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуауэ щыт макъ Iэмалыгъуэхэу лъытапхъэщ мы гупыр.

Лъы: Псырэ, абы къытехъукI псэм и ужьыгъуэу утыку къихьэу щыт лъэм и лъабжьэу щытырщи, лъэр къэзыгъэщIрэ къызтехъукIырщ.

Лы: Дэтхэнэ зы лъэ зиIэм и гущIыIум трищIэрэ телъу щыту, щабэрэ цIафтэу тетыгъуафIэрэ ирикIуэгъуафIэу зы лъэ лIэужьыгъуэрщ.

ЛIы: Зи лъэр зэщIэуварэ, зи фэрэ зи лыр зэрыхъун хъуа псэущхьэу цIыху ныбжь курытым хужаIэрщ. Патрияртал лъэхъанэ нэужьрагъэнщи, ар зэрыхъун хъуауэ щыт цIыхухъум папщIэ жаIэ зы фIэщыгъэцIэу къытенагъэнщ.

«П, ПI, Б» Гупыр:

Дэтхэнэ зы гуэрым хэмытрэ, абы и гъунапкъэу Iутыр, абы пыщIэныгъэ зиIэу щытыр къизыIуэр; мыпхуэдэу зэрыщыткIэрэй, ар зи гъунэр къэзыхухьрэ ар зыхъумэр; ар зыпIрэ зи быныр, быным пIэ хуэхъурэ зыхапIыр къизыIуэ макъ Iэмалыгъуэхэрщ.

Мыхэр нэхъыбэу псэ ужьыгъуэм къытехъукIауэ щыт Iэмалыгъуэхэрщи, ягъэзащIэхэм къызэрыгуэкIкIэй, нэгъэщIыгъуэ IуэхугъуэхэмкIэ къэсэбэпу хэт хъуахэщ бзэм.

Пы: Зы гуэрым хэмытрэ, абы зэпыщIэныгъэ зэриIэрэкIэ и гъунэм Iутыр ″пы″ Iэмалыгъуэрщ. Зы гуэрыр зыпыщIам зы щIыпIэ закъуэкIэ тенгенс хуэхъун Iуэхугъуэрщ ″пы″ Iэмалыгъуэ закъуэм игъэзащIэр. А зи гугъу тщIыр зы щыIэгъуэ хъурэ, ″пэ″уэ утыку къихьэмэ, а зыпыщIам и гупэу щытыр къизыIуэ хъунщ.

ПIы: ″Пы″ Iэмалыгъэу щытыр, зехьэлIарэ зэпыщIэныгъэ зыхуиIэм хуэкIуэн Iуэхугъуэмэ, ар ″пIы″ Iэмалыгъуэрщи, ар зехьэлIар къэзыхухьырщ. ″Пы″рэ зы гуэрым елъытарэ пыщIауэ щыт Iэмалыгъуэр ппытIмэ, зыхуэкIуэнур зыпыщIаращи, апщыгъуэм къэхъурщ ″пIы″ макъ Iэмалыгъуэм игъэзащIэри. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, ″пIы″м къиухухьу щытыр къэзыхъуреихьырщи, ар зэрытырщ; мыри зы щыIэгъуэ зиIэ гуэру ″пIэ″ хъунщи, ар, зыхуэхъур зыгъэужьырщ икIи.

Бы: ПIын Iуэхугъуэу къекIуэкIыр зыхуэIуарэ, зехьалIауэ зыхуагъэзащIэр быныщи, ″бы″ Iэмалыгъуэр мыпхуэдэу зэрехьэлIарэ зэрелъытарэкIэ ужьыгъуэ Iэмалыгъуэрщ.

«Ф, ФI, В» Гупыр:

Зы лъэкIыныгъэу щытрэ, абы утыку къырилъхьэхэр; мыбы къызэрыгуэкIкIэй къэхъуу щытхэр; зы фэрэ зы лы зыубыдарэ ахэр зи теплъэр; мыпхуэдэу фэрэ лыуэ зы гуэрым и гущIыIум трищIэрэ телъ хъур зэгъэдзэкIынрэ зэхэтхъуэныр къизыIуэу щыт макъхэрщ. Мыхэр гъащIэрэ псэ ужьыгъуэм къигъэщIа Iэмалыгъуэхэрщ; мыпхуэдэу утыку къызэрихьэрэ ягъэзащIэ Iэмалыгъуэхэм къызэрыгуэкIкIэй, нэгъуэщIыгъуэ мыхьэнэхэр утыку къыралъхьэфу бзэм холэжьыхьхэр.

Фы: Ар зы лъэкIыныгъэрщи, утыку къызэрихьэрэ зэманыгъуэу щыIэ хъууэ щытмэ, къэхъуу щытыр зы фэрщи; мыпхуэдэу зы лъэкIыныгъэу дэтхэнэ зы лъэ зиIэм зы фэй иIэщ. А лъэкIыныгъэр зы

ужьыгъуэу утыку къимыхьэфрэ, зэрыщытрэ зыдыхэт гъуэм къинэжу къимыкIыпхъэ щыхъум щыгъуэ, къэхъур ужьыгъуэм и пхэнджырщи, ар ″фыгъуэ″рщ, ″фын″ырщ.

ФIы: Зы фэрэ зы лы зиIэу утыку къихьэу щытрэ хъугъуэ-фIыгъуэу къэхъуу щыт дэтхэнэ зы гуэрыр фIыщ. Ар зи лъэрэ зи фэр зэщIэуварэ зэрыхъупхъэу утыку къихьа хъурщ. Мыпхуэдэу щыт сытри фIыщ.

Вы: Фэм ехьэлIауэ зы Iуэхугъуэрщи, ар щIагъ-щIыIу щIын Iуэхугъуэрщ.

«М, Н» Гупыр:

Дэтхэнэ зы гурыр гулъытэгъуэ зыщIрэ къиIуапхъэ зыщIыр; а гулъытапхъэ хъум пэджэжынрэ, ар гурыIуэгъуэ щIын Iуэхур къизыIуэ макъ Iэмалыгъуэхэрщ. Макъхэм я нэхъыжьу лъытапхъэхэрщи, цIыхур къызтехъукIауэ щыт псэущхьэм и папбгъуэ лъэхъанэм къыщIэныжауэ щыт макъхэрщи, пэщхъынэ макъхэу къэхъуарэ апхуэдэу щытхэрщ. Ауэ, ахэр адыгэбзэм нобэ зэрыхэт щIыкIэр, я пэщхъынагъэр а нэхъ мащIэу къызэрыIукIэрщ.

Мы: Дэтхэнэ зы гуэрыр гулъытэ зыщI макъырщ; езырыжу хъууэ щыт дэтхэнэ зы Iуэхур къэзыгъэлъагъуэрщи, икIи, дэтхэнэ зы Iуэхур зэрымыхъури къизыIуэф макъырщ. Пэщхъынэ макъыу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, япэрарэ нэхъыбэу, пэ Iуэхугъуэм ехьэлIа Iэмалыгъуэхэр къизыIуэрщ икIи.

Ны: Ар къызэрыхъуар ″мы″ макъым къыкIэлъыкIуэу жыIэпхъэщи, игъэзащIэхэри ″мы″ Iэмалыгъуэм хуэдэрэ елъытауэ щыт Iуэхугъуэхэрщ. Ар ″мы″ макъым къыкIэлъыкIуэ макъыу, ″мы″ макъым и пэджэжын Iэмалыгъуэу къэхъуауэ жыIэпхъэщи, зы Iуэхугъуэр ″мы″ IэмалыгъуэрэкIэ гулъытэ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, гурыIуэгъуэй зэрыхъуу зэрыщIидзэр ″ны″ IэмалыгъуэмкIэрщ. Зы гуэрыр къызэрыщIидзэрэ зэрыкIуатэри ″ны″ IэмалыгъуэкIэрщ; икIи, дэтхэнэ зы гуэрыр зэрыщыт щIыкIэжу зэрызэтеувыIэрэ, кIуэ пэтрэ зэрыухыр къизыIуэ Iэмалыгъуэу къэсэбэпри ″ны″ IэмалыгъуэмкIэрщ.

«Ры» Макъыр:

Ар макъ пхъашэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы гуэрыр къэзыгъэлъагъуэрэ, фIэкIыпIэ зэримыIэу гулъытапхъэрэ гурыIуэгъуэ зыщIырщи, адыгэбзэм кIэух закъуэу хэсэбэпыхьу щыт зы макъырщ.

## МАКЪ ЩЭХУ IЭМАЛЫГЪУЭХЭР МЫХЬЭНЭРЭ ПСАЛЪЭУ УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭР

Макъ щэхухэр, цIыхум и пкъыгъуэм къыхэхъукIрэ макъыу утыку къихьэу щыт мыхьэнэ IэнатIэхэм и лъабжьэхэрщ. Ахэр зы *организм*эм къыщыхъуу щыт мыхьэнэхэрщи, макъыу утыку къохьэр. Ахэр псэм къыхэхъукIрэ псэущхьэпкъ кIуэцIым щэхуу хэтыжу щыт Iэмалыгъуэрэ

мыхьэнэхэрщи, псэм къигъэщIрэ хэту зы псэ пэлъытэ хъуауэ щытхэрщ. Ахэр псалъэ хъупхъэу щытхэрщи, утыку къихьэрэ зы лъэрэ зы мыхьэнэ щагъуэтым щыгъуэщ ″псалъэ″ щыхъухэр. Ар утыку къизыгъахьэрэ макъыу къэзыгъэIуфри зы макъ Iуэрырщ. Макъ щэху жыхуэтIэр мыпхуэдэу зы организмэм къыщыхъурэ зы макъыу къэIупхъэ щыхъум щыгъуэ, ар зы макъ Iуэрым и IэмалыгъуэрэкIэ къэIуфу щытщ. МакъдэкIуашэу жыхуэтIэ макъ щэхухэр макъ лъабжьэу щытщ. Ахэр, макърэ бзэм и лъабжьэу щытхэрщ.

Дэтхэнэ зы макъыр макъыу къэIурэ, зы макъ закъуэрэ защIэу утыку къыщихьэм щыгъуэ, абы пыухытыкIауэ псэлъэбзэм зы мыхьэнэ утыку къырилъхьэу щыткъыми, ахэр къызэрыIум къызэрыгуэкIкIэ, макъ Iэмалыгъуэу щытхэщ. Мы къэIуу щыт макъым и Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, кIуэ пэтрэ, мыхьэнэу къосэбэпыр е и Iэмалыгъуэм иджыр бзэм зы мыхьэнэу утыку къыщохьэр. Ауэ, макъ гуэрхэри, иджыри, бзэм зэрыхэтрэ зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр, макъ Iэмалыгъуэ закъуэрэ защIэу щыту жыIэпхъэщ. Ахэр зы мыхьэнэм фIэмынарэ, макъ Iэмалыгъуэу лажьэу бзэм хэтхэрщ. А макъхэр мыхьэнэншэкъым; икIи, ауэ къызэрыкIуэу къэсэбэпу щыткъым; зэрылажьэрэ утыку къыралъхьэр я Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIыр гурыIуэгъуэу щытщ; зыхуэщхьэпэхэр гурыIуэгъуэщ. Ар шхьэ, а макъхэр, адрейхэм хуэдэу зы мыхьэнэ пыухытыкIа утыку къизымылъхьэу щыт макъхэрщи, щхьэжу зы псалъэу щытхэркъым.

-ГурыIуэгъуэу щытщи, козмикэри хъууэ щытырщ; абы хэту щыт дэтхэнэ зы гуэрри хъуауэ щытхэм хуэдэу зэфIэкIарэ утыку къихьауэ щыткъым нобэй; икIи, хъуарэ зэфIэкIауэ щыт жыхуэтIэри хъууэ щыт жыхуэтIэхэм зэрелъытауэ хъуауэ тлъытэу щытхэрщи, ахэри зэманыр зэрыужьым къызэрыгуэкIкIэ хъурэ зэхъуэкIыу щытхэрщ. Ауэ, зи гугъу тщIыхэр, хъууэ щытрэ утыку итрэ джыуэ щытхэм щхьэпэ хуэхъуу щытхэрщи, а джырэ хъууэ щытхэм я хъукIэм щхьэусыгъуэ яхуэхъуу щытщ. Мы хъууэ щытрэ, хъупIэм иту щыт макъхэр, игъуэ къыщысым щыгъуэ, зы мыхьэнэрэ псалъэу утыку къызэрихьэрэкIэу щыхъунухэри гурыIуэгъуэнщ-.

Мыбы хуэдэу жыIэпхъэщ, адыгэбзэм хэту щыт макъ псори зы псалъэрэ зы мыхьэнэ пыухытыкIауэ утыку зэримытыр. Таблицэм хэту щыт макъхэм дыщытелэжьыхьым щыгъуэ, мы къыжытIэхэр лэжьыгъэм зэрытеухуарэкIэ нэхъри гурыIуэгъуэ хъуну къыщIэкIынщ.

Мы жытIэхэри зэрыхэткIэрэу, ипщэкIэ гуп гупу зэхэдгъэкIауэ щыт макъ щэхухэр, мыхьэнэрэ псалъэ хъун IуэхугъуэрэкIэ къэдгъэлъагъуэнщ зы таблицэм итуй (Таб:12), тIанэ дытепсэлъыхьынщ.

Таб: 12

«*Сы*, ЦI, Цы, Зы, *Дзы*»; «*Гъы, Гъу, Гьы-Джсы*, Гу, *Гы*»; «*Ды, Ты, ТIы*»; «*Жы, Жьы*»; «*Щы, ЩIы, Шы*»; «Кы-Чы, Ку, *КIы*, КIу»;

«Къ, Къу»; «Кхъ, Кхъу»; «Хъы, *Хъу*»; «Хы, *Ху*»; «*Хьы*»; «Лъы, Лы, ЛIы»; «П, *ПIы, Бы*»; «*Фы, ФIы, Вы*»; «М, Н»; «Р»

Таблицэм теухуауэ занщIэу нэрылъагъуу щытыр мыращ:

*Латин каректеру тхауэ щыт макъхэр, зы ″н″ кIэух къызэрыпыхьэу глагол хъууэ щыт макъхэрщ.

*Зи лъабжьэр щIэтхъахэр -латин каректер ирехъу, нормал тхыпкъкIэ тха ирехъу-, зы IуэхугъуэрэI зы гуэрым и фIэщыгъэцIэу щыту зы псалъэу бзэм хэт хъуахэрщ.

*Нормал тхыпкъкIэ тха макъхэр, -икIи латин каректеру щымытрэ зи лъабжьэй щIэмытхъахэр-, глаголрэ зы фIэщыгъэцIэу зы псалъэу щымыт макъхэрщи, ахэм икIи ″ы″ кIэух пыттхауэ щыткъым. Ахэр, я IэмалыгъуэрэкIэ сэбэп хъууэ бзэм хэту щыт макъхэрщи, я Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, ахэм рол гуэрхэр зэрагъэзащIэр жыIэпхъэщ. Ахэр иджыри зы псалъэрэ глагол мыхъуауэ щыт макъхэрщи, зи цIэ къырамыIуэрэ глаголизацэу бзэм хэсэбэпыхьу щыт макъхэрщ; я IэмалыгъуэрэкIэ бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэу, зы псалъэр утыку къырагъэхьэн папщIэ сэбэп хъууэ щыт макъхэрщи, езыхэми зы псалъэрэ глагол щаухуэнур гъунэгъущэу щытщ.

ТIэ, ахэр функциял макъхэу лъытапхъэщ. Зэрымакъ Iэмалыгъуэу щыт макъхэрщ. Макъ псори мыпхуэдэу я IэмалыгъуэркIэ утыку итагъэнти, макъ гуэрхэр я Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIрэ зы Iуэхугъуэ IэнатIэ гуэр зэриджым къызэрытенэрэкIэ зы псалъэу утыку къихьагъэнхэщ. Ар щыхъукIэй, фIэщыгъэцIэрэ зы псалъэу е глагол хъуну щыт макъхэр мы зи гугъу тщIы макъхэм хуэдэу щытагъэнщ. Мы зи гугъу тщIы макъхэр нобэй зы мыхьэнэм фIэмынауэ, Iэмалыгъуэ защIэу бзэм хэлэжьыхьу хэт макъхэрщ.

Мыбдежым мыри пыщапхъэщ: А зы псалъэу утыку къихьэн Iуэхугъуэр, макъ Iэмалыгъуэр зэрылажьэм къызэрыгуэкIкIэ, игъуэ къыщысым щыгъуэ къэхъуу щыт Iуэхугъуэрщи, зы макъым мыпхуэдэу зы мыхьэнэр къызэригъэлъагъуэм къызэрыгуэкIкIэ зы псалъэу утыку ит хъун Iуэхугъуэр, бзэр зэрызэтеувэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэу зы макъ Iэмалыгъуэ архиву щытырщ; тIэ, ар бзэм и тхыдэр зэрыдж щIыкIэри къэзыгъэлъагъуэрщ.

Нэрылъагъуэу щытщи, бзэм и лэжьэкIэм къызэрыгуэкIкIэ, мыхьэнэ зиIэу щыт макъыр нэхъыбэщ. Таблицэм ущыхэплъэм щыгъуэ, глаголу щытхэм и нэхъыбэр, икIи зы фIэщыгъэцIэу зэрыщытыр нэрылъагъущ; икIи, фIэщыгъэцIэу щытхэм зы глагол къызэрытехъукIынур зэрымыжыжьэр гурыIуэгъуэу щытщ.

Ауэ, мыракъым Iуэхушхуэр. Зы глаголрэ зы фIэщыгъэцIэу зы псалъэ мыхъуауэ щыт макъхэри, зы псалъэу утыку къызэрихьэнур зэрыгъунэгъур гурыIуэгъуэу зэрыщытыр нэрылъагъущ. Аращи Iуэхур, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэр, макъ IэмалыгъуэрэкIэ зэрылажьэм къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэй зы псалъэрэ мыхьэнэ нэгъуэщIыгъуэхэр утыку къырилъхьэну хьэзырщ.

Мыр дигу къэдгъэкIыжын хуейуэ щытщ: Макъ щэхухэр, зы Iэмалыгъуэ зиIэрэ псэ ужьыкIэ организацэу щытхэрщи, ахэр къэIурэ зэхэхыпхъэ щыхъум щыгъуэ, гурыIуэгъуэ зэрыхъурэ къызэрысэбэпым къызэрыгуэкIкIэ мэухуэр бзэр. Ар щыхъукIэй, ахэм я Iэмалыгъуэр бзэ Iэмалыгъуэу зэрылажьэрэкIэ, игъуэр къыщысым щыгъуэ, зы макъыр зы псалъэуй утыку къохьэр. А зы псалъэу утыку къихьарэ зы мыхьэнэ зиIэ хъуауэ щыт макъым, мы и зы увыIэпIэр абы и IэмалыгъуэрэкIэ къэхъуарэ утыку къихьауэ щытырщ; мыхъумэ, а макъым и Iэмалыгъуэр зы мыхьэнэ закъуэу утыку къихьауэ щыт мы псалъэ закъуэракъым.

Аращи, ипщэкIэ къэдгъэлъэгъуауэ щыт таблицэм щхьэжу гурыIуэгъуэ къыпхуищIышхуэ щымыIэу жыIэпхъэщ. Макъхэр зы мыхьэнэу утыку зэритрэ зы псалъэу зэрыщытыр занщIэу гурыIуэгъуэ къыпхуищIыу щытщ таблицэм. Утыку къихьауэ щыт псалъэрэ глагол бжыгъэр зэрыкуэдыр бзэ лэжьэкIэм теухуауэ зы фIэнапIэ пщIыну зы IуэхугъуэшхуэркъыM. Абы хэтрэ, зы псалъэрэ зы глагол зымыджу къэдгъэлъэгъуауэ щыт макъхэм ягъэзащIэри мащIэкъым; ауэ, ахэм я пщIэу щытыр таблицэм къыуигъэлъагъуэркъым. ИкIи, псалъэрэ глаголу зыкъэзыгъэлъагъуа макъ Iэмалыгъуэхэри, а псалъэрэ глаголу утыку къихьахэм фIэмынэу мэлажьэри, я IэмалыгъуэмкIэрэ нэгъуэщI Iуэхугъуэрэ псалъэхэр утыку къыралъхьэн папщIэ къосэбэпхэр. Макъ Iэмалыгъуэр бзэ лэжьэкIэрэ ужьыкIэм ирожэри, игъуэ къыщысрэ и Iэмалыгъуэм игъэзэщIэфыну зы Iуэхугъуэ къыщыкъуэкIым щыгъуэ, зы мыхьэнэрэ псалъэу утыку къохьэр. Мыр, макъым и генеалогие Iуэхугъуэу лъытапхъэщи, а макъыр бзэм хэту псэухукIэ, къыхукъуэкI зы Iуэхугъуэр, и Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэу щхьэжу зы мыхьэнэрэ зы псалъэу къосэбэпыр; е, зы псалъэм хэту зыкъегъэлъагъуэри, зы мыхьэнэ джын IуэхугъуэкIэ къосэбэпыр. Мыращ, нобэ мыхьэнэ зы бжанэ зиIэу бзэм хэту щыт макърэ псалъэхэр зэрызэтеувауэ утыку къызэрихьам и лъабжьэрэ щхьэусыгъуэр.

Мыхьэнэрэ зы псалъэ мыхъуауэ щыт макъхэр, хъууэ щытхэрщ, хъупIэм иту щытхэрщ. Мыпхуэдэу зы Iэмалыгъуэу къызэрынам

щхьэусыгъуэфI иIэу щытщи, а макъхэм щхьэжу дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ, мыхэри къэунэхуну къыщIэкIынщ. Ахэм къыраIуэр хъупIэм итыпIэрэ щыIэм ехьэлIарэ елъытауэ щыт Iуэхугъуэрэ, щымыIэрэ къэхъуу щыт Iуэхугъуэхэрщ.

Таблицэм хэту щыт макъ гупхэм псэлъитI-щы тежыIыхьыпхъэу щытщ.

«*Сы*, ЦI, Цы, Зы, *Дыз*» Гупыр:

Мы гупым хэту щыт "цI" макъым нэмыщI, адрейхэм зы мыхьэнэ къыраIуэу щытщ. Ахэм ящыщу щыт "цы, зы" макъхэр зы фIэщыгъэцIэ хъууэ щыт псалъэхэрщ. Мы гупым хэту щыт макъ гуэрхэми "н" кIэух къызэрыпыхьэрэкIэ глагол мэхъур: «Сын, дзын». "Сын" псалъэр икIи зы фIэщыгъэцIэу утыку къохьэр.

"ЦI" макъыр бзэм зэрыхэткIэрэу, щыIэ мыхъуарэ мыхъунур къизыIуэрщи, ар "щымыIэ" псалъэм къыриIуэм къыщымынэу, "мыщыIэ"рщ. ТIэ, щыIэ гуэр мыхъуу щытым зы мыхьэнэ зэримыджкIэрэй, а макъыр зы псалъэ хъуауэ щытынкъым; икIи, ар зы глаголуй къэсэбэпыпхъэу щытынкъым. Ауэ, ар мыщыIэ зэрыхъукIэрэу, зы щыIэ гуэрыр зэрыух щIыкIэу къызэрысэбэпкIэрэу, бзэм хэлэжьыхьыпхъэу утыку къохьэр.

«*Гъы, Гъу, Гьы-Джы*, Гу, *Гы*» Гупыр:

Мы макъ гупым хэту щыт "гу"р зы фIэщыгъэцIэу щытщи, "гу" макъым утыку къырилъхьэ Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэ, ар зы фIэщыгъэцIэу утыку къыщIихьар наIуэщ: Зытеухуа Iуэхугъуэм зэрыхуэфащэу, "гь (дж)" ужьыгъуэ (у) хъууэ щыт гуэрым и фIэщыгъэцIэ хъууэ щытщ "гу"р.

Мыбы нэмыщI, занщIэу глагол хъууэ щыт макъхэм утыку къыралъхьэ глаголхэр мыхэращ: «Гъын, гъун, гьын-джын, гын». "Гын" глаголу щытым утыку къырилъхьэ Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэ, зы фIэщыгъэцIэ псалъэу щытщ.

«*Ды, Ты*, ТIы» Гупыр:

"ТIы" Iэмалыгъуэм игъэзащIэу щытым къызэрыгуэкIкIэ, "тIы"р зы фIэщыгъэцIэу щытщ нобэ, ар зы Iэщыхъум и фIэщыгъэцIэ щыхуэхъуар жыжьэ дыдэу щыту къыщIэкIынкъым.

"ТIы" макъри хэтыжу мы гупым занщIэу глагол къагъэщIыр: «Дын, тын, тIын».

«*Жы*, Жьы» Гупыр:

"Жьы" Iэмалыгъуэу щытыр, зы Iуэхугъуэм теухуауэ жыIэпхъэмэ, а Iуэхугъуэр имыту щымыт зэманыгъуэр иджынырщи, апщыгъуэм къэхъуу щытыр, икIи блекIа хъунщи "жьы"нщ; икIи, къыщымыхъуа зэманыгъуэ хъууэ щыту "жьы"нщ.

"Жьы"м и Iэмалыгъуэри "жы"ри глагол зыщIыу макъхэрщ: «Жьын, жын».

«*<u>Щы</u>, <u>ЩІы</u>, <u>Шы</u>*» Гупыр:

Мы макъищри фІэщыгъэцІэу щытщ. Ауэ, жыпІэ хъунущ зы псэущхьэм "шы"р фІэщыгъэцІэ щыхуэхъуар куэду иужьрей Іуэхугъуэу. Ар "шэн" Іуэхур зыхуэІуа хъуауэ щыт псэущхьэм и фІэщыгъэцІэу утыку къихьауэ жыІэпхъэщ.

Мы макъищми глагол яухуэр: «Щын, щІын, шын». "Шын"ыр зы глаголу зэрыщытым хуэдэжу, зы Іуэхугъуэм и фІэщыгъэцІэу щытщ аргуэрэу.

«*<u>Кы-Чы</u>*, <u>Ку</u>, *<u>КІы</u>*, КІу» Гупыр:

"КІы"р зы фІэщыгъэцІэу щытми, ар "кІэ-ы" къэхъукІэм утыку къыригъэхьауэ щытщ; мыхъумэ, "кІ" макъ Іэмалыгъуэм утыку къырилъхьэну щытыр занщІэу зы глаголу къэсэбэпынырщ: "КІын".

ИкІи, зы фІэщыгъэцІэрэ, икІи глаголу утыку къихьэу щытщ "к-ч" макъхэри. Ахэр тІэкІу зэщхьэщыкІ Іэмалыгъуэхэр зиІэу щыт макъыу щытхэми, нобэ жьэрыпсалъэ лІэужьыгъуэм къызэрыгуэкІкІэ, зэхуэдэ Іэмалыгъуэ зиІэрэ зэхуэдэ мыхьэнэ къыраІуэу бзэм хэту щытщ. Мы макъхэм и глаголу щытщ "кын-чын" псалъэхэр.

Ар щхьэ, "ку" макъым "н" кІэухыр къыпыхьэмэ, езырыж зэрыхъун нэмыщІ, зэ щхьэ зы глагол щхьэхуэ утыку къихьэркъым. Ар зы фІэщыгъэцІэ псалъэу щытщ.

"КІу" макъым занщІэу зы псалъэ утыку къыригъэхьэркъым. Мыбы и щхьэусыгъуэу лъытапхъэщ, "кІу" Іэмалыгъуэр утыку къихьэн папщІэ ІуэхугъуитІрэ зы гуэритІ узэрыхуэныкъуэнур; аращи, ахэм язэхуаку дэлъ хъуну зы Іэмалыгъуэр зыджырщ "кІу"р; ахэр зэрызэкІур иджыну щытщ абы.

«Къ, <u>Къу</u>» Гупыр:

"Къы" макъыр щхьэжу зы псалъэу щыткъым; икІи, абы "н" кІэух къыпыхьэми зы глагол утыку къихьэркъым. Мыр къызхэкІри, "къ" Іэмалыгъуэр зэрыщытырщ. Ар зы Іуэхугъуэрэ зы гуэру утыку итыр къэзыгъэлъагъуэркъым; абы къигъэлъагъуэр щыІэ гуэркъыми, а щыІэм и къежьапІэрщ е къызэрежьэрщи, "къы" макъыр Іэмалыгъуэ защІэу щытрэ зы глаголизацэ макъырщ. Абы къыриІуэр утыку иту щытрэ нэрылъагъуэу къэхъуу щыт зы Іуэхугъуэркъым; абы къыриІуэр, къэхъуауэ утыку итымрэ къэмыхъуауэ щытым я зэхуакуу зы Іуэхугъуэрщ. Аращи, ар зы гуэрыр къызэрыхъурэ къызэрхэхъукІыр къизыІуэрщи, а къэхъуауэ щыту утыку итыр къизымыІуэрщ. Ар щыхъукІэй, зы мыхьэнэрэ зы псалъэу щыткъыми, щыІэрэ утыку иту щыткъым; гурыІуэгъуэрэ нахуэ хъууэ зы Іуэхугъуэу щыткъым "къ" Іэмалыгъуэри, ар щхьэжу зы псалъэй, зы глаголи хъуркъым.

Ауэ, а Іуэхугъуэр къэхъурэ утыку къихьауэ зы Іуэхугъуэ щыхъум щыгъуэ, ар къызхэхъукІам зэрыпыщІарэкІэ зы ужьыгъуэу щытщи, мис апхуэдэу щыт гуэрым и фІэщыгъэцІэ хъуну щытынщ "къу"р.

«Хъы, *Хъу*» Гупыр:

Мы макъитIри зы псалъэ зырызу щытщ; ″хъы″р зы фIэщыгъэцIэщ; ар лъабжьэрэ убгъуауэ щылъырщ. ″Хъы″м ″н″ кIэух къыпыхьэми, занщIэу зы глагол ухуэркъым. Ауэ, ″хъы″ Iэмалыгъуэр лъабжьэу зэрыщыткIэрэу, абы къытеужьыкIыр ″хъу″рщи, ар глагол щыхъуращ ″хъун″ псалъэу утыку къихьэр. ″Хъу″р икIи зы фIэщыгъэцIэ псалъэрщ.

«Хы, *Ху*» Гупыр:

Мы макъитIми псалъэ утыку къыралъхьэр. ″Хы″р зи фIэщыгъэцIэр гурыIуэгъуэу щытщ; икIи, абы, и гущIыIур зэхуэдэ лъэгапIэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, лъэгапIэ зэгъэпщапхъэрэ лъабжьэу щытырщ. Ар щыхъукIэй, дуней щIы хъурей гущIыIум и ординату лъытапхъэрщ. Ар ординат зэрыхъукIэрэй, ″хы″ глаголизацэм игъэзащIэр ехынрэ зы лъабжьэм хуэкIуэн хуэдэ Iуэхугъуэхэрщ; ар щхьэ, ар занщIэу зы глагол мыхъуу, глаголизацэу щытщ. ″Хы″р икIи, зы бжыгъэцIэу щытщ.

″Ху″ри зы фIэщыгъэцIэу щытщ нобэ. Ар зы гуэдз лъэпкъым и фIэщыгъэцIэрщ. Ар щхьэ, ″ху″ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, а фIэщыгъэцIэр куэду иужьрагъэнщ утыку къыщихьар. ″Ху″р щхьэжу зы глагол хъуфырщи, ар ″хун″ псалъэрщ: Зы Iуэхугъуэр зы линием тету гъэкIуэтэн мыхьэнэм хуэдэу зы псалъэрщ ар.

«*Хьы*» Макъыр:

Мы макъыр щхьэжу зы псалъэу щыткъым; ауэ, ар зы Iуэхугъуэрэ гъэпсэхугъуэ макъыу лъытапхъэщ. ИкIи, зы глаголу утыку къыщихьэм щыгъуэ, ар зы Iуэхуу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ: ″хьын″.

«Лъы, Лы, ЛIы» Гупыр:

Дэтхэнэ зы макъри зы псалъэ хъуауэ щытщ; икIи, зыр зым зэрелъытарэ къызэрытехъукIауэ зэрыщытыр жыIэпхъэщ. Мы макъхэм ″н″ кIэух къыпыхьэмэ, ″езырыж хъун″ нэмыщI, зэуэ зэнщIэрэ щхьэхуэу зы глагол къатехъукIыркъым.

«П, *ПIы*, *Бы*» Гупыр:

″П″ макъыр зы псалъэу щыткъым. Абы иджрэ къигъэлъагъуэу щытыр, щыIэ гуэрым елъытауэ зы позицэрщ; мыхъумэ, абы дэтхэнэ зы щыIэ гуэррэ, абы хэту щыт зы Iуэхугъуэ къигъэлъагъуэн Iэмалыгъуэ иджыркъым. ″П″ыр зы щыIэ гуэрым хэмытрэ, ар зыдэужь лъэныкъуэ гъунапкъэу щыт зы *пункт*у лъытапхъэрщ. Ар зы щыIэ гуэрым елъытауэ зы *позицэ* къизыIуэрщ. Мы щхьэусыгъуэрагъэнщи, ар зы щыIэ гуэрым и мыхьэнэ хъуркъыми, зы псалъэу щыткъым; икIи, а щхьэусыгъуэм къызэрыгуэкIкIэй, абы занщIэу зы глагол утыку къырилъхьэркъыми, ар зы Iэмалыгъуэрэ глаголизацэу щытщ.

″ПIын, бын″ псалъэхэр глагол щIыкIэу утыку къихьауэ щыт псалъэхэрщ. Ар щхьэ, ″бын″ глаголыр зэрехьэлIарэ зэрелъытар ″пIын″ Iуэхугъуэрщи, мыпхуэдэу утыку къихьэу щытращ ″бын″ыр: ″Бын″ыр я″пIы″у щыт псэущхьэ шырырщ.

«*Фы*, *ФІы*, *Вы*» Гупыр:

"Фы" макъри зы Іэмалыгъуэу щытырщ. Ар зы лъэкІыныгъэм къигъэщІ Іэмалыгъуэрщи, утыку къихьэрэ зэманыгъуэ щигъуэткІэ "фэ" хъурщ. Ар утыку къимыхьэу зэрыщыту къызэхэнэмэ, е, утыку къихьам и зэхэуэжыгъуэ хъумэ, апщыгъуэм зы глагоу "фын" Іуэхугъуэр къэхъунщ.

"ФІы"мрэ "вы"р псалъэу щытхэрщ. "ФІы"р, икІи плъыфэцІэу зы псалъэрщ, икІи глагол хъуфу зы псалъэу щытщ: "фІын". Мыпхуэдэу щыту жыІэпхъэщ зэ щхьэ, "вы" макъым игъэзащІэри.

Ауэ, "вы" псалъэр "вэн" Іуэхугъуэр зехьэлІарэ ар къезыгъэкІуэкІ псэущхьэм и фІэщыгъэцІэ зэрыхъукІэрэу, бзэ зэтеувэным елъытауэ утыку къыщихьар гъунэгъуу зы лъэхъанэрщ. ИкІи, "вы" макъ Іэмалыгъуэм къигъэщІыпхъэу щытыр зы глагол хъуну щытщи, ахэр "вын, вэн" Іуэхугъуэрщ; тІэ, мы Іуэхугъуэр утыку къихьарэ къызэрекІуэкІым къызэрыгукІкІэ, "вы" фІэщыгъэцІэр иужькІэ утыку къихьагъэнщ.

«М, Н» Гупыр:

Мы макъхэр лэжьакІуэу макъхэрщ; ар щхьэ, мыпхуэдэу къызэрыІум къызэрыгуэкІкІэ, ахэм щхьэжу зы псалъэ утыку къыралъхьэу бзэм хэткъым е хэтыжкъым. Ауэ, "мы"р икІи "мэ"р зырехьэлІар (мэ-ы: мы) къикІыу фІащауэ зы пхъэщхьэмыщхьэ фІэщыгъэцІэу зэрыщытыр жыІэн хуейщ.

Мы макъ Іэмалыгъуэхэр макърэ псалъэхэм ипэрэ икІэ къызэрыпыхьэм къызэрыгуэкІкІэ, къэхъуу щытыр къэзыгъэлъагъуэ макъхэрщ. Ахэр икІи, глаголи хъуркъым.

Аращи, "н" макъращ кІэух щыхъум щыгъуэ макърэ псалъэхэр глагол зыщІыр. Ар кІэух зыхуэхъур глагол мэхъури, кІэух зыхуэхъур а нэхъ мащІэу, "езырыж хъун" глагол Іуэхугъуэу мэлажьэр.

«Р» Макъыр:

Мы макъри зы псалъэу щымытырщ; икІи, ар зы макърэ псалъэм ипэ къыпымыхьэу зы макъырщи, зы глагол псалъэй къызхэмыкІынурщ. Ар кІэух закъуэу мэлажьэр; "р"ыр пхъашэу зы макъырщи, абы ипэ иту щыт макъыр лъэщу къигъэлъагъуэу фІыуэ гурыІуэгъуэ къыпхуещІыр; кІэух зыхуэхъур фІэкІыпІэ щымыІэжу *къэбыл* угегъэщІыр.

*

ИпщэкІэ къэдгъэлъэгъуауэ щыт таблицэми заншІэу хэплъагъуэр аращи, ахэм дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ, нэхъри нахуэ къызэрытхуэхъум къызэрыгуэкІкІэ, мы бзэр зы макъыбзэу щытщ. Макъхэр къызэрыІукІэрэу зы Іэмалыгъуэ зэраІэрэ зэрыджкІэрэу мыхьэнэхэр утыку къыралъхьэфыну щытщ; икІи, а Іэмалыгъуэу утыку къыралъхьэ къэруращ бзэ лэжьэкІэу утыку къихьэр. Макъхэр, я ІэмалыгъуэрэкІэ зэгухьэу щытщи, а Іэмалыгъуэ зэхэлъ хъууэ щытыкІэм, къагъэхъурэ зэдэджкІэрэу макъ зы бжанэ зэхэлъ хъууэ псалъэхэри утыку къырегъэхьэр.

Макъ щэхуу ипщэкIэ къэдгъэлъэгъуауэ щыт дэтхэнэ зы макъым макъзешэхэр къызэрыпыхьэрэкIэ псэлъэщIэхэр утыку къохьэр. Макъ щэхур зы макъдэкIуашэу щытщи, ар щхьэжу къызэрыIу щIыкIэр ″ы″ макъзешэкIэрщ. Макъзешэ пашэу щыт ″ы″м къыкIэлъыкIуэр ″э″уэ щытщи, ари къызпыхьэ макъыр кIуатэрэ зэманыгъуэрэкIэ зэрылажьэм къызэрыгуэкIкIэ, ″э″ макъзешэр макъдэкIуашэхэм тыншу къыпыхьэфу зы макъырщ. Ар щыхъукIэй, мыхьэнэщIэрэ псэлъэщIэхэр утыку къихьэу щытщ.

Мы псалъэхэм къызэрыгуэкIкIэ, макъ щэхухэм ″э″ кIэухыр къыщыпыхьэм щыгъуэ къэхъуу щыт мыхьэнэрэ псалъэхэр ″Таб:13″м щыхыболъагъуэр.

Таб: 13

«*Сэ*, ЦIэ, Цэ, *Зэ*, Дзэ»; «Гъэ, Гъуэ, *Гьэ-Джэ*, Гуэ, Гэ»; «*Дэ*, Тэ, ТIэ*»; «Жэ*, *Жьэ»; «Щэ*, *ЩIэ*, *Шэ*»; *«Кэ-Чэ*, Куэ, *КIэ*, *КIуэ*»; «Къэ, Къуэ»; «Кхъэ, Кхъуэ»; «Хъэ, Хъуэ»; *«*Хэ, Хуэ»; «Хьэ»; «*Лъэ, Лэ, ЛIэ*»; «Пэ, ПIэ, *Бэ*»; «Фэ, *ФIэ*, *Вэ*»; «Мэ, Нэ»; «Рэ»

Мы таблицэри ″Таб:12″м хуэдэу зэхэлъхьауэ щытщи, нормалу тхахэр глаголизацэу щытхэрщи, зы мыхьэнэ пыухытыкIа къэзымыгъэлъагъуэхэрщ; латин каректеру тхахэр занщIэ глагол хъуну макъхэрщ; зи лъабжьэ щIэтхъахэр фIэщыгъэцIэу утыку ит псалъэ хъуахэрщ.

Макъхэм ″э″ къыпыхьэрэ щыкIуатэм щыгъуэ, бзэр гъуэгу техьэу щIидзауэ аращи, абы къигъэщIыну мыхьэнэхэр нэхъыбэнщ. Арагъэнщи, ″э″ къызпыхьауэ щыт макъхэр нэхъ лантIэ хъуауэ жыIэпхъэщи, бзэ лэжьэнрэ зыужьыным нэхъ дыхуэхьэзырщ иджы.

Иджыри, ″э″кIэ къэIуу щытми, макъ гуэрхэр зы мыхьэнэрэ зы псалъэу щыт хъуркъыми, глаголизацэ защIэрэ IэмалыгъуэуIэ бзэм хэлэжьыхьыу щытхэщ. ″Ы″ кIэухкIэ къэIу макъ гуэрхэм утыку къыралъхьа мыхьэнэхэри зыдитыпIэм къызэрикI мэхъур. Мыхьэнэ зымыджу щыт макъ гуэрхэри, иджыри зэрыщыту IэмалыгъуапIэм иту къонэжыр.

Мы таблицэм хэту щыт псалъэрэ глагол хъуну щытхэр гурыIуэгъуэрэ нахуэу щытщи, тIэ, глаголизацэ жыхуэтIэ макъхэм теухуауэ псэлъитI-щы жыIэпхъэщ:

*″Цэ″ макъыр зы псалъэй, зы глаголи хъуркъым. Ар глаголизацэ хъууэ щыт ″цы″уэ жыIэпхъэщ. ″Цы″р цыщи цыуэ къонэжыр, а макъ

Iэмалыгъуэм нэгъуэщI зы Iуэхугъуэ игъэзащIэркъым; ″цэ″ри цы куэдагъ къизыIуэу зы глаголизацэрщ.

*″Гуэ″р зы глаголрэ зы псалъэу щымытми, ар ″гу″ макъым къытехъукIауэ щыт зэрыхъурэ, ″гу″ри зы Iуэхугъуэрэ зы щыIэ IэнатIэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, ″гуэ″р ″гу″м и хэщIыгъуэрэ (гу-) и хэхъуэгъуэр (гу+) къэзыгъэлъагъуэу зы глаголизацэрщ.

*″Т″ макъым къытехъукIауэ щыт ″тэ″р зы глаголрэ зы фIэщыгъэцIэ хъуфу щыткъым. Ар ″ты″ Iэмалыгъуэм иджыр кIуэтэгъуэ (э) зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ къэхъуауэ щыту зы макырщи, мы мыхьэнэм теухуауэ глаголизацэ мэхъуфыр; игъуэ къыщысым щыгъуэй зы лэгапIэрэ зы тетыпIэр къызтехъукIырщ.

*″Къэ″ри къызтехъукIауэ щыт ″къы″м хуэдэу щытщи, ″къы″м къигъэлъагъуэу щыт къыхэхъукIыныгъэ хъууэ щытыр къызэрыхэхъукIрэкIэ кIуэтэгъуэрэ, гъуэгуыкIуэу щытыныр къэзыгъэлъагъуэрщ ″къэ″р. Псалъэм папщIэ, ″кIуэн″ Iуэхур къэзыIуатэм елъытауэ утыку къихьарэ хъууэ щытмэ, ар ″къэкIуэн″ырщи, ар жызыIэм елъытауэ утыку къихьарэ гъэзащIэу щыт кIуэн Iуэхугъуэрщ. ГурыIуэгъуэращи, ″къэ″ри ″къы″м хуэдэу зы глаголизацэрщ.

*″Хъэ″ри ″хъы″м къытехъукIауэ щытщи, ″хъы″ Iуэхугъуэр зы лъабжьэ зэрыхъукIэрэу абы елъытауэ глаголизацэ хъууэ щыт IуэхугъуэхэмкIэ къэсэбэпу щытщ.

*″Хъуэ″ри зы глаголизацэрщи, ″хъу″уэ утыку къихьауэ щытыр зэманыгъуэрэкIэ зэрызэхъуэкIым и глаголизацэу щытырщ.

*″Хэ″р къызтехъукIа ″хы″р зы ужьыгъуэрэ зы куэдагъэу зэрыщытрагъэнщи, ″хэ″ макъыр зы куэдагъэ къэзыгъэлъагъуэрщ. Зы псалъэм ипэрэ икIэм ″хэ″ къыщыпыхьэм щыгъуэ, а Iуэхугъуэр куэдагъ мэхъур.

*″Хуэ″р къызтехъукIар ″ху″ макъырщи, абы игъэзащIэм хуэдэу зы Iуэхугъуэрщ игъэзащIэр. Ауэ, ″э″ кIэухым къызэрыгуэкIкIэ зэщхьэщокIыр Iуэхугъуэу утыку къихьэри, ар занщIэу ″ху″м хуэдэу глагол хъуркъыми, глаголизацэу жыIэпхъэщ.

*″Рэ″р къызтехъукIауэ щыт ″р″м хуэдэу къосэбэпри, къигъэлъагъуэр гъуэгу тету щигъакIуэм (э) щыгъуэ, къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэм пыщIэныгъэри мэгъэзащIэр.

*

Макъ щэхухэм къытехъукIауэ щыт макъ зэгуэтхэм я IэмалыгъуэрэкIэ къэхъурэ утыку къихьэу щыт мыхьэнэрэ псалъэхэр ″Таб:14″м хэплъагъуэу щытщ. Мы макъ зэгуэтхэми ″э″ къыщыпыхьэм щыгъуэ къэхъуу щыт мыхьэнэрэ псалъэхэри къигъэлъагъуэу щытщ мы таблицэм.

Таб: 14

П: *Псы*, *Пщы*, Пшы, *Пхъы*, Пхъу, *Пхы*, *Плъы*

Псэ, *Пщэ*, Пшэ, Пхъэ, *Пхъуэ*, *Пхэ*, *Плъэ*

ПI: ПцIы, *ПщIы*, *ПкIы*, Пкъы, ПлIы

*ПцIэ*, *ПщIэ*, *ПкIэ*, Пкъэ, ПлIэ

Б: *Бзы*, Бдзы, Бгъы, *Бгъу*, Бгы, *Бжы*, *Бжьы*

*Бзэ*, Бдзэ, Бгъэ, Бгъуэ, *Бгэ*, *Бжэ*, Бжьэ

Т: *Тхъы*, *Тхъу*, *Тхы*, Тху, Тхьэ

*Тхъэ*, *Тхъуэ*, *Тхэ*, Тхуэ, Тхьэ

ТI: ТкIы, *ТкIу*

ТкIэ, *ТкIуэ*

Щ: *Щты*, Щхъы, Щхъу, Щхьэ

*Щтэ*, Щхъэ, Щхъуэ, Щхьэ

Ш: *Шхы*, Щху,

*Шхэ*, Шхуэ

Лъ: *Лъху*

*Лъхуэ*

Ф: Фты

Фтэ

Нэрылъагъущи, макъхэр щхьэжу къызэрыдгъэлъэгъуа щIыкIэм тету щытщ макъ зэгуэтхэри къызэрыдгъэлъэгъуа щIыкIэр: Псалъэрэ глагол е глаголизацэу тлъытэу щытхэр тхыпкъ каректеркIэрэ

зэщхьэщыдгъэкIауэ щытщ. Ардыдэу щытщ, ахэм "э" кIэух къыпыхьэрэ къэхъуу щыт макъ зэгуэтхэр зэрызэщхьэщыкIри къызэрыдгъэлъэгъуар.

Макъ зэгуэту щытхэм Iэмалыгъуэу яIэрэ ягъэзащIэр, къызтехъукIауэ щыт макъхэм я Iэмалыгъуэм елъытауэ щытщ. Аращи, утыку къыралъхьэу щыт псалъэрэ глаголхэр зэрыбагъуэр нэрылъагъущ.

Таблицэм зэрыхэткIэ плъагъуу щытыр аращи, мы макъ зэгуэтхэм и нэхъ мащIэращ зы мыхьэнэ зимыIэрэ глаголизацэ жыхуэтIэу къэсэбэпыр. Псалъэрэ фIэщыгъэцIэу утыку итхэмрэ занщIэу глагол хъуурэ щытхэр гурыIуэгъуэу щытщи, глаголизацэ жыхуэтIэхэри, псынщIэу зы псалъэрэ зы глаголу утыку къызэрихьэнури гурыIуэгъуэу щытщ. Ахэр макъ Iэмалыгъуэу щытхэм зы мыхьэнэ утыку къыралъхьэн папщIэ зэгухьэрэ зэхэжауэ щытщи, тIэ, утыку къихьэу щытхэр тыншу зы глагол мэхъухэр.

Ауэ, макъ зэгуэт Iэмалыгъуэу къанэу щытрэ, глаголизацэ къэлэн зиIэхэри къэхъуу щытщ. Ахэм теухуауэ псэлъитI-щы жытIэнщ.

Пшы: Къэзыгъэхъуа макъхэм яджыр гурыIуэгъуэу щытщ; ар зы псалъэ мыхъуарэ Iэмалыгъуэу щытми, "э" кIэухрэкIэ занщIэу зы псалъэ мэхъур.

Пкъэ: "Пкъы" псалъэм и кIуэтэгъуэу глаголизацэрщи, "пкъы хъуурэ щыт" мыхьэнэрщ къикIыр.

Бгъы: "Бгъэ" псалъэм къытехъуакIауэ зы Iэмалыгъуэу жыIэпхъэщи, "гъэ"р къэгъэувыIэн мыхьэнэр игъэзэщIапхъэу щытщ.

ТкIы: Зы псалъэ пэлъытэу щыт зы макъ зэгуэт Iэмалыгъуэрщи, "и"р къыщыпыхьэм щыгъуэ къэхъур "ткIий"рщ. "ТкIэ"ри "ткIы"м и глаголизацэ хъурщ.

Щхъы: Ехынрэ лъабжьэу щыт хъупхъэу зы глаголизацэрщ.

Щхъэ: "Ищхьэ"м и пхэнджыр къизыIуэу зы глаголизацэщ.

Щхъу: ЗэхъуэкIыпхъэр къэзыгъэхъуу щытрэ "щхъуэ" Iэмалыгъуэрщ; ар мызэгъи щхьэпэй хъупхъэрщ.

Фтэ: Ари зы глаголизацэрщ.

Зи гугъу тщIы тапблицэм "тхьэ, щхьэ" псалъэхэр зэрытха щIыкIэм щыгъуазэ зыхуэщIын хуейщ; а псалъэхэм "ы" кIэух иIэу зыкъызэрамгъэлъагъуэм зы щхьэусыгъуэфI иIэщ. Ахэр "хьэ" псалъэм къызэрытехъукIам къызэрыгуэкIкIэ, "э" кIэух зиIэу макъ зэгуэту утыку къызэрихьар къыхэгъэщын хуейщи, "хьэ"р зэрыщыту кIэухыу къэнэн хуейуэ къэхъуа псалъэхэрщ.

## ЕПЛIАНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ
## МАКЪХЭР ЗЭРЫЗЭГУХЬЭРЭ
## ПСАЛЪЭХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭР

"Э" кIэухыр къызпыхьэу щыт макъ щэхухэм утыку къыралъхьэу щыт мыхьэнэрэ псалъэхэр зэрымымащIэр нэрылъагъущ. Ар дыдэу щытщ,

макъ щэху зэгухьэхэми утыку къыралъхьэу щыт мыхьэнэхэри; икIи, ахэр нэхъыбэу зы псалъэу зэрыщытри нэрылъагъущ. Мы макъ зэгухьахэм "э" кIэух къыщыпыхьэм щыгъуэй, мыхьэнэщIэрэ псэлъэщIэхэр утыку къызэрихьэр нэрылъагъущ. ТIанэ, мыхьэнэрэ псалъэу утыку къихьэхэм нэмыщI, Iэмалыгъуэу ягъэзащIэр бзэ лэжьэкIэм папщIэ щхьэпэшхуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэу Iэмалыгъуэ закъуэу щытрэ глаголизацэу тлъыта макърэ макъ зэгухьэхэр сыт щыгъуэуй къызэрыхъукIэрэу бзэр къэувыIэпIэ зэримыIэрэкIэ мэлажьэр; мэужьри, зы лъэбакъуэ нэужьым мыхьэнэщIэрэ псалъэхэр утыку къырилъхьэу щытщ.

Мыпхуэдэу щытщ макъхэр щызэгухьэрэ псалъэхэр утыку къызэрихьэ щIыкIэри. Макъ Iуэрхэри зэрызэгухьэфрэ псалъэрэ жыIэгъуэ гуэрхэр утыку къызэрихьэр ипщэкIэ тлъэгъуауэ щытщ. ТIэ, макъ щэхухэм макъ Iуэр къыщыпыхьэми ардыдэу мыхьэнэрэ псалъэхэр утыку къохьэр. Ар дыдэу, макъ Iуэр нэхъыбэм макъ щэху къыщыпыхьэм щыгъуэй, мыхьэнэщIэрэ псэлъэщIэхэр къохъур. Макъ щэхухэр макъдэкIуашэу зэрыщыткIэрэу, макъзешэ къызэрыпыхьэрэкIэ мыхьэнэрэ псалъэхэр кIэ зэримыIэ пэлъытэу къэхъуу макIуэри, мэужьыр бзэр.

Мы Iуэхугъуэу къитIуауэ щыт псори къызэрыхъу щIыкIэр макъхэм ягъэзащIэу щыт Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэхэр къызэрысэбэпкIэрэу къызэрыхъур гурыIуэгъуэщи, тIэ, зы макъыбзэр зэрылэжьэну щIыкIэри мырагъэнщ.

Таб: 15

| | Джы,э | Жы,э | Жьы,э | Ды,э | Ты,э |
|---|---|---|---|---|---|
| Джы,э | Джыдж<br>джыджэ<br>джэджэ<br>*джаджэ | *Джыж*<br>*джыжэ<br>*джэж*<br>джажэ | *джыжь<br>*джыжьэ<br>*джэжь<br>*джэжьэ<br>*джажьэ | *джыд<br>джыдэ<br>джэд<br>*джэдэ*<br>*джадэ* | *Джыт*<br>*джытэ*<br>*джэт*<br>*джэтэ*<br>джатэ |
| Жы,э | *жыдж<br>*жыджэ<br>*жэдж<br>*жэджэ*<br>жаджэ | *Жыж*<br>*жыжэ<br>*жэж*<br>*жэжэ<br>Жажэ | жыжь<br>жыжьэ<br>жэжь<br>жэжьэ<br>жажьэ | жыд<br>*жыдэ<br>жэд<br>жэдэ<br>*жадэ | *Жыт*<br>*жытэ<br>*жэт*<br>жэтэ<br>*жатэ |
| Жьы,э | *жьыдж<br>*жьыджэ<br>*жьэдж<br>*жьэджэ<br>жьаджэ | *Жьыж*<br>жьыжэ<br>*жьэж*<br>*жьэжэ*<br>Жьажэ | жьыжь<br>жьыжьэ<br>жьэжь<br>жьэжьэ<br>жьажьэ | жьыд<br>*жьыдэ<br>жьэд<br>*жьэдэ*<br>жьадэ | *Жьыт*<br>*жьытэ*<br>*жьэт*<br>*жьэтэ*<br>жьатэ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Ды,э | Дыдж<br>*дыджэ<br>*дэдж*<br>*дэджэ*<br>*даджэ* | *Дыж*<br>*дыжэ*<br>*дэж*<br>*дэжэ*<br>*Дажэ* | дыжь<br>дыжьэ<br>дэжь<br>*дэжьэ*<br>*дажьэ* | дыд<br>дыдэ<br>дэд<br>*дэдэ<br>дадэ | *Дыт*<br>*дытэ<br>*дэт*<br>*дэтэ<br>*датэ |
| Ты,э | *тыдж<br>*тыджэ<br>*тэдж*<br>*тэджэ*<br>*таджэ* | *Тыж*<br>*тыжэ*<br>*тэж*<br>*тэ(е)жэ*<br>*Тажэ* | тыжь<br>тыжьэ<br>*тэ(е)жь*<br>*тэ(е)жьэ*<br>*тажьэ* | тыд<br>тыдэ<br>*тэ(е)д*<br>*тэ(е)дэ*<br>*тадэ* | *Тыт*<br>тытэ<br>*тэ(е)т*<br>тэтэ<br>*татэ |

Къытпэщыт лэжьыгъэр, мы къэтIуэтахэм и щапхъэхэр къэгъэлъагъун Iуэхугъуэу щытщ. ИпщэкIэ "Таб:9" таблицэр, макъ Iуэрхэм ягъэзащIэхэр къэгъэлъагъун папщIэ, ахэр макъ щэхухэм къазэрыпыхьэ щIыкIэу утыку къыралъхьэу щыт псалъэхэм и зы щапхъэрщи, мыбдежым къытпэщытыр, зи гугъу тщIауэ щыт дэтхэнэ зы макъыр адрейхэм щыпыхьэрэ къыщыкIэлъыкIуэм щыгъуэ утыку къихьэну щыт псалъэрэ псэлъапхъэхэр зы таблицэм хэту къэгъэлъэгъуэн Iуэхугъуэрщ. Мыри, кIыхь дымщIын папщIэ макъ щэху зы бжанэр зыхэту щыт "Таб:15"р зы щапхъэу къэдгъэлъагъуэнщ. ТIэ, къанэр бзэм телэжьыхьын зи гугъэ еджакIуэхэм къахуренэ.

МакъитIыр зэрызэгухьэрэкIэ утыку къихьэу щыт псалъэхэрщ мы таблицэм къигъэлъагъуэр. Макъхэр, щхьэжу зэрыщытрэ (ы), "э" кIэух къыщыпыхьэри хэтыжу, утыку къихьэу щыт макъиплIым я тIурытI *корелацэ*р къыщыдгъэлъагъум щыгъуэ, зы псалъэ хъууэ щытхэмрэ псалъэ мыхъуу щытхэр хыболъагъуэр таблицэм. ТIууэ корелацэу щытми, "ы"р зэрыпыхукIэрэу къэхъуу щытхэри хэтыжу, псалъэ къэхъукIэм къызэрыгуэкIкIэ "э" гуэрхэр зыдэщытым къызэрыгуэкIкIэ зэхъуэкIрэ "а" зэрыхъуфыр гурыIуэгъуэнщи, тIэ, утыку къихьэу щытыр корелацэу къэхъупхъэ бжыгъэм щхьэщокIыр.

Мы таблицэм (Таб:15) теухуауэ мыхэр жыIэпхъэщ:

*Зы псалъэу къэхъуарэ адыгэбзэм зы фIэщыгъэцIэу (щыIэцIэ, плъыфэцIэ, цIэпапцIэ...) хэту щытхэр и лъабжьэр щIэтхъауэ тхахэрщ; глагол хъупхъэрэ глагол лэжьэкIэу щытхэр латин каректеру тхауэ щытщ; зы фIэщыгъэцIэрэ икIи зы глаголу щытхэр зи лъабжьэ щIэтхъауэ латин щIыкIэу тхауэ щытщ. ТIэ, псалъэ хъуауэ жыхуэтIэхэр нобэ бзэр зэрылажьэ Iэмалыгъуэрщ.

*Зэрыщыту тхарэ "*" нагъыщэкIэ къэдгъэлъэгъуахэр зы псалъэ пэлъытэрщи, псалъэ къызхэхъукIыпхъэхэрщ; мыпхуэдэхэр зэрымымащIэр гулъытапхъэщи, тIэ, нобэ зы псалъэу къэдымгъэсэбэпу щытми, псалъэ хъуфыну щыт макъ зэгуэтхэрщ. Ахэр зы псалъэ мыхъуарэ псалъэ хъупхъэу бзэм и Iэмалыгъуэр къэзыгъэлъагъуэ макъхэрщ. Мыри нобэй

бзэр зэрылъхугъэрэ лъэщыджэу зэрыщытым и зы щапхъэщ. Дызтепсэлъыхьыр зы адыгэбзэ жьэрыпсалъэрщи, абы хэмыту щыт псалъэхэу щыт щхьэ, мы къэдгъэлъэгъуауэ щытхэм щыщ гуэрхэр нэгъуэщI адыгэбзэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм зы псалъэ хъуфу хэтщ.

*Псалъэ мыхъуарэ псэлъапхъэуи щымытхэр зэрыщыту тхауэ щытхэрщи, ахэм и нэхъыбэри макъ IэмалыгъуэрэкIэ псалъэ къэхъухэм зэгуэту яхэт макъхэрщ; мыпхуэдэхэр зэрымащIэри гулъытапхъэщ.

*ТIанэ, макъ гуэрхэм я Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, лэжьакIуэу зэрыщытрэ, дэтхэнэ зы макъым ипэрэ икIэм къыщыпыхьэм щыгъуэ мыхьэнэхэр утыку къызэралъхьэр гулъытапхъэу щытщ.

*Макъхэр зэрызэгухьэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щыт зы псалъэм утыку къырилъхьапхъэу щытыр сыт щыгъуэй зы мыхьэнэ закъуэу зэрыщымытыр гулъытапхъэщи, мыр макъ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу зы Iуэхугъуэрщ, зы макъыбзэм иIэу щыт лъэкIынызгъэшхуэрщ, абы утыку къырилъхьэф мыхьэнэр зэрыкуэдырщ.

## ЕТУАНЭРЕЙ IЫХЬЭ

# МАКЪХЭР МЭПСАЛЪЭ

## ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ
## МАКЪХЭР ПСАЛЪЭМЭ...

Зы археолог жыIэгъуэжь щыIэщи, "мывэр псалъэмэ..." жеIэри къыщIедзэр. Зы Iуэхугъуэм и пэжыпIэр къагъэунэхун папщIэ, археологистхэр мывэм щытелэжьыхьым щыгъуэ, мывэхэр къэпсалъэу ялъытэр. Мы жыIэгъуэр, а мывэм тетхыхьахэри зыхиубыдэу зы жыIэгъуэу щытщ. Ауэ, а жыIэгъуэм къикIыр занщIэу къапщтэмэ, и пэжыпIэр аращи, мывэр къэпсэлъэнкъым; къэбгъэпсалъэми куэд жиIэну къыщIэкIынкъым. Ар щхьэ, "псалъэ"м езыр макъкIэ мэухуэр; икIи, а макъхэр зы макъыбзэм и макъхэу щытмэ, макъхэр зы псалъэуй щытщи, апщыгъуэращ "макъхэр мэпсалъэ"р игъуэу щыжыIэпхъэр.

ТIэ, макъхэм къаIуатэу щытым уедаIуэмэ, я мыхьэнэрэ я къежьапIэм теухуауэ мащIэ жаIэну къыщIэкIынкъым. Ар щыхъукIэй, бзэм къиIуатэу щыт дэтхэнэ зы Iуэхугъуэрэ мыхьэнэу утыку итым и къежьапIэрэ и пэжыпIэм теухуауэ гурыIуэгъуэ къыпхуищIынури мащIэу щытынкъым.

Макъхэр зы бзэм и лъабжьэхэращ; жьэрыбзэ псори макъхэмкIэрэ ухуауэ щытщ. Псэущхьэ нэхъыбэм макъ къыжьэдагъэкIыфу щытщ; икIи, къыжьэдагъэкIыу щыт мы макъхэмкIэ зы гуэрхэр къыраIуэу жыIэпхъэщ. Зы псэущхьэм къыжьэдигъэкIыу щыт макъым, а псэущхьэр зыхуэнукъуэ, зыхуэгуIэ е зыхуэзгъэхьэзыр гуэрэхэм теухуауэ натуралу мыхьэнэ гуэрхэр къыриIуэу щыту жыIэпхъэщ. Ар щхьэ, цIыху закъуэрауэ къыщIэкIынщ, къыжьэдэкIыу щыт макъхэр -натурал мыхьэнэр илъабжьэу зэрыщыткIэрэу- къигъэсэбэпурэ зы бзэ псо зыухуэфар.

Мы бзэр лъабжьэкIэ зэрынатуралрэ зэрымакъыбзэр гурыIуэгъуэщ. Ар щхьэ, мы натурал мыхьэнэхэмрэ ар зи лъабжьэкIэрэ ухуэу щыт бзэм зэманкIэрэ макъ мыхьэнэхэр хэкIуэдыкIыжрэ макъ мыхьэнэм темытыжу зы бзэй утыку къихьэфынщ. Апщыгъуэм, мы бзэр зы макъыбзэу щытыжынкъым; макъ мыхьэнэрэ Iэмалыгъуэр зэрыкIуэдам къызэрыгуэкIкIэ, мы бзэм и лъабжьэр щIэудауэ лъытапхъэщ. Нобэ дунейм тет бзэхэм я нэхъыбаIуэри макъ мыхьэнэ зимыIэж бзэ хъужауэ щытщ; икIи, бзэщIэныгъэрэ грамеру тлъытэу бзэр зыщIэдджыр къызтыращIыкIа Европэ бзэхэри мыпхуэдэу щытщ.

Зы бзэм узбгъэдыхьэн щIэныгъэрэ методым макъхэр мыхьэнэншу щилъытэкIэй, а щIэныгъэрэ методым къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы бзэр зэриджыжынури макъхэр мыхьэнэншэуэщ. Ар щыхъукIэй, а фащэр щызытIагъэ бзэм мыбы инэужь лэжьэну зэрыщIидзэнури макъ мыхьэнэншэ гъуэгукIэрщ. Мыпхуэдурэ а щIэныгъэрэ методым щIадж бзэм и макъ мыхьэнэхэр нэмыплъ зэрыхъукIэрэу, и лъабжьэр мылъытэжрэ мылэжьэж мэхъур, и лъабжьэр щIоудыр, зэрымакъыбзэр мэкIуэдыр.

Адыгэбзэр макъ мыхьэнэбзэщ, макъыбзэщ; абы и макъхэр сыт хуэдэу къэIуу щытми, иджри аращ, къикIри натуралу аращ. Зи гугъу тщIыуэ щыт Европэ бзэщIэныгъэрэ грамерым нобэ адыгэбзэр щIаджыкIыу щытми, мы дыкъыздынэсауэ щыт зэманыгъуэми, адыгэбзэр зэрымакъыбзэр хэкIуэдэжауэ щыткъым. Макъ мыхьэнэхэр нобэй мэлэжьэфыр; грамерым адыгэбзэ макъхэм сабэ къытыригъэхьэфауэ щытми, ахэр щIитIэжыфакъым; икIи щIихъумэфакъым.

Адыгэм зы бзэр къызэргурыIуэ щIыкIэр нобэй макъ мыхьэнэкIэрэщи, мыр игъэпэжу щытщ нэгъуэщIыбзэу адыгэбзэм къыхэхьа псалъэхэр къызэриIуэтэж щIыкIэхэмрэ ахэм триухуа мыхьэнэхэм. А псалъэхэм хэту щыт макъкIэрэущ зы Адыгэм а псалъэр къызэрыгурыIуэ щIыкIэри, адыгэбзэ макъ мыхьэнэм къызэрыгуэкIрэ зэрезэгъкIэрэу а нэгъуэщIыбзэ псалъэм мыхьэнэ тыриухуэжу щытщ.

НытIэ, адыгэбзэр зыгурыбгъэIуэнумэ е абы и щIэныгъэм ухыхьэнумэ, япэрауэ -е икIэм икIэжым (фIэкIыпIэ зэримыIэрщи!)- и макъхэм иджыр зэбгъэщIэн хуейщ. Мыращ адыгэбзэм и щIэныгъэм хыхьэпIэу щытрэ, бзэ щIэныгъэ пэщIэдзэу къытпэщытыр. ТIэ, адыгэбзэм хэту щыт макъхэм яджрэ я Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэу щытхэр къэгъэунэхун хуейуэ къытпэщытщ.

*

Макъхэр зи гугъу тщIы бзэщIэныгъэм мыхьэнэншэу илъытэу щытми, ахэр адыгэбзэм зэрыхэтыр мыхьэнэ Iэмалыгъуэу щытщи, тIэ, ахэр къэпщытэжыпхъэщ; мыри къэхутапхъэу зы Iуэхугъуэ IэнатIэу къытпэщытырщ.

А макъ мыхьэнэхэр къызщыпхутэжыпIэхэри а макъхэр зыхэту щыт псалъэхэрщ. А псалъэхэм зэрыхэткIэрэу яджу щыт мыхьэнэхэм къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы макъым игъэзащIэу щыт мыхьэнэр къэпщIын хуейуэ щытщи, ар зэхуэхьэсыжарэ зэгъэпщапхъэрэкIэ утыку къилъхьэжын хуейуэ щытщ. Мыпхуэдэу зы лэжьыгъэр зы археологие пэлъытэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ.

ГурыIуэгъуэу щытщи, зыхэту щыт псалъэхэм, макъхэм хагъэзэщIыхь мыхьэнэхэр зэхуэхьэсынрэ, къэIуэтэжын Iуэхугъуэр зы *композицэ* лэжьыгъэу щытщ. А композицэм къыдигъэлъагъуэну щыт макъ мыхьэнэри зы мыхьэнэ *композэ*у щытынщ. Ар, а макъым и мыхьэнэу бзэм хэту лажьэу щыт псори зыхэзыубыдэрщ. Мы макъ мыхьэнэ композэм къыхэгъэкIыпхъэу щытщ а макъым и къежьапIэу щыт мыхьэнэрэ Iэмалыгъуэр. Аращи, мыхьэнэ къежьапIэр къэзыгъэунэхупхъэу щыт мыхьэнэ композицэр зы макъым и мыхьэнэ архиву лъытапхъэщ. А архивыр зэрызэтеувэ щIыкIэр зэпкъырыхыжын Iуэхугъуэр, абы и къэхутэныгъэ Iуэхугъуэу щытыр ″макъ мыхьэнэ археологие″ Iуэхугъуэу лъытапхъэщ.

ТIэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэу лъытапхъэщ мы Iыхьэм и лэжьыгъэу къытпэщытыр. Мы лэжьыгъэр, дэтхэнэ зы макъым и мыхьэнэ къэхутэныгъэ Iуэхугъуэу, дэтхэнэ зы макъыр псалъэхэм зэрыхэткIэрэу, абы игъэзащIэу щыт мыхьэнэм тепсэлъыхьынрэ щапхъэхэр къэхьын Iуэхугъуэу къекIуэкIыу щыт зы композицэ *эсс*эу щыту жыIэпхъэщ.

Мы композицэм къигъэлъагъуэу жыIэпхъэщ, дэтхэнэ зы макъыр псалъэхэм зэрыхэтым къызэрыгуэкIкIэ, игъэзащIэу щыт мыхьэнэхэр зэрызэпыщIауэ зэрыщытыр. Дэтхэнэ зы мыхьэнэр къызтехъукIрэ зелъытауэ утыку къызэрихьэр а макъым и зы мыхьэнэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэ ещIыр мы макъ мыхьэнэ композицэу щытым. ТIэ, зы макъым, зыхэту щыт псалъэм хигъэзэщIыхь мыхьэнэр, а макъ Iэмалыгъуэм утыку къырилъхьауэ щыт япэрей и мыхьэнэм къытехъукIыу щытщи, ари къызтехъукIыр а макъым и Iэмалыгъуэжрэ и къэIукIэрауэ щыту жыIэпхъэщ.

Мыпхуэдэу зы Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэр псалъэхэм хэлэжьыхьрэ бзэм иријжэу щытмэ, а макъым и Iэмалыгъуэр бзэм и ужьыгъуэм зэрелъытарэкIэ иријжэу щытщи, абы и къэжыхьыкIэм къызэрыгуэкIрэ, мыхьэнэу утыку къырилъхьэхэм яухуэну щытыр "зы макъым и мыхьэнэрэ Iэмалыгъуэ жыг"ырщ. А макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэ жыгыр "а макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэм и *генеалогие*"у лъытапхъэщ.

Ар щыхъукIэй, мы къытпэщыт Iыхьэ лэжьыгъэм и Iуэхугъуэр, икIи, макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэ жыгыр къэгъэунэхуырщ; макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэм и генеалогие Iуэхугъуэрщ. Мы Iуэхугъуэр къызтехъукIрэ ухуапIэм изгъэувэри, ипщэкIэ и гугъу зэрытщIам хуэдэу, макъ мыхьэнэ археологиеу къекIуэкIырщ.

*

Куэду *спонтан*эу къежьарэ къекIуэкIыу зэрыщытыр жыIэпхъэми, къытпэщыт лэжьыгъэр, псалъэхэм хэту щыт макъ мыхьэнэхэр зы композицэ лэжьыгъэу утыку къилъхьэн закъуэм къыщынэркъым. Мы лэжьыгъэр мыпхуэдэу зы гъуэгу закъуэрэ методологие закъуэм къытенэркъым. Макъхэм натуралу я къэIукIэми щыгъуазэ хуэхъуу щытщ мы лэжьыгъэри, макъхэм я Iэмалыгъуэрэ я къэIукIэм зэредаIуэрэкIэ, ахэм натуралу утыку къыралъхьэ щIэным и гугъу ещIыр икIи. Макъ къэIукIэрэ Iэмалыгъуэу утыку къихьэр, мыхьэнэу игъэзащIэу щытхэм зэрезэгърэ зэрыдэгъур гурыIуэгъуэ къыпхуищIыу жыIэпхъэщ мы лэжьыгъэм.

Мыпхуэдэу, зы макъыр къызэрыIурэ, а макъ Iэмалыгъуэм мыхьэнэу игъэзащIэ гуэр къыщыхъум щыгъуэ, тIэ, а макъыр зы мыхьэнэ щыIэгъуэ лъабжьэ щIэну лъытапхъэщ. Ар щыхъукIэ, мыри *гносис* жыхуаIэм езэгъыу зы щIэн Iуэхугъуэу щыту лъытапхъэщ. Гносисыр *онто* жыхуаIэу щыт щыIэгъуэ лъабжьэ щIэнырщ. ТIэ, мыпхуэдэу щыIэгъуэ лъабжьэу щыт макъым и лэжьэкIэр зэры"онто"рэ, "щыIэгъуэ лъабжьэ щIэн"у зы гносис зэрыхъукIэрэу бзэм хэлэжьыхьу щыт хъумэ, мыр

щыIэгъуэ лъабжьэ щIэну, макъыр зэрылажьэ щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэрщи, а макъым иджыр щыIэгъуэ лъабжьэ щIэну зэрыщыткIэрэу къызэрыхутэнури зы онтологие лэжьыгъэу лъытапхъэщ.

Онтологие лэжьыгъэр филозифием пыщIауэ зы Iуэхугъуэрщи, филозофием жиIэхэр нэхъ лъабжьэрэ гурыIуэгъуэ зыщIыу зы дисиплинырщ. ТIэ, мыпхуэдэу филозофие щIыныр, абы аткIэ щымыIэжу лъабжьэу филозофие лъэщ щIын Iуэхугъуэу лъытапхъэщ. Ар щыхъукIэй, макъхэм натуралу я къэIукIэрэ я Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ мыхьэнэу утыку къихьэхэм телэжьыхьын Iуэхуу къытпэщытыр зы онтологиерэ филозофие Iуэхугъуэу жыIэпхъэщ.

Мыпхуэдэу зы макъ Iэмалыгъуэр зы щыIэгъуэрэ зы филозофие Iуэхугъуэу, гурыIуэгъуэ щIынрэ щыгъуазэ ухуэхъун Iуэхур, ипщэкIэ къэтIуэтауэ щыт макъ мыхьэнэ композицэ жыхуэтIэу щыт зэгъэпщапхъэм къыщымынэу зы Iуэху хъунщ. Ауэ, зы нэрыбгэр абы щыгъуазэ зэрыхуэхъур зы субиект Iуэхугъуэу щытщи, а щыгъуазэ зыхуэхъур гурыIуэгъуэ щIыжынрэ утыку къилъхьэн Iуэхум папщIэй, зэгъэпщэныгъэ дисиплиныр къэгъэсэбэпын хуейщи, мы лэжьыгъэр мыбы щыгъуазэу жыIэпхъэщ.

Мы макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэу щытым езыр къэгъэунэхун Iуэхум къыщымынэу, дэтхэнэ зы макъыр зыхэту щытрэ мыхьэнэ зыхигъэзэщIыхь псалъэхэм дыщытепсэлъыхьым щыгъуэй, а мыхьэнэрэ псалъэм къызэрыгуэкIкIэ езырыжурэ ухуэрэ къытпэщIэхуэу щыт гупщысэхэр утыку къохьэр. Мыри макъ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт мыхьэнэрэ псалъэхэм къыдагъэлъагъуэ филозофиерщи, ар бзэм зэригъэзащIэ щIыкIэри нахуэ къытхуохъур. Ар щыхъукIэй, а бзэр зезыхьэу щыт цIыхум и гупщысэрэ, утыку къырилъхьэ филозофием езырыжу дыхыхьэ мыхъур.

ИкIи, зи гугъу тщIыуэ щыт дисиплинрэ щIэныгъэкIэ дыбгъэдыхьауэ щыткъым мы лэжьыгъэм. А щIэныгъэ щхьэгъубжэмкIэ дыдэплърэ зэдгъапщэу щыткъым адыгэбзэм и лэжьыгъэу къедгъэкIуэкIыр. Ахэм я лъэныкъуэкIэ еджапхъэмэ, къэунэхуну щыт Iуэхугъуэхэрщ зи гугъу тщIыри, жыпIэ хъунущ адыгэбзэм а щIэныгъэ IэнатIэрэ дисиплинхэм щIэну мащIэ химылъхьэну.

Ди Iуэхуу щыткъым филозофиер мы лэжьыгъэ кIуэцIым. Ауэ, макъхэм дызэрытелэжьыхьым къызэрыгуэкIкIэ, къытпыщIэхуэу щыт псалъэрэ мыхьэнэхэм дызэриIэпишэрэкIэ, жыIэпхъэу къытпэщэхуэхэр мащIэу утыку къитлъхьэу щытщ. Ар щыхъукIэй, филозофиерэ гупщысэ куухэр езырыжу утыку къохьэр. Ар щхьэ, мыр жыIэпхъэщ: «АдыгэбзэмкIэ филозофие щIыныр икIи тыншщ; икIи, гъуэзэджэрэ гуфIэгъуэшхуэщ. Европэ *филозофыр*хэр къызтехъукIауэ щыт гупщысэ гуэрхэр зы адыгэбзэ псалъэм щхьэжу утыку къырилъхьэфу жыIэпхъэщ. ИкIи, а гупщысэхэр адыгэбзэм теухуауэ пэжрэ щыуагъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэ къытхуэхъуу

жыӀэпхъэщ». ТӀэ, философие зи Ӏуэхум щӀэныгъэу мащӀэ иритыну къыщӀэкӀынкъым адыгэбзэм.

*

Мы лэжьыгъэр адыгэбзэм и макъхэр Ӏэмалыгъуэу къызэрысэбэпрэ, бзэм мыхьэнэ хилэжьыхьхэр къэгъэунэхун ӀэнатӀэу зэрыщытым къызэрыгуэкӀкӀэ тӀэ, адыгэбзэм и лъабжьэр джын Ӏуэхугъуэу щытщ.

Зы бзэр къэзыпсэлъу щыт цӀыхум и логиерщи, а бзэр зэрызэтеувэ щӀыкӀэм хуэдэ логие зэриӀэрэкӀэ зэтеувэу щытщ а цӀыхубэ хабзэрэ псэукӀэри. Зы логие лӀэужьыгъуэу щыт псэлъэбзэр, ухуауэ щхьэжу зы бзэ ӀэнатӀэу щытщи, цӀыхум къыригъэкӀуэкӀ дэтхэнэ зы Ӏуэхугъуэр и логиерэкӀэ къызэриӀуатэр бзэрщи, бзэр мыпхуэдэу зы архивырщ. Ар тӀэ, дэтхэнэ зы логиерэ бзэ лӀэужьыгъуэм и архивырщ. Ар щыхъукӀэй, мы лэжьыгъэм къигъэунэхупхъэу щытщ, Адыгэ хабзэр зэрызэтеувэ щӀыкӀэм и лъабжьэрэ и ӀэнатӀэ гуэрхэр.

Зы бзэр къэзыпсэлъым и логиерщи, а цӀыхур зэрыгупщысэри къэзыгъэунэхурщ. Ауэ, ар зэрыгупщысэ щӀыкӀэм къызэрыгуэкӀкӀэй, а цӀыхубэм къипсэухьауэ щытхэмрэ, и щхьэм къырикӀуарэ тегупщысыхьыпхъэу щытхэри къэзыгъэунэхурщ зы бзэр. ТӀэ, Адыгэм къигъуэгурыкӀуам теухуауэй мащӀэ жиӀэну къыщӀэкӀынкъым, абы и бзэм телэжьыхьын Ӏуэхугъуэм.

Бзэр зэрызэтеуварэ зэрыхъун хъуауэ зэрыщытыр мин бжыгъэкӀэ куэду жыжьэ лъэхъанэхэрауэ жыӀэпхъэщи, ар зэрызэтеуварэ, къэзыпсэлъым и логиеу лэжьыгъэ зиӀэу зэрыщытым къызэрыгуэкӀкӀэ, Адыгэм къигъуэгурыкӀуа лъэхъанэрэ псэукӀэ Ӏэджэр къыхэщу щытынщ адыгэбзэм.

Адыгэбзэр лъэпкъым и логие лъабжьэу зэрыщытрэ, лъабжьэ щӀэуд зэримыӀэрэкӀэ къызэрыгъуэгурыкӀуэми къызэрыгуэкӀкӀэ, Алыгэ хабзэри ардыдэу жыжьэ зэманыгъуэхэм къыщӀидзэу зэтеувэурэ къызэрыгъуэгурыӀуэр гурыӀуэгъуэ ещӀыр бзэм. Адыгэ хабзэр *матриярталрэ патриартал* псэукӀэри зыхэлъу зы хабзэу зэрыщытыр; икӀэ дыдэми, *феодализмэ*ми щызекӀуауэ зы хабзэу зэрыщытыр къыхощыр адыгэбзэм.

Адыгэ хабзэр адыгэбзэм хуэдэжу, козмикэрэ натуралу зэтеуварэ, дэтхэнэ зы лъэхъанэм къыщыхъум езэгъыр къигъэунэхуу зыхилъхьауэ зэхэлъу щытщи, мыпхуэдэу езэгъ защӀэрэкӀэ зэтеувэу зы цӀыхугъэ архиву зэхэлъыжу жыӀэпхъэщ. Абы и къежьапӀэр дэтхэнэ зы лъэхъанэрэ зы зэманыгъуэркъым; икӀи, дыгъуасэрей феодализмэри зытеувауэ щыт лъабжьэр къекӀуэкӀыу щыт хабзэрщи, феодализмэ лъэхъанэм щыгъуэй щӀыбагъкӀэ къэблэгъа гуэрхэри зэригъэзэхуар жыӀэпхъэ щхьэ, мыпхуэдэу хабзэм хыхьауэ щыт гуэрхэр хабзэ купщӀэрэ къежьапӀэу лъытэныр щыуагъэщ. Хабзэм теухуауэ мыхэр къыхэщу жыӀэпхъэщ адыгэбзэм.

Хабзэри бзэм хуэдэу ужьарэ зэгъэпэщауэ зэхэлъхьарэ зэтеувауэ зы логие лъэщ зиIэу жыIэпхъэщи, адыгэбзэм хуэдэжу, хабзэми зыужьыгъуэрэ псэугъуэ Iэмалыгъуэ игъуэту щытмэ, абы и логие лъэщыгъэм нобэрей псэукIэр зыхуэныкъуэ лъэныкъуэхэри зэрзыхиубыдэрэ зэригъэзэхуэфынур жыIэпхъэщ.

Хабзэр зыухуэр гъащIэрщи, хабзэм езым натуралу зихъуэжрэ гъащIэ къекIуэкIым зыдигъэкIуу щытщ; ар зэмыхъуэкIын хуейрэ, сыт щыгъуэй гъэзэщIапхъэ защIэу зэхэлъыркъым. Хабзэр, зы бзэ лIэужьыгъуэрщи, ар жьэрыбзэр зэрызэтеува щIыкIэрэ логием езэгъыу зи лъабжьэрэкIэ къэхъуауэ щытырщи, абы и щIыкIэрэ и лэжьэкIэри бзэм хуэдэу, къабзэу лэжьэкIэрщ.

Хабзэм и IэнатIэр псэукIэрэ зэхэтыкIэрщи, къекIуэкIыу щыт хабзэр зы лъабжьэу зэрыщыткIэрэу, мыхэр гъащIэрэ щыIэгъуэм а нэхъ зэрезэгъын щIыкIэу зэтеувэжрэ ухуэу хабзэм зеужьри иту щыт хабзэу мэлажьэр. Мы Iэухур, бзэ ужьыкIэм зэрезэгърэ зэрыхуэдэр гурыIуэгъуэщи, хабзэ ужьыкIэр зыхыхьэр бзэрщ; хабзэу къекIуэкIым и архивыр бзэрщ.

ТIэ, хабзэм телэжьыхьыну щытхэм гурыIуэгъуэ къахуэхъун хуейщ адыгэбзэри, абы и щIэныгъэр утыку къихьауэ щыт щыхъум щыгъуэ, Адыгэ хабзэри гурыIуэгъуащэ хъуну къыщIэкIынщи, зызэриузэщIыжыну щIыкIэри къэунэхунщ.

Бзэм и лъабжьэр зэрыщIэмыудам къызэрыгуэкIкIэ, абы къигъуэгурыкIуар бзэ тхыдэ лъэныкъуэу къэунэхуу щытщ икIи. ИкIи, мыпхуэдэу бзэ тхыдэ лъэныкъуэу щытым, цIыху псэукIэрэ хабзэм теухауэй куэд къыбгурегъаIуэри, тIэ, ари тхыдэ IэнатIэу къэхутапхъэу къытпэщыт Iуэхугъуэхэрщ. Тхыдэтхым мыпхуэдэу зэтеувауэ щыт зы бзэм къыхихыну щIэныр мащIэкъым.

Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIэ пыщапхъэщи, Адыгэ лъэпкъым къигъуэгурыкIуарэ къипсэухьам теухуауэ мащIэ къыбжиIэкъым мы лэжьыгъэм. Матриярталрэ патрияртал псэукIэ хабзэ ирехъу, къэпщIынрэ вэн-сэн лъэхъанэрэ псэукIэ хабзэхэм теухуауэ щырет, щыгъуазэ дызхуэхъурэ дызхуэмыхъуф щIэн Iэджэ ди пащхьэм къырилъхьэу щытщ мы лэжьыгъэми, Адыгэм езым и псэукIэжри хэлъыжу, *антропологие* Iуэхугъуэу адыгэбзэм хэплъагъуэр мащIэкъым. Зы *антропологист*ым къыхихыну щIэнрэ щIэныгъэр мащIэкъым адыгэбзэм.

ТIанэ, мы зи гугъу тщIы архивхэр щIимыухъумэу зэрыщытрэ, ахэр лъабжьэ зэрищIкIэрэу хабзэр зэрызэтеувэр гурыIуэгъуэ къыпхуещIыр бзэм. ЖыпIэ хъунущ, адыгэбзэм езыр макъ мыхьэнэм къыщIидзэу зэрызэтеувэрэ, и лъабжьэри щIэмыхъумауэ зэрыщытым хуэдэжу, Адыгэ хабзэри, цIыху гупрэ зэхэтыныгъэр къызэрыхъум къыщIидзэу зэтеувэу. Мы зэтеувэкIэ щIыкIэрэ лъагъуэхэр гурыIуэгъуэ къыпхуещIыжыр бзэм. Псалъэм папщIэ: «Адыгэбзэм зэрилъытэрэкIэ япэ къэхъуар нэхъапэрщ,

нэхъыжьырщ, нэхъ лъабжьэрщ. УнэгъуэцIэр нэрыбгэцIэм нэхърэ нэхъапэ къыраIуэр; цIыхубэр нэрыбгэм нэхърэ нэхъапэрщ; нэрыбгэр цIыхубэм къыхохъукIри абы ейуэ лъытапхъэщ, ауэ, мыбы и пхэнджыр бзэ лэжьэкIэм езэгъыркъым. Адыгэбзэм япэ къыриIуэр нэхъапэрщи, нэхъыжьыр, нэхъыбэр япэ къыреIуэр. Мы бзэ логием хуэдэщ хабзэри, нэхъапэ къэхъуар нэхъыжьырщ, нэхъапэ Iуэхущ: Матрияртал лъэхъанэм къыщIэныжауэ зы хабзэ IэнатIэм хэтыр, нэхъапэ игъэщыпхъэщ, гъэзэщIапхъэщ. Анэдэлъхур куэдым щыгъуэ нэхъыжьырщ; пхъурылъхур къуэрылъхум нэхърэ нэхъапэщ Адыгэ хабзэу. ЦIыхубзыр генетикэу нэхъыжьырщи, хабзэкIэ ар сыт щыгъуэй нэхъыжьыпIэр зыхуэфащэрщ; абы имыдэр зэй хъуркъым».

ТIэ, адыгэбзэр къэзыпсэлърэ зэхэзылъхьэу щыт цIыхубэм и тхыдэмрэ, и псэукIэу шыт хабзэр зэрызэхэлъ стилыр къигъэлъагъуэу жыIэпхъэщ бзэми, мыри диякроникэрэ синкроникэу лъэныкъуитI Iуэху зыхэлъырщ; бзэрэ хабзэм и тхыдэмрэ и зэтеувэкIэу щыт *конструктурэ* Iуэхугъуэу лъэныкъуитIырщ.

Бзэр зэрызэтеуварэ зэрыхъун хуейм зэрихьар илъэс мин бжыгъэкIэ куэду жыжьэу зы лъэхъанэрщ. Абы и зэтеувэкIэми мащIэ къыбжиIэнкъым; ауэ, ар зэтеува нэужь, абы и лэжьэкIэр и лэжьэкIэжу къызэрыгъуэгурыкIуами мащIэ къыбжиIэну щыткъым. Мыбы къызэрыгуэкIкIэ, гъуэгум къэIуэтапхъэу къэхъуахэр къызэрыхъуа щIыкIэу къиIуатэу зэрыщытыр къыдэгъуэгурыкIуагъэнщ бзэми, абы и лэжьэкIэрэ и лъабжьэр щIэмыудауэ щытмэ, ар зы архиву гурыIуэгъуэ къыпхуищIынур мащIэу къыщIэкIынкъым.

Мы зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэр нэгъуэщI щIэныгъэ IэнатIэхэм бзэм хилъхьэфыну щытхэм я щапхъэхэм щыщхэрщ. Ахэр мы лэжьыгъэр къыщекIуэкIым щыгъуэ гулъытапхъэ хъууэ щытхэрщи, зи щIэныгъэ лъэныкъуэкIэ къэхутапхъэщ. Ауэ, мы лэжьыгъэм и Iуэхугъуэу илъытэхэр мыхэракъым. Мы лэжьыгъэр зыхуэIуар адыгэбзэрэ, абы и макъхэр къэгъэунэхуныршщ. ТIэ, и IэнатIэу щытращ и гъуэгурэ и гъуазэри, нэгъуэщI еплъыкIэрэ щIэныгъэ гуэрхэр гъуазэ къытхуэхъуркъым. Мы лэжьыгъэм и гъуазэращ икIи щыгъуазэ къыпхуищIыр, нэгъуэщI гуэркъым.

*

ТIэ, адыгэбзэмрэ, мы лэжьыгъэ къытпэщытым теухуауэ, хэхарэ нэхъ гурыIуэгъуэу мыхэр пыщапхъэщ:

*Адыгэбзэм и лъабжьэр макъырщи, дэтхэнэ зы макъыр щхьэжу зы Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэу щытщ; тIэ, и Iэмалыгъуэрэ игъэзащIэм къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы макъыр икIи зы псалъэ хъупхъэу щытщ. Мы макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэхэм къызэрыгуэкIкIэрщ, макъ зы бжанэр зыхэту щыт зы псалъэр утыку къызэрихьэ щIыкIэр: Макъыр къызэрыIурэ щхьэжу зы Iэмалыгъуэу зэрыщыт щIыкIэу, ахэр зэрызэкIэлъхьэужьыкIэм къызэрыгуэкIкIэрщ псалъэр зэрызэтеувэ щIыкIэр. ТIэ, зы псалъэр

къэзыгъэхъуу щыт макъхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэм зы щхьэусыгъуэ иIэщ; икIи, ахэр зэрызэкIэлъыкIуэм зы *хиерархие* къагъэхъур: «Зы псалъэм хэту щыт макъхэм япэ итрэ япэу къэIу макъыр макъ пашэу лъытапхъэрщи, абы зэрелъытарэкIэрщ къыкIэлъыкIуэ макъ Iэмалыгъуэм игъэзащIэ мыхьэнэр. Зы макъым щхьэжу и Iэмалыгъуэрэ и мыхьэнэр зэрылажьэр, къызкIэлъыкIуэу щыт макъым елъытауэ щытщ. Псалъэр къызэрежьэ макъым и Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэр зэрыщыту мэджыр; къыкIэлъыкIуэр, абы къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ мэджыр. КIэух макъыр, а псалъэр зэрыухырщи, а псалъэм и мыхьэнэр зыдэкIуэрэ къыздэувыIэрщ; ар, зи кIэух псалъэм и глаголу лъытапхъэщ».

*″Псалъэ зэпха″ жыхуаIэри зы псалъэ пэлъытэу лэжьэкIэ зиIэрщ; ипэ ит псалъэращ Iуэхури, кIэух псалъэр абы хуэлажьэрщ, ар зылъытэрщ, абы плъыфэ хуэхъурщ. ИкIи, мы псэлъитIыр зэпхауэ зы псалъэу зэгуэту тхауэ щымытми, зы Iуэхугъуэ псорэ зэпхар утыку къызэралъхьэм къызэрыгуэкIкIэ, зы псалъэр зэрызэтеувэ щIыкIэм хуэдэу къоIур; икIи, апхуэдэу тхыни хуейщ. Щапхъэмэ: ″Псалъэ зэпха″уэ къиIуэнрэ тхын хуейкъыми, ″псэлъэ зэпха″щ зэрытхыпхъэрэ къызэриIуапхъэр; мыбы хуэдэу, ″псалъэ гуауэ″къыми, ″псэлъэ гуауэ″ хъун хуейщ...

*Мыбдежым къэхъуу щытыр бзэм и хабзэрщи, абы *ударенэ* Iуэху хэлъкъым! ″Псалъалъэ″ хуэдэ псалъэхэри пэжу зэтеувакъыми, мыпхуэдэ псэлъэщIэрэ бзэ лэжьэкIэщIэхэр къызэрыхьум и щхьэусыгъуэр, адыгэбзэр зэрымджарэ, абы щIэныгъэ ныкъуэкIэ бгъэдыхьэнырщ. ИкIи, мыбы дыкъыщынэсакIэ, мыри пыщапхъэщ: Зы псалъэр зэрыухыр ″а″ хъуркъыми, мыбы щхьэусыгъуэ иIэр игъуэ къыщысым щыгъуэ къэдгъэлъагъуэнщ; тIэ, адыгэбзэ хабзэу, зы псалъэр зэрызэтеувэ щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, ″псалъэуха″ псалъэр зы фIэщыгъэцIэу пэжкъым!

*Ударенэм и гугъу щытщIакIэй, мыр пыщапхъэщ: «Макъ мыхьэнэр зыщIэудауэ щыт бзэхэм дежкIэ, зы псалъэм хэту щыт макъхэр зэрытхам хуэдэу къиIупхъэу зэрыщымытым къызэрыгуэкIкIэ, макъ гуэрхэр нэхъ лъэщу къэIун Iуэхугъуэм папщIэ къагъуэтауэ зы фонетикэ хабзэрщ ударенэр. Ауэ, адыгэбзэр зы макъыбзэу щытщи, ар къызэрыIум хуэдэуй тхын хуейщ. Макъ гуэрхэр нэхъ лъэщрэ, макъ гуэрхэр нэхъ мащIэу къэIуу щыткъым. Ауэ, бзэм и лэжьэкIэрэ псалъэхэр зэрызэтеувэм къызэрыгуэкIкIэ, макъхэр зэрызэхъуэкIыр гурыIуэгъуащэ зэрымыхъуам папщIэ, мо бзэщIэныгъэм хэту щыт ударенэ техникэкIэ мы Iуэхугъуэр зэфIэгъэкIыным и ужь дызэритым къытхуихьауэ щытырщ ударенэри, ар адыгэбзэр зыхуэмныкъуэрэ, абы и лэжьэкIэм емызэгъыу зы техникэрщ. Аращи, ударенэ хабзэр зымыщIэм дежкIэ, зэджэу щыт псалъэр гурыIуэгъуэкъым е пхэнджу мэгурыIуэр. Псалъэм папщIэ, Къэбэрдей жыIэкIэу щыт ″Абэзэхэ″р зы Адыгэ жылагъуэрщи, мы фIэщыгъэцIэр къызтехъукIарэ абы къикIри, ″Абазэ щIыналъэмкIэ ехыу зы щIыпIэм тес жылагъуэ″рщ; тIэ, мыр ″Абазэхэ″у ятхыр нобэй, абы къикIыр

гурыIуэгъуэщи, Абазэ куэдагъэрщ. Нэрылъагъущи, ударенэр бзэм и лэжьэкIэр зэхитхъуэну зы хабзэу мэлажьэр нобэ».

*Псалъэ зы бжанэр зыхэту щыт "псалъэуха" жыхуаIэри зэрызэтеувэ щIыкIэр, зы псалъэр зэрызэтеувэ щIыкIэм хуэдэщ: «Зы псэлъэухам ипэ иту щыт псалъэр пашэу лъытапхъэщи, абы къызэрыгуэкIкIэщ къыкIэлъыкIуэ псалъэм ипIэр зэригъуэтыр. Зы псэлъэухам хэтрэ япэу къэIуу щыт зы псалъэр а псэлъэухам и пашэрщи, а псэлъэухам и мыхьэнэр зэрызэтеувэ щIыкIэр, а пашэ псалъэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэрщ. Мыбхуэдэу псалъэхэр зэрызэкIэлъхьэужь щIыкIэр зы хиерархие Iуэхуу щытщи, дэтхэнэ зы псалъэм игъэзащIэр абы ипэ къэIуу щыт псалъэм къызэрыгуэкIкIэрщ. Мыпхуэдэу псалъэхэр зэрызэкIэлъхьэужь щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт зы мыхьэнэ IэнатIэрщ псэлъэухар. Зы псэлъэухам и кIэух хъууэ щыт псалъэр, а псэлъэухар зыдэкIуэрэ къыздэувыIэрщи, ар глаголырщ». -ТIэ, Iуэхур зытетыр мырамэ, адыгэбзэр литэратурэбзэрэ къэралыбзэ тхэкIэу зэратхрэ къызэрапсэлъ щIыкIэрэ *стил*ыр пэжкъым!-

*ТIэ, гурыIуэгъуэр аращи, макъым къыщыщIэдзауэ зы лъагъуэм тету мэлажьэр адыгэбзэри, псалъэр зэрызэтеувэ щIыкIэм хуэдэщ псэлъэухар зэрызэтеувэ щIэкIэри. Мы жытIахэр бзэ хабзэу щытщ; ауэ, икIи, мыпхуэдэщ зы бзэ лIэужьыгъуэу щыт Адыгэ хабзэри зэрызэтеувэр: «Нэхъыжьыр нэхъапэрщ, пашэрщ; абы къыкIэлъыкIуэхэм, япэ иту щытым зэрелъытарэкIэ Iуэхугъуэ ягъэзащIэр. НэхъыщIэр кIашэрщи, Iуэхур зыгъэзащIэрщ, лэжьакIуэрщ, IуэхутхьэбзащIэрщ».

*Адыгэбзэр зы макъыбзэрщи, макъ Iэмалыгъуэхэр къызэрысэбэпкIэрэу утыку къохьэр мыхьэнэ жыхуэтIэрэ псалъэу щытхэр. Ар щыхъукIэй, макъ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, Iуэхугъуэрэ мыхьэнэ куэд утыку къихьэпхъэнщ. Аращи, макъхэр зэгухьэрэ зы псалъэ щыухуэм щыгъуэ, а псалъэм иджыр зы мыхьэнэм къыщымынэу мыхьэнэ зы бжанэ утыку къохьэфыр. Зы макъыр зы Iэмалыгъуэрщи, ауэ къызэрыкIуэу къэсэбэпыркъым; абы иджыр и Iэмалыгъуэрщ. Ауэ, макъхэр щызэгухьэм щыгъуэ, зы макъ Iэмалыгъуэм утыку къырилъхьэр, къызкIэлъыкIуэ макъым зэрелъытарэкIэрщ зэрыухуэри, апщыгъуэм нэгъуэщI мыхьэнэхэр утыку къихьэфынщ. ТIанэ, зы макъыр бзэм къызэрыхэсэбэпыхьым къызэрыгуэкIкIэ, а макъ Iэмалыгъуэм утыку кърилъхьэу щыт мыхьэнэхэр зэрызэтеувэм папщIэ, зы макъым бзэ кIуэцIым мыхьэнэу хилэжьыхьыр мэбагъуэри, абы мыхьэнэ зы бжанэ къыриIуэ мэхъур. Мыхэм къызэрыгуэкIкIэй, зы адыгэбзэ псалъэм иджрэ къикIыр зы мыхьэнэ закъуэм къимынэу жыIэпхъэщ нэхъыбэм щыгъуэ. Макъыр мыхьэнэншэрэ, псалъэр ауэ къызэрыкIуэу зы мыхьэнэ закъуэр къэзыгъэлъагъуэ материял пэлъытэу зэрыщымытым къызэрыгуэкIкIэ, зэгухьэу щыт макъхэм мыхьэнэ куэд къагъэлъэгъуапхъэ мэхъур. Мыри адыгэбзэм мыхьэнэу утыку

къырилъхьэр куэд зэрыхъум и зы щхьэусыгъуэу, зы бзэм дежкIэ Iэмалыгъуэшхуэрщ.

*Япэрей Iыхьэми хэтлъэгъуауэ щытщи, макъхэр къызэрыхъурэ зэрыджыр философикэрэ онтологикэу, макъ Iуэрхэри икIи математикэу къэIуэтапхъэщ. Дэтхэнэ зы макъым игъэзащIэр и Iэмалыгъуэрщи, зы псалъэм къызэрыхэсэбэпыхьри ар дыдэрщ. Ар ауэ къызэрыкIуэу къэсэбэпыркъым. Абы иджыр и Iэмалыгъуэрщ. Ауэ, псалъэ гуэрхэр къэхъуу щытщ "щIагъыбзэ"рэ "щэкIуэбзэ" жыхуэтIэхэм езэгъыуй, мыхэр къызэрыхъум щхьэусыгъуэ иIэщ. ЩIагъыбзэрэ щэкIуэбзэм, щыIэр зэрыщыIэ дыдэу къызэрамыIуэнур гурыIуэгъуэнщи, абы папщIэ, бзэм и лэжьэкIэм щхьэщыкIыу зэтеувэу щытхэщ ахэр. Мыхэм и къэхъукIэм теухуауэ кIэщIыу мыхэр жыIэпхъэщ: «КъекIуэкIыу щытыр натуралу зы Iуэхугъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, тхьэкIумэ зиIэу щыт зы псэущхьэм езым папщIэ къыраIуэу щыт макъхэм занщIэу е кIуэ пэтрэ гулъытэ зэрыхуищIыфынур гурыIуэгъуэнщ. ТIэ, абы гулъытэ имыщIын папщIэ, фIэщыгъэцIэрэ псалъэ нэпцIхэр зэхалъхьэри, а псэущхьэр щагъауэр, къагъапцIэр щакIуэхэми, мырауэ жыIэпхъэщ щэкIуэбзэм и лъабжьэр. ЩIагъыбзэм и къэхъукIэри мыбы ещхьщ. Мыпхуэдэу, зы фIэщыгъэцIэрэ псалъэр зэхъуэкIауэ жыIэн хуей зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щытхэри хэтыжу, щэкIуэбзэрэ щIагъыбзэм и къэхъукIэ щхьэусыгъуэхэр мащIэкъым». ГурыIуэгъуэщи, бзэр зэрылажьэм емызэгъыу къэхъуу щыт псалъэрэ лэжьэкIэр къэзыгъэлъагъуэу щыт адыгэбзэм, бзэр зэрызэхъуэкIрэ и лъабжьэр зэрибгынэ щIыкIэрэ щхьэусыгъуэхэм теухуауэ мащIэ гурыIуэгъуэ къыпхуищIыну къыщIэкIынкъым.

*Адыгэбзэр зы макъыбзэрщи, макъ Iэмалыгъуэхэм яджым къызэрыгуэкIкIэ зэтеувэу щытщ псалъэхэр. Ар щыхъукIэй, макърэ псалъэхэм утыку къыралъхьэр лъабжьэрэ щыIэгъуэр къизыIуэ IэмалыгъуэкIэрщ. Ауэ, бзэр зэрызэтеувэм къызэрыгуэкIкIэ, абы утыку къырилъхьэу щыт дэтхэнэ зы псалъэри лъабжьэрэ щыIэгъуэр къыриIуэу зэтеувэу жыIэпхъэкъым. Лъабжьэрэ щыIэгъуэрэкIэ утыку къизылъхьэу щыт псалъэхэм елъытауэ мащIэу лъытапхъэми, адыгэбзэм псалъэ гуэрхэр зэригъэщхьым теухуауэ къеIуатэр. Псалъэм папшIэ, плъыфэцIэхэм уеплъу щытмэ, ахэр "хужь, гъуэжь, плъыжь, щхъуантIэ"у щытщи, мыхэр плъыфэ лъабжьэхэрщ, нэгъуэщI плъыфэхэри къызтехъукIырщ; хужьыр плъыфэу псори зыхэлъырщ; ауэ, мыхэм нэгъуэщI плъыфэхэр адыгэбзэм къызэриIуатэр зэригъэщхькIэрэущ (удзыфэ, къэхьэуафэ, тхьэмбылыфэ...).

*Макърэ макъыщIэхэр къызэрыхъум япэрей Iыхьэм щыгъуэ и гугъу тщIагъэхэщ; мы къытпэщыт IэнатIэми щыгъуазэ дещIыр абы. Адыгэбзэр макъхэр къызэрыхъуми щыгъуазэ ухуэзыщIыу зы бзэрщ.

*Адыгэбзэм, ауэ къызэрыкIуэу макъ хэкIуадэ щыIэкъым. Макъ хэкIуэдэнрэ хэщIыным щхьэусыгъуэ иIэщ. Зы макъыр земыхьапхъэ

хъуарэ, псалъэу мащIэм хэтыжу щытмэ, а макъым и мыхьэнэр, и гъунэгъуу зы макъым трелъхьэри хокIуэдэжыр зы макъыр бзэм хэкIуэдэжыну щытмэ. Мыпхуэдэ къабзэу щытщи, макъхэри ауэ къызэрыкIуэу зэхъуэкIыркъым. ТIэ, макъхэр зэрызэхъуэкIрэ зэрыкIуэдми щыгъуазэ ухуещIыр адыгэбзэми, ахэм и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэ къыпхуещIыр.

*Псалъэхэр зэрызэтеувэр лъабжьэрэ щыIэгъуэр нахуэ зэрищIкIэрщи, дэтхэнэ зы псалъэм иджыр зы Iуэхугъуэрэ зы щыIэпIэ IэнатIэу жыIэпхъэщ. ИкIи, япэрей Iыхьэми хэтлъэгъуауэ щытщи, макърэ псалъэхэм яджрэ зэрызэгухьэ щIыкIэр зы геометрием зэрезэгъкIэрщ. Ар щыхъукIэй, зы псалъэр макъыу зэпкъырыхын Iуэхур зы геометрикэ анализу жыIэпхъэщ. Ар дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэй зы гъунэгъугъэрэ зэрелъытэгъуэу утыку итырщи, а и гъунапкъэхэри къэгъэунэхун хуейщ зы псалъэр икIэ нэгъунэ зэпкъырыхын пащIэ. Ар къызэрыхъу щIыкIэр зы геометрикэ Iуэхугъуэу щытщи, зы псалъэу зэтеувэр, и гъунапкъэхэм Iут макърэ псалъэхэм елъытауэ мэджри, мыхьэнэу мэухуэр. Ар щыхъукIэй, лэжьыгъэ кIуэцIым дызтепсэлъыхьу щыт зы макърэ зы псалъэ IэнатIэм папщIэ жыIэпхъэу къэтIуатэхэр зы лъэныкъуэ еплъыкIэу къанэу щытынщ зэзэмызэ. ТIэ, зы псалъэр зэрызэтеувэр лъэныкъуабгъуэу щытщи, зи гугъу зэрытщIым хуэдэу, къэдымгъэунэхуа лъэныкъуэхэми еплъынрэ еджэныр еджакIуэхэм къахуонэр.

*Мы лэжьыгъэм къызэрыгуэкIкIэ, макъ гуэрхэр макъыхъурэ, макъ гурхэри зэрымакъыбзыр езырыжу гурыIуэгъуэ къытхуэхъуу щытщ. ТIэ, ахэр псалъэрэ фIэщыгъэцIэу къызэрысэбэпыр, мы и бзыгъэрэ хъугъэм къызэрыгуэкIкIэрщ. Ар дыдэу щытщи, Адыгэ цIыхуцIэхэр макъыхъурэ макъыбзхэр къызэрысэбэпкIэрэу игъуэджэу фIащу зэрыщытар гурыIуэгъуэ къытхуохъур. Мыпхуэдэу зы цIыхубзыцIэрэ цIыхухъуцIэ архив зэтеувауэ иIэжщ Адыгэм. -Ар иужьрей лъэхъанэхэм къызэрысэбэпам къызэрыгуэкIкIэрщ щIэныгъэхэм гурыIуэгъуэ къазэрыхуэхъу щIыкIэри, ар мыпхуэдэу зэралъытэм щхьэщыкIыу нэхъ лъабжьэу зэрыщытыр гурыIуэгъуащэу къыхощыр лэжьыгъэм-. ТIэ, макъыхъурэ макъыбзу щытхэр гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIым къызэрыгуэкIкIэ, бзэ гуэрхэм я лэжьэкIэу щытрэ, хъурэ бзым зэщхьэщыкIауэ еджэн хабзэм и лъабжьэмрэ, бзэ гуэрхэми хъумрэ бзыр *артикл*у зэрыщхьэщыкI хабзэм и лъабжьэрэ и щхьэусыгъуэм теухуауэ гурыIуэгъуэ къытхуищIыну щытыр мащIэкъым адыгэбзэм.

*Мы лэжьыгъэм, Адыгэ хабзэрэ, абы къыхуэкIуэу щыт зэхъуэкIыныгъэр къызэригъэунэхум хуэдэжу, Адыгэ IуэрыIуатэм теухуауэй зы гуэрхэри къыхуоунэхур. Ахэри, бзэ лэжьыгъэр къызэрекIуэкIым къызэрыгуэкIкIэ, езырыжу утыку къытхуихьауэ щыт Iуэхугъуэхэрщи, зы *мифологие* лэжьыгъэр ди Iуэхурэ ди гугъэу зэрыщымытар жыIэпхъэщ. Адыгэ IуэрыIуатэм хэту щыт лIыхъужь

фIэщыгъэцIэ гуэрхэр къызэрыхъур макъ Iэмалыгъуэ лэжьэкIэу щытщи, ахэр козмикэрэ натуралу къэхъурэ къекIуэкIыр къэзыIуатэу утыку къихьауэ щытхэрщ; мыбы къызэрыгуэкIкIэй, макъхэр Iэмалыгъуэу утыку къызэрихьэрэ бзэм хэту зэрылажьэр лъабжьэ щIэуд зэримыIэрэкIэ къызэрыгъуэгурыкIуам и зы щапхъэу лъытапхъэхэрщ ахэр. Адыгэбзэр мифологие щIэныгъэми фIыуэ зэрыдэIэпыкъуэгъур гурыIуэгъуэщи, бзэмрэ мифологием зыхуаIэфыну щыт зэпыщIэныгъэм и щапхъэ пашэу зэрыщытыр къыхэщу щытщ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм.

*Псалъэхэр макъыу зэпкъырыхын Iуэхугъуэу къытпэщытыр, макъ Iэмалыгъуэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэрщи, псалъэхэр мы Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къызэрихьэр къэгъэлъэгъуэн Iуэхугъуэрщ. Мы Iуэхугъуэр зы *етимологие* Iуэхугъуэу щыткъым; ауэ, абы щхьэщыкIрэ и лъабжьэу щыт зы Iуэхугъуэрщ. ИкIи, макъ мыхьэнэрэкIэ зэпкъырыхыныр, зи лъабжьэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэу, етимологие лэжьыгъэм нэхърэ нэхъ лъабжьэ еплъыкIэ зиIэрщ; ар щыхъукIэй, етимологием и Iуэхур зыгъэмащIэрщ, икIи, ар IузгъэкIуэтрэ Iузыхыж Iуэхугъуэуй лъытапхъэрщ. Ауэ, зы псалъэр макъ мыхьэнэу зэрызэтеувэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуу щытми, ар къызэрыхъуарэ къызтехъукIа Iуэхугъуэм теухуауэ еплъыкIэхэр утыку къыщитлъхьэм щыгъуэ, зэзэмызэххэй дэIэпыкъуэгъуу къедгъэблагъэр етимологие еплъыкIэрщ. Мыпхуэдэу, зы макъыбзэр къызэрыунэхум къызэрыгуэкIкIэ, бзэм зэпыщIэныгъэ зыхуиIэу щыт щIэныгъэ дисиплин гуэрхэр зэрызэхъуэкIынум и зы щапхъэу жыIэпхъэщ, адыгэбзэм и лэжьэкIэм етимологие дисиплиным и лэжьыгъэ IэнатIэр зэригъэмащIэр.

*

Къытпэщыт тхыгъэхэр, къэдгупщысауэ щыт гуэрхэр къэзыIуатэу зы лэжьыгъэркъым; е, дэтхэнэ зы къэIуэтапхъэ гуэрхэр къэзыIуатэу щыт зы лэжьыгъэркъым. Мы лэжьыгъэр бзэм зыкъызэриIуэтэжым теухуа тхыгъэу лъытахъэщи, абы къиIуатэу щыт гупщысэхэр, макъхэр зэрылажьэрэ псалъэхэр зэрызэтеувэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт гупщысэхэрщ. Мыпхуэдэу бзэм зыкъызэриIуатэм зэрезэгъкIэрэ, игъуэу зэрытлъытэм щыгъуэ пытщауэ щыт гупщысэ гуэрхэри зыхыхьауэ зы тхыгъэу жыIэпхъэщ мы лэжьыгъэр.

ТIэ, еджакIуэм къыпэщытыр, тхылъым зи гугъу ищIрэ къиIуатэу щыт гупщысэ гуэрхэр гурыIуэгъуэ зыхуищIыныр зэрихуэн Iуэхугъуэркъым. ТIэ, макъхэм яджу щыт мыхьэнэхэмрэ, мыбы къызэрыгуэкIкIэй зэтеувэу щыт псалъэхэм къагъэхъуу щыт гупщысэхэм щыгъуазэ зыхуищIын Iуэхугъуэрщ еджакIуэм къыпэплъэр. Макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэхэр къызэрысэбэпрэ псалъэхэр утыку къызэрихьэм къызэрыгуэкIкIэ лэжыгъэ зыгъуэту щыт адыгэбзэм щыгъуазэ хуэхъурэ, ари лъабжьэ зыхуэхъуж еджакIуэм къыпэщытыр, гупщысэхэм пыщэнрэ хэгъэхъуэн Iуэхугъуэрщ.

## ЕТIУАНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ
## МАКЪ IУЭРХЭР

### «Ы» МАКЪЫМРЭ "IЫ"Р

**«Ы»...**

Адыгэбзэ макъхэр жьэм къыжьэдэкIыным, Iуа хъунум и Iэмалыгъуэр зыгъэзащIэ макъыр "ы"щ. Арыншэу зы макъ къэIуркъым. Ар макъдэкIуашэм ямызакъуэу макъзешэхэр къыщыIум щыгъуэй зызгъэлъагъуэ макъщ; ар дэтхэнэ зы макъым кIэухыу къыпохьэр. Зы макъ дэкIуашэм езым и мыхьэнэжыр къыщыриIуэм щыгъуэ дэщIыгъуу къэIу кIэух макъырщ "ы"р: «мы, хы, щы...». Ар макъ щэхухэм имзакъуэу, макъ Iуэрхэми и кIэухыу зэхыбохыр: «Иы; уы, Iуы...».

Зы макъым иджыр е и мыхьэнэр зэмхъуэкIауэ, езым нэмыщI зы мыхьэнэ имыIэн папщIэ, "ы" макъыр кIэухыу къэIун хуейщ. Мы макъым, кIэух зыхуэхъуа макъыр зэрыщыту къигъэлъагъун нэхъ къэлэн иIэкъым; кIэух зыхуэхъуа макъым зэманыгъуэ къыритыркъым, ар игъэлажьэркъым, зы макъым иджрэ и мыхьэнэр зэрыщыту гурыIуэгъуэ къещI закъуэр. КIэух зыхуэхъу макъыр зыщIыпIэй имышэу, а макъым иджыр зэриджкIэрэу утыку къихьэным е зэхэхыпхъэ хъуфыным Iэмалыгъуэ къезыт макъзешэрщ ар. КIэух зыхуэхъу макъым езыр мыхъумэ, зы мыхьэнэщIэ зезымгъэгъуэтрэ езымыт макъырщ "ы"р.

Зы макъыр нэгъуэщI макъзешэхэм ирамышажьэ ипэ, а макъым зы зэманыгъуэ имгъуэт е нэгъуэщI зы щыIэгъуэ къыхэмыхъукI джыщIэ, а макъыр зэрытыпIэм изгъэту щыт макъыр "ы" макъырщ. Зы макъым зэманыгъуэ игъуэтрэ утыку ихьэу лэжьыгъэ щигъуэтым щыгъуэ, "ы" макъым и пIэм япэрауэ "э" макъыр йоувэфыр; мыбы къызэрыгуэкIкIэй, нэгъуэщI макъзешэхэр утыку къохьэфри, макъдэкIуашэхэр зырашэ мэхъуфыр.

Дэтхэнэ зы макъыр къэIуфын Iуэхугъуэр а нэхъ экономикэу зыгъэзэщIэфыну макъыр "ы" макърaщи, ардыдэу къосэбэпыр. Зы макъыр а нэхъ къэру цIыкIукIэ къэIуфын Iэмалыгъуэр "ы" кIэухкIэ къэIунращ. Дэтхэнэ бзэй ирехъу, макъ щэхуитI-щым язэхуакум "ы" макъ зэрыдыхьэрэкIэщ я къэIукIэ Iэмалыгъуэ хъур. Ари зэрыщапхъэу, мы Iуэхугъуэр зы натурал Iуэхугъуэщ. Мы натурал щIыкIэр зи лъабжьэрщ адыгэбзэр; икIи, лъабжьэ зэримыгъэкIуэдам и зы щапхъэу лъытапхъэщ мыр. Адыгэбзэм дэтхэнэ зы макъыр къызэрыриIурэ зэрилъытэр – ар зы натурал экономикэ Iухугъуэщи- "ы" кIэухкIэрщ. Ауэ, тщIэуэ щыт бзэхэм макъхэр зэралъытэр "э" кIэухкIэрэ къэIуущ. ГурыIуэгъуэщи, ахэм "ы" макъыр адыгэбзэм зэрыхэтым хуэдэу ялъытэжыркъым; икIи, макъыр

мыхьэнэншэу щалъытэкIэй яфIэIуэхукъым; ар щхьэ, адыгэбзэр макъыбзэу щытщи, дэтхэнэ зы макъым и къэлэныр зэригъэзащIэрэкIэу, натурал экономикэу зэрехьэр.

*

"ЫI" макъыр макъ Iуэр нэкулъ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, макъ щэхухэр макъыу къэзыгъаIуэрщ; а кIуэцI Iуэхугъуэрэ макъ щэху Iуэхугъуэхэр макъыпIэм иришэу макъыу щызыгъаIэрэ къэзыгъэIурщ. Ар щыхъукIэй, макъ щэхум и мыхьэнэр зэрыщытрэ щхьэжу утыку къизылъхьэрщ.

Ар зэманыгъуэр къызтехъукIырщи, зэманыгъуэрэ кIуэтэгъуэри къэзыгъэувыIэрщ; икIи, къэхъуауэ щыт кIуэтэгъуэми езыгъэхыжырщ.

Зы Iуэхур зэманыгъуэрэ кIуэтэгъуэ зэриIэрэкIэ лажьэу щытмэ, ар къэзыгъэувыIэрэ, къыщыувыIа щIыпIэм зэриткIэрэу, абдежым ехьэлIауэ гъэзэщIапхъэу жыIэкIэр къызтехъукIыр "ы" макъ Iэмалыгъуэрщ.

Мы и Iэмалыгъуэхэм къыгуэкIыуй "ы" макъым Iуэхугъуэфlхэр щыхегъэзэщIыхьыр бзэм:

*Зэманугъуэ (э) зыгъуэтарэ зы лэжьэкIэм тет макъым игъэзащIэу щытыр Iуехыжри, а макъым и щыпкъэ мыхьэнэрэ и щхьэжу иджыпхъэр егъэлэжьэжыфыр:

«Гъэ-гъы, кIэ-кIы, лъэ-лъы, пIэ-пIы, лIэн-лIын, жэн-жын ...».

*Зы зэманыгъуэр къызтехъукIрэ ар зыхыхьэж зэрыхъукIэрэу, зы Iуэхугъуэр мыкIуатэрэ зэрыщытыпIэм зэриткIэрэу зэрыгъэзэщIапхъэри къизыIуэф Iэмалыгъуэр зыгъэзащIэр "ы" макъырщ. КъекIуэкIыу щыт зы Iуэхугъуэм и жыIэкIэр, а Iуэхугъуэм ехьэлIауэ жыIэгъуэ ещIыр:

«Шхэн-шхын, тхэн-тхын, джэн-джын, тхьэщIэн-тхьэщIын...».

*"Э"мрэ "ы"м мы я зэхущытыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, а зы макъым язхэзыр кIэух зэрыхъум елъытауэ, кIэух зыхуэхъуу щыт макърэ псалъэми и мыхьэнэм къызэрыгуэкIкIэ, мыхьэнэкIэ зэхуэпхэндж псалъэхэри къохъур: «Хэшын-хэшэн, Iушын-Iушэн, гуэкIын-гуэкIэн, гуэхун-гуэхуэн...».

*"Э" макъымрэ, абы къытехъукIауэ щыту, икIи ар (э) зыхэтрэ зыхэлэжьыхьу щыт "Iэ" макъми игъэзащIэ Iуэхугъуэхэр, Iуэхур зыгъэзащIэрэ а Iуэхум ехьэлIауэ жыIэкIэ къытхуещIыр:

«"Iыгъын (Iэ-ы-гъэ-ы-н)"... мы жыIэкIэ Iэмалыгъуэм зы псэлъэкIэй къыхокIыр: "Iэхьэ-Iыхьэ, жыIэн-жыIын, щыIэн-щыIын, шыIэн-шыIын"...».

ГурыIуэгъуэщи, "ы" макъыр изакъуэрэ щхьэжу щыткъым е изакъуэу бзэм зы мыхьэнэ иIэу хэткъым; икIи, ар зы макъым е зы псалъэм ипэ къыпыхьэкъым. Ар сыт щыгъуэй зы макъым и кIэухыу зэхыбохыр; мыбы и щхьэусыгъуэри, а макъым и мыхьэнэр къыбгуригъэIуэнращ. Мыбы и щапхъэхэу ипщэкIэ къэтIуэтахэмкIэ, абы зы макъыр зэхэхыпхъэрэ гурыIуэгъуэ зэрищIыр нэрылъагъущ.

*

Бзэр нобэ зэрыужьа щIыкIэу, ″ы″ макъыр бзэм хэту зэрыщытымкIэ зы къэлэн иIэу щытщи, ипщэкIэ абы и гугъу тщIагъэхэщ. Ауэ, ″бзэ″ жыхуаIэ лэжьэкIэм хэмыт хуэдэу щытми, ″ы″ макъыр щхьэжу къэсэбэпыфуй щытщ. ЯпэкIэ и гугъу зэрытщIам хуэдэщи, ″ы″ макъыр макъ Iуэррэ макъзешэ нэхъыщхьэрщ, лъабжьэрщ.

Ар, цIыхум къыжьэдэкIрэ макъ щыIэгъуэ зиIэу щыт а нэхъ макъ Iуэр мащIэрщ. Ар макъ Iуэрхэр къызтехъукI макъ Iуэр нэкулърэ япэрейрщ. Ар щыхъукIэй, зы макъ Iуэрым игъэзэщIапхъэр япэрауэ зыгъэзащIэрщ. Ар япэрауэ къэIуауэ зы макъ Iуэр зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэй, цIыхум и гугъэхэр къызэригъэлъагъуэу щхьэжу къэIуфу зы макъыу зэрыщытар жыIэпхъэщ.

ТIэ, ″ы″р бзэм щхьэжу хэту къэмыIуми, цIыхум и зы гугъэр макъыу утыку къизылъхьэу къэсэбэпыфу зы макъырщ. Аращи, дэтхэнэ зы цIыхум ар къыриIуэу, и гугъэр утыку къырилъхьэн Iуэхугъуэр зэфIигъэкIыфу щытщ. Мы Iуэхугъуэри адыгэбзэр е нэгъуэщI зы бзэр зезыхьэу щытхэм хуэIуауэ щыткъыми, цIыху псом дежкIэ, зэхуэдэу гурыIуэгъуэ хъуухэ зы Iуэхугъуэрщ: Ар натуралу щытщи, зы Iуэхугъуэр гурыIуэгъуэ зэрыхъуар къэдгъэлъагъуну "ыы!" (гурыIуэгъуэщ!) хуэдэу, е гурыIуэгъуэ хъун хуейуэ щыт зы Iуэхугъуэм дыщыщIэупщIэкIэй "ыы?" (сыт жыпIа?) хуэдэ къэIукIэхэр къыдогъэсэбэпыр.

Зы бзэр зэрызэтеува щIыкIэмкIэ, зы ″упщIэ″р, ″гурыIуэгъуэ″р, ″хъун″рэ ″мыхъун″ыр, ″гурыщхъуэ″р къызэрыриIуэрэ утыку къызэрырилъхьэ щIыкIэр зы псалъэрэкIэу щытми, мы псалъэхэм и пIэм иувэрэ, цIыхум дэтхэнэ и зы ″гугъэ″ри ″ы″ къэIукIэмкIэ натуралу гурыIуэгъуэ ищIыфу щытщ нобэй.

Зы макъ гуэрым и кIэух мыхъурэ, икIи, щхьэжу бзэм хэту къэдгъэсэбэпу щымытми, ди гугъэр ″ы″ макъ къэIукIэмкIэ гурыIуэгъуэ дощIыфыр. Мыбдежым "ы" макъым игъэзащIэу щыт Iуэхур, "ы"р зы макъым и кIэухыу къыщыпыхьэм щыгъуэ игъэзащIэ IуэхугъуэмкIэ зэдэгъуу щытщ. Ар, зы гугъэр макъыу гурыIуэгъуэ зыщIырщи, япэрей макъ Iуэр зэрыхъукIэрэу, цIыхум къыриIуэрэ макъ кулъым хыхьэу щыт япэрей макъ Iуэрырщ. Макъ Iуэр нэкулърэ япэрей макъ зэрыхъукIэрэу, цIыхум и гугъэр макъыу утыку къырилъхьэн папщIэ къигъэсэбэпыну иIэу щыт макъ закъуэу щытагъэнщ ар.

Мыбы къызэрыщIэныжарэкIэй, нобэй, цIыхум и гугъэр псэлъэбзэм хэмыту щытми, натуралу утыку къызэрырилъхьэфу щыт макъырщ ″ы″р. ИкIи, ар мыпхуэдэу япэрей макъ Iуэр зэрыхъукIэрэй, зы макъыр зэрыщытрэ щхьэжу къэзыгъэIу макъыу къэсэбэпырщи, ″ы″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэт щIыкIэр мыпхуэдэщ.

МыбыкIэй, абы натуралу иджымрэ и мыхьэнэу щытыр гурыIуэгъуэ мэхъур. Мы натурал къэIукIэхэми къыдгурагъаIуэр, бзэм зэрыхэт щIыкIэу, ипщэкIэ къэтIуэтауэ щыт "ы" къэлэнырщ. Адыгэбзэм "ы" макъыр зэрхэтыкIэр натуралрэ макъ Iуэр лъабжьэу зэрыщытыр мыбыи къыдегъэлъагъуэр. Адыгэбзэм и натурал лъабжьэр зэримыгъэкIуэдарэ натурал мыхьэнэкIэрэ зэрылажьэр, дэтхэнэ и зы лъэныкъуэмкIэй зэрыхэплъэгъуэфынум и зы щапхъэу зыкъегъэлъагъуэр ″ы″ макъыр къызэрысэбэпым.

**Iы...**

"Iы" макъыр "ы" макъзешэм и текъузэ хъуа жыпIэфыну зы макъщ; ар ″ы″ макъым къызэрытехъукIам къызэрыгуэкIкIэ макъ Iуэру щытми, макъзешэкъым. "Iы" макъыр езыр зыми емлъытарэ пымщIауэ, зыми дэмыкIуэу е зыри къыримшэкIыу, щхьэжу утыку итыфу зы макъырщ. КъызтехъукIауэ щыт ″ы″ макъыр макъ Iуэр лъабжьэрэ, а нэхъ макъ Iуэр мащIэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, абы и зы лимитацэрэ и зэхуэлъэфэса щIыкIэу щыт ″Iы″ макъым ″ы″м игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэхэри имыгъэзэщIапхъэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. ТIэ, ″ы″м игъэзащIэр имыгъэзащIэрэ щхьэжу къэсэбэпыф зэрыхъурэ, ″ы″м къызэрытехъукIа щIыкIэми къызэрыгуэкIкIэ, Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэу игъэзэщIапхъэр гурыIуэгъуэ хъууэ щытщи, ар мыхъуныгъэ IуэхугъуэкIэ къызэрысэбэпыпхъэр гурыIуэгъуэнщ.

"Iы" макъым иджыр е игъэзащIэхэр "ы" макъым ещхьу жыIэпхъэщ; сыт хуэдэми, абы къытехъукIащ. Ауэ, ″Iы″ макъым игъэзэщIэнухэр, ар къызтехъукIауэ щыт ″ы″ макъым натуралу игъэзащIэхэм и зы Iыхьэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. ″Iы″р къызтехъукIауэ щыт "ы"м елъытауэ - щхьэж щыхъукIэ- нэхъ ткIийрэ IупщIыу щыт зы макъырщ. ТIэ, ″ы″ макъым игъэзащIэхэм ящыщрэ, ″Iы″ макъым игъэзащIэу щыт IэнатIэр, нэхъ гурыIуэгъуэу мэгъэзащIэр. "ЫI" макъым бзэм хилэжьыхь Iуэхугъуэгъуэр аращи, ар кIэух зыхуэхъу макъыр зэрыджрэ и мыхьэнэжкIэрэ къегъэлъагъуэр; "Iы" макъым мыр зыми хуищIэнкъым. "ЫI" макъыр, езым и пIэ иувэрэ макъдэкIуашэр къезышэкI нэгъуэщI макъзешэхэм къырашэкIын яуха нэужь, макъдэкIуашэм кIэух хуохъужри егъэувыIэжыр; ар и пIэм ирегъэувэж, щхьэж ещIыжри, щхьэжу иджу щытыпхъэр ирегъэджыжыр. Ар щхьэ, "Iы" макъым укъыхуэнэмэ, зи кIэух хъуну макъым "Iым" жыригъэIэнукъым, ирихухынущ, игъэбзэхынущ.

Натуралуй "Iы" макъыр хыхьэ-хэкI зимыIэрэ зыми емкIуалIэ е емзэгъым, зы гуэрми зигу хуемкIуалIэм и щIыкIэ зыхэлърэ, мы щIыкIэр зыджрэ зи мыхьэнэу щыт макъырщ... ар мыхьэнэуэ щытмэ(!). ″Iы″м щхьэжу идж щапхъэхэм ящыщу щыт "Iыы!"р е "IыI"ыр зымыдэм и

къэIуэкIэрщ; ар къаIуэуй жыIэпхъэу къыщIэкIынкъым, мэIу(!). "IыIы!"м ″хьэуэ-хьэуэ″ е ″хъуххэнукъым″ жыхуиIэщ; е, зызгъэгусарэ сыт жепIэми емкIуалIэрэ -мо зэ уенэпэфэуэнщи хъункъым, мыудэIужу гъынанэу щIидзэнщ, ар щхьэ...- сытми, хэкIыпIэ къыуэзмыт саби щIыкIэншэ макъырщ ар. Зы макъ е зы псалъэм ипэ "Iы" къыщыпыхьэм и щапхъэхэр: "Iыхьхьы!" жиIэу къэIуу езыр зызгъэлъагъуэрэ, зы Iуэхугъуэ пэщIэдзэ хуэдэр къэзгъэлъагъуэу щытми, абы щIагъуэ къызэримкIынур ущыкIэлъыплъыжкIэ къыуегъэлъагъужыр. Угузавэу уелъэIунщи "Iыхьсыхь"ынщ, е "Iыхьшыхь"урэ ихьынур зыдебгъэхьынум –узхуейм хуэдэ мыхъуами- ебгъэхьынщи, "Iхьхь" жиIэу къэтIысыжынщ; умгъэхъейуэ щыгъэс щхьэхынэр(!).

Мыпхуэдэу, щхьэхынэрэ зэрымхъун щIыкIэхэм нэмыщI къызэрысэбэп щымыIэу, мыхьэнэншагъэхэр зыдж макъым къыпхуищIэнур, лажьэу щытыр мылэжьэж ищIынрэ, диIэ е щыIэ тIэкIури игъэбзэхын мыхъумэ, къызэрыдхуэсэбэпын щыIэкъым... Ар жьэрыпсалъэ гуэрхэм ″къым″ кIэухым ипIэ иувэу къосэбэп закъуэр: ″КIуэкъым – кIуэIым″.

Бзэм хэту "Iы" макъыр зэрзыхэпх щIыкIэхэу "Iыгъын (Iэ-ы-гъэ-ы-н), Iыхьэ (Iэ-ы-хьэ), щыIын (щыIэ-ы-н)" псалъэхэр къэзгъэхъур, ипщэкIэ "ы" макъым деж къызэритIуам хуэдэу щытщи, ар мыбдежми къызэрыдгъэлъагъуэм хуэдэжу "ы" макъым и Iэмалыгъуэхэращ; мыхъумэ, ахэр щхьэжу ″Iы″ макъым тхуигъэзащIэу щыткъым.

## «Э, IЭ, А» МАКЪХЭР

**Э...**

Зи гугъу зэрытщIам хуэдэщи, ″ы!″ е ″ы?″ хуэдэжу, "э!, ээ!" е "э?, ээ?" макъ къэIукIэхэри щыIэщ; икIи, зи сэбэпхэри ипщэкIэ ″ы″ макъым папщIэ жытIахэм хуэдэщ; зэрзэщхьэщыкIхэри, ″э″р ″ы″м елъытауэ нэхъ макъ Iэтауэ зэрыщытым папщIэ, зэхагъэхыпхъэ гугъэ зэраIэрауэ жыIэпхъэщ.

Мы макъитIым ягъэзащIэхэр зэрызэщхьрэ, макъ Iуэру зэгъунэгъурэ зэкIэлъхьэужьу зырыщытми къыдигъэлъагъуэр аращи, "э" макъри зы макъым е зы псалъэм ипэ иувэкъым. Ар сыт щыгъуэй кIэух хъуурэ хэтщ бзэм; икIи, изакъуэу зы мыхьэнэ пыухытыкIай иджкъым; абы и къэлэныр кIэухкIэрэу егъэзащIэр.

Япэрей Iыхьэм къызэрыдгъэлъэгъуам хуэдэщи, ″ы″ макъыр къызэрыхъу къэрур хэбгъахъуэу щытмэ, ″ы″м къыкIэлъыкIуэу япэрауэ къэхъуну щыт макъ Iуэрыр ″э″ макъырщ. Мыпхуэдэу зы Iуэхугъуэм къыкIэлъыкIуэу щытщ адрей макъ Iуэр къэхъукIэхэр. ″Э″ макъыр, ″ы″

макъым и зы кIуэтэгъуэрэ и зы ужьыгъуэу къэхъуу щытщи, ар щхьэжу зы щыIэ хъууэ щыткъым иджыри. Ауэ, мы ужьыкIэрэ кIуэтэгъуэу къэхъум утыку къырелъхьэр къэхъупхъэу щыт нэгъуэщIхэри. Мыпхуэдэщ ″и″ макъыр къызэрыхъу щIыкIэр. ″Э″р щхьэжу щыткъым, ар щхьэжу зы мыхьэнэу хэткъым бзэм; ауэ, ар къызэрыхъум къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ утыку къихьэу щыт макъырщ щхьэжу зы щыIэгъуэ зиIэрэ джыри, ар ″и″рщ. Аращи, ″э″ макъыр япэрей кIуэтэгъуэрщи, ар функциял зэманыгъуэу щытщ; мыхъумэ, щхьэжу зы IэнатIэу щыIэ гуэркъым. Ар зи кIэухрэ, абы игъэлажьэу щыт макърэ псалъэхэм зэманыгъуэрэ кIуэтэгъуэ ягъуэтыр.

″Э″р ″ы″ макъым къызэрытехъукI щIыкIэм щыгъуазэ дыщыхуэхъум щыгъуэ, гурыIуэгъуэу щытщи, ″э″ макъыр ″ы″м ипIэ йоувэр. Ар къызтехъукIрэ къэзыгъэхъур ″ы″ макъырщи, абы и къэрур хэхъуэн Iуэхугъуэу утыку къызэрихьэм къызэрыгуэкIкIэ, ″э″р къыщыхъурэ къыщыIум щыгъуэ ″ы″р къэIужыркъым. ИкIи гурыIэгъуэнщи, ″э″р ″ы″м ипIэ щиувэм щыгъуэ, зы мыхьэнэщIэщ къэхъур. Ауэ, зы макъыр нэхъ экономикэу къызэрыIуфынурэ, зэрыщыту зы макъыу утыку къызэрихьэфынур ″ы″ макъ кIэухкIэрэщ; ″ы″р минимал макъ Iуэрырщи, зы макъыр къэIуну щытмэ, абы къэIун Iэмалыгъуэ къезыту зезышэ макъыр ″ы″ макъырщ. Мы макъым къыкIэлъыкIуэрэ а къэлэныр зыгъэзэщIэфыну щыт етIуанэрей макъыр ″э″ макъырщ.

"Э" макъыр "ы" макъым ипIэ зэриувэкIэрэу, икIи, мы макъитIыр зэрызэщхьми дэкIуу, "э" макъыр къыщыIум щыгъуэ абы "ы" макъ лъэпкъ хэлъыжккъым. ИкIи, "э" макъым къигъэщIыну щытрэ къыхэхъукIыну макъхэми "ы" макъыр хэлъынукъым, къыхэIукIынукъым (Iэ, а, о).

"Э" макъым игъэзащIэ Iуэхугъуэхэм и зы бжанэр "ы" макъым игъэзащIэхэр къыщытIуатэм щыгъуэ и гугъу тщIа хъуауэ щытщ: Абы къэувыIар зырегъакIуэжыр, егъэкIуатэр; ″ы″ макъым игъэзащIэу щыт ехьэлIэныгъэ хъуауэ щытыр къыгуешри ирешажьэ, егъэлажьэ, зэманыгъуэ къыретыр...

ЕхьэлIауэ гъэзэщIэну щыт зы Iуэхугъуэр, ар зэрагъэзащIэу зэрыщытыр е Iуэхур къызэрекIуэкIыу зэрщытыр гурыIуэгъуэ къытхуещIыфыр: «Дын (дэн Iуэхугъуэр екIуэлIауэ гъэзэщIэн е дэн Iуэхугъуэм ехьэлIауэ зэрыщыткIэрэу дэн); дэн (дыуэ щытын; дын Iуэхугъуэр гъэкIуэтэн)...».

*

"Э" макъзешэм зы кIэухыу зыщигъэлъагъум щыгъуэ, а макъым езым щхьэжу иджым е и мыхьэнэм елъытауэ зы кIуэтэгъуэ е зы зэманыгъуэ къыхуокIуэр, гъуэгу тохьэр. Мы зытехьэ гъуэгум -езы макъым хэлъу щыт мыхьэнэм къызэрыгуэкIыу- зы мыхьэнэщIэ е зы щыIэкIэщIэ къыхуехьыр. Мы гъэзэщIа хъу Iуэхугъуэхэм псоми "э" макъым хищIыхьыр

зэхуэдэщ; ар щхьэ, ″э″р кIэух зыхуэхъу макъым езым хэлъыж джыпхъэм елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ, а макъхэм дэтхэнэ зыр мэкIуатэ, хэтыр мэлажьэри зы зэманыгъуэм йохьэр, хэтым зэманкIэрэ зы щыIэгъуэщIэ къыхуокIуэр, хэтми къыбгурымыIуэжыпхъэу зехъуэкIыр.

"Дзы" макъым хэт мыхьэнэр "э" IэмалыгъуэкIэ мэлажьэри "дзы" Iуэхугъуэм "дзэ" къыхокIыр; ар зы IэпкълъэпкъыцIэщ; икIи, ар зэрыбыдэрэ бийм зызэртри"дзэ"кIэрэй, аргуэрэу зы фIэщыгъэцIэу "дзэ"м зыкъегъэлъагъуфыр. Е, ипIэ икIарэ пхуэмубыдыжу зыз"дз" псы ежэхым "псыдзэ" фIэщыгъэцIэр хуагъэфащэр.

Мыбы ещхьхэщи, "мы" макъым "мэ"рэ къыпщIихьэр къызэрыхэкIыр гурыIуэгъуэнщ; тIанэ, "мэ" жиIэу зы гуэрэ къыуэзытыр, е "мэ"р кърiIуу зы гуэрэ къыуэзгъэлъагъуэм игъэзащIэр, е къэхъуа гуэрым къигъэщта пэлъытэу "мэ!" жызыIэм къиIуэри ″э″ Iэмалыгъуэр кIэух зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт псалъэхэрщи, ахэр ″мы″ макъым иджыр нахуэ щыхъум щыгъуэ гурыIугъуэ хъунщ.

Мыбыхэм ещхьхэу, "э" макъыр зы макъым кIэух щыхуэхъум щыгъуэ, нэгъуэщIыгъуэ мыхьэнэхэр е фIэщыгъэцIэхэр къохъуфыр: Дунейм и ″къу″ пэлытэ хъууэ щыт "къу"хэр (бгы) къапщтэмэ, къуитI я зэхуэкур "къуэ" зэрыхъум хуэдэу, зы анэ-адэм къытехъукIауэ зы щыIэгъуэ зиIэ хъуа зы бынри "къуэ"щ зэрыхъур.

Мы щапхъэхэм хуэдэу щытщи, зы макъым "э" кIэух къыщыпыхьэм щыгъуэ, къэхъуу щыт псалъэхэм я мыхьэнэр къызтехъукIауэ щыт макъхэм пымыщIа е емылъытауэ щыткъым; а макъым иджыр е и мыхьэнэр фIыуэ гурыIуэгъуэ щыхъукIэ, Iуэхур зытетыр нахуэ мэхъужыр. Мы псалъэм хиубыдэнщ зы макърэ псалъэм "э" макъыр кIэух щыхуэхъукIэ къэхъу псэлъэщIэхэр: «Сы-сэ, фы-фэ, хы-хэ, лы-лэ, тIы-тIэ...». Мыхэр "э"м и IэмалыгъуэкIэ къэхъуа псэлъэщIэхэрщи, къызтехъукIауэ щыт макъдэкIуашэм зэрелъытарэ зэрепхар, а макъдэкIуашэхэр утыку къыщитлъхьэм щыгъуэ нэхъ нахуэу гъэлъэгъуа хъунущ.

"Бы"р мэкIуатэ, мэбагъуэ, гъуэгу тохьэри зэманкIэрэ "бэ" мэхъур. Быныр ща"пIы"м е зыха"пIы"хьым и цIэр "пIэ" мэхъур. "ЦIы"м (щымыIэ, цIырхъ), мы щыIэпIэу щыт зэманыгъуэм щыщ хуэдэу зы зэманыгъуэ ирагъэгъуэт пэлъытэри "цIэ" ящIыр. ИтIанэй, мы щымыIэу щыIэ пэлъытэ ящIар (цIэр) "фIы"уэ ялъагъу гуэрым –ар ягъа"фIэ"у- хуагъэфащэр: Хуэфэщэнури "фIы"уэ ялъытэри, мо "фIы"м хуагъэфэщар -абы ей хъуар-зэманыгъуэкIэрэ (фIэ) езыр пэлъытэу "щы"Iэн папщIэ "фIащ"ыр: "цIэ" ящIа "цIы"р "фIы" гуэрым зырагъа"фIэ"рэ зырагъэщIэгъуэжу "фIэщыгъэцIэ"у фIащыр.

"Э" макъым и фIыгъэкIэрэу "лъы"р зэманкIэрэ "лъэ" мэхъур; "псы"м зэманкIэрэ "псэ" еухуэфыр е къыхохъукIыфыр; "кIу" Iэмалыгъуэ

зиIэр мэ"кIуэ"фыр. Зы гъащIэрэ зэманыгъуэ зиIэ зы къэ"кIы"гъэм е зы "кIы"хьагъ зиIэ гуэрэм зы тэлайкIэ е зы зэманкIэрэ "кIэ" егъуэтыр. Зэманыр щыIэ щыхъукIэ "зы"м сыт щыгъуэй "зэ" Iэмалыгъуэр хуолажьэр; "жы"уэ щытыр егъа"жэ"р. "Хьын" Iэмалыгъуэ зиIэр "хьэ" мэхъури, игъуэ нэса цIыхур "лIы" щыхъукIэ абы -и гъащIэмрэ и щхьэхуитыныгъэм-къыпэплъэр -игъуэрэ гъуэзэджэкIэрэ- "лIэ"ныгъэращ.

"Э" макъым игъэзащIэхэр, кIэух зыхуэхъу макъым иджыпхъэращ; а макъ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, игъэкIуэтэнщ, зы гъуэгу тришэнщ, абы зэманыгъуэ къыритынщ; мыхэр а макъым имыIэмалъыгъуэмэ, абы ехьэлIа е теухуауэ зи гугъу тщIы ролхэр хуигъэзэщIэнщ: «Зы "гуэ"рыр нэгъуэщI "гуэ"рэм е зы щIы"гу" IэнатIэм щы"гуэ"хьэр (мыр, "гу"м зэрехьэлIам папщIэ "гухьэн" хуэдэй хъунущ) е къыщы"гуэ"кIыр къэIуэтапхъэ ищIынщ. Мы глаголитIым зэхуэдэу хэту щыт "гуэ"хэм "гу"м елъытауэ ягъэзащIэр математикэбзэкIэ тхын хуейуэ щытмэ, зэрытхыпхъэнур мыпхуэдэнщ: «"гуэ"хьэн: гу+, "гуэ"кIын: гу-». Нэрылъагъуэрэ гурыIуэгъуэу щытщи, ″э″ макъым игъэзащIэр кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ зэрыхъукIэрэу, зы ″гу″ IэнатIэм хуэкIуэнрэ хыхьэнри, абы пыкIынрэ хэщIынри ″э″ IэмалыгъуэкIэ мэджыр.

"ЩIэ"ныгъэр зэманкIэрэ п"щIы"уэ щытым зэриухуэр гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIыр "э" макъым и Iэмалыгъуэращ.

"Хъу"р зэрхъуам ибгъэкIмэ, бгъэкIуатэмэ е ебгъэлеймэ ар зэрызэ"хъуэ"кIынур гурыIуэгъуэщи, ар ″э″ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу зы мыхьэнэщ. ТIанэ, хъуауэ щытым зэманкIэрэ зэрзи"хъуэ"жынури къыдгурызыгъаIуэр "э"ращ; "хъу"рэ хъуар ипIэм изгъэкIыр, зэманкIэрэ е егъэлеинкIэрэ зэзхъуэкIыр "э"ращ.

"Э" макъым игъэзащIэ закъуэр зэманыгъуэ къыритынращ зыхуэкIэух макъхэм: КIуэтэнрэ егъэлеинри, хъунрэ зэхъуэкIынри зэманыгъуэ зиIэращ зи щхьэ къырикIуэфынур; икIи, и щхьэ къызэрикIуэну щIыкIэр, ″э″ макъыр зи кIэух хъууэ щыт макъым езым хэль джыпхъэращ.

**Iэ...**

"Э"м къытехъукIыу щыт "Iэ" макъри зэманыгъуэ къэзыгъэлъагъуэу зы макъырщ. Ауэ, ″э″р гурыIуэгъуэу щытщи, зы зэман шабзэрэ функциял зэманыгъуэрщи, ″Iэ″р зы зэманыгъуэ IэнатIэу щытми, а зэманыгъуэ IэнатIэми щыхэлэжьыхьыу щытщ ″э″ Iэмалыгъуэр.

"Э" макъым игъэзащIэхэм ещхьщ "Iэ" макъми игъэзащIэхэр; ″э″ макъыр функциял зэманыгъуэмэ, "Iэ" макъыр нэхъ IупщIыу зы зэманыгъуэрщи, ар гурыIуэгъуэу зы зэманыгъуэрщ; функциялу щыткъым, *абсэлуд*щ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, нэхъ гурыIуэгъуэу щыт

зэманыгъуэрщ; моуэ къыпIэрыхьэн хуэдэу гурыIугъуэ хъуэ щыт зэманыгъуэ Iуэхугъуэхэр къыреIуэр.

ЩыIэр зэрыщыIэ зэманыгъуэр зы зэманыгъуэ IэнатIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэ зэрищIым хуэдэу, гурыIэугъуэу зы зэманыгъуэрщ "Iэ"р. Ар щхьэ, а зэманыгъуэр щыIэу щытым елъытауэ зы зэманыгъуэрщи, зы зэманыгъуэ IэнатIэу щытми, "Iэ"м къыриIуэр щыIэу щытым елъытауэ зы зэманыгъуэ IэнатIэрщ.

Дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэрэ щыIэр къызэрыхъуфыр зэманыгъуэрэкIэрщи, зы зэманыгъуэ IэнатIэкIэ мыр къэзыгъэлъагъуэращ "Iэ"р. Дэтхэнэ зы щыIэ хъуфынур "щы"р зыгъуэтарэ зэзгъэпэщаращи, абы зы зэманыгъуэ IэнатIэрэкIэ щыIэгъуэ зэригъуэтыфрэ, щыIэу утыку къызэрихьэфыр "Iэ"р глагол зэрыхуэхъукIэрэущ.

"Iэ" макъыр зы макъым е зы псалъэм ипэй икIэй похьэфыр, щхьэжрэ изакъуэуй мэлэжьэфыр. Ар макъзешэкъым; макъ Iуэрщи, езыри къызэрашэкIыным ежьэркъым. Ар зы зэманыгъуэ IэнатIэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, IупщIрэ гурыIуэгъуэ гуэрщи, щхьэжу зы мыхьэнэу щытщ. Мыпхуэдэу зы зэманыгъуэ IэнатIэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, къыпIэщIэхьапхъэрэ зы зэманыгъуэ IэнатIэкIэ щыIэгъуэрэ еигъуэ зи"Iэ" Iуэхугъуэхэм теухуауэ мыхьэнэ нэгъуэщIыгъуэхэри къытехъукIыу щытщ.

*

"ИIэн" псалъэм ущыгъуазэмэ, абы ипэ пыту щыт "и"м къигъэлъагъуэр абсис (и) лъэныкъуэрщи, "и" гъуэм зы зэманыгъуэ IэнатIэкIэ (Iэ) къыхуэхъуаращ къигъэлъагъуэр "иIэн" псалъэм.

Зы зэманыгъуэ IэнатIэкIэ "иIэн" Iуэхугъуэр, "и"м къызэрыгуэкIкIэ зы зэманыгъуэ (э) хъурщи, ар, зиIэу щытым къыпэщыту щытын Iуэхугъуэрщ. Зы гуэрыр зыдэщытым (и) къызэрыгуэкIкIэ, и ужьыгъуэ лъэныкъуэу щытынырщ а гуэрым "иIэ"у жыхуэтIэр. ЦIыхум теухуауэ мыр къызэрыхъу щIыкIэр, абы и гупэмкIэ щытынрэ ипэм итын Iуэхугъуэ пэлъытэрщ. Ипэрэ и гупэмкIэ гъэзауэ щыт цIыхум зы гуэр иIэн Iуэхугъуэр, зыIэщIилъхьэн пэлъытэ Iуэхугъуэрщ. Аращи, изакъуэрэ щхьэжу "Iэ"р, цIыхум и гупэмкIэ щыIэу щыт зы Iэпкълъэпкъым и фIэщыгъэцIэ хуэхъуфауэ щытщ. ЦIыхур зэры"Iэ"бэрэ зэры"Iэ"пхъуэ Iэпкъылъэпкъым и фIэщыгъэцIэращ "Iэ"р.

"Iэ" макъым къыриIуэр зы зэманыгъуэ IэнатIэрэ уи IэнатIэу къыппэщытырщи, тIэ жыпIэ хъунущ, "Iэ" макърэ мыхьэнэм иджыр нобэрей е иджырей Iуэхуу. Ар зы зэманыгъуэ IэнатIэрэ къыппэщыту уи гупэмкIэ щыту щытрэ, уи гупэр зыхуэгъэзауэ щытырщи, тIэ, ар иджыркIэ ит зэманыгъуэу уиIэращ. Узхэту е къыпхэту щыт Iуэхугъуэрщ "Iэ"м къигъэлъагъуэри, уиIэр ущиIэр нобэращ; "Iэ"м зи гугъу ищIыр блэкIаракъым е къэкIуэнуракъым.

БлэкIар укъыздикIаращи, а гъуэгуанэм къырикIуар "лъакъуэ"ращ; тIэ, зы цIыхум дежкIэ, блекIар щIыбкIэ къэнаращи, абы къырикIуари лъакъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, ″Iэ″р зы гупэрэ зы зэманыгъуэ IэнатIэ зэрыхъум хуэдэужу, лъакъуэри блэкIарэ щIыбым къыщынэрщ.

"Iэ"м къигъэлъагъуэр нобэрщ, къыппэщытырщ. Нобэр къэкIуэнум и лъабжьэщ; уиIэр нобэщ узщиIэри, ар уи пщэдейм и лъабжьэнщ; нобэ уиIэм уи пщэдейм унихьэсыфынщ; нобэ уиIэр уи пщэдейм илъабжьэ къыщIэнэжынщ; нобэ уиIэр уи пщэдейм и теувапIэщ; нобэр къэкIуэнум и блэкIаращ; нобэ уи"Iэ"р пщэдей уи "лъакъуэ"щ!

Нобэрэ узытету щыт зэманыгъуэ IэнатIэр ″Iэ″ Iэмалыгъуэм иджырщи, абы функциял зэманыгъуэри (э) хэту щытщ. Аращи, блэкIауэ щыт зы зэманыгъуэ IэнатIэр ″э″м и лэжьэкIэу мэлажьэр: «ЩыIащ, жиIаш, хэIащ...».

Ауэ, ″Iэ″р зы зэманыгъуэ IэнатIэрщи, ар къыппэщыту щымытми, къэпщытапхъэрэ гурыIуэгъуэу зы зэманыгъуэрщ. Ар щыхъукIэй, къыппэщытрэ ухэмыту зы зэманыгъуэ IэнатIэуй жыIэпхъэ мэхъуфыр ″Iэ″ зэманыгъуэ IэнатIэм къигъэлъагъуэр: «ЩыIаIэ? къэкIуаIэ?...».

БлекIар, функциял зэманыгъуэр ″Iэ″ зэманыгъуэ IэнатIэм зэрыхэтым къызэрыгуэкIкIэ ″Iа″ хъууэ щытщ; ауэ, къэкIуэнур узытету зы зэманыгъуэ ужьыгъуэу щытырщи, ар ″у″ Iэмалыгъуэу мэлажьэр: «ЩыIэнущ, щыIэну?...».

БлэкIар зы зэманыгъуэ IэнатIэу жыIэпхъэ зэрыхъум хуэмыдэми, къэкIуэнури гурыIуэгъуэ ищIыу щытщ ″Iэ″ Iэмалыгъуэм. Ауэ, къэкIуэнур блэкIам хуэдэу IэдэкъэщIэкI хъуауэ зы зэманыгъуэ IэнатIэу щыткъыми, абы гурыщхъуэ телъщ; ар щыхъукIэй, ″Iэ″ Iэмалыгъуэр къызэрысэбэп щIыкIэр упщIэущ: «КIуэнуIэ? КъэхъунуIэ?». ГурыIуэгъуэу щытщи, мы упщIитIым къыдгурагъаIуэр, кIуэну щыт гуэр зэрыщыIэрэ, къэхъун гуэр щыIэу зэрыщытым и гурыщхъуэрщ. Ахэр къэкIуэну зэманыгъуэ IэнатIэу щытми, къызэрыхъунур нахуэу щыткъыми ″Iэ″ Iэмалыгъуэр зы зэманыгъуэ IэнатIэ гурыщхъуэу къонэр.

ИпщэкIэ, ″Iы″ макъыр мыхъуныгъэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, ар ″къым″ кIэухым ипIэ иувэфу жьэрыпсалъэхэм хэту зэрыщытыр жытIагъэхэщ. ″Iы″р мыхъуныгъэмэ, ″Iэ″р зэрыхъуныгъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ″Iэ″ макъри, ″къэ″ упщIэ кIэухым ипIэм иувэфу хэтщ зи гугъу тщIа жьэрыпсалъэ гуэрхэм: ″КIуэнукъэ?: кIуэнуIэ?″. Мыбдежым къытпэщыт псалъэмрэ, ипщэкIэ зи гугъу тщIауэ щыт ″кIуэнуIэ?″ хуэдэу упщIэхэм къагъэлъагъуэри зэрызэтехуэр гурыIэгъуэу щытщ.

″Iэ″ макъ Iэмалыгъуэр бзэм хэту зэрылажьэ щапхъэхэми къызэрагъэлъагъуэу, ар къызтехъукIауэ щыт ″э″ макъыр натуралу къызэрысэбэпыфым хуэдэжу натуралуй къэсэбэпу зы макъырщ. Натуралу цIыху къэу"Iэ"бжьым и рэфлексу -кIэщIыу "Iэ!" жиIэу- къыриIуэ макъырщ

"Iэ" макъыр. Пэмыплъэу е имыщIэу къэхъуар, зэуэ е занщIэу утыку къихьар, зэхъуэкIа хъуэ утыку къихьэ щIэр е къэхъуа-къэщIар къызэрыгурыIуэ щIыкIэращ мы къэуIэбжьа цIыхум къыриIуэу щыт ″Iэ″ макъым къикIыр. Мо макъзешэрэ функциял "э"м макъхэм хуигъэзащIэу щыт зэманыгъуэ Iуэхугъуэр, зыми пымыщIа е емылъыта пэлъытэу езырыжрэ зэуэ занщIэу зы зэманыгъуэ IэнатIэкIэ утыку къохуэр: «Iэ!" е "Iэгъу!».

*

″ИIэн″ хъуныр, уэ уиIэ хъур, уэ ууей пэльытэ хъуныр, уэ къыуэхьэлIауэ къыпIэрыхьэ хъууэ щыт Iуэхугъуэр нэхъ IупщIыу зыгъэзащIэу щыт Iэпкълъэпкърагъэнщ ″Iэ″р. ″ИIэ″ хъуным е ей пэлъытэ хъуным и нэхъ Iэмалыгъуэ зиIэр, ар зыхуэлъэкIрэ зыхузэфIэкI Iэпкълъэпкъыр Iэращ.

"ИIэн" псалъэм игъэзащIэр, «"Iэ"м ехьэлIауэ щыт хъун»ращ икIи; мы "Iэ"р икIи, утыку ит зы зэманыгъуэ зиIэ гуэрщ; зы зэманыгъуэ IэнатIэрщ, щыIэ гуэрщ. Уэ уиIэ хъуфынур, уэр хуэдэу зы щыIэгъуэ зиIэращ, щыIэ зы гуэрщ, щымыIэр уиIэфынкъым; уиIэм къехьэлIа хъур зы "Iэ"гъуэ итращ, щы″Iэ″ращ.

"ЩыIэ" жыхуаIэр "щы"р "Iэ" хъунращ; ар "щы"уэ зэманым тетырщ, зы зэманыгъуэ IэнатIэ зиIэ хъунращ. Дунейр щыIэщ, тетхэр щыIэщ; дунейр зыхэтыжу щытрэ, дэркIэ гъунапкъэншэу къэхъурэ (къы) зэманыгъуэу (э) ужьыу (у) иту (о) щыт уэзыгъуэрэ уэщIу щытыр, – къозмозыр- щыIэщ. Ахэм къагъэхъури къагъэщIри щыIэщ; бзэри, културэри, гупщысэри сытри щы"Iэ"щ, къыт"Iэ"рмыхьэхэми...

"ИIэн" псалъэм нэгъуэщI мыхьэнэй иIэщ; ар зы гуэрым и фэр зэхъуэкIа хъунращ, зы плъыфэ къищта хъунращ; зы плъыфэкIэ ла хуэдэ хъунращ. Ауэ, мы Iуэхур лэн Iуэхугъуэм хуэдэкъым; лэныр зы плъыфэр зы гуэрым щыхуэнращ. Ар щхьэ, мыпхуэдэу лэн пэлъытэу щытми, ″иIэн″ыр, зы гуэрым езым зы плъыфэ къищтэныр е къегъэщтэнырщ; а плъыфэр а гуэрым хищIэу, езым еиж пэлъытэу ″иIэ″ хъунращ иIэныр.

Уэ зы гуэрэ уиIэ зэрыхъуфым хуэдэу, зы щэкIми, ар зыраIа плъыфэр иIэ мэхъур; щыраIэкIэ е щыриIэкIэ, иIа мэхъур; а плъыфэр абы иIэ хъуа мэхъур. Ар щыхъукIэй, "иIэн" псалъэм иджыр е къытхуиIуатэр зыщ; ар щхьэ, глаголу я лэжьэкIэр зэщхьэщокIыр.

Зы гуэрэр ей пэлъытэу зиIэр, а иIэм теухуауэ Iуэтапхъэ щыхъукIэ, зы статус къэзгъэлъагъуэ лэжьэкIэщ къэхъунур: "уиIэщ" хуэдэу... ЩэкI иIэныр ягъэзащIэу е езыр езырурэ къэхъуу зы Iуэхугъуэрщи, а глаголым и лъэжьэкIэр "ибоIэ" - "ирeIэ" хуэдэхэщ; икIи а Iуэхугъуэр нэхъ нахуэ хъун папщIэ псалъэри нэхъыбэм жыIэпхъэ зэрыхъури "ириIэн" хуэдэщ.

Арахщи, ″иIэн″ псалъэр зэхуэдэ зы мыхьэнэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэми, а псалъэхэр зы глаголу зэрыщытрэ зэрылажьэхэр зэщхьэщокIыр. Сыт щхьэ жыпIэмэ, а ″иIэн″ псалъэкIэ къэхъуу щыт Iуэхугъуэхэр къызэрыхъурэ зэрылажьэр щхьэхуэ Iуэхугъуэхэу щытхэщ. ЩэкI иIэнрэ, зы гуэрым зы гуэрыр иIэн Iэухугъуэр зэхуэдэу мыхьэнэу иту щытми, я къэхъукIэрэ я лэжьэкIэр зэщхьэщыкIыу IуэхугъуитIырщ.

*

"Iэбэн, IэщIэкIын, Iэрыхьэн, Iэзэ, Iэхьэ (Iыхьэ), IэплIэ" псалъэхэм хэту лажьэ "Iэ"р Iэпкълъэпкъ "Iэ"ращ. Ауэ, "Iэщ, Iэхъуэ, Iэщэ, IэфI" псалъэхэм хэт "Iэ"р, мы былым (Iэщ) е Iэмэпсымэхэр (Iэщэ) зейуэ щыт зы цIыхум зэр"иIэ"м къытехъукI "Iэ"хэращ. "Iэхъуэ"р уэ уи"Iэ"у щыт былымыр зыгъэ"хъу"ращ.

"IэфI" псалъэм "Iэпкъ-лъэпкъ Iэ" Iуэху зыхэмылъыр гурыIуэгъуэщ; мыпхуэдэу "Iэ" хъур, утыку къихьэу иту щытрэ, зы зэманыгъуэ IэнатIэрэкIэ уи Iур е уи гур фIы зыщIыу щыIэ хъурщ. Зы зэманыгъуэ IэнатIэкIэ "фIы" хъунращ "IэфI" псалъэм зи гугъу ищIыр: ГуфIэгъуэ зиIэр, фIы къыпхуэхъур, уи Iур фIы зыщIыр е уи гур фIы зыщIращ IэфIыр.

"ГуIэн"ыр, -гу зэр"иIэ"м гулъытэ зырищIыпхъэу-, зы гуэрыр игум хыхьэн е хэуэнращ; игум еIэнрщ; зэуэ гукъеуэ хуэхъунращ.

"ХэIэн" псалъэри мыбы ещхьщ; и жагъуэ хъунращ хэIэныр; "и гум хэхьэ е хэтIысхьэ хъун"ращ кыз"хэIа"рэ зи жагъуэ хъуа цIыхум "иIэ хъуа" гу къеуэр. Аргуэрэу, ″хэIэн″ псалъэм иджыфу зы мыхьэнэй щыIэщ: Зы куэдагъым (хэ) хэIэбэн.

"УIэн"ыр, еуэрэ зэреуэгъуэр зэуам "иIэ" щIынращ; зэуам уэгъуэ дыркъуэр трищIэнращ, зэуам а дыркъуэр иIэ хуэхъунращ.

"ГушыIэ"р, гум къырихуу жьэм къиIуатэ пэлъытэу, "гу къэкIыпхъэ хъууэ щыIэ" хъууэ къэпсэлъыпхъэхэу, цIыхум хуэ"шыIэн"рэ и шэкыпхъэ хъууэ щыт псалъэхэращ. "УвыIэн"ри зы зэманыгъуэ IэнатIэкIэ увыным ит хъунрэ, увыныр зиIэ хъунращ.

"ЩIыIэ" псалъэри "Iэ" макъым игъэзащIэр гурыIуэгъуэ зыщIыу зы псэлъэфIщ. ЩIыIэр щIым иIэ хъуращ; щIым иIэр зэрымхуабэр щIымахуэр зыпсэуам ещIэр. Абы щIымахуэ фIэщыгъэцIэ зэриIэри –Адыгэ *топокозмологие*кIэ жытIэмэ-, "гъэ"р "щIы"м щыхыхьэм щыгъуэ къахъуу зы зэманыгъуэу зэрыщытращ. ЩIым гъэр иубыдрэ тепщэр щIы щыхъукIэ, махуэр щIым и махуэщи, мы зэманыгъуэ IэнатIэр щIымахуэщ. ЩIым и махуэ щыхъукIэй, щыIэнур "щIым иIэ"рищи, ари "щIыIэ"рщ. ЩIыIэр тепщэ хъурэ щылажьэкIэ, уэ абы елъытауэ ухуабэмэ, -икIи щIым ущытеткIэ- ар къыптекIуэнщ, абы уиубыдынщ; щIыIэр къыпхыхьэфынщ.

ЩIым утетрэ ар узтет щIыпIэ щыхъукIэ, уи"пIэ"р "щIы" щыхъукIэ у"пIыщIэ"нщ. "ПщIыIэ"ри, щIыIэ дыдэ е щIыIэппэ мыхъуми

уигъэпIыщIэфын хуэдиз щIыIэ хъурщ; нэхъ кIэщIу жытIэмэ, "щыIэ пэлъытэ" хъуращ.

"ПсыIэ" щыхъум щыгъуэр, уэм псыр текIуауэ аращ; уэм иIэн хуейм нэхърэ нэхъыбэу псы иIэ хъуауэ аращ. Апщыгъуэр, уэр псым IэщIыхьауэ аращ; уэр псыкIэпсылэ хъуауэ аращ; уэм псырылэжьэкIэ иIэ щыхъуращ.

"ИIэ!, кхъыIэ!" псалъэхэми "Iэ" макъым къыриIуэхэр гурыIуэгъуэ ещIыр. "ИIэ!" псалъэр, зыхуей гуэрэм (ар хъун е щыIэн е и"Iэ"н зыхуейращ) хуигъэкIуэн е зы Iуэхугъуэ иригъэжьэн папщIэ къыраIуэу зы псалъэщ. Ар еуэрэ щежьэдыдэ щыхъум щыгъуэ къэхъум иIэращ "иIэ!" щыжаIэм иIэ хъу мыхьэнэр. "ИIэ!" щIыжаIэм щыгъуэ, еуэрэ "еIэ"у ежьэмэ, "иIэ!"р мэзэфIокIыр. "КхъыIэ" псалъэри абы ещхьщ: Сыти щIэ, лъэкI къомыгъанэ, мы сыщIыпхуэлъэIур утыку къигъэхьэ, щыIэ щIы, "Iэ" щIы жыхуиIэрщ.

**А...**

"А" макъзешэри "э" макъымрэ "Iэ" макъым ящхьыу къэIуу зы макъырщ. ″А″ри къызтехъукIар ″э″ макъращи, абы иджу щыт мыхьэнэмкIэй ахэм ящхьыу щытщ. "А" макъыр, щхьэжу къэсэбэпыфу щытщ; икIи ар, "Iэ" макъым хуэдэу нэгъуэщI макъ е псалъэхэм ищхьэй икIэй къыпохьэфыр. ″А″р, къызтехъукIауэ щыт ″э″м хуэдэу функциялрэ зэхъуэкIыныгъэу щымытырщ. ″А″р ″э″м къытехъукIарэ, ар зыхэмылэжьыхьыжу щытырщ. Ар функциялу щымырщи, блэкIарэ къэмысауэ щыт зэманыгъуэрэ жыжьагъэрщ.

"Аа!" е "аа?" къэIукIэхэм натуралу "гурыIуэгъуэ хъуащ!" е "сыт къэхъуар?" хуэдэ мыхьэнэхэми къагъэлъагъуэр "а" макъым блэкIа е зэфIэкIа зы Iуэхугъуэрэ зы жыжьагъэу щытыр зэригъэлъагъуэр. "Ээ(!,?)"м е "ыы(!,?)"м къыриIуэрэ гурыIуэгъуэ хъууэ щытракъым е къэхъуу щытракъым "аа(!,?)"хэм къыраIуэр; блэкIарэ зы жыжьагъэ Iуэхугъуэу щытращ къыраIуэр.

"А" макъыр къызтехукIыр, функциял зэманыгъуэу щыт ″э″ макъращ. Зы функциял зэманыгъуэу щыт "э" макъым къытехъукIыу щытщ ″а″ макъри, а функциял зэманыр зэрыблэкIарэ зы жыжьагъэр къызэрыхъуар гурыIуэгъуэ ищIыу щытщ; ар щыхъукIэй, функциялу зы зэманыгъуэр къэзымгъэлъэгъуэжырщ.

Ар ″э″м хуэдэу узыхэтрэ узырыужьу щытым хэмыту зы зэманыгъуэ зэрыхъукIэрэй, ″э″м хуэдэу мыгурыIуэгъуащэрэ, къыпIэщIэмыхьэу зы зэманыгъуэркъым; ар блекIауэ зы зэманыгъуэ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ гурыIуэгъуэ хъуауэ зы зэманыгъуэрщ. Ар узыухуэрэ езырыжу узэзыхъуэкIыу зы зэманыгъуэркъым. ″Iэ″р пыухытыкIарэ функциял зэманри зыхэлэжьыхьу зэрыщытым хуэдэу зы

зэманыгъуэркъым; икIи ″а″р, иджырэ иджыгъуэм хэмытрэ ит мыхъуу щыт зэманыгъуэрщи, функциял зэманыгъуэр зыхэмылэжьыхьыжырщ. ″А″р зы зэманыгъуэу щытщ; ауэ, а зэманыгъуэр функциялрэ лажьэу зы зэманыгъуэркъыми, блэкIарэ къэмысауэ щытырщи, дэтхэнэ зы щIыпIэкIэй жыжьэу щыт зы зэманыгъуэрщ. Ар зы жыжьыгъэу щыт зэманыгъуэрщи, ″а″р къизыIуэу щыт нэрыбгэр зынэмыIэсыу щыт зэманыгъуэрщ. Ар нэмыIэсыпхъэу щыт жыжьагъэращ.

"Э"уэ щыт функциял зэманыр иджым щыджрэ блэкIмэ, къыкIэлъыкIуэ функциял зэманырщ (пп: э2) джыри, тIэ мис апщыгъуэм, а блэкIар джарэ мыджэжу зы зэманыгъуэрщи, икIи функциялу щытыжкъым. Мис ар ″а″ хъуаращ.

Функциялу плъытэр, узлъэIэсыпхъэу щытырщи, ар бджыуэ щымытми, ит зэманыгъуэу джыпхъэу щытырщи, мыпхуэдэу щымытырщ ″а″р. Ар узнэмысрэ узлъэмыIэсырщ. Ар дыдэу, ухуэкIуэу щытми, иджыри къэмысарэ унэмысауэ щытри ″а″уэ щытырщ. Ар зы зэманыгъуэй, ар дыдэу зы жыжьагъэй хъунщи, узнэмыIэсыр ″а″рщ.

*

НытIэ, "а"р къэзгъэхъур "э"ращи, ″э″ зэхъуэкIауэ щытрэ функциял зэман мыхъужырщ ″а″ри, ар функциялу щымытырщ. Функциял жыхуэтIэр сыт щыхъуй джыуэ щытырщи, ар икIи *сингулар*у джырщ. Дэтхэнэ зы щIыпIэмкIэй зэхуэдэу джырщ ари, зэманыгъуэ шабзэ хъурщ. А шабзэм темытыр ″иджы″м щыгъуэ джыркъым. Абдежым щыт зы нэрыбгэм елъытауэ, абы химыубыдэу щыт зэманыгъуэр ″а″уэ лъытапхъэрщ.

Зы нэрыбгэр зыдэщытым къызэрыгуэкIкIэ, къылъэIэсу щыт зэман шабзэращ ″э″уэ илъытэри, зылъэмыIэсу щытрэ, зы зэманыгъуэм иту щыт ″э″хэри а нэрыбгэм дежкIэ мысырщ, мыджырщ. ТIэ, зы нэрыбгэр зылъэмыIэсу функциялу щыт зэманыгъуэхэри (э) щыIэу щытщи, ахэри а нэрыбгэм елъытауэ ″а″уэ щытщ. Зыдит зэманыгъуэр функциялу, икIи, зыдитым къызэрыгуэкIкIэ зылъэмыIэсу щыт функциял зэман шабзэхэри къыпэщыту щыщыткIэ, тIэ, мы къыпэщытрэ зылъэмыIэсхэри ″э″уэ зэрыщыткIэрэу, зы ″э″ куэдагъэрэ Iувагъэр а нэрыбгэм елъытауэ щыIэу щытщи, ахэр езы нэрыбгэм къынэсауэ щыт ″э″м нэмыщI ″э″хэрщ. ТIэ, ахэри нэрыбгэм къылъэмыIэсыу щыт ″э″хэрщи, къылъэмыIэсрэ зынэмысыу щыт мы ″э″хэри ″а″уэ илъытапхъэрщ.

Аращи, функциял зэман жыхуэтIэу щытыр, *синкронизац*эу, дэтхэнэ зы щIыпIэмкIэй щыIэу щыт зэман шабзэ хъуаращи, зы зэман шабзэр (э) зылъэIэс нэрыбгэм дежкIэ, адрей ″э″хэр ″э″ Iувагъэу щытынщ. Езыр зыхэту щыт функциял зэманыгъуэр синкроникэрэ сингулару щытми, къылъэмыIэсрэ мысэу щыт зэман шабзэ IэнатIэхэр езым хуэпэжыжьэу щыт зэманыгъуэ IэнатIэхэрщи, ″э″хэрщ; езым лъэмыIэсу щыт мы ″э″хэр зэхуэдэу ″а″уэ илъытапхъэщ.

ТIэ, ″а″м къигъэлъагъуэр, ар бзэм хэту къэзыгъэсэбэпыр нэрыбгэр зынэмысырщ. Ар зэман ужьыу щыт *диякронизацэ* зэманыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, иужь къинауэ щыт зы зэманыгъуэу блекIауэ щытынщ; диякронизацэ зэманыгъуэу, къамысарэ къэкIуэну зэманыгъуэй хъунщ. Ар зы синкронизацэ зэманыгъуэу узхэмытрэ къыплъэмыIэсрай хъунщи, джыуэ щытми, узлъэмыIэсыпхъэу джыуэ щыт зы жыжьагъэм щыдж функциял зэманыгъуэй хъунщ. Мыбы хуэдэу, ар уздитрэ узлъэIэсым аткIэу, зы жыжьагъэй хъунщ.

Мы жытIэхэм зэманыгъуэу зы жыжьагъэрэ, зы ″э″ Iувагъэр къызэраIуатэм хуэдэжу, нэрыбгэр зыдитыпIэм хуэпэжыжьэ щIыпIэри ″а″уэ зэрылъытэнур гурыIуэгъуэщ. Зы ″и″ IэнатIэм иту щыт зы нэрыбгэм дежкIэ, зылъэмыIэсу щыт ″и″ щIыпIэхэри ″а″уэ илъэтэнщ. Мыпхуэдэу зы жыжьагъэм итхэр ″а, ар″у лъытапхъэ хъунщ. ИкIи, мыпхуэдэу ″и″тIым язэхуакум дэлъу щытыр зы зэманыгъуэрщи, ар ″э″ Iувагъэрщ; абы ухэкIыным зы зэманыгъуэ зэрихьынум къызэрыгуэкIкIэ, ар зы жыжьэу лъытапхъэрщ.

ИтIанэ, функциял зэманыгъуэрэ зэман шабзэр дэнкIэй зэхуэдэу нэсу зэрыщыткIэрэу сингулару щытщи, мыпхуэдэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, сытри зэуэ зыхэзыубыдэу щытщ. Сытри сингуларрэ зэрэ зэхуэдэу, синкроникэу джырэ хъууэ щытщи, ар зы нэрыбгэр зыхэту щыт зы зэманыгъуэй зэрыщыткIэрэу, а нэрыбгэм дежкIэ, хъууэ щытыр щыхъум щыгъуэр гурыIуэгъуащэу щытынкъым. Ар гурыIуэгъуэ зэрыхъур ″а″мрэ ″Iэ″ макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэхэр утыку зэриткIэрэущ.

Мыпхуэдэу къыпIэщIэмыхьэрэ гурыIуэгъуащэу щымыт функциял зэманыгъуэ "э"р щыблэкIам щыгъуэращ е щыжыжьэм щыгъуэращ гурыIуэгъуэ щыхъур. А блекIарэ жыжьэу щытыр, джы функциял зэманым къызэрыгуэкIкIэ джарэ утыку къихьауэ щытыр гурыIуэгъуэрэ нэрылъагъу зэрыхъуам гурыIуэгъуэ ищIыр зы зэманыгъуэрщ. ТIэ, мыпхуэдэу щыт зы зэманыгъуэр, ″Iэ″ зэманыгъуэ IэнатIэм хуэдэжу щхьэжу къэсэбэпу хэтынщ бзэм. Аращи, ″а″р щхьэжу къызэрысэбэпу хэтщ бзэм.

Функциял зэманыр дэнкIэй зэхуэдэу джырщи, джыри зыджырщ; джырэ зыджыр мыпхуэдэу сингулару щытщ. Мыпхуэдэу, джыуэ щыт гуэрыр зыджыр зыуэ щымытрэ, сингулар мыхъуу щытмэ, а джыуэ щытыр зэхуэмыдэхэм яджу щытмэ, ар зы сингулар Iуэхугъуэу щытми, зы куэдагъэрщ; мы синкроникэу гъэзащIэр зы куэдагъ хъунщ; тIэ, а Iуэхугъуэри ″а″м къигъэлъэгъуэнщ. Аращи, зы Iуэхуу щытми, нэрыбгэ куэдым яджрэ ягъэзащIэу щыт зы Iуэхур ″а″ макъымкIэ утыку къохьэр: «ЯщIащ, яIэщ, яухащ; къахьащ, къагъакIуэр...».

*

"А"м къиуIатэ зэманыр къыумыбыдыжыфыну пIэщIэкIа зэманращ, блэкIаращ; абы къыриIуэ жыжьагъэри уздэмIэбэжыфыным къыщIидзэу аддэ нэгъунэ кIуэ жыжьагъэращ. А жыжьагъэр ищхьэкIэ, илъабжьэкIэ е

ибгъукIэ, дэнкIэй ирехъу, къизыIуэ макъыр "а"щ. ДэнкIэй щыреIэ, уздэмIэбэфымрэ узтемыIэбэфымрэ уэрэ уи зэхуакум зы зэман бжыгъэ дэлъынщ. Ар ″ээ...″ жыIэ е ″Iээ..″уй жыIэ, ″а″р узылъэмыIэсрэ уи Iэ имылъыр е имылъыжырщ.

Жыжьэ къыпхуэхъумрэ уэрэ уи зэхуакум зы зэман бжыгъэ щыдэткIэ, гъащIэм утетрэ узэрит зэманыр мыувыIэу пIэщIэкIрэ блэкIыу щытмэ; къакIуэр блэкIмэ; мыувыIэу, уиIэу щытхэр уиIауэ щыта е щыIэу щытхэр щыIауэ щыта щыхъукIэ; къэкIуэнури къэмсауэ ухэмыплъэфрэ уиIэ мыхъуфмэ, ари къызэрысу зэрблэкIынур пщIэуэ щытмэ... блэкIа мыхъумэ сыткIэ зыбгъэнщIын(?); блэкIа мыхъумэ сыткIэ узэпэщ(?); блэкIа мыхъумэ сыт пщIэр е сыт уи щIэныгъэр(?)... Ар щыхъукIэй "а" макъым нэхъыбэу зи гугъу ищI жыжьагъэхэр блэкIа зэманырщ: «Хъуащ, кIуащ, блэкIащ, аращ, мыращ...».

"А"р изакъуэуй къосэбэпыфыр; "а махуэм" щыжаIэм щыгъуэ, зы жыжьэ махуэм и гугъущ ищIыр; ар, блэкIами е къэмысами, нобэркъым. Ар дыдэу, "а слъагъур...(!)" щыжаIэм щыгъуэй, мыр жызыIэу щытым зи гугъу ищIыр зыхуегъэпэжыжьэр е хуэпэжыжьэ гуэрым игугъущ ящIыр. ″Ар″ жыхуиIэр "а" хъуурэ щытыр "р"ым къызэригъэлъагъуэрэ къыбгурызгъаIуэу, узнэмсыф е узэмыIэбыфу зы жыжьагъэм щыIэ зы гуэрэщ; ар сыти ирехъу; зы Iэмэпсымэ, зы нэрыбгэ е ещэнэрей персонаж... "Аддэ" жыхуиIэр жыжьэу(а) зы щIыпIэ е зы лъэхъанэ ирехъу, умыщIэн хуэдизу зы щыIэгъуэ гуэрщ зы итыпIэщ(д), зы гуэрщ. "Адэ"р укъызхэкIырщ, "анэ"р укъызхэхъукIыр е укъэзылъхурщ.

"А" макъым сытри жыжьэ ещI, сытри блэкIа зэман ещIыр; абы къелыну зэманыгъуэрэ лэжьыгъэ щыIэкъым. Макъхэр зыгъэлажьэрэ, зэманым дэкIуу къезышэкIыу щыт "э"м ипIэ зэриувэкIэрэу, "э" Iэмалыгъуэу щыт Iуэхухэр блэкIа зэманыгъуэрэ лэжьыгъэ ещIыр "а" макъым. "Э" макъыр зыхэту щыт "Iэ" кIэуххэми ардыдэр къырещIэри блэкIарэ щы"Iа" ещIыр.

Абыи къэмынэжу, "ы" макъзешэ кIэух зиIэу, езым и джыпхъэр утыку къизылъхьэу щыт макърэ псалъэхэри, блэкIа зэманыгъуэм ирегъэхьэхэр: «ЩIын-ищIащ, къэхьын-къэпхьащ, ехын-дехащ...».

*

″А″ макъыр щхьэжу къосэбэпыр; зы макърэ зы псалъэм ипэ къыпыхьэуй къосэбэпыр; ар кIэух хъуурэ зэрыщыткIэрэй, зы глаголу щытщи, блэкIа зэманыгъуэр къигъэлъагъуэу къосэбэпыр. Ар икIи, зы псалъэ кIуэцIым итуй болъагъур. Апщыгъуэм игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэри, ипщэкIэ зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэм хуэдэу зы къэлэнщ.

Зы псалъэр зы Iуэхугъуэ псоуэ щытырщи, и мыхьэнэм зэрыпыщIарэкIэ, ар икIи зы функцэрщ. Зы функцэр зелъытарэкIэ

зэрылэжьэнур къызхэкIыр ординату щыт функциял зэманырщ. Ари бзэм зэрыхэт щIыкIэр кIэухыу щыт глаголуэщ. Зы псалъэм "э" кIэух пыту щытмэ, ар а псалъэм и глаголу щытщи, ар икIи зы функциял зэману зэрыщытыр гурыIуэгъуэ хъуагъэхxэщ.

Мыпхуэдэу щытрэ, зы псалъэм "э" кIэух пыту щытмэ, а зы псалъэрэ зы мыхьэнэу утыку къихьэр, къызэрихьам хуэдэу зы Iуэхугъуэ псоуэ щытыр зэрелъытарэ зэрылэжьэну щIыкIэр ординату къэтлъыта "э"рщ. Зы псалъэу утыку къихьэр, гъэпсарэ псоуэ зы функцэрщи, ар зэрыкIуэтэнурэ зэрылэжьэну щIыкIэр зелъыта хъунур зы функциял зэманыгъуэ закъуэрщ. КIэухыу щыт "э"р функциял зэману зэрыщыткIэрэй, а псалъэм а "э"м нэмыщI функциялу "э" хэтын хуейкъым тIэ. Е, а кIэух "э"м ипэ итрэ игъунэгъуу щыт "э"хэр зэрыщыту щытын хуейкъыми, ахэр "а"р къызэрыхъу щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэ "а"уэ щытын хуейщ. Ар "а" хъурэ функциялыгъэм щыхэкIым щыгъуэ, абы ипэкIэ къыщытрэ псалъэм хэту щыт "э"хэри Iуэхужкъым; а "э"хэр а "а"м иужь къинауэ щытхэрщи, зы блэкIа зэманыгъуэм иужь къинауэ щыт макъхэр зэрыщыту къэгъэлъэгъуэн папщIэ, а "э"хэр зэрыщыту щытыни хуейщ. А "э"хэр зэрыщыту щытын хуейщи, псалъэу зэтеувэу щытым къызэрыгуэкIкIэй, зэхъуэкIыпхъэуй щытын хуейш: «Гъэлъэгъуэн; лъагъуэ; къэгъэлъэгъуэн; къагъэлъагъуэ; къагъэлъэгъуэн; къагъэлъагъуэр...».

Аращ икIи бзэм и лэжьэкIэу къэхъур. Псалъэм папщIэ, "псалъэ"р щапхъэу къэдгъэлъагъуэмэ, "э"р абы кIэухыу хэт щхьэ, абы ипэкIэ къакIуэу щыт "э"р "а" хъуауэ щытщ. "Псалъэ"м хэту щыт макъхэр "псэ"рэ "лъэ"рщи, а макърэ псалъэу щытитIыр зэгухьэрэ зы псэлъэщIэ къагъэхъуу щытмэ, къэхъур зэрызэтеувэ щIыкIэр "псалъэ"ущ. Ар зы мыхьэнэ гъэпсарэ псоуэ утыку итырщи, зыгъэлэжьэнур и глаголырщ; ари "э" кIэухырщ. "Псалъэ"р зы функцэу къапщтэмэ, ар зэрылэжьэнур и кIэухкIэрщи, ари функциял зэманым къызэрыгуэкIкIэ лэжьыгъэ игъуэтынурэ зэхъуэкIынущ. Аращи, "псалъэ"р лажьэу щыщIидзэм щыгъуэ, "а"уэ хэт макъхэр зэрыщытыпIэм йовэжри, "э" мэхъужхэр. "Псалъэ"у къэтхьауэ щыт щапхъэм къытехъукIарэ мыхьэнэ зэщхьэщыкIхэр утыку къизылъхьэу щыт псалъэ лIэужьыгъуэхэм хэту щыт "э"р зэрызэхъуэкIрэ зэрыщыту къызэрынэм и щапхъэхэрщ мыхэр: «Псэлъэн, псэлъэкIэ, псэлъэкIей, псалъэкIэ, псалъэрэкIэ, псэлъагъэхэ, псэлъэщIэ, псэлъэжь, псэлъакIуэ, псэлъэрей, псэлъэ гуауэ, гуауэу псалъэ, псэлъэ IэфI, IэфIыу псалъэ, псынщIэрыпсалъэ, псэлъэрылажьэ...».

## «И, IИ, Й, Я, Е, IЕ» МАКЪХЭР

**И...**

"И" макъым къигъэлъагъуэр геомэтрикэ координат системэм и "абсис" лъэныкъуэу щытырщ. Мыр фIыуэ гурыIуэгъуэ зыщIыу щыт зы псалъэри "ин" псалъэращ; абы иджыр, "и" лъэныкъуэмкIэ лажьэу зы Iуэхугъуэ хъуууэ щытынырщ. "И"р сытым ипэ иту щытми ар къыхэIэтыкIа пэлъытэу къегъэлъагъур; дэтхэнэ макъым кIэух хуэхъуми, ар къыдеIэтыкIыр. Зы псалъэр зэрытыр е зырехьэлIар къэбгъэлъагъунумэ, е зы псалъэр дэпшейуэ бгъэлъэгъуэнумэ ″и″ращ къэбгъэсэбэпынур.

"И" макъыр псыгъуэрэ ткIийуэ, кIий пэлъытэу къэIуу е къиIукIыу, дэшеярэ лъагэ хъууэ зы макъщ; и диябазоныр лъагэщ. Зы макъ гупым е зы псалъэм "и" макъыр хэту щытмэ, нэхъ зэхэхыгъуафIэ хъунур "и" макъырщ. НытIэ, зы гуэрэр къэбгъэлъагъуэнумэ е Iэтауэ ебгъэлъагъуэнумэ, "и" макъыр къыпщхьэпэнщ; абы езым зызэригъэлъагъуэкIэрэй, зыхэт гупыр е и зыхэтыпIэр гъэлъэгъуа ещIыфыр.

Адыгэбзэ макъхэр натуралу щытщ; абы натуралу къагъэлъагъуэр яджу щытращ. ″И″ макъыр зыгъэлъэгъуапхъэу зы макъ зэрыхъукIэрэу, икIи зы упщIэу щытщ натуралу; ар зыхэзыхыу щыт дэтхэнэ зы цIыхум къыгурыIуапхъэрэ ″ыы?″м къиIуатэр зы гуэрым ехьэлIарэ ар къызэригъэлъагъуэу къосэбэпыр. Зи гугъу ящIыр къырамыIуэрэ, абы ипIэкIэ ″и″ макъыр къыщыраIуэм щыгъуэ, ар зы упщIэу къосэбэпыр: ″и?, ий?″.

ГурыIуэгъуэщи, ″и″р ″ы″рэ ″э″м хуэдэу ″гурыIуэгъуэ!″ мыхьэнэкIэ къэсэбэпыркъым. Мыбы и щхьэусыгъуэри, жыпIэ хъунущ, ″и″р джыпIэ лъэныкъуэу утыку къызэрихьэм папщIэу. А джыпIэ лъэныкъуэр(и) ″ии?″ упщIэмкIэ утыку къохьэри, ″сыт хъур?″ е нэхъ IупщIыу, ″и лъэныкъуэу къэхъур сыт″ жыхуиIэу, натуралу ″и″ лъэныкъуэр мэгъэлъагъуэр. ТIанэ, зы упщIэр щIэнрэ къэхъум и пIэу утыку къихьэу щытщи, ″и″р натуралу упщIэу утыку къызэрихьэми и щхьэусыгъуэр мырагъэнщ. Ар зы упщIэрщи, хъунурэ щIэну щытым ипIэр къигъэлъагъуэу щытщ. А упщIэм и пэджэжыр ″и″ лъэныкъуэу къэхъурэ джыр утыку къилъхьэнырщ, къэгъэунэхунырщ.

Мыпхуэдэу натуралу къызэрысэбэп дыдэращ бзэм хэту къыщысэбэпым щыгъуэ зэфIигъэкI Iуэхугъуэхэри; ″и″р абсисырщ, функциял зэманыгъуэм иджырщи, джыпIэу къэхъурщ; дэтхэнэ зы гуэрыр зыщыджырщ, къызщыхъурщ. Ар щыхъукIэй, ″и″р дэтхэнэ зы щIыпIэм щыплъагъурэ щызэхэпхыу щытмэ, абдежым зы абсис Iуэхугъуэ щытщ; джыуэ щыт щIэ гуэр щыIэщи, джыр къигъэлъагъуэу къосэбэпыр ″и″ макъыр.

*

″И″ макъым зы бжыгъэй къегъэлъагъуэр: ар ″7″ым щхьэщыкIыу щыт ″8″ бжыгъэрщ. ″И″р зыкъэзыгъэлъагъуэрэ, абсисыгъэу щытырщи, ар зы функцэр къэзыгъэлъагъуэрщ, функцэр щыдж лъэныкъуэрщ; тIэ, ар щхьэжу щытмэ, зы хэтыгъуэрэ зы зэщIэблэгъуэм хэкIрэ щхьэщыкI хъуурэ щытращ мыхьэнэу иджынури, мырагъэнщ ″блы″м ″и(8)″ бжыгъэр къыщIыкIэлъыкIуэр. ″И(8)″р мыпхуэдэу къызэрысэбэпыр ″блы″ псалъэм игъэзащIэращи, мыпхуэдэу зэхэту щытрэ зэщIэблэу щытым щхьэщыкIрэ, зы IуэхугъуэщIэу утыку къыщихьэрщ ″и″м игъэзащIэр. Ар зи бжыгъэ хъуурэ щыт псалъэм иужь къыпохьэри мэIур, мабжэр: «ЦIыхуий, вэрэвий...».

ГъэлъэгъуафIэу щыт ″и″ макъ Iэмалъыгъуэм псэлъитIыр зэхэхупхъэ ещIыфыр; "и"м ипэ къэIу зы макъ е зы псалъэмрэ, икIэм къэIу зы макъ е зы псалъэр зэхэбгъэгъуэщэнрэ зэхэту зэхэпхыну Iэмал иIэнкъым. "И" макъыр мы къэтIуатэхэми зэрагъэлъэгъуэрщи, зы макъзешэщ: Ар абсисыгъэу щытщи, макъхэр зэришэ лъэныкъуэри мыращ; абы макъхэр дрешей-къырешэх.

Ар абсисрэ, зы функцэми зы абсисыгъэ щиIэ щыхъукIэй, макърэ псалъэхэр зы функцэу щыщыткIэ, "и"р макъ е псалъэ псоми къыпыхьэнщ, кIэухи хуэхъуфынщ. Зи мыхъуми, а псалъэ щIыкIэр –ещэнэрей сует Iуэхуу- къигъэлъагъунщ: «И къуэр; и щIыкIэр...». Мыпхуэдэу, нэгъуэщI нэрыбгъэхэр къизыIуэ макъхэми кIэух хуэхъуу къигъэлъагъунщ: «Уи тIысыкIэр; фи къуажэр...». Мыпхуэдэу кIэух къызэрыхъукIэрй, кIэух зыхуэхъу псалъэр хъуурэ щытым хибжэнщ, къигъэлъэгъуэнщ: «ЩIыкIэри, тIысыкIэри, къуэри, къуажэри...».

Мы и Iэмалыгъуэ къэтIуэтахэм къызэрыгуэкIыу, "и" макъыр зы псалъэм ипэ къыщиувэкIэ е префикс щыхуэхъукIэ, а псалъэм и къежьапIэр IупщI мэхъури, зэрехьэлIарэ зэрылэжьэпIэр мэгъэлъагъуэр. Мыхэр "и" макъым къыдигъэлъагъуэми, абы игъэзащIэхэр, къызпыхьэу щыт макъ е псалъэхэм яухуэ Iуэхугъуэхэми елъытащ. "ИкIын, икIэн, ихун, ихуэн, илъэн, илъын, ирищIэн, инэн..." хуэдэ Iуэхугъуэхэр "и" прэфиксым Iуэхур зэрдишейрэ къызэришэхкIэрэ къыщыдигъэлъагъум щыгъуэ, Iуэхур къыздекIуэкI щIыпIэри гурыIуэгъуэ къытхуохъур. "ИщIын, ищIэн, ихьын.." хуэдэу зы псалъэм ипэ пытмэ, сует гъэзэщIапхъэ Iуэхугъуэхэр а суетым ехьэлIа ещIыр, е Iуэхур къызщекIуэкIыр гурыIуэгъуэ ещIыр. Мыпхуэдэу щыт псалъэхэм нэгъуэщI префикс къыпыхьэу щытми, "и"м и къэлэныр егъэзащIэр: «КъищIэн, къицIыхун, къыриIуэн...».

″И″р ипэ къызпыхьа псалъэм и мыхьэнэр къызщекIуэкIыу щыт щIыпIэрэ зыгъэзэщIэну нэрыбгэм зэрехьэлIар къызэригъэлъагъуэм къызэргуэкIкIэ, псэлъэщIэрэ жыIэкIэхэри утыку къохьэр: «Ипэ, ипщэ, ищхьэ, икIэ, ипхэ, ику, ибгъу, игъуэ, илъэс...».

Ит зэманыр е джыуэ щытыр "и"м къигъэлъагъуэу "иджы" псалъэр; кIуэрэ куэд хъуурэ е тIанэу щытыр "и"м къызэригъэлъагъуэкIэрэ "итIанэ"р; зы гуэрэр зэфIэкIа хъуауэ абы узэрикIынрэ иужьыр къэзгъэлъагъуэ "икIи" псалъэхэри къохъури, псэлъэуха ухуэкIэмкIэй зэпыщIэныгъэкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхохъур.

*

Зы псалъэм ипэ къыпыхьэрэ а псалъэр зэрехьэлIа Iуэхугъуэр къигъэлъагъуэу къэсэбэп "и"р, тхэн хабзэкIэ, а псалъэм пымытрэ ипэ къихьэу -зы псалъэ щхьэхуэ пэлъытэу- тхыпхъэу къэхъуащ: «И щхьэ, и Iуэхур, и псалъэр...».

Зы Iуэхугъуэ къекIуэкIыр къызэрежьэ лъэныкъуэр къызэригъэлъагъукIэрэу, зы псалъэу утыку къихьауэ щыт "ищхьэ"мрэ, зы псэущхьэм и "щхьэ"р зэрызэщхьэщыкIрэ зыхэхугъуапхъэу зэратхар тхэн IуэхугъуэкIэ зы фIыгъэу щытми, мы хабзэр зы бзэ хэбзэшхуэу гурыIуэгъуэ щIын хуейуэ къыщIэкIынкъым. Япэрауэ ″и″м къигъэлъагъуэр гурыIуэгъуэрщи, ар щхьэжрэ зы псалъэм зэрыпыщIарэкIэ къызэрысэбэпынур игъэзащIэ Iуэхугъуэм къыуигъэлъагъуэу жыIэпхъэщи, тIэ, ″и щхьэ″р мыпхуэдэу псэлъитI пэлъытэу тхын хуейуэ къыщIэкIынкъым. Сыт щхьэ жыпIэмэ, ″и″р ″щхьэ″м зэрехьэлIарэ ар къызэригъэлъагъуэр гурыIуэгъуэу щытщи, ар абы зы гуэрурэ пыщIарэ гухьауэ щытын хуейуэ къыщIэкIынщ. ТIанэ, адыгэбзэр зы макъыбзэщ, абы и макъхэм сыт яджу щытми къагъэлъагъуэри аращ; ар къызэрапсэлъым хуэдэу тхын хуейщ, зэхэзэрыхьрэ гурыIуэгъуэ мыхъункIэ шынагъуэ хэмылъу. ИкIи, и лъабжьэм ущIэплъэжмэ, узэрыпсалъэ щыкIэращ ущытхэкIэй къэбгъэлъэгъуэн хуей псэлъэкIэр; ар пхузэфIэмыкIмэ, уи тхэкIэращ псэлъэкIэм елъытауэ лажьэ зиIэр; псэлъэкIэр, ар зыхуэзфIэмыкI тхэкIэм тебгъэхьэныр Iуэхугъуэ пэжкъым.

ТIанэ, укъыщыпсалъэкIэй зэхэхупхъэу "ищхьэ" е "и щхьэ" зэрыптхын хуей щыIэщи, ар къыщыхъури нахуэ мэхъур. Ар зы цIыхум ейуэ "зы щхьэ"уэ щытми, къызэраIуэ щIыкIэм елъытауэ, -тхэн хабзэкIэ зэрытхын хуейм утемытми- "и щхьэ" е "ищхьэ" хуэдэу тхын хуей щыхъу щыIэхэщ. "Ар уиз, мыр уитI" жыIэгъуэр зэрытха хъуам хуэдэу тхыпхъэ хъуфрэ гурыIуэгъуэ хъужыфмэ, "ар уи зы, мыр уи тIу" тхын ухуэныкъуэнкъым, икIи пэжыркъым. "Гу" псалъэр щапхъэу къапщтэмэ, къызэрапсэлърэ гъэлъэгъуапхъэ зэращI щIыкIэм елъытауэ "и гу", "игу", "и гур" е "игур" хуэдэу тхыныр щынэхъпэж щыIэнщ.

ИкIэм икIэжым, ищхьэм е ипщэм дыкIуэжрэ, и къежьапIэр зэдгъэпэщыжмэ, бзэрэ псалъэ лэжьэкIэр къыдгурыIуэрэ и щIэныгъэр джа хъумэ, ди тхэкIэм къыхэкIын тфIэщIу щыт "и кIэ"мрэ "икIэ!"мрэ зэхэгъуэщэным дытешыныхьыжынкъым. Дауи ирехъу, узэрыпсалъэм

хуэду ("хуэдэу е хуэдэуэ" хъун хуэмеижу) утхэми, адыгэбзэр зэрмакъыбзэкIэрэу гурыIуэгъуэнщ, икIи нэхъ пэжри арагъэнщ.

Ауэ, "и"р псалъэм гуэкIа хъун хуейуэ щыIэ хабзэр, зий мыхъуми дывгъэланлэ, дывымгъэткIий. Щхьэр къэдгъэлъагъурэ "ищхьэ" ттхымэ, е гур къэдгъэлъагъуэрэ "игу" щыттхкIэ, щхьэй гуй ткъутэркъым.

Мы зи гугъу тщIы IуэхугъуитIыр зэхэхупхъэ щIын Iэмал имыIэу щытмэ, зи мыхъуми, ″ищхьэ″ жыIэгъуэмрэ ″и щхьэ″ жыIэгъуэр зэхэгъэкIын папщIэ, ″и щхьэ″у ттхыуэ щытыр ″и-щхьэ″у ттхымэ нэхъыфIщ, нэхъ езэгъщ ″и″р зы псалъэ пэлъытэу ттхын нэхърэ.

-Мы къэтIуэтахэм мыхэр щIихъумэркъым: Псалъэр зы цIэ е зы фIэщыгъэцIэу щыщытым щыгъуэ, ипэ къыпыхьэ ″и″мрэ псалъэр зэпымыту зэрытхын хуейр; псалъэр зы пслъыфэцIэу щыщытым щыгъуэй, зэпыту зэрытхын хуейр зэрынэхъ игъуэр гурыIуэгъуэщ. Тlанэ, зы псалъэр цIэи, фIэщыгъэцIэи, плъыфэцIэи щыхъуфри гурыIуэгъуэщ-.

*

"И"р зы макъ е зы псалъэм и кIэух щыхъукIэ, а псалъэр дешейри, нэхъ гъэлъэгъуапхъэ ищIурэ уегъэбжыж е уегъэлъытэжыр: «Ар-ари, мыр-мыри; ари уэри, хэти, дэтхэнэри, ини цIыкIуи, дэни, кIуэжи, къэкIуэжи, икIи...».

Мыпхуэдэу зы псалъэм икIэм къыпыхьэрэ, а псалъэм абсисыгъэ къызэриткIэрэу зэрыдишейм къызэрыгуэкIкIэ, гурыIуэгъуэрэ гъэлъэгъуапхъэ къытхуещIыр ″и″ кIэухым. Ауэ, мы ″и″ кIэухым, аргуэрэу ″й″ кIэух къызэрыпыхьэрэкIэ, нэхъри дишеин Iуэхугъуэри къэхъупхъэу щытщи, ″и″ кIэухкIэ къигъэлъэгъуауэ щыт Iуэхугъуэр аргуэру къыдегъэлъагъужыр. Апщыгъуэм къэхъуу щытыр, ″ардыдэ″ жыхуиIэ зы Iуэхугъуэрщ: Мыпхуэдэщ ″арий, хэтий, икIий, кIуэжий...″ жыIэкIэхэри къызэрыхъур.

Мыпхуэдэу кIэух зыхуэхъуу щыт псалъэрэ макъыр зэрыдишеим къызэрыгуэкIкIэ, псалъэу къыдигъэлъагъуэрэ къыдгуригъэIуэжын Iуэхугъуэм нэмыщI, ″и″ макъыр кIэух зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ псэлъэщIэхэри утыку къохьэр: «Бий, кIий, кIиин, ткIий, фиин, хъий...». Мыпхуэдэу ″ий″р кIэух зыхуэхъуу щыт псалъэр дэшеяуэ мэгъэлъагъуэри, ″а псалъэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэ″ мыхьэнэр мэгъэзащIэр: «КIий: ″кIы″уэ щыт; ″кIы″ дэшея хъууэ щыт».

Мы псалъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щытмэ, ″и″мкIэ гъэлъэгъуауэ щыт Iуэхугъуэр нэхъри дэшея мэхъури, зы щыIэкIэ гуэр утыку къохьэр. Псалъэм папщIэ: ″Бий″р, ″бы″ Iэмалыгъуэрэ ″зэрелъытарэкIэ ужьыгъуэ″у щытыр, а зелъытауэ ужьыгъуэу зэрызыхущытым къытемыкIыу щыIэкIэ зиIэрщ. Ар зыхуэбийм зэрыхущыт щIыкIэр задэу зы щытыкIэрщ; зэрелъытарэкIэ ужьыгъуэ зыхуэхъуу щытым ″уэр-сэр″ хуэмыхъуу зы щытыкIэ зыхуиIэнырщ. ″Фиин″ псалъэри, фэм къыхэхъукIрэ псыгъуэрэ дэкIыу зы кIий макъыу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ.

**Iи...**

"Iи"р "и" макъым и текъузэрэ пIыта хъууэ щыту, ″и″м елъытауэ нэхъри псыгъуэу къэIуу зы макъщ. ″И″ макъыр щыпIытIрэ лимитацэ щыхъум щыгъуэ, абы кIэухыу ″ы″ри къыхэIукIыжынкъым. Мыпхуэдэу "ы"р зимыIэж "и"м, игъэзащIэу щыт дэшеинрэ игъэлъагъун Iэмалыгъуэхэр нэгъуэщI макърэ псалъэхэм хуимщIэжу зы макъщ ″Iи″р. Ар мылэжьэжрэ дияуэ е щтауэ щыт "и" макъырщи, ″и″ Iмалыгъуэу мылэжьэжу щыт макъырщ.

Аращи, зыри и Iэ къимыхьыжу щытым, Iэмалыгъэншагъэм натуралу и кIий макъырщ ″Iи″ макъыр.

Зыми хуэлажьэркъым ар; абы зыри игъэлажьэркъым, игъэлъагъуэркъым. Ар, абы аткIэ щымыIэжу, псыгъуэрэ жауэ щыт "и"рщ. Ар "и"м и теплъэр зыхэлъырщ; ауэ, къызхэуывыIарэ дияуэ, щтауэ е жауэ. Ар ″и″ фIэеплъ хуэдэу, зы"Iи"сыр гурыIуэгъуащэ мыхъуу щытыр къизыIуэу щыт макъырщ. Ауэ, "и"м и теплъэрэ и плъыфэр къыбгурызгъаIуэу зы макъщ.

Ар бзэм зэрхэтыр гурыIуэгъуэщ; ар щхьэ, щыIэхэм я щыIэкIэм теухуауэ зыри зымгъэзэщIэн макъщ ар. Бзэм хэту зэрщыт закъуэри, зы гуэрэр зэрехьэлIарэ зэртеухуар е илэжьрэ зыщхьэпэ хъур щымгурыIуэгъуэм щыгъуэ къызэрсэбэпынырщ: «Сыт зыIисыр?».

Абы, щыIэрэ "щы" зиIэ хъуа лъэпкъ къигъэлъагъуэкъым; икIи ахэм ягуэхьэкъым е ехьэлIа хъуркъым; ар зыгуэхьэ закъуэр, иджыри мыхъуауэ хъупхъэу щытыр зыдж "с" закъуэращ. "С"р "Iис"ым и глагол зэрыхъукIэрэй, "Iи"р иджыркIэ щымыIэ пэлъытэрэ хъупхъэу зэрыщытыр мэгъэлъагъуэр. Координат системэм зэрхэтыкIэр аращи, "и"р "щы"м язхэзырщ; адрей щыIэхэм пыщIэныгъэ зэримыIэкIэрэ "Iи"р "с"м хуэпэгъунэгъунщ, хуэдэгъущ; ауэ, ″с″ыр лъабжьэрэ лэжьакIуэу зы макъми, ″Iи″м зыри къыпхуищIэнукъым.

″Iи″ макъыр *абсолудсенэ* ″и″ зэрыхъукIэрэу, ар къызтехъукIыу щыт ″и″м игъэзащIэу щыт гъэлъагъупхъэр зы щыIэ гуэрым ехьэлIауэ къигъэлъагъунри хузэфIэкIыфыркъым. Ауэ, абы игъэзащIэр ″и″м игъэзащIэу щытыр гурыIуэгъуэ щIынырщи, зы гуэрыр къимыгъэлъагъуфу щытми, а гуэрыр зэрехьэлIарэ зи щIысыр, зыIисыр къыдгуригъаIуэу къосэбэпыр.

″И″ пIытIауэ щыту жыIэпхъэ ″Iи″р, нэгъуэщI макъым емхьэлIарэ пымыщIауэ щыт ″и″ макъ езырыжырщ. ″И″м зы гуэр къегъэлъагъуэр; абы зы гуэр къимгъэлъагъужу щытмэ, ар ″Iи″ мэхъур. Зы гуэр къэзымгъэлъагъуэу щыт ″Iи″ макъыр зыхэту щыт псалъэм къыриIуэнурэ къигъэлъагъуэнури гурыIуэгъуащэ хъункъыми, ар ″Iис, зыIис″

псалъэхэрщ: Ар ″и″м ехьэлIауэ щытрэ ″с″уэ лажьэр, ″и″пIэ лъэIэ″с″у щытыр жыхуиIэу лъытапхъэщ.

″Iи″р езырыжрэ езым зыкъигъэлъэгъуэж ″и″ зэрыхъурэ, ″абсэлудсенэ и″ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, зы гуэрыр зыIисыр абы ехьэлIауэ мэгъэлъагъуэр; мыхъумэ, езым зыри къигъэлъагъуэркъым. Ар, зэманыгъуэм елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ джарэ утыку къихьауэ щыт ″и″м и езырыжырщи, абдежым щыIэу щытрэ джыуэ зы гуэр къэхъуркъым. Ар мыджэжрэ, зыри зымгъэлъагъуэж ″и″рщ; зэманыгъуэм елъытауэ щымытыж ″и″рщ. Зы гуэрыр зэрыIисыр ″Iи″м зэрехьэлIарэкIэ мэгъэлъагъуэр; мыхъумэ, ″Iи″м езыр ″и″м и пIэм итыжу щытынырщи, абы зыри къигъэлъагъуэркъым.

*

Аращи, ″зыIис″ псалъэ закъуэм хэт хъууэ щытрэ, зы гуэрыр зехьэлIар къыриIуэу щытми, зы гуэр къэзымгъэлъагъуэрэ лэжьыгъэм тыримыгъэхьэу щыт "Iи" макъыр нэгъуэщIыу къэсэбэпкъым. Бзэм хэту псалъэ нэгъуэщIыгъуэхэм къахэIукI ″Iи″ макъхэр макъ зэхэту къаIухэрщ: «″КъыIихын: къы-Iэ-(ы)-и-хы-н″; ″Iихын: Iэ-(ы)-и-хы-н″; ″Iигъын: Iэ-(ы)-и-гъэ-ы-н″» хуэдэ псалъэхэр "Iэ"м ехьэлIа Iуэхугъуэхэу "и"м зэригъэзащIэ щIыкIэхэращи, зи гугъу тщIыуэ щыт "Iи" макъым хуэдэу къэIуми, "Iи" Iуэху яхэлъкъым.

### Й...

"Й"р "и" макъым къытехъукIыу зы макъщ. "И"р абсисрэ, дэкIыр е дэшей хъурауэ щытмэ, "й"р абы дэжейрщ, дэжеиж хъурщ. "И" макъым, кIэухыу "ы" макъ къыхоIукIыр; "й"м ар къыхэIукIкъым. "И"м "ы" макъ къыхэмIукIыжмэ "й" мэхъур. "Й"р "ы" къызхэмIукIыж "и" макъырщ.

Зы макъыр утыку къызэрихьэрэ къызэрыIур ″ы″ макъкIэрэщ. А макъым ″ы″ макъ къыхэмыIукIыж щыхъукIэ, ар зи щхьэ хуэлэжьэж макъыу жыIэпхъэщ. ″И″ макърэ, джыпIэу щытрэ гъэлъэгъуапхъэу къэсэбэпыр, щхьэжу къызэрыIум хуэдэу къэмыIужу ″ы″р пыхуауэ щыт щыхъукIэ, абы зы гуэр къигъэлъэгъуэнрэ зэманыгъуэкIэй лэжьэн Iуэхугъуэ и къэлэныжккъым; абы езым и щхьэ щхьэпэжыфын Iуэхугъуэщ игъэзэщIэфынур.

"Й"р езырыжу къэна "и" макъырщ; ″й″р езыр зытеухуэж "и" макъырщ; ″и″ макъым езы закъуэм хуэлэжьэжу щытыр ″й″рщ. ″Й″м игъэзащIэрэ къызэрысэбэпыр ″и″м папщIэрщи, ″и″м ипIэрэ и цIэкIэрщ.

"Й"ри зы макъзешэщ; ауэ, ар "езыр зызшэж и" хъуаращ. "И" макъыр зэрымакъзешэу, езым зызэришэжрэ зыдишеижмэ, нэгъуэщI макъ димшеймэ, нэхъ псынщIэу зэрдишынур гурыIуэгъуэщи, дэжей мэхъур; мис мыр "й"рщ; ″и″ дэжеин Iуэхуу къэсэбэпырщ ″й″р.

″Й″ макъыр ″и″ макъым и ″ы″ кIэухыр щыпыхум щыгъуэ къэIуращ; мыхъумэ, ар зы макъ щхьэхуэкъым; ар ″и″ макъ эфектщ. Аращи, ″й″р щхьэжу къэIуфу зы макъкъым; ″й″р щхьэжу зы макъкъым, ар ″и″ эфектщ.

Адыгэбзэ макъхэр къызэрыIу щIыкIэр -ипщэкIэ и гугъу зэрытщIауэщи- "ы" макъкIэрщ. "Й"м "ы" къыхэIукIыркъым: "И"р езырыжу щыхэхъуэрэ щыхэбагъуэм щыгъуэ, езырыжу мэгурыIуэгъуэжри, "ы"р щылажьэркъым; "и" макъ хэхъуэгъуэращ "й"р; "й"р "и"р къэзгъэлъэгъуэжырщ. Мыбый къызэрыдигъэлъагъуэу, "й"р зы макъ щхьэхуэкъым; ар "и" макъым къигъэщIрэ ар къэзгъэлъэгъуэжу щытращ; ″и″м езым и зы щIыкIэрщ ″й″р.

Нэхъыбэу, кIэух хъууэ щыт макъ гуэрхэми ″ы″р къыхэмыIукIыж мэхъур; ″ы″р зэрыпымыту къэIуу щыт макъ кIэуххэр къохъури, ар нэхъыбэу къызщыхъу адыгэбзэри къэбэрдеибзэрщ (Iуэху, Iэгу, лъэпкъ, жьэпкъ...). Мыпхуэдэу къызэрыхъуми зы щхьэусыгъуэ иIэщ. Ауэ, ″и″ макъыр макъ Iуэр лъабжьэхэм ящыщщ; ар зы джыпIэрэ, икIи абсису щытырщи, игъэзащIэр мащIэу щыткъым. ″Й″рэ ″ы″р зыпыхуар къызэрысэбэпри ″и″ макъым и эфектущ. Ауэ, абы ″и″ Iуэху игъэзащIэу щытми, зы къэIукIэу бзэм хэтырщи, ″и″ макъым и Iуэхур зэрыIуэхушхуэм къызэрыгуэкIкIэ, ″й″ри хэмыгъуащэу зы хьэрфкIэ лъытапхъэ хъуауэ зэрыщытыр фIыщ.

ИкIи, ″ы″р макъым зэрыпыхуакIэрэу къыщысэбэпыр къэбэрдеибзэращ нэхъыбэу. Мыпхуэдэу ″ы″р зыпыхуауэ щыт макъхэм хуэдэжу, ″и″ми ″ы″р зэрыпыхуакIэрэу утыку къихьэу щыт ″й″ри нэхъыбэу къэзыгъэсэбэпыр къэбэрдеибзэращ. Мыбы и зы щапхъэу щытщ, адыгэбзэ жьэрыпсалъэ куэдым ″ей″ псалъэри ″еи″уэ къыраIуэу зэрзырахьэр.

*

МатематикыбзэкIэ жытIэмэ, "и"р *абсис* щыхъукIэ, зы *функцэ*р – ар зы псалъэй хъунщ- дэшея зыщIыр е дэзшейрэ къэзгъэлъагъуэращ ″й″р. Абсисыр хэхъуэрэ функцэм нэхъри зыщыхигъэлъагъуэ щыхъукIэ, функцэр ординатым елъытауэ абсис лъэныкъуэкIэ хэхъуа мэхъур. Функцэм и абсис хэхъуэр е абсисым къыхэхъуэу щытырщ "й"м игъэзащIэр. "*Й:Δи; Δи>Δх(Δэ)*". Ар щыхъукIэй, "й"р функцэм *тенгент* эфект хуохъур е функцэм и тенгентыр хегъахъуэр. Хигъахъуэуй къэмынэжу "й:*Δи=∞*"рэ, "*Δх(Δэ)=0*" зэрыхъукIэрэу, "й → и" мэхъури, "й"м игъэзащIэр ″и″ Iуэхугъуэ защIэм хуокIуэжри, ″й″м ″и″уэ щыт псори къегъэлъагъуэр. Ар щыхъукIэй, функцэр е псалъэр "и" лъэныкъуэ защIэ мэхъури, псалъэр абы аткIэ мылэжьэжу утыку къызэрихьам хуэдэу дешейяуэ мэгъэлъагъуэр. Ауэ, мыбдежым къэхъуу щытыр, ″й″р зы макърэ псалъэм и кIэух щыхъурщи, ″й″ри мыпхуэдэу дэтхэнэ зы макъым и кIэух хъуркъым. Ар мыпхуэдэу кIэух зыхуэхъуну макъхэр геометрикэ IэнатIэ

иджу щыт макъхэрщи, ахэм и кIэух щыхъукIэ, ″и″ макъым и къэлъэныр егъэзащIэр.

"Й" макъыр щхьэхуэу зы макъ щымыхъукIэ, ″и″ эфектрэ "и"м иджым нэгъуэщI щимыджкIэ, зы псалъэм пымыщIарэ изакъуэу зыкъигъэлъэгъуэнкъым; икIи, зы макъ е псалъэми ипэ къыпыувэнкъым. Езыр зыхуэлэжьэж ″и″ Iуэхугъуэ зэрыхъурэкIэ, "й"р нэгъуэщI макъым пашэ хуэхъуфынкъым, префикс хъуфынкъым. Ауэ, ″и″ эфекту щытрэ ″и″ лъэныкъуэр къигъэлъэгъуэн зи къэлэн ″й″ макъыр зи кIэух хъу макърэ псалъэхэр нэхъ псынщIэу дэшея щыхъукIэ, "и"м и Iуэхур нэхъ ткIийрэ быдэу гъэзэщIа мэхъур. "Й"р, нэхъыбэу "и" макъымрэ "э"мрэ я кIэух мэхъуфыр; а макъхэмкIэщ тыншу зэрдэжеифри. ″Е″р къэзыгъэхъур ″и″рэ ″э″ макъхэрщи, тIэ, ″е″ри хэтыжу, мы макъхэр абсисрэ ординат лъэныкъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, аращ ″и″ мыхъуми, абы и эфекту щыт ″й″р мы макъхэм и кIэух щыхъукIэ, утыку къихьэу щыт Iуэхур гъэзэщIарэ гурыIуэгъуэ щIэхъур.

"Й"р ″и″ макъым хуэдэу зы псалъэм ипэ къыпымыхьэрэ префикси мыхъурщ. Сыт щхьэ жыпIэмэ, ар зы макъ щхьэхуэкъыми, зы ″и″ макъ эфектщ. Ауэ, тхын IуэхугъуэкIэ "икIын, ихьэн" хуэдэу ″и″ префикс зиIэу щыт глаголхэр ит зэманрэ ещэнэрей нэрыбгэ лэжьэкIэр зэратхыр "йокI"уэщ. А глагол лэжьэкIэм ухэплъэжмэ, зэрытхын хуейр "иокI"уэщи, "и" макъ нэужь "о" макъыр къыкIэлъыкIуэу къыщипIуэкIэ "й" уэ зэхыбохыр (″и″м и кIэух ″ы″р абы къыкIэлъыкIуэ къэрууфIэ ″о″м зыхелъафэри зэхэпхыжкъым). Ар "иокI"уэ тха хъуми къызэрыIуэнум зихъуэжкъым; ауэ, тхэн хабзэкIэ пэжу тха хъунщ. Мыбы хуэдэ щапхъэщ ″егупщысын″ глаголым и ит зэманыгъуэу ещэнэрей нэрыбгэ лэжьэкIэри; ари ″йогупщыс″у дотхри, и пэжыпIэр ″еогупщыс″щ. Мыбы къыпыт "е" макъым "и" хэтщ (иэ); абы ″о″р къыкIэлъыкIуэу ущеджэм щыгъуэ, къэрууфIэ ″о″ макъым ″э″р хелъафэри, ″е (иэ)″м къыхэнэж ″и″ макъри ″й″уэ къоIур. ТIэ, ″е (иэ)″рэ ″и″ макъ нэужьым къэрууфIэ ″о″ къыщыкIэлъыкIуэм щыгъуэ а макъхэм я кIэухыр зыхелъафэр; ″е(иэ)″ макъым ″э″ щыпымытыжкIэ, ″и″ макъми ″ы″р щыпымытыжкIэ къэхъурэ къэIу макъыр "й"уэ зэхыбохыр.

*

ИпщэкIэ зэржытIащи, "й"р нэхъыбэу "и, э, е" макъхэм кIэухыу къакIэлъокIуэр; а макъхэм и ухыпIэу, ахэм ягъэзащIэр хуищIыж пэлъытэу мэлажьэр. А макъхэр зы псалъэм и кIэух хъурэ щылажьэми, а псалъэхэр ягъэкIуатэрэ зэрдашейкIэрэ "ин"ыгъэрэ "ей" хъуныгъэ къыхуагъакIуэр. Мыхэр щыгъэзащIэм щыгъуэй, "й"м Iуэхур егъэбыдэжыр.

"ПIий, тIий, кIий, фий" псалъэхэм и кIэух хъуауэ щыт "ий" макъхэм иныгъэ глагол къэлэн ягъэзащIэр. "ПIиин, тIиин, кIиин" хуэдэу глагол щыхъукIэй, ″и″р зэрыщыту къосэбэпри, абы "й" лъэпкъ

хэтыжкъым; ″й″р зи эфекту щыт ″и″ макъым езыр къосэбэпыр. "Гъеин, зеин, хеин, хъеин" хуэдэу "еин" Iуэхугъуэ къэзгъэлъагъуэ глаголхэри ″й″ лъэпкъ зыхэмылъырщи, ″и″уэ щытщ; а глаголыр лажьэу "н"р щыIукIым щыгъуэ къэхъу псалъэм "й"р кIэух хуохъур: «Гъей, зей, хей, хъей». Е, нэгъуэщI псалъэхэри щыIэщ "еин" Iуэху къигъэлъагъуэрэ фIэщыгъэцIэ хъуауэ: «Хьей, вэнвей, кей, кхъуей, джэджьей, ЩIэжыкъуей...».

″Iей″ Iуэхугъуэ гуэр къэзгъэлъагъуэу кIэух хъууэ щыт псалъэхэри "й"мкIэ мэухыр: «ВэкIейуэ (вэкIэ-Iей) вэн, ней (нэ-Iей) нейуэ къэплъэн, фIей (фIы-Iей)...».

"Й"р "и"м е "е"м къыщыкIэлъыкIуэми къыдегъэлъагъужыр зи гугъу тщIауэ щыт "й"м абсис хэгъэхъуэн Iуэху зэригъэзащIэр. Зы псалъэм "и" кIэух иIэу щыщыткIэ, ар дэшеинрэ къэгъэлъэгъуэн папщIэ, а абсисым и хэхъуэгъуэр къигъэлъагъуэу "й"м зегъэлъагъуэр. "И" макъымкIэ ухыу щыт "е(эи)"р зы псалъэм и кIэух хъурэ, дэшеинрэ гъэлъэгъуэн хуей щыхъукIэй, "и"м къыкIэлъыкIуэрэ къыпыхьэу щыт "й"м игъэзащIэр "и" хэхъуэгъуэу щытщ.

ГурыIуэгъуэр аращи, макъ Iуэрхэм яджыр зы геометрикэ Iуэхугъуэрщ. Ахэр зы координат системэм и зы IэнатIэр зыджрэ зыгъэлъагъуэрщ. Ар щыхъукIэй, ипщэкIэ ″й″р ″и″м къыкIэлъыкIуэрэ абы и эфектыр зэригъэзащIэм хуэдэжу, ″и эфект″ гъэзэщIэн Iуэхугъуэр, дэтхэнэ зы макъ Iуэрым ″й″р къызэрыкIэлъыкIуэм къызэрыгуэкIкIэ гъэзэщIэнщ. Аращи, дэтхэнэ зы макъ Iуэрым и кIэухыу зыкъегъэлъагъуэр ″й″м. ″Э″ нэужьым къакIуэу щыт ″й″м и щапхъэхэрщ мыхэр: «КIуэй къэкIуэж, мыпхуэдэй апхуэдэй хъунщ, адэй-анэй...».

ТIэ, ″э″м къытехъукIыу щыт ″а, Iэ″ макъхэри геометрикэ системэм щыхэджу щыт макъхэрщи, ахэм я кIэухуй зыкъегъэлъагъуэр ″й″ макъым. Ар щыхъукIэй, ″и″ лъэныкъуэу гъэзэщIапхъэр мэгъэзащIэри, кIэух зыхуэхъур абсискIэрэ докIыр: «ЩыIэй, жыпIай, къэкIуай...».

Арамэ тIэ, "я (иа)" макъри "й"кIэ дэшея хъунщ; "я"м хэт "иа" макъхэми къыбгурагъаIуэр ар зэрыхъунур: «Хуеяй щыIэтэкъым; ар дияй; мыр ахэм яйщ...».

"У"ри зы макъ Iуэрщи, а макъым функцэу игъэзащIэр дэнкIэйщ; дэнкIэй щыхъукIэ, абы абсиси ординати зэрхэтынур гурыIуэгъуэщ; ар щыхъукIэй, "й"р кIэухыу къыпохьэр: «Мыпхуэдэуй, дауй, къакIуэуй-кIуэжуй..."»

НытIэ, аргуэру жытIэнщи, "й"р макъ щхьэхуэкъым, икIи щхьэжу зы макъкъым; "и" макъым и Iэмалыгъуэр езым къыхуэсэбэпыжу щылажьэкIэ, "и"м ″ы″р пыхуарэ ″и″ эфектыжу къыщынэм щыгъуэ, абы и хэхъуэгъуэу къэсэбэпыжу къэхъуращ. ″Й″р, ″и″ макъым ″ы″ пымытыж щыхъукIэ ″и эфект″ хъууэ зэрыщытыр нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, ″ы″

макъыр къызпыхуу къэсэбэп нэгъуэщI макъ щапхъэхэми еплъын хуейщ. Псалъэм папщIэ, ″Iуэху″ псалъэм и кIэухыу щыт ″у″ макъми ″ы″р пыхуауэ щытщ, ауэ ар зэрыщыту дотхыр; ″пкъы″ псалъэм ипэ ит ″п″ макъми ″ы″ пыхуарэ ″къ″ макъым гухьауэ щытщ; тIанэ, ″пкъы″ псалъэм къытехъукIыу щыт ″лъэпкъ″ псалъэм и кIэух макъ ″къ″ри къызэрыIу щIыкIэр ″ы″ зэрыпымытыжкIэрэщ. Мыпхуэдэу щапхъэ куэд диIэщ, икIи, къэбэрдеибзэм хэту щыт нахъыбапIэ псалъэхэм кIэух къахуэхъуу шыт макъхэм ″ы″р къахэмыIукIыжу къоIур.

**Я Тхыпкъ...**

ИпщэкIэ и гугъу зэрытщIащи, "я" тхыпкъыр "иа" макъ зэгуэтхэм (зы *слог*ым) и зы тхыпкъыу къыдогъэсэбэпыр. "Я" хьэрфыр крил алфавитым хэту зэрщытым къызэрыгуэкIкIэу адыгэ алфавитми къыхыхьа хъуащ. Макъыбзэу щыт адыгэбзэм хуаухуа алфавитым макъитI зыгъэлъагъуэрэ слог тхыпхъэу щыт "я" хьэрфыр къыхыхьа хъуащ.

"И" макъым къигъэлъагъуэу щыт зы Iуэхугъуэр блэкIа зэманыгъуэрэ жыжьагъэу къэгъэлъэгъуэн щыхъум щыгъуэ, е а Iуэхугъуэр зы куэдагъ щыхъукIэ, е "и"м къыриIуапхъэу щытыр нэрыбгэ куэду щызэрихъуэкIым щыгъуэ, къызэраIуэ щIыкIэр ятхын папщIэ къосэбэпыр ″я″ тхыпкъыр. "Я бын, ящхьэ, я щхьэ, я Iуэху..." хуэдэ псалъэхэм "и"м игъэзащIэ Iуэхугъуэхэр, -е зыгъэзащIэ нэрыбгэр- куэдагъ(а) зэрыхъуращ "я" хьэрфкIэ тха щIэхъуар.

″И″ жыжьагъэрэ куэдагъэрщ ″иа″ри, ″ипэ″у щытыр жыжьэу зэрыщытрэ блэкIа щыхъум щыгъуэ къэхъур ″япэ″рщ. ТIэ, ″епэрей Iыхьэ″р ипэ иту щыт Iыхьэм хуэкIуэрэ ар къэзыгъэлъагъуэрщ; ″япэрей Iыхьэ″ щыжыпIэм щыгъуэ, ар блэкIарэ жыжьэу щытрэ ипэ иту зы Iыхьэрщ е зы Iыхьэ бжанэм ящыщрэ ипэ итыр къизыIуэрщ.

"Енэ-ядэ, янэрэ ядэрэ..." хуэдэ псалъэхэм "анэ, адэ" псалъэхэм къыпыт "а"р зэрхэткIэ "и анэ, и адэ" жыхуиIэу "и"мрэ "а"мрэ "я"р къагъэхъуфыр; икIи, "я анэ, я адэ" жыхуиIэу куэдагъ зыгъэлъагъуэри тхыпхъэ мэхъуфри, аргуэрэу "янэ-ядэ"у, зеймрэ абы ейуэ щытыр лъэныкъуэ еплъыкIитIкIэ мэIуатэри, мыхьэниплI къыхокIыфыр.

"Япэ, яужь" хуэдэу, е "ящIащ, яухащ" хуэдэ псалъэхэм хэт "я" хьэрфым хэт макъми блэкIа зэманрэ сует куэдагъ къегъэлъагъуэр.

"Ягъэ екIынкъым" псалъэми "Iеигъэ екIынкъым" жыхуиIэрщи, ар "я Iеигъэ екIынкъым" жыхуиIэрщ; икIи, ар ″я Iеягъ екIынкъым″ хуэдэуй гурыIуэгъуапхъэщ.

Глагол лэжьэкIэу "елъагъу-ялъагъу, ецIыху-яцIыху, иIэщ-яIэщ..." хуэдэу, "е(иэ; иэй)" префикс зыпытхэр, ещэнэрей сует куэдагъэу щылажьэм щыгъуэ, куэдагъэр къэзыгъэлъагъуэу "иа"р къосэбэпыр; абы ″э″р къыпыхьапхъэу щытми, ″э″ куэдагъэр ″а″уэ зэрыщытым

къызэрыгуэкIкIэ, ″иа″м хэту щыт ″а″м абы и къэлэнри игъэзащIэу щыт мэхъур.

**Е Тхыпкъ (″Иэ″, ″эи″ макъхэр)...**

″Е″ тхыпкъым зэхиубыдэу щытри макъитIщ; мы тхыпкъри зы слог тхыпкъэу жыIэпхъэщ. ″Е″ тхыпкъыр Адыгэ алфавитым зэрыхыхьакIэрэу, ″е″р изакъуэрэ щхьэжу щытмэ, е зы псалъэм ипэ щыпытым щыгъуэ къипIуэу щытмэ, е зы псалъэм икIэм пыту щытми изакъуэ пэлъытэу къипIуэмэ, мыбдежхэм ″е″ тхыпкъым къигъэлъагъуэр ″иэ″ макъ зэгуэтуэщ къызэрыIур: «Ефэн, екIуэлIэн; ар е мыр, уае...».

Ауэ, зы псалъэм ику иту ″е″ тхыпкъкIэ къэгъэлъэгъуа хъуа макъыр къызэрыIу щIыкIэр, нэхъыбэм щыгъуэ, ″эи″ е ″эй″ хуэдэщ (къекIуэлIэн, ирекIуэ...). Зи гугъу тщIы мы макъ зэгуэтыр (эи) зэкIэлъыпытрэ зэхэгъуэщапхъэу, зэхэжауэ къыщипIуэкIэ къэIуу щыт макъырщ мыбдежым зи гугъу тщIырэ ″е″ тхыпкъкIэ тхауэ щытыр.

Ауэ, зи гугъу тщIыуэ щыт мы макъ зэгуэтыр (эи) зэкIэлъхьэужьу щытми, зэхэмыгъуащэрэ щхьэжу къыщипIуй щыIэщ. Апщыгъуэ къыраIуэу щыт мыхьэнэри ″е″ тхыпкъым къигъэлъагъуэ мыхьэнэм хуэдэкъым: «Ху<u>эи</u>н, ху<u>эи</u>гъуэ...».

ТIанэ, ″е″ тхыпкъымкIэ къэдгъэлъагъуэу зи гугъу тщIы ″эи″ макъхэр зэхэтрэ зэхэжауэ ″е″уэ къыщыIум щыгъуэй, абы ″и″ е ″й″ къыпыхьэнщи, зэхэмыгъуащэу щхьэжу къэIунщ: «Ху<u>ей</u>, ху<u>еи</u>н, къу<u>ей</u>щI<u>ей</u>, лъ<u>еи</u>н...».

Мы жытIэу щытхэр нэхъыбэу къэбэрдеибзэм зэрыхэт щIыкIэхэращ зытеухуар. Мы щапхъэу къэтхьа псалъэхэм ящыщ гуэрхэр нэгъуэщI адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм зэрыхэт щIыкIэри зэщхьэщокIыр. Псалъэм папщIэ, Къэбэрдей жьэрыпсалъэкIэ ″къуейщIей″ псалъэр ″къу<u>эй</u>щI<u>эй</u>, къу<u>эй</u>щI<u>эи</u>″ хуэдэу; ″хуей″ псалъэр ″фэй, фэи″ хуэдэу; ″хьенапэ″ псалъэр ″хьэйнап, хьэйнапэ, хьэинапэ″ хуэдэу къизыIуэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэр щыIэщ.

Адыгэбзэ архивым ухэплъэжрэ, зэманкIэрэ зэщхьэщыкIыныгъэ зэрыхъуарэ щIэ гуэрхэри къызэрыхъупхъэр гулъытэ пщIыжмэ, зи гугъу тщIыуэ щыт ″е (эи)″ тхыпкъым къигъэлъагъуэ макъхэр зы макъыщIэу утыку къихьауэ жыIэпхъэнщ. ИкIи, а макъыщIэрэ эфектив макъыу зэхэжа зы слог хъууэ щыт ″е(эи)″р нэхъ зезыхьэ хъуауэ щытыр къэбэрдеибзэрауэ жыIэпхъэщ. Псэлъэкум ит ″е (эи)″р Къэбэрдей жьэрыпсалъэкIэ къызэрысэбэпым и нэхъыбэр нэгъуэщI адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм зэрыхэт щIыкIэр макъитIыр зэхэмыгъуащэу ″эй, эи″уэ зэрахьэу щытщ нобэй.

Нобэ бзэм зэрыхэткIэрэу ″е″ тхыпкъкIэ тха хъуауэ щыт ″иэ″мрэ ″эи″ макъхэм яджыр, зэхэжарэ макъхэр зэхэгъуэща пэлъытэу щытщ. Ауэ, абы ″иэ″ макъитI зэхэжа мыхьэнэри, ″эи″ макъитI зэхэжа мыхьэнэри, зыдэщытрэ къызэрысэбэпым елъытауэ, щхьэхуэ щхьэхуэу еджыфыр. Абы

папщIэ, ″е″ тхыпкъым къигъэлъагъуэр мыхьэнитIщи, икIи ар, макъ зэгуэтрэ зэхэжауэ щыт макъитI щхьэхуэу жыIэн хуейщ (иэ, эи).

Ауэ, ″эи″ макъитIу зэхэжауэ къэIур къызтехъукIари псэлъэкум ириубыдэу щыт ″иэ″рауэ жыIэпхъэщ (екIу-къекIу). Мыпхуэдэ къэIукIэ зэрыхъуфыр лъабжьэ зэрыхъукIэрэу, ″эи″ макъ зэгухьэхэри зы макъ пэлъытэу къэIупхъэ хъуагъэнщи, ари ″е″уэ ятхауэ щытщ. Мы лэжьэкIэр зи лъабжьэрэкIэ, мы къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэм (къекIун) хуэдэу къэмынэжу, псэлъэкум къыщыхъу ″эи″ макъхэр зэрызэхэжэкIэрэу, мы зи гугъу тщIыуэ щыт щапхъэхэм къагъэлъагъу мыхьэнэу щытым щхьэщыкIагъэнщ етIуанэрей мыхьэнэу жыхуэтIэрэ зи гугъу тщIыуэ щыт ″эи″ макъ зэхэжам къыриIуэр.

*

″Эи″ макъыр ″иэ″м хуэдэу щхьэжу зы макъыркъым; ″е (эи)″ макъитI зэхэжар эфективу къэхъуауэ щытщ. Ар псынщIэрыпсэлъэкIэм къигъэщIауэ щытрэ зы макъ пэлъытэу утыку къихьауэ щытщ. Мыхъумэ, ″эи″р ″иэ″м хуэдэу щхьэж хъуарэ, макъхэр бзэ лэжьэкIэм зэрыхэтым езэгъыу къэхъуауэ зы макъ зэхэжакъым. Ар щхьэжу щыткъыми, псалъэ кIуэцIрэ псалъэ кIэухым щызэхэпхыу къэхъуащ. Мы Iуэхугъуэр утыку къызэрихьар, бзэ логие лъэныкъуэхэм щыгъуазэ узэрыхъукIэрэ гурыIуэгъуэ къыпхуэхъуну къыщIэкIынщ. ТIэ, ар бзэ логием езэгъыу къызэрыхъуам хэплъапхъэщ.

″Эи″уэ зы псалъэм икум щызэхуэзауэ щыт макъитIым къыраIуэр, макъхэм утыку къыралъхьэ мыхьэнэр щхьэхуэ щхьэхуэу къиIуэн хуейуэ щымытрэ, псынщIэрыджэкIэ къызэрыIум къызэрыгуэкIкIэ зэхожэри, ″е″ тхыпкъымкIэ ятхауэ щыт ″эи″ макъыр къоIур. ТIэ, ″э″ макъыр зы псалъэм икIэм пыту щытмэ, абы ″и″ макъ къыпыхьэжрэ, ари щхьэжу къэIупхъэу щымытмэ, ар зэкIэлъыпыту къэIупхъэ щыхъум щыгъуэ, зэдолажьэри зэхожэр.

А макъитIыр мыпхуэдэу щызэдэлажьэм щыгъуэ къэхъуу щытыр мыпхуэдэу къэIуэтапхъэщ: «″Э″ макъыр зы макърэ зы псалъэм и кIэух щыхъум щыгъуэ, а псалъэм кIуэтэгъуэ къызэритыр гурыIуэгъуэщ. Зы макърэ зы псалъэр зы функцэрщи, абы ″э″ кIэух къыщыпыхьэм щыгъуэ, зэман лъэныкъуэмкIэ кIуатэу зы функцэрщ къэхъур. Мыпхуэдэу лажьэу щыт функцэм абсисыгъэ щигъуэтым щыгъуэ (псалъэм кIэухыу ″и″ къыщыпыхьэм щыгъуэ), мы функцэр хэхъуэрэ багъуэу лажьэу щIедзэр. Мыбы щыщIидзэрэ, ″и″ лъэныкъуэу джын Iуэхугъуэм хуэкIуэнри (е) хэтыжу ″эий″ макъ зэкIэлъыпытыр къыщыхъум щыгъуэй, зы функцэм и тенгенс бэгъуам функцэр ″и″ защIэу дешейр».

Абсисым хуэкIуэ функцэр мэджыр; тIэ, зы функцэр зэрыбагъуэр, зэрыдэкIуейрэ зыщыджыр ″и″рамэ, зы гуэрыр ищхьэ лъэныкъуэкIэ щыдэкIыр, щыхэхъуэрэ къыхэхъукIыр, зыщыджыр, зыщыджрэ къыщIэхъуэр къизыIуэ псалъэхэри ″эий″ кIэухкIэ ухынщ. Мы жытIахэм,

къэхъуу щыт Iуэхум ейуэ щытри, а Iуэхур зейуэ щытри къызэригъэлъагъуэр гурыIуэгъуэщи, еиныгъэр къызэрыхъури мыращ.

ИтIанэ, ″и″ макъым дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ, ″ий″ макъыр зы псалъэм и кIэух щыхъум щыгъуэ, а псалъэм зы мыхьэнэщIэ зэригъуэтрэ зы псэлъэщIэр утыку къызэрихьэри гурыIуэгъуэ къытхуэхъуауэ щытщ. Ар щыхъукIэй, зи гугъу тщIыуэ щытрэ, зы псэлъэкум е зы псалъэм и кIэм зыкъигъэлъагъуэу щыт ″эи″ макъ зэгуэхьам ″й″ кIэух къыщыпыхьэжым щыгъуэ, ар зы IуэхугъуэщIэ зэрыхъунури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, мыбдежым ″ий″р ″э″м зэрикIэухыр гулъытапхъэу щытщи, ахэм яджыну щыт геометрикэ IэнатIэр гурыIуэгъуэ хъуауэ къыщIэкIынщ. Аращи, ″эий″уэ ухыу щыт зы псалъэр, а псалъэм иджу щыт мыхьэнэр ординату (э) щыкIуатэм щыгъуэ, ″и″ кIэухым зэрыдишейрэ зэрыдэщеяуэ къызэрынэм (ий) къызэрыгуэкIкIэ, къэхъуу щытыр, а псалъэм къыхэхъукIрэ къызхэхъукIари зыхиубыдэу зы функцэ бэгъуаращи, ар зы псэлъэщIэрщ. А псэлъэщIэр, къызтехъукIауэ щыт псалъэм и абсисыгъэу зэрылажьэ зэрыхъукIэрэй, ар къызтехъукIауэ щыт псалъэм и гугъу ищI мыхьэнэм къызэрыгуэкIкIэ, а псалъэм къыхэхъукIрэ, абы ей хъунщ; е, а псалъэ мыхьэнэри зыхэзыубыдэу зы Iуэхугъуэр къигъэлъэгъуэнщи, тIэ, а псалъэрэ мыхьэнэри зей хъунщ.

ГурыIуэгъуэу щытщи, ″ей″ псалъэм, икIи, ″и″м хуэкIуэныр (е) къыреIуэр: ″Ей″р, ″е (иэ)″рэ ″й″м хуэкIуэрщи, ″иэй″рщ. ИкIи, ″и″р джыпIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, абы хуэкIуэрщ мы Iуэхуу къэхъури, абы хуэкIуэри зэрыджынур гурыIуэгъуэнщ. Абы (и) хуэкIуэр зыщыджынур абдежырщи (и), тIэ, абдежри, хуэкIуэр зыхэзыубыдэрщ, ар зейуэ щыт хъурщ; е, а псалъэм и мыхьэнэм къызэрыгуэкIкIэ, ″и″м хуэкIуэрэ джыр къызхэкIыр а псалъэрауэ зэрыщытыр къигъэлъагъуэу зы мыхьэнэ утыку къихьэнщи, ари а псалъэм къыхэхъукIрэ абы ей хъунщ. Мыхэращ ″ей″ псалъэм иджрэ утыку къырилъхьэри, икIи, аращ еиныгъэр къыщIэхъур.

ТIэ, Iуэхур зы ″и″ Iуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ″И″м хуэкIуэр мэджри, абы хуэкIуэу абдеж щыджыр ″ей″рэ ″зей″уэ нахуэ мэхъур. ″Ей″ псалъэри, ″и″м хуэкIуэн (е) Iуэхугъуэрщ; ″еин″ри ар дыдэу, ″и″ хуэкIуэнрэ, ″и″уэ лэжьэн е ″и″ хъун (н) Iуэхугъуэ къэзыIуатэрщ.

Аращи, ″ей″ыр ″и″м хуэкIуэнрэ ″и″уэ джын хъууэ щытырщи, ар ″иэй″уэ бзэ лэжьэкIэм зэрезэгъкIэрэу къэхъуауэ щытщ. ТIэ, зы еиныгъэ Iуэхугъуэр бзэм зэрыхэтырщ мы къэхъуу щыт лэжьэкIэм и лъабжьэри, мыр жыIэпхъэу щытщ: «″Ей (иэй)″ псалъэр бзэм зэрыхэтым папщIэ, зи гугъу тщIауэ щыт ″...эи″ макъ зэгуэтым ″й″ кIэух къызэрыпыхьэрэкIэ, утыку къихьэу щыт Iуэхугъуэм зы ″еиныгъэ″ Iуэхугъуэри лъабжьэ зэрыхуэхъум къызэрыгуэкIкIэ, ″эий″ кIэухыр ″иэй″м тIэкIу щхьэщыкIыу къэIуми, абы хуэдэу къэсэбэпыпхъэ хъуауэ къыщIэкIынщ».

ТӀэ, ″эи″ макъыр зы эфектив макъыу утыку къызэрихьарэ, ″иэ″м хуэдэрэ ″иэй″у къызэрысэбэпам и щхьэусыгъуэр, бзэм ″иэ″р зэрыхэтрэ ″ей″ псалъэр къызэрысэбэпрауэ жыӀэпхъэщ. Ауэ, ар дэтхэнэ зы еплъыкӀэмкӀэй зэпэщу зы логиер зэрилъабжьэрэкӀэ утыку къихьауэ жыӀэпхъэщ.

Аращи, зы псалъэм ″э″ кӀэух иӀэу щытрэ, абы ″и″ къыпыхьэжмэ, ординат лъэныкъуэу кӀуэуэ щыт функцэр, ″и″ къызэрыпыхьэм папщӀэ, абсис лъэныкъуэу мэджыжыр. Ар щыхъукӀэй, функцэм и тенгэнтыр мэбагъуэри, а нэхъ мащӀэу ″*у = х2*″ хуэдэу зы хэхъуэгъуэ къыпохьэр функцэм. ТӀэ, апщыгъуэм къэхъур, ар зи кӀэух псалъэр (функцэ) къэгъэлъэгъуэнырщ, бэгъуэнырщ, дэкӀынрэ дэжеинырщ... Ар зи кӀэух хъууэ щыт псалъэм и мыхьэнэм къызэрыгуэкӀкӀэ, къэхъуу щыт Ӏуэхур мыхьэнэу зэщхьэщокӀыр. Ауэ, къэхъур зыщ: Ари ″и″ лъэныкъуэу джынырщ.

ТӀэ, мы жытӀахэр лъабжьэ зэрыхъукӀэрэу, ″эи″ макъ эфектив зэхэжар къызэрысэбэпкӀэрэу утыку къихьэу щыт псалъэ щапхъэхэм деплъыжынщ. ИкӀи, ″эи″ макъыр къызэрыӀурэ къызэрысэбэпкӀэрэу, мыхьэнэу къихьэхэр зэрыужьрэ зэрызэщхьэщыкӀым щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*″И″ лъэныкъуэу джыуэ щыт зы псалъэ мыхьэнэм къызэрыгуэкӀкӀэ, ищхьэ лъэныкъуэмкӀэ дэкӀын Ӏуэху къэхъунщ. Зы глаголыр, ипщэкӀэ унэтӀыгъэр къигъэлъагъуэу щылажьэм щыгъуэ, ″эий″ кӀэухым зыкъегъэлъагъуэр: «Дэпщеин, дэщеин, дэкӀеин, дэплъеин, дэлъеин...».

*ТӀэкӀу зэщхьэщыкӀми, мы щапхъэхэм хуэдэу жыӀэпхъэщ мыхэри: «Лъеин, тӀеин...». ″Лъеин″ыр зы глаголщи, лъэр зэрыщыту ″и″ лъэныкъуэкӀэ зэрыдэкӀыр къэзыгъэлъагъуэрэ къизыӀуэрщ. А ″лъэ″р зы лъакъуэу щытмэ, лъэдийм дэкӀыу щатӀагъэр ″лъей″ хъунщ.

*″Эий″р зи кӀэух псалъэм къызэрыгуэкӀкӀэщ мыхьэнэщӀэу утыку къихьэри, тӀэ, бзэгум и ″иин″ Ӏуэхур ″бзеин″ырщ. И щӀагъыр къыщӀэщ пэлъытэу, зы гурым и щытыкӀэр бгъунжу зэхъуэкӀыныр, ″гъэщӀеин, щӀеин″ псалъэхэм къыраӀуэрщ.

*ЦӀыхум (хьэ) къыхэхъукӀыр ″хьей″щи, ар хьэм ейуэ зэрыщыткӀэрэу гурыӀуэгъуэ мэхъур. Мыхьэнэу утыку къихьэр, ″эи″р зи кӀэухыу щыт псалъэм къызэрыгуэкӀкӀэрщи, тӀэ, цӀыхубэм (хэ) ей хъур ″хей″щ. ТӀэ, ар къэзыгъэхъурэ зейр къэзыгъэлъагъуэу псалъэхэрщи, мыпхуэдэу жыӀэпхъэнщ ″жыгей″ фӀэщыгъэцӀэри. Мы еиныгъэу къэхъу псалъэхэм хуэдэу жыӀэпхъэщ ″жей″ псалъэри. Мы къэхъу мыхьэнэхэм зы лъэбакъуэкӀэ ущхьэщыкӀмэ, ″хуей″ псалъэр къэхъунщи, ар, зы″ху″м ″ей″ ищӀын гугъэрщ.

*Къызпыхьэу щыт пслъэм къызэрыгуэкӀкӀэщ ″эи″ кӀэухым иджри, ″и″ лъэныкъуэу джын Ӏуэхугъуэу, мыхьэнэ зэщхьэщыкӀ хуэдэу щытщ

утыку къихьэу щыт псалъэхэр. ТIэ, къавэрэ къызэщIэвэм къыхэхъукIыр ″вей″уэ жыIэпхъэрщи, ар вэн-сэн Iуэхуми зэрыщхьэпэм къызэрыгуэкIкIэ, ″вэнвей″ фIэщыгъэцIэр утыку къихьэнщ. Мыпхуэдэу вэнвейуэ щытщ мыхэри: «Хьэвей, мэлкIэвей, шывей....». Мы иужрей псалъэ къэхъукIэм ещхьщ, ″кхъуей″ фIэщыгъэцIэри.

*ТIанэ, псалъэ гуэрхэм ″эи″ кIэух къыщыкIэлъыкIуэм щыгъуэ, къэхъуу щыт мыхьэнэрэ псэлъэщIэм, къызтехъукIауэ щыт псалъэри зыхиубыдэжынщ; зы псалъэм езыр зейрэ къызхэхъукIыр къигъэхъужынщ ″эий″ кIэухкIэрэу. Мыбы и щапхъэу щытщ мыхэр: «Дей, бжей, кIей, къужьей...». Ауэ, ″псей″ псалъэр зы жыг лIэужьыгъуэм и фIэщыгъэцIэ зэрыхъурэ, мыпхуэдэу зэрызэтеувэр гурыIуэгъуащэу жыIэпхъэкъым.

*Цым къыхащIыкIыр ″цей″щ. Мы мыхьэнэрэкIэ къэхъуу щыту жыIэпхъэщ ″кей″ псалъэри.

*Гъыуэ щытынрэ, гъыныр зей пэлъытэ хъуныр ″гъеин″уэ жыIэпхъэщи, мыбы хуэдэу къэхъуу щытхэщ мы псалъэхэри: «Iуеин, къэкъеин...».

*″Жьгъей″р зы псо гуэрым къыхэхъукI ″щыкъуей″хэрщ. Мы логием тету къэхъуу щыт псалъэхэрщ мыхэри: «Джэдъжьей, бдзэжьей...».

*″И″ лъэныкъуэу егъэлеяуэ джыуэ щытыр къизыIуэ псалъэхэрщ мыхэри, ахэр ″Iей″ кIэухыу лъытапхъэу щытщ икIи: «ВэкIей, псэлъэкIей, ней ней, къуейщIей, фIей...».

Дауи ирехъу, ″иэ″ макъ зэгуэтыр адыгэбзэ логием зэрезэгъкIэрэ къэхъупхъэти, ипэIуэкIэ къэхъуагъэнщ; ар бзэ хабзэм макъ зэгухьэкIэмкIэй йозэгъыр; икIи а ″е″ макъыр щхьэжу мэлэжьэфыр; ар щыхъукIэ, зы мыхьэнэй иIэжщ. Ар щхьэ, ″эи, эй″ хуэдэу зэгуэту щыт зы макъыр щхьэжу къэIуныр адыгэбзэ хабзэм езэгъыркъым. ИкIи, ар щхьэжу зы макъыу щыткъыми, зы псэлъэкум щызэхуэзэрэ кIэух хъу ″эи″ макъхэм –макъ зэхэжа эфективу- къатохъукIыр.

″Е (эи)″р щхьэжу къызэрымыIупхъэрэ эфективу зэрыщытыр къызхэкIыр гурыIуэгъущ: ″Э″р бзэм зэрыхэткIэрэу щхьэжу къэсэбэпыркъым, икIи къежьапIэй хъуркъым; ар щыхъукIэй, щхьэжу бзэ хабзэм езэгърэ хэтыжу зы гуэри иджыркъым.

″Э″м, ″и, й″ макъхэр къыкIэлъыкIуэу псэлъэкурэ кIэухыу зэрыщыткIэрэу, псынщIэрыджэкIэ къыщыраIум щыгъуэ *лиезон* жыхуаIэм къызэрытехъукIрэ, макъитIыр зэрзэхэгъуащэкIэрэу къэхъуауэ жыIэпхъэщ бзэм эфективу хэт ″е (эи, эй)″ макъыр.

ИкIи мырагъэнщ, къэбэрдеибзэм хуэдэжу нэгъуэщI адыгэбзэхэми ″е (иэ)″р щIызекIуэр; ауэ, ардыдэу, къэбэрдеибзэм хуэдэжу щызекIуэркъым ″е (эи, эй)″ макъыр нэгъуэщI адыгэбзэхэм. -ТIэ, ипщэкIэ къэтхьа щапхъэхэр, нэгъуэщI адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэмкIэ жыIэнрэ зэгъэпщэныр еджакIуэхэм къыхуренэ-.

*

"Иэ" Iуэхур, зы макъдэкIуашэм е нэгъуэщI макъзешэм "э" макъзешэр къызэрыпыхьэм хуэдэу зы Iэхугъуэщ: «Мэ, нэ, фэ, дэ, къэ, Iуэ, уэ...» хуэдэу. Макъзешэ "и"мрэ, ар зышэу щыт макъзешэ "э"м зэдаухуа зы Iуэхугъуэ хъуауэ щыт "е"ми макъзешэ Iуэхущ игъэзащIэр.

ИпщэкIэ зэржытIаращи, ″е″ тхыпкъым къигъэлъагъуэу щыт макъыр щхьэжу щытмэ (ар е мыр, аращ е моращ), е зы псалъэм ипэ къыпыхьэмэ, ″иэ″ макъитIыр зэуэ къызэрыIу щIыкIэрщ. ″Иэ″ макъ зэкIэлъыпытым къагъэлъагъуэр нахуэщ: Къэзыгъэлъагъуэрэ абсис (и) хъууэ щытыр зэманыгъуэкIэ (э) макIуэр. Мыбы къикIри, абсискIэ дишейрэ къэзгъэлъагъуэу щытым зэманыгъуэй щигъуэткIэ щхьэжу щыIэ хъууэ аращ; икIи, ″и″м езыри щхьэжу джыуэ зы макъырщ. Аращ ″е (иэ)″р щхьэжу къыщIысэбэпыфыр: Зы псалъэр къитIуа нэужь ″е (иэ)″р щхьэжу къыщыIум щыгъуэ, а псалъэр гъэлъэгъуаи мэхъур, ауэ, къыкIэлъыкIуэ псалъэми хуэкIуэу щигъэлъагъуэм щыгъуэ, а псэлъитIми ящымыщрэ щхьэжу къадэхуауэ щыт ″е″ макъым а псэлъитIри зэхуэдапхъэу къегъэлъагъуэри, а псэлъитIым яхэдапхъэ къытхуейщIыр (ар е мыр).

Мыпхуэдэу зэманыгъуэ зиIэ хъууэ щыт ″и″р ″иэ″ щыхъум щыгъуэ, зи пэ къыпыхьэ макъ е псалъэм йокIуалIэри, и къэлэну щыт къэгъэлъэгъуэн Iуэхугъуэр хуегъэзащIэр; аращ префикс щIыхуэхъуфри зы псалъэм. Ар щыхъукIэй ″е (иэ)″р, къызпыхьэ псалъэм игъэзэщIэу щыт Iуэхугъуэр зы гуэрым зэрекIуалIэрэкIэ мэгъэзащIэр: «Джэн-еджэн, бэнэн-ебэнын, хъуэнэн-ехъуэнын, тIэн-етIэн, пэмэн-епэмын, нэцIэн-енэцIын, IулIэн-еIулIэн, Iубын-еIубын, фыгъуэн-ефыгъуэн...».

Мыпхуэдэу ″е (иэ)″р префикс зэрыхъукIэрэу къэхъуа псэлъэщIэхэм нэгъуэщI префикс къыщыпыхьэм щыгъуэ, ″е″ макъыр ику къызэринэкIэрэу, ар къызэрыIу щIыкIэм ″эи, эй″ хуэдэу зихъуэжу щапхъэхэри щыIэщ: «КъеIулIэн (къэ-еIулIэн), хуехъуэхъун (хуэ-ехъуэхъун)...».

Мы зи гугъу зэрытщIым хуэдэу, псалъэхэм префикс хуэхъуным имызакъуэу, зы псэлъэщIэ къэхъун Iуэхугъуэми щхьэусыгъуэ хуэхъуу щытщ ″е(иэ)″ макъыр. ″Иэ″ макъым нэгъуэщI макъхэр (мыхьэнэхэр) къыщыкIэлъыкIуэм щыгъуэ псэлъэщIэхэр утыку къохьэфыр: «ЕкIуэлIэн, ежьэн, ехьэлIэн, ехын, екIун, ешын, еIэн, екIын, еин, ебэн, екъун, есэн...». Мы къэхъуауэ щыт псэлъэщIэхэми префикс къапыхьэрэ ″е (иэ)″ макъыр нэгъуэщI макъхэм я зэхуаку къыщыдэнэм щыгъуэй, ″е (эи, эй)″ хуэдэщ къызэрыIур: «КъекIуэлIэн (къэ-ы-екIуэлIэн), нежьэн, хуехьэлIэн, зешын, щIеин...».

Мыхэми ямызакъуэу, ″эи, эй″ хуэдэу къэIуу щытрэ макъ зэхуаку итыгъуэ зиIэ ″е (эи, эй)″р бзэм хэт хъуауэ щыщыткIэ, нэгъуэщI псэлъэщIэхэри къэхъупхъэ мэхъур: «ЗекIуэн (зэйкIуэн, зэикIуэн), зехьэзекIуэ, зешэн, зегъэкIуэн...».

Мыбдежым, бзэм –нэхъыбэу къэбэрдеибзэм- ″эи, эй″ макъхэр зэхэжауэ къызэрыIу щIыкIэу ″е″р къэсэбэпу щIидза нэужь, мы щапхъэу къэтхьа псалъэхэр утыку къызэрихьар жыIэпхъэнщ; мыхъумэ, ипщэкIэ къэтхьа псалъэ щапхъэхэм хуэдэкъым мы псалъэхэри, ″е (иэ)″ макъым къигъэщIа псалъэхэркъым.

″Е (иэ)″ макъыр щхьэжу ирехъу, зы псалъэм и префикс зэрыхъукIэрэу ирехъу ар, е, игъэзащIэ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ зы псэлъэщIэ къызэрыхъуфым щыгъуэ ирехъу, ″е (иэ) макъым иджрэ игъэзащIэу щыт къэлэныр зы макъым е псалъэм икIэ къыщыпыхьэм щыгъуэй мэгъэзащIэр: «Уае, мэзае, ае...». Ардыдэу, ″е (иэ)″р зы псалъэм ипэ зэрыпыткIэрэу, къэхъуу щыт псэлъэ зэгуэтитIым ику къинэ ″е (иэ)″ макъыр зэмыхъуэкIауэ къоIуфыр: ″фэеплъ″.

Мы зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэм ящхьрэ, псалъэм ипэ имыту щытми, ″е (иэ)″ макъыр зэрыщыту къэIуу нэгъуэщI щапхъэхэри щыIэш: «ДэкIэен, дэкIиен...». Мы жыIэкIэхэм хэту щыт "эе"р е "ие"р зэхэмгъуащэу къэIун хуей мэхъур мыхьэнэ гъэлъэгъуапхъэмкIэй, къоIухэр. Мы щапхъэм хуэдэщ мы псалъэхэри къызэрыхъур: «ТIиин-тIиен, гъэщIеин-гъэщIиен, пIиин-пIиен...».

Псалъэм ипэ къыпыхьэу, а псалъэ мыхьэнэр екIуэлIэн (е: иэ) Iуэхукlэ зыгъэзащlэ щапхъэхэм нэмыщl, ″lуэхугъуэ глагол″ псалъэхэм я ″ещэнэрей нэрыбгэ закъуэ″кlэ щылажьэм щыгъуэ, екlуэлlэн къэлэным къыщымынэу lуэхур (къыкlэлъыкlуэ псалъэм и мыхьэнэр) тlэкlу зэрыдиlэтеижым (й) –lуэхур мыпхуэдэу зэригъэзащlэм- гулъытэ хубощlыфыр; ″иэ″ нэужьым зы ″й″ макъ щызэхыбохыфыр (иэй). Мыбдежым щызэхэпх макъыр ″е (иэ)″м къыщымынэу ″иэй″уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыри ″е″ тхыпкъымкlэ тхауэ щытщ. Ккъэтхь щапхъэхэм ипэ къыпыхьэ ″е″р къызэрыlум гу лъытапхъэщ: «Ещl → е(иэй)щl; е(иэй)лъагъу».

*

ИпщэкIэ къызэритIуам хуэдэщи, ″е″ тхыпкъым къигъэлъагъуэу щыт ″иэ″р адыгэбзэ хабзэм макъ зэгухьэкIэрэу йозэгъыр; ар щхьэжу бзэм къыхэсэбэпыхьу щытынщ. Ауэ, ″эи″ыр бзэ хабзэмкIэ, и закъуэрэ щхьэжу зы макъыу къэсэбэпыфыну хэтынкъым. Сыт щхьэ жыпIэмэ, ″и″ макъыр щхьэжу къэсэбэпыф щхьэ, ″э″ макъыр щхьэжу къэсэбэпу бзэм хэткъым; ″э″ макъым и къэлэныр аращи, зи кIэ къызпыхьэ макъыр егъэкIуатэр, ар зи кIэух хъууэ щыт макъым зэманыгъуэ къегъуэтыр. Аращи, ″эи″ макъыу зэхэтхрэ ″е″ тхыпкъкIэ къэдгъэлъагъуэу щытыр, ″э″ макъымрэ абы къыкIэлъыкIуэу щыт ″и″ макъыр псынщIэу къыщыраIу щыхъум щыгъуэ къэхъуауэ зы макъщ. ″Иэ″р, къэхъупхъэу зы Iуэхугъуэрщи, ″и″м ″э″ къыщыпыхьэм щыгъуэ къэхъуу щыт зэгуэтитIырщ.

ТӀэ, математикэу ущеплъым щыгъуэ, абсису (и) къежьэрэ ординат (э) лъэныкъуэмкӀэ лажьэ хъууэ щыт зы функцэм (иэ) бзэм хищӀыхьыр нэхъ гъунэгъуу гурыӀуэгъуэ щӀын хуейуэ къытпэщытщ.

"Е (иэ)"р нэгъуэщӀ зы макъ е псалъэм пымыщӀарэ емылъытауэ, псэлъитӀ зэхуаку е псалъэ ухаитӀ зэхуакум дэмытрэ щхьэжу щыту кӀуэуэ щытрэ, дэтхэнэ зы псалъэр фӀэмыӀуэхуу щылажьэм щыгъуэ, Ӏуэхуу къэхъур мыращ: "И"уэ абсису щытыр, "э" зиӀэ хъууэ, зэманыгъуэ техьэрэ ординаткӀэ зекӀуэ щыхъукӀэ, изакъуэрэ зи щхьэ зезыхьэжьа пэлъытэу щытщ мы къэхъу Ӏуэхугъуэри, ар зыдэкӀуэ лъэныкъуэр наӀуэщи, щӀэкӀуэр щхьэусыгъуэншэщ; къэувыӀэн гугъэрэ щхьэусыгъуэй зимыӀэу кӀуэрщ.

Абсис хъууэ щыт ″и″р, и къэлэным къызэрыгуэкӀ гуэри къимгъэлъагъуэу, и закъуэрэ езырыжу ординат (э) лъэныкъуэкӀэ щыкӀуатэм щыгъуэ къэхъур сыт?

Къэгъэлъэгъуэн къэлэн зиӀэу бзэм хэлэжьыхьу щытрэ, абсисыгъэ хъууэ щыт ″и″р, зыри къимыгъэлъагъуэрэ зыми имейуэ макӀуэр апщыгъуэм. Абы зы гуэр къигъэлъагъуэркъым; икӀи, зы щыӀэ гуэрми игъакӀуэркъым ар; тӀанэ, ар зы щыӀэ гуэрым хуэкӀуэуй наӀуэкъым.

Геометрие координат системэм къызэрыгуэкӀкӀэ, зы функцэр щыӀэ гуэру лъытапхъэ хъууэ щытмэ, мы къэхъум теухуауэ мыхэр жыӀэпхъэщ: «А нэхъ мащӀэу лъэныкъуитӀым (абсис: и, ординат: э) зы функцэ зэдаухуэри, а функцэри ″щы″щ, ещанэрщ. –ТӀум щыр зэдаухуэр, утыку къырагъэхьэр(!)-. ЩыӀэр къызтехъукӀ "щы"м ящыщрэ язхэзу щытым езыр (абсисыгъэ) ординатымкӀэ макӀуэр; а зыдэкӀуэри "щы"м языхэзыжырщ. Ар щыхъукӀэ, "иэ"р "щы"м и "тӀу" зэрыхъукӀэрэу зэдаджу щытыр "щы"уэ щытыщ. Ар зы ужьыгъуэу (у) жыӀэпхъэ щхьэ, ″иэ″ макъым бзэ Ӏуэхугъуэ зызэримыхуэрэ, бзэм щыхуиӀэ къэлэныр щибгынэм щыгъуэ, мы къекӀуэкӀ Ӏуэхур бзэ Ӏуэхуэгъуэу щыткъым. Ди Ӏуэхур бзэ Ӏуэхугъуэу щытрэ пэт, ай тӀум нэгъуэщӀ зы псалъэр къагъэлъагъуэркъыми, езым загъэлъэгъуэжурэ мэджхэр. Ар щыхъукӀэ къэхъуу щытыр, ауэ къызэрыкӀуэу зы Ӏуэхугъуэркъым: ГъэщӀэгъуэнщ къэхъуу щытри, бзэр зытеужьыхьыну лъабжьэм езыр джыуэ щыт мэхъур. Ари зыужьыгъуэу (у) зы Ӏуэхугъуэнщи, зы функцэщ ухуэр; ауэ, ди Ӏуэхур бзэращи, ещанэ Ӏуэхугъуэу утыку къихьэн хуейри, мы макъитӀыр зыхуэсэбэпыну щытыр зы псалъэу щыӀэ гуэр хъун хуейт. Ар мыбдежым къыщыхъуркъым; къэхъуу щытыр мырыщ: Мы макъитӀыр дэтхэнэ зы псалъэм зэрыхуэмылажьэу, икӀи лъабжьэрылэжьыгъэр я щӀыкӀэрэ щхьэжу зэрылажьэкӀэрэу, бзэ лэжьыгъэ дэнэ къэна, бзэм хэджыкӀыхьрэ текӀыхь хъууэ щытщ!».

Бзэм хэту щыт дэтхэнэ зы макъым и къэлэну щытыр зы псалъэм щхьэпэ зэрыхуэхъукӀэрэу бзэм хуэлэжьэнырщ. Макъхэр щхьэжу къызэрысэбэпри бзэм щхьэпэрэ бзэм и фӀыгъэрэкӀэщ, бзэм и гъуэгурыкӀуэ

зэрыхъукIэрэщ. Ауэ, ипщэкIэ къитIуауэ къытпэщыт Iуэхугъуэр пхэнджу къыдгурымыIауэ щытмэ, мы макъ зэгуэтитIым мы я лэжьэкIэр пхэнджщ. А Iуэхугъуэр бзэ гъуэгурыкIуэгъуэркъым.

"И" макърэ абсис зыджу щытым бзэм хищIыхь къэлэныр, зы макъ е зы псалъэр гъэлъэгъуапхъэ ищIынращ. Ауэ, мыбдежым ар игъэзащIэркъыми, езыр зэрыабсисрэ геометрие системэм и зы лъэныкъуэ лъабжьэ зэрыхъукIэрэу, ординат лъэныкъуэмкIэ макIуэр; ди физикэ лъабжьэм езыр макIуэр, зыри къимыгъэлъагъуэрэ тет гуэр зэримыджкIэрэу.

Ар щыхъукIэ, тIэ ди Iуэхури бзэуэ щытмэ, мы Iуэхугъуэр бзэм дэлажьэркъым. Абы бзэ лъабжьэр зэхикъутэн Iуэхугъуэ елэжьыр. Бзэ лъабжьэр, бзэм и пIэр, бзэм и гъуэр, бзэ щыIэпIэр, псалъэ джыпIэр егъур мы лэжьэкIэм. Аращ, зыми емылъытарэ зыми хуэмылажьэу, езырыжу лажьэрэ зыдэкIуэри мынахуэу ежьауэ щыт "е (иэ)" макъыр бзэм зэрыхуэмыфIрэ, мы лэжьэкIэмкIэй "Iей" мыхьэнэр къыщIигъэлъагъуэр "е"м.

Мы макъ зэгуэтитIым я лэжьэкIэу къытпэщытыр зы пасалъэм хуэмыщхьэпэу щыщыткIэ, бзэм фIыгъуэкIэ хэджыхьыфынкъым; дэтхэнэ зы псалъэ гуэр яфIэIуэху мыхъуу зэрыкIуэр, бзэм къезэгъыну къыщIэкIынкъым. Мы лэжьэкIэр бзэм и лэжьэкIэм езэгъыркъым; ар бзэ лэжьэкIэм ей хъункъым, хуэфI хъункъым. Дэтхэнэ зы псалъэрэ мыхьэнэм хуэмылажьэрэ, бзэм хуэмыфIрэ ей мыхъуу щыт "(иэ)"р, иджыри зыми ейкъым. ИкIи, лажьэу щыт мы макъхэм къалэжьыр зы лъабжьэ лэжьыгъэу щытми, мы лэжьэкIэм езыми зыри ей хъуфынкъым. Зыми пымыщIарэ емылъытауэ, щхьэжу кIуэуэ щыт "иэ"м къэувыIэн гугъэй иIэкъым; ар зыми имейуэ макIуэр. Ар къэувыIэмэ зы гуэрым ей хъунщ! ГурыIуэгъуэщ апщыгъуэм ещэнэрей гуэрэ утыку къызэрихьэнурэ, "ей (иэй)" зэрхъуфынур. Абы мы и кIуэкIэр и кIуэкIэжу, зэрыщыту къызэрыувыIэну щIыкIэр зызэригъэлъэгъуэн Iуэхугъуэращи, ар зыгъэззэщIэнур "и"м езым хуэлэжьэж "й"рщ; апщыгъуэ, абы "ей (иэй)" Iуэхугъуэ иджынщ.

Мыбдежым аргуэрэу къэгъэунэхужыпхъэ гуэрхэр щытщ. "Иэ" макъ зэгуэтитIым яджу щыт Iуэхугъуэр щхьэжрэ зыми емылъытауэ къыщыIум щыгъуэ "Iей" Iуэхугъуэ зэрадж щIыкIэрэ, абы "й" къыщыпыхьэжкIэй "ей" Iуэхугъуэ зэраджыр жытIауэ щытщ. А яджу щыт Iуэхугъуэ дыдэращ я лэжьэкIэ хъууэ щытыр, "иэ" макъыр дэтхэнэ зы щIыпIэ къыщыIум щыгъуэй. Ахэр зы макъым ипэ е икIэ щыпытым щыгъуэ, зыпыту щытым елъытауэ зы мыхьэнэ къохъур.

Аращи, "хей" щыжытIэм щыгъуэ, "хэ"р зы куэдагъэ къэзыгъэлъагъуэрщи, абы къигъэлъагъуэу щыт куэдагъэр цIыхубэрщ. Ар щыхъукIэй, а цIыхубэр зы лъабжьэу мэгъэлъагъуэри (и) макIуэр (э), а кIуэрэ лъабжьэрылажьэ хъууэ щытыр "й" макъкIэрэ гъэлъэгъуэж щыхъукIэй, зы координат системэрщ утыку къихьэу щытыр апщыгъуэм; а

системэр зыхуэлъажьэр ″хэ″рщ, цIыхубэрщ: ТIэ, цIыхубэр (хэ) лъабжьэу координат системэ хъуиэ щытырщи, абы ″ей″ Iуэхугъуэр глагол щыхуэхъум щыгъуэ, къэхъуу щыт псалъэр ″хей″ Iуэхугъуэрщ; ″хей″р къызэрыхъу щIыкIэми къызэригъэлъагъуэу щытщи, ар хэм ей жыхуиIэрщ.

Мы къэхъукIэм хуэдэжщ, ″е (иэ)″р зы псалъэрэ макъым ипэ къыщыпыхьэм щыгъуэй къэхъур. Псалъэм папщIэ, ″ехын″ псалъэм иджыр мыращ: ″И″рэ ″э″ зиIэу кIуатэу щытым иджыр зы лъабжьэу зы системэрщи, ар ″хын″ псалъэм зэрыхуэкIуэрэу, а системэм и щхьэм къырикIуэр ″хын″ Iуэхугъуэрщ.

Аращи, ″е (иэ)″м иджыр зэмыхъуэкIыу щытми, ар щхьэжрэ изакъуэу, зыми пымыщIарэ емылъытауэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу тлъагъуэр фIыкъым, Iейщ.

ИпщэкIэ, ″е″ макъыр бзэ хабзэм тету къызэрысэбэпрэ, псалъэм и кIэух е и префикс хъууэ игъэзащIэхэмрэ, псэлъитI зэхуакум щхьэжу дыхьэрэ, ахэр зыхэдапхъэ зэрищIыр хэтыжу, игъэзащIэхэм дытетхыхьащ. Мыхэр ″е″м игъэзащIэу щытхэм и зы лъэныкъуэу щытщи, зы псалъэ е зы псэлъэухам зэрелъытэгъуэ Iуэхугъуэу щытхэщ. Ауэ, ″е″р щхьэжрэ зыми пымыщIауэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щытыр ″Iей″ Iуэхугъуэрщ. Абы игъуэ къыщысым щыгъуэ, ″Iе″ макъым дыщытетхыхькIэ дытепсэлъыхьыжынщ.

*

″Е (иэ)″р зыми пымыщIарэ зэремылъытакIэрэу щылажьэм щыгъуэ, зы псалъэу щыIэ гуэрыр и Iуэхуу къыщимылъытэм щыгъуэ, бзэм щхьэпэ хуэмыхъурэ хуэмыфIэфIу зэрылажьэр гурыIуэгъуэщ. ИкIи, а лэжьэкIэм координат системэкIэ къикIыу щытри гурыIуэгъуэ къытхуэхъуауэ щытщ. Координат системэ жыхуэтIэри, щыIэу щыт гуэрыр математикэбзэкIэ къыщыдгъэлъагъуэу зы системэрщ. Гу зэрылъыттащи, бзэм хэмылэжьыхьу щытми, ″е (иэ)″ Iуэхугъуэм геометрикэ системэм зы гуэр хещIыхьыр; абы зы гуэр еджыр; ауэ, абы хищIыхьрэ зэрихъуэкIыр системэрщ. Зы системэм щыхэджыхьым щыгъуэй, къилэжьу щытыр зы лъабжьэ Iуэхугъуэрщ. Мы лъабжьэрылэжьыгъэр бзэм зэрыхуэмылажьэм папщIэ, е нэгъуэщIу жытIэмэ, бзэм хэту щыт дэтхэнэ зы псалъэр фIэмыIуэхуу зэрылажьэм папщIэ, ар бзэмкIэ фIыкъым, ар бзэм хуэфIкъым; абы бзэм хищIыхьу къызэрысэбэпри ″Iей″ Iуэхугъуэущ.

Ауэ, математикыбзэкIэ абы иджыр зы лъабжьэ Iуэхугъуэрщ: МатематикыбзэкIэ а лэжьэкIэр, геометрие коордитат системэм езыр зэхъуэкIын Iуэхугъуэрщ. Мы лэжьыгъэр зэ къэувыIэрэ гъэлъэгъуапхъэу утыку къихьэ хъумэ, -нэгъуэщIыу жыпIэмэ-, зы *лимит* къигъуэту щытмэ, къилежьар нахуэ мэхъур. Ар къызэрыувыIэрэ, гъэлъэгъуапхъэ зыщIри ″и″ е абы и эфекту щыт ″й″ращ; ар а лэжьыгъэм лимит хуохъур. Ар щыхъукIэй, щыIэ гуэру хъуар зыщагъэлъагъуэ щIыпIэр джыуэ аращ къэхъур.

Дэтхэнэ зы щыIэми и пIэу щытращ джа хъууэ щытрэ къэгъэунэхуа хъур. Дэтхэнэ зы гуэрым ипIэр, и гъуэр мэджыр апщыгъуэм. ЩыIэпIэр мэджыр, мэгъэлъагъуэр. Зы щыIэ гуэрыр зейращ джыр; дэтхэнэ зы гуэрыр зейуэ щытыр къоунэхур. Мис аращ ″ей″ псалъэр утыку къызэрихьэрэ, дэтхэнэ зы гуэрыр зейр къызэрыунэхурэ щыджыр. ИкIи, дэтхэнэ зы гуэрыр лъабжьэу къапщтэмэ, абы ″ей″уэ щытри къэзгъэлъэгъуэфу щыт псалъэр къызэрыхъу щIыкIэри мыращ.

Нэрылъагъуущи, бзэм хуэмылажьэрэ зыми емылъытарэ емызэгъыу щыт лъабжьэрылажьэр ″ер″щ, ″Iей″рщ; ауэ, а лъабжьэрылажьэр къэгъэлъэгъуа хъурэ, зы Iуэхугъуэм теухуауэ къыщыунэхум щыгъуэ ″еиныгъэ″р къохъур. Зыр ди лъабжьэщIэудщ (ер, Iейр); адрейр (ей) ди лъабжьэрщ, дызрейрщ, дызтетрэ ди щыIэгъуэр зытеужьыхьырщ. Зым кIэ игъуэтрэ (е, ем, ер) утыку къихьэу гъэлъэгъуа щыхъум щыгъуэ адрейращ (ей) къэхъур. Зым (ем) геометрие координат системэр зехъуэкI; щызэрихъуэкIкIэй, абы тету щыIэм и лъабжьэр щIеудыр. Адрейм (″ей″м), мы системэу джыр (иэ) гъэлъэгъуапхъэ (и, й) ещIри, абы тету щыIэм и лъабжьэу щытыр къыщIегъэщ, гурыIуэгъуэ къытхуещIыр.

Емрэ еиныгъэр мыпхуэдэу зэхуэгъунэгъуу псэлъитIщ; икIи, яджыр а нэхъ зэпэжыжьэу псэлъитIу щытщ. А псэлъитIым яджу щытыр фIыуэ гурыIуэгъуэ щIын хуейщ, зэхэгъэгъуэщэн хуейкъым; зэрзэхагъэгъуащэрагъэнщи, еиныгъэ зиIэу щыкIрэ езгъэлейуэ ем хуэкIуэхэр мащIэкъым. Мыр къызхэкIри, а псалъэхэр къызэрыхъурэ зэрызэхущытрагъэнщи, ар лъабжьэу зэрыщытым зыкъегэлъагъуэжыр.

Зыми пымыщIарэ зыми емылъытауэ кIуэуэ щыт лъабжьэрылажьэ ″е″р, зы щыIэ гуэр зэримыгъэлъагъуэрэ щимыджым папщIэ, щыIэу щытхэмкIэ фIыкъым. А Iуэхугъуэр бзэ Iуэхугъуэмэ, зи гугъу тщIы лэжьэкIэ зиIэу щыт ″е″р бзэм хуэфIынкъым. Мы и кIуэкIэр и кIуэкIэу щытрэ, зэрылъабжьэрылажьэу зы увыIэпIэ (лимит) къигъуэтрэ къэгъэлъэгъуа хъумэ, -ар къэзыгъэлъэгъуэнури ″и, й″рщи-, зы лъабжьэрылажьэу зигъэлъагъуэу аращ апщыгъуэм къэхъури, ар ″ей″ мэхъур. Къэхъуауэ щыт ″ей″р зы IэнатIэщ; ар лъабжьэрылажьэу зы IэнатIэрщи, щыIэ гуэррэ, бзэм хэту щыт дэтхэнэ зы псалъэми и лъабжьэрэ, сытри зейуэ щыт IэнатIэу утыкур еубыдыр.

Сытми и лъабжьэрэ зейуэ щыт мы IэнатIэм и IэнэтIагъэр мыхъужу кIуэду щытмэ, къэгъэлъэгъуныр зи къэлэну щыт ″й″ кIэухыр абы пымытыж щыхъуращ ари, апщыгъуэм къэхъур ″е″рщ. Ар, иджыри зы лъабжьэрылажьэу кIуэуэ щытрэ, зыми зэрыпымыщIарэ зэремылъытам папщIэ, зыми хуэфIыркъым; ар ″ер″у кIуэрщ, ″ем″ хуэкIуэрщ, ″Iей″рщ.

Арагъэнщи, зеиныгъэр щыкIуэдым щыгъуэ, кIуэду щытыр лъабжьэращ; лъабжьэр зыфIэкIуэдарэ, лъабжьэрыкIуэдыр къызхуэкIуэр зыми имыIисыжрэ зыми зэремылъытарэкIэ ем хуокIуэр. ″Ей″р щыгъуащэрэ щыкIуэдкIэ ″ер″ къохъур.

″Ей″р зы координат системэу, щыIэр зытетрэ ар зыхуэIуауэ щыт лъабжьэрщ. А системэр мынахуэрэ зыми хуэмыIуауэ щылажьэм щыгъуэ, зэхъуэкIыу щытыр, щыIэр зытету щыт лъабжьэращи, абы тету щытрэ щыIэгъуэрэ щыIэ лъэныкъуэу къэхъуу щытыр ″ер″щ, ″Iей″рщ; ар лъабжьэрылъэсырщ, лъабжьэрылъэщIырщ, лъабжьэрыгъэкIуэдырщ.

*

″Еин″ псалъэр нэрылъагъущи зы глаголщ. Ар ″еигъэ цIэпапщIэ″уи жаIэр грамер фIэщыгъэцIэу. Дауи жыIэ, ар зы глаголыфэ зиIэу зы псалъэрщи, зэратх щIыкIэри аращ; икIи, ипщэкIэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъуауэ щыт и къэхъукIэм щыгъуазэ дищIауэ щытщи, ар зы глаголу лъытапхъэщ. Еин IуэхугъуэмкъикIри ″иIэн, иIэ хъун″ Iухугъуэхэм хуэдэу зы Iуэхугъуэрщ. Ауэ, еин Iуэхугъуэр, иIэ хъун Iуэхугъуэм елъытауэ куэду нэхъ лъабжьэ хъууэ щытщ. ″ИIэн″ Iуэхугъуэр, щыIэ гуэрым, зэ щхьэ е зы зэманыгъуэкIэ зы гуэр ей пэлъытэ хъун Iуэхугъуэу жыIэпхъэщ; зы гуэрым зы Iэмэпсымэ пэлъытэ гуэр иIэ илъ хъун Iуэхугъуэрщ ″иIэн″ глаголым иджыр.

ЦIэпапщIэу е глаголу щыт мы псэлъитIым я лэжьэкIэри зэхуэдэу жыIэпхъэщ. Статус къэзэыгъэлъагъуэ лэжьэкIэ яIэу лъытапхъэщ тIуми: «ИIэщ, ейщ; сиIэщ, сэсейщ, сысейш; фиIэщ, фэфейщ, фыфейщ...».

Я лэжьэкIэр тIэкIу зэрызэщхьэщыкIри нэрылъагъущ. ″ИIэн″ псалъэ лэжьэкIэ закъуэракъым икIи, ″еин″ псалъэм и лэжьэкIэр зыщхьэщыкIыр. Статус къэзыгъэлъагъуэу щыт дэтхэнэ зы глагол е цIэпапщIэ жыIэ, ахэм щхьэщокIыр ″еин″ псалъэм и лэжьэкIэр. Ар ахэм яхэббжэрэ ящыщу плъытэу щытми, абы езым хуэIуауэ зы лэжъэкIэ иIэжщ. Дэтхэнэ зы бзэми, еиныгъэ цIэпапщIэ е глаголым и лэжьэкIэр нэгъуэщI псалъэхэм я лэжьэкIэм щхьэщокIыр.

Пэжыр жыпIэмэ, мы зэщхьэщыкIыныгъэрэ ″еин″ псалъэм езым хуэIуауэ зы лэжьэкIэ щIиIэр, ипщэкIэ къызэрытIуэтауэ, ″еин″ псалъэм и къэхъукIэрэ, абы иджу къикIращ. Ар лъабжьэу лажьэу зы псалъэщ; абы зы щыIэ гуэрым и лъабжьэр еджыр: Зы щыIэ гуэрыр къызтехъукI лъабжьэрэ, ар зейуэ щытращ ″еин″ псалъэм иджу щытыр.

Ар, зы лъабжьэрылажьэрэ, щыIэхэр зейр зыджрэ къэзыгъэлъагъуэу зы псалъэ щыхъукIэй, щыIэ гуэрым дэтхэнэ зы нэгъуэщI гуэрыр езым ейуэ жиIэфын Iуэхугъуэр Iуэху гугъу мэхъур. ″Еин″ псалъэр, зы статус къигъэлъагъуэу щыт дэтхэнэ зы псалъэм хуэдэу бгъэлажьэмэ, ипщэкIэ къэтхьа щапхъэхэми къызэригъэлъагъуэрщи, жыпIэн уи гугъэр къэIуэтапхъэ хъуркъым: ″сейщ, уейщ...″; ауэ, бзэм зэрхэткIэ ар зэрыхъун хуейр ″сэсейщ, сысейш; уэуейщ, ууейщ″ хуэдэщ.

″Е (иэ)″мрэ ″ей″ псалъэхэм папщIэ ипщэкIэ жытIахэри дигу къэдгъэкIыжмэ, мы лэжьэкIэу еин глаголым хуэIуар къыщIэхъур гурыIуэгъуэ хъунщ: Зы лъабжьэ зыджу щыт ″ей (иэй)″ системэ пэлъытэ зыпщIкIэ зы гуэрыр уэуей пщIыныр тыпшкъым.

Ар нэгъуэщI псалъэ лэжьэкIэхэм хуэдэу лэжьэкIэ къэбгъэсэбэпрэ, уэр пэлъытэу щыIэ гуэрыр уэуей пщIыну иужь ущихьэм щыгъуэ, -уэуей хъун дэнэ къэна-, езым ей уещIыфыр: ″сейщ″! ″Сейщ″ жыIэкIэм къикIыр ″сырейщ″ жыIэпхъэу щытщ.

ТIэ, нэгъуэщI псалъэ лэжьэкIэхэм хуэдэу, префиксу щыт ″сэ″р зэ къэбгъэсэбэпкIэ Iуэхур зэфIэкIыркъым, псалъэр къыпхуэлажьэркъым; икIи, уи гугъэм и пхэндж мыхьэнэращ ухуэр. Уэуей пщIыну иужь уиту щытым ей ухуэхъунри къохъур. А лэжьэкIэм жыпIэн уи гугъэр хузэфIэкIыркъым; бзэм жыпIэр зыхуигъакIуэр гурыIуэгъуэщ: «Уэ зы лъабжьэм урейщ; тIэ, зы лъабжьэм уэр хуэдэу ей гуэрыр, ууей хъуфынкъым».

Ауэ, бзэ хабзэм емызэгъми, цIыхум и гугъэр къигъэщIыну иужь итынукъэ тIэ! Апщыгъуэм, текъузауэ жиIэн хуей мэхъур и гугъэри щэ, зэкъыми, етIуанэу ″сэ″р къыреIуэр; етIуанэу зыкъыреIуэжыр: ″сэсейщ!″. - Гугъэр гурыIуэгъуэ хъуагъэнщ тIэ!

Мыпхуэдизым зи ужь дитрэ ди гугъэр жыIэн Iуэхугъуэр гугъу щIэхъум и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: «ЩыIэгъуэ зиIэу щытрэ я щыIэгъуэ лъабжьэр зыуэ щытхэр зей хъуфыркъым! Зытету щыт системэр зыуэ щытхэр а системэм ейуэ щытщ; ахэм языхэзыр адрейм ей хъункъым! Зэхуэдэ пэлъытэу зы лъабжьэм тету щыIэгъуэ зиIэу щытхэм зыр адрейм ей хъуфыркъым; хъумэ хъур, зыр адрейм иIэ мэхъуфыр! Езыр лъабжьэ зыхуэхъуу щымытыр, езым къытемыхъукIарэ къыхэмыхъукIауэ щытыр, езым ей хъуркъым!».

Ар щхьэ, зи гугъэм иужь иту щыт цIыхур, -ар хъу мыхъуми- зи гугъэ къигъэхъун иужь иту щытрэ, зи гугъэр къэзыгъэхъуф зыфIэщIрэ, икIи къэзыгъэхъуфу зызлъытэрщи, абы папщIэ сытри зызхуигъэлэжьэнущ; бзэри!: ″Сейщ″ псалъэм цIыхум и гугъэр къимыгъэхъуфу щытмэ, цIыхум аргуэру зыкъыхегъэщри токъузэри, ″сэсейщ(!)″ жеIэр.

*

″Еиныгъэ″ псалъэрэ лъабжьэ системэу джыуэ щытыр, ипщэкIэ зи гугъу зэрытщIам хуэдэу щытщи, ″ей (эий)″ кIэухым, къызпыхьэ псалъэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ, а псалъэм ейуэ щытри зэриджыр жытIагъэхэщ. Мыпхуэдэу щыт псалъэхэр зы куэдагъщ, зы цIыхбэрщ, зы цIыхурщ, зы щыIэгъуэ лъэщыгъэрэ къежьапIэу щытрэ лъабжьэрщ. Мы ″эий″ кIэухыр къыщыпыхьэм щыгъуэ, а псалъэм ей хъууэ щыт псалъэу утыку къихьауэ щыт щапхъэхэм зэращыщыр гурыIуэгъуэ хъуауэ щытщ мыхэр: «Хьей (хьэм ей), хей (хэм ей)...».

Аращи, цIыхубэ псэукIэм къигъэщIрэ утыку къырилъхьэр, зы унагъуэм е щхьэжу зы нэрыбгэм иухуэрэ утыку къырилъхьэхэри, а цIыху гупрэ щхьэжу а нэрыбгэм ейуэ мэлъытэр. Мы лэжьэкIэр зэрилъабжьэу къэхъуауэ щыт щапхъэхэр Адыгэ псэукIэм мымащIэу къигъэщIауэ щытщ. Мы щапхъэхэм ящыщщ: «″Къэбэрдей, Хьэтыкъуей, Джылахъстэней″

хуэдэу Адыгэ жылагъуэ фIэщыгъэцIэхэр; ″Мысостей, Дыгулыбгъуей, Къундэтей″ хуэдэ къуэжэцIэхэр; ″Адыгей, Урысей″ хуэдэу хэгъэгуцIэхэр».

ГурыIуэгъуэрщи, ″ей″ системэр, зы гуэрым и лъабжьэрэ, а гуэрыр къызтехъукIыр къэзыгъэлъагъуэ щыхъукIэ, мыр цIыухубэрэ щхьэжу цIыхум хуэIуауэ къэмынэу, щыIэгъуэ лъабжьэхэри къизыIуэу къосэбэпыр. ТIэ, ″ей″ системэр фIыщэу зыхэлэжьыхьрэ къэгъуэгурыкIуэу щыт адыгэбзэм, дэтхэнэ зы гуэрыр зейрэ къызтехъукIар къигъэунэхуапхъэуй жыпIэфынщ. Мыбы и зы щапхъэу лъытапхъэщ ″жыгей″ псалъэм къыдгуригъаIуэри.

ГурыIуэгъуэщи, жыгейр зы жыг лъэпкъырщ. Ар Адыгэм пщIэ зыхуищIыу зы жыгщ икIи. Ауэ, ар, дэтхэнэ зы лъэпкъым пщIэ зыхуащIыу зы жыгыу жыIэпхъэщ; икIи, цIыхум Iуэхугъуэ куэдкIэ къыщхьэпэу зы жыгщ. Абы и цIэу щыт ″жыгей″ псалъэм уедаIуэмэ, ар жыгыр зейру къызэрыбгурыIуапхъэр нахуэщ. Жыгыр къызтехъукIарэ жыг лъабжьэрэ лъапсэу щытыр жыгейрауэ хъуныр хэлъщ мы фIэщыгъэцIэм. Мыр жыгыр зейуэ гурыIуапхъэмэ, тIэ ар жыг пашэрщи, жыг дыдэрщ; ар жыг жылэрщи, жыгыр къызтехъукIарщ. Мыхэр пэжу лъытэн папщIэ, щIэныгъэ нэгъуэщIхэм я къахутэныгъэри узхуэныкъуэу зы Iуэхушхуэщ; ауэ, дэтхэнэ зы псэущхьэ лъэпкъым, зы къежьапIэрэ жылъэ хуэхъуауэ щыт зы лъэпкъ щыIэщи, тIэ, мы ″жыгей″ псалъэри мыпхуэдэу къыдгуригъэIуапхъэ мэхъур. Нобэ зы жыг жылэ лъэпкъ щыIэу щытмэ, тIэ, ар ″жыгей″уэ къыщIэкIынщ.

Адыгэбзэм жиIэр, къызэрыдгурыIуэм хуэдэу щытмэ, щIэныгъэ нэгъуэщIыгъуэхэм пэмыщI, Адыгэ IуэрыIуатэрэ фIэщхъуныгъэжьхэми щыгъуазэ дыхуэхъун хуейщ; мыбы имзакъуэу, нэгъуэщIыбзэрэ хабзэхэми, мифологиехэми, жыгейр адыгэбзэм зэрыжиIэм хуэдэу гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIын архивхэмрэ лъагъуэхэм дыщыхуэзапхъэщ. Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIэй, ″жыгей″ псалъэр францыбзэми адыгэбзэм хуэдэ къабзэу зэтеувауэ зы фIэщыгъэцIэу зэрыщытым дырохьэлIэр: ФранцыбзэкIэ жыгыр ″арбр″щи, ″арбрие″ жыхуиIэр ″жыг зэхэт″рэ ″жыг лъэпкъ″, ″жыгыр зей″уэ гурыIуэгъуэщ.

НэгъуэщIыбзэхэм и гугъу къыщыхъеякIэ, нэгъуэщI лъэпкъыбзэхэми, ″ей″м ещхь кIэух зиIэ фIэщыгъэцIэхэр зэрыфIащыр жыIэпхъэщ. ИкIи, а фIэщыгъэцIэ щIыкIэр къэзыгъэсэбэпу щыт лъэпкъхэм я бзэм хэт еиныгъэ цIэпапщIэрэ глаголыр куэду щхьэхуэу щытщ. Ар щыгъукIэй, зи щапхъэу къэтхьыну щыт Iуэхугъуэхэм теухуауэ еиныгъэ цIэпапщIэрэ кIэуххэр къызтехъукIауэ щыт бзэр, лъабжьэкIэ нобэрей адыгэбзэ системэм хуэдэу щытауэ жыIэпхъэнщ. Мы зи гугъу тщIы нэгъуэщIыбзэ фIэщыгъэцIэ щапхъэхэм ящыщщ мыхэр: «УрысыбзэкIэ ″Руся, Францие, Турцие″; францыбзэкIэ ″Туркий″; алманыбзэкIэ ″Туркай″; инджылызыбзэкIэ ″Тюркей″; тыркубзэкIэ ″Тюркие″».

Еиныгъэ Iуэхугъуэр, ипщэкIэ къызэрытIуэтам хуэдэщи, къызхэхъукIрэ къэзгъэщIым хуэIуауэ щытырщ. Бзэм гурыIуэгъуэ зэрищIым хуэдэу елъытэр ар хабзэми, зеир, ипщэкIэ зэрыжытIам хуэдэу зэрихьэу жыIэпхъэщ. "Ей" псалъэр зэрызэтеувэ щIыкIэм къигъэлъагъуэр гурыIуэгъуэщи, "зей"р нэхъ лъабжьэрэ нэхъыжьу, нэхъ куурэ нэхъ куэду щытырщ. Мы псалъэхэм къызэрыгуэкIкIэрщ адыгэбзэм къызэриIуатэрэ, Адыгэ системэри зэрызэтеувэр. ТIэ, ар щыхъукIэй: «Пщыр цIыхубэм ейщ; къуэр адэ-анэм ейуэ жыIэпхъэщ; гупщысэр къэзгъэщIауэ щыт гупщысакIуэм ейщ; усэр зыусам ейщ...».

Бзэм къызэриIуатэ щIыкIэу, еиныгъэ системэр зэрылажьэр гурыIуэгъуэщ. А системэр зыхэлэжьыхьу щыт зы бзэм и логием къызэрыгуэкIкIэ хабзэ зиIэну щыт зы лъэпкъым зэрилъытэнур аращи, зы цIыхур цIыхубэм ей хъунщ; мыхъумэ, зы цIыхубэр зы нэрыбгэм ей хъункъым: Пщыр цIыхубэм ейщ; мыхъумэ, цIыхубэр пщым ейкъым.

**

Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри мыпхуэдэщи, "ей" системэ лъабжьэу, зы гуэрыр, къызтехъукIам ейщ; гурыIуэгъуэщи, мыри игъуэджэу хейщ. "Ей" системэр икIи, "хей" псалъэм фIыуэ къыдгурегъаIуэр. "Хей"р цIыхубэм ейуэ щыт Iуэхугъуэрщ; мыхъумэ, ар зы пашэм е зы пщым ей хъууэ щытыркъым. "Хей" псалъэм къиIуатэу щыт Iуэхугъуэр къызпкъырыкIыр цIыхубэрщ, зы нэрыбгэркъым. Зы нэрыбгэм къыпкъырыкIыр абы ей хъунщ, ар щхьэ, "хей" хъункъым.

Ар щыхъукIэй, ипщэкIэ къэтхьауэ щыт псалъэрэ жыIэкIэ хъуауэ щыт "Беслэней, Джылахъстэней" хуэдэ псалъэхэр, адыгэбзэм и еиныгъэ системэр зэрилъабжьэкIэ бзэм къиIуатэу щыт фIэщыгъэцIэхэрщ; ауэ, адыгэбзэ еиныгъэ системэр зи логиерэ зи лъабжьэу щыта Адыгэ хабзэжьым емызэгъыу жыIэпхъэщ (нэрыбгэр цIыхубэм ейш; цIыхубэр нэрыбгэм ей хъункъым). ТIэ, а жыIэкIэ хъуауэ щытхэр, адыгэбзэр зи лъабжьэу къэхъуами, абы и еиныгъэ системэм емызэгъ псалъэхэрщи, тетыгъуэ хабзэр къызэрыкIуам къызэрыгуэкIкIэ, пщы системэм и зэхъуэкIыныгъэу къэхъуауэ щыт тепщэгъуэ системэм къызэрыгуэкIрэ и нэужьым жыIэкIэу утыку къихьауэ щыт псалъэхэрауэ жыIэпхъэщ.

Жылагъуэ фIэщыгъэцIэ псори мыпхуэдэу иужькIэ къэхъуарэ, Адыгэ хабзэ зэхъуэкIыныгъэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьауэ щыткъым. Мы житIэм и щапхъэу щытщ "Хьэтыкъуей, Жаней" хуэдэ жылагъуэ фIэщыгъэцIэхэр. Мыхэр зы жылагъуэ фIэщыгъэцIэу щытщи, зэрыжылагъуэу зыхиубыдэу зэрыщытым папщIэ, адыгэбзэ хабзэм езэгърэ игъуэу фIэщыгъэцIэхэрщ. Ахэр хейуэ щытщ; а жылагъуэрэ лъэпкъыр зы пщым ейуэ зылъытэ фIэщыгъэцIэхэркъым. Мы псалъэхэр къызэрыхъу щIыкIэр адыгэбзэ хабзэм езэгъыу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, Хьэт лъэпкъым къытехъукIа жылагъуэ жыхуиIэрщ "Хьэтыкъуей"р; "Жаней"ри, Жан лъэпкъ зэхэтырщ.

Мыбдежым гукъэкIыпхъэу щытщ Адыгэ къуэжэцIэхэри. Ахэм и нэхъыбэр, унэгъуэцIэм "ей"р кIэухыу къызэрыпыхьэкIэрэ къэхъуауэ щытщ. ИкIи, *феодализм*эр и лъабжьэрэ щхьэусыгъуэу къызэрагъэлъагъуэм къызэрыгуэкIкIэ, нэхъыбэу нобэ гурыIуэгъуэ зэрыхъури, ипщэкIэ къэтхьауэ щыт "Бесленей, Джылахъстэней" хуэдэу щытщи, къуажэм дэсыр къуэжэпщым ейуэ ялъытэфыр.

Зы унагъуэм зы къуажэ иухуэныр игъуэу зы Iуэху хъунщ; ар щыхъукIэй тIэ, а къуажэр а унагъуэм ейуэ лъытапхъэщи, къуэжэцIэри а унагъуэм зэрейкIэрэ зэтеувэнщ. Ауэ, а къуажэм дэс цIыхубэр а къуэжэцIэр къызтехъукIа унагъуэм ейуэ лъытэныр мыхъун Iуэхущ: Бзэ логием къызэригъэлъагъуэр аращи, зей хъур кууращ, лъабжьэу щытращ, куэдращ, цIыхубэрщ. Ауэ, иужькIэ Адыгэм къыхуэблэгъа системэм къызэрыгуэкIкIэ, зы къуажэр зэрыщыту зы нэрыбгэм, зы къуэжэпщым ейуэ лъытапхъэ хъуауэ щытщи, феодализмэ нэужьу иджыри Iуэхур къызэрыдгурыIуэр мыпхуэдэщ.

ТIэ, бзэ системэм емызэгъыу щыту, нобэ къызэрыдгурыIуэ щIыкIэр къызтехъукIар зы хабзэрэ псэукIэ системэм и зэхъуэкIыныгъэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мыбдежым зэхъуэкIыныгъэ жыхуэтIэр феодализмэ Iуэхугъуэм изакъуэу лъытапхъэкъым; ауэ, а системэр къыщекIуэкIым къыхуэзэу къэблэгъа тетыгъуэ *стил*ращ мы зэхъуэкIыныгъэр къызтехъукIауэ жыIэпхъэр. Мы тетыгъуэ щIыкIэр Адыгэм и пщыгъуэ системэм къызэрыхыхьэрэкIэ къэхъуауэ щытщ Адыгэ тепщэгъуэр. Адыгэм езым и псэукIэм къыхыхьэу щыт зы зэхъуэкIыныгъэрщ мыри, аращ адыгэбзэм и еиныгъэ системэм хуэмыдэрэ емызэгъыу гурыIуэгъуэ хъууэ щыт мыхьэнэхэр зэрыухуар; аращ икIи, хабзэм хуэпхэндж фIэщыгъэцIэхэр къызтехъукIауэ жыхуэтIэ зэхъуэкIыныгъэр. Адыгэбзэм и еиныгъэ системэр бзэ лъабжьэу щытми, мы фIэщыгъэцIэхэр утыку къызэрихьэрэ гурыIуэгъуэ зэрыхъу щIыкIэр зэхъуэкIауэ жыIэпхъэщ.

Нобэрей системэрэ сивилизацэм и лъабжьэу лъытапхъэщ тепщэгъуэ системэу ухуар; икIи, зи гугъу тщIауэ щыт зэхъуэкIыныгъэм хуэдэщ а фIэщыгъэцIэхэр нобэрей сивилизацэмкIэ гурыIуэгъуэ зэрыхъур. ТIанэ, мы зэхъуэкIыныгъэу жыхуэтIэр зыхуэIуар нэхъыбэу Къэбэрдей жылагъуэрщи, къэбэрдеибзэращ а фIэщыгъэцIэрэ тепщэгъуэ псалъэхэри зыхэтыр. ТIэ, Адыгэ хабзэрэ пщыгъуэр и лъабжьэу зэрыщыткIэрэу, нобэрей сивилизацэ лъабжьэм хуэфI системэр зыухуа Адыгэ жылагъуэр Къэбэрдейращ.

Адыгэ къуэжэцIэхэм теухуауэ мыхэри пыщапхъэщ: «Зы Адыгэ унагъуэрэ, лIэкъуацIэр зыдэсу щытыр зы хьэблэрщ. Хьэблэр гурыIуэгъуэщ икIий, япэрауэ ухуауэ щыт цIыхубэ дэсыпIэрщ. Ауэ, "хьэблэ" псалъэми гурыIуэгъуэ ищIыу щытщи, абы дэсыр зэхуэдэрэ зэблагъэу зы цIыху гупырщи, зы лIакъуэм къытехъукIахэрщ. А хьэблэр, абы дэсу щытхэм и

лӀэкъуацӀэкӀэрщ къызэраӀуэр. Абы дэсу щыт лӀэкъуацӀэм нэмыщӀ унагъуэхэр хьэблэм къыдэтӀысхьэу щытмэ, кӀуэ пэтрэ а хьэблэр, зэхуэдэу зы лӀакъуэр зыдэс хьэблэу къэмынэжу, зэжылагъуэхэр зыдэсу зы къуажэ хъунщ. Мис апщыгъуэм хьэблэу къэнэжынкъым абжежри, и цӀэри зэхъуэкӀынщ. А хьэблэращ мы къуажэр къызтехъукӀари, хьэблэр зи хьэблэу щыт лӀэкъуацӀэр гурыӀуэгъуэщ; тӀэ апщыгъуэм, а къуажэр къызтехъукӀа хьэблэ лӀэкъуацӀэр къыхэщу зы къуэжэцӀэ ухуэнщ. Мыпхуэдэу хьэблэу щымытами, зы къуажэр япэрауэ зыухуарэ къызщӀэныжауэ щыт лӀэкъуацӀэм зэрейр къыриӀуэу зы цӀэ фӀащынщи, мыр адыгэбзэ еиныгъэ системэм езэгъырщ. Дауэми, а къуажэр къызтехъукӀарэ зыухуа унэгъуэцӀэм зэрейрэкӀэ къыраӀуэнщ. Зы къуажьэр хьэблэ хьэблэуи зэхэсыпхъэщ. Апщыгъуэм, а къуажэр зыухуарэ къызтехъукӀам и цӀэкӀэ къыраӀуэ хъунщ».

Ауэ, мы жытӀэхэр адыгэбзэм къыдгуригъаӀуэрэ Адыгэ хэбзэжьу щытаращи, мы къэтӀуатэр зы тхыдэу лъытапхъэкъым. Мы лэжьыгъэм и Ӏуэхуу щыткъым Адыгэ псэукӀэрэ хабзэри къэхутэныр; ар щхьэ, бзэр, зезыхьэу щыт цӀыхубэм и логиеу щыщыткӀэ, абы ущытелэжьыхьым щыгъуэ, зы бзэ системэу лъытапхъэу щыт хабзэрэ цӀыхубэ зэхэтыкӀэм и лъабжьэри къыпхуэунэхуу жыӀэпхъэщ. Ауэ, а нэхъ мащӀэу, къуэжэцӀэ зэтеувэкӀэм теухуауэ жытӀэхэр, зы псалъэрэ зы фӀэщыгъэцӀэр къызэрыхъурэ, абы и зехьэкӀэ хабзэ зэрыхъум теухуащи, зы псалъэр мыхьэнэу зэрылажьэрэ зэрызэхъуэкӀым и тхыдэм теухуа Ӏуэхугъуэу лъытапхъэрщ. ИкӀи, бзэрэ логиер зэрилъабжьэу утыку къихьауэ щыт псалъэхэращ а бзэр зезыхьэу щыт цӀыхубэм и еплъыкӀэри, тӀэ, мыбдежым жытӀэхэр, цӀыхубэм и логием теухуа Ӏуэхугъуэхэрщ нэхъыбэу. Ауэ, а лъэпкъым и логием къезэгъ къемызэгъми, и псэукӀэр зэхъуэкӀыпхъэщи, апщыгъуэми, и бзэр зэрилъабжьэрэкӀэ мы псэукӀэщӀэри зэрылажьэ щӀыкӀэр къызэрыхэщкӀэрэу къиӀуатэу щӀидзэнщ. ТӀэ, и бзэрэ и логием къемызэгъми, зы цӀыхубэм и псэукӀэм къыхуихьыр къызэрыӀуатэр и бзэкӀэрщи, псалъэхэм и мыхьэнэ зэхъуэкӀымрэ хэкӀуадэхэм, бзэ лэжьэкӀэ зэхъуэкӀхэм а лъэпкъым и псэукӀэрэ и хабзэр зэрызэхъуэкӀыр къаӀуатэри, мыр бзэ археологием къытӀэщӀигъэхьэу щыт щӀэнхэрщ. Мыбы щӀэныгъэм хилъхьэр мащӀэкъым; а бзэр икӀи, адыгэбзэу щытмэ...

**Ӏе...**

"Ӏе"р ем кӀуэр е ер зыгъэзащӀэрщ. "Ер" е "ем кӀуэр", ипщэкӀэ зи гугъу зэрытщӀащи, "е" макъыу екӀуэлӀэныр зи Ӏуэхур, зыми пымщӀарэ зы гуэрми емыкӀуалӀэрэ емыхьэлӀауэ щыкӀуэрщ; "е" езырыж хъурщ.

"Ӏе"р зыми зыпымыщӀарэ езырыжу щыт "Ӏи"р щыкӀуатэрщи, ар "Ӏиэ"рщ. Ар щыхъукӀэй, езырыжу къызэрынарэ, зыми зыпымыщӀауэ кӀуатэу щыт абсисым, езыр зыхэту щыт координат системэр итхъурэ илъэщӀ хъунщ. ТӀэ, зы функцэр игъэлъэгъуэн папщӀэ щыӀэу щыт зы

координат системэр, зыри къимыгъэлъагъуэрэ зэримыджкIэрэу кIуатэу щытмэ, ар функцэрэ щыIэу щытым и лъабжьэрылъэсырщ. Ар щыхъукIэй, ″Iе″р щыIэрэ функцэм емызэгъырщи, ар зыгъэкIуэдырщ.

Мыбы хуэдэу щытщи, ″Iе″ макъыр къызтехъукIыр ″е″уэ плъытэу щытми, ар ″е абсолудсенэ″ хъурщ. Абы игъэзэщIэнури ″Iе″м игъэзащIэм хуэдэнщ: ″Е (иэ)″рэ координат системэм тету зы кIуэтэгъуэу щытыр, лимитацэ хъурэ зэхэувэмэ, зы функцэ фIэмыIуэхуж хъунщи, ар мыпхуэдэу зыми пымыщIарэ емылъытауэ кIуатэу щытмэ, къэхъуну щыт Iуэхур ипщэкIэ зи гугъу зэрытщIам хуэдэщ: ″Ии″р зэрыкIуатэм (э) хуэдэу зы Iуэхугъуэ хъунщи, ″Iе″р къэхъунщ.

*

"Ар е мыр" хуэдэу зы жыIэгъуэм щыгъуэ "е"м игъэзащIэр, а псэлъитIыр зэпищIэнрэ ухигъэдэн Iуэхугъуэрщ. Мыпхуэдэ зы Iуэхугъуэй имгъэзащIэу, зыми хуэмыкIуэрэ, "е"р езырыжу гъэлъэгъуапхъэ щыхъукIэ, ″р″ макъыр кIэух хуэхъуу ″ер″ мэхъур; е, Iуэхум ухигъаплъэрэ къыбгуригъаIуэ щIыкIэу, ″м″ макъыр кIэух хуохъури "ем" жыIэгъуэр къохъур: «Ер уипэм ихьэн; ем хуэкIуэн...».

″Е(иэ)″ макъым иджрэ, ″ер″ Iуэхугъуэри къызэрыхъур гурыIуэгъуэ зэрыхъуар лъабжьэ хъууэ щытмэ, ″ерыщ″ псалъэри гурыIуэгъуэ мэхъур. Ар адыгэбзэм мыфI Iуэхугъуэу зэрыхэтыр гурыIуэгъуэщ. ″Ерыщ″ыр, ″ер″у кIуэуэ щытырщ; ар зи щIыкIэм, и гугъэу щытыр лъабжьэрылажьэкIэу игъэзэщIэфыну къыщIэкIынщ; ауэ, а щIыкIэр зы фIыгъэрэ *позитив*ыгъэ щIыкIэу илъытэу жыIэпхъэкъым адыгэбзэм.

"Е"р зы мыхъумыщIэм е мыхъупхъэ гуэрэм щыхуэкIуэр къэзыгъэлъагъуэ "емынэ" псалъэми жытIэхэр егъэпэжыжыр: "Емынэ"р, "мынэ"м кIуэуэ щытыр къизыIуэрщ. "Мы-нэ"м къыпыхьэрэ и префикс хъу "е"м игъэзащIэр, нэ мыхъуу щытым хуэкIуэрщи, ари "емынэ" мэхъур. "Мынэ"р "нэ" зэрмыхъукIэрэ, зы гуэр къэзмылъхур е къызхэмыкIырщ; нэгъуэщIыу уеджэмэ, "мынэ"р "нэ" мыхъурщи, "нэ" мыхъур щыIэ хъумэ, Iуэхур абы хуэкIуэмэ(е), хъууэ щыIэм и пхэндж хъунщ; хъум и пхэнджкIэ лажьэ хъунщ. "Емынэ" хъур, щыIэм хуэпхэндж хъууэ щыIэм емзэгъынырщ, щыIэм езэуэнырщ; щыIэ гъэкIуэдыгъуэ къызхэкIыпхъэрщ.

Арагъэнщи, Емынэм темыкIуэф Сосрыкъуэм зыри хузэфIэкIынтэкъым; ар абы темыкIуатэмэ, щыIэ хъуфынтэкъым е щыIэжыфынтэкъым.

Арагъэнщ, псэр зыкъемылрэ псэугъуэм емызэгъыу щыт уз Iейхэр, ″кIуэдыгъуэр къызхэкI уз″ хъууэ щыт узыжьхэр ″емынэ уз″у щIалъытэр.

″Емзэгъ″ри Адыгэ IуэрыIуатэм хэту щыт зы фIэщыгъэцIэщ; икIи, зыкъызэриIуатэм хуэдэщи, ари ″емынэ″ пэлъытэу щытщ. IуэрыIуатэм къызэрыхэщымкIэ, ″Емзэгъ″ыр ″Ахуэмыдэ″м и пхъурщ. ″Ахуэмыдэ″ри IуэрыIуатэм фIыгъэ зи лэжьыгъэу къыхэщыркъым; ари, гъащIэрэ хъугъуэ-

фIыгъуэ къекIуэкIым хуэдэкъым; хъугъуэ-фIыгъуэм хуэфIыркъым, абы езэгъыщэркъым: Зы системэрэ хабзэу къекIуэкIыр позитивыгъэрэ хъугъуэ-фIыгъуэу щытмэ, ″ахуэмыдэ″у щытыр позитиву щымытырщи, мыбы къыхэхъукIынрэ къилъхунури позитиву щыт хабзэм ″емызэгъ″ынурагъэнщи, ари позитиву щымытырщ. Аращи, зы фIэщыгъэцIэу ″е, ер, ем, емынэ″ хуэдэжу, макъкIэ зэхэлъхьауэ щымытми, ″Ахуэмыдэ″рэ ″Емзэгъ″ыр, зы псалъэу зэрзэтеувэ щIыкIэми къызэригъэлъагъуэрэ, ар зи фIэщыгъэцIэу щытхэм къалэжьыр IуэрыIуатэхэм зэрыхэт щIыкIэми къагъэлъагъуэр аращи, ахэр емынэжьейуэ щытхэрщ.

*

Мы щапхъэхэм къызэрагъэлъагъуэу, "е"р езырыжрэ (ер) зыми емылъытарэ хуэмыкIуэу, езым зыхуэкIуэж (ем) –е, езырыж гъэлъагъуэ-щыхъукIэ, е зы мыхъу-мыщIэм щыхуэкIуэкIэ (емынэ), къэхъур фIыкъым.

НытIэ, "е"р езырыжрэ зыми емылъытауэ зэрыкIуатэ щIыкIэу лажьэу щытрэ, а зэрыщытым тету къэбгъанэрэ ппытIмэ, мыбы "Iе"кIэ еджапхъэ хъунщ. Бзэм зэрихабзэкIэрэ, "и"р мылэжьэжрэ зыри къимгъэлъагъуж щыхъукIэ, зыри имгъэлъэгъуэжу езырыж щыхъукIэ "Iи"р къызэрыхъум хуэдэщи, ардыдэр зи щхьэ къырикIуэ "е"ри "Iе" хъунщ. Мылэжьэжрэ зыми хуэмыIуауэ езырыж щыхъукIэ, "абсолудсенэ и"р "Iи" зэрыхъум хуэдэу, "е абсолудсенэ"ри "Iе" хъунщ. ″Iе″ макъыр ″е″м къытехъукIыу уеплъмэ, Iуэхур къызэрыхъу щIыкIэрэ мыхьэнэу утыку къихьэр мыращ.

Мыбы имзакъуэу, ″Iе″ макъыр ″Iи″ макъми къытехъукIыпхъэщ; икIи, зи гугъу тщIауэ щыт Iуэхугъуэ дыдэр къытехъукIыпхъэщ абыи. ″Iи″р, зиту къэнарэ зыри зымыгъэлъагъуэу щыт ″и″ макъырщ; ар ″и″жрэ езырыж ″и″уэ щытырщ; ″Iи″р, диярэ щтауэ щыт ″и″рщи, бзэм хэлэжьыхьыркъым; езыр мэгъэлъагъуэ закъуэр. Ар мыпхуэдэу щытрэ, зэрыщыту ″э″ лъэныкъуэмкIэ кIуатэ хъуми, зыри къигъэлъэгъуэнукъым; бзэм зы фIыгъэ хуиджынукъым. Зэрыщыту координат системэр итхъурэ илъэсу, лъабжьэрыгъэкIуэд хъунущ.

ИпщэкIэ, щхьэжрэ зыми емылъытауэ кIуэуэ щыт ″е(иэ)″ макъым папщIэй мыбы ещхь псалъэхэр жытIауэ щытащ. Ауэ, мыбдежым Iуэхур нэхъри ткIийщ. ″Иэ″м щыгъуэ, Iуэхур, зыми емылъытарэ утIыпщауэ зэрыкIуэрат; ауэ, мыбдежым Iуэхур, лэжьыгъэм нэмысу, къыздежьэм къыщIедзэр. Бзэм емзэгърэ ем хуэкIуэн Iуэхугъуэр къыщыщидзэр ″Iи″ макъым дежщ.

АтIэми, щхьэжу щыт ″Iи″ макъым зыри къигъэлъагъуэртэкъым; ар бзэм хэлэжьыхьыртэкъыми, зызгъэлъагъужрэ сытри езым зэрелъытарэ зэрехьэлIакIэрэу щыIэу илъытэу зы щIыкIэм иту щытт. Мы щIыкIэр зи щIыкIэу щыт ″Iи″р бгъэкIуатэрэ ординат лъэныкъуэри епту щытмэ,

координат системэм езым зишхыжу аращ къэхъунури, ар ″е(иэ)″м нэхърэ нэхъ быдэ хъунщ.

А къэхъу макъым зы кIэух къыпыхьэн хуэныкъуэкъым гурыIуэгъуэ хъун папщIэ. Ар зэрыщыту гурыIуэгъуэщ: Iе! Абы зэрыщыту игъэзащIэр нахуэщи, лъабжьэр егъур; ауэ, мы Iуэхугъуэр къэбгъэлъэгъуэн ухуеймэ, ″й″р къэбгъэсэбэпынщ: Iей!

Нэрылъагъущи, ″Iе″м ″й″ къыщыпхьэм щыгъуэ Iуэхур зэхъуэкIыркъым. ИпщэкIэ, езырыжрэ зыми емылъытауэ кIуэуэ щыт ″е″м мы и лэжьэкIэр зэрымыфIрэ, ем зэрыхуэкIуэр е еру зэрыджыр жытIауэ щытащ. Ауэ, а лъабжьэрыджу щытым зы къэувыIэпIэ хуэхъуу щытрэ, зы IэнатIэ иджу утыку къыщихьэм щыгъуэ, ″ей″ Iуэхугъуэр утыку къызэрихьэр жытIауэ щытщ. Мыпхуэдэу щыткъым ″Iе″ Iуэхугъуэр: Ар, зи гугъу тщIыуэ щыт ″е″ лэжьэкIэ мыфIым и текъузэрэ тегъэщIа хъууэ щыт ″Iе″уэ утыку къихьэрщ; е, нэгъуэщI къэхъукIэу, ″Iе″р, къызтехъукIауэ щыт ″Iи″м къыщIыщIэдзауэ бзэм хуэмыфIыщэу щытщи, абы зы къэувыIэпIэ игъуэтрэ зы IэнатIэ иджу щытми, нэгъуэщI зы Iуэхугъуэр къигъэлъагъуэу щыткъым. Абы ″й″ кIэух къыпыхьэмэ, зэрыщытрэ зэрымыфIыр зы IэнатIэу утыку къохьэри, мыпхуэдэкIэ хъумэ хъур, мы IэнатIэр зы гуэрым екьэлIарэ абы теухуа мэхъур: ″цIыху Iей!″.

*

"Ем" е "ер"ым къыраIуэращ "Iе"р; ар "е" езырыжу щытырщ; "Iе"р зыми пымщIауэ щытырщ. НытIэ, ипщэкIэ къызэрытIуэтам хуэдэщи, "Iе"р "Iиэ"у тхыпхьэщ, гурыIуэгъуапхъэщ. Ар щыхъукIэй, "Iе (Iиэ)"р "Iи" хъурэ зэманыгъуэй(э) зиIэрщ: Зыри къимгъэлъагъуэу езырыжу щыт "Iи"р мылажьэ е мыщхьэпэ абсисщ; мыщхьэпэ абсисыр ординат зиIэ хъумэ е зэманым техьэрэ лажьэмэ, щыIэу хъуам я лэжьэкIэм емыщхьрэ емыкIуалIэрэкIэщ, емызэгъкIэрэщ зэрылэжьэнур. ЩыIэр къэхъу-къэщIрамэ, зи гугъу тщIы лэжьэкIэр щыIэхэм я лэжьэкIэм теухуэнукъым е екIунукъым. ЩыIэр щыIэу хъуаращ, сытрикIщ; щыIэр щыIэхэмкIэ изщ, щыIэр и щыIэгъуэ изыжщ. НытIэ, щыIэгъуэм изыжрэ зы нэщIыпIэ щыщымыIэкIэ, "Iе (Iиэ)"ми щыIэхэр зыгъэщыIэ зэманыгъуэ хэлъу щытмэ, щылэжьэнур щыIэхэр зыщылажьэу зыдэщытырщи, ай тIур зэмзэгъщ.

ЩыIэр фIыщ; "Iе"р щыIэм емзэгъыу щыIэпхъэ хъуфынурщ. Ар щыхъукIэй, "Iе"р щыIэпхъэрэ щыIэ хъуфмэ, икIи щыIэм хуэдэу фIы мыхъуу щытмэ, ар "щыIэ мыфI"ырщи, ари "фIы Iей"щ, "фIей"рщ: "Iе"р изакъуэу жыIэпхъэщ, ауэ, зы гуэр къигъэлъагъуэ щыхъукIэ е зы гуэрэм и плъыфэ щыхъукIэ, -ипщэкIэ "й"м игъэзащIэхэм къызэригъэлъагъуэкIэрэу-"Iей" мэхъур.

″ФIей″ псалъэм ″фIым ей″уэй еджапхъэщ; фIы жыхуиIэри зы хъугъуэ-фIыгъуэу щыту щыIэращи, икIи ″фIей″р щыIэм ейуэ щытырщ.

Мыхъу-мыщIэр зыгъэлъагъуэ "Iе"м зигъэлъагъуэу щыIэ хъумэ "Iей"щи, ар хъугъуэ-фIыгъуэм и пхэнджу зы Iуэхугъуэ IэнатIэрщ; "Iей"р "фIы"м и пхэндж хъурщ. Къэхъурэ убзыхукIэрэ хъууэ щытым, зы бзэм тету ужьыгъуэ зиIэм и пхэнджыр, щыIэгъуэ-фIыгъуэ зыгъуэт "Iей"ращ; ар "фIы-Iей"щ, "фIей"щ. "Къэ"хъурэ и "бзэ" зэртетыжкIэрэу "къабзэ"у кIуэм и пхэнджу лажьэрщ фIейр; зыужьыгъуэу е убзыхугъуэу хъун хуейуэ щытым и пхэнджырщ фIейр; ар зыужьыгъуэр къэзгъэувыIэрщ, убзыхуу кIуэр зыгъэбзэхыжырщ; фIейр къабзэм и пхэнджырщ.

″Iе″р дауи къэгъэхъу, абы игъэзащIэр ″ем″ хуэкIуэнрэ ″ер″ къэхъуныгъэ Iуэхугъуэрщ. ″Iе″м и къэхъукIэм уеплъмэ, гурыIуэгъуэу щытщи, ар бзэм хуэмылажьэ щIыкIэращ къызтехъукIыр. Зыми емылъытарэ зи щхьэжу лажьэу, лъабжьэрыкIуэдыр зи Iуэхугъуэу щыт ″е″м къытехъукIыу щыт ″Iе″ри, емрэ еру щытым хуэдэжщи, ахэм зы фIыгъэ гуэркIэ бзэ лэжьыгъэй ягъэзащIэркъым, бзэ лэжьыгъэм хокIхэр. Бзэ лэжьыгъэм хэкIым зы хъугъуэ-фIыгъуэу къэхъу-къэщIыр къигъэлъагъуфыжынкъым, къиIуэтэфынкъым; къэбгъэсэбэпмэ зыхуэсэбэпынур мыхъу-мыщIэрщ; зыIисыр мыгурыIуэгъуэрщ е зыми имыIису мыфIырщ.

Къэтпсэлъхэми къызэрагъэлъагъуэу гурыIуэгъуэщи, "Iе"р адыгэбзэм зэрыхэту щыт бжыгъэр куэд хъуркъым. "Iи"р "зыIис"ым зэрыхэт закъуэу щымытми, бзэм "Iе"р зэрхэтыр куэдкъым. Ар щхьэ, "Iе (Iиэ)"м зэманыгъуэ зэриIэпхъэ щыхъукIэ куэд хъуфын Iэмалыгъуэй иIэнщ. Ауэ, дауи ирехъу, абы адыгэбзэм хилэжьыхьыр мащIэщ: «Iей, фIей...; е, зы гуэрэр егъэлеярэ щыIэу щытым емыщхьрэ емзэгъ зэрыхъукIэрэ "псэлъэкIей (псэлъэкIэ-Iей), кIуэкIей (кIуэкIэ-Iей), щIыкIей (щыкIэ-Iей)...».

ТIэ апщыгъуэм, "фIы"м къэхъу-къэщIыр зэригъэлъагъуэрэ, "ер"ым, "ем" хуэкIуэм, "емынэ"м, "Iе"м мыхъу-мыщIэр къызэрагъэлъагъуэм къызэрыгуэкIрэ, фIым и пхэндж зэрыхъукIэрэй, адыгэбзэр зэрыфIыбзэрэ зэрыбзэфIыр, фIыри зэр позитивыр мэгъэлъагъуэжыр.

## «У, IУ, О» МАКЪХЭР

**У...**

″У″р дэтхэнэ зы щыIэм и щыIэкIэр зригъэунэтIынрэ зэрикIуэтэн Iэмалыгъуэрщ. Ар, къэзыгъэщIым и щыIэкIэрэ и щIыкIэм и кIуэтэкIэрэ и хэбэгъуэкIэрщи, абы къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ утыку къихьэу щыт Iэмалыгъуэрщ.

″У″р, зэман кIуэтэгъуэу щытымрэ (э), абы елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт ″и″ лъэныкъуэм, зэдащIырщ. ″Э″

лъэныкъуэрэ ″и″ лъэныкъуэм зэдаухуэрщ ″у″р. Ар ″и″ лъэныкъуэм зэманкIэрэ къигъэщIырщ.

″У″р хъуурэ кIуэрщ, хъурщ. Дэтхэнэ зы гуэрым и хъукIэрэ и ужьыкIэ хъууэ щытырщ. Дэтхэнэ зы лъабжьэрэ хъыр хъуфу щытмэ, зэрыхъур ″у″ Iэмалыгъуэрщ.

″У″р зыужьыгъуэ хъурщ; ″у″р гурыIуэгъуэ зыщIыу щыт псалъэр ″ужьыгъуэ″рэ ″зыужьыгъуэ″рщ. ″У″р ″у″уэ щыт хъумэ, мыувыIэу ″у″ къэхъуу щытмэ, *кроник*эу ″у″ къэхъумэ, ар ″ужь″ хъунщ. УвыIэпIэрэ зэпыудыгъуэ зэримыIэрэкIэ ″у″уэ щытыр ужу щытращи, ар езырыжрэ щхьэжу ″у″ Iуэхугъуэмэ, зыужьыгъуэрщ. Мыпхуэдэ IуэхугъуэрэкIэ ужьу щытым, мыувыIэу ужьым, иужь къинэ гуэрхэри къегъэхъур.

ИпщэкIэ зэржытIам хуэдэу, "у" макъым зыужьыныгъэр къегъэлъагъуэр, еджыр; е нэхъ пэжыр жытIэмэ, "у"м и Iэмалыгъуэращ зыужьыгъуэ хъуныр къэзгъэхъур, зыужьыгъуэр зыгъэзащIэ къэрур къызхэкIыр. Нобэм, итыгъуэм, иджыуэ щытым къигъэхъур мэ"у"хуэри, ар къэкIуэнум и лъабжьэ зэрыухуэкIэрэу, мэужьыр. Ужьыгъуэм (у) ит зэманыгъуэр (о) иужь къызэригъанэкIэрэу, къэкIуэну зэманыр (у) къегъэлъагъуэр; а лъагъуэр зыджыр "у"щ. "О"м къыхэхъукIыу ужьыгъуэр зыдж "у" макъым къэкIуэну зэман лъагъуэри еджыр: «КъэкIуэн"у"щ; кIуэн"у"т...».

Дэтхэнэ зы ″хъы″уэ щытым ″у″ Iэмалыгъуэ къыхуэкIуэрэ ″хъу″р къызэрыхъум хуэдэу, къэкIуэну зэманыгъуэри, итрэ иджым къызэрыгуэкIкIэ ″у″ Iэмалыгъуэм къихьыну щытщи, иджыр ужьыгъуэ зэрыхъукIэрэу къэкIуэнум хуокIуэр. Иджым къыхэхъукIыу щытщ ″у″ Iэмалыгъуэрэ къэкIуэнум дызышэр, дызэрыужьыр.

НытIэ, "у"р зыужьыгъуэ къэзгъэлъагъуэращ, ар къэхъуну щытыр зэрыхъун щIыкIэр зыджращ; а Iэмалыгъуэр зэригъэзащIэкIэрэй, къэкIуэну зэманри къэзгъэлъагъуэф макъырщ ″у″р. КъэкIуэну зэманыр (у) къыщысым щыгъуэ, къыздэкIуэнурэ къэхъуну щытри зы ит зэманыгъуэщ(о); игъуэр къыщыскIэ "у"р "о"гъуэм итыпIэ щегъуэтыр.

″О″ р ит зэманыгъуэу щытщи, ар къэзыгъэхъуу щыт макъхэр ″эу″уэ зэрыщытым и гугъу тщIауэ щытащ; ″о″р функциял зэманыгъуэрэ ″у″ Iэмалыгъуэм къызтехъукIар игъуэ къыщысакIэ аргуэру гукъэкI зыхуэтщIыжынщ.

"У"м игъэзащIэу щыт зыужьыгъуэ Iуэхугъуэр, зи кIэух хъуа макъым елъытауэ дэнкIэйщ. Ар къызэрыхъуа щIыкIэри дигу къэдгъэкIыжынщи, абы ″э″рэ ″и″ лъэныкъуэри хэтщ. ″У″ Iэмалыгъуэу лэжьэкIэ хъур мыпхуэдэу щытщи, абы и лэжьэкIэр, икIи ищхьэрэ ибгъукIэй хъунщ, дэкIыгъуэрэ зыубгъугъуэ иIэнщ; икIи ипэкIэ кIуэтэгъуэй иIэнщ. Аращи, абы дэкIыгъуэр къэзгъэлъагъуэ "и" Iэмалыгъуэрэ, кIуэтэгъуэр къэзгъэлъагъуэрэ зэманыгъуэ зыгъэлъагъуэу щыт "э"

Iэмалыгъуэри зыгъэзащIэу зы макъщ "у"р. Абы, зы координат системэм хиубыдэ щIыпIэ псори из ищIыфынщ.

″У″ макъыр зыужьын Iэмалыгъуэр къэзыгъэщIырщ. Зыужьыгъуэ мыхъумэ ″иужь″и щыIэнкъым. Зыужьыгъуэрэ кIуэм, кIуатэм зытекIуэтыкIыу щытыр иужь къырегъанэр. ″Иужь″ыр ″у″м – зыужьыгъуэм- и кIэ къинэрэ ″у″м елъытауэ щыт ″жьы″гъэрщ. ″Иужь″ыр ″ужь″ым къыщIэнэрщ; абы къигъэщIырщ, абы и жьейуэ къыхэхъукIырщ.

*

"У" макъыр зы макъзешэ къэлэни зыгъэзэщIэфырщи, кIэух зыхуэхъуу щыт макъхэр зыдишэр а макъхэм я ужьыгъуапIэращ. Ар, зи кIэух хъууэ щыт макъхэм яджу щытым зыужьыгъуэ зезыт макъращи, къырит ужьыгъуэр а макъым иджыфынум елъытауэ дэнкIэй лъэныкъуэщ: Абы "гъы(g)" Iэмалъыгъуэр игъэужьу(у), мы макъым и мыхьэнэр мыувыIэу иджынщ, гъыуэ е гъэ защIэу къигъэнэнщи "гу"р ухуэнщ. Гу хъуарэ гъы защIэу щытыр, икIи джыпхъэфIщ. ″У″р кIэухрэ глагол зэрыхъукIэрэу, абы "хы"р и"ху"нщ; "хъы"р игъэ"хъу"нщ; "кы"м "ку" иригъэщIэнщи, "ку" зиIэри игъэ"куу"фынщ; "къы"хэкIыу щытыр игъэужьынщи "къу"р иухуэнщ.

"У" макъыр езыр зэрыджкIэрэй, и Iэмалыгъуэу щытым зы Iуэхугъуэр къигъэлъагъуэу щытынщи, щхьэжу зы мыхьэнэ утыку къихьэнщ; ар ″у″ жыхуэтIэрщ. Ар зэманкIэрэ(э) джа е джыпхъэ хъунщи ″уэ″рэ "уэгу"р утыку къихьэнщ: ЩIым тетым дежкIэ "зыужьыгъуэр" е нэхъ зыужьыгъуэ лъагэр урщ, уэрщ, уэгурщ.

Аргуэрэу "у"р лэжьэфынщи, уэгум удигъэ″уеи″нщ; аргуэрэу "у" Iэмалыгъуэр къэсэбэпынщи уигъэ"уэ"нщ. Пытщэмэ, ″сэ″ си ужьыгъуэ хъуну е зыхуэзгъэужьыфыну щытрэ, функциял зэманыгъуэри (э) зытеухуэу щыт зы пышэгъуу "уэ"ри укъысхуигъэхъуфынщ ″у″ Iэмалыгъуэм.

Зыужьыгъуэ Iэмалыгъуэу щыт ″у″р езырыжу къэнарэ зэуэжу щытмэ, зэхэуэж пэлъытэ хъунщи къызхэхъукIарэ зиужьыгъуэу щыт пкъыгъуэм егуэуэнщ, еуэнщи, ари зы псалъэрэ зы мыхьэнэу ″уз″ хъунщ. Езырыжрэ щхьэжу щыт ″у″р функциял зэманыгъуэрэкIэ зы псалъэу утыку къихьэнщи, ари ″уэз″ хъунщ. ″Уэз″ым зэманыгъуэрэ (э) щхьэжу щыIэгъуэр зэригъэкIуэдкIэрэй, ар къызхэхъукIрэ къэзыгъэхъуу щыт пкъыгъуэм емызэгъыж хъууэ къанэмэ, ари ″уз″ хъунщ.

Мыпхуэдэу къигъэхъу фIэщыгъэцIэхэм пэмыщI, Iуэхугъуэ гуэрхэри хузэфIокIыр "у" макъым. Зы псалъэм и кIэух хъу"уэ" а мыхьэнэр зэримхъуэкIы"у" игъэлэжьэнщи, а мыхьэнэр зэрщыт"у" игъэбэгъуэнщ е игъэужьынщ: «Псалъэ"у" щытыр; кIуа"уэ" жаIэр...».

Мыпхуэдэ лэжьэкIэм тету къэхъу жыIэкIэхэм бзэм и лэжьэкIэ Iэмалыгъуэхэри хагъахъуэр: «"Ауэ" (ар щхьэ е ар хъууэ щытми), "ауэ" (а къызэрыкIуэм тету)...».

"У" макъ Iэмалыгъуэр бзэ гъэлэжьэнкIэ щхьэпэшхуэщ: Псалъэхэр зэрщыту егъэужь егъэбагъуэр; псэлъэкIэ къэхъунрэ псэлъэуха кIыхьхэр ухуэным Iэмалыгъэшхуэ къыхелъхьэфыр.

Зы псалъэм е зы макъым ипэ къыщыпыувэм щыгъуэй, - зыужьыгъуэу зэрлажьэкIэрэу- къыкIэлъыкIуэ макъыр и ужьыгъуэм щIэту егъэлажьэр: «Ухуэн (зыужьыныгъэ-ху-э-н), ухын (зыужьыныгъэ-хын/увыIэн), уэз (езыр езырурэ ужь, зызужь)...».

"Уэз"у езыр езырурэ зыужьыныгъэ зиIэр *енэргие*ращ; ар ужыгъуэ зиIэу жыхуэтIэ Iуэхугъуэ псоми яхэлъу умлъытэну Iэмал иIэкъым; "у"р езыр езырыжу щызхуэлэжьэж щыхъукIэ къэхъуращ уэзыр е енэргие жыхуаIэр. "У"м игъэзащIэ Iуэхугъуэхэм уеплъу щытмэ, езы ″у″ри енергие пэлъытэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ: «Усэ (ум исэн- зыужьыгъуэ сэн), удж (ур джын- зыужьыгъуэ джын- зыужьыгъуэн)...».

Адыгэбзэм "уэздыгъэ" псалъэри хэтщ; ар, къэзгъэунэхуу щыт Iэмэпсымэхэм я фIэщыгъэцIэу къыдогъэсэбэпыр. Ауэ, ущыкIэлъыплъыжкIэ, ар "уэз"рэ "дыгъэ"у зэрыщыт щIыкIэр гурыIуэгъуащэ хъуркъым. "Уэз"ыр енэргие зэрыхъурэ, ари "дыгъэ" глаголкIэ лажьэу зы псалъэ утыку къыщихьэм щыгъуэ, мы къэхъуу щыт Iуэхугъуэр зи фIэщыгъэцIэу щытым щIыфIащар гурыIуэгъуащэу щыту жыIэпхъэкъым нобэ. Дыгъэм езыр зэр енэргиерэ зэрысыр е сыуэ зэрщытыр гурыIуэгъуэщи, ди гъащIэри абы и къэрууфIэ "гъэ" IэмалыгъуэкIэ зэрыхъур дощIэр. Дыгъэр сыт щыгъуэй иту е ит зэманыгъуэ псоми ису сыуэ щытырщи, зику иту щыт и системэр зыгъэхъурэ зыгъэщIыу щытырщ. Ар щыхъукIэ, дыгъэм къигъэщI Iэмалыгъуэ пэлъытэу щыт уэзыр зэрдыгъэжыр дауэ(?): Уэздыгъэр сыт? Ар Адыгэхэм ирагъэщхьыу фIащауэ гуэр; хьэмэрэ, нобэ ди щIэныгъэм хэмтыжрэ къимубыдыжу, блэкIа зы лъэхъанэм щыIауэ е цIыхум хузэфIэкIрэ къигъэщIауэ зы гуэру щыта(?)... Адыгэбзэр зэрыужь щIыкIэрэ зи лъабжьэ зэрымыкIуэдакIэрэу, "уэздыгъэ" цIэр ауэ къызэрыкIуэу зы Iуэхугъуэу къыщIэкIынкъым.

ИтIанэ, Адыгэбзэм "уэздыгъей" жыг фIэщыгъэцIэри хэтщ. А жыгым щыщ зы кы цIыкIуу пыбгъанэми ″уэздыгъэ″кIэ йоджэр. Ар фIыуэ зэрыскIэрэ мафIэ щIэгъэстыпхъэй щыхъукIэ, аргуэрэу гурыщхъуэ тыбощIыхьыжри, мы фIэщыгъэцIэр зэрагъэщхьым къызэргуэкIкIэрэ фIащауэ зэрхъуа гупщысэм уекIуэлIэжыпхъэ мэхъужыр.

Ауэ, ″ей″ системэрэ, ар кIэух щыхъум щыгъуэ, къэхъу Iуэхугъуэхэм ипщэкIэ (е тхыпкъ) дытепсэлъыхьащи, ″уэздыгъэ″р къизыIуэ

″уэздыгъей″ псалъэр фIыуэ гурыIуэгъуэ къытхуэмыхъу хуэдэу жыIэпхъэщ. Ар щыхъукIэй, мы щIэгъэстыпхъэу щыт Iэмапсымэр, ″уэздыгъэ″у щытарэ нобэ щыгъуэзащэ дыхуэмыхъуу, блэкIа зы технологие гуэрыр е апхуэдэу къагъэсэбэпу щыта гуэрыр лъабжьэ зэрыхъукIэрэу къэхъуауэ зы фIэщыгъэцIэу къыщIэкIынщ. Е, зи гугъу тщIы технологиер мы ди уэздыгъей дыдэм къыхэщIыкIауэ къыщIэкIынщ.

*

Зы макъым е псалъэм ипэ къыщыпыхьэкIэ, ипщэкIэ зи гугъу тщIырэ къэдгъэлъэгъуа щапхъэу "у-уэ-уэгу" мыхьэнэхэр е "ун-уэн-еуэн" мыхьэнэхэр лажьэхэу псалъэхэри къохъуфыр: «Уэлбанэ (уэгу ужьыгъуэр лэжьэным епхауэ къэхъуу утыку итыгъуэр), уае (уэ Iей жыхуаIэу уэм и зекIуэ, уэ зэрызехуэрэ зэрызехьэр), уэшх (уэгум къыхэхъукIыу -и шэу-къехыр); уIэн (къызэрауам и дыркъуэр иIэн), удын (уэгъуэу къытехуэ Iуэхугъуэ лIэужьыгъуэ), уз (езыр езыру зэуэж)...». "Еуэн, Къэуэн, фIэуэн, зэхэуэн, къегуэуэн" хуэдэхэу, "уэн" глаголым ипэм макъ къызэрпыхьэу къэхъу псалъэхэр е "уэ"р зи кIэух псалъэхэри, -"уэн"ыр зэрлажьэкIэрэу-къохъур.

НытIэ, "у"р зыужьыгъуэ къэзгъэхъуфрэ, а къэрур зыджырщ. Ар, ит къэрум(о) къыхэкIыу дэнкIэй зызужьыфу(у) щыт енэргиер зыгъэхъуращ; ар, хъунур е къэкIуэнур(у) къэзыхьрэ иджым иту(о) къэзгъэхъуфырщ. Ар езыр езыруй гъуэгу техьэу мэлэжьэфри "уэз"у зоужьыгъуэж е зыужьыгъуэ защIэ мэхъур; игъуэ игъуэтрэ ит(о) щыхъукIэ еджыр; "уэзыр мэдж"ри "иджы"р къегъэхъуфыр.

"Уэз"ыр, "у"р *консантрэ* хъууэ щылажьэращ. "У"р зэманкIэрэ(э) зэхыхьэрэ зэхэпщэу зы мэхъури, "уэз"у мэджыр. Уэз джыуэ щытым зы итыпIэ(о) егъуэтыр; уэзым иджращ джыр, уэзыр щыджращ "иджы"р; иджы мыхъумэ зэйкI джын щыIэкъым.

Уэзыр дэнэ щыджми е сытым и щхьэ къырикIуэми, -къызхуэкIуэм елъытауэ- е егъэужьыр е егъэузыр. Уаер зэрыхъурэ уэшхыр къызэрешхри, абы къигъэхъуфу щыт уэгум и зы зиужьыгъуэкIэ къэхъу Iуэхугъуэхэращ. Абы сытри еухуэр, дэнкIэй мэухуэфыр ар.

Зэман ужьыгъуэм къигъэхъуу щытщ сытри, зы зэманыгъуэрэ IэнатIэ хъуреипIэу утыку къихьэр ″и″рщи, абдежырщ сытми и джыпIэрэ ″иджы″р. Мыпхуэдэу иджым къыщыхъурэ джыр зы къэрууфIэу зы зэманыгъуэрщ. Абдежыр къыкIэлъыкIуэ иджым зыхуэкIуапIэрщи, зэманыгъуэ ужьыпIэрщ икIи. Мыпхуэдэу къэрууфIэу, зэман (э) ужьыгъуэу (у) щытыр, зы къэрууфIэ макъ зэхэлъу щыт ″о″ макъ хъуауэ хэтщ нобэ бзэм.

Итыр джыуэ щытырщ, "о"р "иджы"рщи, ″э″ ужьыгъуэрщ (у), ″эу″щ; а ужьыгъуэр функциялу ужьыгъуэнырщ, ″уэу″щ. МыувыIэу ужьу щыт функциял зэманыгъуэрэкIэ ужьыгъуэщ къэхъур. МыувыIэу ужьу

щытымкІэ зы ужьыгъуапІэрщ къэхъур. МыувыІэу джыуэ щытымкІэ, зы джыпІэ мэухуэр; мыувыІэу джыуэ щытым зыужьыгъуэ егъуэтыр.

Зызыужь джыр, -мо джы къызэрикІар- и итыпІэрэ и джыпІэм къикІынщ; зызыужь джыр -адыгэбзэ хабзэмкІэ- зэрыпІуэтэфынур е тхыпхъэ зэрхъунур "джу"щ; ар, "джы" макъ пэлъытэу бзэм хэту щыта "гьы"м къыхэхъукІауэ щыт "гу"ращ. "Гу"р зы "джыпІэ" къызэрыхъурэ "къызэрикІа джын" зэрыхъукІэрэ, икІи зы пІэ зиІэрщ, икІи ипІэ къикІыу дэнкІэй нэсыфращ. Арагъэнщи, иджыркІэ къэмхъуарэ мыджэр зэрзыубзыхур е къэзылъхур гу бзыгъагъэращ; къэкІуэнур е хъунур къызхуэкІуэрэ къыздэІуэр, къызгурыІуэр гуращ; блэкІар зыдэухуэжыр, къэзгъэкІыжыр е къыздэкІыжыр гуращ: Гур мыувыІэу джыуэ щытрэ, джыпІэй хъуращ. ИкІи, джыуэ е зы джыпхъэу щыІэу хъуар, зэрыджрэ ужьыгъуэ зэриІэ зэрыхъур "гу"щ: «ЩІыгу, уэфэгу, Іэгу...».

Сыт щыгъуэй зы зэманыгъуэм дитщ; абы дыхэпщарэ дыпыщІауэ дызейуэ щыту диІэр ит зэманращ. БлэкІари итауэ щытарщ; нобэр ит зэманырщ; ит зэманыр иджыщ, иджырщ, иджу щытырщ, джырщ. Сытри иджыщ щыджыр; иджы мыджыр е иджыркІэ щыІэкъым е щыІэжкъым е зэйкІ щыІэнкъым. БлэкІар къыщаІуэтэжри (а) къэкІуэнум и гугъу щащІри (у) иджыщ, ит зэман (о) щІыпІэрщ.

Ит зэманыр иджырщ; иджыр джыуэ щытырщ; джыуэ щытыр зыужьыгъуэ зиІэрщ. Зыужьыгъуэращ зыджыр; зыджыр щыджыр иджырщ. Зыужыгъуэ зиІэр уэзырщ; уэзыр мэджри иджыр къохъур; сытри щыджыр иджырщ.

Сытри ″у″ ІэмалыгъуэкІэщ зэрыхъур. Ар езырыж хъууэ кІуэфырщ, лэжьэфырщ: Уэзыр къэзыгъэщІыр аращ. Ит хъурэ зэрыджкІэрэу, иджыр къэзыгъэхъур аращ; икІи, абы щхьэщыкІрэ -аргуэрэу зэ- иджыр къызэригъэщІкІэрэу, мыувыІэу лажьэр аращ. Иджыри зыджыр, абыи щхьэщыкІрэ аргуэрэу зэрыджкІэрэу, сыт щыгъуэй ит хъур аращ къызхэхъукІыр; абы икІри аращ. Сытри щыджрэ сыт щыгъуэй джыр, сыт щыгъуэй щыджыр иджырщ. Иджыр сыт щыгъуэй хъурщ. Иджым нэгъуэщІ хъуи джыи щыІэкъым. ИкІи, иджыр сыт щыгъуэй мэджри блокІыр. Хьераклит (Herakleitos) и гугъу зыхуищІар мырагъэнщи, абы жиІар мыпхуэдэ гуэрщ: «А псы ежэх дыдэм етІуанэу зыщыбгъэпскІыжыфынкъым!».

*

"О"р сыт щыгъуэй хъууэ щытырщ, хъуращ; ар хъум ейрэ хъур зиІэращ, хъурейщ; ар сыт щыгъуэй мэхъур; къэхъур щыхъуращ, къэхъунур зыщыхъунуращ. ″О″р функциял зэман (э) ужьыгъуэ (у) зэрыхъукІэрэй, зэман шабзэр зыдэщыІэу щыт дэтхэнэ зы щІыпІэр къизыІуэрщи, ари зэпэхъурейрщ. Хъууэ щытыр щыхъум щыгъуэй, аргуэрэу хъууэ щытыр "о"м и ІэмалыгъуэкІэрэ мэхъур. "О"р блэмыкІращ,

хэмыщIращ, хэмыхъуэращ; иту къанэрщи, функциял зэман (э) ужьыгъуэ (у) защIэу щытынырщ.

Ауэ, зы "о" закъуэрэ зы ″эу″ IэнатIэм уеплъыфмэ, ар зэрыджкIэрэу къэхъунур, хъупIэ иувэрэ зэрхъун щыхъум щыгъуэ, а хъу IэнатIэу щытым "о" къэрур зэртыригъэкIуадэрэ, езыр зэрыкIуэдыжри болъагъур. Ар щхьэ, ″э″ функциял зэманыр сыт щыгъуэй зэрыфункцэрэ зэрылажьэрэкIэ, зэманыгъуэ ужьыгъуапIэу "о"р сыт щыгъуэй къэхъуу щытщи, ар мыкIуэдыжу мэджыжри, мэитыжыр; ар мыувыIэрэ зэпымыуу *импровизацэ* хъужращ.

"О"р ит зэманырщ, "иджы"р къэзыгъэлъагъуэрщ. Сыт джыми иджыр щыджращ "иджы"р; иджы мыджэр джэкъым, мыджэщ; иджы мыхъумэ джын щыIэнкъым. Джы гуэр щымыIэмэ, къэхъу зы гуэррэ зы мыхьэнэй щыIэнкъым, "иджы"и щыIэнкъым. Иджы щымыIэмэ, блэкIын гуэри, къэблэгъэнрэ къакIуэр къыздихьэрэ итыпIэ хуэхъун гуэри щыIэнкъым. Иджы щымыIэмэ щыIэр щыIэнкъым. НытIэ, иджым мыхъумэ зы щыIэпIэй, зы щыIэй щыIэкъым.

КъэкIуэнури блэкIари къызхэкIрэ къэзгъэщIыр "иджы"ращ. КъэкIуэнур мыджауэ щытращ; щIыщымыджакIэй блэмкIаращ. ИкIи, "иджы"м имытыр мыджращ, мыджэращ. "Иджы"р щыджым щыгъуэ, джыр щитым щыгъуэ, "о"р щыджым щыгъуэ, къэрууфIэ "о"р къызэрикIыу иджыр иджа щыхъукIэ, а зэ щхьэ, "о" къэрур а иджым токIуадэр. "О"р псоуэ къэмнэжу, зэщхьэщокIыр; "о"м зэрхэмтыжрэ иту щымтыж "у"р мэухуэри къэкIуэнур е къэхъунур къокIуэ, къохъури, итыпIэ зэригъуэткIэрэ аргуэрэу "о" мэхъу, мэджри иджыр къохъур. "О"м и къэрур зытекIуэдауэ джа хъуаращ, иджы мыджэж хъуаращ блэкIар. Ар ″э″ ужьыгъуэм имытыжрэ функциялу щымыт зэманыгъуэрщи, ″а″рщ. НытIэ, къэкIуэнури блэкIари къэзгъэщIрэ зэрелъытар иджымрэ иджым щыIэращ.

КъэкIуэну е къэхъуну зы джыпхъэ щыIэкъым; нэгъуэщI зы щIыпIэ щыIэу, джынурэ иджы хъурэ итыпIэ къихьэну зыгуэр къыдэжьэркъым. Джыныр къэзгъэхъур джыуэ щытым, ит хъурэ джым, иджым и къэруращ. "Иджы"м джыуэ щыт "о"р къызэрикIауэ щыджкIэ мэужьыр; зыужьыгъуэрэкIэ щыджым щыгъуэй "о(эу)" къызэрикIауэ джыуэ щытым "у"р къыхэкI щыхъукIэ, "эу"р зэщхьэщыкI мэхъу, "у"р джым е "иджы"м, щыIэм щхьэщоури мэу, мэуджри аргуэрэу мэдж, ит мэхъури "эу, уэу (о)" мэхъур, аргуэрэу "иджы"р къохъур.

Зэман шабзэр зыдэщытращ иджыри, ар зэрыджкIэрэу зэман шабзэр щхьэщокIри мэужьыр; иужьрейр мэджри, аргуэрэу иджыр къохъур.

Сытри мыпхуэдурэ мэужь, сытри сыт щыгъуэй мэужьри къэхъунур мэхъур; къэхъунум хуэкIуэр джырщ, иджырщ; къэкIуэнум хуэкIуэр иджырщ, мыхъумэ ар къакIуэкъыр. Сытри мыпхуэдурэ щыужькIэ уэщIри

мэужь, и къэкIуэнум хуокIуэ, мыувыIэу мэджыр. Мыр мыпхуэдэу, хэщIыпIэрэ увыIэпIэ зэримыIэкIэрэ хъуурэ къыщекIуэкIкIэй, къакIуэ къытфIэщIрэ ″къэкIуэн″ зыфIэтщари, ди къэкIуэн фIэщхъуныгъэу мэухуэр.

Сытри езырыжу ужьыу щыт зэманыгъуэрщ къызхэкIри, ар функциялу щыт зэманырщ; ар козмикэу зэман шабзэрщ. Зэман шапбзэр зыдэщыIэр ит мэхъури мэджыр. Ар мэужьри, зыдэужьыпIэращ мы зэм щыгъуэ ит хъур; зэман шабзэр зыдитыр джырщ, иджырщ. КIуэр зэман шабзэрщ; къэкIуэну жыхуэтIэр, зэман шабзэр зыхуэкIуэрщ. Зэман шабзэр зыдэщымыIэр мыджэрщ. Зэман шабзэр ит зэрыхъурэ зыщхьэщыкIыр блекIа зэманыгъуэу джаращи, иджым иужь къинаращ; ар функциял зэманым утыку къыригъэхьарэ зэманыр зытекIуэдаращи, ужьыгъуэу щытыр зыщхьэщыкIаращ; ар иужь къинарэ зэман зытекIуэда зэрыхъукIэрэй, функциял зэману щымытырщи, ″а″рщ.

Джыр щыджым щыгъуэ, иджым, итым и къэруращ джыр. Иджым, итыгъуэм, ит хъуфым хэлъу щыт къэрурaщ джыри, иджыри, иджыр зыджри. Щиджыр иджы (о) мэхъур, иджар блэкIа мэхъур (а). Ауэ, джа хъуарэ утыку къихьар зэманыгъуэрэкIэ лэжьыгъэ зиIэ хъуаращи, ар сыт щыгъуэй зэманыгъуэ зиIэу щыIэ хъурщ.

Зы щыIэ гуэрыр зэрыджарэ утыку къызэрихьам къызэрыгуэкIрэ, мыувыIэу джырщи, зэрыджым къызэрыгуэкIкIэй, зэхъуэкIынурэ и щыIэкIэр кIуэдыжыну щытырщ; ар утыку къихьэрэ кIуэдыжыху, зы зэманыгъуэ IэнатIэкIэ (Iэ) лэжьэну щытырщ. ″ЩыIэ″ жыхуэтIэр зэрыщыIэр зы зэманыгъуэ IэнатIэрщи, а зэманыгъуэрэкIэ мыувыIэу джыуэ зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, зэхъуэкIрэ и щыIэкIэр кIуэдыжырщ. ЩыIэ хъуар мыувыIэу мэджыр, зэрыджкIэрэй зохъуэкIыр.

ЩыIэр утыку къихьэрэ щыIэхукIэ, функциял зэманкIэрэ лэжьыпхъэу щытщ. Зэман шабзэр сыт щыгъуэй къэхъуу щытщи, зэ щхьэ къэхъуар сыт щыгъуэй функциял зэманыгъуэм иджу щытщ. ЩыIэ хъуар сыт щыгъуэй джыуэ щытщи, иджым иту щытщ. А щыIэр джырэ зэхъуэкIыу щытми, ар зэрыджкIэрэу утыку къихьэну щытыр абы и зэхъуэкIыныгъэрщ. А щыIэр зэрыщыIэ щIыкIэм икIыжрэ, а щыIэкIэу щымыIэж хъумэ, а щыIэкIэм и зэманыгъуэ IэнатIэр зэриухкIэрэу, утыку къихьэу щытыр аргуэрэу зы щыIэ гуэррэ зы щыIэкIэ зиIэу щытырщ.

Аращи, блэкIарэ ″а″м къигъэлъагъуэу щыт зэманыгъуэр, итыпIэу зы иджым къызэрыгуэкIкIэ ит мыхъурэ мыджырщ. Ар зы зэман шабзэр зыщыджым имытырщ, щымыджырщ. Зы щыIэ хъуар щыIэху, зэман шабзэр зытетрэ иджым иту джыуэ щытырщи, а зы зэман шабзэм ипэкIэ зэман шабзэу щытахэрщ ″а″ хъур. Мыхъумэ, щыIэр сыт щыгъуэй ″Iэ″кIэ лажьэрщи, а зэманыгъуэ IэнатIэр функциял зэманыр зыхэлэжьыхьу зы щIыпIэрщ; ″Iэ″р зы зэманыгъуэкIэ функциялу щытырщ.

*

КъэруфIэу джырэ иджыр (о) къызэрикIарэ щыджэм щыгъуэ, къызIэщIэкIауэ джыуэ щыт иджым (о) "у"р къыIэщIэкIрэ щыутIыпщым щыгъуэ, "у"р джым иджым къыщхьэщыкI щыхъум щыгъуэ, "у"р езырыж мэхъур, уэз мэхъур. ″Эу″уэ щыт ″о″р щыджрэ, ″э″ зэманыгъуэрэ зы IэнатIэу щыт ″Iэ″р къыщыхъум щыгъуэ, ″э″р зэхъуэкIрэ ″Iэ″р утыку къыригъахьэрэ щыIэр къыщигъэхъум щыгъуэ, ″у″р мэутIыпщыр. УтыIыпща ур функциял зэманыгъуэрэкIэ езырыжу къонэри уэз мэхъур.

Функциял зэманыгъуэрэ зэман шабзэр зэрыджкIэрэу иджыр къохъури, къэхъур зы зэманыгъуэ IэнатIэу лэжьыгъэ зиIэу щыт мэхъури, аращ ″щыIэ″ хъур. Зэман шабзэ (э) ужьыгъуэр (у) иджым (о) зэрыхэкIрэ зэрыщхьэщыкIкIэрэу мыджым мэунэтIыр; зыужьыгъуэр (у) езырыжу (зы) къонэри, уэз мэхъур.

БлэмкIауэ щытрэ, икIи иджым имытыжрэ икIыр, итыпIэ зимыIэжырщи, ″о″м къыIэщIэкI ″у″р джыпIэм имытыжырщ; джыпIэу щымытыр мыджырщ. Иджым, джыпIэм къыщхьэщыкIыу "у"р зыдэкIуэнур мыджырщи, ар иджыри щымыIэрщ. ЗыдэкIуэн щымыIэ "у"р езырыж мэхъур, зэманкIэрэ мэуэзыр.

Иджым икIыу уэзыр зыдынэсынй щыIэкъым. Езырыжу зыхэтыж "у"р, уэзыр зыдынэсыни щымыIэж! ЩымыIэмэ, зыдынэсыр езырыжырщ: Зыдынос, зыносыжри уэзыр мэс!...

Зызнэсыжу зызсыж уэзыр езым зисыжщ; ар езырыжщи, иджым имысыж, мыджэми нэмыс, зэрысри езырыжщ: Исым исыжу мэс.

Уэзыр мэс: Зысыр езырщ, зырисрэ зыдисыр езырыжщ, сыр езырыжщ: Уэзыр сыуэ(с) ису иту(о) мэс(с). Зыри щымыIэрэ мыджэм хуэкIуэ уэзыр -мо "иджы"ми хэмтыжу- езырыж хъурэ, зыдынэсри езырыжрэ, зынэсыжу сыж уэзым иджу щытыр езырыжщ, щыджэрэ "иджы"р езырыжщ. НытIэ нэгъуэщI зэрыщымыIэкIэ, бзэ хабзэмкIэ, езыр сыуэ иту (ису) сым и жыIэкIэр мырагъэнщ: ″сос!″.

Уэзыр сыжу итмэ, ″сос″ыр къохъу. Уэзыр езырыжу мэс; уэзыр -и хэкIыпIэ закъуэу- мэс, уэзыр –и джыпхъэ закъуэу- мэс, уэзыр –иджри иджыри зыджкIэрэ- мэс, уэзыр –хуейрэ фIэфIу- мэс.

Иджым къыхэхъукIрэ мыджэж уэзыр, иджым хэмытыжу щыт уэзыр зынэсыжрэ зэрыскIэрэу мэджри, иджырщ джыр; щыджырщ иджри, иджыр мэджыр.

Езырыжрэ хуеижу джыр, езым зыхуеиж дыдэр зыджыр мафIэр; езыр фIыщ, зэрыджэр фIыщ, иджыр фIыщ. НытIэ, уэзыр зэрыскIэрэу мафIэр: Зису зисыжрэ зэритыжу исыжыр мафIэр: ″Сос″ыр мафIэри, зэрыщыфIэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щытхэри фIыщ; ″сос″ым къыхэкIхэр, ″сосрыкъуэ″р фIыщ!

Уэзыр зэрыдж щIыкIэр, езыр зэрсыжынкIэращ; уэзыр зэрыс щIыкIэр ″сос″ращ; ″сос″ыр мафIэр; фIэуэ щытым къыхэхъукIыр фIыщ. Исыр мэдж мафIэри къохъу; имысыр мыджэщи, мыхъурщ.

Мы къэтIуэтахэм Адыгэ IуэрыIуатэ лIыхъужьыцIэхэр зэрыхэтыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, IуэрыIуатэрэ мифологиер ди Iуэхуу зэрыщымытыр гурыIуэгъуэнщи, зи гугъу тщIыуэ щыт цIэхэр езырыжрэ зэрымыщIэрэкIэ, макъыр зэрызэпкъырытхым къигъэхъуу щыт къэIуэтапхъэхэм къыхэхуауэ щытхэрщ. Къыхэхуа дэнэ къэна, къэIуэтапхъэу щытыр къэзгъэунэху Iуэхугъуэу утыку къихьахэщ Нарт лIыхъужьыцIэхэр. Мы фIэщыгъэцIэхэр къызтехъукIар къэтIуатэу щыт ″къэхъуныгъэ″ Iуэхугъуэхэрщи, къэхъурэ хъууэ щыту кIуэм и IуэрыIуатэу щытхэщ езы лIыхъужьыцIэхэр. IуэрыIуатэу жытIэми, ар шыпсэрэ пцIыуэ щытхэркъым; козмикэрэ натуралым езэгърэ дэкIуу щыт зы псэукIэм къигъэщIауэ щыт мы IуэрыIуатэхэр, гъэщIэгъуэнрэ гъуэзэджэу къэхъуныгъэр къэзыIуатэ архивхэрщ. Къэхъуныгъэ Iуэхугъуэр къэзыIуатэу мыбдежым къытхуэунэхуарэ къытпыщIэхуа Нарт лIыхъужьыцIэхэр мыхэм хуэдэу щыт фIэщыгъэцIэхэращ: Узэрымэс, Узэрымэдж; Ис, Имыс, Мысэ, Мыджэ; Сосрыкъуэ, ар къызхэхъукIа ″сос″.

**

Хъугъуэ къэхъугъэу хъуар ужьыгъуэкIэрэщ къызэрыхъур. Хъугъуэрэ къэхъугъэ зиIэу утыку къихьам, итыпIэ зыгъуэтам е щыIэ хъуа сытми заужьыр. Зимыужьу къэнам, нэгъуэщI щыIэгъуэ къыхоужьыкIыр. Псэ зыIут сытми заужь, зимыужьыфу къанэр е зиужьыгъуэ къэувыIэр мэужьыгъуэх мэгъуэжьых, мэгъу; зиужьыгъуауэ щыта гъуэм йохьэжыр. Къэхъугъуэу хъуам къыздикIыгъуэ е къыздиужьыкIам зэригъэзэжкIэрэ, псэущхьэ щыIэгъуэ зиIэу щыIэм, и зыужьыгъуэм къыхэкIыу щыт псэр мэпсэхри мэпсыщIыжыр; и псыр мэщIофыкIыжри фыгъуэм хохьэр. Зызмыужьыж псэущхьэр мэфыгъуэр.

Сытми зеужь, зызужьыр мафIэр; зызмыужьыр мэф, мэфыгъуэр. Фыгъуэр ужьрэ зыужьыгъуэкIэрэ иужь къинэракъым; нэхъ зызужьу щытым иужь къинэракъым фыгъуэр; фыгъуэр мыужьырщ.

"У" IэмалыгъуэмкIэрэ зыужьыгъуэр мэухуэр; "у" IэмалыгъуэмкIэ, езырыж хъурэ уэз зэрыхъукIэрэу къэхъунур къохъу, уэщIри мэухуэр. НытIэ, "у"р къэмыхъужу уэзыр мыджэтэмэ, сыт хъунт(?)... Сытри зэхэзэувыIэнти мащIэу зэ щхьэ зэрытынт. ТIанэ, уэщIыр къэущIеинти зызужьу щыту хъуам жьыузыгъуэр къахуэкIуэнт. Хъуауэ блэкIауэ щытар къэхъужурэ къызтехъукIауэ щыт и хъым хуэкIуэжынт; "у"р пхэджу лэжьэнт... Псэущхьэхэр, жьы хъуауэ зэрилIыкIар къеузыжу щIы фIыцIэм къыхэпщыжынти, кIуэ пэтрэ щIалэрэ саби хъужурэ и анэм хэпщхьэжынт... Нобэм елъытауэ, сытми и зэманыгъуэу зэрщыIэкIар пхэнджкIэрэ джыжынт, къэджыжынт. Нобэ адыгэбзэ макъхэм къаджу щытхэр

пхэнджыу ягъэзащIэ хъунт. КIуэ пэтрэ –нобэ еплъыкIэмкIэ: ″къэкIуэж пэтрэ″-, ухуауэ щытыр ехыжынт, убзыхуар бзэхыжынти къызхэкIам хэбзыщIыхьыжынт. ИкIэм икIэжым, уэщI бзэхыжыр зэхэуэжрэ зэхэгуэжурэ зэхэпщауэ "у" е ″къэу″ къэмнэжыху зэрыцIыкIуфын хуэдизу цIыкIу хъужынти, зы цIырхъыу мыджэ мыпцIэу къэнэжынт.

Зыужьыгъуэ Iэмалыгъуэр дызэриIэрэ "у" макъыр лъабжьэ зэрыхъукIэрэ бзэм зэрхэтыр сыту фIыт!

**Iу...**

Зыужьыгъуэр къэзгъэлъагъуэрэ зыджу щыт "у" макъым утекъузэмэ, бгъэбгъузэмэ е ппIытIмэ зэхэпхынур "Iу" макърaщ. ″Iу″ макъыр зы ″у″ IэнатIэу къэIурщ. Ар, ″у″ макъым и лимитацэу къэхъуарщи, ″у″м къигъэлъагъуэу щыт ужьыгъуэм и зы IэнатIэрщ.

Зызужьыр е ужьу щытыр къэбгъэувыIэфыну къыщIэкIынкъым; ауэ, зэрыужьым зетауэ дэщIыгъу пэлъытэу зыужьыпэм уIутыфынщ. Ар щыхъукIэ, ужьыпэм ущиткIэ, плъагъунур е зыхэпщIэфыну щытыр зызужьу щытым ипэращ. Ужьыгъуэм ипэ уитрэ зызужьыр зэрыужь щIыкIэр, абы иужь къыригъанэр щомлъагъуфым щыгъуэ, уэркIэ зыужьыгъуэшхуэ лъэпкъ щыIэнкъым. Е, зызужьым зызэриужьу зэрщытрэ ищIахэр, иужь къыригъэнауэ щытхэр икIэ нэс умлъагъумэ; зызужьым иужь къыригъанэу щыт псори умлъытэу, ипэ иту ужь мащIэ закъуэр гулъытэ пщIымэ, а тIэкIуращ "Iу" хъунур. Е, зызужьу щытым ипэ уиту, упэрытрэ утеплъапхъэ щыхъум щыгъуэ, абы утеIэбапхъэу къыпхуэхъуу щыт ужьыпэращ "Iу" хъур.

Ар икIи, зызужьу щытым иужьдыдэу къэхъу зыужьыкIэ IэнатIэращ, ужьым икIэращ. Зы зыужь Iуэхугъуэм иужькIэ укIэлъыплъыжмэ е и кIэм ущыту уеплъмэ, зызужьыгъуэ хъууэ щытым зызтеужьу щыт лъэныкъуэращ и кIэ къыпхуэхъур. "У" макъым игъэзащIэу щытым и зы лъэныкъуэ пэлъытэ хъууэ щыт "Iу" макъым игъэзащIэ мыхьэнэхэр къызэрыхъу щIыкIэхэр къызхэкIыр мыхэращ.

НытIэ, "Iу"р зызужьым зиужьыпэу къэхъу лъэныкъуэращ; ар ужьыгъуэ хъу лъэ псорикIкъым, и ″Iупэ″ е ипэ ит лъэ ныкъуэращ: ар зыужьыгъуэ хъум и гущIы"Iу"щ. Ар, зыужьыгъуэр щыщылажьэу е щылэжьэфу щыт лъэныкъуэрщ: "Iу"р, лэжьэф жьэрщ. "Iу"р ужьыгъуэм хэту щыт и зы гъунэ IэнатIэщ; ар зы ужьыгъуэм и гъунапкъэ зэрыхъукIэрэй, зыужьыгъуэр зыхъумэфыну щыт и зы лъэныкъуэращ: зыужьыгъуэм мэ"Iу" хуэхъуфрэ зыхъумэр аращ. "Iу"р иужьдыдэу ужьа хъуа тIэкIурщ; ужьыгъуэм кIэ хуэхъуфынуращ; ужьыгъуэм и кIэ хъуну щытырщ: Зыужьыгъуэр ″Iузых″рэ ″зыIуужьыхь″ырщ; зыужьыгъуэр ″IузпIэжыф″рэ зыухыр аращ.

Ар, ужьыгъуэ зиIэм и хыхьэпIэрэ и "Iу"хьэпIэ хъуращ: УжьыпIэрэ ужьыгъуэбжэр зыIузых е зыIузпIэжыфу щыт "Iу"нкIыбзэр аращ зыхузэфIэкIыр. Зыужьыгъуэр зы лэжьыгъэу е зы джыгъуэу, абы иджрэ къикIыр гурыIуэгъуэ зыщIрэ, нахуэрэ ″IупщI″у ″наIуэ″ зыщIыр аращ зыгъэзащIэр.

″Iу″р ″у″м и хыхьэпIэрэ и хэкIыпIэ IэнатIэрщ; икIи, а ″у″м и дэтхэнэ зы щIыпIэ IэнатIэрщ.. ″У″р зы функцэу щытрамэ, ″Iу″р, а функцэм и лимитацэ хъуауэ щытырщ, и зы IэнатIэрщ. А IэнатIэри, ординат зэхъуэкIыныгъэрэ кIуэтэгъуэу щыт зы зэманыгъуэ IэнатIэмрэ (Iэ), абы елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ ухуэу щыт зы ″и″ IэнатIэм зэдаухуэу щыт зы функцэ IэнатIэрщ.

*

"У"м къигъэхъурэ "у" лъэныкъуэу щыт "Iу"р, "у"м и хыхьэпIэй и хэкIыпIэй зыгъэзащIэу зы макъщ. Адыгэбзэ хабзэм къызэрдигъэлъагъуэщи, зы макъ е зы псалъэм ипэ къыщыпыхьэкIэ, къыкIэлъыкIуэу щытхэм -"Iу"м иджу щытым зэрелъытакIэрэу- я джыпхъэхэр мэгъэзащIэр; кIэух щыхъум щыгъуэй, "Iу"р а псалъэ е макъым иджым глагол хуохъури, ахэр -"Iу"р зэрыджкIэрэ-зыдэкIуапхъэхэм макIуэхэр. ИпщэкIэ "Iу" макъым игъэзащIэу къитIуа мыхьэнэ нэгъуэщIыгъуэхэр, гурыIуэгъуэщи, "Iу"р псэлъэпэ щыхъум щыгъуэй мэлажьэр.

Жьэуэ щыт ″Iу″р лъабжьэ зэрыхъукIэрэу къэхъуу щыт щапхъэхэрщ мыхэр: «Iуэн, къэIуэтэн, IуэрыIуатэ, Iушэ (зи Iу е зи жьэ ешэкIа пэлъытэ), Iущ (жьэрэIурагъ хэмылъу Iуэр; акъылыфIэ; зэгущу псалъэр)...».

Зы гуэрым и пэрэ е и Iупэм, и хыхьэпIэрэ и щIэхьэпIэм теухуауэ къэхъу псалъэ щапхъэхэрщ мыхэр: «Iутын, Iусын, Iужын, IукIын, IукIэн, Iухын, Iухьэн, Iунэн, IупIэн, Iуз хъун, IущIэн, Iунэ, гъущIунэ, IумпIэ...».

"Iу"р кIэух щыхъукIэй, зи гугъу тщIа мыхьэнэхэр мэлажьэр: ″къэIун, гъэIун, щэIун″ хуэдэхэр жьэм къыжьэдэкI макъ мыхьэнэ зиIэ хъу Iуэнхэрщ; икIи къэIу макъыу, икIий зы дыхьэпIэ е зы щIыхьэпIэрэ зы хыхьэпIэ къэзгъэлъагъуэу гурыIуэгъуэ хъуфхэри щыIэщ: «ДэIун е дэIуэн, щIэIун, хэIун, иIун е иIуэн, къиIун е къиIуэн...».

Мыбыхэм хуэдэу къыриIуэу щытыр зэхэхупхъэ мыхъурэ мынаIуэ дыдэу щыт  псалъэхэр щыIэщ: «НаIуэ (нэ хъуа Iуэ: къызхэкIыр е къызтехъукIыр зыхэпхыпхъэрэ зыхэпщIапхъэ хъур; нахуэр е IупщI хъур); IупщI (къэIурэ зэхэпх пэлъытэ пфIэщIыр е уи пэ ит пэлъытэу ухыхьэпхъэ хъур)...».

Нэрылъагъущи, "Iу" макъым иджхэр "у"м елъытауэ къэхъу Iуэхугъуэхэрщ; ар щыхъукIэй, зы "Iу" макъыр дэнкIэй хырет, ипщэкIэ "Iу"р къызэрыхъуф Iэмалыгъуэхэм елъытауэ мэджыр. Адыгэбзэм и хабзэм

тету щылажьэкIэй, къызэрсэбэпыжым елъытауэ къэхъу псалъэ мыхьэнэхэм дыщеплыжкIэ, нэгъуэщI мыхьэнэхэр идж къытфIэщIми, иджыр зыщ: ″Iу″.

### О...

″О″ макъыр иужь дыдэу къэхъуауэ адыгэбзэм хэту щыт макъхэм ящыщщ; икIи, ар иужьрейуэ къэхъуа макъ Iуэру жыIэпхъэщ. Ар къызэрыхъуари, псэлъэкум итрэ, ит зэманыгъуэр къэзыгъэлъагъуэу щыт ″эу″ макъ зэгухьэхэр псынщIэрыпсалъэу къыщыIум щыгъуэу жыIэпхъэщ. ″О″р къызэрыхъуарэ къызтехъукIауэ жыхуэтIа макъхэм зэдадж Iуэхгъуэ дыдэу къэсэбэпу хэтщ адыгэбзэм. Ар икIи, къызэрыхъуам хуэдэжу, къызщыIур псэлъэкурщи, зы псалъэрэ макъым ипэрэ икIэм къыпыхьэркъым; ар къызтехъукIа макъхэм (эу) хуэдэжщи, щхьэжу зы мыхьэнэ утыку къырилъхьэркъыми, щхьэжуй къэсэбэпыркъым. ″О″р ″эу″ макъхэр зэхэжауэ къыщыIум щыгъуэ утыку къихьэу щыт зы эфектив макъщ.

Зэманыгъуэ (э) ужьыгъуэу (у) щытыр ″эу″ макъырщи, ар псынщIэрыIуэу къыщIыраIуэм щыгъуэ къэхъур ″о″ макъырщ. ″Эу″ макъхэм дэтхэнэ зыр щхьэжу къиIуэн хуэмейрэ, зэуэ къэхъуу зы Iуэхугъуэ пэлъытэу зэхэжарэ лиезон жыхуаIэм хуэдэу къипIуэмэ, къэхъунур ″о″ макъырщ. А макъитIым къыраIуэу щыт зэманыгъуэ ужьыгъуэу псынщIэу джырэ блэкIыпхъэу щытыр, псынщIэу зэрыблэкIым езэгъыу къиIупхъэ щыхъукIэ къэхъурщ ″о″ри, ар зы ит зэманыгъуэрщ, иджы зэманыгъуэрщ.

"О"р къэрууфIэу зы макъщ, макъзешэщ; кIэух зыхуэхъу макъдэкIуашэхэр лъэщрэ зыдэщытыр из ещIыр; абы зэришэ макъыр итыпIэм ирешэри, ит ещIыр. Ар зыдэщыIэм лъэщыгъэр щыIэщ. Ар къыщыхъум щыгъуэ инрэ лъэщ хъууэ макIуэр; абы иджыр, Грис тхыпкъкIэ омега (Ω) жыхуаIэм иджым хуэдэщ; ар музикэ термину *рондо* жыхуаIэм хуэдэу мэджыр.

Натурал рефлэксу "оо!" щыжаIэм щыгъуэй, абы къырагъэкIыр ипщэкIэ утыку къызэритлъхьэ мыхьэнэхэм дэкIу гуэрхэращ. ″О″ макъыр щызэхэпхым щыгъуэ, зы къэрууфIэ гуэр утыку къызэрихьэр гурыIуэгъуэ пхуэхъуу аращ; ар натуралу къыщыраIуэри мыпхуэдэу зы гуэр къызэрыхъуращ. Ауэ, жыпIэ хъунущ, а къэхъур ит зэманыгъуэу къэхъуу щытрэ, зы гъэщIэгъуэн гуэррэ къэрууфIэ гуэрыр щалъагъум щыгъуэ ″о″ макъыр къыраIуэу: ″Сыту гъэщIэгъуэн, сыту ин, сыту лъэщ″ хуэдэу е зыпэмыплъэ гуэр къызэрхъуа е зэралъэгъуар зэрагъэщIагъуэр наIуэ зыщI макъыу къыраIуэр.

"О" макъым адыгэбзэм хигъэзэщIыхьхэри, зи гугъу тщIауэ щыт Iуэхугъуэхэрщ. Ар, зы глаголыр ит зэману щылажьэкIэ къосэбэпыр. Ит зэманкIэ лажьэу щыт глаголым къыпыхьэу щыт цIэпапщIэ прэфиксым

къыкIэлъыкIуэу -нэгъуэщI префикс иIэмэ ахэри хэтыжу- ″о″ макъыр къоIури, псалъэр ит зэману егъэлажьэр (сокIуэ, сыкъокIуэ,...).

"О"р итырщ, зитыпIэр из зыщIырщ, кIуэ пэтрэ лъэщрэ ин хъуурэ ипIэм имзэгъэжу икIрэ зыужьыпIэ ихьэфынырщ; зыужьыгъуэр зыхэлъэрэ къызхэкIырщ. Зыужьыным и Iэмэлыгъуэр ит зэманым къыщежьэми, мы къежьэр къэкIуэну зэманым и лъабжьэрэ и итыпIэ хъуурэ, къэкIуэну зэманым хуэкIуэу зы Iуэхугъуэрщ. "О" макъымрэ "у" макъыр натуралрэ фонэтикэу зэщхьщ; икIи, ″о″р ″эу″ым къызэригъэхъуар гурыIуэгъуэ хъуагъэнщи, абы ″у″ макъ Iэмалыгъуэр зэрыхэтри гурыIуэгъуэщ.

КъэкIуэну зэманым (у) зы итыпIэ (о) щигъуэтрэ, къакIуэу къэблэгъар джыуэ щыт щыхъуращ ″о″ри, ″о″р бзэм хэту къызэрысэбэпри, ит зэманрэ къэрууфIэу щытыр къигъэлъагъуущ. Ар къэрууфIэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, джыуэ щытыр щыджырщи, ари "иджы"рщ. ″О″р, глаголыр ит зэману къэзыгъэлъагъуэрщ. Ар ″эу″ макъ зэхэт зэрыхъукIэрэу функциял ужьыгъуапIэрщи, арагъэнщ, ит зэманкIэрэ джыуэ щытым зыужыгъуэ (у) къызэрытехъукIрэ къыщIыхэкIри.

Дауй ирехъу, щыIэр зэманкIэрэу (Iэ) щыIэщ, щыIэр зэманыгъуэ зиIэрщ; щыIэ мыхьэнэу зы макъыр зэманкIэрэ (э) лэжьэхукIэй ит зэману (о) джынущ, къэкIуэнуми (у) итыпIэ игъуэтынущ; итыгъуэр зыгъэкIуэдри блэкIа (а) хъунущ, щыIа хъунущ. "О"р къызэрикIмэ "у" мэхъур, блэкIмэ "а" мэхъур.

″О″ макъыр нэхъ IупщIыу Къэбэрдей жьэрыпсалъэхэм хэт хъуауэ щытщ; икIи, ″о″ макъыр къэбэрдеибзэм къигъэхъуауэ жыIэпхъэщ. Адыгэбзэ архивым ухэплъэу щытмэ, ″о″ макъыр къэбэрдеибзэм къызэрыхэхъукIа щхьэусыгъуэрэ гъуэгур гурыIуэгъуэ мэхъуфыр.

Зы щапхъэу ″кIуэн″ глаголым и ит зэманыгъуэ лэжьэкIэр къатщтэмэ, адыгэбзэ жьэрыпсалъэхэм ар къызэраIуэ щIыкIэр ″сэкIуэ, сэйкIуэ, сэикIуэ, секIуэ, сэукIуэ, сокIуэ″ хуэдэу жыIэпхъэщ. Мы жыIэкIэ псори зэхуэдэу адыгэбзэщ; икIи, къаIуатэхэр макъ мыхьэнэ лъэныкъуэкIэ зэхуэдэу адыгэбзэ Iэмалыгъуэм къытохъукIыр.

Адыгэбзэр макъкIэ зэрзэтеувэрэ зэрыухуэ щIыкIэр макъ зэкIэлъхьэужьыкIэращи, ипэ ит макъыр пашэщ. ИпщэкIэ къэтхьа щапхъэхэр зэпкъырытхрэ деджэмэ къагъэхъуу щыт мыхьэнэр мыпхуэдэу жыIэпхъэнщ: «″СэкIуэ″м жиIэр аращи, ″сэ″м зэрелъытарэ къызэрыгуэкIкIэ ″кIуэ″н Iуэхугъуэр зэрыухуэрщ; нэгъуэщIыу жыпIэмэ, ″кIуэ″р ″сэ″ращ, кIуэн Iуэхугъуэр къызпкъырыкIрэ зылэжьыр ″сэ″ращ. ″СэйкIуэ″ псалъэм иджым уеплъмэ, ″сэ″м зэрехьэлIарэкIэ (й) ″кIуэ″н Iуэхугъуэр утыку къохьэр. ″СекIуэ″ псалъэми жиIэр ардыдэрщ. ″СэикIуэ″м жиIэри, ″сэйкIуэ″м жиIэм хуэдэщ; ″сэ″ ″кIуэ″ным зэрехьэлIарэкIэ (и) утыку къихьэу щыт Iуэхугъуэрщ; ар нэгъуэщIыу жыпIэмэ, ″сэ″ращ Iуэхур къызпкъырыкIри, ″и″ лъэныкъуэу джыуэ щытыр ″кIуэ″н Iуэхугъуэрщ.

″СэукIуэ″ псалъэм жиIэри мыбы ещхьщи, ″сэ″м зыужьыгъуэу (у) къилэжьу щытыр ″кIуэ″н Iуэхугъуэрщ. Мы иужьрей жыIэкIэм ″сокIуэ″ псалъэр къытехъукIыу жыIэпхъэщ».

Нэрылъагъущи, ″сокIуэ″ псалъэращ Къэбэрдей жыIэкIэ хъууэ щытыр; аращ ″о″ макъ зыхэтри. Мы адыгэбзэ зыужьыгъуэрэ зэщхьэщыкIыныгъэми зэригъэлъагъуэращи, ″..эу″ макъхэр псынщIэу къыщипIуэм щыгъуэ, кIуэ пэтрэ, ″о″ макъыу къызэрIунур гурыIуэгъуэнщ. ″СэукIуэ″ псалъэм жиIэр ″сэ-у-кIуэ″ зэхэлъ мыхьэнэхэрщи, зыужьыгъуэр къызпэщыту мыблэкIарэ лажьэу щытыр ит зэманыгъуэрщ.

Ит зэманыгъуэу джыпIэу щытрэ иджыр псынщIэрылажьэрщ, икIи къэрууфIэрщи, ″эу″ макъхэр псынщIэрэ къэрууфIэу къыщипIуэм щыгъуэ къэхъур зы макъыщIэу лъытапхъэмэ, ар ″о″ хъунщ.

*

″О″ макъыр ″эу″ макъым къызэрытехъукIар гурыIуэгъуэщи, ар къызэрыхъуарэ къыриIуэми хуэдэжу, бзэм щыхэсэбэпыхь щIыпIэхэри хэмыгъуэщауэ нахуэу щытщ. Абы иджрэ къигъэлъагъуэр ит зэманыгъуэрщи, абдежыр иджырщ; иджыр, къэрууфIэу джырэ щыIэр къыздэхъу щIыпIэрщ. Мыпхуэдэ Iуэхугъуэр игъэзащIэу жыIэпхъэщ, Адыгэ лъэпкъ унэгъуэцIэ гуэрхэми щыхэтым щыгъуэ ″о″ макъым.

Пщыр адыгэбзэм зэрилъытэрэ къызэрыриIуэ щIыкIэр, ар щапхъэрэ ит зэрыхъурщи, унафэри къызпкъырыкIыу зы къэрууфIэрщ. Ар цIыхубэм ейрэ, и иту илъытэрщи, Адыгэм пщы хъуа унэгъуэцIэхэри къызэрыриIуэр бзэрэ хабзэ зэтеувэм къызэрыгуэкIкIэрщ. Мы хабзэрэ бзэ зэтеувэкIэм къызэрыгуэкIкIэ, иужьрей лъэхъанэхэм пщы унэгъуэцIэхэм ″о″ макъыр хыхьауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

ИкIи, мыпхуэдэу пщы унэгъуэцIэхэр утыку къыщихьар, ″о″р зы макъыу утыку къихьарэ зэрыхъун хъуа нэужьрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ТIэ, пщыр зы къуэжэпщ ирехъу е зы жылагъуэрэ лъэпкъ псом и пщыуэ щырет, ар пщыуэ зылъытэ Адыгэм и бзэрэ и хабзэм къызэрыгуэкIкIэ, иту къыриIуагъэнщ.

″Е″ макъым щыгъуэ и гугъу зэрытщIам хуэдэнщи, адыгэбзэм ″ей″ системэр зэрылажьэ щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, итрэ щапхъэу щыт пщыр зэрилъытар цIыхубэм ейуэщ. Апщыгъуэм, Адыгэм пщы унэгъуэцIэхэри зэрыфIища щIыкIэр, цIыхубэм ейуэ е цIыхубэм къыхэхъукIарэ и къуэу, е цIыхубэр зэджэу зэрыщытар къыхощыжыр. Ауэ, иужькIэ къэхъуауэ щыт хабзэрэ псэукIэ зэхъуэкIыныгъэхэм къызэрыгуэкIрэ, бзэ Iэмалыгъуэри къызэрысэбэпкIэрэу, *традицэ*у пщы хъуауэ щыт унэгъуэцIэхэр ″о″ макъ IэмалыгъуэрэкIэ къыриIуэу щIидзагъэнщ.

ЗэржаIэращи, зы *традицэ*р къызэрыхъу зэманыгъуэр, зы Iуэхугъуэр зэрахабзэкIэрэ *гэнэрацэ*у щы блэкIарэ, а Iуэхугъуэр еплIанэм щыгъуэй къекIуэкIыу щыщытыжым щыгъуэращ. Ар щыхъукIэ, лъэпкъым

и пщыуэ щытхэм я унэгъуэцIэм ″о″р щыхыхьэри лъэкъуищ нэужьым щыгъуэрауэ къыщIэкIынщ.

ТIанэ, ″къуэ″ жыхуиIэм зи гугъу ищIыр зы адэрщи, ар зы нэрыбгэщ. ИкIи, ипщэкIэ цIыхубэм къыхэхъукIарэ и къуэрэ абы ей мыхъуу, щхьэжу зы нэрыбгэм и фIэщыгъэцIэм къытехъукIауэ унэгъуэцIэ фIэщын хабзэр иужькIэ къежьагъэнщ, псэукIэрэ хабзэ зэхъуэкIыныгъэм къызэрихькIэрэу. Ар зы нэрыбгэу щытми, зы унэгъуэцIэу щытауэ щытми, ″къуэ″ кIэухыр къызэрыпыхьэрэкIэ унэгъуэцIэ щIэ хабзэр къежьауэ жыIэпхъэщ. ТIэ, мыпхуэдэу унэгъуэцIэ щIэр къызтехъукIыр зы лIыцIэу щытми е зы унэгъуэцIэу щытами, цIыхубэм пщыуэ илъытам е тепщэу тет къыхуэхъуам и унэгъуэцIэм ″о″р бзэ хабзэу хэт зэрыхъуар гурыIуэгъуэщ.

Аращи, зы лъэпкъым зы цIыхур пщыуэ зэрилъытарэ, а унагъуэри пщы унагъуэу къызэрекIуэкIыр лъэкъуищым блэкIа нэужьым, зы традициял Iуэхугъуэщ утыку къихьэр. ТIэ, а унагъуэм къыщIэхъукIхэм пщыр къазэрыхэхъукIынур традициялу къэIуэтапхъэ щыхъукIэ, адыгэбзэм а унэгъуэцIэр ит зэманыгъуэу къиIуэтапхъэ мэхъур. Мыпхуэдэ зы псалъэр зэрызэтеувэну щIыкIэри адыгэбзэмкIэ нахуэу щытщ: «А унэгъуэцIэщIэр къызтехъукIауэ щыт унэгъуэцIэр е ″лIыцэ″р (Къан) ит (пщы) хъуаращи, абы ″о″ макъыр къыкIэлъыкIуэмэ (Къэн-о...), абы и итыгъуэр къэхъунщ; а итыгъуэм къыщIэхъукIхэр (къуэ) ″о″ макъым къыкIэлъыкIуэжынщи (Къэн-о-къуэ) фIэщыгъэцIэр утыку къихьэнщ. ТIэ, а итыгъуэм (Къэн-о...) къыхэхъукIыу (къуэ) щытхэм, а итыгъуэм и лэжьэкIэр (глагол) зэраIэкIэрэу зы фIэщыгъэцIэр (Къэнокъуэ) утыку къихьэнщ. Мыбдежым гурыIуэгъуэщи, ″къуэ″ кIэухыр глагол хъурщ; ар щыхъукIэ, зи кIэух псалъэм къызэрыгуэкIкIэ, макъуэр; иту (о) лажьэр (глагол) ″къуэ″ мэхъур, мокъуэр».

Мы къэхъукIэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щытщ мыпхуэдэ щапхъэхэр: ХьэтыкъуэщокъуэгъуЕлтэрокъуэ, Бгъэжьнокъуэ....

ТIанэ, мыри пыщапхъэщ: «ИпщэкIэ ″о″ макъым игъэзащIэм къызэрыгуэкIкIэ, традициялу пщыуэ цIыхубэм яхэту щыт хъуахэм я лIэкъуацIэр зэрыухуам и гугъу тщIауэ щытщ. Ауэ, мыпхуэдэу *административ* лъэныкъуэу щымытми, щIэныгъэрэ фIэщхъуныгъэ хуэдэ лъэныкъуэхэмкIэй лъэпкъым щхьэпэрэ пашэ хуэхъуарэ, традициялу ит хъуауэ щыт унэгъуэцIэхэри ″о″ макъым и къэлэнкIэрэ утыку къихьапхъэщ. ТIэ, традициялу зы унагъуэр ″мэгъу, тхьэгурмагъуэ, гъубж″ хуэдэ IуэхугъуэхэмкIэ лъэпкъым тхьэмадэу илъытауэ щытмэ, ахэм я унэгъуэцIэми ″о″ макъыр хэтынщ. Мы жытIэхэм гулъытэ ухуэзыщIыну унэгъуэцIэ зиIэхэр хэтщ Адыгэ унагъуэхэм».

*

″О″ макъыр зы макъыщIэу къохъур; икIи, къызтехъукIри ″эу″ макъхэрщи, игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэр гурыIуэгъуэщ. Ар щыхъукIэй, ″о″р щхьэжу къэсэбэпыркъым; ″эу″ макъхэм игъуэ къыщыхъум щыгъуэ

зэдаджырщ ″о″ макъыу джыуэ щытри, щхьэжу зы Iуэхугъуэ щхьэхуэ иджыркъым. Ар (о) ″эу″ макъхэм къатехъукIауэ щыт зы макъ эфективырщи, щхьэжу къэсэбэпыркъым ″о″ макъыр; икIи, зы псалъэм ипэй къыпыхьэркъым. Абы зы Iуэхур ит зэманыгъуэу утыку къызэрихьэращ къигъэлъагъуэри, ″зэманыгъуэ (э)″рэ ″зыужьыгъуэ (у)″ хъуращ лъэщрэ псынщIэрылажьэу иджыр. ″Иджы″ жыхуэтIэр псынщIэу блэкIыу зы зэманыгъуэрщи, ″о″ макъыр псынщIэрыпсалъэу утыку къызэрихьари игъуэджэу щытщ.

″О″ макъыр ″эу″ макъхэм къазэртехъукIарэ къэлэну иджри гурыIуэгъуэ хъуащ. Къэлэну игъэзащIэр гурыIуэгъуэ щыхъукIэй, дэтхэнэ зы ″эу″ макъри ″о″ зэрымыхъунрэ хъун зэрыхуэмейр гурыIуэгъуэнщ. Дэтхэнэ зы щIыпIэм щыплъагъу ″эу″ е ″уэу″ макъхэр ирехъу, ″Iуэ″ макъыр ирехъу, псыпщIэу къыщипIуэм щыгъуэ ″о″ макъ пэлъытэу къэзэрыIунур гурыIуэгъуэнщ; ауэ, ахэр зи гугъу тщIа ″о″м игъэзащIэр щимыгъэзащIэм щыгъуэ, щыуагъэкIэ ″о″ макъыу тхын хуейкъым. Псалъэм папщIэ, ″Iуэху″ псалъэри псынщIэу къыщипIуэм щыгъуэ ″Iоху″ хуэдэу къэIунщ; ар щхьэ, апхуэдэу тхын хуейкъым. Мыр зэхэмгъэзэрыхьарэ гулъытэ зэрыхуащIарэкIэу зэратхами пщIэ хуэщIыпхъэщ.

Ауэ, дауи ирехъу, зы макъыр е зы псалъэр утыку къихьа нэужь, мыхьэнэрэ къызэрысэбэпым къызэрыгуэкIкIэрэу нэгъуэщI гъуэгухэри мэухуэр; нэгъуэщIыгъуэ къэсэбэпыкIэмкIэ нэгъуэщI мыхьэнэхэри мэухуэр. Макъыр зы макъыщIэу щытми, утыку къихьарэ къэсэбэпу щIидзамэ, а макъым игъэзащIэу щытхэм къызэрыгуэкIрэ, бзэ лэжьэкIэу утыку ит хабзэр зэрылажьэ щIыкIэу, утыку къырилъхьэ мыхьэнэр кIуэ пэтрэ куэд хъууэ щIидзэнщ. Ауэ, абы и лъабжьэр имыгъэкIуэдауэ щытмэ, мыхьэнэу утыку къихьэхэр къызэрыхъу щхьэусыгъуэри нахуэу щытынщ. Мыбы хуэдэнщ, адыгэбзэу щытмэ, ″фо″ псалъэри утыку къызэрихьар: Ар ″фэ зыгъэужь″ мыхьэнэ зиIэу, ″фэу″уэ къыщIэкIынщ.

ТIанэ, адыгэбзэ гуэрхэм ″Сэусырыкъуэ е Саусырыкъуэ″ фIэщыгъэцIэр Къэбэрдейм къызэрыриIуэр ″Сосрыкъуэ″ущи, мы фIэщыгъэцIэу щыт псалъэ кIуэцIым ″о″ макъым хигъэзэщIыхьу щыт мыхьэнэри ″эу″ макъым иджу щыт ит зэманыгъуэрагъэнщ. ИкIи, ″сосрыкъуэ″ псалъэр къызэрыхъуа щIыкIэм и гугъу зэрытщIам щыгъуазэ ущыхуэхъум щыгъуэ, ари ″о″ макъыр зыхэт зэрыхъукIэрэу, гъуэзэджэу зэтеувауэ зы псалъэу жыIэпхъэщ.

Нобэ, Къэбэрдей псэлъэкIэрауэ жыIэпхъэщ ″о″ макъыр нэхъыбэу къызтехъукIар. Ауэ, Адыгей тхэкIэм ар куэду къегъэсэбэпыр; ауэ, къызэригъэсэбэпыр ″о″ макъ къэхъукIэм езэгъыу жыIэпхъэкъым. Ар щыхъукIэй, зы IуэхугъуэфIыу лъытапхъэркъым.

Адыгэбзэм ″о″ макъкIэ къэIу хъуауэ щапхъэхэр куэду жыIэпхъэнкъым. ИкIи, ″о″ макъыр къызтехъукIарэ, абы игъэзащIэу щытхэри гурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ зы щIыпIэм зэкIэлъхьэужьу щыт ″эу″р

"о"уэ къызэрмыӀум и гугъуи тщӀащ. Ауэ, зы псалъэр бзэм щыземыкӀуэж щыхъурэ, абы къикӀри кӀуэ пэтрэ хэгъуэщэжу щӀидзэмэ, а псалъэм и макъхэри зэхъуэкӀыфынщи, пэжу къэмыӀужу щӀидзэнщ.

Мыбы и щапхъэхэм ящыщ, "фӀэхъус апщи" псалъэр "фӀохъус" е "Ӏохъус"кӀэ къызэрыраӀуэр; мыбы хуэдэщ икӀи, "фӀэхъусыж" псалъэр "Ӏохъусыж"у къызэрыраӀуэри. "ФӀэхъус" псалъэм къикӀыр мынэӀуэжрэ, ар зэрызекӀуэр мащӀэ хъууэ щӀидзэмэ, абы и къэӀукӀэми зихъуэжынщи, ипщэкӀэ къызэрыдгъэлъэгъуам хуэдэ хъунщ. Ауэ, ар зырахым хужаӀэу щытыр "фӀэухъус апщи" е "фӀэухъусыж" хуэдэу щытагъэнщ икӀи; ар щыхъукӀэй, псалъэм хэту "о" макъыр къызэрыхъунур нэхъ тынш хъунщ.

Мыбы хуэдэу жыӀэпхъэщ, "бэ ухъу апщи" псалъэри "бохъу апщи"уэ къыраӀуэ зэрыхъуар. ГурыӀуэгъуэщи, мы псалъэхэр зэрызэрамыхьэжым къызэрыгуэкӀкӀэ, нобэ фӀыдыдэу къазэрыгурымыӀуэм папщӀэ, а псалъэрэ макъхэри тыншу зохъуэкӀыфыр.

Аращи тӀэ, мы иужьрей щапхъэхэм къызэрыдагъэлъагъуэм щыгъуазэ ущыхуэхъум щыгъуэ, "о"р "эу"рэ нэгъуэщӀ макъхэм фонэтикэу къазэрытехъукӀыфым къызэрыгуэкӀкӀэ къэсэбэпу щӀидзауэ жыӀэпхъэрщи, мыри адыгэбзэмкӀэ зы фӀыгъуэркъым.

"О" макъ хъуауэ щыт щапхъэхэр мащӀэ щхьэ, мы къэдгъэлъэгъуахэм и закъуэу щыткъым. "ЛӀэу" псалъэр нобэ "лӀо"уэ къыраӀуэри ятхыр; "кэу, чэу" псалъэр "ко, чо"уэ къыраӀуэр; "къэум" е "къаум"ыр "къом"у къыритӀуэ хъуащ; "бэу"р "бо"щ къызэритӀуэр; "Ӏуэу"р "Ӏо"уэ къыдоӀуэр.

"О" макъыр къызэрыхъур гурыӀуэгъуэу щытщи, ар зэрыщытым хуэдэу къэгъэсэбэпын хуейщ. Абы папщӀэй, ар къызэрыхъуар гурыӀуэгъуэ яхуэщӀын хуейуэ щытщ адыгэбзэр къэзыпсэлъ цӀыхубэм. Мыхъумэ, дэтхэнэ зы макъ зэгухьэу щытыр псынщӀэрыджэу "о" макъыу къиӀуапхъэр утыку къихьэнщи, "эу"уэ къэхъуарэ утыку ит "о" макъ мыхьэнэр хэкӀуэдэжынщ.

Мыпхуэдэу, макъ мыхьэнэр зэрилъабжьэрэкӀэу адыгэбзэм ухэплъыхьу щытмэ, макъхэм нэгъуэщӀ макъ къызэрагъэхъуфыр, икӀи, макъхэм яджыр зэраджкӀэрэу бзэ кӀуэцӀым къызэрысэбэпым зэрелъытарэкӀэу нэгъуэщӀ мыхьэнэхэри ягъэзэщӀэфу зэрщӀидзэр болъагъур. Мыри адыгэбзэр зэрылъхуэрым и зы щапхъэу къыщӀэкӀынщ; абы жьэрыпсалъэрэ диялекту иджыри куэд къилъхупхъэнщ. Аргуэрэу пыщапхъэщ: Адыгэбзэм зы макъыр къызэрыхъу щӀыкӀэри хыболъагъуэр!

## ЕЩАНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ МАКЪ ЩЭХУХЭР

### «С, ЦI, Ц, З, ДЗ» МАКЪХЭР

**С...**

Адыгэбзэм хэт макъ щэхухэм я нэхъ гугъуу гурыIуэгъуэ хъуну зы макъращ "сы" макъыр. Ауэ, ар бзэм куэду къыхэсэбэпыхьыу зы макъщ; икIи, игъэзащIэхэм уеплъмэ, дэнкIэй лэжьыгъэ зыгъуэту зы макъырщ. Ар лэжьакIуэу зы макъырщ, къэхъуу щыт дэтхэнэ зы гуэррэ, гурыIуэгъуэ хъуну щыт гуэрыр утыку къызэрихьэнури абы и Iэмалыгъуэу жыIэпхъэщ.

Зэман ужьыгъуэу щытым къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт дэтхэнэ зы гуэрыр къызэрыхъуар ″сы″ Iэмалыгъуэу жыIэпхъэщ. Зэманыр къызэрежьари ардыдэу ″сы″ Iэмалыгъуэу жыIэпхъэнщ. Дэтхэнэ зы хъугъуэ-фIыгъуэ щыIэмэ, ар къызэрыхъур ″сы″ IэмалыгъуэрэкIэрщ.

Зэман ужьыгъуэу, зэман шабзэр зыдынэсам къекIуэкIыр ″сы″ Iуэхурщ. Зэман ужьыгъуэу зэхуэдэ жыжьагъэм нэсауэ щыт зэман шабзэ зэпэхъуреипIэм къигъэщIыу щыт ″и″ лъэныкъуэу утыку къихьэр ″сы″ IэмалыгъуэрэкIэрщ. А джыпIэу къэхъуу щыт ″иджы″р къызэрыхъу Iуэхур ″сы″ Iэмалыгъуэрщ. А джыпIэу щытым щыджыр зэрыджри ″сы″ Iуэхущ. Иджым щыджыр зэрыджри, а иджым щхьэщыкIыныгъэу къэхъур къызэрыхъуфрэ, абы и нэужым къэхъуу щыт иджыри къызэрыхъуфыр ″сы″ IэмалыгъуэкIэщ. А къэхъуа иджыщIэм къыщыхъуу щыт щыIэщIэри къызэрыхъу Iэмалыгъуэр ″сы″ Iуэхугъуэщ. Мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэу зы ужьыгъуэу къэхъури къызэрыхъуфыр ″сы″ IэмалыгъуэрэкIэрщ.

Зэман шабзэр зыдэщытыр мэс, сыуэ щытыр мэджри иджырэ абы щыджыр къохъур. Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр зелъытауэ къызэрыхъур зэман шабзэ кIуэтэгъуэрэ ужьыгъуэу щытщи, а ужьыгъуэм къигъэхъур къызэрыхъу щIыкIэр сын Iуэхугъуэу щытщ. Зэманыр а иджым щхьэщыкIрэ зэрыужьыфри сын Iуэхуу щытщ.

Мыпхуэдэу зэрылэжьакIуэм къызэрыгуэкIкIэй, зэманым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытакIэрэу, къэхъуу щыт дэтхэнэ зы гуэрыр къызэрыхъурэ къызэрыIуатэр ″сы″ Iэмалыгъуэу жыIэпхъэщ. Зэман шабзэ зэпэхъурейрэ зы иджы хъууэ щытым и зы щIыпIэрэ и ″и″пIэм щыт зы нэрыбгэм елъытауэ, иджым и дэтхэнэ зы щIыпIэм къэхъуу щытыр а нэрыбгэм зэрызыхищIэнурэ къызэриIуэтэнури, абы къызэрынэсу щытым елъытарэ къызэрыгуэкIкIэрщ. Иджым къыщекIуэкIрэ, а нэрыбгэм илъагъуу, зэхихыу, зэхищIэу, еIэбу щытхэр а нэрыбгэм къынэсу щыт нэху, макъ, мэхэрщи, ахэр а нэрыбгэм зэрискIэрэу а иджырэ зы щIыпIэ гуэрхэм къекIуэкIыу щытхэр гурыIуэгъуэрэ лъытэгъуэ мэхъур. А нэрыбгэм ахэр зэрызыхищIэм хуэдэжу, а мэрэ макъыу щыт лIэужьыгъуэхэри

къызэрыхъурэ а нэрыбгэм нэгъунэ къызэрыкIуэм и щхьэусыгъуэ хъури ″сы″ Iэмалыгъуэрщ.

Аращи, ″сы″р сыткIэй щхьэпэрэ щхьэусыгъуэ хъууэ щытырщ. Ар къэхъун щхьэусыгъуэ хъурщи, къэхъуауэ щытым и ужьыгъуэми щхьэпэ хуэхъурщ.

*

Зыужьыгъуэм (у) дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ, иджым къыщхьэщыкIрэ аргуэрэу зы иджы щыджым щыгъуэ, а иджитIым язэхуаку дэту сырауэ зыкъыдегъэлъагъуэр "сы" макъым. Ар сырэ мафIэ хъу закъуэ мыхъуу, иджым е джыуэ щытым ипэ исрэ ипэ иту щытырщ; а джын Iуэхугъуэмрэ иджымрэ къызэрыхъуным къынэсрэ зэрынэсынращ "сы" макъым игъэзащIэ Iэмалыгъуэр. Ар, иджы итым къыщхьэщыкIыу иужьрейуэ къакIуэ иджым дезгъасэрщ. Джыуэ ″щы″м ихьа хъуауэ щытым нэс лажьэр "сы"ращ. Зы иджыпIэм щыIэ хъуауэ щытым къыщхьэщыкIрэ къыкIэлъыкIуэ зы джыпIэрэ иджы гуэрым щыIэ гуэр щыхъунум нэс лажьэр аращ.

Джыр зэрыджыр сынкIэрщи, джам щхьэщыкIрэ иджыри зыджыр сынырщ. Иджы щыIэм щхьэщыкIрэ, иужьрей иджым нэс, а щыIэу щытым нэсрэ зысыр, а щыIэр зэрыскIэрэу иджы щIэ къэхъум щызгъэджыр сын Iуэхугъуэрщ.

Ар, исыр зысрэ имысыр зымысырщ; уэзыр ису зэрысрэ зэрсыжыр аращ зи Iуэхугъуэри. А Iуэхугъуэу, зы пIэ игъуэтрэ ису зису сыуэ щыту ″сос″ыр къэхъурэ, абыи сосрыкъуэ къыщыхэхъукIыжым щыгъуэ, - къэхъуныгъэрэ къэхъупхъэр къэхъурэ щыIэгъуэ иувэу щыIэ щыхъукIэ-, зи Iуэху зэфIэкIа хъур "сы"рщ.

"С"ыр, щымыIэм е "цIы"м нэужь, сытми и къежьапIэм щылажьэрэ сосрыкъуэу къэхъур зыгъэхъуфырщ. Ар, къэхъур щыIэ хъуху лажьэрщ; щыIэмрэ щыIэ хъунумрэ нэсу дэсыр аращ; щыIэу щыт тIуми нэсыфу, икIи абы ящымыщ хъуфращ "сы"р. Ар нэсырщ, лъэIэсырщ, исырщ. Ауэ, ар зы гуэрым илърэ хэлъ е итрэ хэту щытыркъым.

Нэрылъагъущи, "сы" макъым игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэшхуэхэр гурыIуэгъуафIэкъым. Мы дыздиту щыт ″иджы″м иту къэмынэр, дэ езыхэр зы щыIэгъуэ зиIэу зыщыдбжкIэ, дэ тщыщ мыхъурэ къытхэмыт щхьэ, къыднэсрэ дызыс зэрыхъукIэрэу, щыIэр щыIэху мыувыIэу лэжьэну щыт "сы"р дэркIэ гурыIуэгъуафIэ хъункъым. Абы игъэзащIэхэр зэригъэзащIэ щIыкIэу бзэм зэрыхэтыкIэхэри гурыIуэгъуэфI хъункъым. Ауэ, сыт щыгъуэй -бзэм зэрыхэтрэ игъэзащIэр и Iэмалъгъуэращи-, мэ"с".

*

"Сы" макъым ущIэдэIукIмэ, ар сыуэ щытым е сысу щытым къыхэIукI макъыу зэрщытри гурыIуэгъуэщ. Ар адыгэбзэ макъ псом

хуэдэжу натуралу зы макъщи, зэрзэхэпхым хуэдэщ иджрэ игъэзащIэр; абы мыхьэнэ игъэзащIэр, къызэрыIу щIыкIэм къыбгуригъаIуэу джыращ.

Япэрауэ, "сы" макъым игъэзащIэ зы Iуэхугъуэу бзэм зэрыхэтыр, мафIэр къэзгъэщIыу сын Iуэхугъуэущ. "Уэзыр мэс" жыхуаIэр аращ, мафIэми дыгъэми узэрисыр аращ, "сэху е сырыху" псалъэхэр къызхэкIари а сын Iуэхугъуэращ. Ауэ, -уи нэм къыщIэуэ пэлъытэу- мафIэй дыгъэ бзии щымыIэу кIуэцIкIэ сынри къохъур. Уигу щIогъу плъагъу е зэхэпх зы гуэрэми, уи лыр мэузри уи гур мес; е, шхалъэ уз уиIэщи уегъэгузавэ, уи кIуэцIыр къыресыкIыр, ″сымаджэ″ уохъур. Зы шхын пщытырым уи Iур ес; ар мыхъуми, зы шыбжийм уи жьэр IуресыкIыр. Дауй ирехъу, мы сын Iуэхухэр, плъагъуу щыт мафIэр зиIэри зимыIэри зэрызэхуэдэр гурыIуэгъуэщ. Исыр мэзохъуэкIыр: ЩыIэ зы гуэр зы мафIэм есри и щыIэкIэр мэкIуэдыр; и кIуэцI сыныр и кIуэцIым зыгуэрэ къыщыхъурэ зы гуэрхэр зэрыкIуэдкIэрэ зэхъуэкIыныгъэ къызхэкIынырщ; и жьэр е и Iур зы шыбжийм исмэ, а жьэ е Iум зихъуэкIыу, зэрщытам хуэдэу щымтыжрэ зы гуэрхэр къыхэхъукIыу кIуэдрэу зэхъуэкIа хъунщ.

Сыт щыгъуэй зы гуэрхэр мэсыр; щыIэр иджым зэрщыIэу, къэкIуэну зы ″иджы″ми и зы щыIэкIэ игъуэтын папщIэ зы гуэрхэр игъэсын хуейщ; е, сы гуэрыр абыкIэ къыщхьэпэн хуейщ. МафIэмрэ дыгъэмрэ уису умкIуэдыжыпэу щымытмэ, уегъэхуабэри уи щыIэгъуэкIэ узхуэныкъуэу щыт уи хуэбагъэр уиIэнкIэ къыпщхьопэхэр. Мыхъумэ, абы къыуат хуэбагъэр къэбгъуэтын щхьэ, пхузэфIэмкIын хуэдизу зыгуэрхэр бгъэсын хуей хъунут. ТIэ арагъэнщ, ″дыгъэ″рэ ″мафIэ″ фIэщыгъэцIэхэр щIыфащар.

ГъащIэ зиIэ псоми я гъащIэр яхьыфынрэ заужьыу бэгъуэн папщIэ, ягъэсын гуэрхэм хуэныкъуэщ. КъэкIыгъэм псыр зыщIифрэ хэшхыкIыу дыгъэм зырегъэу, ишхахэр щхьэпэ хуэхъун папщIэ егъэткIу егъэсри, узыншэу хохъуэри мэбагъуэр. ГъащIэ зиIэхэм жьы къатшэри, тшхыри догъэс, фIыуэ дыгъэсын папщIэй спорт тыдощIыхьыж, долажьэ, добагъуэ, доужьыр.

МыувыIэу дызхуэныкъуэ гэсын гуэрхэр къэгъуэтынрэ, ахэр дгъэс защIэкIэрэу ди гъащIэр дохьыр. Гъэсын уимыIэмэ е умгъэсыфмэ укIуэдауэ аращ. Ущы"сэхыж"кIэ, щыIэгъуэрэ джыныр къызтехъукIыу щыт лъабжьэу ″сы″пIэм уехыжу аращи, ар бгъэсын ухуэмныкъуэжрэ умгъэсыжу, гъэсын Iуэхугъуэм ухэкIыжу аращ.

Аращи, зы къежьапIэ щыIауэ щытмэ, а и къежьапIэм къэхъуауэ щыт уэзыр зэрыскIэрэу джырэ щыIэгъуэр къэхъуауэ щытмэ, а Iуэхугъуэр къызэрежьэрэ зэрлажьэ щIыкIэдыдэр, щыIэгъуэ зиIэхэм я щыIэкIэ хъуагъэнщ. Сыт щыгъуэй щыIэу хъуахэм я Iуэхур увыIэпIэ зэримыIэу уэз гъэсынщ; сыт щыгъуэй а уэз гъэсынкIэ щыIэр аргуэрэу щыIэ мэхъуфыр.

*

ГъащIэрэ уэщIыр щыIэхукIэ, щыIэрэ джыныр хъухукIэ, иджырэ аргуэру иджы къэхъухукIэ сыныр хъунущ. Мыхэр къэзгъэхъурэ щыIэ зэрыхъур "сы" IэмалыгъуэкIэрщ. Ар дэни нэсыфрэ зыдынэсым сыурэ иджыр къэзгъэхъуращ.

Зэман шабзэ хъурейр зынэсырщ сыри, а зэпэхъурейуэ щытыр зэрыскIэрэу джырщ иджыр. А иджым хэтрэ сыуэ щытырщ, джыр зынэсыр. Зэман ужьым исрэ, зэманыр зыдынэсауэ щыт иджым исыр, зэман ужьыгъуэу сырщи, зэманым елъытауэй сырщ. Мыпхуэдэу щытыр бзэ хабзэу къызэрыIуэтэнур ″сэ″ хъунщ.

Зэман ужьыгъуэр зынэсрэ джырэ зэхъуэкIыу, хъууэ щыт дэтхэнэ зы гуэрырщ ″сэ″р. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, япэрэ сыт щыгъуэй щыIэгъуэ хъур ″сэ″рщ. Ар иджым исырщ.

Сытри ″иджы″м итщ; джыуэ щытыр къызхэкIрэ ар зылъагъур е зи щхьэ къырикIуэу щытыр иджым исырщ; иджым исым елъытауэщ, а иджым щыгъуэщ, къэхъур зыхэзыщIэрэ гурыIуэгъуэ зыхуэхъур. А иджым ису зэманыгъуэ зиIэрэ, къэхъур зэманыгъуэкIэрэ къызэрыIуэтапхъэр "сэ" хъунщ. Иджым исрэ зыхэзыщIэу щытыр, а джыуэ щытыр къэзыIуэтэпхъэрщи, ар зы цIыху нэрыбгэу лъытапхъэмэ, ар япэрей нэрыбгэу лъытапхъэрщ; тIэ, абы ″сэ″ хужыIэныр хуэфащэщ. Джыуэ щытыр, къэхъу-къэщIыр, къэхъунури блэкIари, езыри уэри ари нэгъуэщIхэри зэрыхъу щIыкIэр зыIуэтэжыфыр "сэ"ращ.

Сытри зы иджым исщ, зыдисыпIэм ес егъэсри иджыр къыхуохъуж; ар зыхуэхъуу щытыр, абы сыуэ исыр "сэ"рщ. Хэтрэ сытри зы иджы итыпIэ зиIэрщи, а зыщысрэ зыщигъэсым, и уэзыр щысым исрэ щыджыр иджырщи, ар езыр "сэ"щ. "Сэ"р, сыуэ щытырщи, сыт щыгъуэй ″иджы″м ису щыт закъуэ зэрыхъукIэрэй хъууэ щытыр къэзыIуэтапхъэу щытырщ; икIи, сытри къэIуэтапхъэ зыщIырщ; япэрей нэрыбгэр "сэ"щ. КъэзыIуатэрэ езым къынэсрэ, езыр зынэсу щытыр, зыджрэ зыхуэджыр, иджым хэту щыт хэтрэ сытри "сэ"щ. Ар зыхуэфащэрэ къэзыIуатэр цIыху зэрыхъукIэрэй, ″сэ″р япэрей нэрыбгэрщ.

Сытри, иджым ису сыуэ щыт "сэ"м зэрелъытакIэрэ мэIуатэр. ЩыIэр зыхэзыщIэу къэзыIуатэ закъуэр, щыIэр къызхуэкIуэрэ зыхуэхъур, иджым иту и уэзымкIэ сыуэ зэманыгъуэ зиIэу щыт "сэ"рщ. Ар дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэрщ; ауэ, къэзыIуатэу щыт нэрыбгэ закъуэр ″сэ″рщи, ар щхьэжу дэтхэнэ зы нэрыбгэ хъупхъэрщи, и щхьэ къырикIуэр къыщиIуатэм щыгъуэ, хэти ″сэ″щ.

УэркIэ джырэ сэ къызнэмIэсыр сэ сымысырщ; ар сэркIэ мысырщ. СэркIэ мысыр сэ сызмысыр, сэ къызнэмысыр сэркIэ джыркъым. Сэ иджым щыIэу къыслъэIэсым сахэсщ, ахэм сас; уэзу сызхэсыр къызнэскIэрэ къысхуэуэзыжу мэсри мэджыр; соджри, сэркIэ иджыр къохъур.

"Сэ"р мыувыІэу сыуэ зэманым тетырщ; ар зэрыскІэрэй иджыр къыхуохъур; сытри "сэ"м зэрнэскІэрэ мэджри иджы мэхъур. "Сэ"р мыувыІэу мэсыр; ар и кІуэцкІэ мэс, зылъэІэскІэ мэс, илъагъухэмкІэ мэс, мэгупщысэри мэс, гулъытэ ещІри мэс е гукъэкІ ещІри мэсыр. Абы и уэзыр сыурэ сытри мэдж мэгуроІуэр. ЗылъэмІэсрэ имлъагъур, зэмгупщысрэ зэхимыхыр, ар зымысу къызэрынэкІэрэ мыджэрщ, иджым хэмытырщ, "сэ"ркІэ щымыІэрщ. НытІэ "сэ"р, мыувыІэу иджым ису сыуэ иджыр зыджрэ зыхуэджыр, щыІэр зыхуэщыІэрщ, щыІэр щыджырщ; икІи сытми зэрискІэрэй щыІэм яджырщ. "Сэ"р уэзу сырщ, уэзу исыр къызхуэхъурщ, имысыр зыхуэмыхъурщ; хъур джырщ, щыхъур иджырщ, мыхъур мыджырщ. Уэзу сыри, уэзу джыри, сытми зису зисыр зысрэ исыр иджы хъууэ щытыр "сэ"ращ; псори нахуэ хъуну зи щхьэ къырикІуэр ″сэ″ращ. Ар щыхъукІэ, сыуэ ису сыж уэз щІыкІэу щыт сосым къыхэхъукІ сосрыкъуэ и пІэр "сэ"ращ зейр.

*

"Сы"р дэнкІэй лъэІэсыгъуэ зиІэрщ; зылъэІэсыр сыуэ джыр е къызлъэІэсым ису джыр "сэ" хъурщ. Зы гуэрэм лъэІэсыфыр ар зысращи, ари "сын" зи Іэмэлыгъуэу "сэ" хъунщ. Уи лъэм къыхэпыджэрэ уи куэ кІуэцІ лъэІэсыр, абы уз къыхуэзгъакІуэу зысыр "сы" Іэмалыгъуэ зиІэ гуэрщи, ар "сэ" хъунщ; ар ″дзасэй, мастэй, сэшхуэй″ хъунщ.

"Сы"р иджымрэ къыкІэлъыкІуэ иджым я зэхуаку хъурщ; е "сы"р иджым къыхокІри иужьрей иджыр мэджыр. Ар щыхъукІэ, иджым ипэри икІэри "сы"щ; ар иджым зэримнэкІэрэ, блэкІари къэмсари къэзгъэлъагъуфынырщ; ″сы″ Іэмалыгъуэм елъытарэ къызэрыгуэкІкІэ, блэкІари къэкІуэну зэманыгъуэри лъытапхъэрэ къэІуэтапхъэ хъунщ: Иджым ипэу "пасэ", иджым икІэу "кІасэ", мынобэжрэ зы гъуэ ит хъуам (е, ″ды″уэ щыту ″гъуа″ хъуа ″сэ″) "дыгъуасэ" щІыхужаІэр аращ.

"Сы"р, уэзыр сыуэ джыным и щхьэусыгъуэ хъуращ. Ар щхьэу"сы"гъуэ мыхъуатэмэ джынри къэхъунтэкъым, иджы -ит зэманыгъуэр- хъунтэкъым. Аргуэрэу, а иджым иту сыр мыхъуатэмэ нэгъуэщІ къыкІэлъыкІуэ иджы къэхъунтэкъым. Сыр зэрыскІэрэ иджым исыр мэсри, аргуэрэу къэхъуну иджым лъоІэсыр; щылъэІэскІэ аргуэрэу мэсри исыр мэдж иджыр къохъур. Аращи, иджым итым и лъэрэ и ІэкІэрэ зыды"нэс"ыфрэ зылъэ"Іэс"ыр, е и лъагъуэ итрэ илъагъуфыр, абы зэрнэсыфкІэрэ зыдынэсам ис щыхъукІэ ахэр "мис, мес, абы нэс..." хуэдэ къэІуэтэкІэрэ еІуатэр. "Сэ"р абы нэсрэ зы Іуэтэгъуэ щІыхуэхъуфри ахэм тригъэкІуадэ и зы уэз сыгъуэрщ.

"Сын"ыр зы фэеплъу яухуэрэ ягъэувращ. Ар зи фэеплъ хъум и фэрэ и Іуэхугъуэхэм хуэгъэзаращ. Абы псэ зэрхэмыткІэрэ ужьыгъуэй зимыІэрщ. Ауэ, зи фэеплъу щытым и ужьыгъуэрэ иджыр зэриджкІэрэу, а

джа хъум тригъэкIуадэ уэзыр зэрыс щIыкIэр къигъэлъагъуэу, е ар зыхуагъэувам идж хъур зэрыс щIыкIэу сыныр зы фэеплъу утыку къохьэр. Ар, зи фэеплъым лъэIэсыпхъэрщ.

"Сы"р джынрэ хъунум, щыIэнымрэ и щыIэгъуэ зэхъуэкIыным и щхьэусыгъуэрщ. Ауэ, ар джаракъым, щыIэ хъуаракъым; мы IуэхугъуэхэмкIэ и закъуэ ирикъу мыхъурщ. Дауй ирехъу, ауэ, ар мыбыхэм я зы щхьэусыгъуэщ. Ар щыхъукIэ, зыгуэрэ бгъэхъуну е бджынумэ "сы"р къэбгъэсэбэпынущ. Зы къэкIыгъэ бгъэхъунумэ, и жылэр къэхъупхъэ зы щIыпIэ хэпсэн хуейщ. Зы макъ е зы псалъэм и кIэ къыпыхьэрэ и глагол зэрыхъукIэрэ "сэн"ым игъэзащIэхэр мыращ; -ауэ, а псалъэм хэту "с" Iуэхугъуэр зыхуэлэжьэну щыт макъхэм зэрелъытакIэрэ-. "Гусэн (гум исэн), гуэсэн, щIэсэн, дэсэн, Iусэн, исэн, фIэсэн, хэсэн, зэхэсэн..." хуэдэ псалъэхэр къызэрыхъур аращ. "Хьэсэ, гъасэ, хасэ..." хуэдэ фIэщыгъэцIэхэр къызхэкIри мыхэращ.

Къэгъэхъун папщIэ "хэсэн" хуэдэ мыхъуу, "щытын е щылъын" хуэдэу щыIэгъуэ зиIэ псоми я щIыкIэу щытым зэращхьэщыкIкIэрэ, "тIысын, щысын, хэсын, зэхэсын, къуэсын, Iусын, щIэсын, фIэсын..." хуэдэу, зы псэущхьэ Iуэхурэ зы зэманыгъуэкIэ къэхъуу щыт Iуэхугъуэхэри, "сын" кIэухым егъэзащIэр. Аращ къызхэкIыр, щIэс яхуэхъуа хуэдэм "щIасэ" щIыхужаIэр; зи гуапэ къыхуэхъухэм жаIэр, зи хэхъуэгъуэ щIэблэм папщIэ "тIасэ"р; зи гъуэрэ зи гъуэгур зэхуэдэу щытрэ зэдэIэпыкъуэгъурэ зэдэщхьэщыжхэу щыт зэгъунэгъугъэр зэ"гъусэ"хэрщ. Лъакъуэр щIым зэрынэскIэрэ кIуэныр "лъэс" зэрыхъур; псым къыхэхъукIарэ щабэу уэгум къехыр "уэс"ырщи, абы и къехыкIэр ″къесын″ырщ.

Ум, уэгум е ужьыгъуэ хъум хэсэн пэлъытэу, цIыхум и псалъэхэм къыщхьэщыкIрэ къэрууфIэу щыт псэлъэ гъуэзэджэм "усэ" щIыхужаIэри гурыIуэгъуэщ.

ЗэхуэкIуэрэ зы щIыпIэм екIуэлIэн Iуэхугъуэм папщIэ ″зэхусын″щ жаIэри, апхуэдэу зэхэтыныр "зэхуэс"ырщ. Зэхуэсауэ щытрэ, нэгъуэщI зы гуэркIэ зы гупрэ зы куэдагъэр къыриIуэу къосэбэпыр "сымэ" кIэух псалъэр: «ТIутIэ сымэ къэкIуащ» .

Зы макъ е зы псалъэм и кIэух хъу "сы"м игъэзащIэ Iуэхугъуэхэр, зи гугъу тщIауэ щыт псалъэхэр игъэлэжьэнырщ; ахэм глагол хуохъур ″сы″ кIэух макъыр. Зы макъ е зы псалъэм ипэ къыпыхьэ "сы"м игъэзэщIэнур, къыкIэлъыкIуэ макъ е псалъэр "сы"р зэрыпашэкIэрэ лэжьэнырщ. Ар щыхъукIэй, "сы"м къыкIэлъыкIуэ макъхэр абы хуэлэжьэнщ.

″Сы″р, ″щы″рэ щыIэ лъабжьэр къэзыгъэхъурщи, езыр ″щы″рэ щыIэ мыхъурщ. ТIэ, ″сы″ макъым къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэм иджынур зи щыIэкIэр гъэкIуэдын Iуэхугъуэрщ; ″сы″уэ щыт хъуныр зи щхьэ

къырикIуэр ″щы″рэ щыIэ мыхъунырщ. Ар щыхъукIэй, и щыIэкIэм ехыжынщ. Иджыр зы джыпIэрэ ужьыгъуэр къызтехъукIыу щытырщи, къыкIэлъыкIуэ иджыр къызэрыхъунур ″сы″ IэмалыгъуэкIэрщ; уэзыр ″сын″ Iуэхугъуэрщ мыбдежым къэхъури, ″сы″ IэмалыгъуэрэкIэ къежьэу щыт зы псалъэр зи уэзыр сын Iуэхугъуэм хуэкIуэнщ; зи ужьыгъуэр зыгъэкIуэдын Iуэхугъуэм хуэкIуэнщ, иджым къыкIэлъыкIуэ иджым ужьауэ щыджынкъым.

"Сы"пхъэу хэлъ хъуар мащIэ зэрыхъурэ, ужьыгъуэрэ ″щы″ щIэ къызхуэмыхъужыр, ужьыгъуэу зэрыщытым зэрехыжыр къэзIуатэ "сэхын, сэхыжын, къэсэхын" псалъэу утыку къихьэхэр къэру кIуэдыгъуэ псалъэхэрщ. "Сэхъун"ри абы ещхьу, къэрур хэщIыу кIуэнырщ; "сы"р ипэкIэ мылажьэу иджым хуэкIасэу кIуэнырщ. Мыпхуэдэ псалъэхэрщ: «Сэхъуджэн, сыхъэн (сыуэ зэгуэтхъ), сэкIын (сэм икIын), сымаджэ (уэзыр сыуэ мыджэу, джар сым зэрхуэлажьэкIэрэ, уэзыр сым хишрэ мыджапхъэу зэхэсыхьыжын, узын)...».

Мыхэм хуэдэу жыIэпхъэщ, и щыIэкIэр зэрхъуэкIрэ нэгъуэщI щыIэкIэ хъуауэ щытхэм я фIэщыгъэцIэ хъуауэ щыт щапхъэхэу "сабэ, самэ" хуэдэ псалъэхэр. "Сэмэгу" псалъэри, "сы"пхъэ лъэныкъуэр е тIасхъэ лъэныкъуэр, ″сы″ Iэмалыгъуэр зыдэщыIэ лъэныкъуэр зыгъэлъагъу зы псалъэу къыщIэкIынщ.

"Сысын"ыр сыуэ сы хъурщ; ипIэ имыкIрэ зэрытыпIэм ису сы хъунырщ; зы джыпхъэ мыхъуу ипIэм, иджым е зэрыджа щIыпIэм хуэпасэрэ хуэкIасэй мыхъуу, ипэрэ икIэкIэ кIуэрэ е ебэрэ къэкIуэжу, аргуэру иджыпIэм иту сы хъурщ; сыт щыгъуэй ипIэм лъэIэсыжу хъеинырщ.

"Сы"р иджитI зэхуакурэ сыуэ джырэ иджыр къэзгъэхъумэ, сыт тIэ "сыт"ыр? СытупIэрэ ар зэр"сыт"ыр? "Сыт"ыр ″сы″уэ щытырщ (т); ″сы″пIэм иту щытырщ.

Ар сыуэ щытми, сэ ар зэрысыр къыслъэIэсрэ сису щытми, абыкIэ сызэрысыр нахуэ мыхъуу сырщ; ″сыуэ щыт″ыр иджыри мыджарщи, аращ ″сыт″ыр. ″Сыт″ыр иджыри мыджарэ нахуэ къыпхуэмыхъуарщ.

"Сыту" псалъэр "сыт"ыр зэрыужьырщ; мыувыIэу сыт хъурщ; ″сыт″ зэрыхъу лIэужьыгъуэ упщIэрщ. "Мыст"ыр "сыт"ыр къэзыгъэлъагъуэрэ (мэ), ар аргуэрэу ″сыт″ пэлъытэу зэрыщытыр, ″с″рэ ″т″уэ зэрщытыр къыдгурызгъаIуэрщ. "Сытри"р, а "сытыр"р дэзшейрэ къэзыгъэлъагъуэрщи, ″сыт″рэ ″мыст″у щытрэ, дэтхэнэ зы гуэрыр зыхэзыубыдэр аргуэрэу къэзыгъэлъагъуэрщ (и); схуэмыджауэ джыпхъэу щытрэ, сыуэ щыт псори зыхэзыубыдэрщ.

"Сыт"ыр, зыIисыр сымыщIэрщ; ар утыку къыщихьа дыдэм, иджыри сызнэмсарэ зэрызымджыфам къызэрыгуэкIкIэ, сэркIэ иджыркIэ

щымыIэ пэлъытэ хъууэ щытырщ; ар джыпхъэм (с) иту щытырщи, сынэсрэ зджымэ, зытеухуар къэсщIэфыну щытырщ.

*

Джыным и щхьэусыгъуэ хъууэ щыт "сы" макъым езыр иджыри джауэ щыт мыхъуарщ, щыIэ мыхъуарщ; ар щымыIэрэ "щы-Iэ" зэрмыхъукIэрэ, щыIэм и къэхъукIэрэ и кIуэдыкIэ щIыкIэрэ и щхьэусыгъуэу щытырщ. ЩыIэрэ зы щыIэкIэр къэхъуху лажьэу щытыр "сы"рщ; щыIэр щыкIуэдыжкIэй зыдехыжу щытри япэрауэ "сы"рщ, е зыдехыжыну щытым зэрехыжыну щхьэусыгъуэ хъури "сы"рщ.

ЩыIэу щытым нэгъуэщI щыIэ гуэрхэмкIэ зэпыщIэныгъэ иIэн Iуэхугъуэри зыгъэзащIэу щытыр "сы" Iэмалыгъуэрщ. ЩыIэр нэгъуэщI щыIэхэм носыр, лъоIэсыр; абы зы гуэрхэм и уэзыр егъэсри мэщыIэр.

ЩыIэхэм зы щIыкIэ зыраIэным езгъасэри "сы" Iуэхугъуэм хуэкIуэнырщ. ЩыIэрэ джыуэ щыт хъуным и щхьэусыгъуэу щытыр "сы"рщи, ар, щыIэу хъуар щыIэхукIэ къащхьэпэу щытырщ. Зы щыIэ гуэрыр зэрыщыIэрэ, нэгъуэщI щыIэ гуэрхэм зэрызэпыщIар "сы" IэмалыгъуэкIэ гъэзащIэу щытщ. Зы щыIэ гуэрыр зыхэту щыт щыIэгъуэм зэрыхэт щIыкIэр "сы" IэмалыгъуэрэкIэщ. Абы, а зыхэту щыт щыIэхэм теухуарэ къызэрыгуэкIкIэ "сы"уэ щыт хъунрэ, зы сыкIэ иIэу щытын хуейщ; мыхъумэ, ахэм яхэту щыIэу щытыфынкъым. ЩыIэу щытын хуеймэ, ахэм хуэкIуэу сын хуейщ, ахэм зыдигъэкIун хуейщ, ахэм есэн хуейщ: И сын щIыкIэр ахэм дэкIуу щытын хуейщ. Ахэм есауэ щымытмэ, ахэм къызэрыгуэкIкIэ сын Iуэхугъуэ щIыкIэ зыхуимыгъэпэщмэ, ахэм яхэту щыIэфынкъым. Аращи, "есэн"ыр, зы гуэрым хуэкIуэу сынырщ; зыдыхэтым екIурэ езэгъыкIэу сын Iэмалыгъуэ ухуэнырщ.

Зы псэущхьэ лIэужьыгъуэр цIыхум "Iэщ" къыхуэхъуху зэригъасэрэ "Iэсэ" зэрищI Iуэхугъуэри, а псэущхьэр "сы" Iэмалъыгъуэм зэрхуигъакIуэкIэрэщ. "Iэсэ"у щытыр, зэрагъэсам теухуауэ зы щIыкIэ зиIэрщ; ар зэресам хуэсэу шытырщ.

Гъэсэн Iуэхугъуэр, зэрхъуну узхуейм нэс ебгъэкIунрэ ебгъэзэгъынырщ; зебгъэсэну щыт гуэрым къызэрыгуэкIкIэ, а псэущхьэм щыIэкIэ иIэ пщIынырщ. Ауэ, а Iуэхугъуэр, ар зэрщыту "сын"рэ джа хъун Iуэхугъуэркъым; абы и щыIэгъуэрэ щыIэкIэр зэхъуэкIын Iуэхуркъыми, и щIыкIэращ зэхъуэкIыныр. Ар зэрщыIэу щыIэнщ; ар щхьэ, зэхъуэкIауэ зы щIыкIэ иIэ хъунщ; "гъэсэн"ыр зы щыIэ нэгъуэщIыгъуэ щIынракъым. И щыIэкIэр зэрищыIэкIэжу, икIи зы щIыкIэ нэгъуэщIыгъуэй иIэ хъуауэ, а щIыкIэщIэу зыхуэкIуэм зэрнэсыфкIэрэ нэсрэ къэсыжауэ "еса"уэ хъунырщ.

Зебгъасэу щыт Iуэхугъуэрэ уэрэ уи зэхуакум зы "сын" Iуэхугъуэ дэлъщ; ауэ, а "сын" Iуэхугъуэр, зыр зым игъэсын Iуэхугъуэу щытынракъым; зыр зым ису щытынырркъым. Зызебгъасэм унэсрэ, уи уэзыр абы и уэз щIыкIэм дебгъэкIуу, уэзитIыр зэкIу хъуауэ, зыр зым игу

зэрытехуэкIэрэу дэтхэнэ зым и сыпхъэр зэрисыф щIыкIэу, зы щIыкIэ яIэ хъун Iуэхугъуэрщ "есэн"ыр. Узэсэм уи уэзыр хуэкIуэрэ екIуу бгъэсынырщ "есэн"ыр. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, "есэн"ыр, "сын" Iуэхугъуэм хуэкIуэнрэ ехьэлIа хъунырщ (е-сы-э-н); ар "сын" Iуэхугъуэм хуэкIуэу (е) щыт зэпытынырщ (э); мыхъумэ, ар сынрэ езым щыщ щIыныркъым, зэщыщ хъуныркъым; "сын" IуэхугъуэмкIэ щыIэкIэр зэхъуэкIыныркъым. Есэм зызэсэу щытыр ису аракъым.

Псым есэнри мыпхуэдэщ: Псым уимытхьэлэу уесэфу щытмэ, уэ уи щыIэкIэр уи щыIэкIэжу, псым узэрыгурыIуэн щIыкIэр къэбгъуэтауэ аращ ар. Ар щыхъукIэй, псым и щыIэкIэм узэрекIурэкIэ уи уэзыр бгъэсыжу аращ "есэн"ыр; мыхъумэ, "сын" IуэхугъуэрэкIэ джауэ утыку къихьауэ щыт зы Iуэхугъуэу, зы щыIэкIэ гуэр къыпхэхъуарэ, псым хэс псэущхьэу зы щыIэгъуэм ухуэкIуа хъунракъым. Есэныр зегъэкIунращ узхэсым.

Аращи, псым теухуауэ "есэн" Iуэхугъуэр дэтхэнэ зы есэн Iуэхугъуэм хуэдэщ; мыхъумэ, нэгъуэщI зы Iуэхугъуэ гуэр къэхъуркъым. Адыгэбзэм ар къызэриIуэта щIыкIэри "есэн" псалъэкIэрэщ; икIи, а Iуэхугъуэр, "есэн" псалъэм иджу щытым и нэхъ щэпхъэфIу зы Iуэхугъуэу жыIэпхъэщ. А Iуэхугъуэр, дэтхэнэ зы есэн Iуэхугъуэм щхьэщыкI фIэщIыныгъэкIэ, "ерысэн" псалъэр иужьрей зэманыгъуэхэм къагъэсэбэпу щIадзауэ къыщIэкIынщ. "Ерысэн" псалъэм хэту щыт "ер" е "ерыщ" хуэдэ мыхьэнэхэр, дэтхэнэ зы есэн Iуэхугъуэм къызэремызэгъым хуэдэжу, псым есэн Iуэхугъуэми къезэгъыу къыщIэкIынкъым. "Ер"рэ "ерыщ" щыкIэкIэ "есэн" Iуэхугъуэ къэхъуркъым. Есэныр зебгъэкIунырщи, зегъэкIун Iуэхугъуэр ерыщыгъэкIэ хъуну зы гуэркъым. Есэн Iуэхугъуэр ерыгъэкIэ хъункъым; ар фIыгъэкIэ хъуну зы Iуэхугъуэу щытщ. Ерыщ ухъуу щытмэ, зыми узэремысэфынум хуэдэжу, псыми зебгъэкIуфынкъым; щызумыгъэкIуфым щыгъуэй псым зыуыригъэсэнкъыми, уитхьэлэнщ.

Есэныр, "сын" Iуэхугъуэр зы гуэрым ехьэлIарэ хуэIуауэ къебгъэкIуэкI Iуэхугъуэрщ. А ущесэм щыгъуэ, узэсэм хуэкIуэу "сын" Iуэхур лъэщрэ *консантрэ*уэ къокIуэкIыр; ар щыхъукIэй, узэсэм хуэIуауэ уоджыр, зыбоджыр; уи уэзым абы хуэфI хъууэ зесри зеджыр. Есэн Iуэхур зэфIэкIа нэужь, узэсам хуэфIыу узэрыджам къызэрыгуэкIкIэй, узэсам хуэфI уохъур. Апщыгъуэми, узэсам "сын" Iуэхушхуэ тумыгъэкIуадэу угуроIуэр. Ар узхунэса мэхъури, уэз мащIэ зытебгъэкIуэдэж къыпхохъур. ТIэ, зы гуэрыр сыт щыгъуэй узхуэзапхъэу щытмэ, абы тебгъэкIуэдэн "сын" Iуэхур бгъэмэщIэн папщIэ, абы хуэфI ухъун папщIэ, абы уеса хъун хуейщ. Узэсам тебгъэкIуэдэну уэзыр, абы ущесэм щыгъуэ зэрэ зэпэщу тебгъэкIуэдауэ щытщи, абы и нэужьым сыт щыгъуэй уэз тебгъэкIуадэркъым.

Сытри зэрыщыIэр зэрыскIэрщи, сын Iуэху зыхэмылъырэ мысыр мыджырщ. Псэущхьэри апхуэдэщи, ар зэрысрэ зэресэкIэрщ зэрыщыIэрэ

зэрыпсэур. МыувыIэу сыуэ щытынрэ сыт щыгъуэй сын нэхърэ, зы гуэрым уесэу щытмэ, абы нэхъ тыншу удэпсэунщ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэрщи, псэущхьэр зэсаращ щыпсэуфыр.

*

Иджым итым, джыуэ щытым, къэрууфIэу джым, къызэрикIауэ джым иджыр къызэригъэщIкIэрэ, къыхэхъукIыу щыт "у"р иджым къыщхьэщыкIрэ зы пIэ зимIэж щыхъукIэ, езырыжу къызэрынэкIэрэ зынэсыжу мэсыр. Езым нэсрэ зынэсыр зэрискIэрэ зэрысыжу сыуэ зысыр мэджыр; езыр зынэсрэ зысыж уэзыр зэрыджыр сынкIэрщ; сыуэ итым иджыр иджырщ, иджым иджрэ щыджым хъур къохъур. Джа хъур щыIэ мэхъур, щыIэ хъур щыIэгъуэ зиIэхэм яхэлъырщ, яхэт хъурщ.

Сытри зэрыскIэрэ щыIэ мэхъур, диIэ мэхъур; "сэ"м и уэзым зэрискIэрэ мэджыр. "Сэ"м иджыр зэриджкIэрэ, зэрыфIэрэ зэрефIакIуэу зэриджкIэрэ, а иджым и джыгъуэм къыхэхъукIыу щыт "у"р уэзыжрэ зыхуэсыжурэ хуоджыж, хуэджыр къызэрхуэхъукIэрэ иIэ мэхъу, щыIэм хохьэр. Сэ си IэмалыгъуэрэсигъащIэм къызитауэ щыт сытри мэлажьэри, собауэ, сокIуэ, соплъэ, сопсалъэ, соIэб, сошхэ, согупщысэ, гулъытэ сощI, гукъэкI сощIыр. Мыхэм псори зэрыджрэ къызэрыхъу щIыкIэр, иджыр зэрыджкIэрэ къысщхьэщыкI уэзыр зэрыскIэрэщ. Сэри сызэрысрэ сыкъызэрыхъуакIэрэу, си сытри мэсри хъууэ макIуэр. Си лъыр мэс мэджри лъэ мэухуэр; лъэр мэужьри зыдынэсыр ес, мэс, мэуджыр. Ар зыужьыгъуэм итын папщIэ сын зыхуэныкъуэщ, игъэсынур "у"щ; зэрбауэкIэрэу уэм и "у"м носри егъэсыр, игъэсыр зэрыджкIэрэ мэужьыжыр. Зэригъэсынрэ игъэсын къызэригъуэткIэрэ мэужьыр сытри: И лъакъуэр мэдж макIуэр; и нэм исыр, игъэсыр е и нэр зэрыскIэрэ мэджри и ужьыгъуэр мэгъэзащIэ маплъэри зэплъым нос, зынэ"с"ыр мэ"с"ри, сыр мэдж; плъэр мэджри елъагъу, зэплъыр игъуэ йохуэри мэлъагъуэр. И Iэм уэзыр мэс мэджри мэIэбэр; и Iэр зыдынэсыр мэс, и Iэмрэ зыдынэсыр зыдосри, зыдынэсам йоIэб, зыдынэсар зэреIэбкIэрэ мэдж; Iэбар зыдынэсам ес, зэрыскIэ мэджри иджыр мэхъур.

Зы псэущхьэм и уэзыр мэс мэджри мэужьыр, игъэсын хуоныкъуэжри машхэ; ишхыр егъэсри мэдж мэужьыр. Зы цIыхур мэгупщысэр, и гупщыр мэс е мэхасэри, зэрысыкIэу мэджыр; цIыхур гукIэ мэужьыр, игум зегъэужьыр. Аргуэру ужьын папщIэ, дэтхэнэ зы IэпкълъэпкъымигъэсынгуэрхуэныкъуэщI; а игъэсынур къызхэкIынури зыпыщIарэ къызхэхъукIауэ щыт пкъыгъуэращ. Гъэсын зэригъуэткIэрэй, зы Iэпкълъэпкъым и къэлэныр егъэзащIэри мэужьыр. Зызыужьа гур мэгулъытэр, гукъэкI зиIэ хъурщ, гурыхуэ хъурщ; исрэ иджкIэрэ зызэриужькIэрэ убзыхуурэ мэджыр, зигу убзыхугъуэр губзыгъагъэ зиIэрщ.

*

"У"р къызхэкIыр иджырщ; "у"р зэрыужькIэрэу уэзу мэсри исурэ мэдж, аргуэрэу иджыр къохъур. А иджыр мыджэрэ зэрынэмэ, "у"р къэхъужынкъым е мэщIэнщ. МащIэ хъуа уэзыр зэрысри мэщIэнщ, сыр мащIэ хъунщ; уэз мыхъур сынкъым, ар мысщ, мысэщ; мысыр мыджщи, мысэри мыджэщ.

Ауэ, зэры"уэщIы"у зыужьыгъуэ иту, и уэзыр зэрыскIэрэ джыуэ иджыр къызэрыхъукIэрэй ужьу щытым, и уэзу игъэсрэ зэрыджэр мащIэ хъурэ, зэриужьу щытарэ зызэриужьыпхъэу щытым дэкIуу щымыужьыжым щыгъуэ, и щхьэ къырикIуэр сыт?

Япэрауэ, уэщIым зыщиужькIэ, сытри зэрыужьыпхъэу зиужьу аращ. Ар щыхъукIэй, иджыр мыувыIэрэ зэпыкыгъуэ зэримыIэу къохъур. Иджыр сыурэ къохъури и "у"р зэрхэкIкIэрэй мэсри иджыр мэхъур. Иджым ипэри икIэри сын Iуэхущ.

Джыныр, ипэ ит сыным елъытащ; сыныр мащIэмэ мащIэу мэджыр; мащIэу джыр игъуэу джым къыкIэрыхурщ, уэщIым иджым къыкIэрыхурщ. КъыкIэрыхум и "у"р уэщIым иджым къыкIэрыхурщ; иджым къыкIэрыхур, сыурэ иджы къэхъупIэ лъэныкъуэу ебаращ. НытIэ, зэрхъун хуейуэ зызмыужьыр, зымгъэсыфрэ мыджэжыфыр, джыуэ щыт нэгъуэщIыгъуэм къыкIэрыхур, сым къинэрэ мыджэфыр, сыр зи иджыурэ джыр сым еджэрщ, сымаджэрщ. Ар сыуэ щыт (сэ) хъуурэ сэхъужырщ, мыджэжу сэхыжырщ. Ар зэрыхъун зэрхуейуэ мыбэуэж, мыкIуэж, мыIэбэж, мыпсэлъэж, мыгупщысэж, мыгулъытэжрэ мыгурыхуэж хъуурэ щытхэм я хъукIэрщ.

УэщIым исынрэ зэрысыныр мащIэ хъумэ, мащIэу джы хъунщ; иджыр мащIэу къэхъу хъунщ. Иджыр зэриджыр езырыжу, зыми зэремлъытакIэрэу гулъытапхъэ зэрхъун зы зэгъэпщапхъэ зэрщымыIэкIэрэ, сытри абы елъытауэ зэрыджрэ иджыр къызэрыхъукIэрэ, сэхыжрэ мысэхыжыр е сымаджэрэ мысымаджэр зыцIыхун е зыщIэн щыIэнкъым (ар зи Iуэхуу къыщхьэщытрэ, ар зыухуэу щыт гуэр нэмыщI).

Абы исыжын щымыIэжрэ мыджэж щыхъуми иджы щIэ къэхъужынкъым, зыдит иджым иту къинэнщ; мыджэу къэнэнщ. Исынрэ иджыныр зыух уэщIым сытри хэтрэ, ахэми ясынрэ ядж къыщымнэжращи, уэщIыр къызэрыувыIэри гу лъытэ хъужынкъым. Ар иджым, иужьдыдэ джа иджым мыджэжу зэ щхьэ тетыну къыщIэкIынт. А зэ щхьэми зы егъэпщапхъэ щыIэнкъым.

Ауэ, ди гугъэщи, ар мо сымаджэ е жьы хъуа псэущхьэм хуэдэу сэхыжу щIидзэнт. Зэрыджрэ идж зэпыту иджыр къызэрыхъу щIыкIэм ипхэнджкIэрэ сэхыжынт. Иужьрей джа иджыр сыурэ уэзыжынт; уэзыр уурэ зыджым хыхьэжынти, сэхыж иджым япэ къэхъуауэ щыта иджым хэпщэжынти а иджыр къэрууфIэжынт. Мыпхуэдурэ сэхыжрэ бзэхыж

уэщIым, аргуэрэу игъэсыжын къыхуэнэжынтэкъыми, зэрсэхын щыIэжынтэкъым.

УэщIыр джырэ иджыр къызэрыхъукIэрэу, абы хэту щыт сытри абы зэрхэтыжкIэрэу, абы зиужьрэ, хьэмэрэ, сэхыжрэу зэхэхупхъэу щытынкъым. ДызэркIэлъыплъкIэрэ ар мэужь, мэсри мэдж, иджыр къохъу; сытри апхуэдэу мэщыIэр. Ауэ, иджым ипэй икIэй зэрысрэ иджыр зыджри джыуэ щытрамэ; иджы мыхъумэ зыри мыджэрэ щымыIэмэ, иджым иту щытыр иджы мыхъумэ зыми нэсынкъым.

Дызтет дунейр зыхэт вагъуэ системэм, дунейр зыхэт уэщI системэм дызэрелъытакIэрэ, зэрхъунур, дыхэтыжу дэ дызэрхъунуращи, зыхэтщIэр зэрыIисыр зэдгъэпщэн щыIэнкъым. Ауэ, нэгъуэщI уэщI систэмэ къекIуэкIхэм зэрелъытакIэрэ, ди дунейр зыхэт Iуэхугъуэр къытхуэгурыIуэгъуэнщ. ИкIэ нэс уэщIыр зыIисыр зэрыIискIэрэ тщIэнкъым.

*

Дауэй ирехъу, дэ дызхэт уэщIрэ гъащIэу дызхэту щыт щыIэгъуэр къызхэкIар, мыджэ мыпцIэу щыт цIырхъыр пIэнкIрэ ипIэ зэрикIкIэрэу, сыуэ зэрщIидзэрагъэнщ. Ар сыуэ щIидзэрэ сосыр къызэрыхъукIэрэй, абы къыхэхъукIар хъууэ зэрыубзыхукIэрэу дыкъэзгъэхъун фIыр къэхъуагъэнщ. Сыуэ щыту зысыжыр, нэгъуэщI имысу езым зысыжыр зэрфIэфIкIэрэ зызсращи, уфIэрафIэу сыращ; ар езыр тхъэжу мафIэр жыIэпхъэщ. А сым исыжу мафIэу щытращ зы (гуэр) къызхэкIрэ къэзгъэхъуфынури, фIэрафIэу къыхэхъукIрэ щыIэ хъур, сосым и къуэ хъуращи, ар сосыкъуэрщ. ЩыIэрэ къэхъугъэр зэрыужькIэрэу сырэ джырэу мэужьыр; сосрыкъуэр аргуэрэу утыку къохьэжыр.

Къызэрежьэ лъандэрэ уфIэрафIэу, фIы хъу зэпыту къэхъур мэфIыр. ЩыIэр зэрщыIэнрэ сыуэ зэрыджынкIэрэу, сытри мафIэр. Аращ, Сосрыкъуэр зэрыфIри, зэрдигъафIэрэ ди мафIэр сыт щыгъуэй къытхуихьу зэрщытыр. Сосрыкъуэр мафIэрщ; мафIэр къытхуэзыхьрэ къытхэзылъхьэрщ; мафIэ щымIэжрэ фIы щымхъужкIэй, мафIэр -"мэфIэ жылэ"р- къытхуэзхьыжрэ дызгъэфIэжырщ. Сосрыкъуэ мафIэри, сытри мэдж, мэщыIэр.

Ди уэщIыу ди дунейр зыхэт системэр зыгъэфIэри дыгъэрщ; дыгъэр мафIэри ди гъащIэр мэщыIэр, мэужьыр, ди гъащIэри мафIэр. ТIэ, Сосрыкъуэр мо дыгъэращ икIи, а дыгъэм икъуэу зы дыгъэрщ, мафIэрщ; дызгъащIэрщ, дызгъафIэрщ; дыщызгъэIэрщ, ди щыIэгъуэрщ; ар ди дыгъэщ, ди мафIэрщ.

Дызхэт уэщI системэр къызхэкIарэ къэзгъэхъуар дыгъэрщ. Ар нобэй сыуэ ису сыжырщ, ар ″сос″ырщ. Ар езырыжу сырэ езырыжу фIэжкIэрэу -мэфIэжкIэрэу- щытщи, къыхэхъукIа щыIэгъуэр абы и бынщ,

икъуэщ, сосрыкъуэщ. Сосрыкъуэр, щыIэгъуапэу щыIэгъуэ зиIэ хъуаращ, щыIэгъуэ пашэщ. ГъащIэр къызхэкIарэ къызтехъукIа щыIэгъуэ пэщIэдзэр аращ; сытри къызтекIар аращ; гъащIэрэ щыIэгъуэр щыIэхукIэ щыIэнур сосрыкъуэрщ.

Дызхэт дыгъэ уэщIыгъуапIэм сытри дыгъэм къыхэкIащ; нобэй дыгъэм щигъэIэу игъэужьу щытщ; дыгъэм и уэзыр зэрысыхурэ зэриухкIэрэй щыIэгъуэр щыIэнущ. Сытри дыгъэм къызэрхэкIакIэрэу, сытми зы дыгъагъэ иIэщ; сытри магъэри, зы гуэрхэр егъэр; сытри дыгъэм къызэрхэкIрэ дыгъэм зэрепхакIэрэу дыгъэщ. Сытри дыгъэм и бынщ, сытри дыгъэм и къуэщ, сосрыкъуэщ.

*

Сын Iуэхугъуэрэ ″сосрыкъуэ″ псалъэр къызтехъукIым теухуауэ, нобэй Адыгэм зэрахьэу щыт зы жыIэгъуэр дигу къэдгъэкIыжын хуейщи, пыщапхъэщ. Игур ису щытым папщIэ, игум имыкIыжрэ зысу щытым папщIэ щыIэ Адыгэ жыIэгъуэхэр мыпхуэдэщ: «″Сосыр игум илъу щытащ″, ″сосыр игу илъу дунейм ехыжащ″, ″игум сос илъщ″».

Мы псалъэхэр щIыжаIэрэ зыхуагъэфащэр гурыIуэгъуэщи, зыгуэрэм зы гуауэр игу имыкIыжу къинарэ, а игум илъу щыт гуауэм игур зэрисращ: А игу илъу къина гуауэм игур увыIэгъуэ зэримыIэрэкIэ есыр; щыгъупщапIэ къызэримыткIэрэу игур есыр а гуауэм; игу илъ гуауэм зыгуэр къыхэкIыркъым, а нэрыбгэм зыри хузэфIэкIыркъым; а гуауэр игум икIыркъым, икIи а мафIэр ункIыфIыркъым; игум ису щыт хъуа гуауэм игур мыувыIэу есыр, аргуэрэу есыр, аргуэрэу...

Мы жыIэгъуэр Адыгэм къызэригъэсэбэпыр гурыIуэгъуэщи, ″сыуэ иту сым″ папщIэщ. Ар ипщэкIэ ирехъу, ″у″ макъым дыщытетхыхьым щыгъуэ ирехъу, дэ ″сос″ыр зэрызэпкъырытх щIыкIэм йозэгъыр. Пэжщи, ″сос″ыр зы псалъэу хэту щыткъым адыгэбзэм; ар зы псалъэу зэрыщымытри зы Iуэхугъуэшхуэщи, абы и щхьэусыгъуэрэ зы псалъэу бзэм зэрыхэмытыпхъэр ″у″ макъым дыщытетхыхьым щыгъуэй жытIагъат: Зы къежьапIэ Iуэхугъуэу, исрэ иту зысыр (сос), а зэрыщытым зэритыжкIэрэу, мыджэрэ иджыр къызэрымыхъум папщIэ, абы хуэщыхьэтыну гуэри зэрыщымыIэнур гурыIуэгъуэ хъуагъэнт.

Аращи, зыри къызхэмыхъукIауэ щыт ″сос″ыр иджыри мыджарщ; ауэ, джыпхъэу сыуэ щытырщ. Мыджарэ утыку къыщимыхьам папщIэй ар зы гуэркъым, ар зы псалъэй хъункъым. ИкIи ар зы псалъэ хъуауэй щыткъым. Ауэ, ″сос″ыр зы жыIэгъуэм хэту къыщысэбэпым щыгъуэ, зи гугъу ящIын зыхуейхэу щытыр зыIисыр гурыIуэгъуэ мэхъур: Игум имыкIыжрэ игур мыувыIэу ису зы гуауэ илъу щытщ (игум ″сос″ыр илъщ!). ИкIи абы, мыр зезыхьэрэ нобэй къэзыгъэсэбэпу щыт адыгэбзэм теухуауэ куэд къыбгурегъаIуэр.

**ЩI...**

"Сы"м утекъузэмэ е ппIытмэ, пIытIауэ къипIуэмэ, а къэIуу щыт макъыр "сI"уэ тхыпхъэнщи, "цIы" макъым хуэдэщ къызэрыпIурыкIынур. ТIанэ, "сы" Iэмалыгъуэр зэхэувыIэрэ лимитацэ хъумэ мысыж хъунщи, ари "сI"уэ тхыпхъэнщ; абы нэхъри утекъузэмэ узхуэкIуну макъыр "цIы"рщ. Ар щыхъукIэй, жыпIэ хъунущ, мо "сы"м игъэзащIэу хъуар зикI мыгъэзэщIэжыну. Сын щымыIэ хъурауэ жыIэпхъэнщ "цIы"р. Сын Iуэхугъуэ къэмыхъужмэ, джыни иджыри мыхъуу аращ къикIри, тIэ, "цIы"р мыурэ мыужьыр, мыужьрэ "у" зимыIэр, "у" Iэмалъыгъуэ зимыIэрэ мыузрэ уэз зимыIэнырщ.

ТIэ, "цIы"р сын Iуэху мыхъуу щытырщи, ари, зэманыр къемыжьарэ, дэтхэнэ зы ужьыгъуэр къэмыхъу ипэу щытырщ. Ар зэрымыскIэрэй, "щы" къэмыхъун Iуэхугъуэрщи, зэманкIэрэй щыIэ хъун зимIуэхурщ; щыIэгъуэ лъабжьэу щымытырщ.

"ЦIы" макъымрэ ещхьу щыт макъ гуэрхэр къыщипIуэм щыгъуэ, ар дэтхэнэ зы цIыхум дежкIэ мыхъуныгъэ Iуэхуу гурыIуэгъуэ зэрыхъунур жыпIэ хъунщ. Бзэ гуэрхэми а макъыр зыхэту щыт псалъэхэр "хъункъым, хьэуэ" хуэдэ мыхьэнэу зырахьэр. Ар натуралу "хьэуэ" псалъэр зыджу жыIэпхъэщи, ар къыщысэбэпым щыгъуэ хъунрэ зыужьыныр, кIуэтэнрэ бэгъуэн Iуэхугъуэхэр щыIэркъым; мы хэщIынрэ гъэмэщIэн е къэгъэувыIэн Iуэхугъуэхэм я щхьэусыгъуэрэ лъабжьэри "цIы" макъым иджырщ.

ГурыIуэгъуэщи, ар мыпхуэдэу бзэм щыхэсэбэпыхьым и щхьэусыгъуэр, абы къигъэлъагъуэу жыхуэтIэрщи, ар сынрэ дэтхэнэ зы джыгъуэ зимыIэу зэрыщыткIэрщ. Бзэм хэту щыт мыхьэнэрэ, щыIэу щытхэр къызэраIуэ псалъэхэр мыджэжрэ мыкIуэж пэлъытэ ещIыр "цIы" Iэмалыгъуэм; ахэр щымыIэжыпIэм ирешэхыр; егъэцIыкIур.

Абы хуэкIуэр мэцIыкIур; "цIыкIу"р зэрыужьын зэрхуейуэ зызмыужьаращ; абсисымкIэ мыбэгъуарэ ин мыхъуаращ; щымыIэж пэлъытэу "цIы"р зи кIуапIэ пэлъытэ хъуаращ. "ЦIынэ"р, "цIы"р нэрэ гъуэ хуэхъу пэлъытэу, цIыкIу дыдэ *матерял*у щыIэкIэ зиIэ хъурщи, ар псыкIэпсылэу щытрэ тIатIэрэ тIаткIуэрщ. Псыфрэ "пцIапцIэ"у щытри цIынэщ; ар "зэхэпцIэ"рэ щымыIэ пэлъытэу "цIы"м хуэкIуэрщ. Мыпхуэдэу цIынэрэ тIатIэрэу зы гуэр щыпхуэу блэуэ щытмэ, ар "цIэлэн" Iуэхугъуэу аращ. Ху пIыта цIынэр "хупцIынэ"щ. "ЛыцIын"ыр, лыр "цIапIэ"у щыбгъэлыгъуэм щыгъуэ къэблэжь Iуэхугъуэрщ. "ЕцIэцIэн"ыр, зыри къимыкI псалъэ гуэрхэр жеIэнырщ зы гуэрым. "ЦIырхъ"ыр "цIы"уэ "хъы"рщ, тIасхъэ дыдэу "зырикI" зыхужыIэпхъэрщ. "ЦIуун"ыр, щымыIэ пэлъытэ гуэру, зы щыIэ гуэрым къыхэкIыу "у"уэ къэхъурщ. "ПцIы"р, цIы пэлъытэнырщ е цIым пIэ хуэхъурэ цIыр зыгъэлажьэрщ, цIым тепщэгъуэ езытырщ; цIым хуэпэгъунэгъуу щыт псалъэрщи, абы къикI щыIэкъым,

икIи ар, джынкъыми щыIэу утыкур иубыдыфынкъым, икIэм икIэжым къыщIэщыжынщ.

"КъэцIын" Iуэхугъуэри, зы "цIы" хъун Iуэхугъуэу щытщ. Зы псэущхьэм езыр зы пкъыгъуэрэ псоуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, а псэущхьэм езым къигъэхъуу щытми, и пкъыгъуэм а фIейр зыщыхидзым щыгъуэ, ар имеижу зэрилъытэу щыхыфIидзэкIэ, ар зы "цIы" Iуэхугъуэу къэхъуу елъытэр. Арагъэнщ, зы пкъыгъуэм къыхэхъукIыу (къэ) "цIы"м хуэкIуэу къыщIыриIуэр. Мыбдежыми, зы щыIэ гуэррэ пкъыгъуэу щытым и щIыбрэ, а пкъыгъуэм щхьэпэ хуэмыхъуу щытрауэ мэлъытэр "цIы"р.

"ЦIы"р щыIэм хуэмыщхьэпэрщ; а щыIэм имысрэ имыджырщ, мыджрэ мыхъурщ "цIы"р; мыхъурэ щымыIэу лъытапхъэ хъурщ ар, щымыIэрщ. ЩымыIэм адэкIэй "мыщыIэ"р зыдж макъ зэрыхъурэ, ахэр зыгъэлъагъуэ Iэмалыгъуэ зэриIэрэкIэй, натуралу "хьэуэ е хъункъым" псалъэхэр зыгъэзэщIэнырщ. "ЦIы"м бзэм щыхилэжьыхьыр мыхъуныгъэрэ щымыIэ пэлъытэ Iуэхугъуэм хуэкIуэ мыхьэнэхэрщ; ауэ "цIы" макъыр, щымыIэм адрыщIыр зыгъэлъагъуэу "мыщыIэ"р зыхуэфащэу щыту зы макъырщ.

Ар зи лъабжьэу щыщыткIэй, абы дэтхэнэ зы мыхъуныгъэрэ щымыIэн Iуэхугъуэм натуралу лъабжьэ хуохъуфри, мы IуэхугъуэхэмкIэ бзэм къыхосэбэпыхьыр.

*

Ар бзэм хэт хъуа нэужь хигъэзэщIыхь хъууэ щыт Iуэхугъуэхэм и гугъу зэрытщIаращи, мыхъуныгъэ Iуэхугъуэхэрщ. А IуэхугъуэкIэ къызэрысэбэп щхьэусыгъуэри, езыр къызэрыхъуа щIыкIэрэ къызтехъукIа лъабжьэрауэ жыIэпхъэщ.

Натуралу, дэтхэнэ зы цIыхуми къызэрыгурыIуэну щIыкIэр "хьэуэ"у щыту зы макъ щыIэщ. А макъыр къызэрыIу щIыкIэу щытар, адрей макъхэм хуэдэкъым. Дэтхэнэ зы макъыр цIыхум езым къыжьэдэкIыу щыт жьым къегъэхъур. Ауэ, зи гугъу тщIыуэ щыт макъыр жьэм къыжьэдэкI жьым къигъэхъукъыми, жьэм жьэдэтшэу щыт жьыращ къэзыгъэхъур. Мы зи гугъу тщIы макъыр "цIыI" хуэдэу тхыпхъэщ.

А макъым и къэхъукIэр адрей макъхэм я къэхъукIэм и пхэнджщ. Бзэм хэт хъурэ лэжьыгъэ зыгъуэту щыт макъхэр жьэм къызэрыжьэдэкIкIэрэу къызхэхъукIрэ къэзыгъэхъур цIыхум и пкъыгъуэрщ. А макъхэм я къэIукIэр мыпхуэдэу зэрызэхуэдэм папщIэй, зэкIэлъхьэужьу къоIуфри, макъ зэхэтхэм псалъэ гуэрхэр яухуэфыр. Ауэ, зи гугъу тщIыуэ щытрэ "цIыI" жыхуэтIэ макъыр, жьыр жьэм зэрыдэтшэ щIыкIэу къызэрыхъум папщIэу къыщIэкIынщи, адрей макъхэм ядэщIыгъуу къэIурэ, къызэрыIум тетуй макъ гуэрхэм дэщIыгъуу зы псалъэ гуэр джынкIэ щхьэпэ хъуркъым.

ТIэ, мы зи гугъу тщIыуэ щыт Iуэхугъуэрэ, нэгъуэщI макъхэм и пхэнджу къызэрыхъум папщIэу къыщIэкIынщ абы мыхъуныгъэ Iуэху

къызэригъэлъагъуэрэ, ″хьэуэ″ мыхьэнэр щIиджыфыр. А Iуэхугъуэрагъэнщ, мыхъуныгъэ Iуэхугъуэр япэрауэ къэзыгъэлъагъуэу щыт макъыр ″цIыI″ хъууэ зэрыщытар. ИужькIэ, абы къигъэлъагъуу щыт мыхъуныгъэ Iуэхугъуэр, нэгъуэщI псалъэхэмкIэ къэгъэлъэгъуа хъугъэнти, ар адыгэбзэкIэй ″хьэуэ″ псалъэм къигъэлъагъуу щIидзагъэнщ иужьыIуэкIэ.

Нэрылъагъущи, зи гугъу тщIы макъым и лъабжьэу щытрэ къызэрыIу щIыкIэми гурыIуэгъуэ зэрищIращи, ар, зэрымыхъуныгъэ Iуэхугъуэр къэзыгъэлъагъупхъэу щытщ. Арагъэнщ, иужькIэ нэгъуэщI макъхэм хуэдэу жьэм къыжьэдэкIыу щыт жьы IуэхугъуэкIэ цIыхум а макъыр утыку къыщIыригъэхьарэ къигъэсэбэпыпхъэ щIэхъуар. Мыпхуэдэу зы мыхъуныгъэ Iуэхугъуэр къэгъэлъэгъуэн папщIэ, цIыхум ар адрей макъхэм хуэдэу къыриIуэфрэ и бзэм щIыхигъэхьар, а макъым иджу щыт мыхъуныгъэ Iуэхугъуэу къыщIэкIынщ. Мырагъэнщ, бзэм хэт хъуауэ щыт ″цIы″ макъыр къызэрыхъуа щIыкIэрэ щхьэусыгъуэр.

А къэхъуа макъыу щыт ″цIы″ми, бзэм хигъэзэщIыхьыр мыхъуныгъэрэ щымыIэныгъэ Iуэхугъуэ хъууэ щытщ. ЦIыхум мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ макъыр бзэм хэту къигъэсэбэп хъунрэ хигъэлэжьэфын папщIэ, зэрымыхъуныгъэм къззэрыгуэкIкIэ бзэ лэжьэкIэ мыхъуфу щыт ″цIыI″ макъыр лъабжьэ зэрищIкIэрэу, зы макъ къигъэщIагъэнщ. А макъыр ди бзэм хэту щыт хъуа ″цIы″ макъырщ.

Нобэ бзэм хэтрэ къэдгъэсэбэпу щыт ″цIы″ макъыр адрей макъхэм хуэдэу жьэм къыжьэдэкI жьым къигъэщIми, ар къызтехъукIауэ щыту зи гугъу тщIы макъыр жьэм жьэдэтшэ жьымкIэ къэхъуу щытщ. Ар щыхъукIэй, нобэ, адрей макъхэм хуэдэу къэIуу щытми, ″цIы″ макъыр къызтехъукIауэ щыт макъыр пкъым къыхэхъукIыу зы макъыркъым. Ар пкъы щIыб Iуэхугъуэу къэхъуу щыт макъырщ; пкъым къыхэмыхъукI макъырщ. Макъыр зы псэущхьэпкъым и кIуэцIым къыщигъэщIрэ, абы къыхэIукIыу щыт хъууэ щытрамэ, а макъыр адрейхэм хуэдэу зы макъыуй мылъытапхъэрщ.

Мы псалъэхэм къызэрыгуэкIкIэй, макъыр псэущхьэм къыхэхъукIрэ, щыIэгъуэрэ щыIэкIэ гуэрхэр зыджу щытмэ, зи гугъу тщIы макъым иджыр мыхэм я пхэнджырщи, щымыIэрэ мыхъурщ, мыджырщ. Аращи, зи гугъу тщIыуэ щыт ″цIыI″ макъ натуралыр зы лъэбжьэжьщ; ар макъыу щыIэу хъуам я пхэнджыр зыджу зы лъабжьэрымакъщ; щыIэрэ джыр къизыIуэ макъхэм я пхэнджыр зэриджкIэрэй, мыхъуныгъэр абы къызэриIуэ щIыкIэри, адрей макъхэмкIэ зэтеувауэ щыт ″хьэуэ″ псалъэм хуэдэу лантIэу зы мыхьэнэу къыщIэкIынтэкъым. А макъым къыриIуэу щытар щымыIэххэнрэ мыхъуххэн Iуэхугъуэу щытауэ къыщIэкIынт; абы адэкIэй, мыщыIэрэ щыIэ мыхъупхъэ Iуэхугъуэрагъэнт а макъыр къыщыIум щыгъуэ къикIыр.

ТIэ, дэтхэнэ зы макъыр пкъым къызэрыхэхъукI щIыкIэм теухуауэ, джырэ щыIэу щыт гуэрхэр къызэрагъэлъагъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, ахэм я пхэнджу щыт макъ щIыбми мыджэрэ щымыIэр зы лъабжьэрыIуэхугъуэу къигъэлъэгъуэнт. А Iуэхугъуэм гу лъызыта цIыхум, а макъыр адрей макъхэм хуэдэу къыжьэдигъэкIрэ бзэм хэту зэригъэлажьэрэкIэ, мыхъуныгъэрэ щымыIэн Iуэхугъуэхэм теухуауэ псалъэхэр иухуагъэнщ. А мыхъунрэ щымыIэн Iуэхугъуэр нобэ ″цIы″ макъыр бзэм зэрыхэт щIыкIэмкIэ хыболъагъуэр.

ТIанэ, ″цIыI″ макъыр утыку къызэрихьарэ къыщихьар, икIи къыщIихьа щхьэусыгъуэм езыр зы къежьапIэу щытщ: А лъандэрэ, щыIэрэ щымыIэр зэщхьэщыкIыщэу щымыту къиIупхъэ хъуауэ бзэм хэту жыIэпхъэщ; ахэр зэхэгъуэщапхъэу щыIэу щытхэщ; щыIэмрэ щымыIэр зы бзэм къызэриIуэтэфрэ, зыр зым зэрыхуэкIуэфрэкIэу зэхэтхэщ. ЖыпIэ хъунщ, цIыхум ″цIэ″рэ фIэщыгъэцIэхэр зэриухуарэ, ахэр зэрыфIищар къызэрежьари апщыгъуэрауэ.

*

"ЦIэ"р щыIэхэм я фIэщыгъэIцэ хъуращ; щыIэхэр къызэраIуэрщ. ЩыIэхэр щымыIэ гуэркIэ къыраIуэнрэ ялъытэн Iуэхугъуэу къэсэбэпыр "цIэ"щ. ЩыIэр зэрщыIэкIэрэ бгъэлъагъуэу, нэгъуэщI щыIэхэм яхэмгъуэщэнрэ зы щыIэгъуэ нэгъуэщIыгъуэй джауэ къэмхъун папщIэ, а щыIэр зэрыбгъэлъэгъуэфынур зы щымыIэ гуэркIэ хъун хуейщи, нытIэ ар "цIы" Iэмалыгъуэм егъэзащIэр. Ар "цIы" Iуэхугъуэу щытрэ мыщыIэми, мы зи гугъу тщIыуэ щыт Iуэхур бгъэзэщIэн пащIэ, ″цIы″м къыхэпхрэ щыIэу щытхэм япэпщIэн щыхъум щыгъуэ, абы зы лэжьыгъэ щигъуэткIэ, зы зэманыгъуэ тет пэлъытэщ мы Iуэхугъуэри, ар "цIэ" мэхъур. ТIэ цIэр, щымыIэу "цIы"уэ щытым щыIэгъуапIэ щигъуэтращ; ар щыIэхэм ятебыухуэми, щыIэхэр зэмыхъукIыу зэрыщыIэу къонэжыр.

″ЦIэ″ гугъу щытщIым щыгъуэ, ар адыгэбзэкIэ зы псэущхьэм и фIэщыгъэцIэу зэрыщытри зыщыгъэгъупщэн хуейкъым. А псэущхьэри цIыкIу дыдэу зэрыщытрэ, цIыху пкъыгъуэу щыIэм зэрыхуэмыфIым папщIэ, ″цIэ″р фIэщыгъэцIэу абы фIащауэ жыпIэ хъунщ.

"ЦIэ"р, фIэщыгъэцIэр щыIэхэм зыхамыщIэу, дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым хуэIуауэ иIэ хуэхъуфу фIы хъурщ: Ар, щыIэгъуэ зыгъуэта пэлъытэу ди фIэщ зэрытщIрэ, фIэщыгъэм къызэргуэкIкIэрэу мэлажьэри фIэщыгъэцIэ мэхъур. Мы псалъэм и къэхъукIэм ещхьу къохъур "фIыцIэ" псалъэри: фIыуэ (щыIэу) щытрэ цIы пэлъытэр (щымыIэ пэлъытэр) зи фэу цIэ (цIы-э: цIы лэжьэкIэ зиIэ) хъууэ щытрщ ар.

"ЦIы"р зэржытаращи: мысырщ, мыфIэрщ, мыджырщ, мыхъурщ, мыщыIэрщ. Нэхъ нахуэу жытIэмэ, ар щымыIэрщи, мыджэнурщ, мыхъунурщ, мыфIэнурщ. Ар цIэуэ, зы фIэщыгъэцIэу утыку къихьа мэхъур, фIы мэхъур. ФIы зэрыхъукIэрэй фIэщыныгъэрэкIэ щыIэгъуэ зиIэу

щыIэхэм яхыхьэу лъытапхъэ мэхъур; ауэ, икIи абы яIусэркъым, янэсыркъым.

Ар цIэ хъурэ щыIэхэм янэмысу щыIэгъуэ зиIэхэм яхэту жытIэ щхьэ, ар цIэ зыщIарэ фIэщыгъэцIэу щыIэ гуэрхэм яфIэзыщар, езыр зы щыIэ гуэру щыт цIыхуращ. ЛъэмыIэсыр, нэмыIэсыр е нэмысыр, а зыдынэмысу щытымкIэ мысырщ; мысри мыджырщи, цIэр зынэмысу щыт щыIэхэмкIэ сыркъым; щымыскIэй джыркъым. НытIэ, щыIэхэм нэмысрэ мысу, мысрэ мыджу е щыIэхэр зы гуэркIэ пIейтIей зымыщIрэ, щыIэхэмкIэ зикI Iуэху зыхуимыIэ цIэр цIыхум иджауэ щыщыткIэ, цIыхур абы лъэIэсагъэхэщ. ЦIыхум ар щимыдж ипэ абы нэсауэ щытын хуейщи, цIыхумрэ "цIы"мрэ зынэсарэ зынэсу щытауэ щыт хъун хуейщ. ЦIыхумрэ "цIы"м я зэхуакум зы сын Iуэхугъуэ дэлъу щытагъэнщ, иджыри дэлъу щытын хуейщ.

*

ЦIыхур сыт тIэ? Ар упщIэшхуэщ. Дэ дызэрыцIыхум къызэрыгуэкIкIэй, субиективу зы упщIэрщ. Ар зэпкъырыхынрэ дэтхэнэ лъэныкъуэкIэй джыжын Iуэхугъуэр гугъущ; икIи, зы макърэ псалъэ закъуэм и лэжьыгъэ Iуэхугъуэуй щыту лъытапхъэкъым. Мыбдежым ″цIыху″ псалъэр ″цIы″ макъ дызтепсэлъыхьыр ди Iуэхугъуэ IэнатIэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ къэдгъэунэхуну иужь дитынщ.

″ЦIыху″ псалъэр, бзэм зэрыжиIэрэ зы псалъэу зэрыщыткIэрэу, нэрылъагъущи "цIы ху"рщ. "ЦIы ху"р зы псалъэ хъумэ "цIыху" мэхъур. "ЦIы ху"р зы Iуэхугъуэу щыщыткIэ, а Iуэхугъуэр ″цIыхун″ хъунщи, ар зы глаголщ. А глаголу щыт ″цIыхун″ псалъэм къыриIуэри цIыху хъунырщ. ″ЦIыхун″ыр цIыхум езыр хъунырщ, хъужынырщ.

Адыгэбзэм хэту щыт дэтхэнэ зы псалъэри глагол формэм йохьэфыр. Глагол формэм ибгъэхьэу щыт псалъэр сыти ирехъу, дэтхэнэ зы гуэрым езырыж хъунрэ езыр хъужын Iуэхугъуэу мэгъэзащIэр. Мывэр зэр "мывэн" е хьэр зэры "хьэн" хуэдэу, цIыхури "цIыхун" зэрыхъукIэрэ езырыж мэхъур; езым зызэрегъэзэщIэжыр. Мыпхуэдэу щытщи, ″цIыхун″ глаголми ″цIыху″м теухуарэ игъэзащIэу щыт дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри иджу жыIэпхъэщ.

ТIанэ, къэхъу-къэщIыу щыт зы Iуэхугъуэр къэзыгъэлъагъур глагол щыхъукIэ, япэрауэ къэхъу псалъэу глаголыр лъытапхъэщи, цIыхун Iуэхугъуэр къызэрыхъум къызэрыгуэкIыу, иужькIэ ар зи Iуэхугъуэу щыт фIэщыгъэцIэр къэхъуагъэнщ. ″ЦIы ху″ макъитIыу щыт псэлъитIым къыраIуэр зы Iуэхугъуэрщ: Ар ″цIыху!″ псалъэ щыхъум щыгъуэ, къэхъуу щытыр ″цIыхун″ глаголым и Iэмыр модщ. ″ЦIыхун″ псалъэр иужькIэ зэтеувауэ плъытэми, ″цIыху!″ псалъэм иджыр зы Iуэхугъуэрщи, а Iуэхугъуэр зи IэдэкъэщIэкIым и фIэщыгъэцIэуй къэсэбэпыжагъэнщ иужькIэ.

Аращи, бзэм къыдъжиIэм дедаIуэу щытмэ, цIыхур цIыхун Iуэхугъуэ зезыхуэрщи, цIыхур зыцIыхуу щытырщ; цIыхур зыцIыхуращ. ЦIыхун Iуэхугъуэр зыхуэIуарэ зыгъэзащIэр цIыхущ. ТIэ, цIыхун Iуэхур зымгъэзащIэм цIыхуфэ иIэу щытми, ар цIыху хъуфыркъым; зымцIыхур, икIэ нэгъуэнэ цIыху хъуркъым.

ЦIыхур щыIэгъуэ зиIэрэ щыIэхэм иужь дыдэ къэхъуарэ утыку къихьауэ зы псэущхьэрщ. Ар иужь дыдэ къэхъуарэ, езым ипэ щыIэу щытахэм къытеужьыкIауэ щытмэ, зыужьыгъуапIэм Iусрэ щыIэу хъуам щхьэтелъ хуэхъуауэ зы щыIэгъуэ зиIэу зэрыщытыр жыIэпхъэщ. Ар щыIэгъуэм и гъунапкъэу зэрыщыткIэрэу, щымыIэми и гъунэ Iутырщ. Езыр щыIэу зэрыщыткIэй, щымыIэр зыхурщ, зыдэхурщ. Ар щыхъукIэй цIыхур, "цIы"р хун Iуэхугъуэр зезхьэлIауэ щыт хъурэ, зыщыщу щыт щыIэгъуэ ухуэм зэрхэтыр гурыIуэгъуэщи, ухуэу щытыр зэрыубзыхуу къызэргъуэгурыкIуэ бзэри зыхэлъу щыт хъурщ.

А бзэр, щыIэр зэрыубзыху щIыкIэрщ; зэрыужь бзэрщ. А бзэр щыIэу хъуам яхэлъщ; икIи, щыIэу хъуар къызэрыхъу щIыкIэрэ щыIэ зэрыхъурэ зэрыджырщ. Бзэр макъ закъуэкIэ ухуэрэ псэлъэфыныркъым; ар убзыхур зэрыубзыху щIыкIэрщ. ЩыIэрэ щыIэгъуэр зэрыубзыху щыкIэу щыт бзэр дэтхэнэ лъэныкъуэмкIи щыIэхэм яхэлъу щытщ.

Ауэ, макъ къыриIуэхэмкIэ зы бзэ лъэщ зыухуарэ и гупщысэр абыкIэ къэзыIуэтэф хъуари цIыхурщ. Ар езыр зы щыIэ гуэррэ, цIыри къызпэщыту щыIэгъуэ зиIэрщи, абы щыIэу щыт нэгъуэщIыгъуэ псоми яхэлъу щыт щыIэгъуэм и убзыхубзэ закъуэ мыхъуу, цIы хууэ щытри зи гурыIуэгъуэ хъурщ. Арагъэнщи, макъ къыжьэдэIукIхэмкIэй зы гупщысэбзэ зыухуауэ щыт цIыхум цIыри гурыIуэгъуэ зэрыхуэхъукIэрэу, щыIэу хъуам цIэ фIищыф хъуащ.

"ЦIы"р, бзэм зэрхэту зыкъызэригъэлъагъуэкIэрэ, щымыIэрщ, мысрэ мыджырщ. Ар щымыIэм нэхъри адэкIэ кIуэуэ мыщыIэрщи, мысынрэ мыджынырщ. ЩыIэхэм ялъэмыIэсми, ухуэрэ ужьу щыт щыIэгъуэм и гъунапкъэу щытырщ. Ар, щыIэхэм нэмысрэ ямысми щыIэгъуэ зиIэхэм дэщIыгъуу ху хъурщ.

ЩыIэр сыт щыгъуэй ужьыгъуапIэм зэриткIэрэ, сынрэ джынкIэрэ хъууэ щытырщ. А сынрэ джыным "цIы"р хэтыркъым; "цIы"р мысрэ мыджэрщ. Ауэ, ″цIы″р зэрщыту щыIэм дэщIыгъуу мэхур. Зы псэущхьэм сынрэ джын хуэмыхъужмэ е хузэфIэмкIыжмэ, зимыужьыфыжмэ; ар мысрэ мыджэ хъужмэ, щымыIэжыным хуэкIуэу аращ. Ар мысрэ мыджэжмэ, абы дэхуу щыт цIым текIуадэу жыIэпхъэщ. ЩыIэр зэрыщыIэху, щымыIэр къыпэщыту щытщ. ЩыIэгъуэ ухуэм сыт щыгъуэй щымыIэрэ, мыщыIэр къызэрыпэщыту щыухуэкIэ, щымыIэжынри и щхьэм къырикIуапхъэу къыпэщытщ.

"ЦIы"р зэригъунапкъэм къызэрыгуэкIрэ, зэрыужькIэрэй абы дэхуу щыт псэущхьэм сыт щыгъуэй къыпэщыту щыт "цIы"р къызэрыхуэкIуапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Ар зыхэзыщIэрэ къызгурыIуэу щыт цIыхур, цIыфэ зытеуапхъэрщ икIи. Ар езыр щыIэгъуэ зиIэрэ щыIэгъуэтелъу зэрыщытрэ, "цIы"м зэрыдэхум къызэрыгуэкIкIэ, "цIы"р зыхэзыщIэрщи, мыбы къызэрыгуэкIкIэй, ар щыIэр зэрыщымыIэжынрэ цIы пэлъытэ зэрыхъужынур къызгурыIуэрщ. ЩыIэр зэрыщымыIэжым къызэрыгуэкIкIэ, езыри щымыIэж зэрыхъунур къызэрыгурыIуэр лъабжьэ зэрыхуэхъукIэрэу, сыт щыгъуэй, кIуэдыжыпхъэу зызлъытэж хъуфырщ цIыхур.

Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, цIыхур, щыIэрэ мыкIуэдыжауэ щыщытым щыгъуэ, щыпсэум щыгъуэ, "цIы"р зызэрыхищIэм папщIэ, "цIы"уэй зызлъытапхъэрщ; абы сыт щыгъуэй цIыфэ къытеуапхъэщ. Ар мыкIуэдыж джыщIэ кIуэдыжыпIэр къызхуэкIуэфырщ.

Мыбы ар гупщысакIуэ куурэ, и псэм пыкIыпхъэй ещIыр. Ар дыдэуи, пцIыупси ищIынщ. "ЦIы" пэлъытэрэ, "цIы"м и уэфэгъуэщу къекIуэкI пцIыр зи IэдэкъэщIэкIри цIыхурщ; гупщысэ куурэ гузэвэгъуэм хэкIын щхьэусыгъуэу иус пэлъытэу пцIы зыупсыфыр цIыхуращ.

Зи щыIэгъуэр зыухрэ щымыIэж хъур кIуэду щытми, "мыщыIэж" хъуэ лъытапхъэркъым; ар "цIы"м хуэкIуауэ жыIэпхъэкъым. Абы щыIэгъуэ Iэмылыгъуэр игъэкIуэдауэ лъытапхъэкъым; мы Iэмалыгъуэр щыкIуэдыжым щыгъуэщ, и щыIэгъуэ жылэр щыкIуэдари, ар "цIы"м хуэкIуэнырщ. ЩыIэрэ щыIэгъуэм и жылэу лъытапхъэу щыт "щы"мрэ, абы и гъуэу щыт "щыгъуэ"м хэкIыжыр зыдэкIуэнуращ "цIы"р. Аращи, зи щыгъуэм хэхьэжа щхьэ абыи имыкIыжар щымыIэжу щытми, ар мыщыIэу лъытапхъэкъым; ар "цIы"м хуэкIуэркъым. "ЦIы"м хуэкIуэр щыIэгъуэ жылэу щыгъуэм икIыжырщ.

ИпщэкIэ зи гугъу зэыртщIащи, "цIы"р бзэм куэдыщэу къыхэсэбэпыхьу щытми, абы и лъабжьэр куэду жыжьэрэ кууэ щытщ; икIи, бзэм хэту "цIы"м игъэзащIэ Iуэхугъуэхэр а лъабжьэ мыхьэнэ лъэщращ къызтехъукIыр.

-Адыгэм "щыгъуэн, щыгъуэ махуэ, щыгъуэм ехыжьын..." хуэдэ псалъэхэр къызэригъэсэбэпхэри дигу къэдгъэкIыжын хуейщ-.

ЩыIэу хъуар щымIэж зэрыхъур, мысрэ мыджэу щыт "цIы"м щыхуэкIуэжрэ хуэкIуэжын зэрхъуну щIыкIэр зыцIыхурагъэнщ цIыхур. ЗэржаIэщи, кIуэдыжынрэ псэхыжыныр, лIэжыныр къызгурыIуэ псэущхьэ закъуэращ цIыхур. НэгъуэщI псэущхьэхэр псэхыжрэ кIуэдыжми, зэрыкIуэдыжынур зымцIыхухэрщ. "ЦIы" хууэ щытыр къазэртекIуэнур ахэм яцIыхуркъым. "ЦIы" хууэ щытыр къызгурыIуэр, ар зэр мысрэ зэр мыджэр зылъэIэсрэ зыхэзыщIэр, къызгурыIуэр цIыхурщ. ЩыIэгъуэ зиIэхэр зыхэхуэну щыт "цIы ху"уэ щытыр зыхуэнахуэ хъуращ цIыхур.

"ЦIы" хууэ щытым зынэскIэрэу, "цIы хун"ыр къызгурыIуэрэ псалъэ зыхуэджу щытыр, адрей псэущхьэхэм зэрыщхьэщыкIкIэ, "цIыху" зыфIищыжу утыку къихьагъэнщ. Сытми ипэрэ икIэр, и къэхъукIэрэ и кIуэдыкIэр гурыIуэгъуэ хуохъур цIыхум; сытми и гъуэрэ зи гъуэ хъур къыгуроIуэр абы; ар сытми носыр, зынэсыр игъуэкIэрэу мэджыр. Зэрыджэр "цIы ху"м къегъэлъагъуэр. "ЦIы"р и гъубжэ е и щхьэгъубжэ мэхъуфыр цIыхум; а къыздэплъэрэ зэрыплъэм игъуэкIэрэ, сытми зы гъуэ зэриIэр мэджыр, а джымкIэ щыIэхэм зэрефIафIэкIэрэу щыIэхэр елъагъур, зэрилъагъурэ къызэрриIуэр "цIэ" мэхъур.

Сырэ джыуэ щытым, щыIэу щытрэ ужьу щытым и гъунапкъэр, икIэм икIэжым "цIы"рщ. ЩыIэу хъуам я ужьыкIэр зи гъунапкъэу щытыр "цIы"ращи, щыIэхэм я гъунэ джын Iуэхугъуэр, а нэхъ лъабжьэрэ икIэм икIэжым, "цIы"р зэрыхукIэрэущ къызэрыунэхунур. Зы щыIэ гуэрым и гъунапкъэрэ и гъуэр къэбгъэунэхуну щытмэ, ар зыдэщымыIэр къэбгъэунэхуну аращ пщIэн хуейр. Ар зыдэщымыIэр е зыдэщымыIэжыр езыр зыдэщыIэхэм елъытауэ "цIы" пэлъытэу хъууэ щытщи, ар зыдэщымыIэрэ мыпхуэдэу "цIы"уэ зэрыщытыр пхууэ ущытмэ, ар зыдэщыIэрэ зыдэщымыIэр зэрыщыту нахуэ къэпщIынщ. Ар нахуэ зэрыхъу щIыкIэри "цIы хун" IуэхугъуэрэкIэрщи, арагъэнщ икIи "цIыхун" жыхуаIэр.

Дэтхэнэ зы щыIэ гуэрыр езыр зыдэщыIэу щытрэ, зи гъуэр из зыщIыр къэзыгъэунэхуфу щытыр, а щыIэр къызэрихъуреихькIэрэ, ар зыдэщымыIэу щытрэ "цIы" зыщыхъур зыхуфыр цIыхурщ. ЗыдэщыIэрэ зыдэщымыIэр "цIы хун" IуэхугъуэкIэ къэзыгъэунэхуу щыт цIыхум, кIуэ пэтрэ, ар зыдэщыIэнурэ зыдэщымыIэжыну щыгъуэри, щIыпIэрэ щIыкIэри ар дыдэу "цIы хун" IуэхугъуэкIэ къыхуэунэхуфынщ.

Езыр зы псэущхьэу щытрэ, щыIэу хъуа псом я ужьыгъуэу къэхъуарэ, ахэм я гущIыIуу зэрыщытрэ зэрытелъым къызэрыгуэкIкIэ, щымыIэрэ "цIы"м дэхуу щыт цIыхур, мы щыIэгъуэу хъуам я гущIыIу хъуныр зыхэлърэ "цIы"м зэрыдэхукIэрэу, щыIэгъуэм и гъунапкъэр щымыIэрэкIэ (цIы) къэзыпщытыхьыпхъэрщ. Езыр зэрыщыIэрэ зэрыщыт щIыкIэр мыпхуэдэщи, ищIрэ ищIэнури мыпхуэдэщ. ТIэ, абы мыпхуэдэу "цIы хун" зэрыхэлъкIэрэу, езым хэлъу щыт мы *техн*эр дэтхэнэ зы щыIэ гуэрыр и гъунапкъэрэкIэ къэгъэунэхун папщIэ къэзыгъэсэбэпыфырщи, цIыхум щыIэу щыт дэтхэнэ зы гуэрым и гъунапкъэр зэрихукIэрэу а щыIэр къэзыгъэунэхурщ. Мыр "цIы хун"ым къыхуихьу щыт зы Iэзагъэу цIыхум хэлъырщ. ЦIыхур "цIы ху"уэ щытырщи, дэтхэнэ зы щыIэр зыдэщымыIэ лъэныкъуэр зэрихукIэрэу къэзыгъэунэхурщи, мы Iуэхугъуэри цIыхунырщ.

"ЦIыхун" псалъэр зы глаголрэ, цIыху хъун Iуэхугъуэрмэ, тIэ, цIыхум игъэзащIэу щыт дэтхэнэ зы Iуэхугъуэ лъэныкъуэри зыхэзыубыдэу зы псалъэрщ ар. ЦIыхум ищIрэ ищIэр, фэщын Iуэхугъуэрэ фIэщхъуныгъэу

иIэр, къыгурыIуэу хъуарэ щыуагъэ къыхуэхъуу щытыр, зэрыухуакIуэрэ зэрызэтекъутакIуэр, дэтхэнэ зы и IэщIагъэрэ Iэзагъэри къэзыгъэлъагъуэр, дэтхэнэ и зы цIэпIагъэри гурыIуэгъуэ зыщIрэ зыхэзыубыдэр "цIыхун" псалъэрауэ жыIэпхъэщ тIэ. ЦIыхум хуэIуауэ щыт дэтхэнэ зы гуэрырщ "цIыхун" псалъэм зыхиубыдэр.

ЦIыхур зы щыIэрэ, щыIэу хъуам теужьыкIауэ зы псэущхьэ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, щыIэгъуэ жылэм къыщIэдзауэ зэтеухуэу щытыр зыхэлъу къэхъуауэ щытщи, мы гъуэгурыкIуэгъуэм ищхьэри къыгурыIуэжынкIэй хъуну къыщIэкIынщ цIыхум.

Къэхъуныгъэр къызэрыхъу лъандэрэ зызужьу щыт уэщIрэ уэзым, и ужьыпIэм къыпэщыт хъуурэ кIуэр, абы и ужьыгъуэм дихуу щытыр "цIы"рщи, уэз хъурейрэ уэщI псом, я гъунапкъэу щыт "цIы"р дахур. "ЦIы хун" Iуэхугъуэр щыIэгъуэм хэлъу зы Iуэхугъуэрщ. Ауэ, ар къызгурыIуэрэ къэзгъэунэхуу щытыр, зы щыIэгъуэ зиIэрэ зы псэущхьэу щыт цIыхурщ. ЦIыхур, "цIы"м хунэсрэ "цIы"р зэрихукIэрэу щыIэ гъунэр къэзыгъэунэхурщ; щыIэм и гъуэрэ и гъур зыджыжырщи, щыIэу щытыр къызгурыIуэрщ ар.

Мыбы аткIэ, "цIы ху"р зыхуэкIуэрэ зыхэзыщIэу "цIы хун" зыхэлъ хъур, "цIы"р иджрэ цIэ зыухуэ хъуар, игъуэкIэ сытми зэрынэсрэ зэрыджкIэрэу, "цIы"р сытми триухуэкIэрэу "цIы" пэлъытэ ухуакIуэй мэхъур цIыхур.

ЦIыхур "цIы"м хуэкIуэрэ, "цIы"ри къызхуэкIуапхъэрщ; "цIы"м хуэкIэрэ "цIы"р къызхуэкIуапхъэ хъуныр, ар ихуу зэрыщытырщи, абы хэхуапхъэщ; цIыфэ къызытеуафэрэ "цIы"уэ зызлъытапхъэрщ цIыхур. "ЦIы"р зыхуу зэрыщыткIэй, "цIы"р зыхэзыщIэрщ, "цIы"р къызгурыIуэрщ. "ЦIы"р зэрихукIэрэй, абы теплъэрэ тезыджырщи, "цIэ" зыухуэрщ; "цIэ" зыухуэрэ ар фIэщ зыщIыжырщ. "ЦIы"рэ щыIэм хэмытыр зэрихукIэрэу, "цIы"уэ щымытрэ щыIэу щытыр къэзыгъэунэхуфращ цIыхур. ЦIыхур зыцIыхурщ.

**Ц...**

"ЦI" макъыр "ц" макъым и пIытIа хъуауэ зы макъыу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. "Цы"р псэущхьэхэм къатекIэу псыгъуэрэ псэ зыхэмыту, фэм къытекIэу щытырщ. Ар зытет фэ лъабжьэм, абы и лъапсэр хэтрэ псэр лъабжьэу зыщIэту щытми, цыпкъыр псэ зыхэмытырщ. "Цы"р къызтекIыр зы псэущхьэрщи, абы и фэ щIагъым щIэтрэ цы лъабжьэу щыт лъэныкъуэр псэ зыIутырщ; ауэ, фэм и гущIыIу телъ цыпкъыр псэ зыIумытырщ. Цыр псэм къигъэщIрэ псэ зыIумытырщи, псэр щыухыу псэм къыхэхъукIырщ ар. Ар, зытет псэущхьэм и лымрэ и фэм зы фащэ къыхуэхъурэ, псэущхьэр хуабэрэ щIыIэм щызыхъумэрщ. Ауэ, мыпхуэдэу псэм и дэIэпыкъуэгъуу

щытми, цыр псэм дежкӀэ зы "цӀы" пэлъэтэрщ. Арагъэнщ, ай тӀур зэгъунэгъу макъыу зэрщытыр.

"Ц"ыр бзэм хэту къызэрсэбэп закъуэри "цы" Ӏуэхугъуэхэм зэрытеухуауэщ: «Цыху, цей, цакуэ; щхьэц, бацэ, бжьэхуц, пхъэц...».

Цыр сыт хуэдизу псыгъуэрэ щымыӀэ пэлъытэу щытми, ар фэм куэдыщэу къыщытекӀэм папщӀэ, зы куэдагъ дигу къигъэкӀыу щытщ абы. Ар и лъабжьэу къыщӀэкӀынщи, цымрэ ар зытет фэр бэгъуагъэм и зы фэеплъу ялъытэу щытащ. ИкӀи, цы зытет фэр бэгъуагъэ къихьын фӀэщхъуныгэкӀэ *ритуал* Ӏэмэпсмэуй зэрахьэу щытащ.

Зы нысэр зы пщӀантӀэм щыдэпшэрэ унэм щыщӀэпшэм щыгъуэ, абы бэгъуагъэ къихьын фэеплъу, цы зытет фэм тырагъэувэу щытащ. Мифологие мыхьэнэу цым хуагъэфащэри, ар бэгъуэныгъэм и символу зэрыщытырщ. ЩӀым цы хуэдэу къэкӀыгъэ къитынрэ, цӀыхубзым бын куэд игъуэтынрэ бэвыгъэ Ӏуэхугъуэхэр, цы символизмэр зэрызырахьэ Ӏуэхугъуэхэрщ.

Бзылъхугъэм бын куэд игъуэтынрэ лъэпкъыр бэгъуэн Ӏуэхугъуэм ехьэлӀауэ цы символизмэр къызэрагъэсэбэпым къызэрыгуэкӀкӀэй, цыр лъхугъэ символуй щытщ. Абы къызэрыгуэкӀкӀэй, цыр бзы символуй къосэбэпыр.

Адыгэ джэгурэ псэукӀэхэм цырэ фэ Ӏуэхугъуэр къыщысэбэп щӀыкӀэхэм я лъабжьэм къызэрыщӀэщымкӀэй, цыр бзы Ӏуэхугъуэу щытщ. Цыр мыпхуэдэу хабзэм зэрыхэт щӀыкӀэрэ, мифологиекӀэй бзырэ лъхугъэ символу зэрыщытрэ, езы макъым иджу щытми къызэрыгуэкӀкӀэ, ″цы″ макъыр зы макъыбзу илъытауэ щытщ адыгэбзэм.

Адыгэ цӀыхум фӀащу щыта цӀэхэри, бзэ логиер зэрылажьэрэ макъ онтологием къызэрыгуэкӀкӀэ, игъуэрэ зыхуэфащэкӀэрэу, макъыхъурэ макъыбзкӀэ ухуауэ щытащ. Ар, езы Адыгэм гъунэгъу лъэхъанэ нэхъунэ анэцӀэрэ цӀэ лей хъужауэ зэрихьэу щыта цӀыхуцӀэхэм къыбгурегъаӀуэр.

″Цы″ макъыр макъыбзу щыжытӀакӀэ, тӀэ, ар Адыгэ цӀыхубзыцӀэу къэсэбэпын хуейщ. ″Цы″ макъыр яхэту щыт Адыгэ цӀыхубзыцӀэхэм ящыщщ мыхэр: «Цыцэ, Цынэ, Цырэ, Цыкуэ, Цацу, Цацэ, Цуцэ, Цыцу, Цунэ, Быцу, Быцунэ, Бабыцэ, Быцэ, Бацэ, Куцэ, Куацэ, Хьэцунэ, Хьэбыцэ, Хьэцырэ, Хьэцыцэ...».

**З...**

"Зы" макъыр "сы" макъым и гъунэгъуу зы макъщ; "сы"м нэхърэ нэхъ пхъашэу зы макъщ; "сы" макъым къыкӀэлъыкӀуэ макъщ. Ар ″сы″м елъытауэ нэхъ къэрууфӀэ макъырщ. "Сы" макъыр нэхъ быдэрэ нэхъ лъагэу зэхэхыгъуафӀэ пщӀымэ "зы" макъыр къэхъунщ. Ар, зы гуэрэм хуэгъэзарэ *консантрэ* хъуауэ, а Ӏуэхур ӀэщӀэмкӀыпхъэу зэригъэзэщӀэным зыритауэ, икӀэ нэс пыкыгъуэ имыӀэрэ кӀуэ пэтрэ нэхъри тегушхуэу, а Ӏуэхур "цӀыз!" жоуэ зэфӀэзгъэкӀыным и щӀыкӀэ зиӀэ хуэдэу зы макъщ.

"Зы"р зы бжыгъэцIэуй шытщ, бжыгъэ Iуэхугъуэр къызэрежьэрщ; япэ ит бжыгъэцIэрщ. ″Зы″ макъым иджыр езырыжырщ; езырыж зэрыхъукIэй мыбжэрщ: ИкIи бжыгъэ хъууэ, икIи зэр езыррэ зэрызакъуэкIэй бжыгъэм хэмытырщ. Бжыгъэ къежьапIэу зэрыщытрэ бжыгъэцIэхэр "зы" нэужьым къызэрыхъукIэрэ, "зы"р бжыгъэщ; бжыгъэ къежьапIэм щытырщ; ″зы″р бжыгъэ пашэ хъурщ. ″Зы″р бжыгъэ пашэ зэрыхъукIэй, сыт щыгъуэ зы къэбжын Iуэхугъуэ щытрэ, ищхьэм къыщIыщIэдзауэ бжын гуэр щыхъум щыгъуэ, а ябжыр зэрабжыр къызэрежьэр ″зы″щ; икIи, а къагъэлъагъуэу щытыр сыту щытми, ″зы″ бжыгъэр ипэ ит мэхъур. Ар зы бжыгъэцIэу щытми, ипэ иту зыкъегъэлъагъуэр абы: «Зы цIыху, зы Iуэху, зы гуэр...».

Дэтхэнэ зы бжыгъэцIэр, зыхуэбжыгъэу щыт гуэрым зэреплъыфэкIым къызэргуэкIкIэрэ, бжыгъэцIэр щыIэ гуэру ябжу щытым къыкIэлъыкIуэн хуейуэ щытщ; бжыгъэцIэр, зи бжыгъэу щытым къыкIэлъыкIуэн хуейщ. Зы бжыгъэцIэр зи бжыгъэу щытрэ, езыр щыIэу щытым и пашэркъым, и кIашэрщ; и кIэух хъууэ ар къэзыгъэлъагъуэрщ. Ауэ, "зы"р пашэщ; ар бжыгъэхэми щыIэу хъуа псоми я пашэщ.

Ар, щыIэу хъуауэ щыт псори зызэрзыр, зэрыз щхьэ, зэрызурэ зэр зыр, псори зыуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIрэ къэзгъэлъагъуэрщ. ЩыIэу хъуар зым къызхэхъукIарэ, сытри зым къызэригъэщIар къыдгурызгъаIуэу, а гурыIуэгъуэм зэрытеткIэрэй, бзэм хэту лажьэу зы макъщ "зы"р. ″Зы″р щыIэм я пашэрэ, щыIэу хъуар къызхэкIари езыр щыхъукIэ, сытри къызтехъукIарэ, псори зы зэрыхъужыну зэрыщытыр къэзыгъэлъагъуэрщ; ″зы″р зыми емлъытауэ сытри езым зэрелъытакIэрэу езырыжу щытырщ.

Зыр, щыIэу хъуам нэхъ псорэ зэгущу хэтырщ; зыр зыуэ щытыху, зы гурыщхъуэ щыIэнкъым; ″зы″р а нэхъ зэпэщу щытырщ. ″Зы″р зы псорэ нэхъ зэгущу щытмэ, ар зыдэщыIэм гурыщхъуэ щымыIэжмэ, нытIэ, абы езым нэгъуэщIыр къигъэлъэгъуэн хуейкъым. БжыгъэцIэр, зы гуэрым и бжыгъэр къэзыгъэлъагъуэу щытрамэ, тIэ, ″зы″р бжыгъэцIэ хъуни хуейкъым. ″Зы″р бжыгъэм хэмытырщ, мыбжыгъэрщ, бжыгъэ мыхъурщ; ямыбжыни хуейуэ щытырщ; ар бжыгъэри къызхэкI зэрыхъум папщIэ зы бжыгъэщ; тIэ, ар бжыгъэцIэуи лъытапхъэрщ; ауэ, ар сыт щыгъуэй пашэщ, нэхъ псорщ, нэхъ зэгущырщ.

*

"Зы"р гъуэгу техьэрэ кIуатэмэ, зэманыгъуэ ихьэмэ, зы зэманыгъуэрщ къигъэлъагъуэр. Ар къызпыхьэ Iуэхур занщIэрэ фIэкIыпIэ зэримыIэрэкIэ мэгъэзащIэр. Абы, кIуэуэ щытыр зэпеудри, занщIэу зыуэ щыт ещIыр: «Зэ е зэ щхьэ е зэкIэ (зы зэман бжыгъэкIэ е папщIэ), зэм ар зэм мыр (зы зэман бжыгъэкIэ ар е мыр), зэ гуэр (зы зэманыгъуэ)...". "Зий (зы-и), зикI (зы-икI), зэй (зы-и)...».

"Зы"р зы псалъэм ипэ итрэ префиксу щытмэ, а Iуэхур зыгъэзэщIэн "зы" гуэр къигъэлъагъуэу мэлажьэр; а Iуэхур а "зы"м теухуауэ мэлажьэр; а Iуэхур, къэзлэжьыну щытым и щхьэ Iуэхуу зэфIокIыр: «Зылэн, зыхьын, зыхун, зыцIыхун...».

"Зы"р езырыж зэрыхъукIэрэ, "и"кIэ зыгъэлъэгъуэж щыхъукIэ, абы къыпыхьэ макъ е псалъэхэр езырыжу мэлажьэр: «Зилэн, зихьын, зишэн, зицIыхун...». Мыбы хуэдэу жыIэпхъэщ, зы псалъэр къэзыгъэлъагъуэу щыт ″и″м ипэ ″з″ыр къыщыпыхьэм щыгъуэ, утыку къихьэу щытхэри: «зи кIэ, зи щхьэ, зи ужь, зи щIыкIэ...».

"Зы"р кIуатэмэ, зэманыгъуэ зэрыхъукIэрэу куэди мэхъур (зэ); зы макъ е псалъэм "зэ" префиксыр къыщыпыхьэм щыгъуэ, зыр зы бжанэ зэрыхъукIэрэу, а псалъэр "зыр зым" хуэлажьэ Iуэхугъуэу мэлажьэр: «Зэзэуэн, зэбэнын, зэкIун, зэдэкIуэн...».

Мыбы къызэрыгуэкIкIэ псалъэхэри къохъур: «Задэ (зыр зым дэкIуу дэкI е зы хъуурэ дэкI), захуэ (зэхуэкIуэ, зы хъуа ухуэ, пыкыгъуэ зэримыIэкIэрэ зыр адрей зым зэрпыщIакIэрэу, а икIэ дыдэу щыт зым и кIэщыпIэкIэ хуэкIуэ), занщIэ (зы хъун пэлъытэ хъуа -щIа-), защIэ (зы куэд, зэхуэдэ щIа), зэкIкIэ (зыуэ щыт псорикI, псори зэрыщыту, щхьэж къэс псорикI), зэв (зы Iувыгъэ зиIэрэ и гъунапкъэхэр зэгъунэгъу), зэгъ (зыгуэрэр адрей гуэрэм гъэ е фIы хуэхъуу щыт), зэхуаку (зымрэ адрейм якур е ай тIум зыхуаIэ кур)...».

"Зы"р езырыж зэрыхъукIэрэ, езыр езырурэ, икIи зэманым (э) къызэрихькIэ зи щхьэ къырикIуэн Iуэхугъуэхэри егъэлажьэ, егъэзащIэр: «Зэгуэпын, зэгуэудын, зэгъэн...».

"З"р зы макъ е зы псалъэм и кIэух хъумэ, а псалъэр егъэзыр, зы ещIыр е игъэзэщIэну Iуэхугъуэм хуэгъэзар егъэзауэ егъэлажьэр: «Зы гуэрэр и абсискIэрэ зыгъэлъагъуэ ″и″р ″из″ ещIыр; зы лъэгапIэр зыгъэлъагъуэ ″тэ″р ″тез (тэ-и-з)″ ещIыр; зы ″нэ″м кIэ къыхуехьри ″нэз″ ещIыр; зы бгъуагъэр егъэ″зэв″ри ″бгъузэ″ ещIыр; узхэтын гуэрыр ″хэз″ ещIыр; зы бжэIупэр ″Iуз″ ещIыр; мо жыг бжыгъэ куэд зиIэу зэхэтыр зыуэ къызэригъэлъагъуэу ″мэз″ ещIыр; ″уэ″р зэхешэжри езырыжу зэхэт ″уэз″ ещыр; бджырэ бгъэзащIэр плъэмкIыжу уи ″у″р уэз мыхъужыфу ″уз″у къыптырегъэуэжыр; е, уэзыр мыужьыжу уз (уэ-ы-з) ещIыр...».

### ДЗ...

"Дзы" макъри "зы" макъым ещхьу къэIуу зы макъщ. Зы гуэрыр зэрыщытрэ зимхъуэкIыу, зыдэщытыпIэм икIрэ псынщIэ дыдэрэ зэуэ нэгъуэщI зы щIыпIэм хуэкIуэнращ ″дзы″ Iэмалыгъуэм игъэзащIэр. Ар зы гуэрурэ джарэ зэхъуэкIа зэрымыхъукIэрэ дза мэхъур. Ар зы къэру лъэщым и Iуэхугъуэрщ; зы гуэрэр зы къэрукIэрщ зэрыдзыр. Дзыныр зы Iуэхущ, ар

хуэм хуэмурэ хъуркъым; дзын Iуэхур зыгъэзащIэм и къэрукIэрэ гъэзэщIа хъууэ зы Iуэхугъуэщ. ФIэкIыпIэ имыIэу нэгъуэщI зы щIыпIэ къикIын хуейуэ щыткъым зи гугъу тщIыр; ауэ, дзын Iуэхур гъэзэщIэн папщIэ, зы къэрум узэрыхуэныкъуэрщ. Аращи, щапхъэмэ, езым къызэрыгуэкIкIэ дзын Iуэху щIынырщ "зыдзын" Iуэхугъуэри, мыпхуэдэу щытщ, зы пхъэбгъур IуэнтIауэ щыту къызэрынэри "зидзын" псалъэмкIэ къиIуапхъэу щытщ.

Зы щыIэ гуэр зыдэщыIэпIэм къигъэкIынрэ зы нэгъэщI щIыпIэм игъэхьэнырщ дзыныр. А зыщыIэу зыдэщытарэ зыдихьа хъуам и зэхуакум псынщIэ дыдэу блэкIрэ, зыблэкIа гъуэгур зымыджрэ езырыжу къэзгъанэ хъуращ дзын Iуэхугъуэр. Ар зыблэкIар зэримыджкIэрэ езыри джыркъым. ЗэрщытыжкIэрэу зы пIэ иувэж хъу Iуэхугъуэщ дзын Iуэхугъуэр.

"Дзы" макъыр, "зы"р ипIэ зэрикIыр зыгъэзащIэу зы Iуэхугъуэ зэрыхъукIэрэ, а Iуэхур зы гуэр джын мыхъуу щытми, джыпхъэн пэлъытэ зэрыхъукIэрэ, джыным хуэзгъакIуэу щыт "джы" макъми хуэгъунэгъущ. "Зы"р мыджэрэ езырыжу къызэрынэжрэ, сыт щыгъуэй а "зы"м зы итыпIэ къызэригъуэтыжыр зыгъэзащIэ макъ зэрыхъукIэрэ, "дзы" макъыр "ды" макъми хуэгъунэгъунщ.

*

"Дзы" макъыр зы псалъэ е зы макъым икIэ къыпыхьэми, а макърэ псалъэм игъэзащIэ Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэ дзыуэ щытыр къигъэлъагъуэу зы псэлъэщIэ утыку къохьэр. Щапхъэмэ, "дэдзын" псалъэр, зы гуэрыр зыдэлъ е зыдэтым зэрыщыту къигъэкIынрэ, нэгъуэщI зы щIыпIэм гъэкIуэнырщ. Ауэ, а кIуэныр езым и Iэмэлыгъуэ мыхъуу, уэ уи къэрурэ уи лIыгъэкIэрэ, зыщыбдза щIыпIэ щIэм ар зэрыщыту ихьа хъунырщ. ЗыдэщытыпIэм къызэрибгъэкIауэ зэрщыту ибдзэнырщ зыдибдзэм. ТIэ, "идзэн"ри зы гуэрыр зыщIыпIэм, зы илъыпIэрэ зы итыпIэм дза щIынырщ. "Тедзын, хэдзын, Iудзын, гуэдзын, фIэдзын..." Iуэхугъуэхэри мыбыхэм хуэдэщ къызэрыхъур: Зы гуэрыр зыдэщыIэ щIыпIэм зэрибгъэкIкIэрэ "дзын" пщIынырщ.

"Дзы" Iэмалыгъуэр зы пкъыгъуэм езым зыхуигъэзэщIэжу щытрэ, а пкъыгъуэри зы псэущхьэпкъыу щытмэ, ар зэманкIэрэ "дзы" Iэмалыгъуэу гъэзащIэрщи, утыку къихьэу щыт дзыгъэу щыт лъэм "дзэ" фIэщыпхъэнщ. "Дзэ" зэрбыдэрэ, а быдагъэкIэ зэрлъэщкIэрэй къэсэбыпынщи, "дзэкъэн" Iуэхугъуэхэр игъэзэщIэнщ. Дзэм и жанагърэ и быдагъэр зэманкIэрэ мэкIуэдыжри пагуэ мэхъур; дзэ пагуэм папщIэ "дзагуэ"щ жаIэр.

Мыпхуэдэу быдэрэ дзэкъапхъэу щыт "дзэ"р лъабжьэ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, сэ лIэужьыгъуэ Iэмэпсымэ фIэщыгъэцIэхэри утыку къохьэр: "Дзасэ".

Дзэр зы быдагъэрэ лъэщыгъэ къэзгъэлъагъуэу зы псалъэ щыхъукIэ, зы лъэпкъым езым къызхигъэхъукIыу щытрэ, зыхъумэжынрэ зэуэн

Іуэхугъуэхэм папщІэй къигъэсэбэпу щытым папщІэй ″дзэ″ фІэщыныр игъуэ хъунщ. Аращи, Іэщэ фащэкІэ зэгъэпэщау щыт зэуакІуэ цІыху гупым папщІэ жаІэри ″дзэ″щ.

Пкъым и ужьыкІэм елъытарэ къызэрыгуэкІкІэ, псэущхьэпкъым къыхэдзыкІа хъуращ "быдз" жыхуаІэр. Мыпхуэдэу къыхэдзыкІауэ щыт гуэрхэм папщІэй къосэбэпыр ″быдз″ псалъэр.

Зы къэкІыгъэм и щхьэмыжым и кІуэцІрэ игуу щытым ирищІэр, иридзэрэ къыридзу щытри "гуэдз" жыхуаІэрщ. ЦІыхум япэдыдэу хисэрэ къигъэкІауэ щыт мэш лъэпкъыр ″хьэ″ жыхуаІэрщи, абы и гуэдз лІэужьыгъуэр ″хьэдзэ″у къыраІуэращ. Ар зэрыжьым къызэрыгуэкІкІэй, мыпхуэдэу зы гуэдзрэ хьэдзэ пэлъытэ цІыкІурэ закъуэр къыриІуапхъэу жыІэгъуэ хъуауэ къосэбэпыр ″хьэдзэ″ псалъэр: «"Зы хьэдзэ иІэкъым", "зы хьэдзэ щыІэкъым", "зы хьэдзэй къысхуищІакъым"».

″Дзы″ Іэмалыгъуэм бзэм хищІыхьу щыт Іуэхугъуэ щапхъэхэр къызэрыхъу щІыкІэхэм и гугъу тщІауэ щытщи, а Іэмалыгъуэр зэрылъабжьэкІэрэу, жыІэгъуэхэр къигъэщІыфу бзэм хэт хъуащ. Мыбы и щапхъэу щытщ мыпхуэдэхэр: «Зэуэ гу къэкІ хъур, ″гум къыридзэ″у жыІэпхъэнщ. Зы гуэрым епсэлъэныр нэгъуэщІщ; ауэ, ар зыпэмыплъэрэ зыхуэмыхьэзыру щыт зы псалъэр зэуэ жеІэнрэ, ар къэгъэпІейтІеин пэлъытэ щІыныр ″псалъэ хуэдзын″ырщ. Мыпхуэдэу щытрэ, усэбзэкІэ зы псалъэ ІэнатІэу щытыр зы ″дзыгъуэ″рэ ″едзыгъуэ″рщ. Псалъэ зыхуэбдзыпхъэ щыІэщи, ар зышэкрэ зышыІэфырщ; ар икІи, узщыгъугъырщи, уи зы щэхур зыжепІапхъэрщ; мыр ″дзыхь″ зыхуэпщІырщ. ЯмылъытэрэпщІэ зыхуамыщІ гуэрырщ ″къырамыдзэ″р».

″Дзы″ ІэмалыгъуэрэкІэ къэхъуауэ щыту, гурыІуэгъуащэ къытхуэмыхъу псалъэхэри хэтщ адыгэбзэми, мыбы и щапхъэу щытщ ″бадзэ, дзыгъуэ″ фІэщыгъэцІэхэр.

## «ДЖ-ГЬ, ГУ, Г, ГЪ, ГЪУ» МАКЪХЭР

### ДЖ-ГЬ...

"Джы" макъыр "дзы" макъми и гъунэгъуу зы макъщ, икІи "ч" макъми и гъунэгъущ. Зы гуэрыр зыдэщытыпІэм изгъэкІрэ нэгъуэщІ зы щІыпІэм зыгъакІуэрэ, а ″зы″р зэрщыту къэзгъанэу щыт "дзы" Іуэхугъуэм хуэмыдэу, "джы"р, зи щхьэ къырикІуэу щыт сытри зезыхъуэкІырщ. Абы зы гуэрыр зэрыщытрэ зэры ″зы″уэ къигъанэркъым; зы гуэрыр и пІэм иригъэкІрэ, а гуэрыр зэрыщыту къызэригъанэрэкІэу зы щІыпІэ зыгъакІуэркъым ″джы″ Іэмалыгъуэр. ТІэ, а зы гуэрэм и щхьэ "джы" Іуэхугъуэр къырикІуэ щыхъукІэ, ар зыдитыпІэм зэритыжу, зэхъуэкІа мэхъур; ″джы″р зи щхьэ къырикІуэу щыт дэтхэнэ зы гуэрыр мэджыр.

Къэбэрдей жьэрыпсалъэхэми яхэту щыт "гъы" макъыр алфавитым зэрыхэтха зэрмыхъуам къызэрыгуэкIкIэ, абы ипIэри тхыбзэу "джы" макъым иубыдащ. Къэбэрдей псэлъэкIэ зы бжанэм хэту щыт "гъы" макъым игъэзащIэмрэ "джы" макъым игъэзащIэр зэхуэдэу щытщ. Жьэрыпсалъэу зэщхьэщыкIыу щытщ а макъитIыр. А макъитIыр зэманкIэрэ зэхуэдэ е зэхэмыхужыпхъэ хъуа хуэдэщ. МакъитIми яджыр зы хъуа хуэдэщ. Ар щхьэ, "гъы" макъыр къэзыгъэсэбэп жьэрыпсалъэхэм я псалъэ гуэрхэм "джы" макъыр зэрхэтым хуэдэжу, "джы" макъыр къэзыгъэсэбэпхэм я псалъэхэми "гъы" макъ зэрыхэтыр болъагъур. "Гъы" макъ къэзыгъэсэбэпхэм я псалъэу щыIэщ "пхэндж" псалъэр; мыбы хуэдэу, "джы" макъыр къэзыгъэсэбэп Къэбэрдей псалъэхэм хэту щыт "гиен, егиен" хуэдэу тха хъуауэ "гьиен, егьиен" хуэдэу къэIу псалъэхэри щыIэщ. Нобэ, "джы"р тхыбзэ зэрыхъуам къызэрыгуэкIкIэ, ″гъы″ зыхэту щыт псалъэхэр кIуэ пэтрэ мащIэ хъурэ, "гъы" макъыр "джы" е "гы" тхыбзэм зэртехьэкIэрэу хокIуэдэжыр. Ар щхьэ, "гъы" макъым къытехъукIауэ щыт "гу" макъыр, дауэ тхауэ щытми, къызэрыIукIэр ″гъы″ макъым къызэрытехъукIар IупщIыжу зэрыIукIэрэу хэмыкIуэдэжу Адыгэбзэм хэтыну къыщIэкIынщ.

Мы макъитIым яджыр зэгъунэгъуу къыщIэкIынщ. Яджыр зэрзэщхьэщыкIыр нобэ мынаIуэ дыдэжми, зэпыщIауэ зы мыхьэнэ зэраджыр гурыIуэгъуэщ. Джыным и Iуэхугъуэр къэзгъэунэхужрэ нахуэ зыщIыу макъ лъагэ хъууэ щыт хуэдэу къыщIэкIынщ гъын Iуэхугъуэр. Дауи ирехъу, а макъитIыр зы макъ хуэдэрэ, "джы"уэ къызэрыдгъэсэбэпкIэрэщ нобэ дызтепсэлъыхьынур.

*

"Джы"р сытым къыхуэкIуэми, ар мэджри иджыр къохъур. ″Иджы″ жыхуаIэ зэманыгъуэр иту джыуэ щытырщ; иджыр джыуэ щытым ипIэрщ. Сытри щыджыр ″иджы″рщ.

"Джы"р сытым и щхьэ къырикIуэми е сыт хуэдэ псалъэрэ макъым къыпыхьэми, ар "джы"ным щIэту мэлажьэр, джыпхъэ мэхъур. "Джыдэ"р гъущI е нэгъуэщIхэр зэраджыпхъэрщ. "Джатэ"р гъущIхэкIыу щытырщи, ар зэраджыпхъэмкIэ яджауэ щытырщ; къызхащIыкIарэ къызхаджыкIам щхьэщыкIыу зы Iэмэпсымэрщ.

Мыпхуэдэнщ утыку къызэрихьэр, "джабэ, джэд, джэш.." хуэдэ псалъэхэри, ахэри ″джы″ IэмалыгъуэрэкIэ къэхъуу щыт псалъэхэрщ. Джэд е джэш хуэдэ фIэщыгъэцIэхэр адыгэбзэу къэхъуауэ щытмэ, къыщIэхъуа щIыкIэр нобэ мыгурыIуэгъуащэу щытми, макъ Iэмалыгъуэу зы ″джы″н Iуэхугъуэ зэраджыр гурыIуэгъуэщ.

"Джызын (джыгъуэм зыригъэзын е джыгъуэр зэуэ къыхуэкIуэн), джылын (джыгъуэу щытыр лэн; ауэ къызэрыкIуэу джыуэ щытрэ, куу

мыхъу лэжьэн), джэдэн е къэджэдыхьын (иджрэ къилэжьу щытрэ зыхэтыр мынаIуэу кIуэн-къэкIухьын)..." хуэдэ псалъэхэри къызэрыхъу щIыкIэр "джы" е "джэ" IэмалыгъуэрэкIэ къэхъуу щыт псалъэхэрщ. "Джэлэн" псалъэри мыхэм яхэту зы псалъэщ; ар "джэ" щхьэ, "лэ" лэжыгъэкIэ джэуэ зы псалъэщ; "джэ"р зыджырщ, зыгъэхъурщ, зэзхъуэкIырщ; ауэ, "джэлэн" псалъэм хэт "джы"р -гъуэгу техьауэ щыт "джэ"р-, зэхъуэкIыпхъэ къэмыхъуу щхьэфэ телъ пэлъытэкIэ -"лэ"уэ- мэлажьэр.

"Джы" макъыр зы макъ е зы псалъэм и кIэух щыхъукIэй, гурыIуэгъуэнщи, а псалъэр джыным е джэным хуокIуэр: "Пыджэн (ипэкIэ джэн), бзэджэн (бзэкIэ джэн, бзэ хъууэ джэн)" хуэдэ псалъэхэмрэ, "еджэн, зэджэн, зиджын" хуэдэу джын Iуэхугъуэр нэхъ гурыIуэгъуэу лажьэ псалъэхэр къохъур.

"Бзаджэ" псалъэм хуэдэу къыщIэкIынщ "фаджэ" псалъэри. Бзэр лъабжьэрылажьэрэ, сыт хъууэ щытми зытетрэ зэрыхъу щIыкIэу щытыр зы бзэу зэрыщыткIэрэу, ар къызхуэкIуэрэ зыщIэфу щыт гуэрым "бзаджэ" фIэщыгъэцIэр адыгэбзэкIэ хуэфащэ хъунщи, мыпхуэдэу къэхъурэ зэрыхъу щIыкIэри къызыгурыIуэнрэ зыджыфыну щытыр хэткIэй гутехуэгъуафIэу щытынкъым. Мыбы ещхьу къэхъуауэ жыIэпхъэщ "фаджэ" псалъэри: Зы Iуэхум зыритарэ, ипсэр хилъхьа пэлъытэу а Iуэхугъуэр зэфIигъэкIыну иужь итым, а Iуэхум ифэри дэужьу джыуэ щытынрэ, и фэ дэкIымкIэ зэхъуэкIыу, Iушэ нашэ пэлъытэу къэнауэ щытым папщIэ "фаджэ" хужыIэпхъэнщ.

Мыпхуэдэ псалъэ "Iэджэ" -е нэхъ лъэщу жыпIэмэ "Iэдджэ"-джарэ, иджым иту "Iэ" хъуауэ джыпхъэхэу щыIэхэщ. Зы щыIэм езыр имыджрэ, абы и "гъу"р идж пэлъытэу къэзгъэлъагъуэр "гъуджэ"щ. Гъуэр зэрыджыжрэ зэрыщыту лъэщу щыджэм щыгъуэщ "гъуэзэджэ"р щыджэрэ "гъуазджэ"р къыщыхъур. "У"р щыджырщ е щыджым щыгъуэщ "удж"ыр къыщыхъур; уи "у"р утIыпщарэ ущыджым щыгъуэщ гъуазджэ джыныр къыщыхъури, ар "удж"щ. Мыпхуэдэу, къызэрикIарэ утIыпщауэ зыщаджым къигъэхъуу щыт уджым уи лъэрэ уи гур, уи пщIантIэрэ щIыгур иубыдарэ утыкур къыщыхуэнэм щыгъуэрэ, мыпхуэдэу джыныр зы Iуэхугъуэ IэнатIэ щыхъуращ "джэгу" жыхуаIэр.

*

Уджыр къызэрыхъуфыр, уи уэзымкIэ зызэрыбджыж защIэу ущытрэ, уэз пэлъытэу джыуэ ущыщытырщ. НэгъуэщI зыри зэромыджкIэрэ, уи уэзыр зэрысрэ уи лъэр зэрыджкIэрэ ууджу щытмэ, уи лъэрэ уи гур узэрыуджым дэкIурэ нэгъуэщIым хуэмыкIуэу зэдэуджыжмэ, уджым уитщ; уджыр пхэтщ, бджыр уджырщ, уджым уеджыр; джым ухэтщи иджыр уоджыр; иджым нэгъуэщI зэрщымыIэр, сытри зэрыджрэ зыдэщыIэу щыджыр къыбгурыIуэнщ. Уджым иджыр едж, уджым иджыр

джэгущ, джэм и гурщ. Джэм игур иджырщ. Сытми иджыр щыджыр иджырщ.

Уджым ″иджы″р къыбгурегъаIуэр; уджыр зэрыджкIэрэ, ухэтрэ зыхэпщIэу къыпхэтрэ ууджу щытмэ, иджым нэмыщI зэрыщымыIэр къыбгурегъаIуэр. ЩымыIэр мыджэрщ, мыджэр цIырщ. ЦIыр мэху; щыIэхэр зэрыджкIэрэ щыIэхэм яху; щыIэхэм зэдоху: ЩыIэхэр зэрыджкIэрэу щымыIэр мэху.

Джыр иджыращ щыджыр; джым иджращ иджыр; иджыр джыуэ щытырщ, иджым нэгъуэщIыр мыджэрщ. БлэкI щыIэкъым, блэкIай щыIэкъым, сытри мэджри щыджыр иджырщ. КъэкIуэн щыIэкъым, иджыр мэдж мэуджри мэужь. Сытми иджым еджыр; сыуэ щыт сыт щыгъуэй иджырщ, джыпIэу зы иджыщ щыIэр. Иужь къинэ щыIэкъым ипэ ит щыIэкъым; иджыр мэдж, мыджэр къонэр. Къанэр иджым щыгъуэ мыджэрщ; мыджэр иджым еху, доху, тоху, щIоху.

Джа хъуауэ къэна щыIэкъым; зэрыджакIэрэу къанэ щыIэкъым. Иджым иджу къел щыIэкъым; иджым хыхьэу хэкI щыIэкъым. Джыр мыувыIэу джыгъуэ ихуэрэ итырщ; джыр мыувыIэу джыуэ щытырщ. Джыр мыувыIэу мэдж, джар аргуэрэу мэджыр. Джыгъуэ зэрыхъукIэрэ мэдж; джыр сыт щыгъуэй джыгъуэ итырщ; джыгъуэр щыджыр иджырщ.

Сытри мэджыр; щыджри иджырщ. Джыуэ иджым къэхъур щыIэ мэхъур. ″ЦIы″р мыджэрщ, щымыIэрщ; щыIэм къыдэхуу щытрэ, щыIэм къадэхурщ. ЦIэр, щыIэм дэхуу щытым зэманыгъуэ зиIэ хъурщ. ЦIэр сыт щыгъуэй ″цIы″пхъэу щытырщ; цIэр сыт щыгъуэй ″цIы″ хъужыпхъэрщ. Зы щыIэ гуэрым и фIэщыгъэцIэу щыIэгъуэ зиIэ пэлъытэ хъуауэ щыт ″цIы″ лIэужьыгъуэр ″цIэ″рщ; цIэр ″цIыфэ″ зиIэрэ щыIэфэ зыгъуэтарщ. ″ЦIы″р щыIэгъуэм зэрыдэхум хуэдэу, цIэри зыфIащауэ щытым хэмыщIэрэ хэмыхьэу, абы дэхурщ.

ЦIэр, щыIэм хэмытырщи, сыт щыгъуэй ар щыIэ гъунэм зэрыIутрэ, абы къызэрыIунэрэкIэ щыIэм дэхурщ. ″ЦIы″р щыIэгъуэ гъунапкъэу зэрыщытым хуэдэу, ″цIэ″ри зыфIащам и гъунэу щыIэгъуэ пэлъытэ хъуауэ лъытапхъэщ.

ЦIэр щыIэм и гъунапкъэ хъууэ щытырщи, щыIэм и гъунапкъэр щыIэм и пIэрэ и гъуэр зыджыпхъэрщ, и гъуджырщ. ЦIэр щыIэм и зы гъунджэ лIэужьыгъуэрщ.

ЦIэр щыIэхэм хэтрэ, ахэм я щыIэкIэм емыщхьу щыIэ хъуауэ щытырщи, щыIэхэм зэрыфIащрэ зэрытыраухуэм къызэрыгуэкIкIэ, щыIэхэр щымыIэу зылъытэрэ зыхэзыубыдэрщ. Абы щыIэр зэрилъытэр щыIэм и ″гъу″кIэрщи, ар зэрихъуэкIыркъыми, ″гъу″ IуэхугъуэрэкIэ ибжу щыту жыIэпхъэщ. ТIэ, цIэр ″цIы″ гъубжэу щыIэгъуэ зиIэхэм яхэт хъуарщ.

Ар икIи, щыIэр щымыIэ лъэныкъуэрэкIэ лъагъупхъэу щытырщи, ар ″цIы″ щхьэгъубжэуй лъытапхъэщ; икIи щхьэгъуэбжэ ″цIы″ хъууй лъытапхъэщ. ″ЦIы″ хур, ″цIы″р зыхур, щыIэгъуэ гущIыIум трищIауэ щыт щыIэгъуэ зиIэрщи, ар иужь дыдэ джарэ щыIэ хъуаращ; ар цIыхуращ. ТIэ, ″цIы″ щхьэгъубжэр зи щхьэгъубжэу щытыр цIыхуращ. ″ЦIы″р зыдэхурэ зыхуу, зыпэхуу щытыр цIыхурщ; ″цIы″ хууэ щытрэ ″цIы″ кIуэтэгъуэр бзэ хабзэмкIэ ″цIэ″ хъунщи, цIэр къызэрыхъум и щхьэусыгъуэр къызхэкIри мырагъэнщ.

ТIэ, ар цIэуэ къызхуэхъуу щытыр ″цIы″р зыхуу щыт цIыхурщ. ЩыIэм щыщрэ хэтыр, икIи ″цIы″ щхьэгъубжэм Iутыр, ″цIы″ри зэрыдэхуу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, ар зи ″фIэ″рэ ″щы″ пэлъытэ къызхуэхъурэ зи фIэщ хъур цIыхурщи, тIэ цIэ фIэщын Iуэхугъуэри зыухуэр цIыхурщ.

″ЦIэ″ хъууэ щытыр къызхуэкIуэрэ зыхуэфащэ хъууэ щыт щыIэгъуэ зиIэу щытыр цIыхурщи, макъ къыриIуэнрэ псалъэ иухуэн Iэмалыгъуэм зэрихьэрэкIэ, цIыхум цIэр зы псалъэу утыку къырелъхьэфыр. Псалъэр, ″цIы″м дэхуу щыт цIыхум и псэм къыхэхъукIырщ; ар цIыхум и псэм къыхигъэхъукIыу щыт макъырщи, макъхэр къызэригъэсэбэпкIэрэу псалъэхэр мэухуэр. ТIэ, ″цIы″уэ щытыр зы щхьэгъубжэу къызхуэхъуу щыт цIыхум, а щхьэгъубжэмкIэ илъагъуу щытыр къызэриIуатэр зы псалъэрщи, псалъэр щыIэу щыт макъкIэрэ зэрыухуэкIэй, къэхъур ″цIэ″ хъунщ. ″ЦIэ″р, щымыIэ щхьэгъубжэкIэ къэхъуу щытырщи, цIыхум а щхьэгъубжэмкIэ зэрыдэплъым къызэрыгуэкIкIэ, щыIэхэр зэрилъагъурщ. ″ЦIы″ щхьэгъубжэмкIэ плъагъур щымыIэрэкIэ плъагъунырщи, тIэ, мыпхуэдэу къэхъуу щыт цIэмкIэрэ щыIэ гуэрыр щыплъытэм щыгъуэ, ай тIур зынэсыркъым.

″ЦIэ″р цIыхум и зы ″псалъэ″у фIэщыгъэ зэрзыхуищIым къызэрыгуэкIкIэ, ар щыIэхэм фIещыр. Мыпхуэдэу зы лъытэныгъэр цIыхуращ зыхуэIуарэ зыхуэфащэри, ар цIыхум и щыIэгъуэм къыхуихьу щыт зы Iэмалыгъуэрщ. МыпхуэдэрэкIэ, ″цIы″ щхьэгъубжэмкIэ утыку къихьэу щыт зы цIэр, дэтхэнэ зы щыIэ гуэрыр зылъытэрщи, дэтхэнэ зы фIэщыгъэцIэу утыку къихьэу щытыр, щыIэр зэрылъытэ щIыкIэрэу утыку къихьэрщ. ТIэ, мыпхуэдэу утыку къихьэрэ бзэ лэжьэкIэм хэту щыт цIэр зэхэмытхъуэжрэ и лъабжьэр имгъэкIуэдыжу щытмэ, а бзэр щыIэхэм я гъунджэу лэжьыгъэ зиIэу лъытапхъэщ. ЦIэр, щыIэхэм я гъур зэрыджыпхъэрщ; ар щыIэ гъуджэрщ.

″ЦIы″р мыджэрщ, джымрэ иджым дэхурщ; джым хэмыт хъуурэ хур, джым и ухыпIэ хъурщ: Джым е щыIэм иухыпIэр, щыIэм и гъунэ хъурэ и гъуэр къэзгъэлъагъуэрщ. ЩыIэм и гъунапкъэр къэзгъэлъагъуэрэ, щыIэр зэрыщыIэгъуэу зыгъэлъагъуэр щыIэм гъуэ пэлъытэ хуэзыджырщи, ар ″гъу″уэ лъытапхъэщ. ЩыIэм гъуэ пэлъытэ хуэзыджыр, щыIэм и

"гъу"рэкIэ щыIэ гъунэр къэзыгъэунэхурщи, ар гъуэ зыджрауэ лъытапхъэрщ; мыпхуэдэу гъуэзэджэу гъуэ джыныр гъуазджэрщ.

ЦIыхум "цIы"р "ху" къызэрыхуэхъурэ, езыри сыт щыгъуэй "цIыхун"у зэрыщытрэ "цIы" гъунэм зэрыIуткIэрэ, "цIы"рэ щымыIэ щхьэгъубжэри, щыIэрэ джы щхьэгъубжэри зиIэу лъытапхъэрщ. "ЦIы"р зыхуэхурэ щыIэгъуэр зыхуэгъуэткIэрэу, "цIы"р зэрыхукIэрэу ар зэманыгъуэу хуэухуэу гъуэзэджэрэкIэ "цIэ" зыухуэр цIыхурщи, ар щыIэгъуэр мыпхуэдэ гъуазджэкIэрэу зыухуэжыфырщ.

ЩыIэм и гъунапкъэр зыхуэхурэ щыIэм и гъуэр щымыIэ лъэныкъуэмкIэ къэзыгъэунэху цIыхур, "цIы" щхьэгъубжэ лъэныкъуэмкIэй щыIэм хэплъэфу щытырщи, зэрыплъэфым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ, зыхэтрэ зызухуэу зыджыр мы лъэныкъуэ псомкIэй зылъагъуфырщ. ЩыIэр гъуэзэджэу зылъагъурэ, гъуазджэу гурэ псэрэкIэ зыджыжыр цIыхуращ. ЩыIэр фIыуэ зылъагъур цIыхурщи, ар *философыр*щ. Илъагъур гъуазджэу, ипсэкIэ утыку къизылъхьэфыр; и псэм къыхэхъукIым лъэ зэригъуэткIэрэ псалъэр къэзгъэхъур; фIыуэ илъагъур псалъэкIэ утыку къизылъхьэфыр цIыхурщ. Илъагъуу щыт дэтхэнэ зы Iуэхугъуэрэ щыIэгъуэ зиIэу щытхэр зэрилъагъур и псэм къыхэхъукIыу щыт псалъэу утыку къизылъхьэрщ цIыхури, мыпхуэдэу утыку къихьэхэрщ фIэщыгъэцIэхэр.

ЦIыхур, зыдитыпIэм зыритрэ зэрыджкIэрэу, и псэм хэджыкIрэ щыIэр цIэ фIэщыгъэкIэ къызэрипсэлъкIэрэу; щыIэгъуэр зэрщыIэрэ зэрыджэр, зэрыубзыхурэ зэрыужь щIыкIэу щыт бзэм дэкIуу, ар псалъэкIэрэ къэзIуатэрщ.

**ГУ...**

"Гу"р зыужыгъуэ(у) зиIэу щыт "гьы"рщ. "Гьы" макъыр "у" макъкIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъуу щыт макъыр "гу"рщ. "Гьы"р зыужьыгъуэ зиIэ хъурэ зэрылажьэрэкIэй, мыувыIэу "гьы (джы)" хъууэ (у) щытырщ къэхъур; джы зэпыту щытырщ ар. Джым и ужьыгъуэу щыIэ хъууэ щытырщ "гу"р. Джыуэ щыт дэтхэнэ зы гуэрыр "гу"рщ; мыпхуэдэу джыпхъэу щытри "гу"рщ, джа хъуауэ утыку къихьари зы джынхъэщи, "гу"р джыпхъэщ. Ар мыувыIэу джыуэ щытырщ, иджым иту щытырщ; джы зэпыту щыIэ щыхъукIэ джыпхъэ зэпыту щытырщ; е, зэрыджкIэрэй джыпхъэ хъурщ. Ар джыуэ щыт IэнатIэрщ; джыуэ щыт пкъыгъуэрщ; джыуэ щытырщ, джыуэ щыт дыдэрщ, джыуэ щытым и курэкупсэрщ.

"Гу"р, зы щыIэ "гуэр"ыр зэрыщыIэгъуэ псорэ, и гъунапкъэ нэс зэрыщыту зыхэзыубыдэу щытырщ. Зы щыIэр зы джыпхъэрэ джыуэ зэрщыIэкIэрэу, ар зы "гу"уэ жыIэпхъэнщ; ар "гу"уэ зы зэманыгъуэ (э) зиIэу зыгъэлъагъуэ (р) зы "гуэр"щ. А зы "гуэр" псалъэм, къэхъуауэ щыт зы гуэрэр, "аргуэрэу" къызэрыхъури къегъэлъагъуэр.

*

"Гу"р зы макъ е зы псалъэм и кӀэух щыхъукӀэ, а псалъэм идж псори зэрзыгуэррэ зэрыджыпхъэр утыку къырелъхьэр. ЩӀы псор е зи гугъу ящӀу щыт зы щӀы ӀэнатӀэр зыхэзыубыдэу зы псалъэ хъууэ щыт "щӀыгу"р мыбы и зы щапхъэщ. Мыбы хуэдэщ, къурэ къуэ зимыӀэу узтеплъэр бгъуэрэ зэӀухауэ щыт зы щӀыгум "губгъуэ"у зэреджэхэр. МафӀэр зыдилърэ жьэн Ӏуэху къыздекӀуэкӀыр "жьэгу"щ. Хум и кӀуэцӀым илъыр, ху хьэдзэрэ гуэдз хъур "хугу"щ.

"Гу"м зы ӀэнэтӀэ псо гуэр къызэригъэлъагъуэм къызэргуэкӀкӀэрэ, зы псалъэ е зы макъым ипэ ″гу″ къыщыпыхьэм щыгъуэй, а псалъэ е макъыр а зы гуэрым (гу) къызэрыгуэкӀкӀэ мэлажьэр: Зы жыгым тет "гуанэ"хэр, зытету щыт жыгым и къуэдамэхэр (гу-э) къызхэкӀыпӀэрщ (нэ).

Зы псэущхьэм е цӀыхум ехьэлӀауэ щыту, зи ″гугъу″ тщӀы Ӏуэхугъуэм хуэдэхэр зыгъэзащӀэу "гу" макъыр къосэбэпыр. Зы цӀыхум езыр е и кӀуэцӀыр зэрщыту къызэхиубыдэу "гу"р къыщысэбэп щыӀэщ: "гунэщӀ". Е, зы Ӏэпкълъэпкъыр зэрыщыту е и кӀуэцӀ лъэныкъуэр къэзыгъэлъагъуэу ″гу″ кӀэухыр къосэбэпыр: «Ӏэгу, лъэгу, бзэгу...».

″Бзэгу″р дызэрыпсэлъэфу щыт зы гуэрщ, зы лъэрщ. Ауэ, абы и къэлэныр имгъэзащӀэу щытмэ, а бзэгур зэры "гу"м къыгуэкӀауэ (гуэ) аращи, а цӀыхур "бзагуэ"щ. ДызэрыдаӀуэр тхьэкӀумэрщи, ар дэӀуэн Ӏуэху зыдж е зыгъэзащӀэу зы"гу"щ; и къэлэныр мыгъэзащӀэмэ, мыгурыӀуэгъуэу (″ды″уэ) зы "гу" хъунщи, ар "дэгу"щ. Зы цӀыхур е и зы Ӏэпкълъэпкъыр зэры"гу"кӀэрэу "бэгу" къытекӀэнщ; е, "гуэрэф" хъунщ.

"Гу"м зы гуэр къызэригъэлъагъуэ зэрыхъу щапхъэхэр мащӀэкъым. Зы гуэрым ипэ лъэныкъуэр къэзгъэлъагъуу щыт "гупэ" псалъэри; зы гуэрыр зэрыгукӀэрэу, абы и щӀыӀур "гущӀыӀу" зэрыхъу псалъэри, мы щапхъэхэм ящыщщ.

"Гу"р зы джыпхъэ центр хуэдэщ. Мыбы къикӀыр, зы щӀыгу ӀэнатӀэу зыдэщытым зэрыщытрэ, абы ику хъун закъуэракъым. Зы хъуреипӀэ ӀэнатӀэу щыт зы шэрхъри, ар зыщӀэтыжу утыку къихьа хъуари "гу"щ. Мы гум къыхэхъукӀыу щыт псалъэхэри мащӀэкъым: «Выгу, шыгу, гуплӀэ, гупхэ, гулъэ, гу лъэмыж...».

Зы джыпхъэ ӀэнатӀэм е зы щӀыгум хыхьэнрэ хэкӀын глаголхэр "гу е гуэ" макъхэр ипэ зыпыт псалъэхэу къохъур: "ГуэкӀын, гуэкӀэн, гуэхьэн е гухьэн, гуэхун, гуэхуэн, гуэхын...". УздэкӀуэну щыт зыщӀыпӀэри зы гуэру зы "гу" ӀэнатӀэщи, абы игъуэу ущынэмсыфым щыгъуэ уо″гувэ"р. Е, зы гуэрэр зы щӀыпӀэ е зы гуэрэм хэдзэн е абы хэтыным егъэзын хуэдэу "хэгуэн, Ӏугуэн, щӀэгуэн..." псалъэхэр къохъур.

"Гу"р зы джыпхъэрэ мыувыIэу джыуэ щытырщи, ар икIи джыпIэрщ. "Гу" макъ зыхэлъ псалъэхэм мыхэр къегъэлъагъуэр: «Джыуэ щыт, джыпхъэу щыт, мы мыхьэнэ псори зэхэзыубыдэу щыт».

Мыбы имызакъуэу, джыпIэр зы центру къапщтэмэ, абы хыхьэнрэ хэкIын Iуэхугъуэхэри "гу" макъым иджынщ: Зы IэнатIэрэ центру щытыр къэзыгъэлъагъуэр "гу"мэ, абы хэщIынрэ хэбэгъуэн Iуэхугъуэр математикэ гъэлъэгъуэкIэу "гу-", "гу+" хуэдэу тхыпхъэщи; хэщIын Iуэхугъуэ щапхъэ хъунщ "гуэкIын"ыр, хэбэгъуэн щапхъэу щытхэрщ "гухьэн е гуэхьэн" псалъэхэр.

*

Ауэ, "гу" макъ зыхэту щыт псалъэхэм нэхъыбэр къызхэкIыр, ди кIуэцI сэмэгурабгъум илъу щыту ди гъащIэр зэпхауэ щыт "гу"рауэ хуэдэщ зэрытлъытэр. "Гу" макъыр, зэпымыудыпхъэу джыуэ щытыр къизыIуэу зы макъыу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, джырэ утыку къихьэу щыт зы псэ пкъыгъуэрэ, псэущхьэ кIуэцIым илъу щыт Iэпкълъэпкъым игъуэджэу фIэщыгъэцIэ хуэхъуауэ щытщ. Ар икIи, псэм къыхэхъукIрэ мыувыIэу зэрыджым къызэрыгуэкIкIэ, зы джыпхъэрэ джыпIэу, а нэхъапэ къэхъуауэ щыт лъэрэ Iэпкълъэпкъырщ; ар псэущхьэ пкъыгъуэ нэкулъу нэхъапэ къэхъуарщ. Нэхъапэ къэхъуауэ щыт псэ пкъыгъуэрщи, псэущхьэ Iэпкълъэпкъхэри, ар зэрыджкIэрэу, абы къыхэхъукIауэ щытщ. Ар, псэущхьэ пкъыгъэ нэкулъырщи, псэущхьэ пкъыгъуэр къызхэхъукIарщ. Псэущхьэ пкъыгъуэр къызхэхъукIа зэрыхъукIэрэй, псэущхьэм и купщIэрщи, дэтхэнэ зы Iэпкълъэпкъыр зэпхарщ; псэущхьэ пкъыгъуэм и псэугъуэр зэпхауэ щытырщ.

Гупщысэнрэ гузэвэныр, гулъытэнрэ гухэлъынри арауэщ къыздекIуэкIыу къызэрыдгурыIуэр. Гуапэрэ гуащIэр, гуфIэгъуэрэ гуIэгъуэр къезгъэкIуэкIыр ращ. Мы "гу"м игъэзащIэр а псэущхьэр зыгъэпсэунрэ зыгъэджынырщ; лъы зыхуэныкъуэм лъы хуэзгъакIуэрэ, гупщысэ зыхуэныкъуэм гупщысэн Iэмалыгъуэр езытыр ращ; япэрауэ абы и лэжьыгъэр щызэфIэкIым щыгъуэщ мыхэр къыщыхъур.

Ращи, "гу"р зы псэущхьэм иIэ Iэпкълъэпкърэ кIуэцIылъу хъуам ягущ, я пашэщ. Ар, зыхэтыну псалъэхэм ипэ иту хэтынущи, зы цIыхум сыт игъэзэщIа хъунуми, ар зэрипашэкIэрэ гъэзэщIэнщ. Абы ехьэлIауэ сыт джыуэ, "гу" зыпыт сыт хуэдэ зы Iуэхугъуэр къэIуэтапхъэу щытми, абы къызэргуэкIкIэрэщ зэрыджрэ зэрыIуэтапхъэр.

Гур зы псэущхьэм игурщ, и центырщ; ар "гу" макъым иджу щытырщ. Зы псэущхьэм къыгуэкIрэ гъэзащIэу щыт Iуэхугъуэу, а псэущхьэм езыр зэрыпсоуэ къэгъэлъэгъуапхъэ щыхъукIэй "гу" макъыр къосэбэпыр. Зы псэущхьэри зы лъэ IэнатIэщ, зы гум ехьэлIауэ къиIуапхъэрщ, зы гуэрщ. "Гу" макъыр ипэ къызпыхьэ псалъэхэм яджын Iэмалыгъуэр "гу"м къызэргуэкIкIэ щыгъэзащIэм щыгъуэ, а "гу"м

къыриIуэу щытыр "гу" фIэщыгъэцIэ зыхуэхъуауэ щыт лъэ закъуэракъым. А псэущхьэм езыр псоуэ зы ″гу″уэ зэрщыткIэрэ е зы гуэр зэрыхъукIэрэу, "гу" зыпыту щыт а псалъэм къыриIуэ Iэмалыгъуэр, зи къэлэну щыт зы лъэ е зы Iэпкълъэпкъращ зехьэлIауэ щытыр. Псалъэм папщIэ, "гупщысэн" Iуэхугъуэр цIыхум хуэIуащ; ар зи къэлэну щытри щхьэкуцI щыхъукIэ, "гу"м къыриIуэр щхьэкуцIращ. ИкIи укIэлъыплъыжмэ, ар щхьэ Iуэху закъуэу къэмынэу, щыгупщысэм щыгъуэ цIыхум езыр зэрщыту -псоуэ-мэджыр. Зы гупщысэр щхьэкуцI Iуэхугъуэ IэнатIэу утыку къихьэу щытми, а гупщысэр зы цIыхум и Iуэхугъуэ псоми хэту щытщи, ар и лъэ псом къахэхъукI мэхъур. Мыбы хуэдэнщи, ущыгуфIэкIэ фIы хъур уи гу закъуэркъым, зэрщыту уи лъэ псорщ. Ар дыдэщи, ущыгубжькIэ уи гу закъуэркъым зыхэзыщIэр е къызгуэкIыр. Ауэ, зы цIыхум сыти иредж, щыджэм щыгъуэ игур дэщIыгъуу маджэр.

НытIэ, "гу" макъым къигъэлъагъуэр джыпхъэ хъууэ щытырщ, джыуэ щытырщ, икIи джыпIэу зы гуэрщ. А зы "гуэр"ым и зы лъэныкъуэри зы "гуэр"урэщ къызэригъэлъагъуэр. Зы ″гуэр″ псалъэмкIэ, псоуэ щыт гуэр мэгъэлъагъуэр. Аращи, "гу" псалъэм зы фIэщыгъэцIэ гуэр (лъэ) къыщигъэлъагъуэ щыIэщ; ар щхьэ, а гум имзакъуэу, а "гу" макъыр къызпыхьэ псалъэр зехьэлIауэ щыт Iуэхугъуэр зыдж зы нэгъуэщI гуэри егъэлъагъуэр; икIи, а Iуэхугъуэр зи Iуэхуу щыт псэущхьэри егъэлъагъуэр. Зы псэущхьэм дежкIэ гум пщIэшхуэ иIэщ; псэущхьэм и псэр абы елъытащ, пыщIащ; ар увыIэмэ, зы тэлайкIэ псэущхьэм и псэри хэкIа хъунщ. Ар щыхъукIэ, зы псэущхьэм къыгуэкIыу щыт сыт хуэдэ Iуэхугъуэ щыIэми гум епхащ. Сытри зэрыдж щIыкIэр гум елъытащ; дэтхэнэ зы лъэм игъэзащIэ Iуэхур игъэзащIэу щытынуми, ар зыхищIэу гур лажьэу щытын хуейщ.

ИкIэм икIэжым, а лъэмрэ Iэпкъплъэкъыр зэдэкIурэ зэдэгъуу щылажьэм щыгъуэ, зэдаухуэрэ зыхуэлажьэр, зыхэту щыт а псэущхьэрщи, Iэпкълъэпкъым сыт ягъэзащIэу щытми а псэущхьэм игъэзащIэу аращ ар икIи.

*

″Гу″р зы псэущхьэм игурэ и курэкупсэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэ хъуагъэнщ. ИкIи, зы псэрэ псэущхьэр къызэрыхъурэ къызэрежьэм и пэщIэдзэрщ гур. Ар утыку къихьэу щыт япэрей псэупкъыгъуэрщи, ар къызэрыхъур зэрилъабжьэрэкIэрщ зы псэущхьэр утыку къызэрихьэ щIыкIэр. Ар япэрауэ утыку къызэрихьэрэ зэрыужьым къызэрыгуэкIкIэй, дэтхэнэ зы лъэрэ Iэпкълъэпкъыр абы къыхэхъукIыу щытщ. Зы псэущхьэр утыку къызэрихьэрэ зэрызэтеувэ щIыкIэр мыпхуэдэу щытщи, ар гуращ къызхэхъукIрэ зэпхауэ зэрыщытыр.

Дэтхэнэ зы Iэпкълъэпкъым и лэжьэкIэри гум елъытарэ къызэрыгуэкIкIэрщ. Зы Iэпкълъэпкъым игъэзщIэхэр гум къырит къэрум къызэрыгуэкIкIэрщ зэрыгъэзащIэр. Гум къыдэжрэ къыритым къызэрыгуэкIкIэ лэжьыгъэхэр зэрыгъэзащIэм хуэдэжу, дэтхэнэ зы Iэпкълъэпкъым игъэзащIэхэри гум зэхищIэу щытщ. КIуэ пэтрэ, дэтхэнэ зы Iэпкълъэпкъым и къэлэну щытхэр зэригъэзащIэм зэресэрэкIэ, сыт щыгъуэй гу къэрур зэрыщыту къызэрымысэбэпрэ, гъэзащIэу щытхэри гум зэрызыхимыщIэрэкIэ лэжьэфу щIедзэр Iэпкълъэпкъхэр. ИкIи, дэтхэнэ зы Iэпкълъэпкъыр къызхэхъукIауэ щыт пкъыгъуэм зэремыпхарэ щхьэжу и къэлэнхэр игъэзэщIэнкIэ иунэтIыпхъэу щытщ. Дэтхэнэ зы гуэрыр къызхэхъукIам зэрыпымыщIарэ щхьэжу щыIэгъуэ зэригъэтыфынури мырагъэнщ икIи.

Ауэ, дэтхэнэ зы гуэрыр гум къыдэмыжарэ зыхимыщIэу зы Iэпкълъэпкъыр зэресарэкIэ гъэзащIэу щытмэ, ахэр а пкъыгъэм щхьэпэшхуэ зэрыхуэмыхъунур жыIэпхъэщ. А псэущхьэ пкъыгъуэр къызхэхъукIарэ зэрепхауэ щыт гур, а псэущхьэ нэкулъырщи, абы къыдэмыжыр а псэущхьэм и псэ ужьыгъуэм емызэгъынкIэй хъунщ. ТIэ, Iэпкълъэпкъым игъэзащIэр а пкъыгъуэм хуэщхьэпэну щытмэ, ар а пкъыгъуэгум и ужьыгъуэм езэгъын хуейуэ жыIэпхъэщи, ар зыхэзыхур гуращ.

ЦIыхум и щхьэкуцIри абы и зы Iэпкълъэпкъырщи, абы и лэжьэкIэ хъунури гум епхауэ щытщ. Ари къызхэхъукIар псэ ужьыгъуэрэкIэ гуращ. Ари дэтхэнэ зы Iэпкъылъэпкъым хуэдэу лэжьэфырщи, гум зыхимыщIапхъэ хъууэ, зэресарэкIэ лэжьэфу жыIэпхъэщ. Ауэ, гум къыдэмыжрэ зыхимыщIэу щытрэ, щхьэкуцI IуэхугъуэуэкъекIуэкIхэр сыт щыгъуэй а цIыхум щхьэжу езым щхьэпэ хуэхъуфыну жыIэпхъэкъым. ИкIи, а цIыхум хуэмыщхьэпэхэр цIыхугъэми щхьэпэ хуэхъункъым.

Щхьэжу зы нэрыбгэрэ пкъыгъуэр и гум зэрыхущыт щIыкIэм хуэдэу жыIэпхъэщ, зы нэрыбгэмрэ цIыхугъэ псом я зэхущытыкIэри, зы нэрыбгэр цIыхугъэм и зы Iэпкълъэпкъ пэлъытэрщ. Зы цIыхур къызхэхъукIыр цIыхугъэрщи, ар абы и ужьыгъуэу къэхъурэ утыку къихьэрщ.

ЦIыхугъэм и гум къыдэмыжрэ зэхимыщIэу къэхъуу щыт гуэрыр, сыт щыгъуэй цIыхугъэм хуэщхьэпэну къэхъупхъэ гуэркъым. ИкIи, мыпхуэдэу утыку къихьэу щыт Iуэхугъуэхэр, цIыхугъэ зэрыхэлъкIэрэу гъэзэщIапхъэу утыку къызэримыхьэри хэлъыжу, а Iуэхур зыгъэзащIэу щыт езы нэрыбгэм и гум къызэрыдэмыжарэ зэрызыхимыщIэм папщIэ, мы Iуэхугъуэхэр а цIыхуэм сыт щыгъуэй пщэрылъ зыхуищIынуи къыщIэкIынкъым.

ТIэ, щхьэкIуцIри зы Iэпкълъакъыу щытщи, ари зэресарэкIэ лажьэу щытыныр зыфIэфIрэ, щхьэжрэ зыми зэрыпымыщIарэкIэ щыIэн лъэныкъуэкIэ екъуу щытырщ. Гум къызэрыгуэкIрэ зыхищIэу щыт

лэжьыгъэхэр псэ ужьыгъуэ Iуэхугъуэу, а пкъыгъуэм и ужьыгъуэу щытхэр къызхэкIырщи, абы пымыщIауэ щыт лэжьыгъэхэр а пкъыгъуэ псом хуэщхьэпэн хуейуэ щытынкъым. А пкъыгъуэм хуэщхьэпэу щытыр, пкъыгъуэр къызэрыхъуарэ къызэрыгъуэгурыкIуам къигъэунэхуфынщи, ар зи архивыр гурагъэнщ.

Гур псэ ужьыгъуэм и нэкулъырщи, псэужьыгъуэрэкIэ псэущхьэпкъыр къызхэхъукIа лъабжьэрщ. Ар гъащIэ зиIэу щыт псэущхьэм езэгъыр къыздэжрэ зыхэзыщIэрщ. Ар гъащIэм езэгъыр зыщIэрщи, дэтхэнэ зы Iэпкълъэпкъым игъэзащIэр абы къызэрыдэжкIэрэ гъэзащIэу щытмэ, гъащIэм езэгъ Iуэхугъуэхэрщ утыку къыралъхьэнур. Гур, гъащIэр къызхэкIрэ зыхэзыщIэрщи, гъащIэ гъуэгум езэгъым и архиврэ IункIыбзэр зыIыгъырщ. ЩхьэкуцIым игъэзащIэ Iуэхугъуэхэр гъащIэм зэрезэгъынур зыхэзыхуфынур гуращ. ЩхьэкуцIым игъэзащIэу щытхэр гъащIэм зэрезэгъынур зыхэзыщIэр гуращи, абы къыдэжрэ зыхищIэу щытхэр зыгъэзащIэ щхьэкуцIыр, утыку къырилъхьэу щыт Iуэхугъуэхэр гъащIэм зэрезэгъынкIэ щыуэнкъым.

Зы ужьыгъуэр зы хэхъуэгъуэрщи, щыIэр зэрыхэхъуэр щымыIэр зэрихукIэрщ. Гъунапкъэр, къызхэхъукIым и ужьыгъуэм Iутрэ, ужьыгъуэм къыпэщытыр зыхурщ. Ар, зыщыщу зыхэтрэ, зыхэмытым и зэхуакуу щытырщ; зыхэтрэ къызхэхъукIым и ужьыгъуэу иужьдыдэ къэхъуауэ щытырщи, а ужьыгъуэр зыдэужьрэ къэмыхъуам Iуту кIуэрщ. ЩыIэ хъуауэ щытрэ щымыIэр зыхур иужьдыдэ къэхъуарэ зы гъунапкъэу щытырщи, езыр къызхэхъукIам щымыщу щытыр "цIы"уэ лъытапхъэмэ, ар "цIы"р зыхурщ. "ЦIы"р зыхур, "цIы"м хуэкIуэрщи, абы хуэкIуэр икIи хэхуапхъэ хъунщ; ар езыр зы ужьыгъуэу къызэрыхъуар и гум къызэрыгуэкIкIэрщи, тIэ, ар "цIы"м зэрыхэмыхуэнур зыгъэзащIэр и гуращ. Зы гъунапкъэр зэресам тету лажьэми, и гум къыдэмыжу игъэзащIэр, езыри хэтыжу зыхэт псом щхьэпэ хуэмыхъупхъэуй къыщIэкIынщи, ар "цIы"м хэхуапхъэщ.

Мыпхуэдэу щытщи, щыIэгъуэу иужь дыдэ къэхъуауэ щыт цIыхуми яужь дыдэ къыхэхъукIарэ ужьыгъуапIэм Iуту щыт и Iэпкълъэпкъыр щхьэрщи, абы и купщIэр мы ужьыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ ужьу щытырщ икIи. ЩхьэкуцI гущIыIу хъурэ ужьыгъуэ гъунэм Iутыр "цIы"ри къызпэщытырщи, ар зэрылажьэрэ абы къилэжьхэр "цIы"м хэхуэнрэ гъащIэм хыхьэн Iуэхугъуэу щытщ. ГъащIэр къызэрыгъуэгурыкIуэм езэгъынур зыхэзыщIэну нэхъыщхьэр гурщи, абы къыдэжым езэгъыр зыгъэзащIэ щхьэкуцI гущIыIур "цIы"м хэмыхуэу къелынщ; икIи, гъащIэр къыригъэлынщ. –Гум къыдэжрэ зыхищIэр къизмыдзэрэ IэщIыб зыщIу щхьэжу лажьэу щытмэ, щхьэкуцI гущIыIуу шыт *кортекс*ым мы и лэжьэкIэр гъащIэмкIэ шынагъуэу жыIэпхъэщ-.

Псэугъуэрэ псэ ужьыгъуэу утыку къихьэр зэрыужькIэрэу зыдэхуу щыт "цIы"м хэхуапхъэщи, ар "цIы"м къызэрелыну щIыкIэр, а псэ ужьыгъуэрэ пкъыгъуэр къызэреларэкIэ къызэрыгъуэгурыкIуа щIыкIэрщ.

Гур псэущхьэ гъащIэ нэкулърэ, зэрыужькIэрэу псэущхьэпкъыр зэрыщыту къызхэхъукIарщи, сыт щыгъуэй джырэ ужьыгъуэу щытырщ. Ар зы ужьыгъуэрэ джыгъуэрэ джыпхъэ защIэу щытырщи, зи гугъу тщIыуэ щыт ужьыгъуэ архивыр гум ирищIауэ щытщ.

*

Сытри зыджу щытрэ, сытри къызхэкIыпхъэу щыт "гу"р, бзыгъэ зиIэу зы макъыу жыIэпхъэщ. Адыгэ бзылъхугъэ пашэр зэраджэу щытыр "гуащэ"щ. ″Гуащэ″р бзылъхугъэм пщIэ хуэщIын хабзэу къэсэбэпу щыт зы псалъэрщ икIи.

Ауэ, абы и пэжыпIэри, бзылъхугъэм и щыIэкIэр къэзыгъэлъагъуэу зы псалъэу утыку къызэрихьауэ зэрыщытырщ. Дэтхэнэ зы бзылъхугъэр, зыхэту щыт цIыхубэм и нэхъыжьыпIэр зыхуэфащэ хъурщ; ар щыхъукIэй, цIыхубзыр зыхэту щыт цIыху гупым и итыпIэрэ и ″гу″у щытыпIэр зыхуэфащэу щытырщ. Натуралуй мыпхуэдэущ цIыхубзым и щыIэкIэу щытыр; икIи, Адыгэ хабзэкIэй мыпхуэдэу щытщ абы ипIэрэ и пщIэр.

″Гу″р *центр*у зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, ″гуащэ″ри цIэнтру (гу-э) щыIэкIэрэ щыIэгъуэ зиIэу (щы-э) щытырщи, ар зи центрыр цIыхубэрщ. А цIыхубэрэ, дэтхэнэ зы цIыху гуп зэхэтрэ зэдэпсэууэ щытым, псэукIэрэ хабзэ къекIуэкIым и центру щытырщ ″гуащэ″р. ″Гуащэ″ псалъэр, къызэрыхъум щыгъуазэ ухуэхъуу щытмэ, мы жытIэхэр а псалъэр зэрызэтеувэкIэм къызэрыгуэкIкIэ зэрыжыIэпхъэхэр гурыIуэгъуэ хъунщ: ″Гу″р центру зэрыщыткIэрэу, абы хуэкIуэнрэ (гу+) къыгуэкIын (гу-) Iуэхугъуэхэр зехьэлIа хъууэ щыт зы мыхьэнэщ ″гуащэ″ псалъэм къикIыр. Ар мыпхуэдэу сытри зыхыхьэпIэрэ зекIуэлIапIэу; цIыхубэ псэукIэрэ хабзэм къызэрыгуэкIкIэй, игъуэрэ зэгущу щыт дэтхэнэ зы гуэрри къызпкъырыкIыпхъэу зы щыIэкIэ зыгъуэтауэ щытырщ. Ар цIыхубэ псэукIэрэ хабзэм и центру щытырщи, абы и купщIэр къызгуэкIырщ.

Аращи, ″гуащэ″р ику итыпIэ зиIэрщи, ар пщы пэлъытэу щытырщ; цIыхубз пщыуэй лъытапхъэрщ. Пщыр цIыхубзи цIыхухъуй хъунщ; ауэ, ″гуащэ″ псалъэр бзыгъэ зиIэу зы псалъэрщи, абы къикIрэ иджри мыхьэнэбзу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ; ″пщы″ макъ зэгуэтрэ псалъэр мыпхуэдэу хъурэ бзыуэ лъытапхъэу зы псалъэркъым.

ЦIхубзыр нэхъыжьщ, бзыр лъабжьэрщ; хъур къызхэкIыр бзырщ. ТIэ, гуащэр сытри зехьэлIэгъуэрэ (гу+), сытри къызпкъыркIыгъуэрэ къызгуэкIыгъуэу (гу-) щыт цIыхубзырщ. Ар цIыхубз нэхъыжьырщ.

″Гуащэ″ псалъэм къикIым хуэдэу къэсэбэпу хэтщ ар Адыгэ хабзэми. Дэтхэнэ зы цIыхубзыр ″гуащэ″у жыIэпхъэщи, хъыджэбз гупым хэту щытрэ нэхъ итыпIэрэ центр хъупIэр зыхуэфащэу щыт зы хъыджэбзыр ″хъыджэбз гуащэ″рщ. Дэтхэнэ зы унэ исрэ щхьэгъусэу щыт цIыхубзри гуащэу лъытапхъэу щытщи, ″унэ гуащэ″ жыхуаIэр къызхэкIыр мыращ. А унэр зыхэту щыт унагъуэм и нэхъыжьу щыт бзылъхугъэр ″унагъуэ гащэ″рщ; нысэхэм гуащэу ялъытэр аращи, ар ″гуэщэжь″щ. Зы къуажэрэ зы

жылагъуэм и пщы гъусэу щыт бзылъхугъэри тIэ, а пщыгъуэу щыт IэнатIэм и ″гуащэ″ хъуурэ щытырщ. Мыпхуэдэу кIуэуэ щытщи, пщышхуэм и гуащэри ″гуэщэшхуэ″ хъунщ. Пщым и щхьэгъусэу щыт гуащэр ″пщы гуащэ″уи къыраIуэр. ТIэ, пыщапхъэщ, зы гупым итыпIэр зыхуэфащэу щыт цIыхубзращ а гупым ″гуащэ″у ялъытэр.

Мыпхуэдэщ гуащэ жыхуаIэри, Адыгэ IуэрыIуатэм хэту щыт ″Тхьэ гуащэ"хэри къызтехъукIыр ардыдэрщ. Тхьэ гуащэхэм я Iуэхугъуэ IэнатIэхэри псэ къыхэхъукIыныгъэрэ бзыгъэ зиIэ Iуэхугъуэхэрщ. Мыхэм ящыщщ "Хытхьэ Гуащэ, Псыхъуэ Гащэ"хэр. ″Псатхьэ″ри бзыуэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнти, икIи, бзылъхугъэщ зэралъытэр; тIэ, ар ″Псатхьэ Гуащэ″уй къиIуапхъэщ.

Тхьэпэлъытэрэ бзылъхугъэ лIыхъужьу IуэрыIуатэхэм хэт гуэрхэри къызэраIуэ щIыкIэр ″гуащэ″ псалъэрэкIэщ: "Сэтэней Гуащэ".

Адыгэ эпикэ ритуалхэми яхэту щытщ "гуащэ" псалъэр зыхуагъэфащэхэри: "Хьэнцэ Гуащэ". Адыгэ IэщIагъэу цIыхубз сын е сурэту щытрэ, хъыджэбз цIыкIухэр ириджэгун папщIэ къагъэсэбэпу щытхэми зэреджэри "гуащэ"ущ. Зы джэгупхъэ гуащэр, хьэнцэм къызэрыхащIыкIым папщIэ, ″хьэнцэ гуащэ″у къыраIуэр.

"Гу"р зэры″макъыбз″рагъэнщи, зи гугъу тщIауэ щыт гуащэхэм ямызакъуэу, ″гуащэ″р зыхэту щыт цIыхубзыцIэхэр мащIэкъым. Адыгэм цIыхубзыцIэу, "гуащэ"рэ "гу" зыхэлъ фIэщыгъэцIэхэр фIищу щыташ. Мы фIэщыгъэцIэхэм ящыщщ мыхэр: «Гуэщэнагъуэ, Гуэщэнэ, Гуэщэпс, Гуэщдыгъэ, Гуэщэдыгъэ, Мэзгуащэ, Гуэщмазэ, Гуэщвагъуэ, ГуэщлъапIэ, Гуэщпагуэ, Гуэщэжан, Гуэщэнур; Гупсэ, Гунэ, Гулэ, Гулэз, Гуланэ, Хъурыгуэ, Жанпагуэ...».

**Г...**

"Гы" макъыр "гъы" макъым игъунэгъуу зы макъщ. Ар "джы"мрэ "гъы" макъым игъэзащIэ Iуэхугъуэхэм пыщIауэ зы Iэмалыгъэ зиIэу зы макъщ. Джыуэ щытым къигъэхъурэ иджым текIынрэ зы джын Iуэхугъуэ къэзгъэхъупхъэу зы макъщ. Е, "гын" хъууэ щытыр, зэрщытам текIрэ зы нэгъуэщIыгъуэ хъуным е джыным хуэкIуэрщ. "Гы" макъым ущIэдэIукIмэ, зы къэру къепщэрэ зыгъэпщ Iуэхугъуэ макъ зэрыхъури зэхэхыпхъэнщ.

Бзэм зэрхэткIэрэ "гын"ыр щыскIэ ипIэр къэзгъауэу зы Iэмэпсымэщ; ар цIыхум Iэмэсымэу къызэрагъэсэбэпыр куэд хъукъым; ауэ, "гы" макъым игъэзащIэу щытыр зэригъэзащIэкIэрэу "гы хъун" мыхьэнэр къикIыу "гын" фIэщыгъэцIэр екIуу фIащагъэнщ.

"Гыбзэ"р, зэтрикъутэн пэлъытэу зауэ зыщIэлъкIэрэ губжьауэ щыт цIыхум къыжьэдэукIыу зы бзэрщ, зы гужьгъэжьыбзэрщ. "Гэ"р цIыхухъум и хъулъху жылэхэмрэ цIыхубзым и бзылъху жылэр зэрылъырщ.

КIэух къызхуэхъу псалъэхэр ″гы″м егъэужь е ипIэи ишыпIэрэ пIэнкIыпIэр къыхуегъакIуэр: «Бэгын (бэуэ щытым и гъуэр нэхъри зэIуишын), лъагэ (лъэуэ щытыр дэшея щIын), пагэ (къеплъых пэлъытэу зи пэр дэIэтея)...». Мы псалъэхэм хуэдэщ "жыг, бгы..." псалъэхэм къагъэлъагъуэри.

ИгъэзащIэ IуэхугъуэхэмкIэ "гы" макъ Iэмалыгъуэр, иту щытыр зэрыщыткIэрэ, абы къыхуэкIуэу щыт бэгынрэ къэпщын Iуэхугъуэхэм къигъэщIырщ. Зы гуэрым и кIуэцIым ирищIэрэ ирапщэу щыт жьым, а кIуэцI жыхуэтIэм и блыныр дэнкIэй гъэкIуэтарэ ша ищIын Iуэхугъуэрщ ″гы″ Iэмалыгъуэм игъэзащIэр. Ар къызхуэкIуэр къэуэным хуокIуэр.

Аращи, иджы джыуэ щытыр, къызэрикIауэ джыуэ щытыр, къэрууфIэу иджыр щыджым щыгъуэ, иджым къигъэщIрэ уэным хуэзгъакIуэр, "о (эу)"м "у"р къыIэщIэкIыпIэм изгъахуэ Iэмалыгъуэр "гы"уэ жыIэпхъэнщ.

**Гъ...**

"Гъы" макъым идж Iуэхугъуэр "гъын"ращ. Абы, IупщIрэ нахуэу къигъэлъагъуэрэ къикI закъуэр гъынырщ. Зы псалъэм ипэ е икIэ къыпыхьэми хэгъуащэ мыхъуу иджыр гъынырщ. Гъын зыдэщыIэр хэгъуэщэнкъым. Гъын зыдэщыджым, нэгъэщI зы гуэр джынкъым. Гъын щыджым гъэр джэнкъым.

"Гъынэнэн"ыр гъы зэпыту щытырщ е гъын Iуэхугъуэм къинэу щытынырш; ауэ, угъ зэпытыфынкъыми, ар гъы нэпцIщ. "Гъыринэ"р, зи зыхэмылъым папщIэй гъыуэ зыщIэзыдзэрщ; куэдрэ, псынщIэу гъыуэ щытырщ ар.

"Гъейн (гъы-е-й-н)" гъыныр зейрэ, гъыуэ щытыр щIэгъыр зыгъэлъагъуэу гъынырщ; гъыуэ щытым и гъыныр къызхэкIым хуэкIуэнырщ; зыгуэрэм теухуауэ гъынырщ.

″Гъы″ макъым, гъын мыхъумэ зыри къызэримгъэлъагъуэр гурыIуэгъуэу щытми, нэгъуэщI мыхьэнэ иIэ хуэдэу "гъы" макъыр адыгэбзэм хыболъагъуэр. Ауэ, мы "гъы" макъыр "гъэ"м къытехъукIауэ зэрщытри нахуэ мэхъур. "Зэгъ" жыхуаIэр мыбы хуэдэщ; ар "гъэ"м къызэрхэкIрэ, "зэгъ"ыр зезэгъыу щытым ехьэлIауэ щыжыпIэм щыгъуэ къэхъу жыIэкIэрщ "зэгъ (зэ-гъэ-ы)" псалъэр: Ар, "э"м ипIэ иувэу щыт "ы"м игъэзащIэ Iуэхугъуэу зэрщытыр нэрылъагъущ. Мы щапхъэм хуэдэщ нэгъуэщIхэри: «Щыгъын (щы-гъэ-ы-н), щыгъагъын (щы-гъэ-гъэ-ы-н), щыгугъын (щы-гу-гъэ-ы-н), Iыгъын (Iэ-ы-гъэ-ы-н), щIагъ (щIы-а-гъэ-ы)...».

"Гъуэгын" псалъэми къыриIуэр гъын Iуэхугъуэрщ. Ар, гъыуэ щытынырщ. Гъыуэ щытыныр гъым ужьыгъуэ иIэ хъунырщи, ар бзэм къызэригъэлъагъуэр "гъы-у"щ; гъыуэ щытыр зэманкIэрэ (гъы-у-э)

"гын"ым хуэкIуэнщи, ар "гъуэгын"ырщ. Ауэ, "гъуэгын"ыр, икIи, гъуэм икI е гъуэ кIуэд пэлъытэу, "гъуэ"м "гын" къыхэхъукI хъуныркщ. Ар, гъыным зэщIиуд пэлъытэ хъууэ щыт гъын щIыкIэрщ. Аращи, адыгэбзэм къиIуатэр дэнкIэй еджэ, зырегъэпэщыр.

*

"Гъы" макъыр "гъу" макъри къызтехъукIыу щыт макъырщ. Ар икIи, "гъэ"р къызхэхъукIырщ. "Гъы"р гъуэгу техьэмэ, е зэманыгъуэ игъуэтмэ, "гъэ" мэхъур. Гъэным и лъабжьэр гъынырщ.

"Гъэ"м сытри хузэфIокIыр; ар, сыт хуэдэ псалъэми къыпыхьэфынщи, къызпыхьэу щыт мыхьэнэр игъэлэжьэфынщ; ар, "гъащIэ" къэзыщIыфырщ. ГъащIэм и зы Iуэхугъуэу къекIуэкIыр "гъэ"щ; зы гъэр зы илъэсщ; а зилъэскIэ гъэр къокIуэкI; гъэм и зы къекIуэкIыгъуэ хъуращ илъэсри, зилъэс хъуа нэужь аргуэрэу гъэр къожьэжыр. ЩIымахуэм щIым иубыдыр гъэращ; щIым щиутIыпщыжым щыгъуэ гъэр тхэн зэрыщIидзэкIэрэу "гъатхэ" мэхъур; ар тхарэ итхахэмкIэй и махуэ щыхъукIэ, къэхъур "гъэмахуэ"рщ.

Сыт хуэдэ зы Iуэхугъуэу щыт зы псалъэри игъэзэщIэфынщ "гъэ" префиксым: «Гъагъын, гъэгъэн, гъэхъун, гъэфIын, гъэсын, гъэсэн, гъэхъэн...».

"Гъэ"р зи кIэух хъууэ щыт псалъэм къатехъукI псэлъэщIэхэр, а псалъэм иджым иджыпIэ хуохъур, е "а псалъэм и мыхьэнэр зыхэлъу щыт" мыхьэнэу мэухуэр: «ЛIыгъэ, фIыгъэ, хъугъэ, тыгъэ, дыгъэ, дагъэ, гугъэ...».

*

"Гъагъын" псалъэр зэрыхъу щIыкIэм гу лъытэн хуейщ. Абы, зы блэкIа зэманрэ (а) зы жыжьагъ (а) хуэдэу е зы куэдагъ (а) хуэдэу жыIэкIэ иIэщ: "гъа"гъын. "Гъын" глаголыр ит зэманкIэ щылажьэм щыгъэ, ещэпэрей нэрыбгэ лэжьэкIэр "магъ" зэрыхъури гу лъытапхъэщ: Бзэм зэрихабзэкIэ "мэгъ" хъун хуейуэ лъытапхъэт.

"Гъы" макъым ипэ къыпыхьэ "э"р "а" зэрыхъур мыбы изакъуэкъым. ИкIи, ар щызэхъуэкIыр "гъын" глагол щыхъу закъуэуй щыткъым; "гъэ"уэ щытрэ "э"р пыхуарэ кIэухыр "гъ" щыхъукIэй зегъэлъагъуэр: "ЩIагъ" псалъэри, "куэдагъ, Iущагъ, IэщIагъ" псалъэхэри апхуэдэщ; "щыгъагъын" псалъэми ардыдэр хэтщ. Мы щапхъэхэм я кIэухыр "гъэ"щ; ар зэркIэухкIэрэ "э"р пымыхурэ зэрщыту къанэмэ, зи гугъу тщIыуэ щыт псалъэ щапхъэхэр зэрхъунухэр мыпхуэдэщ: "ЩIагъэ, куэдыгъэ е куэдагъэ, Iущыгъэ е Iущагъэ, IэщIагъэ".

Мы псалъэхэм "э" кIэух пыт пымытми, зэхуэдэ мыхьэнэ къагъэлъагъуэу щытми, "щIагъ" псалъэмрэ "щIагъэ"мрэ еплъын хуейщ. Япэрауэ, "щIагъ" псалъэм "щIагъэ" мыхьэнэри къикIыфу щытщи, ар "гъэ" кIэух зиIэрэ, ехьэлIапхъэу "гъэ-ы" зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ зэхуэдэ

мыхьэнэу утыку къихьэу псэлъитIырщ. Ауэ, мы псэлъитIыу щыт ″щIагъ″рэ ″щIагъэ″м, зэхуэмыдэрэ зэщхьэщыкIыу мыхьэнитI яIэй мэхъур.

Мы псэлъитIым хуэдэу щыткъым, "магъ"рэ "магъэ"р. Ахэм я мыхьэнэр сыт щыгъуэй зэщхьэщыкIыу щытщ. ″Магъ″ жыхуиIэр ещэнэрей нэрыбгэр ит зэманыгъуэу щыгъырщ; ауэ, ″магъэ″ жыхуиIэр ″гъэуэ щыт″ырщ.

НытIэ, "гъын, гъагъын" хуэдэ псалъэхэм дауэ "гъэ" зи кIэухыу щыт "щIагъ"ым хуэдэу лэжьэкIэ щIиIэр? ИкIи, "магъ"рэ "магъэ"р зэрызэщхьэщIыкIым хуэдэу, "щIагъ"рэ ″щIагъэ″р щIызэрыщхьэщыкIыр сыт?

"ЩIагъ" псалъэм ″илъабжьэ″рэ "щIы лъабжьэ" къикIыу щытщи, ар къызхэкIыр мырагъэнщ: Гъэр щIым щымылажьэрэ щIым иубыду щытмэ, "щIагъ" псалъэр "гъэ" кIэух зиIэу утыку къихьауэ плъытэу щытми, абы къыриIуэр щIы щIагъ зэрыхъум папщIэ, "гъэ"ри "щIы"м щыхэмылэжьыхьым къызэрыгуэкIкIэ, "гъэ"р "гъэ-ы" хъунщи, кIэухыр "гъ"уэ къэнэнщ. Ар, щIымрэ гъэр зэрызэхущытыкIэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу зы Iуэхуэгъуэрщ.

Ауэ, "щIагъ" псалъэм къырагъэкIыу щытыр ″щIы″уэ щымытрэ, зы гуэрэм и лъабжьэу щытми, япэрауэ псалъэр къызтехъукIрэ къызэрежьар щIы лъабжьэм теухуауэ зэрыщытым къызэргуэкIкIэрэ лэжьэкIэ зэригъуэтарагъэнщи, а лэжьэкIэр дэтхэнэ зы лъабжьэм папщIэй къэсэбэпу щытынщ.

Зы еплъыкIэу щытщи пыщапхъэщ: "ЩIагъ" хъур утыку имытырщ, дызтемытрэ дызхэмытырщи, ар "гъэ"м къыхимыубыдэну зы Iуэхугъуэрщ; ар дэркIэ, ″гъэ″рэ гъэн Iуэхугъуэри къыздемыкIуэкI хъууэ щытырщ. ″Гъэ″уэ щымытыр джыуэ щымытырщи, ар дэ къытхэмытрэ къытхуэжыжьэу щытырщ; ар дызхэмытрэ жыжьагъэкIэ къиIуапхъэ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэй, "щIэгъ" хъуркъыми, "щIагъ" мэхъур.

"Гъагъын" псалъэмрэ "магъ" жыIэкIэм дыкъыхуэкIуэжмэ, мыр жыIэпхъэщ: "ЩIагъ" псалъэр зэрыхъу щIыкIэр зы щапхъэу ди пащхьэ итщи, ″гъын″ри гъэ мыхъурщ е гъэм ехыпхъэрщ. Бзэм и хабзэмкIэ ар къызэрыIуэтэнур "гъэ-ы" хъунщи, ар ″гъы″рщ. ИкIи, "гъэ"ри къызхэкIыр ″гъы″ макъырщи, абы зэманыгъуэ щигъуэтым щыгъуэ, утыку къихьэу щытращ ″гъэ″р. Гъэным и къежьапIэрэ и лъабжьэр гъынырщ; икIи, гъыныр гъэным и къэувыIэпIэ хъурщ, и ехыпIэрщ, и бзэхыпIэрщ. ТIэ, сытри къыздекIуэкIыу щыджэрэ щыужьыр гъэрауэ щытмэ, гъэ зыщымыIэр мыджэрщ, иджым имытырщ; ди иджым имытыр дызлъэмIэсырщ, жыжьэрщ: Ар щыгъукIэй, "мэгъ" хъункъым "магъ" хъунщ: Гъыныр гъэм имытрэ джыуэ щымытырщи, ар гъэрэ джыгъуэм хуэпэжыжьэрщ; тIэ, ар къытпэжыжьэу щыт "гъэ"уэ -"гъа"уэ- жыIэпхъэрщи, "гъын" Iуэхугъуэр

гъэм хэту зэрылъымытэрэкIэ, ещэнэрей нэрыбгэм ит зэманыгъуэу илэжьу щытрамэ, ар ″магъ″ зэрыхъум хуэдэу, гъыныр къыхуэзыгъэкIуэн Iуэхугъуэу щытри, "гъэгъын" хъункъыми "гъагъын" хъунщ.

**

Гъыныр зы къежьапIэщ. Ар, гъэныр къызхэкIрэ къыздежьэращ. Гъэ хъууэ щытыр джэрщ; гъащIэр зыджыр е зыщIыр гъэращ. ″Гъы″ Iэмалыгъуэу щытыр зэгъэпэщынрэ гъуэгу тегъэхьэн Iуэхугъуэу, зы щIын Iуэхугъуэрагъэнщ ″гъащIэ″р. НытIэ, ″гъы″ным ″гъэ″р къыхэхъукIарэ, ″гъэ″ри ″гъащIэ″ зыщIрауэ щыщыткIэ, гъащIэми и нэхъ лъабжьэу и къежьапIэу щытыр гъыныр щ.

Гъэн зэманыгъуэ(э) зимыIэжыр гъын (гъэ-ы-н) мэхъур; гъэр зэ щхьэ къыщыувыIэм щыгъуэ къэхъур гъыныр щ. Гъэн къэувыIэпар гъащIэми и къэувыIэпIэ хъурщ. Гъэным зэманыгъуэ имыIэжрэ мылэжьэжмэ, гъащIэри мэсэхыж мэбзэхыжыр. НытIэ, гъащIэр зэрысэхыжрэ зэрыбзэхыж щыхъур гъын Iуэхугъуэр къыщыхъурщ.

ИкIи, гъынымрэ гъэныр зы гъащIэ Iуэхугъуэу, зы гъащIэ зиIэ псэущхьэхэм хуэIуауэ щытщ. Гъынри гъэнри гъащIэ Iэхугъуэхэрщ; гъащIэм ущыхэткIэ угъэнкIэй хъунщ угъынкIэй.

"Гъы"м зэманыгъуэ(э) щигъуэткIэ гъэ мэхъури, гъэ зыгъуэтар магъэр; и"гъэ"фыр егъэр. Зы псэущхьэм и къэрум къызэргуэкIкIэ, кIуэцIылъу щытыр, и "хъы"уэ щытыр, зэманыгъуэ зыхэтым дэкIуу егъахъэр. И "хъы"р гъэ зымщIыфрэ зым"гъэхъэ"фым, имгъэхъэфарэ хуэмгъэхъэфыр егъейр.

Бзэм и зэрзэхэлъыкIэм къызэрыдгуригъаIуэм хуэдэщи, цIыхур гъащIэм къызэртехьэ хъур гъыурэщ. Зы быныр къыщыхъум щыгъуэ, япэрауэ магъыр. Ар мыгъмэ гъащIэм къыхыхьэфыркъым; гъащIэм къызэрхыхьэр гъыурэ хъун хуейщ мыхъумэ псэуфынкъым.

ГъащIэм къыхыхьэрэ псэууэ хуежьэ быныр гъын IэмалыгъуэкIэрэ мапIэр. Абы гъэн Iэмалыгъуэ щимгъуэтыжрэ, зы гуэр къеуз е хуэныкъуэ щыхъукIэй гъыныр и Iэмалыгъуэу иIэщ. ГъэнкIэрэ гъащIэм хэт зэрыхъукIэрэй и гъыныр мэмащIэр. ЦIыху цIыкIур сыт щыгъуэ гъыуэ щытми, апщыгъуэр, гъэн щимгъуэтырщ; е гъэн имгъуэтрэ гъащIэ Iуэхугъуэхэр щыхузэфIэмыкIым щыгъуэ магъыр.

ЦIыхур гъащIэм зэрхэтыкIэрэу цIыхубэ хабзэри мэухуэр. А хабзэм дэкIуу, езым и гъащIэр къезгъэкIуэкIыжрэ, зи щхьэ зыухуэжыф хъуарэ лIыпIэ иува цIыхур Iэмал зэриIэкIэрэ гъыжыркъым; гъыныр абы къекIужкъым; ар гъыныр емыкIущ; зы лIыр гъымэ Iуэхушхуэщ.

Зы лIыпIэ иува цIыхум и гъащIэрэ и гъэныр сыт щыгъуэй зэпымыуу къыригъэкIуэкIыфу щыткъым. Ар щыхъукIэй, гъыныр абы и гъащIэрэ и гъэ хъуным пэщIэту щытщ; ауэ, абы йокIри мэгъэж, и гъащIэр

къырегъэкIуэкIыжыфыр. Гъыныр хуэемыкIурэ, сыт щыгъуэй щымыгъэфрэ гъын Iуэхугъуэри къыпэщыту зэрщыткIэрэу, щхьэхуит хъуауэ лIыпIэ иува цIыхум хузэфIэмыкIрэ имгъэфыр -гъыным хуэкIуапхъэу- гъыным ейуэ мэлажьэр.

Ар гъеин жыхуаIэрщи, зы лIым имгъэфыр егъейр. Абы и гъын щIыкIэр игъеинырщ: И анэ-адэр фIэкIуэдынщи игъеинщ; хузэфIэмыкIрэ и Iэм имылъу щытыр игъеинщ; имгъэзэщIэфарэ иджыри мыгъэзэщIауэ гъэн мыхъуар игъейуэ щытынщ.

ЛIыпIэ иувэрэ щхьэхуит хъуа цIыхум игъейуэ щыту иIэ хъу Iуэхугъуэхэм нэмыщI, зы лIыр щыгъ щыIэщ. ГъащIэм и гуэщIагъыр къыгурызгъаIуэу фIэкIуэдрэ фIэлIэ цIыхухэм игъагъынщ ар. Мыбы нэмыщI, зы лIыпIэ ит цIыхур, къэхъуар умщIэххэу зэуэ занщIэу зыгъагъыф Iуэхугъуэхэр щыIэщ: Гъуэзэджэрэ дэхагъэшхуэр, шынагъуэшхуэр, гуфIэгъуэшхуэр, цIыхугъэшхуэрэ цIыхугъэншагъэшхуэр, закъуэныгъэшхуэр... Мыбыхэм цIыхум и гъэр зэ щхьэ къызэрагъэувыIэфым папщIэрщ а цIыхур щIэгъыр.

Гъыныр ауэ къызэргуэкI Iуэхукъым. Гъыныр куущ. Моуэ зэ удыхьэшхыфынщ; ар щхьэ, ауэ угъынкъым. Зы лIыпIэ ит цIыхум и гъыныр абы и гъунапкъэрщ: Гъыр гъэм и гъунапкъэм Iутырщ. Ар щIэгърэ зыгъагъ Iуэхугъуэхэр, абы гъащIэр зэрихьрэ къызэргурыIуэр зыгъэлъагъуэ Iуэхугъуэхэрщи, а цIыхур къыздищу щыт зы гъуджэу жыIэпхъэнщ. Узгъагърэ ущIэгъыр, уи гъащIэм бгъейуэ уиIэр къызжепIэмэ, уи гъур зджынщ, гъуджэ сыпхуэхъунщ, узтетыр бжесIэнщ.

Гъы цIыхур гъа нэужь нэгъуэщIыу зы цIыхужщ; гъыным уигъэкъэбзэнщ; гъа нэужь цIыхур зэры гъэрэ игъэхэмрэй зэхъуэкIыпхъэнщ. Зыри зымгъей цIыху щыIэу къыщIэкIынкъым; ауэ, зэи мыгъа е мыгъ цIыхур, зы лIыр щыгъым нэхърэ нэхъ Iуэхушхуэу къыщIэкIынщ.

Зы цIыхур гъа нэужь, -гъыныр гъэным зэ щхьэ и зэпыудыгъуэ зэрхуэхъукIэрэу-, а гъыныр зытеухуауэ щыт гъэнрэ гъеин Iуэхугъуэхэм хэплъэжа мэхъуфыр. Гъэныр зэ щхьэ зэпыуда зэрыхъукIэрэу, зэрзэпыудыр фIэмыфIу щытми, гъа цIыхур зыхэтрэ игъахъэу щыт Iуэхугъуэхэм хэплъэжыфын Iэмалыгъуэм ихьа мэхъур. А Iуэхугъуэхэм и пщIэр къэпщытэжынрэ, ахэр нэгъуэщIуй зэрыхъуфынур гурыIуэгъуэ мэхъури, нэгъуэщIыгъуэ гъэн хъупхъэ Iуэхугъуэхэр мэгъэлъагъуэр. Аращи, гъыныр, бгъейуэ щытрэ б"гъэ"у щыт Iуэхугъуэхэр зэ щхьэ зэпыудыгъуэ зэрыхъукIэрэу; ахэм хэкIыжыпхъэ хъуфырщ; ахэм зыкъегъэлыпхъэрщ; зэхъуэкIыпхъэ къыхуэзгъакIуэрэ нэгъуэщI гъэнрэ гъеин Iуэхугъуэхэм техьапхъэ къэзгъэхъурщ.

ГъащIэм ипэр гъынкIэрэщ; гъащIэр зэрекIуэкIыр гъеинкIэрэщ. ГъащIэр щиухым щыгъуэ зы цIыхум хузэфIэмыкIахэмрэ, гъащIэр зэримхьыжыфынури егъеижыр. Ауэ, гъащIэр щыIэщIэкIыжрэ щылIэжым щыгъуэ, зыри хузэфIэмыкIыжыпIэм щихуэрэ, гъащIэм и хэтыкIэ хъуурэ щыта сытри щыIэщIэкIым щыгъуэ, гъэныр щыIэщIэкIыу щыбзэхрэ щыпсэхыжым щыгъуэй, цIыхур гъыуэ къыщIэкIынщ. Гъэным, гъэ щIыным, гъащIэм ипэри икIэри гъынырщ.

Гъыныр зыхуэIуар, гъащIэ зиIэрэ мыгъэщIэнри къыпэщыт зыхуэхъу псэущхьэхэращ. Ауэ, гъыныр нэхъ зыхуэIуарэ зыхэзыщIэр цIыхурщ. Ар гъащIэм щыхэтым щыгъуэ, игъэрэ игъеижурэщ и гъащIэр зэрихьыр. Ар, мыгъэрэ мыджэр зыхэзыщIэу, мыбы зыгъагъыфырщ. Абы, хъурэ мыхъур къыгуроIуэр; ар, щыIэр щыIэ зэрыхъурэ щыIэр зэрыджэкIэрэу мыджэр зэрыхур, щыIэр зэрыгъэрэ зэрымыгъэжынури къызгурыIуэфырщ. ЦIыхур, зы псэущхьэу зэрщыIэкIэрэ, зэрыпсэхыжынурэ зэрыщымыIэжынури къызгурыIуэрщ.

Зы гъащIэ зиIэр псэущхьэращ. ГъащIэр гъэнырщ; гъэныр гъащIэм щыджэнырщ; гъэ мыхъур гъащIэм щымыджэрщ. Мыджэр щыIэ мыхъурщ; щыIэ мыхъурэ щымыIэр цIы пэлъытэрщ. ГъащIэм зэрелъытакIэрэ мыгъэр мыджэрщи, цIы пэлъытэу къанэрщ. Гъыныр, гъэ зэрымыхъурэ гъащIэм и зы увыIэпIэ зэрыхъукIэрэу, цIы пэлъытэ хъурщ; гъащIэр зэрымыгъэжкIэрэу гъыныр, гъэр цIым хуэкIуэн пэлъытэрщ.

Гъыныр, гъащIэр щыгъэм щыгъуэ, мыгъэу щытырщ; ар гъащIэм и гъэным дэхурщ; ар зэрымыгъэрэ зэрмыджэкIэрэу гъащIэм и цIы пэлъытэ хъурщ. Гъэным дихур гъынырщи, тIэ, мыр зы ″цIы ху″н Iуэхугъуэрщ. ЦIы хууэ щытрэ, гъащIэр мыгъэж къызхуэхъуфыр, гъынымрэ гъэным хэту щытрэ, ахэр зыхэлъу щыт псэущхьэращ. А псэущхьэр, щымыгъэм щыгъуэ зэрыгъкIэрэ, цIы хууэ къыпэщытыр къызхуэкIуэфрэ абы хилъэфэфу зы псэущхьэрагъэнщ цIыхур.

**Гъу...**

"Гъу" макъыр гугъуу зы макъщ. Ар къызхэхъукIыр "гъы" макъырщ. "Гъы" макъыр "гъэ" хъурэ гъащIэр зыухуэ Iэмалыгъуэми и къежьапIэщ; икIи, "гъэ"р зэрехыжрэ зэркIуэдым щыгъуэ зыхыхьэжырщ. "Гъы" макъыу, гъащIэм и гъэным зи увыIэпIэрэ зи зэпыудыпIэ хъур, икIи ″гъэ″м и лъабжьэу и къежьапIэ хъурщ. Мы и Iэмалыгъуэр зэрыгъэзащIэкIэрэу, зиубгъумэ е ужьа хъууэ щытмэ, мис аращ "гъу" макъыр.

″Гъы″ макъым зыужьыгъуэ щигъуэтым щыгъуэ, къэхъуу щыт макъращ ″гъу″ макъыр. ″Гъы″ макъым ужьыгъуэ (у) къыпыхьэрэ къыщыIум щыгъуэ, щылажьэм щыгъуэ къэхъу макъыр ″гъу″ макъырщ. А

макъым иджрэ бзэм хилэжьыхь Iуэхугъуэхэри мы и къэхъукIэм къызэрыгуэкIкIэрщ; икIи, мы къэхъукIэм зэрезэгъкIэрэщ.

"Гъу" макъри "гъы" макъым хуэдэщи, нэхъыбэу зы гъащIэ Iуэхугъуэщ: А макъхэр, гъащIэр къызэрежьэрэ щыухыжым щыгъуэ зызгъэлъагъуэ Iуэхугъуэ макъхэрщ. Гъыныр гъащIэ къежьапIэрэ, гъащIэм зэрхэткIэрэу гъэным и зэпыудыгъуэрэ и зэпыкыгъуэ зэрыхъум хуэмыдэжу, зы гъащIэ зиIэр гъащIэм щехыжыпэм щыгъуэ къэхъур иджу зыкъэзгъэлъагъуэу зы Iуэхугъуэщ гъуныр.

А ужьарэ убгъуа гъы хъууэ щыт "гъу"р, гъащIэрэ сыт хуэдэ хъугъуэ-фIыгъуэри зыхэту щыт зы Iэмалыгъуэ макъырщ. "Гъы" защIэрэ, "гъы" убгъуауэ щыт "гъу" макъыр "гъыгъуэ"у щытырщ; "гъу"р, "гъы"ми и хэтыпIэрэ и итыпIэй хуэхъурщ. ″Гъы″р гъэм и зэпыудыгъуэрэ и ухыпIэу зэрыщытым хуэдэу, ″гъу″ри гъащIэ зиIэрэ псэ зыIут зы пкъыгъуэм и ухыпIэрщ, ар псэр щыкIуэдырщ.

"Гъы"р "гъу"м къызэрхэкIрэ, зэманыгъуэ зэригъуэт щыхъукIэ, гъащIэр зыщI "гъэ"ри къохъур. "Гъу" макъым зэманыгъуэ щигъуэткIэ, хъур "гъуэ"щ. "Гъуэ"р, щыIэу хъуа сытми итыпIэ хуэхъурщ; ар сытми и пIэрэ и гъуэрщ; сытри "игъуэ" щыхъукIэ къыщыхъурщ, къыздэхъурщ. Сытми зы гъуэ иIэщ; сытри игъуэкIэрэщ зэрыхъур, игъуэ къэмыс зыри хъуркъым; къэхъуу хъуар игъуэщи къохъур; мыгъуэрэ имыгъуэу зыри хъуркъым; зэригъуэкIэрэу, сытри зы гъуэ иту щыIэ мэхъур.

"Гъу"р, щыIэгъуэ зиIэ хъунухэм я "гъуэ"р зиту щыт хъуну "гъуэ нэщI"ырщ. ″Гъуэ″р къэзыгъэщIрэ зыхэкIуэдэжыр ″гъу″рщ. ″Гъуэ″р щыIэр зыдитыпIэу зэманыгъуэ зыгъуэта ″гъу″рщ; ″гъуэ″р зэманыгъуэ зиIэрщи щыIэм щыщщ; ″гъу″р абы щыщыркъыми, ар щыухырщ.

*

"Гъу" макъыр зэрыгурыIуэгъуейм къызэргуэкIкIэ, ар зы псалъэм ипэ щыпыткIэй гурыIуэгъуафIэу щыткъым. Ауэ, зы псэущхьэ гъащIэр зэрыгъужрэ зэрыкIуэдыжыр къизыIуэ Iуэхугъуэ мыхьэнэхэр нахуэщ: «Гъун, гъужын, гъур ("гъу"уэ щытыр е "гъу"р зи плъыфэр), гъущэ ("гъу" дыдэ е зэры"гъу"рэ гъуру щыIэ хъур)...».

Гъэгъунрэ зы гъуэ щIын е зыхуэфащэрэ игъуэу зы Iуэхугъуэм щхьэпэ щIын папщIэ, щIым гъупхъэу хэлъхэр къыщIахыр. Ахэр зэрагъукIэрэу дэтхэнэ зы гуэрым зы фащэрэ зы гъуэ къыхухащIыкIыр. А Iуэхугъуэхэм ехьэлIауэ "гъу" Iэмалыгъуэм къигъэхъу псалъэхэр щыIэщ: «ГъущI, гъущIэн, гъукIэ, гъуаплъэ, гъуху...».

"Гъу"р дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэм и гъуэ лабжьэ зэрыхъукIэрэу, зэманыгъуэм хэтрэ зы гъуэ мыхъу IуэхугъуэхэмкIэй къосэбэпыр. Ар гъуэ къызхэкIырщ, гъуэр зыхыхьэжырщ, гъуэм и щымыIэпIэрщ; ар, гъуэ къэмыхъу ипэ абы игъуэу щытырщ; ар, зы гуэр щыIэ мыхъурэ зы гуэр

къыщымыхъум щыгъуэй лъабжьэрэ "хъы"уэ щытырщ. Ар, зыгуэрым зэримыджэрэ езыри мыджэу зэрщыткIэрэу -цIы пэлъытэу- щыIэгъуэрэ гъащIэгъуэм яхэтыфырщ.

"Гъум" псалъэр езыр зы гуэрым и гъуэркъым, икIи зы гъуэй къигъэлъагъуэркъым; ауэ, ар, зы гъуэ зиIэу щыIэ гуэрым и гъуэр къэзыпщытэрэ зэрыгъуэ бгъуэр къыдгурызгъаIуэрщ.

"Гъунэ"р, зы щыIэ гуэрым и гъуэр зэриухыр е абы ухыпIэ хуэхъурэ (гъу), ар къызэрежьэр е и къежьапIэ хъур (нэ) къэзыгъэлъагъуэ псалъэрщ. Гъунэр, зи гъунэу щытыр зы щIыпIэрщ, зы пIэрщ, зы гъуэрщ; гъунэр зы гъуэр къэзыхъуреихьрэ, ар гъуэ зыщIырщ. "Гъунапкъэ"р, гъунэ защIэу зы пкъыгъуэ хъурщ; гъунэри къызхэкIырщ. "Гъунэгъу"р, я гъунэхэр зэдэгъуу щытырщ: Зым и "гъу"р щиухыпIэм адрейм и "гъу"р къызэрежьэкIэрэу, я "гъу"хэм зыр зым иджрэ къызхэкI хъунырщ.

"Гъусэ"р, зы "гъу"р зэрыскIэрэу, я ″гъу″р зыхунэсхэрщ; щыIэу хъуарэ гъуэ зиIэу щыт сытри я зэхуэдэу игъуэ зыхуэхъуу щытхэрщ; мыпхуэду зэхущытхэр, зы гъуэгум и гъуэгурыкIуэ хъухэрщ.

"Гъубжэ"р, зы гуэрым е зы гуэрхэм я гъуэхэр зэхэзыубыдэу зы бжэ яхуэхъурщ; ар езыри, гъубжэ зыхуэхъунум хуэфIу зы гъуэ нэщIрэ зы бжэ зиIэрщ. "Щхьэгъубжэ"р щхьэм гъубжэ хуэхъурщ. Зы гъубжэр ″гъуэ нэщI″ырщи, ар ″гъу″уэ щытырщ; ар икIи зы бжэ зиIэжырщ.

"Гъубж"ыр, нобэ зы махуэм и фIэщыгъэцIэу бзэм къыхэнащ; икIи, ар зы Адыгэ унэгъуэцIэу щыIэщ. Ауэ, ар макъкIэ зэпкъырыха пщIыуэ щытми, къикIыр нобэрей еплъыкIэмкIэ гурыIуэгъуащэ хъункъым. Ар гурыIуэгъуащэ хъун папщIэ, мифологиерэ пэсэрей псэукIэхэм хэплъэжыпхъэщ. Дауй ирехъу, "гъубж"ыр "гъу бжын" ("гъу"р щыбжрэ щабж, зэрабжрэ зэрабжыпхъэ) зэрыхъукIэрэу, щыIэгъуэрэ къэхъугъуэм теухуауэ зы псалъэу, къыщыхъуа лъэхъанэ щIэныгъэрэ фIэщхъуныгъэм хэту щытауэ зы Iуэхугъуэ лъапIэу къыщIэкIынщ. Ар зы мэхуэцIэу зы махуэ лъапIэрэ, зы Тхьэ Iуэху махуэр къэзыгъэлъагъуэрщ. Ар зы унэгъуэцIэрэ цIыхуцIэу къапщтэмэ, а щIэныгъэрэ фIэщхъуныгъэр къезгъэкIуэкIрэ зезыхьэу щытарагъэнщ ахэр. Зы щIэныгъэрэ фIэщхъуныгъэ Iуэхугъуэу жыхуэтIэ ″гъубж″ псалъэм къикIыр гурыIуэгъуэу щытщи, зы ″гъу″ бжын Iуэхугъуэрщ. ″Гъу″р зы лъабжьэрщи, иджыри щыIэ мыхъуарэ щыIэ хъупхъэу щытым и ″гъуэ″р къызхэхъукIынырщ. Ар бжын Iуэхугъуэри, а къэхъунурэ къэхъупхъэр лъытэнрэ щIэн Iуэхугъуэрщи, тIэ, ″гъубж″ Iуэхур ″мэгъу″ Iуэхугъуэ пэлъытэу къыщIэкIынщ.

"Гъу" макъыр зы псалъэ е макъым и кIэух щыхъукIэ, а псалъэм зэрелъытакIэрэу мэлажьэр. Зы къэкIыгъэм и псэр хэкIрэ и щыIэгъуэр щиухым щыгъуэ, и псыр щIэфыкIыжын Iуэхугъуэр "гъун" псалъэм

къегъэлъагъуэр. Псэ зыIуту щыт зы къэкIыгъэр и гъуэм зэриткIэрэу и псэр зыхэкIырщи, мыр ″гъун″ Iуэхугъуэрщ; тIэ, мыращ ″гъу″ Iэмалыгъуэм къихьри, ар гъуэр къызхэкIрэ зыхыхьэжынщ: «Гъэгъун, хэгъун, хэгъухьын, тегъухьын...».

Мыбыхэм хуэдэщ "шыгъу"ри. Зы Iуэхугъуэр щымыIэ пэлъытэ хъунри, -щымыIэр гъуэ зимыIэрэ игъуэ зэрмыхъукIэрэу- гъэгъунщи, ар "гъу" кIэухкIэ мэгъэзащIэр: «Хуэгъэгъун, хуэгъун...».

"Гъу"р, зы щыIэ гуэрыр зэриту щыт "гъуэ"м и лъабжьэрэ и итыпIэу, зы гъуэ нэщIырщ; ар щыхъукIэй, я щыIэгъуэрэ щыIэкIэр нэгъуэщIыу щытми я зэманыгъуэрэ я гъуэ хъур зэритыпIэр зы хъун Iуэхугъуэхэр зыгъэзащIэ "гъу"р кIэухыу къосэбэпыр: «Ныбжъэгъу (я ныбжъ зэдэгъу -е зэхуэдэ-), цIэджэгъу (зэхуэдэу зэдаджэ цIэ), бэгъу (бэрэ икIи зэдэгъу), дэIэпыкъуэгъу, гъунэгъу, лэжьэгъу...». Мы псалъэхэм ядж мыхьэнэр зыджу, гъунэгъуугъэ къэзыгъэлъагъуэу нэгъуэщI псалъэхэри щыIэщ: «ДэщIыгъун, игу щIэгъун, гущIэгъу...».

"Гугъу" псалъэр гугъуу зы псалъэщ: Зы гуэрыр зэры"гу"рэ, зи "гъу"м итыж хъурши, ар бгъэзэщIэныр и гъуэм ущхьэщыкIыу джын Iуэхугъуэу гугъущ. Ар икIи, зы "гу"рэ джыпхъэу, икIи мыджыпхъэрэ мыджэу щыт "гъу"м хуэкIуэрщи, ар джыныр Iуэху тыншкъым; ″гугъу″ псалъэм къигъэлъагъуэр мыпхуэдэу Iуэхугъуэшхуэрщ. Ар гъэзэщIэнри, гурыIуэгъуэ щIынри гугъущ. Iуэху гугъу жыхуаIэр джыпхъэфI къыпхуэхъункIэ ущымгугъ; ар джын щхьэ –абы уигур егъурэ дэгъу пэлъытэу- фIыуэ "егугъун" хуейщ.

"Щыгугъын"ыр, зэфIэгъэкIын хуей зы Iуэху гугъум теухуауэ, е сыт хуэдэ ″гугъуехь″ хъууэ щытми абы теухуауэ егугъункIэ зы гуэрым ухуиIэу щыт гугъэрщ: ″щы-гу-гъэ-ы-н″.

Зы гуэрым "и гугъу" щIыныр, -зы гуэрыр зэры "гу"рэ ари зы "гъу" зэриткIэрэу-, абы и "гу"р зэрыджрэ джыгъуэ зэрыхъу щIыкIэ хъум е хъупхъэм тепсэлъыхьынырщ (и "гу"м и "гъу"р джын пэлъытэращ).

"Щыгъупщэн"ыр, щыIэгъуэм е щыIэпхъэ хъуным емхыжыпхъэу(щ), игъуэ щыхъукIэ и гъуэм щумгъуэтэжу, и "гъу"м ипщхьэжынырщи, ар гум къэкIыжыху ежьапхъэщ.

*

"Лъагъун" псалъэр "лъэ"р "гъу"м хуэкIуэнырщ; лъэ гъунырщ. Лъагъун Iуэхугъуэр, зылъагъум илъагъуу щытым и "лъэ"р игъун Iуэхурщ. Абы и ″лъэ″р жыжьаплъэу игъунырщ; лъэм и гъуэу щытыр зэриту щыт ″гъу″р джынырщ. Лъагъуныр, зылъагъум дежкIэ илъагъуу щытым и "лъэ"р жыжьаплъэу(а) "гъу джэ"н пэлъытэрщи, ари, зылъагъур илъагъуу щытым хуэ″гъуджэ″нырщ.

А Iуэхугъуэр, "гъу джын" мыхъуарэ "гъуэ джын" хъуауэ щытатэмэ, плъэуэ зылъагъум илъагъуу щытым и "гъуэ"р иджа хъунт; ари, зы щыIэ гуэру утыку къихьэнт. "Гъуазджэ"р мыпхуэдэрщи, гъуэ джыжын Iуэхугъуэ Iэзагъэрэ IэщIагъэхэу утыку къихьэхэрщ. Ар щхьэ, ″гъуджэр″ е ″гъунджэ″р "гъу" зыдж зэрыхъурэ, "гъу"м езыр зы гъуэ гуэр мыхъурэ мыджэу щытырщи, тIэ, "гъуджэ"р, мыджэр зыдж пэлъытэу щыIэр мыдж лъэныкъуэкIэ зыджырщ.

"Гъу"р, игъуэ мыхъуарэ иджыркIэ зы гъуэ мыхъурщ; икIи, игъуэ къыщыкIуэм щыгъуэ гъуэр къызхэхъукIырщ; абы ипIэрщ. Ар, къэхъурэ щыIэ хъууэ щыту зы гъуэ зиIэ хъунум и гъуэр къызхэхъукIырщ; къэхъур къыщыхъупIэрщ. Ар щхьэ, къэхъурэ щыIэгъуэ зиIэу щытыр щыIэ щыхъукIэй, абы дэхуу щытрэ лъабжьэу "гъуэ"м щIыгъуу щытырщ. Ар, щыIэ хъум и гъуэр игъуэ щыхъукIэ къызхэхъукIын Iэмалыгъуэрщи, къэхъунурэ къызщыхъунур зыхэлъыпIэрщ. ″Гъуэ″р къызхэхъукIыр ″гъу″рщ.

Зэманыгъуэ зэригъуэтрэ, щыIэ хъууэ щытым ″гъуэ″ хуэхъуу щытыр ″гъу″рщи, зэманыгъуэ зиIэу щытрэ зы ″гъуэ″ зиIэм и зэманыгъуэр щигъэкIуэдым щыгъуэй, зыхыхьэжрэ зыдехыжыр ″гъу″рщ.

*

Зы щыIэрэ зы гъуэ иту щытыр, "гъу"м хэлъэфарэ ар илъэгъуауэ щытатэмэ, къэхъунури къыщыхъунрэ къыздэхъунури илъагъунт. "Мэгъу" жыхуаIэр арагъэнт.  Зэманыгъуэ зиIэу щыт щыIэхэм я гъуэ лъабжьэу щытыр ″гъу″ зэрыхъукIэрэу, ″гъу″ гуэр къэлъэгъуауэ щытатэмэ, абы къытехъукIынури къэщIапхъэу щытынт. Къэхъуну щытым и гъуэр къызхэхъукIыу щытыр "гъу"уэ хэтщи; къэхъунур къэмыхъу джыщIэ ″гъу″р къэхъурэ нахуэ хъумэ, мы ″гъу″ хъур къэIуэтэн папщIэ ″мэгъу″ жыIэпхъэщи, а Iухугъуэр къыздэхъурэ къызхуэхъуу щытым папщIэй "мэгъу" хужаIэр.

Пэжщ, къэхъунур Тхьэ мыхъумэ зыщIэн щыIэнкъым; къэхъунур Тхьэм игум илърауэ къыщIэкIынщи, Тхьэм игурэ и гугъэр зэIуха къыпхуэхъуфмэ, ари "гъу"м езыр утыку къихьэу аращи, апщыгъуэй "мэгъу" Iуэхугъуэщ къэхъуар. Тхьэм и гур ″гъу″уэ утыку къызэрихьэрэ, ар къызхуихьэу къызхуэкIуэу ялъытэм папщIэ ″тхьэгурмагъуэ″ хужаIэр. Арагъэнщ, "тхьэгурмагъуэ" псалъэхэри ″мэгъу″ псалъэм хуэдэу бзэм щIыхэтыр.

Зэманыгъуэ зыгъуэтрэ щыIэ хъууэ щытыр къызхэхъукI лъабжьэр ″щы″рэ ″щыгъуэ″у зэрыщытым хуэдэу, ″гъуэ″ри къызхэхъукIыр ″гъу″рщ. Игъуэр къэсрэ щыIэ хъууэ утыку къихьэм, и ″гъуэ″ри езым къыдохъур. Игъуэр къэсрэ, щыIэу щыт гуэрым зэманыгъуэр зэригъэкIуэдкIэрэу, и щыIэгъуэр зэриухрэ щыгъуэм зэрехыжым щыгъуэй, ар дыдэу, и ″гъуэ″ри езым дэщIыгъуу мэкIуэдыжри, мэгъу(!), и ″гъу″м хохьэж, ″гъу″ мэхъур.

″Мэгъу″ псалъэм жиIэр ″гъууэ щыт″ращи, ар, и гъуэрэ и щыIэгъуэм имытрэ икIын Iуэхугъуэ гуэрырщ; икIи, зи гъуэрэ зи щыIэгъуэм иджыри имыхьаращ. Ар, иджыри мыджауэ джапхъэу шытрэ джынурщ; икIи, мыджэж зэрыхъунурэ иджым икIыжыну щIэзыдзаращ. Ар, зи гъуэм ит мыхъуарэ и гъуэм икI хъууэ щытырщи, щыIэу щымытрэ зи щыIэгъуэм хэкIыж хъурщ; ар, ″щыгъуэ″м ит пэлъытэрэ, щыгъуэм хуэкIуэж пэлъытэрщ. Ар игъуэрэ и гъуэм икIыжынырщ.

ТIэ, ″мэгъу″р, къэхъунури кIуэдынури зыгъурщ, зылъагъу пэлъытэрщ. ″Мэгъу″ псалъэм дэтхэнэ лъэныкъуэмкIэй къигъэлъагъуэр зэманыгъуэ Iуэху зыхэмылърэ абы щхьэщыкIыу щытырщи, ит зэманыгъуэм икIыу щытынырщ, джыуэ иджыри ит зэманыгъуэ зиIэ мыхъуаращ.

*

"Гъу"м зэманыгъуэ щигъуэткIэ къэхъуу щытыр "гъуэ"рщ. "Гъуэ"р зы щыIэпIэрщ, щыIэрэ зэманыгъуэ зиIэ хъуам, гъащIэрэ щыIэгъуэм хэтыпIэ хуэхъуу щытырщ; гъуэр зы щыIэпIэрщ, зы псэупIэрщ. ГъащIэм дызэрхэткIэрэу, зы псэущхьэ е щыIэ гуэр, зы Iуэхугъуэ е къэхъу-къэщI зы гуэр щыIэкъым "гъуэ" зимыIэу. Ар зи увыпIэ зыхуэмыхъу щыIэкъым. Ар псалъэу хъуам и кIэухыу къыдогъэсэбэпыфыр: «Псэлъэгъуэ, кIуэгъуэ, хъугъуэ, фIыгъуэ, лIыгъуэ, щыIэгъуэ...».

"Гъу"р зэрыгурыIуэгъуейм хуэдэу, абы зы зэманыгъуэ зэриIэкIэрэу къыхэхъукIыу щыт "гъуэ"ри зы псалъэм ипэ щыпыткIэй игъэзащIэр гурыIуэгъуафIэкъым. "Гъуэз"ыр, зы псэущхьэр зы "пкъыгъуэ" зэрыхъуу зы гъуэм зэриткIэрэу, зэщIэплъарэ къызIэщIэкIауэ щылажьэм щыгъуэ, и пкъыгъуэр зыдиту щыт и гъуэр из зэрищIрэ зэпхиуд пэлъытэу къыхэхъукI уэзырщ.

"Гъуазэ"р, зи гъуазэу щыт Iуэхугъуэм и щIэныгъэр зыджарэ, и гъуэрэ и гъунапкъэр зыщIэрщ. А щIэныгъэр игъуэ зэрыхъу щIыкIэрэ зэрмыхъуну щIыкIэр зыхэзыхурщ ″гъуазэ″р; ар, а щIэныгъэм и гъуэм хуэзэфарэ, а щIэныгъэр игъуэ зыхуэхъуаращ. Ар щыхъукIэй, а щIэныгъэм и Iэзэрщ; а щIэныгъэм и гъуэмрэ езым и гъуэр зэтеухуарэ зы хъуаращ; а щIэныгъэр зыджарэ зыджыжу хэзгъахъуэрщ.

"Гъуэтэн"ыр, зы гуэрыр зэрхъун хуей хъуа нэужь, и гъуэу щытым щхьэщыкIынырщ; абы и гъуэр зэхъуэкIа хъунрэ игъуэ мыхъуу щыт зы гъуэ гуэрым хуэкIуэнырщ. "Гъуэщэн"ыр, игъуэу щыт и гъуэм щхьэщыкIынрэ, зи гъуэр зэхъуэкIарэ зымгъуэтыжынырщ.

"Гъуэгу"р "гугъу" мыхъуу джырщ, кIуэрщ, узышэрщ; "гъуэ"р "гу" хъуарэ нахуэу джыпхъэ хъунырщ. "Гъуанэ"р, зы гуэрым гъуэ кыхэкIынырщ; а зы гуэрыр езыр зы гъуэ зэриткIэрэ, езым зы е зы бжанэ

гъуэ къыхэхъукIынырщ; зыдэщыIэпIэу щыт и гъуэр гъуэ зэпэщым хэкIыжынырщ.

"Гъуабжэ"р, зи "гъуэ"у щытым -бжэр зэрхуIухакIэрэу- и гъуэм икIынрэ и фэр зэхъуэкIыныршщ; и фэр хэкIауэ зы плъыфэцIэрщ.

"Гъуэжь"ри зы плъыфэцIэщ; ар "гъуэ" дыдэу щытырщ, гъуэ лэщу гурыIуэгъуэу щытырщ, гъуэ кроникэрщ. ЗыдэщыIэр гъуэ зыщIрэ и гъуэр из зэрищIкIэрэу, абы къыщхьэщыкIыпхъэ хуэдэу зыдитым имзэгъэж пэлъытэу зыужьыгъуэ зиIэу зы плъыфэщ гъуэжьыр. А плъыфэр къыпхохьэри гъуэжь гъуэжьу пхухэт мэхъур. Ар лъагъугъуафIэу зы плъыфэщ. Ар щыхъукIэй, зыуигъэлъагъурэ, и гъуэм икIыу къыпхуэкIуэрэ уи гъуэм уригъэкI пэлъытэу зы плъыфэщ гъуэжьыр. "Гъуэ"м езыри гъуэжьу зы плъыфэцIэщ; икIи, щыIэу хъуам, нэм илъагъупхъэу зы гъуэ зыраIэри гурыIуэгъуэщ.

*

"Гъуэ"р зи кIэух хъу псалъэм зы гъуэ егъуэтри, а псалъэхэр игъуэу мэлажьэр. "Iухугъуэ"р зы Iуэху къэхъурэ и гъуэ щигъуэтырщ; зы Iуэхур зыхэлъыпIэрэ, а Iуэхур къызхэкIыпIэрщ. "Бэгъуэн"ыр "бэ"р "гъуэ" зэригъуэткIэрэу "бэ" хъуурэ кIуэнырщ; ″бэ″р игъуэ щыхъурщ. "Жагъуэ"р, удиярэ ужауэ укъэзгъэнапхъэу зы Iэхугъуэрщ.

"Дыгъун (дыгъуэ-ы-н) е дыгъуэн" псалъэхэр, зыдэщыIэрэ и гъуэ хуэхъуар умыщIэу думп хъууэ щытым папщIэ жыIэпхъэу щыт псалъэрщ. Ар, игъуэ мыхъурэ мыгъуэу, и гъуэм ирагъэкI хъун Iуэхугъуэращи, ар зи Iуэхугъуэ хъур "дыгъу"щ. ″Дыгъу″р дыгъунрэ дыгъуэн Iуэхугъуэр зехьэлIарэ зыхуэIуауэ щытырщ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, цIыхум и Iэщыр зыдыгъуу щыт хьэ лъэпкъым папщIэ, щакIуэбзэ пэлъытэу ″дыгъужь (дыгъун Iуэхур зи хэбзэжь)″ фIащагъэнщ.

"ФIыгъуэ, тхъэгъуэ, щIэгъуэ, Iуэгъуэ, щэгъуэ..." псалъэхэр, "гъуэ"р зи кIэух хъууэ щыт Iуэхухэр "игъуэ" щыхъухэрщ. "Игъуэ"р абсисыр (и) гъуэ хъунырщ (и-гъуэ); ар къызхуэкIуэу щытым зигъэлъэгъуэнщ, итыпIэ игъуэтынщ. ″Игъуэ″р джыпхъэрэ щыIэ хъупIэрщ; зи ″игъуэ″ хъууэ щытыр джыпхъэу щытырщ, къэхъупхъэрщ, къыщыхъупхъэм къэхъурщ; зи зэманыгъуэрэ зи фIыгъуэ хъурщ.

"Щыгъуэ"р, щыIэгъуэр къызхэкIыу щыт "щы"м и гъуэ хъурщ. Зи щыIэгъуэр зыухрэ щымIэж хъурэ ехыжым и кIуапIэуй гурыIуэгъуэ мэхъур ″щыгъуэ″р; абы хуащIыу щыт "щыгъуэн" Iуэхугъуэр щехыжа махуэм хуэзэу зы махуэщ. А щыIауэ щытар щыщыIэм щыгъуэр гукъэкI щIыжын Iуэхугъуэу, ар щыгъуэм щехыжа махуэм теухуэу зы махуэрщ ″щыгъуэ махуэ″р. "Щы"р щыIэм и лъабжьэ зэрыхъукIэрэй, иджым имытрэ иджы мыджэу щыту "Iэ" мыхъуар, къыщыхъунум е щыIэу щыщыта зэманыгъуэм папщIэй "щыгъуэ" псалъэр къосэбэпыр: «Апщыгъуэ (абы

щыгъуэ), сытым щыгъуэ, сыт щыгъуэй; къыщыкIуэм щыгъуэ, къыщыкIуам щыгъуэ, къыщыкIуэнум щыгъуэ...».

"Фыгъуэн" псалъэр, фын Iуэхугъуэр игъуэ щыхъум щыгъуэ къэхъурщ; ар фынрэ зэхэфыхьыжын зэманыгъуэрщ; ар, и гъуэм зэриткIэрэ фыныр щ. Псэ зыхэтрэ псы зыщIэту щыт дэтхэнэ гуэрми, зимыужьыжыфрэ "гъэ"р щыхузэфIэмкIыжыфым щыгъуэ, и щхьэ къырикIуэр фыныр щ. Ар и гъуэм щифыхьым щыгъуэ, абы и фымэрэ и гъуамэм, и гъунэгъухэри япэрауэ игъэгъуэтэнщ; итIанэ, ахэми фIыгъуэр яхилъхьэнщ. Зызмыужьрэ зэхэфыхьыжу щытым, зызужьу щытхэр и биинщи, ахэри, езыр зыхэт мыужьыгъуагъым хилэфэн иужь итынщ. Езыр зыхэту щыт ″фыгъуэн″ Iуэхугъуэр ахэм хуигъакIуэу ″ефыгъуэн″щ: ″Фыгъуэн″ыр зы щыIэ гуэрым и щыIэкIэу къэхъурщи, ар нэгъуэщI зы гуэрым ехьэлIауэ щылажьэм щыгъуэ къэхъуу щыт псалъэр ″ефыгъуэн″ырщ.

## «Д, Т, ТI» МАКЪХЭР

**Д...**

"Ды" макъыр быдэрэ лъэщу, зыIэщIэлърэ къэрууфIэу, псорэ пхъашэу зы макъщ. Ар зэрыкъэрууфэм къызэрыгуэкIкIэй, бзэм Iуэху куэдыщэ зэфIэзгъэкIыу хэлэжьыхьырщи, ″ды″ Iэмалыгъуэм къигъэщI псалъэрэ мыхьэнэхэр зэрызэтеувэм къызэрыгуэкIкIэ, зэхуэмыдэу лъытапхъэ мыхьэнэхэр утыку къихьэу щытщ.

Ар къэрууфIэрэ лъэщыгъэу щытырщ (дэ, дыщэ, дыгъэ, быдэ); зы лъэщыгъэрэ быдагъэм хуэкIуэнырщ (диин); зы лъэщыгъэм къигъэщI Iуэхугъуэрщ (дыркъуэ); зы гупрэ псоуэ зэхэлъ хъунырщ (дэ, куэд); зэхэту щыт гуп зэрыхъукIэрэу утыку къихьэу щыт Iуэхугъуэхэр къизыIуэрщ (дэIэпыкъун, дэщIын, зэдэщIыгъун); ар зы зэхэтыпIэрщи, зы гуэрыр зыхэтым хэкIынрэ хыхьэнырщ (дэкIын, дэхьэн); ар зэхэтыкIэрэ зэхэлъыкIэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, зы гуэрыр илъыпIэ зыхуэхъурщи (дэ), мыпхуэдэ Iуэху утыку къилъхьэныр зыгъэзащIэрщ (дын, дэн, дэрбзэр); ар зы илъыпIэрэ итыпIэ зэрыхъукIэрэй, илъу щыт гуэрыр зыдилъ нэщIыгъуэрщ, зы пкъыгъуэр зыдилъу щыт пкъыгъуэ нэщIырщ (лъэпэд, хьэдэ); ар лъэщыгъэрэ нэщIыгъэри къизыIуапхъэу зы макъыу зэрызэтеувэрэкIэй, мыгурыIуэгъуэрэ мынахуэу щыт зы къэрурщ (лыдын, Iэдэ, уадэ)...

*

″Ды″ макъыр зэрылъэщрэ зэрыкъэрууфIэм езэгъыу зы щапхъэр, "гъэ"р къызхэкIыу щыт "дыгъэ"рщи, ар ″ды″ Iэмалыгъуэрщ. Дыгъэр зы къэруурэ лъэщыгъэ зиIэу (ды) къа″гъэ″рщи, гъэр зыщIрэ гъащIэр къэзыгъэщIырщ.

"Ар дыдэ" жыхуаIэр, ар езыр зэритыжу зэрыщытырщ; ар зэрыпсорэ, и щыIэкIэу щытым зэритыжу щытырщ; езырыж хъуныргщ. "Дыдэ"р езырыж зэрыхъур аращи, ″ды″уэ щытыр зэрыщыткIэрэу зэманыгъуэрэ щыIэгъуэ (дэ) зэрыхъур къэзыгъэлъагъуэу зы псалъэу зэтеуvауэ щытырщ. Ар мыпхуэдэу ″ды″уэ щытыр ″дэ″ кIэух зэриIэрэкIэ лэжьыгъэ зыгъуэту зы псалъэ мыхъурэ, ″хуэ″р ″дэ″ кIэухкIэ лажьэмэ, а ″дэ″уэ щыт хъум хуэкIуэу зы Iуэхугъуэрщ утыку къихьэнури, мыпхуэдэу зэтеувэ псалъэр ″хуэдэ″ псалъэрщ. Ар езырыжккъыми, езырыжу зэхэлъ гуэрым зыхуэкIуэрэ зэрещхьыр гурыIуэгъуэ зыщIырщ: «Мыбы хуэдэ, абы хуэдэ, апхуэдэ...». ТIанэ, ″шыд″ фIэщыгъэцIэри къызэрыхъуар мырагъэнщ: Щыдыр шы мыхъуу щытрэ, шым зэрещхькIэрэу шым хуэдэ хъурагъэнщ.

"Диин"ыр, тхъурэ абы хуэдэу тIэтIагъэ зиIэхэм папщIэ къагъэсэбэпу зы псалъэрщ. Зы тхъу ткIуаткIуэр щты пэлъытэ хъурэ, тIэтIагъэ зэримыIэжрэ зы быдагъэ (ды) щигъуэтрэ абы щитым (и) щыгъуэ, ар дияуэ ялъытэр.

"Дыщэ"р "ды" дыдэу щыIэ хъурщ; "ды"рэ, зэры "ды"кIэрэуй щыIэ гуэрщ. Ар щыхъукIэ, дыщэр езырыжу зэрыпсоуэ зы лъэщыгъэрэ быдагъэ зиIэрщ. Ар икIи, щэн-къэщэхун Iуэхугъуэм теухуауэ зэхъуэжыпхъэу (щэ) къэсэбэп ″ды″рщ. ″Дыжьын″ри дыщэм хуэдэ дыдэу щымытми, ″ды″уэ лъэщыгъэрэ лъэпIагъэ зэриIэрагъэнщи, ари зэхъуэжын Iуэхум теухуауэ лажьэу (жьы) къызэрысэбэпрагъэнщ, ар щIыфащауэ зэрыщытыр.

"Дыркъуэ"р зы Iисрэ зейр мынаIуэу зы пкъыгъуэрэ Iэпкълъэпкъ гуэрым къытехъукIырщ е тырадзэрщ. Ар зы удын Iуэхугъуэми къызэрыгуэкIкIэ къэхъуауи щытынщ. ″Ды″рэ зы щыIэ гуэрыр къизыIуэр "къуэ" кIэухкIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъуу щыт ″дыркъуэ″ псалъэм къигъэлъагъуэр, зы пкъыгъуэм къыхэхъукI Iуэхугъурщ. Ар икIи, зы пкъыгъуэу щыт Iэщэрэ Iэщхэр зэхэхупхъэ щIын Iуэхугъуэм щхьэпэн папщIэй тырадзэ хъуращ.

Къэрурэ зы псоуэ щыт зы щыIэ гуэрым е зы псэущхьэм кIуэдыпIэ къыхуэкIуэныр, зы псорэ "ды"уэ зэрщытым ехыжынырщи, ар "дыкъын" Iуэхугъуэрщ. Е ар дыдэу, псо зэрыхъуарэ и лъэщыгъэр(д) къызхэкIыу зыужьыгъуэ(у) хъуауэ зэрщытым хэхьэжынкIэрэ кIуэдыжынри "думп" хъунращ. Мы псалъэхэм къыраIуэр ″кIуэдын″ Iуэхугъуэрщи, ар ″ды″м хуэкIуэнырщ.

Ар умыщIэ зы гуэрым хэт хъунрэ, мыгурыIуэгъуэ гуэр зи гъуэрэ зи пIэ хъунырщ. Зи гъащIэр зыухыжауэу щыт цIыхум (хьэ) и пкъыгъуэ лIам папщIэй, ар ″хьэ″уэ зэрыщытыр къыриIуэу, ар зэркIуэдар ″ды″ макъкIэ къигъэлъагъуэу ″хьэдэ″ псалъэр къызэрыхъуа щIыкIэри гурыIуэгъуэнщ. ″Хьэдэ″р, хьэ пкъыгъуэу щытырщи, хьэр зэрыпсэурэ зэрыщыIэкIэр зимыIэжырщ; зи псэ хэкIа ″хьэ″рщ. Зи псэ хэкIа хьэр, зэры″хьэ″у

щымыIэжырщи, хьэ щыIэкIэ зимыIэжу щытрэ хьэ пкъыгъуэ нэщIыу щытырщ ″хьэдэ″р.

"Ды"р зэрпсорэ зэрзэхэлъкIэрэу, узхэкIрэ узхыхьэж хъупхъэрщ. Ар зэманыгъуэ зыгъуэтарэ щыIэ зэрыхъукIэрэу "дэ"р къэхъунщ. "Дэ"р "сэ" сызхэтрэ лъэщыгъэрэ къэрууфIагъэй зэрызгъуэту щыт гупырщ; а гупым и бжыгъэр мынаIуэу щытынщ; ар щхьэ, "сэ" къэрууфIэ сызыщI псорщ.

"Дэ"р зы нэрыбгэри зыхэту щыт зы Iуэхугъуэрэ зы гупыр зыгъэлъагъуэу зы макъ зэрыхъукIэрэй, ипэ къызпыхьэ псалъэхэм идж Iуэхугъуэхэр, а нэрыбгэр хэту зэрщытрэ зэрдэщIыгъукIэрэ мэгъэзащIэр: «ДэщIыгъун, дэвэн е зэдэвэн, дэжэн е зэдэжэн, дэкIун е зэдэкIун, дэкIуэн е зэдэкIуэн, дефэн е зэдефэн, дэхъун е зэдэхъун, дэщIын е зэдэщIын; дэIуэн, едэIун...».

Псорэ, езырыжу зэхэту щытым зы лъэщагъэ иIэми, ар икIи наIуэ мыхъупхъэуи зы гуэрщ: "Адэ"р ″дэ″рэ узхэту щытрэ укъызхэкIыпхъэрщи, ар икIи, уи япэ щыIэ зэрыхъукIэрэй зы жыжьэ (а) узхуиIэрщи, мыпхуэдэу зэрыщыткIэрэу укъызхэкIа лъэщыгъуэрщ. Анэр ″нэ″уэ зэрыщытым папщIэ, нэхъ нахуэу укъызхэхъукIырщ.

″Дэ″р зэрбыдэрэ зэрыпсокIэрэу икуми зы гуэр илърэ ирищIэуй хъунщи, ″дэ, дэшхуэ, дэжьей, дэ цIыкIу″ зи фIэщыгъэцIэхэр мыпхуэдэу купщIэ илърэ фэ быдэ зытелъу щыт пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэхэрщ.

"Дэ"р зы гуэрыр зыхэту щыт зэрыхъукIэрэу, зы псалъэ е зы макъым ипэ къыпыувэмэ, а псалъэм иджу щыт Iуэхугъуэр "дэ" Iэмалыгъуэм зыдигъэкIукIэрэ, зыдэтрэ зыдыхьэ IуэхугъуэкIэрэу мэлажьэр: «Дэхьэн е дыхьэн, дэкIын, дэгуэн, дэкуэн, дэхын, дэлъхьэн, дэсэн, дэсын, дэтын, дэжын, дэжэн, дэдзын, дэдзэн, дэхун, дэхуэн, дэIун...».

"Дын" Iуэхугъуэр, "ды"гъуэ игъэхьэн е "ды"р зы гъуэ пэлъытэ щIын Iуэхугъэу, псорэ уздит хъууэ зы щыгъын ухуэнырщ. Е, мыпхуэдэу дыпхъэ хъууэ щыт зы гуэрымкIэ зы нэгъуэщIыгъуэу зы гуэрым зи сэбэп Iэмэпсымэ псо гуэр утыку къигъэхьэнырщ. "Дэн" Iуэхугъуэм екIуэлIарэ ар щыгъэзащIэкIэрэ къэхъур, дын (дэ-ы-н) Iуэху къекIуэкI хъурщ.

"Гуэдэн, пыдэн, тедэн, зэщIэдэн, щIэдэн, Iудэн..." псалъэхэр дэрбзэр Iуэхугъуэу, ″дэн″ Iуэхугъуэр зытеухуа щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэрщ. Мы дэрбзэр Iуэхуу утыку къихьэхэр, а Iуэхур зыхуэIуам къызэрыгуэкIкIэ зыдитырщ, зыхэтырщ, зытетырщ, зыIутырщ, зыщIэтырщ.

Мы Iуэхугъуэхэр зыгъэзэщIэну щытрэ, дэрбзэр Iэмэсымэр "дыд" хъунщи, абы ираIуэрэ зэрад кIапсэу щыт данэри "Iуданэ" хъунщ.

"Лъэпэд (лъапэм хуэфIыу да), фэнд (фэ да)..." псалъэхэр дэрбзэр IэщIагъэхэу дын Iуэхугъуэхэрщ. Зы лъакъуэм щатIагъэу щытрэ, а лъэкъуапэр зэрилъу дауэ щытырщ лъэпэдри, ар икIи, а лъакъуэр зыдихьэну щыт зы пкъыгъуэ нэщIырщ.

Зы пкъыгъуэ нэщIыр къэзыгъэлъагъуэу щытри ″ды″ IэмалыгъуэрэкIэ утыку къызэрихьэфым къызэрыгуэкIкIэ, зы илъыпIэм илърэ, абы и купщIэу щытыр имылъыжрэ мыджэжмэ, ку нэщI пэлъытэмэ, ари ″ды″ Iэмалыгъуэм къыриIуапхъэрщи, мыпхуэдэщ ″дэгу″ псалъэр. ДэIуэн зи Iуэхуу щыт тхьэкIумэр нэщI пэлъытэу щытрэ, и къэлэныр щимыгъэзэщIэжырщ ″дэгу″р.

"Дэн"ыр зы псорэ зыхэту щыт зы гуэр зэрыхъукIэрэй, зы псэущхьэм е зы цIыхум езым иIэ хъункIэ зыхуей пэлъытэрщ; зэдэгъурэ зэдэщIыгъуныр фIэфI хъунырщ. Зы гуэрэм идэу щытыр, езыр зыхэтрэ иIэ ищIырщ е а зы гуэрым ейуэ хэт хъуным хуэкIуэрщ.

*

"Ды" макъым игъэзащIэу щыт мы Iуэхугъуэхэр, ар кIэух зыхуэхъуу щыт псалъэ е макъхэм яджымкIэй мэгъэзащIэр. "Куэд"ыр, ку зиIэрэ зы куuагъ хъууэ щыту, мынаIуэу зы бжанэ хъурщ.

"Лыдын"ыр, зы гуэрым и фэрэ и лыуэ щыту, и щхьэфэ телъ хуэхъум къызэрыгуэкIкIэ, езым къыхэхъукI нэхугъуэр зы къэрууфIэу зэрыщытым папщIэ игъуэу зы псалъэ хъууэ жыIэпхъэщ. "Уд"ыр, ужьыгъуэрэкIэ (у) зы лъэщыгъэ зиIэ хъурщ; абы "у" Iэмалыгъуэ зэриIэкIэрэу къэкIуэнрэ къэхъунури ищIэнкIэй хъунщ; икIи, а Iэмалыгъуэр лъэщу зэрхэлъкIэрэй къыптекIуэн Iэмалыгъуэм итуй хъунщ. "Уэд"ыр "уэ"м хуэдэу псынщIэрэ лы зытемылърагъэнщ.

"Iэдэ, уадэ, джыдэ" псалъэхэр, кIэух зыхуэхъуу щыт макърэ псалъэхэр, "дэ" къаруфIэрэ лэщыгъэ зиIэм зэригъэлажьэкIэрэу, Iэмэпсымэ е Iэщэ фIэщыгъэцIэ мэхъур.

"Быдэ"р зэрехьэлIа гуэрым и щIыкIэр зыгъэлъагъуэрэ, ар нэгъуэщI гуэрхэм елъытакIэрэу зэрыджрэ зыужьыгъуэ зэриIэ щIыкIэрщ. "Кудэн"ыр, зыгуэрым и ку гъэбыдэнырщ.

"Задэ"р зырэ зэхуэдэ пэлъытэ хъуауэ дэкIыпIэрэ дэкIеиипIэ хъурщ. "КIадэ"р пэсэрейхэм фадэ зыракIэу зы Iэмэпсымэми, ар "кIа" зэрыхъу щхьэусыгъуэр нобэ гурыIуэгъуащэжыркъым. Ауэ, ″фадэ″р зы лъэщыгъэ зыхэлъ хъууэ щыт ефапхъэ лIэужьыгъуэ гуэрщ.

"Хэдэн"ыр, зы куэдагъэ хъууэ щытым хэтыр къыхэхыны рщи, "хадэр" хэхауэ къэкIыгъэ гуэрхэр зыхатIэрщ. Мы псалъэм ещхьрэ зэхуэпхэнджу зэхэлъхьауэ щыт "дахэ"р, зэркъэрууфIэрэ зы псор зэрыухуауэ зэрщытым къызэргуэкIкIэ, зыхэту щытым я щапхъэ пэлъытэу абы я куэдагъэм иуасэ хъурэ и пщIэр зыхэлъу къыщIэкIынщ.

"Шхыдэн"ыр, зыхуэгубжьыр ишхын пэлътэрэ хуэдэу, зы гуэрым хуэгубжьынырщ.

**

″Ды″р лэжьакIуэу зы макъыу щытщи, и Iэмалыгъуэр мыхьэнэ нэгъуэщIыгъуэрэкIэ къэсэбэпу бзэм хэтщ. Мыпхуэдэу зэщхьэщыкIрэ зэхуэмыдэу зэрыщытрэ, икIи зэхуэпхэндж мыхьэнэхэр гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIым папщIэ, абы и Iэмалыгъуэм и ужьыкIэрэ и лэжьэкIэу мыхьэнэхэр зэрызэтеувэр нэхъри гурыIуэгъуафIэ щIын хуейщ. А Iэмалыгъуэр, бзэм и ужьыкIэм къызэрыгуэкIрэ ирижэу зэрыщытыр нэхъри нахуэ щIын хуейщи, абы и Iэмалыгъуэ жыгыр къэгъэунэхупхъэу къытпэщытщ.

″Ды″ Iэмалыгъуэр зы псалъэ ухакIэ жыIэпхъэмэ мыр пхужыIэнщ: Ар зэхэлърэ зэхэтырщи, зэхэлъыжрэ зэхэтыжырщ; зэхэлърэ зэхэт къэрурщ, къэрууэ зэхэлърэ зэхэтырщ; зы лъэщыгъэу зэпкъырылъырщ; зэкIурэ зэзэгъырщ.

Мы псалъэу хъуар зыхиубыдэу зы псалъэрщ ″дыгъэ″р. Мыпхуэдэу зы къэрурэ лъэщыгъуэу щытщ, ″дагъэ, дэгъуэ, дыщэ, дыжьын, быдэ″ хуэдэ псалъэхэри.

Мыхэм хуэдэу, ″ды″ къэрурэ зэгущыгъэу щытыр зэрыхэлъкIэрэ зэкIужу щытыр ″дахэ″рщ. Дахэу щытыр, зэрызэхэлъыжрэ зэрызэкIужым къызэрыгуэкIкIэ щыIэгъуэ зыгъуэтарщи, ар ″дэ″ IэмалыгъуэпIэм итырщ, ″дэгъуэ″у щытырщ.

Дэгъуэу щытыр, ″дэ″уэ зэрыщытым итыжырщ. Ар зэрыщыту зэгущу щытырщ. Мыбы хуэдэу щытыр ″дыдэ″ псалъэм къыриIуэрщи, ар зэрыщытрэ зыдитыпIэм итыжырщи, ″ар дыдэ″р ″лъэщу ар″, ″езырыжыр″ жыхуиIэрщ.

Мыпхуэдэу езырыж хъууэ щымытми, зы гуэрэр нэгъуэщI гуэрым ещхьрэ, зэрыщытыпIэр зыхуэфащэу щыт нэгъуэщIыр, а жыхуэтIауэ щытыр зэрызэхэлърэ зэрызэпкъырылъым (дэ) хуэкIуэу (хуэ) щытыр къиIупхъэу щыт зы псалъэр ″хуэдэ″ хъуну жыIэпхъэщ. Зы гуэрым и щытыкIэрэ и щIыкIэр зи щIыкIэу щытыр, зэщхьу щытым хуэдэщ; е, ай тIур ″зэхуэдэ″щ. Мы мыхьэнэу утыку къихьам къызэрыгуэкIкIэй, зы псалъэм и кIэух хъууэ щыт ″ды″ Iэмалыгъуэм, зи кIэух хъууэ щытым хуэдэ хъун мыхьэнэр зиIэу зы псалъэ утыку къырегъэхьэр: Зы шым хуэдэрщ ″шыд″ыр.

″Ды″ Iэмалыгъуэр, зы къэрурэ зэрытыпIэу щытырщи, щыIэрэ утыку иту щыт дэтхэнэ зы гуэрэр къыриIупхъэу къосэбэпыр ар. Ар щыхъукIэй, ар сытрэ хэткIэй къэсэбэпыпхъэрщи, ″дэтхэнэ″р зэхэтрэ сытри къизыIуапхъэрщ. Дэтхэнэ зы гуэрыр зыдитыпIэм имытрэ мыгъуэтыжыпхъэу щыт хъуамэ, ар зы щIыпIэрэ зы итыпIэм щыIэу къыщIэкIынщи, ″кIуэдыгъуэ″р къыхуэкIуагъэнщ. ЗыдэщытыпIэрэ и гъуэм ирагъэкIыр къызэраIуэр ″дыгъуэн″ Iуэхугъуэущ. Ар къэмыгъуэтыжыпхъэу ядыгъуэрэ кIуэдауэ щытмэ, ″думп″ хъуагъэнщ. МыкIуэдарэ ямыдыгъуэуэ щытми, ″ды″р дэтхэнэ зы щыIэ гуэррэ зы къэру зиIэ зэрыхъукIэрэу, ар

къызэрыхъуам (къы) хуэкIуэжынкIэ кIуэдыжыгъуэр къыхуэкIуэныр ″дыкъын″ырщ.

″Хуэдэ″рэ ″дыкъын″ псалъэхэм и гугъу щытщIакIэ, цIыхуу щытрэ лIэжам и пкъыгъуэращ ″хьэдэ″ жыхуаIэр. Ар зыдехыжри ″хьэдырыхэ″рщ. ″Хьэ″р псэ зыхэту щыт цIыхурщи, абы и псэр щыхэкIым щыгъуэ, и пкъыри занщIэу кIуэдыжыркъым. Ар псэншэу, икIи, а цIыхум и фэрэ и пкъыр зэрыщыту утыку итырщ; гурыIуэгъуэ зэрыхъурщи, ар псэпшэу зэрыщытым папщIэ, а цIыхум хуэдэу теплъэ зиIэу щытми, пкъыгъуэ нэщIыу щытырщ. Аращи, ″хьэдэ″р а цIыхум (хьэм) хуэдэрэ, хьэм и псэр зыхэлъауэ щыт хьэ пкъыгъуэ нэщIыу щытырщ.

Хьэдэр зи къэлэн зымгъэзэщIэж цIыхуращи, мыпхуэдэу зи къэлэн зымгъэзэщIэжу щыт Iэпкълъэпкъхэри нэщIрэ купщIэншэу е псэншэу лъытапхъэ хъунщ. Ар щыхъукIэй, зы тхьэкIумэм дэIуэн къэлэн щызэхуэмыфIэкIыжым щыгъуэ, ар зей псэущхьэр ″дэгу″у лъытапхъэщ.

″Ды″рэ ″дэ″р зы итыпIэу щытырщи, зы псэрэ куцI зыкIуэцIылъырщ; купщIэ ищIапIэрщ. Мыпхуэдэщ ″дэ, дэжьей, щIыдэ″ хуэдэу утыку къихьэ фIэщыгъэцIэхэр къызэрыхъури.

Дэтхэнэ зы гуэрым зы итыпIэ иIэу щытщи, ар ″дэ″ пэлъытэу щытмэ, зы ″дэтыпIэ″рщ. А дэтыпIэр из хъууэ щытмэ, тIэ ар ″дэз″ хъууэ жыIэпхъэнщ. Зы дэтыпIэрэ илъыпIэу щытым икум зыгуэрхэр из щIын Iуэхури, ″икудэн″ырщ; а итыпIэм и бжэм зы гуэрхэр ″Iукудэн″рэ гъэбыдэнри ″кудэн″ Iуэху хъунщ. А дэтыпIэм ″дэлъын, дэтын, дэхун, дэхуэн, дэхьэн, къыдэкIын″ хуэдэ псалъэхэр къытехъукIынщ. Мыбы хуэдэу къэхъу псалъэхэр мащIэкъым: «Бгъэдэхьэн, щхьэдэкIын...».

Мыпхуэдэу уздэт мыхъуми, узхэтри ″ды″ Iэмалыгъуэу зыхиубыдэу щытщи, къэзыIуатэу щыт ″сэ″ нэрыбгэм езыр зыхэту щытыр зэрилъытэр ″дэ″уэщ. ЦIыхуитIрэ абы щхьэщыкIыр ″дэ″уэ лъытапхъэщ. ″Дэ″р зэгъусэрэ зэхэту лъытапхъэ хъурщи, ахэр ″зэдэгъу″у щытхэрщ. Мыпхуэдэу, утыку къихьэу щыт зы Iуэхур, зы нэрыбгэ мыхъуу нэхъыбэм ягъэзащIэу щытмэ, ар къызэрыIуэтэнур ″ды, дэ″ IэмалыгъуэрэкIэрщи, мыхэр мыбы и щапхъэу щытщ: «ДэщIыгъун, зэдэкIуэн, дэкIун, зэдэIэпыкъун».

Дэтхэнэ зы гуэрыр зы зэпкъырлъ гуэрырщи, зы итыпIэрщ. Ар зы итыпIэу зы ″дэ″уэ щытырщи, ″ку″ зиIэрщ икIи. Зым щхьэщыкIрэ зы бжанэу щытыр, ку лъэныкъуэкIэй къэIуэтапхъэ хъуфынщи, ар зы ку мыхъуу зэдэщIыгъу ку бжанэ щыхъум щыгъуэ ″куэд″у лъытахъэщ.

ЗэдэщIыгъунрэ зэдэпсэун пащIэ зы гуэрыр уигу ирихьыныр ″дэн″ хъуфынщ. Мы Iуэхугъуэр зэрилъабжьэрэкIэй, зы Iуэхум папщIэ щхьэпэ къыпхуэхъуну плъытэ гуэрри ″дэн″ псалъэм къыриIуэф хъунщ. ″Дэн″ыр, щыIэу щыт гуэрхэм къыхэхын Iуэхугъуэу щыту лъытапхъэщи, ар ″хэдэн″ Iуэхурщ; икIи, ″дэн″ыр мыбы и нэужьым къэхъуу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу ухэдэу, уигу зыхуэкIуэ къэкIыгъэхэм я жылэр хэсэныр бдауэ

щыту, ахэр уи бжэIупэм хэпсэн Iуэхум къызэрыгуэкIкIэ, ахэр зыхэпсауэ щыт щIыгу IэнатIэр ″хадэ″у лъытапхъэщ. ″Хадэ″м ит къэкIыгъэхэр, хэдарэ хэхауэ щыту, хасарэ хатIа хъуа къэкIыгъэхэр зыдит щIыгурщи, ар икIи, къэкIыгъэ лIэужьыгъуэ гуэрхэр (хэ) зэдэщIыгъуу зитырщ (дэ).

″Ды″ Iэмалыгъуэр зы къэру зэрыхъукIэрэу, зы къэрум къыхэхъукIрэ игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэхэри къызэрыIуэтэнур ″ды″ Iэмалыгъуэрщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр: «Удын, дыркъуэ..». Мыбы хуэдэщи, зы лъэщыгъэрэ къэрууэ къэсэбэпыпхъэ Iэмэпсымэхэми ″ды″ IэмалыгъуэрэкIэ утыку къихьэу щыт фIэщыгъэцIэхэр фIащу щытщ: «Уадэ, Iэдэ, джыдэ...».

Зы гуэрым и лырэ и фэм къыхэхъукIрэ лъытапхъэ къыпхуэхъуу щыт цIуугъэ къэхъур ″лыдын″ырщ. Зыужьыгъуэрэ лъэщыгъэ зиIэу зы гуэрырщ ″уд″ жыхуаIэр.

″Ды″ Iэмалыгъуэр зы итыпIэу щытырщ; икIи, зы гуэрыр зэпкъырылъу щытырщи, ари ″ды″ Iэмалыгъуэм къыриIуэрщ. Мыпхуэдэу зэпкъырылъу зэрыщытымкIэ зы гуэрэри, зы итыпIэу щыт щIыпIэри, ар къызщыхъуу щыт зы зэманыгъуэри, тIэ, ″ды″ IэмалыгъуэрэкIэ къэIуэтапхъэрэ къэгъэлъэгъуапхъэщ: «Мыдэ, модэ, адэ, аддэ...». ″Адэ″ жыхуаIэри мыпхуэдэу щытрэ, укъызхэкIаращ.

″Ды″ Iэмалыгъуэр зы итыпIэрщи, абы итыр зы пкъыгъуэрэ зы лъэ зиIэрщ. Зы Iэпкълъэпкъыр зыдилъыну гуэрыр хуэфIыу хуэщIынри, ″дын″ Iуэхугъуэ хъунщ. Мы Iуэхум къыхэхъукIыу щыт псалъэхэрщ: «Дэрбзэр, дыд, Iуданэ, фэнд, лъэпэд; дэн, гуэдэн, тедэн, хэдэн, Iудэн, щIэдэн, хэдыкIын...».

**Т...**

"Ты"р "ды" макъым и гъунэгъуу зы макъщ; ар щыхъукIэй, ягъэзащIэхэри зэщхьщ. Адыгэбзэ жьэрыпсалъэ зы бжанэми зы хъуарэ, ″ды″р "ты"м хуэкIуауэ хэтщ. Ауэ, а макъитIыр зэщхьу щытми, ягъэзащIэ Iуэхугъуэрэ яджыр зэщхьэщокIыр. ИпщэкIэ зэржытIауэщи, "ды" макъыр лъэщрэ къэрууфIэу, уздэтрэ узхэт Iэмалыгъуэхэр зэригъэзащIэкIэрэй ику итыпIэ хъууэ зы Iуэхугъуэ зиIэрэ зыгъэзащIэу зы макъщ. "Ды" макъым мы и Iэмалыгъуэхэр зэригъэзащIэкIэрэу езыри макъ пхъашэрэ быдэу щытщ.

"Ды" макъым елъытауэ "ты" макъыр щабэ хъуауэ зы макъщ. ″Ты″ макъыр ″ды″ макъ ущэбауэ зы макъщ. ЖыпIэ хъунущ, "ты" макъыр "ды" макъым игъэзащIэу щыт Iэмалыгъуэр зыгъэщабэрэ зыгъэланлэу; икIи, абы щхьэщыкIыу зы Iэмалыгъуэу. Ар щыхъукIэй, ″ды″ макъыр зы хэтыпIэрэ зы быдапIэ хъууэ щытмэ, ″ты″ макъыр а зыхэтыпIэрэ быдапIэу щытым щхьэщыкIыныргщ.

"Ты" макъыр, узхэтрэ уздитым къыхэхъукIыр пщхьэщыкIыу кIуэнырщ. Узхэтрэ уздитыр зы гъуэуэ щытмэ, "ты"р а гъуэм къыхэкIрэ

щхьэщыкIыу кIуэуэ зы Iэмалыгъуэ зиIэ хъурщ. Ар щыхъукIэй, зы гъуэрыр зы итыпIэ зэрыхъурэ, ар зэрызэпкъырылъу зэрыщытыр зыгъэлъагъуэ "ды" макъым игъэзащIэм щхьэщыкIынырщ ″ты″ Iэмалыгъуэр.

"Ты"м игъэзащIэр, зыдитым итыр зэриткIэрэу, абы къыхэхъукIыр е иIэу щыт гуэрыр и "ды"пIэм е и "ды"гъуэм щхьэщигъэкIынырщ. Гъуэ зиIэм щхьэщыкIыр, щыIэу щыт сытми зы гъуэ зэриIэкIэрэу, щымыIэж хъунырщ; и щыIэгъуэм икIынырщ ″ты″ Iэмалыгъуэм игъэзащIэр.

ТIэ, "ты" Iэмалыгъуэм, щыIэхэм я щыIэгъуэм щхъэщыкIыу щытыныр егъэзащIэр. ″Тын″ псалъэр щыIэм щхьэщыкIыпхъэ хъууэ щытырщи, зы щыIэ гуэрым езым иIэу щытыр езым зыщхьэщигъэкIрэ нэгъуэщI зы щыIэ гуэрым хуигъакIуэу абы иIэ хуэхъун Iуэхугъуэрщ. А зыщхьэщигъэкIрэ тын ищIыу щытыр, езым иIэу щыт зы шхыныгъуэй хъунщ, Iэмэпсымэй хъунщ, и пщIэнтIэпси хъунщ, езым щыщ гуэри хъунщ. Тын Iуэхур цIыхубэм зэригъэзащIэ щIыкIэри зи гугъу зэрытщIам хуэдэщ.

"Тыгъэ"рэ "тыгъуэ"ри къызхэкIыр ″тын″ырщи, "тын" псалъэм префикс къыщыпыхьэкIэ, "зитын, етын, иритын, хуетын..." хуэдэ псалъэхэри къохъур.

"Ты" макъыр зы псалъэ е макъым ипэ иту нэгъуэщI зы Iуэхугъуэй гъэзащIэркъым. Ауэ, "ты"р "ды"м зэрыщхьэщыкIрэ, зы лъэгапIэ Iуэхугъуэ зыгъэзащIэу зэрщыткIэрэу, зэманыгъуэ(э) иIэ щыхъукIэ къэхъу "тэ"м зы ″тафэ″, зы ″тетыпIэ″ е зы платформ къегъэлъагъуэри, абы ехьэлIауэ тетрэ ухуэ Iуэхугъуэхэр "те (тэ-и, тэ-е)" префикскIэ мэгъэзащIэр: «Тетын, тедэн, текIэн, телъын, тесын, тесэн, техьэн, тетIкIуэн, техун, техуэн, тешын, тешэн, тепсэн, тещIэн, тещIыхьын, теIун, теIуэн, теIунщIэн...».

"Ты" макъым, зы итыпIэрэ зэпкъырыту щыIэу щыт гуэрым къызэрыщхьэщыкI Iуэхугъуэ зэригъэзащIэм къызэрыгуэкIкIэ зы гуэрхэр зэрызыщхьэщыкIрэ зэрызэтекIри егъэлъэгъуэфыр: «Теджын"ыр "тэ" гъуэм хуэкIуэнырщ; зыдэщылърэ зыдэщысым щхьэщыкIынырщ; "ты"м хуэкIуэу зыджынырщ; зыдит щIыкIэм щхьэщыкIынырщ. "ТекIын"ыр, зытету щытым (тэ) икIын е хэкIынырщ; зы гуэрыр нэгъуэщI гуэрым зытетрэ зыхэту щыт Iуэхугъуэм щхьэщыкIын е щхьэпырыкIынырщ. "ТекIуэн"ыр зы Iуэхугъуэм теухуауэ, зы гуэрыр адрейм щхьэщыкIынрэ, а IуэхугъуэкIэ абы ипэ ищынырщ. "Теухуа хъун"ыр, зыр адрейм хуэIуауэ ухуапхъэ щIынырщ. "Теун"ыр, зы гуэрэр зыхэту щыт зэшыгъуэр щхьэщыкIынырщ».

"Ты"р щхьэщыкIын Iуэхугъуэрщи, ар зыщхьэщыкIыр зы гуэрщ; ар щыхъукIэй, ″ты″р зы псалъэм и кIэухыу къэсэбэпыпхъэу зы макъырщ. КIэух щыхъукIэй, зыхуэхъуу щыт псалъэм и мыхьэнэр ищхьэ лъэныкъуэмкIэ е лъэгапIэ лъэныкъуэмкIэ хуэкIуэу зы позицэ зэриIэу мэгъэлъагъуэр: «Щытын, тетын, итын, Iутын, гуэтын, хэтын, Iэтын...».

Зытетрэ зыхэтыр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэри, мы щIыкIэм тету къохъур: «ФIэтын, пытын, щIэтын, хуитын...».

"Хуит" жыхуиIэр, и абсисыгъуэу щытынырщ, ″и″гъуапIэм хуэкIуэнырщ. "Къэтын" псалъэм къигъэлъагъуэ Iуэхугъуэр "къэ" префикс зэрыпыткIэрэу къызэркIуэжын хуейр гурыIуэгъуэщи, ар мыпхуэдэу зыдэщыIэ щIыпIэм иту зэрщытыр къыреIуэр. "Къуэтын"ыр, зы къу зыхуэхъуу щыт гуэрэм и щIыбагъым щытынырщ. "Кэгъуэтын" жыхуиIэр, къэтрэ зы щIыпIэ къуэту щытыр зыдэщытыгъуэм щыгъуэтынырщ; зылъыхъуэм илъыхъуэр игъуэтынырщ; зыри зымлъыхъуэм зы гуэр къигъуэтынри мэхъу.

"Тэ"р кIэух щыхъукIэ, а Iуэхугъуэр зыдитыпIэу щытым щхьэщокI е йокIри мэкIуатэр: «КIуэтэн, къэхутэн, тIэтэн, гъуэтэн, джатэ...». "Щэтэн"ыр, и щыIэкIэм щхьэщыкIынрэ, нэгъуэщI щыIэкIэмкIэ кIуэнырщ. "Къутэн"ыр, зы гуэрыр зэрыпсорэ зэрызэхэтыкIэм щхьэщыкIынрэ, къу Iуэхугъуэми къыщымынэу, абый икIынырщ. "Лъытэн"ыр, лъыр нэгъуэщI зы лъым -елъытауэ- къызэрыщхьэщыкIрэ зэхэхупхъэ зэрыхъукIэрэ гурыIуэгъуэ щIынырщ: "Гулъытэн, елъытэн" псалъэхэри къызхэкIыр аращ. "Лъэтэн"ыр, зы лъэр зэрыпсокIэрэу зыдэщытыпIэм икIрэ зы лъэгапIэ хъууэ щыт "тэ"м хуэкIуэныр е "тэ"гъуэм ихьэнырщ. "Матэ"р зы тетыпIэ е телъыпIэ хъууэ щытрауэ къыщIэкIынщ. "ИкIутэн"ыр зы итыпIэ екIум хуэгъэкIуэнырщ; "икIутын"ыр, зиту щытым итыр щхьэщыгъэкIынырщ.

НытIэ, "ты" макъым игъэзащIэр нэхъ IупщIу къэзыгъэлъагъуэрэ гурыIуэгъуэ зыщIыр шэк хэмылъу "тын" Iуэхурщ. Ар зы глагол зэрыхъу щIыкIэу "ты" Iэмалыгъуэр зыгъэзащIэрщи, ар ипщэкIэ дызэрхэплъакIэрэу "тын" Iуэхугъуэр зыхуэкIуэр Iуэхугъуэ куущ. Тын Iуэхугъуэр къызхэкIрэ къызэрыхъур, икIи абы цIыху гъащIэм хигъэзэщIыхьыр мащIэкъым.

**

"Тын" жыхуаIэр зытым езым иIэу щыт гуэрыр, езым игу къызэргуэкIкIэрэ щхьэщыкIа хъунырщ, зыщхьэщигъэкIынырщ. Зы псэущхьэу щытрэ зы анэу щытым езым къыхэхъукIарэ и быну щытыр зэрипI щIыкIэу етын Iуэхугъуэ закъуэр мыхъумэ, мыпхуэдэу езым ей гуэрыр нэгъуэщI зы гуэрым зы уасэрэ зы пIалъэ зэримыIэрэ, пэплъэжуй зэрыщымыткIэрэу езытыр цIыху закъуэращ. -ИкIи, уасэрэ пIалъэр зи Iуэхуу щытри цIыхурщ-. Ауэ, цIыхум тын щIищIрэ щIитым зы щхьэусыгъуэ наIуэ имыIэу жыIэпхъэми, тыншэу зэй къэнауэ къыщIэкIынкъым цIыхур.

Тын зыщI цIыхум, лъэщрэ къэрууфIэу зелъытэжыр; и тын щхьэусыгъуэр сытми, тыныр цIыхум хуэфIрэ шхьэпэу зы Iуэхугъуэрщ. ЦIыхур, тын зэрищIыфкIэрэу зыщогугъыжри, зыхурикъужу зелъытэр.

Тын хъур цIыхум къыхудэхуэ гуэрщ; а цIыхур зыхурикъуж щыхъукIэ, къыхудигъахуэращ тыпхъэр. Тын ищIыф хъур езым къелыж пэлъытэрщи, тын зэрищIыфкIэрэ зэрзыхурикъужыр мэгъэлъагъуэр. Тын зэрищIыфрэ, езыр зыхурикъуж зэрыхъукIэрэу, езым зытокIуэжыр цIыхур; зэрзытекIуэжкIэрэй, зиухуэжыпIэми йохьэр; икIи, езым зыкъищIэжыпIэрэ зицIыхужыпIэм йоувэр. Апщыгъуэм цIыхур, зи щхьэ зыухуэжыпIэр егъуэтыр, щхьэхуитыпIэ йохуэри, щхьэхуит хъункIэ хуитыж мэхъур. Тын щIыныр зыхурикъужынырщ; тын зыщIыр щхьэхуитырщ; тын къызтехуэр щхьэхуит цIыхурщ.

Езым зыхутепщэжрэ щхьэхуит хъууэ щыт цIыхур, тын зыщIыфырщ. Тын зыщIыфыр, иIэрэ ейуэ щытхэм пыкIыфырщи, щхьэжу къэнэфырщ. Тын зыщыфыр, икIэм икIэжым езыри тын зызщIыфырщи, шынагъуэрэ къикIуэтыгъуэ зимыIэж зэрыхъукIэрэу, ар лъэщыгъэрэ къэрууфIэ зиIэ хъупхъэрщи, ар зи щхьэр зымыгъэщхьырщ. Мыпхуэдэу тын зыщIыф цIыхур, зыдитрэ зыхэтым къыщымынэжу, сытми щхьэщыкIыфу щытрэ езыми зыщхьэщыкIыныгъэ зиIэ хъуфу зызужьыфырщи, ар щыIэу хъуа псэущхьэхэми ятекIуэнщ, я тепщэнщ; ар, щыIэм я щапхъэрэ япщу ужьыпIэ ит хъурщ. Тын зыщIыф псэущхьэ закъуэр цIыхуращ. Щхьэхуитыныгъэр зыхуэIуар цIыху закъуэрщ.

Ауэ, цIыхум тын щищIым щыгъуэ, зыужьыгъуэрэ зыухуэжыгъуэ игъуэту щытми, абы тын щIищIыр, дэтхэнэ зы гуэрым папщIэркъым; абы, тын щIищIым зы щхьэусыгъуэ пыухутыкIа иIэкъым. Абы щхьэусыгъуэншэу тын ещIыр; е, тын щIищIым и щхьэусыгъуэр ищIэркъым, ищIэжыркъым. Ауэ, тын щIыныр цIыхум хуэIуауэ щытщи, зэрилъэгъуарэ зэресам къызэрыгуэкIкIэ тын зэрищIырщ зызэрилъытэр. ГурыIуэгъуэщи, тын щIыныр зы щэнхабзэ Iуэхугъуэщ икIи; ауэ, ар щэнхабзэ закъуэу щыту къыщIэкIынкъым. Тын щIыныр цIыхум зэрыхуэIуам и щхьэусыгъуэр, ар цIыхуу къызэрыхъуарэ зэрыщытырщ.

ЦIыхур, щыIэмрэ щымыIэр къызгурыIуэрщ. Ар, джымрэ мыджэр зыхэзыщIэрщ. Ар, джыуэ щытым къыдэхуу щыт "цIы хун"ыр зи гъунэгъурэ зи зэдэгъурщ. Ар, "цIы" гъубжэкIэ джырэ щыIэр зылъагъурщ; "цIы" гъубжэкIэ джын зыхузэфIэкIрэ цIэ къэзызгъэщI хъурщ. Ар, щыIэр щыIэ зэрыхъу щIыкIэр икIэ нэгъунэ зи щIэныгъэу щымытми, щыIэр зэрщыIэкIэрэу щымыIэр зэрыхур къызгурыIуэрщ. Абы къызэргуэкIкIэрэу, иIэу щыIэр зы щыIэгъуэ зиIэми зы уасэрэ пIалъэ зэримыIэкIэрэу тын хуищIыфынщ. Ар, щымыIэр къызэргурыIуэрэ "цIы"р къызэрхуэхукIэрэу, иIэу щыIэр "цIы" пэлъытэуй зылъытэнырщи, абы пыкIыфынырщ. Ар щилэжьым щыгъуэ, -езыр зы щыIэгъуэ зиIэ зэрыхъукIэрэу-, щыIэу хъуам зэрхутепщэфрэ зыкъызэрищIэжкIэрэу, "цIы"м тепщэ зэрыхуэмыхъуфынур зылъагъурщ. ЦIыхур, сытми тепщэ зэрхуэмыхъуфынур зыщIэрщ. ЦIыхур,

мы къекIуэкIрэ щыIэр зэрыджрэ "цIы"р зэрыхукIэрэу, гъэзащIэу щыт мы Iуэхугъуэр къызгуэкIыу щытым зэрхутемыпщэфынур къызгурыIуэрщ. ЦIыхум тын ищIыныр езым и щыIэгъуэм къыхуихь зы Iуэхугъуэрщ; езым и щIыкIэм къызэрыгуэкI зы Iуэхугъуэрщ; и щыIэгъуэ щIыкIэм езэгъ зы Iуэхугъуэр тын щIынырщ.

Сытри къызэрызекIуэкIыр, езыр зыхэту щыт щыIэгъуэрэ абы дэхуу щыту езыри зыхэхуапхъэу щыт "цIы"р зэрыхур зыхузэфIэкIым, сытри ейуэ зэрыщытыр къызгурыIуэ цIыхум, езым щхьэщыкIыу щытыр, тыныр, а сытри зейм хуегъакIуэр. Тын щIыным нэхъ и щхьэусыгъуэрэ нэхъ и лъэгапIэр мырагъэнщ. Мыр зэригъэзащIэкIэрэу цIыхум, ипIэр сыт щыгъуэй егъэпэжыжыр; и щыпкъагъэм гу лъетэжыр; и тепщэгъуэр зыдынэсыр игум ирегъэсыжыр; иджыпхъэрэ ищIапхъэм щыгъуазэ хуохъужыр. ЦIыхум и тепщэгъуэр зыдынэсыр къызэргурыIуэжкIэрэу, и тепщэгъуэр зыдынэмысрэ езым тепщэ къыхуэхъуфу щыт гуэрри къыгуроIуэр; ар цIыхум къыщхьэщыкIыу щыт зы гуэрырщи, мыпхуэдэу щхьэщыкIыныгъэ зэриIэрэ, езы цIыхум (хьэ) къызэрыгуэкIрэ зэрелъытакIэрэу къыриIуапхъэ щыхъум щыгъуэ, бзэ хабзэмкIэ абы "тхьэ" псалъэр хуэфащэ хъунщ.

ТIэ, цIыхум тын щIищIыр езым и щыIэгъуэм къызэрыгуэкIкIэрщи, мы щыIэгъуэм къызэригъэлъагъуэрэкIэ цIыхум щхьэщыкIыу щыт гуэрыр гулъытапхъэ къыхуэхъуу щытщи, ар тхьэу лъытапхъэу зэрыщытым папщIэй, цIыхум езым щхьэщигъэкI тыныр зыдэкIуэр Тхьэрщ.

**ТI...**

"ТIы" макъыр "ды" макъымрэ "ты" макъым ягъунэгъуу зы макъщ; а макъитIым утекъузарэ пIытIауэ къыбжьэдэкIмэ, къэхъуну макъыр "тIы" макъырщ. "ТIы" макъыр а макъхэм щагъунэгъукIэ, игъэзащIэри абы япыщIауэ къэIуэтапхъэ хъунщ.

"Ды" макъым утекъузэрэ зэхэппIытIэмэ, и лъэщыгъэрэ и быдагъэр зэркIуэдкIэрэу къэхъъуу щытыр зы тIэтIагъэ хъунщи, "ды" макъым къигъэлъагъуэу щыт быдагъэрэ итыпIэм ухэкIа хъунщ. "ТIы" макъыр "ты" макъми и пIытIа хъууэ щыт макъырщ. "Ты"ыр "ды" макъым игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэхэм щхьэщыкIынрэ, уздимытыпIэм ухэкIын Iуэхугъуэу щытынщи, "ты" пIытIауэ щыт "тIы"м зыщIыпIэй уигъэкIуэнкъым, ущхьэщигъэкIынкъым; зы гуэр къыппкъыркIыфыну щытмэ, мы уздихуауэ щыт "тIы"гъуэм къыщыпхэхъукIыфынщ. "ТIы" макъым игъэзащIэр, "ды" макъым иджыр кIуэдыпIэ зэрихуэрщ; икIи, "ты" макъым и Iэмалыгъуэ хъууэ щыт щхьэщыкIынрэ кIуэтэгъуэ хъун Iуэхугъуэхэр игъэувыIэнырщ.

ЩыIэ гуэрыр зэрызэхэлърэ зэритыр къэзыгъэлъагъуэр "ды" Iэмалыгъуэрщ; зы щыIэ гуэрым щхьэщыкIыныгъэри "ты" Iэмалыгъуэрщ.

А щыIэ гуэрыр пIытIа зэрыхъури ″тIы″рщ; икIи, абы щхьэщыкIыныгъэу къэхъу ″ты″ пытIари ″тIы″рщ. ТIэ, щхьэщыкIыныгъэу щыт ″ты″р ппытIрэ лимитацэ хъуурэ щытмэ, щхьэщыкIын Iуэхуи къэхъужынкъым. ТIэ, а зыщхьэщыкIым къинэу щыт щхьэщыкIыныгъэ Iэмалыгъуэр, къызхэнауэ щыт щыIэ гуэрым и кIуэцIым ирищIэнщ, хэлэжьыхьынщ. Ар щыхъукIэй, а зи кIуэцIым хищIэу щыт щхьэщыкIыныгъэ Iэмалыгъуэр, зыхэту щытыр зэщхьэщигъэкIынщ. Аращи, ″тIы″р къэзхуэкIуэ щыIэ гуэрыр зэщхьэщокIыр, куэд мэхъур, мэбагъуэр.

″Ды″м езыр итыпIэрэ зэхэтыпIэу щытырщ; ар гъуэ пэлъытэрщ. ″Ты″р щыIэ гуэрым щхьэщыкIыныгъэрщи, гъуэ гуэрым щхьэщыкIын Iэмалыгъуэрщ; ар зы гъуэ гуэр зиIэркъым; икIи, ″тыгъуэ″р щыIэгъуэ зиIэ гуэру къэхъуркъым. Ауэ, ″тIы″р гъуэм ирищIэрщ; икIи, апщыгъуэращ ″тIыгъуэ″ри, тIыгъуэр мэбагъуэр, зэщхьэщокIыр, куэд мэхъур.

"ТIы"р щхьэщыкIыныгъэркъым, быдагъэй зиIэркъым; ар "ды"мрэ "ты" макъ Iэмалыгъуэхэр кIуэдыпIэ изгъахуэрщ. "ТIы"р щыджым щыгъуэ, ар "ды"уэ щытым и кIуэдыпIэ хъууэ щытми, а "ды"ым къыхэхъукIыпхъэр къыхэзгъэхъукIыфыну щыт ″тIыгъуэ″м зэрихуэрэкIэщ ″ды″м и кIуэдыкIэ хъур.

Нэрылъагъущи, "ды"м и пIытIыгъуэ хъурэ ар зыгъэкIуэду, "ты" щхьэщыкIыпхъэм и пхэпджу щыт Iуэхугъуэр зыгъэзащIэ "тIы" макъым игъэзащIэр Iуэхугъуэшхуэщ. ИкIи, мыпхуэдэу кIуэдыпIэрэ къэхъупIэ е куэдыгъэр къыхэхъукIыпхъэ хъупIэ Iэмалыгъуэ зиIэ "тIы" макъым игъэзащIэрэ и лэжьэкIэ хъур гурыIуэгъуафIэркъым. Ар, зы гуэрыр къызхэхъукIыпхъэ зыгъэхъурэ, зыгъэбагъуэ хъууэ щыт зы Iэмалыгъуэщ.

Арагъэнщи, гъэбэгъуапхъэрэ къезыгъэлъхупхъэ хъууэ щытым "тIы" фIэщыгъэцIэр хуагъэфащэр. ЦIыхухъу щIалэми хужаIэу щытыр, икIи "тIалэ"щ. "ТIалэ"р "тIы" къэру зэриIэнкIэ зэманыгъуэ(э) тету кIуэ(л) пэтрэ хэхъуэу щыт цIыхухъу щIэблэрщ. ЩIалэм е тIалэм, нэхъ гъунэгъугъэрэ лъагъугъуафIэкIэрэу еплъу щыт нэхъыжьхэр "тIасэ"кIэй йоджэфхэр.

"ТIы"р, куэдыгъэрэ бэгъуэн Iэмалыгъуэ зыгъэзащIэрэ, и къежьапIэ хъурщ; "тIы" Iэмалыгъуэр къызхуэкIуэ зы къэкIыгъэрэ зы псэущхьэри, зэрхъун хъуауэ щытын хуейщ; мыхъуарэ зэрхъун хъуауэ щымытыр "тIы" хъуркъым. "ТIы" хъур зэрхъун хъуаращ, и гъуэ иуваращ; "тIы"м игъуэ къыщысрэ къызхуэхъуу щытхэр, зэрхъун хъуауэ щытхэращ. Зы псэущхьэ е зы цIыхухъур и гъуэ иува щыхъум щыгъуэ, бэгъуэныгъэ зыгъэгъуэту щыт шэ къыщIохъукIыр; а хъу шэуэ щытыр, "тIы" Iэмалыгъуэ зыгъэзащIэрэ игъуэ хъунум екIурэ хуэкIуэу щыт "шэкIуртIэ"рщ. Зы къэкIыгъэрэ зэрхъун хъуауэ щыт пхъэщхьэмыщхьэм къыхуэкIуэрэ ахэр

зыгъэтIыгъуэри "тIы" Iэмалыгъуэрщ. ТIыгъуэм ихуауэ щыт сытри зэрхъун хъуауэ, псэ зыIуту щыт и лъэпкъэгъухэм я щапхъэ хъууэ щытырщ.

ГурыIуэгъуэщи, "тIыгъуэ"у щытыр псэ зыIутырщ. Псэ зыIут къэкIыгъэр къызхэкIри къызхэхъукIри щIыгуращ, ятIэращ; "ятIэ"р зэратIыфрэ къэкIыгъэм и бэгъуагъэрэ и тIыгъуагъэми и гъуэ хъууэ щытырщ. "ТIы" Iэмалыгъуэр сыт щыгъуэй зи пIэу щытыр щIыгуращ; ауэ, мывэракъым, явэ хъуращ; "тIын" хъууэ щыт ятIэращ.

ЯтIэр "къатI" "зэхатIыхь"ри, къэкIыгъэ жылапхъэр хасэ е "хатIэ"р; жылэр ятIэм хотIыгъуэри "зэхотIэтIыхь", жылэ къуэпсхэр къыхохъукIри къэкIыгъэу утыку къохьэр. КъэкIыгъэхэми гъатхэ хъурэ "гъэ"уэ щыщIидзэкIэ и къуэдамэхэм къыпедз, "къотIэпI", къогъагъэр; гъагъэм купщIэ ирещIэри, ар хъууэ щIедзэр; зэрхъун хъуа нэужь жылапхъэуй утыку къохьэжыр.

Хым икум хэту щыт щIыгур е ятIэгур "тIыгу"ш, хы тIыгущ. Мыпхуэдэу, зи тхыцIэм зы тIыгу къызхэхъукIам "тIыгур"у йоджэхэр. "ТIы"гъэ пэлъытэу зы гуэрыр къэпIий е зигъэпIийрэ, "тIы" Iэмалыгъуэр абсисым хуэкIуэу зигъэлъагъуэжу щытмэ, ар "тIий"уэ аращ. "ТIэщIын"ыр къэтIын пэлъытэу, "тIы" Iэмалыгъуэр зыхэлъу щытыр е и лъабжьэр къыщIэгъэщынырщ. "ТIысын"ыр, зыгъэцIыкIун пэлъытэу, щIым нэсын пэлъытэрщ. Щытынрэ щылъыныр зи щыIэкIэм езэгъыу зы щIыкIэ хъууэ щыт зы гуэрымкIэй, тIысыныр зэ щхьэ хъууэ щыт зы Iуэхугъуэрщ; кIуэру щыт зы псэущхьэм дежкIэ, тIысауэ къэнэныр игъуэу щыт зы щIыкIэркъым.

"ТIы"р игъуэ къызыхуэхъум, бэгъуапхъэ Iэмалыгъуэр къежьэн Iуэхугъуэ зыхуэзгъэзащIэрщ; а Iэмалыгъуэр къызхуэкIуэр, гъащIэ зиIэу псэ зыIутырщ. "ТIы"р, гъащIэ зиIэрэ зэрхъун хъуам и зы Iэмалыгъуэу щытырщи, игъуэ щыхъукIэ абы къыхуэкIуэрщ. Гъэбэгъуэнрэ гъэкуэдын къежьапIэр зи Iэмалыгъуэ "тIы"р, зэманыгъуэ иIэ хъурэ езырыжрэ езым зыдэкIуж хъуауэ кIуэмэ, къэхъунур мащIэрщ: "тIэкIу"рщ. Е, нэгъуэщIыу жыпIэмэ, "тIы"р езырыжу кIуатэ хъумэ, зыдэкIуэфынур зы тIэкIущ. Пыщапхъэщи, "тIы"р, къыхэзгъэхъукIрэ бэгъуэн Iэмалыгъуэ къэзыхьу щытырщи, игъуэ къыщыхъурэ тIыгуапIэр къыщысым щыгъуэ, ар езырыжу къэхъуу щытырщ; тIэ, езырыжу къэхъур зэрыплъагъунурэ зэрзыхэпщIэнур ″тIэкIу″ущ.

Игъуэ къыщыскIэ тIыгъуэм ихуэу щытым ″тIы″р зэрыхуэлажьэкIэрэу, Iэмал зэримыIэкIэрэ, ар къызхуэкIуэр зэрщыту щыта щIыкIэм йокIыр; ″тIы″р къызхуэкIуэм и щыIэкIэр кIуэду нэгъуэщIыгъуэ къыхохъукIри, зы щыIэкIэ щIэ егъуэтыр. Зы гуэрыр тIыгъуэм ихуэрэ щытIыгъуэкIэ, а щыIэ гуэрым и щыIэкIэр зэхъуэкIрэ кIуэдыжу щытми, абы и щыIэгъуэр кIуэдыжыркъым. А щыIэрэ тIыгъуэм ихуар, и щыIэгъуэм

къыхэхъукIыну зы щыIэ гуэркIэ мэужьыр, мэбагъуэр. Ужьыгъуэ зиIэр "у" щыхъукIэ, тIыгъуагъэ къызхуэкIуарэ "тIы"р зэрлажьэкIэрэу, тIыгъуа хъум и щыIэгъуэм къыхэхъукIыр, а тIыгъуам езым и ужьыгъуэщ. Ар щыхъукIэй, -бзэм зэриIуэтэну щIыкIэкIэ-, ар "тIы-у" мэхъур, "тIу" мэхъур. Зы щыIэгъуэм иту щыт зы щыIэкIэр тIыгъуэрэ зы щыIэ нэгъуэщIыгъуэ къыщыхэкIкIэ, абы и щыIэгъуэм зиужьу аращи, ар "тIу"щ. "ТIы"р, бэгъуэнрэ куэд хъуным и щхьэусыгъуэ хъуфырщи, щыIэм бжыгъэкIэ зы ужьыгъуэ зэригъуэтым и щапхъэрэ и лъабжьэ хъур "тIу"рщ. Ар зым щхьэщыкIрэ, зыр ″тIы″ Iэмалыгъуэ ужьыгъуэу (у), куэд хъуныр къызэрыхъунум и пэщIэдзэрщ; куэд хъунум и къежьапIэрщ ″тIу″р.

"ТIы"р зыгъэкуэдрэ зыгъэбагъуэ е къыхэзгъэхъукI зэрыхъукIэрэ, зэманыгъуэуй къосэбэпыфыр: "тIэ". "ТIэ!" щыжаIэкIэ, зы Iуэхугъуэм и къежьапIэ хъууэ аращ ар. Зы Iуэхугъуэм къызэргуэкIрэ къызэригъэхъукIэрэу, утыку къихьа хъуращ "тIэ!" жезгъаIэр. Ар, а Iуэхугъуэм и зэхъуэкIыпхъэй хъунщ. ИкIи, а Iуэхугъуэм и къежьапIэр зыгъэлъагъуэй хъунщ. А ″тIэ″ Iуэхур къызхэхъукIыу щыт Iуэхугъуэр къызэрежьар е зыхуэкIуэну щытым зы жыжьапIэ(а) зэригъэлъагъуэкIэрэу, "атIэ" жыIэпхъэнщ. Е, зыхыхьэ зы Iуэхугъуэр къызэригъэлъагъуэрэ ар зы къежьапIэу зэрилъытэкIэрэу, "нытIэ" жыIэпхъэнщ. Зы Iуэхур къежьарэ абы тету щытым, а Iуэхур къызщежьар мыжыжьэу зы зэманыгъуэу зэрыщытыр зыгъэлъагъуэ псалъэр "нетIэ"рщ. Куэдыгъэрэ бэгъуагъэр зыгъэзащIэу щыт "тIыгъуэ" хъур е "тIэ"уэ щытыр зы къежьапIэ зэрыхъукIэрэ, зы зэман цIыкIущ, мащIэ хъууэ зы гъуэ зиIэрщ. "НетIэ" щIыжаIэм мыр и щхьэусыгъуэнщ. "НетIэ" псалъэм, а Iуэхур зи зэманыгъуэ хъурэ къызхэкIауэ щытыр (нэ) егъэлъагъуэр; икIи, абы къызэргуэкIкIэ, "тIэ" хъууэ зэрежьа хъуам зэрехьэлIарэ зэрхуэкIуэр "е(иэ)"кIэ егъэлъагъуэр.

*

МыувыIэу куэд хъурэ багъуэу щыт псэ зыIуту щыIэхэм я ужьыгъуэм щхьэусыгъуэ хуэхъуу щыт зы Iэмалыгъуэщ "тIы"м игъэзащIэр. А ужьыгъуэ хъууэ кIуэм, бжыгъэкIэ багъуэу щытым и къежьапIэрэ пэщIэдзэ хъур, тIыгъуэм ихуа зым къыхэхъукIыу щыт тIы ужьыгъуэу тIурщ. "Зы"м нэхъ зыри щымыIэу плъытэмэ, е "зы"м нэмыщI щыщымыIэм щыгъуэ, игъуэ къэсрэ, а "зы"р тIыгъуэ щихуэм щыгъуэ, "тIу" зэрыхъу щIыкIэр гурыIуэгъуащэ хъункъым.

ГурыIуэгъуэщи, ″тIы″ макъыр зыгъэбагъуэрщ, бэгъуагъэр зыгъэзащIэ Iэмалыгъуэр зиIэу щытырщ. ″ТIы″ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ фIэщыпхъэ хъуауэ зы фIэщыгъэцIэрщ ″тIы″ри, ар зыфащар мэлыхъурщ. Ар зыгъэбагъуэрэ къэзыгъэхъурщ, езыр ″хъу″щ. Аращи, ″тIы″ макъыр макъыхъущ.

"ТIы" Iэмалыгъуэр зэрлажьэрэ, абы игъэзащIэр зэргурыIуэгъуэкIэрэу, Iэмал зэримыIэрщи, гъащIэм дэщIыгъурэ дэкIуу ухуэу щыт псэукIэ хабзэми хэту щытынщ. Адыгэу лъабжьэр зымыгъэкIуэду къэгъуэгурыкIуэ лъэпкъым, и фIэщыгъэцIэхэри "тIы" Iэмалыгъуэм игъэзащIэхэр къыхэщу иухуащ. Адыгэм и цIыхухъуцIэ архивым и нэхъыщхьэхэр "тIы" макъыр зыхэту щытхэрщ. Аращи, Адыгэ цIыхухъуцIэ мащIэ щыIэкъым "тIы" макъыр зыхэту. А АдыгэцIэхэр икIэм икIэжым цIэ лейрэ цIыкIущхьэцIэу фIащу къынэсащ нобэм. Нобэ цIэ лейуэй фIамщыж хъуауэ щытми, Адыгэм къыщIэныжауэ щыт цIыхухъуцIэ зы бжанэм ящыщщ мыхэр: «ТIытIэ, ТIатIэ, ТIатIу, ТIатI, ТIатIыш, ТIатIышэ, ТIаблыш, ТIамыш, ТIымыщ, ТIахъуэ, ТIархъуэ, ТIырахъу, ТIарэ, ТIутIэ, ТIутI, ТIыхъу, ТIатIыхъу, ТIыкъэ, ПIытIэ, ПIытIу, ПIытIыш, ПIатI, ПIатIэ, ПIытIыхъу, ПIутI, ПIутIэ, IутIэ, ХьэтIу, ХьэтIутI, ХьэтIутIэ, ХьэтIитI, ХьэтIитIэ, ХьэIутIэ, ХьэбатI, ХьэпIатI, ХьэпIатIэ, ХьаптIу, ХьэпIытIу, ХьэпIытIыхъу, ХьэтIыш, ХьэтIыхъу, ХъутIэ...».

## «Ж, ЖЬ» МАКЪХЭР

**Ж...**

"Жы" макъыр псыгъуэрэ псынщIэу зы макъщ; и диябазоныр лъагэу зы макъщ. Ар щыхъукIэй, диябазон лъагэм игъэзащIэ Iэмалыгъуэм къызэргуэкIкIэрэу, псынщIэрэ зыпыкыгъуэ зимыIэу -зэуэрэ занщIэу-къэхъу IуэхугъуэхэмкIэ къосэбэпыр. Абы игъэзащIэ Iуэхугъуэхэр къызэрыхъу щIыкIэр плъагъуныр гугъущ; а Iуэхугъуэхэр нэсрэ къэсыжауэ псынщIэу зэфIокIыр; а Iуэхугъуэхэр щыхъум щыгъуэ, зэрыхъу щIыкIэм лъэбакъуэ лъэбакъуэу е IэнатIэ IэнатIэу ущыгъуэзэфыркъым; ар пыкыгъуэ зимыIэ щIыкIэрэу мэгъэзащIэр: Псы ежэхым, мылу жам, псынщIэрыкIуэу жэуэ щытым, метал тIэтIахэр зэрзэхэжэм, узIурихрэ жейуэ щыщIэбдзэм щыгъуэ, къэхъуу щытхэм лъэбакъуэ лъэбакъуэу ущыгъуэзэнрэ, ахэр къызэрыхъур пыкыгъуэ пыкыгъуэу къыбгурыIуэныр Iуэху гугъущ е Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэхэрщ. Зы Iуэхурэ "жы" макъ IэмалыгъуэкIэ къэхъур, пыкыгъуэ зимыIэрэ къызэрыхъуари мыгурыIуэгъуэу зэфIокIри, зэфIэкIауэ утыку къыщихьэм щыгъуэщ нэрылъагъу щыхъур.

Зы метал тIэтIар упщIыIурэ "жын" Iуэхугъуэр и щхьэм къыщырикIуэкIэ жырэ быдэ зэрыхъур зэгъэпщапхъэу зы зэманыгъуэм къимубыду жыIэпхъэщ; ар игъуэ щихуэкIэ зэуэ занщIэу мэжыр. Мы жыIэгъуэм къызэргуэкIкIэ, метал нэгъуэщIыгъуэхэр ягъэтIатIэрэ зэхакIэурэ метал зэхэгъэжа ящIыр; мы метал зэхэжахэм ящыщщ "жыр, жэз" жыхуаIэхэр.

Металым имызакъуэу, ятIэхэр щыIэщ щыгъущыжым щыгъуэ быдэ хъурэ жыуэ. Мыпхуэдэ ятIэхэмкIэ яиу щытащ унэ лъэгур е унащхьэр. Мис апхуэдэ ятIэкIэ яия унэ лъэгум папщIэ жаIэу къыщIэкIынт "жэхэфэгу" псалъэр. А жэхэфэгур зэрапхъэнкI Iэмэпсымэри "жыхапхъэ е жэхампхъэ" фIэщыгъэцIэкIэ йоджэхэр.

Аращи, дэтхэнэ зы ткIуаткIуэ гуэрым и щIыкIэу щытщ ″жы″ Iэмалыгъуэри, ахэр зэры″жэ″м нэмыщI, псыр ″мэж″ыр. Зы щIыIэгъуэ къыщыхъум щыгъуэ, псыр япэу мэщт, итIанэ игъуэ щыхъукIэ мэжри мыл мэхъур.

"Жы" макъыр псынщIэрылажьэу зы макъ зэрыхъукIэрэу, псынщIэу кIуэр е зы гъуэгу IэнатIэр псынщIэ дыдэу зыкIуэр, гъуэгум ихьыну зэманыгъуэр -урикIуэным елъытауэ- кIэщI дыдэу зэфIэзгъэкIыр, ″кIуэн″ Iуэхугъуэу ялъытэркъыми ″жэн″ Iуэхугъуэрщ. Ущыжэм щыгъуэ уи лъакъуэхэр зэрлажьэр псынщIэ дыдэщ; икIи, ущыкIуэм лъэбакъуэ пкым хуэдэу бжыпхъэу щымыт пэлъытэрщ. "Жын" Iуэхугъуэр зэманыгъуэкIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъур "жэн" Iуэхугъуэрщи, ар Iэмал зэриIэкIэрэ псынщIэрылажьэу кIуэтэнрэ гъуэгу хьынырщ; "жэн" Iуэхур, зы гъуэгум ихьыну зэманыгъуэр зыгъэкIэщIрэ, а гъуэгум икIэр псынщIэу къэзыхь Iуэхугъуэрщ.

Зы цIыхур псынщIэ дыдэу зэрыкIуэфым "жэн" псалъэр зэрхуэфащэм хуэдэщи, зы бгыщхьэм е зы мыл гъуэгум IэжьэкIэ псынщIэу къехынри "къежэхын"ырщ. ″Лъэрыжэ″кIэ уэсым е мылым тету кIуэнри, а лъэрыжэм шэрхъ щIэтрэ гъуэгум "щIэбгъэжрэ" ущыпсынщIэрыкIуэм щыгъуэй, зы машынэр щежьэм щыгъуэ и кIуэкIэри "жэн" псалъэм зыхиубыдэ Iуэхугъуэхэрщ.

"Жэн" Iуэхур фIыуэ зыгъэзащIэу щыт гуэрыр "жэр"у щытырщ. Жэру щыт шыр "жажэ"щ; жажэу щыт шым "жагъэ" иIэщи, ар жагъэущ зэралъытэр. Жагъэу щытарэ емыкъуж хъуарэ емыкъуу щыт шым папщIэ, ″жэгъагъэм ехын″ е ″и жэгъагъэр къэувыIэн″ мыхьэнэр къикIыу "жагъын (жа-гъэ-ы-н)" хужаIэр.

"Жэн" IэмалыгъуэкIэрэ лажьэу, сытри "жэ" пэлъытэу е "жэрыжэ"кIэрэ псынщIэу зэфIэзгъэкIрэ зыджыр "жыджэр"щ. Жыджэрагъэр, нэхъ кIэщIыу е нэхъ IупщIрэ лъэщу жыIэпхъэ щыхъукIэ "жан" псалъэрщ къэхъур. ″Жан″ псалъэм хэту щыт "а" макъым игъэзащIэ Iуэхугъуэри нахуэщ: ″Жэ хъуауэ (жа)″, ″жэ Iэмалыгъуэр зыхэлъ хъуауэ щыт (жа)″ зэрыхъукIэрэу лэжьыгъэ (н) зиIэрщ "жан" псалъэм къикIри, ар псынщIэрылажьэу щытырщ.

"Жэн" Iуэхугъуэм къигъэщI псалъэхэрщ мыхэри: "Къыдэжэн", "зэдэжэн", зыхэту щытым "хэжын" е зы гуэрым "хэжэн", зы гуэрым жэрагъкIэ текIуэн жыIэгъуэу "тежын", зы лъэгапIэм "дэжеин", зыщIэт

щIыпIэм "щIэжын" е зы щIэтыпIэм "щIэжэн", зыIуту щытым "Iужын", зы бгыщхьэм хуэкIуэу е зыдэту щытым "дэжын"...

Мы иужькIэ къитIуа псалъэхэм ущыхэплъэжкIэ, ахэм нэгъуэщI мыхьэнэхэри хыболъагъуэр. Псалъэм папщIэ, "дэжын" е "къыдэжын" псалъэхэм къагъэлъагъуэр зы къэкIыгъэм тхьэмпэ е зы къудамэ къыхэхъукIын Iуэхугъуэхэрщ икIи. "Жы" макъыр диябазон лъагэрэ, пыкыгъуэ зимыIэу къэхъу Iуэхухэр зыIуатэу зы макъ зэрыхъукIэрэу, зы къэкIыгъэ пкъыгъуэм и зы щIыпIэм, игъуэ хъурэ зэуэ зы къудамэ е зы тхьэмпэ къыщыхэкIым щыгъуэй, ар абы "къыдэж"у лъытапхъэнщ.

Мыпхуэдэу къыдэжыпхъэ пкъыгъуэу щытрагъэнщ "жэпкъ" жыхуаIэр. Жэпкъ защIэрэ, зи къыдэжыпIэхэм къызэрыдэж защIэкIэрэу къудамэрэ тхьэмпэкIэрэ зызджу щыт къэкIыгъэ зызужьарэ лъагэ хъуам и фIэщыгъэцIэр "жыг"щ. Къыдэ"ж" зэпытрэ лъа"гэ" хъууэ щыт "жыг" псалъэр къызхэкIыр, "жы" зэпытурэ "гы" зэрыхъу щIыкIэрагъэнщ. Къыдэжауэ щытхэр "чы" щыхъукIэй "чыг"и хъупхъэщ.

Ауэ, мы жыгыр къызхэкIыр щIыращ; къызхэхъукIыну пкъыгъуэ лъабжьэ хуэхъури щIым хэхуауэ щыта зы "жылэ"рщ. Жылэу хасар е щIым хэхуар тIыгъуагъэ йохуэри къотIэпI; абы зы жэпкъ е зы жэпкъ бжанэ къыхож, жэпкъыр хохъуэри езым жэпкъыщIэхэр е къудамэхэр къыхожри зеужь, зедж мэбагъуэри мэг, мэлъагэр; кIуэ пэтрэ зи жылэ къызпыкIэж жыгыр къохъур.

"Къыдэжын" псалъэр псэущхьэм е цIыхум и узыншагъэрэ фIыуэ зызэрилъытэм теухуауй жыIэгъуэ хъууэ зы псалъэщ. Жылэр къэтIэпрэ къызэрдэжри, жэпкъым зы тхьэмпэ е зы къудамэ къызэрдэжыфри узыншагъэ Iуэхущ; жылэми жыгми псы зэригъуэтрэ и псэр зэрыужьыфыр зыгъэлъагъуэ Iуэхугъуэщ ар. Мыбы хуэдэщ цIыхури, ар узыншэрэ фIыуэ зилъытэмэ, абы "гу къыдэж иIэщ"; фIыуэ зимылъытэрэ зы гуэр къеузу щытмэ, абы "гу къыдэж иIэкъым"и, "гу къыдэмыж"щ ар.

"Дэжын е къыдэжын" псалъэхэм, псыр зыдэт гуэррэ зы щIыпIэм къызэрыщIэкI Iуэхугъуэхэми и гугъу ещIыфыр. Аращи, "жэн" Iуэхугъуэр псыми ехьэлIауэ къосэбэпыр. Псыри зы пыкыгъуэ зэримыIэкIэрэ мажэр; икIи, псым нэрылъагъу хъууэ зы пкъыгъуэ иIэкъым, псы пкъыгъуэр цIыкIу дыдэу щытщ; ар дэнэ щыIэми е сытым итми абы и пкъыгъуэм йокIур. Псы жылэр нэрылъагъуу щыт гуэркъым; зэпыкыгъуэ зимыIэрэ зэрщыту зыдэкIуэфыну щыт ехыпIэ лъэныкъуэмкIэ макIуэр, "йожэхыр". Псыр "мажэр", "къожыр", "йожыр", из зыхуэхъуам "щхьэщожыр", псы зытезыкIэм псыр "къыпожыр", къожэхыр; псыр дорэшым "къыдожыр"; псыр сыт щыгъуэй "йожэх"ри икIэм икIэжым хым "хохьэж" е "хожэжыр".

Псы ежэхым узэпырыкIын папщIэ, и лъэныкъуитIри псы нэпкъитIым тету зы гуэр телъхьарэ (лъэ), псы ежэхым иримхьэхыну (мыжэну) гъэбыдамэ, ар зы псы икIыпIэ пхуэхъунщи, ари "лъэмыж"щ.

Жэру зы макъыу щыт "жы"р, псым хуэдэу зэпыкыгъуэ имыIэу кIуэуэ зэрыщытым имызакъуэу, зэпыкыгъуэ гуэрхэмкIи къэсэбэпу зы макъщ. Ущхьэукъуэрэ уIурихмэ, къэхъур къызэрыхъуа щыгъуэрэ щIыкIэми гу лъомытэу узхыхьэрэ узхилъафэу щыт "жеин"ыр мис аращ. Жеиныр къакIуэрэ ущыхилъафэм щыгъуэ, Iэмал имыIэу узхэту щыт Iуэхугъуэрэ гупщысэр къоувыIэ е зэпокри жеиным къыпхуихь дунейм ухохьэр. Ди нэхэр къицIуукIрэ махуэ Iуэхугъуэхэм дыхэту дыхэпсэухьми, Iэмал зэримыIэкIэрэ, игъуэ щыхъукIэ, "жей" дунейм дызэрхилъэфэжынури гурыIуэгъуэщ. Жеиныр "жы е жэ"м ейрщ; "жэ"р игъуэ щыхъукIэ езыр езырурэ къакIуэрщ, пыкыгъуэ имыIэу лажьэрщ; ар ди лъабжьэрылажьэрщ. Ар нэхъыбэу къыщыкIуэжыр, ар нэхъыбэу щылажьэр, е абы нэхъыбэу и хэщапIэр "жэщ"ырщ; тIэ, "жэщ"ыр "жэ"м и "гуэщ"щ.

"Жы" макъыр жыджэру зы макъщ. Зэхуэмыдэ лIэужьыгъуэ куэдыр егъэзащIэр. Зы цIыхур щыгузавэм щыгъуэ, дэIэпыкъуэгъуу илъытэу "зэжалIэ" нэгъуэщI зы цIыхур, абы и "жэрэгъу"у жыIэпхъэнщ. Моуэ щэ, жиIэхэр уигу темыхуэрэ уигъэдий пэлъытэ къыпщыхъурэ, ежэлIэн дэнэ къэна узIуигъэжу щыт зы цIыхур "жагъуэ"у болъытэр, уи "жэгъуэгъу"у бобжыр. "Жы" макъым и жыджэрагъым хузэфIокIыр, Iуэн е зы псалъэ къэIун Iуэхугъуэри, утыку къилъхьа зэрыхъу лъэныкъуэкIэ Iуэтэнри, ар "жыIэн" мэхъур.

ТIанэ, ху е гъавэр гъэущэбэн Iуэхугъуэу щытрэ, ар хьэ фIэщыгъэцIэм къызэртехъукIари гурыIуэгъуэу щыт "хьэжыгъэ" щIын Iуэхугъуэри, хьэр щхьэлкIэ "хьэжэн"ри "жы" IэмалыгъуэкIэрэщ къызэрыхъур.

"Жы" макъым зы пыкыгъуэ имыIэу диябазон лъагэрэ лъэщкIэрэ лэжьыгъэ зэриIэкIэрэу, зы пкъыгъуэр сэ жан гуэркIэ зэурэ занщIэу тIу ищIыкIын Iуэхури "жы" Iэмалыгъуэм хузэфIэкI Iуэхугъуэу къохъур мы псалъэхэр: «Пыгъэжын, гуэгъэжын, фIэгъэжын».

*

"Жы" макъым и диябазоныр лъагэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, ар псынщIэрылажьэрщи, зы псалъэм кIэухыу къыщыпыхьэкIэ, а псалъэр а нэхъ мащIэу тIэу егъэлажьэри, а псалъэм и мыхьэнэр "аргуэрэу" къеIуатэр, къеIуэтэжыр. А мыхьэнэр зэпыудыгъуэ имыIэу егъэлажьэри, ар къыздежьауэ зэрыщыту щытар мэгъэлъагъуэр, мэгъэлъэгъуэжыр. Ар щыхъукIэй, "жы"р зи кIэух хъуа псалъэм къиIуатэ Iуэхугъуэр и къежьапIэм егъакIуэр, "егъэкIуэжыр": ЗызхъуэкIар егъэ"хъуж", къэкIуар мэ"кIуэж", дэкIар "къохыж", кIуэдар "къагъуэтыж"ыр... Е, ″кIуэ″ псалъэр

"кIуэж" мэхъури, ″кIуэ″ Iуэхугъуэу джар къыздежьапIэм мэкIуэжыр. Мыпхуэдэу щытщи, ″жы″ Iэмалыгъуэр кIэух зэрыхъурэ зы псалъэр щылажьэм щыгъуэ, ар псалъэм иджыр къыздежьам мэкIуэжыр: Хъур мэ"хъуж", къехыр "къехыж" мэхъу, кIуэдыр "кIуэдыж" мэхъур...

Мыпхуэдэу "жы" макъыр зи кIэух хъу псалъэм етIуанэу лэжьэгъуэ зэригъуэтыжкIэрэу, а мыхьэнэр и къежьапIэм мэкIуэжыфыр. Мыпхуэдэу зы Iуэхугъуэр, и къежьапIэм зэрIууэжыфрэ зэрIуплъэжыф щыхъукIэ, а Iуэхум и къежьапIэу щытрэ а Iуэхум ипэу щытри мэгъэлъагъуэр. Зи гугъу тщIы мы лэжьэкIэу щытыр, зы Iуэхум ипэрэ и щыпкъагъэр зыхэлъ хъууэ щытрагъэнщи, ар Iуэтэжыпхъэ зэрхъунур "пэж" псалъэрагъэнщ. "Пэж" псалъэм ″пэ-ж″, ″пэ хъуж″, ″ипэ кIуэж″ жыхуиIэрщи, ари "Iуэхум ипэ" е "Iуэхур къызэрежьэ щIыкIэ" жыхуиIэрщ.

″Пэж″ псалъэм, зы Iуэхугъуэр ипэ дыдэ утыку къызэрихьэрэ къызэрыхъум *генератик*эу зэпыщIэныгъэ зэрызыхуиIэр къеIуатэр. ИкIи, "пэж"ыр къежьапIэ зыхэлърэ зы щыпкъагъэм къызэрхэхъукIкIэрэу, лъэщ хъурэ ипэкIэй кIуэрщ; ар ипэ ижырщ, ипэкIэ жэрщ; щыпкъагъэр зэрлъэщрэ зэрыпашэр къэзыIуатэрщ ар. Мыри щыпкъагъэрэ пэжыгъэр - абы аткIэ щымыIэжу- зифIэщрэ, а фIэщ хъуныгъэкIэ ухуа хабзэкIэ псэууэ щыт зы бзэ лъэпкъ Iуэхуу къыщIэкIынщ: Лъэщыгъэрэ текIуэныгъэр, ипэ ищынрэ пэшагъэр зыхуэфащэу щытрэ, зэманми къелыну лэжьыгъэр зи Iэмалыгъуэу щыт закъуэр пэжыгъэрэ щыпкъагъэ закъуэу зэрыщытын хуейр; икIи, мыбы нэгъуэщI зы Iэмалыгъуэй зымыщIэ цIыху щэнхабзэм къигъэщIауэ зы псалъэщ "пэж"ыр жыIэпхъэмэ.

*

"Жы" макъым зэхуэмыдэхэу игъэзащIэу щыт мыпхуэдиз Iуэхугъуэ щыщыIэкIэ, мыхэр зэригъэзэщIэф Iэмалыгъуэрэ щхьэусыгъуэхэм аргуэрэу хэплъэжын хуейщ. ИкIи, нэхъ кIэщIрэ гурыIуэгъуэу хэплъэжауэ, дэтхэнэ зы псалъэм зыпызыщIэфу щыт "жы" макъым иIэ жыджэрагъэмрэ щэныфIагъэр къызхэкIыр къэгъэунэхун хуейщ.

"Жы" макъым Iэмалыгъуэ куэд зэригъэзащIэр пэжщ. Ар диябазон инрэ пэриод цIыку дыдэ зиIэу зы макъщ; ар щыхъукIэй, дэнкIэй хэхьэфу е хэжэфу жыIэпхъэнщ. КъэкIыгъэхэр бэгъуэнрэ, аргуэру къэкIыгъэ къыхэхъукIыжыныр, зэщIэблэжыныр зыгъэзэщIэжыр зы жылэ зэрыхъури гурыIуэгъуэщ. КъэкIыгъэм имызакъуэу, псэ зыIутрэ псэущхьэ хъуауэ щытми я бэгъуэнрэ зэщIэблэжыныр жылэ мыкIуэда IэмалыгъуэкIэрэщ. Адыгэхэм лъэпкъ псалъэм ипIэ "жылэ" псалъэр зэригъэувэфри мырагъэнщ. "Жы" макъыр псэм и лъабжьэрылажьэу, псэм хуэлажьэ Iэмалыгъуэхэр зыхузэфIэкIырщ. Псэм дэщIыгъуу зэрыщыIэм и щапхъэхэм ящыщщ "бынжэ" псалъэм къиIуатэу щытри: Анэм и быныр ипIын папщIэ хуигъакIуэхэр зэрыжэ гъуэгущ бынжэр.

Псэм и лъабжьэрэ зэманкIэрэ псэр къызхэхъукIыу щыт псым и кIуэкIэрщ "жэн"ыр. Жэныр псым и "щэн"ырщ; узэфэу щыт псым и закъуэу щымыту, ″псы″ макъ зэгуэтым гурыIуэгъуэ ящIыу щыт зы щIыкIэ зиIэу щыт дэтхэнэ зы гуэрми и щэнырщ зи гугъу тщIыр.

Псы щIэмыжэрэ псы щIэмытыжмэ псэ зыIутыр псэужыфынкъым. Ауэ, а псыр щIэжэрэ, езым хэт псырэ лъыпсыр и лъэм щырижэм щыгъуэщ псэр зэрыпсэуфынур. Псы игъуэту щытми, ар щIимыфыжрэ езым и псыр зэмыжэжмэ псэм зимыхьыжу аращ, псэр мыпсэужу аращ; ар псэхыжын Iуэхугъуэрщи, апщыгъуэм а псэущхьэр лIэжауэ аращ.

Псэ гъэпсэхуныгъэу, псэущхьэхэр арыншэрэ абы хуэныкъуэ зэпыту я гъащIэр куэдрэ зэрамхьыфыну щыт "жеин"ри "жы" Iэмалыгъуэщ. ИкIи, ар игъуэ щыхъукIэ езырыжу къызэрыкIуэрэ псэущхьэм зэрфIэфIыжурэ зэрхилъафэ щыхъукIэ, жеинрэ "жы" Iэмалыгъуэншэу, псэм и щыIэгъуэр зэримхьыфынур гурыIуэгъуэ къытхуещIыр. "Жы" хэщапIэу жыхуэтIа жэщращ псэущхьэм и гъащIэм нэхъ гъэпсэхугъуэу иIэ жеиныр щыигъуэр.

Псэ Iуэхум мыпхуэдэу зэрпыщIарагъэнщ, "псэм къыхэхъукI лъэ"уэ жыIэпхъэ хъууэ щыт "псалъэ"р къэIуэн папщIэ, "жыIэн" псалъэр жыIэпхъэ щIэхъуар. Псалъэр, ″жы″ IэмалыгъуэрэкIэ псэм къызэрыхэхъукIыр къигъэлъагъуэу зэрыщытрагъэнщи, зы зэманыгъуэ IэнатIэрэкIэ (Iэ) псэм къыдэжрэ къызэрыхэхъукIрагъэнщ ″жыIэн″ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыр. Псэлъэгъу къыпхуэхъуфыр уи ″жэрэгъу″щ, уи псэр щыбампIэм е гу къыдэж ущимыIэм щыгъуэ абы уожалIэри уопсалъэр; зы гуэрхэр зыжывоIэри фи псэр фогъэпсэху е гу къыдэж фогъуэтыжыр. Ауэ, псэлъэгъу къыпхуэмхъуфрэ уепсэлъэн зы гуэр уигу къыхудэмыжу щыт зы цIыхури уи ″жагъуэ″у щытырщ. Узэрижагъуэр къэбгъэунэхуауэ щытмэ, тIэ а цIыхур уи ″жэгъуэгъу″щ. Мы къэхъу Iуэхугъуэхэр зэхуэпхэнджу щытми, жыIэпхъэ зэрыхъу щIыкIэр "жы" макъ защIэкIэрэщ.

*

ГъащIэр иухрэ псэущхьэр щылIэжым щыгъуэй, ар зигъэпсэхупIэу щыт гуэрупIэрэ(?); ар пщIэнкъым, ауэ, гъащIэм хэту щыт псэущхьэхэр мэпсэхыжри, дунейр кIыфI къахуохъур жэщми хуэмыдэжу. Ар щхьэ, ″лIэжын″ псалъэм "жы" макъ зэрхэткIэрэу, лIэныгъэми "жы" Iуэхугъуэр дэщIыгъуу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыбы къызэрыгуэкIкIэ ″лIэн″ыр зэ щхьэ и щхьэм къырикIуэу къыщIэкIынкъым зы псэущхьэм. Ар къыздикIам кIуэжу аращ ″лIэжын″ псалъэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыр. Зы къэкIыгъэр бжьыхьэм гъужрэ гъатхэм къызэрыгъэгъэжым хуэдэу, дэтхэнэ зы псэущхьэри мыувыIэу лIэжрэ къэхъужу зэрыщытыр гурыIуэгъуэ къытхищIыу жыIэпхъэщ ″лIэжын″ псалъэм.

ГъэщIэгъуэнщ псэущхъэм папщIэ лIэн е сэхын (сым ехын) закъуэ мыхъуу, "лIэжын, сэхыжын" жыIэгъуэхэр къыщIэхъуфыр. ИкIи, "жы"р кIэух щыхъукIэ, аргуэру къытыригъэзэжын мыхьэнэр къыщIэхъуфым тегупщысыхьыпхъэщ.

Сытри хъууэ макIуэр, гъащIэрэ щыIэгъуэр къызэрекIуэкIыр хъуурэщ. Хъур зэрыхъуауй къанэркъым, зохъуэкIыр е зехъуэжыр. Зэ хъуар зэрыхъуауэ къэмынэжу зехъуэжыр. ЖыпIэ хъумэ, сытри къокIуэкIыр хъурейуэ -хъум ейуэ-. Хъурейуэ къекIуэкI щыхъукIэй, Iэмал зэримыIэщи хъуам зехъуэж, аргуэрэу хъуауэ жыIэпхъэми зехъуэжыжыр. ТIэ, зэ хъуар аргуэрэу аргуэрэу хъурэ хъужурэ макIуэр. Хъурейуэ укъыщекIуэкIкIэ зы щIыпIэм -игъуэ къыщысым щыгъуэ- аргуэрэу ублокIыжыр. УзыIууэм ущохъу, аргуэрэу ущыIууэжкIэ аргуэрэу ущохъужыр. Ар щыхъукIэй, "сы"м укъыхэкIарэ "щы" бгъуэтауэ щытмэ, зы зэман нэужь аргуэрэу "сы"м уIууэжынщ, усэхынщ, усэхыжынщ. "ЛIэжын" псалъэр жыIэгъуэ щIэхъуфри мыпхуэдэрагъэнщ.

НытIэ, "жы" макъыр псэ Iуэхугъуэ закъуэм хуэIуакъым. Ар диябазон ин зэрыхъукIэрэу сытми хожэр, сытми ирожэр. Абы, и жэрагъэмкIэрэ сытри зэпещIэфыр; и жыджэрагъымкIэ сыт джырэ хъууэ щытми, зи лъабжьэрылажьэу хэтрэ зэманыгъуэм дэщIыгъуу жэрщ "жы"р; икIи, зэманыгъуэм къелу щытрэ, лъабжьэми хуэкIуэжырщ. Лъабжьэу щытыр зэманым дэкIурэ сыт щыгъуэй кIуэтэгъуэ зиIэ хъурщи, дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэу къэхъум хэтыжу щыIэгъуэрэ гъащIэм ирижэрэ сыт щыгъуэй лейуэ щымытрэ блэкIын Iуэхугъуэм къелу щытырщ; мыпхуэдэу зы щыIэгъуэ лъабжьэ хъууэ щытыр зэманыгъуэм иризгъажэрщ "жы" Iэмалыгъуэр.

Пыкыгъуэ зимыIэрэ лажьэу, сытми зэрхэжэфкIэрэ зыхэжэу щыт сытри -езыр зыхэт зэрыхъу щIыкIэу- зэпыщIа зэрищIкIэрэу, "жы"р сытри зыпыщIа зыщIырщ. Сытри зыпыщIауэ къекIуэкIрэ хъууэ зэрщытым хэтырщ "жы"р; сытри зыпыщIа зэрыхъум и щьэусыгъуэрщ ар. "Жы"р сыт щыгъуэй, джыуэ щытым хэту лэжьыгъэ зиIэрщ.

ТIэ, "жы" макъым игъэзащIэр, козмикэу мыкIуэдрэ зэман ужьымірижэу щыт лъабжьэрщ; ар козмозым и "*генэтикэ*" Iуэхугъуэр къэзыIуэтапхъэрэ гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIрауэ жыIэпхъэнщ. "Жы" Iэмалыгъэм игъэзащIэрагъэнщ "*ген*" Iуэхугъуэр къызхэкIыр. "Ген" псалъэр бзэ гуэрхэм зэрыхэтри "*жен*"у зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

"Жы" Iэмалыгъуэр дэтхэнэ зы гуэрыр зэпызыщIэфырщ; зы псэущхьэм и лъабжьэр мыкIуэдыжу, абы и гъащIэм ирижэрэ зэрыхэтыр зыгъэзащIэрщ. Мыр зы Iуэхугъуэу утыку къыщихьэм щыгъуэ, тIэ, "жэн, ирижэн" хуэдэ глаголщ къэхъунур. Гулъытапхъэщи, "ген, жен" псалъэхэри адыгэбзэм и глагол формэм иту щытщ. Ахэр –*спекулатив*у- адыгэбзэу

щытауэй жыIэпхъэнщ; ауэ, ахэр Греколатин бзэжьхэм къыщIэныжауэ щыт псалъэхэрщ; мы бзэжьхэр лъабжьэкIэ адыгэбзэм хуэгъунэгъуу зэрыщытари жыIэпхъэнщ.

Дэтхэнэ зы ужьыгъуэм ирикIуэрэ, зы ужьыгъуэм и лъабжьэр зэрымыкIуэдыр къэзыIуатэр ″жы″ макъырщи, ар зи фIыгъэу щыт ″жы″ Iэмалыгъуэм хуэдэу гурыIуэгъуэу щытщ генетикэ Iуэхугъуэри. Макъ Iэмалыгъуэхэр къэгъэунэхуныр, ахэр бзэм хэту зэрылажьэрэ бзэм зэрижэ щIыкIэхэр утыку къилъхьэн Iуэхугъуэрщи, мыпхуэдэу макъ Iэмалыгъуэ жыгхэр къэгъэунэхун Iуэхури зи фIыгъэр ″жы″ Iэмалыгъуэрщ.

″Жы″р сытми хэтщ, сыт хъуми хэтынущ, сытри "жы"м елъытауэ пыкыгъуэ зэримыIэкIэрэ зыпыщIауэ щытщ. Зы зэманыгъуэкIэ къэхъуарэ утыку къихьауэ щыт зы гуэрыр, а зэманыгъуэм ипэ зэрыщытам хуэдэ зэрыхъужын Iуэхугъуэр ″жы″ IэмалыгъуэкIэ мэIуэтэжыр. Сытми хэтрэ сытми пыщIа щыхъуфкIэй, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр и къежьапIэм пищIэжыфынщ, зы Iуэхугъуэр аргуэрэу уригъэщIэфынщ: КъэкIуар игъэкIуэжынщ; мыхъур игъэхъужынщ; кIуэуэ щытыр аргуэру кIуэнщи кIуэжынщ; плъэр плъэжынщ...

*

″Жы″ макъым теухуэ къэтIуэтауэ щыт псоми къызэрагъэлъагъуэу, иужькIэ жытIэжахэм нэхъ нахуэ къызэращIыжам ущеплъкIэ, ″жы″ макъым бзыгъэ зэрыхэлъыр гурыIуэгъуэнщ. Ар зы лъабжьэу щытрэ сытри зыпызыщIэф хъурщ. Ар, быныр зэрипIыну "бынжэ" ирехъу е къэтIэпIрэ жэпкъыр къызхэкIыну "жылэ" ирехъу; псым хуэдэу жэрэ псынщIэу, псыгъуэрэ зэпыкыгъуэй зимыIэу, лъабжьэкIэ лажьэрэ лъапсэ  Iуэхугъуэу щытщ. "Жы" макъым игъэзащIэу щыт Iуэхушхуэхэр бзыгъэ зыхэлъу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ар къэхъугъэрэ пIыгъэ Iуэхугъуэ лъабжьэу лэжьыгъэ зиIэу зы макъщ. Ар щыхъукIэй, макъхэр хъурэ бзыуэ зэхэгъэкIын хъумэ, "жы" макъыр макъыбз гупым къахэнэнщ. ″Жы″ макъыр макъыбзщ.

Адыгэ цIыхуцIэхэр, зыфIащым теухуауэ макъыбзэрэ макъыхъуу щытхэр къызэрагъэсэбэпкIэрэу фIащу зэрыщытаращ гурыIуэгъуэ къытхуэхъур. Ар щыхъукIэй, Адыгэ цIыхухъуцIэхэм ″жы″ макъыр хэтагъэнкъым. А макъыр зыхэту щыта Адыгэ цIыхубзыцIэр мащIэу къыщIэкIынтэкъым. Нобэ тцIыхужу щыт Адыгэ цIыхубзыцIэ зы бжанэм ящыщщ мыхэр: «Жан, Жансурэт, ЖанцIыкIу, Жанхужь, Жансер, Жансэт, Жангуащэ, Жанпагуэ, Гуэщэжан, Нэжан, Нэхуржан...».

**ЖЬ...**

"Жьы" макъри "жы" макъым ещхьщ; ар щхьэ нэхъ хуэмщ, и диябазоныр нэхъ лъахъшэщ. Ари "жы"м хуэдэу мыувыIэн IэмалыгъуэкIэрэ

лэжьыгъэ зиIэу зы макъщ. "Жьы" макъыр къэбгъэувыIэрэ иту щыбгъэтыныр Iэмал зимыIэрщ.

Ар ит зэманым щымыIэу лажьэрщ. "Жы" макъыр зэпыкыгъуэ зэримыIэкIэрэ, ит зэманми -къызэрыкIуар умыщIэххэу- мэлажьэр; ар щхьэ, "жьы"р ит зэман мыхъумэ дэнкIэй щыбгъуэтыну зы мыхьэнэ зиIэу зы макъщ. Джыуэ щытым хэту кIуэр ″жы″уэ щытырщи, сыт щыгъуэй иджым ит хъурщ; мыбы и пхэндж Iэмалыгъуэу щытырщ ″жьы″ри, ар зэй иджымрэ зы итыпIэм къимынэу лажьэрщ. Ар щыхъукIэй, мыувыIэу къэзыкIухьрэ лажьэ Iуэхугъуэхэр; зэ иужь, зэи къэмыхъуа зэманыгъуэм теухуа лэжьыгъэхэр къэзыIуатэр "жьы" макъырщ. "Жьы" макъыр лэжьакIуэу зы макъщ; пхущымгъэтрэ зы щIыпIэ йомгъэтыфу, мыувыIэу къэкIуэнрэ блэкIа зэманыгъуэр къиIуатэу зы макъщ. Иджырэ ит зэманыгъуэм къэмхъуу щытыр къызэрытIуатэр "жьы" макъкIэрщ; икIи, блэкIарэ ит зэманыгъуэм имытыжри "жьы" хъуауэщ къызэрытIуатэр. Зы Iуэхур, блэкIарэ къэмыхъуауэ щыт зы зэманыгъуэ Iуэхуу щымыту, зы увыIэпIэ зэримыIэкIэрэу зы ″лэжьэкIэ″м тетрэ, зэ адэкIэ зэ мыдэкIэ кIуэуэ ″лажьэ″у щытмэ, ари къэзыIуатэр ″жьы″ макъ IэмалыгъуэкIэрщ. ТIэ жыпIэ хъунущ, "жьы" макъым и Iуэхур иджыри къэмыхъуарэ "жьы"уэ, блэкIыу щытрэ ″жьэ″уэ; зи зэманыгъуэр блэкIарэ "жьы" хъуауэ, е мыувыIэу ″лажьэ″у зы Iуэхугъуэу.

МыувыIэу лажьэрэ, и щыIэн щхьэусыгъуэр лэжьэн папщIэ хъууэ щыт гуэрым и фIэщыгъэцIэщ "мажьэ" псалъэр. Лэжьэн Iуэхугъуэр зы Iэ лъэныкъуэм нэхъ хуэфащэ щIэхъуам и щхьэусыгъуэр нэгъуэщI зы Iуэхущ, ауэ, "ижь" щIыжаIар ауэ къызэрыкIуэу хъуауэ къыщIэкIынкъым.

МыувыIэу "лажьэр" "лэжьэнщ"и "жьы" хъунщ; жьы щыхъукIэ "мылэжьэж" хъунщ. "Мэлажьэ!" щыжаIэкIэ, ар кIуэуэ (лажьэу) зэрщытрэ, зы тэлайкIэ мылэжьэжыфу (″лэжьа″уэ) жьы зэрхъунури гурыIуэгъуэ къыпхуещIыр.

МыувыIэу лажьэу щытрэ шхэуэ е жьэгъуашхьэу щыт Iэпкълъэпкъым и фIэщыгъэцIэр "жьэ"щ. Ар щымышхэрэ щымжьэгъуашхэм щыгъуэ маIуэр е мэпсалъэр. Жьэр шхын дэхьэпIэрщ, икIи псалъэ къикIыпIэрщ. Ар зы бгъуэнщIагъ пэлъытэщ; ар щыхъукIэй, зы бгъуэнщIагъми жьэм хуэдэу "жьэдэхьэн" е "къыжьэдэкIын" хъунщ; е, зы гуэрым и Iупэм ущыIухьэм хуэдэу "жьэхэхьэн" жыIэпхъэщ. Зы бгъуэнщIагъ хуэдэу зы щIэхьэпIэрэ щIэтыпIэ е IутыпIэ зиIэ гъуэ пэлъытэм "жьэгъу" фIэщыпхъэнщ. Мыпхуэдэурэ зы псалъэ къаум къегъэхъур ″жьы″ Iэмалыгъуэм: «ЖьакIэ, жьажьэ, жьэрэIурэ, жьэдэлъхьэн, жьэдэуэн, жьэхэуэн, къыжьэдэкIын, къэжьын...».

Зэманыгъуэ дыздитым имытыр, е блэкIащ -ар кIасэрщи, "жьы" хъуаращ-, е игъуэр къэмысаращ -ар пасэрщи, иджыркIэ "жьы"уэ

щытырщ-. Зи зэманыгъуэрэ зи щIэлэгъуэр блэзгъэкIа лIыр "лIыжь"щ. Зэманыгъуэр блимгъэкIами, зы Iуэхугъуэм е зы щытыкIэм иту куэд щIауэ щыхъукIэй "жьы" Iэмалыгъуэр къэгъэсэбэпыпхъэщ; *кроникэ* жыхуаIэ пэлъытэу, а зытету щытым тетыжу щытхэри къызэрыIуэтэнур ″жьы″ IэмалыгъэкIэрщи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр: «Адыгэжь, Нартыжь, щIэлэжь, кIэгуэжь, бгъэжь, выжь, шыжь...».

Мыбы ящхьхэщ, езыр щхьэжу зы щыIэ гуэру щымытрэ, зы щыIэ гуэрым елъытарэ пыщIауэ зэхъуэкIыу щыту зы щыIэгъуэ зиIэ хъуауэ щытхэми я фIэщыгъэцIэхэр къызэрыхъур: «Жьауэ, ныбжь, ныбжьэгъу, жьэуэгъу...».

Мыхэм хуэдэрэ нэхъ гъэщIэгъуэнхэр плъыфэцIэ кроникэхэрщ: «Хужь, гъуэжь, плъыжь».

Зы зэманыгъуэрэ зы щIыпIэу аддэ щыIэр "жыжьэ"рщ: ″Жы″ Iэмалыгъуэу щытрэ, зэпыщIэн Iуэхугъуэ хъур, дызтету щытрауэ зэрыщымытыр (жьы) къэзыгъэлъагъуэу утыку къихьауэ зы псалъэ мэхъур ″жыжьэ″ри, арагъэнщ абы жыжьагъ щIиджыфыр.

Зэрхъун хуейуэ щытым имытыжыр е икIыр "жьы" макъкIэ къэIуэтапхъэщ. Псалъэм папщIэ, зы лы Iэхьэр мафIэм хуэбгъазэрэ умгъэсыпэу зэхъуэкIа щыхъукIэ, ар "жьа" хъунщ. Мы "гъэжьэн" Iуэхугъуэр цIыхум къыIурIэфIарэ къагъэунэхуа "нэужь", зы Iуэхугъуэ IэнатIэ ″къожьэ″ри, абы псалъэ куэд къегъэхъур: «Жьэн, гъэжьэн, жьэрыжьэ, жьэрымэ, жьэгу...».

"Ежьэн, ехьэжьэн, егъэжьэн, хуежьэн..." хуэдэ псалъэхэри, ит зэманыгъуэрэ зыдит щIыпIэм къыщIидзэрэ къикIыу зы Iуэхум щIэдзэн псалъэхэрщ. "Зыужьыгъуэ, иужь, нэужь..." хуэдэ псалъэхэм я лъабжьэри ар дыдэщ. ″Ежьэн″ыр икIи, къэкIуэну е къэхъуну зыпэплъэ Iуэхугъуэхэм теухуауэ жыIэпхъэ хъурщ.

Адыгэбзэр езыр зы бзэжьщи, псалъэ куэд иIэщ "жьы" макъ хэту: «Бжьы, бжьэ, бжьыхьэ, бдзэжьей, бэрэжьей, кхъужь...».

″Жьы″ макъым адыгэбзэм хищIыхь Iуэхугъуэхэр куэдщ; а макъыр лэжьакIуэу зы макъырщ.

## «Щ, ЩI, Ш» МАКЪХЭР

**Щ...**

ЖыпIэ хъунущ, "щы" макъыр гурыIуэгъуэ хъумэ Iухугъуэшхуэ зэфIэкIауэ. Мы макъыр зи лъабжьэу къэхъуауэ бзэм хэту щыт ″щыIэ″р фIыуэ гурыIуэгъуэ щIынрэ, фIы дыдэу лъагъун Iуэхугъуэу утыку къихьауэ щыт щIэныгъэ дисиплиныр философиерщ. ″Щы″р щыIэм хэлърэ и лъабжьэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэ зэрыхъукIэрэу, тIэ, ″щыIэ″р

гурыӀуэгъуэ зыщӀыну щыт философиер, "щыӀэ"м хэзышэрэ хэзыгъахьэу зы Ӏэмалыгъуэрщ "щы"р.

ЗэрыжаӀэрщи, щыӀэр къэгъэунэхуныр кӀэ зимыӀэу зы Ӏуэхурщи, тӀэ, философием и Ӏуэхури кӀэ зимыӀэу зы Ӏуэхурщ; ар щыхъукӀэй, философиер мыувыӀэу зи гъуэгум тетыжу кӀуэнырщ: Философиер гъуэгу тетынырщ. Арамэ, щыӀэм и лъэбжьэжу щытыр "щы"рэ, ари зэманыгъуэу зэрылажьэр къэзыӀуатэу щыт адыгэбзэр, философием и зы гъуэгуанэр къэзыгъэунэхурщи, мыпхуэдэу зэпэщрэ зэгущу зэхэлъхьарэ зэтеувауэ щытмэ адыгэбзэр тӀэ, философием езыр фӀыщэу зыгъэкӀуатэу зы бзэу жыӀэпхъэщ икӀи.

ЩыӀэр "щы" зыхэлъу зэманкӀэрэ къызэрыхъур къэзыгъэлъагъуэу зы бзэрщ адыгэбзэри, мыпхуэдэрэкӀэ философиеу игъэзащӀэ Ӏуэхур мащӀэкъым. ИкӀи, щыӀэр зы зэманыгъуэ Ӏуэхугъуэу ялъытауэ щытщ иужьрей философхэм; ауэ, ар зэрызэманыгъуэ щӀыкӀэр адыгэбзэм зэрыжиӀэм хуэдэу нахуэу гурыӀуэгъуэ яхуэхъуакъым иджыри: "ЩыӀэ" псалъэр щызэппкъырыпхым щыгъуэ, ар "щы" лъабжьэрэ зы зэманыгъуэ (Ӏэ) зэриӀэрэкӀэ лэжьыгъэ зиӀэ гуэру зэрыщытыр гурыӀуэгъуэ къыпхуещӀыр адыгэбзэм.

ГъащӀэу цӀыхур дызхэтрэ, цӀыхугъэм къигъэщӀауэ хъуам къыгурыӀуарэ ицӀыхур, ищӀэрэ ищӀыр, еджэрэ иджыр, зызэриужьрэ зыужьыгъуэу иӀэу хъур, хъууэ щытрэ хъуну щытыр, сытри къызэрекӀуэкӀрэ зыхэлъу щытрэ зэрыщытынур "щы" ӀэмалыгъуэкӀэрщ.

"Онто" жыхуаӀэр пэсэрей алыджыпбзэрщи, "щыӀэ" мыхьэнэрауэщ зэралъытэр. "Щы"р "щыӀэ" псалъэми и лъабжьэрэ, ар къызтехъукӀырщ. ТӀэ, "щы"р а "онто" жыхуаӀэми и лъабжьэу щыт хъурщ. ЩыӀэгъуэ логиер къигъэунэхуныр зи Ӏуэхуу щыт онтологием и Ӏуэхугъуэ нэхъыщхьэр тӀэ, "щы"рауэ жыӀэпхъэщ. Мыбдежым гурыӀуэгъуэр аращи, "щы" Ӏэмалыгъэр щыӀэ лъабжьэу зыхэту щыт адыгэбзэр, философиер зыгъэкӀуатэу зэрыжытӀам хуэдэжу, онтологием и Ӏуэхури зыгъэкӀуатэрщ.

Ауэ, Ӏуэхур мыбы къыщынэркъым. "Щы"р къызэрыхъури "сы" ӀэмалыгъуэкӀэрауэщ адыгэбзэм зэрыжиӀэу зэрытлъытэри, тӀэ, "щы"р къызэрыхъурэ абы аткӀэри къизыӀуэу щыт адыгэбзэр, нобэрей онтологием и пшэплъым куэду щхьэщокӀри мэкӀуатэр. Онтологием и Ӏуэху ӀэнатӀэу илъытар "щыӀэ" псалъэм зэхиубыдэу щытырщи, абы и хыхьэпӀэри къегъэлъагъуэр адыгэбзэм; ар щыхъукӀэ, онтологием и Ӏуэхур егъэтыншыр. ИкӀи, абы ухыхьэрэ уздэкӀуэфым аткӀэри гурыӀуэгъуэ къыпхуещӀыр адыгэбзэми, апщыгъуэм онтологиер егъэужьыр, икӀи абы Ӏуэху къыхуикъуехыр. "Щы"р зы зэман ӀэнатӀэм (Ӏэ) папщӀэ щыӀэ зэрыхъурэ, а зэманыгъуэ ӀэнатӀэу мылэжьэж щыхъум къызэрыгуэкӀкӀэ щымыӀэж щыхъум щыгъуэй, "щыгъуэ"м зэрыхыхьэжыр къэзыӀуатэу щыт адыгэбзэм, "щы"рэ "щыгъуэ"р къызэрыхъурэ къызхэкӀыр "сы"уэ зэрилъытэм имызакъуэу, "щы"рэ щыӀэм щхьэщыкӀри

къэзыгъэлъагъуэрщи, ари ″ты″ Iэмалыгъуэм гурыIуэгъуэ къытхуищIырщ. ТIэ, мыхэр мыпхуэдэу утыку къыщырилъхьэкIэй, адыгэбзэм онтологие щIэныгъэм и Iуэухур егъэкIуатэ, Iуэхуй къыхуикъуехыр; икIи, абы ужьыгъуэ къыретыр, зегъэубгъур.

ТIэ, щыIэм и логиер къэгъэунэхуныр зи Iуэхуу щыт онтологием и пащхьэм адыгэбзэм ирилъхьауэ щыт зы Iуэхугъуэ IэнатIэр ″щы″ Iэмалыгъуэрщи, ар онтологием гурыIуэгъуэ ищIыныр хузэфIэкIмэ, онтологием и IэнатIэу зыхузэфIэмкIынрэ зыхузэфIэмкIа къэнэнкъым. ТIэ, абы и нэужьым и Iуэхури зэрзэфIэкIа мэхъури, езы онтологиери утыкум икIыжынщ.

Ауэ, а Iуэхугъуэр, цIыхум езыри зыхэтрэ зыхиубыдэу, хъууэ щытым теухуауэ щытырщи, ар нахуэ щIынрэ зэфIэгъэкIыныр, Iэмал зимыIэу зы Iуэхугъуэу къыщIэкIынщ. Сыт хуэдиз упщIэр утыку къилъхьэнрэ, упщIэу хъуар щыIэхункIэй, "щы"м ехьэлIа Iуэхугъуэхэри куу хъурэ ужьыу щытынщи, абы кIэ игъуэтыну къыщIэкIынкъым. УпщIэ нэхъыщхьэрэ, упщIэу хъуам и пэджэж лъэщрэ Iущагъэхэр къыхуэбгъуэткIэй, хэкIыпIэ зэгущрэ щыпкъагъэр къэгъуэтауэ лъытапхъэ хъуфыну къыщIэкIынкъым. ИкIэм икIэжым, пэщIэдзэ упщIэм упщIэ нэхъыщхьэу ухуокIуэлIэжыр: Сыт тIэ ″щы″р? –″Щы″р щыщ!

*

″Щы″ макъыр, ″сы″ макъым и пхъэшэу къэIуу зы макъщ. Макъ къэIукIэу а макъитIыр зэрызэгъунэгъум къызэрыгуэкIкIэй, яджыу щытхэм зы зэпыщIэныгъэ зыхуаIэу жыIэпхъэщ. ТIэ, ″сы″р ″щы″м и щабэ макъырщи, абы и лъабжьэу джырщ. ″Сы″ Iэмалыгъуэу джыуэ щытым къигъэхъурщ ″щы″р. ″Щы″ къэхъуным и щхьэусыгъуэ хъур ″сын″ Iуэхугъуэрщ.

Сыуэ щытрэ зысу исыжу щытыр ″сос″ырщи, абы къыхэхъукIыу джырауэ жыIэпхъэщ ″щы″уэ утыку къихьэр. Ауэ, зы гуэрыр къызхэхъури ″щы″рщи, япэрейуэ утыку къихьэу щыт ″щы″ Iэмалыгъуэр тIэ, ″сос″ жыхуэтIэрагъэнщ. Джыр зэрыдж щIыкIэр зэрыскIэрщи, ису ит хъуауэ ис хъууэ щытырщ джыр зыджрэ зэрыджри, апщыгъуэри хэтыжрэ апщыгъуэм къыхэхъукIыу щытрэ джыуэ утыку къихьэри ″щы″рщ. А утыку къихьэу щыт ″щы″р зэманыгъуэрэкIэ ″щыIэ″ хъууэ щытырщи, ар зы зэманыгъуэ IэнатIэкIэ зэрыщыIэу щыт хъурщ. ИкIи, щыIэр сыт щыгъуэй сын Iуэхугъуэр зехьэлIарщи, ар щыIэхукIэ сыуэ иту сырщи, сыт щыгъуэй ″сос″ым иту щыт хъурщ.

″Сы″р щыIэ мыхъурэ, щыIэ лъабжьэу щыт ″щы″р къэзыгъэхъурщ; икIи, щыIэ хъуам хэлэжьыхьрэ абы ″щы″ къызэрыхищIыкIкIэрэй, щыIэм и щыIэкIэ лъабжьэр зэзгъэпэщырщ.

″Щы″р къызэрыхъур мыпхуэдэу жыIэгъуафIэрэ гурыIуэгъуафIэу щытми, ар япэрауэ къызэрыхъурэ, и къежьапIэу щытыр зэрымынахуэм

къызэрыгуэкIкIэ, "щыIэ" хъууэ щытым и лъабжьэр къэгъэунэхуныр зы Iуэхугъуэ гугъурщ.

Сыуэ щыт гуэрым и гугъу щытщIкIэ, тIэ, а сыр щыIэу зы гуэрырщ; ари "щы"уэ зэхэлъ гуэрырщ. Сыуэ щыт дэтхэнэ зы гуэрыр "щы" гуэрырщи, "щы"м и къежьапIэм унэсынрэ и лъабжьэр къэгъэунэхуныр гугъущ, пхузэфIэмкIын Iуэхуу щытырщ.

"Уэзыр мэс" щыжыпIэм щыгъуэ, уэзым езыр щыIэ гуэрырщи, "щы"уэ зэгъэпэщарщ. Уэзыр джырэ иджыр къыщыхъукIэй, къэхъуу щытыр зы "щы"рщи, ар щыIэ лъабжьэрщ. Ауэ мы Iуэхугъуэр щыIэ лъабжьэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэркъыми, щыIэу щытыр аргуэру зэрыджрэ щыIэ зэрыхъуж щIыкIэр къэзыIуатэу щыт Iуэхугъуэрщ.

"Щы"м и пэщIэдзэрэ и къежьапIэ мыхъуми, ар къызэрыхъур гурыIуэгъуэщи, "сы" Iэмалыгъуэрщ; тIэ, мыувыIэу къэхъуу щытыныгъэращ гурыIуэгъуэ хъур: "Сы"р мэджри иджыр къохъури, "щы" мэхъур; исырщ "щы" хъур. Ар щыхъукIэй, "щы"р иджырщ, иджым щыджырщ. Пэжщ ар иджырщ, иджыми щыджырщ; ауэ, ар икIи, "щы"уэ утыку къихьауэ щыт мыджри хъунщ; мысрэ мысэр, мыджэ жыхуэтIэр "щы" зиIэу щытри хъунщ; ар щхьэ, икIи, зэй "щы" зиIэ мыхъуай хъунщ.

Ар щхьэ, Iуэхур щызэхэхупIэр мыбдежырщи, мысэрэ мыджэри "щы" Iэмалыгъуэм итыпхъэнщ; "щы"р иджым итрэ, джыуэ щыт закъуэрагъэнкъым. Ауэ, иджым итрэ щыджырщ "щыIэ" хъур. Иджым имытми, "щы" Iэмалыгъуэр зэрыщыту щытырщи, ар къэкIуэну зы зэманыгъуэй хъунщ; блэкIарэ иджым имыту щытрэ мысэрэ мыджэй хъунщ. Ар щыхъукIэй, иджы мыхъурэ щымыджу щытри, "щы" Iэмалыгъуэнщ; ауэ, иджым щыджыр щыIэгъуэ зиIэ хъурщ.

ТIэ, иджым щымыджэрэ, икIи, мыджэу зэрыщыткIэрэй, зэй джыну щымытыр, "щы" Iэмалыгъуэу щымытырщи, ар "цIы"уэ щытырщ.

Мыбы дыщыхуэкIуэм щыгъуэй, "щы" Iэмалыгъуэмрэ "цIы"м зы зэхэкIыпIэрэ зэхэхупхъэ яку дэлъу зэрыщытыр гулъытапхъэу щытщ. Зы псалъэ хэтщ адыгэбзэми, "щы"рэ хъупхъэу щыт лъабжьэ "хъы"р хэту щытщ абы. А псалъэр "цIырхъ" псалъэрщи, ар япэрауэ зэры "цIы"р гулъытапхъэу щытщ. Ар зы "цIы" Iуэхугъуэрщи, ар "цIы"рэ "хъы"рщ; мыхъумэ, "цIы"р "хъы"уэ лэжьыгъэ зиIэу зы псалъэркъым. "ЦIырхъ"у зэхэлъыр, япэрауэ "цIы"уэ щытырщи, ар "цIы"рэ "хъы"уэ зэхэлъу щытырщ. ГурыIуэгъуэщи, "цIы"р мыхъунурэ зэй мыджэнурщ; "хъы"р "щы"пхъэрэ хъур къызхэхъукIыну щытырщ. ТIэ, дауэ хъуми, "цIырхъ"ыр и пIэм зэрикIрэ зэрыпIэнкIкIэрэу, "цIы"рэ "хъы"р зэщхьэщыкIагъэнщ. Ауэ, "цIырхъ" псалъэр зэрызэхэлъ щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, ай тIур зэдэгъурэ зэхуэдитIыркъыми, зэхуэдапхъэу зэщхьэщыкIауэ лъытапхъэкъым; а зэхэлъу щытым, "хъы"р къыхэкIагъэнщи, "цIы"ри зэрыщыту къэнагъэнщ. Мыпхуэдэу зэрызэщхьэщыкIым къызэрыгуэкIкIэ,

хъур къэхъуагъэнщи, ар къызэрыхъури, ″хъы″уэ щытыр зэрысрэ зэрыджкIэрщи, ар икIи, ″щы″ри къызэрыхъурщ.

*

″Щы″р ″сы″ Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щытырщ. Зэман ужьыгъуэу щытрэ, зэман шабзэр зыдынэсыпIэр ″сы″ Iэмалыгъуэр къызщыхъурщи, абдэжым щыджыр ″щыIэ″ хъурщ. Ар зы зэманыгъуэ IэнатIэрэкIэ (Iэ) щыIэу щыт хъурщи, а зэманыгъуэр щыблэкIым щыгъуэ, ар щыIэу щыт хъункъым, щыIэжынкъым. Ар иджым имытрэ блэкIа щыхъукIэй, зэманыгъуэ IэнатIэу лэжьыгъэ зимыIэжырщи, ″щы″уэ къызэтенэжырщ. КъэкIуэну щытми, иджым щымыджу щытрэ зэманыгъуэ зиIэу лэжьыгъэ зымгъуэтаращи, ар ″щы″рэ къэхъупхъэу щытми, иджыркIэ мысэрэ мыджэрщ. ТIэ, мысэрэ мыджэу щытрэ, иджым щымыджу ″щы″ Iэмалыгъуэ зиIэ хъур мырагъэнщ. Мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэри бзэм къызэрыIуатэр ″щы″ макъ IэмалыгъуэкIэрщ.

Аращи, ″щы″рэ игъуэ къэсыр мэсри мэджыр, щыIэ мэхъур. ″Игъуэ″ жыхуэтIэр, ″и″пIэу щытырщи, абдежыр джыпIэрщ, абсисырщ. А джыпIэу щытращ иджы жыхуаIэр. ТIэ, игъуэ къэсрэ иджы къыщыхъум щыгъуэ, джыну щытрэ, щыIэ хъунуращ ″щы″ри, абдежыр икIи ″щы″пIэрщ, ″щыгъуэ″ псалъэм къыриIуапхъэу щытырщ. Ар щыхъукIэй, зэман ужьыгъуэр къызхунэсрэ игъуэ щыхъум щыгъуэ, ″щы″уэ щытым зэманыгъуэ щигъуэтыр, иджыуэ щытрэ ар зэманкIэрэу щыджырщи, зэман зиIэу лэжьыгъэ зыгъуэта ″щы″р ″щыIэ″ хъуарщи, ар щыхъуа щIыпIэрщ ″щыгъуэ″р. ИкIи, а щIыпIэр ″щы″м и гъуэу щытырщи, икIи ″щы игъуэ″у щытырщ.

″Гъуэ″ жыхуэтIэр, щыIэм къызхигъэхъукIыу щыт зы пIэ пэлъытэрщи, ар зы джыпIэу щытрэ джыгъуэрщ. Ар зы щIыпIэрщ тIэ икIи. Мыхэр зэманыгъуэм зэрелъытарэ къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт Iэмалыгъуэхэрщи, зэманыгъуэу гурыIуэгъуэ хъууэ щыт джыпIэхэр ″щы″ Iэмалыгъуэр къызэрысэбэпкIэрэу къызэрыIуэтапхъэм хуэдэжу, щIыпIэрэ джыпIэхэри ″щы″ IэмалыгъуэрэкIэ къэIуэтапхъэу хэтщ бзэм.

Зэманыгъуэрэ джыпIэу щыт щIыпIэхэри ″щы″ Iэмалыгъуэу къызэрыIуатэм хуэдэжу, дэтхэнэ зы щыIэгъуэрэ щыIэ гуэрри къэIуэтапхъэу къосэбэпыр ″щы″ макъыр. Сыт хуэдэми, зэманыгъуэрэкIэ джыпIэм щыджрэ щыIэ хъууэ щыт гуэрыр, икIи, зы зэманыгъуэ зиIэрэ джыпIэрэ джыпхъэрщи, мы псори ″щы″ IэмалыгъуэрэкIэ къэIуэтэныр игъуэджэу щыт Iуэхугъуэрщ; ахэр зэхуэмыдэрэ зэщхьэщыкIыныгъэ зиIэ Iуэхуу щыткъым. ИкIэм икIэжым, ″щы″р къызэрысэбэпкIэрэу ахэр къызэрыIуатэ щIыкIэр ″щы″ лъэныкъуэу къекIуэкI Iуэху зэрыхъукIэрэщ.

ИкIи, дэтхэнэ зы щыIэ гуэрыр зэрыдж щIыкIэу щытыр, и щIыкIэрэ и щыIэкIэу щытырщи, ахэри къызэрыIуэтапхъэри ″щы″ макъкIэрщ.

Мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр зэригъэзащIэрэкIэ бзэм хэту щытщ ″щы″ макъри, ар лэжьакIуэрэ зэхуэмыдэ Iуэхугъуэ куэдым папщIэ къэсэбэпу бзэм хэту щытш.

*

"Щы"р щыIэм и лъабжьэ хъуращ; "щы"м зэманыгъуэ щигъуэткIэ "щыIэ" мэхъур. ЩыIэр зэрыхъу щIыкIэр "щы"кIэрэщ; дэтхэнэ зы щыIэр утыку къызэрихьэрэ щыIэпIэ зэриувэ щIыкIэр "щы"кIэрэщ. Зы щыIэ гуэр щыIэкъым щыр имыгъуэтауэ щыIэ хъуауэ. Макъри, плъыфэри, псыри, гъащIэри, сытри щыIэ зэрыхъу щIыкIэр "щы"р лъабжьэ яззрыхуэхъукIэрщ. Сытми "щы"р лъабжьэ зэрхуэхъукIэрэу, зэманыгъуэ (Iэ) щигъуэтым щыгъуэщ "щыIэ" щыхъур (щы-Iэ).

″Щы″ макъыр адыгэбзэм куэду хэтщ; икIи, зэрыхэт щIыкIэм гурыIуэгъуэ къытхуещIыр "щы" Iэмалыгъуэр. Абы, утыку къихьар, зэманыгъуэкIэрэ къызэрихьэр, къызэрихьэ гъуэр е щIыпIэр къыдегъэлъагъуэр.

"Щы"р зы бжыгъэщ; икIи, мы бжыгъэращ щыIэр щыIэ хъун папщIэ игъуэ хъун хуейуэ щытым и бжыгъэр. "ЩыIэ"р, ″щы″ бжыгъэ Iуэхугъуэр зи лъабжьэ хъуарэ зэманыгъуэ зыгъуэтаращ. Щы Iэмалыгъуэ зыгъуэтам, зэманыгъуэ имгъуэтауэ щытмэ, щыIэ хъуфыркъым; ар "щыгъуэ"м ит хъуарагъэнщ, ″щы″р зыгъуэтауэ шытырщ.

"Щыгъуэ" зыгъуэтарагъэнщ икIи зэманыгъуэ щытехьэкIэ щыIэ хъуфыр. ЩыIэ хъур зы зэманыгъуэ IэнатIэрэкIэ щыIэ хъууэ щытырщи, ар щымыIэж щыхъукIэ и щыгъуэм ехыжырщи, аргуэрэу зы зэманыгъуэ IэнатIэрэкIэ щыIэ хъупхъуэу и гъуэм итыжырщ; игъуэрэ и зэманыгъуэр къыщыскIэй, и гъуэм ису иту щыскIэрэу щыIэ хъужу къыщIэкIынущ.

НытIэ, зы щыIэри зэрщыIэкIэрэу щымыIэж щыхъукIэ, и ″щыгъуэ″м ихьэжу къыщIэкIынщ. Мыхэр гурыIуэгъуэ зыщI псалъэ куэд хэтщ адыгэбзэм. Псалъэм папщIэ, дунейм ехыжар ягу къагъэкIыжу хуащI махуэм щхьэ "щыгъуэ махуэ" жаIэр. Щыгъуэ махуэр, зэманыгъуэкIэрэ дунейм темытыж зы цIыхум и махуэщ; абы зэманыгъуэ щиIаращ: «Иджы, и щыгъуэ махуэм, абы зэманыгъуэ иIэжкъыми, и щыIэкIэм зэманыгъуэ иIэжкъым; и "щы"р зэманыгъуэ глаголкIэ лэжьэжкъыми, и щыгъуэм ихьэжащ, щыгъуэм итщ».

″Щыгъуэ″ псалъэр, ит зэманыгъуэ лэжьыгъэ мыхъуу, блэкIа е къэкIуэну зы зэманыгъуэм щыIэгъуэ зыгъуэту щыт Iуэхугъуэхэм папщIэй къыдогъэсэбэпыр: "Сыт щыгъуэ, сыт щыгъуэй..." хуэдэ псалъэхэр е "абы щыгъуэ, апщыгъуэ, къыщыкIуам щыгъуэ, къыщыкIуэм щыгъуэ, къыщыкIуэнум щыгъуэ..." псалъэхэр къыдогъэсэбэпыр. Мы "щыгъуэ" псалъэхэм жаIэу щытхэри ипщэкIэ щыжытIа "щыгъуэ" псалъэм хуэдэщ: Функциял зэманыгъуэм имыту щытрэ щыIэпхъэ хъуф!

Зы Iуэхугъуэр къэмыхъуарэ къэхъупхъэмэ е къыщыхъуа зэманыр блэкIауэ щытмэ, абы и гугъу щыпщкIэ жыIэпхъэ хъур "щыгъуэ" псалъэрщ. Джа е джыну щытрэ, иджы имытрэ иджым щымыджэмэ, ар джыпхъэу щытмэ е зы итыгъуэ игъуэтыпхъэмэ, щыIэ хъур зэманыгъуэкIэ лажьэу щыт "щы"рамэ, мыхэр "щы" лъэныкъуэкIэ къызэрыIуэтапхъэр "щыгъуэ" псалъэмкIэрщ. БлэкIа е иджыри къэмхъуами, нэгъуэщIыу жытIэмэ, "щыIэ" мыхъуами, зы Iуэхугъуэм и гугъу дощIыр: «Ар щыхъуам щыгъуэ; ар щыхъум щыгъуэ; ар щыхъунум щыгъуэ...».

*

"Щы"р щыIэм и лъабжьэ зэрыхъукIэрэу, щыIэгъуэ зиIэ зэрыхъурэ, и щыIэкIэр (ар щы зэрыхъу щIыкIэр), зыдэщыIэ щIыпIэр (щыр зехьэлIа гъуэр), къыщыхъу зэманыгъуэр къыдегъэлъэгъуэфыр. Дэтхэнэ зы "щы" макъ зыхэту щыт псалъэхэм утыку къыралъхьэ мыхьэнэхэр, мыпхуэдэ щIыкIэрэ лъэныкъуэмкIэ зыгурыгъэIуапхъэщ.

"Щытын, щысын, щылъын" псалъэхэм къыдагъэлъагъуэр, зы щыIэ гуэрым и щIыкIэ е и зы щыIэкIэ хъуращ; а щыIэ гуэрым и *позицие*р къыдегъэлъагъуэр. Мыхэм ещхьу, зы гуэрыр зы щIыпIэм бжыгъэ куэду щылъмэ "щыз" псалъэр жыIэпхъэ мэхъури, а щыIэр зи гуэгъу тщIыуэ щыт щIыпIэм зэр изыр мэIуатэр. Щылърэ щысыр щыбохури ипIэм ибогъэкIыр; щытмэ ипIэ ибоху е и щытыпIэм тыбогъэкIыр. Щылъэ щызу щытыр къыбощыпыфыр; зы щIыпIэ щылъэ щыз хъур, псэ зыхэмыт гуэрхэрщ. Щылъу щытыр зы псэущхьэмэ ар къыщыбохур; ар дыдэу, щысми къыщыбохуфыр зы псэущхьэр. Ауэ, псэ зыхэмыт гуэрыр щытмэ, ар къэпщтэфынщ. Мы псалъэрэ жыIэгъуэхэр зэртеухуа Iуэхугъуэхэр къэзгъэлъагъуэхэрщи, а Iуэхугъуэхэр зэрехьэлIа щыIэкIэ щIыкIэхэм теухуауэ къосэбэпхэр. НытIэ "щыпын (щэ-ы-пэ-ы-н) е къэщыпын", "щыхун е къыщыхун", "щтэн е къэщтэн" псалъэхэми къаIуатэр, щыIэ зы гуэрым и щыIэкIэрэ и щIыкIэм теухуауэ Iуэхугъуэхэрщ.

"Щы"р щыIэ хъум, уыку къихьэм и лъабжьэ зэрыхъу щIыкIэращи, уи пэрылъагъу хъууэ щытым папщIэ "щыпэ-лъагъу" жыбоIэфыр. Вэуэ щытым щхьэ е вэн Iуэхугъуэр къыщекIуэкI зэманыр къиIуэн папщIэ, "щывэм щыгъуэ е щывэкIэ" жыIэгъуэхэр къосэбэпыр. Мыхэм хуэдэщ "щыкIуэм, щыкIуэм щыгъуэ, щыкIуэкIэ..." хуэдэ жыIэгъуэхэри.

Мыхэм ящхьми, Iуэхур къыздекIуэкI щIыпIэр къиIуатэу къыщысэбэп щыIэщ "щы"р. "Щывэн, щыдэн, щыпсэлъэн, щымэжэлIэн, щымэхын..." хуэдэ жыIэгъуэхэм зы Iуэхур къыздекIуэкIыр е игъуэ щыхъур, щыигъуэр къаIуатэхэр.

А Iуэхур къыздекIуэкI зы щIыпIэр "щы" префикскIэ зэрыгъэлъагъуэм нэмыщI, а Iуэхур къэзыIуатэ цIыхум езым къыщыхъуу щытхэри къэзыгъэлъагъуэу етIуанэ мыхьэнэкIэ къэсэбэпыф псалъэхэр

щыIэщ: "Щыуэн (зы щIыпIэ уэн Iуэху къекIуэкIын; икIи, цIыхум езым и щхьэм къырикIуэ щыуагъэ хъун), щыхъун е къыщыхъун (зы щIыпIэм зы Iуэху къэхъун; икIи, цIыхум езым зы гуэрыр нэгъуэщI зы гуэрэу фIэщIын)..." хуэдэу. Мы псалъэхэр зэхуэдэу къэIурэ тхыпхъэ хъуурэ щытми, я глагол лэжьэкIэр зэщхьэщокIри мыхьэнэ зэщхьэщыкIитI мэухуэр, мэджыр.

Мыбыхэм ещхьу, зы Iуэхугъуэр зызэрехьэлIа щIыпIэри, етIуанэ мыхьэнэу, щыIэгъуэ зиIэри къеIуатэр "щы"м. Зы Iуэхур зехьэлIарэ зытеухуар, ар къызпкъырыкIыр къегъэлъагъуэр ″щы″ Iэмалыгъуэм: «Щышынэн, щыукIытэн, щытхъун...».

"Щы"р щыIэ лъабжьэщ; щыIэр къызтехъукIыр "щы"рщ. Ар щыхъукIэй, "щы"м "хъун" Iуэхугъуэ лъабжьэщ игъэзащIэр. Хъун е къэхъун Iуэхугъуэ лъабжьэр "щы" зэрыхъукIэрэй, ″щы″ зыгъуэтарэ къэмхъуар, зэманыгъуэ зымыгъуэтыфар "щы"уэ "щыгъуэ"м къонэр; къэхъупхъэрэ, иджыркIэ зэманыгъуэ къытемыхьэфар "щыгъуэ"у къонэр.

Мы псалъэхэм хуэкIуэу "щинэжын" псалъэр зы щапхъэщ. "Щы"р хъупхъэу зэрыщыткIэрэу, абы утеуныр "щыуагъэ"щ; щыIэныгъэм и лъабжьэр "щы" зэрыхъукIэрэу, "щыкIын"ри, щыIэкIэм икIын пэлъытэу жыIэпхъэ мэхъур. ИкIи, мы псалъэхэр, зытеухуауэ щытым и щIыкIэрэ и щыIэкIэрщ.

ЦIыхум зихуапэу зэрщIидза лъандэрэ, и щыIэкIэу щытыр зы гуэр щыгъыныррщ. Аращи, абы зызэрихуапэу щыт щэкIрэ фэращ "щыгъын (щы-гъэ-ы-н)"ыр. ЩыгъынкIэ зихуэпэн Iуэхугъуэр "щытIэгъэн" Iуэхугъуэрщ. Ар и щыIэкIэ щыхъуакIэй, зитIэщIынри "щыгъ"ыр е и щыгъыныр "щыхын" Iэхугъуэрщ.

Мыбы ебгъэщхь хъунущ, цIыхур цIыхубэм зэрхэтрэкIэ зэрыпсэурэ, ар и гупрэ и лъэпкъым е и унагъуэм зэрдэщIыгъуу зэрыпсэур къэзгъэлъагъуэ псалъэу "щыщ"ыр. ЦIыхур, нэрыбгэ къэс зы лъэпкъым, зы жылъагъуэм, зы унагъуэм, зы псэупIэрэ зы гупым ейщ; абы ящыщщ.

Зы гуэрэ уи щхьэм къырикIуэныр, зы щыIэкIэ гуэрым уихуэнырщ; е, а щыIэкIэм тет ухъунырщи, ари "щы" макъкIэ къежьэу хъуа-щIар мэIуатэр: «ЩыщIын е къыщыщIын». Мыр гурыIуэгъуэщ, ауэ, мыбы ещхь зы псалъэ щыIэщ, къиIуатэрэ къызэриIуатэ щIыкIэм нэхъри тегупщысыхьын хуэйуэ. Мы псалъэр "щыщIэн" псалъэрщ. ″ЩыщIэн″ псалъэм къиIуатэр хэщIынырщ; хэщIыныр, зы куэдагъыр мащIэ хъунырщ; е, псоуэ щыт зы Iуэхугъуэм е зы щыIэкIэм и псоугъэр игъэкIуэдын е игъэмэщIэнырщ. УкIэлъыплъыжмэ, щыIэу хъуам и лъабжьэ хъуурэ щытыр "щы" зэрыхъукIэрэу, "щы"р зи пIэр зыубыдрэ, ар зи лъабжьэкIэрэ зы "щIэн" Iуэхум щыхуэкIуэм щыгъуэ, дъабжьэу зыхуэлажьэу къызхэкIрэ зыдэкIуэр "щы"ращи, апщыгъуэ хъур зыужьыгъуэкъыми лъабжьэр "щIэн"

Iуэхугъуэу утыку къохьэр. Ар щыхъукIэй, Iуэхур "щы"м е "щыгъуэ"м йокIуалIэри, хощIыр; а куэдыгъэ е псоугъэм щощIыр, щыщIэн Iуэхугъуэр къохъур. Зэрхъун хъуа нэужь, зы псэущхьэр щыщIэу щIедзэр; и къэрур кIуэ пэтрэ мэкIуэдыр, хощIыр. Зы цIыхур лIыпIэ иува нэужь, хэщIрэ щыщIэурэ и гъащIэр блегъэкIри дунейм йохыж, и щыгъуэм йохьэжыр.

Мы Iуэхум и къэхъукIэм укIэлъыплъыжмэ, "щыгъупщэн" псалъэм игъэзащIэри "щыщIэн" Iуэхугъуэм ебгъэщхь хъунщ. Ар щхьэ, "щыгъупщэн" псалъэм къиIуатэр къызэриIуатэ щIыкIэр мыпхуэдэу гурыIуэгъуэнщ: «Щыгъуэм ехьэлIауэ пщэн (щы-гъуэ-ы-пщы-э-н)».

*

Сытри утыку къызэрихьэ зэрыхъуфынрэ, зэманыгъуэ зэригъуэткIэрэ щыIэ зэрыхъуным и лъабжьэр "щы" зэрыхъукIэрэу, "щы"р кIэух зыхуэхъуу щыт дэтхэнэ зы макъ е псалъэм щыIэгъуэ игъуэтыпхъэщ. НэгъуэщIыу жытIэмэ, "щы" глаголкIэрэ дэтхэнэ зы Iуэхур зэфIокIри, утыку къихьэпхъэ мэхъур. Ар щыхъукIэй, ″щы″ кIэух зиIэ псалъэм идж мыхьэнэр зэрыщытыр мэгъэлъагъуэр.

Ар, зэманыр зытелэжьыхьрэ Iуэхур щыджым щыгъуэ, мыхъуу е иджым имыту, ит зэман щымыхъурэ блэкIауэ щыт е къэблагъэрэ къэхъуну щыт сытри "щы" кIэух е глаголу щыIэщ. ″Щы″м хуэкIуэм ″щыгъуэ″ егъуэтыр; ″щы″уэ зэгъэпэща хъум ″щыIэгъуэ″ игъуэтынщ: «Хъуащ, хъунущ; кIуащ, кIуэнущ; укъэкIуащ, дыкъэкIуэнущ...».

"Щ" кIэухым игъэзащIэр блэкIарэ къэкIуэну зэман глагол лэжьэкIэ закъуэркъым. Сытри зы щыIэкIэм итрэ, зы фIэщыгъэцIэ иIэмэ, е зы гуэрыр сытым и Iису щытми, ар "щ" кIэухкIэрэ мэгъэлъагъуэр: «Ар ТIытIэ-щ, уэ уIэзэщ, дэ ды-Адыгэщ, дыщыпсэур хэкуращ, ахэр Адыгэ хэхэсщ, ар си ныбжьэгъущ...».

Мыбыхэм ямызакъуэу, "щ" макъыр зы макъ е псалъэм и кIэух щыхъукIэ, а псалъэр зы щыIэкIэм йоувэр, зы сэбэпыныгъэ егъуэтыр; е, а Iуэхугъуэм езым хуэIуауэ зы *статус* егъуэтыр: «Уэщ (уэн Iуэхугъуэм хуэIуа хъуар), гуэщ (зы IэнатIэ пыухутыкIа, –гу хъуар), Iэщ (тIэщIэлъ пэлъытэрэ диIэ хъуа былым), жэщ ("жэ"р зи хэщапIэ хъур), лъэщ (лъэм хуэIуа, лъэ щапхъэ хъуар), Iущ (Iу лъэщ, Iу щапхъэрэ фIыуэ псэлъэныр зыхуэIуа хъур), ерыщ (ерыр зыхэтрэ къызхэкI; еми фIыми щымысхьрэ къимыгъэувыIэфу, игъуэ имыгъуэми зыдиунэтIам екъуу щыт), зэгущ (зыгу зы щхьэ пэлъытэ хъур, зэдэгъу-зэдэщI Iэхугъуэ хъур, зы Iэхугъуэ псо хъур)...».

Мыпхуэдэу зы *статус* утыку къихьэгъуэ гъэзэщIэн закъуэ мыхъуу, зы глагол псалъэм и кIэухи мэхъуфыр "щы" макъыр: «Гъущын, фIэщын, къэщын, хэщын...». Нэрылъагъущи, "щы"р зы глагол псалъэр зыгъэлажьэ кIэух щыхъукIэ, а Iуэхугъуэр зыдэкIуэнур зы щыIэкIэ е зы

статус зэхъуэкIыныгъэращ. ИпщэкIэ къэтхьа щапхъэхэр мыпхуэдэу гурыIуэгъуэнщ: «Гъуща нэужь зы псыфыгъэ къанэркъым; мыпхуэдэу щыIэу щытыр ″гъущэ″рщ. Зы цIэ фIаща нэужь, абы ″щы″ хуэхъурэ щыIэкIэу ар зэрылъытэр а фIэщыгъэцIэрщ. Къаща нэужь цы къытекIэжыху мэлыр джафэщ. Къыхэщыр къыздыхэщым хэтрэ абы ящыщу щытми, къыхэщу жыхуаIэр зыхэтым ящымыщ пэлъытэу къащхьэщыкI щытыкIэрэ щыIэкIэ зиIэрщ». Ауэ, мы щапхъэхэм хэту щыт ″къэщын″ псалъэм къыриIуэ Iуэхугъуэр, цыр зыдытету щыт щIыпIэм игъэкIын Iуэхугъуэу, къыхэщыкIынрэ къыхэщыгъэкIынырщи, ар ″къэ-щэ-ы-н″ хуэдэу зэтеувауэ зы псалъэрщ; ар зы ″щэ″ Iуэхущ.

Мы ″къэщын″ псалъэр хэмыту, къэтхьауэ щыт щапхъэхэм хуэдэщ ″нэху щын″ Iуэхугъуэри, апщыгъуэращ ″нэхущ″ жыхуаIэр. Махуэм и пэщIэдзэ зэманыгъуэрэ, махуэр къыщыунэхунум щыгъуэрщ, нэхулъэрэ нэхущыр.

*

"Щы"р щыIэм и лъабжьэщ, икIи зы бжыгъэщ: ″3″. Бжыгъэ зэрыхъукIэрэ, "щы"р бгъэкIуатэмэ "щэ" мэхъур. "Щэ"ри зы бжыгъэщ (100). "Щы"р икIи, щыIэ хъум и лъабжьэрщи, зы зэманыгъуэ зиIэми и лъабжьэ щIэлъ хъурщ. Утыку къихьауэ щыт "щы"р щыбгъэкIуатэрэ зэрщыту щыбгъэбагъуэм щыгъуэ, е ар зэман гъуэгу щытехьэкIэ, ар бзэ хабзэмкIэ къызэрыIуэтэнурэ зэрыхъунур "щэ"щ. НытIэ, "щы"р икIи щыIэ хъум и лъабжьэщ, икIи а лъабжьэ зэрыхъукIэрэй зы бжыгъэщ; а бжыгъэрэ щыIэ лъабжьэу щытыр щыбгъэбагъуэм щыгъуэ къэхъур "щэ"рщи, ари адыгэбзэм и нэхъ бжыгъэ бэгъуа мэхъур.

"Щы (3)" бэгъуар "щэ (100)" зэрыхъум имызакъуэу, щыуэ (3) е щырыщу зы бжанэм и гугъу щытщIкIэй, жыIэгъуэ хъур "щэ" псалъэрщ: "щанэ, ещанэ, ещэнэрей" жыIэгъуэхэм хуэдэу къэпщытэныгъэу щыт папщIэй "зы щалэ" жыIэгъуэри щыIэщ. Мы псалъэм ещхь хуэдэщ ″пэщыбэ″ жыхуаIэри, ар зы къэпщытапхъэрэ зэгъэпщапхъэу щытырщ.

"Щы"р гъуэгу щытехьэкIэ къэхъуу щыт "щэ"р, бжыгъэ закъуэкъым; "щы"р щыIэ лъабжьэ зэрыхъукIэрэу, "э" къыпыхьэрэ щыкIуатэ е щыбагъуэм щыгъуэ, къэхъуу щыт "щэ"м игъэзащIэр мо щыIэ лъабжьэ "щы"р гъэкIуэта щIынращ. Мыбы къызэрхэкIкIэй, зы щыIэ гуэрыр гъэкIуэтэнрэ зыдэщыIэ щIыпIэр зэхъуэкIа щIын Iуэхугъуэу "щэн" Iэмалыгъуэр къохъур. Мыпхуэдэу къэхъуа псалъэр, икIэм икIэжым, зы *сом* уасэкIэ зы гуэр щен-къэщэхун Iуэхугъуэми лъабжьэ зэрыхуэхъуфкIэрэу зы мыхьэнэщIэй къэхъуагъэнщ.

Ар щхьэ, "щэн" псалъэм, ″щыIэн″ лъабжьэр зэрыхэлъкIэрэ, ипIэ игъэкIын закъуэ мыхъуу, нэгъуэщI Iэмалыгъуэ зиIэрэ зыджыфуи щытырщ. Зы цIыхур и пIэм икIрэ цIыхубэм зэрыхыхьэнури зы ″щэн″ Iуэхугъуэрщ.

Мыпхуэдэу ″щэн″ псалъэм къигъэлъагъуэ Iуэхугъуэр абы и щыIэкIэрэ и щIыкIэу (щы) щыт (э) хъурщ (щэ). Зы цIыхур щыIэгъуэ зиIэ псом елъытауэ хэхьэ-хэкI зиIэрэ ар зыхузэфIэкI зы псэущхьэрщ. Ауэ, зы цIыхур, и хэщIапIэм имыкIрэ цIыхубэм хэмыхьэмэ, щэн игъуэтынуи къыщIэкIынкъым. Абы "щэн" имыIэрэ хэмылъмэ, зы цIыху гупым хэхьэнкIэ гугъу ехьынщ. ИкIи, "щэн" зимыIэрэ, дэтхэнэ зы цIыхурэ гупым зыримгъэкIумэ, ахэм дежкIэ щыIэкIэфI щигъуэтынкъым; ахэм лъагъугъуафIэй яхуэхъункъым.

Щэн Iуэхугъуэр икIэм икIэжым, *ахъш*эрэ уасэ Iуэхурэ *бээр* Iуэхуу утыку къихьэху, гъуэгу кIыхь къырикIуагъэнщ; икIи "щэн" псалъэр зэрщытыжу, нобэ ди гурыIуэгъуэ щIыкIэмкIэ, Iуэхугъуэ нэгъуэщIыгъуэ куэдкIэ лэжьа хъуащ.  Ауэ, "щэн" псалъэм иджрэ игъэзащIэр лъабжьэрэ мыхьэнэкIэ зэщхьэщыкIарэ зэхъуэкIауэ щыткъым.

Бжыгъэ "щэ"р къызэрыхъуу жыхуэтIа логием хуэдэ къабзэу, езым и логием тетыжу мэлажьэр "щэн" псалъэр. "Щэн" псалъэм, ″зы щыIэ гуэрыр гъэкIуэтэнри, гъэбэгъуэн Iуэхугъуэри, зыдэщыIэ щIыпIэр зэхъуэкIынри″ къызэрриIуэр наIуэщ. Мыбы и щапхъэхэм ящыщ "щыпын е къэщыпын" псалъэхэри: ЩыIэ гуэрыр ипIэ игъэкIын е гъэкIуэтэн мыхьэнэр зэрхэлърэ, а къэпщыпым ехьэлIауэ "щы (щэ-ы)", икIи а Iуэхугъуэр уи пащхьэ зэритрэ абы зэрехьэлIакIэрэу (пын: пэ-ы-н) зы "щэн" Iуэхугъуэу къохъур ″щыпын″рэ ″къэщыпын″ Iуэхугъуэр. ИкIи, къэщыпын лъэхъанэрэ ар къызэрекIуэкI щIыкIэр къыдегъэлъагъуэр ″щыпын-къэщыпын″ псалъэхэм.

Мыбы имызакъуэу, къыкIэлъыкIуэ лъэхъанэ хъууэ щыт "щакIуэ лъэхъанэ"ри "щэн" IуэхугъуэкIэ гурыIуэгъуэ къытхуохъур. Ауэ, "щэн" Iуэхугъуэр "щыпын" Iуэхум хуэмыдэжу зэрзэхъуэкIари къыдгуроIуэр. Мыпхуэдэу ″щэн″ Iуэхур зи Iэзагъэрэ зи IэщIагъэр, а Iуэхур ″щэн″ Iуэхугъуэ гуэр гъэзэщIэным хуэкIуэу (е) жыIэпхъэу щытщи, "ещэн, ещэкIуэн, щэкIуэн" псалъэхэр къохъур. Ар, къыппэщIэхуэр къэщыпын Iуэхугъуэу ″щэн″ Iуэхум елъытауэ, узхуэкIуэнрэ уекIуэлIэну зы Iуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэ ещIыр ″ещэн″ псалъэм. Ар зы IэщIагъэ пыухытыкIа мэхъур; абы зы Iэзагъ зэрыпылъыр, "кIуэ" кIэухымкIэ гурыIуэгъуэ мэхъур: «ЩакIуэ, ещэкIуэн».

"Щы"р кIуэтэгъуэрэ бэгъуэгъуэ щихьэкIэ къэхъуу щыт "щэ-щэн" Iуэхугъуэм щыIэ гуэрыр цIыкIу цIыкIу хъун Iуэхугъуэри егъэзащIэр: щэщэн. Сыт хуэдизу, щеща хъум и щыIэкIэр зэхъуэкIами, ар и щIыгъуэм икIакъым; а щыIэкIэр зэхъуэкIри, щыIэкIэ нэгъуэщI зиIэ зы куэдагъ къэхъуащ. Мыбы хуэдэщ "щэтэн" псалъэри, "ущэбын е ущэбэн" псалъэри. Мыбы къызэрхэкIкIэрэй, "щабэ" псалъэм IупщIыу къеIуатэр щэщарэ (щэ) куэд (бэ) хъуауэ зы щыIэкIэ гуэрыр.

Щэн къэщэхун Iуэхугъуэм нобэ дэтхэнэмкIй зиубгъуарэ, хэкIыпIэ зимыIэжу дунейр зэщIиублауэ щытщ. Абы утемыпсэлъыхьми, и цIэр щызэхэпхым щыгъуэ, занщIэу гурыIуэгъуэ хъур бэзэр Iуэхугъуэрщ. "Щэ, щэн" псалъэм къыхэхъукIрэ ухуауэ щыту нэгъуэщI Iуэхугъуэхэр "щэн-къэщэхун" Iуэхугъуэхэм нэхърэ нэхъыжьщ; икIи, нэхъ лъабжьэ Iуэхугъуэхэрщ. Ар щыхъукIэ, абыхэм нэхъ тепсэлъыхьыпхьэщ бэзэр Iуэхугъуэм нэхърэ.

"Щы"ыр зэрылъабжьэрэ, "щы" куэдыгъэр ″щэ″ зэрыхъукIэрэу кIуэр хун Iуэхум "щэху" псалъэр къегъэхъур. Ар икIи, зы бэзэр Iуэхуу къызэрысэбэпынур гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, ар япэрауэ, лъабжьэрыхуу щытынырщ. Ар зы щIыкIэрэ зы псэлъэкIэм папщIэй къэсэбэпынщ: «Щэхуу лэжьэн, шэхуу псэлъэн». Мы лэжьэкIэр зэрилэжьэкIэу, и щыIэкIэр наIуэ зымыщIыу лъабжьэрылажьэу щытрэ, дэтхэнэ зы лъэныкъуэкIэ щIэдэIуэкIыу зы щIыкIэ зиIэн хъунри ″щэху″ хъунщ; ар зи лэжьэкIэри ″щэхурылажьэ″у жыIэпхъэнщ. Щэхуу псалъэм хуэдэу, зы сымаджэрэ псэлъэнкIэй гугъу ехьу щыт зы псэущхьэрэ цIыхуми щэхуу къыхэIукI макъыр "щэIун" псалъэмкIэ къыраIуэр.

"Щэ"р  "щы"м и куэдагъырэ и бэгъуагъ зэрыхъукIэрэу, зы псалъэм лъэщыгъэрэ фIэщыгъэ етын хуей щыхъукIэй къыдогъэсэбэпыр: «Куэдыщэ; кIуэри щэ, моуэ щэ...». Е, зы Iуэхугъуэр зэфIэгъэкIынрэ зэрхъун хуейм дыщыпэплъэм щыгъуэ, ди гугъэр къэдгъэлъагъуэу, жытIэ псалъэм и кIэухыу ″щэ″р къыдогъэсэбэпыр: «КъэкIуа-щэрэт, хъуащэрэ...».

″Щэ″р зы куэдагъырэ бэгъуагъ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэй, зы псэущхьэпкъым и лым лейуэ тырищIэу щытыр ″щэ″ фIэщыгъэцIэм къыреIуэр.

"Щэ"р зыхэт глаголхэр, ипщэкIэ зи гугъу тщIа псалъэрэ глаголхэм катехъукIащи, мыхьэнэкIэ ахэм ящхьрэ ящыщ хъурщ: «Дэщэн, гъэущэбын, хэщэтэн, хэщэтын...».

"Щэ"р зы лъэщагъэй къэзыгъэлъагъуэрщи, ар кIэух зыхуэхъу псалъэрэ фIэщыгъэцIэхэри къохъур: «Дыщэ, гущэ, гуащэ, Iэщэ...».

*

"Щы" макъыр бзэм зэрыхэт щIыкIэми къызэрыдгуригъаIуэм хуэдэщи, ар щыIэ хъум и лъабжьэу зыкъэзыгъэлъагъуэрщ. Дэтхэнэ зы хъуныгъэрэ зэхъуэкIыныгъэ щыIэми, зы зэманыгъуэ зыгъэлъагъуэ Iуэхугъуэрэ зы щIыпIэм ехьэлIауэ къэхъуну Iуэхугъуэ къитIуэну щытми "щы" Iэмалыгъуэращ къэсэбэпыр. ДыщыIэху "щы" Iэмалыгъуэм дыщхьэщыкIыфынукъым. Дэ зы щыIэгъуэ зиIэхэм дащыщрэ дыщылIакъуэкIэй, дызхэтрэ къытхэлъу щыт щыIэгъуэм дыщхьэщыкIыфыну къыщIэкIынкъым; икIи, щыIэрэ щыIэгъуэ зиIэ мыхъумэ къыдгурыIуапхъэй щыIэу къыщIэкIынкъым. Ар дэнэ къэна,

щыIэм дыщыщыщкIэй, икIэ нэгъунэ щыIэрэ щыIэныгъэри къыдгурыIуэну къыщIэкIынкъым; щыIэрэ щыIэгъуэр, икIэ нэгъунэ ди щIэныгъэм хэтыфыну къыщIэкIынкъым. Ауэ, цIыхур хъупхъэ къызэрихьэрэ зызэриужь лъандэрэ, ″хьэ″ фIэщыгъэцIэр зэриIэрэ абы ″Тхьэ″р зэрилъытэн ″щхьэ″р зэрыфIэт щыхъуа лъандэрэ, цIыхум, щыIэу хьуам я пашэ псэущхьэу зелъытэр; ар ″щхьэ (щ-хьэ)″ псалъэми гурыIуэгъуэ къытхуещIыр.

″Щы″рэ ″щыгъуэ″м нэс гурыIуэгъуэ хъуныр зы лъэныкъуэщ; ауэ, абы щхьэщыкI Iэмалыгъуэ диIэу къыщIэкIынкъым. Дэ езыр дыщыIэ гуэру, щыIэгъуэм дыхэтрэ дыкъыхэнэну дыщытщи, дэркIэ, ″щы″ лъабжьэу щытым аткIэр мыджыпхъэрэ мыгурыIуэгъуапхъэрщ. Аращи, дэ дызхэтри икIэ нэгъунэ дджыпхъэрэ къыдгурыIуапхъэу къыщIэкIынкъым; ауэ, а Iэмалыгъуэм дитщ. Сыт хуэдизкIэ зыдужьрэ ди щIэныгъэр хэдгъахъуэми, космосыр къэтпщытэрэ зыгурыдгъаIуэми; е, щыIэу хъуам я щыIэкIэхэр зэдгъащIэрэ зэгъэпщэныгъэ лъэщхэр дыухуэми, щыIэрэ щыIэгъуэр, щыгъуэрэ ″щы″р къызэрыхъурэ къыщIэхъур икIэ нэгъунэ къыдгурыIуэфыну къыщIэкIынкъым. Сыт щхьэ жыпIэмэ, дэ езыр зы щыIэгъуэ зиIэрэ, абы и Iэмалыгъуэм диту дыкъэгъэщIауэ щытщи, зи гугъу тщIыуэ щыт ди гъунапкъэм дикIыфмэ, нобэрей цIыхуу дыщытыжынкъым, нэгъуэщI дыхъунщ; ар хъумэ, щыIэрэ щыIэгъуэр зыухуэ дыхъунщ: Нобэрей ди еплъыкIэмкIэ "Тхьэ". Ауэ, ар мыхъуну зы Iуэхугъуэрщ; сыт щхьэ жыпIэмэ, -ар ″щхьэ″ псалъэми къыдегъэлъагъур-, щым дыкъытехъукIауэ щытщи, щым адэр, адрыщIыр нэгъуэщIщ.

Нобэ щхьэ, щыр къызэрыхъурэ ар зы зэманыгъуэ зэрытехьа лъандэрэ, "щыIэ"р мыувыIэу щыIэщ. Сыт щыгъуэй мыувыIэу мэдж, мэджыжри аргуэрэу щыIэр зэпымыуу щыIэу макIуэр. ЩыIэ гуэрхэр мэкIуэд, ипIэ йокI, мэщащэр. Псэущхьэхэрщи, ахэр хъупIэм йохьэри, итIанэ хощI; щощIри я гъащIэр мэух, мэпсэх, мэсэх е я щыгъуэм йохьэжри, я щыIэгъуэр яухыр; нэгъуэщI щыIэгъуэхэр къэхъункIэ сэбэп хъуууэ щытми езым и щыIэгъуэр яуха мэхъур; ауэ, щыIэр аргуэрэу къокIуэкIыр; зэманыр щыIэхукIэй щыIэныгъэр щыIэну къыщIэкIынщ.

ЦIыхум гъащIэр щыщиухым щыгъуэ, и щыгъуэм ихьэжу къыдгурегъаIуэр адыгэбзэм. Щыгъуэ щыхъукIэ, цIыхур е псэущхьэр лIэжми "щы"м икIыркъым; щимыкIкIэй, аргуэрэу щыIэ хъупхъэщ. Ар езыр дыдэу -цIыхуу- щыIэ хъужын, хьэмэрэ нэгъуэщI зы псэущхьэ хъун(?); ар гурыIуэгъуэкъым. Мырагъэнщи, Адыгэм зы тхьэлъэIу щIыкIэ иIэу зэхыбохыр: "ЦIыху сурэту уи пащхьэ дыкъихьэжын нэсып тхуищI!".

**ЩI...**

"Щы"р къызэрыхъур гурыIуэгъуэщи, ар зэманкIэрэ щыIэ хъурщ. Ар щыIэ лъабжьэу щытрэ, щыIэ хъупхъэрщи, дэтхэнэ зы гуэркIэ зэхъуэкIынығъэр къыщыхуэкIуэм щыгъуэ, зы гуэр къызхэхъукIыпхъэу щытырщ. Ар лимитацэ хъууэ щытмэ, ар зэхъуэкIыныгъэм ихьа хъунщи, ар зэрыщытрэ щыIэ лъабжьэу зэрыщытам къыщынэкъым. "Щы"р зэрыхэлъкIэрэу зы гуэр къыхэхъукIынщи, ари зы лъабжьэу щытми, "щы"м хуэдэжынкъым. "Щы"м и лимитацэу утыку къихьэр "щIы"рщи, ар щыIэ лъабжьэрщ икIи. Ар щыIэр зыщыджрэ зыдэщыIэ щIыпIэрщ. Ар щыIэм и пIэу зы щыIэ гуэр хъууэ щытырщ. ИкIи, дэтхэнэ зы щыIэ хъууэ щытыр зы щIыпIэу щытщ. Мыращ "щIы" Iэмалыгъуэу утыку къихьэр.

Зэман ужьыгъуэр къыздынэсауэ щытрэ, зэман шабзэм хуэзадэу утыку къихьэр "и" лъэныкъуэрщи, абдежыр зы джыпIэрщ. "И" лъэныкъуэу утыку къихьэр, зы джыпIэ зэрыхъукIэрэу, "щы"м зэманыгъуэ щигъуэту щыт зы пIэрщ. Абдежыр зы джыпIэрщи, джыр щыдж зэманыгъуэу "иджы" хъурщ. Иджыр зы джыпIэ зэрыхъукIэрэу, зы зэман IэнатIэу, зы зэманыпIэрщ. Абдежыр щыIэр къызщыхъурэ, щыIэр зыщыджырщи, ар зы щыIэ лъабжьэрэ пIэ хъурщ; абдежыр зы щIыпIэрщ. Абдежым къэхъурэ щыIэ хъууэ щытри зы джыпIэу утыку къихьэрщи, ари зы щIыпIэрщ.

Зэман ужьым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэу утыку къихьэу щыт "и" лъэныкъуэр зы джыпIэрэ щIыпIэрщ. Ар зэманым зэрелъытарэкIэ мыувыIэу къэхъуу щытырщи, мыпхуэдэу щытыр зы щIылъэу лъытапхъэщ. "И" лъэныкъуабгъуэм утыку къыригъэхьэу щыт "x-координат" системэр щIыпIэр зехьэлIарэ къызэрыпщытапхъэ системэрщ.

ЩыIэр зыдэщыIэкIэрэу щыIэпIэри щыIэ мэхъур. ЩыIэпIэр, сыт щыгъуэй щыгъуэ ихуэрэ къэхъу "щы"р, зэманкIэрэ щыIэ зыдэхъупIэрщ. Езыр щыIэрэ, зы щыIэпIэй хъуауэ щыт щыIэр къызщыхъур, щыIэр мыувыIэу зытеджыхьыжу щыт щыIэпIэр "щIы"щ. "ЩIы"р, зэманыгъуэ зыгъуэтрэ утыку къихьа хъуа щыIэр зытеуджыжырщ. Зы зэман IэнатIэкIэрэ щыIэ хъуарэ пкъыгъуэ зыгъуэта е зы лъэ иува "щы"р, щыIэу утыку къыздихьэпIэр "щIы"рщ. ЩыIэр зыдэщыIэнур, мыбы аткIэ зы щIыпIэращ. ЩIыр, щыIэгъуэм къигъэщIауэ щыт зы пIэрщ.

Козмикэ ужьыгъуэрэ уэзу ужьу щытыр, зэрысрэ зэрызэхыхьэм къызэрыгуэкIкIэ зэхэвэжу щытым утыку къырилъхьэу щыту зы пкъыгъуэ зыгъуэтырщ щIылъэ жыхуэтIэр.

*

ЩIы пкъыгъуэ зыгъуэтар зы щIылъэ хъуаращ; ар дыгъэрщ, вагъуэхэрщ, мазэрщ, дунейрщ. Ахэм къатехъухьрэ къатехъукI щыIэхэри я щыIэпIэм иту къохъри, а къыздэхъухэри щIыпIэхэрщ.

Дэ ди щIыр, щIылъэр, щIыпIэр "щIы хъурей" жыхуэтIэу щыт дунейрщ; дэ мы щIылъэм дыкъытехъухьащ; мы щIы хъурейм джа

дыхъуащ, дыщыджащ, иджыри дыщыджыр мы щIыпIэращ. Мы щIы хъурейуэ дызтет щIыпIэр дэ ди лъабжьэщ.

Дыщыджарэ щыIэ дыщыхъуар мыбдежырщ. ДызщыIэр мыбдежырщи, дызщымыIэжынури мыбдежырщ; щыгъуэм дыщихьэжынур мыбдежырщ. Дэ дыщыджынурэ дджынухэри мыбдежырщ, мы щIыпIэр дызхэтрэ ди Iэуэлъауэу щытырщ.

ДэркIэ иджыр щыджыр дызтету щыт мы щIылъэ хъурей гущIыIуращ. ЩIым дызэртеткIэрэу, дджыри щIыращ; дэ ди IэуэлъауэкIэрэ джы хъур щIыращ. Дэ сыт хуэдэ Iэуэлъауэ диIэрэ, а IэуэлъауэкIэ сыт утыку къихьэми, и лъабжьэрэ зехьэлIар, и щхьэусыгъуэ хъур "щIы"ращ.

НытIэ, дэ ди IэуэлъауэкIэ дджыр щIыр джынращ, щIыр лэжьынращ; икIи, дызтеджыхьрэ дызтелэжьыхьри щIыращ. Ар щыхъукIэй, дэ дджыуэ щытрэ ди Iуэху хъууэ щытым папщIэ, ди лэжьыгъэрэ глагол тщIыуэ щытыр ″щIы″рщи, мы Iуэхугъуэу щытым "щIын" хуэжыIэпхъэщ.

Дэ, щыIэрэ джыуэ щытым, икIэм икIэжым утыку къихьа хъуа псэущхьэ дызэрыхъурэ, джыуэ щытым иджым гу лъызытэу, щыIэрэ щымыIэм дыщыгъуазэрэ цIыхун Iэмалыгъуэ зиIэ дыщыхъукIэ, тщIыми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

ТщIым щыгъузэ дыщыхуэхъукIэй, зэ тщIар аргуэрэу щIыфын Iэмалыгъуэ диIэ мэхъур. "ЩIын" Iуэхугъуэр догъэкIуатэр; бзэ хабзэкIэй "щIын" кIуэтэгъуэрэ, зэманыгъуэ зыгъуэт ″щIын″ыр "щIэн" хъунщ. ЩIэныр, щIыныр гъэкIуэтэнырщ, зэманкIэрэ утыку къилъхьэжыфынырщ. ПщIыр зы бжанэ нэужь аргуэрэу утыку къиплъэжыфмэ, а пщIауэ щытар бощIэр. ПщIыращ пщIэнур; тIанэ, пщIэращ пщIынури. Мы Iуэхугъуэ къекIуэкI хъурейми ″щIэн″рэ ″щIэныгъэ″ фIэщыжыпхъэнщ.

ЩIым тепщIыхьу щыт сытри щIэн щыхъукIэ; икIи, пщIыуэ щыт сытри аргуэрэу пщIырэ, пщIыр сыт щыгъуэй ужьа щыхъукIэ; е, етIуанэу пщIыр япэ пщIам къыщхьэщыкIрэ зы нэгъуэщIыгъуэ хъууэ щытмэ, ар зы кIуэтапхъэрэ зы щIэныгъэ зыхэлъ пэлъытэ щыхъукIэ, абы "щIэ" фIэщыгъапхъэщ. "ЩIэ"р, япэкIэ умыщIэрэ мыщIауэ, иджы дыдэу утыку къихьаращ; уи щыпэлъагъурэ умыщIэххэу къыппыщIэхуаращ. Бзэм къыхэхъукIауэ хэту щыт "хьэщIэ, лIыщIэ, унэщIэ, выщIэ, щIэлэщIэ..." хуэдэ псалъэхэм къыраIуэр, зи гугъу тщIыуэ щыт "щIэ" Iуэхугъуэм къыхокIыр.

Сытри къыщыздекIуэкIыр зы щIыпIэщ; дунейуэ щIылъэ хъурейри зы щIыщ; зы губгъуэр е зы бгыщхьэри зы щIыщ е зы щIыпIэщ, бгъуэщIагъри зы щIыпIэщ. ЩIыпIэращ зы гуэрэ зыщыпщIыр е зыщыпщIэр, зыдэпщIэр. Зи гугъу пщIыуэ щыт зы щIыпIэ пыухытыкIам хэмытыр, абы елъытауэ жыIэпхъэ хъумэ, абы "щIыб" жеIэпхъэнщ. Унэ

кIуэцIыр зы пыухытыкIа щIыпIэу къапщтэмэ, абы хэмыхьэрэ хэмытыр щIыбщ; уи унэ бжэIупэри хебгъэубыдэрэ узIэуэлъауэрэ зыщыбгъэпщIантIэм "пщIантIэ" жепIэмэ, уи унэ гупэ мыхъурэ щIыбу къанэр щIыб дыдэу плъытэнщи, мыпхуэдэу ″щIыб хъур″ къиIуэтапхъэу "щIыбагъ (щIы-бэ-гъэ-ы)" хужепIэнщ. Зы псэущхьэм и пкъыри зы пкъыгъуэу зы щIыпIэ е зы щIылъэщи, ″щIыфэ″ псалъэр абы хуэфащэ хъунщ; абый и щIыбрэ щIыбагъ иIэнщи, "щыб, щIыбыку" псалъэхэр жыIэпхъэ хъунщ. Зы щIыпIэрэ зы щIылъэр зы лIэужьыгъуэ е зы ужьыгъуэ зэрыхъукIэрэй, абы и ухыпIэрэ и ″Iу″уэ щыт хъури "щIыIу, гущIыIу" псалъэкIэ къиIуэпхъэнщ.

Зы щIыпIэрэ щIылъэм и щIыбрэ щIыбагъ иIэ щыхъукIэ, зи гугъу тщIыуэ щыт щыпIэм зы ку е зы кIуэцI иIэ хъунщи, абы уитын е уихьэнрэ уикIын Iуэхум псалъэхэр къытехъукIынщ: «ЩIэтын, щIэсын, щIэлъын, къыщIэнэн, щIэхьэн, щIэкIын, щIэпщхьэн, щIэпщын...».

Ар узщIыхьэрэ узщIэлъ щыхъукIэй зы лъабжьэ мэхъур, зы щIыпIэ е зы "щIы" хъупхъэ мэхъури, абы и кIуэцI мыхъуу щытым папщIэ, "щIыб-щIыбагъ" зэржепIэм хуэдэу, икIуэцIыми "щIагъ (щIы-э-гъэ-ы)" жеIэпхъэщ. Зы щIыпIэ лъабжьэрэ щIагъым ехьэлIауэ жыIэгъуэрэ псалъэхэри къэхъунщ: «ЩIэтIэн, щIэвын, щIэвэн, щIэкIэн, щIэгуэн, щIэхуэн, щIэхун, щIэуэн, щIэIуэн, щIэIун, щIэлъэн, щIэдын, щIэдэн, щIэхъуэн, щIэшэн, щIэшын, щIэдзын, щIэдзэн, щIэжын, щIэжэн, щIэзын...».

Зы щIэхьэпIэ щIэтыпIэр, зы щIэпсэухьыпIэй зэрыхъукIэрэу, абы и бжэ IэнатIэу щытыр гъэбыдэн папщIэ абы хуэфIыу хуэщIауэ щыт зы гуэрыр IупIэн Iуэхур ″хуэщIын″ псалъэмкIэ къиIуапхъэщ.

ЗанщIэу щIым ехьэлIарэ къэкIыгъэ е къэхъугъэ псалъэхэр щыIэщ: «ЩIыдэ, щIырыкIуэ, щIымахуэ, щIыIэ, пщIыIэ...». Мыхэм ямызакъуэу, щIым къыхахрэ Iэмэпсымэ щIынкIэ къагъэсэбэп металми "гъущI"щ хужаIэр. ″ГъущI″ псалъэр нэхъыбэу "гъу щIын" Iуэхугъуэрагъэнщ къызхэкIыр.

"ЩIын" Iуэхугъуэрэ псалъэр къежьапIэ зыхуэхъуауэ псэлъэ куэд хэтщ бзэм: «ДэщIыгъун (зы гуэрэм е зыгуэрэ зыщIым и гъусэн), дэщIын (зы гуэрэм дэщIыгъуу зищIын), жьыщIын, тхьэщIын, хущIын, лъэщIын, тIэщIын, зыпищIын, хэщIын, ущIын, ущIиин, унэщIын; нэщI, куэщI, кIэщI...». ЩIын Iуэхугъуэращ къызтехъукIыр "щIыкIэ, щIыкIэншэ" псалъэхэри.

"ГуащIэ" псалъэри уигум щIыхьэ пэлъытэу, уигум ирищIэм къыхэкIауэ зы псалъэ хъунщ. Мыбы хуэдэу "фыщIын, фIыщIэ" псалъэхэри, Iуэхугъуэ щIыным къытохъукIыр. "ЩIыхь" жыхуаIэри, ищIыфрэ и щIэныгъэр лажьэрэ зызужьу кIуэуэ щытым папщIэй, зи тепщэрэ зи пщIэр зыдынэс щIыпIэр зэрубгъуа хъум папщIэй жыIэпхъэнщ.

"ЩIыхуэ" пIалъэри, "щIын хуейуэ" е "щIыным (щIы) хуэкIуэжу (хуэ)" зы Iуэхугъуэу къыщIэкIынщ.

ЩIыр, щыIэ хъуауэ зы пкъыгъуэ зэриIэрэ, сытри зытеухуэрэ зытещIыхь зэрыхъукIэрэу зы лъабжьэщ. Ар, ухуэу щытымрэ, ящIымрэ я лъабжьэщ; ахэр зытелэжьыхьрэ зыхэлэжьыхь лабжьэщ. Ар, сытри зытыращIыхьрэ къызхащIыкI лабжьэщ. ЩIырэ щIыпIэ зимыIэ цIыхум зытырищIыхьынрэ зытелэжьыхьын лабжьэй иIэнкъым. ЩIыр, цIыхум къилэжьращ; икIи и лэжьыгъэр зытырищIыхь лабжьэщ; щIыр, цIыхум ищIынурэ и щIэным, и щIэныгъэм и лъабжьэщ.

Ар щыхъукIэй, цIыхум зыгуэрэ ищIрэ иухуэу щытмэ, ар зи фIыгъэр щIыращ; икIи мыращ "щIын, щIэн" псалъэхэм и лъабжьэ хъур: "ЩIы"р щIынрэ щIэным и щхьэусыгъуэщ, и сэбэпщ. Ар щхьэусыгъуэу щытырщ. НытIэ, зы гуэр щIын е щIэн папщIэ щхьэусыгъуэ къэзгъэлъагъуэ мыхьэнэкIэ къосэбэпыр "щIэ" макъыр зы псалъэм ипэ къыщиувэкIэй, апщыгъуэ а псалъэм и щхьэусыгъуэр къикIыжу псэлъэщIэ зэтоувэр: «ЩIэкIуэнур сыт, мыр щIэхъур сыт, щIищIэн щхьэусыгъуэ; щIэхъуэпсэн, щIэхъуэхъуэн, щIэхъуэнэн, щIэбэгын...».

ЩIыр зэрылъабжьэкIэрэу, ди щIэныгъэм и лъабжьэу щытырщи, ар къыздикIауэ зэрыщыт закъуэу къэмынэу, икIи къыздикIрэ къыздикIынурщ. ЩIыр ди щIэн блэкIаращ, нобэрей ди щIэныр къызхэкIырщ; икIи, пщэдеи ди щIэныр къызхэкIынуращ. Ди къэкIуэныгъэрэ лъабжьэр щIы зэрыхъурэкIэй, ди лъабжьэм къыщIэхъуэнурэ, ди пщэдейуэ тлъытэу хэхъуэу щыт ди бынхэри "щIэблэ, щIалэ" псалъэкIэ къыдоIуэр.

ЩIыр лъабжьэщ, сытри зытетщIыхьрэ ди щIэныгъэр къызхэкIрэ зыхыхьэжырщ.

**Ш...**

″Шы″ макъыр ″щы″рэ ″щIы″ макъхэм ягъунэгъуу зы макъырщ. ТIэ, Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэ игъэзащIэхэмкIэй а макъхэм зэпыщIэныгъэ зыхуиIэу зы макъщ ″шы″ макъыр: ЩыIэрэ зы щIыпIэу щытым къагъэщIрэ къатехъукIрауэ жыIэпхъэщ ″шы″ Iэмалыгъуэу утыку къихьэр. Ар, а къэзыгъэщIрэ къызтехъукIхэм къащIэхъуу щытырщи, ахэм къащIэжырщ. Ар ″жы″ макъми игъунэгъуу зы макъырщи, ″жы″ IэмалыгъуэрэкIэ къэхъурэ, ″жы″ щIыкIэй зиIэрщ.

"Шы" Iэмалыгъуэр, щыIэ хъуауэ щыт щIым гъэ къыхуэкIуэрэ къэкIыгъэрэ псэущхьэ къыщытехъукI нэужьым, ахэм къахэхъукIыр къэзыгъэлъагъуэрщ. Абыхэм псырэ дыгъэ зэрагъуэткIэрэу, я псырэ яшхыр зэрагъэскIэрэу, къащIэхъукI ткIуэпсырщ; абы я *продуктэ* хъурщ.

КъэкIыгъэрэ псэущхьэхэм къащIэхъукIрэ къыщIэж хъуурэ щыт ткIуатIкIуэр ″шэ″рщ. Ар, псэущхьэрэ къэкIыгъэ ужьыгъуэр зыщIырщ; икIи, ар зыгъэлъагъуэрщ. ″Шэ″рэ псырэ зыщIэмтыж къэкIыгъэрэ псэущхьэр мэгъу, малIэр. А къыщIэкIыу щытым езырыжу щыIэгъуэ щигъуэтым щыгъуэ, "шы" зэманыгъуэ зиIэ мэхъури, бзэ хабзэмкIэ абы "шэ" фIэщыгъэцIэр хуэфащэщ. "Шэ"р, къэкIыгъэ е псэущхьэм къыщIэкIрэ къыщIэжу щытырщ.

Гъэр зэрыхъурэ къызэрекIуэкIым къызэргуэкIкIэрэу, гъэм и фIыгъэкIэ ди Iэщым къыщIэкI "шэ"р "гъэш"щ. "Гэш"ыр Iэщым къыщIэкI шэ закъуэрагъэнкъым; ар, ди шхыныгъуэхэр къызхэкIрэ, гъэм къырриту щыт Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы къэкIыгъэрэ псэущхьэм къыхэтхыу щыт псори зэщIиубыдэу зы Iуэхугъуэу къыщIэкIынщ. Езырыжу къэкIыу е халъхьэрэ хасэу къагъэкIым къыпыкIэрэ къыдэкIэу цIыхум и шхыныгъуэ хъуурэ щытыр "мэш"щ. "Джэш"ри яджауэ зы гъэшрэ мэшу щытрагъэнщи, мы мыхьэнэр нэхъ нахуэу къегъэлъагъуэр ″джэнш, гьэнш″ фIэщыгъэцIэу щытрэ, Адыгэ жьэрыпсалъэ гуэрхэм къызэрыраIуэм. Джэшыр мэшым хуэдэу езырыжу (мэ) къэкIрэ гъэш хъуркъым; ар яджрэ къагъэхъурщ; абы укIэлъыплъынрэ къэбгъэхъун хуейщ. Мэзым хэт жыгыпкъэ я къуэдамэхэм (п.п: псей е къуацэхэм) къыщIивыкI ткIуаткIуэр "мэзыш"щ.

ХьэщIэм хуаукIрэ, ар зэрагъэхьэщIэ шхын хъуурэ щыт "ныш"ыр, а унагъуэм иIэ Iэмалыгъуэм къызэргуэкIрэ унагъуэм къыщIэкIыу зы "шы-шэ" Iэмалыгъуэу зы шхын хъуфырщи, ар нэхъыбэу зы Iэщ хъун хуейуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ.

Уэгум "пшэ" зэхуэсыр зы щIыIэпIэ щиувэкIэ зэхэткIуэрэ щIым къеткIухыр "уэшх"щ; уэшхыр ″къешхыр″щи, уэм къыщIэхъукIрэ ″уэш (уэм и шэ)″ хъурэ къехырщ (хын).

Iэщым къыщIашу щыт гъэшым ехьэлIауэ псалъэхэр къэхъуащ: «Къэшын, бжэныш, мэлыш, жэмышэ, шыкIэрышэ, шкIэ; шэ хэкIэ, шэжын, шэжыпс, шэзын, шэрэз; шэху, шэхудэ...». ″Гъэш″ псалъэм, шэрэ абы къыхащIыкI шхыныгъуэхэри зэщIеубыдэр. Лырэ пIастэм дэкIуу, тхъурэ нэгъуэщI гъэш зэхэщIарэ ткIуаткIуэ шхыным и цIэри "шыпс"щ.

"Шы"р, къэкIыгъэрэ псэущхьэм къащIэхъуэрэ къахэкI хъуурэ щыщыткIэ, ар абы къалъхум папщIэй жыIэпхъэ мэхъур: "шыр"ыр дэтхэнэ зы псэущхьэм къилъхуагъащIэ хъуращ. А къалъхуагъащIэу щыт псэущхьэ лIэужьыгъуэм хуэIуауэ зы фIэщыгъэцIэ мыухуамэ, дэтхэнэ зы къэлъхугъащIэрэ анэм кIэщIэлъ псэущхьэ цIыкIур ″шыр″щ: «Джэду шыр, дзыгъуэ шыр, хьэпшыр, блэ шыр...».

Псэущхьэрэ къэкIыгъэм имызакъуэу, щIым къыдиту щытрэ шхыныгъуэ IуэхугъуэхэмкIэ къытщхьэпэу щыт "шыгъу"ри зы "шы"

Iэмалыгъуэ Iуэхущ. Шыгъур, дэтхэнэ зы гъэшрэ шхыныгъуэхэм папщIэ къегъэсэбэпыр цIыхум. Гъэшрэ шхыныгъуэр зэмхъуэкIынрэ мыгъуэтэн папщIэ, ахэр шыгъукIэ "ешуу"р. ″Мышу″р щIэх зохъуэкIыр; "шыугъэ"ри фIы дыдэнкъым, ауэ, шхыныр шыгъукIэ хуэмныкъуэн хуейщ.

*

КъэкIыгъэрэ псэущхьэм, уэгурэ щIым къыхэкIрэ щхьэпэ хъууэ щыт "шы"р, икIэм икIэжым езырыж мэхъуфыр, къызхэкIам гуэкIрэ щхьэщыкIыу щыIэ гуэр мэхъур. Ар зыщIэтыр къыумышрэ, зыхэтым къыхыумышми, шэр игъуэ щыхъукIэ къыщIэжынущ. Псэ зыIутрэ зыхэлъу хъуам, игъуэ къыщыхъукIэ шэ къещIыр. Ар хъуми бзыми хуэIуакъым. УIэгъэ е псыбыб хъуауэ бэгауэ щыт зы Iэпкълъэпкъми къыщIэжыпхъэ хъу ткIуаткIуэр "шын"щи, ар къыщIомышми, лъэм езыр езырурэ къыщIигъэжынущ, къыщIивыкIынщ. Ар езыр къыщIэжыпхъэрэ къыщIэгъэжыпхъэу зэрыщытрагъэнщ ″шы хъун (шын)″ фIэщыгъэцIэр зэрыхуэфэщар. Пэм къижу щыт ткIуаткIуэри "пэшын"щ.

КIэщIыу жыпIэмэ, "шы"р къыщIож, щIаж, мажэр; "жы-жэ" макъ мыхьэнэм ещхьу зы щIыкIэ иIэщ "шы-шэ" макъым. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, ″шы-шэ″уэ щытыр зэрыткIуаткIуэм папщIэ, жэн Iэмалыгъуэ зиIэрщи, ар къожыр, мажэр. "Шы"р "шэ" хъууэ мэкIуатэр (э). Арагъэнщи, зы фонк е зы фокIэщIым идзыр, абы къикIрэ кIуэ *гъурсыз*ри "шэ"щ. А технологием ипэй щыIащ "шэ"р: "шабзэ"м и шэри "шабзэшэ"щ. Шабзэр зы Iэщэу къыщырахьэкIкIэ, шабзэшэхэрэ -нобэрей шэхэри- зэрылъыр "шалъэ"рщ.

Нэрылъагъуущи, "шы" макъым ″э″ къыпыхьэрэ гъуэгу техьэмэ, къэхъуу щытыр ″шэ″рщ; гъуэгу техьапхъэ хъууэ щыт "шы" Iуэхугъуэр "шэ"щ. Ар ″гъэш, мэш, шын″ Iуэхугъуэхэм къытемынэу, зы Iэщэм къыхэкIрэ езырыжу кIуэ хъуфрауэ утыку къохьэр. "Шы-шэ" мыхьэнэр къызэрыхъурэ утыку къызэрихьэ щIыкIэм езэгъыжу, мыхьэнэ нэгъуэщIыгъуэхэр къызэрыхъур нэрылъагъущ.

Мыбы къызэргуэкIкIэй, "шы"р зи лъабжьэу, мыхьэнэщIэрэ псэлъэщIэхэри къохъур. Шэр къыщыщIэпшым щыгъуэ, жэм быдзым узэрекъум хуэдэ Iуэхугъуэхэр зы мыхьэнэ гупу мэухуэр: «ЗэщIэшын, зэпышын, зэфIэшын, зышытIэн, шытIэн, шэщIын, шиин, тхьэкIумэр тешын...».

ТIанэ, мыбдеж жыIэпхъэнщи, "зэхуэшэн, зэIушэн, шыхьын" псалъэхэри мыхэм я гъунэгъу Iуэхугъуэхэу утыку къохьэр. Мы мыхьэнэхэм я гъунэгъуу, зэщIэшарэ, зэрыхъун хуейм хуэмыдэж хъуа Iэпклъэпкърэ, ар зи щIыкIэ хъуахэм папщIэ, жыIэпхъэ хъуауэ щыт псалъэхэри щыIэщ: «Щхьэшэ, нашэ, Iушэ, Iэшэ, лъашэ...».

Мыбыхэм хуэдэу, дзэр зэрщытрэ игъэзащIэу щытам щыщIэныгъэ Iуэхугъугъуэ къыщыхъум щыгъуэ, "дзэр мэш" жаIэр. Мыбы ещхьщ, зы

псэущхьэр лажьэрэ и къарур мащIэ хъуурэ щытмэ, зэрщытауэ щытам хуэмыдэжу, и къарур хэкIарэ зэщIэша пэлъытэу къыщынэкIэ хужаIэ "ешын, зэшын, езэшын" псалъэхэр.

Зы гуэрэр зэрщытынрэ зэрыхъун хуейуэ зэрыщымытыр къизыIуэрэ (Iушэ, нашэ, лъашэ), зы псэущхьэр зыужьыпIэ зэримытыжыщэр гурыIуэгъуэ зыщI (ешын, зэшын, езэшын) псалъэхэм хуэмыдэжу, мыхэми щхьэщыкIрэ, зы псэущхьэр зэрзэщIэша защIэрэ и зыужьыгъуэм къызэриша хъуа щIыкIэу "шынэн" псалъэри къоъур. Шынэныр, зыужьыгъуэ зимыIэжрэ, дэтхэнэ и зы Iэпкълъэпкъым я къэлэнхэр ямыгъэзэщIэжыф хъууэ щыту, я зэхузэфIэкIыпIэм иша хъуращ. ″Шынэн″ыр къызэришарэ шауэ къэнэнырщ.

Зы унэм и зы щIэсыпIэрэ Iуж хуэдэу Iужа мыхъуми, унэм гуащIыхьым "пэш"щ хужаIэр. Зы Iэщ е нэгъуэщI щыIэ гуэру щытрэ бжыгъэкIэ куэдыр "хъушэ"щ. Ар, зы гуэрыр зэрщыт защIэрэ зэхуэдэ защIэкIэрэ гъэшынырщ, шэнырщ, гъэбэгъуэнырщ.

Мыхэм хуэдэу зэщIэшыным къыщIэдзауэ гъэбэгъуэным нэгъунэ "шы-шэ" Iуэхугъуэм игъэзащIэхэм зы лъэбакъуэ къыщыхыхьэжкIэ, уиIэрэ уэ пщыщ гуэр е уи зы Iэпкъылъэпкъыр къыпхэкIарэ уимыIэжын, е зэй уимыIэн мыхьэнэ зиIэ псалъэхэри къохъур: "Щхьэншэ"р, щхьэ уиIар уимыIэжын е зэй уимыIауэ щыта пэлъытэу мыхьэнэ зиIэу зы псалъэщ. Мыбы хуэдэщ "узыншэ, зеиншэ, фызыншэ, щIыкIэншэ, Iуэхуншэ" хуэдэ псалъэхэри.

ИкIэм икIэжым "шын" Iуэхур, ипIэ икIыпхъэрэ икIыф хъурщ; "шэн" Iуэхугъуэри ипIэ икIынрэ гъуэгу техьэу кIуэн Iуэхугъуэрщ, гъэкIуэн Iуэхущ. Ар езырыж мыхъуу зы гуэрэм игъэзащIэ Iуэхугъуэй хъурщ. Узпылъррэ унагъуэ къишапхъэу плъытэм щхьэ "къэшэн"щ хужыпIэр; зы гуп е зы дзэ зезышэрэ абы я тхьэмадэ хъум "пашэ"щ хужаIэр.

Езырыжу кIуатэрэ зэщIэша е "ша" хъум папщIэ, -бзэ хабзэмкIэ- "машэ" хужыIыпхъэнщ.

*

Зы къэкIыгъэ е зы псэущхьэм къыщIэкIым е уэгурэ щIыгум къыхэхъукIыу утыку къихьэ хъу "шы-шэ" Iуэхугъуэр зи лъабжьэкIэрэ, кIуэ пэтрэ мыхьэнэхэр зэтоухуэ, зэтоувэр. ИкIэм икIэжым, зы гуэрэр дэщIыгъуу гъэкIуэтэн мыхьэнэр къохъуфыр. Мы "шэн" глаголыр зи лъабжьэ хъууэ псалъэхэр къохъур: «Блэшын, блэшэн, бгъэдэшын, бгъэдэшэн, дэшын, дэшэн, къэшэн, нэшэн, зэхуэшэсын...».

Мыхэм хуэдэщ, зы гуэрым къызэргуэкIкIэрэ нэгъуэщI зы гуэрхэм хуэшэн е етын пэлъытэу жаIэ псалъэхэу "гуэшын, тегуэшэн" псалъэхэри.

Мы къэхъу лъэбакъуэхэмкIэ гъуэгурыкIуэрэ, икIэм икIэжым зи гугъу тщIауэ щыт "шэн" глаголыр утыку къыщихьэм щыгъуэ,

лъэсырыкIуэ защIэкIэрэу гъуэгурыкIуэу и гъащIэр зыхь цIыхум, и гъуэгур кIэщI къыхуэзыщI зы Iэмалыгъуэ къыIэщIохьэр: Лъэсу мыкIуэу зы гуэрым зыригъэшэн, зыкъызэригъэшэкIын!

Зышэнрэ къезшэкIыну зы псэущхьэ къигъуэтащ цIыхум. Мыбы аткIэ зэдэщIыгъунрэ зэдэпсэуну, икIи зыр зым и хьэл-щэным фIыуэ гулъытэ зыхуаIэну зы ныбжьэгъуфI къигъуэтащ цIыхум. А ныбжьэгъум "шэн" Iуэхугъуэр къэлэн хуимыщI ипэ а псэущхьэм зэреджэу щытар тщIэжкъым; ар щхьэ, абы "шэн Iуэхугъуэр зэрехьэлIарэ езырыжу зэригъэзащIэ" мыхьэнэр къикIыу зы цIэ фIищащ; мы Iуэхугъуэр бзэм и хабзэмкIэ къызэрыIуэтэфыну щыт псалъэр "шы (шэ-ы)"щ.

"Шы" фIэщыгъэцIэр апхуэдизу цIэрыIуэ хъуауэ нобэм къэсащи, "шы" макъыр щызэхэтхкIэ, шэч имыIэу мо цIыху гъусэращ дигу къэкI закъуэр. Дэнэ къэна, "шы е шэ" макъ хэту щызэхэтхкIэ, ар Iэмал имыIэу ди гъусэ хъуа псэущхьэм къытехъукIауэ зы псалъэу къыдгуроIуэр, къытфIощIыр. Нобэ къытхуэмынауэ щыт ди гъусэ лъапIэр дбгынауэ щытми, и фIэщыгъэцIэр зэрзэхэтхыу дигу къэкI закъуэр аращ. Дауэ мыхъунрэт ар: ЦIыхумрэ шымрэ я зэгъунэгъугъэ щIыкIэм бзэ хабзэ къигъэщIащ: "шу".

"Шу"р, шым шэсауэ щыт цIыхурщ. "Шэсын"ри шы щэнхабзэм къигъэщIауэ зы псалъэщ. Ауэ, "шы" макърэ "у" макъыр зэгуэт хъуауэ зы псалъэ къигъэхъуащ шы щэнхабзэм.

Шы щэнхабзэм къигъэхъуауэ щыт псалъэрэ хабзэр куэдыщэщ. Арагъэнщ, икIи, цIыхум и нэхъ гъунэгъуу зэрилъытэрагъэнщ шыри, "шы" макъ зыхэту щыт псалъэхэр Iэмал имыIэжу шым хуехьыр Адыгэм. Дауэ уедэуэн ар зэрымыпэжым; шы макъ щызэхихкIэ занщIэу нэжэгуэжэ мэхъу, мэгуфIэ, мэгупсэр...

ИпщэкIэ "шы-шэ" макъхэм дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ, шы псэущхьэр къызэрхэмыщарэ, псалъэхэм я лъабжьэр абы зэрхуэдымгъэкIуар зы АдыгэмкIэ гукъанэу къыщIэкIынщ. Ауэ, а макъыр зэрыдж щIыкIэр пэжу зэхэтхынрэ зэпкъырытхын папщIэ, а Iуэхугъуэм дыщытелэжьыхьым щыгъуэ, зы лъэныкъуэ дымыхъун папщIэ, *методологие* захуэ дыдетын папщIэ, япэ шы псэущхьэр къыхэдгъэщакъым. А методым дытемытатэмэ, Iуэхум хэкIыпIэ хуэдгъуэтыжыфыну къыщIэкIынтэкъым: Дышэсрэ шууэ дежьа нэужь, дыкъепсыхыжынрэ лъэсу гъуэгу дытехьэжыныр гугъу хъунт.

Дауи ирехъу, "шы-шэ" макъхэм яджыр ипщэкIэ къызэритIуам хуэдэу къыщIэкIынщ; абы и лъабжьэр ди шы гуартэрагъэнкъым. Пэжщ, псэущхьэ ныбжьэгъуу диIэ шы Iуэхугъуэм къытехъукIа псалъэхэр мащIэкъым; ар зы щэнхабзэ IэнэтIэшхуэ хъауэ щытмэ... Мыбы

къытехъукIащ, шыр зыщIэтым папщIэ "шэщ" псалъэри, "шыкIэпшынэ"ри, "шыбгъэрыпх"рэ нэгъуэщI Iэджэй.

Ауэ, "къуэш"ми, "шыпхъу"ми, "зэкъуэш"рэ "зэш" псалъэхэми я лъабжьэр ди шы хужьракъым къызтекIар. А псалъэхэм я лъабжьэ хъур, ипщэкIэ къэтIуэта Iуэхугъуэрэ гъуэгуращ. Зы анэм зэрашыррэ, зы анэ быдзышэ зэрефарэкIэу зэхуэдэ ширитI хъууэ щыт къуитIыр "зэкъуэш"ынщ; мыбы хуэдэу, анэмкIэ зэхуэдэ шыр пхъуитIри "зэшыпхъу" хъунщи, зэкъуэшхэм я "шыпхъу" хъунщ.

## «К-Ч, КУ, КI, КIУ» МАКЪХЭР

**К-Ч...**

Нобэ "кы" макъымрэ "чы" макъыр зэхуэдэ мыхьэнэ зиIэу макъитIщ. Адыгэбзэ тхэкIэм "чы" макъращ ялъытарэ атхауэ зэрыхэтыжыр. Ауэ, зэзэмызэ мы макъитIри зы жьэрыпсэлъэкIэм хэту ущыхуэзэ щыIэщ нобэй. Адыгэбзэр зы макъыбзэрэ макъ къэс мыхьэнэ зэраIэм ущыщыгъуазэкIэ, а зэщхьрэ зэгъунэнъуу къэIу макъитIми зэгъунэгъу мыхьэнэ зэраIэн хуейр гурыIуэгъуэнщ.

Бзэм ухэплъэжрэ мы макъитIым фIыуэ щыгъуазэ ущыхуэхъум щыгъуэ, зэрзэщхьэщыкIыр гурыIуэгъуэ мэхъур. А макъхэм яджыр къызэрыIум хуэдэу жыIэпхъэщи, "зэпыкын, зэгуэкын" макъыу зэрыщытым теухуа Iуэхугъуэхэрщ. Зы къэкIыгъэрэ абы и зы къудамэр къыщыпыпкым щыгъуэ, къыпIэщIыхьэу щыт къудамэ цIыкIур зы "кы" мэхъур икIи. ТIэ, "кы" макъым къикIрэ иджыр, ку зимыIэ пэлъытэу псыгъуэу зы щыIэкIэ зиIэрщи, ар, зы къэкIыгъэ е зы жыг къуэдамэ цIыкIу хъунщ. "Чы" макъым иджри "кы" пэлъытэу псыгъуэу зы дыркъуэ трищIэнрауэ жыIэпхъэщ зы гуэрми, зы гуэрыр псыгъуэрэ "кы" пэлъытэу зэгуэкIынрэ, "зы Iэбджыр чын е чэн" Iуэхугъуэу жыIэпхъэнщ. Ар щхьэ, нобэ а IуэхугъуитIри зы макъкIэ къыраIуэ хъуа хуэдэщ: "чын-чэн" е "кын-кэн".

Зыхэту къэтлъыта макъ гупыр нэхъыбэу "к" тхыпкъыр къызэрагъэсэбэпу зэратхам папщIэ, мы макъитIыр зэрзэпыщIари зэригъэлъагъуми къызэргуэкIыу, -сыт хуэдизрэ Къэбэрдей алфавитым "чы"уэ итми-, мы дызтелэжьыхьу щыт лэжьыгъэм щыгъуэ, "кы" тхыпкъыр къэдгъэсэбэпыныр нэхъ игъуэу тлъытащ.

Зи гугъу тщIыуэ щыт мы макъитIри, "цы" макъым игъунэгъуу къоIур. ИкIи, а макъитIым яджрэ ягъэлъагъуэу щыт мыхьэнэхэри "цы" макъ мыхьэнэм и гъунэгъущ. "Цы"р щымыIэ пэлъытэу псыгъуэ дыдэу щыIэ гуэру щытырщ. Апхуэдизу псыгъуэрэ щымыIэ пэлъытэу жыIэпхъэ мыхъуну щытми, "кы-чы" макъым иджрэ игъэзащIэу щытхэр Iухушхуэу щыту зы гуэркъым. Абы зы купщIэ иIэу жыIэпхъэкъым.

Аращи, "кы" макъым иджыр ку зимыIэ пэлъытэу псыгъуэу зы къуэдамэ пэлъытэш, е мыбы хуэдэу псыгъуэу зы дыркъуэ трищIэнырщ зы гуэрым. Мы псалъэм къызэргуэкIкIэй, "кы" псалъэр зы къуэдамэ псыгъуэ цIыкIум и цIэрщ; мыр зи лъабжьэкIэй псалъэхэр къохъур: «Кы цIыкIу, кы захуэ, кы къуаншэ; кыжь, кыкIэ, кыщхьэ; кыщмыщ...». "КыцI"ыр дауэ зэпкъырыпхын тIэ?

"Кы"р бгъэкIуатэ е бгъэбагъуэмэ "кэ" хъунщ. Ар икIи, кы куэдагърэ кы Iуэхугъуэ къэзыгъэлъагъуэу "кэу е ко, кэт, кей" хъунщ; икIи, кы пэлъытэу псыгъуэрэ зэгуэмыкIа дыдэу, зы Iэбджым къыхуэкIуэ Iуэхугъуэу "кэн, къэкIэн, зэгуэкын" хъунщ. "Кы" макъыр нэхъыбэу зы къуэдамэ Iуэхугъуэм макIуэр, "кэ" макъри зэгуэкын е къэкэн Iуэхугъуэм макIуэр: «Гуэкын-гуэкэн, дэкын-дэкэн, къэкын-къэкэн, фIэкын-фIэкэн, хэкын-хэкэн, щIэкын-щIэкэн...». Кы пэлъытэу псыгъуэрэ цIыкIуу е мащIэу, ″ауэ къызэрыгуэкIкIэ кIуэтэн″ мыхьэнэр къикIыу жыIэгъуэ къохъур "зы лъэбакъуэ кын, зикын" хуэдэу.

Зы Iэпкълъэпкъ фIэщыгъэцIэу "кэ" псалъэр къыщIэхъуар, зэкIэлъхьэужьыгъуэр къикIыу "кэзу"р къыздикIар гурыIуэгъуэкъым. Ауэ, "шэк, шэкын" псалъэ хуэдэ мыхьэнэр иIэу Тыркубзэми хэтщ "чэк, чэкмэк" псалъэхэр; икIи, мы мыхьэнэм хуэдэу КъуэкIыпIэ Курыху бзэхэми яхэтщ "шэк, чэк, шэкэл" хуэдэ псалъэхэр. Мыпхуэдэ псалъэрэ ″шэк, шэкын″ мыхьэнэ зиIэу щытхэр адыгэбзэ макъ мыхьэнэ зэтеувэкIэми езэгъыщэу щыткъым. Ахэр бэзэр Iуэхугъуэу КъуэкIыпIэ Курыху щIыналъэм къыщыхъуарэ, абы ис лъэпкъхэм я бзэхэм зэрыхэтым къызэрыгуэкIкIэ, адыгэбзэми къыхыхьауэ жыIэпхъэнщ.

ТIанэ, жыг щыIэщ "кэщей" и цIэу; ар зы жыг лъапIэ щхьэ, а фIэщыгъэцIэм къикIыр "кы" зэпэщ къызэрыхэкIрагъэнщ. Мыбы хуэдэш, хужьыгъэ щапхъэу къыраIуэу щыт "кэсей" псалъэри; абы къикIри гурыIуэгъуащэкъым.

"Кэнж е кэндж" псалъэри "мыкуу" жыхуиIэрщ; ар псыгъуэрэ цIыкIуу, ку зимыIэ пэлъытэрщ.

**Ку...**

Псыгъуэрэ ку зимыIэ пэлъытэ "кы"м зебгъэужьу, имыIэрэ зыхуэныкъуэм хуэбгъакIуэмэ, ″кы″ макъым имыIэу щыт кууагъэр къэхъунщ; ку зиIэ хъунщ; икум унэсынщи, аращ ″ку″ макъ Iэмалыгъуэм иджыр.

"Ку"р зы гуэрэм кIуэцI хуэхъурщ; ар кIуэцI хъурщ; и фэрэ и лым е и къупщхьэм кIуэцылъырщ ″ку″р. Зы гуэр зыкIуэцIылъым ку иIэщ, "ку"р кIуэцIым илъырщ, кIуэцIым къинэрщ. Фэр зытырищIэр зы ″ку″уэ

лъытапхъэщи, фэ зиIэм ку иIэщ. Зы гупрэ зы щIыгу IэнатIэм и″ку″р ″курыт″щ, ″курыху″щ.

"Ку"р кIуатэрэ зэманыгъуэ щигъуэткIэ "куэ" хъунщ; "куэ"р, куфI зиIэу зы IэпкълъэпкЪ фIэщыгъэцIэрщ. Куэр зы итIысхьэпIэ е зы щIыпIэу къэбгъэсэбэпмэ "куэщI" хъунщ.

Ку зиIэ зэпыт хъууэ щыт "куэ"р зы "ды" IэмалыгъуэкIэ щылажьэм щыгъуэ, "ку" зэхэтыгъуэрэ лъэщыгъэ къэхъунщи, ар "куэд" хъунщ.

"Ку"р бгъэужьмэ "куу" мэхъури, ар ку защIэ зиIэ мэхъур; ар, кIэ зимыIэ пэлъытэу ку зиIэ мэхъур. "Ку" макъым къыхэхъукI псалъэхэр нэхъыбэу "кIуэцI, ку" мыхьэнэ зиIэ псалъэу щытщ: «Кумб, куцI, купщIэ, кунэф, кунэщI, кусэ; кудэн, Iукудэн; щIыбыку, лIыку, хьэку, зэхуаку, хэку...».

"Ку" Iуэхугъуэ щIын щыхъукIэ е зы ку Iуэхум телэжьыхьын щыхъукIэ, къэхъуну щыт псалъэхэрщ мыхьэр: «Iукуэн, дэкуэн...».

″Ку″ макъыр зы кIуэцI зиIэ хъууэ щытыр къэзыгъэлъагъуэрщ. Зы кIуэцI зиIэу щытым икум зы ″куцI″ ирищIэнкIэй мэхъури, абы ирищIэу щытыр ″купщIэ″уй жыIэпхъэщ. Зы купщIэр зи купщIэ хъууэ щытым и жылэу щытырщ. ТIэ, жылэр куцIырщ, купщIэрщ; нэгъуэщIыу жыпIэмэ, зы ″ку″м илърэ ирищIэр жылэрщ.

″Кы″р ку зимыIэрэ цы пэлъытэрщи, абы и ужьыгъуэу къэхъур ″ку″рщ. ТIэ, ку къэхъун папщIэ а нэхъ мащIэу лъэныкъуитI щыIэн хуейщ. А нэхъ мащIэу тIум ″у″ къагъэщIри, ″кы″м и ужьыгъуэу ″у″м къигъэщIыр ″ку″рщ. ТIэ, ″ку″р зы бэгъуагъэрщ. Зым щхьэщыкIыу щытым язэхуакум дищIэр ″ку″рщи, мыпхуэдэу кIуэтэгъуэ (э) зиIэрэ зэхэлъ (д) хъууэ щытыр ″куэд″щ.

*

Ку зиIэрэ зы гуэрым и пIэ хуэхъуфу щытыр, а гуэрыр зыпIрэ къэзыгъэхъуфу щытырщи, мыр зи Iэмалыгъуэрэ зи Iуэхуу щытри бзыуэ щытырщ. ″Ку″ макъым иджрэ игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэхэр бзыгъэ зыхэлъу щыт Iуэхугъуэу жыIэпхъэ щыхъукIэ, ″ку″ макъыр зы макъыбзу жыIэпхъэщ. Зы куэдагъэу зэхэлъpэ, куэдагъ къэзыгъэхъури зы бзыгъэ зиIэрщ.

Апщыгъуэй, нэгъуэщI макъыбз щапхъэхэм ядэтлъэгъуам хуэдэу, ″ку″ макъ зыхэту щыт цIыхубзыцIэхэр хэтыну къыщIэкIынщ адыгэбзэм. Мыбы и щапхъэ зы бжанэр мыпхуэдэщ: «Кунэ, Кукуэ, Куакуэ, Куцэ, Куацэ, Курэ, Кулэ, Нэку, Нэкурэ, Джыку, Хьэкукуэ, Хьэкунэ, Хьэкуцэ...».

**КI...**

"КIы"р "кы"м и лъабжьэрэ и пIытIаpщ; ″кIы″ макъыр хэпIытIа ″кы″уэ жыIэпхъэщ. ″Кы″р, зыпыту щытым къызэрыхэхъукI щIыкIэрщ ″кIы″р; ″кы″р, ″кIы″ IэмалыгъуэрэкIэщ утыку къызэрихьэр; кыр, къэкIращ

зиIэрэ зыпыт хъур. ″Кы″р пIытIауэ къыщипIуэм щыгъуэ ″кIы″ макъращ къэхъури, гъатхэм зы жыг къудамэм къыпыпкрэ хэптIэу щыт зы кы цIыкIур къэгъэгъэнщи, къэкIынщ. "КIы" макъыр лэжьапхъэ щыхъукIэ е глагол щыхъукIэ "кIын" Iуэхугъуэр къохъур.

″КъэкIыгъэ″р щIыгу щIагъым къыщыхъурэ, щIыгу щIыIур ″зэгуик″рэ ″зэгуигъэкI″ыу утыку къихьэу (къы-э) ″кIын″ IэмалыгъуэрэкIэ лэжьыгъэ зыгъуэтырщ. "КIын"ыр, зы щIыпIэм е зы щIыгум къыхэхъукIынращ. ЩIым къыхэхъукIыр "къэкIыгъэ"щ, ар щIым къигъэхъурэ къыхэкIырщ. Зы жылэр щIым хэхуэрэ щытIыгъуэм щыгъуэ, абы къыдежри, зыдыщIэлъу щыт щIыр зэпхыриуду щIыгу щIыIум къытехъэу дожейр. А Iуэхур ″къэкIын″ Iуэхугъуэрщи, а щIыгу щIыIум дэжей лIэужьыгъуэри зы ″къэкIыгъэ″щ. КъэкIыгъэм и ужьыкIэ щIыкIэу щыт ″кIын″ыр ″зырик″кIэрщ зэрыгъэзащIэри, къэкIыуэ щытыр кIуэ пэтрэ зырика мэхъур.

ТIэ, къэкIыгъэм хуэдэу, зы щIыпIэм къыхэхъукIращ "кIы" макъым иджыр. А къыхэкIрэ дэжейр лъэщу щытмэ "кIыр"щ; фIыуэ кIырэ и кIыгъэр кIуэуэ щытмэ "кIыхь"щ; ар кIы зыхьырщ, кIы зэпыту щытырщ.

Зы псэ зыIутрэ зы гъащIэ зиIэм и гъащIэр еухыр; зы гъащIэ зиIэу щытым зэманыгъуэм къыхуихьынур, а гъащIэр ухынращ: КъэкIыгъэр кIырэ дэкIейуэ щыт щхьэ, зэманыгъуэм а къэкIыгъэми къыхуихьынур, - икIэм икIэжым-, дэкIеинрэ псэуным зы увыIэпIэрэ ухыпIэрщ. ЗэманкIэрэ кIыуэ щытым, а зэманыгъуэм къыхуихьыр "кIэ"щ. КIыуэ щытым, игъуэрэ и зэманыгъуэр къыщыхуэкIуэм щыгъуэ, къэхъур "кIэ"щ. ″КIы″р зэманкIэрэ (э) ″кIэ″ мэхъур; кIыуэ щытым зэманым къыхуихьынур кIэщ. КIым зэманкIэрэ кIэ егъуэтыр.

*

Мы псалъэхэм къызэргуэкIкIэ "кIы" макъыр зи лъабжьэу псалъэхэр къохъур: «КъэкIын, дэкIеин, гъэкIын...».

*

Мыхэр къэкIыгъэ Iуэхущ, ауэ, мыбы къызэрыгуэкIрэ бзэр зэрыужь щIыкIэу нэгъуэщI Iуэхугъуэм пащIэй, ″кIы″ Iэмалыгъуэр кэсэбэпу щидзагъэнщ. Мыбы и щапхъэу, зы гуэрым къыхэхъукIрэ хъун Iуэхугъуэ щыхъукIэ ″кIын″ Iэмалыгъуэм нэгъуэщI псалъэхэри къегъэхъур: «Зыдэт щIыпIэм "дэкIын", зыхэту щытым "хэкIын", зыгуэту щытым "гуэкIын", зыдыщIэтым "щIэкIын", зыдыкъуэтым "къуэкIын", зыдыIутым "IукIын", зыпэрыту щытым "пэрыкIын", зытетым "текIын", зыдыфIэту щытым "фIэкIын", зэрыхъуауэ щытыр "зэхъуэкIын" хуэдэ псалъэхэр къохъур».

НэрылъагъуI щи мы псалъэхэр зы къэкIыгъэ Iуэхугъуэхэрkъым; ар щхьэ, кIын Iэмалыгъуэрэ, ар гъащIэм и фIыгъэкIэрэ щIым къыхэхъукIыу щыт къэкIыгъэ хьэл-щэн зи щапхъэу утыку къихьарэ, нэгъуэщI

Iуэхугъуэхэри къэIуэтапхъэ хъуащ. Зыхэтым хэкIын хуэдэ мыхъуу, зыдэщIытым икIрэ кIыуэ (е кIуэуэ) е зыдытет Iуэхум кIэ иримыту щытын хуэдэ Iуэхугъуэхэри жыIэпхъэ хъуащ: «ЕкIуэкIын, ежэкIын, ехьэкIын, ехуэкIын...».

Мыбы хуэдэщ, егъэлеяуэ къекIуэкI Iуэхугъуэрэ, кIэ зымгъуэту абы тетрэ текIуэдэн щIыкIэхэр къэзыIуатэ "ивыкIын, исыкIын, илIыкIын..." псалъэхэри.

"КIын" Iуэхугъуэр зы щIыпIэ е зы гуэрым хэкIын щыхъукIэ, "пыкIын" Iуэхугъуэри игъуэ мэхъури зэтоувэр. ИкIи, "кIы" Iуэхугъуэм ухыпIэ щигъуэтыпхъэу "кIэ" псалъэри къыщыхъуакIэ, "кIэрыкIын" псалъэри пыкIын пэлъытэу зы псалъэу къохъур. Мыбы хуэдэу, "щы"м икIын жыIэгъуэр "щыкIын", "сэ"м игъэкIын Iуэхъугъуэр "сэкIын" хуэдэу къызэтоувэр. Мыхьэнэхэр зэхъуэкI хуэдэми, ущыкIэлъыплъыжкIэ псори "кIын" Iэмалыгъуэм къызэригъэщIыр гурыIуэгъуэ мэхъур.

*

"КIы"м ухыпIэ зэригъуэтыр зэманкIэрщи, "кIэ" псалъэр къохъур. КIэр зы Iуэхурэ зы щыIэгъуэм иухыпIэ щыхъукIэй, сытми и ухыпIэр "кIэ" псалъэмкIэ къэIуэтапхъэ мэхъуфыр. Ар зы Iуэхум иухыпIэу ″икIэ″ зэрхъуфым хуэдэу, зы псэущхьэри щхьэкIэ къежьэу "кIэ"кIэ мэухыр. Мы Iэмалыгъуэм къызэргуэкIкIэй, псэущхьэ Iэпкълъэпкъ фIэщыгъэцIэхэр мэухуэфыр: «КIэ, кIапэ, кIэн, кIанэ, кIэбз, кIэтIий...».

Мыпхуэдэу Iэплъэпкъ хъууэ щыт кIэри къикIыу "кIэзызын"; зым икIэм нэгъуэщIыр къызэрпыхьэрэ къызэрыхуэкIуэкIэрэу "зэкIэлъыпытын, зэкIэлъхьэужьын, зэкIэлъыкIуэн" хуэдэ Iухугъуэхэр къэзыIуэтапхъэ псалъэхэр къохъур.

"КIы"м зэманыгъуэ зэригъуэткIэрэу "кIэ"р къызэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, "кIэ" псалъэр "кIы"м и пхэндж Iуэхугъуэу щытщи, "кIэ"р "кIы" Iуэхугъуэм и пхэнджуй лэжьэн Iэмалыгъуэ зиIэ мэхъур. Мыбы и щапхъэхэщ "икIын, хэкIын, текIын" хуэдэ Iуэхугъуэхэм я пхэнджу лэжьыгъэ хъууэ щыт "икIэн, хэкIэн, текIэн" псалъэхэм къыраIуэ Iуэхугъуэхэр.

"КIэ" зыгъуэтынрэ зы ″кIэ″уэ щытым ихун Iуэхугъуэу, нэгъуэщI псалъэхэри къохъур: «КIэрыхун, кIэрыкIын, кIэрышын...». Мы Iуэхум и пхэнджрэ, зы гуэрыр нэгъуэщI гуэрым пыщIэн Iуэхугъуэхэри "кIы"м зэрипхэнджкIэрэу "кIэ" Iэмалыгъуэм къеIуэтэфыр: «КIэрыщIэн, кIэрышэн, кIэрIулIэн, гуэгъэкIэн...».

КIэрэ щхьэр зыдэщытыпIэр зэхэгъуэщапхъэрэ зэхъуэкIыу щытрэ, уфэразэу щытыным "кIэрэхъун, къэкIэрэхъуэн; кIэрахъуэ" хуэдэ псалъэхэр къегъэхъур.

"КIэ"р "кIы"м и ухыпIэ зэрыхъум хуэдэу, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэм икIэри ″кIэ″ кIэухым гурыIуэгъуэ къытхуищыфынщ. НэгъуэщIыу жытIэмэ, "кIэ"р, икIэм икIэжым зы Iуэхугъуэращ зи кIэу щытри, ″кIэ″ кIэухыр къызпыхьэу щыт зы псалъэм къыриIуэ Iуэхур зытетрэ кIэ зэригъуэт щIыкIэу къыдгуроIуэр. Зы псалъэр зэхэтхрэ къыдгурыIуэмэ, а псалъэр къызэрыхъурэ зэрылажьэр къыдгурыIуэнщи, ар "кIэ" кIэухым къыдгурегъаIуэр: "псэлъэкIэ". Мыбы хуэдэу дэтхэнэ зы Iуэхугъуэм и *стил*ыр къыдгурызгъаIуэр а Iуэхугъуэм и кIэухращ; а Iуэхугъуэр зэрыухрэ, икIэм икIэжым утыку къызэрихьэ щIыкIэр, а Iуэхур зэриухырщ; икIи, "кIэ"р кIэух щыхъукIэй глагол зэрыхъури гурыIуэгъуэнщ: «ЩIыкIэ, лэжьэкIэ, кIуэкIэ, шхэкIэ, плъэкIэ...».

Мыбы хуэдэу зы кIэухыу зы псалъэм икIэ къыпыхьэрэ, къигъэлъагъуэр къызпыхьэ псалъэ стилрауэ щымыту, зи кIэух хъу псалъэр зы лъабжьэ е щхьэусыгъуэ зэрыхъур къыщыгъэлъагъуэ щыIэщ. "КIы"м езыр, къызхэкIыу щыт зы гуэрэм зэрпыщIакIэрэу, "кIэ"ми зы гуэр е зы зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэ егъэлъагъуэр. Зи кIэух хъу псалъэр зы Iуэхугъуэ лъэныкъуэу утыку къырелъхьэр: «ПсалъэкIэ, абыкIэ, дэтхэнэкIэ, къыщIэкIуакIэ...». Мыбы хуэдэщ "зэкIэ, тIэукIэ, щэкIэ" хуэдэ жыIэгъуэхэри. Ауэ, "зэкIэ" псалъэм хэт "кIэ"р зэкIэлъхьэужьурэ зэхэжауэ тIуащIэу къыщыIукIэ, "псори, зэрыщыту е зэуэ" мыхьэнэр мэухур: "зэкIкIэ".

Зы Iуэхугъуэр къызхэкIрэ зыпыщIар е зэхьэлIар къэзыгъэлъагъуэу щыт "кIы-кIэ" псалъэхэм я Iэмалъыгъуэр бзэ ужьыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, мыхьэнэщIэхэри мэухуэр, зэтоувэр. Ар щхьэ, ущегупщысрэ мыхьэнэхэр зэрыухуэрэ зэрзэтеувэхэр къыщыбгурыIуэкIэ, псори "кIы" макъым къызэртехъукIрэ зэрнатуралыр нэрылъагъурэ гурыIуэгъуэ мэхъур. Мыбы и зы щапхъэщ "лъэкIын" псалъэри. Ар, ″лъэм и къэрум къызэрихьрэ, лъэм утыку къырилъхьэр″ жыхуиIэу "лъэм IэщIэкIын, лъэм и IэдэкъэщIэкI хъуфын, лъэм хузэфIэкI" жыхуиIэрщ. ЛъэкIыныр, лъэ къэрум елъытащ; лъэм икIыпхъэ хъур лъэм ишэкыфынуращ; ″лъэкI″ жыхуиIэр ″Iэмалыгъуэ″рщ.

**КIу...**

Зи гугъу тщIауэ щыт "кIы" Iэмалыгъуэм зиужьрэ зиубгъумэ, къэхъу макъыр "кIу" макъырщ. "КIу" макъыр, икIи "ку" макъми и гъунэгъущ, абыи къытехъукIыпхъэщи, ″ку″ макъым утекъузэрэ пIытIауэ къипIуэмэ къэхъунури ″кIу″ макъырщ. ТIанэ, "кIы"уэ щытым "ку" Iэмалыгъуэ иIэ щыхъукIэ къэхъуращ "кIу" макъым иджыр: КIыуэ щыт ужьарэ ку зиIэ хъуар "кIу"щ.

Ар ку зиIэу кIырщ; ку зиIэрэ кIыуэ щытыр къыщыхъукIэ, зэдэкIурэ зэдэкIуэ ужьыгъуэращ къэхъур. "КIы" Iэмалыгъуэр "у" Iэмалыгъуэ зиIэ хъуурэ щытмэ, кIыуэ щыт защIэ Iуэхугъуэ къохъури, а къэхъуауэ щыт дэтхэнэ зы "кIы"р, *паралел*у зэдокIуэр; "кIу"р паралелрэ зэдэкIужу зэдэкIуэрщ.

"КIу" Iэмалыгъуэр зэдэкIуу щытхэм яхэлъ щIыкIэрщ; мыхъумэ, езым щхьэжу зы мыхьэнэ иIэнукъым; ар щыIэ гуэритIым я зэхуакум къыдэхъухьырщи, ахэр зэдэгъу пэлъытэу щытынращ ар къэзыгъэхъур. Абы хуэкIуэр (е) ″екIу″щ. "КIу" Iэмалыгъуэр лэжьэнрэ зы мыхьэнэ пыухытыкIа утыку къихьэн папщIэ, а нэхъ мащIэу щыIэ гуэритI хъун хуейщ. ЩыIэхэм я зэхуаку дэлъу щыт зы Iуэхугъуэщ "кIу"р зыгъэлэжьэфынур. Зы гуэритI зэфIрэ зэзэгърэ зэмзауэмэ, дэтхэнэ зым и щыIэкIэр адрейм къезэгърэ хуэгуапэмэ, гъащIэр зэфIрэ зэдэщIыгъуу яхьыфмэ, зым ищIыр адрейм къезэгъмэ, тIэ ай тIум язэхуаку "кIу" Iэмалыгъуэ дэлъщи, зэзэгъыныгъэ къыщыхъукIэ "кIу" Iэмалыгъуэр мэлажьэри, ″зэдокIухэр″.

"ЕкIун" жыхуиIэр, нэгъуэщI зы гуэрым хуэфIрэ, ай тIум зы Iуэхугъуэ псо зэдаухуапхъэу, зэпэщрэ зэгущу щытынырщ. "ЦIыкIу"р цIым хуэдэу щытырщ, цIы пэлъытэу кIуэрщ е щытырщ. "ТIэкIу"ри, мыкуэдрэ зы "тIэ" Iэмалыгъуэ зиIэу щытырщ; абыкIэ зыхурикъурщ. "НэкIу, нэкIу-пэкIу" псалъэхэми къыраIуэр "нэ"м дэкIуу щытхэрщи, ари напэ жыхуаIэрщ.

ЩыIэ гуэритIыр зэдэкIуу щытмэ, зэдэщIыгъуу гъуэгу тохьэфыр, зэдокIуатэхэр, я зэхуаку дэлъ "кIу"р зэдагъэлажьэри "кIуэ" Iуэхугъуэр къохъур, зэдокIуэхэр. Ар зы щIыпIэрэ зы пкъыгъуэм къызэрхэкIакIэрэу макIуэхэр, зэдокIуэфхэр. А пкъыгъуэрэ щIыпIэу щытым къыхэхъукI гуэрхэм я зэхуакум "кIу" Iэмалыгъуэ дэлъ щыхъукIэ зэдэкIуу щыт мэхъухэри, апщыгъуэм ахэр икIи зэдэкIуэфу жыIэпхъэнщ. ЗэдэкIурэ зэдэщIыгъуу кIуэфу щытрэ, зы пкъыгъуэм къыхэкIарэ зы лъэм къыхэхъукIауэ щыт "лъэ къуэ"хэм, зи "къу" хъуурэ щыт "лъэ"ри яшэр. А пкъыгъуэр, и лъакъуэу щытхэм и фIыгъэкIэ макIуэр. Ари, зы псэущхьэм я лъакъуэхэм я зэдэкIугъэм къыхэкI "кIуэн" Iуэхугъуэрщ.

Лъакъуэ зыщIэтрэ, а лъакъуэхэри зэдэкIу хъуурэ щыт псэущхьэхэр макIуэр, зокIуэр; псынщIэрыкIуэ зиIэ хъур мажэр. ЗэдэкIун Iуэхугъуэу лъакъуэ IэмалыгъуэкIэ къэхъуауэ щыт кIуэн Iуэхугъуэр псэущхьэм и Iэмалыгъуэшхуэ хъуащ. КIуэр псэущхьэр, мыкIуэфрэ мыжэфу щыт е и кIуэтэныгъэр пщынкIэ зыгъэзащIэ псэущхьэхэм елъытауэ Iэмалыгъэшхуэ зиIэ псэущхьэхэрщ. ЦIыхур, зэрыкIуэфым и фIыгъэкIэ дунейр къикIухьыфарэ, нэхъ псэупIэ щIыпIэфIхэр къэзгъуэтауэ зы псэущхьэрщ.

КІуэн Іэмалыгъуэр Іэмалыгъуэшхуэрэ, цІыхум и Іэуэлъауэ Іуэхугъуэхэм я лъабжьэу щытырщ. Арагъэнщи, цІыхум сыт хуэдэу ІэщІагъэрэ Іуэхугъуэ иІэми, -лъакъуэм игъэзащІэ Іуэхугъуэ закъуэ мыхъуу-, "кІуэн" псалъэкІэ къыриІуэ хъуащ. Зы ІэщІагъэ зиІэр, а ІэщІагъэм ирикІуэу елъытэр. УкІэлъыплъыжми, а Іуэхугъуэм ирикІуэныр а Іуэхугъуэм дэкІуэнырщ, дэщІыгъуу кІуэнырщи, ар абы дэкІунырщ. Мы къитІуэхэм я щапхъэу усэн зи Іуэхур "усакІуэ", гупщысэн Іуэхугъуэм дэкІуу щытыр "гупщысакІуэ", щэн Іуэху зезыхьэр "щакІуэ" хуэдэ псалъэхэр къохъур. Мыбы хуэдэу щытщ, "лІыкІуэ, зекІуэ..."; Іэщхэм я Іуэхугъуэу "хъуэкІуэн" псалъэхэри.

Дэтхэнэ зы Іуэхугъуэ зиужь итым папщІэй, "кІуэ" кІэухыр къосэбэпыр: «ВакІуэ кІуэн, щэкІуэн, щакІуэ кІуэн...». Зы гуэркІэ щхьэщыкІа хъунри "текІуэн" Іуэхугъуэщ.

Мыбыхэм хуэдэщи, жыІэгъуэрэ псалъэ кІуэд "кІуэн" кІэухкІэ утыку къохьэр: «ДэкІуэн, зекІуэн, кІэлъыкІуэн, хуэкІуэн, фІэкІуэн...».

"КІуэ" псалъэм кІэухыу къыпыхьэрэ псэлъэщІэ къэхъуу щапхъэ куэд щыІэщ: «КІуэдын, кІуэтэн, кІуэсэн, кІуэцІ, кІуэцІырыхун, кІуэцІытІысхьэн...».

*

Ку зиІэрэ ужьыгъуэкІэ кІуэрагъэнщ "кІу" макъри, абы иджу щытым екІунрэ зэкІун хуэдэ псалъэхэр къыхохъукІыр. Аращи, ″ку″ макъыр зэрымакъыбзым хуэдэжу ″кІу″ макъри макъыбзщ. Ар щыхъукІэй, Адыгэ цІыхубзыцІэ гуэрхэр ″кІу″ ІэмалыгъуэкІэ утыку къихьэнщ. ИкІи, цІыхубзыр нэхъ екІурэ дэкІуу зэрыщытри гурыІуэгъуэнщи, Адыгэм цІыхубз фІэщыгъэцІэу зэрихьахэм ящыщщ мыхэр: «КІурэ, КІулэ, КІунэ, КІуланэ, КІуакІуэ, КІукІуэ, ХьэкІунэ...».

## «КЪ, КЪУ» МАКЪХЭР

**Къ...**

"Къы" макъыр макъыжьщ; абы иджри зы къежьапІэрщ. Зы къэкІыгъэр щІым къызэрхэкІ щІыкІэр къэзыІуатэрэ, мыбы къызэргуэкІкІэрэу лэжьэкІэ зыгъуэту зэтеувэ мыхьэнэхэр къызхэхъукІ "кІы" макъым нэхърэ нэхъ лъабжьэу зы Іуэхугъуэщ "къы" макъым иджрэ мыхьэнэуэ утыку къырилъхьэр. Ар "кІын" Іуэхугъуэр къызэрежьарщи, абы и лъабжьэ хъурщ; ″кІы″ Іуэхугъуэри, нэгъуэщІ дэтхэнэ зы Іуэхугъуэри къызхэхъукІрэ къызэрыхьур къэзыгъэлъагъуэрщ ″къы″ макъыр. Дэтхэнэ зы къэхъугъуэрэ утыку къихьэгъуэ хъууэ щытыр "къы" ІэмалыгъуэкІэрэщ къызэрыхъурэ къэІуэтапхъэ зэрыхъур. ″Къы″р дэтхэнэ зы гуэрым и къежьапІэрэ къэзыгъэлъагъуэу зы макъыу зэрыщытым папщІэ, дэтхэнэ зы

псалъэм къикIрэ иджу щытыр зы къежьапIэкIэ къэIуэтэн хуейуэ щытмэ, Iэмал зэримыIэрщи, "къы" макъ Iэмалыгъуэр ипэ зэрищкIэрэщ зэрыжыпIэфыну щIыкIэр. Дыщыпсалъэрэ зы гуэр къыщытIуэм щыгъуэ, "къы" макъыншэу зы къежьапIэрэ къэхъупIэр къитIуэфыну Iэмал иIэкъым; икIи, а макъыр хэмыту куэдрэ дыпсэлъэфын тлъэкIыну къыщIэкIынкъым.

"Къы"р къыхэхъукIыпIэрщ. Абы езым щхьэжу зы щыIэгъуэ иджыркъым. Ар къэхъур къызэрыхъурэ къыздэхъупIэрщи, щыIэрэ щымыIэм и зэхуакур зыджырщ. Къэхъурэ щыIэ хъуа гуэр зэрымыхъум къызэрыгуэкIкIэй, "къы"м езым зы щыIэгъуэ гуэр иджыркъым. Ар къэхъурэ къэзыгъэхъу зы къэрур къизыIуэ Iэмалыгъуэу зы макъырщ. Ар дыдэуй, щыIэр щымыIэж зыгъэхъу Iэмалыгъуэрщ. Ар глаголизацэу зы макъырщ.

Аращи, "къы"р къежьапIэ къэзыIуатэ макъщ; къежьапIэр къэзыгъэлъагъурэ, зы псалъэр е зы жыIэгъуэр и къежьапIэм хуезыхьэлIэжыфырщ. Сыт хуэдэ зы Iуэхугъуэми, зы къэIуэтэкIэрэ зы къежьапIэ зэриIэкIэрэу, дэтхэнэ зы псалъэм ипэ къыпыхьэфын Iэмалыгъуэ зиIэ "къы" макъымкIэ псэлъэщIэхэр къохъури, диIэу хъуа псалъэхэр тIукIэ мэбэгъуэжыфыр. Мы псалъэм къызэргуэкIкIэй, щыIэу щыт зы псалъэ бжанэм "къы"р ипэ щыпытлъхьэм щыгъуэ, псэлъэщIэхэр къохъур: «КъыщIэхъун, къыгурыIуэн, къыпыкIын, къыпыкIэн, къыхэщын, къыфIэщIын, къыгуэщын, къыгуэхун, къыхэнэн, къыфIэнэн, къыщыхъун, къыхуэхъун, къыхэкIын...».

"Къы"р нэхъыбэу, щыIэу щыт псалъэхэращ къызпыхьэр. Ар щыхъукIэ, къэхъуу щыт псалъэхэр псэлъэщIэу лъытапхъэщ икIи; икIий, апщыгъуэм "къы" макъым игъэзащIэр, а псалъэм къиIуатэ Iуэхугъуэм зы къежьапIэ иритынырщ.

"Къы" макъыр зы псалъэм ипэ къыпыхьэмэ, а псалъэр зыхуэлажьэр къегъэлъагъуэ; икIи, а псалъэр къежьапIэу зызэрехьэлIар утыку къырелъхьэр. "Къы" макъыр ипэ къызпыхьэу щыт псалъэм и къежьапIэр къызэригъэлъагъуэм хуэдэжу, ар зы псалъэм икIэ къыщыпыхьэм щыгъуэй, а псалъэр и къежьапIэм хуегъэкIуэжыр. "Къы" Iэмалыгъуэр къежьапIэрщ, къэхъупIэрщ. Ар щыхъукIэй, "къы" макъыр кIэух зыхуэхъу псалъэр къэмыхъуа пэлъытэ мэхъур. Ар зы псалъэ е зы макъым икIэм къыщыпыхьэм щыгъуэ, а псалъэр къызхэкIыпIэм хуегъэкIуэжыр; а псалъэр щымыIэж пэлъытэу кIуэдыжыпIэм ирехуэр. Мы Iэмалыгъуэм къызэргуэкIкIэ, зы псалъэр мыхъуныгъэ Iуэхугъуэу къэгъэлъэгъуэн хуей щыхъукIэ, "къы" кIэухыр къыдогъэсэбэпри, абый "м"ыр кIэух щыхуэхъужкIэ, Iуэхур и къэхъупIэм (къы) зэрыкIуэжыр мэгъэлъагъуэр (м): «Хъункъым, кIуакъым, къэкIуэнукъым...». Мы лэжьэкIэм тету къэхъу глагол щапхъэщ "дыкъын" псалъэри.

*

"Къы"м зэманыгъуэ щигъуэтэкІэ хъунур "къэ"щи, абы къиІуатэр, "къы" ІэмалыгъуэкІэрэ къэхъуарэ гъуэгу тет хъууэ щыт зы Іуэхугъуэр къэІуэтэнырщ. Е, зы Іуэхугъуэм и къежьапІэ дыдэр утыку къыримылъхьэу, къызэрыхъуарэ къызэрежьар, а Іуэхугъуэр гъуэгу зэрытетрэ, дэ абы и къежьапІэм дызэрымщыгъуазэрэ дыпэжыжьэу зэрыщытыр къыдгурегъаІуэр: «Къэвэн, къэжэн, къэгувэн, къэкІуэн, къэхъун, къэгъэзэн, къэтеджын, къекІун, къеуэн...». Нэрылъагъущи, мы псалъэхэри, щыІэу щыт псалъэхэм "къэ" къызэрпыхьэ щІыкІэу къэхъуа псэлъэщІэхэрщ.

"Къабзэ е къэбзэн, гъэкъэбзэн" псалъэхэри мы къитІуа щапхъэхэм ящхьщ, ящыщщ. Ауэ, къабзэр зы къежьапІэ зэриІэрэ гъуэгу тету щытрэ, ар "бзэ"кІэ зэрлажьэр гъэщІэгъуэнщ. Мыбы къикІыр, зэрыхабзэу убзыхукІэрэ ухуэу кІуэуэ щытрауэ аращ; "къабзэ"р, къызэрыхъуауэ щытым тетрэ убзыхуу кІуэрщ. Ар, къызэрыхъуарэ зэрыхъун хуейуэ зэрщытыр къэзыгъэлъагъуэу зы псалъэ зэрыхъукІэрэй, зэрылъабжьэр гурыІуэгъуэщ. А лэжьэкІэм къемзэгъыр зэрымыхъумыщІэрэ зэрыфІейр къыдгурегъаІуэр. Бзэм езыр зы лъабжьэ Іуэхугъуэ зэрыхъурэ, сытри зэрыужьрэ зэрыубзыхур къэзыгъэлъагъуэу зы псалъэу зэрыщытыр гурыІуэгъуэ щыхъум щыгъуэ, "къабзэ" псалъэр, мыпхуэдэу къэхъурэ (къы) лъабжьэрылажьэу (бзэ) зы псалъэу зэрыщытыр гъэщІэгъуэнщ.

Адыгэбзэм и макъхэр зы псалъэщ е зы глаголизацэ Іэмалыгъуэу щытщ. "КІу, къы" макъхэр мыпхуэдэу щыт макъхэрщ. "Къэ" макъми иджыр зы псалъэ пыухытыкІа хъуфыркъым; ауэ, идж Іэмалыгъуэр псалъэ къэхъункІэ убгъуауэ щытщ. "Къэ" макъыр зыпыхьэ псалъэхэм я гугъу тщІащ; ауэ, а макъыр нэгъуэщІ макъхэм къапыхьэу псэлъэщІэхэри ухуа мэхъур, утыку къохьэр. КъызхэкІыпхъэм къыхэмкІа хъун Іуэхугъуэу "къэнэн"; "лы-лэ" макъ ІэмалыгъуэкІэрэ лэжьыгъэ игъуэту "къэлэн, кьелын"; "сы" макъ ІэмалыгъуэкІэ лэжьыгъэ игъуэту "къэсын, къесын"; "жьы-жьэ" Іуэхугъуэу "къэжьын"; "фы-фэ" макъ лэжьыгъэ зыгъуэту "къэфэн, къэфыхьын" псалъэхэр "къэ" макъым хуэлажьэ макъхэмкІэ утыку къихьэу щыт псэлъэщІэхэрщ.

"Къэ" макъыр зы макъ е псалъэм кІэух щыхуэхъум щыгъуэ, къыхэкІыпІэрэ къыхэкІыпхъэ е хыхьэпхъэ мыхьэнэ зиІэ псалъэхэр къохъуфыр: «Дакъэ, лъэдакъэ; вакъэ; дзэкъэн». Пэ дакъэ пэлъытэу щытым папщІэй ″пакъэ″ хужаІэр. ″Дзэкъэн″ыр гурыІуэгъуэщи, дзэм къигъэхъурэ, дзэм къызэрыгуэкІкІэ къэхъуу щыт зы Іуэхугъуэрщ ар. Ар щхьэ, ″вакъэ″р гурыІуэгъуэщэу зы псалъэркъым.

″Къэ″р зы псалъэм и кІэух хъууэ щытмэ, а псалъэм фІэкІыпІэ зэримыІэрэкІэ зы гуэр къызэрыхэхъукІынур къигъэлъагъуэу

зэрыщымытыр ипщэкIэ къэтхьауэ щыт щапхъэхэм гурыIуэгъуэ ящIыу къыщIэкIынщ. Ар щыхъукIэй, къыхэкIыпхъэу зэрыщытрэ, фIэкIыпIэ имыIэу къыхэкIыну зэрыщымытыр утыку къыщырилъхьэкIэй, ″къэ″ макъ кIэухыр къызпыхьэу щыт Iуэхугъуэм гурыщхъуэ щытехуэй щыIэщ. ИкIи, мы зи гугъу тщIа Iуэхугъуэрэ гурыщхъуэгъуэм къызэрыгуэкIкIэй, ″къэ″ кIэухым -мыхъуныгъэ лъэныкъуэу- зы упщIэ утыку къырилъхьэу къосэбэпыр: ″Аракъэ? КIуэркъэ? Мы вакъэракъэ? Мывэракъэ?″.

*

"Къы" макъыр, сыт хъуурэ щытми ар и къежьапIэрэ къыхэкIыпIэ езыхьэлIэу зы Iуэхугъуэ зыджу зы макъырщ. Сыт хъуурэ щытмэ, къызэрыхъурэ къызхэкIыпIэр зыгъэлъагъурэ зыджыр "къы-къэ" макъырщ. Сыт утыку къихьэми, къихьэпIэ хуэхъурэ къызхэкIыпIэр "къы" макъым егъэзащIэр. "Къы" макъыр зы къежьапIэ хъуурэ щытщ; дэтхэнэ зы гуэр къэхъупхъэми, абы и къэхъуныгъэ хъуурэ щытрэ къызэрыхъуфыр "къы" макъ IэмалыгъуэкIэрэщ. Ар къэрууфIэу зы макъщ; "къэру" псалъэри, къыхэхъукIарэ (къэ) ар "р"кIэ фIыуэ зыгъэлъагъуэрэ гулъытапхъэ хъуурэ "у"кIэ зыужьыгъуэ зыгъуэту щыт зы псалъэрщ. Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр зыгъэзащIэрэ зэфIэзгъэкIыу щыт "къэру" псалъэр, "къы-къэ" макъ зи лъабжьэ зэрыхъукIэрэу утыку къыщихьэкIэ, "къы" макъым ипщIэрэ и Iэмадыгъуэр гурыIуэгъуэ хъуурэ къыщIэкIынщ. Къэрур, дэтхэнэ зы гуэр къэхъуфу щытми, абы и лъабжьэ щIэту щытырщ; ар, утыку къизыгъэхьэрэ къэзыгъэхъурщ. Ар, "къы" IэмалыгъуэкIэ зыгъэлъагъурэ, къыхэхъукIрэ къызэрыхъурэкIэ зыужьыгъуэ зыгъуэтырщ. ″Къы″р къэрууфIэрэ къэруупIэрщ.

**Къу...**

Сытми и къежьапIэр зыгъэлъагъуэрэ къэхъун Iуэхугъуэр къыхэзгъэкIыу щыт "къы" макъым, мы и къэлэныр зэрщыту зэрыхэлъкIэрэу зыужьыгъуэ къыхуэкIуэрэ "у" Iэмалыгъуэм щыхуэкIуэм щыгъуэ, къэхъуу щытыр "къу" макъ Iэмэлыгъуэрщ. "Къу"р, "къы"гъэ зиIэрэ ужьа хъурщ; зызыужьа "къы"р "къу"щ. Ар щыхъукIэй, "къу"р убгъуарэ зыужьауэ къэхъуарщ; е, къэхъурэ (къы) зыужьыгъуэ (у) зыгъуэтырщ. Зы щIыпIэрэ зы пкъыгъуэ зиIэм къыхэхъукIрэ, а къызхэхъукIауэ щытым пыщIарэ абы и зы лъэныкъуэрэ и зы IэнатIэу щытырщ "къу"р.

КъызхэхъукI пкъыгъуэм пыщIауэ щытрэ, къызхэхъукIым и зы IэнатIэрэ и зы лъэныкъуэ хъуурэ щыт Iуэхугъуэ щыхъукIэ, "къу"р дунейм къыхэхъукIыу щыт бгыхэми хуэфащэу зы фIэщыгъэцIэ хуэхъунщ. "Къу"р тIэ, япэрауэ, дызтетрэ сытри къызтехъукIыу ди лъабжьэу щыт дунейм

къыхэхъукI бгыхэращ. Мы "къу"шхуэ къэхъуар зи лъабжьэу, нэгъуэщI псалъэхэри зэтоувэр: «Къурш, къущхьэ, къущхьэхъу, къущхьэ тес...».

КъызхэхъукI пкъыгъуэр зы IэщIагъэрэ, "къу"ри къызхэхъукIым пыщIа зэрыхъукIэрэй, зы Iэгубжьэрэ зы фалъэм къыхэщIыкIарэ убыдыпIэ хъуауэ щытми ″къу″ фIэщыпхъэщ. Мы убыдыпхъэрэ зехьэпхъэкIэ къэсэбэпу щыт "къу" псалъэр лъабжьэ зэрыхъукIэрэу, псалъэ куэд утыку къохьэфри глаголуй лэжьыгъэ ягъуэтыр. Къур убыдыпIэ зэрыхъукIэрэу, мыпхуэдэ псалъэхэр зэтоувэр: «Къузын, щIэкъузэн, текъузэн, хэкъузэн, екъун, зэдэкъун...».

Къур, езым елъытауэ зы пкъыгъуэшхуэм пыщIауэ щыт зы пкъыгъуэ зэрыхъукIэрэ, зы пкъыгъуэм и зы дэтхэнэ лъэныкъуэри абы и зы къу хуэдэщ. Зы пкъыгъуэм дэтхэнэ и зы Iыхьэр, абы и зы "къу" зэрыхъукIэ, къу куэдагърэ къу кIуэтагъ къыщыхъукIэ, бзэ хабзэм къызэрыгуэкIкIэ, ар "къуэ" псалъэм зыхиубыдэнщ. Ар щыхъукIэй, зы пкъыгъуэрэ зы псор "къуэ" зыбжанэу лъытапхъэщ; ар зы псалъэу утыку къызэрихьэну щIыкIэри "лъэныкъуэ" хъунщ. Зы псорэ пкъыгъуэ зиIэм лъэныкъуэ зы бжанэ иIэнщ. Мыр утыку къыщихьэкIэй, жыIэгъуэрэ псэлъэщIэхэр, абы ехьэлIа Iуэхугъуэхэу глаголхэр къэхъупхъэщ. Япэрауэ, дэтхэнэ зы "къу" е "къуэ"р къэгъэсэбэпынрэ ар щIэтыпIэ щIыным "къуагъ (къу-э-гъэ-ы)" псалъэр еухур. Ар зы ″къуагъэнапIэ″й къыпхуэхъунщ. Абы "къуэхьэн, къуэкIын, къуэтын, къуэсын, къуэуэн, къуэкIын, къуэкIэн, къуэлъхьэн, къыкъуэнэн, къуэшэн, къыкъуэщын, къуэхун, къыкъуэхун..." хуэдэ псалъэхэр тоухуэр.

*

"Къу" кIуатэрэ къу защIэу зы бжанэр "къуэ" зэрыхъур гурыIуэгъуэщ. Ар щхьэ, зы пкъыгъуэм и зы "къу" хъууэ щытыр зыпыщIауэ щыт пкъыгъуэ псом къыгуэкIрэ, гъуэгу техьэу щхьэжу щыIэгъуэ щигъуэтыжкIэй, -бзэм и хабзэкIэ- а "къу"ри "къуэ" хъунщ. НытIэ, зы къуэр къызхэхъукIам къыбгъэдэкIыфрэ щхьэжкIэ зы щыIэгъуэ зиIэ мэхъур. Ар, зы анэм къилъхуу и бынжэр пыупщIа нэужь щхьэжкIэ зы псэущхьэ зэрыхъу щIыкIэу зы къуэ хъунщ.

Мыбы нэмыщIрэ, бгырэ къу зыфIэтщахэм я зэхуаку къыдэнэу щыт щIыпIэм, къуитIым я зэхуаку зэрыхъукIэрэу, –бзэ хабзэкIэ- "къуэ" фIэщыныр игъуэ мэхъур.

Мы "къуэ" мыхьэнитIри хэтъыжу, нэгъуэщI псалъэхэри утыку къохьэр. Лъэм зэрпыщIарэ зэрибын пэлъытэу "лъакъуэ"р, лъэкъуитI язэхуаку хъууэ щыт ″бэкъур (бэ-къуэ-ы)″, лъакъуэхэр зэдэкIурэ бэкъу къызэрагъэщI щIыкIэу зэрыкIуатэу щыт "лъэбакъуэ"р мы щапхъэхэм ящыщщ. Зыри зимыIэрэ зыми пымыщIауэ щытыр, езыр зи къуэж пэлъытэу щытыр "закъуэ"щ.

Зы унагъуэм къыхэхъукIауэ щхьэжу щыIэгъуэ зиIэхэм, хэтыр зэ"къуэш"щ; хэтыр "унэкъуэщ"щ. А унагъуэм хэмытми, блэгъагъэ зыхуиIэрэ, щхьэгъусэ дэлъхуу зыщIэгъэкъуэгъу хъуфыр унэкъуэщ пэлъытэу "щыкъу" хъунщ; ар узщыщым щыщ хъуаращ.

Мы псалъэ къэхъукIэм ящхьрэ, цIыхум къыхуэсэбэпу щыт шхыныгъуэхэр зэрырахьэу щыт Iэмэпсымэхэр "хьэкъу-щыкъу" мэхъуфыр. ЗэкIэщIэпхъарэ "икъухьа"уэ щыту джэдым къищыпын шхыныгъуэ ″щыкъуей″р "щыкъун" мэхъуфыр. Мы къэхъукIэм тету, зэхэупщIэта пхъэ цIыкIухэр зэщIэкъуэжыпхъэу "къуэщIий" фIэщыгъэцIэри къохъур.

"Къуэ"р зы пкъыгъуэ псом къыгуэкIрэ зы щыIэгъуэ пыухытыкIа зыгъуэта зэрыхъукIэрэу, нэгъуэщI псалъэхэри зэтоувэр: «Плъыфэ нэгъуэщIыгъуэкIэ зэхэлърэ зэхэлар "къуэлэн"щ; зы пкъыгъуэ псом къыхэкIарэ зэбгырытхъуа е зэтелъу щытыр "къуей е щыкъуей"щ; зы хьэтхъупсым хэлъ щыкъуейр кхъулэ е "къулэ (къуэ-ы-лэ)"щ; щыкъуейуэ щытхэр зэхуэхьэсыныр "зэщIэкъуэн" хъунщ; зы гуэрыр къэмыуэн папщIэ убыдыныр "зэщIэгъэкъуэн" хъунщ; зыгуэрэм дэщIынрэ дэщIыгъуу зы гуэр щIыныр, абы "дэIэпыкъун" Iуэхугъуэ хъунщ».

"Къу-къуэ" макъхэм яджыр гурыIуэгъуэу щытщи, къагъэщIыу щыт псалъэхэр мащIэкъым: «Къу зэхуакуу щыт ″къуэ″ защIэу кIуэр ″къуэладжэ″рщ. Зы къуэрэ къуэладжэм дэпсэухьу щыт бзухэр "къуэлэ бзу"щ. Зы гуэрэм и къу пэлъытэу, абы и зы лъэныкъуэрэ и зы пэ пэлъытэ хъууэ щытыр зы "къуапэ"щ. Зы къуршрэ зы къуэм дэтрэ абы къыдэкIауэ щыту жыг лIэужьыгъуэ лъахъшэрэ бэлацIэу щытхэр, е зы жыгым и зы къуэдамэ бацэр "къуацэ"щ. КъызхэкIар зы жылагъуэрэ ″къуэ″ псалъэм къыриIуапхъэу, зы къуэ дэсу зэдэIэпыкъуэныгъэрэ зэкъуэшыныгъэр я щIыкIэрэу зэхэжа пэлъытэу щыт зы цIыху гупым и псэупIэр "къуажэ"щ».

**

Зыхуэм″ныкъуэ″у зызлъытэж зы цIыхур, зыхуэныкъуэ щымыIэж пэлъытэу тыншыгъуэм щиткIэ, зызэригъэпэщыным иужь итынкъым; ар щыхъукIэ, гъащIэ Iэмалыгъуэрэ адрей цIыхухэм къыкIэрыхунщи, иужь къинэнщ. Зыхуэныкъуэу зызлъытэр щэ, лажьэурэ зызэригъэпэщын иужь итынщ; зызэригъэпэщкIэрэй зыхуэныкъуэ къыкъуэкIынщ; аурэ гъащIэр зэрыблэкIрэ зыхурикъуж зэрымыхъуфым гу лъитэнщ. Ныкъуэ-дыкъуэу зэрыпсэурэ гъащIэм тхъэгъуэрэ тыншыгъуэ зэримгъуэтыр къыгуроIуэр цIыхум; абы и тыншыгъуэр къыщыхуэкIуэнур и лIэгъуэу зэрыщытыр ещIэр. ЛIэгъуэр къэсрэ и щыгъуэм щыхыхьэжым щыгъуэ, цIыхур зыхуэныкъуэн къэнэжыркъым. Апщыгъуэм зыхурикъужа хъуупIэрэ(?), ари тщIэркъым. Ауэ, и зи лъэныкъуэу къызхэкIауэ щыт щIымрэ и щыгъуэм щыхыхьэжкIэ, и лъабжьэм хуэкIуэжу щытщи, зыри зыхуэмыныкъуэжу тыншыжу къыщIэкIынщ.

ЛIэныгъэр, зыхуэкIуэжын "лъэныкъуэ"у зыпэплъэрэ, абы хэкIыпIэ имыIэу зэрежьэрэкIэу зыхуэпсэу закъуэ пэлъытэу щыт псэущхьэ псори "лIакъуэ"щ. Ар щхьэ, лIакъуэр, зэрлIэжыныр къызгурыIуэжу щыт цIыхум нэхъ хуэIуауэ зы псалъэу къыщIэкIынщ.

Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, езыр зы лIа гуэрым къызэрытехъукIарэ къызэрыщIэныжам къызэрыгуэкIкIэ, зы лIакъуэу зэрыщытыр зыщIэжырщ цIыхури, цIыхум езым зызэрилъытэжыр игъуэджэу лIакъуэущ. Ар, и блэкIарэ и лIэжахэм къызэрыщIэныжакIэрэу зы лIакъуэрщи, зы лIа гуэрым къызэрытехъукIарэ зэрикъуэр Iуэху къыхуэхъупхъэнщ, къыфIэIуэхунщ; ар щыхъукIэй, езым лIакъуэу зызэрилъытэжым къызэрыгуэкIкIэ, ″лIэкъуацIэ″ зыфIещыр, зы ″лIэкъуацIэ″ зэрехьэр.

ЛIакъуэу зэрыщытрэ, и лIэкъуацIэм къигъуэгурыкIуауэ щытыр зэры гъуэгу кIыхьрэ зэрылъэщым къызэрыгуэкIкIэ ″лъакъуэ лъэщ″у щытыр, ″лIакъуэ лъэщ″уи лъытапхъэщ. ″ЛIэкъуэлъэщ″ыр лIакъуэу щытрэ лIакъуэми къызэрытехъукIар гурыIуэгъуэмэ, тIэ, ар ″лIэкъуэлIэш″и хъуфынщ.

*

″Къуэ″р, зы псорэ лъабжьэ гуэрым къыхэхъукIрэ щхьэжу щыIэгъуэ зыгъуэтар къизыIуэу зы псалъэрщ. Абы, къызхэхъукIа зы лъабжьэрэ зы псо гуэр гурыIуэгъуэ къытхуещIыр.

″Къуэ″р зы цIыхуу къэплъытэмэ, ар зы анэ-адэм къыхэхъукIырщ. Патрияртал псэукIэм къыщIэныжагъэнщи, къуэр зы цIыхухъуу мэлъытэр. Ар къызхэхъукIам и къуэу къыраIуэми, ар къыщыхъум щыгъуэ, къызщIэхъу лъэпкъым и хабзэм къызэрыгуэкIкIэ, абы зы цIэй егъуэтыр. Ар къызхэхъукIам и къуэу щытми, ар зы цIэ зиIэу щхьэжу зы щыIэгъуэ зиIэ мэхъур.

Адыгэбзэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыр аращи, Адыгэм фIищу щыта цIыхуцIэхэр цIыхухъуцIэрэ цIыхубзыцIэу зэщхьэщокIыр. Зы нэрыбгэр цIыхухъурэ цIыхубзу къызэрыхъуам елъытауэ, абы хуэфащэу зы цIэ фIащыр.

Ауэ, къэхъурэ зы цIэ зиIэ хъуауэ щыт зы нэрыбгэм и гъащIэм къыщилэжь Iуэхугъуэхэм къызэрыгуэкIкIэ, и цIэри зэрихъуэкIыфыну зэрыщытыр жыIэпхъэщ. ИкIи, пэсэрей хабзэу щытащ, зы цIыхум къилэжьым къызэрыгуэкIкIэ цIэ игъуэтыныр. Мыбы къикIри, зи къуэу щытым щхьэщыкIынрэ щхьэжу зы щыIэгъуэ зэригъуэтынращи, зы цIыхум хуэфащэри мыпхуэдэу щхьэхуитыпIэ игъуэтынырщ.

Мыпхуэдэу зы цIэщIэ къэзылэжьым, ар и унэгъуэцIэуй къежьапхъэщи, абы къыщIэхъу быныр абы щхьэщыкIыхукIэ а унэгъуэцIэр зэрихьэнщ. Мыбдежым къыхэщыр аращи, зы цIэ зыфIащарэ зы къуэуэ щытми, зы нэрыбгэм къилэжьыфу щыт цIэр абы нэхъ хуэфащэ зэрыхъурщ; тIэ, мыбы и нэужьми зы унэгъуэцIэрэ лIэкъуацIэр къежьапхъэ мэхъур.

Нэрыбгэм къилэжьрэ хуэфащэ хъуам къызэрыгуэкIкIэ унэгъуэцIэрэ лIэкъуацIэхэр утыку къохьэр. А унэгъуэцIэри, щхьэжу зы щыIэгъуэ зиIэ хъурщи, ари къызтехъукIауэ щыт гуэрым и ″къуэ″у лъытапхъэу щымытрэ, щхьэжрэ псоуэ зы фIэщыгъэцIэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ пэсэрейм. Ар езыр зы псорэ, езым къызэрыхэхъукIыпхъэр къигъэлъэгъуэныр нэхъ игъуэу лъытапхъэщ, ″къуэ″уэ лъытэн нэхърэ.

Пэсэрей хабзэу, цIыхуцIэрэ лIэкъуацIэр къызэрыхъу щIыкIэм ещхьщ лъэпкъыцIэри. Ауэ, цIыхуцIэр нэхъ зэхъуэкIыгъуафIэу щытщ лIэкъуацIэм елъытауэ; тIэ, зы лъэпкъыцIэри зы лIэкъуацIэм елъытауэ нэхъ зэхъуэкIыгъуейщ.

Лъабжьэ кIуэдыгъуэр зыхуэпэжыжьэрэ щхьэхуитыныгъэр зи щапхъэрэ зылэжьыпхъэу щыт цIыхум, цIэрэ лIэкъуацIэ къэхъукIэ хабзэри зэриIа щIыкIэри абы и псэукIэм езэгъыу щытагъэнщ. Ауэ, мыпхуэдэу зы хабзэр къызэрекIуэкIрэ зэритыпIэр зэрызэхъуэкIым къызэрыгуэкIрэ, лъэпкъыр зэбгырытхъуа зэрыхъуарагъэнщи, иужьым, ″къуэ″ кIэухыр зы лъабжьэ къизыIуэ хабзэу игъуэрэ ит хъуагъэнщ. ″Къуэ″ кIэух зыпыту щымытрэ, зэрымныкъуэрэ зэрыпсоуэ зэрыщытыр къигъэлъагъуэу, и цIэр езым къызэрилэжьар къэзыгъэлъагъуэу зы лъэпкъыцIэ зехьэн хабзэм и пIэм, лъэпкърэ лъабжьэр зэрыкIуэдым фIэкIыпIэ зэримыIэрэкIэ къыхуихьауэ щытым къызэрыгуэкIкIэ, а лъэпкъым къыщIэныжауэ зэрыщытыр къыхэщу ″къуэ″ кIэух зиIэ лъэпкъыцIэрэ лIэкъуацIэхэр зехьэн хабзэр зэриувар гулъытапхъэщ. Мыбы и щапхъэу лъытапхъэщ икIи, ″Хьэт″рэ ″Хьэтыкъуэ, Хьэтыкъуей″ псалъэхэм зыхуаIэу щыт зэпыщIэныгъэр.

Адыгэбзэм къызэрыхэщыр аращи, ″хьэ″р цIыхур къызтехъукIауэ щытрэ пэсэрей цIыхурщ. Къэхъуауэ щыт зы зэхъуэкIыныгъэм къыхэхъукIауэ щыт мы цIыхум, куэд иужьу къыщIэкIынщ фIэщыгъэцIэу ″цIыху″ зэрзыхуигъэфэщар. Ар зы фIэщыгъэцIэу утыку къихьэху, тIэ, ″хьэ″ зыжриIэу щытагъэнщ. Аращи, я къежьапIэр нахуэу щымыту жыIэпхъэщ ″Хьэт″хэми, а лъэпкъыр зы Адыгэ жылагъуэу зэрыщытар кIуэ пэтрэ гурыIуэгъуэ мэхъур щIэныгъэмкIэ. ″Хьэт″ лъэпкъыцIэм къикIыр, адыгэбзэкIэ ″хьэ″ зэхэт (т) жыхуиIэрщ. Хьэтхэр зэбгырытхъуарэ зыхэту щыт лъэпкъхэм хэшыпсыхьыжыныр къыщыблагъэм щыгъуэрагъэнщ, абы къыщIэныжарэ къытехъукIа жылагъуэр ″Хьэтыкъуэ″рэ, ″Хьэтыкъуей″уэ щилъытэжар Адыгэм.

Адыгэбзэм лIэкъуацIэрэ жылагъуэ куэдым и цIэм хэтщ ″къуэ″ кIэухыр. ИкIи, апхуэдэ цIэхэр нэхъыбэу зыхэтри Къэбэрдейращ. Къэбэрдейр, Адыгэ щIыналъэм и гъунэм Iусрэ, нэгъуэщI лъэпкъхэм зэпыщIэныгъэ зэрызыхуиIар гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ хабзэр зэригъэгъуэтауэ зэрыщытым и щхьэусыгъуэхэр къызхэкIари мырагъэнщ.

КIуэдыгъуэр зыхуэпэжыжьэу щытрэ, щхьэжрэ щхьэхуиту щытыныр зи гъуэгуу щытым дежкIэ, къызхэхъукIарэ зи къуэу щытыр

щигъэгъупщэжыныр зы щхьэхуитыныгъэ ІэнатІэрщи, езым къилэжь фІэщыгъэцІэр зыхуегъэфэщэжыр. Ауэ, мыпхуэдэу зы щхьэхуитыныгъэ гъуэгурэ хабзэр зэрыщІэудрэ, кІуэдыгъуэр къыщыблагъэм щыгъуэ, зы лъабжьэм хуэныкъуэж хъуиэ щыт цІыхур, и лъабжьэр къыриІуэрэ зи къуэу щытыр къыхигъэщу зы цІэ зыфІэщынрэ зехьэн хэбзэщІэм тохьэр. ЖыпІэ хъунущ тІэ, ″къуэ″ кІэухрэкІэ зылъытэжын хабзэр, лъэпкъ зэхыхьэр къызэрыхъуам къызэрыгуэкІрэ лъабжьэ кІуэдыр фІэкІыпІэ зэримыІэрэкІэ къыщыблагъэм щыгъуэ, лІэкъуацІэ фІэщын хэбзэщІэу игъуэджэу къахъуауэ. ТІэ, ар къыщыхъукІэй, ″къуэ″ кІэухрэкІэ лІэкъуацІэ зехьэн хэбзэщІэм къызэрыгуэкІкІэ, щыІэу щыт унэгъуэцІэхэм и кІэухыр ″къуэ″ зэрыхъукІэрэй, кІуэ пэтрэ лъабжьэрэ лъакъуэ лъэщу лъытапхъэ мэхъур.

Аращи, ″къу″р къызхэхъукІым хэтрэ щыщу ужьыгъуэ зиІэрщ; щыІэгъуэрэ гъащІэ зиІэм къыпэщытрэ зыхуэкІуапхъэу щытыр щхьэжу щытынырщи, ″къу″уэ къэхъур къызхэхъукІым щхьэщыкІыу ″къуэ″ хъуным екъунщ. ″Къуэ″р къызхэхъукІам къызэрыгуэкІкІэ зы лъытапхъэрщи, тІэ, ″къуэ″м и Іуэхугъуэу къыпэщытыр нэхъ щхьэжрэ щхьэхуит хъунырщ; мыбы къызэрыгуэкІкІэй, къызхэхъукІыр зыщигъэгъупщэжыпхъэу щхьэжрэ щхьэхуитыжу зы щыІэгъуэм хуокІуэри, зыхуэфащэ фІэщыгъэцІэр къелэжьыр. ЦІыхум къыпэщыт закъуэр щхьэхуитыныгъэрщ.

## «КХЪ, КХЪУ» МАКЪХЭР

**Кхъ...**

"Кхъы" макъыр адыгэбзэм куэдыщэу хэмытыжу зы макъырщ. "Кхъы" макъыр зэрытха тхыпкъми къызэригъэлъагъуэкІэ, "къы" макъымрэ "хъы" макъым язэхуакуу зы макъщ; икІи, а макъитІыр зыхэту къэхъуауэ зы макъыу лъытапхъэщ. Ар щыхъукІэй, "кхъы" макъым иджрэ игъэзащІэу щыт мыхьэнэри, а макъитІым яджу щытыр зэрызэхэжа мыхьэнэрэ, а макъитІым язэхуакуу жыІэпхъэщ: "Кхъы" макъыр, "къы" макъым хуэдэу зы къежьапІэрэ къэхъупІэ зыгъэлагъуэрэ, ари "хъы" макъым игъэзащІэу щыт лъабжьэм зэрхуэкІуэрэ къызэрхэкІкІэ зы мыхьэнэ зиІэрщ. ТІэ, ″кхъы″ макъым иджыну щытыр, зы къежьапІэрэ зы лъабжьэу щытырщ.

ЗэржытІащи, псалъэ куэд диІэжкъым "кхъы" макъыр хэту. Зы лъэІу жыІэгъуэ хъууэ щыт "кхъыІэ" псалъэр зы щапхъэщ. Ар, къежьапІэрэ къэхъупІэ зыгъэлъагъуэу щыт ″кхъы″ макъкІэ щІидзэу зы псалъэу щыщыткІэ, Іуэхур куурэ лъабжьэу къыщІедзэр; тІанэ ″Іэ″р къыкІэрыхьэ щыхъукІэй, а Іуэхугъуэр хъупІэм йохуэр: ″Кхъы″ Іэмалыгъуэу щыту фІэкІыпІэ зэримыІэрэкІэ зэманыгъуэ игъуэтрэ щыІэ хъун Іуэхурщ ар. ″КхъыІэ″р, хъуну зыхуейм папщІэ хужаІэу зы лъаІуэрщи, ар куэду лъабжьэрэ кууэ зы псалъэу зэрыщытыр гурыІуэгъуэщ. Ар зы къежьапІэрэ

зы лъабжьэ Iуэхугъуэу щыIэ хъун хуейуэ утыку къыщихьэкIэй, ар цIыхум зыхужиIэ Iуэхугъуэр Iэмал зэриIэкIэ гъэзэщIапхъэу щытщ.

Щхьэц лъабжьэм къыхэхъукIыу щытрэ, гуэдз хьэдзэм и фампIэм папщIэй ″кхъапIэ″щ хужаIэр.

Мыбы нэмыщIыу "кхъэ" псалъэр щыIэщи, "кхъы" мыхьэнэ зыджым ″э″ къыщыпыхьэкIэ къэхъуращ ар; икIэм икIэжым дызщIыхьэжыну щыт щIы лъабжьэрэ ди хъуныгъэр къызхэкIым (хъы) хуэкIуэжу зы мыхьэнэ еджыр абы. ″Кхъы″р лъабжьэрэ къэхъун Iуэхугъуэр зыджу щытмэ, ар зэманкIэрэ зыхуэкIуэрэ зыхыхьэжу щытыр ″кхъэ″уэ къыщIэкIынщ. Зи лIэжыгъуэ къэсауэ щыт лIыжьхэм папщIэй, кхъэм ехыжыпхъэ мыхьэнэр къыриIуэ пэлъытэу ″кхъахэ″ хужаIэр.

**Кхъу...**

"Кхъу" макъыр "кхъы" макъым и ужьыгъуэ (у) хъуращ. Мыбы иджри "кхъы" макъ мыхьэнэм тету зы джыгъуэщ.

Нобэ адыгэбзэм къыхэнауэ щыт псалъэр зы бжанэу мащIэщ. Мыхэм ящыщщ, къэкIыгъэ лIэужьыгъуэ фIэщыгъэцIэ хъууэ щыт ″къужь″ыр. ТIэ, ″кхъу″ макъ Iэмалыгъуэр сыту щытми, абы и кроникэу щытыр кхъужьырщи, ар нэхъапэ къэхъуарэ нэхъыжьыу щыт кхъурщ, нэхъ кхъуфIырщ. Ар ″жь″ макъкIэ щиухым щыгъуэ, зы лъэбжьэжьу аращ. Ар зы пхъэщхьэмыщхьэу зы шхыныгъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ нобэ; ауэ, мы фIэщыгъэцIэр щиIэкIэ, лъапIэу зы мыхьэнэ хуиIауэ щыту къыщIэкIынщ цIыхум дежкIэ. ″Къужь″ыр, зы шхыныгъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ фIащауэ щыт зы фIэщыгъэцIэмэ, зы лъабжьэрыужьыгъуэ зиIэрэ щхьэпэшхуэу зы шхыныгъуэу ялъытэу къыщIэкIынт. Мыбы дигу къигъэкIри, ар хущхъуэшуэу ялъытэу зэрыщытаращ. ИкIи, а псалъэр ″жь″ макъкIэ щиухым щыгъуэ, ″кхъу″ Iуэхугъуэу щыт кхъужьыр, а щхьэпэу щытхэм я нэхъыфIрэ я нэхъ жьыуэ зэрыщыр гурыIуэгъуэ хъууэ къыщIэкIынщ. Ар къызпыкIэ жыгыр ″къужьей″щ.

″Кхъу″ макъыр зыхэту щыт нэгъуэщI зы псалъэри, гъавэр и лъабжьэмкIэ зэщIагъэкIрэ зэразу щыт "кхъузанэ"рщ. Ари ″кхъу зын″ Iуэхум щхьэпэу зы псалъэрщи, тIэ, ″кхъу″р ″гуэдз хьэдзэ″ жыхуиIэу гурыIуэгъуэщ.

Зы Iуэху IэнатIэрэ зы Iуэху IэщIагъэ хъууэ щыт "кхъуэщын" псалъэри хэтщ адыгэбзэм. Ар, шхыныгъуэрэ фадэр зыралъхьэу зы Iэмэпсымэу къагъэсэбэпыр. Мы къызхуэсэбэпу щыт Iуэхугъуэми ущегупщысыжым щыгъуэ, ″кхъу″ е ″кхъуэ″ жыхуаIэр илъхьэпхъэ зыхуэхъуу къызэрысэбэпыр а псалъэм и зэтеувэкIэ щхьэусыгъуэ хъуауи лъытапхъэщ: зы кхъурэ кхъупIэу щытыр ″кхъуэщ″ хъунщи, а Iуэхур утыку къигъэхьэн Iуэхугъуэр ″кхъуэщын″ хъууэ жыIэпхъэнщ.

Адыгэбзэм хьэлыгъу псалъэри хэтми, абы "щIакхъуэ"й хужыдоIэр. ″Кхъу″р лъабжьэрэ зыужьыгъуэ зиIэ зэрыхъукIэрэу, ар зы IэщIагъэу утыку къигъэхьэнрэ щыIэ гуэр щIыныр ″щIакхъуэ″ хъунщ.

Псэущхьэу "кхъуэ" фIэщыгъэцIэри диIэщи, ар ″кхъу″уэ щыIэ (э) гуэрщ. Пасэм щыгъуэ, ар шхыныгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытар гурыIуэгъуэщ. Абы и фэр къагъэсэбэпурэ ящIыу щыташ ″кхъухь″ лIэужьыгъуэхэр. Мы псалъэм къыриIуэ Iуэхугъуэхэрщ мыхэри зи фIэщыгъэцIэу щытхэр: «Кхъуафэ, кхъуэфэжьей, хьэкхъуафэ». Мы псалъэхэр гурыIуэгъуэ къызэрытхуэхъукIэ, кхъуэ фэм къыхэщIыкIауэ щыт Iэмэпсымэ лIэужьыгъуэхэрщ. ″Кхъуэхь, кхъухь″ жыхуиIэри кхъуэм и фэ зы бжанэм къызэрыхэщIыкIара гурыIуэгъуэ къызэрытхуэхъуну щытыр; хьэмэрэ, абыкIэ яшэу щыт шхыныгъуэрэ нэгъуэщI лIэужьыгъуэ гуэрхэра ″кхъу″рэ ″кхъуэ″ макъхэр а псалъэм щIыхэтыр, ар гурыIуэгъуащэу щыткъым.

ТIанэ, зы глагол диIэщ: "къэкхъун". Ар ″къэ″ макъкIэ къызэрыхъуу щытри къэзыгъэлъагъуэрэ ″кхъу″ Iуэхугъуэм хуэкIуэу зы псалъэрщ. Абы къикIри зы лъабжьэ Iуэхугъуэрщ. Ауэ, ар ″кхъу″ Iуэхугъуэу щIыщытыр гурыIуэгъуащэкъым.

*

Дауи ирехъу, ″кхъы, кхъу″ макъхэр гурыIуэгъуащэ хъуауэ лъытапхъэкъым. Ар, бзэм псалъэ куэдкIэ къызэрыхэмынам папщIэ зэгъэпщапхъэу зэрыщымытрагъэнщ; икIи, макъыжьрэ зэхэту щыт макъыжьитIым яджыр зыхэзыубыдэу зэрыщытым папщIэ, гурыIуэгъуафIэу щыту къыщIэкIынкъым.

Ауэ, ″кхъу″р икIи -е нэхъыбэу- зехьэлIауэ щыт мыхьэнэр, цIыхум къыщхьэпэрэ езырыжу зы лъабжьэ иIэжу къэхъуауэ щыт шхыныгъуэ лIэужьыгъуэу зэрыщытыр жыIэпхъэнщ. Зы хьэтхъупсым хэту щыт шхыныгъуэ пкъыгъуэхэм папщIэ, ″къулэ″ зэрыжаIэм хуэдэжу ″кхъулэ″й хужаIэр. ИкIи, ″кхъы, кхъу″ макъхэр бзэм хэкIуэдэжу зэрыщIидзам папщIэ, я Iэмалыгъуэ гуэрхэр макъ гъунэгъу гуэрхэм траухуэу щIадзагъэнщ; мыбы къызэрыгуэкIыу, ″къулэ″ псалъэм и пэжыпIэр ″кхъулэ″уэ щытынти, хуэм хуэмурэ ар ″къулэ″ псалъэмкIэ гъэзащIэу щIидзэу къыщIэкIынщ.

ТIанэ, ″щIакхъуэ″р цIыхум ищIауэ щытми зы къэкIыгъэ шхыныпхъэм къызэрыхэщIыкIар гурыIуэгъуэщ; ар нобэ абэзэбзэу долъытэр; е абэзэбзэрэ адыгэбзэр зэрызэщхьэщымкIа лъэхьанэм къыщIэныжауэ зы псалъэу къыщIэкIынщ.

″Кхъужь″ыр цIыхум къыхуэщхьэпэшхуэу зы шхыныгъуэу щытщи, а псалъэр зэрызэтеувам уеплъу щытмэ, ар ″кхъу″ защIэу щытрэ ″кхъу″ щапхъэу (жь) щыт хъурщ.

″Кхъуей″ри шэм къыхащIыкIыу зы дэшхыныгъуэрщ; ауэ, абы къызэрыгуэкIкIэ, ″кхъу″р зыIисыр гурыIуэгъуащэкъым.

″КхъузанэʺмкӀэ язрэ щӀагъэкӀыу щытыр гуэдзхэкӀ хьэдзэхэрщи, а щӀагъэкӀыр зы шыныпхъэу щытщи, ари ″кхъуʺуэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэ къытхуещӀыр ″кхъузанэʺ псалъми, ар ″кхъуʺр зэразу щыт зы Ӏэмэпсымэрщ.

Ауэ, ″кхъуʺр зы шхынығъуэ лӀэужьыгъуэцӀэу тлъытэми, ар зыхуэӀуауэ зэрыщыт щӀыкӀэрэ нэгъуэщӀ шхынығъуэхэм зэрызэщхьэщыкӀыр гурыӀуэгъуащэу щыткъым; абы папщӀэй, ″кхъуʺ макъыр гурыӀуэгъуащэу лъытапхъэркъым.

## «ХЪ, ХЪУ» МАКЪХЭР

**Хъ...**

"Хъы" макъри зы макъ лъэбжьэжьщ. Ар, къэхъур къызтехъукӀ лъабжьэр зыгъэлъагъурщ. Сыт къэхъуу щытми, къызтехъукӀыу щытыр а хъууэ щытым и лъабжьэращи, ар "хъы"щ. Дэтхэнэ зы гуэр къэхъуми, ар къызтехъукӀыр абы и "хъы"уэ щытращ; икӀи, а хъуауэ жыхуэтӀэм езыри, езым къытехъукӀыну щытым и лъабжьэ зэрыхъужкӀэрэу, езым къытехъукӀыну щытым и "хъы"жу щытщ. Хъун Ӏуэхугъуэр щыӀэху, "хъы" мыхьэнэри щыӀэнущ. Дэтхэнэ зы гуэрыр къэхъуу ужьыгъуэ игъуэту, хъууэ щытмэ, къызтехъукӀыу щыт и лъабжьэр ″хъыʺрщ.

Хъун Ӏуэхугъуэр къэувыӀэми, сытри мыхъужрэ хэмыхъуэж е зыри мыужьыжу къанэу щытми, а зэрыхъуауэ щытыр зы лъабжьэу къызэтенэнущи, ари "хъы"щ. Ар щыхъукӀэй, зыри мыужьрэ мыхъуу щытми "хъы"р къэнэнущ; е сытри "хъы"уэ къэнэнущ. Абы зыри къыщытемыхъукӀыжкӀэ, "хъы"уэ жеӀэпхъэжмэ! Ауэ, ″цӀырхъʺыр арагъэнщ.

"Хъы"р, хъурэ щыӀэгъуэ зыгъуэту щыт дэтхэнэ зы гуэрым и лъабжьэ зэрыхъукӀэ, а щыӀэ гуэрхэр зэгъэпщэнрэ зым елъытауэ адрейр зэрзэщхьэщыкӀыр къэпщытэн Ӏуэху щыхъум щыгъуэ, а зэгъэпщапхъэу щытхэр зэрзэщхьэщыкӀыр къэӀуэтэн щыхъум щыгъуэ, лъабжьэрэ "хъы" ӀуэхугъуэкӀэ лажьэу зы псалъэ къыдогъэсэбэпыр: "нэхъ": «Абы нэхърэ мыр; ар нэхъыфӀщ; ар уэ нэхърэ нэхъыжьщ; нэхъапэ, нэхъыкӀэ, нэхъ Ӏей, абы нэхъей...».

"Хъы"р мыджауэ щытрэ джыпхъэ лъабжьэу щытращи, "хъыджэ" псалъэм къыдгуригъаӀуэр мырагъэнщ; икӀи, хъыджэрэ (хъырэ джапхъэ) бзыуэ щытым папщӀэ "хъыджэбз" щӀыхужаӀэри мырагъэнщ.

"Хъы"р лъабжьэ зэрыхъукӀэй бзыпхъэу щытырщ; мыбы жыӀэгъуэрэ псалъэ куэд къыхэкӀыпхъэнщ. Дуней координат системэри "хъы"щ; абы ещхьрэ бдзэжьеящэхэм къагъэсэбэп Ӏэмэпсымэри "хъы"щ е "пхъы"щ. Мыбзэрэ мыужьу щытрэ, зэрщытым итрэ хуэмыхуу щыт цӀыхум хужаӀэр "хъымбыл"щ. ЩӀагъуэ мыхъурэ щымыӀэ пэлъытэу мащӀэу щытрэ,

тӀасхъэу щытым папщӀэй "цӀырхъ"щ хужаӀэр. Зы гуэрым и лъабжьэр тӀэкӀу джа хъумэ е джэгуу щытмэ "хъеин" Ӏуэхущ къэхъур. "Хъы"р лъабжьэ зэрыхъум къызэргуэкӀкӀэ, зы лъабжьэрэ хабзэу къекӀуэкӀыу щытым икӀрэ щыкӀа хъуам папщӀэ "хъийм икӀын" псалъэр хужыӀэпхъэ мэхъур.

"Хъы"м "э" къыщыпыхьэкӀэй лъабжьэ защӀэ мыхьэнэкӀэрэ мэджыр; ″хъы″р зэрыщыту кӀуэрэ лажьэу щыт мэхъур апщыгъуэм. "Хъар, хъарзынэ" псалъэхэр "хъэ" Ӏэмалыгъуэу къохъур. "Лэхъэн" псалъэри лъэр ипӀэ имкӀыжыфрэ зыдэщытрэ зэрщыту къэнэнырщи, мыужьыжу къэгъэнэнырщ. Зы зэманыгъуэ пыухытыкӀар зы "лъэхъанэ"щ. Илъабжьэрэ икӀэ нэгъунэ гъащӀэм хэту зыгъэфӀэныр "гъэхъэн"щ е "тхъэн"щ. Ӏэм и фэр зэгуэкыныр "сыхъэн"щ; гур къызэӀыхьэныр "сэхъуджэн" е "мэхъэшэн"щ.

**Хъу...**

"Хъу"р, гурыӀуэгъуэ зэрыхъуарщи, "хъы"м и ужьыгъуэу щытырщ. "Хъы"р зы лъабжьэу, хъупхъэу щытырщ; хъунур къызхэхъукӀынуращ; "хъу"р лабжьэрэ хъупхъэу щыт "хъы"м и зиужьыгъуэу къэхъурщ.

Дэтхэнэ зы гуэрыр зэрыхъурэ зыщихъуэжкӀэ, щыӀэу щыт гуэрыр зы нэгъуэщӀыгъуэм хуэкӀуэу зэхъуэкӀ щыхъукӀэ, "хъы"мрэ "хъу"р сыт щыгъуэй утыку итырщ. "Хъу"р къызхэхъукӀыр "хъы"рщ.

Сытри сыт щыгъуэй хъууэ щытщ, сытри мыувыӀэу мэхъу; хъур къызтехъукӀрэ къызхэхъукӀыр хъуауэ щытращи, ар иджы хъууэ щытым и лъабжьэу щытырщ, и "хъы"щ. "Хъун" псалъэр лэжьакӀуэу зы псалъэщ; дэтхэнэ зы псэлъэуха кӀыхьым къыхэмыхьэнрэ хэмытыну Ӏэмал зимыӀэрщ.

"Хъун" псалъэр зи лъабжьэу псалъэ куэд къохъур: «Хъупэн, хъуфын, къэхъукӀэ, къэхъун...». Хъупхъэм хуэкӀуэн Ӏуэхур "ехъулӀэн, къехъулӀэн"ырщ; зы щыгъыныр хуэфӀ хъун Ӏуэхур "хуэхъун"ырщи, хуэмыфӀрэ ин къыхуэхъуамэ, ар "быхъу"щ; зы хъупхъэ Ӏуэхур "зыдэхъун, щыхъун, къыщӀэхъун" псалъэхэм нэхъри къагъэунэхур; къэмыхъуами къэхъуа фӀэщӀын Ӏуэхугъуэр "къыщыхъун" псалъэм къыриӀуэрщи, мыпхуэдэ щапхъэхэу ″хъун″ псалъэр зи лъабжьэу псэлъэщӀэ куэд къохъуфыр.

Хъуар зэрыхъуакӀэрэу щыгъэтыныр "хъумэн"щ; зы Ӏэщ куэдыр "хъушэ"щ; а Ӏэщ хъушэм уащхьэщыту "хъупӀэ"рэ "хъун"ыфӀхэм хэбгъашхэрэ пхъумэу ущытмэ, ар "гъэхъун" Ӏуэхущ, "гъэхъуэкӀуэн" Ӏуэхугъуэщ.

Хъун Ӏуэхугъуэр сыт щыгъуэй зыужьыгъуэ хъуркъым, "сы-сэ" Ӏуэхур зэрылъабжьэрэ, зэрыехыпӀэ зэрыхъукӀэрэу, "сэхъун, сэхъуджэн" псалъэхэри ″хъун″ Ӏуэхуу утыку къохьэфыр. Мыбы хуэдэу "хъунщӀэн" псалъэри мыхъумыщӀэ Ӏуэхуу къэхъурщи, ари ″хъун″ псалъэм егъэзащӀэр.

″Унэхъун″ псалъэри хэкIуэдэн пэлъытэ зи мыхьэнэу зы псалъэу щытщ, ауэ, ар щакIуэбзэ псалъэ къэхъукIэм езэгъыу зы псалъэу къыщIэкIынщ; ар, унэрэ унагъуэу зэрыщымытыжыныр къыриIуэу зы щIагъыбзэу къэхъуауэ зы псалъэу къыщIэкIынщ.

Сытри хъууэ щыкIуэрэ хъууэ къыщекIуэкIкIэ, хъууэ щытыр хъурэ хъурейуэ къокIуэкIыр; "хъурей" жыхуиIэр, хъур зэрыхъу щIыкIэу хъум ейуэ щыт хъурщ. Хъур хъурейщ; хъур зэрыхъу щIыкIэр хъурейуэщ; сыт хъууэ щытми, къиухъуреихьрэ и хъуреягъкIэрэщ зэрыхъур; ″хъурей″р ″хъу″уэ щытым и ″форм″у щытырщ; хъурейр фIыуэ хъурщ, хъум езыр зэрыхъурщ.

ИкIи, -зэрыжаIэрщи- хъур мыбзырщ. Ауэ, сыт хъууэ щытми убзыхукIэрэ щыхъукIэ, хъуарэ утыку къихьауэ щыт дэтхэнэ гуэрыр зы хъуа бзыгъэрщи, ар зы бзыгъэ зэрыхъукIэрэу зэрыбзыр гурыIуэгъуэщ. Дэтхэнэ зы хъу IэнатIэу утыку къихьэр зы бзыгъэу щытщ. Ар щыхъукIэй, хъур къызтехъукIрэ хъууэ щытым и лъабжьэу щыт "хъы"ри, хъуарэ утыку къихьари зы бзыгъэ гуэр зэрыхъукIэрэй, мыхъуу щытыр бзыуэ жыIэпхъэнщ. Зы хъыр мыбзыуэ жыпIэмэ, абы зыри къыхэмхъукIыну жыIэпхъэщ. Ар зы бзыгъэу щытмэ, зы гуэр къыхэхъукIынущи, абы къыхэхъукIыпхъэр къыщыхэхъукIыр ″хъун″ Iуэхугъуэрщ. Хъупхъэу щыт хъыр зы бзыгъэу щыщытым щыгъуэщ хъур къыщыхъури, тIэ, хъур зы бзыгъэр гъэкIуэтэнырщ; ар къызэрыувыIэрэ къыщыувыIам щыгъуэ, аргуэру зы бзыгъэ Iуэхугъуэрщ утыку къихьэу щытрэ къэхъур. А бзыгъэр ″ужьыгъуэ хун Iуэхугъуэ″у щытынырщ ″хъун″ри, ари убзыхун Iуэхугъуэрщ.

*

Дауй ирэхъу, хъур сыт щыгъуэй мыувыIэу хъууэ макIуэр. Зэ щхьэ хъуар хъуауэ къыщыплъытэкIэй, а хъуауэ жыхуэтIар зэрхъун хъуауэ къэнэжыркъым; аргуэрэу хъум зэрейкIэрэ хъууэ щытщ. КъэувыIэпIэ зэримыIэкIэрэу хъууэ щытмэ, зэ щхьэ а зэрхъуауэ щытым йокIыр, зехъуэжыр, зохъуэкIыр. ТIэ, хъуар хъуауэ къэтлъытэмэ, абы щхьэщыкIыр зохъуэкIыр; къэтлъытауэ щыт хъуам йокIыр. Хъуар хъуащ, ебгъэлеймэ зехъуэкIыр. "Хъу"р гъуэгу щытехьэжкIэ "хъуэ" мэхъур. Хъууэ щытыр щыхъурейкIэй, аргуэрэу аргуэрэу хъууэ щытщи, хъуауэ щытым зэрызихъуэкI щIыкIэр зэрызихъуэжкIэрэщ (жы!).

Арагъэнщ, фIы хъун жыIэгъуэу Адыгэм яIэ "хъуэхъу, хъуахъуэ, хъуэхъуэн" псалъэ щIыкIэхэр къызхэкIыр: ″ФIы защIэ хъун, фIы хъууэ кIуэн, хъууэ щытыр фIы хъун″ Iуэхугъуэрщ ″хъуэхъу″ псалъэм къикIри, хъуэхъуу жаIэри ардыдэу фIы защIэ псалъэхэрщ.

"Хъуэ"р хъуауэ щытыр зэхъуэкIынрэ, зэрыхъуа щIыкIэу дызхуейуэ щытым текIын Iуэхугъуэ зэрыхъуфым къызэргуэкIкIэ, "хъуэнэн, хъуэн, хъуэр, хъуэрыбзэ" хуэдэ псалъэхэр зэтоувэр.

"Хъуэ"р хъууэ щытыр е хъун Iуэхугъуэм и кIуэтэгъуэ къызэрыхъукIэй, "ихъуэн, дэхъуэн, техъуэн, щIэхъуэн, щIэгъэхъуэн, игъэхъуэн, хэхъуэн..." хуэдэ псалъэхэр къохъур. Iэщ гъэхъун Iуэхугъуэхэу "Iэхъуэ, шыхъуэ, выхъуэ, хъуэкIуэн" псалъэхэр къохъур.

"Лъыхъуэн, щыхъуэн, етIэхъун, гъуэхъуэн...", "пхъуэн, Iэпхъуэн, щIэпхъуэн..." хуэдэу, зэхуэмыдэ мыхьэнэрэ къэхъукIэ зиIэ хъууэ щыт псалъэ куэд къыхохъукIыр "хъу-хъуэ" лъабжьэкIэ хъууэ щытыр щылажьэкIэ.

*

Хъууэ щыт дэтхэнэ зы гуэрыр къызтехъукIыу щытыр "хъы"рщ; зы гуэрыр къапщтэрэ, дэтхэнэ зы зэманыгъуэри ар зэрыхъуну щIыкIэм и къежьапIэу плъытэмэ, а къежьапIэр къытехъукIыу щытым елъытауэ "хъы"уэ лъытапхъэщ. "Хъы"р лъабжьэрщ; абы къызэрхэкIкIэ зыужьу щытри "хъу"уэ щытырщ. "Хъы"р зы бзыгъэрщи, лъытапхъэрщ; ауэ, хъууэ щытыр сыт щыгъуэй утыку итыпIэ зиIэу щытырщи, ар къэувыIэгъуэ зимыIэрщ. Сытри щымыIэрэ мыхъуу щыщытауэ зы лъабжьэ къэплъытэмэ, "хъы"уэ лъабжьэу щытар, сытри хъууэ къыздыщIидзар арагъэнщ. Хъууэ щытыр къыдгуроIуэр; ар щхьэ ар къызтехъукIыу щыт "хъы"р долъытэр.

Ар щхьэ, дэтхэнэ зы щыIэр зэрыджкIэрэу зэрыужь щIыкIэрэ зэрыхъум хуэдэу, цIыхури хъуурэ макIуэр. Езыр хъууэ щытрэ, хъууэ щытми хэту щыт цIыхум, хъууэ щытыр икIэ нэгъунэ къыгурыIуэнрэ къипщытэфыныр, Iэмал зимыIэу зы Iуэхугъуэу къыщIэкIынщ. ЦIыхум, хъур зэрыхъу щIыкIэри икIэ нэгъунэ къыгурыIуэркъым. Ар зыдэкIуэ лъэныкъуэрэ щIыкIэри икIэ нэс къыгурыIуэну къыщIэкIынкъым.

Адыгэбзэм зэрхэткIэ, икIи зы геометрикэ форму щыт "хъурей"р "хъум ей"уэ жыIэпхъэщ. А формыр хъууэ щытым ейуэщ адыгэбзэм зэрыжиIэри, икIи, зэржаIэращи, козмикэу хъур хъурейуэщ зэрыхъуу зэрыщытыр. Дунейр хъурейщ, дэтхэнэ зы вагъуэрэ дуней пэлъытэу щытыр хъурейщ; дыгъэр хъурейщ, абы епхарэ пыщIахэр хъурейщ; ахэр зыдиту щыт козмозым езыри хъурейщ. Ди дунейр зыхэту щыт хъуреягъ псори зы хъурей (дыгъэ) гуэрым и хъуреягъкIэ, икIи езыхэми я хъуреягъыжкIэ къэухъуреихьри щытщ; зыри ипIэм иувыIауэ иткъым, сытри хъуреягъкIэ мэджри мэужь, хъууэ макIуэр. Мы козмоз Iуэхугъуэрэ пкъыгъуэшхуэ зиIэхэм дыпыкIрэ, щыIэу хъуам я нэхъ цIыкIухэм (п.п: атом) дыщеплъкIэй, зэрхъурейхэмрэ къахъуреихьу зэрщытыр долъагъур.

Япэрей Iыхьэм къэдгъэлъэгъуауэ щытщи, натуралрэ козмикэу щыт геометриер хъурейщ. Юглид геометрием хуэдэу, захуэу щыткъым; къуаншэщ. Къуаншэрэ хъуреигъэ зиIэу щыт зы функцэр нобэрей геометрикэ системэм икIэ нэгъунэ щызэпкъырыхыфынукъым.

Лъэхъанэ куэд лъандэрэ хъурейм, -ар "круг" ирехъу, "силиндирие" ирехъу, "кюб е шар" ирехъу-, и хьисэпыр икIэ нэгъунэ зэфIэкIауэ утыку къихьэфакъым. Хъурейм ехьэлIа хьисэпхэр утыку къилъхьэфын папщIэ къэгъуэтауэ щыт "пи (*pi*)" бжыгъэр нахуэу утыку къыралъхьэфакъым. Ар ухыпIэ зимыIэу зы бжыгъэу къыщIэкIащ; икIи кIэ игъуэтауэ зы "пи" бжыгъэ утыку къихьэнуй къыщIэкIынкъым.

Ауэ, гъэщIэгъуэнщи, а хьисэпым икIэр къагъуэтын папщIэ математикант куэдым зырагъэзэшащ, нобэй зырагъэзэшу щытщ!

"Пи" бжыгъэр: "3.141592653589793238....." хуэдэу, кIэ зимыIэрэ, зэй зэхуэдэу зы зэкIэлъхьэужьыкIэ къэмыхъуу, зэкIэщIэпхъарэ тепхъа пэлъытэу бжыгъэхэр макIуэ мэлъей! Мы бжыгъэм кIэ имыIэу щыкIуэкIэй, *компитур*хэм я хьисэп лъэщыгъэр зыгъэлъагъуэу зы Iуэхугъуэу къосэбэпыр нобэ; ауэ, а хьисэпым кIэ езыта компитур утыку къихьакъым, къихьэфынкъым икIи. Нобэ къэс а бжыгъэр зэфIэзгъэкIарэ утыку къизылъхьэфа щыIэкъым. Ар утыку щимыткIэй, дэтхэнэ зы хъурей хьисэпыр икIэ нэс зэфIэкIарэ кIэ игъуэтауэ щыткъым; "пи" бжыгъэр зыхэмыт зы функцэ къуаншэрэ хъурей хьисэпи щыIэкъым.

"Пи" бжыгъэ Iуэхур, захуэу щыт Юглид (*Euglides*) координат системэрщ къызхэкIыр. ТIэ, зы захуэ системэм щеплъытэм щыгъуэ, хъурейр а системэм хуэмыхъурщ; хъурейр, захуэ системэм емгъэгъырщ.

ТIэ, хъур зэрхъурейрэ, дызхэт системэр хъурейуэ зэрыщыткIэ, сытри хъурэ джыуэ щыт зэрыхъукIэрэу, сытри хъум ейщ, сытри хъурейщ. Ауэ, Юглид системэр мыпхуэдэу щыткъыми, захуэ системэрщ; ар лъабжьэ зэрыхъуакIэрэу, цIыхум нобэкIэ зыхуейм хуэдэу хьисэп тырищIыхьыфыркъым абы.

Хъурей систэмэм ящыщу зы координат системэщ Рииман (*Riemann*) системэр, икIи нэхъ зэпэщрэ зэгущу ужьа системэрщ. Ауэ, ар нобэ щхьэ, икIэ нэгъунэ гурыIуэгъуэ мыхъуарэ, икIэ нэгъуней дэтхэнэ зы хьисэпри тещIыхьыпхъэ мыхъуауэ щытщ.

ТIэ, узхэтрэ хьисэп зыщыпщIыну щыт геометриер натуралрэ козмикэ системэм теухуа зы геометриемэ, уи хьисэпым мыпхуэдэу (пи) *иррациенал* зы бжыгъэ къигъэхъункъым. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, геометрие системэр къызэрагъэсэбэпыну Iуэхугъуэм и хьисэпым елъытауэ щытын хуейщ; е, хьисэпыр зыдэпщIыр геометрикэу пэж хъун хуейщ. Геометриемрэ, ар къызэрыбгъэсэбэпкIэрэу пщIыну щыт хьисэпымрэ зэзэгъын хуейщ. Уи хьисэпыр ебгъэубыдынумэ, хъууэ щытым езэгъын хуейщ.

ИкIэм икIэжым, хъууэ щытым дэри дызэрхэткIэрэу, а хъур зэрыхъуу зэрыщытыр икIэ нэгъунэ хьисэп тщIыфу дыхэкIыжыфыну къыщIэкIынкъым.

## «Х, ХУ» МАКЪХЭР

**Х...**

"Хы"р япэрауэ псы иувыIарэ, дунейм и кумбапIэхэр из зыщIауэ щытырщи, а макъыр къызэрыIу щIыкIэри а псышхуэм и макъым хуэдэу щытщ. Хыр дуней хъурейм и нэхъ кумбрэ ехыпIэ хъууэ щытым итырщ; икIи, хыуэ щыт а псышхуэ иувыIар зэхуэдэ щхьэфэ щIыкIэу зы тафэ захуэ пэлъытэщ. Хыр, зэхуэдэ щхьэфэу зэрыубгъуакIэрэу, дуней щIыгуIум и нэхъ ехыпIэу щыт тэфагъэрэ, и нэхъ лъэхъшапIэрщ. Ар щыхъукIэ, "хы"р зы ехыпIэу щытырщ; икIи, дунейм и зэхуэдэ лъэгапIэрэ зэхуапIэ хъууэ щытырщи, "хы"р, лъэгагъэрэ зэхуэдэ лъэгапIэу кIуэтэгъуэм и зэгъэпщапIэ хъурщ. Дэтхэнэ зыгуэрым и лъэгапIэр зэгъэпщапхъэу къызэралъытэ щIыпIэр хы гущIыIуращ. Дуней гущIыIум илъабжьэ хъууэ щытыр хы гущIыIуфэрщ. "Хы"р зы геомэтрие координат системэм и ординат (*х*) лъэныкъуэ хъурщ.

ИкIи, "хы"р псыщи, псыр псэ къызхэхъукIырщ; тIэ, псэрэ гъащIэ зиIэр къызхэхъукIыу щыт "хы"р аргуэрэу зы лъабжьэщ.

"Хы"р, етIуанэу, зы бжыгъэцIэ (6) хъууэ щытырщ. Бжыгъэу ″6″ щIэхъур нэгъуэщI Iуэхущ, ауэ, "хы" макъым иджу щыт Iэмалыгъуэр, ипщэкIэ къэтIуэтахэм къагъэлъагъуэу къыщIэкIынщ. ″Хы″ макъыр хым и макъыу къэIуу зы макъырщ икIи.

"Хы"р зэрыпскIэрэу, къэхъуу щыт псалъэхэр щыIэщ (хыв, хы тIыгу...); ауэ, хыр зэрылъабжьэрэ натуралу зэрщыIэ щIыкIэ мыхьэнэр къигъэлъагъуэу зы псалъэ диIэщ: "хыфIэдзэн". ФIэдзэн псалъэр зыгуэрыр зы фIэдзапIэ епхын пэлъытэу зы Iуэхугъуэщ; ар щхьэ, "хы"р ипэ къыщыпыхьэм щыгъуэ, мы "фIэдзэн" Iуэхугъуэракъым гурыIуэгъуэ хъур. "Хы"р "фIэдзэн" IуэхукIэ зикI игъуэу зыгуэркъым. Ар щхьэ, ущыкIэлъыплъыжкIэ, ипщэкIэ "хы"м теухуауэ къыжытIауэ щытхэм дыщыщыгъуэзэжкIэ, зы хэкIыпIэ къытхуохъур. "Хы"р лъабжьэщ, икIи натуралу щытщ. Адыгэбзэм зэрыхэткIэй "фIы-фIэ"р хъугъуэ-фIыгъуэрщ; сыт къэхъурэ щыIэ хъууэ, щыIэхэм дэкIуу щытрэ Iейуэ щымытмэ, ар фIыщ. Мы псэлъэуха тIур гурыIуэгъуэ къыщытхуэхъукIэ, "хыфIэдзэн" Iуэхугъуэр нахуэ хъуфу къыщIэкIынщ: Ауэ къызэрыкIуэу натуралу дзын Iуэхугъуэрагъэнщ "хыфIэдзэн"ри, ар икIэм икIэжым хы лъэгапIэращ лъабжьэу зыдэкIуэфынур.

"Хы"р зы лъабжьэрэ ехыпIэ зэрыхъукIэ, зы ординату гурыIуэгъуэ щыхъукIэ, ″*х*″ыпIэм щхьэщыкIа хъууэ щытрэ "*и*"гъуэ зиIэ хъуам, мы и лъэгапIэр щигъэкIуэдым щыгъуэ зыдэкIуэнур "хы"ращ. Мыбы

къызэргуэкIкIэй, псалъэхэр къохъур: «Едзыхын, егъэзыхын, къехын, ехын, ехьэхын, ехуэхын, евыхын, ехухын, ешэхын, ефэхъуэхын...».

ИкIи, мы глаголхэр "е"кIэ къызэрежьэми гу лъытапхъэщ. Ауэ, псэ зыIутым и щхьэ къырикIуэ псэ Iуэхугъуэхэр щыIэщ "хын" Iуэхугъуэ хъууэ: "Мэхын, псэхын, сэхын" е зы бзэрэ зы хабзэ тетрэ убзыхукIэрэ хъууэ щыт зы Iуэхугъуэр –ар зы псэущхьэй хъунщ- къыщыувыIэрэ мыубзыхуж щыхъукIэ, "бзэхын, бзэхыжын" псалъэхэр мэхъур.

Мыпхуэдэу лъабжьэмкIэ ехын Iуэхугъуэ мыхъурэ, зы гуэрэр зыдэщытрэ зыдитым е зыхэтрэ зытетым, кIэщIыу жыпIэмэ, ипIэ хъууэ щытыр зэхъуэкIын Iуэхугъуэу "хын" кIэухыр къосэбэпыр. Зы лъэгапIэрэ зы позициер зэхъуэкIа хъууэ щытмэ "хы" Iэмалыгъуэр –″ординат″ыгъэр-зэхъуэкIа мэхъур: «Пыхын, пэрыхын, дэхын, ихын, къыкъуэхын, кIэрыхын, хэхын, Iэрыхын, Iухын, фIэхын...».

*

"Хы"р зэрылъабжьэрэ зэрыубгъуам хуэдэжуй зэхуэдэ защIэу зы куэдагъэрщ. "Хы"м зэманыгъуэ игъуэтрэ "хэ"р къыщыхъум щыгъуэ, мыбы зы куэдагъэрэ, зыхэтрэ зырейуэ щыт гуэрыр къыриIуэу, зы гуп е зы лъабжьэ мыхьэнэ еджыр. "Хэ" къызпыхьэ псалъэр зы куэдагъэм е зы лъабжьэ хъууэ щыт Iуэхугъуэм холэжьыхь е къыхокI, къыходжыкIыр: «Хэгуэн, хэдэн, хэдзэн, хэлэн, хэтын, хэсын, хэлъын, хэлъэн, хэтIэн, хэхъуэн, хэуэн, хэкIын, хэджыкIын, хэджыхьын, хэхын, хэхун, хэсэн, хэIэн...». Мыпхуэдэу "хэ"кIэ къежьэ псалъэхэм нэгъуэщI зы префикс къыпыхьэу псэлъэщIэхэр мэухуэр: «Зэхэхун, зэхэдзын, зэхэхын...».

Зы щIыпIэр зы гуп е зы лъэпкъым и тIысыпIэ хъупхъэн Iуэхугъуэр къэзыIуатэ псалъэр "хэгъэгу"щ: Ар "хэ"м и "гъэ"пхъэу щыт зы щIыпIэ IэнатIэрщ (гу); а щIыпIэр "хэ"м и щIыгу ищIыпхъэ хъурщ. Мы псалъэр езы Адыгэм и псэупIэрэ псэуалъэжь щыхъукIэ, ар "хэку"щ: Ар "хэ"м и"ку" хъурщ. "Хэ"р зы гупрэ зы щIыпIэ щыхъукIэ, къызхэхъукIарэ зытепсэухьу зытет щIыпIэр ″лъахэ″рщ. АдыгэмкIэ, мыхэкурэ мылъахэу щытрэ, езым щымыщыр "хамэ"щ. АдыгэмкIэ, хамэм хэсу щыт хъуа и лъэпкъэгъурэ и хэкуэгъур "хэхэс"щ. "Хэ"р зы гупрэ зы лъабжьэ зэрыхъукIэрэу, зы жылагъуэрэ зы лъахэр къызэщIиубыдэу, а жылагъуэрэ лъэпкъым зырахьэу щыт "хабзэ"м къызэрезэгърэ, сытри зейр цIыхубэрауэ зэрщытыр къигъэлъагъуу "хей, хеин" псалъэхэр къызэрыхъуар гъэщIэгъуэнщ.

"Хэ"р кIэух щыхъукIэ, бжыгъэ куэдагъ къегъэлъагъуэр: "ахэр, выхэр, шыхэр; Абазэхэр...". Е, "хы" мыхьэнэр ехыпIэ лъэныкъуэ къигъэлъагъуу кIэух зэрыхъури щыIэщ: «КIахэ, Абэзэхэ...». - ГурыIуэгъуэщи, Абазэр зыдэщыс щIыпэмкIэ ехыу зы щIыпIэм щысу щыт зы Адыгэ жылагъуэрщ ″Абэзэхэ″р-.

"Дахэ"р "хэдэн" Iуэхугъуэрэкlэ хэха хъууэ щыту, "дэ" Iэмалыгъуэу теплъэ лъэныкъуэ куэдкIэ зэгущрэ зэпкъырылъу зэрыщытыр къигъэлъагъуэу зы псалъэу къыщIэкIынщ.

"Хы-хэ" макъым игъэзащIэхэр, позицие зэхъуэкIынрэ лъабжьэ Iуэхугъуэ е куэдагъ къэгъэлъэгъуэн хъууэ щытми, зэкIэлъыпыту щыт "ххэ" макъыр зы псалъэм хэт хъууэ щытмэ, а Iуэхур хъуарэ зэфIэкIауэ щыт хъуарщ (хъуагъэххэщ); е а Iуэхур мыхъупхъэщ (хъуххэнкъым). "Ххэ" кIэух къызпыхьэ зы псалъэр, е хъуарэ зэфIэкIарщи ″х″ защIэу щытщ; е хъун Iэмал зимыIэрэ мыхъун хуейуэ зы Iуэхугъуэрщи, аргэурэу ″х″ защIэу щытырщ. Дигу къэдгъэкIыжмэ, ″х″ макъым ординатым тету щытынрэ, абы хуэкIуэу къэувыIэн Iуэхугъуэр еджыр: Ар лажьэу щытыр къэзыгъэувыIэрщи, мыпхуэдэу утыку къихьар хъуагъэххэрщ; е, мылажьэу щытыр зикI зымыгъэлэжьэнурщи, ар мыхъуххэнурщ. Аращ, зэфIэкIарэ хъуагъэххэр къизыIуэрэ, зикI мыхъунрэ, хъуххэну щымыт Iуэхугъуэхэр ″х″ защIэрэ ″хх″ кIэухкIэ къызэрыхъу щIыкIэр. ″Ххэ″ макъ зэгуэтыр кIэух зыхуэхъуа глагол псалъэхэр ″хы″м хэт защIэ мэхъури, абы хэкIыфыркъым; ординатым къытонэри, абы текIыфыркъым; апщыгъуэй, а Iуэхур кIуэтэфыркъыми, Iуэхур зэрыщыту къанэрэ мылажьэу утыку къихьа мэхъу; е, къэмыхъупIэм иту къонэр: «КIуагъэххэщ; зэфIэкIагъэххэщ...; КIуэххэн хуейкъым; псэлъэххэн хуеякъым...».

**Ху...**

"Хы"м "у" Iэмалыгъуэ щигъуэтым щыгъуэ къэхъуу щыт "ху"м, ″хы″р гъэкIуэтэнрэ гъэужьын Iуэхугъуэм хуегъакIуэр. ″Хы″уэ ехынрэ къэувыIэн зи Iуэхугъуэу щытыр, а и щIыкIэм тыригъэкIыу гъуэгурыкIуэ ищIын Iуэхугъуэщ ″ху″ макъым къилэжьыр. Абы игъэкIуатэу щытыр "шэн" Iуэху хуэдэу гъэкIуэтэныркъым; абы игъэкIуатэр зэрылъабжьэрэ зэрыщыту мэкIуатэр. Абы, зы къэрукIэрэ егъэкIуатэр зыпыхьэ псалъэрэ Iуэхухэр. Ар зи ипэ къыпыхьэ зы псалъэм иджу щыт Iэмалыгъуэм елъытауэ, а Iуэхугъуэр лIыгъэкIэ егъакIуэр, егъэпщыр е егъажэр, ехур. Абы, зы псалъэм идж Iуэхур зыдынэсыпхъэрэ зыхыхьэпхъэм нэс егъакIуэр, е зыхэкIыпхъэм хегъэкIыр.

Адыгэм къигъэкIыу щыта зы гуэдз лъэпкъми "ху" фIищащ. Ар къызхэкIыу щытыр, "хун" Iуэхугъуэм иджу щытым дыщеплъкIэ, гурыIуэгъуащэ мыхъуу щытми, а шхынымгъуэр зэрыхужьрэ, абы ″ху″ Iэмалыгъуэу къэру къызэритрагъэнт. Ар сыт щхьэусыгъуэкIэ фIищауэ щытми, мы къэкIыгъэ "ху"р зи лъабжьэу псалъэ куэд зэтеувауэ бзэм хэт хъуащ: «Хугу, хужьгъэ, хупцIынэ...».

"Ху" макъым иджрэ и Iэмалыгъуэм дыхэплъэжмэ, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр щIыфынрэ зехуэфын Iэмалыгъуэ нэхъыфIыр къыдэзыту щыт

ди нэхэр къэдгъэсэбэпынкIэ къытщхьэпэу щытыр "нэху"щ. Нэхур, "нэ"м "хун" Iэмалыгъуэ щигъуэтрэ, а Iэмалыгъуэр къыщыхъурщи, а Iэмалыгъуэр зиIэу щытырщ нэхур. Къэгъэунэхуарэ нэхуу щытыр, лъагъупхъэрэ гурыIуэгъуэу щыт хъурщи, ар ″нахуэ″ хъурщ.

Зы нэхур, дыгъэ бзийрэ плъыфэу хъуар зыхэлъу щытмэ, нэм и Iуэхур нэхъыфIыжщи, апхуэдэ нэхуу щытыр "хужь"щ. ТIэ, "хужь" жыхуиIэр, "хушхуэ, ху дыдэ, хубзэ, ху ин, ху пашэ, ху нэхъыщхьэ, сыт щыгъуэй хууэ щыту щыта, ху кроникэ" хъуращ. "Хужь"ыр "нэхъ ху IэмалыгъуэфIрэ ху дыдэ" щыхъукIэ, зы плъыфэу къыдгурыIуэу щыт "хужь"ым ипIэкIэ ″ху″ри къэгъэсэбэпыпхъэщ. Апхуэдэу ″ху″ Iуэхугъуэу щытхэр, "ху"р зи ипэ къыпыхьэрэ зи кIэух хъууэ щыт макърэ псалъэхэм къатохъукIыр: «ХущIын, пэху, кIэху, сэху, сырыху, мывэху, етIэху...».

"Ху" макъыр зы псалъэм ипэ ит щыхъукIэ, а псалъэм и мыхьэнэр гъуэгу тырегъэхьэри зыдынэсынум егъакIуэр; "хурехулIэ"р. ИкIи, зы Iуэхугъуэр зыхуэкIуэным щынигъэскIэ "ху"м е "хун" Iуэхугъуэм зы зэфIэкIыныгъэ иIэщи, абы куэд "хузэфIокI"ыр; ар сытми хуокIуэри "хурокъу", "зыхурикъуж" ещIыр. "Ху"р зы псалъэм ипэ къыпыхьэрэ, "Iуэху зехуэн"рэ "хурикъун"ыгъэу къэхъу щапхъэхэр мащIэкъым: «Хун, хурисэн, хухэтын, хухэхын, хухэхун, хухэхуэн, хунигъэсын, хущытын, хущIэхын...».

"Ху" макъыр къэрууфIэу зы макъщ, абы сыт Iуэхугъуэри хузэфIокI; зэфIэкIыныгъэри къыреIуэр. Мы Iэмалыгъуэрэ зэфIэкIыныгъэр гъуэгу техьэрэ зэманыгъуэ зиIэ щыхъукIэ "хуэ" мэхъур. Абы игъэзащIэри "ху" Iэмалыгъуэ зиIэ хъунрэ кIуэнырщ. Ар щыхъукIэй, "ху" Iэмалыгъуэр зэрыхуу зэрыщыткIэрэу мэлажьэр. Ар зы макърэ псалъэм ипэм къыщыпыхьэм щыгъуэ, псэлъэщIэ куэд къохъур. Мыбыхэм ящыщу щапхъэхэрщ "хуэзэн, хуэпэн, хуеин, хуэгъун, хуэщIын..." псалъэхэр къызэрыхъу щIыкIэу, "хуэ"р зы Iуэхугъуэм хуэкIуэ псалъэхэр.

ТIанэ, ″ху″м езыр щхьэжу зы къэрурэ, кIуэтэн Iуэху къызэригъэхъум къызэрыгуэкIкIэ, абы ″э″ кIэухыу щыт кIуэтэн Iэмалыгъуэ зиIэр къыщыпыхьэм щыгъуэ, ″ху″ Iуэхур зыгъэзащIэу щытым хуэкIуэжын мыхьэнэщ къэхъур.

Мы къэдгъэлъэгъуауэ щыт псалъэхэм хуэдэу, "ху-хуэ" макъыр ипэ къыщыпыхьэм щыгъуэ, псэлъэщIэхэри къэхъур. Мы псалъэхэм я къэхъукIэм щыщщ "хуэдэ" псалъэри. Мыбдежым "хуэ"р зыхуэкIуэр зы "дэ" Iэмалыгъуэрщ; ар зыхуэкIуэу щыт ″дэ″ри, зыхуэдэу жыхуаIэ щIыкIэр зыхэлъырщ. "Хуэм" щапхъэри къызэрыхъу щIыкIэр мыбы хуэдэщ; ар езырыжу зэрыщыткIэрэ (м) зэрыхур къэзыгъэлъагъуэу зы псалъэрщи, ари псынщэ зэрымыхъунур гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэ зы мыхьэнэр къикIыу щытщ "хуэмыху" псалъэми, ар мыхуу зэрыщытрэ хуныр зыфIэмыIуэхуу

зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мыбыхэм хэту щыт ″хуэ″р къызэрысэбэпым хуэдэу къохъур "хуабэ, хуэбэн" псалъэхэри. "Хуэхъун" псалъэри мы къэхъукIэм хэтщ; ар хуэсэбэпынрэ хузэфIэкIын псалъэхэм я гъунэгъущ.

ХузэфIэкIрэ зы гуэрэм зыхуищIэ Iуэхугъуэхэу, "хуэ"р зы псалъэм ипэ къыщыхуэкIуэм щыгъуэ, къэхъуу щыт псалъэр куэдщ: «ХуэкIуэн, хуэкIын, хуеуэн, хуэвэн, хуэжэн, хуэубыдын, хуиунэтIын, хуеIэбын, хуефэн...».

*

"Ху-хуэ" макъыр зы псалъэм икIэ къыщыпыхьэм щыгъуэй, а псалъэм иджу щыт Iуэхугъуэр зыхуэкIуапхъэу щыт зы IуэхугъуэмкIэ макIуэр, мэхур. Щапхъэмэ, ипщэкIэ зи гугъу тщIа "нэху" псалъэм иджыр, "нэм и лэжьыгъэ хъурэ, нэм и лэжьыгъэ Iэмалыгъуэр къызэрыхъу"ращ. "Нэху" псалъэм къикIыр нэм къезэгъыу зы Iэмалыгъуэщ, нэр зэрыхур Iэмалыгъуэр къеIуатэр. КIэух хъур "хуэ"мэ, къэхъур "нахуэ" псалъэрщи, "хуэ"р "ху" Iэмалъыгъуэ хъууэ щыт (э) зэрыхъукIэрэу, "нахуэ" псалъэм къикIыр "нэху хъуа", "нэху хъур" е "нэху хъууэ щыт" жыхуиIэрщ. НытIэ, "нэху" псалъэр "нэр зырыху" хъууэ щытмэ, "нахуэ"р "нэм илъагъупхъэу нэм къыщIэуэрэ, нэм щIыхьэ" хъууэ жыIэпхъэнщ. ТIэ, ″нэху″р нэ хурщи, ″нахуэ″р нэм хуэкIуэрэ щIыхьэрщ.

Мыбы хуэдэу, езырыжу (мэ) хууэ щытыр ″мэху″у жыIэпхъэрщи, а хууэ щытым езыр ″махуэ″ хъунщ. Ар щыхъукIэй, а езырыжу хун Iуэхуу гъэзащIэрэ, ар зи щIыкIэу щытырщ махуэр.

Глагол хъууэ щыт псалъэхэу, "ху"рэ "хуэ" къэух зиIэхэм яджу щыт мыхьэнэ зэщхьэщыкIыныгъэри зи гугъу тщIауэ щыт щэпхъитIым хуэдэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэщ мы глаголхэр: «Дэхун-дэхуэн, дэкIын-дэкIэн, къуэхун- къуэхуэн, техун-техуэн, фIэхун-фIэхуэн, гуэхун-гуэхуэн, пыхун-пыхуэн, Iухун-Iухуэн, щIэхун-щIэхуэн...».

Мы къэхъуу джыуэ щыт мыхьэнэ зэхущытыкIэр "кIы"рэ "кIэ"м я зэхущытыкIэм ебгъэщхь хъунщ. КIыуэ щытыр хууэ щыту жыIэпхъэмэ, абы зэманыгъуэ щигъуэтым щыгъуэ (хуэ), ″кIэ″ мэхъури, ар мыкIыжрэ мыхужу зэрыщыту къанэрщ; икIи, кIын Iуэхур (хун) зи щIыкIэу щытырщ кIэр (хуэ). ИпщэкIэ къэтхьауэ щыт псалъэхэм языхэзым деплъыжмэ, ″къуэхун″ыр зыдыкъуэтым икIын Iуэхугъуэрщ; ″къуэхуэн″ псалъэм къикIыр, зы гуэрыр зы къуагъ гуэрым хуэкIуэнрэ, абы зэрыкъуэхьэкIэрэу, и кIуэкIэм кIэ игъуэтынырщ.

"Ху" е "хуэ" кIэух зиIэрэ мы щапхъэхэм хуэдэу къэхъуауэ щытми, нобэ къызэрыдгурыIуэ щIыкIэмкIэ зэщхьэщыкIыу щыт мыхьэнэ зиIэ псалъэхэри щыIэщ. Мыбы ящыщщ, "щэхун, щэху" псалъэхэмкIэ гурыIуэгъуэ хъууэ щыт щэхурылажьэ Iуэхугъуэрэ, "къэщэхун, щэхуэн, щахуэ" псалъэхэм хуэдэу бэзэр Iуэхуу гурыIуэгъуэ хъуфу щыт ″щэхун, щэху″ псалъэхэр. Ауэ, "цIыху щэху"рэ зызыущэхуу щытыр нэгъуэщIщ.

Мыпхуэдэу зы псалъэ хуэдэу щытрэ, мыхьэнэ щхьэхуитI къызэрагъэлъагъуэм и щхьэусыгъуэр ″щы″ макъырщи, абы дытетхыхьауэ щытащ. Ауэ мыбдежым ди Iуэхуу щытыр ″ху″рэ ″хуэ″м яджым къикIырщи, ипщэкIэ зэрыжытIам хуэдэу, ″ху″р кIэух зыхуэхъу мыхьэнэр егъакIуатэр; ар щхьэ, ″хуэ″р кIэух щыхъукIэ, зыхуэхъу псалъэм и мыхьэнэр зыхилъхьэу зы псалъэ къохъур. Ар щыхъукIэй, ″щэху″ псалъэр, ″щы"рэ лъабжьэу щытым и зы щIыкIэу щыт ″щэ″р ″хун″ Iуэхугъуэрщ. ″Щэхуэн″ псалъэм къикIыр щэ, ″щэ″уэ щыт гуэрыр ерым зыхилъхьэн Iуэхугъуэу зыхуигъэкIуэнырщ.

Мы псалъэхэр щапхьэу къэгъэлъэгъуа щыхъукIэ, нэхъ гурыIуэгъуэ мэхъур: "Зым хуэкIуэу щыт"ырщ "захуэ" псалъэм къыриIуэр.

"Ху" макъыр кIэух щыхъукIэ, зи кIэух хъууэ щыт псалъэр зыхуэкIуэнум хуэкIуэу щыт мэхъур, мэхур. А кIуэнрэ хун Iэмалыгъуэр зы Iуэхугъуэрэ зы зэманыгъуэу щытмэ, а Iуэхур утыку къызэрихьэ зэманыгъуэри къогъэлъагъуэр: «Вэху, къэкIыху, гъужыху, къэкIуэху, кIуэжыху, дышхэху...».

Дэтхэнэ зы Iуэхуми зы зэманыгъуэ ехьыр. ИкIи "Iуэху" псалъэри "ху" кIэухкIэ мэухыр; ар, зыужьыгъуэ нэзу щыт ″Iу″м кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ иIэ хъуарэ (Iуэ) хунырщ. Зыужьыгъуэ хъууэ щытым Iутыр (Iу) гъуэгу техьарэ (Iуэ), "ху" Iэмалыгъуэу кIуэтэнырщ ″Iуэху″ри, зыужьыгъуэ къуапэ гуэр гъэзэщIэнырщ. Iуэхур зыужьыгъуэ гуэр лэжьынырщ; зыужьыгъуапэр хунырщ.

Аращи, хэхъуэрэ кIуэтэгъуэ къызхуэкIуэу щытыр зыужьыгъуэращ; IуэхукIэ хэхъуэр зыужьыгъуэрщ, "у"рщ. А зыужьыгъуэр (у) зэрыужь щIыкIэрэ зэрыхур, езым хыхьэж мэхъур ″хуэ″ кIэухым зэригъэзащIэрэкIэ. Езы ″у″ мыхьэнэжым хыхьэ Iуэхугъуэр "ухуэ"рщи, "хуэ" кIэухым игъэзащIэр ″ху″уэ щытыр зехьэлIауэ щытым езым хэхъуэн Iуэхугъуэрщ; апщыгъуэм "у"ж мэхъур, ″ху″ Iуэхуу къэхъур езы хууэ щытым хохьэжыр; зыужьыгъуэр мэбагъуэр, къэхъуу щытыр аргуэрэу ужьыгъуэрщ.

НытIэ, "ху"р кIэухыу къызпыхьэ Iуэхугъуэр мэкIуатэр, мэхур; а хууэ щытыр езырыжу зы щыIэгъуэу къызэрыпIуэнур "хуэ"щи, "хуэ"р зы псалъэм и кIэух щыхъум щыгъуэ, хэхъуэу щыту плъагъунур а Iуэхугъуэм езыращ; "хуэ" кIэухым игъэзащIэр зыхэтым хыхьэжыгъуэрэ ар зыгъэбэгъуэжырщ.

"Ху"р кIэух зыхуэхъу псалъэрэ макъ Iэмалыгъуэр мэкIуатэр; нэгъуэщIыу жыпIэмэ, "ху"м къигъэхъуу щытыр а Iуэхугъуэм щхьэщокIри макIуэр; ауэ, а кIуэуэ жыхуэтIэр зи гугъу тщIыуэ щыт Iуэхугъуэрщ икIи. Щапхъэмэ, "ху" лэжьыгъэр къыщыхъукIэ, къэхъур зыхэту щытым хэхун е зыдэту щытым дэхун хуэдэ Iуэхугъуэхэрщ. Къызпыхьэ псалъэрэ макъым иджым елъытауэщ "ху"м игъэзащIэр. Псалъэм папщIэ, "псэхун"

щыжытIэкIэ абы "псэм хэхун" Iуэхугъуэ къикIынкъым; псэм и Iуэхуу къэхъу хун Iуэхугъуэрщ. ТIанэ, "дэхун" щыжытIэкIэй, зыдыдэтым дэгъэкIын закъуэ мыхъуу, "дэщIыгъуу хун" мыхьэнэри зыриджым гулъытэ хуэтщIын хуейщ. "Зэхэхун" псалъэми къигъэщIыр, хэту щыт гуэрыр IугъэкIынрэ езым хэту щыт гуэрыр хэхун Iуэхугъуэ закъуэркъым. Абы икIи, езыр зыхэмыту щыт гуэрхэм ящыщ зыр адрейм хэхунрэ зэщхьэщыгъэкIын Iуэхугъуэрщ. Гулъытэ зыхуэтщIын хуейр, хэхунрэ дэхун Iуэхугъуэу "ху"м игъэзащIэу щытыр, зыдэтрэ зыхэтым къыщхьэщыкIынрэ зы кIуэтэгъуэу къэхъуу щыт Iуэхугъуэрщ. Дэтхэнэ зы псалъэм хуигъэзащIэр мыпхуэдэхэрщ ″ху″ макъым.

*

НытIэ "цIыху" псалъэм дыкъыхуокIуэжыр. ИпщэкIэ, ″ху″ макъыр зи кIэух хъууэ щыт псалъэхэр зэрылажьэ щIыкIэр гурыIуэгъуэ хъуауэ щытмэ, ″цIыху″ псалъэм къикIри гурыIуэгъуафIэ хъунщ. Ауэ, а ″ху″ макъыр зи кIэух хъууэ щытыр ″цIы″уэ щыщытым щыгъуэ, Iуэхур гурыIуэгъуафIэу къанэркъым. Ар къызыхэкIри, ″цIы″ макъыр зэры″ху″ну щIыкIэр къэгъэунэхун Iуэхугъуэр зэрымтыншырщ.

Япэрауэ "цIы"р щымыIэрэ мыджырщ. "ЦIы"р, латиныбзэкIэ "нихьил", алмыныбзэкIэ "нихьтцI", тыкубзэкIэ "хьич" жыхуаIэрщ. Абы зы дэтыгъуэрэ хэтыгъуэ Iэмалыгъуэ диIэкъым. Ар щымыIэрэ мыджэ щыхъукIэ, щыIэрэ джыуэ щытым и Iуэхуй хэлъкъым. ЩыIэрэ джыуэ щытыр мэужь, икIи хъуурэ зихъуэкIыу макIуэр; джырэ зыщихъуэжкIэй, джа хъуауэ щытарэ хъуауэ щытам йокIыр; икI щыхъукIэй, хъуауэ щытар а зэрыхъуауэ зэрытлъыта щIыкIэм хэщIыу жыIэпхъэнщ. Ар щхьэ, щымыIэрэ мыджэм зыужьыгъуэй, зэхъуэкIыгъуэй, хэщIыгъуэй иIэу жыIэпхъэкъым. Дауэ иIэн, езыр щыIэкъым, щыIэгъуэм иткъым; икIи, щыIэгъуэ лъабжэ хъууэ щыт ″щы″рэ щыгъуэми имытырщ. Ар щыхъукIэй, "цIы"м хэхъуэнри ужьынри, хэхунри хэгъэкIынри щыIэнкъым.

Ауэ, щыIэр щыIэрэ джыуэ щыщытым щыгъуэ, щымыIэрэ мыджэри гурыIуэгъуэ мэхъур; икIи, щыIэр щыIэ зэрыхъур, уэзыр зэрыскIэрэу къэхъуу щыт ″щы″м зэманыгъуэ (Iэ) зэригъуэткIэрщ. Мы къэхъуу щытыр къызэрыхъуфынури, щыгъуэ лъабжьэр зэрыхъурэкIэщ. ИкIи, щыIэр щыIэрэ щыгъуэ зиIэ щыхъукIэ, абы "цIы" Iуэхугъуэй хэтыркъым. Ауэ, щыIэ хъуфрэ щы Iуэхугъуэ зиIэр зэрыскIэрэ мыувыIэу щыIэ хъууэ щытми, мыувыIэу мы къэхъуу щытым зы гъунапкъэ зэриIэн хуейрщ дэ къыдгурыIуэр.

ТIэ дауй ирехъу, щыIэмрэ щымыIэр зэгъунэпкъэгъущ; е, гъунапкъэ зиIэр зы пкъыгъуэрэ лъэ иува щыIэгъуэ Iуэху зэрыхъукIэрэу, щыIэрэ щыIэгъуэр зы псоуэ къапщтэмэ, абы и гъунапкъэр щымыIэрщ. Щы

Iуэхугъуэр щыIэ зэрыхъурэкIэй, мы псорэ мыувыIэу джэжу щытым зы гъунапкъэ иIэу щытмэ, ари щымыIэрэ зикI щымыIэну щыт "цIы"рагъэнщ.

ЩыIэр джыуэ щытрэ иджыр къэхъумэ, иджым имытыр мыджэрщи, ар иджы щымыIэжыр е щымыIэрщ; ар блэкIарщ е иджыри къэмыхъуауэ къэкIуэнуращ. Ауэ, блэкIари къэкIуэнури блэкIарэ къызэрыкIуэн IуэхугъуэкIэрэу джарэ, джыпхъэу щытырщ. Мыри гулъытэ зыхуэхъурэ къызгурыIуэ щыIэгъуэ зиIэу щытыр зы псэущхьэрщи, ар цIыхуращ.

Ар щхьэ, "цIы"р зэйкI джыпхъэ мыхъурщ. Ар, иджырэ блэкIа е къэкIуэну Iуэхугъуэу щымытырщ. Ар, щыIэгъуэрэ щыIэныгъэ дэнэ къэна, щы Iэмалыгъуэрэ щыгъуэм и щIыбырщ. Абы сын Iуэхугъуэй къыщекIуэкIыркъым; къекIуэкIыу щытамэ, тIэ, щы Iэмалыгъуэри къэхъупхъэ хъунт.

Иджымрэ блэкIари, къэкIуэнури къызгурыIуэр цIыху зэрыхъум хуэдэжу, "цIы"р мы щыгъуэрэ щыIэгъуэ хъууэ щытым зэрищIыбыр къызгурыIуэри цIыхурщ. ЩыIэр зэрыджрэ иджыр къызэрыхъур, блэкIарэ къэхъунур зэрилъытэрэ къызэргурыIуэм ещхьу, щыIэгъуэ лъабжьэу щыт щыгъуэм и гъунапкъэр, мыщыIэрэ мыщыгъуэу "цIы" зэрыхъукIэрэ, ари зылъытэу щытыр цIыхурщ. НытIэ, цIыхур щыIэмрэ щымыIэм я гъунапкъэ Iутырщ. ЦIыхур зы гъунапкъэщ: Ар, щыгъуэм и Iэмалыгъуэу къэхъуауэ щыт щыIэгъуэ гъунапкъэ хъурщ; ар щыIэгъуэ гъунапкъэ зэрыхъукIэрэй, щымыIэми и гъунапкъэжу щытырщ. ИкIи, ар езыр щыIэрэ щыIэ гъунапкъэ зэрыхъукIэй, щыIэр зэрыпсоуэ къызгурыIуапхъэ хъун Iэмалыгъуэ зиIэрэ, ар къэпщытэн зылъэкIыпхъэрщ. А Iэмалыгъуэр зэриIэфыр, щыIэ гъунапкъэм зэрыIуткIэрэу щымыIэфми зэрыIутырщ. ЩымыIэрэ, зэй ″щы″рэ щыIэ мыхъуфыр "цIы" зэрыхъукIэй, -жыIэпхъэ хъууэ щытмэ-, щыIэ гъунапкъэ хъууэ щыт цIыхум и Iэр щыIэгъуэ псом телъу зэманыгъуэм зэрытеIэбапхъэу, и Iэ щIыбри "цIы"м дэхуу щытынщ. ЩыIэ псор къэзыпщытапхъэрэ щымыIэр зыхутэ хъууэ щыт цIыхур, "цIы" лъэныкъуэкIэй "цIы"м дэхурщ, "цIы"м хэхурщ.

"ЦIы"м дэхурэ хэхур, икIи, "цIы"р зылъытэ хъурэ абы хуэкIуэфырщ. ЩыIэр щыIэху щымыIэри (цIы) гъунэпкъэнущи, сыт щыгъуэй, гъунапкъэ Iуту щыт зы щыIэ гуэрыр "цIы-ху"у щытынущ; а щыIэ гуэрыр зыцIыхуу щыт гуэр хъунущ. ЗыцIыхурэ щыIэ гъунапкъэ хъур, щыIэгъуэ гущIыIу телъ хъур цIыхурщ.

Щыгъуэр зи лъабжьэ хъууэ щыт щыIэгъуэм и гущIыIу хъур, щыIалъэм телъу щыт щыIэ гуэрыр, щыIалъэр зэрыджкIэрэу хъууэ щыщыткIэ, мы джыуэ щытым и гъунапкъэ хъууэ щытри мыджэрэ щымыIапхъэрщ. ЩыIэгъуэр зэрыхъукIэрэу, щыIалъэ гущIыIу хъууэ щытыр "цIы"м и гъунэ зэрыхъукIэрэу, щыIэр зэрщыIэ лъандэрэ хъууэ

зэрыкIуатэ щIыкIэу, абы и гущIыIурэ и фэ хъууэ щытым "цIы"р дэхуу щытщ.

ЩыIэр щыIэху "цIы"ри мэху; "цIы ху"р зэрыхъукIэрэй "цIы хун" Iуэхури мэхур. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, щыIэ гъунапкъэм Iуту щытым "цIы"р доху; зэрыдэхукIэрэй, зэрыхъуарэ и щыIэкIэ хъуам "цIы"р къыхуоху; "цIы"р къызыхуэхур "цIы"м доху, "цIы"р хэлъ мэхъур. "ЦIы"р зыхэлъ хъум и щыIэгъуэр ухыпхъэ хъунырщ. Ар, зи щхьэ къырикIуэ щыIэгъуэ зиIэр псэущхьэщ. "ЦIы" гъунэм Iутрэ, "цIы"р зи ухыпIэу щыт псэущхьэр, щыIэгъуэ псо зыджыпхъэ зиIэрщ.

Мы Iэмалъыгъуэр зиIэрэ, щыIэр къызгурыIуэрэ зыджыпхъэ хъууэ щыт псэущхьэр "цIыху"щ. ЦIыхур щыIэгъуэм щхьэщыкI зэрыхъуфкIэрэу щымыIэ пэлъытэ щIыкIэй зиIэрщ. Езыр щыIэрэ, щыIэгъуэмкIэ и гупэр къэгъэзарэ щыIэ хъууэ кIуэуэ щытми, и щIыбыр зэры"цI"кIэу "цIы"м дэхурщ, "цIы"р зыху хъу пэлъытэрщ. ЦIыхум езыр щыIэгъуэ зиIэрэ щыIэгъуэ гущIыIум телъу щытырщи, цIыми дэхурщ; цIым щихъуэу щытырщ.

Мы IэмалыгъуэкIэ цIыхур, щыIэ хъурэ щыIэфэу, щыIэм телэжьыхь хъуфырщ. ЦIыхур щыIэрэ джыуэ щытыр зи гъунэпкъэжкIэ зыджыр е зыджыжырщ. Абы, щыIалъэм дэхуу щыт "цIы" щымыIэрэ мылъэр зэрыхукIэ -"цIы" лъэныкъуэкIэ- щыIэр еджыжыфыр. ЦIыхур щыIалъэ телърэ тет зэрыхъукIэрэу, щыIэрэ щыIалъэм и "гъу"р зыджырщ; щыIэр зэрылъ хъурэ и гъуэкIэ зыджырщ; а Iуэхугъуэр "лъагъун"ырщ. Дэтхэнэ зы псэущхьэм щыIэр зэрилъагъурэ цIыхум зэрилъагъу щIыкIэр зэхуэдэнкъым. Зы псэущхьэр, щыIэгъуэм зэрыхэтрэ зэрщхьэщымыкIкIэрщ, зы щыIэу щытыр зэрилъагъур. ЦIыхум и лъагъукIэ хъур, щыIэм щхьэщыкIын Iуэхугъуэу, щыIэ гъунапкъэрэ щыIэр зыдыщымыIэж лъэныкъуэрэкIэ, "цIы ху" IуэхугъуэкIэрэущ. Ар щыхъукIэ, зыхэту щыт "иджы"м сыт щыгъуэй хэмыт пэлъытэу еплъыкIэрэ лъагъукIэ иIэщ цIыхум; апщыгъуэй, блэкIрэ блэкIар, къэхъурэ къэхъуну щытри илъытапхъэрэ илъагъупхъэу щытырщ.

## «ХЬ» МАКЪЫР...

"Хьы" макъыр зы гугъуехь бэуэкIэ пэлъытэу къэIуу зы макъщ. Зы Iуэху зылэжьу щытрэ зы гугъуехь хэтым и бэуэкIэ хъууэ щыт хьэкIэ-псыкIэ щIыкIэ зиIэу зы макъщ "хьы" макъыр. Мы къэIуэтэкIэм къызэргуэкIкIэй, "хьы" макъыр Iуэху лъабжьэ хъууэ щытырщ. Зы гъуэгу кIыхь зыкIуэ псэущхьэм къыхэIукI макъ хъууэ щыт "хьы" макъыр, зы лэжьыгъэ хъурэ глагол щыхъукIэ къэхъур, -зы гуэр ипIэ игъэкIарэ зы тэлайкIэ гъуэгу тетарэ гъэкIуэтэн Iуэхугъуэу-, "хьын" псалъэрщ. ЩIэныгъэ лъэныкъуэрэ физикэкIэй, зы Iуэхур къызэрыхъу щIыкIэр, зы гъуэгум зы

зэманкӀэ утетынырщи, апщыгъуэм Ӏуэхуу къэхъуу щытыр узтета зэманыгъуэмкӀэ урикӀуэфа гъуэгум елъытащ. Мыбы хуэдэжу, къэхъуу щыт зы Ӏуэхур, зы гуэрыр –зы хьэлъагъэр- зы гъуэгукӀэ пхьынырщи, Ӏуэхуу къэхъур, а хьэлъагъэрэ гъуэгум и кӀыхьагъэм елъытащ. Дауй ирехъу, зы гъуэгум псынщӀэу урикӀуэмэ е зы хьэлъэ гуэр зы тэлайкӀэ пхьыуэ щытмэ, узэрыбауэр "хьы" макъ защӀэ хъуфынщ. Зи гугъу тщӀыуэ щыт ӀуэхуитӀри зэщхьрэ зэхуэдэщ. Зым езыр зы тэлайкӀэ зехьыж, адрейм зы гуэр зы тэлайкӀэ ехьыр. Зэхуэдэу узхуежьа мы ӀуэхуитӀ нэужьым, уи бэуэкӀэу щыт "хьы" макъ къыпхэӀукӀыр зэбгъэпщэфу щытмэ, физикэ щӀэныгъэкӀэ Ӏуэуху зэхуэдитӀ пщӀауэ щытынщи, уи бэуэкӀэрэ уи "хьы" къэӀукӀитӀыр зэхуэдэнщ.

"Хьы" макъым иджу хъуар, зи гугъу тщӀыуэ щыт мы "хьын" Ӏуэхугъуэрауэ жыӀэпхъэщ: Ар, зы Ӏуэху щӀэгъуэ нэужьым къыпхэӀукӀ макъыу, узэрешар къэзыгъэлъагъуэрщ; хьэлъэу уи лъэм пкъырыкӀар къэзыӀуатэрэ къэзыгъэлъагъуэрщ.

А макъыр къызхэкӀыр, зы хьэлъагъэкӀэ зы гъуэгу тету кӀуэнырщ; е, ар дыдэу зы гугъуехь ухэтынырщи, физикэ щӀэныгъэкӀэ утыкум зы Ӏуэху къизылъхьэу щытынырщ. Зы Ӏуэхур щыкӀуатэрэ щылажьэ зэманыгъуэр, а Ӏуэхум ихь зэманыгъуэрщ. А Ӏуэхур гъэзэщӀэху блэкӀыу щыт зэманыгъуэр, а Ӏуэхум хыхьэ зэманыгъуэрщ. А Ӏуэхум ихь зэманыгъуэр зи зэманыгъуэу щытыр, а Ӏуэхур зыгъэзащӀэм и зэманыгъуэуй лъытапхъэщ. А зэманыр тезыгъэкӀуадэу щытыр, а Ӏуэхур къэзылэжьырщ. А Ӏуэхур гъэзэщӀэху, блэкӀыу щыт зэманыгъуэр къызхэкӀрэ, а физикэ Ӏуэху хъум хыхьэу щыт зэманыгъуэр тезгъэкӀуадэр а Ӏуэхур зыгъэзащӀэрщ. Мыбы къызэрыгуэкӀкӀэй, гугъуехь макъыу ″хьы″ макъыр къызхэӀукӀыр, а гугъуехь зэманыгъуэр тезыгъэкӀуадэу щытырщ. Ар ″хьы″гъэрэ ″хьын″ Ӏэмалыгъуэ зиӀэрщ; икӀи, хьын Ӏуэхугъуэ зыгъэзащӀэ хъууэ щытырщи, мыпхуэдэу дэтхэнэ лъэныкъуэ еплъыкӀэ хъууэ щытми, ар зыгъэзащӀэу щытым бзэ хабзэкӀэ ″хьэ″ фӀэщыпхъэнщ.

*

″Хьы″кӀэ къежьэу къэхъуу щыт псалъэхэр "хьын" Ӏуэхугъуэу "хьыжын, хьыпэн, хьыфын" хуэдэхэрщ.

"Хьы"р зы псалъэ е макъым и кӀэух щыхъукӀэ, а псалъэ мыхьэнэр гъуэгу тету макӀуэ, мэлажьэ, мэухуэр; нэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, а Ӏуэхур хъууэ щыщыткӀэ "хьын" кӀэух къыпохьэр: «Ихьын, ижыхьын, игъэжыхьын, ивыхьын, икӀыхьын, игъухьын, шыхьын, хуэхьын, зэхэзэрыхьын, зэхуэхьэсын, дэзэрыхьын, къэкӀухьын...».

Мы псалъэхэм хуэдэжу, зы гуэр хужепӀэрэ хуэбдз хъууэ щытыр "дзыхь" зыхуэпщӀырщ. КӀэщӀу щымытрэ зи кӀэ къэмысу зыхьыр "кӀыхь"щ;

зи щIырэ зи щIэным кIэ зимыIэ пэлъытэр "щIыхь" зиIэрщ; зи лъэрэ зи пкъыр зымыхьыжыф хъур "лъэрмыхь"щ.

"Хьын" Iуэхугъуэм езым, зы зэманыгъуэ хьын Iуэхугъуэрщ игъэзащIэ мыхьэнэр. А хьын Iуэхугъуэу щытым, зы зэманыгъуэ (э) щигъуэткIэ "хьэ"р къэхъунщи, ар зы псалъэм и кIэух хъуурэ щытмэ, а псалъэм езыр зы гъуэгу тету щытынкъым. Мыр "ху"мрэ "хуэ"р зэрзэхущытым ещхьу щытщ; икIи, а макъхэр зэдгъэщхьауэ щыта "кIы-кIэ" макъхэми ящхьщ. "Хьы-хьэ" кIэуххэр зэрзэщхьэщыкIым и зы щапхъэр "ихьын-ихьэн" псалъэхэм яджырщ. "Хьэ" кIэух зиIэ псалъэхэм езым хэт хъун Iуэхугъуэращ апщыгъуэм къэхъур: «Техьэн, гуэхьэн, зэхэхьэн, пыхьэн, фIэхьэн, дэхьэн, Iухьэн, къуэхьэн, щIэхьэн, щхьэщыхьэн, хущIыхьэн, зехьэн...».

Мыбыхэм ящхьу къэхъурэ, "Iэ"м хэхьэ е щIэхьэ хуэдэу "Iэхьэ" псалъэри къохъур. ″Щхьэщыхьэ″ псалъэр зы гуэрым ищхьэ хъуурэ щытым техьэн зэрыхъукIэ, ипщэрэ и "щы" пэлъытэ Iуэху къызэрыхъукIэу "щхьэщыхьэн"ыр жыIэпхъэ мэхъур. Мыбы хуэдэу, зы цIыхум ущхьэщыхьэрэ утепщхьэ пэлъытэу, "щыхьэн" псалъэм къэхъуу къыщIэкIынщ.

*

"Хьы" макъыу зы гугъуехь макъым зэманыгъуэ (э) щигъуэткIэ, а гуэгъехь Iуэхугъуэр къэзлэжьрэ зи Iуэхугъуэу щыт хъур утыку къихьэнщ. Мы утыку къихьэр хьын Iуэхугъуэ зыгъэзащIэу щыт "хьэ" мэхъур.

"Хьэ" фIэщыгъэцIэм занщIэу дигу къигъэкIыр араши, цIыхум игъэсарэ зыдигъэщIыгъу хъуауэ щыту и дэIэпыкъуэгъуу дэнкIэй зыдишэфу щытрэ, нобэ, пщIантIэм дэту щыт ди хъумакIуэ "хьэ"рщ. Абы нэмыщI, мэзым щIэту щытрэ, ди гъусэ хъуа хьэм ещхьу щыт псэущхьэ псом щхьэй "хьэ" жиIэу щытащ Адыгэм. Ар мэзыхьэ ирехъу, аслэнрэ къэплэн ирехъу, псори, хьэ лъэпкъыущ зэраджар. Мы псэущхьэ псоми зэщхь псэукIэ яIэщ; ахэр зэлъэпкъэгъухэщ; икIи, я щхьэ щIыкIэхэри зэщхьщ. Псэущхьэ ужьыгъуэу, цIыхур мы псэущхьэхэм къытехъукIауэ щIэныгъэ *гипотез*хэр щыIэщ; ахэм зэралъытэкIэ, цIыхум и щхьэри зы зэманыгъуэ ипэ, зи гугъу тщIыуэ щыт хьэ лъэпкъхэм хуэдэщ зэрыщытар: И пэщхъыныр нэхъ зэв зэрыхъукIэрэу нэхъ жьабгъуэ хъурэ, хуэкIыхьу щыта и щхьэр кIуэ пэтрэ хъурейуэ зэрзэтеуваращ къаIуатэр.

Мы *антропологие гипотез*хэр нэхьыбэу къызхэкIыр *археологие*рщ; икIи, генетикэрэ нэгъуэщI щIэныгъэхэри къагъэсэбэпри, мыпхуэдэ *тез*рэ *гипотезхэр* (хьипотезхэр) утыку къыралъхьэр. Абы, бзэ щIэныгъэм хилъхьэр мащIэу жыIэпхъэщ; ауэ, адыгэбзэм "хьэ"р зэрзыхэтыкIэмрэ, зыхэту щыт псалъэхэм ущыгъуазэу щытмэ, цIыху мыхьэнэкIэрэу "хьэ" псалъэр зэрмымащIэр болъагъур.

Ауэ, ипщэкIэ зэржытIащи, адыгэбзэм нэгъуэщI псэущхьэ мыхьэнэу "хьэ" фIэщыгъэцIэми къытехъукIауэ псалэхэр хэтщ: «Хэпшыр, хьэжь, хьэбз, хьэIуцыдз, хьэщхьэвылъэ, хьэвей...». Мыбы имзакъуэу, "хьэпщхупщ, хьэпIацIэ, хьэмбылу..." хуэдэ псалъэхэри зэгъунэгъу псэущхьэ фIэщыгъэцIэхэу щыIэщ.

ГъэщIэгъуэнри, цIыхум япэ дыдэу хисарэ къигъэкIыу щыта гуэдзми "хьэ" фIэщыгъэцIэ зэриIарщи, ар япэ дыдэу ХыфIыцIэ (Ахын) гъунэм къыщагъэкIауэ ялъытэр. Абы "хьэ"р фIэщыгъэцIэ щIыхуэхъуа щIыкIэр нэгъуэщI Iуэхугъуэнщ, ауэ, адыгэбзэм гуэдзрэ шхыныгъуэу къигъэсэбэп Iуэхугъуэ фIэщыгъэцIэхэм ялъабжьэу яхэзщ "хьэ" псалъэр. "Хьэ" фIэщыгъэцIэм езыр зы гуэдз лIэужьыгъуэщи, мыр зи лъабжьэу къэхъуа псалъэхэрщ мыхэр: «Хьэсэ, хьэмэ, хьэуазэ, хьэдзэ, хьэнцэ, хьэжэн, хьэжыгъэ, хьэку, хьэтыкъ, хьэлыгъу, хьэлыгъуанэ...». Мы псалъэхэр, къэкIыгъэ хэсэнрэ, ар шхыныгъуэ щIын Iуэхугъуэ къежьапIэ хъуауэ зэрыщытым къытехъукIауэ зэрщыт псалъэхэр гурыIуэгъуэ дыдэу щытхэщ.

ЦIыхум, псэущхьэ лIэужьыгъуэхэм "хьэ" фIищауэ зэрщытым и щхьэусыгъуэр нэгъуэщIыу къыщIэкIынкIэй хъунщ, ауэ, къэкIыгъэм зэрфIищ щхьэусыгъуэр нэхъри къэгъуэтыгъуейщ. Ар щхьэ, "хьэуэ, хьэI, хьэIэ" хуэдэ псалъэхэр къызэригъэсэбэп щIыкIэрэ щхьэусыгъуэхэри гъэщIэгъуэнщ. Мы псалъэрэ къызэрысэбэпыкIэхэм ущыщыгъуэзэм щыгъуэ урогупщысыжыр: ЦIыхур, езым ″цIыху″у зилъытэжа нэужь, зэ щхьэ, "хьэ"р нэмыплъ ищIрэ игъэцIыкIун иужь имытыжаупIэрэ? Ар щхьэ, бзэм хэту щыт псалъэхэр мащIэкъым; икIи, иужькIэ, къэхъуу щыт Iуэхугъуэрэ фIэщыгъэцIэхэр зэржьыр зыгъэлъагъуэрэ, зэржьыр къиIуэн папщIэ къагъэсэбэпари "хьэ" псалъэрщ. Ар цIыхум и тхыдэм ящыщщ.

Хисэрэ къытырихыжу щыт къэкIыгъэми "хьэ" зыфIэзыщу щыта цIыхум и лъабжьэрэ, зыфIищыжауэ щыта цIэр "хьэ"уэ зэрыщытар къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр мащIэкъым: «ХьэщIэ, хьэщIэщ, хьэгъэрей е хэгъэрей, хьэблэ, хьэдэ, хьэдэIус, хьэдагъэ...». ГъэщIэгъуэныр аращи, цIыхум нэмыщI псэущхьэхэм я вэнвей фIэщыгъэцIэхэр зэщхьщ: "хьэвей, шывей, мэлкIэвей" хуэдэхэщ; ауэ, цIыхум ейр "хьэм ей" мыхьэнэкIэ "хьей"щ.

Бзэр зэрзэтеувэм нэмыщI, Адыгэ унэгъуэцIэу "хьэ" зи лъабжьэри куэдыщэщ: «Хьэтыкъуэ, Хьэтыжьыкъуэ, Хьэкъун, ХьэцIыкIу, ХьэфIыцIэ, ХьэпащIэ...». "Хьэ" псалъэрэ фIэщыгъэцIэр жыжьэм кIуэуэ зы псалъэщ; икIи, "хьэ" зыхэту щыт унэгъуэцIэу хъуам псори апхуэдизу жыжьэ лъэхъанэхэм къимыкIми, "хьэ" фIэщыгъэцIэ хабзэр куэду жыжьэ зэманыгъуэхэм къокIыр Адыгэ фIэщыгъэцIэ хабзэу. Мы унэгъуэцIэхэми зэрхэт зэрыхъукIэй, "хьэ" псалъэр Хьэт е Хьэтихэм зэрахьэу зэрщытари

гурыIуэгъуэщ; икIи, мы унэгъуэцIэхэм ящыщхэм зыкъызэраIуэтэжкIэ Хьэтхэм къатехъукIа е къащIэныжахэщ.

Адыгэ цIыху фIэщыгъэцIэу, ар цIыхухъуми цIыхубзми и цIэм хэт хъуфрэ, щыIэу щыт фIэщыгъэцIэхэм къыпыхьэу фIэщыгъэцIэщIэ къигъэхъуу къосэбэпыр ″хьэ″р: "ХьэтIу, ХьэпытIэ, ХьэпIатIэ, ХьэпIатI, ХьэпIутIэ, ХьэтIыкъэ, ХьэтIыхъу..." хуэдэ цIыхухъуцIэхэмрэ, "Хьэцунэ, Хьэбулэ, Хьэнанэ, Хьэбабэ, Хьэбыху..." хуэдэ цIыхубзыцIэхэри "хьэ" псалъэр зи лъабжьэкIэрэу мэухуэр. Ар цIыхум хуэIуауэ щыт дэтхэнэ зы псалъэми и префикс хъуфу щытырщ: «Хьэмашэ, хьэкIукIуэ, хьэкIутIэ; хьэIупэ, хьэбакъуэ…».

"Хьэ" псалъэ е фIэщыгъэцIэр, езы цIыхур зэрзэджэжу щыт "цIыху" фIэщыгъэцIэм ипэIуэкIэ щыIарэ ″цIыху″ фIэщыгъэцIэм ипIэ иту щытарагъэнт. "Хьэ" псалъэр, цIыхум ипэ щыIа и фIэщыгъэцIэ зэрыхъукIэрэу, зы цIыхум и цIэм къыщыпыхьэкIэ, мыбы къигъэлъагъуэр зэржьырэ жыжьэ къызэрикIрагъэнщ. "Хьэ" псалъэр фIэщыгъэцIэ щыхъукIэ, ар зи фIэщыгъэцIэ хъууэ щытыр зэрыжьрэ зэрнэхъыжьыжьыр къызэригъэлъагъуэм къыгуэкIыу, ныуэжьрэ нэнэжьу нэхъыжьыжь бзылъхугъэм "хьэнанэ"й хужаIэу щытащ.

"Хьэ" псалъэр адыгэбзэм дэтхэнэ зы лъэныкъуэрэ еплъыгъуэкIэ зэрхэтыр жьыдыдэщ; ар, цIыхум ипэ иIауэ щыта и цIэу е цIыхум ипэ щыIа цIыху пэлъытэм и цIэу аращ къызэрхэщыр. Псэущхьэр къызэрыхъурэ зэрыужьым теухуа щIэныгъэ лэжьыгъэрэ антропологие щIэныгъэмкIэ, цIыхур къызтехъукIарэ цIыху пэлъытэу япэ дыдэ щыIар "хьомо хьэбилис (*homo habilis*)" жыхуаIэрщ; абы "хьомо эректус (*homo erektus*)" къытехъукIащ; икIэм икIэжми, нобэрей цIыхурэ зыцIыху хъууэ щыт "хьомо сапиенс (*homo sapiens*)"ыр къэхъуащ. Ар щIэныгъэ еплъыкIэрэ, абы зы пэжыгъэ хэлъу щытмэ, адыгэбзэм хэтрэ цIыху псалъэр зипIэ иувауэ хэтлъагъуэу щыт "хьэ" псалъэр, а нэхъ мащIэкIэрэу "хьомо эректус" жыхуаIэм хуокIуэр, -абы аткIэри, ардыдэу "хьэ"уэ е "хьэжь"у щымытами-.

"ХьэщIэ" псалъэри гъэщIэгъуэну зы псалъэщ. Ар, зы унагъуэм къеблэгъарэ а унагъуэм и хэгъэреигъэрэкIэ зы бжанэкIэ щыIэ хъууэ щыт цIыхумэ –хьэмэ-, абы зы цIыху щIэ е зы хьэ щIэ хуэжаIэнри гурыIуэгъуащэ хъуркъым. Ар зы щIэ гуэрщ; ар зыгъэхьэщIэу щыт унагъуэм щIэсым хуэмыдэрщ. Ар зыгъэхьэщIэ унагъуэ щIэс цIыхухэм хуэдэрэ, абы я лъэпкъым щыщмэ, абы я шыфэ-лIыфэм хуэдэу щытмэ, "хьэщIэ" фIэщыгъэцIэр егъэлеяуэ зы фIэщыгъэцIэу щытщ. Ауэ, "хьэщIэ" псалъэм жиIэм ущыхэплъэжкIэ, хьэщIэр къыздикIарэ зи лъэпкъ хъууэ щытыр, зи хьэщIэу щытым хуэдэу къыщIэкIынкъым. Ар къыздэкIуауэ щыт лъэпкъым ящыщу къыщIэкIынкъым. Ар зы "щIэ" лэпкърэ "щIэ"уэ зы

цIыхуу къыщIэкIынщ. ТIэ, "хьэщIэ" фIэщыгъэцIэр къыщIэхъуа щхьэусыгъуэр, "хьэщIэ" псалъэр зи фIэщыгъэцIэу щыт Адыгэм хуэмыдэрэ нэгъуэщI лъэпкъыу, Адыгэм и хэкурэ и щIыналъэм къэкIуа цIыху щIэуэ къыщIэкIынщ. Ар, япэрауэ къытебэнарэ къезауауй щыту къыщIэкIынкъым; апхуэдэ хъуауэ щытамэ, гъэлъэпIэн IуэхугъуэкIэ хущытыну къыщIэкIынтэкъым. ХьэщIэр ягъэщIагъуэрэ, цIыху щIэ гуэр зэрагъэлъэгъуакIэрэу зы лъэпIэныгъэ хураIэ хъуауэ зы цIыхущ. А лъандэрэ, къэгъуэгурыкIуэрэ бзэм хэт зэрыхъуакIэй, хьэщIэр зы цIыху лъапIэщ. ХьэщIэ псалъэр къызэрежьар зэрыжь дыдэрэ, Адыгэ хэкум хьэщIэр фIэмащIэу къызэрыгъуэгурыкIуари лъытапхъэрэ гурыIуэгъуэ ищIыу зы псалъэщ "хьэщIэ" фIэщыгъэцIэм.

ЩIэныгъэ Iуэхугъуэу, цIыхур ″хьэ″ пэлъытэ псэущхьэхэм къазэрытехъукIа хипотезхэм имызакъуэу, лъэпкъ лIэужьыгъуэ гуэрхэм я мифологиерэ я эпосхэми зэрыхэт щIыкIэр, а лъэпкъыр хьэм къызэрытехъукIарэ хьэм зэрипIарэкIэщ къызэрыхэщыр. Мыбы и щапхъэхэм ящыщщ, ″Ромус″рэ ″Ромулус″ыр мэзым щIэт хьэм (дыгъужь) ипIауэ эпос щыIэр. Тырку лъэпкъри зыпIар е къызтехъукIари хьэ лъэпкъыу щыт дыгъужьрауэ хэтщ и эпосхэм. Мыпхуэдэу цIыхур къызтехъукIарэ, ар зыпIауэ щытыр хьэ лъэпкърауэ зэрыщытым и щапхъэхэр мащIэу къыщIэкIынкъым. Ауэ, мы Iуэхугъуэр зы антропологие Iуэхугъуэ пэжу щытмэ, а Iуэхугъуэм и лъабжьэрэ и пэжыпIэр къэзыгъэлъагъуэу щыт зы бзэр адыгэбзэрщ. Адыгэ щэнхабзэм а Iуэхугъуэр зэрыхэтыр, эпосрэ мифу щыткъым; адыгэбзэм къиIуатэу хэтщ.

**

″Хьэ″р, цIыхур утыку къимыхьэ ипэ щыIарэ цIыхур къызтехъукIауэ щыт псэущхьэм и цIэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. А псэущхьэм, икIи, бзэй иIэу щытауэщ щIэныгъэм къызэрыхэщри, ар дыдэу щытщ адыгэбзэми къыдгуригъаIуэр. Ар адыгэбзэм хэту щыт псалъэ куэдым гурыIуэгъуэ къытхуещIыр.

″Хьэ″ псалъэрэ фIэщыгъэцIэр адыгэбзэм зэхуэмыдэ IуэхугъуэхэмкIэ къэсэбэпу хэту щытщ нобэ. Мыпхуэдэу зэхуэмыдэ мыхьэнэхэр къызэригъэлъагъуэм щхьэусыгъуэфI иIэу къыщIэкIынщ. Ар къызэрежьэрэ зэрызэхъуэкIыр бзэм къеIуэтэжыр; икIи, ″хьэ″ псалъэм къикIыр мыпхуэдэу зэрызэщхьэщыкIым и щхьэусыгъуэр, цIыхур хьэм къытехъукIыу къызэрыхъурэ утыку къызэрихьауэ зэрыщытым къыщIидзэу, абы лъандэрэ къызэрыгъуэгурыкIуэ щIыкIэрагъэнщ. ТIэ, зы фIэщыгъэцIэр къызэрыхъури хэтыжу, зэрызэхъуэкIым и лъагъуэр гурыIуэгъуэ щыхъукIэ, абы зы антропологие Iуэхугъуэ IэнатIэр къигъэунэхуу жыIэпхъэщ.

Мы псэущхьэм и бзэм (хьэбзэ) къызэрыщIэныжар щIэмыхъумэжыпхъэу, щапхъэхэр хэтщ адыгэбзэми, мыхэм ящыщ

псалъэхэрщ мыхэр: «ХьэщIэ, хьэгъэрей, хьэблэ, хьэдэ, хьэмашэ, хьэкIукIуэ, хьэкIутIэ, хьей...».

ЦIыхур хьэуэ зэрилъытэу щыта мы лъэхъанэм, абы фIэщыгъэцIэу къигъэсэбэпу щытхэм ящыщ хъунри хэту къыщIэкIынщ, ди лъэхъанэм къынэсауэ щыт цIыхуцIэрэ унэгъуэцIэ гуэрхэри (ХьэтIу, Хьэцунэ, Хьэкъун...).

Ауэ, цIыхубэ (хьэбэ) зэхэтыр бзэм зэрыжиIэнур ″хьэт″ хъунти, арагъэнщ Адыгэм ″Хьэт″уэ зэджэрэ, нэгъуэщI лъэпкъхэм нэхъыбэу ″Хьэти″уэ ялъытэу щыт лъэпкъым и цIэр къызхэкIар.

ЩIэныгъэми зэрыжиIэр аращи, псэугъуэрэ псэущхьэхэр зэхъуэкIыу щытщи, цIыху жыхутIэ псэущхьэри, ″хьэ″уэ къитIуэ псэущхьэр зэрызэхъуэкIкIэрэу, абы къытехъукIагъэнщ. Мы зэхъуэкIыныгъэр къыщыхъум щыгъуэ, зэхъуэкIауэ утыку къихьам, и блэкIар зэримыпэсыжыныр зы щIыкIэрэ натурал хабзэу къэхъуу жыIэпхъэщ. Арагъэнщи, цIыхуми, къызтехъукIа хьэр зэримыпэсу зэрыщытар адыгэбзэм къыхэщу жыIэпхъэщ. Мы лъэхъанэм хуэзэу къэхъуауэ къыщIэкIынщ псалъэ гуэрхэри, а псалъэхэм къызэрагъэлъагъуэкIэ, ″хьэ″р цIыхум дежкIэ мыхъумыщIэ гуэрщ. Ар мыхъунырщи, мыхъуныгъэ гуэрыр мыбы и нэужькIэ, цIыхум зэрилъытэр ″хьэ″м хуэдэущ: «Хьэуэ, хьэIэ, хьэI».

Мыбы имызакъуэу, зы гуэр къиIуатэрэ, ар мыхъун гуэру гурыщхъуэ трищIыхьыжмэ, къызэриIуатэр аргуэрэу ″хьэ″р къызэригъэсэбэпкIэрщи, ″хьэмэрэ″ жыIэгъуэм къигъэлъагъуэр мыращ (ара хьэмэрэ мыра). МыхъумыщIэрэ нэпэтехыу илъытэ гуэрхэр ″хьэ″м зэрыхуигъэфащэкIэрэу къэхъуауэ щыт псалъэхэр хэтщ адыгэбзэм: «Хьэйнапэ, хьенапэ».

Мы лъэхъанэр, цIыхум хьэр зэригъэцIыкIу лъэхъанэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мы псалъэхэр адыгэбзэм къыщыхыхьа лъэхъанэрауэ къыщIэкIынщ. ИкIи, щIэныгъэми зэрилъытэр аращи, псэугъуэрэ псэущхьэ ужьыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, япэрей псэукIэрэ псэущхьэр, псэущхьэ ужьам иужь къинауэ щытыр нэмыплъ зэрищIкIэрэу къокIуэкIыр гъащIэр.

Мы къекIуэкI IуэхугъуэмкъызэрыгуэкIкIэ, хьэмэрэ, езым хуэдэу пэщхъынабгъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, сытми, цIыхум игъэсарэ дэIэпыкъуэгъу зыхуищIа псэущхьэ гуэрми и цIэр ″хьэ″уэ щыту хэтщ адыгэбзэм. А псэущхьэм ещхьу щыт дэтхэнэ зы псэущхьэри къызэриIуэр ″хьэ″уэщ адыгэбзэм.

Мыри гурыIуэгъуэнщ, ауэ, цIыхум япэдыдэ хисарэ къигъэкIауэ щыт къэкIыгъэми, ″хьэ″ зэрыфIищар гурыIуэгъуащэкъым. Мыпхуэдэурэ, ″хьэ″ псалъэр нэгъуэщIыгъуэ Iуэхугъуэхэм теухуауэ къигъэсэбэпурэ, цIыхум езым и лъабжьэрэ ибгынауэ щытым зыхуигъэпэжыжьэу къыщIэкIынщ. Ауэ, мы псалъэр къызэригъэсэбэп щIыкIэми щхьэусыгъуэрэ логие иIэу къыщIэкIынщи, ″хьэ″ псэущхьэр зэригъасэм

хуэдэу Iэсэ ищIыу къигъэкIрэ, езым къыщхьэпэу щыт къэкIыгъэми, ″хьэ″ фIищыныр игъуэу зэрилъытарэкIэ къекIуэкIагъэнщ Iуэхур. Аращи, мы технологием къызэрыгуэкIкIэ, псалъэ куэд хэтщ адыгэбзэм: «Хьэдзэ, хьэжэн, хьэжыгъэ, хьэлывэ, хьэлIамэ, хьэлыгъу, хьэнцэ, хьэку...».

Дауи ирехъу, гъащIэр блокI, лъэхъанэхэр къохъури хэбзэщIэхэр утыку къохьэр. Арагъэнщи, зы лъэхъанэм ″хьэ″р жьыуэ илъытэу къыщIидзагъэнщ цIыхуми, адыгэбзэм ар жьырэ лъапIэу зэрилъытэрэкIэ хэт хъуащ. Аращи, нэнэжьым ″хьэнанэ″уи еджэу щытщ Адыгэр.

ЦIыхуцIэрэ унэгъуэцIэу ″хьэ″ зыхэту щытхэр, -зи мыхъуми, нобэм къынэсауэ щытхэм и нэхъыбаIуэр- мы лъэхъанэм къыщыхъуауэ къыщIэкIынщ. ИпщэкIэ къэтхьа фIэщыгъэцIэрэ ″Хьэт″ жыхуэтIэ лъэпкъри мы лъэхъанэм къэхъуауи жыIэпхъэщ. ПщIэ зиIэрэ жьыуэ илъытэ фIэщыгъэцIэрэ лIэкъуацIэхэр ″хьэ″уэ илъытэу щIидзагъэнщ: «Хьэкъун, ХьэфIыцэ, ХьэIупщIэ, ХьэпащIэ...».

Нобэ ″хьэ″ зыхэту щыт псалъэрэ цIэхэр зэрытлъытэр мыпхуэдэу щытщи, ар жьыжьрэ пщIэ зиIэу щыт псалъэхэрщ.

Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, *икона* жыхуаIэу щытрэ, *кристан* динымкIэ пщIэ зиIэу щыт цIыху напэ *сурэт*хэр адыгэбзэм къызэриIуатэр ″хьэнапэ″ущ.

## «ЛЪ, Л, ЛI» МАКЪХЭР

**Лъ...**

"Лъы" макъри лъэбжьэжьу зы макъщ. Ар зы псэущхьэм и "лъэ"р къызхэхъукI пцIапцIэрщ, ткIуаткIуэрщ, псырщ. "Лъы"м зэманкIэрэ "лъэ" къыхохъукIыр; е, "лъэ"р зэманкIэрэ къызхэкIрэ зыухуэр "лъы"рщ; "лъы"м езыр зэманкIэрэ "лъэ" мэхъур. Адыгэбзэм и лэжьэкIэрэ и макъ джыкIэ хабзэм мыр IупщI дыдэу къыдгурегъаIуэр: "Лъы"р зэманкIэрэ (э) "лъэ" мэхъур.

"Лъэ" зыухуэрэ псэущхьэ пкъыгъуэр утыку къизгъэхьэу щыт "лъы"м иджу щытыр зэрщыту езырыжщи, а "лъы"уэ псы пэлъытэм нэгъуэщI зы мыхьэнэ имыIэу хэтщ бзэм. "Лъы"р лъабжьэ хуэхъуу къэхъу псалъэ щапхъэхэр мыпхуэдэхэращ: «ЛъыфI, лъыкIэпсыкIэ, лъыпс, лъыпцIэ, лъыху, лъынтху; лъыгъажэ, лъыгъэгъун, лъыщIэжын...».

Мыхэм хуэмыдэрэ псалъэхэм яхэту щыт "лъы" макъ гуэрхэр "лъэ"м къытехъукIыу щытхэрщи, игъуэ къыщыхъум щыгъуэ, "лъэ-ы" къэхъукIэм къызэргуэкIкIэ къэхъуауэ щытхэщ. Мыбы и зы щапхъэу щытщ, псалъэм папщIэ "лъытэн (лъэ-ы-тэ-н)" псалъэр. "Лъытэн"ыр, зы лъэр зэрщыIэр гурыIуэгъуэ щIынырщ; абы теухауэ зы "гулъытэ" щIыныр щ.  Мыпхуэдэ мыхъуарэ "лъэ"р зэрщыту къанэу щытмэ, къэхъу псалъэр "лъэтэн"ращи, ар нэгъуэщI зы псалъэщ; къиджри, "лъэ"р кIуэтэн Iуэхугъуэу ипIэ къикIынырщ.

"Лъэ"р "лъы"м зэриухуэрэ зы псэущхьэ пкъыгъуэй хъурщ; абы дэтхэнэ и зы "лъэныкъуэ"ри, и зы "Іэпкълъэпкъ"у "лъэ"щ. Мы "псалъэ"хэр, "лъэ"р зи "лъабжьэ"у къэхъуауэ щыт псалъэхэрщ.

"Лъэ"р зы пкъыгъуэ зыдж зэрыхъурэ, дэтхэнэ зы пкъыгъуэ зиІэ щыІэгъуэхэм яІэ гуэр щыхъукІэ, бзэм лэжьыгъэшхуэ щиІэ хъууэ зы мыхьэнэ зыджу зы макъщ. Дэтхэнэ зы "лъэ"р зы пкъыгъуэщ, зы итыпІэ хъурщ. Дэтхэнэ зы щыІэгъуэм зы "лъэ" иІэжщ. Пкъыгъуэрэ зыІэщІэгъэхьапхъэ хуэдэу гурыІуэгъуэ хъууэ щытым имызакъуэу, дэтхэнэ зы щыІэгъуэрэ зы зэманыгъуэ зиІэу щытым, -а зэманыгъуэм езыри хэтыжу-, "лъэ"р и пІэрэ и гъуэ хъууэ щытынщ. Мы псалъэм къызэргуэкІкІэ щапхъэ куэд къэхьыпхъэщ: «Псалъэ, щІыналъэ, пшыналъэ, пІалъэ...».

"Лъэ"р, зи кІэух хъууэ щыт псалъэм идж Іуэхугъуэм ехьэлІауэ къыщысэбэпкІэ, "лъэ-ы: лъы" зэрыхъу щапхъэхэр мащІэкъым. ИкІи, кІэухыр зэрщыту "лъэ"уэ къыщынэрэ, "лъы (лъэ-ы)"уэ кІэух щыхъум щыгъуэй яджыр зэгъэпщапхъэ хъун папщІэ, щапхъэхэр къэтхынщ: «гуэлъын-гуэлъэн, дэлъын-дэлъэн, илъын-илъэн, пылъын-пылъэн, телъын-телъэн, хэлъын-хэлъэн, фІэлъын-фІэлъэн, щІэлъын-щІэлъэн...».

Мыбыхэм хуэдэу "лъэ-ы" къэхъукІэ закъуэкІэ жыІэгъуэ хъууэ щыт псалъэхэр щыІэщ: «Іэм илъхьэнрэ ″илъын (и-лъэ-ы-н)″ Іуэхугъуэу "Іэрылъхьэн, Іэрылъын"; Іэм илъыпхъэ Іэмэпсымэу "Іэлъын"; зы гуэрым и лъэр иин Іуэхугъуэу "улъиин"; зы пІэрэ зы гъуэм и лъэр хурихьэлІэрэ хуригъэфІын Іуэхугъуэу "гъуэлъын"; зы гуэрым (е ардыдэр къикІыу: "и лъэ"м) щыгъэуэзэн Іуэхугъуэу "лъыгъуэзэн, кІэлъыгъуэзэн″; зы гуэрым иужьымкІэ еджэн Іуэхугъуэу "кІэлъыджэн"; зыгуэрыр нэгъуэщІ гуэрэм "лъэІэсын" Іуэхугъуэ хуэхъунрэ абы ехьэлІа зэрыхъукІэрэу "лъысын"; зы гуэрэм хуэкІуэу нэсын Іуэхугъуэу "кІэлъысын, кІэлъыщІыхьэн"; я пкъырэ я кІэр (я лъэр) зэлъэІэсыпхъэ щІыкІэу "зэкІэлъхьэужьын"...».

"Лъэ"р ипэ ит хъууэ щыт псалъэхэри куэдщ. "Лъэ"р дэтхэнэ зы Іуэхугъуэрэ щыІэгъуэ зиІэр зэрылърэ къызхэхъукІын зэрыхъукІэрэу, зы "лъабжьэ"у зы макъщ. Дэтхэнэ зы лъабжьэ Іуэхугъуэрэ, зыужьыгъуэу щытыр, къэІуэтапхъэ зыщІынур ″лъэ″ Іэмалыгъуэрщ. Мы псалъэм къызэргуэкІкІэ, "лъапсэ, лъэпкъ, лъахэ" хуэдэ щапхъэхэр къэгъэлъэгъуапхъэщ.

″Лъапсэ″мрэ ″псалъэ″р зэгъэпщапхъэу ди пащхьэм итщ. ″Лъапсэ″р ″лъэ″уэ щытрэ ар ″псэ″ глаголкІэ лажьэу зы псалъэрщи, абы къикІыр гурыІуэгъуэнщ: ″Лъэ″рэ зы пкъыгъуэ хъууэ щытым ″псэ″ егъуэтыр; ″лъэ″р псэкІэ мэлажьэр; лъэм псэ къыхохъукІыр. ″Псалъэ″р зы псэ Іуэхугъуэу щытщи, ар ″лъэ″ кІэухкІэ щылажьэм щыгъуэ, псэм лъэ игъуэту

жыIэпхъэнщ. Ар щыхъукIэй, ″псалъэ″р, ″псэ″м къыхэхъукIрэ зы ″лъэ″ зыгъуэту щыт Iуэхугъуэрщ.

Зы псорэ зы пкъыгъуэ хъууэ щыт "лъэ"м къыхэхъукIырщ "лъакъуэ"р. ″Лъакъуэ″ псалъэм къыхэхъукI псалъэхэр куэдщ; икIи, ″лъакъуэ″м езыр зы лъэ зэрыхъукIэй, абы къыхэхъукIрэ ехьэлIа псалъэхэри къохъур: «Лъэпкъ, лъабжьэ, лъапсэ...». Лъэр "щы"гъэрэкIэ лажьэу, зэпкъырылъыжрэ зызхэтыж лъэ мыхьэнэри иIэу "лъэщ, лъэщыгъэ" псалъэхэри къохъур. ″Лъакъуэ″м къызэрыгуэкIкIэ, "лъэдакъэ, лъэхъуамбэ, лъащхьэ, лъэгу, лъэгуажьэ, лъапэ, лъапщэ, лъэдий..." хуэдэ ″IэпкълъэпкЪ″ фIэщыгъэцIэхэр къохъур. ИкIи, лъакъуэм щыгъын Iуэхугъуэу псалъэхэри къохъур: «Лъэпэд, лъей, лъэпс...». Зы лъакъуэ Iухугъуэрэ щIыкIэу "лъамцIэ, лъэс, лъэгуажьэмыщхь, лъашэ..." псалъэхэри къохъур. Лъакъуэрэ зы лъэу утыку къихьэрэ, кIуэн Iуэхум щхьэпэ хуэхъу гуэрхэри псалъэу утыку къохьэр: «Лъэрыжэ, лъэгургъажэ, лъэмыж...».

"Лъэ"р зы пкъыгъуэ псо зэрыхъукIэ, абы щыщу щытрэ, и зы ныкъуэу щытыр "лъэныкъуэ"щ. А псорэ пIэ хъууэ щытым икум иту щытрэ, зы гуэрхэм я илъыпIэ хъур "лъащIэ"щ. Зы гуэрым зы IэщIагъэ къыхэщIыкIын Iуэхугъуэу "лъэ ухуэн" Iуэху къыздекIуэкI лэжьапIэр "лъащэ"щ. Зы гуэрыр инрэ, и "лъэ"р зэхуэщIарэ зырикауэ щытмэ, ар "лъагэ"щ; мыбы и пхэнджыр "лъахъшэ"щ. Зы "лъэ" псор зэхэщащэрэ зэгуэкIыу щытмэ, утыку къихьэу щыт дэтхэнэ зы лъэныкъуэми зы лъэ иIэу зэрыщыткIэрэу, лъэ защIэрэ лъэ куэд утыку къихьэнщи, а Iуэхугъуэр "лъэлъэн, зэкIэрлъэлъын, зэхэлъэлъэн" псалъэхэм къаIуатэрщ.

"ЛъапIэ"рэ "пIалъэ" псалъэхэри тепсэлъыхьыпхъэрэ зэгъэпщапхъэщи, дахэплъэнщ.

"ЛъапIэ"р, лъэ пIэрщ; "лъэ"р "пIэ"м е и пIэм кIуэуэ щытырщи, ар зи пIэ зыгъуэтыжауэ щыт лъэ зэрыхъукIэ, игъуэ зыгъуэтауэ щыт зы Iуэхугъуэ псо гуэррэ зы зэгущ Iуэхугъуэ хъурщ; ар щыхъукIэй, сыт щыгъуэй къэхъупхъэрэ гъуэтыгъуафIэ мыхъуу зы гуэру къыщIэкIынщ. ЛъапIэр зэпIэзэрытырщ; зи пщIэр зыгъуэтарщи, пщIэшхуэ зиIэу лъытапхъэрщ.

"ПIалъэ"р пIэ лъэрщ; зы "пIэ"рэ, ари "лъэ"м хуэкIуэу щыт зы Iуэхугъуэрщ; ар, лъэм хуэкIуарэ зы лъэу утыку къихьауэ щыт пIэрщи, зи гъуэр зыгъуэтауэ щыт Iуэхугъуэрщ. Ар зи пIэрэ, зи игъуэ къэхъурэ къэсын Iуэху гуэрырщи, апщыгъуэм, зы лъэ иувэу утыку къихьэнщ, и лъэр игъуэтыжынщ. -″Лъэ″р ″пIэ″м елъытау нэхъ кIуэтапхъэрэ къэкIухьэкIуэ хъууэ зэрщытыр гурыIуэгъуэ хъуауэ къыщIэкIынщ-. Зы гуэррэ зы Iуэхугъуэр зэрыхъун хуейр къэхъунрэ ипIэ игъуэтын Iуэухугъуэр, зы "пIалъэ" Iуэхугъуэ хъунщ. ПIалъэр, къэхъупхъэрэ утыку къихьэпхъэу щыт зы Iуэхугъуэм теухуауэ ялъытауэ щыт зы зэманыгъуэй хъунщ. ПIалъэр,

зэрыхъун хуейр зыдэхъупIэрщ. Аращи, "пIалъэ"р, зы Iуэхур зэтеувэн папщIэ зыхуэныкъуэ зы зэманыгъуэй хъунщ; е, зы гуэрым ипIэ игъуэтын папщIэ зыхуэныкъуэ Iуэхугъуэр хъунщ; е, зи пIэрэ зи гъуэр, зыхуэфащэ хъуурэ щытымрэ, нэгъуэщIым хуэфащэу щытыр лъытэн Iуэхугъуэри "и пIалъэр щIэн" хъунщ.

ТIанэ, "плъэн" Iуэхугъуэ нэужь къэхъурэ, абы и щхьэусыгъуэкIэ ухуэу щыт Iуэхугъуэу "лъагъун" псалъэр щыIэщ. ИпэкIэ гъэпсын Iуэхугъуэ пэлъытэ хъууэ щыт ″плъэн″ Iуэхум и фIыгъэрэ, абы иужьым къэхъуу щыт зы Iуэхугъуэрщ ″лъагъун″ Iуэхугъур. Ар, зы "лъэ"р "гъу" IуэхугъуэкIэ джын хъууэ щыт Iуэхугъуэрщи, ар зы жыжьапIэм щыт ″лъэ″р джын Iуэхугъуэ щыхъум щыгъуэ, ″лъа″ мэхъури, аращ ″лъагъун″ псалъэр къызэрыхъу щIыкIэрэ щхьэусыгъуэр. Лъагъун Iуэхугъуэм къикIыр, зы жыжьапIэм щыт ″лъэ″р ″гъун″ Iуэхугъуэрщ.

*

ИпщэкIэ зи гугъу зэрытщIащи, щыIэрэ Iуэхугъуэу хъуам, зэманыгъуэрэ уэзу щытым зы лъэ Iуэхугъуэ иIэу щытщ. ″Лъэ″р зы псэ зыхэлърэ къызхэкI хъурщ; зы пкъырэ пкъыгъуэу щытырщ; зы псэрэ зы пкъыгъуэй зиIэ гуэрри зэрытырщ: Ар зы фащэй, зы гъуэй хъунщ; икIи, фащэр зыщыгърэ, гъуэм илъри хъунщ. Дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэм зы лъэй игъуэту щытщ.

Аращи, дигу къэдгъэкIыжмэ, ипщэкIэ "лъэ" макъ зи лъабжьэу зы псалъэ къитIуагъащ: "лъащэ". ТIэ, зы фащэрэ зы пIэрэ гъуэ гуэрри, ахэм илъыпхъэ гуэрхэри утыку къыздыщагъэхьэ щIыпIэрщ лъащэр. Мыпхуэдэу утыку къырагъэхьэхэр къыздыхащIыкIыр зэщхьэщыкIынщ. Лъащэр, пхъащIэ ирехъу е гъукIэ ирехъу, зы форм утыку къизылъхьэн зи лэжьыгъэ хъууэ щытхэм я лэжьапIэрщ. Ар, пхъащIэ лэжьапIэй, гъукIэ лэжьапIэу кIыщи хъунщ. Адыгэ IуэрыIуатэм хэту щытрэ, лъащэрэ кIыщ щыжытIэм щыгъуэ дигу къэкIыпхъэу щытыр гъукIэм япщу щыт Лъэпщ-ырщ.

Адыгэ IуэрIуатэм "лъэ"р зыухуэрэ, дэтхэнэ зы къэхъугъуэр зы "лъэ"м изгъэувэр е абы хуэфащэ "лъэ" хуэзыухуэр, езыр "лъэм япщ" зэрыхъукIэрэу, тхьэпэлъытэу щыт ″Лъэпщ″ырщ. Гъэ къекIуэкI Iуэхугъуэрэ утыку къихьэу хъуам я "лъэ"р зыбзрэ зыубызхур, -ар къэкIыгъэу щытмэ Тхьэгъэлэдж и унафэм зэрезэгъкIэрэу-, абы лъэр зезытыр Лъэпщырщ. Гъэ Iуэхугъуэ закъуэ мыхъуу, щIым къыхэкIыу щыт гъущIыр къигъэсэбэпрэ зы лъэ ухуэн Iуэхури Лъэпщ и Iуэхугъуэщ. Мыпхуэдэу гъущI закъуэ мыхъуу, жыр е жэз ирехъу, нэгъуэщI зы Iэмэпсымэ къэгъэсэбэпауэ зы лъэ ухуэн Iуэху ирехъу, псори Лъэпщ и фIыгъэрэ и IэмалыгъуэкIэрэщ зэрыхъурэ лъэу хъуар зэрзэтеувэр.

Къэхъуу хъуарэ къэхъур къызэрыхъу лъандэрэ, щыIэгъуэ зыгъуэтхэр зы лъэ зэриувэфыр, лъэ Iуэхур зи IэнатIэу щыт Лъэпщ и

фIыгъэкIэрэщ. Къэхъугъуэм и къежьапIэ хъурэ уэзыр зэрыскIэрэ къэхъу мэфIэгъуэм къыхэхъукIауэ щыт Сосрыкъуэ-р лъэ изгъэуварэ зы пкъыгъуэ езытари Лъэпщ-щ.

Мыпхуэдэу лъэ зыубзыхурэ, дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым хуэфащэу щыт лъэр къэзгупщысрэ зыухуэр, лъэ ухуакIуэрэ лъэ зэтеувэн Iуэхугъуэр зи къэлэн хъууэ щыт Лъэпщ-ыр; тIэ, ар икIи, технологие пашэу жыIэпхъэщ.

"Лъэпщ"ыр, гъукIэ Iуэхугъуэ пашэрэ, къэхъуу хъуауэ щытхэр зы лъэ изгъэувэу щытрауэ щытлъытэкIэ, а фIэщыгъэцIэрэ псалъэр бзэ хабзэм зэрезэгъкIэрэ къызэрыхъуа щIыкIэри гулъытэ щIын хуейуэ щытщ. Дэтхэнэ зы лъэр зыпщрэ утыку къизыгъахьэр; джырэ утыку къихьэпIэ зыгъуэтауэ щыт дэтхэнэ зы гуэрыр, щыIэ хъунрэ зы пкъыгъуэм ит хъун папщIэ, зы лъэ къэзгупщысрэ къэзыпщытэр, а щыIэ хъуну щытым езыгъапщэрэ хуэфащэ зыщIыу езытыр "лъэпщ" хъуфыну къыщIэкIынщ бзэ хабзэмкIэ.

**Л...**

"Лъы" макъ пхъашэрэ лъабжьэ макъыр щабэ щIарэ къиIуэгъуафIэ хъууэ щытмэ, "лы" макъырщ къэхъур. Мы макъ зэхущытыкIэ хъууэ щытым хуэдэщ ахэм яджрэ я мыхьэнэ зэхущытыкIэ хъури. Лъым зэманкIэрэ къигъэхъуу щыт лъэм и гущIыIум трищIэращ "лы"р.

"Лы"ри зы "лъэ"щ; ауэ ар, лъэрэ къупщхьэм телъ хъууэ щытырщ. Абы лъэрэ къупщхьэр щIеуфэр, ехъумэр. Ар захуэрэ цIафтэу, тежыгъуафIэрэ тецIэфтыгъуафIэ хъууэ щытщ. Ауэ, мы псалъэм деплърэ дыщыуэн хуейкъым; зы псы щтари лыуэ жыIэпхъэ хъунукъым, ар лы мыхъурщ "мыл"щ.

"Лы"р цIыхум и шхын зэрыхъу лъандэрэ ар зи лъабжьэу къэхъуауэ щыт псалъэхэр мащIэкъым: «Лыгъуэн, гъэлыгъуэн, лыцIын, лы гъур, лы цIынэ, лыкIэпсыкIэ, лэпс...».

"Лы"р зы лъэм и гущIыIу тырищIэу щыт зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы гуэрми телъу щытымрэ, зы Iувагъ зиIэу кIуэрэ зы щэбагъэрэ зэхуэдагъ хъууэ щытым папщIэй "лы" хужаIэр. Ар лъым иухуарэ къупщхьэм телъу щыт мыхъуу, зы щIыгум телъ ятIэри "лы"уэ къыщыраIуэ къохъур.

"Лы"р зы Iувагъ зиIэрэ зэхуэдэ пэлъытэу телъу кIуэращи, утету укIуэнрэ ужэн Iэмалыгъуэй къыуэзытырщ. ТIэ, а лыр сыт хуэдэ лыуй ерехъу, "лы"м утету укIуэмэ е "лы"м урикIуэмэ, ар "лэ" хъунщ; а Iуэхури "лэн" Iуэхунщ. "Лэн" Iуэхур зы лым утету гъуэгу (зы *линие*) урикIуэнырщ; мыпхуэдэу зы лым узрикIуэн щIыкIэу, абы зы гуэр зэрщыпхуэ щIыкIэри "лэн" Iуэху хъунщ. Мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэу зы плъыфэ, тхъу, е шэхутхъур зы лы е лы пэлъытэу цIафтэрэ захуэу щыт гуэрым щыхуэн Iуэхугъуэу,

"зилэн, илэн, телэн, кIэрылэн, щIэлэн..." псалъэхэр къохъур. Зэхуэмыдэ плъыфэ зэхэлъ хъуурэ щытыр "къуэлэн"щ.

"Лэн" Iуэхур, кIуатэу щытын зы Iуэхугъуэ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ "лэжьэн"; сыт хуэдэ лэжьыгъэрэ гъэзэщIэн хуейуэ къыппэщыту щытыр "къэлэн"; дэтхэнэ зы лэжьыгъэми мыгъэзэщIауэ къанэр "къелын (лэ-ы)" хуэдэ псалъэхэр къохъур. Лажьэрэ кIуатэу щытрэ зы IэнатIэрэ къэувыIэпIэ зимыIэр "лей"щ. ЦIыхум къыщIэхъухьрэ, зы лъабжьэрэ зы гъуэгу тету кIуэуэ щытыр "щIалэ, щIэлэ-гъуалэ" хъунщ; зы къуэу щытыр кIуатэрэ джыуэ щыт хъумэ, абы "къуэладжэ" фIэщыпхъэщ; абы дэту щыт бзухэри "къуалэ, къуэлэ бзу" хъунщ.

"Лэн" Iуэхур, тыншу кIуэуэ зэрщытрэ зэпыудыгъуэ зимыIэу кIуэрщ. Ауэ, ар быдэрэ лъэщыгъэ зиIэу зы Iуэхугъуэркъым. ИкIи, ″лэ″ макъым иджыр, аргуэрэу "лэ" кIэухкIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъур "лэлэн"щи, ар зи лъабжьэу "лалэ, ланлэ, гъэлэлэн, егъэлэлэхын" хуэдэ псалъэхэр мэухуэр.

Тыншрэ захуэу кIуэтапхъэрэ кIуэуэ щытыр, зы гъуэгу захуэ тету кIуэр "лэн" Iуэху зэрыхъукIэ, зы гуэрым къыхидзу щыт зы нэху бзийри "лэн"кIэ жыIэпхъэ хъумэ, "лыдын" псалъэри мы Iуэхугъуэм къытехъукIынщ. Мы Iуэхугъуэу ″лэн″ыр къыщысэбэпым щыгъуэ, зы уэздыгъэри блэнщ; зы унэр е зы гъуэгур уэздыгъэ защIэкIэ ″зэщIэбла″уэ къагъэунэхунщ.

**ЛI...**

Мы макъ гупым яхэту нэхъ макъ быдэр "лIы" макъырщ. Лъым зэманкIэрэ лъэр зэриухуэ щIыкIэу, лыри зы лъэ зэрыхъукIэрэу лъыращ къызхэхъукIыр. Ар щхьэ, лыр, хъумэн хуейуэ щыт лъэхэм ятырищIэу щытырщ. Зы лъэм и зыужьыгъуэр ирикъуарэ зэрхъун хуейуэ утыку къихьауэ щытмэ, абы лы тырещIэжыр. Мыпхуэдэу дэтхэнэ и зы лъэ лIэужьыгъуэми лыр тырищIэжу утыку къихьауэ щытрэ, лъы Iуэхугъуэм къытехъукIрэ къызэргуэкIкIэ, ухуа хъуфыным я нэхъ зэфIэкIауэ щыт хъуарагъэнщ "лIы"р.

″Лы″ макъыр пIытIарэ лимитацэ хъууэ къыщыIум щыгъуэ, къикI макъыр ″лIы″рщи, ар ″лы″м хуэдэу ланлэу зы макъкъым. ИкIи, къигъэлъагъуэрэ къиIуатэу щыт Iуэхугъуэхэри ардыдэу быдэрэ лъэщу жыIэпхъэщ. ТIэ, зи лыр мыланлэрэ быдэу зэтеуварэ зэрыхъун хъуар, щIэблэрэ щIалэу щымытыжырщи, ар ″лIы″ хъуарщ. Зи лыр зэщIэуварэ зэтеувар, зэрыхъун хъуар ″лIы″щ.

Дауэй ирехъу, адыгэбзэм зэрхэткIэ "лIы"р, и Iэпкълъэпкърэ и цIыху хэтыгъуэкIэу зэрхъун хъуауэ утыку иту щытырщ. Мыр нобэ цIыхухъуу зэрхъун хъуауэ щытым папщIэ къэдгъэсэбэпу зы цIэрщ; ауэ,

мыр мы мыхьэнэ закъуэу хэхарэ зэрзэтеувар *патриартал* псэукIэм къыхэкIауэ къыщIэкIынщ. А псэукIэм, цIыхухъур ипэ зэригъэщым къызэргуэкIкIэ, цIыхуу зы лъэ иуварэ, и лъэр зэщIэувэу зэрхъун хъуауэ щыту илъытар цIыхухъуу къыщIэкIынщ.

ЛIыр зэрхъун хуейуэ щыту зэпэщырщ, быдэрщ, лъэщырщ. Мыбы къызэргуэкIрагъэнщи, "елIыIэн"ыр елъэщэн е еIунщIын Iуэхугъуэ хъуурэ зы псалъэрщ. "ЛIы"уэ быдагъэр зи щIыкIэ хъууэ щытыр къэгъэсэбэпа зэрыхъукIэрэу "еIулIын-еIулIэн, егулIын-егулIэн, кIэрыIулIэн..." хуэдэ псалъэхэр гъэбыдэн Iуэхугъуэр зи мыхьэнэу къохъухэр.

Псэ зиIэу щытрэ, лъы зыщIэту щыт дэтхэнэ зы псэущхьэр, гъащIэ зиIэу щыIэхэрщ. ИпщэкIэ зэржытIауэ, а нэхъ лъэ ужьыгъуэ зиIэ хъууэ, абы и нэхъ хъупIэ ихьауэ щытыр "лIы" хъууэ щытщ; ар зэгъэпэщарэ лIыпIэ иувауэ щытми, псэ зыIуту щытым и гъащIэм зы кIэ иIэщ. Аращи, зэрхъун хъуарэ, абы аткIэ нэхъыфIрэ нэхъ лъэщ зэрыхъужыфын Iэмалыгъуэ щымыIэжу щыт "лIыпIэ" иува цIыхум, зэманыгъуэм (э) къыхуихьыну щытыр "лIэн"ыгъэрщ. "ЛIы"р гъуэгу техьэмэ  зыдынэсынур "лIэн"ырщ. Мыбы къелыпIэрэ хэкIыпIэ зэриимыIэри зыцIыхуу щытыр цIыхурщи, ар лIыпIэ иува нэужь, езыр къызхэхъукIауэ щыт щэнхабзэри и лъабжьэу зэрыщытми къызэргуэкIкIэ, зы лIым псэ быдагъэрэ лъэщыгъэу хузэфIэкIыфыну щытым нэхърэ нэхъыбэр и лъэкIыныгъэу щытщ.

ЛIэныгъэр псэущхьэхэм хуэIуауэ зэрщытым къызэрыгуэкIкIэ, цIыхум "лIакъуэ" зызэрфIищыжым хуэдэу, псэущхьэу хъуар "лIэужьыгъуэ" хъурщ. ″ЛIэужьыгъуэ″ псалъэр псэ зыIутым хуэIуауэ зы псалъэу къэхъуагъэнщ; ауэ, нобэ дэтхэнэ зы нэгъуэщIыгъуэм папщIэй къитIуэ хъуагъэнщ. "ЛIэу?" упщIэри къызтехъукIарэ зыхуэIуауэ щытыр, псэущхьэрэ лIэныгъэ зиIэу щыт лIэужьыгъуэхэрщ; ари, нобэ дэтхэнэ зы Iуэхугъуэм папщIэ, сытыгъуэ упщIэу зетхьэ хъуащ. -ТIэ, мыр пэжу щытмэ, абы гу щытлъытакIэ, мы псалъэхэр игъуэкIэ зетхьэу щIэддзэжын зэрыхуейри пыщапхъэщ-.

## «П, ПI, Б» МАКЪХЭР

**П...**

"Пы" макъым иджыр щыIэ гуэрым хэту щымытрэ, абы елъытарэ пыщIауэ щытырщ. ″Пы″р зытеухуарэ зелъытам и гъунэм Iутрэ кIэрыщIауэ щытырщ; ар, а щыIэу щыт гуэрым хэкIыпIэрэ хыхьэпIэ хуэхъуу щыт зы щIыпIэрэ зы Iуэхугъуэрщ. Ар зы гуэрым хэт, хэлъ е хэс мыхъуу щытырщ; ауэ, абы и хыхьэпIэм Iутрэ кIэрыщIа хъун Iуэхугъуэрщ. Ар, зы гуэрэр зэры гуэрэу, абы и гъуэм имытрэ, абы щыщу щыт и гъунапкъэ мыхъуу щытырщ. Ауэ, а гъунэрэ "гъу" джыгъуэм ехьэлIарэ, абы и хэкIыпIэрэ и

"гъуэ" хыхьэпIэ хъуүэ щытырщ. Зы щыIэ гуэрым и ухыпIэрэ и къежьапIэ хъуүэ щыт Iэмалыгъуэ зыджырщ ″пы″ Iэмалыгъуэр. Зы щыIэ гуэрым иухыпIэ зэрыхъукIэй, а щыIэм елъытауэ щымыIэ хъурщ; ар щхьэ, а щыIэм елъытарэ епха Iуэхугъуэ зыджырщ.

ТIэ, ″пы″ макъ Iэмалыгъуэр, мыпхуэдэу зы щыIэ гуэрым зэпыщIэныгъэ зыхуиIэу щытыныр къэзыгъэлъагъуэрщи, а щыIэ гуэрым хэмытырщ, щымыщырщ. Абы иджыр зы позицэрщ, зы щIэгъуэ гуэркъым. Ар щыхъукIэй, ″пы″ макъым щхьэжу зы мыхьэнэ иджыркъым; ар занщIэу глаголи хъуркъыми, глаголизацэу зы макъырщ.

ГурыIуэгъуэщи тIэ, "пы" макъым щхьэжу зы гъуэ Iуэхугъуэрэ щыIэм и "гъу"р е зы щыIэ гуэрым и пIэр иджыркъым икIи. Ауэ, абы я хыхьэпIэрэ я хэкIыпIэ хъуүэ щыт Iэмалыгъуэхэр щиджкIэй, "къы" макъым игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэр къызщыхъу щIыпIэу щытырщ. Ар щхьэ, апхуэдэу зы гуэрыр къызэрыхъурэ къызэрхэхъукIри зыджыркъым.

"Пы" макъым иджыр аращи, "къы" Iуэхугъуэр къызщыхъу щIыпIэр гурыIуэгъуэ щыхъурэ утыку къызщихьэр къэзыгъэлъагъуэу жыIэпхъэщ. "Къы"р дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр къызхэкIрэ кызэрыхъу Iуэхугъуэр зыджырщ; "пы"м иджыр зы щыIэ гуэрым ухыпIэрэ хыхьэпIэ хуэхъуу щыт Iуэхугъуэщи, ″къы″р джыуэ гулъытэ щыхъури абдежырщ. "Пы"р, зы лъэрэ зы гу IэнатIэ зиIэу щыIэм ехьэлIарэ елъытауэ, мыбы и зы ухыгъуэрэ и зы хыхьэгъуэ IуэхугъуапIэ зыджырщ. Абы езым, "къы" макъым хуэдэу занщIэу зы щыIэгъуэ Iуэхугъуэрэ къэхъугъуэ иджыркъым.

Ар, щыIэ гуэрым зехьэлIарэ зэрелъытарэкIэ зы позицэ зыджырщи, ари зы щIыпIэу лъытапхъэщ. А щIыпIэ пэлъытэу щыт ″пы″м зы зэманыгъуэ игъуэтрэ "пэ"р утыку къыщихьэкIэй, зы щыIэгъуэ джа мэхъур. Пэр, ″пы″ Iэмылыгъуэр зехьэлIарэ зелъытауэ щыт гуэрым и гупэ щIыпIэмкIэ щыIэ хъурщ. Мыбдежым нэрылъагъущи, ″гу″р зы гуэрырщ; абы и зы лъэныкъуэмкIэ ″пы″ Iэмалыгъуэу лъытапхъэ хъум езыр зы лъэныкъуэрэ зы щIыпIэу щыIэ гуэр зэрыхъукIэрэ, а лъэныкъуэр а ″гу″м и ″гупэ″у утыку къохьэр.

"Къы"м зэманыгъуэрэ кIуэтэгъуэ гъэлъагъуэу "э" къыпыхьэрэ "къэ" щыхъукIэй, зы щыIэгъуэ иджыркъым: Ар ″къы″ IэмалыгъуэрэкIэ утыку къихьэу щытыр къызэрыхъуарэ гъуэгу зэрытетыр къэзыгъэлъагъуэрщ. Ауэ, ″пэ″р зелъыта гуэрым и гупэу щыIэ хъуа гуэрырщ.

Дауэй ирехъу, "къы" Iэмалыгъуэр щыIэ гуэрым и къэхъун Iуэхугъуэрщ; ″пы″р а Iуэхугъуэр къызщыхъу щIыпIэр IупщI зыщI Iэмалыгъуэрщ. Ар щхьэ, мы макъитIым яджыр зэрызэщхьэщыкIыр гурыIуэгъуэ хъуауэ щытми, зы щыIэ гуэрыр къызэрыхъурэ ухыпIэ зэригъуэтыр къызэрагъэлъагъукIэрэу зэщхь Iуэхугъуэхэр яджыфу жыIэпхъэщ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, зи гугъу тщIауэ щыт зэхуэдэ

Iуэхугъуэхэр гурыIуэгъуэ щIын папщIэ, тIури къосэбэпыфыр. Арагъэнщи, Къэбэрдей псэлъэкIэм зэрхэткIэрэ, "къы"р пэрыт зыхуэхъур къызэрыхъурэ, кIэух зыхуэхъур зэрыухыр гурыIуэгъуэщи, КIахэ псэлъэкIэ гуэрхэм ухыпIэр зыгъэзащIэу щытыр "п" макъырщ: "КIуэркъым: кIуэрэп".

"Пы"р математикэ терминхэмкIэ гурыIуэгъуэ щIын хуейуэ щытмэ, ар зы гуэрым сыт щыгъуэй *контакт* зыхуэхъурэ *тенгенс* хуэхъуфу щытын Iэмалыгъуэрщ: Тенгенс щыхъу щIыпIэращ "пы" Iэмалыгъуэм иджыр. "Пы"р, зелъытауэ щыт гуэрым е зытеухуауэ щыт пкъыгъуэм сыт щыгъуэй теIэбапхъэу щыт Iэмалыгъуэ хъурщи, ар тенгенс жыхуаIэрщ; абдежырщ "пы" Iэмалыгъуэм иджыр. ТIэ, "къы" Iэмалыгъуэм иджу щытрэ зы пкъыгъэм къыхэхъукIыу щытыр утыку къызщихьэри, а пкъыгъуэ хъуреяагъым и зы дэтхэнэ лъэныкъуэ гъунапкъэм тенгенс хуэхъуу щыт зы щIыпIэрщи, абдежыр "пы" Iэмалыгъуэм къигъэлъагъу щIыпIэрщ.

ТIэ, "пы" Iэмалыгъуэр, зы щыIэ гуэррэ зы пкъыгъуэу щытым хэтрэ хэлъ мыхъуу щытырщи, сыт щыгъуэй абы и гъунэм Iутрэ, и фэм теIэбапхъэу щытырщ. Зы пкъыгъуэр къапщтэмэ, и хъуреягъкIэрэ тенгенс хуэхъуу щыт дэтхэнэ зы щIыпIэри зы "пы" Iэмалыгъуэрщ. Зы пкъыгъуэм и хъуреягъкIэ "пы" Iэмалыгъуэ зэпытыр ирикIуэмэ, къэхъуу щытрэ джыуэ щытыр, а пкъыгъуэм и гъуэр зыдитыпхъэу щытын Iэмалыгъуэрщ. Мыри, а пкъыгъуэр, и хъуреягъкIэ къеубзыкIынырщ.

Ар, а пкъыгъуэм и гъуэу щытыр джын Iуэхугъуэу щытщи, дэтхэнэ и зы щIыпIэмкIэй а гъуэм теIэбапхъэ хъууэ щыту, а пкъыгъуэр и гъуэрэкIэ зыджыр, "пы" Iэмалыгъуэ зэпыту а гъуэм къекIуэкIырщ. Ар щыхъукIэй, а пкъыгъуэм и гъуэри зыдитыр "пы" Iэмалыгъуэу абы къырекIуэкIырщи, гъуэр зыдитри зы гъуэ пэлъытэу щытщ. Апщыгъэм, ар, а гъуэм щыщ пэлъытэу щыт "пы" Iэмалыгъуэрщ: Гъуэм хэпщарэ тепIытIа "пы" Iэмалыгъуэр "пIы" хъунщ. "ПIы" Iэмалыгъуэу щытыр, зы пкъыгъуэ ужьыгъуэм Iут зэрыхъукIэрэй, ар зыпIырщ. А "пIы" Iэмалыгъуэр зы щыIэ гуэру лъытапхъэ (э) щыхъукIэ, мис ар "пIэ" хъурщ.

Мыбдежым мыри гулъытапхъэу къызэрыхэщыр гурыIуэгъуэщ: Къэхъуныгъэр зыджу щыт "къы"р къыздыхэхъукIыр зы пкъыгъуэ гуэрщи, ар "пIы-къы-гъуэ"у зэтеувауэ зы псалъэрщ. ТIэ, пкъыгъуэр "пIы" Iэмалыгъуэрэ къыхэхъукIыныгъэ (къы) зиIэу зы гъуэ гуэрщ.

Гъуэм и гъуэж пэлъытэу щыт "пIэ"р, "гъуэ"м зэрелъытарэкIэ щыIэгъуэ зыгъуэту щыт гуэрырщ; ар, гъуэри зыгъэгъуэжу щыту зы гъуэ хъууэ лъытапхъэрщи, мыр зэщыщрэ зэхэпща пэлъытэу зы Iуэхугъуэрщ. А "пы" Iэмылыгъуэ защIэкIэрэ а щыIэ гуэрым къекIэрэхъуэкIыр, а зыкъекIэрэхъуэкIым и гъуэм зэрыкIэрыпщIа пэлъытэу къэхъуу щыт мы Iуэхугъуэр, "пIы" Iэмалыгъуэрщ. Мы "пIы" Iэмалыгъуэр пкъыгъуэр (пI-къы-гъуэ) зилъырщи, а пкъыгъуэм зэрелъытарэ зэрыхущыту глагол щыхъукIэ "пIын" Iуэхугъуэщ къэхъур. "ПIын" Iуэхугъуэр къызщекIуэкIыр "пIэ" мэхъур. А "пIэ"м къыщекIуэкI "пIын" Iуэхугъуэм зэрелъытарэкIэ

ужьыгъуэ хъури (бы), зы глаголизацIэ Iэмалыгъуэрщ; мы Iэмалыгъуэм езыр зы глагол псалъэ щыхъум щыгъуэ, къэхъуу щытыр ″бын″ псалъэм къыриIуэрщ.

*

"Пы" макъыр куэду къэсэбэпрэ, псэлъэ куэд къэзгъэхъуу зы макъщ: «Пывэн, пыгуэн, пыгъуэн, пыдэн, пыджэн, пызын, пыжын, пыкIын, пылъэн, пылъын, пысын, пытын, пыхын, пыхун, пыхьэн, пыхъуэн...».

Мы псалъэхэм фIыуэ уеплъмэ, "пы"р щыIэ гуэрыр щыухрэ, къежьапIэ щыхъуу щыт зы щIыпIэ зэрыхъур къыхощыр. Мы псалъэхэр "пы" макъкIэ къыщежьэм щыгъуэ, яджу щыт Iуэхухэр къыщекIуэкI щIыпIэр зы гъунапкъэрщ. Псалъэм папщIэ: "Пыдэн" Iуэхур "хэдэн е хэдыкIын" Iуэху хуэдэу, Iуэхуу щытыр къыздекIуэкIым хэтрэ дэту щыткъым. ИкIи, "пыдэн" псалъэм, ику идэн е хэдэн зэримыIуатэр гурыIуэгъуэу щытщи, абы, икIэ е ищхьэ е дэтхэнэ и зы нэзым "Iудэн" Iуэхугъуэри къигъэлъагъуэркъым. Пыдэн Iуэхур, и нэзым пыдэнуй, ищхьэ пыдэнуй, икIэ пыдэнуй хъунщ; ар зыпыдэн хуейуэ щыт гуэрым щхьэщыкIыу щытмэ, ар "пыдэн" Iуэхугъуэрщ. Ауэ, мы Iуэхугъуэхэр нэхъ нахуэу къэгъэлъэгъуэн хуейуэ щытмэ, ахэр нэгъуэщI макъкIэ къэгъэлъэгъуапхъэ хъунщ: "щхьэщыдэн, кIэрыдэн, Iудэн". Iуэхур "пыдэн" мыхъурэ "пэрыдэн" хъуауэ щытмэ, пыдэн Iуэхур зырехьэлIа хъууэ щыт нэзрэ гъунапкъэр нэхъ гурыIуэгъуэ мэхъур. Ар щIэхъури, "пэ"р зэрынахуэрэ щыIэ гуэр зэрыхъуам папщIэщ.

Къэтхьауэ щыт мы псалъэ щапхъэхэр "пэ" макъкIэ зэтхъуэкIмэ къэхъуну щыт Iуэхугъуэхэр зэрзэхъуэкIыр гурыIуэгъуэщи, мы щапхъэхэр зэгъэпщапхъэу къэдгъэлъэгъуэнщ: «Пэвэн, пэгуэн, пэдэн, пэджэн, пэжын, пэкIын, пэлъэн, пэлъын, пэсын, пэтын, пэхын, пэхун, пэхьэн, пэхъуэн».

Нэрылъагъущи, къэхъуу щытыр "пы"м иджыр зэриджу кIуэтэгъуэ хъууэ щытырщ. Ар щыхъукIэй, къэхъуу щыт псалъэхэм псори зэпэщ хъуркъым. Ауэ, "пэ" макъым иджыр зы гуэрым "ипэ" е и "пэ" щыхъукIэ, глаголыр зэпIэзэрыт мэхъур.

Мы псалъэ щапхъэхэр "пэ"р IупщIыу къигъэлъагъуэу, "р" къэдгъэсэбэпу ттхымэ, къэхъуну псалъэхэр нэхъ гурыIуэгъуэ мэхъур: «Пэрывэн, пэрыгуэн, пэрыдэн, пэрыджэн, пэрыжын, пэрыкIын, пэрылъын, пэрылъэн, пэрысэн, пэрытын, пэрыхын, пэрыхун, пэрыхьэн, пэрыхъуэн...». Мы Iуэхугъуэхэр къыздекIуэкIыр зэры "пэ"рэ зэр "ипэ"р гурыIуэгъуэщ.

"Пы" макърэ зы щыIэ гуэр зымыджрэ, гурыIуэгъуэ мыхъуу щытым зэманыгъуэ щигъуэткIэ "пэ" мэхъур. "Пэ"р гурыIуэгъуэщ; ар дэтхэнэ зы гуэрым и "пэ"у щыIэ хъууэ щыт гуэрщ; е, а щыIэм елъытауэ "ипэ" ит гуэр хъурщ.

"Ипэ" щыжытIэкIэ, "и"р джыпIэрщи (абсис), иджыр къызщыхъурщ; ар щыхъукIэй, ″ипэ″р, зелъытауэ щыту и гугъу тщIыр иджым щымыдж джыщIэ джырщ. А зи гугъу тщIыр джыгъуэм щитым щыгъуэ, а ″ипэ″у жыхуэтIар джагъэххэщи, ар зи гугъу тщIым елъытауэ ″япэ″ хъурщ, блэкIарщ.

Зы джыпIэм щыджрэ иджым итым елъытауэ мыджэу щытырщ ″пы″ Iэмалыгъуэр. Ар, ипщэкIэ зэрыжытIам хуэдэу, зэманыгъуэрэкIэ джырэ ″пэ″ хъууэ щытмэ, ар иджым щыджрэ щыIэ гуэр хъууэ аращ.

Зы гуэрыр щыджу щыт иджым щымыджрэ, абы елъытауэ зэрыщыткIэрэй, джыпхъэу щытыр ″пы″ Iэмалыгъуэрщ. Мыпхуэдэу, мыджэу зэрыщытым папщIэй, ″пы″р мыхьэнэ зимыIэу зы Iэмалыгъуэрщи, ар щыджым щыгъуэ къэхъур ″пэ″рщ.

Ауэ, ар зелъытауэ щытыр джыуэ щыт гуэр зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, а гуэрым и ужьыгъуэм къихьыну щытри, ″пы″уэ щытыр джынращ. ТIэ, ″пы″р мыджэу щытми, джыпхъэу щыт Iэмалыгъуэрщ.

Зэман ужьыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, иджым щыджу щыт гуэрым елъытауэ ″пы″ Iэмалыгъуэу щытыр, а зэман ужьыкIэм къызэрыгуэкIрэ къызэрихькIэрэу джыну щытырщ. Ар щыхъукIэй, джыуэ щытым къыкIэлъыкIуэу джыпхъэ хъууэ щыт ″пы″р, зэман ужьыгъуэм ипэ иту щытырщ. Ауэ, ипщэкIэ зэрыжытIаращи, джыпIэу щыт иджыр къызкIэлъыкIуэр зы иджырщи, абдеж щыджар, мы иджым елъытауэ япэ джарщ. ТIэ, ар щыхъукIэ, иджым имытрэ мыджэу щыт дэтхэнэ зы лъэныкъуэ хъууэ щытри ″пы″ Iэмалыгъуэу щытырщ. Ар джамэ ипэкIэ джащ; джынумэ, зэман ужьыгъуэм и пэу щытырщи, джынурщ.

"Пэ зиIэм кIэи иIэщ" жыIэгъуэм къиIуатэр аращи, зы гуэрым къежьапIэрэ ухыпIэ зэриIэрщ. КъежьапIэрэ ухыпIэр ″пы″ Iэмалыгъуэу щытмэ, мыджэрщи, а зи къежьапIэрэ зи ухыпIэу щытым хэмытырщ. Ауэ, ахэр зы къежьапIэу зы ″пэ″рэ ″ипэ″у щытмэ, е, ухыпIэр зы кIэ гуэру щытмэ, ахэр щыIэ гуэрхэрщ. ТIэ, ″пэ″рэ ″кIэ″ жыхуэтIэм езыхэри зы щыIэ гуэрырщи, "пы" Iэмалыгъуэм къызэргуэкIкIэ ″кIэ″ми зы пэ иIэжщ; ар "кIапэ"рщ.

Мы къэтIуэтахэм ущыгъуазэмэ, зы Iуэхур къэмыхъу джыщIэр, абы "ипэ"щ, а Iуэхур зэфIэкIа нэужьри а Iуэхум "ипэ"щ зэрыхъур. Зы Iуэхурэ зы гуэрыр ит зэманыгъуэу щыIэ щыхъукIэ, ит зэманыгъуэ имытрэ а ит зэман хъум елъытауэ жыIэгъуэ къыщыхъукIэ, ар, "пы" макъым зэриджым хуэдэу щыIэ гъунэ Iутрэ щымыIэ хъурщ. Ит зэманыгъуэм нэмыщIыр е блэкIаращ е къэкIуэну зэманыгъуэрщ; къэмыхъуарэ къэхъупхъэрщ, блэкIарэ къэмыхъупхъэрщ. КъэкIуэну зэманыгъуэр ит зэманрэ щыIэ хъуауэ щыт гуэрым зэрелъытакIэрэ ипэрщ; блэкIа зэманыгъуэри ит зэманрэ къэхъуауэ щыт щыIэ гуэрми зэрелъытакIэрэ ипэ хъурщ. "Нэхъапэ" жыхуиIэр, зы Iуэхур къэмыхъу джыщIэрэ къэкIуэну

зэманыгъуэр зыгъэлъагъуэу ипэрщ; икIи, зы Iуэху къэхъуа нэужь, а Iуэхур къэмыхъу ипэри зы блэкIа зэманыгъуэр зэригъэлъагъуэу "нэхъапэ" хъурщ. "Нэхъапэ"р, "нэхъ ипэ" жихуиIэу зы жыжьагъ зэманыгъуэ къэзыгъэлъагъуэкIэрэу "нэхъ-и-а-пэ"рщ.

*

"Пы"р зипэ къихьэу щыт макъхэм яджым елъытауэ, кIэух хъууэ щыт "пы"р нэхъ гурыIуэгъуейуэ жыIэпхъэнщ. "Гуп, дэп, жэп, нып..." хуэдэу "п" кIэухым къигъэщI мыхьэнэхэр гурыIуэгъуафIэкъым. Ауэ, "пы" Iэмалыгъуэр мыджэрщи, зелъытам и гъунапкъэрэ и ухыпIэр гурыIуэгъуэ зыщIырщ. Ар щыхъукIэй, "гуп"ыр зы ипэрэ пэуэ щытыркъым; а "гу" IэнатIэр зэрызыхэту щытыр и гъунэрэкIэ къизыIуэрщ. ТIэ, "гуп"ыр зы гу IэнатIэу зэхэту щытрэ, и гъунэрэ (пы) иджыр (езыр), хузэфIэкIыр гурыIуэгъуэу щытырщ. ИпщэкIэ къэтхьа щапхъэхэри мыпхуэдэщ къызэрыхъур.

*

"Пы"м зэманыгъуэ зэригъуэтрэ щыIэ гуэр щыхъукIэ (пэ), щыIэу щытым и гъунэ хъурщ, и гъунапкъэ хъууэ щыIэрщ. Ар зы Iэпкълъэпкъи хъунщ. Iэпкълъэпкъ хъууэ щыт "пэ"м къытехъукI псалъэхэр щыIэщ: «Пэшын, пэвей; пакъэ, пагуэ, пэбгъу е пабгъуэ, пэтIинэ; пащIэ; пэху; пагэ...». Зы Iэпкълъэпкъыу щыт "пэ"м и лэжьыгъэрэ и къэлэн хъууэ "пэмэн, епэмын" псалъэри къохъур.

ЩыIэ гуэрым елъытарэ ехьэлIа Iэмалыгъуэхэр зыджу щыт "пы" Iуэхугъуэрэ "ипэ" псалъэм къиджу жыхуэтIауэ, ипщэкIэй щапхъэ къэтхьахэм хуэдэ Iуэхугъуэу псалъэхэр къохъур: «ПэщIын, зыпищIын, зыпищIыжын, пэуэн, зэпеуэн, зэпэсын...».

Мы "ипэ" Iуэхугъуэхэу "пэ"р кIэух хъууэ псалъэхэри къохъур: «Лъапэ, лъэпэрэпэн, лъэпэд, къуапэ, напэ, Iэпэ, Iупэ, гупэ; гуапэ, псапэ, щхьэпэ, щхьэпэн...».

Мыпхуэдэу кIэух хъурэ а псалъэ е макъыр ипэ щIыкIэу игъэлажьэ закъуэ мыхъуу, "пэ"р ипэ иту къэхъу псалъэхэм ящыщщ "пэж" псалъэр. "Пэж"ыр, зы Iуэхугъуэрэ щыIэ гуэрым ипэр къызэригъэлъагъуэрэ "ж" IэмалыгъуэкIэ щылажьэкIэ, зи гугъу ищIыу щыт щыIэгъуэрэ Iуэхугъуэм и "пэщIэдзэ" хъуауэ щытыр утыку къизылъхьэу, а Iуэхур къызхэкIауэ щыт щыпкъагъэр къыридзэу зы псалъэрщ.

"Пы"р зы щыIэ гуэрым и гъунапкъэ Iутрэ абы елъытарэ зэрыджкIэрэу, къэIуэтапхъэ щыхъукIэ къигъэлъагъуэу щытыр зы щыIэ гуэрыр зэрыщыIэращ. А щыIэр щымыIэмэ "пы" Iэмалыгъуэри къиIуапхъэ хъункъым; икIи, ар гъуэгу техьэу "пэ"рэ "ипэ" жыIэгъуэхэри игъуэ хъункъым. Мы псалъэм къызэриIуатэкIэрэу, щыIэр щыIэ дыдэ хъунри къэзIуэтапхъэ хъууэ щытри "пы-пэ" Iэмалыгъуэрщ. Зы гуэр утыку

къихьамэ, ар къызэрыхъуа дыдэрэ щыIэ зэрыхъуа дыдэр утыку къырелъхьэр: «Вэпэн, гъыпэн, кIуэпэн, лIэпэн...». Мы псалъэ къэхъуахэм яджыр "...ххэн" кIэухым иджым и пхэнджырщ; икIи, "вэппэн, гъыппэн, кIуэппэн, лIэппэн" хуэдэу жыIэпхъэ хъууэ щытщ.

*

Аращи, "пы" макъым иджыр, нэгъуэщI зы гуэрым зэрпыщIарэ зэрехьэлIа хъууэ щытырщ. Зы гуэрым елъытарэ пыщIауэ, абы и позицэкIэ щыIэгъуэ зыгъуэтыпхъэ хъууэ щытыр къэIуэтапхъэ щIынырщ "пы" макъым игъэзащIэ Iуэхугъуэр. "Пы" макъымкIэ позицэ зыгъуэту щытыр, зыпыщIарэ зелъытам ипIыпхъэ хъууэ щытырщ.

Зы щыIэм и хъуреягъкIэ, "пы" IэмалыгъуэкIэ ехьэлIэгъуэрэ елъытэгъуэ иIэщ. Зы хъурей гуэрым дэтхэнэ и зы щIыпIэмкIэй "пы" Iэмалыгъуэ иIэпхъэщ. Зы хъурейм дэтхэнэ и зы щIыпIэй теIэбапхъэрэ тенгенс хуэхъуу щытыр, а хъурейм "пы" Iэмалыгъуэ зыхуиIэрщ. Зы хъурейм дэтхэнэ и зы щIыпIэй тенгенс Iэмалыгъуэ иIэщ; абы иIэ тенгенс Iэмалыгъуэр бжыгъэрэ кIэ зимыIэрщ; тIэ ар дыдэу, зы щыIэ гуэрым и хъуреягъкIэй "пы" Iэмалыгъуэ иIэщ. Пы Iэмалыгъуэ защIэу зэпыщIауэ щытыр,″пы″ Iэмалыгъуэ зыхуэхъуу щыт гуэрым и хъуреягърэ и хъуреипIэу щытырщи, а гуэрыр зэрыхъупIэрщ. Езым елъытауэ щыт ″пы″ защIэр и хъупIэу щытмэ, тIэ, а гуэрыр зыджрэ зыгъэхъуу щыт хъунщи, ар а гуэрыр зэрытырщ. Езым елъытауэ щытыр, езыр зыщыщ –е зыхэт, зыдит-хъурщи, езыр зыгъэхъурщ.

Мыпхуэдэу зыхуэпыщIа щIыкIэр "пы" Iэмалыгъуэм щхьэщокIри нэхъ куу мэхъур; мыбы "пIы" Iуэхугъуэр къызэригъэхъур гурыIуэгъуэщ.

**ПI...**

"ПIы"р, ″пы″ Iэмалыгъуэ защIэу зы гуэрым и хъуреягъыр къэзыухухьрэ, а гуэрым и ужьыпIэм Iутырщ, и ужьыгъуапIэрщ. Ар зэрыужькIэрэу, щыIэ хъууэ кIуэу хэхъуэн Iуэхугъуэр зыджырщ ″пIы″ Iэмалыгъуэр. Мыпхуэдэу щыт "пIы"р глагол щыхъукIэ, къэхъуу щыт ″пIын″ыр зы Iуэхугъуэу утыку къохьэр.

"ПIын" Iуэхур, гурыIуэгъуэщи, езырыжу мыхъуу щыт зы Iуэхугъуэрщ; "пIын" Iуэхур зыгъэзащIэу зы гуэр щыIэн хуейщ. "ПIын" Iуэхугъуэр зы псэущхьэ шырым е зы цIыху "бын"ым ехьэлIауэ зы Iуэхугъуэ зэрыхъукIэй, зи Iуэхуу щытыр, нэхъыбэу анэхэрщ.

Бынэр къызщыхъур анэ ныбэрщи, зы быну щытыр къыздихъухьрэ, ар къэзыухъуреихь защIэу щытыр анэ ныбэрщ. Анэ ныбэр быным и ″пIын″ Iэмалыгъуэу щытырщ.

Анэм и ныбэм ирищIэу къыщыщIидзэм къежьэу, быныр зыпIыр анэрщ. Дунейм къытехьэрэ зы пIэ иува нэужь, а Iуэхур зи къэлэн

зыхуэхъур псэущхьэ гъащIэ хабзэхэм елъытащ. "ПIын" Iуэхугъуэк Iэ лажьэу щыт "пIы" макъым зэманыгъуэ къыщыпыхьэм щыгъуэ "пIэ" мэхъур. "ПIэ"р "пIын" Iуэхугъуэ къыздекIуэкIырщ; икIи, зы щыIэгъуэрэ зы лъэ зиIэу щыт дэтхэнэ зы гуэрым зы "пIэ" иIэщ, щыIэу хъуар езым ипIэм итыжщ. "ПIы" макъыр зыхэту щыт псалъэхэр щыIэщ: «ХэпIын, щIэпIын, щыпIын; пIытIын; пIиин; пIыжын...».

″ПIы″р ″пIы-э: пIэ″ зэрыхъум хуэдэжу ″пIэ″ри ″пIэ-ы: пIы″ зэрыхъуфри гулъытапхъэ щIын хуейуэ щытщи, мыхэм щапхъэ хуэхъуфын псалъэхэр щыIэщ: «ЩIэпIэн (щIэ-пIы-э-н), хэпIэн; тIэпIын (тIэ-пIэ-ы-н), пIытIын...».

″БэмпIэн″ псалъэри, тынш мыхъунрэ бэуапIэ зымгъуэтын щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэу зы псалъэрщи, ″бэуэ мыпIэн (пIы-э-н)″ жыхуиIэу къыщIэкIынщ.

"ПIэ"р зэрыщыту зыхэт псалъэхэм и щапхъэхэрщ мыхэр: «Зи пIэ имзагъэрэ мыувыIэу зы гуэрхэр зылэжь нэпцIыу щытым папщIэ жаIэу щыт "пIэжьэжьэн", ипIэ икIынрэ пIэу щытри хэтыжу зэхэкIынрэ зэхэуэн Iуэхуу "пIэнкIын"; гузавэ пэлъытэрэ зигу мызагъэ хъууэ "пIейтIеин"; "пIалъэ, лъапIэ"; зы Iуэхугъуэр къыздекIуэкIрэ, абы ипIэ зэрыхъукIэу "вапIэ, кIуапIэ, щIыпIэ, хъупIэ, шхапIэ, убыдыпIэ, IумпIэ..."; Iухарэ гъэбыдэн е хуэщIын Iуэхугъуэрэ, ипIэ игъэувэн Iуэхугъуэу "IупIэн" псалъэхэр къохъур. "ПIэ"р бын зыщапIрэ, дэтхэнэ зы "гъуэлъыпIэ"ри зы пIэ зэрыхъукIэрэу, зытырапIэ хъууэ щытри "тепIэн"щ».

**Б...**

"Пы"р зы щыIэ гуэрым и хыхьэпIэрэ и хэкIыпIэ Iуэхугъуэу зэрыщыткIэрэу, а гуэрым хуэIуарэ хуэфIу тегъэщIэгъуэ хуэхъуу щыджым щыгъуэ, зы "пIы" Iэмалыгъуэщ къэхъур; ари зыхуэIуарэ зыхуэфIу щытым ехьэлIауэ зы Iуэхугъуэу къыщекIуэкIым щыгъуэ къэхъур ″пIын″ырщ. "ПIы" Iэмалыгъуэр къызщекIуэкIыр ″пIы″ кIуэтэгъуэу "пIэ"рщи, абдежым "пIын" Iуэхугъуэр къыщекIуэкIым щыгъуэй, а ″пIын″ Iуэхугъуэр зехьэлIарэ ″пIэ″р зыхуэхъур "бын"щ. "Бын" хъууэ щытрэ зы "пIэ" зиIэр, "пIын" IуэхуэгъуэкIэ ягъэужьрэ ягъэхъуу щытырщи, ар "бы" макъ Iэмалыгъуэм иджу щытым и Iуэхугъуэ хъурщ (бы-н).

НытIэ, "бы"р зы ужьыгъуэ зиIэ хъурщ; ауэ ар, "у" макъым иджым хуэдэу, щыIэрэ джыуэ щытым езыр езырыжу ужьрэ, зыужьыгъуэр къызэрыхъум хуэдэкъым. ТIэ, ар, зы щыIэ гъуэрым и Iуэхугъуэрэ зэридж щIыкIэкIэрэу ужьыгъуэ зиIэ хъурщ; ар ягъэужьу щыт Iуэхугъуэрщ. Ар, зы щыIэ гуэрым и Iуэхугъуэрэ, абы зэрелъытарэ зэрепхакIэрэу ужьыгъуэ зыгъуэтынырщ.

Арагъэнщи, къэхъуу щыт зыужьыгъуэ Iуэхугъуэхэм "у"м ипIэм ″у″ пэлъэтэу "бы" макъыр йоувэфыр. "У"рэ езырыжу зы ужьыгъуэ хъууэ щыт Iуэхугъуэр къызэрыхъум хуэмыдэу, зы Iуэхугъуэр, зыгъэзащIэ гуэрым елъытауэ лэжьэкIэ зиIэу щыт глаголхэм я лэжьэкIэхэм мыр хыболъагъуэр. Псалъэм папщIэ, "плъэн" Iуэхур нэ зиIэм натуралу и Iуэхурэ и зыужьыгъуэу щытщ; ар уэ къыпхохъукIри уи зыужьыгъуэу утыку итырщ, "уоплъэ"р. Ар щхьэ, уплъэрэ уи плъэкIэм къызэрыгуэкIкIэ зы Iуэхугъуэу утыку къихьэу щыт "лъагъун" глаголыр ″у″ IэмалыгъуэкIэ лажьэркъыми, ″бы″ IэмалыгъуэкIэ мэлажьэр: ″Плъэн″ Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щыт Iуэхугъуэр ″лъагъун″ырщи, абы и лэжьэкIэмкIэ зы щыIэ гуэр "плъагъу"у аращ; ар "болъагъу"р.

″Бы″ макъыр ″бын″ Iуэхугъуэми къызэригъэлъагъум хуэдэу зы гъэужьыгъэ Iуэхугъуэрщ. Абы игъэзащIэ Iуэхугъуэр ″у″ Iэмалыгъуэм ещхьщ. Ар щхьэ, ″у″ Iэмалыгъуэр езырыжу зыужьыгъуэ хъурщ; икIи, ″ужь″ыр ″у″ращ къызтехъукIыр. ″Бы″ Iэмалыгъуэр, зы Iуэхугъуэ щIыб IэнатIэр гъэкIуэтэнрэ гъэужьын Iуэхугъуэр зыджырщ. Ар, зэрелъытарэкIэ ужьыгъуэ зыгъуэтрэ щIын Iуэхугъуэрщ.

*

″Бы″р зэрелъытарэкIэ ужьыгъуэ щыхъукIэ, ″бий″уэ зэтеувэу щыт псалъэми, зэрелъытарэкIэ ужьыгъуэ зыхуиIэу щыт гуэрыр е зи ужьыгъуэр зэрелъыта гуэрыр къыриIуэнщ. ТIэ, зи ужьыгъуэр (у) хуитрэ щхьэжу щымытын Iуэхугъуэр къызхэкIрэ, зи ужьыгъуэр зэрелъытарэкIэ игъэзэщIэн хуейуэ илъытэ гуэрыр гурыIуэгъуэ зыщIырщ ″бий″р. Ар тIэ, утебэнэнрэ узэзэуэн хуейуэ щытыркъыми, уи щIыкIэрэ уи щытыкIэр зызэреплъытэн хуейуэ щытырщ. Апхуэдэу илъытэ зы нэрыбгэр зыдыхэтрэ зыдыщIэтым фIырыфIкIэ щIэмыхьэн хабзэр зиIэу щыта Адыгэм мы и щIыкIэр фIыуэ гуэрыIуэгъуэ зыщIыу зы псалъэрщ ″бий″р тIэ.

Узэрыщытым къыхэхъукIрэ уи зыужьыгъуэу езырыжу къэхъуу щыт зы Iуэхугъуэу щытщ "плъэн"ыр; абы къызэрыгуэкIкIэй, къэбгъэхъуу щыт Iуэхугъуэр "лъагъун"ырщ. Аращи, натуралу къыпхэлъэрэ къыпхэхъукIыу уи зыужьыгъуэу щыт Iуэхугъуэхэр "у" префикскIэ мэлажьэр; мыбы ящыщщ плъэн Iуэхугъуэр: нэ уиIэмэ ″уоплъэр″. Ар щхьэ, зы Iуэхугъуэр уи щыIэкIэу щытым къыхэмыхъукIрэ, езырыжу къэхъуу щыт зыужьыгъуэ мыхъуу щытмэ, уэ ар зы Iуэхугъуэ IэнатIэу плъытэу къэ″б″гъэхъурэ къэ"б"лэжьу щытмэ, гурыIуэгъуэщи, апхуэдэ глаголхэм "бы" префикскIэ лэжьыгъэ ягъуэтыр. Щапхъэмэ, "бэуэн, кIуэн, лIэн..." хуэдэ натуралу ди псэугъуэм къыхэхъукIыу щыт Iуэхугъуэхэм и лъэжьэкIэ хъууэ щыт глагол гупыр япэрей глагол гупщи, ахэр "у" префикскIэ мэухуэр. "Гъэбэуэн, хьын, щIын, щIэн..." хуэдэу, зы Iуэхуу щытрэ, къэблэжьын хуей Iуэхугъуэу бгъэзащIэхэр "бы" префикскIэ утыку иболъхьэр.

Нэрылъагъущи, ″бы″ макъыр къызпыхьэу щыт макъхэм зэрадэкIукIэрэу ″п″ е ″пI″уэ зэхъуэкIыу щытщ. Глагол лэжьыгъэ зэрыхъукIэрэу къэгъэхъуу щыт макъ зэхъуэкIыныгъэхэр, зы фонэтикэ Iуэхугъуэу къохъур; ауэ, апщыгъуэм, зы мыхьэнэ зэхъуэкIыныгъэ къэхъуркъым. ИкIэм икIэжым, "бы"р зэхъуэкIмэ, къэхъуу щыт макъыр "пы" е "пIы" макъырщи, ахэри зы макъ гупу щытщ; икIи, а макъхэр зэрзэпыщIарэ зыр зым къызхэхъукIрэ ипIэ зэриувапхъэу зэрщытри ипщэкIэ гурыIуэгъуэ хъуауэ щытщ.

Мыри пыщапхъэщ: Мы макъ гупыр, я фонэтикэми къызэрыгуэкIкIэ, зэпыщIарэ зэхэжапхъэуй щытщ; мы макъ гупыр, макъ зэгуэт куэд къызхэхъукIыу зы макъ гупырщ. Абы и щхьэусыгъуэ хъуэ щытри, ипщэкIэ къэтIуэтауэ щыт Iуэхугъуэм ящыщщ; икIи, мы макъ гупыр, макъ зэгухьэнрэ зэрелъытэн Iуэхугъуэхэр зэкIуу зы макъ гупу щытщ. Мыхэри зи гугъу тщIы щапхъэхэм ящыщщ: «Бгы, бгэн, бгъэ, бгъу, убгъун, бжэ, бжьы, бжьын, бжьэ, бзы, бзын, бзэ, блы, блын, блэ, блэхун...».

*

Аращи, ″бы″р зы глагол щыхъум щыгъуэ, "бын"щ къэхъури, ар зы пIыгъэ гуэрщ. Быныр ныбэм щилъым щыгъуэ, ар зыпI Iэмалыгъуэу "бынжэ" псалъэри къохъур. ″Бы″ макъыр зы псалъэрэ макъым ипэ къыщыпыхьэм щыгъуэ, зэрелъытарэкIэ зыужьыгъуэ хъууэ щыт Iуэхугъуэ къэзыгъэлъагъуэу щыт псалъэхэр къэхъунщи, мыхэр абы и щапхъэхэрщ: «″Быж″ыр зы гуэрым ижыпхъэу щыт гуэрырщ; ″быдэ″р, зэрызэхэлъ щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, ″дэ″рэ лъэщу щытырщ; ″быхъу (бэ-ы-хъу)″р, зыхущIыптIагъэм ″бэ″ хуэхъурщ».

КIэух макъ хъууэ щыт "бы" макъыр, а псалъэм глагол хуэхъурщи, зи кIэу хъууэ щыт Iуэхугъуэм зэрелъытарэкIэ зыужьыгъуэ иджынщ: «″ЩIыб″ыр, зы щIыпIэу щытрэ, а щIыпIэм елъытауэ утыку къихьэрэ лъытапхъэу щытырщ; ″щIыбагъ″ри щIыбу щытырщ; ″кумб″р, зы кууагъ Iуэхугъуэу къэхъуу щытырщ». Мыхэм хуэдэ Iуэхугъуэхэрщ, кIэух зыхуэхъуу щыт нэгъуэщI псалъэхэми ″бы″м хуигъэзащIэхэр: «ЕIэбын, еIубын, ущэбын, убын...».

"Бы" макъым кIуэтэгъуэ е зэманыгъуэ иIэ щыхъукIэ "бэ"р къохъур. "Бэ"р куэд жыхуиIэрщ; "бы" Iэмалыгъуэр гурыIуэгъуэ щыхъум щыгъуэ, ″бэ″р щIэкуэдыр гурыIуэгъуэнщ: ЗэрелъытарэкIэ ужьыгъуэ хъур къэзыгъэлъагъуэу щыт ″бы″м кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ щигъэтым щыгъуэ, ар зэры″бэгъуэ″нур гурыIуэгъуэнщ. ″Бэ″ хъууэ щыт Iуэхугъуэхэм и щапхъэхэрщ мы псалъэхэр: «Бэгъу, бэгъуэн, бэв, бэвыгъэ...». "Бэ"р зы куэдыгъэ зэрыхъурэ зы глаголыфэ псалъэ къэхъуу щытмэ, ар ″бэн″ырщ: "Бын"ым зы "пIэ" зэриIэкIэрэу, "бэн"ым "пIэ" быхъу къигъэлъагъупхъэнщи, бэныр пIабгъуэу зы пIэрщ.

Мы щапхъэ къэхъухэр зи лъабжьэу псалъэ куэд къохъур: "Бы" Iэмалыгъуэм кIуэтэгъуэ къыхуэкIуэрэ "бэ" хъумэ, ари "гы" Iэмалыгъуэм хуэкIуэу щылажьэм щыгъуэ, "бэгын" псалъэр къохъур. Зы гуэрэф пэлытэрэ бэгауэ щытыр "бэгу"щ.

Мы псалъэхэм я къэхъукIэм ебгъэщхь хъунщ "бэкъу, бэкъуэн, лъэбакъуэ" псалъэхэр къызэрыхъури: ЛъэкъуитIым я зэхуакум дэлъу щыт ″бэ″ращ ″бэкъу″р; е нэгъуэщIыу жыпIэмэ, мы ″бэ″уэ щытыр лъакъуэхэм елъытауэ къэхъуауэ щытщ.

Дыздиту щыт зы зэманыгъуэ IэнатIэрэ къэкIуэну щыт зэманыгъуэм дызщыхуэкIуэр "нобэ"щ.

"Бы-бэ" макъыр зы гуэрым е зы Iуэхугъуэм ехьэлIауэ къэхъуу щыт Iуэхугъуэ зэрыхъукIэ, зы "Iэ"м и кIуэтэгъуэрэ иужьыгъуэ хъур "Iэбэн" Iуэхурщ; зы жьэ е "Iу"м и Iуэхугъуэрэ абы ехьэлIауэ къэхъур "еIубын"ырщ; зы бжэр зы бгъуэщIагъым и зы "Iу" зэрыхъукIэрэу, ар гъэбыдэнрэ ″IупIэн″ Iуэхугъуэ пэлъытэр "Iубэн"ырщ; икIи, зы гуэрым и бжэIупэрэ Iупэу щыт гуэрым Iузу щытыр, абы Iубауэ щыт хъунырщ. Куэдагъ зыгъэлъагъуэрэ, кIэух зыхуэхъуу щыт макъ мыхьэнэм бэгъуагъэ къыщыхуэкIуэм щыгъуэ, къэхъуу щыт псалъэхэрщ "щабэ, сабэ" псалъэхэр.

*

″Пы″ Iэмалыгъуэу щытыр, зи гъунапкъэу къызпэщытым и хъуреягъыр зэщIиубыдэу щыт щыхъум щыгъуэ, абы ″пIы″ Iэмалыгъуэр къызэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, ″пIэ″ри къэхъуауэ щытщ. ″Пы″ макъым мыпхуэдэ IэмалыгъуэкIэ зыщихъуэжым щыгъуэ, къэхъуу щытыр ″пIы″ Iэмалыгъуэрщ. ″ПIы″ Iэмалыгъуэу къэхъуу щытыр, зи гугъу тщIауэ щытрэ зи ″пIэ″ зыхуэхъуауэ жыхуэтIам ехьэлIауэ щыт хъурщ. ″ПIы″ Iэмалыгъуэр зы глаголу щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щытыр ″пIын″ Iуэхугъуэрщи, ар, зи гугъу тщIыуэ щыт пIэр зи пIэу щытым телэжьыхьынырщ, теджыхьынырщ: ″ПIын″ Iуэхугъуэу къекIуэкIыу щытым утыку къырилъхьэу щытыр зехьэлIарэ, абы ипIуу щытыр зы ″бын″щ. ″Бын″ыр, ″бы″ Iэмалыгъуэу щытыр зы лэжьыгъэрэ зы Iуэхугъуэ зэрыхъукIэрэ къэхъуауэ зы псалъэрщ. ″Бы″ Iэмалыгъуэр, ″пIы″ Iэмалыгъуэр зехьэлIауэ щыт хъурщи, ″пIын″ Iуэхугъуэр къыщIекIуэкIыр ″бын″ым папщIэрщ. ″Бы″р елъытэгъуэкIэ ужьыгъуэ зиIэу зэрыщытыр, мы псалъэрэ Iуэхугъуэ къэхъукIэхэм ущыхэплъэжым щыгъуэ гурыIуэгъуэ хъууэ щытырщ.

″Бы″ макъыр зыхэту щыт псалъэхэр ипщэкIэ къэдгъэлъэгъуауэ щытщ. А псалъэхэм я нэхъыбапIэр псэрэ псэущхьэ Iуэхугъуэм ехьэлIауэ зэрыщытри жыIэпхъэщ. ПIын Iуэхугъуэр зехьэлIауэ щытыр быну зэрыщытым къыщыщIэдзауэ, уеплърэ ущегупщысым щыгъуэ, ″бы″ IэмалыгъуэрэкIэ лэжьыгъэ зыгъуэту ужьрэ багъуэу щытхэр псэущхьэу жыпIэ хъунщ. Псэущхьэхэращ пIын IуэхугъуэрэкIэ ужьрэ хэхъуэу

щыIэгъуэ зиIэхэр. Ахэращ зыр зым къигъэщIрэ зыпIыжхэр; икIи, зыр зым елъытауэ утыку къызэрихьэ щIыкIэ зиIэу щытхэр.

"Бы" макъым иджыр гурыIуэгъуэу щытмэ, псэрэ псэущхьэ ужьыкIэ хъууэ щытыр, а макъ Iэмалыгъуэм къигъэлъагъуфыну зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. Арагъэнщи, псэущхьэ Iуэхугъуэхэм теухуауэ щыт адыгэбзэ псалъэхэм нэмыщI, псэущхьэ Iуэхугъуэхэм теухуарэ греко-латин лъабжьэу щыт "био, биологие" псалъэхэми "бы" макъ зэрыхэтри гулъытапхъэу щытщ. Аращи, "бы" макъ IэмалыгъуэкIэ лэжьыгъэрэ зыужьыгъуэ зыгъуэту щыт Iуэхугъуэ куэдыр био-физйологикэ Iуэхугъуэхэрщ. Биологие Iуэхугъуэхэм я ужьыкIэр "бы" IэмалыгъуэрэкIэщ.

"Бэгу" псалъэри хэтыжу, биологие Iуэхугъуэу мащIэкъым "бы-бэ" макъым иджыр. Мыбы хуэдэщ "бамэ"р; абы ещхьу зы Iуэхуу щытщ псырэ псэ лъабжьэу щытым къыхих "бахъэ"р. Псэущхьэхэр зыхуэныкъуэу щыт жьы къэшэнри "бэуэн"щ. ТIанэ, псэущхьэрэ псэ ужьыгъуэм (бы-бэ) къезэгърэ хуэфIыу (хуэ) щыт зы Iэмалыгъуэрэ, куэдыщэ щыхъукIэ биологие зэхъуэкIынри къэзгъэхъупхъэу щытыр "хуабэ"рщ. Хуэбагъэр егъэлеяуэ щытмэ, ар "бэмпIэгъуэ"рщ.

Псэущхьэрэ "бы" макъым иджу щыт Iуэхугъуэу къэхъуауэ лъытапхъэ хъуу щытхэм я фIэщыгъэцIэхэри "бадзэ, бжьыдзэ, хьэмбыпу" хуэдэу зэрыщытми гулъытэ хуэщIын хуейщ.

*

"Бын"ыр "пIын" Iуэхугъуэ зыхуэхъурэ зи "ныбэ"р зы "пIэ" зыщIыу щытыр "анэ"хэращ. Анэхэр, къэзылъхурэ быныр зыпIыжхэрщ; анэхэр "бзылъхугъэ"щ, цIыхубзщ, "бзы"хэрщ. Псэр къызхэхъукIрэ зыпIыу щытхэр зэрыбзым хуэдэжу, псэм къыхэхъукIхэмрэ псэущхьэ Iуэхугъуэу щытхэри "бы" IэмалыгъуэрэкIэщ зэрыужьхэр. Мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэу, убзыхугъуэ зиIэрэ бзыгъэ хъууэ щыт Iуэхугъуэхэр къэзыIуатэ псалъэхэм бэуэ хэту щыт "бы" Iэмалыгъуэри бзы Iуэхугъуэу щытынщ. "Бзы"р, "бы" Iэмалыгъуэ дыдэрэ езырыжу зэрыщытыр къэзгэлъагъуэу зы псалъэрщ. "У" макъыр зы макъыхъуу зэрыщытым хуэдэжу "бы" макъри макъыбзщ.

Арагъэнщи, Адыгэ цIыхубзыцIэу "бы" макъ зыхэтыр мащIэкъым: "Былэ, Быцэ, Быцу, Быху, Быбэ, Булэ, Бубэ, Бабыху, Бабу, Бау, Бэт, Былыху, Абу, Дыбыбэ, Бабэ...".

Езыр Тхьэгуащэрэ, Тхьэ лъэпкъыу хъуам я пашэрэ я къежьапIэу ялъытэу щыт Анэдолэ Тхьэгуащэ "Къубабэ"ри "бабэ"у зэрыщытыр нэрылъагъущ. ИкIи, "Къубабэ"р къущхьэрэ бгыщхьэхэм я Тхьэгуащэу ялъытэрти, а псалъэм езыми, адыгэбзэкIэ къыбгуригъаIуэу щыт и мыхьэнэр "къу анэ"у е "къу гуащэ"у зэрщытыр пыщапхъэщ.

## «Ф, ФІ, В» МАКЪХЭР

**Ф...**

″Фы″ макъыр зэрыщыту щхьэжу зы мыхьэнэ зимыІэрщ. Ар зы Іэмалыгъуэу глаголизацэу къэсэбэпу хэтщ бзэм. Ар зы лъэкІыныгъэу щытырщ. Ар, зы лъэу утыку итым и лъэкІыныгъэу, а лъэм къигъэщІынрэ къыхэхъукІын Іэмалыгъуэрщ. Зы лъэ зыубыдарэ утыку къихьауэ щытым ехьэлІауэ зы Іэмалыгъуэрщ ар. Ар, лъэрэ лыуэ зэщІэувэм и Іэмалыгъуэу ялъэкІыныгъэрщи, зы лъэкІ Іуэхугъуэу къэсэбэпырщ.

″Фы″ Іэмалыгъуэр, лъэкІыныгъэу щытырщи, ар къэхъурэ зэманыгъуэ игъуэту щыт хъумэ, утыку къихьэр ″фэ″ хъунщ. ″Фэ″р лъэ зэщІэувам трищІэрщи, ар а лъэм и лъэкІыныгъэу къэхъуарщ; икІи, и лъэкІыныгъэр зыгъэбыдэжырщ.

Хъуүэ щытыныр къызхэкІыр зы лъэкІыныгъэрщ. ″Хъы″м и ужьыгъуэу къэхъур зы лъэкІыныгъэу ″хъы″м хэлъырщ. А лъэкІыныгъэм къызэрыгуэкІкІэ ″хъуф″у щытщ ар. Хъуфу щытыр зэрыхъуфым къызэрыгуэкІкІэ, абы зы фэй къегъэхъур. Ар зэрыхъуфрэ, и лъэкІыныгъэу щытым къигъэщІыу щытыр ″фэ″рщ. Дэтхэнэ зы гуэррэ, хъуарэ хъуфу щытым зы фэ трищІэрэ иІэжу щытщ. Ар и теплъэ хъууэ щытщи, зы ″плъыфэ″й хъунщ. Мыпхуэдэу хъуарэ хъуфу щыт дэтхэнэ зы гуэрым зы фэ иІэу лъытапхъэщи, зы ″фэ″ макъыр зи кІэухыу щыт зы псалъэри ар дыдэу щытщи, зы теплъэ зиІэрэ хъуфыну гуэрырщ. Аращи, ″унафэ″ жыхуэтІэри зыужьыгъуэ (у) зиІэу зы лъабжьэ (нэ) хъуфыну (фы) щыт псалъэрщ.

Дэтхэнэ зы гуэррэ хъуфу щытым зы лъэкІыныгъэ зэриІэм къызэрыгуэкІкІэ, зы ″фы″ Іэмалыгъуэ иІэжщи, ″фэ″р къызхэкІыр аращ. Дэтхэнэ зы щыІэ гуэрым зы фэ иІэжщ. Ауэ, зы лъэкІыныгъэу ″фы″ Іэмалыгъуэр зы ужьыгъуэ Іуэхугъуэм къызэрыгуэкІкІэ ″фэ″р къызтехъукІыу зэрыщытыр гурыІуэгъуэнщи, зыужьыгъуэ мыхъурэ, зы лъэкІыныгъэр зэрыщыту къанэрэ къызэхэнэу щытмэ, ″фы″р зыхэту щытрэ зыдитыпІэрэ и гъуэм имыкІыу зэтеувыІауэ щыту къанэмэ, ар ″фыгъуэ″у щыт хъуауэ лъытапхъэрщи, тІэ, ар мыужьыгъуэу щытырщ. Мыпхуэдэу щытыр, зы лъэкІыныгъэрэ зы ″фы″ Іэмалыгъуэр зэрыщыту къызэтенэу аращ.

"Фы" макъым иджыр, зэрхъун хъуам и лъэкІыныгъэрэ трищІэж Іэмалыгъуэрщ. Дэтхэнэ зы лъэ гущІыІум лы трищІауэ щытмэ, лыми и лъэкІыныгъэр къигъэлъагъуэу езым трищІэж Іэмалыгъуэрщ "фы" Іэмалыгъуэр; тІэ, зытырищІэм и гущІыІум къекІуэкІыу трищІапхъэ хъурщ ар. ″Фы″ Іэмалыгъуэр мыпхуэдэу къеІуэкІрэ щыкІуатэм щыгъуэ, бзэ хабзэу къэхъур ″фэ″ хъунщ.

"Фы" Іэмалыгъуэм зэманыгъуэ игъуэтрэ щыІэ гуэр щыхъукІэ къэхъуращ "фэ"р. "Фэ"р, лым къыхэхъукІрэ абы трищІэжу щыт зы лы

быдагъэрщи, зи псыр щIэкIарэ щIэфыжауэ щытырщ. Фэр лым псыр зыхэкIарэ гъуауэ щытырщ. Фэр зы лъэрэ лы гущIыIум трищIауэ щытырщи, а лъэрэ лым и гущIыIум телъръэ, и гъунапкъэу щытырщ. А лырэ лъэм и гъуэ хъууэ жыIэпхъэщ фэр. Ауэ, а лъэр, лы зытелъръэ фэр зэрытрищIагъэжкIэрэу зы пкъыгъуэу щытырщи, фэри, лъэр зыдиту щыт гъуэм итрэ щыщ хъурщ; фэр лъэ гущIыIуу зэрыщыткIэрэу, лъэм и гъуэу лъытапхъэ хъурщ. ЖытIэнур аращи, "фы" Iэмалыгъуэр, утыку къихьэу щыт зы пкъыгъуэ Iэмалыгъуэу щытырщи, абы зэрихъумэжын Iэмалыгъуэри къызхэхъукIырщ. Мыпхуэдэу щыхъукIэй, а Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт фэр, пкъыгъуэм и гъуэ пэлъытэу, зи лъэм къызхэхъукIрэ зи лъэкIыныгъэу щытым зэрызихъумэжын папщIэ къэсэбэпырщ.

Фэр къэзыгъэхъур "фы" Iэмэлыгъуэрщи, ар зы лъэ зиIэу утыку къихьэм и лъэкI хъууэ щытырщ. А лъэкIыныгъэу щытым къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щытхэм и къежьапIэрэ и хыхьэжыпIэу щыт Iэмалыгъуэрщ "фы"р. Ар щыхъукIэй, лым трищIэ "фэ"р, щыкIуэдыжым щыгъуэ, япэрауэ "фы" Iэмалыгъуэм зыкъигъэлъагъуэнщ. Фэр зэхъуэкIрэ зэрыщытым щикIым щыгъуэ, къызхэкIауэ щыт Iэмалыгъуэм хуэкIуэжу жыIэпхъэщ. Фэр зэхэпцIэжрэ лыпцIэ щыхъукIэ, къэхъуу щыт Iуэхугъуэр "фын" Iуэхугъуэрщ. "Фы" Iэмалыгъуэр щыIэ зэрыхъу щIыкIэу утыку къихьэу щыт "фэ"р кIуэдыжыныр фынырщи, бзэ зэтеувэкIэу "фын" псалъэр "фэ-ы-н"уэ утыку къихьэу жыIэпхъэщ. Зы "фэ"м мыпхуэдэу зэхъуэкIыгъуэ щигъуэтым щыгъуэ, ар зэманкIэрэ (э) къэзыгъэхъуауэ щыт "фы" Iэмалыгъуэм хуэкIуэжрэ, хыхьэу хэкIуэдэжынырщ.

Фэр къэзыгъэхъуар псэущхьэ лъэкIыныгъэу щыт "фы" Iэмалыгъуэрщи, фыныр фэм къынэсауэ щытмэ, а псэущхьэм лъэкI къыхуэмынэжауэ аращи, тIэ, а пкъыгъуэм ужьыгъуэ иIэжу щыткъым; псэ хэтыжу щытуй къыщIэкIынкъым.

ТIэ, гурыIуэгъуэр аращи, зыужьыгъуэр нэхъыфIыжу зыхуэIуар псэрщи, лъэкIыныгъэри зыужьыгъуэ Iуэхугъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, "фы" Iэмалыгъуэр нэхъыбэу зехьэлIарэ зыхуэIуа хъур псэ зыIутрэ псэущхьэрщ. ИкIи, "фы" Iэмалыгъуэ защIэрэкIэ зи фэр зыхъуэжыфрэ, теплъэщIэрэ фэ щIэхэр къэзыгъэхъур псэущхьэрщ.

*

Дэтхэнэ зы щыIэ гуэррэ, зи лъэм лы трищIэу щытым, и лыми зы фэ трещIэр. Дэтхэнэ зы щыIэ гуэррэ лы зытелъым п гущIыIум трищIэрэ телъыр фэщ. Дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым и гущIыIур фэ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, зы гуэрэм ущеплъым щыгъуэ, плъагъуу щытыр фэрщ.

ЩыIэу хъуауэ зы лъэ зиIэу щытыр, ар пкъыгъуэ зиIэ ирехъу, пцIапцIэрэ ткIуаткIуэй ирехъу, уэрэ уафэ ирехъу ар, лъагъупхъэу щытмэ, абы зы фэ иIэу жыIэпхъэщ. Зы щыIэ гуэрым трищIэрэ узтеплъапхъэ хъууэ

щыту плъагъур, а узэплъым и "фэ"рщ. А узэплъу щыт лъэм и зы лъэныкъуэу щытрэ, абы къэлъэгъуапхъэу телъу щытыр "фэ"рщи, мыр плъын Iухугъуэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуауэ зы псалъэу "плъыфэ" хъурщ.

"Фы" Iэмалыгъуэу щыIэ хъууэ щытыр "фэ"щ; "фэ"р псыр зыщIэжарэ быдэ хъуауэ щыт "лы"рщ; лыр зы лъэм трищIэ зэрыхъукIэй, абы трищIэж хъууэ щытыр "фэ"рщи, зы лъэ зиIэ дэтхэнэ зы гуэрым "фэ" иIэщ. А щыIэу щыт гуэрыр зэрыплъагъу лъэныкъуэр а "фэ"кIэрэщ, ари а щыIэу щыт гуэрым и "плъыфэ"рщ.

Дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым зы фэ зэриIэкIэрэу, а щыIэр зэры″плъагъу″р и ″фэ″ лъэныкъуэкIэрщи, а Iэмалъыгъуэр къыуэзытыр "плъыфэ"рщ. Дэтхэнэ зы гуэрыр зэрыплъагъуфыр и плъыфэкIэрэущ. Плъыфэу щытрэ, зы гуэрыр зэрытлъагъуфу щытхэм я фIэщыгъэцIэри "плъыфэцIэ"щ. Ахэр плъыжьщ, гъуэжьщ, щхъуантIэщ; мы плъыфищым къатехъукIыу щыт нэгъуэщI плъыфэ куэд щыIэщ. Адыгэбзэм плъыфэцIэу зи фэ ещхь гуэрыр къыриIуэу плъыфэцIэхэри иIэщ: «Удзыфэ, тхьэмбылыфэ, къэхьэуафэ...».

ТIанэ, зы гуэрым и плъыфэ хъууэ щытыр, зы плъыфэцIэм зэрыхуигъакIуэкIэй псалъэрэ жыIэпхъэ къэхъуауэ щытыщ: «Хужьыфэ, сырыхуфэ, гъуэжьыфэ, щхъунтIафэ, гъуэбжафэ...».

Мыбыхэм хуэдэу, плъыфэр къызхэкIыр "фэ"уэ зэрыщытым пащIэ, "фэ"р зы плъыфэм ипIэми йоувэфыр. Зы цIыхур зыхуэдэм теухуауэ, ар зылъэгъуахэм уеупщIынумэ, и "шыфэ-лIыфэ"ращ узщIэупщIэр. Дэтхэнэ зы щыIэм зы фэ зэриIэкIэрэу, зы щыIэкIэрэ зы щIыкIэу щытри зы теплъэрэ плъыфэрщи, зы "фэ" зиIэрщ; тIэ, ар а и фэмкIэ къэIуэтапхъэрэ къэгъэунэхупхъэнщ. Зы гъащIэ зиIэм и зы ныбжьым теухуауэ зы щыIэкIэрэ зы теплъэ игъуэту щытщи, дэтхэнэ зы ныбжьыр зы "фэ"кIэ къэIуэтэпхъэщ: «ЩIэлафэ, жьыфэ, лIыжьыфэ...».

Дэтхэнэ зы гуэрым езым хуэIуауэ зы "фэ" иIэщи, езым ифэрэ и щIыкIэр зэзыхъуэкIрэ нэгъуэщI щIыкIэ нэпцI къэзыщтэр "фэрыщI"щ. Дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым езым хуэIуауэ зы "фэ" иIэщ; икIи, зи фэрэ зи щIыкIэм хуэIуарэ екIуу щытыр абы и теплъэу щытырщи, а теплъэр абы и фэрэ и "фащэ" хъурщ. Зы гуэрэм и щыгъыныр абы и фащэрщ; икIи, абы екIурэ езэгъыу щыт дэтхэнэ зы гуэрыр абы "хуэфащэ" хъурщ.

Зыужьыгъуэрэ зы унэ Iуэхугъуэу къэхъуу щытрэ гъэзэщIапхъэ хъу псалъэр "унафэ"щ. Зыужьыгъуэ (у) къызхэхъукIын (нэ) хуэдэу зэхэлъхьауэ (фэ), гъэзэщIапхъэу щыт псалъэрщ ″унафэ″р.

Зы пкъыгъуэрэ зы теплъэ зиIэу щыт дэтхэнэ зы гуэрым зы "фэ" иIэщ. Зы псэущхьэпкъыр зы щIыпIэу лъытапхъэ зэрыхъум къызэргуэкIкIэ, ипкърэ и Iэпкълъэпкъым и фэр "щIыфэ"щ. Зы губгъуэм теIэтыкIарэ зы тетыпIэу щыт щIыфэр "тафэ"щ. Зы хыр тафэм хуэдэу зы щIыфэ зиIэрщи,

ар захуэрэ зы теплъэ зиIэу ужьыгъуэрщи, абы и гъунэрэ и ухыпIэу щытыр "Iуфэ"щ. Уэгуми зы теплъэрэ зы фэ иIэнщи, а и фэ лъэныкъуэкIэ зы фIэщыгъэцIэ хуэбгъэфащэмэ, ар "уафэ" хъунщ.

"Фэ"р зы щыIэм телъу зэрщыткIэрэу нэгъуэщI псалъэхэри къохъур. Зы гуэрым тет хъун хуейуэ щытхэр темытыжмэ, ар "джафэ"щ; ар икIи, джарэ джыгъуафIэу зы теплъэрэ зы фэ зиIэрщ.

"Фэ"р дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым зэриIэкIэ, фэм ехьэлIарэ къыгуэкIыу щыт Iуэхугъуэхэри "фэ" Iэмалыгъуэм утыку ирелъхьэр. И пкъыр щIым телърэ щихъуэу гъэкIуэтэныр "лъэфын (лъэ-фэ-ы-н)" Iуэхугъуэрщи, щIым щихъуэу щытыр фэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Зы гуэр "къэлъэфын" е зы щIыпIэ "телъэфэн"рэ "хэфэхъун"ри мыбы хуэдэщ. "УфэрэкIын"ри ублэрэкIын Iуэхугъуэрщи, и щIыфэр зэгъэдзэкIа хъунырщ.

"Къэфэн" Iуэхури, мыбыхэм хуэдэу зы "фэ" Iуэхугъуэрщ. Ар, щIым тетрэ абы дэкIуу лъакъуэ лъэфын Iуэхугъуэри зэрхэтыжкIэрэу "уфэрэзэн, къэуфэрэзыхьын" хъууэ ящIырщ. Ауэ, "къэ"рэ "фэн" зэрыхъукIэрэй, зы лъэбжьэжьрэ зы къежьапIэ къэзыгъэлъагъуу щыт псалъэ хуэдэщ "къэфэн"ыр. Ар, къэхъурэ утыку къихьэм и лъэкIыныгъэу щыт ″фы″ Iэмалыгъуэр гъуэзэджэу утыку къилъхьэнырщ.

*

Зы гуэрым псыр зыдитыпIэм иригъэкIынрэ зыщIишэн Iуэхугъуэу ″ифын, щIифын, зыщIифын, щIэфын″ хуэдэ псалъэхэр къохъур. Зы къэкIыгъэ лъапсэрэ къуэпсхэм я фэм пхырыкIыу зыщIашэрщ псыр. Псыр къэкIыгъэм и фэмкIэ зыщIефри, аращ зы къэкIыгъэм и псэр зэригъэужь щIыкIэр къызхэкIри.

ИкIи, зы къэкIыгъэм иIэу щыт лъэкIыныгъэри псы ″зыщIэфын″ Iуэхугъуэ закъуэрауэ жыIэпхъэщ. Е, зы къэкIыгъэу щытым япэрауэ хузэфIэкIыу щыт и лъэкIыныгъэшхуэр псы зыщIифынырщ. Зы къэкIыгъэр псэурэ ужьыгъуэ зиIэу щытмэ, тIэ, абы и псэрэ и ужьыгъуэр имыгъэкIуэдын папщIэ, лъэкI къимыгъанэу псы зыщIифын хуейщ; икIи, и лъэкIыныгъэр псым къызэрыхэкIым папщIэй, лъэкI къимыгъанэу зыщIифынущ псы зыхуэныкъуэр. Мы Iуэхугъуэми къыдигъэлъагъуэр аращи, нэхъыбэу псэ ужьыгъуэм теухуауэ щытщ лъэкIыныгъэри, дэтхэнэ зы псэ зыIутым зы лъэкI зэриIэкIэрэу ″фы″ Iэмалыгъуэр къохъур.

КъэкIыгъэм псыр зызэрыщIафым хуэдэу лъытапхъэщи, псы узхуэныкъуэр уи ныбэм егъэхыныр "ефэн" Iуэхугъуэрщ. Ефэн Iуэхугъуэр зи лъабжьэкIэрэу "хэфын, дефэн, зэдефэн, щIэфын..." псалъэхэр къохъур. Псы закъуэ мыхъуу, дэтхэнэ зы ефапхъэ лIэужьыгъуэ хэхауэ щытыр "фадэ"щ. Ефапхъэу щытхэр зэрытыпхъэрэ зырафыкIыр "фалъэ"щ.

*

"Фы" IэмалыгъуэкIэрэ зэманыгъуэ зыгъуэту щыIэ хъууэ щыт "фэ"р, псы зыщIэжарэ гъуауэ, лы гущIыIум трищIэрщ. Мыпхуэдэу псырэ псэ Iуэхугъуэ хъууэ щыт "фы" Iэмалыгъуэр зэрыщыту иту къанэрэ, зэманыгъуэрэкIэй "фэ"уэ утыку къимыхьэмэ, езырыжу къыщызэхэнэм щыгъуэ "фын" Iуэхугъуэр къохъур. ″Фы″ Iэмалыгъуэм къигъэщIыу щытыр зы теплъэрэ зы фэуэ щытмэ, фэр а къызщежьам хуэкIуэжынрэ, и щыIэкIэрэ и зэманыгъуэр игъэкIуэдыжын Iуэхур, бзэ хабзэм къызэрыгуэкIкIэ, ″фын (фэ-ы-н)″ Iуэхугъуэу жыIэпхъэщ. Апщыгъуэм ″фы″ Iэмалыгъуэр къызхэхъукI псэм лъэкI имыIэжу аращ. Апщыгъуэм, ар къэзыгъэщIыу щыт псэущхьэм и лырэ и лъэр зохъуэкIри, лъэкI къыщIэмынэжу зэхоуэжыр, зэхопцIэр; ар къызхуэкIуэ лырэ лъэм зы фэ зэрамыгъуэтыжыфкIэрэу, зыужьыгъуэ ямыIэжу "фыгъуэ"р къахуокIуэр. Фыгъуэ къызхуэкIуэр мэфри зэрщытарэ зыдитауэ щытам йокIыжыр. Ар лъэкIыныгъэрэ зыужьыгъуэ зимыIэжырщ.

Зи псыр зыщIэзфыжрэ зи фэр икIауэ зэщIэмыплъэжыфу гъуарэ плъэн зыхузэфIэмыкIыж "нэ"ращ "нэф" жыхуаIэр.

Зы фыгъуэ къызхуэкIуарэ фыгъуэ ихуар, фыгъуэм ехьыжри хокIуэдэжыр. Фыгъуэ зиIэрэ фыгъуэу щытым, зыужьыгъуэ Iэмалыгъуэ иIэжынкъым, ар зэхэфыхьынущ. Зэхэфыхьым зыужьыгъуэ зэримыIэжынум хуэдэжу, и щыIэкIэми екIурэ езэгъыу зы теплъэрэ зы фэ иIэжыфынукъым. Фыгъуэрэ зэхэфыхьыныр зыхуэIуар зы лырэ зы лъэуй жыIапхъэщ; икIи, ар зы цIыхууй хъунщи, ар зыужьыгъуэрэ фIыгъуэкIэ ухуакIуэныгъэр зыгъэкIуэд цIыхурщ. Фыгъуэрэ зыужьыгъуэр зы гъуэгу тетыркъым, зэгъуэгурыкIуэркъым; ай тIур зэхуэпхэнджщ; зэмызэгъырщ, зэрыгъэкIуэдын хуейуэ зыхуэлажьэрщ. ГъащIэрэ щыIэ джыгъуэ хъур зыужьыгъуэрщ, абы и пхэнджырщ фыгъуэр.

Фыгъуэр, нэрылъагъущи, зы псэущхьэ Iуэхугъуэрщ. Ауэ, а Iуэхугъуэр лъырэ псэ зыхэту щытым къыхуэкIуэ закъуэркъым. Ар, псэрэ гум къыпкъырыкI зыужьыгъуэ Iуэхугъуэхэми къыхуэкIуэу щытырщ. Ахэри зы псэупкъым къызэригъэщIрэ, зы псэущхьэм и лъэкIыныгъэу утыку къыщихьэкIэ, тIэ, ″фы″ Iэмалыгъуэу щытщи, абы къигъэщIынур къимыгъэщIыжыфмэ, зэхоуэжыр.

Зи гугъу тщIыуэ щытхэр щхьэжу цIыхум утыку къырилхьэ гупщысэхэрщ, щIыкIэрщ, хэтыкIэрщ, хабзэрщ, бзыпхъэрщ. Мыужьыжу къыщынэм щыгъуэ, мыпхуэдэу щыт ужьыгъуэ Iуэхугъуэрэ лъэкIыныгъэу утыку къихьэу щытхэр зэхокъутэжыр цIыхур фыгъуэм щихуэм щыгъуэ.

″Фыгъуэн″ыр, зы щыIэкIэ хъурщ. Ар зы цIыхур зыдихуауэ щыт щыIэкIэрэ щIыкIэрщ. Абы хэхуауэ щыт цIыхум и зы дэтхэнэ Iуэхугъуэр фIыгъэкIэ ужьыгъуэ хъункъым. Ар зи щхьэ къырикIуауэ щыт зы цIыхум къилэжьхэр, цIыхугъэм езэгъ Iуэхугъуэу утыку къихьэну къыщIэкIынкъым. Апхуэдэу щыт зы нэрыбгэр цIыхум иIэу щыт

лъэкIыныгъэ щIыкIэ зимыIэжырщи, тIэ, къилэжьхэр абы и ужьыгъуэу лъытапхъэкъым. Фыгъуэ цIыхур емызэгъ хъуарщ. ФэрыщIыгъэкIэ цIыхубэм хэтырщ ар.

″Фыгъуэн″ыр зы щытыкIэрэ зы щIыкIэрщи, мыпхуэдэу фыгъуэу щытынымрэ, зы гуэрым ″ефыгъуэн″ыр нэгъуэщI Iуэхугъуэ гуэркъым. ″Фыгъуэн″ыр зы гуэрым натуралу и щытыкIэрэ и щIыкIэрщи, япэрей глагол гуп лэжьэкIэ зиIэрщ (софыгъуэ, сыфыгъуащ; уофыгъуэ, уфыгъуэнуш; мэфыгъуэ, фыгъуащ). Лъабжьэрэ зы щIыкIэу щытыр фыгъуэнырщи, ар нэгъуэщI зы гуэрым теухуауэ лажьэу щытмэ, мис аращ ″ефыгъуэн″ыр. Фыгъуэн щIыкIэр нэгъуэщI зы гуэрым ехьэлIауэ (е) лэжьыгъэ зыгъуэту щытмэ, утыку къихьэрщ ″ефыгъуэн″ псалъэрэ глаголри, ар ещэнэрей глагол гупу щытырщ (софыгъуэ, сефыгъуащ; уофыгъуэ, уефыгъуэнущ; йофыгъуэ, ефыгъуащ).

Фыгъуэм итыр сыт щыгъуэй зы гуэрым ефыгъуэу щытынракъым. Ар зэрыфыгъуэн закъуэр зы гуэрым ехьэлIауэ гъэзэщIапхъэу щытын хуейкъым. Ауэ, ар зы гуэрым зэрефыгъуэ щIыкIэри зыгъэпсырщ фыгъуэн Iуэхури, зэрефыгъуэр сыт щыгъуэй нахуэу щытынкъым.

Зыужьыгъуэр нахуэщи, зэIухащ, ар фIыщи цIыхугъэми езэгъырщ; ауэ, фыгъуэрэ ефыгъуэныр зэрымыфIым папщIэ, щэхурэ гъэпщкIуауэ хэту щытынщ зы цIыхум. Ар мыгъэпщкIупхъэ хъууэ щытмэ, нэхъыкIэжщ; сыт щхьэ жыпIэмэ, апщыгъуэм зыхуигъэпщкIун гуэр щымыIэу аращи, зыхэту хъуар зэхуэдэу фыгъуэу щыту къыщIэкIынщ.

*

ЩыIэу утыку къихьэрэ зы лъэ къиува хъууэ щытым зы фэ иIэ мэхъур. А фэр а щыIэу щытыр зэрыплъагъурщ, ар плъагъуфэ хъууэ щыт плъыфэр къызхэкIырщ, зыуэзгъэлъагъуэр фэрщ. Зы псырэ зы лъы зыщIэтым трищIэр фэрщ.

Зы щыIэ гуэррэ утыку къихьа зы Iуэхугъуэр хъуарэ зэфIэкIауэ щытмэ зы теплъэ яIэ хъуауэ аращ. Дэтхэнэ зы Iуэхур зэфIэкIамэ, абы зы фэ иубыдарэ, ар зы фэм ихьауэ аращ. ″Фэ″ псалъэр, *форм* жыхуаIэ мыхьэнэри къизыIуэрщ; форм Iуэхур, зы фэ зыубыдарэ зы фэ зыгъуэта е зиIэ хъуауэ щыт дэтхэнэ зы Iуэхугъуэрщ. ″И формым итын″ е ″форм зэригъэгъуэтын″ хуэдэ жыIэгъуэрэ псалъэхэм къикIыр, зи лъэкIыныгъэр хэбэгъуэн Iуэхущ.

КIэщIыу жыпIэмэ, "фэ"м къигъэлъагъуэр Iуэху зэфIэкIаращи, ари къызхэкIыр, щыIэ хъуауэ щыт гуэрым и лъэкIыныгъэу щыт ″фы″ Iэмалыгъуэрщ. ″Фы″р лъэкI хъууэ щытмэ, зы Iуэху утыку къилъхьэныгъэрэ, ар къэзлэжьын Iэмалыгъуэ зиIэр къэIуэтэнри "фы" Iэмалыгъуэм хузэфIэкIынщ. ″Фы″ макъыр Iэмалыгъуэу зэрыщыту щытырщи, абы щхьэжу зы мыхьэнэ къикIыркъым. Ар зэманыгъуэу щылажьэм щыгъуэ, щыIэгъуэ гуэр къизыIуэрщ.

Ар щхьэжу зы Iэмалыгъуэрэ глаголизацэу бзэм хэлэжьыхьу щытщ. Аращи, "фын" кIэухыр зы псалъэм къыпыхьэмэ, къызпыхьэ псалъэм и глаголу, а псалъэм иджыпхъэ Iуэхугъуэр зыхузэфIэкIыныгъэу къеIуатэр; ар зэрыхъуфынур утыку ирелъхьэр, къегъэлъагъуэр: «КIуэфын, щIэфын, хузэфIэкIыфын, плъэфын, лъагъуфын, вэфын, Iуэфын...».

ТIэ, щхьэгъусэу щыт цIыхубзыр "фыз" щIэхъур сыт?

**ФI...**

″ФIы″ макъыр, ″фы″ макъым и текъузэрэ и пIытIауэ къэIуу щыт макъырщ. Ар лимитацэ хъуауэ щыт ″фы″ макъырщ. Дэтхэнэ зы щыIэрэ хъууэ щытыр зы лъэкIыныгъэ зиIэрщи, абы къызэрыгуэкIкIэ ″фы″ Iэмалыгъуэр утыку къохьэр. Мыпхуэдэу щыт ″фы″ Iэмалыгъуэм къигъэхъурэ щыIэу утыку къихьэр ″фэ″рщ. Ауэ, ″фы″ Iэмалыгъуэр лимитацэ хъурэ зэхэувэу, зы IэнатIэу утыку къихьэмэ, къэхъур ″фIы″рщ. ″ФIы″р, щыIэу щытым и лъэкIыныгъэу щыт ″фы″ Iэмалыгъуэр зэрызэтеувэнырщ, *абсолуд* хъунырщ.

Зы щыIэгъуэ зиIэрэ, щыIэ псом езэгъыжу щыIэф хъурэ, щыIэу хъуам елъытауэй дэтхэнэ зы фэ зыубыдауэ утыку къихьэфыр "фIы"щ. Фэ зиIэу щыIэрэ дэтхэнэ зы щыIэм езэгъыр "фIы"щ. "ФIы"р, щыIэ псом езэгъыу къэхъуу щыт псорикIщ.

"Фэ" зиIэ хъууэ щытым и лъабжьэу щытырщ "фIы"р; игъуэрэ игъуэджэу зы фэ итрэ зиIэ хъурщ ″фIы″р; ар хуэфащэу щытрэ, хуэфащэрэкIэ къэхъурщ. Къэхъуу хъуар "фIы"щ. "Хъугъуэ фIыгъуэ" жыхуаIэращ "фIы"р. "ФIы"р мыIейращ.

"Iе е Iей"р хъугъуэ фIыгъуэ мыхъурщ, къэхъуарэ щыIэу хъуам елъытауэ зы щыIэкIэ зимыIэр "Iей"щ. "Iей"р дэтхэнэ зы щыIэ хъууэ щытрэ зэзэгъыжыфэ зиIэу хъуам емзэгъырщ. Ахэм екIурэ езэгъыжу фэ зиIэ мыхъурщ "Iей"рщ. НэгъуэщI щыIэхэм зэремызэгъкIэрэу хъугъуэ фIыгъуэ къэхъуркъым; ауэ, мыпхуэдэу щымыту къэхъур хъугъуэ фIыгъуэркъыми, абы "фIы" Iуэхугъуэй хэлъыркъым; ар "Iей" хъурщ. Хъугъуэ фIыгъуэу къекIуэкIым хуэмыдэр ″Ахуэмыдэ″рщи, мыпхуэдэми къигъэщIынур ″Емызэгъ″ырщ.

Мыпхуэдэу щымытыр "фIы"щ. "ФIы, фIыгъэ, фIыгъуэ, фIыпэ, фыщэ" щыIэщ. Ауэ, зы гуэрхэр щыIэщ, нэхъыфIрэ зы гуэркIэ нэхъ фIыгъуэ зиIэу. ФIыгъэ зыхэлърэ гъащIэр фIы зыщIыу щыт дэтхэнэ зы гуэрыр "IэфI"щ. Iум хуэфIыр ″IэфIыкIэ IуфIыкIэ″ хъууэ щытырщ. Махуэ псори фIыщ; ар щхьэ, зы гуэркIэ нэхъ "мэхуэфI" щыIэщ. Зы махуэм елъытауэ адрей махуэ щыIэщ зы гуэрым теухуауэ фIыуэ. Мыбы хуэдэу, "уэфI" щыIэщ, абы елъытауй "уае (уэ-е; уэ-Iей)" щыIэщ.

"ФIы" жыхуэтIэу хъугъуэ фIыгъуэ зиIэу щытыр, щыIэу хъуам езэгърэ ядэкIужу щытын хуейщ. ИкIи, щыIэу хъуам зы щыIэкIэрэ зы хъукIэ хабзэ яIэщ; ахэр зэдэкIурэ зэдэгъуурэ заужьыр. Я ужьыкIэ зэрыхъу щIыкIэр зэраубзыхукIэрэущ. Ахэр къызэрыхъурэ гъуэгу зэртет зэрыхъу лъандэрэ зы бзэм тетхэщ; къэхъуарэ къызэрыгъуэгурыкIуэу зы бзэм тету щытщи, къабзэу, зэхущытыныгъэрэ зэфIэфIыныгъэкIэрэ зыр зым щхьэпэ хуохъур. Мыбы хуэдэу щымытыр къэхъуу щытым ящыщрэ, хъугъуэ фIыгъуэм ейуэ къэхъуу щытми, -"фIы"ми-, ар Iеигъэ зыхэлъ хъурщ; ар "фIей (фIы-Iей)" хъурщ.

"ФIыцIэ"ри зы фIыгъуэ зиIэ хъуарэ "цIы"м хуэкIуэ пэлъытэу щыIэ хъуа зы "плъыфэ"рщ, зы "фэ"рщ. Дэтхэнэ зы фэрэ зы плъыфэ зиIэр плъагъуфу щытрэ зы хъугъуэ фIыгъуэрщи, фIыцIэр зы плъыфэу, плъыфагъуэр щиухыу щыт (цIы-э) зы плъыфэрщ. "КIыфI"ри, хъугъуэ фIыгъуэм хэту щытрэ, абы къыхэхъукIырщи, ар нэхурэ фIыуэ щытым и къежьапIэрэ и ухыпIэ хъууэ щытырщ. Ар, лъэгъуапхъэр зэрытлъагъу Iэмалыгъуэу щыт нэхум и кIэрэ и къежьапIэрщ. Ар (кIыфI), фIыу щыт нэхум и кIэухыу (кIэ-ы) щытырщи, фIыми (фIы) хэтырщ.

"ФIы"м зэманыгъуэ щигъуэткIэй фIыщ. Зэманыгъуэ зыгъуэтарэ "фIэ" хъуауэ щытыр "фIы"уэ кIуэрэ кIуатэу щытырщ. Мыбы и щапхъэфIыр, "фIэфIын"рэ "фIэрэфIэн"у къыщIэкIынщ. Гур "зыгъафIэр" "гуфIэгъуэ" хъууэ щытырщ; гуфIэгъуэ щыхъукIэ "гуфIэн" Iуэхугъуэр къохъур.

Хъугъуэ фIыгъуэу щIым къыхэкIрэ фIыцIафэу "фIамыщI"ри фIыщ. Ар ди "IэщIагъэ" мыхъуу щытрэ, щIы щIагъым фIы щIэхъухьауэ щытырщ; IэщIагъэу зэрыщымыткIэрэу фIы хъуауэ (фIа) зы гуэрщ. Ар фIыуэ мэсри дегъэхуабэр; ар бгъэсмэ мэфIэфI ещIыр. "МафIэ" псалъэм зыкъызриIуатэкIэ, езырыжу фIы хъууэ щытырщ; фIы хъууэ кIуэрщ.

АдыгэбзэкIэ сэлам ехынри зы фIыгъэ IуэхугъуэуЭу щытщи, ар зы хъуэхъу пэлъытэщ. Ар ″фIэхъус″ жыхуэтIэрщ. ″ФIэхъус″ыр, зыхужаIэм фIыгъэр къыхуэкIуэнрэ къылъысынкIэ (с) зы хъуэхъущ.

*

ЦIыхур, ″цIы хун″ Iуэхур зи IуэхукIэрэ, щымыIэ гуэрхэри къэзгъуэту "фIы" зыщIыфырщ. Абы "цIы"р щыIэ пэлъытэ ещI "цIэ" еухуэри щыIэхэм "фIэщыгъэцIэ"у ″фIещ″ыр.

Хъугъуэ фIыгъуэр щыIэу хъуам я щIыкIэу, зызэрыдаужьрэ зэрыубзыхукIэрэу къабзэу щытми, цIыхур зэрцIыхум къызэргуэкIкIэ, къэмыхъурэ щыIэ мыхъуауэ щыт гуэрхэри къыщохъури, ахэри фIыпIэм ирегъэувэфыр: ЦIыхум зы гуэрхэр ″къыфIощI″ыр. КъыфIэщIыу щытхэр къыфIэхъууй жыIэпхъэнщ. ЦIыхум къыфIэщIхэр зы щыIэгъуэ имытхэрщи, абы ахэр щыуагъэкIэ щыIэу елъытэр. ЦIыхур, къыфIэщIхэм

хутепщэкъым; ахэр иIэ имылъэ зэрыхуэмылъэкIкIэрэу къохъур, къыфIохъур; ахэр иIэм имылъу и щхьэм къырокIуэр; ахэм цIэй фIищыфыркъым. ЦIыхур сыт щыгъуэй щыуапхъэу щытырщ; цIы хун Iуэхугъуэу щытрэ зыпэрытыр, абы сыт щыгъуэй къытекIуапхъэнщ; цIыхур зыхилъэфапхъэрщ цIыр.

Хъугъуэ фIыгъуэу щытрэ, зы хабзэм тету зыубзыхуу щытыр цIэ фIэщыгъапхъэрщ. Ар къабзэу зэрыубзыху зэпыт зэрыхъукIэй, цIыхум ахэр "фIы"уэ елъытэр, фIы защIэрэ фIы лъэщу елъытэр. А фIыгъуэ защIэрэ зэпымыугъуэ зиIэ хъууэ кIуэр, цIыхумкIэ лъэщщ; "щы" Iэмалыгъуэм зэриткIэрэ мэхъур; сыт щыгъуэй а хабзэм тету макIуэр. Ахэр цIыхум и "фIэ щы" Iуэхугъуэу щытщ; ахэр цIыхум и"фIэщ"щ. ЦIыхум и фIэщ хъуныр гугъущ; ауэ къызэрыкIуэ Iуэхугъуэр и фIэщ хъуркъым абы. Ар щхьэ, и фIэщ хъуа нэужьи абы фIырыфIкIэ пхутекIыркъым. Абы и фIэщ хъуауэ щытыр щIэныгъэ лъэщ хъуауэ щытырщ; ар щIэныгъэм щхьэщыкIырщи, зэхъуэкIыныгъэ зимыIэрщ; ар щыхъукIэй, "фIэщ хъун" Iуэхугъуэр щIэныгъэми хэмытыжу щытырщ. Зи фIэщ хъуа цIыхур, "фIэщхъуныгъэ" къыхуэхъуауэ щытымкIэ лъэщщ. Ауэ, цIыхур зэрыцIыхукIэрэу, щыуагъэр сыт щыгъуэй къыщхьэщытщи, и фIэщхъуныгъэми щыуагъэхэр хыхьэпхъэу щытынщ. Псалъэм папщIэ, ипщэкIэ и гугъу тщIауэ щытрэ, зы фIыпIэм фIиувэрэ цIыхум фIыуэ зезгъэлъытэ гуэрхэр, абы къыфIэщIу щытхэрщи, ахэр щыIэу зэрилъытэрэ я зэрщыIэгъуэри игъэбыдэжрэ игъэлъэщыжу, и фIэщ ищIынри къэхъуу щытхэм ящыщщ. ЦIыхум, и щIэныгъэкIэй, и фIэщхъуныгъэкIэй, щыуагъэр сыт щыгъуэй къыщхьэщытщ.

*

ФIы щIыным хуэдэу, зы гуэрыр фIы зыхуэхъуауэ щытым, зыхуэфIу щытым зэрыхуэфIкIэрэ къытенэу щытмэ, ар а фIым инэмэ, мыбы "фIэнэн" хужыIэпхъэнщ. ФIыуэ хэнарэ къинауэ зи пIэ зыгъуэтар, абы фIэнауэ жыIэпхъэщ.

Быдэрэ лъэщу зы пIэ зыгъуэтауэ щыту, абы фIэнар, а хуэфI зыхуэхъуауэ щытым игъэкIыжынрэ ихыжын Iуэхугъуэр "фIэгъэкIын, фIэхын" Iуэхугъуэрщ.

ФIэхын е фIэгъэкIын хуэдэ Iуэхугъуэхэр, зы гуэрыр зыхуэфIрэ зыфIэнауэ щытым хэгъэкIын –Iугъэкlын- Iуэхугъуэри къэру Iуэхугъуэрщ. А Iуэхур гъэзэщIэфын хуейщ; ар зэрыбгъэзэщIэфынури зы къэрукIэрэущ. Зы къэрурэ лIыгъэ псыгъэкIэрэ гъэзэщIэн Iуэхугъуэхэрщ "фIэгъэкIын, фIэхын" хуэдэ Iуэхугъуэхэр. Ахэр "хузэфIэкIыныгъэ"рэ "зыхузэфIэкIын" Iуэхугъуэхэрщ. ЗыхуэфI пэлъытэ хъуарэ абы фIыуэ ина пэлъытэу щыт псалъэхэр мащIэркъым; ар зыхуэфIыу щытым зы къэрукIэ ихынри ар

дыдэу куэдщ: «ФIэнэн, фIэхын, фIэхун, фIэхуэн, фIэхъун, фIэхъуэн, фIэIуэн, фIэуэн, фIэлъын, фIэлъэн, фIэсын, фIэсэн, фIэтын...».

ФIэщIын хуэдэу езым иIэрэ и лъэкIыныгъэм имытрэ, и щхьэ къырикIуэ Iуэхугъуэ хуэдэу, е зы гуэрым фIэлъхьэн Iуэхугъуэхэм ящхьу, зи щхьэ къырикIуэу щытым и Iэмалыгъуэрэ и Iэ имылъыжу лIыгъэ-псыгъэкIэ утыку къихьэу щыт Iуэхухэри "фIэ" макъкIэ мэгъэзащIэр: "ФIищIэн, къыфIыIихын..." хуэдэу хузэфIэкIыныгъэрэ, зы лъэныкъуэм хуэIуа хъуух щыт псалъэхэр къохъур.

"ФIэгъэжын"ыр сыт тIэ? "ФIы-фIэ"р хъугъуэ фIыгъуэу щытращи, дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэр, щыIэу щыт псом зэрекIукIэрэ зэдэужьыгъуэ къэхъуу щытмэ, ар фIыуэ аращ. Ар щыхъукIэй, ″фIэгъэжын″ псалъэм пыту щыт ″фIэ″ми къигъэлъагъуэр зы хъугъуэ фIыгъуэ Iуэхугъуэрщ. А Iуэхугъуэр зехьэлIауэ щытыр зы псэущхьэ зэрыхъукIэрэу ″фIы″уэ щытщ. ТIэ, фIыуэ щыт хъур (фIэ), ″гъэжын″ IуэхугъуэмкIэ лажьэу зы псалъэщ ″фIэгъэжын″ыр. Мы псалъэм хэту щыт ″гъэжын″ кIэухым къыриIуэрэ игъэзащIэр, ар ″пыгъэжын″ псалъэми зэрыхэт щIыкIэрщ. Ар щыхъукIэй, ″фIэгъэжын″ псалъэм къикIыу щытыр, ″фIы″рэ зыфIэту щытым хуэфIу щыт зы лъэныкъуэр, а зыфIэту щытым гуэгъэжын Iуэхугъуэрщ.

**

″ФIы″р зэман ужьым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ къэхъуу щытырщ. Козмикэрэ натуралым езэгъыу къэхъуу щыт дэтхэнэ зы гуэрыр фIыщ. Дэтхэнэ зы гуэрыр цIыхум зэрилъытэу ″хъугъуэ-фIыгъуэ″рщи, козмикэрэ натуралу къэхъурэ хъуух щытыр адыгэбзэм зэрилъытэр ″фIы″уэщ.

Козмикэрэ натуралым зэрезэгъкIэрэу цIыхум утыку къырилъхьэу щыт дэтхэнэ зы гуэрри ″фIы″щ; ″цIы″рэ мыджрэ мыхъум къыхищIыкIрэ утыку къырилъхьэу щыт ″цIэ″ри натуралрэ козмикэм *зэран* зэрыхуэмыхъукIэрэу, цIыхум утыку къызэригъахьэри, ар ″фIы″ зэрищIкIэрщи, ахэр щыIэу щытхэм фIещыр.

Козмикэрэ натуралым зэран хуэмыхъурэ ″ер″у щымытыр, ″ем хуэмыкIуэр″, ″Емынэ″ мыхъур фIырщ. Мы къэхъуныгъэм хуэдэрэ, абы езэгъыу щытыр фIырщи, мыбы ″Емызэгъ″ыр, мыбы хуэмыдэрэ ″Ахуэмыдэ″у щытыр фIыкъыми, ″Iей″рщ.

ТIэ, козмикэрэ натуралу щытрэ къэхъур ″фIы″рщи, хъугъуэ-фIыгъуэу щытырщ. Сосрыкъуэрэ сыуэ иту сым къыхэхъукIрэ щыIэгъуэ пашэу утыку къихьэу щытыр, щыIэгъуэр къызэрыхъурэ къызхэхъукIыр фIыщ. Мыпхуэдэу къэхъуныгъэрэ хъуух щытым езэгъыр ″фIы″рщи, тIэ ар ″позитив″ жыхуаIэращ. Мыхэр мыпхуэдэу утыку къизылъхьэу щыт адыгэбзэр позитиву зы бзэрщ; адыгэбзэр зы бзэфIырщ.

**В...**

"Вы" макъри "фы" макъым и гъунэгъурэ, абы ехьэлIауэ зы Iуэхугъуэ зыгъэзащIэу зы макъырщ. Ар "фы" макъым нэхърэ нэхъ пхъашэу зы макъщи, "фэ"м ехьэлIауэ щыт пхъэшагъэ Iуэхугъуэхэр къыреIуэр "вы" макъым и Iуэхугъуэхэм.

"Вы" макъми щхьэжу зы мыхьэнэ иджыркъым; ар "фы" макъым хуэдэу Iэмалыгъуэрэ глаголизацэу хэлэжьыхьыу хэтщ бзэм. Абы игъэзащIэр, "фы" Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, утыку къихьэу щыт "фэ"рэ лыр зэхэтхъуэнырщ. ЩIагъ-щIыIу щIыпхъэу зэтеуvауэ щыт дэтхэнэ гуэрыр зэхэтхъуэн Iуэхущ "вы" Iэмалыгъуэр.

Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, цIыхум и лэжьыгъэ хъуарэ, зэманыгъуэ куэдыр зытыригъэкIуэдауэ щыт "вэн-сэн" Iуэхугъуэр лъэщу зы щэнхабзэ лъабжьэу зэрыщытым папщIэ, "вы" макъри, ар зыхэту щыт дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри, занщIэу а "вэн-сэн" Iуэху лъэныкъуэм хуэдгъэкIуэну добэр, догуэр.

ЩIагъ-щIыIу хъун Iуэхугъуэу, лъыр къэплъынщи къэкъуэлъэнщ; ар, лъыр "къызэщIэвэн" Iуэхугъуэуй жыIэпхъэщ. Ар дыдэу, псыри къэкъуалъэрэ щIагъ-щIыIу хъууэ щытмэ, ари псыр "къэвэн" Iуэхугъуэрщ. Мыбы ещхьу къэвэн Iуэхугъуэу щытщ, зы псэущхьэм зы гуэр къыщеузым щыгъуэ е уIэгъэ щигъуэтым щыгъуэ, и фэ щIагъым къыщIэхъукI шыныр къикIын Iуэхугъуэри "къыщIивыкIын" зэрыхъур; шыныр фэ щIагъым, лым къыщIевыкIыр. Мыбы хуэдэ Iуэхугъуэу, уIэгъэ хъуауэ щыт зы Iэпкълъэпкъым къыщIивыкIыу щыт шынрэ лъыр, къызщIивыкIауэ щыт лырэ фэ щIыIум тегъухьыжмэ, ар "вэгъу"щ. Вэгъур, вагъэ Iуэхугъуэм къытехъукIарэ фэ гущIыIум тегъухьыжауэ щытырщ.

Зи пIэм имызагъэу жанрэ къэрууфIэу щыт щIэлэ-гъуалэм папщIэ жаIэу щытщ, "и лъыр ковэ, къызэщIовэ" хуэдэ жыIэгъуэхэр. Дэтхэнэ зы псалъэри зы псэлъафэу щытщи, ауэ къызэрыкIуэу псалъэу щытрэ, зэхэтхъуауэ къэпсалъэу щытхэм папщIэй "къовэр" жаIэр.

Псэущхьэхэм яшхыр я кIуэцIым къыщагъавэри, щхьэпэ хуэхъунухэр зыщIафыр; къанэу щыт вагъэр и пкъыгъуэм хедзыжыр. А зыхидзыжу щытыр и ныбэм зэхигъэвахэм щыщщи, ар зы "вей" Iуэхугъуэу щытырщ. Дэтхэнэ зы псэущхьэм и кIуэцI вагъэрэ зыхидзыжу щытыр, а псэущхьэм и фIэщыгъэцIэм къызэрыгуэкIкIэ къыраIуэр: «Джэдвей, мэлкIэвей, шывей, хьэвей...».

Ахэр зы псэущхьэм зыхуэмыныкъуэжу зыхидзыжу зы вагъэу щытми, къэкIыгъэхэм щхьэпэ хуэхъуу щытщ; ар щыхъукIэй, къэкIыгъэр къызщыкI щIыгур щавэм щыгъуэ къагъэсэбэпу щытщи, арагъэнщ ахэм папщIэ, вагъэрэ вэн Iуэхугъуэу щыт псори къызэщIиубыдэу "вэнвей" щIыхужаIар.

Мыпхуэдэу, щIагъ-щIыIу зиIэу хъуар зы IувагъэрэкIэ зэхэвапхъэу щытырщи, щIыгури мыпхуэдэу зы лырэ фэ зытелъырщ; щIыгур щIагъ-

щIыIу щIын Iуэхури, вэн Iуэхурщ. ЩIыгу вэн Iуэхугъуэр цIыхум щхьэпэ къызэрыхуэхъукIэрэу, зэманыгъуэ кIыхькIэ къекIуэкIауэ зы Iуэхугъуэрщ; нобэй къекIуэкIыу щытщ ар. ИкIи, а Iуэхугъуэр лъабжьэ зэрыхъукIэрэй, щэнхэбзэшхуэ къытехъукIауэ щытщ; ар щыхъукIэй, вэн Iуэхугъуэм къытехъукIыу щыт псалъэхэри мащIэкъым: «Вэн-сэн, вэфын, вэщэн; къэвэн, хэвэн, щIэвэн, щIэвыкIын, дэвэн, дэвеин, къевыхын, зэдэвэн; вагъэ, вабдзэ, ващIэ, вакIуэ...».

"Вы" псалъэм езыр зы псэущхьэ лIэужьыгъуэм и фIэщыгъэцIэ хъуауэ щытщ. А фIэщIыгъэцIэр къызтехъукIари, вэн Iуэхугъуэрщ. Вэн Iуэхугъуэм хуэIуарэ, ар зехьэлIауэ щытыр "вэ-ы" зэрыхъукIэрэу, "вы" хъунщ: Вэн IуэхугъуэмкIэ къэсэбэпу щыт псэущхьэм и фIэщыгъэцIэрщ "вы"р. Мы фIэщыгъэцIэр къызэрыхъуа щIыкIэр, "шы" фIэщыгъэцIэр къызэрыхъуам хуэдэщ. "Вы" фIэщыгъэцIэри, а псэущхьэр "вэн" Iуэхугъуэм папщIэ къагъэсэбэпу щIадза нэужь, зы фIэщыгъэцIэу къэхъуагъэнщ. "Вэн" Iуэхугъуэр вийкIэ къезыгъэкIуэкIрэ "вэрэвий"кIэ вэуэ щыт зы лъэпкъым папщIэ, шым хуэдэжу хэхарэ щхьэпэ къыхуэхъуауэ зы псэущхьэу къыщIэкIынт выри.

ЩIыгу щIыIум телърэ щIым хэлъу щыт гуэрхэр, вэн Iуэхугъуэм хуэмыфIрэ мывапхъэу щытхэрщи, ахэращ "мывэ"р.

*

Фэрэ лыр е дэтхэнэ зы зэтелърэ зэхэлъу щытыр вэн Iуэхугъуэ хъупхъэу щытырщи, зэрызэхэлърэ зэрызэтелъыкIэмкIэ, зы бгъуагъэ зиIэр "Iувагъэ" зиIэрщ. Зи фэхэр зэпэжыжьэу щытхэр Iувщ. И Iувагъэр мащIэрэ, и нэзхэр зэгъунэгъуу зэтелърэ зэхэлъу щытыр "зэв"щ. "Зэв"ыр, Iувагъ зимыIэрэ, зи Iур (фитI язэхуакур) бгъуэуэ щымытырщ. Зи гъунапкъэрэ зи фэхэм дэлъу щытыр (Iу) зэгъунэгъур зэвщ.

"Вы-вэ" макъыр зыхэту щытрэ гурыIуэгъуащэ мыхъу псалъэхэри диIэщ. Вэн Iуэхугъуэр зы щэнхабзэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, абы къигъэщIыну псалъэхэм лъэныкъуэ куэдымкIэ зыраубгъунури гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIэй, гурыIуэгъуэрэ наIуэу щымыт псалъэрэ жыIэгъуэхэри къищIыфыну къыщIэкIынщ. Мыбы и щапхъэхэм ящыщщ, зы бзу лIэужьыгъуэ фIэщыгъэцIэу щыт "вынд"ым къикIыр щIэмыгурыIуэгъуэр.

"Вакъэ"ри гурыIуэгъуащэу щыткъым. Ауэ, "вы-вэ" макъыр зехьэлIауэ щыт Iуэхугъуэр лырэ фэ зэгъэдзэкIын зэрыхъукIэрэу, ар "фэ" Iуэхугъуэм ехьэлIауэ щыту зы Iэмалыгъуэ зыджырщ. Ар щыхъукIэй, "вакъэ"р зэхэгъэварэ быдэ щIауэ щытрэ, фэм къыхэщIыкIа Iэмэпсымэ гуэру жыпIэфынуми, ар псалъэ къэхъукIэу гурыщхъуэ зытелъырщ: Мыпхуэдэу "къэ"р кIэухыу зэрыщытыр адыгэбзэ псалъэ къэхъукIэм емызэгъыщэу жыIэпхъэщ; икIи, зэгъэпщапхъэ хъун нэгъуэщI щапхъэй куэдкъыми, ахэри фIэкIыпIэ имыIэу адыгэбзэу лъытапхъэркъым. "Вакъэ"

псалъэр адыгэбзэу щытмэ, зи мыхъуми, ″къэ″р макъ зэхъуэкIыныгъэу къэхъуагъэнщ (пп: ″кхъэ, кхъуэ).

Апхуэдэу зы Iуэхугъуэрэ гурыIуэгъуащэу щымыту зы псалъэрщ, и лъакъуэм тетынрэ задэу щытын Iуэхугъуэм папщIэ, ″увын″ псалъэр къызэрысэбэпыр. ″Увын″ыр, зы щIыпIафэм быдэу тет хъунрэ, ищхьэр уэгу лъэныкъуэу ″зэфIэувэн″ Iуэхугъуэу жыIэпхъэнщ.

ТIанэ, ″вагъуэ″ жыхуэтIэхэри, вэн Iуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуащэкъым; ахэр зы щэкIуэбзэ пэлъытэу утыку къихьагъэнкIэй хъунщ; икIи, цIыхум и лэжьыгъэу щыт вэн-сэн Iуэгъуэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуауи хъуну жыIэпхъэнщ. Ауэ, уэгум хэту тлъагъу вагъуэхэр, щIыпIэ пкъыгъуэу зэхэгъэварэ зэхэгъэжауэ зэрыщытри пэжщи, ахэм и фIэщыгъэцIэр къызтехъукIар мырауэ къыщIэкIынщ.

## «М, Н» МАКЪХЭР

### М...

"Мы" макъыр макъыжь дыдэу зы макъщ. Ар, псэущхьэр ужьрэ жьабзэ мыхъу ипэ, и тэмакъыр макъ къэIун Iуэхугъуэм папщIэ фIыуэ къэмысэбэп ипэ, папбгъуэу щыта псэущхьэм къыригъэкIыфу щытауэ зы макъырщ. "Мы" макъыр, пэщхъынэ макъщ; ар жьэм нэхъыбэу пэщхъынэм къыхэIукIыу зы макъщ.

Ауэ, адыгэбзэм ″мы″ макъыр хэту щыт зэрыхъуа щIыкIэр, нэгъуэщI бзэ куэдым зэрелъытакIэрэ, пэщхъынэ макъ дыдэу щытыжкъым. Ар Iэмал зэриIэкIэ, щабэрэ пэщхъынэ Iуэхугъуэр мащIэ хъуауэ хэтщ адыгэбзэм. Мы Iуэхугъуэри, адыгэбзэр зэрыужьарэ тэмакъыбзэ зэрыхъуам и зы щапхъэу жыIэпхъэнщ.

Ауэ, ″мы″ макъыр макъыжьрэ, адыгэбзэри зэрыбзэжьым къызэрыгуэкIкIэ, адыгэбзэм куэду хэсэбэпыхьыу къыхьэнащ ″мы″ макъыр; ар щыхъукIэй, ″мы″ макъыр пэщхъынэ Iуэхуу зэрыщытрэ къызэрысэбэпым и архивыр фIыщэу щыхъумауэ щытщ адыгэбзэм. ИкIи, ″мэ″р зехьэлIауэ щытыр пэ Iуэхугъуэу щытщ; мэр къызщIихьэр пэращ; пэкIэщ ″пэмэн″рэ ″епэмын″ Iуэхугъуэр зэрыщыIэри, икIи, ″пэ″р ″мэ″м зэрыхуэкIуэу а псалъэр къызэрыхъуари гулъытэгъуэу щытщ.

″Мы″ макъыр, псэущхьэу утыку къихьам и макъ нэхъапэрэ нэхъыщхьэу жыIэпхъэщ. Зы псэущхьэм "мы" макъым нэгъуэщI макъ къыримгъэкIыфу щытми, и псэм къызэрыгуэкIкIэ и *рефлекс*ыр утыку къызэрилъхьэфыну щытыр "мы" макъымкIэ утыку къырилъхьэфынщ, нахуэ къищIыфынщ. ТIэ, япэрей макърэ, а макъыр кIуэ пэтрэ къызэригъэсэбэп щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэй, псэущхьэм иухуэу щыт бзэм и псалъэ пэлъытэу щытар "мы-мэ" макъ лIэужьыгъуэу жыIэпхъэнщ. ИкIи,

мыбы къызэрыгуэкIкIэй, ар пэщхъынэ макъыу зэрыщыткIэрэу, пэ Iуэхугъуэм ехьэлIа IуэхугъуэкIэ бзэм хыхьауэ щытщ.

ЦIыхур къызтехъукIауэ щыт хьэр пабгъуэу зы псэущхьэу зэрыщытаращ зэралъытэри, апщыгъуэм, абы и гъащIэрэ и псэугъуэр зэрихьым теухуауэ пэм игъэзащIэ Iуэхур куэдщ. ИкIи, зэгъэщIэнрэ къэгъэунэхун Iуэхугъуэхэм теухуауэ, адрей Iэпкълъэпкъ куэдым ягъэзащIэхэм нэхърэ нэхъ Iуэхущхьэхэрщ пэм игъэзэщIапхъэхэр.

Хъуэ щытрэ мыхъуу щытри, езырыжу къэхъур зэрыхъу щIыкIэри къыдгурызгъаIуэу щыт "мы-мэ" макъыр, зы хъыбарегъащIэфIщ. Мы хъыбархэр псэущхьэм гурыIуэгъуэ хуэзыщI и зы Iэплъэпкъыр пэращи, пэ Iуэхуу щыт "мэ"р къыщытщIихьэм щыгъуэ, нэкIэ дымлъагъуфрэ гурыIуэгъуэ къытхуэмыхъур къыдгуроIуэфыр. Зы "мэ" къытIурихьэмэ, ар къыздикIрэ зи лIэужьыгъуэу щытыр къыдгуроIуэр. Дыпамэмэ е зыгуэрым депэммэ, ар зи щхьэусыгъуэр, къытIурихьэ мэр зэхэтщIэн папщIэщ; "мэфI" щыIэщ, ауэ, "мэ Iей"рэ "бамэ"й "фырымэ"й щыIэщ; "жьэрымэ"й, "фырымэ"й, "гъуамэ"й щыIэщ. ЩыIэу хъуам зы мэ иIэу къыщIэкIынщ, ауэ, псэущхьэхэмрэ абы я псэукIэм къызэргуэкIыу езыхэм хуэIуауэ мэ яIэхэщ. "Фуу! цIыхумэ" жызыIэу щыта иныжьым пэ жан зэриIари гурыIуэгъуэщ. ТIэ, нэгъуэщI Iэмалыгъуэхэр къыхуэхъурэ гупщысэкIэй лъэщ хъуэ щIидзэху, зы гуэрыр гурыIуэгъуэ щIын папщIэ, мэр фIыуэ къыхуэсэбэпу къыщIэкIынт цIыхум.

Ар дэтхэнэ бзэ лIэужьыгъуэуи щырет, "мы-мэ" макъыр нобэ къызэрысэбэпыфыр мащIэкъым. А макъым адыгэбзэм хищIыхьыр куэдыщэу жыIэпхъэщ; икIи, япэ къызэрыхъуам ипкъ иткIэ, абы натуралу игъэзащIэ Iуэхугъуэхэр мащIэкъым: Зы гуэрэм теухуауэ "хъун"рэ "мыхъун" Iуэхугъуэ, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэм теухуауэ "упщIэ", зы Iуэхугъуэм "тегупщысыхьын"рэ "гурыщхъуэ" къэгъэлъэгъуэн Iуэхугъуэхэм хуэдэу, зэхуэмыдэрэ зэщхьэщыкIыу щыт мыхьэнэхэр "мы" макъыр къызэрипIуэ щIыкIэм елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэфу щыт мыхьэнэхэрщ.

*

Япэрауэ, бзэм хизэщIыхь зы Iуэхугъуэр "мыдэн"рэ "зэрымыхъун" Iуэхугъуэр "мы" макъым зэридж щапхъэхэм дыхэплъэнщ. Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэрэ къэгъэлъэгъуапхъэ хъуэ щытыр зыджыфу щыт "мы" макъыр, мыджэу щытрэ мыджапхъэри къизыIуэ макъырщ; икIи, джыуэ щытыр мыджэж зыщIыфырщ. Ар дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр зыгъэлэжьэфрэ зыгъэувыIэфу зы макъ лъэщщ.

Аращи, зы Iуэхугъуэр "мы" Iэмалыгъуэм щIэту лэжьэфыркъым. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, "мы" макъыр зы псалъэ е зы макъым ипэ (префикс) къыщыпыхьэкIэ, а Iуэхур хъуркъым; а псалъэм иджыпхъэу щытыр

иджыжыфыркъым: «МыкIуэн, мыплъэн, мыкIуэдын, мыгъэзэн, мыхъун...».

Мы лэжьэкIэ щIыкIэм къытехъукIарэ, ″мы″ макъыр ипэ зыпыту щыт псэлъэщIэхэр утыку къихьащ. А псалъэхэр, мыхъуныгъэ Iуэхугъуэм теухуауэ зы мыхьэнэ зэраджкIэрэу къэхъуауэ щыт псалъэхэрщ: «″Мывэ (мы-вэ: вэн Iуэхугъуэр зыхуэмыхъу), мыл (мы-лы: лы мыхъу), хуэмыху (хуэ-мыху: хун Iуэхугъуэр зыхуэмыIуа)″ хуэдэу, ″мызэ-мытIэ, лъэмыж; емыкIу, емзэгъ, емынэ...″. Мы псалъэхэм хуэдэщ ″мыгъуэ″ псалъэри; ар гъуэрэ игъуэ зыхуэмыхъуным папщIэ жаIэу зы псалъэрщ».

*

"Мы" макъыр зы псалъэм ипэ къыщыпыувэм щыгъуэ, мыхъуныгъэр къызэрыхъур гурыIуэгъуэщ. Джыуэ щытрэ кIуэтэгъуэ зиIэу щытым зы зэманыгъуэ зэриIэкIэрэу, "мы" макъыр "мэ" мэхъур; ар щыхъукIэй, зы Iуэхугъуэм зэманыгъуэрэ зы гъуэгуанэ зэриIэр "мэ" IэмалыгъуэкIэ къэIуэтапхъэ мэхъур. А Iуэхугъуэр къыздекIуэкIыу щыт зэманыгъуэр ит зэманыгъуэми, зы жыжьагъэу щытыми "мэ"р къосэбэпыр. ″Мэ″м хъун Iуэхугъуэрщ утыку къырилъхьэр; зы щыIэрэ хъууэ щытырщ къигъэлъагъуэрэ гурыIуэгъуэ къытхуищIыр. Абы къигъэлъагъуэу щытыр зыдэщыт зэманыгъуэрэ жыжьагъэм къызэрыгуэкIкIэй, нэгъуэщI макъхэр къыпохьэр. Мис мыпхуэдэу къэхъуу щыт щапхъэхэр: «Мы (мэ-ы), ме, ми, мо (мэу)». ″Мэ″ макъым къытехъукIрэ къэхъуауэ щыт мы макъхэр псалъэрэ жыIэгъуэхэм яхэту къосэбэпыр: «Мес, мис, мыр, мыбы, мыдэ, мыпхуэдэ, мэуэ щэ, моуэ щэ, мобы, мо, мор, модэ, моддэ...».

Къыуэзгъэлъагъуэумщ щыт "мэ"р, зы гуэри къыуэзытыпхъэ хъурщ: Зы гуэрэм зы гуэр къыщыуиткIэ "мэ" жеIэр. Абы къыуитыр къызэригъэлъагъуэ щIыкIэр "мэ"щ. Зы Iуэхугъуэр зэуэ занщIэу, упэмыплъапхъэу къэхъуу щытмэ, ар гурыIуэгъуэрэ гъэлъэгъапхъэ зыщIыфри "мэ!" псалъэрщ.

Хъууэ щыт зы Iуэхурэ, зы гуэрыр зыдэщыIэрэ къыздекIуэкIыр, зэманыгъуэрэ жыжьагъэкIэ лэжьыгъэ зыгъуэтрэ зыгъэлъагъуэф "мэ" макъыр, къэхъурэ хъууэ щыт зы Iуэхугъуэри къыдгурызгъаIуэу зы макъщ. Дэ е нэгъуэщI зы нэрыбгэм зы гуэрэм имыухуэрэ имыIэщIагъэу щытми, гъащIэрэ щыIэ ужьыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, езырыжу къэхъуу щыт Iуэхугъуэхэр зыгъэлъагъуэрэ къыдгурызгъаIуэри "мэ" макъырщ. Мы лъэжьэкIэми псэлъэщIэхэр къыхохъукIри, мыбы теухуа щапхъэхэр къэгъэлъэгъуапхъэу къытпэщытщ.

Дызхэту щыт гъэр, езырыжу зэрылажьэрэ къызэрекIуэкIыр гъэлъэгъуапхъэ щыхъукIэ, "мэгъэ" мэхъур. Абы, дызэрыхэткIэрэу ″гъэ″уэ зэрыщытыр къигъэлъагъуу щытщ. Ар къытпэжыжьэу зы Iуэхугъуэу щыткъыми ″магъэ″ хъуркъым. "Мэгъэ" псалъэр, блэмыкIарэ дызхэту щыт зэманыгъуэу зэрыщытыр къыриIуэн папщIэ, ″мэ″м ″гъэ″р ″мэ″ жиIэ

пэлъытэу къигъэлъагъуэу зэтеувауэ зы псалъэу щытщ. Ауэ, ар ″магъэ″ псалъэ хъуауэ щытатэмэ, абы, зы жыжьапIэу щытыр зэры″гъэ″р къыриIуэ хъунти, ар дыздитрэ дызхэту щыт ″гъэ″уэ щытынтэкъым, функциялу (э) щытынтэкъым.

Езырыжу "жьы" макъ IэмалыгъуэкIэ лажьэу щытыр "мажьэ"щ. Зы итыпIэу щхьэпэ хъууэ щытыр ″мащэ″рщ. Езырыжу зигъазэу щытрэ дунейм къыпекIэрэхъуэкIыр "мазэ"щ. Сыуэ щытым езырыжу къигъэхъурэ, езырыжу "фIэ"р "мафIэ"рщ; ар зэрымафIэрэ зэрыскIэрэу къыхэхъукIыр "маскIэ"щ. Езырыжу хууэ щытрэ "хуэ"рыр "махуэ"щ.

Зыуэ щыт пэлъытэу зэхэт жыг куэдыр "мэз"щ; гъэ къекIуэкIым къызэрыгуэкIкIэ езырыжу къэкIыу щыт гъэшыр "мэш"щ; езырыжу къэкIрэ къэкIыгъэ лIэужьыгъуэ лъэныкъуэу щытыр "мэкъу"щ.

"Мэ"р, зы гуэр зэрыщыIэрэ езырыжу зэрыджыр къыдгурызгъаIуэу зы макъщ. Ар щыхъукIэй, абы зы псэущхьэ ужьыгъуэри, езырыжу убзыхугъуэрэ убзэхыгъуэ хъууэ щытри къегъэлъагъуэр. Зы псэущхьэр зэрщытрэ зэрыпсэу щIыкIэр -зэ щхьэ- езырыжу ебзэхыпхъэ пэлъытэ щыхъукIэ ар "мэхын" Iуэхурщ. Мэх пэлъытэу щытрэ, зэрыхъун хуейм хуэдэу щымытыр, мылэжьакIуэрэ тIасхъэу щытыр ″махэ″рщ.

Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэрэ щыIэ гуэрыр, зы гуэркIэ мыбагъуэрэ мыкIуатэми, ар зыужьыгъуэфIым имыту щытми, ар щыIэ зэрыхъурэ, щыIэри Iэмал зэримыIэкIэрэу джыуэ щытын хуей щыхъукIэ, а нэхъ тIэкIуу щытми езырыжу джыуэ щытын хуейщ. Аращи, мыкуэдрэ мыбэвыр, ауэ къызэрыхъурэ къызэрыгуэкIкIэ хъууэ щытыр зыгъэлъагъуэри "мэ"ращи, "мащIэ"р аращ.

Адыгэхэм, къэхъунур къэщIэн Iуэхугъуэрэ, ар зи Iуэхугъуэу щыт цIыхум папщIэ "мэгъу"рэ "тхьэгурмагъуэ" хужаIэу щытащ. Ахэри "мэ" IэмалыгъуэкIэ лэжьыгъэ зыгъуэтарэ зэтеувауэ псалъэхэрщ. Езырыжу (мэ) зы "гъу"р къэхъумэ, е, Тхьэм и гум езырыжу (мэ) гъуэ щигъуэтым щыгъуэ, къэхъунури гурыIуэгъуэ хъунщ.

*

"Мы"р зы псалъэм и кIэух щыхъукIэ, зи кIэух макъым къызэрыгуэкIкIэ, ″ы″р пыхуауэ къоIур е ″ым″у къоIур. ТIум щыгъуэй, ″м″ырщ къэIу макъри, ар ″мы″ эфекту лъытапхъэщ. Ипэ къызпыхьэу щыт псалъэр мыхъуныгъэм хуэзыгъакIуэу щыт ″мы″ макъыр кIэух щыхъум щыгъуэ, зы псалъэр ″мы″ IэмалыгъуэрэкIэ лажьэ мэхъур; нэгъуэщIыу жыпIэмэ, Iуэхур ″м″ым хуокIуэр. Ар щыхъукIэй, ″мы″ макърэ, щыIэрэ къэхъуу щытыр зыгъэлъагъуэрэ гурыIуэгъуэ зыщIыу щытым, кIэух зыхуэхъуу щыт псалъэр къегъэлъагъуэри Iуэхур зыдэкIуэнум хуэкIуауэ зэфIэкIа мэхъур. Зи гугъу тщIыуэ щыт мы Iуэхугъуэ зэфIэгъэкIыным, ″м″ыр зи кIэух хъууэ щыт псалъэ мыхьэнэхэм къызэрыгуэкIкIэ IуэхугъуэщIэхэр утыку къырелъхьэр: КIэух зыхуэхъу псалъэ гуэрхэр

зэрыщыту егъэлъагъуэри гурыIуэгъуэ ещIыр; нэгъуэщI псалъэхэр къызэригъэлъагъуэкIэ, зыдэкIуэну щытым хуегъакIуэр; нэгъуэщI псалъэрэ лэжьакIуэу щытхэр къызэригъэлъагъуэм къызэрыгуэкIкIэ хуэм мэхъухэр.

Мы къэтIуатэхэм къызэрыгуэкIкIэ, ″м″ыр зи кIэух хъууэ щыт псалъэхэр къигъэлъэгъуэн IуэхугъуэкIэ къызэрысэбэпкIэ, жыIэгъуэ щапхъэхэр утыку къохьэр: «Зым, зыуэ щытым, зэм, нобэрей махуэм, пщэдейм; цIыхум, пщым, ПIытIыхъу-м...». ГурыIуэгъуэщи, зи кIэух хъууэ щыт мы псалъэхэм яджыр гурыIуэгъуащэу щытщи, макърэ псалъэхэр ″м″ кIэухым зэрыщыгугъыр, а макърэ псалъэхэм езыр къызэригъэлъагъунрэ хэхауэ зыхуэIуам гурыIуэгъуафIэ зэрыхуищIын папщIэщ.

Мы лэжьэкIэм ещхьу къэгъэлъэгъуэнрэ нахуэ щIын Iуэхугъуэу ″м″ыр кIэухыу къыщысэбэпым щыгъуэ, псэлъэщIэхэри утыку къохьэфыр. КIэух зыхуэхъуу щыт макърэ псалъэр къызэригъэлъагъукIэрэу, ″м″ыр зы псалъэм ику къыщинэй щыIэщ: «Думп, кумб, IумпIэ; хьэмбылу, тхьэмбыл, тхьэмщIыгъу...».

Мыхэм ещхьу жыIэпхъэщ "гъум" псалъэри къызэрыхъу щIыкIэр: Зы ″гъу″ Iуэхугъуэм ″м″ыр кIэух щыхуэхъум щыгъуэ, абы ди плъэкIэр а ″гъу″уэ щытым хуигъакIуэрэ гулъытэ къызэрытхуищIкIэрэу, зы гъунапкъэншагъэрэ гъуэшхуэу щытыр къыдгуригъаIуэу жыIэпхъэщ. ″М″ макъыр зы псалъэм икум къызэринэ щIыкIэу, зи гугъу тщIарэ къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэм хуэдэщ, ″гъум″ макъым къытехъукIыу щыт ″гъумыщIэ″ псалъэри утыку къызэрихьэр.

″М″ кIэухыр къызпыхьэу щыт псалъэр мэгъэлъагъуэр. Ар щыхъукIэй, гурыIуэгъуафIэй мэхъур. ИкIи, щыIэр зэрыщыIэр гурыIуэгъуэ зыщIрэ зы хъыбарегъащIэу щыт ″м″ макъым игъэзэщIапхъэр, зы гуэрыр езырыжу зэрыщыткIэрэу зэрылажьэр гурыIуэгъуэ щIын Iуэхугъуэрщ. НэгъуэщI Iуэхугъуэркъым. Абы щымыIэу щыт зы Iуэхур хъууэ къигъэлъагъуэркъым; е, зы Iуэхугъуэр псынщIэу игъэлажьэркъым. Ауэ, кIэух зыхуэхъуу щыт псалъэр гурыIуэгъуафIэ зыщIрэ, езырыжу зэрылажьэр къызэригъэлъагъуэрэкIэ, ″м″ кIэухыр къызпыхьэу щыт псалъэ лэжьакIуэ гуэрхэм я лэжьэкIэр хигъэщIын Iуэхугъуэр къэхъупхъэнщ.

″МащIэ″ псалъэр къызэрыхъуми ещхьрэ, езырыжу ухуэрэ ″хуэ″уэ щыт Iуэхугъуэр, ″м″ кIэухыр къызэрысэбэпкIэрэу зы псалъэу утыку къохьэри, "хуэм" псалъэр къохъур. ″Хуэ″ псалъэм ″м″ыр кIэух зэрыхуэхъукIэрэу, къэхъуу щытыр езырыжу ухуэ Iуэхурщ, ″мащIэу ху″уэ щыт (хуэ) хъурщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, ″хуэ″уэ щытрэ ухуакIуэу щытыр ″м″ кIэухкIэ щыгъэлъагъуэм щыгъуэ гурыIуэгъуафIэ зэрыхъункIэрэу, и псыпщIэрылэжьэкIэм хощIри, ″мащIэу хуэ″р къохъур: ″Хуэ″уэ щытыр ″м″ кIэухымкIэ мэгъэлъагъуэри мэгъэувыIэр; ауэ, ″хуэ″ псалъэрэ хуэру щытыр къэувыIащэкъым; икIи, ар къэувыIэн Iуэхугъуэр зыхуэмыфащэу

щытырщи, зи мыхъуми, гъэлъэгъуапхъэрэ езырыжу Iуэху къекIуэкIыныгъэ хъун папщIэ, и лэжьэкIэр мащIэ мэхъур, хуэм мэхъур.

"Хуэмыху" псалъэм "зыхуэмыхуу щыт" (хуэ-мыху) лъэныкъуэм хуэдэжу, "хуэм"у "ху" лъэныкъуэкIэй (хуэм-ху) еджапхъэщ.

Мы псалъэ къэхъукIэхэм хуэдэу къыщIэкIынщ "уэм" псалъэри къызэрыхъур. Зы зыужьыгъуэ Iуэхугъуэу щыт "уэ"р ер хъурэ щызэрихьэм щыгъуэ къэхъуу щытыр "уае"рщи, ар хуэмрэ щабэ щыхъум щыгъуэ къызэрыIуэтапхъэ псалъэр "уэм" псалъэрщ.

"М" макъыр кIэух зыхуэхъур, мыхъуныгъэ Iуэхугъуэуй утыку къохьэр. Ар зыхуэхъуу щытыр зы глагол лэжьэкIэу мыхъуныгъэ Iуэхугъуэрщ. Ауэ, а Iуэхур, "м" кIэухым щхьэжу игъэзащIэу зы мыхъуныгъэ Iуэхугъуэу щыткъым. "М" кIэухым игъэзащIэр "къы" макъыр къигъэлъэгъуэн Iуэхугъуэрщи, "къы"рэ къыхэхъукIыныгъэ зыгъэлъагъуэу щытыр, нэхъыбэу, зы псалъэм ипэ къыпыхьэныр зи хабзэу зы макъырщ. Ауэ, ар зы псалъэм кIэух щыхуэхъум щыгъуэ, къыхэхъукIыныгъэ Iуэху къигъэлъагъуэркъыми, кIэух (глагол) зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, къызхэхъукIым хуигъэкIуэжрэ щымыIэж щIын Iуэхугъуэм хуешэр а псалъэр. Мис мы Iуэхугъуэм дэIэпыкъуэгъу хуэхъуу жыIэпхъэщ "м" кIэухри. Ар "къы"м икIэм къыщыпыхьэм щыгъуэ, ар къызэригъэлъагъуэм папщIэ и мыхьэнэр нахуэ зэрищIым къызэрыгуэкIкIэ, Iуэхур къызхэхъукIыпIэм зэрыхуэкIуэжкIэрэу мэкIуэдыжыр. Ари, зы мыхъуныгъэ Iуэхугъуэу утыку къохъэр. Мыбдежым "м" кIэухым игъэзащIэу щытыр мыращ: КъыхэхъукIыныгъэр зыгъэлъагъуэ щхьэ, щхьэжу зы мыхьэнэрэ зы Iуэхугъуэ утыку къизымылъхьэфу щыт "къы" макъыр "м" кIэухым къызэригъэлъагъуэрэкIэ, ар егъэлажьэр; щылажьэрэ щыкIэухкIэй, зыдэкIуапхъэм макIуэр Iуэхур.

*

"М" макъыр зы псалъэм и кIэух щыхъукIэ, а псалъэр къигъэлъагъуэрэ утыку къырилъхьэу къигъэувыIэу зэрыщытыр жытIауэ щытщ. Мы къэлэныр зыгъэзащIэ "м" макъым кIуэтэгъуэ къызэрыхуэкIуэрэ "мэ" зэрыхъукIэрэй, зи гугъу тщIауэ щыт Iуэхугъуэм хуэдэхэр мэгъэзащIэр. Псалъэм папщIэ, "ар дыдэрам" жыIэкIэм хуэдэжу "ар дыдэрамэ" жыIэкIэри къосэбэпыфыр. Мы Iуэхугъуэр, икIи зы жьэрыпсэлъэкIэуй щытщ, икIи, дэтхэнэ зы жьэрыпсалъэми, "мэ" кIэухкIэ ухрэ, зи гугъу тщIа "м" къэлэныр гъэзащIэуй щытщ. "Мэ" кIэухкIэ къэхъуу щытрэ, мы зи гугъу тщIыуэ щыт Iуэхугъуэхэр зыгъэзащIэу псалъэрэ фIэщыгъэцIэхэри диIэщ: «Щимэ, плIимэ...». ГурыIуэгъуэщи, мыбдежым "мэ" кIэухым игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэр, зи кIэух хъууэ щыт макъым къикIыр гурыIуэгъуэ ищIынырщ. Щапхъэмэ, "плIимэ" псалъэм къикIыр, "плIы къэру"рщ; "плIы лъэныкъуэ зиIэу щыт"ырщ; "плIы Iуэхугъуэу утыку къихьэр"щ... Мы псалъэхэмкIэ къитIуэн ди гугъэу

щытыр аращи, ″мэ″р гурыIуэгъуэ зыщIырщ, зы къэрурщ, зы къэрур къыдэзыгъэлъагъуэрщ.

Ауэ, а кIэух хъууэ щыт ″м″ макъми и кIэм ″э″ къыщыпыхьэм щыгъуэ, къэхъуу щыт ″мэ″м, езыр къэмыувыIэрэ гъуэгу тету щыт зэрыхъукIэрэй гурыIуэгъуэ хъууэ щытщи, апщыгъуэм утыку къихьэу щыт Iуэхур гурыщхъуэ зыхуэщIыныфэу зы Iуэхугъуэрщ. КIэух зыхуэхъуу щыт псалъэр зыгъэлъагъуэрэ къэзыгъэувыIэу утыку къизылъхьэу щыт ″м″ым езыр къызэрымыувыIэм къызэргуэкIкIэ, упщIапхъэрэ гурыщхъуапхъэхэр утыку къохьэр. Хъупхъэрэ зэрхъун хуейм дызпэплъэр "мэ" кIэухкIэ щылажьэм щыгъуэ, гъуэгу тету мэгъэлъагъуэри, гурыщхъуэй хэлъу жыIэгъуэхэр къохъур. Ар къызэрыIум елъытауэ упщIэй хъунщ: «Мырамэ(!-?), ахэрамэ(!-?), уэрамэ(!-?)...».

Мыхэм хуэдэу, а Iуэхугъуэр зыщIар гурыщхъуэ хэлъу зыгъэлъагъу щIыкIэу, "ар зыщIар уэрамэ тхьэ(!); ахэрамэ, мырамэ" хуэдэ жыIэгъуэхэр къохъур. Мыхэм хуэдэщ ″мырами, ахэрами, уэрами...″ хуэдэ жыIэкIэхэр къызэрыхъури. Мыхэм ящхьу къэхъурэ, гурыщхъуэ хэлъу гъэлъэгъуапхъэ зыщIыу щыт "мэ"р къызэрысэбэпкIэрэу, зы упщIэрэ зы хэдэн Iуэхугъуэу "хьэмэрэ" жыIэгъуэри къохъур.

″Мэ″ макъыр кIэух хъууэ щытрэ, зи гугъу тщIауэ щыт ″мырамэ(!-?), арамэ(!-?)″ хуэдэу гурыщхъуэгъуэ мыхъу мыхьэнэй къигъэлъагъуу къэсэбэпуй щыIэщ. Ар ″м″ макъыр кIэух зэрыхъум хуэдэжу къэлэн зэфIэзгъэкIыуй къосэбэпыр: ″Арамэ″ щыжыпIэкIэ, ″ар ардыдэу″ зэрыщытри къигъэлъагъуэу щытщ. Мы жыIэкIэу щытри зы жьэрыпсалъэ Iуэхугъуэуй жыIэпхъэщ; икIи, зи гугъу тщIыуэ щыт ″арамэ″ псалъэр ″арам″ жыIэкIэу къизыIуэхэри щыIэщ.

Зы Iуэхугъуэр хъупхъэм изгъахьэ щIыкIэу "мэ"р кIэух щыхъукIэ, псэлъэщIэхэри къэхъуу щытщи, ахэр зы псалъэрэ зы фIэщыгъэцIэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, гурыщхъуэ Iуэхугъуэшхуэ зыхэмылъу щытми, зыхуэIуарэ зэрыухуэ щIыкIэрэ къызэрысэбэпри нахуэ дыдэу щымыт Iуэхугъуэхэращ, къагъэлъэгъуэфу щытыр: «Хьэмэ, самэ, Iэмэпсымэ...».

Мы псалъэм хуэдэу щытщ ″хамэ″ псалъэри. Ар зы ″хэ″ Iуэхугъуэу щытми, ″мэ″ кIэух зиIэу зы псалъэу щыщыткIэ, а ″хэ″м къыриIуэу щыт цIыхубэр зыхуэIуар нахуэу щыткъым. А псалъэр жызыIэм къызэрыгуэкIкIэ, езыр зыщымыщрэ езыми щыщ мыхъуу щытращ ″хамэ″у щытыр. Дэтхэнэ зы щIыпIэрэ зы лъэныкъуэм щыщрэ, дэтхэнэ зы лъэпкъым щыщу щытми, уэ пщымыщырщ уэркIэ хамэу щытыр.

Мыбы хуэдэу лъытапхъэу къыщIэкIынщ ″тумэ″ псалъэри къызэрыхъуарэ зэрыщытари. Ар зытеухар гурыIуэгъуэщи, зэхуэмыдэ лъэпкъитIым къытехъукIауэ щытырщ. Ар, къызтехъукIауэ щыт лъэпкъитIми ящымыщрэ, лъэныкъуитIри зыхэлъу зэрыщытыр ″мэ″

кIэухым къызэригъэлъагъуэрэ, икIи шэк къытыригъэхуэу ар къызэриIуатэр гурыIуэгъуэщи, ″тумэ″у щыт псалъэр ″тIумэ″у щытауи еплъыпхъэнщ.

*

Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр къыдгурызгъаIуэрэ, зы гуэрыр езырыжу зэрыджрэ мыджэж зыщIыфу щыт "мы-мэ" макъ лъэщыр, мы псалъэхэмкIэ гурыIуэгъуэ хъууэ щытхэм зэрекIурэ зэрезэгъкIэрэу, натуралрэ езырыжу къэхъурэ джыуэ щыт Iуэхугъуэхэр зехьэлIауэ щыт япэрей глагол гупым и ит зэманыгъуэ лэжьэкIэм и ещэнэрей нэрыбгэ Iуэхугъуэр къэзыгъэлъагъуэу щытырщ икIи: «МакIуэ, мэбауэ, машхэ, мэлажьэ, мэпсэу, малIэ...».

ГурыIуэгъуэщи, ипщэкIэ ″мэ″р зы псалъэм ипэ къыщыпыхьэм щыгъуэ игъэзащIэу щыт Iуэхугъуэхэм хуэдэщ мы глагол лэжьэкIэу щыт Iуэхугъуэри. ТIанэ, ипщэкIэ ″мащIэ, махуэ, мазэ...″ хуэдэу къэдгъэлъэгъуауэ щыт щапхъэхэр къызтехъукIари, ″щIэн, хуэн, зэн...″ глаголхэрщ. Зи гугъу тщIыуэ щыт псалъэхэр, мы глаголхэм я ит зэманыгъуэрэ ещэнэрей нэрыбгэ лэжьэкIэм къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу зы псалъэрэ зы фIэщыгъэцIэ хъуауэ щытхэщ.

"Мэ" макъым, ещэнэрей нэрыбгэм и лэжьэкIэр къигъэлъагъуэрэ ит зэманыгъуэ лэжьыгъэр къызэриIуатэр, зи гугъу тщIа глагол гуп закъуэм теухуауи къанэркъым. Зи гугъу тщIыуэ щыт лэжьэкIэр зыхуэIуар мы глагол гуп закъуэрауэ жыIэпхъэми, адрей глагол гупхэми ″мэ″ къэрукIэрэ лэжьыгъэ ягъуэтыфу щытщ. Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэй ирехъу ар, езырыжу къэхъуу щытмэ; дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр хэт къилэжьу щытми; нэгъуэщI зы нэрыбгэм дежкIэ а Iуэхур езырыжу къэхъуу зы Iуэхугъуэу щытмэ, мы къэхъуу щыт Iуэхугъуэхэр ″мэ″ макъкIэ мэгъэлъэгъуэфыр. Е, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэу щытми, къэхъурэ утыку къихьэр къызтехъухьрэ, а Iуэхур зи щхьэ къырикIуэу щытмэ, мыри ″мэ″ IэмалыгъуэрэкIэ мэгъэлъагъуэр. Псалъэм папщIэ: «ЗекIуэн: зокIуэр; мэзекIуэр, мэзокIуэр; зыплъыхьын: зеплъыхь, мэзеплъыхь, мэзоплъыхь».

″Мы-мэ″ макъыр къэгъэлъэгъуэнкIэ лъэщу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ къэхъуфу щытщ мы Iэмалыгъуэхэр. Аращи, ″щIэн″ глаголым и ещэнэрей нэрыбгэ лэжьэкIэр ″ещIэр, мащIэр″ хуэдэу мэхъуфыр. "МащIэр" щыжытIэкIэй, абы Iуэху лъэныкъуитI къыреIуэр: Зыр, а Iуэхугъуэр езырыжу зэрыхъурщ; адрейр, хъуэ щыт Iуэхур ещэнэрей нэрыбгэм и щхьэм къызэрикIуэрщ.

Адыгэбзэм хэту щыт глагол псори, мыпхуэдэу, ит зэманыгъуэрэ ещэнэрей нэрыбгэ лэжьэкIэу, ″мэ″ префикс къызэрыпыхьэкIэрэ лэжьэфу щытщ; ауэ, къэгъэсэбэпыпхъэ хъунрэ мыхъун Iуэхугъуэр нэгъуэщIщ. Ар щхьэ, ″мы″ макъым утыку къырилъхьэр гурыIуэгъуэщи, езырыжу къэхъуу

щыт Iуэхугъуэрщи, натуралрэ козмоз Iуэхугъуэхэр цIыхум езым и Iэм имылърэ зэмылэжькIэрэу езырыжу къэхъу-къэщIырщ.

*

ТIэ, ″мы″ макъыр мыпхуэдэу зэрылэжьакIуэрэ, дэтхэнэ зы къэхъу-къэщIыр къызэрыхъурэ зэрыужьыр гурыIуэгъуэ ищIыфу къызэрысэбэпыфыр, ар утыку къызэрихьа щIыкIэм елъытарэ къызэрыгуэкIкIэрщ. Ар, хьэрэ цIыхупэу щытым илъагъуу щытрэ езырыжу къэхъу-къэщI дэтхэнэ зы гуэрыр къыриIуапхъэу япэ къэхъуауэ зы макъырщ. Мыпхуэдэу ″мы″ макъ Iэмалыгъуэр утыку къызэрихьарэ къызэрысэбэпам къызэрыгуэкIкIэ, нобэй, ар лъэкIыныгъэшхуэ зиIэу, дэтхэнэ зы глаголым къыпыхьэн IэмалыгъуэрэкIэ адыгэбзэм хэту щытщ. ТIэ, ″мы″ макърэ макъ щэху къежьапIэу лъытапхъэ хъуурэ щытым и архивыр щIэмыхъумауэ адыгэбзэм нобэй хэту жыIэпхъэщ.

″Мы″ Iэмалыгъуэр къызэрыхъуарэ зэрыщыт щIыкIэу нобэм къызэрынэсари, гъащIэрэ псэ ужьыгъуэм, щыIэрэ щыIэгъуэр зэрыджрэ зэрыужьым дэкIурэ, ар дэтхэнэ зы лъэныкъуэкIэй къэIуэтапхъэ зэрищIыфкIэрэу зы бзэу зэтеувауэ щыт адыгэбзэм и лъэщагъэу жыIэпхъэщ.

ИкIи, ″мы″ Iэмалыгъуэр зэрымыкIуэдарэ хэмыгъуэщауэ бзэм нобэ зэрыхэтрэ, ар ипщэкIэ зэрыжытIам хуэдэу зэщхьэщыкI мыхьэнэхэр къыриIуапхъэу зехьэнкIэ къызэрысэбэпыпхъэми къыдигъэлъагъуэр аращи, адыгэбзэр мыпхуэдэу лъэныкъуабгъуэу зэрылэжьэфыр, абы имгъэкIуэдауэ щыт бзыгъэращ; икIи, и лъхугъэ Iэмалыгъуэр зэримыгъэкIуэдаращ.

″Мы″ макъыр япэ иту, макъхэм я лэжьэкIэ Iэмалыгъуэхэм жьэрыпсалъэ щIэхэмрэ бзэ щIэхэри къигъэщIыпхъэу щытщ нобэй. Зы бзэр мыпхуэдэу лъхугъэ Iэмалыгъуэу зэрыщытыр, псэ ужьыкIэр и лэжьэкIэу зэрыщытырщи, мыри, абы и псэр зэрыхэмыкIам и зы теплъэ лъэныкъуэрщ.

**Н...**

"Ны" макъри "мы" макъым хуэдэу зы макъыжьщ; икIи, ар "мы" макъ нэужь къэIупхъэ хъурэ утыку къихьауэ щыту зы макъыу жыпIэ хъунущ. "Мы" макърэ, зы псэущхьэм дэтхэнэ и зы рефлексри утыку къилъхьэн Iэмалыгъуэ хъууэ щытым къыкIэлъыкIуэу щыт ″ны″ макъыр, зы Iуэхугъуэ къежьапIэр зыджу щытырщ.

Псэущхьэм, и рефлэксыр къызэригъэлъагъуэ макъыу щыт "мы" макъ нэужьым, мы рефлексым къызэрыгуэкIкIэ, псэущхьэм и пэджэжыр къэхъумэ, ар "ны" макъымкIэ гъэзэщIапхъэрэ къэIуэтапхъэ хъууэ жыIэпхъэнщ: ″Мы″ макъыр къызэрысэбэпу щыт ″упщIэ″м и пэджэжу, ″гурыщхъуэ″м и хэкIыпIэу, ″гупщысэ″м и гъэзэщIапхъэу къэхъуу щытхэм я къежьапIэ хъур ″ны″ макъырщ. Аращи, "ны" макъым идж Iэмалыгъуэр, зы Iуэхугъуэ къежьапIэ хъурауэ жыIэпхъэщ.

Мыбдежым ″ны″р къежьапIэ щыжытIэм щыгъуэ, дигу къэкIыр ″къы″ макъырщ. Абы къэхъур къызэрыхъурэ, утыку къызэрихьэр къегъэлъагъуэр. Ауэ, ″ны″м мыбдежыркъым къыриIуэри, ар утыку къызэрихьэрэ ужьу зэрыщидзэр, гъуэгу зэрытехьэ пэщIэдзэу щытырщ ″ны″м къигъэлъагъуэр. ″Къы″ Iэмалыгъуэ къэрууфIэрэкIэ утыку къихьэр ужьыгъуэм зэрыщIидзэрщ ″ны″ макъым къиIуатэр. Мо къэхъуу щытыр псэущхьэм гулъытэ зэрищIыр ″мы″ Iэмалыгъуэрщи, а гулъытэ къыхуэхъуам еплъыжмэ, илъагъуу щытыр, ар ужьу зэрыщытрэ зэрыщIидзарщи, ар а щеплъарэ гулъытэ щищIам щыгъуэм къыщIидзэу ужьу зэрыщIидзарэ кIуатэу зэрыщытыр къызэриIуатэ Iэмалыгъуэр ″ны″ макъырщ.

ТIэ, ″ны″р зы Iуэхугъуэм и къежьапIэу щытмэ, щхьэжу зы мыхьэнэу щымытырщи, ар щхьэжу зы Iэмалыгъуэу къэсэбэпырщ. Ауэ, абы зэманыгъуэ (э) игъуэтрэ ″нэ″ щыхъум щыгъуэ, ар щыIэ гуэрырщи, дэтхэнэ зы гуэрыр къызхэхъукIрэ и къежьапIэу щыт хъурщ.

*

"Ны"р, зыпыхьэ макърэ псалъэм къежьапIэ хуэхъуу щытщ. Зы хы Iуфэу щытрэ щIы гъунэ е щIым и къежьапIэу щытыр "ныджэ"рщ; зы псэущхьэм и кIуэцI хъууэ щытрэ "бэ" хъур, къежьапIэкIэ къэIуэтапхъэ щыхъукIэ "ныбэ"щ. Зы псо гуэрым къыхэхъукIрэ ″къу-къуэ″кIэ къэIуэтапхъэу щытыр, зы ″лъэныкъуэ″рщи, ар икIи, зы псом и зы "ныкъуэ"рщ. Зы гуэрым и жьыгъэр къэзыгъэлъагъуэр "ныбжь"щ; ар икIи, езым къигъэщIыу щыт жьауэрщ; зэхуэдэ ныбжь итхэр е зэгъусэу зыужьыгъуэ зыхуаIэхэр "зэныбжьэгъу"щ.

"Ны"р, зы Iуэхугъуэ къежьапIэрэ кIуэтапIэ е хуэкIуапIэ зэрыхъукIэ, зэманыгъуэхэри къыщыIуатэм щыгъуэ къосэбэпыр: УзхуэкIэу щыт пщыхьэщхьэм  и гугъу зэрыпщIыпхъэр "ныщхьэбэ"щ; ар дыдэу зи гугъу пщIынур, узхуэкIуэрэ е узхэкIа къудейуэ щыт жэщрамэ, ар "ныжэбэ"щ; уи иужь къибгъэнауэ щытрэ укъызхэкIа зэманыгъуэр а пщэдджыжьу щытмэ, ар къэIуэтапхъэ зэрыхъур "нышэдибэ"ущ. Мы зэманыгъуэ щапхъэхэм хуэдэрэ, ит зэманыгъуэ махуэр къигъэлъагъуэу щытщ "нобэ" псалъэм. -Мы щапхъэхэм, "бы" макъыр зэрызыхуэдэ ужьыгъуэ щIыкIэри аргуэрэу къагъэлъагъуэр-.

Зэманыгъуэрэ зы Iуэхугъуэ къежьапIэ зыгъэлъагъуу щыт щапхъэхэр, зы махуэм теухуа Iуэхугъуэ закъуэу къанэркъым. БлэкIарэ къэкIуэн зэманыгъуэхэри, дызхэтрэ дыздиту щыт зэманыгъуэм елъытауэ къэIуэтапхъэ зыщIри "ны" макъ Iэмалыгъуэрщ. БлэкIа джыщIэрэ дыздит зэманыгъуэри къызтехъукIауэ щытыр, дыздит зэманыгъуэм елъытауэ жыIэпхъэ хъууэ щытмэ, ар "нетIэ"рщ.

Дыздит зэманыгъуэрэ дызхэту щыт Iуэхугъуэм елъытауэ, зы Iуэхур зэрыдгъэпэжрэ щIэдзапIэу къитIуэр "нытIэ" псалъэрщ. Ар, къэхъуарэ

блэкIа е хъуурэ щыт зы Iуэхугъуэр зыгъэпэжырщ; икIи, дыздит зэманыгъуэрэ Iуэхугъуэм къызэргуэкIкIэ, дызхуэкIуэ Iуэхугъуэр къежьапIэу зыгъэлъагъуэу щыт зы псалъэщ; пэщIэдзэ псалъэ хъурщ.

КъежьапIэрэ къызхэкIыпIэр зыгъэлъагъуэу щыт "ны"р, зы псалъэм ипэ пыт щыхъум щыгъуэ, а псалъэм иджу щыт Iуэхугъуэрэ зэманыгъуэм и ″*Iувертурэ*″ хъууэ зэрщытыр жыIэпхъэщ. "Ны" макъыр зы макъ е псалъэм и кIэух щыхъукIэй, а псалъэм и "*финалэ*" мэхъур. Е, нэгъуэщIыу жытIэрэ, зы псалъэр, гъэпсарэ лэжьэну хьэзыр зы машинэм едгъэщхьмэ, "ны" макъыр, ипэ къызпыхьэ псалъэм и *контакт бутон*щ; ар къезгъажьэрщ. Мыбы ещхьу, ″ны″ макъыр, зикIэ къызпыхьэ псалъэм и френ хъурщ; ар зыгъэувыIэрщ.

Мыхэм къызэраIуатэкIэй, "ны" макъыр, къызпыхьэрэ зи кIэух хъууэ щыт псалъэхэм ядж мыхьэнэм хэIэбэркъым; ахэр зэрихъуэкIыркъым. Мы Iэмалыгъуэм къызэргуэкIкIэй, "ны" макъыр глагол кIэух хъуну зы макъщ. Ар кIэух щыхъукIэ, кIэух зыхуэхъу псалъэр зэрыщыту къегъанэр; псалъэм хэту щыт макъхэр замхъуэкIарэ зэрхъун хуейм хуэдэу къонэфхэри, глагол псалъэр зэрылэжьэным хуэгъэпсауэ зэтеувауэ хьэзыру щыт мэхъуфыр: «КIуэн, къэкIуэн, псэлъэн, бэнэн, къыгургъэIуэн...».

ГурыIуэгъуэщи, мы глаголхэм къытехъукIыу щыт псалъэхэр ″псалъэ, банэ″у щытми, ахэр глаголу зэрыщытынур ″псэлъэн, бэнэн″ хуэдэщ: Макъ мыхьэнэхэр зэрылэжьэн хуэдэ макъхэу, я пэжыпIэм иту щыт мэхъур, ахэм ″н″ кIэух къыщыпыхьэм щыгъуэ. Аращи, тIэ, ″н″ кIэухым ипэм къинэ зы псалъэр макъкIэрэ дауэ зэхэту щытми, и пэжыпIэрэ и лэжьэкIэу щытри апхуэдэщ: щапхъэмэ, ″лъагъун, псэлъэн″.

Дэтхэнэ зы глаголым икIэм къыщыпыхьэм щыгъуэ, а псалъэр зэрзэтеува щIыкIэу зэрыгъэпсауэ "финалэ" зыщIыу щыт "н" макъыр, дэтхэнэ зы псалъэм икIэ къыпыхьэ хъууэ щытми, а псалъэр зэрзэтеувэрэкIэ гъэпса хъун щIыкIэм ирегъэувэжри глагол ещIыжыфыр. Сыт хуэдэми, дэтхэнэ зы псалъэм –а нэхъ мащIэу- езырыж хъун хуэдэу зы Iуэхугъуэ къыпэщIэтщи, ари зы глагол Iуэхугъуэу щытщ: «″Мывэ: мывэн″, ″ятIэ: етIэн″, ″мазэ: мэзэн″, ″вагъуэ: вэгъуэн″, ″унэ: унэн″...».

*

"Ны" макъыр зи кIэ къызпыхьэ макърэ псалъэхэр гъэпсауэ мэувыIэхэр. НэгъуэщIыу жытIэмэ, "ны" макъым зы къыхэкIыпIэрэ зыхуэкIуапIэр зэригъэлъагъукIэрэу, зи кIэух хъууэ щыт зы псалъэм къыхэкIыпхъэ хъууэ щытыр къэзыгъэлъагъуэу зы макъырщ. Мы Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэрщ, "ны" макъыр дэтхэнэ зы макърэ псалъэм икIэм пыт хъумэ, игъэзащIэри. ТIэ, "ны" макъыр зы псалъэм ику итмэ, зи кIэлъхьэужь хъуауэ щыт макърэ псалъэм и щхьэ къырикIуэри ардыдэрщ.

Псалъэм папщIэ, "IункIыбзэ" псалъэр къапщтэмэ, ар "Iун-кIыбзэ"у зэпкъырыхыпхъэрщи, мыбы теухуауэ мыхэр жыIэпхъэнщ: «"Iун" псалъэм къикIыр "Iу хъун" е "Iу Iуэхугъуэ гъэзэщIэн"ырщ; "Iу"м ехьэлIа Iуэхугъуэр, ар зы "у" гъунэ зэрыхъукIэ, "зи Iу" хъум -"у"м- хыхьэн е щIэхьэнрэ, хэкIын е щIэкIын Iуэхугъуэрщ. Ари зэрыхъуну щIыкIэр "Iу" хуэщIауэ -lупlауэ- щытыр IугъэзэщIыкIынрэ, а ″Iу″м Iулърэ Iуту щытыр ихын (Iухын) Iуэхугъуэмрэ, зэIухауэ щыт ″Iу″р хуэщIын (IупIэн) IуэхуитIырщ "Iун" Iуэхур. А Iуэхур зэрыхъун щIыкIэр "Iун"ым къыкIэлъыкIуэ макъхэмкIэ мэIуэтэжыр: ″кIыбзэ (кIы-бзэ)″».

НытIэ "IункIыбзэ"р, Iухынрэ IупIэн Iуэху (Iун) зыгъэзащIэу, зы "бзэ" зиIэрэ а бзэм ехьэлIауэ щыт зы "кIэ"рщ (кIэ-ы: кIы). НэгъуэщIыу жыпIэмэ, Iухынрэ IупIэн зыгъэзащIэрэ, зы кIэ зиIэу щыт зы бзэрщ; ауэ, ар кIэ зимыIэми, ″Iухыбзэ IупIэбзэ″рщ.

Аргуэрэу гулъытапхъэ щIын хуейуэ щытщи, зы псалъэрэ макъым икIэ къыпыхьэрэ финалэ зыщIыу щыт ″н″ макъ нэужьым псалъэр мыухауэ щытмэ, ″н″ым къыкIэлъыкIуэ макърэ псалъэм игъэзащIэу щытынур, ″н″ макъым къигъэувыIэу утыку къихьауэ щыт Iуэхугъуэм зэрелъытарэкIэ лэжьыгъэ игъуэтынырщ. Мыр зы щапхъэкIэ гурыIуэгъуэ щIыпхъэщ: «″Бы″ Iэмалыгъуэр зы глаголрэ зы Iуэхугъуэ зэрыхъур ″бын″ырщи, абы ″жэ″ макъ къыкIэлъыкIуэрэ зы псалъэ ухуэу щытмэ, ар ″бынжэ″ хъунщ; ари, ″бы″ Iэмалыгъуэу щыт зы Iуэхугъуэр (бын) ″жэ″кIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъуу щыт зы Iуэхугъуэрщ: "Бы" Iуэхугъуэм (бын) папщIэ къэхъуу щыт ″жэ″ Iэмалыгъуэрщ "бынжэ"р. Ар, ″бы″ Iэмалыгъуэу щытыр зыдэжэрэ зырижэрщ; бын響 зыпIыну щытыр зэрыжэращ бынжэр».

Мы щапхъэу къэтхьарэ тежытIыхьахэр, мы Iуэху къэхъуу щытыр гурыIуэгъуэ щIын папщIэщ. Армырами, Iуэхуу утыку къихьэр, ″н″ макъыр кIэух щыхъукIэ къэхъуу щыт Iуэхугъуэм хуэдэжщ. Ар зы кIэухрэ, абыи зы макъыр кIэухыу къыщыпыхьэм щыгъуэ къэхъуу щыт Iуэхугъуэхэм хуэдэжщ. Щапхъэмэ: ″къэкIуэнщи, арагъэнщи″ хуэдэ псалъэхэм ″н″ нэужьым къакIуэу щыт ″щи″ макъхэм я щIыкIэм хуэдэу жыIэпхъэщ дызтепсэлъыхьари.

Мы къэхъуу щыт псэлъэкIэхэм нэхърэ нэхъ зэтеува щапхъэу къыщIэкIынщ, мы къэдгъэлъагъуэну щыт псалъэхэри, ″н″ыр макъхэм язэхуакум къызэрыдэнэ щIыкIэу утыку къихьэу щыт мыхьэнэхэм папщIэ щэпхъэфхэу лъытапхъэщ мыхэр: «Арыншэ, узыншэ, Iуэхуншэ, къэшэныншэ, щIыкIэншэ, къуэншэ, зеиншэ...».

ГурыIуэгъуэнщи, мы псалъэхэм хэту щыт ″н″ макъыр зи кIэухыр зы Iуэхугъуэу щытщи, а Iуэхур зымгъэзащIэрэ абы хэнрэ щхьэщыкI хъууэ щытыр, абы хэкIыжа хъунрэ ар зимыIуэхур, а Iуэхум IукIарэ Iушауэ щытыныр къегъэлъагъуэр. Мы гъэзэщIапхъэу щытхэр гъэзэщIэн хуейуэ щытщи, абы хэныжарэ хэшыжауэ зэрыщытыр къизыIуэхэрщ мы

щапхъэхэри, зы *статус*ым теша хъун Iуэхущ къыраIуэр. Ахэр щхьэжу зы псалъэрэ фIэщыгъэцIэу щымытхэрщи, бзэ лэжьэкIэу къэхъухэрщ.

″Н″ыр псалъэм икум къызэринэр мыпхуэдэу псэлъэкIэм къызэрыгуэкIкIэ къэмыхъурэ, щхьэжу зы псалъэрэ зы фIэщыгъэцIэу утыку къихьэмэ, тIэ, ахэм ящыщ щапхъэхэрщ мыхэр: «Iэнлъэ, лъынтхуэ, пхъуантэ, щхъуантIэ, жьантIэ, лантIэ, IуэнтIэн...».

Нэрылъагъущи, мы псалъэхэр икIи, адыгэбзэ псалъэ къэхъукIэ хабзэри зыхэплъагъуэу щыт псалъэхэрщ. Ахэр зы фIэщыгъэцIэрщ е плъыфэцIэрщ. Мы псалъэхэм ящыщ гуэрхэм къыраIуэр щапхъэ хъун папщIэ зэпкъырытхынщ: «Iэнлъэ: Зы IэнатIэ хъууэ щыту (Iэн) зы кулъу щытыр (лъэ). Лъынтхуэ: Лъыр зэрыщыту (лъын) зы къэрукIэрэу (т) хуным (ху) щхьэпэу щытыр (хуэ). ЩхъуантIэ: ЗэхъуэкIыныгъэ зиIэу зэрыщыткIэрэу (щхьуэн) ужьыгъуэрэ кIуэтэгъуэ е бэгъуагъэ зиIэр (тIэ)».

Мы щапхъэхэм и закъуэу щыткъым мыпхуэдэу къэхъуу щыт псалъэхэр. Мыхэм хуэдэщ ″джы″ макъыр кIэух зыхуэхъуу щыт "пхэндж" псалъэри, ар "пхэ" зэрыхъукIэрэу (н) джынырщ.

Мыбы хуэдэу, ″щIын″ кIэухыр къызпыхьэу зэтеувэ щапхъэхэри щыIэщ. Зы гуэрым и гъунэрэ и щIыби хъууэ щыт и "Iу"м зы къэру хуэкIуэу (е) щыт зы Iуэхур зэрыщыткIэрэу (н), абы къыкIэлъыкIуэр "щIын" Iуэхугъуэу щытмэ, "еIунщIын" псалъэр къэхъунщ. Мы псалъэ къэхъукIэм хуэдэщ ″хуэнщIын, ухуэнщIын, хуэнщIий, ухъуэнщIын...″ псалъэхэри къызэрыхъу щIыкIэр. Мыхэм хуэдэу щытщ ″зыгъэнщIын″ псалъэри; ар, езым (зы) зытеухуауэ гъэ Iуэхугъуэу щытын (гъэн) ″щIын″ырщ: Зы гъащIэ зиIэрэ, абы хэту ″гъэ″фу ущытыныр, ″гъэн″ Iуэхугъуэрщи, ар ″щIын″ Iуэхугъуэращ ″зыгъэнщIын″ыр. ГъащIэм къызэрихьрэ зэрезэгъкIэрэу, дэтхэнэ зы лъэныкъуэрэ зыхуэныкъуэу щытымкIэ зыхурикъужырщ ″зыгъэнщIын″ Iуэхугъуэр.

"ЗанщIэ" псалъэри ″щIы-щIэн″ Iуэхуу утыку къихьэу зы пслъэрщи, ар, зы хъуауэ щIын-щIэнрэ зэуэ щIын-щIэнырщ; ар икIи, зы хъууэ щытырщ, икIи, утыку къызэрихьэр зэуэ щытырщ.

″Къуаншэ″ псалъэр ″занщIэ″ псалъэм и пхэнджырщ. ″Къуаншэ″ псалъэмрэ ″къуэншэ″р зэрызэщхьэщыкIри нэхъ гъунэгъуу къэгъэлъагъун хуейуэ щыту къыщIэкIынщ.

"Узыншэ"м ″уз зимыIэн″ мыхьэнэ къызэригъэлъагъуэм хуэдэу, "къуэншэ" псалъэми ″къуэ зимыIэн″ мыхьэнэрщ къыриIуэр. Ауэ, "къуаншэ" псалъэр зы фIэщыгъэцIэрщ, ар ″захуэу щымыт″ зы щIыкIэу щытым папщIэ къыраIуэрщ. "Къуаншэ"р щхьэжу псалъэ зэтеувэкIэ хабзэм езэгъыу утыку къихьауэ зы псалъэрщи, абы хэту щыт ″къуэ″р, кIэухыу щыт ″шэ″м ипэ къэIуу зэрыщытым папщIэ ″къуа″уэ къоIуp. Ар щыхъукIэй, ар зэрыблэкIарэ (а) зэрызэфIэкIакIэрэу утыку иту щытщ икIи; итIанэй, ар ″н″ макъымкIэ финалэ мэхъур (къуан). ТIэ, мы псалъэу утыку

къихьар зэрыщыту къызэрыхъуакIэрэу, абы ″шэ″ Iуэхугъуэр кIэухыжу хуолажьэр. Ар щыхъукIэй, къыхэхъукIрэ зыужьыгъуэ хъууэ щыт "къу-къуэ"р къэхъурэ утыку къихьауэ зэфIэкIауэ (а) зэрщыткIэрэу, -"къуа" зэрыхъуакIэрэу-, ар ″шэ″ кIэухкIэ (глагол) шылажьэм щыгъуэ, а къызхэхъукI щIыкIэм имытыжрэ "шэ"уэ щыт мэхъури, мыпхуэдэу къэхъуу щытырщ ″къуаншэ″ псалъэр. Ар щыхъукIэй, къызхэхъукIауэ щытым и унэтIыгъэм темытыжу нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ зыунэтIрэ кIуэрщ ари, зыдэщытым къиичарэ тешауэ щыт хъурщ, ша хъурщ ″къуаншэ″р. Апщыгъуэ тIэ, "къуаншэ"р, "занщIэ" псалъэм къыриIуэу щыт ″зы хъуауэ кIуэн-щIэн″ унэтIыгъэ щIыкIэр зимыIэу щытрэ, абы и пхэндж хъууэ щытырщ. ″ЗанщIэ″р, зырэ зэхуэдэ хъуагъэххэу (за) щыту гъапсарэ (зан) щIын Iуэхугъуэрмэ, тIэ ″къуаншэ″ри къызхэхъукIауэ щытым (къуа) темытыжрэ теша хъууэ (шэ) кIуэрщ.

*

КъызхэкIыпIэрэ кIуапIэу щытыр зыдж "ны"р гъуэгу щытехьэкIэ ″нэ″ мэхъури, абы, зы Iуэхугъуэр къыхэкIыпIэрэ ит зэманыгъуэм елъытауэ гъуэгу техьэгъуэ хъууэ зэрыщытыр къегъэлъагъуэр. Ар зы псалъэм ипэ къыпыхьэмэ, а Iуэхур къыздыхэкIрэ кIуэуэ зэрыщытыр, е ит зэманрэ дыздэщытыр къежьапIэ зэрыхъукIэрэ къэIуэтапхъэ мэхъур. Мы псалъэм къызэргуэкIкIэ, дыздыщытыр ежьапIэ пэлъытэу "нэкIуэн, нэхьын, нэхун, нэхъун, нэшэн..." хуэдэ псалъэхэр къохъур. Ар зыдэкIуэм зэрежьэрэ зэриунэтIауэ зэрыщытыр къэIуэтапхъэ щыхъукIэ "ихьын-нихьын, ехын-нехын, ехьэжьэн-нежьэн..." хуэдэ псалъэхэр зэтоувэр. Къежьарэ зыхуэкIуэм пыщIа е ехьэлIа зы Iуэхугъуэ щыхъукIэ (нэ-ы: ны), "ныIухьэн, ныIукIын, ныжьэдэхьэн, ныжьэдэкIын..." хуэдэщ псалъэхэр зэрзэтеувэр.

Зы гуэрыр къыщытIуатэр ит зэманырщ; икIи, дыздиту щытым къызэргуэкIкIэрщ къежьапIэ хъурэ "ны-нэ" Iэмалыгъуэр къызэрсэбэпыр. Дызхэтрэ дыздитым елъытауэщ, блэкIари къэкIуну зэманри къызэрытIуатэри, "ны-нэ" макъыр псалъэм ипэ къыпыхьэу, дыздитым елъытарэ къызэрыгуэкIкIэ, а Iуэхугъуэрэ зэманыгъуэр къеIуатэр. Дыздитым имытрэ абы хуэкIуэр, дыздитыр къежьапIэу зэрыщыткIэрэу гъэлъэгъуапхъэ зыщIырщ ″ны-нэ″ макъыр; дыздит жыхуэтIэр зы щIыпIэй, ит зэманыгъуэй хъунщ. Псалъэм папщIэ, "мэгъэ"м дитрэ блэкIа гъэр къызэритIуэфынури "нэгъабэ"рщ.

"Ны"м зы къежьапIэ зэригъэлъагъукIэрэу, ар езыр зы щыIэ гуэру зэманыгъуэ щигъуэткIэ "нэ" хъунщ. Дэтхэнэ зы гуэрми зы къыхэкIыпIэрэ къежьапIэ зэриIэкIэрэ зы "нэ" иIэнщ. А "нэ"р, Iуэху щIынрэ ухуэн Iуэхугъуэм нэхъыфIыу щхьэпэу щыт зы Iэпкълъэпкъым и фIэщыгъэцIэй мэхъуфыр. Нэр зэрылъапIэрэ зэрыщхьэпэм къызэргуэкIкIэ, нэр зыхэту

щытыпIэ Iэпкълъэпкъ фIэщыгъэцIэхэри "нэ" фIэщыгъэцIэр и лъабжьэ зэрыхъукIэ цIэ ягъуэтыр: «НатIэ, нэгу, набдзэ, напэ, нэпс, нэщIащэ...».

Iэпкълъэпкъ "нэ"м и щIыкIэм къызэргуэкIкIэй къэхъуу щыт псалъэхэр мащIэкъым: «Нэф, нэфI, нэ Iей, ней-ней, нэжэгужэ, нагъуэ, нашэ...». ИкIи, нэ Iуэхугъуэ хъурэ нэр къызэрысэбэпу щытырщ "нэху"р; "нахуэ"ри, нэрылъагъу зэрыхъу щIыкIэу гурыIуэгъуэ хъурщ.

"Нэ" макъыр зы псалъэм и кIэух хъууэ щытмэ, зыхуэхъуу щыт макърэ псалъэм идж мыхьэнэр къызхэкI "нэ" мэхъур; е "нэ"р а псалъэм и глагол зэрыхъукIэрэу, а псалъэр и къыхэхъупIэу щыт "нэ"м хуэкIуауэ зы псэлъэщIэ къохъур. Мы псалъэм къызэрыгуэкIкIэ, зы "гъу"р къызхэкIыр зыдж Iуэхугъуэу "гъунэ" псалъэр къохъур. Зы "гъуэ" хъууэ щытым "нэ" къыпыхьэмэ "гъуанэ" мэхъур. Зыужьыгъуэр зи пIэу щытырщ "унэ" жыхуаIэр; ар зыужьыгъуапIэрщ. Мы псалъэ къэхъукIэхэм хуэдэщ мы псалъэхэри утыку къызэрихьэр: «Банэ, санэ, уанэ, фIанэ, данэ, Iуданэ, джанэ...».

"Нэ"р, зы гуэрыр къызхэкIрэ зэрытыпIэ зэрыхъукIэ, бжыгъэхэми я кIэух мэхъури, зи кIэух хъууэ щыт бжыгъэм и пIэр къегъэлъагъуэр: «Езанэ, етIуанэ, ещанэ...». Псалъэм папщIэ, "ещанэ"р "щы"уэ щытыр (щэ) зи пIэ хъуным (нэ) зэрехьэлIар (е) къизыIуэу зы псалъэрщ.

Мыпхуэдэу "нэ" кIэух зиIэ псалъэхэр, ипщэкIэ и гугъу зэрытщIауэ "н" къыщыпыхьэкIэ, гурыIуэгъуэщи, ар зы глагол щIыкIэ зиIэ псалъэй хъурщи, а псалъэхэр езырыжу зэрыщытыр къигъэлъэгъуэнщ: «Езанэн, етIуанэн..." е "унэн, уанэн, фIанэн...».

Ауэ, "нэ" зи кIэухыу щыт псалъэм аргуэрэу "н" кIэух къыщыпыхьэжкIэ, а псалъэхэр глагол дыдэ щыхъу щыIэщ. "Нэ"р зы пIэрэ къыхэхъукIыпIэ зэрыхъукIэрэу зы псалъэм и кIэух хъурэ, аргуэрэу абы "н"ыр и кIэух щыхъукIэ, а "нэ"м "инэн" хуэдэу глаголхэр къохъур: «ФIэнэн, хэнэн, къэнэн, къуэнэн, тенэн, къыхуэнэн, пIынэн, пынэн, Iунэн, щIэнэн, къыщIэнэн...». "Хъуэнэн" псалъэри зы мыхъуныгъэу зэхъуэкIын (хъу-э) Iуэхугъуэм хэнэн Iуэхуу къыщIэкIынщи, "хъу"м зихъукIэрэ "хъуэ" хъууэ, абы инэн хуэдэущ "хъуэнэн" псалъэри, апщыгъуэ, хъур зэрыхъукIэрэу утыку къихьэфыркъым.

Мыпхуэдэу "нэн"ыр зи кIэух хъууэ щыт псалъэм идж Iуэхугъуэр, а псалъэм зы итыпIэрэ нэ къыхуэхъун Iуэхурщ. Мыбы и пхэнджу шытрэ, а хэнапIэрэ инапIэ хъууэ щыт Iуэхугъуэм хэт мыхъуфынри, "нын" кIэухкIэ мэгъэзащIэр: «Хэнын, щIэнын, щIэныжын, къыщIэныжын, щинэжын...».

*

Нэрылъагъурэ гурыIуэгъуэ зэрыхъуауэ, "ны-нэ" макъхэм яджу щытыр зы къыхэхъукIыпIэрщ. Дэтхэнэ зы гуэрми, къызхэхъукIыу зы "нэ" иIэщ; ар, езым къыхэхъукIыу щытым и "нэ"щ. "Нэ"р, къэхъуу щытыр

къызхэкIырщи, абы къыхэхъукIауэ щытым и лъабжьэу щытырщ; къэхъуауэ щытым и блэкIа зэманыгъуэрэ и лъакъуэу щытщ. КъызхэхъукIар и "нэ" хъуауэ щытрэ, ари и лъабжьэрэ и блэкIа зэрыхъукIэй, мыпхуэдэу щыт зы ″нэ″р икIи "а"уэ щытырщ. Зы щыIэ гуэрыр, и блэкIам къызэрхэхъукIа щыхъукIэ, ар и "нэ"щи, мыр зэрыжыIэпхъэ псалъэр "анэ" мэхъур.

Аращи, "ны-нэ" макъыр, дэтхэнэ зы гуэрыр къызхэхъукIрэ къэзылъхур зэригъэлъагъуэрэкIэй, зы макъыбзщ. Ар щыхъукIэй, анэми и анэу щытрэ анэшхуэ хъуауэ щытыр ″нанэ″рщи, ″нэнэжь, ныуэ, ныуэжь, хьэнанэ..." фIэщыгъэцIэхэр, жызыIэм и анэ дыдэрэ и анэшхуэу щымытми, жьы дыдэ хъуарэ лъэпкъым я анэжьу къалъытэж фызыжьхэм хужаIэр.

″Ны″р зы макъыбз щыхъукIэй, Адыгэ хабзэм къызэрыгуэкIкIэ, ар цIыхубзыцIэхэм хэту щытынущ. Адыгэ цIыхубз фIэщыгъэцIэ хъуауэ щытхэм мымащIэу "ны-нэ" макъ яхэщ. Мыбыхэм ящыщщ: «Ани, Ану, Нани, Нану, Нэху, НэхуцIыкIу, Нэхунэ, Нэхун, Нэхуржан, Нэжан, Нагъуэ, Хьэцунэ, Кунэ, Гунэ, Гуэщэнэ, Синэ, Синэм, Синэху, Синэмис, Динэ, Динэмис, Данэ, Дэнэху...».

## «Р» МАКЪЫР...

"Ры" макъыр пхъашэу зы макъщ. Ар къыщыIум щыгъуэ, фIыуэ зэхэхыпхъэу щыт зы макъырщ. Абы езым щхьэжу иджу зы мыхьэнэ щыIэркъым. Ар щыхъукIэй, езым щIэту зы лэжьыгъэ къэхъуркъыми, зы макърэ зы псалъэм ипэ къыпыхьэркъым. Ар зы кIэух макъырщ. КIэухыу къызпыхьэу щыт макърэ псалъэр къегъэувыIэр; и пхъэшагъэмкIэ дэтхэнэ зы макърэ зы псалъэр къигъэувыIэпхъэу мэлажьэр. ИкIэ къызпыхьэ макърэ псалъэр зэрщыту къыдегъэлъагъуэр, лIыгъэкIэ къыдгурегъаIуэр: И пхъэшагъэмкIэ, зы френ пэлъытэу къигъэувыIэу щытыр, зэрщыту, зы мыхьэнэ гуэр химылъхьэу ди пащхьэ къырелъхьэри гурыIуэгъуэ къытхуещIыр. ″Ры″р кIэухыу къыщыIум щыгъуэ, и пхъэшагъэм къызэрыгуэкIкIэ, зи кIэух хъуауэ щыт макърэ псалъэр зэрыщыту *импозэ* къытхуещIыр.

Дэтхэнэ зы псалъэрэ макъым икIэ къыпыхьэрэ, къызпыхьэр къэбыл къызэрытхуищIкIэрэу, абы зы макъ е зы псалъэ къыкIэлъыкIуэжу щытмэ, а макъитI е псэлъитIри зэпещIэр; щызэпищIэм щыгъуэй, къыкIэлъыкIуэ макъ е псалъэр ипэ къыпыт псалъэм пещIэр, хуегъэлажьэр: «IуэрыIуатэ, уэршэр, гурыIуэгъуэ, хъурей; аращ ...».

Дэтхэнэ зы псалъэрэ макъыр текъузапхъэ пщIын хуей хъурэ къэбгъэпIий пэлъытэу утыку къиплъхьэнрэ, нэхъ гурыIуэгъуэ пщIын хуейуэ щытмэ, "р" макъыр кIэух пщIын хуейщ. Мыбы и щапхъэхэщ "ар, мыр, мор" псалъэхэр къызэрыхъу щIыкIэр. Зы глаголыр ит зэманыгъуэкIэ

щылажьэкIэй, текъузапхъэу къиIуэн хуейуэ щытмэ, "р" макъыр къыпыбгъэхьэнщ: «СокIуэ-сокIуэр, мэлажьэ-мэлажьэр, бощIэ-бощIэр...».

Зы макърэ псалъэм икIэ къыпыхьэрэ, ар и пхъэшагъэкIэ къыщигъэувыIэм щыгъуэ, хэкIыпIэ имыIэжу ди гур абы хурешалIэри, ар фIыуэ къыдигъэлъагъун Iуэхур егъэзащIэр. Мыпхуэдэу щыт "р" макъым, зи кIэ къызпыхьа макъыр зэрыджращ IупщI къытхуищIыр. Ар щищIкIэй, джыуэ щытыр зэрыджакIуэращ къыдгуригъаIуэр. Псалъэм папщIэ, жэуэ щытыр къызэрдигъэлъагъукIэрэу "жэр" жыIэкIэр къыщыхъум щыгъуэ, а Iуэхур зыгъэзащIэри дигу къырелъхьэри, жэн Iуэхугъуэр зыгъэзащIэр зэрыжакIуэкIэ гурыIуэгъуэ къытхуещIыр: "Жэр"ыр жакIуэрщ, икIи жэн Iуэхур фIыуэ зыхузэфIэкIырщ. Мыбы хуэдэщ "кIуэр, ухуэр, уэр, вэр, жьэр..." хуэдэ псалъэхэр: Мы псалъэхэр, икIи, итрэ функциял зэманкIэрэ хъууэ щыт зы Iуэхугъуэ къэзыгъэлъагъуэрщ; икIи, а Iуэхугъуэр зыгъэзащIэу щытыр къэзыгъэлъагъуэрщ; икIи, а Iуэхугъуэм хуэIэзэу щытыр къэзыгъэлъагъуэрщ.

Мы лъэжьэкIэм къызэрыгуэкIкIэ, зы Iуэхугъуэр зей пэлъытэрэ а Iуэхугъуэм и Iэзэр къигъэлъагъуэу псалъэхэри къохъур. Зы Iуэхугъуэ зыджу щыт псалъэм икIэ "р" макъыр къыщыпыхьэм щыгъуэ, а Iуэхум езыр IупщIыу къызэрыдгуригъаIуэм къыщымынэу, а Iуэху IэщIагъэрэ Iэзагъэри къыдгурегъаIуэри, а Iуэхур зейрэ зи Iэзагъэу щытыр лъэщу гурыIуэгъуэ къытхуохъур: ФIыуэ псалъэрэ, псэлъэнкIэ Iэзэу щытыр, псэлъэн Iуэхугъуэр зыми къыхуэзымгъанэр "псэлъэрей"щ. Псэлъэрейр, фIым къыщымынэу егъэлеяуэ псалъэ хъурщи, ар псэлъэн Iуэхугъуэр зыгъэзащIэу щыт дэтхэнэ гуэрэми къыщхьэщыкIырщ; икIи, зыми емыщхьрэ зыми хуэмыдэрэ емылъыта зэрыхъукIэй "Iей"уэ псалъэрщ. Мыбы хуэдэ псалъэхэрщ "хъурей, ефэрей, шхэрей, къэкIухьырей..." хуэдэ щапхъэхэр. Къызпыхьэ псалъэр къыдигъэлъагъуэрэ, кIэухыу "ей"р къыпыхьэмэ, тIэ, а къыдигъэлъэгъуа мыхьэнэр зыхуэIуар къыреIуэр. Мыпхуэдэу, "еин" Iуэхугъуэу щыт псалъэхэр къохъур: «Япэрей, пэсэрей, етIуэнэрей, ещэнэрей...».

Мы щапхъэхэм хуэдэу "р" макъыр зы псалъэм икIэ къыпыхьэрэ, къызпыхьэр пхъашэу гъэлъэгъуапхъэ ищIауэ, аргуэрэу зы макъ е псалъэ къызпыхьэжи щыIэщ. Мыбы и щапхъэу щытщ мыхэр: «ПэрытIысхьэн, пэрыкIын, пэрыхун, кIэрыхун, кIэрыкIын, кIэрыщIэн, къыришэкIын, къыришэжьэн, ириудын, иришэн, ирихун, ирикъун...». Мы лъэжьэкIэм нэгъуэщI псалъэхэри къегъэхъур: «Жьэрымэ, фырымэ, тхъурымбэ, фэрыщI...».

Бжыгъэр "р" макъкIэ къэгъэлъэгъуарэ, абы икIэми аргуэрэу а бжыгъэр къыщыпыхьэжкIэ, Iуэхур а бжыгъэ защIэкIэрэщ къызэрекIуэкIыр: «Зырыз е зэрыз, тIурытI, щырыщ...».

Зы макъ е псалъэм икIэ "р" макъ къыщыпыхьэкIэ, а псалъэ е макъыр къызэригъэлъагъуэрэ пхъашэу гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIыр нэрылъагъущ. А Iуэхугъуэм къигъэщIыу щыт мыхьэнэхэм и гугъу тщIащ. А зи гугъу тщIауэ щыт мыхьэнэхэри зэрыхэтыжкIэрэу, "р" макъыр зы псалъэ е макъым икIэ къыпыхьэу зы Iуэхугъуэ фIэщыгъэцIэ дыдэ къыщыхъуй щыIэщ. Мыбы и щапхъэхэрщ: «Жыр, шыр, зы гуэр, гъэр, кIыр, сыр, пIур, пхыр, пшэр, хъар, хъуэр, жыджэр...».

ГурыIуэгъуэщи, ″р″ макъым игъэзащIэу щытыр, сыт щыгъуэй, а и пхъэшагъэм къызэрыгуэкIкIэ, кIэух зыхуэхъуу щыт макърэ псалъэр фIэкIыпIэ зэримыIэу гурыIуэгъуэ къытхуищIын Iуэхугъуэрщ.

## ЕПЛIАНЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ
## МАКЪ ЩЭХУ ЗЭГУЭТХЭР (зэгухьэрэ зэхэжахэр)

### МАКЪ ЗЭГУЭТХЭР КЪЫЗЭРЫХЪУМ ЗЫ ХЭПЛЪЭГЪУЭ

Адыгэбзэм хэт макъ щэхухэмрэ макъ Iуэр гуэрхэри оргиналрэ щхьэжу къызэрыIур ″ы″ макъзешэкIэрэщ. "Ы"р макъзешэ пашэщ, икIи макъзешэ лъабжьэщ. "Ы" макъ кIэухкIэ къэIуу щыт зы макъым ар къыщыхэмыIукIыжым щыгъуэ, а макъыр къоувыIэр, иту щыт мэхъур, мыкIуэж мэхъур. Апщыгъуэм, къэхъуу щыт макъыр, а ″ы″ зыпыту щыта макъым и эфект хъууэ лъытапхъэщ. Мыбы и щапхъэхэу лъытапхъэщ макъ Iуэр кIэухыу щытрэ ″ы″р къызхэмыIукIыж макъхэр: «Iэгу, лъэгу, бэгу; мэу, бэу; кIуэй, хуей...».

Ар дыдэу щытщи, зы макъ щэхум и кIэухыу щыт зы макъзешэр е "ы" макъыр къыкIэщIэмыIукIыж щыхъум щыгъуэи, а макъыр къоувыIэри ит мэхъур. Мыпхуэдэу ″ы″ кIэухыр къызэхэмыIукIыжым и щапхъэу щытхэщ мы псалъэхэр: «Куэдагъ, къуагъ; лъэпкъ, Iэпкълъэпкъ, жьэпкъ; быкъ, дыкъ...″.

Дэтхэнэ зы щIыпIэй зы макъым "ы"р пымытыж щыхъум щыгъуэ, мы къэхъуу щытыр, а зи гугъу тшIыуэ щыт макъым и эфекту лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэм хуэдэу щытщ, зы макъ щэхум "ы" макъзешэр пымытыжу къыщынэм щыгъуэ, нэгъуэщI зы макъ щэхур абы къыщыпыхьэ щыIэщи, апхуэдэ щапхъэхэр щхьэжу зы макъ пэлъытэу зэгуэтрэ зэхэжа макъхэу утыку къохьэр (пщы, плIы, блы...).

Ди IэнатIэу щытыр мы макъ зэгуэтхэм дытепсэлъыхьынырщ. Ауэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр, щхьэжу зы макъ пэлъытэу утыку иту щыт макъ зэгуэтхэм нэмыщI зы псалъэм хэтуй болъагъур (илъхьэн, пылъхьэн...); зы глагол лэжьэкIэхэми хыболъагъуэр (пщIаш, къэслъэгъуащ...).

Макъхэр щхьэжу къызэрыIу щIыкIэм хуэмыдэжу "ы" макъыр пыхуауэ къыщIэIум щхьэусыгъуэ иIэщ. Ар ауэ зы фонэтикэ хабзэ жыпIэу

ублэкIыну зы Iуэхукъым; икIи, адыгэбзэм фонэтикэ хабзэр, джыуэ щыт мыхьэнэм зэрыпыщIауэ зэрыхэткIэй, ай тIур зэщхьэщыкIыркъым, зэхэхупхъэ Iуэхугъуэу щыткъым.

Глагол лэжьэкIэм щыгъуазэ дыхуэхъумэ, мы дызтепсэлъыхь Iуэхугъуэм къикIыр нэхъри нахуэ къытхуэхъуну къыщIэкIынщ. Мыпхуэдэ Iуэхугъуэм и щапхъэу щыт глаголхэри, етIуанэрей глагол гупрэ (зы щапхъэ: гъэкIуэн-дгъэкIащ), еплIанэрей глагол гупхэрщ (зы щапхъэ: къэгъэкIуэн-къэдгъэкIуащ). Мы глаголхэр зы нэрыбгэм утыку къырилъхьэ Iуэхугъуэм ехьэлIа глаголхэрщ. Ахэр гъэзэщIэн хуейуэ щыт Iуэхухэрщ, езырыжу къэхъуу щыт Iуэхухэркъым. А Iуэхугъуэр зы псэущхьэм и псэм къыдэжрэ езырыжу къэхъуу щыт Iуэхухэркъым. А Iуэхур зыгъэзащIэу щыт нэрыбгэр, Iуэхум зытыригъэщIа щIыкIэрэу, утыку къыригъэхьэу щыт Iуэхухэрщ. ИкIи, а Iуэхугъуэр зыгъэзащIэу щыт субиектыр обиект пэлъытэу а Iуэхугъуэм епхауэ гъэзащIэу щыт Iуэхугъуэхэрщ. А Iуэхухэр "бэуэн, кIуэн, пщын, шхэн, ефэн" хуэдэу натурал Iуэхугъуэхэркъым. А Iуэхухэр "щIын, гъэкIуэн, ухуэн" хуэдэу зы псэущхьэр зэрыхэгъуазэкIэрэу къилэжьу щыт Iуэхухэрщ. Е, нэрыбгэм и щхьэм къырикIуэу щыт ″щыгъупщэн, хэщIын, IэщIэкIын...″ хуэдэу Iуэхугъуэхэрщ. Нэрыбгэр а Iуэхум пыщIауэ зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэу щыт Iуэхухэрщ; е, нэрыбгэм езым и щхьэм къырикIуэ Iуэхугъуэхэрщ. Ар щыхъукIэй, мыпхуэдэ глаголхэм я лэжьэкIэри псэуным къызэрыгуэкIкIэ, натуралрэ езырыжу утыку къихьэу щыт Iуэхугъуэрэ глаголхэм хуэдэу щыткъым. Псалъэм папщIэ, "щIын" глаголыр къапщтэмэ, ит зэманымкIэ етIуэнэрей нэрыбгэм и лэжьэкIэр "бощI" мэхъур; ауэ, натурал глаголхэм и етIуэнэрей нэрыбгэр зыгъэлъагъуэр (цIэпапщIэ префикс) "у"щ: ″уобауэ″. "У"мрэ "б"мрэ яджрэ я зэхущытыкIэр дигу къэдгъэкIыжмэ, "б"ыр ехьэлIарэ пыщIа хьууэ щыт зыужьыгъуэ (у) зэрыхъур гурыIуэгъуэнщ. Ит зэман лэжьэкIэр, ″натурал Iуэхугъуэ глагол″хэмрэ ″Iуэху щIэн глагол″хэм я лэжьэкIэр мыпхуэдэу зэщхьэщокIыр. А глаголхэм я блэкIа зэман лэжьэкIэм дыщеплъым щыгъуэ, Iуэхур нэхъ наIуэ мэхъури, нэрыбгэр "щIын" Iуэхугъуэм зэрыпыщIар нэхъ IупщIыу болъагъур: "пщIащ".

Утыку къихьа хъууэ щыт Iуэхум нэрыбгэр зыгъэлъагъуэ (цIэпапщIэ) префиксыр гуэхьарэ зэхэжауэ щытщ; а Iуэхумрэ Iуэхур зылэжьар зы макъ пэлъытэу къэIупхъэ хъуащ; зы Iуэхур зи Iуэхуу щытым зэрпыщIар нэрылъагъущ. А Iуэхур зыухуэр зы нэрыбгэу щытми, утыку къихьа Iуэхур зи Iуэху хъууэ щытрэ, абы хэгъэжауэ зы Iуэхугъуэ псоуэ утыку зэритыр гурыIуэгъуэщ. Iуэхумрэ ар зыухуауэ щыт нэрыбгэ гъэлъагъуэр (цIэпапщIэ префиксыр) зэхэгъэкIыпхъэ зэримыIэкIэрэу зы хъуащ; а Iуэхур, къэзлэжьа нэрыбгэм зэриIэщIагъэр гурыIуэгъуэ къытхуохъур. А Iуэхумрэ ар утыку къизылъхьэ нэрыбгэ гъэлъагъуэр

(цIэпапщIэ) зэхэхупхъэ мыхъужу зы мыхьэнэщIэ ухуауэ утыку итщ. Мы щапхъэм хуэдэущ, псалъэм папщIэ ″щыгъупщэн″ глагол лэжьэкIэри (пщогъупщэ, пщыгъупщащ). Мис мы щхьэусыгъуэхэмрэ Iуэхугъуэ псыгъуэхэращ а макъхэр щIызэгуэхьэрэ щIызэхэжэр. Зэхэжа макъхэм яджрэ къагъэхъу мыхьэнэр, а макъитIым зэрызурэ зэкIэлъыпыту яджу щытынум щхьэщыкIыжу зы мыхьэнэжщ.

Мис макъ зэгуэхьа, макъ зэхэжа е зэхэгъэжахэр къызэрыхъум и щхьэусыгъуэр мы къитIуауэ щыт псалъэхэм къагъэунэхур. Зы мыхьэнэщIэ къэгъэхъун папщIэ, макъитIыр зэгуохьэри зэхэжа мэхъур. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, зы макъым "ы"р зэрыпымытыжкIэрэу къыкIэлъыкIуэу щыт макъым щыгуэхьэм щыгъуэ, къэхъуауэ щыт мы макъ зэгухьаитIым яджу щытыр, а макъитIым щхьэжу яджу щытам хуэдэжкъым; абы яджыр зэхэгъэжауэ зы Iуэхугъуэщ; икIи, ар, а макъитIми яджу щытам къащхьэщокIыр.

Ауэ, ипщэкIэ къэдгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ глагол лэжьэкIэм къызэрыгуэкIкIэ, утыку къихьэу щыт макъ зэгуэт Iуэхухэрщ. Мы лэжьыгъэм мыбдежым и Iуэхуу щытыр, макъ зэгуэт хъурэ щхьэжу зы макъ пэлъытэрэ зы мыхьэнэ утыку къырилъхьэу бзэм хэлэжьыхьу щытхэрщ.

А макъитIым щхьэж къэс яджыу щытар зэхэпщарэ зэхэгъэжа хъуауэ зы IуэхугъуэщIэрщ иджы а макъитIыр щызэгухьэм щыгъуэ абы ядж хъуауэ утыку къихьауэ жыхуэтIэр. Ауэ, ипэ пытыр ″ы″р зыпыхуауэ щыт макъращи, ар зэрыпашэрэ ипэ къызэрыIукIэрэу, икIэ итри зэрыкIэухрэ зэрыглаголкIэрэу, макъитIыр зэрызэхэжакIэрэу мэджыр. Мы мыхьэнэщIэр къызэрыхъу щIыкIэми, ипэ ит макъым и "ы"р зэрыпыхуарэ ныкъуэу къаIу зэрыхъуари хэтщи, ар а макъым и эфекту лъытапхъэщ, абый гулъытэ хуэщIын хуейщ. Макъыу утыку къихьар зы функцэ зэрыхъукIэй, функцитIкIэ гъэбэгъуауэ аращ макъитI зэхэжам яджыр. Ауэ, мы функцэр зыгъэлажьэр кIэух макъырщи, ар зыдэкIуэу щытращ мы макъ зэгуэт функцэр зыдэкIуапхъэр. Ар щхьэ, ипэ къыпыт макъ эфектырщ, а кIэухрэ зышэу щыт макъым ишэри, ар зыдишапхъэращ зыдэкIуэнур мы макъ зэгуэт хъуауэ щыт функцэр.

*

Макъхэр псэущхьэм къыриIуэфу утыку къызэрихьэрэ, ахэр а псэущхьэм зы Iуэхугъуэм теухуауэ къигъэсэбэпу зэрыщIидзар зэрилъабжьэкIэрэу зы макъыбзэ зэтеувауэ щыту жыIэпхъэнщ. ИкIи, макъхэр щхьэжу къызэригъэсэбэпкIэрэ псалъэу щIэзыдза псэущхьэм, а макъ Iэмалыгъуэр игъэбэгъуэн IуэхугъуэкIэрэу, макъхэр зэгуэтрэ зэхэжауй къигъэсэбэпу щIидзагъэнти, нобэ ди бзэм зэхэжа макъ жыхуэтIэу

къыхэнауэ щытхэр, мы Iуэхугъуэу къэхъуарэ блэкIауэ щытым къыщIэныжауэ къыщIэкIынщ.

Макъ зэгуэхьар е зэхэжар дэтхэнэ зы макъым къыхэхъукIыркъым. Зэгухьэпхъэрэ зэхэжа хъупхъэ макъхэр щыIэу къыщIэкIынщ; къызэрыIу щIыкIэрэ яджу щытым теухуауэ зэгуэхьэпхъэ хъуфыну щыт макъхэр щыIэу къыщIэкIынщ; зэзлъытэгъуэ мыхьэнэхэр зыдж макъхэр зэгуэхьэпхъэу къыщIэкIынщ. Мырагъэнщи, зэгухьэрэ зэхэжа хъууэ щыт макъхэм я нэхъыбапIэр къызхэхъукI макъ гупыр "пы, пIы, бы" гупращ. Зыр зым зэрелъытарэ зэрзыпыщIакIэрэу къэхъуу щыт мы макъхэр, макъ зэгуэтхэм и нэхъыбэр къызхэхъукIыу щIыщытыр гурыIуэгъуэщ. Псалъэм папщIэ, "бы" макъыр, зелъытэгъуэрэ зыпыщIэныгъэрэкIэ ужьыгъуэ зэрыхъукIэрэу, макъхэм зызэрыпищIэрэ ахэм я  Iэмалыгъуэу щытхэм зэрелъытарэкIэ ужьыгъуэхэр утыку къызэрилъхьэфынур гурыIуэгъуэнщ. Мы гупым хэту щыт макъищми я Iэмалыгъуэ щIыкIэр зэщхьрэ зэпыщIауэ щытщ.

Мы пычыгъуэу къедгъэжьар зытеухуар, зы мыхьэнэщIэ къызэригъэщIкIэрэу макъ зэгуэт хъууэ щытхэрщ. Мыхъумэ, ипщэкIэ макъ зэгухьэу щытрэ бзэ лэжьэкIэм къызэрыгуэкIкIэ, дэтхэнэ зы макъ зэгуэт хъууэ щытракъым ди Iуэхуу щытыр. Аращи, мы псалъэмкIэ къитIуэу щытым я щапхъэу щытщ ″м, н, р″ макъхэр нэгъуэщI макъхэм щыгухьэм щыгъуэ къэхъуу щытхэр. Мы макъхэр, дэтхэнэ зы макърэ зы псалъэм и кIэух хъуфу щыт макъхэрщ. Мы зи гугъу тщIы макъхэр зы псалъэрэ зы макъым и кIэух щыхъум щыгъуэ, дэтхэнэ зы макъым езым хуэIуауэ щыт къэлэнкIэрэ, а псалъэрэ макъыр къагъэлъагъуэр. Дэтхэнэ зы макъым езым игъэзащIэу зы Iэмалыгъуэ иIэжщи, а IэмалыгъуэрэкIэ финалэ ищIыу жыIэпхъэщ зи кIэух хъууэ щыт макърэ псалъэр. Псалъэм папщIэ ″Iуэрвэр″ щыжытIэм щыгъуэ, ″в″ым ипэ иту щыт ″р″ым къигъэлъагъуэр ″Iуэ″ращи, ар зэрыгъэлъэгъуарэкIэу, абы къыкIэлъыкIуэ ″вэр″ псалъэм епха мэхъур; мыхъумэ, утыку къихьэу щыт ″...рв...″ макъитI зэпыхьам зи гугъу тщIыуэ щыт Iуэхугъуэхэм хуэдэу зы Iуэхугъуэ къигъэщIыркъым, зы мыхьэнэщIэ утыку къырилъхьэркъым. Мыбы хуэдэ зы щапхъэу щытщ, ″IункIыбзэ″ псалъэм хэту щыт ″...нкIы...″ макъ зэгуэту къэIури. Ардыдэу щытщ ″IумпIэ″ псалъэм хэтрэ зэгуэту щыт ″...мпIэ...″ макъхэр. Мы щапхъэхэр, зи гугъу тщIы макъ зэгуэтхэм хуэдэу щыткъым.

Мыри пыщапхъэщ: Бзэм и лэжьэкIэм къызэрыгуэкIкIэ псалъэхэм хэту щытрэ, дэтхэнэ зы щIыпIэм хэтлъагъуэу щыт макъитI зэгуэтракъым мы къэдубла пычыгъуэ IэнатIэм и къэлэну щытыр. Макъ зэгуэтым щхьэжу зы макъ пэлъытэу зы мыхьэнэ щхьэхуэ къигъэщIрэ, абыи псалъэ нэгъуэщIыгъуэхэм хэту зыкъыщигъэлъагъуэм щыгъуэ, ар мы лэжьыгъэ IэнатIэм и Iуэхугъуэ хъурщ.

*

Мы лэжьыгъэ IэнатIэм и Iуэхуу щытыр, макъитIыу зэгуэт хъуарэ щхьэжу къэIуу щыт макъхэм хуэдэу зы мыхьэнэ пыухытыкIа IэнатIэ утыку къизылъхьэу, псалъэ зы бжанэкIэй щапхъэ зыгъуэтахэрщ. Ауэ, мы лэжьыгъэ IэнатIэми щыщу лъытапхъэрэ, бзэм и лэжьэкIэрэ псалъэхэр зэрызэтеувэ щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, иужькIэ бзэм къигъэщIыу утыку къихьауэ щыт макъ зэгуэт гуэрхэри щыIэщ; ахэр зы Iуэхугъуэ IэнатIэ пыухытыкIа мыхъуу, мыбдежым къэгъэлъэгъуапхъэщ. Мыбдежым къэгъэлъэгъуапхъэу щытхэмрэ, иужькIэ IэнатIэ IэнатIэу зи гугъу тщIыну щыт макъ зэгуэтрэ зэхэжауэ щытхэр зэхуэдэ логиекIэ къэхъуауэ жыIэпхъэщ. Ауэ, и щхьэусыгъуэр ипщэкIэ зэрыжытIам къызэрыгуэкIкIэ, иужькIэ дызтепсэлъыхьыну щыт макъ зэгуэтхэр зы Iуэхугъуэ IэнатIэ пыухытыкIауэ лъытапхъэщ; ахэр щхьэжу къызэрыIукIэрэу зы мыхьэнэ зиIэу щыт макъхэрщ.

*Макъ зэгуэт мыхьэнэрэ, пыухытыкIауэ щхьэжу къэIупхъэу зы макъ мыхъуу щытми, "ы" макъыр зэрыпыхукIэрэу къэхъуу щыт "лъ" макъыр, къыкIэлъыкIуэ макъым похьэфри, зыпыхьэм елъытауэ мыхьэнэ пыухытыкIахэри утыку къохьэр. Мыбы и щапхъэхэу щытщ "Iулъхьэн, кIэрылъхьэн, фIэлъхьэн, дэлъхьэн..." хуэдэ псалъэхэм хэту щыт "**лъхь**" зэгуэтыр. Ахэм къагъэщIыр, "лъэ" Iуэхугъуэр ехьэлIа хъун Iуэхугъуэу "лъэ-ы" Iуэхугъуэрщи, ар "лъы" зэрыхъукIэрэу, абый "ы"р похури, икIэ къыпыхьэ макъым гуохьэр. Ар щыхъукIэ, къэхъуу щыт "лъхь" хуэдэу зы макъ зэгуэтым иджыр "лъэ"рэ "хьын" Iуэхугъуэ зэхэжарэ зэхэпща хъурщ.

*Мыпхуэдэу къэхъуу щыт "лъ" макъым нэгъуэщI зы кIэухыу игъуэтыр "хъэ" макъ зэрыхъукIэрэу, къэхъуу щыт макъ зэгуэтыр зыхэту щыт псалъэр "малъхъэ" псалъэрщ. Абы хэту щыт "**лъхъэ**" макъ зэгуэтым иджынур гурыIуэгъуэми, "малъхъэ" псалъэр мыпхуэдэу къызэрыхъур гурыIуэгъуащэу къытпэщыткъым. Ауэ, абы щыгъуазэ хуэхъун хуеймэ, мыхэр жыIэпхъэнщ: "Малъхъэ"р лъабжьэкIэ благъэ хъуауэ зы гуэрщ; псалъэр, "лъы" IуэхугъуэрэкIэ (лъ) лъабжьэрылэжьыгъэ (хъы) зиIэу щыт (э) хъур къизыIуэу утыку къихьэу зы псалъэщ. ТIэ, "лъы"рэ лъабжьэр (хъы) утыку къизылъхьэ макъ зэгуэтыр "лъхъэ"уэ щытщи, ар езырыжу къызэрыхъури "мэ"м къигъэлъагъуэу щытщ; "малъхьэ" псалъэр мыпхуэдэу къэхъуу жыIэпхъэнщ.

*Зы макъ зэгуэт зыхэту щыт псалъэр "гъэпщкIун" псалъэрщ. Зи гугъу тщIынур гурыIуэгъуэщи, "**пщкIу**" макъ зэгуэтырщ. "ГъуэрыгъуапщкIуэ" псалъэми хэту щыт макъ зэгуэтри аращ. Мы макъ зэгуэтыр "пщ"рэ "кIу" макъхэр зыхэту зы макъ зэгуэтырщи, "пщы" макъ зэгуэтым тепсэлъыхьыныр мы пычыгъуэм и Iуэхугъуэу къытпэщытщ.

*"Щы" макъ эфекту щыт "щ"ыр "кIу" макъ кIэухкIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъуу щыт макъ зэгуэтыр "**щкIу**" хъунщи, ар "упIыщкIун" псалъэм хэту щытырщ. Мы макъ зэгуэтыр "**щIкIу**"уэ щытынкIэй хъунщ. Ар, пIытIарэ гъэущэбауэ зы шхыпхъэ гуэрым теухуауэ зы Iуэхугъуэрщ.

Мыпхуэдэу, пIытарэ гъэщэбауэ щыт гуэрыр пшхы хуэдэ пщIынри ″гъэныщкIун″ Iуэхугъуэрщ. Ар, шхынкIэ ″гъэ″ныр щызэфIэкIым щыгъуэ жыIэпхъэу зы псалъэу утыку къихьауэ щыт ″зыгъэнщIын″ псалъэм къигъэлъагъуэ ″гъэн″ Iуэхугъуэ хъунрэ щIэным (щ) зэрекIукIэрэу (кIу) утыку къихьэу зы псалъэу къыщIэкIынщ.

*Макъ зэгуэт зыхэту щыт псалъэхэрщ ″мастэ, лэныстэ″ псалъэхэр. Ауэ, а псалъэхэр адыгэбзэу щымытыныр нэхъыбэщ. Ауэ, а псалъэхэм хэту щыт макъ зэгуэтхэр зыхэту щыт адыгэбзэ псалъэ щапхъэхэр щыIэщ. Ар щыхъукIэй, а макъхэр зэрызэгухьэ щIыкIэр мыпхуэдэщ: ″Сы″ Iэмалыгъуэр гурыIуэгъуэ зэрыхъуам къызэрыгуэкIкIэ, абы и эфекту щыт ″с″ыри гурыIуэгъуэнщи, ар, къызкIэлъыкIуэу щыт ″ты-тэ″ макъым щыгухьэрэкIэ, къэхъуу щыт макъ зэгуэтыр ″**сты-стэ**″ макъ зэгуэтырщ. ″ПIастэ″ псалъэр адыгэбзэу щытмэ, абы къыриIуэри, зэхэпIытIауэ щыт гуэрырщ. Мы зэгуэт макъыр зыхэту щыт зы псалъэри ″мыст″ псалъэрщ; ар ″сыт″ упщIэм и пэджэжыпхъэрщи, ″сыт″ псалъэм езырыж пэлъытэу щытырщ; ″сыт″ псалъэм хэту щыт ″сы″м и эфектыр ″т″ым зэрыгухьэрэкIэ иту къэнауэ зы псалъэу жыIэпхъэщ.

*Мы макъ зэгуэтым ещхьу къэхъуу щыт щапхъэ нэгъуэщIхэри щыIэщ. Мыбы ящыщщ, ″сыхъэн″ псалъэм къыдгуригъаIуэм ещхьу зы Iуэхугъуэу щытыр; ″сы″рэ ″хъэ″ макъхэр щызэгуэхьэм щыгъуэ къэхъуу щыт ″тIасхъэ″ псалъэм къыдгуригъаIуэр мыпхуэдэу зэпкъырыхыпхъэнщ: ″С″ Iэмалыгъуэр лъабжьэу щыт ″хъы″м ишэу щытрэ зы Iуэхугъуэ къэхъуу щытмэ, ар ″сын″ эфекткIэрэ лъабжьэрылажьэ зиIэ хъунщи, ар ″**схъэ**″ макъ зэгуэтырщ. А Iуэхугъуэр сынрэ зэхъуэкIыпхъэу щытырщи, хуэсакъын хуейуэ зы Iуэхугъуэрщ.

*″С″ эфектыр ипэм пыту, нэгъуэщI макъ зэгуэтхэри къохъур. Мыбы и щапхъэу щытщ, мафIэрэ сыуэ (с) щытым къыхэхъукIыр (кIы-э) зы Iуэхугъуэ IэнатIэрэ щхьэхуэ гуэру лъытапхъэмэ, ар ″**скIэ**″ макъ зэгуэтым къыриIуапхъэ хъурщи, ар мафIэм къыхэхъукIрэ утыку къызэрихьэкIэй (мэ), ″маскIэ″ псалъэр утыку къихьэпхъэнщ. Ар зэрыхъукIэрэу, апхуэдэу къэхъуу щыт Iуэхугъуэхэм хуэдэхэри ″хъуаскIэ″у лъытапхъэщ.

*″П″ыр ″сы″ кIэухыу щылажьэм щыгъуэ къэхъуу щытыр ″псы″рщи, абы къытехъукIыу щыт ″псэ″м и эфекту щыт ″пс″ри ″кэ″ кIэухкIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъуу щытыр ″**пскэ**″ е ″**псчэ**″ макъ зэгуэтырщ. ″Псэ″ Iуэхугъуэу щыт ″пскэ″ псалъэр ″псэр кэн″ Iуэхугъуэ пэлъытэрщи, ″псэ″ эфекту щыт ″пс″ыр ″кэн″ IуэхугъуэкIэ щылажьэм щыгъуэ утыку къохьэр. Ар щыхъукIэй, ″пскэн″ Iуэхугъуэу утыку къихьэр, псэущхьэм и зы узыгъуэр къэзыгъэлъагъуэу жыIэпхъэщ. Ауэ, ар икIэ нэгъунэ ″псэ кэн″ жыIэгъуэм утыку къырилъхьэракъыми, а макъитIыр зэгуэтрэ зэхэжауэ къыщыIум щыгъуэ къыраIуэу щыт мыхьэнэ зэхэпщаращ ″пскэн″ Iуэхугъуэу утыку къихьэр. ″Пскэн″ псалъэм къытехъукIыу щытщ,

″пскэ нэпцI″ хъууэ щыт ″пскэуIун″ псалъэр; макъ къызхэмыIукIыу щыт пскэн Iуэхугъуэу ″пскэмыIу″ псалъэр; тIанэ, ″пскэ хущхъуэ″ жыIэгъуэри щыIэщ.

*″Псы″ эфекту щытыр (пс) ″кIы″ IэмалыгъуэрэкIэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щытыр ″**пскIы**″ макъ зэгуэтырщ. Ар ″псым икIын″ Iуэхугъуэу жыIэпхъэш; ауэ, а Iуэхур дэтхэнэ зы псым икIын Iуэхугъуэу зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, мы макъ зэгуэтым къагъэлъагъуэрэ яджыу щытыр, ″псым икIын″ри хэтыжу, ″псы зытекIэн″, ″псы зыдэгъэжэхын″ Iуэхугъуэхэм къагъэлъагъуэрщ. Ар, а макъитI зэгухьэрэ зэхэжэу щытхэм я IэмалыгъуэрэкIэ къэхъуу зы Iуэхугъуэ IэнатIэ щхьэхуэрщ. Ар икIи, ″гъэ″ Iуэхугъуэу ягъэзащIэу зы Iуэхугъуэу щытщи, ″гъэпскIын, зыгъэпскIын″ псалъэхэращ зыхэту къызэрысэбэпыр.

*″**ПскIы**″ макъ зэгуэтыр зыхэту щытрэ, ипщэкIэ къэтхьауэ щыт псалъэхэм хуэмыдэу зы мыхьэнэ зиIэу нэгъуэщI зы псалъэй щыIэщ: ″ЩIэупскIэн″. ГурыIуэгъуэраща, абы хэту щыт ″пс″ макъыр, псырэ псэм я зы щIыкIэу къэхъуауэ щыт ″псынщIэ″ Iуэхугъуэр къэзыгъэлъагъуэрагъэнщ. ″ПсынщIэ″ псалъэр ″псы″ хуэдэ хъуныр (н) ″щIэ″н Iуэхугъуэрщ. Ар щыхъукIэй, мы псалъэм и лъабжьэу щыт ″псы″м и эфектыр (пс) къызэрысэбэпкIэрэу къэхъуу щыт ″щIэупскIэн″ псалъэр зэрыпкъырыхыпхъэр мыпхуэдэщ: ″ЩIэ″ макъым къыриIуэр ″щIагъ″ Iуэхугъуэрщи, ″щIэупскIэн″ псалъэм къыриIуэр, лъабжьэкIэ гъэхъеин Iуэхугъуэрщ; ар, и щIагърэ и лъабжьэкIэ зыужьыгъуэ хъун Iуэхугъуэу, ″у″ IэмалыгъуэрэкIэ ″псынщIэрыкI″ыу щытын (э) Iуэхугъуэрщ.

*Зы гуэрым къыхэхъукIыу щытым (шы) и эфект ″ш″ макъыр ″кIэ″кIэ щызешэм щыгъуэ, къэхъунур зы къыхэхъукIыпхъэрэ ар кIэм къикIыпхъэу щытынщи, ар зы псэущхьэ шырым и фIэщыгъэцIэу къэсэбэпыпхъэщ. ″**ШкIэ**″р жэмым и шырырщ, къилъхуагъащIэрщ. Мыбы къытехъукIыу щыт псалъэхэрщ ″шкIащIэ, шкIахъуэ, шкIэщ, шкIэрышэ″ хуэдэ псалъэхэр. ″ШкIэплъ″ри зы къэкIыгъэм и фIэщыгъэцIэрщ.

*″**ШкIу**″ макъ зэгуэтри къэсэбэпу хэтщ адыгэбзэм. Ар гурыIуэгъуэ зэрыхъунураща, зы къыхэхъукI ″шэ″ Iуэхугъуэ пэлъытэрэ кIуапхъэу щыт ткIуэткIуагъэ къизыIуэрщ. Ар щыхъукIэй, абы къигъэлъагъуэр зы ткIуаткIуэ Iуэхугъуэу щытщ. Аращи, ″шкIуртI″ макъыр зы ткIуаткIуэм и макъырщ; ″шкIурэн″ жыхуаIэу зы ткIуаткIуэ гуэр щыIэщ. Зы куцIрэ зы шэ иIэн хуейуэ щыт зы жылэрэ зы пкъыгъуэр нэщIыу къыщыщIэкIым щыгъуэ, абы папщIэй ″шкIумпI″ хужаIэр.

*"**Бджы**" макъ зэгуэтыр ″Iэбдж″ псалъэ закъуэм хэтщ. "Б" эфектыр ″джы″ IуэхугъуэкIэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щытыр ″зэрелъытэгъуэ зыужьыгъуэу джы″уэ жыIэпхъэщ утыку къихьэу щыт макъ мыхьэнэхэр. "Iэбдж" псалъэр зэпкъырыпхмэ, "Iэ ужьыгъуэрэкIэ джыпхъэ" хъууэ зэрщытыр жыIэпхъэщ; икIи, ″Iэбдж″ жыхуаIэр мы зэпкъырыхыкIэмкIэ гурыIуэгъуэй мэхъур. Iэбджыр джафэу зы гуэрщи, ар IэкIэ лъытапхъэрэ

джыпхъэу щытырщ. Ар ″абдж″уэй къыраIуэри, апщыгъуэм макъ мыхьэнэу ухуэнур ″зэманыгъуэм (а) къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ (б) джы″рщи, ари зи гугъу тщIы IэмэпсымэрI къызэрыхъур къизыIуэу зы фIэщыгъэцIэ хъунщ. Ауэ, ″бджы″ макъ зэгуэтыр нэгъуэщI псалъэхэм зэрыхэмытым папщIэ, е ар зыхэту щыт нэгъуэщI псалъэ зэрыдимыIэжым папщIэ, ″Iэбдж″ е ″абдж″ыр фIэкIыпIэ имыIэу адыгэбзэуй лъытапхъэ хъуркъым.

*

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэу щытщ мыхэр: ИпщэкIэ къэтхьауэ щыт щапхъэхэр, дызтепсэлъыхьыну щыт макъ зэгуэтхэми хэбжапхъэу щытщ; икIи, мы дызтепсэлъыхьа щапхъэхэр, дызтепсэлъыхьыну щыт макъ зэгуэт Iэмалыгъуэхэр къызэрыхъуа щIыкIэм къигъэщIауэ лъытапхъэ Iуэхугъуэхэрщ. Ар щыхъукIэй, мы дызтепсэлъыхьауэ щыт макъ зэгуэту псалъэхэм хэту щытхэр, иджы дызтепсэлъыхьыну щыт макъ зэгуэтхэм нэужь къэхъуауэ жыIэпхъэщ. Мы дызтепсэлъыхьа макъ зэгуэт щапхъэхэм щхьэжу зы макъ мыхьэнэ яIэжу нэгъуэщI псалъэхэм хэт хъуарэ щхьэжу зы макърэ зы мыхьэнэ пыухытыкIауэ утыку къихьауэ жыIэпхъэкъым. Ауэ, мы дызтепсэлъыхьыну щыт макъ зэгуэтхэр щхьэжу зы макъ пэлъытэу лъытапхъэщ.

Адыгэбзэм макъ зэгухьэу къигъэхъуауэ щыт псоми и гугъу зэрыдмыщIынур жыIэпхъэу щытщ; икIи, ипщэкIэ къэтхьауэ щыт щапхъэхэр, макъ зэгуэт къэхъун Iуэхугъуэм къытехъукIауэ тлъытауэ щыт зы бжанэрщи, псорикIкъым.

## «П, ПI, Б» ГУПЫМ КЪЫХЭХЪУКI МАКЪ ЗЭГУЭТХЭР

### Псы...

"Псы" макъ зэгуэтыр "пы" макъым "ы"р зэрпыхуарэ мышэжу зыдитыпIэм къызэринэ пэлъытэу щытрэ, "сы" макъыр абы и кIэм къызэрпыхьэкIэрэу лэжьыгъэ зыгъуэтауэ зы макъ зэгуэтщ. "П" макъыр зипэ къызыпыт ″сы″р, абы иджри хэлъыжу мэлажьэри, мыпхуэдэу макъитI зэгуэткIэрэу "псы" макъыр мэджыр. А макъитIым щхьэжрэ псалъэхэм зэрыхэткIэрэу яджу щытхэр ипщэкIэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъуауэ щытщи, а яджу щыт мыхьэнэхэри зэрыхэтыжкIэрэ зы мыхьэнэщIэщ мыбдежым щызэгуэхьэ е щызэхэжэм щыгъуэ яджыр.

НытIэ, къэхъуауэ щыт мы макъ зэгуэтым "ы" макъыр зыпыхуар "пы"ращи, игъэзащIэу щытхэр имыгъэзэщIэжыфу къызэтенар аращ; ар, "пы" Iэмалыгъуэ купщIэрэ куцIыу щытми, зы макъым хуигъэзащIэр имгъэзэщIэжу къэнауэ щытырщ. "Сы"р зэрщыту мэджыр; аращи, зы купщIэ защIэрэ закъуэу, ″пы″ эфекту къэна "п"ыр ешэр; ауэ, ар ишэу щыщIидзэкIэ "сы" Iэмалъыгъуэ закъуэркъым джырэ гъэзащIэу щыт Iуэхугъуэр; икIи, "п" закъуэркъым; тIэ, абыхэм нэхърэ нэхъыбэрэ

нэгъуэщIщ "псы"м иджыр. "Псы"м иджыр "пы"м иджми, "сы"м иджми хуэдэжкъым. ТIэ, мы ″п″ Iэмалыгъуэр зы гъунэрэ зытеухуам тенгенс хуэхъуу зы гуэрщи, ар ″сы″ Iэмалыгъуэу щылажьэм щыгъуэ къэхъуу щыт ″псы″ макъ зэгуэтым къигъэлъагъуэр зы гъунапкъэрэ *контакт*у сын Iуэхугъуэрщ. Зытеухуа хъууэ щытым нэсу щытырщ ари, зынэсу щыт щIыпIэм ″сын″ Iэмалыгъуэ къыхуэзыхьырщ. Ар ″пы″ эфект зиIэу ″сы″уэ щытырщи, ″пы″р пIын Iуэхугъуэми зэрыпыщIарэкIэ ″сы″уэ щытмэ, ар зыпIапхъэрэ зэрыскIэрэй къэзыгъэхъупхъэу зы Iуэхугъуэ хъунщ.

"Пы" макъ Iэмалъыгъуэу зи гугъу тщIауэ щытар, "пIын" Iуэхугъуэ гъунэгъурэ, ар зыхуэкIуэу щыт "бын" Iуэхугъуэ хъууэ щыт зыужьыгъуэм япыщIарщ. Зы щыIэм и гъурэ хуэгъунэгъуу джыпхъэрэ зы Iэмалыгъуэрщ "п"ыр сыуэ щылажьэкIэ джыну щытыр. "Сы"м "п"ыр щишэм щыгъуэ, лэжьыгъэу гъэзэщIа хъууэ щыт мы Iуэхур, "п" Iэмалыгъуэр и IэмалыгъуэжрэкIэ джынырщ. ″Пы″ Iэмалыгъуэр гурыIуэгъуэу щытщи, ар, "пIын" Iуэхугъуэрэ абы зэрелъытарэ зэрыпыщIакIэрэу къэхъуу щыт "бы" зыужьыгъуэри зехьэлIарэ зыпыщIауэ щыту зы Iэмалыгъуэрщ; тIэ, а Iэмалыгъуэр "сын" IуэхугъуэрэкIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъур "псы"рщи, ар, зыпIрэ къэзыгъэхъупхъэрщ.

"Псы"р, дэтхэнэ зы "пIын" Iуэхугъуэ зиIэу щытым щхьэпэу зы Iэмалыгъуэ зиIэрщ. Абы зэманкIэрэ (э) псэ къыхохъукIыр, ар зэманкIэрэ псэ мэхъур. Псыр, псэ зиIэ псом я псэр ужьынрэ пIын папщIэ щхьэпэ хъурщ. Псы мыхъумэ псэй гъащIэй щыIэнкъым, хъункъым. Псыр къэзыгъэхъу макъхэри, ар зыхуэлажьэрэ щхьэпэ зыхуэхъу Iуэхугъуэхэри зэрызэкIужыр гурыIуэгъуэнщ.

Нэрылъагъуэщи, псы макъым иджу щыт Iэмалыгъуэр къызхэкIауэ щытыр "п"рэ "сы" макъхэрщ; ауэ, ″псы″м иджыр ай тIум щхьэжу яджыр зэхыхьэрэ зэдэужьу, щхьэжу утыку къыралъхьэ мыхьэнэр зэдэIэпыкъуу щытми, джыфыркъым. "Псы"р зэрыджрэ къызэрыхъур, а макъитIыр зэгухьарэ зэхэжэу зы хъуауэ щыджым щыгъуэрщ.

″Пы″ эфектыр ″сы″ IэмалыгъуэрэкIэ щылажьэм щыгъуэ, сын Iуэхур ″п″рэ гъунапкъэрэкIэ къэхъуу щытщи, ар занщIэу сын Iуэхуркъым; ар, ″п″м къызэрыгуэкIкIэ ″сы″ Iэмалыгъуэу щытырщ. ″Псы″р зы гуэрым и ″пэ″рэ и ″пIэ″ пэлъытэрэкIэ, и пабгъуэу сын Iэмалыгъуэ зыхэлъырщ, къэзыгъэхъурщ. Ар ″сы″ Iэмалыгъуэм хуэдэу занщIэу зэрыскIэрэу зы гуэр къызхэкIыркъым, къэзыгъэхъуркъым; тIэ, ар зы гуэр къызхэкIыпхъэрэ къэзыгъэхъупхъэу щыт ″сын″ Iуэхур зыхэзыубыдэрщ, зыхэлъырщ.

*

″Псы″ псалъэр, а нэхъ ткIуаткIуэ щапхъэу щыт гуэрым и фIэщыгъэцIэрщ. Мы щыIэ гуэрым и фIэщыгъэцIэу щыт ″псы″р зи лъабжьэкIэрэ псалъэхэр къохъур: «Псынэ, псыхъуэ, псыдзэ, псыIудзэ, псыф, псыIэ...».

Псыр, нэхъ ткIуаткIуэ щапхъэ зэрыхъум папщIэ, дэтхэнэ зы щIыпIэ зэвым дэхьапхъэрэ дэжыпхъэрщ; абы и кIуэкIэри "жэн" IэмалыгъуэрэкIэщ. Мы Iэмалыгъуэ щIыкIэхэм къытехъукIагъэнщи, "псы" псалъэр зэрилъабжьэкIэрэ "псыгъуэ" псалъэр къохъур. Псыр, мыпхуэдэу жэру зэрыщытрэ, икIи хьэлъэу зэрыщымытырщи, мы мыхьэнэр лъабжьэ зэрыхъукIэрэу "псынщIэ" псалъэр къытохъукIыр. Псыр щхьэпэ зыхуэхъур мащIэу щыткъым; абы къызэргуэкIкIэй, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэм щхьэпэ хуэхъуу щыт нэгъуэщIыгъуэ гуэрым и фIэщыгъэцIэри "Iэмэпсымэ"у щытщ.

Псыр псэ къежьапIэрэ пIын Iуэхугъуэм зыхуэщхьэпэ зэрыхъурэкIэй, "бы" зыужьыгъуэр къыщымыхъужым щыгъуэ, псым хэкIуэдэжын хуэдэу "хэшыпсыхьын" псалъэр къохъуфыр.

Псыр зы къежьапIэрэ бын Iуэхугъуэу зыужьыгъуапхъэ зэрыхъурагъэнщи, гупщысэн Iуэхугъуэр "гупсысэн" жыIэкIэуй щыIэщ. ″Шыпсэ″рэ ″пшысэ″у щытхэри, ар дыдэу, жьэрыпсалъэкIэ ″псысэ″уи къыраIуэфыр.

*

″Псы″м зэманкIэрэ (э) "псэ" къызэрыхэхъукIыр гурыIуэгъуэщи, псэр зы гъащIэ Iуэхугъуэрщ. Псэ зыIуту зы гъащIэ зиIэри къызтехъукIарэ зы″гъэ″ри зы лъэщыгъэрэ ″гъэ″р зыхэту щытырщи, ар дыгъэрщ; дыгъэр псэ къэхъуным и щхьэусыгъуэу ялъытэр. Псэ къэхъун Iуэхугъуэр, дыгъэм и фIыгъэкIэ псым къызэрыхэхъукIыр адыгэбзэмкIэ къэIуэтапхъэ хъууэ щытмэ, мыпхуэдэу жыIэпхъэщ: «Дыгъэр къопс псым хопсэри, псым псэр къыхохъукIыр». Мыбдежым дыгъэри къызэрепсыр нэрылъагъущи, а Iуэхугъуэри ″псы-псэ″ эфекту зэрыщытыр гулъытапхъэу щытщ.

Мыбдежым, ″дыгъэ″рэ ″гъэ″р зы хъугъэ зиIэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщи, ″псы″ри зы бзы мыхьэнэу мэгъэлъагъуэр. ″Псы″р къызтехъукIыу щыт ″пы″м езыр нахуэу щымытми, абы и гъунэгъуу щыт ″пIы, бы″ макъхэр макъыбзу щытщ. ИкIи, ″псы″ макъыр зы лъабжьэрэ псэр къызтехъукIыпхъэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, утыку къырилъхьэу щытыр бзы мыхьэнэу жыIэпхъэщ. ″Псэ″ри ардыдэу зы бзы мыхьэнэу жыIэпхъэрщи, зы бзыгъуэу ″лъапсэ″ псалъэри къызтехъукIырщ.

ТIэ, ар щыхъукIэй, Адыгэ цIыхубзыцIэхэми хэту щытынщ ″псы, псэ″ псалъэхэр: «Гупсэ, Псынэ, Псанэ...».

А къэхъурэ утыку къихьэу щыт псэм зыужьыгъуэ щигъуэтым щыгъуэй "псэун" Iуэхугъуэрщ къэхъур. Псэрэ псэун псалъэхэр зи лъабжьэрэкIэу нэгъуэщI псалъэхэри къохъур: «Псэущхьэ, псэугъуэ, псэгъу; псэхын, псэхыжын, псэхэх; псэф; псей...». Псэр зэрыхукIэрэу псалъэхэр къохъур: «Псэхун, гъэпсэхун, гупсэху...».

"Псо" псалъэри къызтехъукIар ″псэу″ псалъэрауэ къыщIэкIынщ. Зы псэущхьэр, зы пкъыгъуэ пыухытыкIа зиIэу зэпэщрэ зэгущу щытрэ,

никъуэу зэрыщымытым къызэрыгуэкIкIэ, ″псэу″м къытехъукIауэ зы псалъэу къыщIэкIынщ ″псо″ псалъэр. ″О″ макъыр ″эу″ макъхэм къызэрытехъукIар жытIагъэхэщи, тIэ, мыр лъабжьэ зэрыхъукIэрэу ″псо″ псалъэр ″псэу″м къытехъукIрэ абы хуэмыдэу зы мыхьэнэу утыку къихьауэ зы псалъэрщ.

Дыгъэр къызэрепсым хуэдэу, ″пс″ кIэухкIэ ухыу щыт псалъэхэр хэтщ адыгэбзэм. Мыхэм ящыщщ ″къуэпс″ псалъэри; абы утыку къырилъхьэ мыхьэнэр гурыIуэгъуэу щытщи, ″псы зыщIэзыф″рэ ″псыр ирижэфу″ щытыр ″псыгъуэ″ хъунщи, зы къэкIыгъэм мыпхуэдэ и зы лъэныкъуэрэ и лъабжьэм къыхэхъукIыр ″къуэпс″ хъунщ. ИкIи, къуэпсыр псы пэлъытэу зэрыкIуатэрэ зэрыужьри хэтыжщ мы Iуэхум.

ТIэ, мыр гурыIуэгъуэу щытми, ″шым къепсыхын″ жыIэгъуэр къызэрыхъур гурыIуэгъуащэу жыIэпхъэкъым. ТIанэ, цIыхум и хущхьэнрэ и пскэ пэлъытэу щытым папщIэй ″къепсын″ псалъэр къыдогъэсэбэпыр. ИкIи, ″къепсын″ псалъэр дыгъэ бзийхэр къызэрытхуэкIуэ щIыкIэу къыдогъэсэбэпыр.

Дыгъэр къепсынрэ дэ къыттепсэн жыIэгъуэхэр нэхъ гурыIуэгъуафIэу жыIэпхъэщ. Мыбдежым дыгъэр е дыгъэ бзийхэр сыуэ щыткъыми, а сын Iуэхугъуэр зэрыхэлъкIэрэу, ар зи пкъыгъуэжу къызэрыкIуэр гурыIуэгъуэ къытхуещIыр. Ахэр икIи, бзыгъэ Iуэхуу зэрыщытрэ, къызхэхъукIыпхъэ гуэрхэр зэрыхэлъри гурыIуэгъуэ къытхищIыу щытщ ″бзий″ псалъэм. Дыгъэ бзийхэм сын Iэмалыгъуэ зэрызыхэлъэрэ, сын IэмалыгъуапIэу зэрыщыткIэрэу къытхуокIуэр. А бзийхэр зэрыскIэрэу къытхуэкIуэркъыми, псы пэлъытэу къытхуокIуэр; арагъэнщ ″къепсын″ псалъэр къызэрысэбэпыр игъуэу зэрыщытыр. Мыбы хуэдэу зэпкъырыхыпхъэу жыIэпхъэщ, шым къехын Iуэхури, цIыхур къызэрепс щIыкIэр къызэрыхъури; ахэри мо ″псы″ Iэмалыгъуэр зэрызэтеувэрэ, абы и щIыкIэрэ и лэжьэкIэм игъэзащIэу щытхэм зэрекIурэ зэрыхуэдэм папщIэ жыIэгъуэ хъууэ щытхэу жыIэпхъэщ.

**Пщы...**

"Пщы" макъ зэгуэтрэ зэхэжари къызэрыхъу щIыкIэр, "псы" макъыр утыку къызэрихьэ щIыкIэм хуэдэщи, "п"ыр "щы" макъым щыришажьэкIэ утыку къихьэу щытырщ. "Щы"р гурыIуэгъуэ зэрыхъуакIэрэу, дэтхэнэ зы щыIэм и лъабжьэ щIэлъу щытрщ; щыIэр къызтехъукIырщ. ″Пы″р, зыхуэIуам хэмыхьэрэ и гъунэ Iуту щытырщи, абы и эфект хъууэ щыт ″п″ыр, щыIэ лъабжьэ хъууэ щыт ″щы″кIэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щытыр щыIэ гуэрым теухуауэ зы Iуэхугъуэрщ: ″П″ыр ″щы″м и Iурэ и гъунэм Iутрэ, абы пыщIарэ пыт Iуэхугъуэ щыхъукIэ, ″щы″м хэмыхьэрэ и гъунэр къэзыгъэлъагъуэу зэрыщыткIэрэу утыку къихьэу щыт ″пщы″р, ″щы″ гъунэ зыджу щыIэ хъууэ зы макърэ псалъэ хъууэ щытырщ.

Ар щыхъукIэй, ″пщы″р, щыIэм ехьэлIа зы Iуэхугъуэ зыджырщ: Ар, щыIэм ехьэлIа гуэррэ, щы гъунэ зыджу зы псалъэ зэрыхъукIэй, щыIэу щыт гуэрхэм и хъуреягърэ и пIэр, и гъуэрэ и гъунэр, и щIыкIэрэ и щыIэкIэр утыку къизылъхьапхъэу зы Iэмалыгъуэ хъурщ. ТIэ, мыпхуэдэ IуэхугъуэрэкIэ ″пщы″ псалъэм утыку къырилъхьэр, щыIэ гуэрыр зэрыщыту къэгъэунэхунырщи, ″пщы″р дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым и щIыкIэрэ и щапхъэр утыку къилъхьэн Iэмалыгъуэрщ.

А къэхъуу щыт Iэмалыгъуэр, зытеухуа гуэрым и зы IэнатIэу е и хъуреягъкIэ лажьэу зы Iуэхугъуэу утыку къыщихьэм щыгъуэ, ″пщын″ Iуэхугъуэрщ къэхъур: ЩыIэу щытыр и гъунэ лъабжьэрэ и хъуреягъкIэрэ утыку къилъхьэн Iуэхугъуэр ″пщын″ Iуэхугъуэрщ. Мы Iуэхугъуэми ″къэпщын″рэ, ″къэпщытэн″ Iуэхугъуэр къытохъукIыр. Мы псалъэхэм къикIыр аращи, ар, зытеухуа гуэру щыIэу щытым езыр утыку къилъхьэнрэ къэгъэунэхужын Iуэхугъуэщ.

Зы щыIэ гуэрыр адрей гуэрым ехьэлIауэ пщын Iуэхугъуэр, абы ″егъэпщэн″ Iуэхугъуэрщи; щыIэу щыт гуэритIыр зыр зым зэрелъытакIэрэ пщын Iуэхугъуэр ″зэгъэпщэн″ Iуэхугъуэрщ. А щыIэу щытитIыр зэгъэпщэн Iуэхугъуэм хуэкIуэфу щытмэ, ахэр ″зэгъэпщапхъэ″щ. Зэгъэпщапхъэу щытхэм дэтхэнэр нэхъ лъабжьэрэ, я ″щы″ Iэмалыгъуэм хуэфащэрэ я щыIэкIэр нэхъыфIыу къэзыгъэлъагъуэу щытмэ, ар щапхъэу щыт хъурщи, ар а зэгъэпщапхъэу щытхэм елъытауэ ″пщы″уэ щытырщ. Ар ахэм я щапхъэщ, я зегъэпщапхъэрщ.

А щыIэ гуэрхэм я щыIэкIэ щапхъэу щыт хъурэ, ахэм я щыIэкIэгъуэм итыпхъэу щытырщ ″пщы″р. Ар, зыхэту щыт гуэрхэм я щыIэкIэ курытырщ, я щыIэкIэ купщIэрщ. ЩыIэ гуэрхэм я "пIыгъуэ"рэ я "бы" зыужьыгъуэм хуэкIуапхъэу щыт "п" эфект Iэмалыгъуэр "щы" IэмалыгъуэрэкIэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щытыр ″пщы″рщи, ар а щыIэ гуэрхэм я зыужьыгъуэ щапхъэу щытырщ; ар ахэм я зэгъэпщапхъэ щыпкъэу щытырщ. ″Пщы″р зэгъэпщапхъэрэ щапхъэ зыхуэхъуу щытыр, ар зыщыщрэ зыхэту щыт гуп лIэужьыгъуэрщ. Ар, ахэм зэрыхэтрэкIэ я ит хъууэ щытырщ; ар къэзыгъэхъур зыхэту щытхэрщи, зэрыщыIэ щхьэусыгъуэри ахэрщ; икIи, зыхэту щытхэм, ар зэрыщагъэIэ щхьэусыгъуэр, зызэрагъэпщэнрэ я щыIэкIэ пэжыгъэр зэхэхун папщIэрщ.

″Пщы″ псалъэр зы псэлъэрылажьэ хъурэ глагол щыхъум щыгъуэ, къэхъуу щытыр ″пщын″ырщи, а Iуэхугъуэр гурыIуэгъуэу щытщ: Зы гуэрым и инагърэ и кIыхьагъри, зыр зэрызахуэрэ зэрыкъуаншэри зэхэхун Iуэхугъуэрщ ″пщын″ыр; дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр зы еплъыкIэмкIэ утыку къилъхьэн Iуэхугъуэрщ ар. Ауэ ар, зы Iуэхур лъабжьэрэкIэ зыгъэзащIэрщи, зы щыIэ гуэрыр и гъунэрэ и пIэрэкIэ утыку къилъхьэн Iуэхугъуэрщ; ″пщы″ IэмалыгъуэрэкIэ лъытэныр, гъунапкъэрэ гъунэгъугъэрэкIэ къэгъэунэхунырщ.

Зэманыгъуэрэ бжыгъэ лъэныкъуэкIэ ирехъу, ″пщы″ Iэмалыгъуэр дэтхэнэ зы лъэныкъуэкIэй къэсэбэпыпхъэу щыт хъуаращи, зэгъэпщапхъэ хъуауэ щытхэр зэрзэщхьэщыкIыр пыухытыкIарэ нахуэ щIауэ къэгъэлъэгъуэнрэ утыку къилъхьэн Iуэхугъуэрщ. Мыпхуэдэу зэгъэпщэн Iуэхугъуэрэ зэгъэпщапхъэ лъэныкъуэрэкIэ утыку къихьэу щыт псалъэхэри къохъур. Мыбы ящыщу щытщ, зэгъэпщапхъэу зыдэщытрэ зыдитыр къыриIуэ щIыкIэу, упщIэ псалъэхэр: «Дапщэ, дапщэкIэ, дапщэрэ, дапщэщ...».

*

"Пщын" Iуэхугъуэр, зы щыIэ гуэрым и щыIэкIэм и хъуреягъыр зэщIэзыубыдапхъэу зэрыщыткIэ, зэщIиубыдэу щытым зыужьыгъуэрэ "бэ"гъуэ къыхуэкIуэн Iуэхугъуэу бэгын пэлъытэ хъунри къизыIуэрщ. Ар ″п″ IэмалыгъуэрэкIэ зы щытыкIэрэ щыIэкIэ зиIэу зы Iэмалыгъуэрщи, и гъунапкъэмкIэ лэжьыгъэ зиIэрщ. Мы псалъэм езэгъыу щыт "къэпщын, гъэпщын, къэгъэпщын" псалъэхэр мыбы къытехъукIа псалъэхэрщ. Къэпщын Iуэхугъуэм къытехъукIыу щытщ, зы гуэр къэгъэщIын папщIэ жьыр къэгъэсэбэпын Iуэхугъуэу щыт "ипщэн" псалъэри. Мы псалъэращ, жьы къыбжьэдэкIыр зы гуэрым хуэгъэкIуэн Iуэхугъуэу ″епщэн, хуепщэн, тепщэн″ псалъэхэр къызтехъукIри.

"Пщы" Iэмалыгъуэр, ″п″ Iэмалыгъуэрэ гъунапкъэ эфект зиIэу лэжьыгъэу зэрыщыткIэрэй, зы гуэрыр ипэкIэ зышэрэ пашэ хъун Iуэхугъуэри къэзыгъэлъагъуэрщи, ипэ итыпIэрэ ипэкIэ кIуэтапIэ мыхьэнэ зиIэ псалъэхэри къызэригъэхъур гурыIуэгъуэщ. ТIэ, "пщын" Iуэхугъуэр ипэкIэ кIуэтэн Iуэхугъуэу утыку къихьапхъэ мэхъур. Мы пщын Iуэхугъуэр гурыIуэгъуэнщи, зы лъабжьэрыкIуэ щIыкIэу щытынущ. Мы Iуэхугъуэр зэрилъабжьэкIэрэу, нэгъуэщI псалхэри къохъур: «Пщын, къэпщыхьын, къипщын, ипщэн, ипщхьэн, къипщыжын...».

Ит зэрыхъукIэ зыхэпщIэу щыт "пщы" Iэмалыгъуэр, куэдыщэу хуабэу щытым папщIэй къосэбэпыр. Ит хъунрэ, и гъунапкъэмкIэ унэтIын Iуэхур, къэплъэрэ зэщIэплъэу щыт зы гуэрым и щIыкIэу къэхъурщи, апщыгъуэми ″пщы″ Iэмалыгъуэр къэсэбэпыфынщ: «Пщытыр, пщтыр; къэпщтын». ЗэщIэплъарэ къэпщту пщытыр хъурэ зи хуэбагъэр дэкIуейм и зыкъыритIэн Iуэхугъуэри "къэпщтын, къипщтын" псалъэхэмкIэ къыраIуапхъэ мэхъур.

"Пщы"р зы щыIэ гуэрым икурэ ипкъ итыгъуэ зиIэрэ, а щыIэхэр зэгущрэ лъэщ зыщIырщ; ахэр зытезыIыгъэ пэлъытэ хъурщ. Мыпхуэдэу дэтхэнэ зы гуэрым пщы зэриIэфынурэкIэу, зы пкъыр зытезыIыгъэрэ и зэтегъэувапIэ хъууэ щытым папщIэ "пщэ" хужыпIэнри игъуэнщ. Ар зи лъабжьэкIэрэ, нэгъуэщI псалъэхэри зэтоувэр: «Пщэдакъэ, пщэдыкъ, пщэгъур, пщэрылъ, пщэдэлъ, пщампIэ, пщэрыдзэн...».

Упщу узэрыкIуэри къызхэкIыу щыт "пщы" макъыр, икIи уздитыпIэри зыгъэлъагъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэу щытщ. Арагъэнщи, узэрит зэманыгъуэм елъытауэ, уздэкIуэнрэ уздэпщыну зэманыгъуэм я фIэщыгъэцIэ хъууэ щытхэр "пщэдей, пщэдджыжь, пщыхьэщхьэ" мэхъур.

Ит щIын Iуэхугъуэу, Iэщым пщыхьэщхьэр зы щIыпIэм щыпхъумэн Iуэхугъуэу къыщIэкIынщ "хэгъэпщын" псалъэр. "ГъэпщкIун" псалъэри, зы итыпIэрэ зы щыIэпIэ хуэщIарэ гъэтIылъын Iуэхугъуэу, зы щIыпIэ щIэхъумэн пэлъытэу, къэхъуауэ зы псалъэу лъытапхъэщ.

Хьэжыгъэ зэIыпщIэнрэ псы зэрщIэпкIэрэу хупцIынэ пщIыр зэщыщхъуу зэхэппIытIэнрэ бгъэтIысу хьэлыгъу пщIынум хуэбгъэхьэзырын Iуэхугъуэри "пщын" Iуэхущ. Апхуэдэ щIыкIэу шхын зэрыхъунум хуэбгъэхьэзырауэ щытыр игъуэ ибгъэхьэнрэ фIы пщIын Iуэхугъуэу къыщIэкIынщ, "пщэфIэн" Iуэхур. ПщэфIэн Iуэху къыздекIуэкI щIыпIэр "пщэфIапIэ"щ. ПщэфIэн Iуэхур къызщекIуэкIрэ, узхуэпщафIэу щытхэри, уи унэм щIэту щыт пщырагъэнщ. Дэтхэнэ зы цIыху гупым зы пщы зэриIэкIэрэу, зы унэ щIэсхэри зы пщыгъуэу къэлъытапхъэщ. ИкIи, пщэфIапIэр унэ щIэсхэр зытезыIыгъэрэ зыгъафIэ зэрыхъукIэй, унэм и "пщэ" пэлъытэнщ.

*

"Пщы" макъ зэгуэтым утыку къырилъхьэу щытрэ, ар зы цIыхубэм и щапхъэрэ и пашэ зэрыхъуар къызхэкI Iуэхугъуэри "пщын" Iуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Пщынрэ зэгъэпщэн Iуэхугъуэр, дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым ехьэлIауэ зы Iуэхугъуэу къекIуэкIыпхъэрщ. Зы лъэ зиIэу щытыр пщыпхъэрэ зэгъэпщапхъэу щытщ. Къэхъурэ щыIэу утыку къихьэу хъуам зы лъэ иIэжш. Къэхъурэ утыку къихьэу щытым игъуэту щыт лъэри, адрей щыIэхэм я лъэхэм зэрелъытарэкIэщ. А лъэр зыпщрэ къэзыпщытэу утыку къизыгъахьэр, лъэр зэтезыгъэувэрэ зэтезыIыгъэр Адыгэ IуэрыIуатэм зэрыхэткIэрэу, "Лъэпщ"ырщ. Ар лъэ къэзыпщытэрэ лъэм и пщыу щытырщ.

Лъэпщым и къэлэну щытыр, дэтхэнэ зы гуэрым хуэфащэу щыт лъэр ипщрэ иритынырщ. Къэхъур зыпщрэ зи лъэм изгъэувэр; дэтхэнэ зы къэхъугъуэм хуэфащэу щыт лъэр къэзыпщытэр; езыгъапщэрэ зыхуэфащэм хуэфащэ лъэр езытыр; дэтхэнэ зы къэхъугъэр зы лъэм изгъэувэрэ зэтезыIыгъэр Лъэпщырщ. Къэхъуныгъэ IуэрыIуатэм и лIыхъужьрэ, къэхъуу хъуар къызэрыхъу щIыкIэм и зы щапхъэу щыт Сосрыкъуэр зы лъэу зэщIэзгъэувари Лъэпщырщ.

Ар гъущI лIэужьыгъуэми зы лъэ езытырщи, гъукIэпщу щытырщ. ГъукIэ IуэхугъуэрэкIэ утыку къихьэу щыт дэтхэнэ зы Iэмэпсымэми и лъэр езытыр аращ: Тхьэгъэлэдж Iуэхугъуэу щытрэ, абы и унафэкIэ "гъубжэ"ми и лъэр къэзыпщытэрэ езытыр аращ.

Ар, къэхъурэ лъэуэ утыку къихьэу хъуам, зы лъэ зиIэрэ щыIэу хъуам я лъэ зэгъэпщапхъэ закъуэрэ я щапхъэу щытырщ. Дэтхэнэ зы къэхъуу щытыр лъэ зэриувэм хуэдэу "псалъэ"рэ "пшыналъэ"ри зэтеувэу щытщи, тIэ, ахэри зэзгъапщэрэ я тэрэзыпIэм изгъэувэрэ зытезгъэувэр Лъэпщырщ. Лъэ зиIэу хъуарэ къэхъу къэщIым я лъэ щапхъэрэ я лъэ щыпкъэу щытыр, лъэ зиIэу хъуам я "Пщы"уэ щытыр Лъэпщырщ.

*

"Пщы"р, зы щыIэкIэу щытым и зы щапхъэрэ, а щыIэкIэм и зэгъэпщапхъэ хъууэ ику иту щыт щыхъукIэ, псэущхьэрэ цIыхубэми теухауэ зы Iуэхугъуэу утыку итынщ. Аращи, зы пщыр, зи пщыуэ щыт цIыхубэм и щапхъэрэ и зэгъэпщапхъэу, ахэр зэтезыIыгъэу якум итрэ ахэр зыгъэужьу щытрауэ жыIэпхъэщ. "Пщы"р, цIыхубэ закъуэм хуэIуауэ щымыту, зи гугъу тщIы "пщы" къэлэныр къызэрекIуэкIкIэ, нэгъуэщI псэущхьэ гуп зэхэтыкIэми хабзэу яхэлъу щытщ. Щапхъэмэ, бжьэ гупми зэгъэпщапхъэрэ щапхъэу зы бжьэ яхэтщи, аращ бжьэпщу ялъытэр.

"Пщы" псалъэр къызэрыхъурэ зэрыджу щытыр гурыIуэгъуэ зэрыхъуаращи, ар зы щапхъэу щытырщ; икIи, щыIэгъуэрэ щыIэкIэу щытыр зыпщыпхъэрэ къэзыпщытапхъэрщ. Щапхъэу утыку итыр, дэтхэнэ зы псэущхьэ гупыр зэрыпсэунрэ зэрыщыIэн щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэу щытырщи, икIи а гупыр зытезыIыгъэрэ зыгъэужьыпхъэу щытырщ. ТIэ, гупу псэууэ щыт цIыхубэм сыт щыгъуэй мыпхуэдэу итрэ курыту зы щыIэкIэр къэзыгъэлъагъуэу зы щапхъэ яхуэхъуу щытащи, Адыгэ хэбзэжьу щытар мыпхуэдэ зэхэтыкIэр зэрилъабжьэрэкIэ зэтеувауэ зэрыщытыр гулъытапхъэщ.

Зы зэгъэпщапIэм иту щыт цIыхур, и псэукIэри зыригъапщэу, сыт щыгъуэй зы щапхъэ зылъытэ хъуауэ щытщ; ар зэрызэхэтрэ зэрыужь щIыкIэр мыпхуэдэщ. "Пщы" макъ Iэмалыгъуэр, дэтхэнэ зы щыIэ гуэрыр зэрыщыIэрэкIэ лъабжьэу зылъытэрщи, мы зи гугъу тщIыуэ щыт зэхэтыкIэм, дэтхэнэ зы нэрыбгэр щхьэжу зэрилъытэм къызэрыгуэкIкIэ, нэрыбгэм щхьэжу и ужьыгъуэ Iэмалыгъуэр ехъумэр, егъэзащIэр. ТIэ, апхуэдэу щыт псэукIэ хабзэм къызэрыгуэкIкIэй, дэтхэнэ зы цIыхум къыпэщытыр зы щапхъэрщи, езыри щапхъэ зэрыхъун гъуэгум тету жыIэпхъэщ. Ар щыхъукIэй, мыпхуэдэу зы хабзэм хэпсэухь дэтхэнэ зы цIыхур зы щапхъэ пэлъытэу лъытапхъэ мэхъур.

ЖытIагъэххэщи, мыр къызщекIуэкIыр мыпхуэдэ зы хабзэм тету псэууэ щыт цIыхубэ зэхэтыкIэрщ. А цIыхубэм щыщу щыт дэтхэнэ зы цIыхури пщыпIэр зыхуэфащэрэ щапхъэу лъытапхъэщ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, а хабзэр зезыхьэу щыт цIыхубэм щыщхэр, пщыпIэрэ щэпхъагъэр зыхуалъытапхъэ хъунщ. Ар щыхъукIэй, зи щхьэ хуэщапхъэжрэ зи пщыжу лъытапхъэу щытынщ дэтхэнэ зы цIыхур.

Арагъэнщи, Адыгэм фIэхъус зыхурих цIыхур пщыпIэм иту елъытэр. Ар пщырэ щапхъэу зэрилъытэм къызэрыгуэкIкIэй, ар "апщий"

псалъэкIэ елъытэр. ″Апщий″ псалъэм къикIыр мыпхуэдэу жыIэпхъэнщ: «КъызхэхъукIарэ къызэрыгъуэгурыкIуэ щIыкIэм (а) къызэрыгуэкIкIэ, пщыпIэр зыхуэфащэрэ щапхъэу (пщы) щытыжу зызгъэлъагъуэ (ий)».

″Апщий″ псалъэр, ипщэкIэ зи гугъу тщIауэ щытрэ цIыхубэ курытрэ итыпIэ зиIэу щыт зы цIыхум хужаIэу щыт ″пщы″ псалъэм хуэдэу зы нэрыбгэ закъуэм хуэIуарэ хуагъэфэщауэ, абы и фIэщыгъэцIэ пэлъытэ хъуауэ щытыркъым. ″Апщий″р, ″фIэхъус″ынрэкIэ узэхъуэхъум хуэбгъэфащэу щытырщи, ар зыхуэбгъэфащэр мы хабзэм щыщу зы нэрыбгэрщ; ар щыхъукIэй, мы псэукIэм и зы щапхъэуй лъытапхъэ хъурщ: «ФIэхъус апщий, бэухъу апщий, гуп махуэ апщий, гъуэгу махуэ апщий...».

″Апщий″кIэ зы нэрыбгэм зэреджэ щIыкIэр, нобэ нэгъуэщI лъэпкъхэм зэрахьэу щыт ″сйор, мистэр, мон сенйор, мосуо″ хуэдэ псалъэхэм хуэдэу жыIэпхъэщ; ауэ, ар мыхэм хуэдэу зы *титр* пэлъытэу зэрахьэу зэрыщымытар жыIэпхъэщ. А псалъэхэр къызэрежьари ″апщий″ пэлъытэнщ; ауэ, а псалъэхэр къызэрежьам тетыжакъым; и лъабжьэрэ и хабзэр ибгынауэ щытщ. Дауи ирехъу, нобэ апхуэдэхэр хэбзэфIу лъытапхъэщ.

Мыпхуэдэу хабзэфIу щытыр езым и бзэмкIэ къизыIуэу зы псалъэ зэрихьэн иужь ихьа пэлъытэу жыIэпхъэщ нобэ Адыгэри; ар ″зиузхьэн″ псалъэмкIэ игъэзэщIэн пэщIэдзэм дит хуэдэу щытщ нобэм. ″Зиузхьэн″ыр къызтехъукIауэ щытыр ″зи уз схьын″ жыIэгъуэраращи, ар, зыхуэупсэ гуэрым хужаIэпхъэу щытащ. Ауэ, мыпхуэдэу, и узыр къихьыпхъэу зэрыщытыр а псалъэр жызыIэм и Iуэхущи, ар зыхужиIэм зэреплъырщ. Ар щхьэ, ар егъэзауэ зы гуэрым хужыIэн хуейуэ зы хабзэ къегъэжьэныр Адыгэ хабзэм къезэгъыу къыщIэкIынкъым. ИкIи, а къырагъажьэ пэщIэдзэм дызэриту жыхуэтIэ ″зиузхьэн″ псалъэр мыпхуэдэу къэгъэсэбэпын гупщысэри къызтехъукIыр, Адыгэм къытекIуауэ щыт лъэпкъ щэнхабзэм зегъэщхьын еплъыкIэу зэрыщытми гулъытэ хуэтщIын хуейщ.

*

″Пшы″р зэгъэпщапхъэрэ щапхъэр къэзыгъэлъагъуэу зы псалъэрщи, ар Адыгэ зэхэтыкIэм цIыху щапхъэу илъытауэ щытым папщIэй хужиIэпхъэу зы псалъэрщ, фIэщыгъэцIэрщ; мыбы къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щыту жыIэпхъэщ ″апщий″ псалъэри.

″Пщы″р, зы псэукIэм зэгъэпщапхъэрэ щапхъэу къигъэщIырщи, ар а хабзэм и курыкупсэм ит хъурщ. А курытыпIэрэ итыпIэу щытыр, а хабзэрэ псэукIэм и нэхъ зэгущыпIэрэ лъэгапIэр зыIыгъырщи, цIыхубэм щапхъэ зэрыхуэхъукIэрэй цIыхубэри зытезыIыгъэрщ.

ЖыпIэ хъунущ, математикэу, ″пщы″пIэр Гаус (Gauss) къуаншэм и *медян* хъууэ щытрауэ. Медян хъур, координат системэм и ″и″ лъэныкъуэу нэхъ лъэгапIэрщ; икIи, координат системэм хэщIыхьауэ щыт а къуаншэм и курыкупсэм итырщ медяныр; Гаус къуаншэр зытезыIыгъэри медянырщ.

ТӀэ, пщыр а хабзэрэ псэукӀэм и медяну щытырщи, а хабзэрэ псэукӀэм къытещӀыкӀауэ щыт зы Гаус къуаншэм и курыкупсым итырщ; икӀи, а къуаншэм и нэхъ лъэгапӀэращ пщыпӀэ хъур. ПсэукӀэ хабзэу щытым и дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкӀэй а нэхъыбапӀэр зыхэлърэ зыхиубыдэу зэрыщыткӀэрэу, а хабзэм и курыкупсэм ит хъуурэ щытрэ, а нэхъ лъэгапӀэу щытыр ("и" лъэныкъуэу) зыджрэ къызпкъырыкӀырщ пщыри, а нэхъ пщӀэшхуэр зыхуэфащэ хъурщ. Ар псэукӀэрэ зэхэтыкӀэм и щапхъэрэ и медяну щытырщи, хабзэмрэ ар зи хабзэу щыт цӀыхубэр зытезыӀыгъэрщ; икӀи, ахэм я ужьыгъуапӀэу щытрэ, я ужьыгъуэми щхьэусыгъуэ хуэхъурщ.

Адыгэбзэм къызэрыдигъэлъагъуэм хуэдэу, Адыгэ хабзэми зы зэгъэпщапхъэрэ щапхъэу яхэтырщ пщыри, Адыгэ псэукӀэ системэм дэтхэнэ и зы цӀыхубэ ӀэнатӀэм ит хуэхъуу щытыр пщыуэ мэлъытэр. Натурал зы псэукӀэ системэм, нэхъыжьыр а системэм нэхъыбэ зэрыхэпсэухьам къызэрыгуэкӀкӀэ, щапхъэ зэрыхъупхъэм папщӀэ, ар пщыуэ елъытэр. Нэхъыжьыр хабзэрэ бзыпхъэм нэхъ щыгъуазэрщ; икӀи, а системэ къекӀуэкӀыр зэрыухуэрэ зэрызэтеувэ щӀыкӀэм нэхъыбэу зи пщӀэнтӀэпси хэлърауэ къыщӀэкӀынщи, абы и нэхъ щыгъуазэращ нэхъыжьыр. Ар хабзэм и щапхъэу зэрыщыткӀэрэй, а нэхъ хабзэ лъэгапӀэр зыджыпхъэрэ къызпкъырыкӀыпхъэуи щытын хуейщ; икӀи, ар зыхузэфӀэкӀыпӀэм итын хуейщ пщыгъуэр зыхуэфащэ хъунур.

Дэтхэнэ зы псэукӀэ гупым и зы ӀэнатӀэм итыпӀэ зиӀэ хъур пщыуэ зэрыщытым къызэрыгуэкӀкӀэ, дэтхэнэ зы унагъуэми и нэхъыжьыр пщыуэ ялъытэр. Зы къуажэрэ жылагъуэм и нэхъыжьри ахэм япщу щытыныр езэгъыу зы Ӏуэхугъуэнщ. Мы лъабжьэри зэрыхэлъыжкӀэрэу, зы къуажэм и зы нэхъыжьымрэ, ар зи нэхъыжьу щыт унагъуэми къигъуэгурыкӀуам къызэрыгуэкӀкӀэ, а къуажэм а унагъуэр щапхъэрэ пщыуэ ялъытэнщи, а унагъуэр цӀыхубэм мыпхуэдэу зэрилъытэу къызэрыгъуэгурыкӀуэм къызэрыгуэкӀкӀэй, ар пщы унагъуэу зэрыщыт *традиц*эр къекӀуэкӀыу щӀидзэнщ.

Мыпхуэдэу жыӀэпхъэщ Адыгэ псэукӀэм и унагъуэхэм къыщӀидзэу, къуажэрэ жылагъуэр зыдэсыпӀэ пщыгъуэхэр зэрыухуэр. А пщыгъуэ системэр мыпхуэдэу зэрыужьым къызэрыгуэкӀкӀэй, зи гугъу тщӀыуэ щыт лъэпкъыр зэрылъэпкъыу зы пщыгъуапӀэми ит хъунщи, цӀыхубэм я зэхуэдэу зы пщы ялъытэу щытынщ. Мыпхуэдэу пщы системэу, дэтхэнэ зы пщыгъуэр зыхэтрэ зыхэзыубыдэу щыт цӀыхубэ нэхъыбапӀэми зы пщыж къахуэхъунщи, тӀэ пщыхэм я пщыу щыт мыпхуэдэ зы пщыри пщышхуэ хъунщ. Пщыгъуэ системэр натуралу утыку къызэрихьэрэ зэрызэтеувэ щӀыкӀэр, кӀэщӀыу мыпхуэдэу жыӀэпхъэщ.

*

Мы зи гугъу тщӀы Ӏуэхугъуэми къызэригъэлъагъуэу, "пщы"р цӀыху щапхъэрщи, ар, зы псэукӀэрэ хабзэм и зэгъэпщапхъэ хъуурэ щытырщ. Ауэ, нобэрей сивилизацэм и псэукӀэрэ и зэхэтыкӀэу щытым уеплъмэ, и

лъабжьэр зы пщы системэу лъытапхъэщи, абы и пхэнджу щыт Іэпхъуэшапхъуэ псэукІэ хабзэри къызэрыхыхьам къызэрыгуэкІкІэ къахъуауэ щыт зы системэу жыІэпхъэщ. Мы псэукІитІыр *сентез* зэрыхъум къытехъукІауэ щыт тепщэгъуэ системэрщ нобэрей системэу къекІуэкІхэм и лъабжьэр.

Адыгэбзэу ″тепщэ″ псалъэр къызтехъукІауэ щытыр ″пщы″ псалъэрщи, ″пщы″м къикІыр ипщэкІэ къэтІуэтагъэхэщ; ауэ, а псалъэм къытехъукІауэ щыт ″тепщэ″ псалъэр мыпхуэдэу зэпкъырыхыпхъэ хъунщ: ″Тепщэ (тэ-и-пщы-э)″р тет хъууэ щыт ″пщы″рщ; тету щыт пщырщ; тетыгъуэ зиІэу щыт хъуа пщырщ. Ауэ, ″пщы″ псалъэм къыриІуэр, гурыІуэгъуэ зэрыхъуаращи, тету щытынракъым, иту щытынырщ ар; абы и пщІэр лъагэу щытми, ипІэр зы лъэгапІэу щытрэ цІыхубэм къеплъыхыу щытыныркъым, ар цІыхубэм и кум итырщ; ар тетыркъым, хэтырщ, *центр*ырщ.

Пщырэ тепщэр зэрызэщхьэщыкІыр мыпхуэдэ Іуэхугъуэу жыІэпхъэнщ. Мы зэщхьэщыкІыныгъэм къызэригъэлъагъуэкІэрэй, пщыр цІыхубэм ейуэ щытырщ; ауэ, тепщэращ цІыхубэр зей хъур. Мы системитІ зэщхьэщыкІым дигу къигъэкІыр мыращ: ″Пщы″ псалъэр лъабжьэрэ натуралу зэрыщытыр гурыІуэгъуэщи, ″тепщэ″ псалъэри ″пщы″ псалъэм къытехъукІауэ щытщ; ар щыхъукІэй, тІэ, цІыхубэ зэхэтыкІэ хабзэм зы зэхъуэкІыныгъэ къызэрыхуэкІуэкІэ къэхъуауэ щыту жыІэпхъэщ ″тетыгъуэ″у щыт Іуэхугъуэрэ ″тепщэ″ псалъэхэр.

″Тепщэ″ псалъэр къызтехъукІар ″пщы″ псалъэрщи, ар бзэм къызэригъэхъуа щІыкІэр мы къэтІуэта Іуэхугъуэрагъэнщ. ″Тепщэ″ псалъэр зыхэту щыт адыгэбзэри къэбэрдеибзэрщ. ″Тепщэ″ псалъэр мыпхуэдэу пщыгъуэ Іуэхугъуэ къигъэлъагъуэу нэгъуэщІ адыгэбзэхэм хэткъым. Къэбэрдей жылагъуэр Адыгэ лъэпкъым и гъунапкъэм зэрыІусарэ, абы Іэпхъуэшапхъуэ лъэпкъхэм зэпыщІэныгъэ зэрызыхуиІар гурыІуэгъуэщ. ИкІи, абы иужькІэ зэтригъэува дзэ системэмрэ, мыбы къызэрыгуэкІкІэй пщыгъуэ системэу зэрихьар езым зэрыфІища щІыкІэу ″тепщэгъуэ″щ. Къэбэрдейр зыхуэгъунэгъуу щытрэ, текІуэгъуэр къызІэщІыхьа лъэпкъхэм пэщІэувэфын папщІэ, абы я тетыгъуэ системэрэ дзэ системэ лъабжьэу щытым зэрызыхуэныкъуар гурыІуэгъуэнщи, ″тепщэгъуэ″ системэр зэриухуам и щхьэусыгъуэр мырауэ жыІэпхъэщ.

А зэхъуэкІыныгъэм къызэрыгуэкІкІэ, пщыр тетыгъуэ зиІэ щІыкІэу ″тепщэ″ хъуауэ щІидзагъэнщ. Ар щыхъукІэй, пщыр зытетрэ зи тепщэу щыт цІыхубэр, пщым ейуэ щыт мэхъури, а цІыху гупу щыт жылагъуэрэ лъэпкъыр пщым и цІэкІэ къыраІуэу щІидзэу зы хабзэ къежьапхъэ хъуагъэнщ: «Беслэней, Джылахъстэней...».

Мыбы нэмыщІ, пщым дэлажьэ цІыху гупыр, пщым илІ хъууэ щытщи, "пщылІ" псалъэри къызтехъукІар мырагъэнщ. Пыщапхъэу щытщи, мы псалъэр пщыгъуэ системэмрэ тетрэ тепщэгъуэ системэм

къазэрыгуэкIрэ елъытауэ зэхуэдэу гурыIуэгъуэ зэрымыхъунури нахуэщи, ар пщы системэм зэрыхэт щIыкIэр, нобэ къызэрыдгурыIуэм хуэдэу зэрыщымытыр жыIэпхъэщ. А псалъэр нобэ къызэрыдгурыIуэ щIыкIэрэ мыхьэнэр, тетрэ тепщэгъуэ системэм къызэрыгуэкIкIэрщ.

**

Мыпхуэдэу дыкъыздынэсар хабзэ зэщхьэщыкIыныгъэрэ, зэхуэмыдэу щыт хабзэ гуэрхэр зэрызэхыхьэ щIыкIэрщи, тIэ, а хабзэхэмрэ я зэхыхьэкIэм щIэуэ къигъэхъуауэ щыт цIыхубэ зэхэтыкIэ хабзэм теухуауэ нэхъыбэ жыIэпхъэу къытпэщытщ. Мы къытпэщыт IэнатIэм тIэ, мыхэм теухуауэ жыIапхъэу къытпыщIэхуэхэм дытетхыхьынщ.

Япэрауэ мыр пыщапхъэщ: «Iэпхъуэшапхъуэ псэукIэмрэ, зы хэгъэгур зи щIыналъэ хъурэ етIысэхауэ щыт псэукIэм и гугъу щытщIым щыгъуэ, мыхэр зы лъэпкъым теухуарэ хуэIуауэ щыту жытIэркъым. Дэтхэнэ зы лъэпкъым а псэукIитIри къипсэухьауэ щыту къыщIэкIынщи, мы псэукIэхэм къызэрыгуэкIкIэ я хабзэри зэтеувагъэнщ; икIи, я хабзэм а псэукIитIым къатехъукIа лъэныкъуэхэр хэту жыIэпхъэщ. Мыбдежым жытIэхэр, дэтхэнэ зы лъэпкъ Iуэхугъуэ хэмылъу, зы псэукIэ стилым теухуауэ щытщ».

ЖыпIэ хъунщ, ″пщы″ псалъэр, етIысэхарэ зы хэку зиIэу щыт цIыхубэм и псэукIэм натуралу езэгъыу. Мыбы къызэрыгуэкIрэ натурал псэукIэ зиIэу щыт зы цIыхубэм къызхигъэхъукIыу щытырщ ″пщы″ри; ″пщыгъуэ″р, мыпхуэдэу зэхэту щыт цIыхубэм и зы хабзэ щIыкIэу щытырщ. ИкIи, пщыр зейуэ щытри зи щапхъэу щыт гупырщ, цIыхубэрщ.

Ауэ, зы Iэпхъуэшапхъуэ псэукIэмкIэ, ерыщыгъэрэ Iэпкълъэпкъ къэрукIэ зэфIэкIыныгъэ зиIэр адрейхэм зэрытекIуэ щIыкIэу къэхъуауэ жыIэпхъэщ а лъэпкъым я пашэрэ я щапхъэ хъууэ щытри; а пашэр, а цIыхубэм и тету щытрэ, тетыгъуэ зиIэ хъурщ; а цIыхубэри абы и лъабжьэ щIэтырщи, абы ейуэ мэлъытэр.

ТIэ, мыпхуэдэу зэхуэмыдэ зэхэтыкIэ зиIэу щыт цIыхубэ гупитIыр щызэхуэзэрэ зэдэпсэууэ щыщIидзэм щыгъуэ, къэхъуу щыт щэнхабзэ зэхъуэкIыныгъэм къызэрыгуэкIкIэ, ″пщы″ псалъэр бзэм хэту къызэрызэсэбэпыр лъабжьэ зэрыхуэхъукIэрэу, Iэпхъуэшапхъуэ цIыхубэ пэшагъэ щIыкIэми ″тепщэ″ фIэщыныр хуэфэщагъэнщ. А псэукIитIми зызэрахъуэкIрэ, зэщхьрэ зэхуэдэ зэрыхъукIэрэй, ″пщы″уэ щытар ″тепщэ″рэ ″тепщэгъуэ″у зэхъуэкIауэ зы хабзэр къежьауэ къыщIэкIынщ.

Къэхъуу щыт мы сентезым, Iэпхъуэшапхъуэр зэрыригъэтIысэхынурэ зы щIыналъэм тепсэухьын хабзэр зэрыхилъхьэнур гурыIуэгъуэщ. ТIанэ, мы сентезым, етысэхауэ псэууэ щыт лъэпкъ хабзэми Iэпхъуэшапхъуэ зэфIэкIыныгъэхэр зэрыхилъхьэнур гурыIуэгъуэнщи, абы тетрэ щIэтыгъэу зы дзэ системэй къыхуэухуэнщ. Ар щыхъукIэй тIэ, пщы системэу *културал*рэ *сивил*у псэукIэ зиIэу щытыр, мы зэхъуэкIыныгъэм *милитаризацэ* зэрищIынур гурыIуэгъуэу къыщIэкIынщ.

″Тепщэгъуэ″р зы псалъэу ″пщыгъуэ″м къытехъукIауэ зэрыщытыр жытIащ; икIи, ″тепщэгъуэ″у утыку къихьар зы сентезу зы системэрщ. Ар зэхуэмыдэ псэукIитIым (хэку исыр; Iэпхъуэшапхъуэр) къытехъукIауэ зы системэрщ.

″Пщы″ системэр зы хэтыкIэ системэрщ. Абы, цIыхур щхьэжрэ зэгущу зы нэрыбгэу хэтынщ; а нэрыбгэм и гугъэрэ и гъуэгури, щапхъэрэ пщыпхъэ хъунырщ.

″Тепщэ″ системэр, къызтехъукIауэ щыт лъэныкъуитIыр зыхэлъырщи, и тетыгъэ лъэныкъуэм къызэрыгуэкIкIэ, ар икIи, тетрэ щIэт лъэныкъуитI зиIэ системэрщ. Тету щытым дежкIэ, щIэту щытыр щхьэжрэ нэрыбгэ хэтыкIэ зимыIэрщи, ар тетым щыгугърэ дэплъейрщ. Тетым и Iуэхуу щытыр, и щIэтхэр зэригъэзэхуэнрэ игъэхъунырщ, игъэзэуэнырщ. ГурыIуэгъуэщи, мы зэхэтыкIэр нобэрей дзэ системэм и зэхэтыкIэм езэгъырщи, дзэ системэр къызтехъукIар мы тет системэрщ, Iэпхъуэшапхъуэ зэхэтыкIэрщ.

Тепщэгъуэ системэр къызтехъукIарэ, абы нэхъ лъабжьэ хуэхъуауэ щыт и зы лъэныкъуэри, ″пщы″ системэрщи, ар нэрыбгэу зэхэтыкIэ системэу лъытапхъэщ; ар хэтыкIэ системэрщ. ХэтыкIэ системэм и нэрыбгэр бгъэхъуфыну щыту жыIэпхъэнкъым. Ахэр щхьэжу нэрыбгэ зэхэтыкIэ зиIэхэрщ; тету щыт гуэр зэрыщымыIэм къызэрыгуэкIкIэ, нэрыбгэр щхьэжрэ зи пщэрылъыжу щытщи, нэрыбгэ зэхэтыкIэм къызэрыгуэкIкIэ мы системэр *индувидуализмэ*у лъытапхъэщ. Мы хэтыкIэрэ пщы системэр къызэрекIуэкIыфыр, а цIыхубэм хэлъу щыт хабзэрщи, ар зэхуэдэу цIыхубэм иухуэу щыт хэтыкIэбзэрщ; икIи, ар цIыхубэм ейуэ зэрыщыткIэй, хейщ. А системэр хейщи, зэрыхеигъэр къызхэкIрэ зэрелъытар, а цIыхубэм и хабзэу зэрыщытырщ; тIэ, мыр зы хабзэ системэу лъытапхъэщ. Мы системэр, цIыхур щхьэжрэ зи щхьэ ухуэжыпIэм зэритыжкIэрэу, абы къытет гуэр зэрыщымыIэм къызэрыгуэкIкIэ, зы *анархизмэ* системэу лъытапхъэщ.

″Тепщэ″р сентезу къызтехъукIа тетыгъуэ системэ хабзэр, щIэтыр тетым и унафэм (ар ″унафэ″ псалъэм зэхиубыдэ Iуэхугъуэрамэ!), нэхъ пэжу жыпIэмэ, зэрылъэпкъыу а тетым и *директив*ым пэплъэнрэ ар гъэзэщIэн системэ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ, ар зы *тоталитаризмэ*у лъытапхъэщ; а тетыр зы нэрыбгэ закъуэу щытмэ, тIэ, мыр зы *монархизмэ* хъунщ.

*

Нобэ, системэу къекIуэкIыр тепщэгъуэ системэрщи, ар етIысэха лъэпкъ хабзэмрэ Iэпхъуэшапхъуэ бгъэрыкIуагъэ хабзэм и сентезу къэхъуауэ жытIагъэхэщ. Мы сентезым зэхиубыдэу щытщ, а къызтехъукIа системэхэм я щэнхабзэри. Мы сентезыр къызтехъукIа псэукIитIым я Iуэху щIэкIэрэ зэфIэгъэкIыныгъэри зэщхьэщыкIыу щытщ; а псэукIитIым я логиерэ я математикэр зэщхьэщыкIыу жыIэпхъэщ.

Адыгэбзэр къызэрыхъурэ зэрызэтеувэм щыгъуазэ ухуэхъуу щытмэ, абы геометрикэ системэр зэриджыр гурыIуэгъуэщи, макърэ псалъэхэм я зэхущытыкIэрэ я къэхъукIэри ардыдэу геометрикэу щытщ. ИкIи, "пщы" псалъэр зэрызэтеувэрэ, абы и мыхьэнэу щытри зы геометрикэ Iуэхугъуэу щытщ. Абы зи гугъу ищIыр, "щы"рэ щыIэ дыдэрщ; щыIэр зыдитIыпIэм щыджынырщ "пщы" псалъэм игъэзащIэри, нэгъуэщI щыIэхэм елъытауэ зы "щы" IэнатIэр "пы" Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ мэджыр; абы иджыр, адрей щIыпIэхэм елъытауэ зы щыIэпIэрщ: ЩыIэр зэрыщыIэкIэрэу и гъунапкъэрэкIэ къэгъэунэхун Iуэхугъуэрщ "пщы" псалъэм къикIыр.

"Пщы" Iэмалыгъуэр "щы" зыхэзыубыдэу зы мыхьэнэ зиIэу зы псалъэрщи, абы и купщIэр "щы" зэрыхъукIэрэу, абы ехьэлIа Iуэхугъуэщ гурыIуэгъуэ ищIрэ иджыр. "Щы"р зи кум хэзыубыдэр купщIэ зиIэрщи тIэ, ар зы центрырщ; а купщIэм къызэрыгуэкIкIэ ухуэу щыт мы системэр зы *централ* системэрщ тIэ. Зы центрым зыхиубыдэр щыIэгъуэ купщIэрщи, а центрым елъытауэ мэухуэр и гъунакъэхэри; икIи, а центрыр къызэрыхъури, и гъунапкъэрэ и гъунэгъуу щытхэм зэрелъытарэкIэщ. Мыпхуэдэурэ ухуэр зы гъунапкъагъэрэ гъунэгъугъэ системэрщ. Зэрызэпэгъунэгъугъэ зэриIэ защIэу ухуэр зы геометрикэрщ. Мы централ системэм хэту щыт дэтхэнэ зы щIыпIэри щхьэжу зы центрырщ икIи; мыбы къызэрыгуэкIрэй, нэгъуэщIхэр абы и гъунапкъэрщ, и гъунэгъурщ. ТIэ, мыпхуэдэу зы зэхэтыкIэм дэтхэнэ и зы щIыпIэрэ и зы нэрыбгэр зэрыщытрэ зэрит щIыпIэу мэлъытэр; ар щыхъукIэй, ахэр мы геометикэ системэм и зы лъэныкъуэрэ и зы IэнатIэу лъытапхъэу щытщ. Ахэм зызэралъытэжрэ, зыр зым зэрилъытэр, централ еплъыкIэрэущи, мыри геометрикэ еплъыкIэрэ Iуэхугъуэу щытщ.

"Пщын"рэ къэпщытэн Iуэхум зы щыIэ гуэрыр зэрилъытэр а щыIэр зэрыщыIэ дыдэкIэрщ; ар зы псоуэ зэрыщыту елъытэр "пщын" Iуэхугъуэм, абы илъытэр и гъунапкъэрэкIэ елъытэр, физикэрэ геометрикэу елъытэр.

ТIэ, "пщы" псалъэр къызэрыхъум хуэдэу щытщ, цIыхубэ зэхэтыкIэ хабзэу ит хъуар зэрылъытэри. А "пщы" жыхуэтIэр итрэ курыту щытращи, а щапхъэм елъытауэ ухуэр, а щапхъэри зыгъэщапхъэу къекIуэкIыу щыт хабзэрщи, мыри зы геометрикэ системэрщ, зы пщыгъуэрщ. Мы къекIуэкIыр зы геометрие системэрщи, абы хиубыдэу щыт дэтхэнэ зы лъэныкъуэрэ щIыпIэри геометрикэу лъытапхъэу щытырщ; а къекIукIым хиубыдэу щыт дэтхэнэ зы нэрыбгэр умылъытэну Iэмал зимыIэу зы системэрщ мыр. Дэтхэнэ зы нэрыбгэри, мы къекIуэкIыу щытым елъытауэ зызлъытэжырщ. Мы системэм, дэтхэнэ зы Iуэхур зэригъэзащIэри мыпхуэдэу щытщи, геометрикэущ. Мы псэукIэр геометрие системэрщи, и нэрыбгэрэ цIыхубэри геометрикэ щIэн зыхэлъырщ.

ГурыIуэгъуэ зэрыхъуаращи, зи гугъу тщIы пщы системэр, зы щIыналъэрэ хэгъэгур псэуалъэ зыщIарэ, езым хуэIуауэ щэнхабзэ къызхуэхъуа цIыхубэм и системэрщ. Мы системэр, зы системэу

зэрызэтеуварэ зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, гъунэрэ гъунапкъэ зиIэ системэрщ; ар зы щIыналъэ пыухытыкIар хэку зыщIарщи, абы зы гъунэ зэриIэр гурыIуэгъуэщ; а цIыхубэм и хабзэрэ и псэукIэр щыухырщ и зэхэтыкIэми и гъунапкъэр. А цIыхубэм, мыпхуэдэу геометрие системэ псэукIэ зэриIэм хуэдэжу, мы системэр езым зыхуэIуагъэжу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, хъумэнрэ зихъумэжын щIыкIэ зиIэрщ. А системэр *дефансив* системэрщ.

Ауэ, зы щIыналъэ пыухытыкIарэ зы хэгъэгур зи псэуалъэу щымытрэ, гъуэгурыкIуэ защIэу щыт Iэпхъуэшапхъуэм дежкIэ, щIэнрэ лъытэн Iуэхур, нэхъыбэу бжын Iуэхурщ. Ар, "пщын, къэпщын, къэпщытэн" псалъэхэр къызэрыхъуарэ яджым хуэдэу лъытэныгъэ мыхъурщ.

Зы щIыналъэ пыухытыкIар зи псэуалъэ хъуарэ хэкурысу щытым дежкIэ, а щIыналъэр анэ пэлъытэрщи, абы епхарэ пыщIауэ щытырщ. Абдежыр гъунапкъэрэкIэ зы геометрикэ щIэнкIэрэ зыдитрэ зыпыщIауэ щытырщ. Мыр пщын Iухугъуэми езэгъыу щытырщ. Ауэ, Iэпхъуэшапхъуэр зэрыкIуэррэ, дэтхэнэ зы щIыналъэр пыухытыкIауэ зи псэуалъэ щыпкъэу зэрыщымытым къызэрыгуэкIкIэ, емыпхарэ хуиту зыубгъурэ кIуэрырщ. Абы дэтхэнэ зы щIыналъэр зэрилъытэр, абы зэрытеувэрэ зэрыблэкIкIэрщи, зыдэкIуэм къыпэщыт щIыналъэри зэрилъытэнур зыблэкIам хуэдэ гуэруэщи, лъытэныгъэу къыхуэхъур бжын Iуэхугъуэу жыIэпхъэщ.

Абы зы щIыналъэр зэрилъытэр и лъэр зэрытеувэкIэрщи, дэтхэнэ зы щIыналъэр зэрыхуэныкъуэм къызэрыгуэкIкIэрщ зэрилъытэр. Абы и лъэр зытеувэр зэхуэдэу елъытэр. Абы дэтхэнэ зы щIыпIэр и псэуалъэу зэрилъытэр, а щIыналъэм и лъэр зэрытеувэкIэрщи, зы щIыналъэ пыухытыкIам епхауэ къэмынэрэ щымытырщ. Абы и лъэр зытеувэр и псэуалъэу мэлъытэр. Ар зы хэкурысым хуэдэу, зы щIыналъэм гурэ псэрэкIэ емыпхарщ.

Зы линием тету гъуэгурыкIуэнырщ Iэпхъуэшапхъуэм къыпэщытыр. Iэпхъуэшапхъуэр, гъунапкъэ зимыIэ пэлъытэу кIуэрырщ; ар сыт щыгъуэй зы гуэрхэм блекIрэ блэфтырщ. Абы зы щIыналъэрэ щыIэ гуэрыр и лъытэнрэ и щIэн Iуэхугъуэр, зэрыгъуэгурыIуэм къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэщ. Абы илъытэр зэрилъытэ щIыкIэр, зы гуэрым зэрыблэкIкIэрщ, зэрытекIрэ зэрытекIуэкIэрщ; зэригъунэгъугъэкIэркъым. Ар мыувыIэрэ къызэримыкIуэткIэрэу кIуэрырщи, сыт щыгъуэй дэтхэнэ зы гуэрым блэкIынщ; ар зы лъэныкъуэрэ и гупэмкIэ кIуэрырщи бгъэрыкIуэрщ; зыдэкIуэ лъэныкъуэмкIэ къыхуэзэм текIырщ, текIуэрырщ.

Абы ищIрэ и щIэныгъэри мыбы къызэрыгуэкIрэ хуэкIуэу щытщи, къыпэщытыр зэрилъытэр зэрибжкIэрщ. ИкIи, абы иIэр зы хъушэрщи, езыри зы Iэхъуэрщ; ар зыгъэхъурщи, игъэхъур зы бжыгъэ Iуэхуу къыпэщытырщ; ар игъэхъум щхьэщытырщ, и тетырщ.

Іэпхъуэшапхъуэр кІуэрырщ, текІуэрырщ, къыпэщыт гъуэгум тету Іэпхъуэрщ, бгъэрыкІуэрщ. Мы псэукІэр *офансив*у зы псэукІэрщ.

КІэщІыу жыпІэмэ, пщы системэр геометрикэ системэрщи, зызхъумэж системэрщ. Іэпхъуэшапхъуэ псэукІэр аритмэтикэ системэрщи, зы линием ирикІуэнрэ бжыгъэкІэ лъэщу зы системэрщ; къимыкІуэту зэрыкІуатэм къызэрыгуэкІкІэ текІуэрырщ, бгъэрыкІуэрэ зэуакІуэрщ.

Пщы системэр геомерие системэу зэрыщытым къызэрыгуэкІрэ, нэрыбгэри фІэкІыпІэ имыІэу щхьэжу зэрыщытым папщІэ, зы *плуриялизмэ* системэрщ; ар монистрэ монархисткъым, тоталитерялкъым.

ТІэ, мы лъэныкъуитІыр зыхэлъу къэхъуауэ щыт нобэрей системэр, зи гугъу тщІауэ щыт мы лъэныкъуитІым языхэзымкІэ ебапхъэу щытынщ. Арагъэнщи, монархизмэрэ плуриялизмэ зэхуакум зэхъуэкІыныгъэхэр къыхэхъухьу щытщ нобэрей тепщыгъуэ системэм.

*

Адыгэм ″хэку″ зыхужиІэр езы лъэпкъым хуэІуауэ зы щІыналъэрщ; ″хэку″ псалъэм къикІыр Адыгэ щІыналъэжьу щытырщи, нэгъуэщІ лъэпкъхэр зыдису щыт щІыналъэр зы ″хэгъэгу″рщ. ″Хэгъэгу″р зы цІыхубзэр (хэ) зыхэтрэ зыдит (гу) щІынырщи (гъэ), ар зы щІыналъэу зы псэуалъэ хъууэ лъытапхъэрщ. ТІэ, мы псалъэм, зы лъэпкъым пыухытыкІауэ псэуалъэ хуэхъуауэ щыт зы щІыналъэ пыухытыкІаракъым къыриІуэри, а щІыналъэр ″хэку″ щІыпхъэу зэрыщытыр къыриІуэу жыІэпхъэщ ″хэгъэгу″ псалъэм. Ауэ, зы щІыналъэ пыухытыкІар езым и псалъэу къыхуэхъуарэ зылъытарщ Адыгэри, ар зы псэуалъэу къызщежьари нахуэу щыткъым. Танэ, ″хэку″ псалъэм къикІыр, цІыхубэрэ зы лъэпкъыр (хэ) зыдисым и курэкупсэу щыту зэпкъырыхыпхъэщ; икІи, хы зэхуаку е хитІ зэхуакуу щыт зы щІыпІэр къизыІуэрщ ар. Абы къыриІуэр мыбы дэтхэнэрами нахуэу жыІэпхъэкъым. Ауэ, адыгэбзэр зэрызэтеувэр геометрикэущи, ″хэку″ псалъэр мы мыхьэнитІри зыхэзыубыдэу зы псалъэу зэрызэтеувапхъэр жыІэпхъэщ. ТІэ, Адыгэм псэуалъэ къыхуэхъуа щІыналъэр къызэриІуатэр и бзэр зэрызэтеувэ щІыкІэу щытщи, а хэгъэгур и щІыналъэжьу зэрыщытыр гурыІуэгъуэ ещІыр мыбы; икІи, и бзэр зэрызэтеувэм дэщІыгъуу зэтеувэу фІэщыгъэцІэ хуэхъуауэ къыреІуэр и псэуалъэр.

Адыгэбзэм къызэригъэлъагъуэр аращи, Адыгэ системэр лъабжьэкІэ лъэщу пщы системэрщ. ″Пщы″ псалъэр зы административ Іуэхугъуэу къызэрымхъуар гурыІуэгъуэнщ. А псалъэр ″пщы″ макъ зэгуэт Іэмалыгъуэм иджым къызэрыгуэкІкІэ зы псалъэу утыку къихьэрщи, а макъ зэгуэтым иджрэ къикІыр, щыІэр зэрыщыІэ дыдэрэкІэ къэгъэунэхун Іуэхугъуэу щытщ. Ар мыпхуэдэу къызэрыхъум къызэрыгуэкІрэ зэрелъытарэкІэ, псэукІэ хабзэм щапхъэу илъытэ гуэрым ипІэр къыриІуэн папщІэ, гъуэзэджэу фІэщыгъэцІэ хуэхъуагъэнщ.

Адыгэбзэмрэ хабзэу къекIуэкIым дэтхэнэ зы цIыхур пщы пэлъытэрщ зэрилъытэри, Адыгэр цIыху щапхъэ хъуну зы хабзэм тету щытащ. Аращи, щыпкъагъэрэ цIыхугъэр гукъэкI хуэщIын папщIэй Адыгэм зыжраIэу къигъэсэбэпыр "Адыгэ" псалъэрщ; икIи, дэтхэнэ лъэпкъми щырещ ар, цIыхугъэрэ щыпкъагъэ зыхэлъу щыт дэтхэнэ зы нэрыбгэр ди гъунэгъу лъэпкъхэм зэралъытэр "чэркэс"у щытащ дыгъуасэ нэгъунэ. Ауэ, зы сивилизацэр къикIуэту щIидзамэ, ар къызэрикIуэтым и щхьэусыгъуэр езым и щIыбым къыщыхъуу щытхэрамэ, тIэ, фIырэ щIэр и щIыбым къыщылъыхъуэу щIидзэну къыщIэкIынщи, аращ кIуэ пэтрэ къэхъуар. Адыгэр къызэрикIуэтым къызэрыгуэкIкIэ, зыщымгугъыжу щIидзагъэнщи, кIуэ пэтрэ, и щIыбкIэ къэхъуу щыт дэтхэнэ зы гуэрыр фIэгъэщIэгъуэн хъууэ зы хабзэ къыхуэхъуащ; нобэй абы дытету жыIэпхъэщ. Ауэ, абы и къикIуэтын щхьэусыгъуэу щытыр, цIыхугъэрэ щыпкъагъэрэкIэ иужь къинауэ аракъым; икIи, гупщысэрэ щIэнкIэй, Iэщагъэрэ гъуэзэджэкIэй иужь къинауэ жыIэпхъэкъым. Ауэ, мыр и фIэщ зэрыхъум къызэрыгуэкIкIэ иужь зыкъыригъэнауэ жыIэпхъэщ нобэ.

Пщы системэр бзэ лъабжьэрэ бзэ логиеу зэтеувауэ щытми, гъащIэрэ псэукIэм къызэрихькIэрэу, зы псэукIэрэ хабзэр зыхуэныкъуэм зэрыхуэкIуэ щIыкIэу кIуэцIкIэ зэхъуэкIыфынщи, щIэ гуэрхэр къызхигъэхъукIынщ. ИкIи, и щIыб лъэныкъуэмкIэ къыхыхьэу щыт щIэ гуэрхэмкIэй зы хабзэр зэхъуэкIыфынщ.

Адыгэ хабзэр кIуэ пэтрэ зэхъуэкIауэ щытами, ар зэрыщыту зы системэу зэхъуэкIыныгъэм нэсауэ жыIэпхъэкъым. Абы и щIыбкIэ къэхъуу щыт системэрэ сивилизацэр къызэрытекIуэрэ зэрыужькIэрэу, Адыгэ хабзэрэ пщыгъуэ системэр, -зы сивилизацэжьыр- кIуэ пэтрэ къикIуэтурэ и гум итIысхьэжауэ жыIэпхъэщ.

Ауэ, тепщэгъуэрэ зы сентезу къэхъуауэ щыт системэр къызтехъукIауэ щыт пщы системэри, абы и зы лъэныкъуэу хэлэжьыхьу щытщ. Системэм и щIыбкIэ къэхъурэ къекIуэкIхэм къызэрыгуэкIкIэрщ тепщэгъуэ системэр къызэрыхигъэхъукIар пщыгъуэ системэм. Пщыгъуэрэ зы дефансив системэм зихъумэжын щхьэусыгъуэрэкIэ къызхигъэхъукIауэ жыIэпхъэщ Адыгъэ тепщэгъуэри, зыкъыригъэлын гугъэм хурикъуакъым ар.

*

Адыгэм и пщыгъуэм къызэрыгуэкIрэ зэрезэгъкIэрэу дефансив щхьэусыгъуэрэкIэ иухуауэ щытрэ, Адыгэ хабзэ щапхъэу илъытэу къызхигъэхъукIа дзэр зихъумэжыным зэрыхуримыкъурэ къызэрикIуэткIэрэу, кIуэ пэтрэ зэхэхьэжурэ бэмпIэгъуэм хуэкIуауэ жыIэпхъэщ лъэпкъыр: И кIуэцIымкIэ зэхэзэвыхьу иуэжурэ, къэзызэухэм пэщIэтынрэ Адыгагъэр ихъумэжын папщIэ къызхигъэхъукIауэ щыт дзэр езым и лым хэуэжу щIидзауэ жыIэпхъэщ. Мыпхуэдэурэй, кIуэ пэтрэ зэхэфыгъуэныр къызэрыблэгъэнур гурыIуэгъуэнщ. Ужьыгъуэ кIуэдым

фыгъуэр къехьыр. Зы уэзыр зэхэуэжмэ, къызхэхъукIым и уз зэрыхъур гурыIуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ гукъутэр къэзыпсэуахэм я щхьэм къырикIуарэ я гукъеуэр я щIэблэм хуаIуэтэжыныр хабзэм емызэгъыну зы Iуэхугъуэрт. ГъащIэр зыгъэлъапIэрэ зыгъэпэжу щыт зы хабзэрти, къащIэхъухэм къагъэщIэнур ахэм къыхуагъанэрт. ГъащIэр IэфIрэ гукъутэр щызгъэгъупщэрщи, мыр хабзэми езэгъырт. Ауэ, мыпхуэдэу щытми, зытепсэухь хъуауэ щыт хэбзэщIэм къызэрыгуэкIкIэ къэхъуу щыт лъабжьэ щIэхъумэжыгъэм, *мазохизмэ* IэфIагъ тIэкIу зыхэлъу щыт *носталгие*рагъэнт къигъэхъунури, мы къэхъуа пшагъуэм щIиуфа лъабжьэм щхьэгъэпцIагъэр къыдэжыпхъэнщ.

ТекIуэнрэ зэуэным къытехъукIа тепщэгъуэр, къэзызэуахэм я системэрэ, езым иужь дыдэрэ щIэуэ къыхуэкIуарэ зыхэпсэухьауэ щыт мы псэукIэр, и гум къинэжарати, пщыгъуэ системэр зыIисыр щигъэгъупщэжыным хуишэрт абы. И гур фIы ищIыжынкIэ щхьэпэ къыхуэхъуу щыт носталгием, зауэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэ закъуэрт гукъэкIыж къыхуищIри, а пшагъуэм щIиуфауэ щыт пщыгъуэ системэр къызэрыщыхъужрэ зэрилъытэжыр мыбы къызэрыгуэкIкIэрщ.

Дэтхэнэ и зы нэрыбгэр ″апщий″уэ зылъытапхъэу щыт зы псэукIэ лъабжьэр щIэуфа нэужь, абы къыдэжыжыпхъэр щхьэжу пщыуэ зызлъытэжыпхъэу щытынрагъэнщи, щхьэзыфIэфIыгъэр къоблагъэр. Дэтхэнэ зы нэрыбгэр зы центр пэлъытэу щытын системэр зэрыкIуэдрэ и кIуэдыгъуэу къэхъум нэрыбгэм къыхуихьынур, сытри зехьэлIарэ щхьэжу зызлъытэжынрагъэнщ. Зы централ системэм къыщIэныжыр нэрыбгэм *егоцентр*у хуоухуэр. Щхьэ закъуэу зыкъегъэлынрэ зызлъытэжын щхьэзыфIэфIагъэр, пщы системэрэ хабзэм и лъабжьэм нэхърэ, зыхэпсэухьым езэгъ тепщэгъуэр лъабжьэрэ хэкIыпIэу зезгъэлъытэрщи, икIи, дзэ зэхэкъутам къелауэ щытхэм къащIэхъукIым *генерал*у зезгъэлъытэжырщ.

**Пшы...**

"Пшы" макъ зэгуэтым, щхьэжу, занщIэрэ наIуэу зы гуэр иджыркъым. Ауэ, ущыхэплъэкIэ, "пы" эфэкту щыт ″п″ыр "шы" IэмалыгъуэкIэ щызешэм щыгъуэ, зы гуэрым къыхэхъукIыу щытрэ, абы и "шэ" е и гъэш пэлъытэу зы мыхьэнэ мэджыр. Ауэ, ар, ″шы-шэ″ Iэмалыгъуэм зэрадж щIыкIэу нахуэу къэхъурэ утыку къихьэу щыт Iуэхугъуэхэм хуэдэкъым. ТIэ, ар, ″п″ IэмалыгъуэрэкIэ къэхъурэ къыхэхъукIыу зы ″шы″ Iэмалыгъуэу щытырщи, къызэрыхъу щIыкIэр гурыIуэгъуащэу щытынкъым. Ар зы хъугъуэ фIыгъуэу щытырщи, утыку къызэрихьэ щIыкIэр мыгурыIуэгъуащэми, къихьа нэужь зэхэпщIэу зы Iуэхугъуэрщ.

ЩыIэ гуэрым хэмытрэ щымыщу, ауэ, абы зэпыщIэныгъэ зэриIэу щыт позицэр къизыIуэу щыт ″пы″м и эфектыр, щыIэ гуэрым и кIуэцIым къыщыхъурэ къыришыпхъэу щытыр къизыIуэ ″шы″ макъымкIэ щызешэрэ щылажьэм щыгъуэ къэхъуу щытыр ″пшы″ макъ Iэмалыгъуэрщ. Ар щыхъукIэй, къэзыгъэхъурэ къызщыхъум зы зэпыщIэныгъэ иIэу щытми, абы щымыщу щыт эфекткIэрэ къэхъуу зы Iуэхугъуэрщ ″пшы″ Iэмалыгъуэм иджыр. Мы жытIэхэм хуэдэу щытщ, ″пшы″ макъыр зыхэту къэхъуу щыт псалъэхэм къыраIуэ Iуэхугъуэхэр.

Арагъэнщи, музикэу тфIэгъэщIэгъуэнрэ дызыIэпишэу щытыр къызхэхъукIым (нэ) и фIэщыгъэцIэр ″пшынэ″у щытщ. ″Пшынэ (пшы-нэ)″р, цIыхум и псэр зыгъэужьрэ зыгъэпсэхуу, абы и псэр зыхуэныкъуэрэ и шхын пэлъытэу щыт музикэр къизгъэкI Iэмэпсымэрщ. ПшынэкIэ къэгъэIупхъэу щытрэ, абы илъ пэлъытэу музикэ зыхэлъу щыт уэрэдри зы "пшыналъэ"рщ.

Мы къэхъукIэм ебгъэщхь хъууэ щытмэ, зы щIыпIэ къызэрикIыр умлъагъухэу уафэм езым, езырыжурэ къыхэхъукIыу щытрэ нэрылъагъу хъужри "пшэ"щ. Пшэ псалъэм къытохъукIыр "пшагъуэ, пшапэ, пшэплъ..." хуэдэ псалъэхэр. Пшэ пэлъытэу щIыгум къыхэхъукIрэ телъу щыт мывэ жьгъейхэр "пшахъуэ"щ.

Мыхэм ямыщхьу щытми, зы пщэрылъ къызэрыхъукIэрэу щIыхуэ къыптехуар зыхуIубгъэкIыжынрэ ептыжын Iуэхугъуэу "пшынын, пшыныжын, къэпшыныжын" псалъэхэри "пшы" IэмалыгъуэрэкIэ утыку къохьэр. КъыппкъырыкIын хуейуэ щытрэ къыппкъырыкIыпхъэ хъууэ щытыр гъэзэщIэн Iуэхугъуэрщ "пшынын" псалъэм къыриIуэр.

Адыгэбзэмрэ Адыгэ еплъыкIэмкIэ, зы махуэр къыщежьэ зэманыгъуэр зэры″пщыхьэщхьэ″р гурыIуэгъуэщи, зы махуэм и къэхъупIэрэ, а махуэм хуэзышэр къызэритIуэр, а махуэм и къежьапIэ хъууэ щыт пщыхьэщхьэм и гугъу зэрытщI псалъэр "пшыхь"щ: «Мерэм пшыхь, дыгъуэспшыхь...».

**Пхы...**

"Пы" макъ эфекту щыт "п"ыр зы гъунэ Iуэхугъуэ къэзыгъэлъагъуэрэ, къигъэлъагъуэу щытым хэмытрэ хэмыхьэу щыт Iэмалыгъуэрщи, ар "хы" Iэмалыгъуэм щишэм щыгъуэ, зы ″хы″ IэнатIэу щытым теIэбапхъэу зы Iуэхугъуэу жыIэпхъэнщ къэхъур. А къэхъуу щыт Iуэхугъуэр, зы щIыпIапэр зыIыгърэ зыщIэзыубыдэу, ар щIэзыуфэу щытрэ, абы хуэфIу хуэухуа пэлъытэу зы Iэмалыгъуэу жыIэпхъэщ.

А Iэмалыгъуэр къыщекIуэкIым щыгъуэ, къэхъуу щыт Iуэхугъуэр ″пхын″ Iуэхугъуэрщи, абы зы щыIэ гуэрым и хъуреягъыр зэщIиубыдэу къекIуэкIрэ кIуэтэгъуэ зиIэу щыт хъумэ ″пхэн″ Iуэхурщ къэхъур.

Пхынрэ пхэн Iуэхугъуэр цIыхум япэрауэ къызэригъэсэбэпа щIыкIэри, и зы Iэпкълъэпкъ гуэрхэр щIихъумэнрэ зэщIиубыдэн Iуэхугъуэрауэ къыщIэкIынщ. А зэщIиубыдэрэ щIихъумэу щытыр, япэрауэ, и укIытапIэу щытхэрагъэнти, абы ″пхэ″ фIищагъэнщ.

"Пхыр" жыхуаIэр зэщIэпхауэ щыт зы мэкъу-мэш зэщIэкъузаращ. ЗэщIэпхарэ зэщIэкъузауэ щыт гуэрым и кIуэцIым зы гуэр хэпIуэн Iуэхур "пхырыIун" Iуэхугъуэрщ. А пха пэлъытэрэ зы Iувагъэм зы гуэр хэIунрэ адрей лъэныкъуэм хэгъэкIын Iуэхур "пхыгъэкIын, пхыргъэкIын" Iуэхугъуэрщ. Мыхэм хуэдэу къохъур "пхырыдзын, пхырыдзэн, зэпхырыкIын, пхегъэтхъын..." хуэдэ псалъэхэр.

"Пхэ" псалъэр къэхъурэ лажьэу щыщIидзэкIэ, ар зи лъабжьэрэкIэ псэлъэщIэхэр къохъур. "Пхэ"р зы кIэ пэлъытэу щытырщ; икIи, кIэри зыпытырщ. Зы пкъым и кIэ хъууэ щытыр "пхэ" зэрыхъукIэй, зы пкъыгъуэр къыщыщIидзэрэ къыщыщежьэр "щхьэ"уэ щытщи, щыухрэ икIэ хъури "пхэ"рщ. КъежьапIэ хъууэ щытыр "щхьэ"рщ, ухыпIэр "пхэ"рщи, зы Iуэхугъуэр захуэрэ зэрхъун хуейуэ зэрылажьэр мыпхуэдэущ. Щхьэ зиIэм кIэй иIэщи, кIэ зыгъуэт Iуэхур зэфIэкIа хъурщ; кIэ зыгъуэт Iуэхур япхэж е зэщIапхэжыр.

"Щхьэ"р къежьапIэрэ "кIэ е пхэ"р ухыпIэ зэрыхъур зы хабзэу зэрщыткIэрэу, абы утемытрэ, зы Iуэхур и щхьэмкIэ къыщIомыдзэу и пхэмкIэ къыщIэбдзэрэ бгъэзэщIэн иужь ущихьэкIэ, а Iуэху щIэкIэ хъурэ джыкIэ хъурагъэнщ "пхэндж" псалъэм къыдгуригъаIуэр.

**Пхъы...**

"Пхъы"р къызэрыхъур мыращ: ПэщIэдзэ Iэмалыгъуэр къызхэкIыу щыт "пы"м и эфекту щыт "п"ыр, хъууэ щытым и лъабжьэрэ, хъур къызхэхъукIыу щыт "хъы" IэмалыгъуэмкIэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щытыр "пхъы"ращ. Ар "хъы" пэлъытэу щытми, ″хъы″м хуэдэу зы лъабжьэ хъуфынкъым. Ар зы гуэрым тебдзэ е хэбдзэрэ зы лъабжьэ щIэдз хъуфу зы гуэр хъунщ. Абы зы гуэр къыхэхъукIынкъым; ауэ, абыкIэ зыгуэрхэр къызэщIэпкъуэфынщ.

Зы гуэрхэр зэрыхъуауэ зэрыщытрэ, къыздыщIэкъуауэ зыдэщытым игъэкIынрэ икъухьын хуэдэ Iуэхугъуэщ "пхъын, тепхъэн, ипхъэн, ипхъыхьын, зэбгырыпхъыхьын..." псалъэхэм къыраIуэхэр. А ипкъухьрэ теппхъэр, зы мэш къэбгъэхъун папщIэ щыхъуй щыIэщ.

"Пхъы"р зы лъабжьэрэ зы Iуэхугъуэм и пэщIэдзэ зэрыхъуу зэрщытри гурыIуэгъуэщ. "Пхъы"м зы зэманыгъуэрэ зы кIуэтэгъуэ къызэригъуэткIэрэу "пхъэ" псалъэр къохъур. Ар зы псалъэм кIэух щыхуэхъум щыгъуэ, зы Iуэхугъуэр зэрыхъупхъэу зэрыщытыр къизыIуэу

къосэбэпыр. Мыбы и щапхъэу щытщ мы псалъэхэр: «ЩIапхъэ, къэхъупхъэ, пыщIапхъэ, къэкIуапхъэ, псэлъапхъэ, жыIэпхъэ...».

Зы щыIэкIэ зиIэу щытхэм яхэтрэ, я лъабжьэрэ я хабзэкIэрэу зэрщытын хуейр, я щыIэкIэ хъун хуейр фIыуэ зыгъэлъагъуэрэ зыхэлъыр, ахэм я "щапхъэ" хъурщ.

Ауэ, "пхъэ"р щхьэжу зы псалъэу щытщи, ар ″гъэсыпхъэ″у щытым и фIэщыгъэцIэрщ. "Пхъэ"р, гъэсынрэ зы "мафIэ" щIын IуэхугъуэмнэмыщI, зы "унэ"рэ унэ Iуэхугъуэу фIыгъуэ лIэужьыгъуэхэм папщIэ къызэрагъэсэбэп зэрыхъукIэрэу, зы Iуэхугъуэ лъабжьэу "пхъы"м къыдигъэлъагъуэхэм езэгъыну зы мыхьэнэ зиIэу жыIэпхъэнщ. Ауэ, щхьэжу ″пхъэ″ фIэщыгъэцIэр утыку къызэрихьа щхьэусыгъуэр, мы къэтIуэтауэ щытымкIэ иджыри нахуэу зэпкъырыха хъуауэ лъытапхъэкъым. ЦIыхум къыщхьэпэу щыт Iэмэпсымэрэ унэ лъащIэр, тIанэ, унэм езыри къызхищIыкIыу щытари ″пхъэ″кIэ къызэрыриIуари гурыIуэгъуэщ. "Пхъэ" псалъэр зи лъабжьэкIэрэу мы псалъэхэр къохъур: «Пхъэбгъу, пхъафэ, пхъащIэ, пхъэх, пхъахъуэ...». "Пхъэгуль, пхъэц" псалъэхэри зы "пхъэщхьэмыщхьэ"у "пхъэ" лъабжьэкIэ къэхъуауэ щыт псалъэхэрщ.

Ипхъыхьауэ щытхэр зэщIэкъуэн Iуэхугъуэу щыт хуэдэщ "пхъэнкIын" Iуэхури, зэрипхъыхьарэкIэ "пхъэ"уэ щытым кIэ етынрэ (кIэ-ын) зэщIэкъуэн Iуэхугъуэу жыIэпхъэнщ ар. Мы IуэхумкIэ, ипхъыхьауэ щытхэр щызэщIэпкъуэм щыгъуэ къэхъур "нхъэнкIий"щ.

**Пхъу...**

"Пхъы" Iэмалыгъуэм ужьыгъуэ щигъуэткIэ (у) къэхъур "пхъу" Iэмалыгъуэрщ. ″Пхъу″ макъыр, "хъы"м и зыужьыгъуэу щыт "хъу (хъы-у)" макъ зэгуэтыр ″п″ым и кIэух зэрыхъурэ ″п″ыр зэришэ щIыкIэу къэхъуауй жыIэпхъэщ. Мы еплъыкIитIри зэхуэдэу пэжынщ; тIуми утыку къыралъхьэр зэхуэдэ Iэмалыгъуэрщ.

"Пхъу" псалъэр щхьэжу зы цIыхубз быным и фIэщыгъэцIэ мэхъур; "пхъу"р "хъыджэбз" хъупхъэу щытырщ. Ар "пхъу" зэрыхъукIэрэу, ипщэкIэ къызэритIуаращи, ″п-хъу″уэ щытырщи, ар, хъур къызхэхъукIыпхъэрэ хъупIэу щытырщ; ″пхъу″р хъум пыщIарэ елъытауэ щытырщ. Ар ″пхъы-у″ зэрыхъукIэрэй ″пхъы″ зыужьыгъуэрэ зыужьыгъуапхъэрщ. Ар, къэхъуну щытыр къызхэхъукIынурщи, зы лъабжьэ джыпхъэу зэрыщытыр къизыIуэ ″пхъу″р зы "хъыджэбз"щ. "Пхъурылъху" псалъэри, "пхъу" псалъэр зи лъабжьэрэкIэ къэхъуу зы псалъэрщ.

"Пхъы-пхъэ" макъ зэгухьахэми, "пхъу" макъми, къагъэлъагъуэрэ яджу щытыр зы лъабжьэщ; икIи зы лъабжьэр, ужьыпхъэрэ зы гуэр къызхэкIыпхъэ зэрыхъукIэрэй, гупэ лъэныкъуабэрэ ипэкIэ лажьэу щыт зы

Iуэхугъуэщ. Арагъэнщи, ипэкIэ Iэбэн Iуэхугъуэрэ, ар псынщIэрэ занщIэу, икIи лъабжьэкIэрэ къызэщIэкъуэн Iуэхугъуэу щытыр "пхъуэн, епхъуэн, пхъуэтэн, къэпхъуэтэн..." псалъэхэм яджырщ. Ар зэралъабжьэу къэхъуу щыт зы фIэщыгъэцIэри ″пхъуантэ″рщ.

ЗыкъызэщIэкъуарэ зы щхьэусыгъуэр зэрилъабжьэу, псыпщIэрэ занщIэу жэуэ щIэдзэн Iуэхугъуэр "щIэпхъуэн"ырщ. Абы къызэрхэхъукIкIэ "кIэлъыщIэпхъуэн" псалъэри къохъур. "Iэпхъуэн" псалъэр, икIи ″Iэ″кIэ ″пхъуэн″ырщ; икIи, щIэпхъуэн пэлъытэу щытырщи, иIэу хъуар зэщIэкъуэнрэ псэуалъэр бгынэн Iуэхугъуэу, нэгъуэщI зы псэупIэ папщIэ гъуэгу техьэнырщ; ар зи хабзэ защIэу псэууэ щытыр "Iэпхъуэшапхъуэ"рщ.

**Плъы...**

"П" Iэмалыгъуэр "лъы" Iэмалыгъуэм иришажьэрэ зэгуэту къыщыIукIэ "плъы" макъ зэгуэтыр къохъур. "Лъы"м езыр "лъэ"м илъабжьэрэ ар зэманкIэрэ зыухуэрщ. "Пы" эфекту щыт ″п″ыр ″лъы″м къыпыхьэрэ щылажьэм щыгъуэ къэхъур ″плъы″рщи, абы къыриIуэу щытыр ″лъы″уэ щыткъым, икIи зы "лъэ"у щыткъым. Ауэ, ахэм и зы щIыкIэу щытщ; "плъы" Iэмалыгъуэм иджу щытыр зы "лъы-лъэ" Iуэхугъуэу жыIэпхъэщ. "П" Iэмалыгъуэр зыхэлъкIэрэу "лъы"р щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу шыт ″плъы″р, "лъы-лъэ"м ехьэлIарэ пыщIауэ зы Iуэхугъуэрщ. "Плъы"р, зы "лъы" щIыкIэ Iуэхугъуэрщи, лъыр ″пы″ Iэмалыгъуэм пыщIауэ зэрылажьэр къэзыгъэлъагъуэрщ. Апщыгъуэм къэхъуу щытым, лъым и пIэ хуэхъуу щытрэ, лъыпIэу щытымкIэ зы унэтIыгъэ къегъэлъагъуэр; лъыр ипIэ имызэгъэж Iуэхугъуэрщ къэхъур. ″Плъы″уэ щыт лъыр мэхуабэ, и гъунэхэмкIэ мэунэтIыр; зи лъым и хуэбагъэр дэкIуейрэ къызэщIэвэу щытыр, ″къэплъ″у аращ. Ар къызхуэкIуэу щыт лъэри, ардыдэу къэплъауэ щыт мэхъур.

"Плъы" Iэмалыгъуэр лажьэрэ зы Iуэхугъуэ къэхъуу щытмэ, ар ″плъын″ глаголырщи, ар зыхуэIуарэ къызщыхъур зы "лъэ"у щытращ. ИкIи, а "лъэ"м къыщекIуэкI ″плъын″ Iуэхугъуэм "п" Iэмалыгъуэр зэрыхэтым къызэргуэкIрэкIэ, лъэ кIуэцIым къыщекIуэкI хъур, лъэр къызэрыкIыпхъэрэ зылъытапхъэ мэхъур. КъызэрыкIыпхъэ хъурэ лъытапхъэ зызщIыу щытым, и кIуэцIкIэ плъын Iуэхугъуэр къызэрекIуэкIкIэрэу, ар зэщIэкъуалъэрэ къэпщтауэ зэхэлъу шыт мэхъур. КъызэщIэкъуалъэрэ къызэщIэвэ пэлъытэ хъуар къызэрикIыпхъэу, зи лъэм имзэгъэж хъууэ щытырщ. Апхуэдэу щыт зы гуэрыр, и гъуэрэ и пIэм имзэгъэж пэлъытэ зэрыхъур зыгъэзащIэу щыт Iэмалыгъуэр "пы" эфекту щыт ″п″ Iэмалыгъуэрщ.

″Плъы″ Iэмалыгъуэ зиIэрэ, ар къызщекIуэкIыр, япэрауэ, псэущхьэу лъэ зиIэрауэщ гурыIуэгъуэ къызэрытхуэхъур. Пэжщ, лъыри зыхэту щытыр

псэущхьэу лъэ зиIэрщ. Ауэ, плъын Iуэхугъуэр зыхуэIуа закъуэр псэущхьэрэ лъы зыщIэтыркъым. Дэтхэнэ зы щыIэу щыт гуэрым и щыIэкIэр зэрзыригъэпэщрэ зэрихьыр сын Iуэхугъуэрщи, сын Iуэхугъуэр къыздекIуэкIым плъын Iуэхугъуэри къокIуэкIыр. Плъын Iуэхугъуэр къэзыгъэщIыу щытыр сын Iуэхугъуэрщ. Ар щхьэ, пэжщ, а нэхъыбэ зыгъэсрэ плъын Iуэхугъуэр нэхъ зехьэлIауэ щыт щыIэгъуэ зиIэр псэущхьэрэ лъы зыщIэту щытырщ.

Аргуэрэу пыщапхъэу щытщи, ″плъы″ Iэмалыгъуэу къэхъур, ″п″ IэмалыгъуэкIэ ″лъы″уэ щытырщи, ар зы кIуэцI Iуэхугъуэу щытми, къызхэкIрэ зехьэлIауэ щыт Iэмалыгъуэр ″пы″ Iуэхугъуэу щытщ. Ар щыхъукIэй, къэплъу щыт зы гуэрым и гъунапкъэ хъуреяпIэр зохъуэкIыр, зэщIоплъэр. ИкIи, къэплъыр зыдэплъ лъэныкъуэрэ, нэхъ къызэрыплъу щыт и лъэныкъуэр ипэ лъэныкъуэрщ, и гупэрщ.

ИпщэкIэ зэрыжытIам хуэдэу, зи пIэм имзэгъэж пэлъытэ хъурэ, зи кIуэцIым плъын Iуэхугъуэр къызщекIуэкIыр, и фэрэ и щIыбкIэй гулъытапхъэ хъууэ щытщи, ар дэ гулытапхъэ къызэрытхуэхъурэ къызэритIуэр ″къэплъын″рэ ″къызэщIэплъын″ псалъэхэрщ. А псалъэхэм къыдгурагъэIуэр, зы гуэрым и плъын Iуэхугъуэр къызэрыщIидзэрэ къэхъуу зэрыщытырщ. Сыт щыгъуэй къызэщIэплъа защIэкIэрэ щыIэу гулъытапхъэ хъууэ щытым "плъыжь" фIэщыпхъэнщ. КъызэщIэплъауэ щытым и фэр плъыжьщ. ″Плъыжь″ыр, плъын *кроник*эу щытырщ. Ар, плъын IуэхугъуэрэкIэ гулъытапхъэ дыдэ хъууэ щыту зы фэ зиIэрщ.

ИкIи, мыпхуэдэу "плъы" Iэмалыгъуэр, и гъунэрэ и фэм трищIэн Iуэхугъуэ зэрыхъукIэрэу, зы гуэрыр гулъытапхъэ зыщIыр, абы и фэ хуэхъуауэ зэрыщыткIэ, ар ″плъы″ IэмалыгъэрэкIэ фэ зыгъуэту щытырщи, абы "плъыфэ" фIэщыпхъэщ. "Плъыфэ"р, дэтхэнэ зы гуэрым и кIуэцIкIэ "плъы" Iэмалыгъуэ къэхъурэ, и фэм щытырищIэм щыгъуэ, ар а гуэрым езыр и фэмкIэй гулъытапхъэ дызыщIырщ.

*

Дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым и кIуэцIкIэ зы хуэбагъэ иIэу щытмэ, ар къызхэкIыр "плъын" Iэмалыгъуэращ; икIи, ар и гущIыIу зэрытридзэм къызэрыгуэкIкIэу, абы зы плъыфэ иIэщ. Дэтхэнэ зы щыIэ гуэрми зы хуэбагъэ иIэу щытщи, ар, натуралу абы и кIуэцIкIэ хъууэ щыт плъын Iуэхугъуэрщ. Дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым езым хуэIуауэ зы плъын Iуэхугъуэ зэриIэм къызэрыгуэкIкIэ зы хуэбагъэй иIэщи, ар абы натуралу и щыIэкIэрщ; икIи, натуралу и плъыфэри къызтехъукIыр мыращ. И плъыкIэм зэрихъуэкIмэ, мыхэри зохъуэкIыр.

Аращи, зы псэущхьэм и хуэбагъэр дэкIуеймэ е зы Iуэхугъуэм зыхуигъэпсрэ зыхуигъэхьэзыру щытмэ, ар къызэщIэплъэу аращи, а зызхуигъэпсрэ зызхуигъэхьэзыр лъэныкъуэмкIэщ зыдэплъыр. И кIуэцIым къыщыхъу "плъы" Iэмалыгъуэр а лъэныкъуэкIэ зэтырехьэр е "плъын"

Іуэхугъуэр а лъэныкъуэмкІэ ирегъабэр, егъэужьыр. Ар щыхъукІэй, къызэрыплъ щІыкІэм, и фэр къегъэплъри и плъыфэри зохъуэкІыр; икІи, и фэрэ и гущІыІу хъуэ щытым щхьэщыкІыу кІуапхъэу зы ужьыгъуэ е зы уэз къыхохъукІыр. А щыІэ гуэрым и лъэм къыхэхъукІрэ ужьу щытыр, зы плъыфэуи лъытапхъэ зэрыхъукІэрэу, ар абы и фэ щІыкІэу щытщ; икІи, ар зэрыплъ щІыкІэ хъуам къызэрыгуэкІкІэ, зы нэху е зы хуэбагъэй къэхъунщ. Хуэбагъэрэ нэхугъэри, мэри, фэ щэбагъэрэ пхъэшагъэри, ІэфІыгъэрэ гуэщІагъэри е дыджагърэ сырагъри, макъыу къыхэІукІри, а лъэр зэрыплъыкІэм къыхэхъукІрэ езым къыщхьэщыкІыжу щыт зыужьыгъуэ лІэужьыгъуэ Іуэхугъуэхэрщ.

Мы къыхэхъукІрэ зыужьыгъуэ хъуэ щыт зыужьыгъуэжрэ уэз лІэужьыгъуэ жыхуэтІэхэр зэрызэщхьэщыкІыр къызтехъукІри, а плъын Іуэхугъуэ щІыкІэхэращ. А плъыуэ щыт лъэм къыхэхъукІрэ ужьу щыт и уэзхэм и *диябозон* (*фреканс*) бгъуагъэм и зы щІыпІэрэ и зы диябозон ІэнатІэр "макъ"щ, и зы щІыпІэр "хуэбагъэ"рщ, и зы щІыпІэр "нэху"щ... Дэ ахэм мыпхуэдэ фІэщыгъэцІэ фІэтщауэ щытми, ахэр уэзу дэ къытлъэІэсхэрщ; икІи, а диябозонхэр зэрызэщхьэщыкІым къызэрыгуэкІкІэ, зыхэзыщІэ ІэпкълъэпкъхэрI щхьэхуэ щхьэхуэу щытщ. Ахэр зыхэзыщІэу щыт Іэпклъэпкъхэм я плъыкІэри, зыхищІэу щыт уэзым и диябазонкІэрэщ.

Диябозон жыхуэтІэри, зы зэман ІэнатІэм зыхиубыдэу щыт ″плъын″ Іуэхугъуэрэ ″плъын бжыгъэ″рауэ жыІэпхъэщ. Зы зэман ІэнатІэм хиубыдэу щыт плъы Іэмалыгъуэу къэхъур, плъын бжыгъэу зы лъэм утыку къырилъхьэр, лъэм къыхэхъукІ уэзым и диябозонырщи, а диябозоным елъытарэ къызэрыгуэкІкІэ зы уэзыр хуэбагъэ хъунщ, зыр нэху хъунщ, адрейр макъ хъунщ...

Зи ужьыкІэрэ зи джыкІэу щытыр плъын Іуэхугъуэрщи, зэрыплъым къыхэхъукІ диябозон ІэнатІэр нэгъуэщІ зы щыІэ гуэрым зыхищІэн папщІэ, абы, мыхэр зыхэзыщІапхъэу зигъэпсауэ щытын хуейщ. Мы гъэпсыгъэр зы плъын Іуэхугъуэ зэрыхъурэкІэй, мы плъыкІэм и диябозонымрэ, а зыхищІэну щыт плъыгъуэ диябозоныр зэхуэдэ хъун хуейщ. А нэхур е а макъыр зыхэзыщІэну щыт лъэр, мыпхуэдэу плъын Іэмалыгъуэ зиІэрэ, а нэху е а макъ диябозонымкІэ гъэпсауэ щытын хуейщ. Е, ахэр зыхэзыщІэу щыт зы пкъыгъуэм, а зыхищІэну щыт уэз диябозонкІэ плъыуэ щыт Іэпкълъэпкъхэр иІэн хуейщ. Аращи, Іэпкълъэпкъхэм я лэжьэкІэу щытрэ, ахэр зыхуэгъэпса уэз диябозонхэр зэщхьэщокІыр: Зы бахъэм ирихьэжьарэ абы хэту щыт мэр зыхэзыщІэ пэр, а мэ плъыгъуэм и диябозоным хуэгъэпсащ; фэр е Іэфэр, фэ пхъэшагъэрэ щэбагъэр зэхихуну зы плъыгъуэм иту щытырщ е зы хуэбагъэр зыхищІэфыну щытщ; тхьэкІумэр макъ дияабозон къэІур зыхищІэфынурэ зэхихыфыну плъауэ щытщ.

Пытщэмэ, нэри, зы уэз IэнатIэр зыхищIэфынрэ зыхихуфыну гъэпсарэ плъын Iэмалыгъуэ зиIэу щытырщи, а уэз диябозон хъур нэхурщ.

Плъын Iуэхугъуэр, плъыфэр къэзыгъэщIыу зэрыщытым хуэдэу, а лъэм езым хуэIуауэ уэз лIэужьыгъуэу щыт нэхурэ макъ жыхуэтIэхэри къэзыгъэхъу Iуэхугъуэрщ. Зы псэущхьэм, езым хуэIуауэ зы хуэбагъэрэ зы плъыкIэ иIэу щытщи, абы къызэрыгуэкIкIэ, и фэрэ и нэгъуэщI IэпкълъэпкъхэриI езым хуэIуауэ щытщ; икIи, ар нэгъуэщI щыIэгъуэ зиIэ гуэрхэм зэрзыщхьэщыкIри, нэгъуэщI щыIэхэр зэрилъытэрэ ахэм зэреплъу щыт и лъэныкъуэгъуэхэри къызтехъукIыр плъын Iуэхугъуэрщ. НэгъуэщI щыIэ гуэрхэр илъытапхъэу, гъащIэм къызэрихьрэ къызэргуэкIкIэ, зы псэущхьэм нэхъри зиужьрэ плъыфэ нэгъуэщIыгъуэхэр илъытэн къэлэнкIэ зы лъэныкъуэ зы бжанэ игъуэтмэ, зы гуэрыр мэкIэ е макъкIэ лъытэн къэлэн зиIэу гъэпса хъурэ плъыпIэ иувэмэ, абы зыр пэ хъунщ е тхьэкIумэ хъунщ. А лъытэн къэлэн зиIэ Iэпкълъэпкъыр, сыт щыгъуэй, зыхуэIуауэ щыт плъыфэм хуэхьэзыру щытщ; икIи, ар фIыуэ зэрызэхиху щыхъукIэй, нэхъри мэплъри мэхьэзырыр.

Зы псэущхьэм, мыпхуэдэ къэлэн зиIэу Iэпкълъэпкъхэр игъуэтын Iуэхугъуэри къызэрыхъурэ къызтехъукIыр плъын Iуэхугъуэрщ. Зы пкъыгъуэрэ зы лъэу щыт псэущхьэр, гъащIэм зэрыхэтынрэ къызэрелын щхьэусыгъуэкIэ, плъын Iуэхугъуэр къыригъэкIуэкIыу щытщ. А плъын Iуэхугъуэр зы Iуэхугъуэ IэнатIэм теухуауэ куэдрэ къыригъэкIуэкIыу щытмэ, апщыгъуэм, а Iуэхугъуэм теухуауэ плъыуэ щыту щIидзэнщ. А плъыуэ щытыр зы лъэныкъуэм теухуауэ щытмэ, а диябозонкIэ плъыуэ щыт лъэныкъуэр а Iуэхугъуэм хуэгъэпсауэ къэнэнщи, кIуэ пэтрэ а лъэныкъуэм щIэту щыт лъым зы лъэ лIэужьыгъуэ иухуэу щIидзэнщ. Мис апщыгъуэ, къэхъуу щыт лъэ лъэныкъуэр, зыхуэгъэпсарэ къызтехъукIа щхьэусыгъуэкIэ лажьэрэ а псэущхьэм къыщхьэпэу зы Iэпкълъэпкъыу утыку къихьа хъунщ. Мыбдежым къэхъуу щыт Iуэхугъуэр икIи аращи, плъын Iуэхугъуэр щхьэусыгъуэ зэрыхуэхъукIэрэу, лъым зы лъэ къигъэщIа мэхъур; ар зы Iэпкълъэпкъыу утыку къихьэу щытырщи, зыхуэIуауэ щыт Iуэхугъуэри, а псэущхьэр зыхуэныкъуэу щыта Iуэхугъуэрщ.

Гулъытапхъэ зэрыхъукIэрэу, пыщапхъэу щытщ мыр: Зы псэущхьэм и плъын Iуэхугъуэр зы лъэныкъуэмкIэ хуэгъэзауэ щытщ; нэхъыбэу зэрыплъэрэ зыдэплъ лъэныкъуэр пыухытыкIауэ зы лъэныкъуэу щытщи, ар а псэущхьэм и гупэрщ. Абы и щхьэусыгъуэ хъууэ щытри, а псэущхьэм, и кIуапIэ лъэныкъуэмкIэ къыщыхъу Iуэхугъуэхэр сыт щыгъуэй зэхихун хуейуэ зэрыщытырщ. А лъэныкъуэм хуэгъэзауэ плъын Iуэхугъуэхэр нэхъыбэу къокIуэкIыр. Арагъэнщ, къэхъу къэщIыр дэтхэнэ зы уэз Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэ зэхихун папщIэ, зы псэущхьэм иIэу щыт Iэпкълъэпкъхэр и гупэмкIэ щIыщытыр.

Зы Iэпкълъэпкъыр, плъыфэр фIыуэ зэхихун папщIэ зыщигъэхьэзырым щыгъуэ, къэхъуу щыт зэщIэплъэн Iуэхугъуэр зыхуэIуауэ щытым хуэгъэпсауэ щытщи, ар "еплъын" Iуэхугъуэу жыIэпхъэщ: Ар, зы мэр илъытэнрэ зэхихун папщIэ, пэр, абы хуэкIэуэу плъын Iуэхугъуэрщ; е, зы IэфIыкIэ IуфIыкIэр зэхихуным хуэкIуэу, Iур зы шхыныгъуэм еплъынырщ. Нэм и къэлэнри мыхэм хуэдэщ; ауэ, нэр, лъытэн къэлэн зиIэ Iэпкълъэпкъ псоми къащхьэщыкIауэ зы плъын Iуэхугъуэ зиIэу зы лъэрщ, зы Iэпкълъэпкъырщ. Ар зиIэ псэущхьэм нэхъ жыжьэхэр елъытэри зэхехуфыр. Ар Iэпкълъэпкъ псом нэхърэ нэхъ жыжьэм йоплъыфыр. Абы илъытэфу щыт уэз лIэужьыгъуэр ″нэху″ жыхуэтIэращ.

ТIэ, мыхэри пыщапхъэу щытщ: ″Плъыфэ″р лъытапхъэрэ еплъыпхъэ хъууэ щытырщ. Плъыфэр плъын Iуэхугъуэм къызэрыхэкIым хуэдэ къабзэу, ар зылъытапхъэрэ абы еплъын зи къэлэн хъууэ щыт Iэпкълъэпкъри псэущхьэм и плъын Iэмалыгъуэм къигъэхъуауэ щытщ; икIи, абы и къэлэныр зэригъэзащIэри плъын IуэхугъуэрэкIэщ. Зы плъыфэ мыхъурэ плъыпхъэу щымытыр зэмыплъыпхъэщ, икIи мылъагъупхъэу щытырщ.

Мы къэтIуэтауэ щытхэм къызэрыгуэкIкIэ гурыIуэгъуэ хъуауэ щытщи, ″плъы″ Iэмалыгъуэр лъэм и Iуэхугъуэрэ хуэIуауэ щытщ. Лъэр къызхэхъукIыу щытыр лъыуэ щытми, лъэр зэрыщыIэ щIыкIэр, лъэр къызэрыхъу щхьэусыгъуэр, лъэр зэрыужьрэ зы уэзри зы Iэпкълъэпкъри къызэрыхэхъукI щхьэусыгъуэ хъур плъын Iуэхугъуэу щытщ.

*

″Плъыфэ″р мыпхуэдэу щытщи, зы щыIэ гуэрыр зэрыплъкIэрэу плъыфэ иIэу щытщи, ар зэрыплъагъур а плъыфэм къызэрыгуэкIкIэрщ. Адыгэбзэм и плъыфэцIэхэр, мыпхуэдэу щыIэ гуэрыр зэрыплъым къызэрыгуэкIрэ зэрезэгъкIэрэу фIэщыгъэцIэ хъуауэ щытщ. ПлъыфэцIэхэм утыку къыралъхьэ Iуэхугъуэр, нэм ахэр зэрилъагъум езэгъыу щытщ.

ЩIэныгъэм плъыфэцIэхэр зэрилъытэм езэгъыу щытщ адыгэбзэм плъыфэцIэхэр къызэриIуатэр. Аращи, щIэныгъэми зэрилъытэмкIэ, плъыфэу утыку къихьэхэм лъабжьэ яхуэхъуу щыт плъыфэ гуэрхэр щыIэщи, адрейхэр мы плъыфэхэм къатехъукIауэ щытщ:

*″Хужь″ыр, ″ху кроникэ″у щытырщи, нэр нэхъыфIыу зэрыхур гурыIуэгъуэ зыщIыу зы фIэщыгъэцIэу щытырщ; ар плъыфэ псори зыхэлъу щыт плъыфэцIэрщ. Ар икIи, зэплърэ зылъагъур хуитрэ къабзэу зезгъэлъытэ плъыфэрщ.

*″Гъуэжь″ыр, ″гъуэ кроникэ″у щытырщи, ″гъуэ″р дэтхэнэ зы гъащIэрэ псэугъуэ зиIэм и пIэ хъууэ щытырщ. Мы плъыфэр, гъащIэрэ псэужьыгъуэ эфект къыузытырщ. ″Гъуэжь гъуэжьу хухэт″ жыхуаIэр къызхэкIыр мырагъэнщ.

*"Плъыжь"ыр, "плъы кроникэ"рщи, а нэхъ плъын Iэмалыгъуэу щытырщ. Плъынрэ хьэзыр хъуным и плъыфэу щыт плъыжьыр ухуакIуэрэ зэуакIуэ плъыфэрщи, абы еплърэ ар зылъагъум къыхуэкIуэ *псикологие* щIыкIэри мыпхуэдэщ.

*"Щхъуэ"рэ "щхьуантIэ"р, щыIэу щытыр хъууэ щыт зыщIырщ; ар кIуэтэгъуэрэ бэгъуагъэм и плъыфэрщ; куугъэ зыщIрэ зыгъэкуурщ. Абы, еплърэ зылъагъум, кIуэтэгъуэрэ куугъэ эфект къыретыр.

*"ФIыцIэ"р, "фIы" хъуауэ щытрэ щыIэу, щымыIэрэ (цIы) щыIэ хъуауэ (цIэ) зы фIэщыгъэцIэрщ. Мы плъыфэцIэр щымыIэм и плъыфэу мэлъытэри, кIыфIырщ. Ар щымыIэнрэ щымыIэжыным (лIэныгъэм) и плъыфэу щытщи, зи эфектхэри мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэрщ.

Мы плъыфэхэр лъабжьэу щытщи, адрей плъыфэхэр мыхэм къатехъукIыу щыту елъытэр щIэныгъэм. ИпщэкIэ зи гугъу тщIауэ щыт плъыфэхэр адыгэбзэм утыку къызэрилъхьэ щIыкIэр зы щыIэгъуэрэ плъын Iуэхугъуэу зэрыщыткIэрщи, тIэ, а плъыфэхэр зэрылъабжьэр гурыIуэгъуэщ. Мы плъыфэцIэхэм хуэдэу лъытапхъэщ "гъуабжэ" жыхуаIэри, ар ифэ зытекIам е зэхэдзауэ щыт плъыфэм и плъыфэцIэрщ. Мыхэм нэмыщI плъыфэцIэхэр адыгэбзэм къызэриIуатэр плъыфэу щыIэгъуэу зэрыщыткIэркъыми, щыIэ гуэрым и плъыфэм зэрещхькIэрщ: «Удзыфэ, тхьэмбылыфэ, къэхьэуафэ...»

*

Нэр зыхуэгъэпсар нэхурауэ щытщи, ар нэху къыздикIым хуэхьэзыру щытщ; нэхур жыжьэ гъуэгу къикIыфу щытщи, абы къызэрыгуэкIкIэ, нэм и "плъын" Iэмалыгъуэр сыт щыгъуэй жыжьэм хуэхьэзыру щытщ; аращ нэм и "плъэн" Iуэхугъуэу щытыр. Нэр маплъэр; нэр, сыт щыгъуэй плъэн Iуэхугъуэр хузэфIэкIын къэлэнкIэрэ, зы пкъыгъуэм къызхигъэхъукIауэ щытырщ. Нэр щыплъэм щыгъуэ зыдэплъэр, щыIэу щыт гуэрхэрщ. А щыIэу щыт гуэрхэм дэтхэнэ зыми -ипщэкIэ зэрыжытIаращи- зы плъыфэ яIэщ. Нэм езыр, зы щыIэ гуэру зы псэущхьэр хьэзыру щытын папщIэ, абы къызхигъэхъукIауэ щытырщ; икIи, ар зыхуэхьэзыру щытынурэ зыдэплъэнури е зытеплъэнури зы щыIэ гуэрым и хьэзырагъэу щыт и плъыфэрщ. ТIэ, плъын Iуэхугъуэр зы зыужьыгъуэ зэрыхъукIэрэу, ар зыхищIэну гъэпсари зы плъын Iэмалыгъуэ зиIэу щытырщи, абый зы уэз къыхохъукIыр; абый зы плъыфэ иIэщ.

Нэр зыхуэгъэпсарэ зыхуэплъэу щытыр, нэхурщ; нэху диябозоныр зыхищIэну плъыуэ щытщ нэми, ар а диябозонкIэ плъыуэ щытщ. Нэр зэплърэ зыхуэгъэпсауэ щытыр зы гуэрым и плъыфэрщи, а илъытэу щытыр зэрилъытэр и плыфэрэкIэщ. Зы гуэрым нэху бзийр техуэрэ къэунэхуу щытмэ, ифэр лъытапхъэ къызэрытхуэхъу щIыкIэр, а нэху бзийхэм дэтхэнэр а фэм нэсрэ къыхэIукIыжмэ ахэмкIэрэщ, а нэху бзийхэмкIэрэщ.

Нэрэ, жыжьагъэм еплъыныр зи къэлэну щытыр, зыдэплъэрэ зытеплъэ плъыфэр зэрилъытэ щIыкIэр, а плъыфэхэр зэрзэхиху щIыкIэр "лъагъун" Iуэхугъуэрщ. "Лъагъун" Iуэхугъуэр зэрыхъу щIыкIэр, "лъэ"р "гъу" хъун (н) Iуэхугъуэущ.

"Лъагъун" псалъэр зэрызэтеувэ щIыкIэри гъэщIэгъунщ. "Лъагъун" псалъэм езым хуэIуауэ зы Iуэхугъуэ хэлъщ; ар гулъытапхъэ щIын хуейуэ зы Iуэхущ. Адыгэбзэ хабзэмкIэ, а псалъэм и зэтеувэкIэ зэрыхъун хуейр, "лъэгъун" хуэдэу щытщ; ауэ, ар "лъагъун" псалъэу зэтеуващ. Мыбы къызэрыдигъэлъагъукIэрэу, "лъагъун" псалъэм хэт "лъэ"р "лъа" зэрыхъукIэрэу, а "лъэ"р зы жыжьапIэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ар зы жыжьапIэ Iуэхугъуэ зэрыхъукIэрэу (лъа), ″н″ кIэухыр абы къыпыхьэрэ глаголу зы псалъэ утыку къыщихьэм щыгъуэ, а глаголыр зэрылэжьэну щIыкIэри, зы жыжьагъэ Iуэхугъуэу щыт ″лъа″ щIыкIэрэущ.

Зы щыIэ гуэрым зы "лъэ" зэриIэкIэ, абы еплъу щытым илъытэр зы плъыфэу щытми, абы а плъыфэ лъэныкъуэкIэ иджу щытыр, ар зи плъыфэу щыт гуэрырщ, абы и "лъэ"рщ; ари зы жыжьагъэкIэ джа щыхъукIэ, "лъагъун" псалъэм хэту щыт "лъа"р, лъагъун IуэхугъуэкIэ яджу щытым и "лъэ"ращ.

"Лъагъун" псалъэм и кIэухрэ и глагол хъууэ щытыр "гъу" зэрыхъури гулъытапхъэ щIын хуейуэ зы Iуэхугъуэрщ. Дэтхэнэ зы щыIэ гуэрым зы гъуэ зэриIэр гурыIуэгъуэщи, ар щыIэу щытыр зыритрэ зырилъу щыту щыIэ гуэрырыщ. Ауэ, ″гъу″р апхуэдэу щыIэ гуэру щыт хъуаракъым. Ар, ″гъуэ″р къызтехъукI лъабжьэу щытырщи, зэманыгъуэкIэ утыку къыщихьэм щыгъуэ, ″гъуэ″р къызтехъукIырщ. Зы гуэрыр и ″гъуэ″кIэ джын Iуэхугъуэр, ар зэхъуэкIын Iуэхугъуэ хъунщ. Ауэ, зы гуэрыр ″гъу″ IуэхугъуэкIэ джыныр, а гуэрыр зэхъуэкIын Iуэхугъуэ хъункъым. ″Гъуджэ″ псалъэми, къызэрыдгуригъаIуэм хуэдэу зы Iуэхугъуэрщ ар.

Аращи, зы лъэр ″гъун″ Iуэхугъуэр, а лъэр зэхъуэкIын Iуэхугъуэу щыткъым. Ар а лъэм и гъуэм нэмыIэсу джынырщи, ар ″лъагъун″ псалъэм къызэрыдгуригъаIуэм хуэдэу, жыжьаплъэу джын Iуэхугъуэм езэгъыу зы Iуэхугъуэ хъунщ. НытIэ, зы лъэр жыжьаплъэу джын Iуэхугъуэу щытрэ ″гъун″ Iуэхугъуэ хъур лъагъуэнырщи, а джыуэ щытыр жыжьаплъэу зэраджым къызэрыгуэкIкIэй, ″лъэ″р ″лъа″ мэхъур. ″Гъуджэ″ псалъэ закъуэ мыхъуу, ″мэгъу, тхьэгурмагъуэ″ псалъэхэми я зэтеувэкIэрэ ядж мыхьэнэхэми гурыIуэгъуэ ящIыр ″лъагъун″ псалъэр утыку къызэрихьэ щIыкIэрщ.

Пыщапхъэщ мыри, плъэн Iуэхугъуэр нэ зиIэм игъэзащIэу щыт зы Iуэхугъуэу, натуралу щыту зы глаголщ; ар щыхъукIэй, япэрей глагол гупым хэтщ. Лъагъун Iуэхур плъэным зэрепхарэ зэрелъытакIэрэу, абы и щхьэусыгъуэрэ и IуэхугъуэкIэрэу утыку къихьэу зы Iуэхугъуэ IэнатIэ

зэрыхъум папщIэ, ар етIуэнэрей глагол гупу щытщ; ар гъэзэщIапхъэу зы Iуэху зыгъэлъагъуэу зы глаголщ. ИпшэкIэ, "лъагъун" псалъэрэ глаголыр зэрылажьэ щIыкIэми къызэрыгуэкIкIэ, ар мыпхуэдэу зы Iуэхугъуэ зэрыхъур гурыIуэгъуэ хъуагъэнщ. ИкIи, плъэн Iуэху къыщыхъукIэ, лъагъун Iуэхугъуэри езырыжу къэхъупхъэ хуэдэми, плъэн Iуэхур къызэрыхъукIэрэу сыт щыгъуэй лъагъун Iуэхугъуэр утыку къызэримыхьэр гурыIуэгъуэу къыщIэкIынщ: Натуралу нэ зиIэр маплъэр (1-рей глагол гуп); ауэ, лъагъуныр гъэзэщIапхъэ хъууэ щыт зы Iуэхурщ (2-рей глагол гуп).

Лъагъун Iуэхугъуэр гъэзэщIэн хуейуэ зы Iуэхугъуэ IэнатIэрщ. Плъыфэхэр зэщхьэщыкIауэ щымыIатэмэ, нэри плъэнтэкъым; а лъагъун Iуэхугъуэри нэгъуэщIыу джыну къыщIэкIынт. Нэм игъэзащIэ плъэн Iуэхур зыхуэIуар фэращ, плъыфэращ; плъыфэр узэплъыпхъэ хъууэ щыту узэплъыфрэ узэплъыфэрщ. Нэм илъагъупхъэ хъууэ щытыр плъыфэхэрщ; нэм ар зи плъыфэу щыт лъэр зэрыпсорэ зэрыщыту, зэригъукIэрэ щилъагъум щыгъуэ, а лъэ гъунэхэри нахуэ мэхъур. Геометрие форм жыхуаIэр плъыфэ гъунапкъэкIэ ухуэрщ, а гъунапкъэхэр къэтхъыхьауэ зэралъытэ щIыкIэу ябжырщ; мыхъумэ, плъыфэм емылъытарэ езырыжу зы геометрие форм щыIэкъым, икIи плъыпхъэркъым. Зы лъэр и "гъу"кIэрэ щыджым щыгъуэ, нахуэ хъууэ щыт лъэ гъунапкъэкIэрэу, и бжыгъэри зэхэхупхъэрэ лъытапхъэ мэхъур. Дэтхэнэ зы лъэр зэрыджкIэрэу а лъэ бжыгъэри къоунэхур.

*

Мыпхуэдэу физикэ щIэныгъэр къызэрысэбэпыпхъэу плъэнрэ лъагъун Iуэхугъуэр зэрызэхущыт щIыкIэр утыку къизылъхьэ адыгэбзэм фIылъагъуныгъэри лъагъун Iуэхугъуэущ гурыIуэгъуэ зэрищIыр.

ИпщэкIэ къызэрытIуэтам хуэдэу, уплъэфрэ плъагъуфу щытмэ, а плъагъум и лъэр гъун IуэхугъуэрэкIэ зэрыбджым къызэрыгуэкIкIэ, ар жыжьаплъэу утыку къибгъэхьэрэ фIы пщIыуэ аращ. Ар уигу нэсрэ пхуэфI хъууэ щытмэ, аращ фIылъагъуныгъэ жыхуаIэр.

ФIылъагъуныгъэр, зылъагъум илъагъур хуэфI щыхуэхъум щыгъуэ къохъур; зылъагъум и плъыкIэр илъагъуу щытым и плъыкIэм хуэфIрэ езэгъыу щыт хъумэ, а плъыкIитIыр зэхуэдэ хъумэ, мис арагъэнщ лъагъуныгъэр къызхэкIыр.

Плъэр зыхуеплъым и лъэр игъун Iуэхуу утыку къохьэр лъагъунри, а лъэ гъун Iуэхугъуэр зэрыдж щIыкIэм къигъэхъуу щыт диябозоныр зыджу щытым и плъыкIэй мэхъур; апщыгъуэм, игъуу щыт лъэр езыр зэрыплъ щIыкIэжу –зыуэ- мэлъытэр. Апщыгъуэм къэхъуу щытыр, *резонанс* жыхуаIэрэгъэнщ.

Лъагъуныр зэрыджкIэрэу, и джыгъуэм хуэфI хъуращ фIыуэ илъытэр. Плъэрэ зылъагъум илъагъуу щытыр фIыуэ зэрилъытэ щIыкIэр,

зылъагъуу щытым и лъагъун джыгъуэр, зэплъу щытым и лъэрэ и плъыфэм егъэджызджыр. Ар икIи, илъагъуу щытым фIыуэ къигъэплърэ зэщIигъаплъэу аращ и лъэр. Лъагъун джыгъуэр щыджызджкIэ, фIы мэхъур, мафIэр; ар зыгъэджызджрэ зыгъафIэжу щытырщ фIылъагъуныгъэр. Лъагъун Iуэху джыр зыгъэджыжрэ джыуэ ит зыщIыр, зызгъэджызджу къэзгъанэращ, а плъэуэ щытым фIыуэ илъагъу хъур.

Мы жытIэхэри ауэ къызэрыгуэкIкIэ зы лъагъуныгъэу зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщи, къэтIуатэу щыт фIылъагъуныгъэр абы аткIэ щымыIэжу лъагъуэныгъэу зэрыщытыр пыщапхъэщ. Дэтхэнэ зы лъагъуныгъэрэ, хэти и щхьэм къырикIуэу щыт фIылъагъуныгъэр мыпхуэдэу зэрыщымытыр пыщапхъэщи, дывымгъэшынэ.

**ПлIы...**

"ПлIы" макъ зэгуэтыр къызэрыIурэ зэрзыхэпхкIэ, абы ипэ пыту къэIу макъыр "пI" макърауэ жыIэпхъэщ. Ауэ, ар ″п″ тхыпкъкIэ тха хъуащ. Адыгэбзэ макъхэм и пэжыпIэу щытыр, ар зэрзыхэпх щIыкIэрщ. Ар щыхъукIэй, ″плIы″ макъ зэгуэтым ипэ иту щытыр къызэрыIуфрэ зэрзыхэпх щIыкIэмкIэ, ар ″пI″ макъырщ. ТIэ, зэрызыхэпхым хуэдэу щытщ зы макъри, ар ″п″ макъыу щытами, "лIы" макъым къыщыпыхьэм щыгъуэ къызэрыIунур ″пI″уэщ. ИкIи, ″п, б, пI″ макъхэр зы гупу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ахэм яджу щытыр зэхуэдэ Iуэхугъуэхэрщ; зым и Iэмалыгъуэм адрейр къегъэщI, е адрейм хуэдэу зехъуэжыфыр. Аращи, зи гугъу тщIы макъыр ″п″ е ″пI″м дэтхэнэрами, яджыр зэхуэдэрэ зэгъунэгъу Iуэхугъуэрщ. Ауэ, мыбдежым къызэрыIу щIыкIэр ″пI″уэ щытщи, ″плIы″ макъым дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ къызэритIуэну щIыкIэр аращ.

"ПIы" макъым "ы"р къызэрпыхукIэрэу къэхъуу щыт ″пI″ыр, "лIы" макъым щишэм щыгъуэ, "плIы" макъ зэгъуэтыр къохъур. Мыпхуэдэу, ″пIы-пIэ″ Iуэхугъуэу щытыр ″лIы″уэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щыт Iуэхугъуэр, зи пIэ зыгъуэтарэ игъуэ хъуарауэ жыIэпхъэнщ. Ар зэрыхъун хъуарэ зи пIэ зыгъуэта хъуарщ; зэрыхъун хъуа пIын Iуэхугъуэрщ; зэрыужьарэ зэрыпIар зы увыпIэу зыхурикъуауэ щытырщ; пIэ зэпэщу щыт хъуаращ.

Мыпхуэдэу зэрыхъун хъуауэ утыку къихьар къэзыгъэлъагъуэ "плIы" макъ зэгуэтыр зы бжыгъэцIэщ икIи; ар "щы"м къыкIэлъыкIуэу зы бжыгъэрщ. Ар "щы"м нэхърэ нэхъ куэд хъурщ; "плIы"р "щы"м щхьэщыкIырщ. ″Щы″р щыIэм и лъабжьэу зэрыщытри гурыIуэгъуэу щытщи, зы бжыгъэу ″щы″м къыщхьэщыкIыу щытыр ″плIы″уэ зэрыщытым гулъытэ хуэщIын хуейщ.

"ЛIы" макъым дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ зэрыжытIам хуэдэу, ар зы псалъэ хъууэ щытщи, абы къикIыр зэрыхъун хъуауэ щыт цIыхурщ.

ТIанэ, цIыхури, щыIэрэ псэущхьэу хъуам щхьэщыкIыу зы псэущхьэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

Ар щыхъукIэй, "плIы"м папщIэ мыхэр жыIэпхъэнщ: Ар, зы щхьэщыкIыныгъэрэ зы увыпIэ зиIэрщ; зы Iуэхугъуэр ипIэ зэриува щIыкIэу зэрхъун хъуар зыгъэлъагъуэрщ; щхьэщыкIыпхъэрэ зэрхъуным хуэкIуапхъэр зи пIэ пэлъытэ хъууэ щытырщ; ″плIы″ бжыгъэри мыхэр зыгъэзащIэу зы бжыгъэрщ.

Зы бжыгъэу ″щы″м щхьэщыкIыу щыт ″плIы″р, зэрыхъун хъуауэ щытрэ зи пIэ иувар къэзыгъэлъагъуэрщ. Ар щыхъукIэй, ар зи бжыгъэр зэпэщу зы Iуэхугъуэ IэнатIэрщ. Ар зи бжыгъэр нэм зэуэ занщIэу лъытапхъэ къыхуэхъуу щытщ; псалъэм папщIэ, тхыпкъиплIыр зэуэ лъытапхъэу щытщи, зэпкъырыхынрэ зэгуэгъэкIын хуэмейуэ занщIэу еджапхъэщи, плIым щхьэщыкIым мыпхуэдэу зэпкъыромыхыу уеджэфыркъым.

Мыбы имзакъуэу, зы Iуэхугъуэр ипIэ иуварэ зэрыхъун хъуауэ лъытапхъэ щыхъури, а Iуэхугъуэр еплIанэу утыку къызэрихьэм щыгъуэщ. Аращи, зы *традитцэ* Iуэхугъуэу ялъытэр, а Iуэхугъуэр еплIанэ генэрацэу утыку къыщихьэрщ.

″ПлIы″р зэгъэпэщарэ хъупIэм ихуэн лъабжьэ бжыгъэрщ. ЛъэныкъуиплIу зэхэлъ Iуэхугъуэр зэгъэпэщауэ зы Iуэхуу ялъытэр. Ар гъуазджэ Iуэхугъуэуй къосэбэпыр: Зы сурэтым а нэхъ мащIэу плъыфиплI хэтын хуейуэ ялъытэр.

"ПлIы"р зы бжыгъэ зэрыхъукIэрэу мы псалъэхэр къытохъукIыр: «ПлIанэ, плIырыплI, плIимэ...».

″ПлIы″р зы бжыгъэцIэу щытми, а макъым ″э″ къыпыхьэрэ зэманыгъуэ щигъуэтым щыгъуэ, плIы лъэныкъуабгъуэрэ лъэныкъуиплI зыхэту щыт Iуэхугъуэхэрщ къэхъур. Мыпхуэдэу къэхъуу щыт псалъэхэрщ мыхэр: «ПлIэ, плIэIу, IэплIэ...».

**ПщIы...**

"ПщIы"р, къызэрыIу щIыкIэм ущедаIуэм щыгъуэ, абы ипэ пыту щыт макъыр "пI"ырщи, ″пI″ Iэмалыгъуэр "щIы" макъкIэрэ зышэу зы макъ зэгуэтырщ ″пщIы″ макъыр. Зы "пI" Iэмалыгъуэр "щIы" IэмалыгъуэкIэ щызешэкIэ, "пщIы" макъ зэгуэтым иджыр "щIын-щIэн" Iуэхугъуэ пэлъытэ хъуарэ, ахэм ипIэ иувапхъэу щыт зы Iуэхугъуэхэрщ. А Iуэхугъуэр "щIын-щIэн" хуэдэу IупщIыу цIыхум игъэзащIэу щыт дыдэ мыхъуми, абы ещхьщ; абы ипIэ иувапхъэу щытырщ; ар зипIэ итрэ къызэрыхъу пэлъытэрщ.

Зы гуэрым икурэ и кIуэцIирищIэр, абы и куцI хъууэ щытыр ″купщIэ″рщ. ″КупщIэ″р, кум и пIэм ирищIэрщ; кур пIэ зэрыхуэхъукIэрэу,

абы ирищIэу щытырщ. Аращ, зы гуэрым и кум къыщыхъурэ къыщыщIэу щытыр ку ″пщIы-э″ зэрыхъур.

Ар, ″щIын-щIэн″ Iуэхугъуэкlэ пlэ зыгъуэтырщ. Мыбы хуэдэщ, зы Iуэхугъуэ щIэн пэлъытэ хъууэ, зы къэкIыгъэрэ зы пхьэщхьэмыщхьэр къыпыкынрэ къэщыпын Iуэхухэм ещхьу щыт "пщIын, къэпщIын" Iуэхугъуэ псалъэхэр. Ар зы Iуэхугъуэу щIын Iуэхугъуэрщ; ауэ, а къэппщIыу щытыр, езыр къэхъуарэ зэрыхъун хъуауэ щыту зы гуэрщи, ар ипIэм игъэкIын Iуэхугъуэ пэлъытэу зы гуэр щIын Iуэхугъуэрщ ″къэпщIын″ыр.

Зы къэкIыгъэм и лъабжьэр (нартыху е джэш лъабжьэр) бгъэущэбэн Iуэхугъуэр "пщIэн" Iуэхурщ; ар, а къэкIыгъэм и пIэрэ и лъабжьэр щIын Iуэхугъуэрщ. Зы ткIуаткIуэ е пцIапцIэр зыдитрэ и пIэу щытым кIэрынэныр "кIэрыпщIэн"ырщ.

Уи щIэныгъэрэ пщIауэ щытхэм теухуауэ нэгъуэщI цIыхухэм зы гуэр къыпхуамыщIэми, къыпхуащIэ пэлъытэрэ, къыпхуащIапхъэм ипIэ иувэу щытыр "пщIэ"щ. ″ПщIэ″ жыхуаIэр, зи щIэныгъэрэ зи щIыхькIэ зы пIэ зыгъуэтрэ ит хъурщ. Ар зы "пщIэшхуэ"й хъунщ; ауэ, зыгуэр зэрыпщIрэ зэрыпщIэм папщIэ, дэтхэнэ зы цIыхум пщIэ къыпхуимыщIын Iуэхугъуэр зы "пщIэншэ"у къанэрщ.

Зы Iуэху щыпщIэм щыгъуэ, укъызэщIэплъэрэ уи хуэбагъэр зэрыдэкIуейм къызэрыгуэкIкIэ, уи пкъым къыхихуу щыт псыр "пщIэнтIэпс"щ; а Iуэхугъуэр "пщIэнтIэн"ырщ. ПщIэнтIэн Iуэхугъуэр сыт щыгъуэй къыщекIуэкIыпхъэу щыт зы щIыпIэр, уи лэжьапIэрэ уи пщIэнтIэпсыр зыдэмыгъущыжу щыт бжэIупэ зэрыхъукIэрэу, ар уи ″пщIантIэ″рщ.

ЩIынрэ щIэн пэлъытэ зыджу щыт "пщIы" макъ зэгуэтыр "у" Iэмалыгъуэм къыпыхьэрэ зы псалъэ щыхъукIэ "упщIэ" мэхъур. Ар зы Iуэху щIын е щIэн мыхъуу щытми, абы ипIэ игъэувапхъэу щытщ; е, "щIэн" Iуэхугъуэм "пIэ" хуэхъуу щытырщ ар: "ПщIы-пщIэ"р, зыужьыгъуэм (у) кIэухыу къыпыхьэрэ глагол зэрыхуэхъукIэрэу къэхъуу щыт ″упщIэ″р, "щIэн" Iуэхугъуэ къежьапIэ пэлъытэ мэхъур. ″УпщIэ″р, щIэн Iуэхугъуэр хэзыгъахъуэрщ, зыпIырщ, зыгъэужьырщ. ″УпщIэ″ псалъэм къытехъукIыу щытыщ "еупщIын, зэупщIыжын, щIэупщIэн..." хуэдэ псалъэхэр.

УпщIэм къызэрыгуэкIкIэ къэунэхуу щытщ щIэнхэр; зы щIэныр нахуэ хъуным щхьэусыгъуэ хуэхъур упщIэрщи, ар упщIэм игъэужьауэ жыIэпхъэщ; мыпхуэдэу нахуэрэ гурыIуэгъуафIэ хъуари ″IупщI″ырщ. Зы щIэныгъэм упщIэ нэгъуэщIыгъуэхэмкIэ утыку къырилъхьэу къигъэунэхуу щытхэр гурыIуэгъуафIэщи, "IупщI"у щытщ.

Мы "упщIэ" псалъэр, икIи, зы кIапэр зы щIыпIэм щIэлъхьэн, е зы щэкIхэкI гуэрыр щэуплIэнщIэн Iуэхугъуэ мэхъури, ар "щIэупщIэн"

псалъэм гурыIуэгъуэ ищIыу щытырщ: Зы цакуэм и зы къуапэр и лъабжьэкIэ бгъакIуэтэнрэ щIэуплIэнщIэн Iуэхугъуэр "щIэупщIэн" Iуэхугъуэрщ.

ЦIыхум езым и зы "щIын-щIэн" Iуэхугъуэ мыхъуми, щыжейм щыгъуэ и щхьэ куцI лэжьыгъэу щытыр "пщIыхь"ырщи, ар "пщIы" Iуэхугъуэу къекIуэкIырщ (хьын). Ар къыздекIуэкыпIэу щытрэ, узэпщIыхьыр зы "пщIыхьэпIэ"рщ. Зы пщIыхьэпIэрэ, абы хэту щытхэм теухуауэ "пщIыхь" лъагъуныр "епщIыхьын"ырщ. Уи пщIыхьэпIэ хэхуэрэ узэпщIыхьу щытхэр, уи щхьэ къырикIуэрэ къырикIуапхъэуй щытынщ; икIи, къэмыхъупхъэрэ пцIы защIэуй щытынщ; дауи ирехъу, ахэр зыщI пэлъытэу щытыр, абы епщIыхьырщ; икIи, а пщIыхьхэр къызхэкIрэ зэзгъэпэщыр, жейуэ щытрэ епщIыхьым и щхьэ кIуцI Iуэхугъуэу щытщ. Ахэр зыхэзылъхьэрэ зэрызгъэзахуэр епщIыхьырщи, абы ищIрэ ищIэхэм къызэрыгуэкIкIэ, а щIапхъэхэм ипIэ иувэу щытхэрщ узэпщIыхьхэр. ПщIыхьыр, пщIы пэлъытэрэ, пщIэу щытхэм къызэрыгуэкIкIэ зэхэплъхьэу пщIыуэ щытхэрщ.

*

"ПщIы"р икIи, зы бжыгъэцIэу щытщ. А бжыгъэцIэу щыт "пщIы"р, "пщIыуэ щытыр" зи мыхьэнэу зы псалъэу жыIэпхъэнщ. Ар щыхъукIэй, жыпIэ хъунущ, "пщIы" псалъэр Iэпэ бжэкIэм и кIэух Iуэхугъуэрэ, ар зэфIэкIа нэужь, мы къалэжьарэ утыку къихьауэ щыт бжыгъэр къыриIуэ щIыкIэу, "пщIауэ щытыр" къикIыу фIащауэ. ИкIи, цIыхум IитI иIэрэ, абы Iэпэу пытри пщIы щыхъукIэ, зы Iэпэбжэкiэ Iуэхугъуэр зэрызэфIэкIрэ зэрыух бжыгъэр "пщIы"щи, ари бжыгъэ щIын Iуэхугъуэр зэрытырщ, бжыгъэ щIын IуэхугъуапIэрщ. Мыбы къызэрыгуэкIкIэ, а бжыгъэу утыку къихьауэ щытыр зы Iуэхугъуэ псорэ зэфIэкIауэ зэралъытэрэкIэ, бжэн Iуэхугъуэми кIэ зэригъуэтар къыриIуэу къыщIэкIынт "пщIы" псалъэмкIэ. Абы къызэрыгуэкIкIэй, ар зы цIэу хурикъурт Iуэхуми, нэгъуэщI зы цIэ фIэщыпхъэ мыхъуу, бжыгъэ щIын Iуэхугъуэ зэфIэкIам и пIэкIэ къыраIуэу къыщIэкIынт ар. Мы еплъыкIэм езэгъыу щытщ "тIэущI-тIощI (тIууэ щIын)" бжыгъэцIэм и къэхъукIэри.

КъэтIуэта еплъыкIэм езэгъыу щытщ *эзотерие* еплъыкIэ лъэныкъуэмкIэ "пщIы" бжыгъэр къызэрыхъуам теухуауэ къаIуатэри; ар мыпхуэдэу жыIэпхъэщ: Ар зы Iуэхугъуэ псорэ зэфIэкIа Iуэхугъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, зы Тхьэ Iуэхугъуэу ялъытэрти, абы зы цIэ фащыртэкъым е и цIэр къыраIуэртэкъыми, "а зэрыпщIым хуэдэу" жыIэгъуэкIэ "пщIы" хужаIэрт.

Дауи ирехъу, "пщIы"р зи бжыгъэцIэу щыт "10"р, зы зэманыгъуэм дауэ къыраIуэрэ къыщIыраIуэри тщIэжыркъым; ауэ, "пщIы" псалъэм къыдгуригъаIуэр аращи, ар Iэпэбжэ Iуэхугъуэм къытехъукIагъэнщ. Ар щыхъукIэй, ипщэкIэ къызэритIуа щIыкIэу къэхъуагъэнщи, къызэрыхъу щIыкIэри абы цIэу игъуэджэкIэ фIащауэ щытщ.

Эзотерие еплъыкIэм зэрезэгъкIэрэй, ар зы цIэкIэ къырамыIуэу зы бжыгъэм и цIэ хъуаращ. Абы зы цIэ иIауэ щытами, нобэм къызэрынэсакIэрэ, ар и цIэмкIэ къырамыIуэж хъуауэ зы бжыгъэрщ. Ар зи цIэкIэ къырамыIуэж хъуауэ зы бжыгъэцIэу щытмэ, абы зы табу лъабжьэ иIэнкIэй хъунщи, "пщIыуэ щытыр" мыхьэнэкIэрэ гъэлъэгъуапхъэ хъуэ щыту зы бжыгъэу къыщIэкIынщ.

**ПцIы...**

"ПцIы" макъ зэгухьам ипэ ит "п" тхыпкъри, ипщэкIэ зэрыжытIауэщи "пI" макъыу жыIэпхъэнщ. "ПIы" эфекту щыт "пI" макъыр "цIы" макъымкIэ щешажьэм щыгъуэ къэхъунур, зы щыIэ пэжрэ зэгущу щытыну къыщIэкIынкъым. ИкIи аращи, "пцIы"р мыпэжырщ, мызахуэрщ, мызэпэщырщ, щыуагъэу щытырщ.

″ПцIы″ псалъэм къыхэхъукIыу "пцIырыпцI, къэпцIэн, къэгъэпцIэн..." псалъэхэри утыку къохьэр.

Зы гуэрыр цIынэрэ цIынэ защIэу щытрэ зы пIэ щигъуэтым щыгъуэ, ар "зэхэпцIэн" Iуэхугъуэрщ. ЗэхэпцIа пэлъытэу щыт "пцIапцIэ"р ″еупцIыпхъэ″нщ, ″теупцIапхъэ″ хъунщ. "ХупцIынэ"ри пIытIарэ цIынэу, ″зэхэпцIа″уэ щыт ″ху″рщ.

Зы цIыхум зы фащэ щыгъын и хабзэщ; ар цIыху хабзэу щытщи, ар щымыгъыныр пэжу илъытэркъыми щыуагъэрэ пцIы пэлъытэщ зэрилъытэр; арагъэнщ "пцIанэ" жыхуаIэр. Щыгъын щыхынри "зыупцIэнын"ырщ.

"ЦIы" макъым фIыцIэ псалъэр къызэрхэхъукI пэлъытэу, "пцIы" макъ зэгуэтми а мыхьэнэм хуэдэхэр иджу псалъэхэр къытехъукIыпхъэнщ: «КъуапцIэ, къэрапцIэ, фIыцIапцIэ...». ИкIи, фIыцIапцIэрэ щхъуэуэ щыт зы бзу лIэужьыгъуэщ "пцIащхъуэ"р.

**ПкIы...**

"ПкIы" макъ зэгухьэм иджыр, "пI" Iэмалыгъуэ иткIэрэ "кIы" нырщ. А "кIын" Iуэхугъуэр зы къэкIыгъэм и Iуэхугъуэу щыткъым. Ар "пI" Iэмалыгъуэ зиIэу зы Iуэхугъуэ зэрыхъукIэрэ, зы "пIэ" гуэрым икI хуэдэу зы Iуэхугъуэу щытырщ. Мы IэмалыгъуэкIэ къэхъуу щытщ мыпхуэдэ псалъэхэр: «ПкIын, пкIэн, хэпкIэн, дэпкIеин, пкIэлъей...».

**Пкъы...**

"Къы" макъыр къыхэкIрэ къыхэхъукIыр, къэхъурэ къыздэхъуу щытыр зыгъэлъагъуэу зы макъ зэрыхъукIэрэу, а къыхэхъукIрэ къыздыхэхъукIым и пIэр къэзыгъэлъагъу "пIы-пIэ" Iэмалыгъуэм и эфекту щыт "пI"ыр къыпыхьэрэ "пкъы (пI-къы)" щыхъум щыгъуэ, зы гуэрыр

къызхэхъукIрэ къыхэхъукIыпIэу щытырщ абы иджыр. "Пкъы"р, дэтхэнэ зы гуэрыр къызхэхъукIыу щытырщи, къызхэхъукIыпхъэ хъууэ щытырщ.

"Пкъы"р зи лъабжьэкIэрэу "пкъыгъуэ, Iэпкълъэпкъ, лъэпкъ, пкъырыкIын, пкъырытын..." псалъэхэр зэтоувэр. Мыхэм хуэдэщ, къэхъуу щытрэ щыIэ хъум и лъабжьэу щыт "щы"р ипэ къыщыпыхьэм щыгъуэ "пкъы" псалъэм къигъэщIу щыт "щыпкъэ" псалъэр.

**Бзы...**

"Бы"р, "пIы" макъым иджу щыт Iуэхугъуэр зехьэлIарэ, а Iэмалыгъуэм зэрелъытакIэрэ зыужьыгъуэ зиIэ хъурщ. "ПIын" Iуэхугъуэр зыхуэIуа хъууэ щытыр "бын" Iуэхугъуэрщ; быныр пIын IуэхугъуэрэкIэ мэужьыр.

Мыпхуэдэу "пIы" макъымкIэ зэхущытыкIэ зиIэрэ абы зэрелъытакIэрэу зыужьыгъуэ Iэмалыгъуэ хъууэ щыт "бы" макъым и эфекту щыт ″б″ыр "зы" макъым щыришажьэм щыгъуэ къэхъуу щыт макъ зэгуэтырщ "бзы" макъыр.

"Зы" макъыр, езырыжрэ зыми земхьэлIауэ, а нэхъ псо хъууэ щытыр зыджырщ. Дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэм ипэ ит хъууэ зы бжыгъэщ ар. ИкIи, ар кIэух щыхъукIэй, зи кIэух хъууэ щыт макърэ псалъэм илжыр езырыж зыщIырщ.

ТIэ, гурыIуэгъуэщи, "б" Iэмалыгъуэр "зы" Iэмалыгъуэрэ глаголкIэрэ лажьэу щыту зы макъ зэгуэтырщ "бзы"р. Ар щыхъукIэй, зы гуэрым зэрелъытакIэрэ ужьыгъуэу щыт "бы"м и эфект хъууэ щыт "б"ыр "зы"уэ е "зы"кIэ лажьэ мэхъур. Мыбы къикIыр мыращ: «ЗелъытэныгъэкIэ зыужьыгъуэ зиIэж; зи ужьыгъуэр зы хъур; зыхуэужьым пыкыгъуэ зэримыIэкIэрэу ужь, а зэры"зы"кIэрэ зызужь; езырыжу хуэужь; зэрыужьыр зырэ зэхуэдэу щыт; зэрыпсоуэ зыхуэужьыгъуэ зиIэр; зэрелъытакIэрэу мыувыIэрэ зэхуэдэжу зызужь».

″Бзы″р ″б″ Iэмалыгъуэм езыр хъужу щытырщи, езырыжырщ. ″Бы″ макъым дыщытепсэлъыхьэм щыгъуэ, ар зэры макъыбзыр гурыIуэгъуэ зэрыхъуаращи, ар зыхэту щытрэ абы езыр къэзыгъэлъагъуэу щыт ″бзы″ми къигъэлъагъуэр нэхъри гурыIуэгъуэжу бзырщ; ар бзым езырыжырщ.

″Бзы″р зэрелъытарэкIэ ужьыгъуэ зиIэм езырщ; зы хъуауэ щыт елъытэгъуэ ужьыгъуэрщ; ар зыужьыгъуэ къызхэхъукIыну щытрэ зыуэ щыт лъабжьэрщ; ар зы лъабжьэрщи, къызхэхъукIыпхъэрэ къэзылъхупхъэу щыт псорщ. Мы жытIа псори зэрхэлъыжкIэрэу зы "зыужьыгъуэ" зиIэ хъууэ щытырщ "бзы" макъ зэгуэтым иджыр; ауэ, мы зыужьыгъуэр, ″у″ макъым къигъэлъагъуу щыт хуэдэу щыткъыми, зелъытэгъуэ зэриIэрэкIэ ужьыгъуэ хъунырщ.

"Бзы"р, зы лъабжьэрэ зэпыкыгъуэ зэримыIэрэкIэ ужьу щытырщ. Ар зэрылъабжьэм теухуауэ мыувыIэу къызхэхъукIрэ зы "бын" Iуэхугъуэ къыхэкIыу абы зэрелъытакIэрэй зэпыудыгъуэ зэримыIэкIэрэу джырэ ужь хъуурэ кIуэуэ щытырщ.

Мыбы къызэрхэкIкIэй, дэтхэнэ зы щыIэ хъуурэ щытым зы лъабжьэ хуэхъуу щыт зы бзыгъэ лъэныкъуэ иIэщ. Ар, псэ зыхэмыт нэгъуэщIыгъуэ гуэрхэри зыхэзыубыдэу зы щыпкъагъэй хъунщ; псэ зыхэтрэ псэущхьэу щытхэмкIэй пэжынщ. Зыужьыгъуэр зелъытарэ "бын" Iуэхугъуэ къызэрхыхьэрэкIэ, нобэ "бзы" макъым иджу щытыр къызэрыдгурыIуэ зэрыхъуакIэрэу, ар псэущхьэхэм нэхъ нахуэрэ IупщIыу хэлъэгъуапхъэщ. Дэтхэнэ зы псэущхьэ лъэпкъми, и лъэпкъэгъур къызхэхъукIрэ зыпIыжу, и лъэпкъэгъухэм щыIэгъуэ зиIэ зэрыхъум и лъабжьэу щыт зы бзы лъэпкъ е зы бзы лъэныкъуэ яIэщ. Бзы лъэпкъыр, хъум и шэ щхьэусыгъуэрэкIэ тIыгъуэм зэрихуэм къызэргуэкIкIэрэу, "пIы" IэмалыгъуэрэкIэ зи пкъыр пIэ зэрищIрэ бын зэригъуэткIэрэу зыужьыгъуэ зиIэрщ. Бзы зыужьыгъуэм къыхэхъукI лъэпкъэгъум щхьэусыгъуэ хуэхъуу щытыр "хъутIэ"рщ, "тIыхъу"рщ.

Хъур къызхэхъукI лъабжьэр бзыщ; хъур, хъуарэ зэфIэкIа нэужьри бзыщ; хъуар зыхыхьэжыр бзыщ; хъуарэ зы лъабжьэу увар бзыщ. Бзыр зэхэтырщи, хъур къызхэкIырщ; зэхэт хъууэ щытыр бзы зэрыхъукIэрэй, зыхэзышэрщ бзыри, хъуар зыхыхьэжрэ зыхэзышэжырщ. Куэдыр, куэдагъыр, бэр, бэгъуэр, багъуэр, бэгъуар, нэхъыбэу щытыр бзыщ; мы псалъэхэр къэзыгъэхъуу щыт макъхэри (ку, куэ, бы, бэ) макъыбзхэрщ. Бзыр куэдагърэ лъабжьэрщи, хъури къызхэхъукIырщ. Бзыр нэхъапэу щытрэ, нэхъ куэду, нэхъ жьырэ нэхъыжьу щытырщ. Ар лъабжьэрэ нэхъыжьу зэрыщытрагъэнщи, нэхъ ныбжьыщIэу щытми, бзылъхугъэр нэхъыжьу щIилъытэр арагъэнщ Адыгэ хабзэм.

Зы псорэ куэдагъыр, зэрыхъун хъуарэ утыку итыр бзыгъэ зиIэу щытырщ. Дэтхэнэ зы гуэррэ зы псоуэ щытым и зы Iыхьэрэ и зы IэнатIэри зэралъытэр ″бзыгъэ″ущ. Дэтхэнэ зы лъабжьэу щытрэ зы куэдагъэу зы гуэрым и зы IэнатIэри, ар зэрыщытрэ зэрылъабжьэм къызэрыгуэкIкIэ зы ″бзыгъэ″у щытырщ.

Бзыр зэрыхъун хъуауэ щытырщи, хъууэ щымытырщ, мыхъурщ. Хъур къызтехъукIыр ″хъы″рщ (*субстанс*). Ар зы лъабжьэу щытрэ, бзым хэту щыт хъупхъэрщ. Зэманыр зэрыужьым къызэрихькIэрэу, лъабжьэрэ бзыгъуэу щытым хэту щытрэ хъунур, къэхъупхъэу щытращ ″хъы″р. Бзым хэту щыт ″хъы″ращ зэманым къызэрыгуэкIкIэ ужьри (у), ар хъурщ, хъууэ щытырщ.

″Хъыджэбз″ псалъэми къыдгуригъаIуэр аращ. Ар ″хъы″уэ щытрэ хъупхъэрщи, ар зэрыхъунур ″джы″ IэмалыгъуэкIэрщ. Аращи,

″хъыджэбз″ыр ″хъыджэ″у щытырщи, ар зы бзыщ; лъабжьэрщ, хъунур къызхэхъукIыпхъэрщ, зы бзылъхугъэрщ.

*

"Бзы"р дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэ лъэпкъым хэту щыт зы лъэпкъ е зы лъабжьэ лъэныкъуэ зэрыхъукIэрэу, дэтхэнэ зы гуэр къызхэхъукIрэ къэзылъхуу щытыр бзыуэ лъытапхъэщ. Псэущхьэм яхэту щыт бзы лъэпкъыр къызэраIуэр нэхъыбэу ″бзы″ фIэщыгъэцIэкIэрщ: А псэущхьэр цIыхуу щытмэ "цIыхубз"щ; ар шы лъэпкъыу щытмэ "шыбз"щ... Мыпхуэдэу щымытрэ, хъурэ бзы лъэпкъым хуэIуауэ фIэщыгъэцIэ зиIэ псэущхьэхэри щыIэщ: «Гуу/вы-жэм, тIы-мэл, ажэ-бжэн, адакъэ-джэд...».

Бзыр, къызхэхъукIрэ къэзылъхуу зэрыщыткIэрэу, зы щIыгум къытекIын папщIэ хасэу щыт жылэр бэгъуэн папщIэ, а щIыгум бзыгъэ игъуэтын папщIэ, мы IуэхугъуэхэмкIэрэ а щIыгум щхьэпэ хуэхъунрэ екIун пащIэ тыракIуэтэр "ебз"щ.

Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэрэ къэхъу-къэщIыр къызхэхъукIыр бзыуэ щытщи, гупщысэфрэ зы гупщысэ къэзылъхуу щытыр "губзыгъэ"щ.

Зы гуэр къызхэкIыпхъэр "бзыпхъэ"рщ. Бзыпхъэрэ, а къызхэкIыпхъэм хуэгъэкIуэн е хуэгъэхьэзырыныр "бзын" Iуэхурщ; бзыпхъэу щытращ ябзыр. Зы щыгъын дын папщIэ ар гъэхьэзырын Iуэхур бзын Iуэхурщи, мыр зи IэщIагъэу щытыр ″дэрбзэр″щ.

Бзыпхъэу щытрэ ябзыфу щытыр зэрылажьэрэ хун IуэхугъуэрэкIэ кIуатэу щыт хъумэ, ар ″бзыхун″ псалъэм къиIуатэ Iуэхугъуэщ. А бзыхун Iуэхугъуэр, зы ужьыгъуэу зэрыщыткIэрэй, ″убзыхун″ псалъэуи жыIэпхъэщ. Убзыхун Iуэхугъуэр, ужьыгъуэрэкIэ бзы хууэ щыту зы Iуэхугъуэрщи, ар къэгъэувыIэнрэ бзыуэ зэрыщыта щIыкIэм хуэдэ пщIыжыныр "убзыщIын" Iуэхугъуэрщ. Гъуэгу тету щыт ″бзы″р ″бзэ″ зэрыхъукIэрэй, убзыхуауэ щытрэ, зэрыубзыхуакIэрэу лажьэр, зэрылажьэ бзэм ебгъэхыжынри ″бзэхын, бзэхыжын″ Iуэхугъуэхэрщ.

″Бзы″р зы лъабжьэу зэрыщытрагъэнщи, лъабжьэри купщIэрэ фэ щIагъым зэрыщIэтым къызэрыгуэкIкIэ, зы пхъэщхьэмыщхьэм и фэр техын Iуэхур ″укъэбзын″ Iуэхугъуэрщ. Ар икIи, телъу щыт фэр текъэбзыкIынырщ.

″Бзу″р лъэтэфу зы псэущхьэ лIэужьыгъуэрщ. А фIэщыгъэцIэу щыт псалъэр, ″бзы″рэ ″у″ кIэухкIэ зэтеувауэ щытщ. Ар, ″бзы″ псалъэм къызэриIуатэ щIыкIэр зи щIыкIэу, зыужьыгъуэ зиIэу щытрэ, мыр зэрыхэлъкIэрэй ужьрэ уэгум ихьэфу щытырщ.

″Бзииху″р зы жыг лъэпкъым и фIэщыгъэцIэрщ. А жыгым и тхьэмпэрэ и гъагъэхэр шейуэ ирафыр. Мы иужьрей гъэхэм щIэныгъэкIэ къагъэунэхуауэ щытщи, а жыгыр бзыгъэ геныр хэзыгъахъуэрщ; *остроген*ыр зыгъэбагъуэрщ. ТIэ, Адыгэм ар къызеригъэунэхуар куэдкIэ жыжьэу зы зэманыгъуэу къыщIэкIынщи, а жыгыр ″бзы зыху″у илъытащ.

*

"Бзы"м зы зэманыгъуэ игъуэтрэ кIуэтэгъуэ зиIэ хъууэ щытмэ, ар "бзэ" хъунщ. Бзыр лъабжьэщ, бзэри аращ; ауэ, бзыр лъабжьэрыщIэлъщ, бзэр зэманыгъуэрэкIэ ужьу щытрэ лъабжьэрылажьэ хъурщ; бзэр гъуэгу техьарэ тету щыт бзырщ. Бзэр, убзыхуу кIуэр зыгъэлъагъуэ Iуэхугъуэрщ; убзыхур, зы бзэ зэртеткIэрэщ зэрыубзыхур. Ар бзыщIыжмэ, зэрыбзыхуу щыт бзэр къэувыIарэ зэманыгъуэ зимыIэж хъууэ щыт бзэ хъунщи, ари бзыщ.

Бзэр зэманыгъуэ зиIэрэ ужьу щыт бзы зэрыхъукIэрэ, зы Iуэхум и лъабжьэр бзыуэ щытми, а бзым езыр зэманкIэрэ кIуатэ щыхъукIэ бзэ мэхъур. Дэтхэнэ зы гуэр къызхэхъукIыпхъэрэ лъабжьэу щытыр бзыуэ щытщи, ар зэрылъабэжьэрэкIэ зэмыхъуэжу кIуатэу щытмэ, ар бзэ хъунщ. Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэ ужьым зы ужьыкIэ иIэщи аращ а бзэр; а Iуэхугъуэм и ужьыкIэм зы бзэ иIэщи, ар а бзэм тету мэужьыр, мэбзыхур. А ужьу щытыр зэрыужь щIыкIэ хъууэ щыт бзэр фIэкIуэдмэ, и зыужьыгъуэр къоувыIэр; апщыгъуэм, а зыужьыгъуэ щIыкIэу щыт бзэр имыIэж мэхъур, а бзэр къоувыIэр е йохыр, "мэбзэх"ыр; бзэхрэ зи бзэм ехыр убзыхужыркъым.

Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр зэрыхъу щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэр бзэращи, ар логие жыхуаIэрщ. Сытми, зы логие зэриIэр гурыIуэгъуэу щытщи, ар бзэрщ. Зы гупщысэрэ зы логие зыхэлъу щытхэри цIыху губзыгъэм утыку къырилъхьэу щытщи, ахэр утыку къызэрихьэ щIыкIэми зы бзэ иIэжщ. ЦIыхум, и гупщысэхэр Iуэху нэгъуэщIыгъуэрэкIэ утыку къырилъхьэфу щытщ; ауэ, ахэр нэхъыфIрэ нэхъ лъэщу утыку къызэрырилъхьэ щIыкIэ хъуауэ щытыр псэлъэбзэкIэрэщ. Псэлъэныр, цIыхум и гупщысэр макъкIэ утыку къырилъхьэнырщ. Ар дыдэу, макъкIэ ухуауэ щыт бзэр зы бзэу щыIэрэ цIыхум зэрихьэу щыщIидзэм щыгъуэ, цIыхум и гупщысэри къызхэкIрэ къызэриIуатэр а бзэращ. ЦIыхур зэрыубзыху щIыкIэр абы и бзэу щытырщи, дэтхэнэ и зы Iуэхугъуэри мыбы тету къохъур. Абы къыриIуэфу щыт макъхэри къызэрикIрэ, ахэм къыраIуэу щытри, цIыхум иIэу щыт мы логиерэкIэщ, бзэкIэрэщ. ЦIыхум къыриIуэфу щыт макъхэр зы логием (бзэ) зэрытеткIэрэ къызэрыIуфым хуэдэжу, а къэIуу щыт макъхэри къызэригъэсэбэпыр абы и логиерщи, мыбы къызэрыгуэкIкIэ къэхъуагъэнщ цIыхур зэрыпсалъэ бзэр, макъ бзэр, макъыбзэр.

Бзэм утепсэлъыхьын щIэбдзэмэ куэд тежыIыхьыпхъэщ. КIыхь дымыщIыу мы зи гугъу тщIы Iуэхугъуэм теухуауэ мыхэри пытщэнщ: «Дэтхэнэ зы щыIэрэ зы Iуэхугъуэу щытри зы бзэм зэрытетрэ зэрыужьыкIэу, псэ зиIэрэ псэущхьэу щытхэми зы ужьыкIэ яIэщи, ахэри зы бзэм тетщ. Псэущхьэу хъуар зы лъабжьэкIэ зэтехуэу щытщи, ар псэрэ псэущхьэ ужьыкIэу зы бзэщ; дэтхэнэ зы псэущхьэр адрейхэм

зэрыщхьэщыкIрэ, зэщхьэщыкIауэ зы псэущхьэ лIэужьыгъуэу утыку къызэрихьэри, а зи гугъу тщIауэ щыт лъабжьэм къызэрыщIидзэу псэ ужьыкIэу щыт бзэращ къызхэкIыр. Дэтхэнэ зы псэущхьэ лIэужьыгъуэм и къэхъукIэбзэр зэрызэщхьэщыкIым хуэдэжу, гъащIэм зэрытетыкIэбзэрэ зэрыгурыIуэбзэу езыхэм хуэIуауэ бзэ лIэужьыгъуэхэри яIэжщ. Псэущхьэ ужьыгъуэм къыхэхъукIарэ зыужьыгъуэ щIыкIэм къызэригъэхъукIэрэу, абы тету макъ зиIэ псэущхьэхэр утыку къыщихьэкIэ, а макъыр къызэрысэбэп щIыкIэр а псэущхьэ псэ ужьыкIэрэщ. А псэущхьэм хуэIуауэ утыку къихьа макъыр, къизыIуэу щыт псэущхьэм езым и ужьыгъуэращ къызтехъукIар; а макъыр къызэригъэсэбэпкIэрэй ужьыгъуэ зэригъуэтри, ар къызтехъукIам зэрытетрэ зэрелъытакIэрэщ. Мыпхуэдэ ужьыгъуэкIэ Iуэхур къекIуэкIмэ, кIуэ пэтрэ, зы Iуэхугъуэ IэнатIэр зы макъ убзыхуакIэрэ къыриIуэфу щIидзэнщ; мыпхуэдэу зы логием тету щыт ужьыгъуэр макъкIэ къэгъэлъагъуэу щIидзэмэ, зы бзэ утыку къихьэнщи, мис ар зы макъыбзэщ».

ЦIыхум зэрихьэу щыт макъыбзэр, бзэ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэ хъуауэ щытщи, дэтхэнэ зы щIыпIэм деж "бзэ" псалъэр щызэхэпхмэ, ар зы псэлъэбзэу гурыIуэгъуэ хъуауэ щытщ ди лъэхъанэм. Псэлъэбзэр бзэ щапхъэу щытырщ; ар макъкIэ ухуауэ щхьэжу утыку къихьауэ зы бзэрщ (зы логиерщ). Псэлъэбзэу щыт бзэр зэрызэтеувэр макъырщи, ахэр къиIуэнрэ псэлъэн IуэхугъуэкIэ цIыхум къигъэсэбэпу щыт и IэпкълъэпкъхэрЁ, мы "бзэ" псалъэм теухуауэ щытщ: «Бзэгу, бзэмыIу, бзагуэ; бзэрэбзэн, бзабзэ, бзаджэ...».

Бзэрэ дэтхэнэ зы убзыхукIэ зиIэу къэтлъытэр зэхэтхъуэн Iуэхугъуэу "бзэщхъун" псалъэр щыIэщ. "Бзэгу"р макъ къэIуным хуэлажьэу щыт Iэпкълъэпкъырщ; абы, игъэзащIэу нэгъуэщI къэлэнхэри щыIэщи, а Iуэхугъуэхэри бзэгур зэрилъабжьэрэкIэ псалъэхэу утыку къохьэр: «Бзеин, къэбзеин, ебзеин...».

*

"Къабзэ" псалъэр зытеухуар, къэхъурэ (къэ) зэрыубзыху (бзэ) щIыкIэр утыку къизылъхьэу зы псалъэрщ. Ар Адыгэбзэм зэрхэтрэ къыриIуэ Iуэхугъуэр зэрыщытыр гъэщIэгъуэну зы Iуэхугъуэрщ. "Къабзэ"р фIей мыхъурщ; фIейр "фIы" хъууэ щыт дэтхэнэ зы хъугъуэ-фIыгъуэр зэрыхъун хуейм хуэдэу щымытрэ, абы я щIыкIэм темытрэ емызэгъырщ; зыми хуемхьэлIарэ емылъытауэ щытырщ "Iей"ри, ар "къабзэ"м и пхэнджырщ. "Къабзэ"р, къэхъурэ зы бзэ зиIэу щытырщи, ар, щыIэу хъуарэ дэтхэнэ зы бзэ зиIэу щыт щыIэгъуэ зиIэм зэрезэгъкIэрэ убзыхурщ. Дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэу щытхэри лъабжьэкIэ зы бзэжьым тету щытщи, "къабзэ" псалъэм и къежьапIэр кууэ щытщ. Ар, къэхъугъэр къызэрыхъу лъандэрэ, зэрыужьрэ зэрыбзыхур зыхиубыдэу зы мыхьэнэ зиIэ псалъэрщ. Абы къыриIуэ Iуэхугъуэр, зы щIыпIэрэ зы гуэрыр зэрыхъун хуейм тету

щытынырщ; щыIэу хъуар зэзэгъыжу, зыр зым хуэфIрэ хуэдэгъуэу щыIэгъуэрэ зыужьыгъуэ яIэ хъунырщ "къабзэ" псалъэм иджыр. ИкIэм икIэжым зы псалъэ цIыкIуу уеплъынкIэй хъунщ абы; абы макъкIэ иджым уемыдаIуэрэ, зы мыхьэнэ цIыкIур къызэриIуэрэкIэ ущеплъым щыгъуэ, къэхъунури аращи, ар щыуагъэщ. "Къабзэ" псалъэм къыриIуэр зэрыкуурэ зэрылъабжьэрэкIэ, адыгэбзэр зезыхьэу щыт цIыхум дежкIэ, къэбзэныгъэм иIэу щыт пщIэри къэунэхуу къыщIэкIынщ.

Мыпхуэдэу, къэхъур зытету щыт бзэуэ гурыIуэгъуэу щыт "къабзэ" псалъэр, тIэ, дэтхэнэ зы гуэррэ зы псалъэм къыриIуэу щытри зэрыхъун щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэрщ. Ар зы псалъэм ипэ ит щыхъум щыгъуэ, зи ипэ ит псалъэм къикIыр фIыдыдэрэ зэрыхъун хуейуэ хъун Iуэхугъуэм тохьэр: «Къабзэу лэжьат, къабзэу мэхъур, къабзэу кIуэжащ...»

"Къабзэ" псалъэм, икIэм къыпыхьэу щыт зы псалъэр зэрыщыт щIыкIэр къигъэлъагъуфынщ; а псалъэм къыриIуэ Iуэхугъуэ дыдэр къыриIуэу зы мыхьэнэ къигъэщIынщ; а псалъэм и зы плъыфэу зыкъигъэлъагъуфынщ. Апщыгъуэм, а псалъэр зэрыхъун хуейр къизыIуэу зы псалъэ зэпха утыку къихьэнщ: «Абы хуэдэ къабзэщ; ТIыхъу хуэдэ къабзэу щытщ, ТIыхъу къабзэщ; Iуэху къабзэ, былым къабзэ, щхьэкIуртIэ къабзэ...».

Къэхъурэ щыIэу хъуар къызэрыхъури, ахэр зэрыужьрэ зэрыубзыхури къизыIуэр бзэ Iуэхугъуэу щытщ. Ар щыхъукIэй, "бзэ"р зэрылэжьакIуэрэ зэрылъабжьэрылажьэр гурыIуэгъуэ мэхъур. "Бзэ"р дэтхэнэ зы гуэрым и лэжьэкIэу щытыр къизыIуэ зэрыхъукIэрэй, дэтхэнэ зы гуэр къизыIуэ псалъэри зыгъэлажьэу зы псалъэу щытщи, дэтхэнэ зы псалъэрэ макъым и кIэух мэхъуфыр. Ар щыхъукIэ, къэхъуу щытыр, къызпыхьэ псалъэр езырыжрэ езырдыдэ хъун Iуэхугъуэрщ: «Абы хуэдабзэ, хьэзырыбзэ, хуэмыбзэ, псынщIабзэ, изыбзэ, нэщIыбзэ, хъуреибзэ, щимабзэ, зэхуабзэ, къуэншабзэ...».

"Бзэ"р дэтхэнэ зы макъым и кIэух хъуфу щытырщи, апщыгъуэм, а макъыр езырыжрэ езыр дыдэу зэрыщытыр утыку къихьэнщ; мыпхуэдэкIэрэу, псэлъэщIэхэри къэхъуфу щытщ: «Убзэ, Iубзэ, Iэбзэ, лъыбзэ, хабзэ, къабзэ, тхьэбзэ, гъыбзэ, щIэбзэ...».

"Хабзэ" псалъэри, "бзэ"м игъэлажьэу зы псалъэщ. "Хэ" хъууэ щытыр, зы куэдагъэ зиIэрэ зэхэту щыт зы гуп хъууэ, *стабил* хъуауэ щытырщ. Дэтхэнэ зы куэдагъэрэ "хэ"уэ щытыр, зы бзэм (логие) тету зэрелъытэгъуэрэкIэ ужьыгъуэ зыхуаIэу щытмэ, ар "хабзэ" хъунщ. Мыпхуэдэу лъытапхъэу щыт псэми, псэущхьэ зэхэтыкIэми, цIыхубэми, бзэм езыми зы хабзэ яIэжщ.

А "хэ"р зы цIыху гупрэ зы лъэпкъыу къапщтэмэ, абы и зэхэтыкIэ хъууэ убзыхуу щытырщ "хабзэ"ри. А цIыху гупым хэпща пэлъытэрэ хэбзауэ щытырщ "хабзэ"р; "хабзэ" псалъэр глагол щыхъукIэ, къэхъур "хэбзэн" псалъэрщ. ТIэ "хабзэ"р, зы гуп е лъэпкъым хэбза хъууэ щытрэ, ар

зи бзэ пэлъытэ хъурщ. "Хабзэ"р а гуп е лъэпкъым (хэ) хуэIуарэ абы ей хъуурэ зы "бзэ"у щытырщ.

Ар щыхъукIэй, хабзэр "хэ"м ейщ, "хей"щ. Хейр, "хэ"м ейуэ щыт хабзэр зехьэнырщ; зы цIыхубэм яхэбзарэ яхэпща хъуурэ щыт зыужьыгъуэкIэрэ убзыхуу щытын Iуэхугъуэу, а бзэу щыт хабзэм тет хъуныр хейуэ щытынырщ. Нэрылъагъуэщи, хэм ейуэ щыт хабзэр, а "хэ"р сыт хуэдэми абы ей хъурщ.

Ауэ, Iуэхур цIыхурэ цIыхубэ щыхъукIэ, ар зи хабзэу щыт цIыхубэм нэхъ езэгъ щIыкIэу зы логиеращ хабзэри, ар цIыхумрэ абы и ужьыкIэм а нэхъ езэгъэрэ, цIыхугъэр къэзыгъэхъурэ зыгъэужьу щыт зы бзэ хъун хуейщ. Ари, козмикэрэ натуралым къызэрыгуэкIрэ зэрелъытарэкIэ, икIи ахэм зэрезэгъкIэрэу къэхъуу щыт цIыху щыIэкIэр зыгъэужьыпхъэу щыт зы цIыху зэхэтыкIэрщ. ТIэ, мы и къежьапIэрэ и лъабжьэм къабзэу зэрытет щIыкIэрэ, пэжрэ щыпкъагъэрэкIэ ухуэу щыт зы логие зэриIэм къызэрыгуэкIкIэй, ужьыгъуэрэкIэ зэтеувэу щыт цIыху зэхэтыкIэ хъуурэ щытщ хабзэр. Аращи, зи лъабжьэ щIэмыудауэ щыт зы хабзэр, къызэрежьа лъагъуэр зыхэплъэгъуапхъэу зэтеувэрщ; ар гъащIэм зэрезэгъэрэ гъащIэрэ цIыхугъэр зыгъэпэжыж логиерщи, и ужьыкIэр мыпхуэдэу щытырщ.

Ар, нэгъуэщI зы щIыпIэ къикIыркъым; икIи, зы пашэрэ тет хъуурэ щытым къахилъхьэркъым; ар хэм къагъэщIырщ. Хэм зы бзэ зэраIэрэ абы тету зэрзэгурыIуэу зэрызэпсалъэм хуэдэу, а "хэ"м я зэхэтыкIэу щыт дэтхэнэ зы Iуэхугъуэрэ щIыкIэ лъэныкъуэр игъуэкIэ зыхэхьэрэ къызхэхъукIыр хабзэрщ. Ар бзэм хуэдэжу, игъуэ зэрыхъукIэрэ щIэблэм яхэлъ хъуурэ кIуэрщ.

ГъащIэрэ псэукIэм зызэриужь щIыкIэм зэрезэгъэрэ къызэригъэхъукIэрэй, зы хэкIыпIэрэ зыужьыпIэ къэзыгъэхъуу щытри хабзэрщ. А цIыхубэ зэхэтыкIэ лъабжьэу щыт хабзэр, игъуэ зэрыхъукIэрэу убзыхурэ ужьу гъэзэщIапхъэ щIэхэр къызэрыхыхьэкIэрэй мэбагъуэр.

Хабзэр зы унафэкъым е зы тхьэ Iуэхугъуэу фIэкIыпIэ зэримыIэкIэрэ гъазэщIэн хуей хъуурэ щытыркъым. Ауэ, хабзэр унафэри къызхэхъукIырщ, икIи унафэри зыхыхьэ хъурщ; ар гъащIэм зэрыдэщIыгъурэ, дэщIыгъуу зэрыужькIэрэй, Тхьэ Iуэхугъуэхэми хуэфIу щытырщ.

Хабзэ зехьэныр, зыхэт цIыхубэм зэрезэгъ Iуэхугъуэу зэрыщыткIэрэу, зезыхьэ цIыхум къыщхьэпэрщ; ар а цIыхубэм хэт зыщIырщ, цIыхубэм хэтурэй хей зыщIырщ.

Нэхъри лъабжьэу ущIэплъэжмэ, хабзэр, ″хы″м (*ординат*ым) и кIуэтэгъуэрэ и зэманыгъуэр (э) зэрызекIуэ ″бзэ″уэ (*логие*уэ) зэреджапхъэри гурыIуэгъуэщ. Ар щыхъукIэ, ″хабзэр″, щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ зы гуэрым – зы *функц*эм- и щыIэкIэм и бзэу щытырщ. ТIэ, сытри щыIэгъуэм къызэрытехьэрэ зэрыщыIэм, зэрыужьрэ щыIэкIэ зэригъуэт щIыкIэм зы

хабзэ иIэжщи, "хабзэ"р, дэтхэнэ зы щыIэм и щыIэкIэ хъур къэзыIуатэу зы псалъэу лъытапхъэщ.

*

ЩыIэу хъуар къэзыгъэщIауэ цIыхум илъытэр Тхьэращи, щыIэр къызэрыхъунурэ зэрщыIэну щIыкIэри, зэрыужьынурэ зэрыхэкIуэдэжыну щIыкIэри къизыIуэрэ къэзыгъэлъагъуэр зы "Тхьэбзэ"у жыIэпхъэщ. Ар икIэ нэгъунэ къыдгурымыIуэми, дызтетырщ: Дыкъохъу, допсэу, зы гуэрхэр догъахъэ, долIэжыр.

Мыхэр гурыIуэгъуэ къызхуэхъуу щыт цIыхум, тхьэбзэм щыщ зы гуэрхэр къыгурыIуэу жыIэпхъэщ. ЩыIэр къызэрыхъурэ зэрыщыIэ щIыкIэр къэзыIуатэрауэ жыIэпхъэщ, кIэщIыу, "тхьэбзэ"р. Тхьэбзэр дэтхэнэ зы Iуэхугъуэрэ къэхъу къэщIым хэту щытырщи, ар гурыIуэгъуэу щытмэ, абы щыIэгъуэ джар къигъэлъагъуу щытынщ. Мыхэр Тхьэ Iуэхугъуэу щытхэрщи, ахэр къэзыгъэлъагъуэу щыт гуэрхэри, Тхьэ Iуэхугъуэрэ логиеу зэрылажьэрэкIэ тхьэбзэрщ.

Адыгэбзэм "тхьэбзэ" псалъэри, абы къытехъукIауэ щыт псалъэхэри хэтщ. А псалъэр зи гугъу тщIыуэ щыт тхьэбзэ Iуэхугъуэу къапщтэрэ утепсэлъыхьу щытмэ, нобэрей цIыхубэм и Тхьэ фIэщхъуныгъэ щIыкIэм къызэрыгуэкIкIэ бэлыхь лажьэ ухэхуэу аращ.

Ауэ, уегупщысмэ, гъащIэрэ щIылъэр, къэхъу-къэщIрэ дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр къызэрыхъу щIыкIэрэ щхьэусыгъуэр Тхьэращ. Ар мы системэ къекIуэкIым и щхьэусыгъуэрщ, икIи ар къезгъэкIуэкIрэ къызэрекIуэкIырщ. Псэри къэзгъэщIар аращ, бзэри мы къекIуэкI системэр къызэрекIуэкI Iуэхугъуэ зэрыхъукIэрэу, Тхьэ Iуэхугъуэ зыхэлъырщ. Тхьэ Iуэхугъуэ зыхэмылъ щыIэкъым.

Бзэр къыщыхъуарэ зэрзэтеува лъэхьанэхэм цIыхур (хьэр) гъащIэрэ щыIэу хъуам нэхъ хэпщарэ натуралу щытагъэнщ; ар щыхъукIэй, и Тхьэм нэхъ хуэпэгъунэгъуу щытынт. Аращи, бзэр натуралрэ, Тхьэ Iуэхугъуэу хъуар къызэрекIуэкI щIыкIэм зэрезэгъкIэрэ зэтеувауэ къыщIэкIынщ. Мыбы тету зыужьыгъуэ зэриIэрэкIэ зэтеувэу щыт бзэр, зэрызэтеувэкIэм къызэрыгуэкIкIэ, натуралрэ щыIэгъуэ щIыкIэр, Тхьэ Iуэхугъуэрэ Iуэху тхьэбзэхэр гурыIуэгъуэ зыщIыу щыт зы бзэу щытынщ.

Иужьым, бзэ куэдым и лъабжьэр зэрыщIэудкIэрэу, а системэм езэгърэ абы къытехъукIауэ щыт псалъэхэр мыгурыIуэгъуэжу хэкIуэдэжагъэнщ. Ауэ, ныкъуэ дыкъуэми, бзэ псоми, мыпхуэдэ псалъэрэ лэжьэкIэхэр къыхэнэжауэ щытынщ. Нобэ Адыгэбзэм "тхьэбзэ"рэ "Iуэху тхьэбзэ, Iуэху тхьэбзащIэ" хуэдэ псалъэхэр щIыхэтрэ, а псалъэхэм къыраIуэу щытыр, мы зи гугъу тщIыуэ щыт Iуэхугъуэхэрагъэнщ. Адыгэбзэр зи лъабжьэ зымыгъэкIуэдыжауэ зы бзэу къэнауэ жыIэпхъэщ.

ГурыIуэгъуэщи, "тхьэбзэ" жыхуэтIэу зы дамыгъэу зэрахьэр тхыпхъэ гуэрырщ; ар зы бзэ щхьэ, зы псэлъэбзэкъым. Зы псэлъэбзэу

″тхьэбзэ″ псалъэри къэхъупхъэнщи, ар тхьэкIумэкIэщ зэрызыхэпщIэнурэ зэрыплъытэнур. Ауэ, тхыпхъэ тхьэбзэр лъытэныр нэм и Iуэхугъуэрщ.

Дауи щырет, ар зы логие зиIэрщи, зы бзэу щытырщ; бзэр псэлъэбзэ закъуэу зэрыщымытыр гурыIуэгъуэщ. Зы Iуэху щIэкIэри мыпхуэдэу зы логие зиIэрщи, ари ″бзэ″ псалъэм къыриIуапхъэщ. Ар зы Тхьэ Iуэхугъуэу лъытапхъэмэ, тIэ, ар зы ″Iуэху тхьэбзэ″ хъунщи, мыбы къикIынури, зы Iуэхур зэрыхъун хуей щIыкIэ хъунщ. Ар зэрыхъун хуей щIыкIэу зыгъэзэщIэну щытыр зы ″Iуэху тхэбзащIэ″рщ. ТIэ, сытри зы Тхьэ Iуэхугъуэу къекIуэкIыу щытмэ, дэтхэнэ зы Iуэхури къызэрыхъунурэ зэрызэтеувэну щIыкIэй щыIэщи, ар зы логиещ, зы бзэщ; арагъэнщ ″Iуэху тхьэбзэ″р.

″Тхьэбзэ″ псалъэр, "тхьэ" псалъэм "бзэ" кIэух къыпыхьэу лэжьыгъэ зыгъуэту зы псалъэрщ. "Бзэ"р, дэтхэнэ зы щыIэрэ джыуэ щытым и ужьыкIэ хъууэ щытрэ зэрыубзыхур къэзыгъэлъагъуэу зы псалъэрщ. "Тхьэ"р, дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэрэ ужьу щытыр къэзгъэщIарщ. "Тхьэбзэ"р, Тхьэм и бзэ зэрыхъукIэрэу, дэтхэнэ зы Iуэху тхьэбзэр гурыIуэгъуэ зыщIырщ; икIи, Тхьэр гурыIуэгъуэ зыщIырщ. Тхьэр, дэтхэнэ зы щыIэгъуэ зиIэр къэзгъэщIа зэрыхъукIэрэу, ар гурыIуэгъуэ зыщIыу щыт тхьэбзэр, щыIэр щыIэ зэрыхъу щIыкIэрэ зэрыщыIэкIэр и лъабжьэкIэ гурыIуэгъуэ зыщIыфу утыку къизылъхьэфрагъэнщ.

Ар щыхъукIэй, тхьэбзэр ауэ къызэрыкIуэу зы тхыгъэкъым е зы псалъэркъым. Ар, зи тхыгъэрэ зи псалъэ хъууэ щытыр, щыIэгъуэу утыку къызэрихьэрэ зэрыхъур къэзыгъэлъагъуэрагъэнщ. Ар зы тхыпхъэу щытмэ, а тхыпхъэр зы Тхьэ Iуэхугъуэу, щыIэгъуэ лъабжьэ хъуфу зы тхыпхъэрщи, а тхыпхъэрэкIэ Тхьэри, Тхьэ IуэхугъуэрэкIэ щыIэгъуэр къызэрыхъу щIыкIэри гурыIуэгъуэ хъуфу къыщIэкIынщ. Тхьэбзэр, щыIэрэ плъагъуу щытым щхьэщыкIыу зы кууагъ узхишэу, а плъагъуу щытым и лъабжьэрэ и къэхъукIэр къыбгурызгъэIуэфрагъэнщ.

Арагъэнщи, къызэрежьэр зэманыгъуэ кIыхь хъууэ щытрэ, лъэпкъхэм яIэу щыт дамыгъэхэр, и лъабжьэкIэ "тхьэбзэ"у щытауэ къыщIэкIынщ. Ар адбыгэбзэм къызэриIуатэ щIыкIэр, -нобэ абы мыхьэнэ лъэныкъуэкIэ сабэ тырищIа хуэдэу щытми-, ″тхьэбзэ″ псалъэрэкIэщ. ″Тхьэбзэ″у щытахэр, иужькIэ къызэрагъэсэбэп щIыкIэр нэгъуэщIыгъуэу зэхъуэкIауэ щытми, ахэм я къежьапIэр аращи, щыIэгъуэр гурыIуэгъуэ щIыным ехьэлIарэ щыIэгъуэр къызэрыхъу лъабжьэр къызэригъэлъагъукIэрэу, а лъэпкъым и щIэныгъэрэ фIэщхъуныгъэрэкIэ ухуауэ Тхьэр гурыIуэгъуэ зыщI тхыпхъэхэу къыщIэкIынт.

А тхыпхъэхэр, Тхьэр гурыIуэгъуэ зыщI Iуэхугъуэхэу, а лъэпкъым дэщIыгъуу зэрихьау щытащ; икIи, дэтхэнэ зы тхыпхъэрэ тхын Iуэхугъуэм папщIэ, мы тхьэбзэхэр къагъэсэбэпу щытагъэнщ. Мы IуэхугъуэрэкIэй, а

лъэпкъыжьхэм Тхьэр сыт щыгъуэй я гурыIуэгъуэ зэрыхъу щIыкIэу къэгъуэгурыкIуагъэнщ; Тхьэм дэщIыгъуу гъуэгурыкIуэу щытагъэнхэщ.

ТIэ, нобэ унагъуэ дамыгъэрэ тхьэбзэу жыхуэтIэу зетхьэхэр ипщэкIэ зи гугъу зэрытщIам хуэдэу щытауэ жыIэпхъэщ. Дэтхэнэ зы унагъуэм нобэ иIэу щыт дамыгъэр мыпхуэдэу щытауэ жытIэркъым; ауэ, мы лъабжьэм къызэрытехъукIар жыIэпхъэщ. Дамыгъэ гуэрхэри, жытIауэ щытхэм хуэдэу зы тхьэбзэу къызэрежьа щIыкIэрэ тхэбзэ къабзэу щыту жыIэпхъэщ икIий; тIэ, апхуэдэ дамыгъэ зезыхьауэ щыт унагъуэхэм ямыщIэххэу щытами, я гуфIэгъуэу лъытапхъэщ. Ауэ, дэтхэнэ зы Адыгэ дамыгъэр зезыхьэу щыт унагъуэм езым къигъэщIарэ къыдэгъуэгурыкIуауэ жыпIэныр игъуэкъыми, мыбы теухуауэ жыIэпхъэр мырагъэнщ: "Дамыгъэ" жыхуэтIэу зетхьэу щыт тхьэбзэ гуэрхэр Адыгэ лъэпкъ псоми я зэхуэдэу я тхыпхъэрэ тхыгъэ лъабжьэрщ; я зэхуэдэу тхьэбзэу яIаращи, ар икIи цIыхугъэм и зы архивырщ.

**Бдзы...**

"Бдзы" макъ зэгуэтыр, "б" Iэмалыгъуэр "дзы" Iуэхугъуэ хъуауэ зы макъырщ. Ар щыхъукIэ, зы гуэрым елъытэгъуэ зиIэу зыгъэужь "дзын" Iуэхугъуэрщ абы къыриIуэр. Ар дзын Iуэхугъуэ щыхъукIэй, быдэрэ памцIэу зы Iуэхугъуэрщ утыку къырилъхьэр.

"Бдзы"р, зы гуэрым дэдзэнрэ дэгъэнэн папщIэ къагъэсэбэпу зы Iэмэпсымэм фIэщыгъэцIэ хуэхъуауэ щытщ. Ар зи лъабжьэу къэхъу "бдзумэ"ри, зы пхъэ зэхуакIум зэрыдаIурэ зэрыдадзэкIэрэу, зыдэлъ хъуар зэрзыгуагъэкI Iэмэпсымэщ. Мы Iуэхугъуэрэ Iэмэпсымэ хъууэ щытым къыхэхъукI псалъэхэрщ "бдзын, бдзыпхъэ..." хуэдэхэри.

"Бдзанэ"р, зы гуэр зэрыдэнарэ зэреуам къызэрыгуэкIкIэ, бэгауэ шын къыздикIыпхъэ хъуарщ.

"Бдзэжьей"р псым хэсу зы псэущхьэм и фIэщыгъэцIэщ. Бдзэжьей лIэужьыгъуэ куэд щыIэщ. "Бдзэ"ри зы бдзэжьей лIэужьыгъуэ лъэпкъщ, икIи ягъэлъапIэу зы бдзэжьейщ; ар урысыбзэкIэ севрюга жыхуаIэрщ. "Бдзэ" лъэпкъ лIэужьыгъуэ куэди тетщ дунейм; ауэ, ахэм ущыгъуазэу щытмэ, псоми я щIыфэм "бдзы" хуэдэу банэ быдэхэр зэрытетыр нэрылъагъущ. Ар щыхъукIэй, а псэущхьэм адыгэбзэкIэ "бдзэ" щIыфIащар гурыIуэгъуэу щытщ: "Бдзы" зиIэу щыт псэущхьэм и цIэр "бдзэ" хъунщ.

Ар игъуэджэу зэрыфIащам къыщынэркъым Iуэхур. "Бдзэжьей" псалъэр зэпкъырыпхмэ (бдзэ-жьей), ар "бдзэм и жьей" е "бдзэжьым ей" хуэдэу гурыIуэгъуэ хъунщ. ТIэ, мыпхуэдэу гурыIуэгъуэ хъууэ щытрэ, адыгэбзэм жиIэр пэжу къыдгурыIуэмэ, бдзэжьей лъэпкъыр бдзэм къытехъукIауэ жыIэпхъэщ; бдзэжьейр бдзэм и жьейщ.

Бдзэ жыхуаIэ псэущхьэм и щIыфэм бдзыхэр зэрытетым и гугъу тщIагъэхэщ. Ауэ, "бдзэ"мрэ, абы и щIыфэм тету щыт банэ е бдзыхэм

фIыуэ ущеплъым щыгъуэ, *динозор* лIэужьыгъуэм я щIыфэм тету ялъытэу щыт бдзыхэм зэрещхьыр гулъытапхъэу щытщи, ар, динозор лIэужьыгъуэхэм йомыгъэщхьыну Iэмал имыIэу жыIэпхъэщ. ТIэ, ар динозоря лъэхьанэм къыщIэныжарэ, иужькIэ гъащIэм къызэрихькIэ цIыкIу зэрыхъужари гукъэкI мэхъур. Арамэ, бдзэжьей лъэпкъыр къызтехъукIыжауэ щыт динозор лъэпкъ лIэужьыгъуэу щытагъэнщ ″бдзэ″ жыхуаIэ бдзэжьей лъэпкъ лIэужьыгъуэр.

″Бдзэ″р зи лъабжьэу нэгъуэщI бдзэжьей лIэужьыгъуэ фIэщыгъэцIэхэри щыIэщ: «Бдзэгей, бдзафэ, бдзафIэ...».

**Бгы...**

"Бгы" макъ зэгуэтыр, зэрелъытакIэрэ зыужьыгъуэ эфект зиIэ "б"ыр "гы" макъкIэ щызешэм щыгъуэ къэхъуу зы макъырщ. Ар щыхъукIэ, зыужьыгъуэ зиIэрэ ″гы″ Iэмалыгъуэ зиIэу зы макъ зэгуэтщ къэхъури, ар зы бэгагъэрэ лъэгапIэу щытыр къизыIуэ хъунщ.

Мыбы къызэрыгуэкIкIэй, ″бгы″ псалъэр зы лъэгапIэ къизыIуэу зы псалъэрщ. Ар зы лъэгапIэрщ; ауэ, а лъэгапIэр къызхэхъукIарэ зэрелъыта щыIэщи, ар щIыгу хъурейрщ. Аращи, "бгы"ри, "къу" макъым идж Iуэхугъуэм хуэдэу зы гуэр зыджу зы макъ зэгуэтщ. "Къу" макъыр, къыхэхъукIрэ ужьыгъуэр зи мыхьэнэ зэрыхъукIэрэ, щIым къытехъукIа лъэгапIэр зыджырщ; "бгы" макъ зэгуэтым, бэгын пэлъытэкIэрэ къэхъу лъэгапIэр егъэлъагъур.

"Бгы" зи лъабжьэу къэхъу псалъэхэри щыIэщ: «Бгым инэн Iуэхугъуэу "бгынэн, бгынэжын", бгырыс, бгыщхьэ, бгыкъу...».

Зы лъэгапIэу щыту екIуэкI къущхьэхэм хуэдэу, псэущхьэм къыхэхъукIыу и лъэгапIэ хъури "бгы"щ. Ар, нобэ зэфIэту щыт цIыху щытыкIэм къытемыхъукIауэ зы фIэщыгъэцIэ псалъэу зэрщытыр гурыIуэгъуэнщ; цIыхур къыщызэфIэувэрэ зэфIэту щытыныр и щытыкIэ зэрыхъуакIэрэу, и "бгы"р и лъэгапIэу щытыжкъым. ЦIыхум и бгым щIэпхэн хъур "бгырыпх"щ.

"Бгы" хуэдэу къыхэхъукIрэ ″гы″ IэмалыгъуэкIэ къэбэгрэ лъагэ хъу пэлъытэу къэпщтынрэ къэгубжьын Iуэхугъуэм къигъэщIхэр "бгэн, ебгын" псалъэхэрщ.

**Бгъы-Бгъэ...**

"Б" Iэмалыгъуэр, "гъы" кIэухкIэ щызешэкIэ къэхъур "бгъы" макъ зэгуэтырщ. "Гъы" Iуэхугъуэр, гъащIэр къызэрыувыIэрэ мыджэж зыщIырщ; зыужьыгъуэрэ "бын" Iуэхугъуэ къызхэкI ″бы″ макъым и эфекту щыт "б"м и кIэухыр "гъы" щыхъукIэ, зыужьыгъуэрэ бын зиIэн Iэмалыгъуэр къызэрыувыIар зыджу зы Iуэхугъуэрщ къэхъур. ИкIи, ″б″ырэ ″гъы″уэ

лажьэу зы макъ зэгуэт Iэмалыгъуэу къэхъуу щыт ″бгъы″м щхьэжу зы мыхьэнэ утыку къырилъхьэркъыми, ар зы Iэмалыгъуэу къонэр.

ТIэ, ″бы″ Iуэхугъуэр гъащIэ Iуэхугъуэрэ, ″гъы″ри гъащIэ Iуэхугъуэр къэзыгъэувыIэ щыхъукIэ, ″бгъы″ макъым къикIыр гъащIэ зыужьыгъуэ Iуэхугъуэр къэувыIэнырщ. "Бгъы" Iуэхугъуэр, гъащIэ зиIэрэ псэущхьэу щытым и зы щыIэкIэу щытырщ; ар ″гъы″ защIэу щытыркъым, икIи, гъы защIэу щытынри гъащIэм зэремызэгъынури ″гъы″ макъым дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ жытIагъэхэщ. Ар щыхъукIэй, ″бгъы″ макъ зэгуэтыр, бзэ хабзэрэ гъащIэ Iуэхугъуэу "бгъы-э"у къэIуэтапхъэ хъунщи, ари "бгъэ"рщ. Бзэ хабзэм къызэригъэлъагъурэ гъащIэм тет хъууэ щыт зы Iуэхугъуэ щыхъукIэй, ар бзэм зэрхэт щIыкIэр "бгъэ"щ; зы щыIэкIэ зэрыхъукIэрэй, ар "бгъы"уэ къанэркъым. "Бгъэ"р бын зымгъуэтрэ къэзмылъху е мылъхуэу щыт псэущхьэбзырщ.

″Гъы″ макъыр зи кIэухрэ псэущхьэбз Iуэхугъуэу щыт ″бгъэ (бгъы-э)″ макъ зэгуэтым къыриIуэр гурыIуэгъуэщи, ар къэзымылъхурэ къэзымыгъэхъурщ. ″Гу″ри бзырэ зы лъабжьэу щытрэ къэзылъхуу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэй, ар ″бгъы-э″у щылажьэм щыгъуэ, къэхъунур зигу хуэмыкIуэн псалъэрщ. Мыпхуэдэу зы гуэрым гукъыдэж зыхуимыIэнрэ зигу зыхуэмыкIуэр, зы гуэрым игу щыун Iуэхугъуэхэр "губгъанэ, игу ебгъэн" псалъэрэ жыIэгъуэхэу утыку къохъур. Ар, "гъы-э" Iуэхугъуэу, зигу зыхуэмыкIуэж е зигу къызхудэмыжыж хуэдэу, зыхуэмы"гъэ"ж мыхьэнэ къызэрикIэкIэй жыIэпхъэнщ.

*

Адыгэбзэм хэту, нэгъуэщI ″бгъэ″ псалъэхэри щыIэщ. Ауэ, а псалъэхэр къызэрыхъу щIыкIэр зи гугъу зэрытщIам хуэдэу ″гъы-э″ щIыкIэрэкъым. Ахэр ″гъэ″ кIэухкIэрэ къэхъуауэ щыт псалъэхэрщи, иджы апхуэдэу ″бгъэ″ макъ зэгуэт къэхъукIэхэм дытепсэлъыхьынщ.

"Гъэ" макъыр гъащIэр къэзгъэщI зэрыхъукIэ, ар къэзгъэувыIэ Iуэхугъуэ хъууэ щыт "гъы" макъым елъытарэ, абы и пхэнджу (ауэ, гъащIэм хуэзахуэу!) къэсэбэпырщ. "Гъэ" макърэ псалъэ хъуам, дэтхэнэ зы псэугъуэ зиIэр зыгъэужьрэ зыгъафIэу щытырщ; ар зи кIэух хъууэ щыт псалъэри утыку къизылъхьэ Iуэхугъуэу гъэ зыщIырщ, зыгъэджырщ.

Ар "гъэ" зэрыхъукIэрэу зы "б" Iэмалыгъуэм и кIэух хъурэ ар щызэришэкIэ къэхъуу щыт "бгъэ" псалъэр, зыужьыгъуэр (б) зы″гъэ″нырщи, ар зы псэущхьэм и гупэ лъэныкъуэу зы Iэпкълъэпкъым и фIэщыгъэцIэ хъунщ. А псэущхьэ Iэпкълъэпкъ лъэныкъуэу щытыр, а псэущхьэм и бэуапIэрщ.

″Бгъэ″р зи лъабжьэу "бгъэгу, бгъафэ, бгъэIулъ..." хуэдэ псалъэхэр утыку къохьэр. "Бгъэ"р щыIэм и зы лъэныкъуэ зэрыхъукIэй "бгъэдэлъын, бгъэдэтын, бгъэдэсын, бгъэдэувэн, къыбгъэдэхун..." хуэдэ Iуэхугъуэхэри псалъэу утыку къохьэр. "Бгъэ"р зы гъащIэ зиIэм и ужьыгъуэ лъэныкъуэ

зэрыхъукIэрэу, зы лъэныкъуэкIэ зи бгъэ етарэ зыгуэрым теуэн Iуэхугъуэри "бгъэрын, бгъэрыкIуэн" Iуэхугъуэрщ.

"Бгъэ"р, бгъэрыкIуэрэ зи бгъэри бгъуэуэ щыт зы бзу лъэпкъми и фIэщыгъэцIэрщ.

**Бгъу...**

"Бгъу" макъыр, "б" Iэмалыгъуэр "гъу" макъымкIэ зешэу зы макъ зэгуэтщ. ЗырелъытакIэрэ зыужьыгъуэ зиIэ эфект хъууэ щыт "б"ыр "гъу" IэмалыгъуэрэкIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъунур, а зыужьыгъуэр ″гъу″м хуэкIуэн Iуэхугъуэрщ. ″Бгъу″р ″гъу″ Iуэхугъуэ зэрыхъурэ, ″гъу″ри щыIэгъуэ зиIэ мыхъуауэ щытрэ, щыIэм и пIэ пэлъытэу щытырщи, абы къытехъукIа ″бгъу″ макъри зы Iэмалыгъуэ зэрыхъукIэрэу гурыIуэгъуащэкъым.

"Бгъу"р зы бжыгъэу зэрщыткIэрэу гурыIуэгъуащэ хъуркъым. Ар макъ зэпкъырыхыкIэкIэ, ипщэкIэ зэржытIам хуэдэу жыIэпхъэрщи, а бжыгъэм иджыр ″зэрелъытарэкIэ зыужьыгъуэ зиIэу гъу″ хъурщ.

ЖыIэпхъэмэ, зы щыIэ гуэрым и гъуэр и гъунапкъэ зэрыхъукIэрэ ужьыгъуэ хъурэ джырщ ″бгъу″р. Зы гуэрым и гъунапкъэхэр зыщIиуфапхъэу зы гуэр тепхъуэныр, ар абы "теубгъуэн" Iуэхугъуэрщ. А тепхъуэр зы гуэрым теубгъуа зэрыхъум хуэдэ зы Iуэхуу, дэтхэнэ и зы къуапэр шарэ зэкIэщIэшауэ гъэтIылъыныр "убгъун" Iуэхугъуэрщ.

"Бгъу" макъым зэманыгъуэрэ кIуэтэгъуэ щигъуэткIэ "бгъуэ" мэхъур. Бгъуэ псалъэр зыужьыгъуэ зиIэу зы гъуэ хъууэ жыIэпхъэнщ. ″Бгъу″м къикIыр гурыIуэгъуащэу щымытми, ″бгъуэ″р гурыIуэгъуафIэщ. Ар зы гъуэ Iуэхугъуэм теухуауэ утыку къихьэу зы псалъэщ.

"Бгъу-бгъуэ" макърэ псалъэр зи лъабжьэрэкIэ псалъэхэр къохъур. Бгъуэрэ гъуэ зыужьыгъэ хъууэ щытыр, быхъу пэлъытэу жыIэпхъэр, зэвыгъэ зиIэ хъурэ зэIуша щыхъукIэ "бгъузэ" псалъэр къохъур; зи бгъухэр зэхуэдэ пэлъытэ хъурщ ар. Зы щIыгу IэнатIэрэ зиубгъуауэ щытыр е бгъуэуэ щытыр "губгъуэ"щ. Бгъуэ хъууэ щытыр зы щIагърэ зы щIыхьэпIэ хуэдэу щытмэ, ар "бгъуэщIагъ"щ. Зы пэ бгъуэр "пабгъуэ е пэбгъу"щ.

"Ныбгъуэ"р зы бзу лъэпкъщ, ауэ сытым къызэргуэкIрэкIэ мы фIэщыгъэцIэр хуагъэфэщами гурыIуэгъуэкъым.

Зы щыIэрэ зы пкъыгъуэ зиIэу щытым и гъунапкъэ джын Iуэхугъуэу щыт "гъу"кIэрэ лэжьыгъэ зиIэу щыт ″бгъу″ри, зы пкъыгъуэм и зы лъэныкъуэ хъурщ: Ижь лъэныкъуэр ″ижьрабгъу″рщ; сэмэгу лъэныкъуэр ″сэмэгурабгъу″рщ. Зы гуэрым и гъунэ хъууэ щытыр и зы лъэныкъуэ зэрыхъукIэрэу, ар абы "ибгъу"щ; ибгъум Iутыныр "бгъурытын"ырщ. Мыбы хуэдэ псалъэхэрщ: «Бгъурыдзэн, бгъурысэн,

бгъурыхун...». Дэтхэнэ и зы лъэныкъуэр зэрибгъукIэрэу, а лъэныкъуэмкIэ ебарэ жа хъур "бгъунж"щ.

**Бжы...**

"Бжы" макъ зэгуэтыр, "б" Iэмалыгъуэр "жы" макъкIэ щызешэкIэ къохъур. ЗэрзэрелъытарэкIэ зыужьыгъуэ эфекту щыт ″б″ыр "жы" глаголкIэ щылажьэм щыгъуэ, ар зы псынщIэрыкIуэ хъунщи, зэрелъыта ужьыгъуэкIэ (б) ижынщ; зелъытарэ зыхуэужьыгъуэу щыт сытми тежынщ, жэрыжэ зиIэу щытынщ. "Бжын" Iуэхугъуэр, ябжу щытым зэрелъытакIэрэу ужьрэ жэ хъурщ, ахэм тежу щыт хъурщ; ″бжын″ Iуэхум ахэр зэрилъытэр мыпхуэдэущ.

Ауэ, макъхэм жаIэу щытыр зэхэщIыкIыпхъэ хъууэ щытми, "бжы" Iэмалыгъуэ лэжьэкIэу къэхъуу щыт "бжын" Iуэхугъуэм, зы щыIэ гуэр къызэримыIуэр гурыIуэгъуэщ; ар зэрылажьэ щIыкIэу щыIэ гуэрхэм тежу щытырщи, а щыIэхэр зэрылъытапхъэр мыпхуэдэущ. "Бжын" Iуэхугъуэр къезгъэкIуэкI "бжыгъэ"хэр "бжыгъэцIэ"щи, ахэр "къабж"ыр, ахэмкIэ зы щыIэ гуэрхэр "ябж"ыр; щыIэ гуэрхэм темыIэбэрэ, ахэр зэримыджкIэрэу лъытэныгъэ зэращIыр, ахэр зэрабжкIэрэщ. "Бжын" Iуэхугъуэр къекIуэкIыу щытмэ, ари ″бжэн″ псалъэм къыриIуэу щыт зы Iуэхугъуэрщ.

″Бжын″ Iуэхугъуэу щытыр, щыIэу щыт лIэужьыгъуэ гуэрхэм хуэдэу щыIэгъуэ зиIэу щытыркъым; а Iуэхугъуэм езыр щыIэгъуэ зиIэркъым; икIи ар зы пкъыгъуэу щытыркъым, пкъыгъуэу утыку къихьэу зы Iуэхугъуэркъым; ар лъытапхъэу щытырщи, умылъытэмэ щыIэ хъуркъым. Ббжымэ плъытэу аращ; умыбжмэ умылъытэу аращ; ар зэрыщыIэр зэрыплъытэм елъытащ, мыхъумэ, езырыжу щыIэу щытыркъым. Ар зы Iуэхугъуэу лъытапхъэми, зихъуэкIрэ утыку къырилъхьэ гуэр щыIэкъым.

Адыгэбзэм и бжыгъэхэри макъ мыхьэнэу зэхэлъхьауэ щытщ. А бжыгъэцIэхэр зэрызэтеувар макъ Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэкIэрщи, дэтхэнэ зы бжьыгъэм хуэдэу, ахэми ягъэзащIэр бжын Iуэхугъуэм хуэдэу тежыпхъэу щытми, дэтхэнэ зы бжыгъэр зы гупщысэрэ зы Iэмалыгъуэу утыку иту щытщ. Ахэр зэрыухуа макъхэм ядж Iэмалыгъуэу ухуауэ щытщи, зэрыухуа макъым щыгъуэ бжыгъэхэми дытепсэлъыхьу щытщ.

Мыбдежым дигу къэдгъэкIыжын папщIэ, кIэщIыу и гугъу тщIынщ бжыгъэцIэхэм:

*″Зы″р, пашэу зы бжыгъэрщи, икIи щыIэгъуэ псор зыуэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIырщ. Сытри къызхэкIрэ зыхыхьэжырщи, а нэхъ псорэ зэгущу щыт закъуэрщ зыр.

*″ТIу″р, зыр зэрыпсор зэрыкIуэдрэ зы куэдагъэр къызэрежьэрщи, зыгъэбагъуэ Iэмалыгъуэм (тIы) и ужьыгъуэрщ (у) ″тIу″р.

*″Щы″р, кIуэтэгъуэрэ зэщхьэщыкIынығъэу утыку къихьэм къыдищIэу къэхъурщи, ар щыIэ хъуным и лъабжьэрщ.

*″ПлIы″р, щыIэ хъуарэ зы пIэ зыгъуэта лъэщыгъэрэ зэпэщыгъэ пэлъытэм и бжыгъэрщ.

*″Тху″р, плIырэ зэпэщу щытым щхьэщыкI зэрыхъукIэрэу, зы къэру къызкIэщIэткIэрэу хурщ.

*″Хы″р, щыIэ хъуарэ (щы) икIи зэпэщу щытыр (плIы) лIыгъэрэкIэ зэрыхукIэрэу (тху) къэхъуу щыт зы куэдагъэрэ лъабжьэу утыку къихьэрщ.

*″Блы″р, зы куэдагъэрэ зы лъабжэу утыку къихьар (хы), зэрыхъун хъуарэ тIыгъуауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэ зыщIыу зы бжыгъэцIэрщи, абы къытхуихьынур зэщIэблэнырщ.

*″И″р, зы лъабжьэу зэрыхъун хъуарэ зэщIэблауэ зэпэщу щытым щхьэщыкIынрэ икIын Iуэхугъуэр зыджу зы плъыфэцIэрщ.

*″Бгъу″р, а зэщIэбларэ зэрыхъун хъуауэ щытым ″и″р зэрызэщхьэщыкIым къызэрыгуэкIкIэ зиубгъун Iэмалыгъуэр къизыIуэу зы бжыгъэцIэрщ.

*″ПщIы″р, мы бжыгъэхэр утыку къызэрихьэ щIыкIэу бжын Iуэхур щызэфIэкI щIыпIэрэ щIыкIэу къэблэжьрэ пщIыуэ щытыр къэзыгъэлъагъуэу зы бжыгъэцIэу къыщIэкIынщ.

*

Бжын Iуэхугъуэр лъытапхъэ Iуэхугъуэу зэрыщытрэ, езырыжу зы пкъыгъуэрэ IупщIыу зы Iуэхугъуэ зэрымыхъур гурыIуэгъуэ хъуауэ щытщ. Мыпхуэдэу, зы пкъыгъуэ мыхъурэ, зы унэ е зы бгъуэщIагъым и щIыхьэпIэрэ и щIэкIыпIэу щытыр ″бжэ″щ. Ар блынитI зэхуакущ, зы мывэм къибзыкIауэ зы пкъыгъуэ зэхуакуу щытырщ. Къэхухьауэ щытрэ, дэтхэнэ зы кIуэцI зиIэм и щIыхьэпIэрэ и щIэкIыпIэу щытыр ″бжэ″рщи, ар а къэхухьыгъэм хэмытырщ, щымыщырщ. Ауэ, абы щыщу лъытапхъэрщ. Бжэр зи бжэу щыт унэрэ къэхухьауэ щытым щымыщрэ, щыщу лъытапхъэ хъурщ.

″Бжэ″м къиIуатэу щытыр сыт хуэдизкIэ зы нэщIыгъэрэ зы зэхуакуу щытми, ар гъэбыдапхъэ хъууэ щыщIидзэм щыгъуэ, а бжэ зэхуакум Iулъхьапхъэрэ IупIапхъэу щытри ″бжэ″уэ къыраIуэу щIадзагъэнщ. Арагъэнщ, бжэрэ зы зэхуакуу щытыр IупIэн IуэхугъуэкIэ къэсэбэпрэ, бжэ къыхэщIыкIыпхъэу щытым ″бжэгъу″ щIыфащар. ИкIи, бжэ хъупхъэу зэрыщытрагъэнщ зы жыг лъэпкъым ″бжей″ щIыфащар. Бжэ Iуэхугъуэм къытехъукIауэ щытщ мы псалъэхэри: «БжэIу, бжэщхьэIу, бжэкъу, бжэIупэ...».

"Бжэмыш" псалъэри къызэрыхъуарэ зэрызэтеува щIыкIэр мырагъэнщ: Ар, жьэм жьэдэлъхьапхъэрэ Iулъхьапхъэу зэрыщыткIэрэу зы ″бжэ″ Iуэхугъуэрщ; зи гугъу тщIыуэ щыт жьэм и Iуэхур шхын Iуэхугъуэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ а ″бжэ″р пшхы хъууэ щымытырщи, ″мыш″ырщ.

"Гъубжэ"р зы Iэмэпсымэщ. Ар, зы къэкIыгъэ Iэрамэр къызэщIэзыкъуэрэ, къызэщIиубыдэр къыпызыупщIыфу зы Iэмэпсымэрщ. ЦIыхум хисэу къигъэкIыу щытхэр къипщIыжынрэ зэхуихьэсыжыным папщIэ къигъэсэбэпу щытащ ар. А къэкIыгъэхэр къызэрыщIикъуэфын папщIэ къигъукIа пэлъытэрэ, къэгъэукъуэншауэ гъущIым къыхэщIыкIауэ зы Iэмэпсымэрщ гъубжэр. Абы икуу щытрагъэнщ "гъу"м къигъэлъагъуэри, ар зэхуэщIауэ щыткъым; абы зы "бжэ" иIэжу щытщи, арагъэнщ ар щIэ"гъубжэ"р.

"Гъубж" псалъэри зы махуэ фIэщыгъэцIэу щытщ нобэ. А псалъэр зэпкъырыпхрэ уедэIуу щытмэ, "гъу" Iуэхугъуэ "бжын"у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. "Гъу"м зэманыгъуэ щигъуэтым щыгъуэ къэхъур "гъуэ"рщи, ар щыIэу щыт гуэрырщ. Ауэ, "гъу"м къыриIуэр "гъуэ"м хуэдэу щыIэ хъуауэ щыт гуэрырыкъым; ар иджыри игъуэ къэмысауэ щытырщ; ар щыхъукIэй, къэхъупхъэрэ гъуэ зыгъуэтыпхъэу щытыр къизыIуэрщ "гъу"р. ТIэ, "гъубж"ыр къэхъуну щытым и "гъу"р зыбжырщи, ар къэхъу-къэщIэнур щIэнрагъэнщ. Ар зы мэгъу Iуэхугъуэу къыщIэкIынщи, ар зы лъэхъанэм и зы щIэныгъэрэ и фIэщхъуныгъэу зэрыщытарагъэнщ "гъубж" псалъэм къыдгуригъаIуэр. ТIэ, "гъубж"ыр, къэхъупхъэр зыбжрэ зылъытэу зы щIэныгъэ зиIэрэ, зы фIэщхъуныгъэ пашэу щытарагъэнщ. "Гъубж"рэ, ар зи лъабжьэу щыт нэгъэщI фIэщыгъэцIэхэри щыIэщ; икIи, Адыгэ унэгъуэцIэхэу щытщ "Гъубж"ыр. "Гъубж" Iуэхугъуэр къызщекIуэкI махуэрагъэнт "гъубж махуэ"ри.

**

Бжыныр щыIэу щыт гуэркъыми, зы IуэхугъуэщIэ утыку къизылъхьэркъым е зы гуэрыр зэхъуэзыкIыркъым; а щыIэр зэрыщыIэгъуэрэкIэ утыку къызэриплъхьэ Iуэхугъуэркъыми, абы лъэмыIэсу ар зэрыплъытэ зы щIыкIэрщ. Абы щыIэр зэрилъытэр, "пщын, къэпщын, къэпщытэн" хуэдэу щыIэр и гъунапкъэрэкIэ зэрыщыIэу лъытэн Iуэхугъуэркъым.

ИпщэкIэ "пщы" макъым щыгъуэ, и гугъу зэрытщIам хуэдэщи, "пщы" макъым и Iэмалыгъуэу къэхъуу щыт Iуэхугъуэхэр щыIэрэ гъунапкъэрэкIэ лъытэнырщи, зы геометрикэ Iуэхугъуэущ. Ауэ, "бжын" Iуэхур мыпхуэдэу щыткъыми, абы щыIэр зэрилъытэр къэпщын Iуэхугъуэм хуэдэкъым.

Геометриер зы щIыгу IэнатIэм ис хъуарэ щIым телэжьыхь цIыхум и Iуэхугъуэрщ; бжынрэкIэ лъытэнри, зы аритметикэ Iуэхугъуэу Iэпхъуэшапхъуэ псэукIэм нэхъ зэрезэгъыр жытIауэ щытащ.

Мы псэукIитI зэхуэмыдэрэ зэмызэгъыр щызэзэгърэ щызэмызауэр *бэзэр*ырщ.

Бэзэрыр псэукIэ нэгъуэщIыгъуэхэр щызэхуэзэрэ щызэхэт хъурщ, щызэхэтхъуэрщ икIи. Абдежыр, лъэпкърэ я Iэщагъэхэр щызэхуэзэрэ, я бзэхэр щызэхэтхъуэ щIыпIэрщ. Абдежыр IэщIагъэрэ гъэшыр щызахъуэж

щIыпIэрщ. Абдежыр щэн-къэщэхун Iуэхур къызщекIуэкIырщ. Абдежыр зыхуэныкъуэу щытыр, *"ахъшэ"*р къыщыунэху щIыпIэрщ.

"Щэн" Iуэхугъуэр адыгэбзэм зэрилъытэрэ утыку къызэрихьа щIыкIэм и гугъуй тщIагъэхэщ. Ар щыIэр гъэкIуэтэнрэ и пIэр зэхъуэкIын Iуэхугъуэрщи, щыIэу щытхэр зэхъуэжын Iуэхугъуэми езэгъыу зы псалъэу щытщ ар. Ауэ, ахъшэр зы щыIэм и пщIэр зэралъытэ гуэрырщи, езыр зы щыIэгъуэу пщIэшхуэ зимыIэрщ; ар бэзэрым къызэрекIуэкIри бжыгъэ Iуэхугъуэущи, бжыгъэ лъытэныгъэкIэ пщIэшхуэ зиIэ хъуфырщ.

ТIэ, я псэукIэхэр зэщхьэщыкIыу щытхэр, щэн-къэщэхун щхьэусыгъуэрэкIэ щызэхуэзэр бэзэрырщ; ахэр зэрызэгурыIуэри ахъшэрщи, ари бжыгъэ Iуэхугъуэрщ.

ЩIым телэжьыхь цIыхумрэ, Iэпхъуэшапхъуэ цIыхур щызэхуэзэр бэзэрырщи, тIэ, ахъшэри къызэрежьэ лъандэрэ бэзэрым къыщыхъур ещанэу зы псэукIэрщ.

Бэзэрыр IэщIагъэрэ гъэшри былымри зыдэкIуэрэ, ахэр ахъшэрэ бжыгъэ IуэхугъуэрэкIэ зыщылъытэ щIыпIэрщ. ПсэукIэ зэщхьэщыкIхэр щызэхуэзэрэ благъэ зэрызыхуэхъу щIыпIэрщ бэзэрри, ар ещанэрейуэ зы псэукIэм и лъабжьэ хъурщ. Нобэрей сивилизацэм и лъабжьэр мыбдежым щылъыхъуапхъэщ.

Зы щIыналъэрысрэ Iэпхъуэшапхъуэр щызэхуэзэу щызэзэгъ зэманыгъуэрэ щIыпIэу щыт бэзэрыр, а лъэныкъуитIыр щызэгурыIуэрэ щызэблагъэрщи, мыр зы IэмалыгъуэгъуэщIэрщи, зы Iуэхугъуэу щIэуэ къэхъурщ. Мы лъэныкъуитIыр зыгурызгъаIуэрэ къэзыгъэувыIэу зы зэманыгъуэрэ зы щIыпIэм къыщыхъуу щыт бэзэрыр, зэ щхьэ къэхъуу щыт зы гуэрырщ. Ар лъэныкъуитIыр зэ щхьэ зыгурызгъаIуэу *синтетик*эу къэхъу зы Iуэхугъуэрщ. Ауэ, кIуэ пэтрэ сыт щыгъуэй къэхъуу щIэзыдзэрщи, икIэм икIэжым псэукIэщIэу утыку къихьауэ щытырщ. Ар синтетикэу къэхъуарэ сентезу зы псэукIэ хъуауэ лъытапхъэрщ. Мы псэукIэм къигъэщIрэ къилэжьыр, зытеухуауэ щытрэ ар къызэрекIуэкIыр ахъшэрщ.

Къэхъуу щыт мы псэукIэщIэр лъэныкъуитIыр щызэхуэзэрэ щызэхэпщэу лъытапхъэщ. ТIэ, мы псэукIэщIэри хэтыжу псэукIэу щытхэм я щIэныгъэрэ я щэнхэр зы псалъэкIэ къиIуэн хуейуэ щытмэ, мыхэр жыIэпхъэщ: «Iэпхъуэшапхъуэр зэуакIуэрщи, текIуэрырщ; лъытэныгъэрэ щIэн Iуэхугъуэу къыхуэхъур бжын Iуэхугъуэрщи, бжын Iуэхум и лъабжьэрщ мыбдежыр. ЩIыналъэрысыр гъунэгъугъэ зиIэу псэурщи, цIыхугъэрэкIэ щIэн зыхэлъырэ, културалырщ; пщы пэлъытэрщи, *каризмэ* зыхэлъырщ. Бэзэрыпсэур, ахъшэр къызхуэкIуэрэ зэхуэзыхьэсырщ; пщIэнтIэпс зыхэмыл лэжьакIуэрщи, къилэжьхэр зыIэщIэкIынкIэ шынэкъэрабгъэрщ; мо лъэныкъуитIым я щэнрэ я щIэныр зыхэмылъу щытми, бэзэрым къызэрытехьэрэкIэ зыцIыхурэ къэзыгъэсэбэпырщ, ар зы бажэрщ; псынщIэрылажьэ щIэныгъэр зыхуэухуэрщ; бжыгъэр

зыгъэужьырщ». ТIэ, кIэщIыу жыпIэмэ, зэуакIуэ лIыхъужьыгъэр Iэпхъуэшапхъуэм, щIэныгъэ лъабжьэр щIыналъэрысым, ахъшэр бэзэрыпсэум къыхуэнэу жыIэпхъэщ.

Културэ жыхуаIэр щIынрэ щIэн лъабжьэ Iуэхугъуэрщ; ауэ, бэзэрыр щIынрэ щIэн лъабжьэу щымытырщи, а псэукIэм къигъэхъунур синтетикэ културэу жыIэпхъэщ; абы къигъэщIыну щыт сивилизацэри *парасивилизацэ*у лъытапхъэщ. Нобэрей сивилизацэм и лъабжьэр бэзэрырщ; абы нобэ дунейр бэзэр зэрищIыфарэ, бэзэрыр хей зэрищIам къызэрыгуэкIкIэ зы сивилизацэрщ.

Ахъшэр къызщыхъуарэ лъэныкъуитIыр щызэхыхьэ бэзэрым, ахъшэмрэ ар зи Iуэхугъуэу щыт бжыгъэр псынщIагъэрэкIэ зэрылажьэрэ зэрыужьым къызэрыгуэкIкIэрэу, щыIэгъуэу зитыжыр зи Iуэхуу щыт пщынрэ къэпщытэнри къызэригъэсэбэпкIэрэу, абы токIуэр; кIуэ пэтрэй бжыгъэр щIэныгъэ пашэу мэлъытэр. Нобэрей *дигитализацэ*р бжыгъэ щIэныгъэм и текIуэныгъэу лъытапхъэщ.

Адыгэбзэм бжыгъэхэр зэрилъытэрэ утыку къызэрилъхьэри макъ мыхьэнэрэкIэщ. Адыгэбзэ бжыгъэцIэхэр мыхьэнэншэу щыткъыми, ахэр бжыгъэу жыхуэтIэр зэрыгъэзащIэм хуэдэу тежыпхъэуй мылъытапхъэу жыIэпхъэщ. Ахэр мыпхуэдэу зы мыхьэнэрэ зы щыIэгъуэ зиIэ пэлъытэу зэрыщытым пащIэуй къыщIэкIынщ, ахэр бэзэрым псынщIэрэ хуиту щIытемытыфыр. Бахъсэн бэзэрыр зэрыухуэрэ мащIэ щIагъэнкъым; ауэ, нобэй, адыгэбзэ бжыгъэхэр фIырыфIкIэ бэзэрым темыхьэу жыIэпхъэщ.

**Бжьы...**

Зыужьыгъуэ Iэмалыгъуэр зызэхьэлIам елытауэ къекIуэкIын эфекту щыт "б"ыр, "жьы" макърэ итыпIэрэ къэувыIэпIэ зимыIэу лажьэу щыт макъымкIэ щыщежьэм щыгъуэ къэхъу макъ зэгуэтыр "бжьы"рщ. ″Б″ыр лэжьакIуэу зы макъкIэ щызешэм щыгъуэй, Iэмалыгъуэ куэд зиIэрэ псалъэ куэд къэзгъэщIыу зы макъырщ. ″Бжьы″ макъым хэту щыт макъ Iэмалыгъуэхэм къызэрыгуэкIкIэ, ар Iуэху зэщхьэщыкIхэм папщIэй къосэбэпыр.

"Бжьы"р вы зыщIащIэрэ вым и пщэм телъу, вым гур зыришажьэ пхъэбгъу кIыхьырщ.

Жьэм и"бжьэ"рэ, нэм щIэ″бжьэ″у щыт шхыныгъуэ къэкIыгъэр "бжьын"щ; абы хуэдэу ибжьапхъэу щыт зы къэкIыгъэри "бжьыныху"щ. Жьэ кIуэцIым е фэм зыхищIэрэ, ахэр зыгъажьэ пэлъытэ хъууэ щыт Iуэхугъуэрщ "ебжьэн" Iуэхур. Зы гуэрыр зыгъэс пэлъытэрэ зыгъажьэ хъууэ щытыр "бжьы" макъ зыхэту щыт псалъэ хъухэрщи, мыхэм ящыщщ: "бжьыбжь, ткIыбжь..." хуэдэ псалъэхэм къыраIуэр.

Зы псэущхьэр къэплъэ кэпщту щытрэ, и кIуэцIыр сырэ жьэуэ щытмэ "губжь" иIэ мэхъур. Губжь зиIэр мэгубжьыр, мыбы хуэдэущ "къэгубжьын" псалъэри.

Зы пкъыгъуэм нэху тридзэрэ къэунэхумэ, а нэхур зытридзэ лъэныкъуэрэ зытыридзам зэрелъытарэкIэ къэхъур "жьауэ"рщ. Зы жьауэр къызхэхъукIыу щытым къызэрыгуэкIкIэ, абы и "ныбжь"щ. Зэхуэдэу ныбжь зиIэхэр зэхуэдэ инагъ зиIэхэрщ. Ныбжьыр къызхэкIрэ къыздежьэ хъур, зы зэманыгъуэу дунейм къытехьарэ къэунэхуа хъуахэр зэныбжьщ, зэ"ныбжьэгъу"щ. Зы ныбжьыр, къызэрежьэрэ (ны) зэрыужьыр (жьы) къэзыгъэлъагъуэу зы псалъэ зэрыхъукIэрэй, зы псэущхьэр къыщыхъуа лъандэрэ блэкIауэ щыт гъэ бжыгъэращ ар.

Зы Iэ кIуэцIрэ абы ихуэр зы "Iэбжьыб"щ; Iэпэм пытрэ мыувыIэу хэхъуэрэ ужьу щытыр "Iэбжьанэ"щ, ар дыдэр лъапэми пытщи ари "лъэбжьанэ"щ.

Псэущхьэ нэгъуэщIыгъуэхэм я щхьэ къыхэкIрэ хэхъуу щыт гуэрхэри "бжьэ"щ, "бжьакъуэ"рщ. А бжьэрэ бжьакъуэхэм къыхащIыкIыу зы пшынэщ "бжьэми" жыхуаIэр. Бжьакъуэ е бжьэр, зы фалъэу къагъэсэбэпу щытащ; а фалъэри "бжьэ"кIэ къыраIуэрт; нобэй, зы фалъэрэ фадэ еIубыпхъэу щытыр зы "бжьэ"рщ. Зы Iэбжьыб пэлъытэу, зы ″Iэгу″м IэщIэхуэн хуэдиз зи инагъ хъуурэ щыт ″бжьэ″р "Iэгубжьэ"рщ.

Дэтхэнэ зы гуэрым и щIагъ хъууэ щытыр, зы "лъабжьэ"щ; лъабжьэр, зыужьауэ щытым и щIагъ хъурщ, абы и ужьыгъуэр къыздежьэрщ. ИкIи, ар, зыужьыгъуэр къыздежьэрэ зыужьыгъуэ лъабжьэу зэрыщыткIэрэй, ар абы и блэкIа хъурщ.

"Бжьэ"р лэжьакIуэрэ цIыхум къыщхьэпэ фор зыщIыу зы псэущхьэрщ. "Бжьэхуц"ыр щэкI къызхащIыкIыу зы къэкIыгъэцырщ.

"Бжьы-бжьэ" Iэмалыгъуэм, къыхэхъукIрэ ужьыгъуэ зиIэр зэригъэлъагъуэрэкIэ, абы зы къупэ е бгыпэр къыриIуэу зы псалъэ къытохъукIыр. Мыпхуэдэщ "бжьэпэ" псалъэр.

КъекIуэкIыу щыт гъэр гъатхэм зэрытхэрэ, гъэмахуэр абы и махуэу зэралъытэрэкIэу, игъэхъарэ къигъэщIар утыку къызэрилъхьарэ и махуэу щытыр хуэм хуэмурэ щиух лъэхъанэр, гъэм щимыгъэхъэжрэ щIым и махуэр къыщыблагъэу зы лъэхъанэрщи, ар "бжьыхьэ"рщ.

**Блы...**

"Б" эфектыр "лы" IэмалыгъуэкIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъуу щытыр ″блы″ макъырщ. Ар зэрелъытэгъуэ зиIэрэ (б) ″лы″уэ щытырщ; зэрелъытэгъуэ ужьыгъуэу (б) кIуэрщ (лы) ар. Ар щыхъукIэй, зэгъэпэщарэ зы лъэщыгъэ зиIэу зы Iуэхугъуэу лъытапхъэщ ″блы″ псалъэм иджыр. Ар зы псорэ зэгущу зы Iуэхугъуэу щытщ; зэрылажьэ щIыкIэри апхуэдэщ.

"Блы"р зы бжыгъэцIэщ. А бжыгъэр зэгущрэ лъэщыгъэ зиIэу зы бжыгъэу ялъытэрт. А бжыгъэр хым (6) къыкIэлъыкIуэ бжыгъэрщ; блым къыкIэлъыкIуэри "и(8)" бжыгъэрщ. ЖыпIэ хъунущ, блырэ зы псо Iуэхугъуэрэ зэгущым нэужь, абы ущхьэщыкIын папщIэ узхуэныкъуэрэ къэхъуу щыт абсисыгъэр (и), блым узэрыщхьэщыкI Iэмалыгъуэу "и(8)" хъуоуэ. ТIэ, узыщхьэщыкIыпхъэу зы псорэ быдапIэ пэлъытэ хъууэ щытыр "блы"ращ: Блым щхьэщыкIыныр мыпхуэдэу зы быдапIэм икIыпхъэ хъуарщ. Блыр, *"блок"* жыхуаIэм хуэдэрщ.

Мыбдежым, зы Iуэхугъуэр зэрыхъун хъуарэ утыку зыубыдыр зыгъэлъагъуэу жыхуэтIа "плIы"мрэ "блы"р зэрызэщхьэщыкIри гулытапхъэщ: "ПлIы"р зы Iуэхугъуэ зэпэщ хъуарщ; а зэпэщыгъэр икIэ нэгъунэ кIуарэ тIыгъуауэ зэрыщытырщ "блы"м къиIуатэр; аращ икIи, "блы"р щхьэщыкIыпхъэрэ икIыпхъэу щIыщытыр; блым икIрэ щхьэщыкIыр "и(8)"рщ.

Пэсэрей щIэныгъэрэ фIэщхъуныгъэм къызэрыхэщкIэрэ, зы Iуэхугъуэр зэпэщрэ зэфIэкIа хъуарэ, зы Iуэхугъуэри зэфIэгъэкIыпхъэ хъуным и бжыгъэрщ блыр. ТхьэлъэIу Iуэхугъуэрэ хъуэхъу ирехъу, *ритуал* куэдыр зэращI бжыгъэр блыуэ щытащ. Ар блы бжыгъэу къызэрекIуэкIыр ауэ къызэрыкIуэу зы Iуэхугъуэу къыщIэкIынтэкъым. Натуралу, блы бжыгъэм зы Iуэхугъуэр псорэ зэгущу утыку къызэригъахьэр, пэсэрей щIэныгъэрэ фIэщхъуныгъэ Iуэхугъуэщ.

Арагъэнщи, зы лъэпкъыр щхьэхуэрэ езырыж зэрыхъур лъэкъуибл нэужьырщ; зы лъэпкъыр лъэкъуибл нэужьым генетикэу лъэпкъ щхьэхуэ хъупIэм ихьэпхъэу аращ зэралъытэр. ЛъэкъуиблкIэ зэщхьэщыкIа зы лъэпкъыр генетикэкIэ зыщхьэщыкIыныгъэ зиIэ хъуауэ зы лъэпкъырщ. Абы къызэрыгуэкIкIэ, зэрышэну щыт цIыхуитIыр лъэкъуиблкIэ зэпэжыжьэ хъун хуейщ. Апщыгъуэращ, лъэпкъ геныр зэхъуэкIарэ икIыпхъэр къыщыхъуари; лъэкъуибл (*генерац*ибл) нэужьым –лъэкъуиим-а лъэпкъым и геныр зохъуэкIыр. ЛъэкъуиблкIэ зэпэжыжьэ хъуауэ щыт зы лъэпкъым и геным бын зэпэщ къыхэхъукIыфынщ. Зэрышэнухэр лъэкъуибл нэхъ мащIэу зэгъунэгъуу щытмэ, генэтикэу бын узыншэ къатехъукIын *гарант* щыIэкъым.

Зэрышэнухэр лъэкъуиблкIэ зэпэжыжьэныр Адыгэ хабзэу щытщ, щытащ: Зэблагъэ (блыгъэ зыхуаIэ) зэрышэжыркъым. Ар къэхъуну щIэблэм и узыншагъэрэ и фIыгъэм папщIэщ. Зэхыхьэрэ бын узыншэ къэзыгъэхъуфыну щыт генхэр зэхуэдэрэ зэблагъэ хъун хуейкъым. Аращи, зы геныр лъэкъуибл нэужьым зэхъуэкIыпIэм зэриувэм къызэрыгуэкIкIэ, абы и нэужьыр щхьэжу зы гену зэтеувэу ялъытэр.

"Блы" бжыгъэр мыпхуэдэу лъэщу зы бжыгъэ зэрыхъум папщIэ, а бжыгъэр лъабжьэ зэрыхъукIэрэу фIэщыгъэцIэхэри зэтоувэр. Псалъэм папщIэ, а бжыгъэм хуэдиз къупщхьэр щызэхыхьэрэ щызэпхауэ (и

къежьапIэу) щыт Iэпкълъэпкъыр "блыпкъ" жыхуаIэрщ. Зы тхьэмахуэр ″мэхуибл″щи, тхьэмауэм и къежьапIэу щыт махуэм "блыщхьэ" фIащащ.

"Блын" псалъэр, "блы"р глагол форм щыхъукIэ къэхъуу зы псалъэрщ. ″Блын″ыр, дэщIеярэ зы быдапIэу утыку къихьауэ щытрэ быдэу зы Iуэхугъуэрщ.

"Блы"м "э" къыщыпыхьэкIэ къэхъуу щытыр ″блы Iэмалыгъуэ кIуэтэгъуэ″рщи, ″блэ″рщ. Ар зы псэущхьэм и фIэщыгъэцIэрщи, ар зи кIыхьагъкIэ лъытапхъэу зы псэущхьэрщ. ″Блэ″ фIэщыгъэцIэр зи лъабжьэу "благъуэ, щыблэ" псалъэхэр къохъур.

"Блэ" макъ зэгуэтыр, зы кIыхьагъ зиIэрэ, зы кIыхьагъ кIуэн Iуэхугъуэхэр зыджырщ. А кIуэнрэ кIуэтэн Iуэхугъуэр зэпыудыгъуэ зимыIэрэкIэ къэхъуу щыт Iуэхугъуэщ; икIи, ″блы″ Iэмалыгъуэм къызэригъэлъэгъуаращи, зы псоугъуэрэ зы зэгущыгъуэ зиIэу кIуэтэнырщ. Iэр зыпыт хъууэ блэн Iэмалыгъуэ зиIэу (икIи блыуэ зэпыщIауэ) щыт Iэпкълъэпкъыр "Iэблэ"щ.

″Блэ″р, икIи лэн Iуэхугъуэм хуэдэу зы Iуэхугъуэй къизыIуэрщи, лэн Iуэхур ″б″ым къызэрыгуэкIкIэ мэгъэзащIэр. Зы гуэрым къыхэхъукIрэ "лэ" IэмалыгъуэрэкIэ кIуэ хъууэ щыт нэху къэзыгъэщIыр ″блэ″уэ щытырщи, ар ″блэн″ Iуэхугъуэрщ; абы къызэрхэхъукIкIэ "къэблэн, зэщIэблэн" хуэдэ псалъэхэр къохъур.

Мыпхуэдэу, блэн IэмалыгъуэкIэ щIагърэ лъабжьэу зыужьыгъуэ хъур "щIэблэ"щ; зэунэкъуэщрэ зэхуэдэ жылагъуэ цIыху гупыр зыдэсыр ″хьэблэ″рщ. Зы блэн IэмалыгъуэрэкIэ зэгъунэгъугъэ зиIэ хъур "благъэ" зэрыхъукIэрэй, ахэм язэхуакум дэлъыр "благъагъэ"рщ. Зы блэн Iэмалыгъуэ къэгъэхъун Iуэхугъуэр "блэгъэн"ырщи, абы блэгъагъэ къыхэхъукIынщ; ар къэхъуныр е щIыныр "къэблэгъэн"щ, "къеблэгъэн, еблэгъэн"щ.

Мы псалъэхэм къыраIуэр гъунэгъу хъун Iуэхугъуэрщи, мыпхуэдэу, къэкIуэтэн мыхьэнэ зиIэу щыт Iуэхугъуэр ″блы″рэ блэн IуэхугъуэрэкIэ утыку къызэрихьэр гулъытапхъэу щытщ: ″Блы″р зы псорэ зэгущыгъэ зиIэу зы Iэмалыгъуэ зэрыхъукIэрэу, кIуэтэгъуэ хъууэ щытмэ къэхъур ″блэн″ырщи, а IэмалыгъуэрэкIэ кIуэтэныр зы псорэ зэгущу щытынрэ зэхэтыныгъэм хуэкIуэнырщ. Аращ, благъэрэ, къэблэгъэн, еблэгъэн хуэдэ псалъэхэм къыраIуэр.

Мыбы хуэдэу зы Iуэхугъуэ къыщIэдзэнри "ублэн, щIэублэн, къэублэн" Iуэхугъуэхэрщ. Ар дыдэу, зы гуэрым ибгъум е и гъунэм "блэн" щIыкIэрэу бгъурыкIынрэ зегъэхьыныр "блэкIын, къыблэкIын" Iуэхугъуэрщ. Мыбы хуэдэ къэхъукIэ зиIэхэрщ "блэшын, блэшэн, блэхун, блэжын..." хуэдэ псалъэхэр.

″Щыблэ″ псалъэри гъэщІэгъуэну зэтеувауэ зы псалъэрщ. ″Щы″р щыІэным и лъабжьэ зэрыхъукІэ, щыІэгъуэ лІэужьыгъуэр къызэрыблэрэ зэрызэщІэнэр къиІуатэу зы псалъэу жыІэпхъэщ. ТІанэ икІи, къэунэхуу зэщІэблэн Іуэхугъуэр къыщыхъурауэй еджапхъэщ ″щыблэ″ псалъэр зэрызэтеувэ щІыкІэм.

## «Д, ТI, Т» ГУПЫМ КЪЫХЭХЪУКI МАКЪ ЗЭГУЭТХЭР

### ТкIы...

"ТкIы" макъ зэгуэтыр зэрытха хъуар "т"рэ "кIы" тхыпкъыу щытми, "т"ыр къызэрыIу щIыкIэр "тI" макъыущ. Пэжщ, ар "д, т, тI" макъхэм дэтхэнэрауэ щытами ″кIы″м ипэ къыщыкIуэм щыгъуэ къызэрыIунур "тI" макъкIэрэущ. Мы макъхэр зы гупщ; ар щыхъукIэй, яджри зэтехуэрэ зэхущыту щытщ. Ауэ, адыгэбзэр зэрмакъыбзэрэ, макъыр къызэрыIурэ зэрзэхэпхкIэрэ джыуэ зэрыщытым папщIэй, зэхэпхыу щытырщ а макъыр. Ар щыхъукIэй, "ткIы" макъ зэгухьам хэтыр "тI"уэ лъытапхъэщ.

"ТIы" эфекту щыт "тI"ыр "кIы" IэмалыгъуэрэкIэ щызешэм щыгъуэ, къэхъуу щыт "ткIы" макъ зэгуэтым иджыр, зы "тIы" Iуэхугъуэр "кIын"ырщ.

"ТкIы"р "и" лъэныкъуэ защIэу щыкIуэм щыгъуэ къэхъуу щыт "ткIий"р, дэкIуей защIэрэ ину, псыгъуэрэ кIыхьу, зы бзэджагъэу зыхэпщIэрщ. "ТкIы" Iэмалыгъуэр ибжьэн IуэхугъуэкIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъур "ткIыбжь"щ.

### ТкIу...

Зы "тIы" Iэмалыгъуэ эфекту щыт "тI"ыр "кIу" IэмалыгъэрэкIэ щылажьэкIэ къэхъуу щытыр "ткIу" макъ зэгуэтырщ. Ар "тIы" Iэмалыгъуэ зэриIэрэкIэ ″кIу″уэ щытырщи, ″тIы″м екIуу зы Iуэхугъуэрщ къэхъур. ″ТI″ыр ″кIу″ кIэухрэ глаголу лажьэмэ къэхъур ″ткIу″рщи, ар ″тI″ Iэмалыгъуэу ″кIу″нырщ. Абы къигъэхъу Iэмалыгъуэр гъэбэгъуэнрэ (тI) кIуэн лъабжьэ (кIу) хъунщ.

″ТIы″р зы куэдагъ къэзыгъэхъу зэрыхъукIэрэй, апхуэдэу лажьэрэ абы екIуу щытыр зы бэгъуагъ Iуэхугъуэрщ, бжыгъэ зимыIэм и щIыкIэу щытырщ. Бжыгъэ зимыIэр тIатIэу щытырщи, апхуэдэу щытым и зы щIыкIэу зы Iуэхугъуэу щыт глаголыр "ткIун" псалъэрщ.

"ТIы"р зы зэхъуэкIыныгъэрэ куэд хъуныгъэм и щхьэусыгъуэ хъунщи, ар икIи, зы щIэ гуэр къэхъун Iуэхугъуэм щхьэпэу щытырщ. ТкIууэ щытыр зэрыщытам къикIрэ зэхъуэкIырщ; ар зы нэгъуэщIыгъуэ ихуэрэ зы нэгъуэщIыгъуэй къыхэкIыпхъэ хъурщ.

"ТІы" Іэмалыгъуэр, къызхэхъукІыныгъэ щхьэусыгъуэрэ, тІыгъуэм ихуэр зэхъуэкІрэ зы гуэр къызхэкІыпхъэ зэрыхъукІэрэу; зэхъуэкІыпхъэрэ щІэ гуэр къызхэхъукІыпхъэр зэрыпцІапцІэм хуэдэжу тІыгъуэри мэпцІапцІэр. ПцІапцІэ щІыкІэр "тІы" Іуэхугъуэрэкlэ жыІэпхъэ зэрыхъур "тІатІэ"рщ. ТІатІэр, "тІы" Іэмалыгъуэ куэдыгъэ зэрыхъукІэрэу зэхъуэкІыгъуэ ихуэрщ; мыпхуэдэу зэхъуэкІыпхъэ защІэ хъууэ щытрэ тІэтІагъэ зиІэ зэпытыр "ткІуаткІуэ"рщ. Аращи, зы гуэр къызхэкІыпхъэрэ зи жылэр мыбжыпхъэу зы куэдагъ хъууэ щыт псыр зэхъуэкІыпхъэу щытщи, дэтхэнэ зы щІыпІэм итми абы зыригъэкІурэ зэхъуэкІыфу зэрыщытым папщІэ, "ткІуаткІуэ" щапхъэфІу щытщ.

"ТкІун" Іуэхугъуэм къызэрыгуэкІкІэ, "ткІуэпс, иткІуэн, къиткІун, зэхэткІуэн, зэхэткІухьын..." хуэдэ псалъэхэр къохъур.

**Тхы...**

"Ты"р щыІэм щхьэщыкІырщ; щыІэ гуэрым щхьэщыкІырщ. Зы Іуэхугъуэр, къызхэкІым хэмытыжрэ имеиж хъууэ щытмэ, абы щхьэщыкІа хъууэ щытмэ, а Іуэхугъуэр къэзыІуатэр "ты" макъырщ. ″Тын″ Іуэхугъуэм къикІыр мыбы хуэдэщи, ар зы глагол зэрыхъукІэрэу, зыгъэзащІэм щхьэщыкІыр къегъэлъагъуэр абы. ″Ты″р дэтхэнэ макърэ псалъэм и кІэух хъууэ щытмэ, игъэзащІэ Іуэхугъуэр, мы зи гугъу тщІауэ щыт Іуэхугъуэрщ. Ар ″ты″уэ къанэу псэлъащхьэ хъуркъым; абы и щхьэусыгъуэри мы къэтІуэтахэм гурыІуэгъуэ ящІыр: ″Ты″рэ ″тын″ Іуэхугъуэ дыдэу щытым зы щыІэгъуэ гуэр къыхэхъукІынкъым. Ауэ, ар зы псалъэрэ зы макъым ипэ къыпыхьэну щытмэ, ар зэманыгъуэ зыгъуэтарэ зы щыІэгъуэ зыджу щыт хъун хуейщ; е, ар зы макъдэкІуашэм ипэ пыщІарэ зы макъ зэгуэт къэхъуу щыт хъун хуейщ. Абы зы зэманыгъуэ щигъуэтым щыгъуэ, зытеухуам елъытауэ зы лъэгапІэрщ къэхъур (тэ). Зы макъ щэхум ″ты″ эфекту щыт ″т″ыр къыщыпыхьэм щыгъуэй, къэхъуу щыт макъ зэгуэтым и зы щапхъэщ ″тхы″ макъыр.

″Хы″р гурыІуэгъуэщи, ехын Іуэхугъуэ хъурщ; ординат лъэныкъуэм ехынрэ къэувыІэн Іуэхугъуэр къэзыгъэлъагъуэу зы макъырщ. "Ты" Іуэхугъуэу зы лъэгапІэрэ щыІэ гуэрым щхьэщыкІыныгъэр зыджым и эфекту щыт "т"ыр зы къежьапІэу "хы" Іэмалыгъуэкlэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щыт макъ зэгухьэр "тхы"рщ. Ар щыхъукІэй, зы лъэгапІэрэ зы къэру эфекткІэ къежьэрэ ехыу е ординат зэхъуэкІыгъэ кІуэнрэ зы пІэ иувэн Іуэхугъуэ мэхъур "тхын" Іуэхугъуэр.

ТІэ, "тхын" Іуэхугъуэр, зы лъэгапІэрэ ищхьэкІэ къехыу, зы къэру хэІэтыкІакІэрэ къежьэу, ехрэ е иувыІэрэ "хы" Іэмалыгъуэ зыгъуэтырщ; зы пІэм иувэрщ, зы къэувыІэпІэм иувэжырщ. Ар зы къэру зыкІэщІэту къэхъуу щыт зы Іуэхугъуэрщ; зы Іуэхугъуэу утыку къихьэу къанэрщ; зы

щIыпIэр зыубыдрэ, къэхъуу щыт зы дыркъуэрщ; зы пIэм трищIэу щыт дыркъуэрщ. Ауэ, ар къызхэкI къэрум и дыркъуэрщи, а къэрур гурыIуэгъуэ зыщIырщ; мыхъумэ, "тхы" Iэмалыгъуэм утыку къырилъхьэр езырыжу къэхъуркъым. ТIэ, "тхы" Iэмалыгъуэр, къэзыгъэщIым и зы щIыкIэ зиIэ хъурщ.

Тхын Iуэхугъуэр езырыжу къэхъуу зы Iуэхуркъым, ар зы тхыгъэу зыдэщытым къызэрехыр е зэрытырищIэр зы къэрукIэрэщ. Ар къыщыхъу щIыпIэм езырыжу къэхъуркъым; ар а щIыпIэм къыхэмыхъукIрэ, а къыздэхъуу щытым и щIыбрэ ищхьэкIэ къехыу щытырщ. Ар ипщэкIэ къехыу е тырищIэу щыжытIэм щыгъуэ, "тхын" Iуэхугъуэу зытещIыхьам къыхэмыхъукIарэ, зы къэру щхьэхуэм къызэригъэхъуаращ зи гугъу тщIыр. Ар, псалъэм папщIэ, зы цIыху къэрукIэ къэхъуу зы щIыгу е зы мывэм хэщIыхьын Iуэхугъуэрщ.

Ауэ, тхынрэ тхэн Iуэхугъуэр цIыхум хуэIуауэ зы Iуэхуркъым; икIи, тхынрэ тхэнкIэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъуу щыт закъуэри цIыху тхыгъэ Iуэхугъуэракъым. "Тхын-тхэн" псалъэмкIэ къыдгурыIуэр, а псалъэр зэрызэпкъырытха щIыкIэм къыдгуригъаIуэрщи, ипщэкIэрэ е лъабжьэкIэрэ зы къэру Iуэхугъуэм къигъэщIрэ утыку къихьэу щыт зы джыгъуэрщи, ар зы дыркъуэй хъунщ,  зы Iуэхуэгъуэ пыухытыкIауэ зы щIыпIэм къытена гуэри хъунщ, зы къэрурэ лъэщыгъэрэкIэ елъэдэкъэуэн Iуэхугъуэй хъунщ.

ТIанэ, гъэри зы къэрууэ щытщи, ари матхэр; ар щытхэ зэманыгъуэращ "гъатхэ"р. Гъэм и тхэн Iуэхугъуэрэ и тхыгъэу утыку къихьэри гъащIэр гъэщIэрэщIэжынырщ. Зы гъащIэ зиIэу щытрэ псэ зыIутыр и гъэнырщ, "гъэ"кIэ тхэнырщ, а гъатхэм игъэзащIэри "гъэ"уэ щытыр щIэращIэ ищIынырщ: А Iуэхугъуэу гъатхэм игъэзащIэхэр удз къэкIынырщ, жыг гъэгъэнырщ, жейуэ щыт хьэпщхупщыр къэушыжынырщ. Гъэр мыпхуэдэу зэрытхэрэкIэ утыку къыригъэхьэнури гъэшырщ; гъэшым и нэхъ бэгъуапIэри гъэм и махуэрщ, гъэмахуэрщ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэу, зы къэрукIэрэ утыку къихьэу щыт Iуэхугъуэхэм хуэIуарэ, "тхын" псалъэхэм къытехъукI псалъэхэр мащIэкъым. Тхыпхъэрэ джыпхъэу зы щIыгу IэнатIэу щытрэ, тхын Iуэхугъуэм папщIэ зы джабэу щытращ "тхыцIэ" жыхуаIэр. ТIанэ, шым зырикынрэ елъэдэкъэуэным папщIэ "етхэуэн"щ жаIэр. "УтхыпщIын" псалъэм къикIри, зы щIэкI е зы цейм и сабэр хэгъэкIын пащIэ, ар Iэ къэрукIэ  гъэсысынрэ жьы щIэгъэхун Iуэхугъуэрщ. ЗехьэлIа Iуэхугъуэр зэщхьэщыкIыу щытми, мыбы хуэдэу зы Iуэхугъуэрщ, жьэм и Iупсыр лъэщу къыридзын Iуэхугъуэу щыт "убжьытхэн"рэ, псы "еутхын" псалъэхэм къыраIуэр. Бжьэхэм къэкIыгъэхэм къыхапщIыкIрэ къахьу я фоулъэм иракIэ ткIуаткIуэращ "утхэ" жыхуаIэр. ГурыIуэгъуэщи, мы щапхъэ псори, зы къэрурэкIэ къэхъурэ "хы" Iэмалыгъуэ зэригъуэткIэрэу утыку къихьэу щыт Iуэхугъуэхэрщ.

*

″Тхы″ макъ зэгуэтым къигъэщIыу щыт Iуэхугъуэрэ, абы къытехъукIыу щыт псалъэ щапхъэхэр мыпхуэдэу щытщ. Ауэ, а псалъэхэм нэхърэ нэхъ лъэщ хъуауэ утыкур зыубыдауэ зы Iуэхугъуэ щыIэщ. Ар цIыхум и IэдэкъэщIэкIыу щыт тхын Iуэхугъуэрщ. Ар къызэрежьэрэ куэд хъуауэ къыщIэкIынщ; икIи, ″тхы″ псалъэу ипщэкIэ утыку къитлъхьа Iуэхугъуэхэм хуэдэжу, псэущхьэрэ цIыхум и IэщIагъэу къызэрежьари гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, ар мыпхуэдэу натуралу къежьауэ щытми, нобэрей консептрэ зехьэкIэм зэриткIэрэу, цIыхум тхын Iуэхугъуэ зэрихьэу зэрыщIидзар куэд щIауэ къыщIэкIынкъым. А Iуэхур, ипщэкIэ зи гугъу тщIауэ щытрэ ″тхы″ макъым къытехъукIыу щыт псалъэхэм къагъэлъагъуэ Iуэхугъуэхэм елъытауэ куэд щIакъым. Ар щхьэ, нобэ дыздиту щыт лъэхъанэр зы ″тхыдэ″ лъэхъанэрщи, а лъэхъанэр къызтехъукIауэ щытыр цIыхум къиублауэ щыт ″тхын″ Iуэхугъуэм зыужьыгъуэ щигъуэтаращ. Аращ, ″тхыдэ лъэхъанэ″ фIэщыгъэцIэр къызтехъукIарэ, а лъэхъанэм хэту псэууэ щыт цIыхубэм дежкIэ а псалъэм къикIыр ипэ щIищар; тхын Iуэхугъуэм и гугъу щыпщIым щыгъуэ, нэхъапэу а цIыху IэдэкъэщIыкIыр гурыIуэгъуэ щIэхъур аращ.

А Iуэхугъуэр цIыхум къыщхьэпэрэ, дэтхэнэ зы лъэныкъуэмкIэй къызэригъэсэбэпым къызэрыгуэкIкIэй, ″тхын″ псалъэр цIыхум щызэхихым щыгъуэ, къыгурыIуэу щыт Iуэхугъуэ закъуэр езым и тхыгъэ Iуэхугъуэ хъуауэ щытщ нобэ. Ар щыхъукIэй, ″тхы″ макъым къигъэщIыр гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, цIыхум IэдэкъэщIэкIыу щыт ″тхыгъэ″ Iуэхугъуэм ипэIуэкIэ, ″тхы″ IэмалыгъуэрэкIэ къэхъуу щыт псалъэ нэгъуэщIыгъуэхэр къитIуэн хуейуэ щытщ. Аращ тщIар. ИкIи, а Iуэхугъуэхэр натуралу къэхъурэ утыку къихьэу щыт Iуэхугъуэ зэрыхъукIэрэй, цIыхум къигъэунэхуарэ къиублауэ щыт тхыгъэм нэхърэ нэхъапэуй щытахэщ. Абы папщIэй, нэхъыжьщи, нэхъапэ къиIуэни хуейт; ар нэхъыжь зэрыхъукIэрэй, цIыхум и IэдэкъэщIэкIыу щыт тхыгъэ Iуэхугъуэм и лъабжьэу щыт Iуэхугъуэрти, япэу утыку къилъхьэн хуейт.

Дауэй ирехъу, цIыхум къиубларэ и IэдэкъэщIэкIыу щыт тхын Iуэхугъуэри, а лъабжьэу тлъытапхъэу щыт Iуэхугъуэхэм хуэдэщ къызэрыхъу щIыкIэр; икIи, аращ абыи ″тхын″ псалъэр хуэфащэ щIыхуэхъуар. А Iуэхугъуэри къызэрыхъу щIыкIэр, ипщэкIэ къэтIуэтауэ щыт ″тхы″ макъ зэгуэтым къагъэщIыу щыт IэмалыгъуэрэкIэщ.

ЦIыхур зэрытхэ лъандэрэр жыжьэ дыдэу щытщ; ар, тхыдэ лъэхъанэракъым къызщIидзар. Ар мащIэу зы зэманыгъуэу зэрыщымытыр къегъэлъагъур "тхын" псалъэм езыми, абы къытехъукIауэ щыт псалъэхэми. Ауэ, ″тхы″ макъ зэгуэтым къигъэщI Iуэхугъуэу, тхыгъэр цIыхум къызэригъэсэбэп щIыкIэр зэрызихьуэкIа лъэхъанэращ тхыдэ лъэхъанэр. Тхэн Iуэхугъуэр цIыхум къызэригъэсэбэпыр куэд зэрыхъурэ, а IуэхугъуэкIэ къиIуапхъэу зы лъэхъанэу лъытапхъэ зэрыхъум

къызэрыгуэкIкIэ, а лъэхъанэм тхыдэ лъэхъанэ фIащыжауэ щытщ. Тхын Iуэхугъуэм къигъэщI псалъэхэм ящыщщ мыхэр: «Тхыгъэ, тхылъ, тхыпкъ, тхыпхъэ, тхэн, тхакIуэ...».

**

ТIэ, "тхы" Iэмалыгъуэм утыку къырилъхьэр гурыIуэгъуэщ: Ар зы къэрум къызэрыгуэкIкIэ къэхъурщи, а къызтехъукI къэрум и дыркъуэу утыку къихьэрщ. ТIэ, ар а къэрум и теплъэ зиIэрщ; абы и плъыфэ зиIэу утыку къихьэрщ. Ар зы дыркъуэу зытет щIыпIэм зэрытеткIэрэу, къызтехъукIарэ къэзыгъэхъуа къэрум и теплъэ зыхэлъырщи, а къэрур гурыIуэгъуэрэ гулъытапхъэ зыщIырщ. "Тхы" Iэмалыгъуэм къигъэхъу мыхьэнэр, къызтехъукIауэ щыт къэрурщ; зы дыркъуэу щыт зы тхыпхъэрэ тхыгъэм и теплъэм, ар къызтехъукIарэ къэзыгъэхъуа къэруращ гурыIуэгъуэ ищIыр.

Зы къэру жыхуэтIэр, зы хырэ жьыри хъунщ, зы IэштIыми хъунщ, зы къэлэми хъунщ, зы макъый хъунщ. Мы къэру жыхуэтIэхэм къагъэщIыу щыт тхыгъэр, къэзыгъэщIауэ щыт къэрум и щыIэгъуэрэ и щыIэкIэр зимыIэжу щытрэ, нэгъуэщI щыIэгъуэрэ щыIэкIэ зиIэ хъуауэ щытми, мо къызтехъукIа къэрум и эфектыр зиIэу зы щыIэгъуэрэ щыIэкIэ зиIэрщ а тхыгъэр.

Ар щыхъукIэй, ипщэкIэ зи гугъу зэрытщIарэ, "тхы" Iэмалыгъуэм къигъэхъуу щыт псалъэхэр къызэрыхъум хуэдабзэу къэхъуауэ къыщIэкIынт цIыху IэдэкъэщIэкIыу щыт "тхын" Iуэхугъуэри. Ар зэрытхэу щытрэ, нобэрей тхыпкъхэм я лъабжьэу щытыр, къызтехъукIа щхьэусыгъуэр къигъэлъэгъуэжу щытагъэнщ. Ауэ, нобэ мы лъабжьэр зэригъэкIуэдауэ къызэрысэбэпыр гурыIуэгъуэщ тхын Iуэхугъуэм.

А япэрей тхыпкъхэр, зы гупщысэрэ зы логием къызэрыгуэкIкIэ къэхъуауэ щыт дыркъуэу тхын Iуэхугъуэу утыку къихьауэ щытагъэнти, тIэ, а тхыпхъэрэ тхыгъэхэр а гупщысэрэ логиер къэзыгъэлъэгъуэжрэ гурыIуэгъуэ зыщIыжу щытагъэнт. А япэрей тхыпкърэ тхыпхъэхэр къызтехъукIа гупщысэрэ логие къэрур къэзыгъэлъагъуэу щытагъэнщ. Ахэр цIыхум и IэдэкъэщIэкIыу къызэрыхъуар, жиIэу щытхэр итхын папщIэу къыщIэкIынтэкъым. Ауэ, дауи ирехъу, жиIэу щытхэми къаIуэтапхъэу щыт гупщысэ гуэрхэрагъэнт а тхыпкъхэр къызэригъэсэбэпыр.

ТIэ, цIыху IэдэкъэщIэкIыу тхыпкърэ тхэн Iуэхур къызэрыхъуам и щхьэусыгъуэрэ и къежьапIэр, макъхэр тхын Iуэхуу щымытами, макъхэм я Iэмалыгъуэм къигъэлъагъуэу щыт мыхьэнэрэ гупщысэхэм папщIэ къигъэсэбэпу щытагъэнщ икIи тхыпкъыр цIыхум. Ар щыхъукIэй, цIыхум и псалъэрэ и макъхэри мы тхыпкъхэмкIэ къиIуэтапхъэу щытынщ. Макъхэр итхын папщIэ ищIауэ щымытми, кIуэ пэтрэ, мыпхуэдэу къигъэсэбэпу щIидзагъэнщ а тхыпхъэхэр цIыхум. А тхыпкъхэм къыраIуэмрэ, псалъэу

къиIуатэхэр зэрызэтеухуэм къызэрыгуэкIкIэ, цIыхум къипсэлъу щытхэр итхыжыфу щIидзагъэнщ кIуэ пэтрэ.

Мыпхуэдэу и гупщысэрэ и логием къызэрыгуэкIкIэ, къэтхэн папщIэй, лъыхъуэнрэ къэгъуэтын Iуэхуу гупщысэшхуэ хуэныкъуэну къыщIэкIынтэкъым апщыгъуэм цIыхур. Ар натуралрэ козмикэм езэгъыу псэууэ щытырти, мы тхыгъэхэмрэ къэIуэтапхъэ гупщысэхэр зэрызэтеухуэнур зылъагъуэрэ къызгурыIуэрт икIи. Ар нобэрей гъуэзджэлIым елъытауэ натуралрэ козмикэм зэрезэгърэ зэрекIукIэрэу псэукIэ зиIэрти, тIэ, ар нэхъ гъуэзэджэ зыхэлърагъэнти, щыIэрэ щыIэгъуэ лъабжьэр зэрыщыту къызгурыIуэрагъэнт. Натуралрэ козмикэм зэрезэгърэ зэрекIу щIыкIэу зэрыпсэум къызэрыгуэкIкIэ, абы и щхьэрэ и гур къабзэти, зэрыкъабзэу и щхьэрэ и гур зэдэгъуу лажьэрт; ар зи гур уфIеярэ, зи щхьэр зэхэтхъуауэ щымытырт.

ТIэ, дэтхэнэ зы щыIэгъуэрэ лъабжьэр къэзыгъэлъагъуэрэ Тхьэр гъуэзэджэу гурыIуэгъуэ зыщIыр тхьэбзэу зэрыщытыр игъуэ къыщысым щыгъуэ жытIагъэхэщи, мы тхыпхъэрэ тхыгъэхэр тхьэбзэу лъытапхъэщ. ИкIи, а тхыпхъэрэ тхьэбзэхэм ящыщ гуэрхэр нобэм къынэсауэ зэрахьэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Ахэм ящыщ гуэрхэр нобэрей тхыпкъхэмрэ унагъуэхэм зэрахьэу щыт дамыгъэхэм яхэту къыщIэкIынщ. Тхыгъэрэ тхэкIэ хабзэр зи гугъу зэрытщIам хуэдэу щытагъэнщи, нобэм къынэса тхьэбзэхэр къызэрысэбэп Iуэхугъуэхэри ягъэзащIэу щытагъэнщ ахэм. Ауэ, а тхэкIэр нобэрей тхэн консептым хуэдэу щытауэ жыIэпхъэкъым.

Бзэ нэхъыбэм хуэдэжу, зи гугъу тщIыуэ щыт тхыпхъэрэ тхэкIэми и лъабжьэр щIэудагъэнщ; тхыпхъэрэ тхьэбзэу щыт гуэрхэр къыдэгъуэгурыкIуауэ щытрэ, нобэй ахэр зэрахьэу щытми, а натуралрэ козмикэм езэгъ тхыкIэ щIыкIэрэ консептыр, а тхыпхъэхэм къикIыр IэщIэхуагъэнщ цIыхум. ЦIыхум нобэрей и тхэкIэмкIэ къигъэсэбэпу щыт тхыпкъхэри къызтехъукIар, абы нобэй и зы гуэрхэр зэмыхъуэкIарэ зэрыщыту иIэу щыт тхыпхъэрэ тхьэбзэхэрагъэнщ. Ахэм къытехъукIауэ щытрэ, зи мыхьэрэ зи щIысыр кIуэ пэтрэ зэрыщIэкIуэдэжкIэрэй, нобэрейрэ зи мыхьэнэншэу щыт тхыпкъхэмкIэ тхэуэ щIидзагъэнщ; мы мыхьэнэншэу къэна тхыпкъхэр символу къызэригъэсэбэпкIэрэу тхэн консептыр ухуагъэнщ.

Дауи ирехъу, мыбдежым Iуэхуу къытпэщытыр аращи, "тхы" Iэмалыгъуэм къызэрыгуэкIкIэ, тхыпкъхэм къаIуатэу щытхэр макъхэм къаIуатэу щытхэм Iэмалыгъуэрэ мыхьэнэу зэрызэтеухуапхъэрщи, тIэ, мыпхуэдэу къэсэбэпыпхъэщ ахэр: Макъыр зы къэрууэ щыту, абы къызэрыгуэкIкIэ утыку къихьэну щыт "тхы" Iэмалыгъуэр, а макъым и зы дыркъуэнурщ; икIи, а макъым и Iэмалыгъуэрэ и мыхьэнэр къэзыгъэлъагъуэну щытрэ, зы тхыгъэ щыIэгъуэ зиIэ хъунурщ.

КIэщIыу жыпIэмэ, зы макъыр зы тхыпхъэрэ тхыпкъэу утыку къихьэфынущ; зы макъым и эфектыр къыуэзыт зы тхыпхъэрэ тхыпкъыр

къэхъупхъэщ. Ар щыхъукIэй, макъхэр, зэрыщыту я эфектыжу тхыжыпхъэщ. Зы макъым и эфектыр къыуэзыту щыт зы тхыпкъ къэгъуэтыпхъэщ тIэ.

Адыгэбзэр натуралрэ зы макъыбзэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, макъхэр мыхьэнэншэу зылъытэрэ, тхыпкъхэри символу къэзыгъэсэбэп тхэн консептым щхьэщыкIыу жыIэпхъэщ. Ар щыхъукIэй, мы тхыкIэм екIурэ езэгъыу щытыну къыщIэкIынкъым. адыгэбзэр. ИкIи, макъым и эфектыр къыуэзыт тхыпкъэу зэхэлъхьауэ щыт зы тхэкIэм, бзэр къызэрыIу щIыкIэу зэритхынур гурыIуэгъуэщ. Ар щыхъукIэй, бзэр псэ пэлъытэу зэрыужьыр хэмыгъуэщапхъэу зэрыптхыфынури гурыIуэгъэщи, бзэр зэрылажьэ щIыкIэм къигъэхъуу щытынущ тхэкIэр. ТIэ, бзэр зэрызэхъуэкIым хуэдэу зэхъуэкIыу щытынщ тхэкIэрэ тхыпкъхэри, бзэр тхэкIэрэ зы грамерым егъэзэгъын гугъуехьри щIыбагъым къыщыднэнщ. ИкIи, макъ гуэрхэр алфавитым хэмыгъэхьэнрэ, макъ хэгъэщIын Iуэхур къэхъункъым.

ТIэ, адыгэбзэр зыхуэныкъуэрэ абы хуэфащэу щыт тхэкIэр, мыпхуэдэу макъхэр зэрыщыткIэрэу тхынырщи, макъхэм я эфектыр къэзыгъэлъагъуэ тхыпкъхэмкIэ зэхэлъхьауэ щыт зы алфавитыр зыхуэныкъуэрщ ар. Мыр япэрауэ адыгэбзэм хуэныкъуэу щыт зы Iуэхугъуэрми, цIыхугъэм и къэкIуэну тхэн консептырщ икIи. Къэхъуну щыт цIыху гъуэзэджэм и гъуазджэ еплъыкIэмкIэ, тхауэ щыт зы тхыгъэм щеджэм щыгъуэ, ар зы жьэрыбзэм къиIуатэм хуэдэу еджэфынущ; макъ эфект зиIэу щыт тхэкIэм къызэрыгуэкIкIэ, тхыгъэр макърэ псалъэу зэрытха бзэм хуэдэу гурыIуэгъуэ къыхуэхъунущ.

ТIэ, адыгэбзэм хуэфащэу щыт мы тхэн консептыр гъащIэм хэгъэхьапхъэрэ къегъэжьапхъэщи, нобэрей технологиер къыздынэсам къызэрыгуэкIкIэй, а тхыпкъхэр къэгъуэтыныр гугъу дыдэу къыщIэкIынкъым. Мыпхуэдэу зы макъыбзэр зи логиеу щытрэ, зи бзэм ″тхьэзэ″ псалъэри зыхэту щыт зы лъэпкъым, нобэй и тхьэбзэхэр зэрихьэу щытщи, тIэ, мыпхуэдэ лъабжьэр зи лъабжьэу щыт щIэныгъэлIрэ гъуэзэджэлIхэм къагъуэтыпхъэщ, макъхэм и ефектыр къыуэзыт тхыпкъхэр.

Къэгъуэтыпхъэу щытыр макъым и эфектыр къыуэзыт зы формращи, тIэ, дыухуэн зи ужь дихьэнур мыращ: «Макъым и эфектыр къыуэзыт геометрикэ форм». ТIэ, къэдывгъэгъуэт!

**Тху...**

ИпщэкIэ зэрыжытIам хуэдэу ″т″ Iэмалыгъуэу щытщ ″тху″ри къызэрыхъур; "тху"р, зы къэрукIэрэ къэхъуу утыку къихьэу зы Iуэхугъурщи, ″т″ыр "ху" IэмалыгъуэкIэ щызешэм щыгъуэ къэхъуу зы макъ зэгуэтырщ.

"Тху"р плIым къыкIэлъыкIуэу зы бжыгъэцIэрщ. Ар щыхъукIэй, ″тху″ бжыгъэм къыриIуэр, зы къэрур кIэщIэту хууэ щытырщ; ар, зы

къэрукIэ "хун" Iуэхугъуэ зиIэ бжыгъэрщ. Ар зы бжыгъэу къызэрыхъу щIыкIэрэ къыщIэхъур гурыIуэгъуащэкъым.

Ар щхьэ, ″плIы″р ″щы″м щхьэщыкIрэ зы Iуэхугъуэр зэрызэфIэкIарэ, утыкур зыубыдарауэ жытIауэ щытащ. А Iуэхугъуэ зэфIэкIарэ утыкур зыIыгъ бжыгъэм щхьэщыкIырщ ″тху″р. Ар щыхъукIэй, зы къэрур кIэщIэту хун Iуэхугъуэ хъууэ жыIэпхъэнщ ″тху″ бжыгъэри, ар ″плIы″м зэрызэщхьэщыкIыфри аращ.

ИкIи, ипщэкIэй зэрыжытIам хуэдэу, дэтхэнэ зы гупыр зэуэ занщIэу зэхэхугъуэрэ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, а гупым хэту щытхэм я бжыгъэр а нэхъыбэ "плIы"уэ щытын хуейщ: Зы гупым хэтыр зэрызу умыбжрэ, зэуэ занщIэу и бжыгъэр къызэрыбгурыIуэфынур плIы нэгъунэщ. ПлIыр хэтыжу бжыгъэхэр, натуралу цIыхум зэхэхупхъэ хуэхъуфу щыт бжыгъэхэрщ. Ар щхьэ, зы гупым и бжыгъэр плIым фIэкIамэ, и бжыгъэр зэуэ запщIэу гурыIуэгъуэ къытхуэхъуркъым. Мыбы ущеплъкIэй, плIыр, зэуэ запщIэу гурыIуэгъуэ хъуфу зы бжыгъэрщ; икIи, ар зэрхъун хъуауэ щытырщ; гурыIуэгъуэ хъун папщIэ ирикъуауй зы бжыгъэрщ. Ауэ, абы икIынрэ щхьэщыкIыныр, лъытапхъэрэ гурыIуэгъуэ хъууэ щытым и гъунапкъэм икIынрэ щхьэщыкIынырщ. Ар щыхъукIэй, ауэ къызэрыкIуэ зы IуэхугъуэрэкIэ абы икIынрэ щхьэщыкIыныр гугъущ; абы икIынрэ щхьэщыкIын папщIэ зы къэрууфI ухуэныкъуэу щытщи, мис аращ ″т″ эфекткIэ ″ху″ри, ар "тху"ращ.

Мы Iуэхугъуэр хэлъу къыщIэкIынщ, "тху" бжыгъэцIэр къызэрыхъу щхьэусыгъуэм. Ар, плIым къыкIэлъыкIуэу щыт бжыгъэр гурыIуэгъуэ щIын папщIэ къэру кIэщIэтрэ хун IуэхугъуэрэкIэ зэтеувауэ зы псалъэрщ, зы бжыгъэцIэрщ. А зэуэ лъытапхъэу щыт плIым щхьэщыкI бжыгъэр лъытапхъэ щIын папщIэ, абы Iуи"ху"у щытынырщ "тху" бжыгъэр къызтехъукIыр.

"Тху" макъыр зыхэту щыт зы псалъэри "лъынтхуэ"рщ. Лъынтхуэр лъыр зиту щыт гъуэгурщ; гу лэжьыгъэкIэ къэхъуу щыт къэрум, лъыр ихуу щыт щыхъукIэ, лъыр зырикIуэу щыт гъуэгуращ лъынтхуэр. Ар щыхъукIэй, "тхуэ" макъ зэгуэтыр зыхэту щыт "лъынтхуэ"р, гу лэжьыгъэм къигъэхъу къэрур зи щхьэ къырикIуэу -"т" IэмалыгъуэрэкIэ- "лъы хун" Iуэхугъуэр зыгъэзащIэрагъэнщ.

**Тхъы...**

Зы къэрууфIэкIэрэ къэхъурэ, зи щхьэ къырикIуэр и "хъы"м хуигъэкIуэж пэлыытэу зы Iуэхугъуэщ "тхъы" макъ зэгуэтым къигъэлъагъуэр. "Тхъын" Iуэхугъуэр зи щхьэ къырикIуэнури тIасхъэу зы гуэру къыщIэкIынщ. Тхъын псалъэм къытохъукIыр "итхъын, итхъэн, зэфIэтхъын, зэгуэтхъын..." хуэдэ псалъэхэр.

"Тхъэн" Iуэхур, ″тхъын″ Iуэхугъуэм хуэдэу щыткъым; ар, и "хъы"м нэгъунэ кIуэнрэ кIуэдыжыпхъэ хъун Iуэхугъуэм хуэдэжкъым. Ар, "хъы"рэ хъу лъабжьэу щытыр зэрыкIуатэрэ зэрылажьэу зэманыгъуэ (э) зэригъуэтакIэрэу зы псалъэрщи, зы фIыгъуэ зиIэ хъурщ. Тхъэныр, зы къэрууфIагъэм къызэрыгуэкIкIэрэу, и лъабжьэрэ (хъы) икIэ нэгъунэ хуит хъурэ кIуатэу (э) зыгъэфIэжыныр щ, сытри гъэзэщIапхъэ хъуфу щытынырщ. Тхъэныр, абы аткIэ щымыIэжу зыгъэфIэнырщ.

**Тхъу...**

"Тхъу"р, "т"ырэ зы къэрурэ лъэгапIэ зиIэм и эфекту щытыр, "хъу" IэмалыгъуэрэкIэ щылажьэм щыгъуэ къэхъуу зы макъ зэгуэтырщ. Ар щыхъукIэ, а Iуэхугъуэр зы къэрууфIэкIэ (т) хъууэ щытырщи, псалъэ кIэухыр ″хъу″ зэрыхъукIэрэй, а къэрууфIэу хъур псынщIагъэкIэй хъунщ: "Тхъу"р тынш хъурщ; тыншу зыгъэхъурщ.

Ар зы гъэшхэкI шхыныгъуэ хъууэ щытырщ; дэтхэнэ зы шхыныр зэращIыу щытырщ. Дэтхэнэ зы псэущхьэм игъэсыпхъэу щытри тхъурщ. Тхъур псэущхьэм псынщIэу игъэсыфырщ, ар къэрууфIэ зыщIырщ. Ар сыт щыгъуэй гъэсыпхъэ хъууэ щытырщ; зы псэущхьэм тхъур имгъэсрэ, игъэсынкIэ зыхуэныкъуэм нэхъыбэ тхъу зэрихьэлIэмэ, зэрщытым икI пэлъытэу зэтрихьауэ щыт тхъум ″щэ″р къегъэщIыр. Фэрэ лыр е лымрэ къупщхьэр зэкIэрылъ зыщIри тхъурщ; ар зэкIэрызгъэпщIэжрэ зэгуэзымгъэкыр е зэгуэударэ зэгуэкIауэ щытыр гъэхъужынкIэ щхьэпэ хъури тхъурщ. Зы гуэр тыншу бгъэзэщIэнурэ зэфIэбгъэкIыну щытмэ е бгъэхъуну щытмэ, абы тхъу щыхуапхъэщ. ТIанэ, зы гуэрэр зыхуэбгъэлэжьэнрэ зыщыбгъэщхьэпэну щытмэй, узэрефIэкIуэну щIыкIэри тхъу щыхуэн Iуэхугъуэу къыраIуэр.

Зы Iуэхугъуэр тыншу гъэзэщIэн папщIэ щхьэпэ хъууэ щыт "тхъу" псалъэм къигъэщIыу щыт "тхъун" Iуэхугъуэр, зы къэрууфIэрэкIэ зы гуэрым телъу щытхэр тегъэкъэбзыкIынырщ. Ар уэс хъунщ, ятIэ е пшахъуэ хъунщ, зытелъым техын Iуэхугъуэр зытелъу щытым зы Iэмэпсымэр щыхъуэн пэлъытэкIэрэ тегъэкIыныр, абы "тетхъун"ырщ. Мыбы хуэдэ Iуэхугъуэхэрщ "итхъун, тхъунщIын, щIэтхъун, зэхэтхъуэн..." хуэдэ псалъэхэр.

"Тхъуэн" псалъэри, зи щхьэцрэ зи жьакIэм яфэр зэхъуэкIарэ хэкIа хъууэ щыту гъуабжэрэ хужь хъунырщ. Ар, зи щхьэ къырикIуэм иIэ зэримылъэрэ езым щхьэщыкIыу зы Iуэхугъуэу къызэрыхъуар къэзгъэлъагъуэу зы псалъэрщ.

**Тхьэ...**

"Ты"р щыIэ хъууэ щытым щхьэщыкIрэ щхьэщыт зэрыхъукIэрэу гулъытэгъуэ хъууэ щыту зы лъэгапIэ зиIэрщ. Ар зы лъэгапIэу къыщитIуэкIэ, абы къикIыр, зы тафэрэ зы бгыр зэрылъагэ щIыкIэркъым; а щыIэу щытым иджыфу щытым щхьэщыкIын Iуэхугъуэрщ. "Ты" Iэмалыгъэр зы щыIэ гуэрым зэрелъыта щIыкIэр аращи, а щыIэу щытым и Iэмалыгъуэм хэмыту щытыр къэзыгъэлъагъуэрщ; щыIэу щытым хэмытрэ щхьэщыкIырщ. Ар зи эфекту щыт "т"ыр, зы макъ е псалъэм ипэ къиувэрэ а макъ е псалъэр "т" IэмалыгъуэрэкIэ щылажьэм щыгъуэ, а псалъэм иджым нэхърэ нэхъ лъэгапIэ зиIэу зы Iуэхугъуэщ джыр. Ар зы къэрурэ лъэгапIэ Iуэхугъуэ зэрыхъукIэрэу, къыпыхьэу щыт макърэ псалъэмкIэ лэжьыгъэ зэригъуэткIэрэу утыку къихьэ псалъэр, а къыпыхьэу щыт псалъэм нэхърэ нэхъ лъэгапIэрэ къэру зиIэ мэхъур.

Ар щыхъукIэй, цIыху фIэщыгъэцIэу щыта "хьэ" псалъэм "т"ыр къыпыувэрэ зы псэлъэщIэ къыщыхъукIэ, къэхъуу щыт "Тхьэ" псалъэр цIыхум щхьэщыкIыу щыт мэхъур. ″Тхьэ″р, мыпхуэдэу хьэ псалъэм къытехъукIрэ абы пыщIауэ зэрщытрэ, а псалъэр къэзыгъэхъурэ фIэщыгъэцIэу къэзгъэсэбэпри хьэ зэрыхъукIэрэй, Тхьэр езы хьэм и Iэмалыгъуэм щхьэщыкIыу зы къэру зиIэ мэхъур. ИкIи, ар хьэ IэмалыгъуэрэкIэ лажьэрэ гурыIуэгъуэ хъууэ щытщ. ИкIи, ″т″ макъыр ″хьэ″м къыпыту зэрыщыткIэрэй, хьэм къытетрэ къыпэщыту зы къэрууэ абы къыхуех пэлъытэу щытырщ.

″Тхьэ″ псалъэр къызэрыхъум дыхэплъэу щытмэ, "т"ыр "хьэ"м ипэ къыпыувэу зэрыщытым теухуауэ мыхэр жыIэпхъэнщ: «Тхьэр хьэм щхьэщыкIыу зы къэрурщ; хьэр къэзгъэщI къэрууэ лъытапхъэщ; хьэр хьэ зыщIырщ ар; хьэр зэрыщыIэ къэрурщ; хьэр зыхуу щыт къэрурщ. Хьэм зэрилъытарэкIэу, езым и къэхъукIэрэ и щыIэкIэм и щхьэусыгъуэу къыпэщытырщ Тхьэр. ИкIи, ″Тхьэ″р фIэзыщари хьэращ; а фIэщыгъэцIэр "хьэ"кIэ къэхъуу щыту зы псалъэ зэрыхъукIэрэй, "Тхьэ"р хьэ IэмалыгъуэрэкIэ лэжьыгъэ хъууэ къэхъуауэ зы псалъэрщ. Тхьэр хьэм и фIыгъэкIэ щыIэ мэхъур е гурыIуэгъуэ мэхъур; "Тхьэ" псалъэр къэзгъэхъурэ зыгъэлажьэр "хьэ"ращ. Тхьэр зыхуэIуар япэрауэ хьэращи, ар къызгурыIуэрэ зыфIэIуэхуу щытыр хьэращ». ТIэ, Тхьэмрэ хьэм я зэхуаку дэлъу щыт зэхущытыкIэр мы псалъэр къызэрыхъу щIыкIэм елъыта Iуэхугъуэу щытынщ.

"Т"ыр "хьы" макъкIэ зешэу зы макъ зэгуэт къэхъуркъым; абы кIэух хуэхъур "хьэ"рщ. Зи кIэухыу щытыр "хьэ" щыхъукIэй, "тхьэ" макъ зэгуэтыр зэрщыту къонэри, сыт щыгъуэй "тхьэ"уэ щытщ, -"тхьы" хъуркъым-. Ар псалъэ лэжьэкIэ хабзэм зихъуэкIыркъым, зэрыщыту ″тхьэ″уэ къонэр. Игъуэ щыхъуакIэ пыщапхъэщ: "Тхьэ, хьэ" псалъэхэм зэй

захъуэкIыркъым; ахэм я кIэухыр зэй "ы" хъуркъым, икIи блэкIа зэманыгъуэрэ жыжьагъэ къэзыгъэлъагъуэу "а" макъи къапыувэркъым.

-Мы къэтIуэтахэм хуэмыдэу, икIи зы къэрукIэ (т) ″хьын″ Iуэхугъуэ зыгъуэту щыт псалъэхэри утыку къихьэу адыгэбзэм хэтщи, ар ″гъутхьэн, гъутхьэпс″ псалъэхэрщ. Мы псалъэхэм хэту щытыр ″т-хьы-э″р зи лъабжьэу къызэрыхъур гурыIуэгъуэщ-.

*

ЦIыхур, щыIэрэ щыIэгъуэ зиIэхэм ящхьэщIыIу телъэрэ, щыIэр зэрыджрэ зэрыужькIэрэу зыужьыгъуэ хъууэ щытым и гущIыIуж тет зэрыхъукIэрэу, мыщыIэм дэхуу щытырщ. Абы щхьэщыкI хъууэ щытыр "Тхьэ" зэрыхъукIэрэй, къэхъурэ джыуэ щыту хъуами ящхьэщыкI хъууэ щытыр "Тхьэ"рщ. ТIэ, цIыхум дэхуу щыт ″цIы″р, цIыхуми щыIэу хъуами и гъунапкъэу щытырщ; ар зи гъунапкъэу щымытыр Тхьэращ. Тхьэр хьэм щхьэщыкIырщ; хьэм (цIыху) зэрыщхьэщыкIкIэй, цIыхур зи тетрэ телъу щыт щыIэу хъуами щхьэщыкIырщ.

ЩыIэгъуэ зиIэу щытым щхьэщыкI пэлъытэу я щхьэщыIу хъууэ щытым языхэз хъурэ, щыIэгъуэм нэмыщIыр зи щIыбу щыт цIыхум (хьэ) щхьэщыкIыж хъууэ щытыр "Тхьэ" зэрыхъукIэй, "Тхьэ"р щыIэгъуэ закъуэкIэ щымыIэрщи, щыIэгъуэ закъуэм имытырщ; ар абыи щхьэщыкIрэ, абы щхьэщытырщ. ЩыIэгъуэ зиIэрэ ар къызгурымыIуэу щыт щыIэ лIэужьыгъэхэмрэ цIыхум щхьэщыкIрэ, мы псоми къащхьэщытыж къэрууэ щытыр, ахэр зыджрэ щызгъэIэу щытращи, ар Тхьэращ.

ЗыдэщымыIэ лъэныкъуэр зэрихурэ, а щыIэ гуэрым дэхуу щытыр къызэригъэунэхукIэрэу дэтхэнэ зы щыIэ гуэрыр зыцIыхуу щыт цIыхум езыр, щыIэгъуэ зиIэу хъуам и гущIыIум зэрытелъкIэрэй, мыщыIэри зыхурщ; щыIэмрэ мыщыIэм дэхурщ; езыр зы щыIэ гуэру, мыщыIэм дэхурщ; ″цIы″м дэхурщ, ″цIы″р зыхурщ, ″цIы ху″рщ.

ЦIыхур, мыщыIэу щыт ″цIы″м дэхуу зэрыщыткIэрэй, зыхэтрэ зи гущIыIум зытет щыIэгъуэм и ужьыгъуэр зыхэлърэ зиIэрщ. Зыдэхуу щыт ″цIы″р езыр зыхэмылърэ зыхэмытырщи, абы дэхуу щыт закъуэу щыIэгъуэ зиIэр аращи, ″цIы″р икIэ нэгъунэ ицIыхуркъым; ар зэрыдэхукIэрэ къыгуроIуэр. Арагъэнщ щымыIэрэ щымыIэжынри къыщIэгурыIуэр.

Ауэ, щыIэрэ щымыIэжри, зы лъэныкъуэкIэй мыщыIэри къызгурыIуауэ щыт цIыхум, и гъащIэм кIэ зэриIэм хуэдэжу, щыIэгъуэми кIэ зэриIэр къызгурыIуэу щыт цIыхум, хэкIыпIэ зэримыIэрщи, мы Iуэхугъуэу къекIуэкIрэ, къемыкIуэкIыу илъытэу щыт мыщыIэри гурыIуэгъуэ зыхуэхъурэ зыджу щыт зы гуэр зылъытапхъэрщ. ТIэ, мис а илъытапхъэрэ, сытми щхьэщыкIрэ сытри зыджу щытыр езым зэрыщхьэщыкIкIэрэ елъытэр: Ар Тхьэращ.

ЦIыхум (хьэ) щхьэщыкIыу щытыр жыIэпхъэ зэрыхъури "тхьэ" псалъэращ; цIыхум абы гу зэрылъита лъэхъанэр нэрылъагъуэу щытщи,

"хьэ" фIэщыгъэцIэкIэ зыщыриIуэж лъэхъанэрщ. Тхьэ псалъэрэ фIэщыгъэцIэр а лъэхъанэм къэхъуарэ нобэм къэгъуэгурыкIуауэ зы псалъэрщ.

ЦIыхум щхьэщыкIыу щытыр "тхьэ" псалъэм къиIуатэу щыщыткIэй, ар къызгурыIуэрэ зи Iуэху хъууэ щытыр "хьэ"рщ, цIыхурщ. ЩыIэгъуэ пашэ пэлъытэу щыт цIыхум сыт къилэжьрэ игъэзащIэми, цIыхум щхьэщыкIыу щыт Тхьэращ ар зылъытапхъэ хъууэ щытыпхъэр. Ар щыхъукIэй, цIыхум сытри зыхуихьэлIапхъэ хъур, и гупэр зыхуэгъэзауэ зыхущытын хуей хъууэ щытыр Тхьэращ. ЦIыхум сыт къилэжьрэ хузэфIэкIыу щытми, ар зи фIыгъэр, щыIэгъуэр утыку къизгъэуварэ, езы цIыхур щыIэ пашэу зызгъэужьауэ щыт Тхьэращ. Аращи, цIыхум сыт щыгъуэй Тхьэр имылъытапхъэу щытыфыркъым.

ЦIыхур, и щIэныгъэрэ и еплъыкIэм къызэрыгуэкIкIэ, сыт щыгъуэй зэрилъытэфрэ гурыIуэгъуэ зэрыхуэхъуфым папщIэ, Тхьэм хуэгъэзауэ щытщ. Дэтхэнэ зы фIыщIэ къилэжьми, къызэрилэжь щхьэусыгъуэ лъабжьэр, Тхьэ пащхьэкIэ езым зызэрилъытэж щIыкIэу щытщ. ЩыIэгъуэрэ дэтхэнэ зы псэущхьэр зэрыужьыкIэ хъууэ щытым къащхьэщыкIыу щыт цIыхур, зы гуэркIэ пэмыплъэу фIыщIэ къэзлэжьыфырщ; ар дыдэу зы гуэркIэ пэмыплъэжу, дэтхэнэ зы псэущхьэрэ цIыхум езытыфу щытри цIыхурщ. Ауэ, мыхэр зэрищIыфыр къызхэкIрэ зыхуэкIуэжыр, зэрилъытэрэ къызэрыгурыIуэкIэ и фIэщ хъуауэ щыт Тхьэрщ.

Тын зыщIыфрэ, и псэ къызэргуэкIрэкIэ дэтхэнэ зы гуэрым езытыфу щыт щыIэгъуэ зиIэрэ псэущхьэу щыIэр цIыху закъуэрщ. Ар, Тхьэр зылъытэрэ абы и гъунэгъуу зызэрилъытэжкIэрэу, щыIэгъуэ пашэрщ. Ар щыхъукIэй, щыIэу хъуам теухуауэ пщэрылъышхуэ зиIэрщ. Тхьэр, щыIэгъуэ зиIэу утыку къырилъхьахэм зы гуэркIэ пэмыплъэрщ. Ауэ, цIыхури, абы хуэдэ дыдэу щымытми, зыри зэрыфIэмыIуэхурэ зы гуэркIэ пэмыплъэу езытыфу щытырщ; цIыхур тын зыщIыфырщ.

*

ЦIыхум Тхьэр зэрилъытар, ар щыIэми мыщыIэми зэрритепщэущ. Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэм и къэхъукIэ щхьэусыгъуэ хъурэ, а Iуэхугъуэр утыку къызэрихьэ щIыкIэри Тхьэ Iуэхугъуэущ цIыхум зэрилъытэр. Ар щыхъукIэй, дэтхэнэ зы Iуэхури Тхьэ Iуэхуу лъытапхъэщ. Дэтхэнэ зы Iуэхур къызэрыхъурэ зэрызэтеувэ щIыкIэри Тхьэ IуэхугъуэрэкIэщ. Аращи, бзэр, зы Iуэхугъуэр къызэрыхъурэ зэрызэтеувэ щIыкIэр, а Iуэхум и логиер къэзызыгъэлъагъуэу жытIауэ щыташ бзэм дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ. Бзэр хъууэ щытыр къэзыIуатэрэ, абы и логиеу щытырщ. ТIэ, дэтхэнэ зы Iуэхури Тхьэ Iуэхугъуэу лъытапхъэу щытмэ, а Iуэхур зы тхьэбзэу къэхъуу жыIэпхъэщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, дэтхэнэ зы Iуэхум и логиеу щытыр а

Iуэхум и тхьэбзэу щытырщ. ТIэ арамэ, ″Iуэху тхьэбзэ″р, дэтхэнэ зы Iуэхур зэрыхъун зэрыхуейм хуэдэу зэрзыфIагъэкI щIыкIэрщ; дэтхэнэ зы Iуэхур зы Iуэху тхьэбзэрщ; Iуэху тхьэбзэр, а Iуэхум и логиерщ, и бзэрщ. Мы Iуэхури зы Iуэху тхьэбзэу зэрщыткIэрэу зэфIэзгъэкIри ″Iуэху тхьэбзащIэ″рщ. Iуэху тхьэбзащIэр, зы Iуэхур игъуэкIэ зыгъэзащIэрщ.

Дэтхэнэ зы Iуэхур зы Iуэху тхьэбзэу щытщи, ар зэрытхьэбзэу зэфIэзыгъэкIыр Iуэху тхьэбзащIэрщ. ТIэ, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр зэрыIуэхутхьэбзэу хьэзыру щыткъым. Зы Iуэхугъуэр зэрыхъуну щIыкIэр къагупщысыр, зэрызэфIэкIыну щIыкIэр ябзыхури утку къыралъхьэр. ГурыIуэгъуэщи, ар зэфIэзыгъэкIынур IуэхутхьэбзащIэхэрщ. Ар щхьэ, ар къэзыгупщысыр е а Iуэху тхьэбзэр зыцIыхуу щытыр, ар зи щIэным хэтыр хэт?

Ар гурыIуэгъуэщи, Iуэху тхьэбзэр къызгурыIуэу щытыр а Iуэхугъуэ лъэныкъуэмкIэ тхьэбзэр къызгурыIуэрщ. Ар тIэ, Тхьэм хуэгъунэгъуу зы цIыхурщ; зи мыхъуми, а Iуэхугъуэм теухуауэ Тхьэм и бзэрэ жиIэр къызгурыIуэрщ. Тхьэм хуэгъунэгъурэ лъэщыгъэ зиIэу щыт нэхъыжьырщ ар; а Iуэхугъуэм къызэрыгуэкIкIэ ар, Тхьэм пэгъунэгъуу щытырщ. ТIэ, ар ″тхьэмадэ″рщ.

″Тхьэмадэ″ жыхуэтIэр, дэтхэнэ зы Iуэху тхьэбзэ пыухытыкIам и тхьэмадэу тлъытэу щытмэ, ар а Iуэхур нэхъыфIыжу зыщIэрщ, зезгъакIуэрщ; IуэхутхьэбзащIэхэм игъуэджэу унафэ хуэзыщIыфырщ. Ар, IуэхутхьэбзащIэхэмрэ Тхьэмрэ яззхуаку дэту щыт пэлъытэрщ; а Iуэхутхьэбзэр IуэхутхьэбзащIэхэм къагурызгъаIуэрщ.

Зы Iуэхутхьэбзэм теухуауэ тхьэмадэу щытыр, а Iуэхум теухуауэ цIыхубэмрэ тхьэм я зэхуакум дэтыпIэр зи щытыпIэ хъурщ. ЦIыхур зыдэщытыпIэм щхьэщыт хъурэ, абы щхьэщыкIыу ″Тхьэм аддэ″ куIэрщ ″тхьэмадэ″ псалъэм къыдгуригъаIуэр. ТIэ, зи пщIэрэ зи лэгапIэр Тхьэм нэгъунэ кIуэрэ нэсу илъытауэ щытырщ, ар зылъытарэ хэзыха цIыхум дежкIэ ″тхьэмадэ″р.

″Тхьэмадэ″ псалъэр, икIи, Тхьэр къызэрытщхьэщыт пэлъытэр къизыIуэрщи, Тхьэр ди ядэ пэлъытэ зэрыхъу щIыкIэу зэтеувэу зы псалъэрщ. ″Адэ″ псалъэм къикIыр аращи, зы жыжьапIэрэ лъэгапIэу зэрыщыткIэрэу (а), зы лъэщыгъэрэ зэгущыгъэу зэхэту (дэ) щытырщ. Мы псалъэм ипэм ″тхьэ″ псалъэр къыщыпыхьэм щыгъуэ, тIэ, ″Тхьэ″м къызэрыгуэкIкIэ щыIэ хъууэ щыт зы ″адэ″рщ; е, Тхьэр адэ зэрыхъур къизыIуэу зы псалъэрщ ″тхьэмадэ″р. ″Тхьэ″м къызэрыгуэкIкIэ ″адэ″ хъурэ, ″Тхьэ″р адэ зэрыхъур къизыIуэу зы псалъэрщи, мыпхуэдэу зэпкъырыхыпхъэрщ: ″Тхьэ-мэ-адэ″

″Тхьэмадэ″ щыжыпIэм щыгъуэ, ар ″пщы″ псалъэм зэрелъытэгъуэрэ зэрызэщхьэщыкIри гурыIуэгъуэ щIын хуейуэ зы упщIэм зыкъегъэлъагъур. ТIэ, мыбдежым ″тхьэмадэ″р гурыIуэгъуэмэ, ар зы Iуэху IэнатIэрэ зы Тхьэ Iуэху пэлъытэу щытыр зыцIыхурэ зыщIэрщи; ″пщы″ри зы хабзэрэ

псэукIэу щытым и щапхъэу зэрыщытрэ, а хабзэм и лъэгапIэкIэ унафэр къызпкъырыкIырщ. Ар щыхъукIэй, мы псэукIэм теухуарэ къызэрыгуэкIкIэ гъэзэщIапхъэу щыт Iуэхутхьэбзэхэр зыцIыхурэ, и Iуэхутхьэбзащiэхэм унафэ хуэзыщIыр пщырауэ щытмэ, тIэ, мыбдежым пщыри зы тхьэмадэрщ.

Ауэ, ″пщы″р зы цIыхубэм и псэукIэу щыт дэтхэнэ зы лъэныкъуэри зыхиубыдэу къэлэн зиIэу щытырщи, ар нобэрей терминкIэ жыIэпхъэмэ, зы *административ* Iуэхуу лъытапхъэщ. ″Тхьэмадэ″р зы Iуэхутхьэбзэм теухуауэ щытырщи, ар зы Iуэхугъуэ IэнатIэм хуэIуауэ щытырщ. ЦIыхубэм дежкIэ, сыт щыгъуэй хэхауэ щыт пщыр сыт щыгъуэй тхьэмэдапIэри зыхуэфащэрщ, тхьэмадэрщ. ТIэ, жыпIэ хъумэ, пщыр *кроник*эу тхьэмадэ хъууэ щытырщ; тхьэмэдагъэр *акут* пщы хъуфырщ.

Тхьэмадэр дэтхэнэ зы Тхьэ Iуэхугъуэрэ Iуэхухьэбзэм и унафэ зыщIырщи, зыхуэтхьэмадэм теухуауэ зэщхьэщокIыр дэтхэнэ зы тхьэмадэм къилэжьыпхъэр. Зы щIэныгъэрэ фIэщхъуныгъэ пашэри, зы *оркестр*ым и *шэф*рэ *майстро*ри, зы нысашэр зи пщэрылъ нэхъыжьри, зы Iэнэр хабзэм тету къезыгъэкIуэкI нэхъыжьри тхьэмадэщ. Ауэ, псалъэм папщIэ, а оркестым хэту щыт зы пшынауэр а пшынэр нэхъыфl дыдэу зыгъэбзэрабзэу щытрамэ, а пшынэм еуэнкlэ а нэхъ lэзэу щыlэрамэ, ар а пшынэм еуэфхэм я пщыуэ, –а пщынауэхэм я зэгъэпщапхъэу яlэрэ я щапхъэу- лъытапхъэщ.

″Тхьэбзэ″ псалъэм бзэм дыщытепсэлъыхьым щыгъуэ и гугъу тщIауэ щытащ. ГурыIуэгъуэщи, а псалъэр Iуэхутхьэбзэми хэту щытщ. Ауэ, зы тхыпхъэу щыт тхьэбзэми къиIуатэр Тхьэм и бзэ Iуэхугъуэрщ. А тхыпхъэу щыт тхьэбзэр, зы геометрикэ форму щытщи, абыкIэ дэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъур зы Тхьэ Iуэхугъуэрщ. А формыр щыIэгъуэ лъабжьэ къэзыгъэлъагъуэрэ гурыIуэгъуэ зыщIыу зы бзэу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, зы тхьэбзэу щытщ. Тхьэбзэр къыщыбгурыIуэм щыгъуэ, а жиIэхэм къызэрыгуэкIкIэ, Тхьэм езым и зы Iуэхугъуэ лIэужьыгъуэрэ и зы къэру лъэныкъуэри къыбгурыIуапхъэщ.

*

Тхьэ Iуэхугъуэрэ бзэм зыхэту щыт псалъэхэр мащIэкъым адыгэбзэм. Мы псалъэхэм ящыщ ″тхьэIуэхуд″ псалъэри. Ар дахэу зы цIыхум, нэхъыбэу зы цIыхубзым папщIэ жаIэу зы псалъэрщ. Абы къикIри, ″Тхьэ Iуэху лъэщ″ жыхуиIэрщ.

″ТхьэкIумэ″ри мыпхуэдэу зы псалъэрщи, ар макъ зэхэзыху зы Iэпкълъэпкъырщ. Ар зэпкъырыпхыу щытмэ, ″Тхьэ″м е″кIу″н Iэмалыгъуэр къыуэзытыпхъэ (мэ) хуэдэу жыIэпхъэнщ абы къикIыр. Тхьэбзэр къыбгурыIуэн пащIэ, ар зы макъкIэ къэIуу щытмэ, а макъыр зэрызэхэпхыфынур ″тхьэкIумэ″рщ.

″ТхьэмыщкIэ″ псалъэри тхьэ псалъэм къытехъукIауэ зы Iуэхугъуэу щытщи, апхуэдэу щытым Тхьэм гущIэгъу къыхуищI! Тхьэм зы цIыхур апхуэдэу имыщIкIэ; ауэ, ар Тхьэм имыщIын щIыкIэ зиIэ хъуарщ.

″Тхьэусыхэн″ псалъэр ″тхьэ-усы-хы-э-н″ хуэдэу зэпкъырыхыпхъэу щытщ. ″Тхьэ″ псалъэр ″усэ″ глаголкIэрэ лажьэу утыку къихьэу зы псалъэрщ ар; ауэ, а усэн Iуэхугъуэр ехыу зэрыщыткIэрэу хэту щытщ а псалъэм. Усэм езыр уэзрэ уэгу Iуэхугъуэрщ, зыужьыгъуэ Iуэхугъуэрщ; ар езыр, ехын Iуэхугъуэ хъуурэ зы гуэркъым. Ар щхьэ, мы псалъэм зэрыхэткIэрэу, усэрэ зыужьыгъуэ Iуэхугъуэу щытыр ехыгъуэрэкIэ лажьэу хэтщи, абы зы фIыгъэрэ зыужьыгъуэ къикIыркъым. Ар зы усакIуэ IуэхугъуэфIу щыткъым. Ар, усэр къызэрыхъу щIыкIэу гум къызэрыхэхъукIрэкIэ къэхъуу зы Iуэхугъуэу щытщ; икIи, усэбзэ пэлъытэу щыт щхьэ, ар усэбзэкIэ лъэIуэн Iуэхугъуэрщ.

ЛъэIуэн Iуэхугъуэу тхьэ псалъэм къытехъукIыу зы псалъэй щыIэщ: ″ТхьэлъэIу″. Ар Тхьэм елъэIун Iуэхугъуэрщ. Тхьэм хуащIыу щыт лъаIуэхэрщ тхьэлъэIу жыхуаIэр.

″Тхьэ″ псалъэр зыхэтрэ гурыIуэгъуащэ мыхъуу щыт псалъэхэри щыIэщ. Ахэм ящыщщ ″тхьэрыкъуэ″ псалъэр. Ар зы бзу лIэужьыгъуэм и фIэщыгъэцIэу щытщи, зы фIэщыгъэцIэ лъапIэу зэрыщытращ гурыIуэгъуэ къытхуэхъуу щыт закъуэр.

″ХущIын″ псалъэр гурыIуэгъуэу зы псалъэрщ; ар щхьэ, апхуэдэу зы мыхьэнэ зиIэу щыт ″тхьэщIын″ псалъэр гурыIуэгъуащэу щыткъым. Тхьэ Iуэхугъуэу, зэрыщытын хуейуэ щытыныр ″къабзэ″ псалъэм къыдгуригъаIуэрщи, мыпхуэдэу и къэбзагъэр игъуэтыжын Iуэхугъуэу гурыIуапхъэ хъуну жыIэхъэнщ ″тхьэщIын″ псалъэр.

″ФIэгъэжын″ псалъэр гурыIуэгъуэ къытхуэхъуу тлъытауэ щытми, абы хуэдэу зы псэ хэхын Iуэхугъуэр къизыIуэу щыт ″тхьэлэн″ псалъэр гурыIуэгъуэу щыткъым.

## «Щ, ЩI, Ш» ГУПЫМ КЪЫХЭХЪУКI МАКЪ ЗЭГУЭТХЭР

**Щты...**

"Щы" макъыр щыIэ хъууэ щытым и лъабжьэ зэрыхъукIэрэу, абы и эфект хъууэ щыт "щ" макъыр "ты" IэмалыгъуэкIэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щыт "щты" макъ зэгуэтыр, зы щыIэкIэм щхьэщыкIын пэлъытэ Iуэхугъуэу щытщи, а щыIэкIэр и щыIэкIэу щытрэ, абы икIарэ зы щIыкIэ гуэр зиIэ хъун Iуэхугъуэрщ. Аращи, "щтын" псалъэм иджыр; псалъэм папщIэ, зы ткIуаткIуэр и ткIуэткIуагъэм икIрэ быдагъэ щIыкIэм ихьэн Iуэхугъуэрщ. Псыр мэщтри быдэ мэхъур, ар щхьэ, лы трищIэри лыуэ ялъытэркъыми, ар мылщ. Мылыр мэткIужри псы мэхъужыр.

Мыбы хуэдэу зэгущрэ, и щIыкIэр зи щIыкIэжу, зи щыIэкIэм тету щыт зы псэущхьэр къзэрикIрэ зыщхьэщыкI пэлъытэ хъууэ щытмэ, ари "щтэн" Iуэхугъуэрщ. Ар зи лъабжьэу "къэщтэн, къэгъэщтэн" хуэдэ

псалъэхэр мэухуэр. Мыбы хуэдэ ″къэщтэн″ Iуэхугъуэм ещхьыу жыIэпхъэнщ ″хэщтыкIын″ псалъэм къыдгуригъаIуэри.

ТIанэ, зы гуэрыр зыдэщытым ихын Iуэхугъуэри, ар зыдэщытыпIэм ихынрауэ "къэщтэн" Iуэхущ.

**Щхъы...**

"Щ" макъыр "хъы" макъкIэ щызешэм щыгъуэ къэхъу макъ зэгуэтыр "щхъы" макъырщ. Ар ″щы″ эфектыр, лъабжьэ Iэмалыгъуэу щыт ″хъы″мкIэ лэжьыгъэ зыгъуэту зы Iуэхугъуэрщ. Ар щыхъукIэй, къэхъуу щытыр, зы щыIэкIэ Iуэхугъуэрщи, ари лъабжьэ лэжьэкIэ зиIэу щытырщ.

Мырагъэнщ ″ищхъэрэ″ псалъэм къыдгуригъаIуэу щытыр; ″и-щхъ-э-рэ″у зэпкъырыхыпхъэу щыт псалъэр ″ищхьэ″м и пхэнджу щытырщ. Ар зэрыплъагъур (и) ″щхъы″уэ щыт (э) зэрыхъукIэрэущ. Ищхьэ лъэныкъуэ зиIэм ищхъэрэ лъэныкъуэй иIэнщ. Мыпхуэдэу ищхьэ мыхъуу щытрэ, абы и пхэндж хъууэ щытыр, икIи зы курыхуй мыхъурщ. ТIэ, ар зы лъабжьэ (хъы) ехыпIэу щытырщи, ″щхьэ″р ехухын Iуэхугъуэри ″гъэщхъын″ Iуэхугъуэрщ. Сэлам ехын папщIэ щхьэр ягъэщхъыр. ″Щхьырыб″ псалъэри зы къэкIыгъэм и фIэщыгъэцIэрщ.

**Щхъу...**

"Щ"р щыIэ лъабжьэ эфекту зэрыщыткIэрэу "хъу" макъкIэ щызешэм щыгъуэ, къэхъуу щыт "щхъу" макъ зэгуэтым иджыр, зи щыIэкIэрэ зи щIыкIэр зэхъуэкIынрэ нэгъуэщI зы щIыкIэм ихьэн Iуэхугъуэрщ.

Ар, хъуауэ щытыр зэхъуэкIын зэрыхъукIэрэй, хъуам зызэрихъуэкIыр къигъэлъагъуэу "хъуэ" кIэухкIэ мэлажьэр. Зи щыIэкIэр зэхъуэкIыу щытыр "щхьуэ"щ. ″Щхъуэ″р мыпхуэдэу зэхъуэкIыныгъэу къызэригъэлъагъуэм къызэрыгуэкIкIэ, мыр зи щIыкIэу щыт зы плъыфэр къизыIуэрщ. Ар зи щIыкIэрэ зи плъыфэ хъууэ щытрэ, абы "тIэ"р кIэух щыхуэхъум щыгъуэ, къэхъуу щытыр "щхъуантIэ"рщи, ари зы плъыфэцIэрщ. ЗихъуэкIрэ кIуэуэ щытынырщ гурыIуэгъуэ къытхуищIыр щхьуантIэм; ар зы жыжьагъэрэ куугъуэ зиIэ хъууэ щыт плъыфэрщ. Нэ щхъуэрэ щхъуанIэ зиIэр ″нащхъуэ″у къыраIуэр.

″Щхъуэ″р зэхъуэкIыныгъэ къизыIуэу зы псалъэрщи, зы цIыхур зэхъуэкIын Iуэхугъуэрэ, абы и щIыкIэрэ и щыIэкIэм емыщхьыж щIыкIэ къыхуэкIуэнри ″щхъуэ″ Iуэхугъуэрщ. Мыпхуэдэу захъуэкIауэ щытхэм папщIэ ″щхъуэ, щхъухь е щхъуэхь″ ирахауэ жаIэр.

ЗэхъуэкIын Iуэхугъуэу щыт ″щхъуэ″ псалъэр, тIэ, зы узри зэзхъуэкIыфыну щытынщи, зы уз зыхэт Iэпкълъэпкъым хуэкIуэрэ хуэфI хъууэ щытыр абы ″хущхъуэ″ хуэхъурщ. Мыпхуэдэу узыр зэхъуэкIыгъэм изыгъахуэу щыт щхъуэрэ хущхъуэр, зы щхьэпэрщ.

″Щхъуэ″р зи щыIэкIэрэ зи щIыкIэр зэзыхъуэкIырщи, ар къызэрысэбэпри зэхъуэкIыныгъэкIэрщ. Ар узыншэм уз къыхуэзыхьрэ, уз зиIэр зыгъэхъужырщ. ″Щхъуэ″р зы щхьэпэу щытмэ, хущхъуэрщ; ар зыхуэмыхущхъуэр зы″гъэщхъу″рщ.

**Щхьэ...**

"Щы" эфектыр "хьэ" макъ е псалъэкIэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъур "щхьэ" макъ зэгуэтырщи, ар "хьэ"м (цIыху) и зы Iэпкълъэпкъ фIэщыгъэцIэу щытырщ. "Щ"ыр "хьэ"м ипэ къыщыпыувэкIэ, "щы" эфектыр "хьэ" глаголкIэ лажьэ мэхъур. Ар щыхъукIэй, щыIэгъуэ лъабжьэ хъууэ щыт "щы" эфектым (щ), зы псалъэу щыт ″хьэ″р кIэух зэрыхуэхъукIэрэу утыку къихьэр ″щхьэ″рщ. Дэтхэнэ зы щыIэгъуэр къызэрыхъуфым и эфектыр (щ) ″хьэ″ IэмалыгъуэкIэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щыт ″щхьэ″р, зы Iэмалыгъуэшхуэ зиIэу зы псалъэрщ.

Мы Iэмалыгъуэр, япэрауэ, езым теухуауэ елъытэр цIыхум; япэрауэ езым и щхьэр зэрилъытарагъэнщи, ″щ″р ″хьэ″кIэ лажьэу утыку къохьэр ″щхьэ″р. Ар щыхъукIэй, щыIэгъуэ лъабжьэу щытыр цIыхум езым и цIэкIэ зэригъэлажьэрэкIэ, щыIэгъуэр езым къипщытапхъэу зелъытэр. ЩыIэгъуэу щытыр цIыхум езым къызэрыгурыIуэр утыку къырилъхьэу жыIэпхъэщ, ″щхьэ″ фIэщыгъэцIэр зэрызэтеувэ щIыкIэм ущыгъуазэу щытмэ. Хьэм езыми зы щыIэгъуэ зэриIэрэкIэу, абы и къежьапIэрэ и щыIэгъуэ хъууэ щытыр ″щхьэ″ псалъэм иджыфу щытырщ. ТIэ, цIыхум езыр къызэрыхъурэ зэрыщыIэр зэрилъытэри и ″щхьэ″ращи, езым и щхьэм елъытауэй, нэгъуэщI щыIэгъуэ зиIэхэри елъытэр, къепщытэр.

″Щхьэ″ псалъэр зэрызэтеувэ щIыкIэри ″тхьэ″ псалъэр утыку къызэрихьэ щIыкIэм хуэдэщ. Зыр ″щы″рэ щыIэгъуэ лъабжьэу щытым теухуащ; адрейр (тхьэ), щыIэгъуэм щхьэщыкIым теухуащ. ″Щхьэ″ри ″тхьэ″ри зэрылажьэр ″хьэ″кIэрэщи, ахэр зи Iуэхугъуэрэ къызгурыIуапхъэу щытыр ″хьэ″ращ, цIыхуращ. ″Щхьэ″р, щыIэгъуэ зиIэрэ цIыхум и цIэкIэ (хьэ) лажьэу щытщи, щыIэгъуэр цIыхум къызэрипщытэфыр аращ; цIыхум езыри зы щыIэ гуэру щыIэгъуэм щыщу зэрыщытым папщIэ, ″щы″ Iуэхугъуэр ″хьэ″м и Iуэхугъуэу щытщ.

ЦIыхум езыр щыIэгъуэ зиIэрэ ужьу щытырщи, ″цIы″м дэхуу щытырщ; ар, мыщыIэрэ щыIэгъуэ щIыбу щытыр зыхурщ; ар абы (″цIы″м) хэмытрэ зэрыщымыщым папщIэ, ар (″цIы″р) къэпщытапхъэу щымытырщ, ауэ, цIыхур абы (″цIы″м) зэрыдэхукIэрэй ар къызгурыIуэрщ. ЦIыхур, езым и щыIэгъуэрэ и щыIэкIэу щытым къызэрыщхьэщытрэ (тхьэ) зэрыдэхукIэрэу (цIы) зы гуэрхэр къызэрыщхьэщыкIыр къызгурыIуэрщи, езыр илъытэу щытми, икIэ нэгъунэ къызэрымгурIуэнрэ къызэримыпщытэфынур зыцIыхурщ. Къыщхьэщыту щытрэ, щыIэгъуэр зэрыужьым и щхьэусыгъуэу илъытэм нэмыщI, зыхэмытрэ зыдэхуу щыту

щымыІэгъуэр елъытэри, ар щыІэгъуэ щІыб зэрыхъукІэрэу мыщыІэу зылъытэрщ. МыщыІэу илъытэу щытыр и ″щхьэ″ Іуэхугъуэрэ хузэфІэкІын Іуэхугъуэу зэрыщымытыр къызгурыІуэрщи, мыхэри езым къызэрыгурыІуэ щІыкІэр езым хуэІуауэ зэрыщытри хэтыжу, ″Тхьэ″ Іуэхугъуэу елъытэр. Езыр щыІэгъуэм хэту щыт цІыхум дежкІэ, щыІэгъуэ лъабжьэу щыт ″щы″ Іэмалыгъуэм къыхуигъэщІар ″щхьэ″рщи, тІэ, езым щхьэщыкІрэ зыхунэмысыр ″Тхьэ″ Іуэхущ. Аращ, ″щхьэ″ псалъэмрэ ″тхьэ″ псалъэр къызэрыхъу щхьэусыгъуэрэ зэрызэщхьэщыкІыр.

ТІэ, ди Іуэхуу щыт "щхьэ"м теухуауэ мыхэр жыІэпхъэнщ: «″Щхьэ″р хьэ ІэмалыгъуэрэкІэ лажьэу зы псалъэрщ; щыІэгъуэ лъабжьэ хъууэ щытыр "щы" зэрыхъурэ, ар "хьэ"кІэ щылажьэм щыгъуэ, щыІэгъуэ Іуэхугъуэм теухуарэ хьэм хуэІуауэ зы псалъэщ "щхьэ"р. "Щы"р зы щыІэгъуэ лъабжьэ зэрыхъукІэрэу "щхьэ"р зы къежьапІэрщ; хьэ ухуакІуэм иухуэхэр къызхэкІыпхъэрэ къыздежьапІэ хъунур а "щхьэ"ращ. "Щхьэ" псалъэр къызтехъукІарэ, нэхъапэу зыхуэІуауэ щытыр ″хьэ″ращи, щыІэгъуэрэ дэтхэнэ зы щыІэ гуэрыр и лъабжьэкІэ цІыхум (хьэ) къэзэрыгурыІуэну Іэпкълъэпкъыу иІэр аращ».

*

НытІэ, ″щхьэ″р зы къежьапІэрщи, сытми и къежьапІэ хъууэ къэсэбэпу зы псалъэ мэхъур ар. Сытми и къежьапІэр ″щхьэ″ зэрыхъукІэй, ар къэхъуу щытым и лъабжьэм щІэтрэ щІэлъ хъурщ. Ар, дэтхэнэ зы гуэрыр къызэрыхъуам илъабжьэрэ и къежьапІэ зэрыхъукІэрэй, сытри зытеужьыхьырщ. Ар сытми и "щхьэусыгъуэ" хъурщ.

Дэтхэнэ зы гуэрыр къызэрыхъуа щІыкІэм и щхьэусыгъуэу зэрыщыткІэрэй, зы Іуэхугъуэм щІэупщІапхъэрэ зы упщІэуй зыкъегъэлъагъуэфыр "щхьэ" псалъэм: "сыт щхьэ?".

Дэтхэнэ зы гуэрыр къызэрыхъум и щхьэусыгъуэрэ и къежьапІэ зэрыхъукІэрэй, "щхьэ" упщІэм пэджэжри "щхьэ" мэхъуфыр: "абы щхьэ!". Ар зы Іуэхугъуэ лъабжьэ зэрыхъукІэрэу, сытри къэгъэунэхун папщІэ упщІэу мэувыфыр; абы пэджэжи мэхъуфыр.

Зы щхьэусыгъуэр къэгъэлъагъуэныр ″щхьэ″ псалъэмкІэ зэрыгъэзащІэм хуэдэжу, абы щхьэщыкІарэ нэгъуэщІ зы къежьапІэрэ щхьэусыгъуэ къэгъэлъэгъуэнри къизыІуапхъэ хъуфу щытыр "щхьэ" псалъэрщ: "ар щхьэ".

Дэтхэнэ зы гуэрым зы къежьапІэ зэриІэкІэрэу "щхьэ" иІэщ; икІи, къызэрежьэрэ зы Іуэху тхьэбзэ утыку къызэрихьэкІэй, а Іуэхугъуэм и щхьэусыгъуэ хъууэ щытыр ″щхьэ″рщ. Зы Іуэхугъуэр зэрылажьэ лъабжьэри, зызэрихъуэкІ щхьэусыгъуэу и щхьэм къырикІуэри зы "щхьэ" Іуэхугъуэрщ. Ар дэтхэнэ зы гуэрым ипэ хъупхъэу щытырщ, ар сытми и "щхьэпэ"р къызхэкІырщ.

*

Щхьэр, псэущхьэхэм я зы Iэпкълъэпкъ фIэщыгъэцIэу щытырщи, абы илъ ″щхьэкуцI″ращ а псэущхьэм и лэжьыгъэрэ и Iэмалыгъуэр щыджыр. ЦIыху щхьэкуцIыр, псэущхьэ псоми къыщхьэщыкIыу лэжьэфу щытщ; икIи зэржаIэрщи, ар псэущхьэ щхьэкуцI псом елъытауэ нэхъ хьэлъэрэ нэхъ гъэщIэгъуэну зы щхьэкуцIырщ. ЦIыху щхьэкуцIыр мыувыIэу лажьэрэ Iуэхугъуэ гуэрхэр утыку къизылъхьэу, Iуэху тхьэбзэхэр зыгъэуврэ зэрызэфIэкIыну щIыкIэхэри зыгъэзащIэу зы Iэпкълъэпкъырщ. Ар лэжьэкIуэшхуэрщ, икIи шхакIуэрщ; абы игъэсу щытыр мащIэкъым. Зы цIыхум хуэныкъуэрэ игъэсу щыт энергием %35 хуэдизыр, зы имыщIэу щытми зыгъэсыр щхьэкуцIырщ.

ЩхьэкуцIыр лэжьакIуэу щхьэм и куцIырщи, ар лэжьакIуэмэ, щхьэр лажьэу ялъытэр. Зи щхьэр игъуэкIэ мылажьэу ялъытэхэм папщIэ хужаIэу щыт псалъэхэри ″щхьэ″ псалъэм къызэрыгуэкIкIэ къохъур: ″Щхьэдыкъ, щхьэкIуртIэ, щхьэ Iув...″.

″Щхьэ″р лэжьакIуэрэ, зыфIэту щытым и Iуэху убзыхуныр зэфIэзыгъэкIыу зэрыщытым къызэрыгуэкIкIэ, Iуэхугъуэхэм теухуа псалъэ гуэрхэр ″щхьэ″ псалъэр лъабжьэ зэрыхъукIэрэу къохъур. Зи щхьэр игъэлэжьэн зыфIэмыфIрэ хуэмыхуу щытыр щхьэхырщи, а Iуэхугъуэр ″щхьэхын″ырщ; зы Iуэхур зэфIэгъэкIын пащIэ ерыщу щытыныр ″щхьэкIуэ″ щIынырщ. Дэтхэнэ зы Iухуэгъуэр игъэзэщIэн папщIэ, зи щхьэр абы фIэнауэ щытыр, а Iуэхугъуэр зи щхьэ изылъхьауэ щытырщи, абы щхьэкIуэ ищIащ.

″Щхьэ″ Iэпкълъэпкъ фIэщыгъэцIэр зи лъабжьэкIэрэу "щхьэц, щхьэфэ, щхьэшэ, щхьэщыгу, щхьэ къуий; щхьэнтэ, щхьэтепхъуэ, щхьэтепIэ..." хуэдэ псалъэхэр къохъур

″Щхьэ″р дэтхэнэ зы гуэрым и къежьапIэрэ и тету щытырщи, дэтхэнэ зы гуэрым и тетрэ и къежьапIэ лъэныкъуэу ялъытэрэ ягъэлъагъуэу къыраIуэр ″ищхьэ″рщ. Ар дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми и къежьапIэрщ; кIэ зыгъуэтым зы къежьапIэй иIэщи, ар ″щхьэ″ращ, ищхьэрщ.

Зы къэкIыгъэм ищхьэ лъэныкъуэрэ, къызхэмыжыжу тету щытыр, "щхьэмыж"щ.

Дэтхэнэ зы гуэрым ″ищхьэ″ хъуурэ щыт зы лъэныкъуэ зэриIэм къызэрыгуэкIкIэ, ″щхьэ″ псалъэр лъабжьэ зэрыхъурэ префиксу къызэрысэбэпкIэрэу, нэгъуэщI псалъэхэр къохъур: «Щхьэщыхьэн, щхьэщыкIын, щхьэдэкIын, щхьэпырыкIын...».

″Щхьэ″р, зы Iэпкълъэпкъыу щытщ; къежьапIэрэ тету щыт лъэныкъуэ зэрыхъукIэрэй, дэтхэнэ зы гуэррэ зы Iуэхугъуэм щхьэ иIэщи, дэтхэнэ зы гуэрым ищхьэ хъуурэ зы лъэныкъуэ щыIэщ; икIи, ар къежьапIэрэ лъабжьэу зэрыщыткIэрэй, сытми и щхьэусыгъуэрэ сытми и щхьэпэу щытырщи, тIэ, дэтхэнэ зы гуэрыр ″щхьэ″ псалъэмкIэ

лъытапхъэрэ къиIуапхъэ хъунщ. Зы псэ зыIутрэ щхьэ зыфIэтыр къызэраIуэри, ″псэ″р ″щхьэ″рэкIэ лажьэу зы псалъэу щытщи, ар ″псэущхьэ″рщ. ЦIыхури зы псэущхьэу щытщи, дэтхэнэ зы нэрыбгэр езырыжу къызэраIуэр "щхьэж" псалъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ.

Дэтхэнэ зы псэущхьэм теухуауй жыIэпхъуэу щытщ, ауэ, цIыхум нэхъ хуэIуауэ жыIэпхъэщ ″щхьэгъусэ″ псалъэри, ари къызэрыхъу щIыкIэр ″щхьэ″ псалъэрэкIэщ. ″Щхьэ″р, зы псэущхьэр щхьэжу зэралъытэрэ, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэм и щхьэусыгъуэрэ и щхьэпэу щытри зэрилъытэфкIэрэу, мыпхуэдэ щIыкIэу щыт ″щхьэ″ IуэхугъуэкIэ гъусэ хъуфынырщ ″щхьэгъусэ″р.

Аращи, ″щхьэ″ псалъэ закъуэм езыр, зы псэущхьэ псор щхьэжу зэралъытэ псалъэрщ. Зы гуэрыр нэгъуэщI гуэрым хуэдэу зэрыщытыр лъытэнрэ пщытэн Iуэхугъуэри, ай тIум я ″щхьэ″ Iуэхугъуэу щытщ. Зэбгъапщэр зыхуебгъапщэм ехьэлIауэ зэреплъытэрэ зэрызэхуэдэр я ″щхьэ″м къызэрыгуэкIкIэрщи, ар ″егъэщхьын″ырщ. ″Егъэщхьын″ыр, зы ″щхьэ″р зебгъапщэм хуэкIуэрэ (е) абы и ″щхьэ″м ехьэлIауэ (щхьэ-ы) ″гъэ″нырщ.

-Мыбдежым ″щхьэ″ псалъэр зехьэлIэныгъэрэкIэ ″щхы (щхьэ-ы)″ мэхъур; ″щхьэ″ псалъэм мыбы нэмыщI зэхъуэкIыу щапхъэй иIэкъым. -″Ебгъэщхьащ (е-б-гъэ-щхьэ-а-щ)″ хуэдэ псалъэхэм и къэхъукIэри мы щапхъэ къэтхьам хуэдэу къэхъурщ-. ″Щхьэ″ псалъэри, ″хьэ″ Iуэхугъуэ зэрыхъукIэрэу, зэмыхъуэкIыу щыт псалъэхэм ящыщ; ар къызэрыхъурэ зэрылажьэр ″хьэ (цIыху)″ псалъэрщи, ″хьэ, тхьэ″ псалъэхэм хуэдэу, къызэрыхъум хуэдэжу щыIэрэ зихъумэжу зы псалъэу жыIэпхъэщ-.

Щхьэж хъууэ щыт зы гуэрыр, зэрыщхьэжкIэрэй нэгъуэщI щыIэ гуэрхэми къазэрыщхьэщыкIырщи, ″щхьэ″уэ хууэ щытырщ, щхьэ зызхуэхъужырщ; мы жыIэкIэхэмкIэ къиIуапхъэр ″щхьэхуэ″ псалъэрщ. ″Щхьэхуэ″ псалъэм къикIыр, нэгъуэщI гуэрхэм зэрелъытарэкIэ зи щхьэ хуэкIуэжырщ, щхьэжу щытырщ, щхьэжу къахэщхьэхукIырщ; ар, щыIэ гуэрхэм елъытауэ зы нэгъуэщIыгъуэу щытырщ; ахэм хуэмыдэрэ яхэмыгъуащэрщ.

*

″Щхьэ″ псалъэр зы нэрыбгэр щхьэжу зылъытэрэ, дэтхэнэ зы Iуэхугъум и лъабжьэ зэрыхъукIэрэу, сытми и щхьэусыгъуэ щIыкIэу зыкъызэригъэлъагъуэри хэтыжу, иджу хъуар зыхэлърэ къызэщIиубыдэу зы псалъэ хэтщ адыгэбзэм. Ар щыхъукIэй, а псалъэр псэущхьэ псом хуэмыIуарэ, цIыху закъуэм хуэIуауэ зы псалъэу щытынщ. Ар ″щхьэхуит″ псалъэрщ.

″Щхьэхуит″ псалъэр, ″щхьэ″ ″ху″пIэм ″ит″ынырщ. ″Щхьэ″ псалъэм хэтрэ, абы игъэзащIэу щыт мыхьэнэ псори зыхурэ зезгъакIуэу зы щIыкIэрэ щытыпIэ зиIэнырщ; а щыIэпIэрэ щыIэкIэм итынырщ ″щхьэхуит″ псалъэм къиIуатэр. Ар, ″щхьэ″ псалъэм зыхиубыдэу хъуар хуфынырщ,

ухуэнырщ, зэфӀэгъэкӀыпӀэ итынырщ; ″щхьэ″р езырыж зэрыхъукӀэрэй, зи щхьэ зыухуэжыфынырщ.

Ар щхьэж хъунрэ, зы ″щхьэхуэ″ Ӏуэхугъуэу зызгъэлъэгъуэфу зы лъэщыгъэрэ зэгущыгъэкӀэ щыӀэ хъунырщ. Ар, дэтхэнэ зы Ӏуэхугъуэр хуиту ухуэнрэ, щхьэж хъунми, зи щхьэр зыухуэжынми и лъабжьэу щытырщ; мыхэр къызхэкӀыпхъэу иту зы щӀыкӀэу щытырщ ар. Дэтхэнэ зы щӀыкӀэрэ, щыӀэкӀэ хъууэ щытри къызхэкӀыр; зы нэрыбгэр езым зезгъэлъытэжрэ, зы нэрыбгэм и зыужьыкӀэм и щхьэусыгъуэж хъууэ щытри къызхэкӀыр а зы псалъэращ. "Щхьэхуит" псалъэр, тепсэлъыхьыныр кӀэ зымгъуэтыпхъэу зы псалъэрщ. Ар, "щхьэ" псалъэм зэхиубыдэу хъуар зыхэлъу щытым хуэкӀуэу ит хъунырщ; а щхьэ псалъэм игъэзащӀэу щытхэм ху-итынырщ.

**Шхы...**

"Шы-шэ" макъэрэ зы гуэрым къыхэхъукӀ гъэш пэлъытэ хъум и эфетку щыт "ш" макъыр "хы" кӀэукӀэ щызешэкӀэ, зыдэкӀуэу щытынур ехын Ӏуэхугъуэрщи, ар зы гъэшрэ шхыныгъуэр егъэхын Ӏуэхугъуэ зыджырщ. "Шхын" псалъэр мы Ӏуэхугъуэращ; мыр зи лъабжьэу "шхыныгъуэ, шхэн, шхалъэ, шхапӀэ, шхэгъуэ..." хуэдэ псалъэхэр мэухуэр.

Шхын Ӏуэхугъуэр, зы шхыныгъуэр шхалъэм егъэхынрэ, абы ухыпӀэ къыхуэгъэкӀуэн Ӏуэхугъуэ зэрыхъукӀэрэу, губжьу щытын пэлъытэр ″зышхыхьыжын″ырщ. Губжьарэ, зи губжьыр зехьэлӀауэ щытыр ишхынрэ игъэкӀуэдын пэлъытэу, псалъэ гуащӀэхэр жыӀэныр "щхыдэн" псалъэу къызэтоувэр.

**Шху...**

"Шху"р, зы шэрэ гъэшу щыт (ш) шхыныгъуэ хужьу (ху) зэрыщытрагъэнщ, а гъэшхэкӀым и фӀэщыгъэцӀэу щӀыхуагъэфэщар. А псалъэр къызэрыхъу щӀыкӀэм мыпхуэдэуй еджапхъэщ: ″Шы″р зы гуэрым къыхэхъукӀырщи, абы и эфекту щыт ″ш″ыр ″ху″ ӀэмалыгъуэрэкӀэ кӀуэуэ щыт щыхъум щыгъуэ къэхъуу щытырщ ″шху″р.

″Шху″уэ щыт гъэшхэкӀыр шэм къыхащӀыкӀыу щытщ. Ауэ, а макъитӀыр щызэгухьэм щыгъуэ къэхъуу щыт Ӏуэхугъуэр, гурыӀуэгъуэнщи, гъэшхэкӀым хуэӀуауэ зы Ӏуэхугъуэу къанэркъым. ИкӀи, а макъ зэгуэтым (ху) зы ″э″ кӀэух къыпыхьэрэ (хуэ), ари зы псалъэм и кӀэух хъууэ щытмэ, кӀэух зыхуэхъуу щыт псалъэм къигъэхъуу щытыр (ш) а псалъэм хыхьэжу зы Ӏуэхугъуэрщ къэхъур. -Дигу къэдгъэкӀыжмэ, ″хуэ″ кӀэухым игъэзащӀэу жыхуэтӀа Ӏуэхугъуэр, ″ху″ Ӏуэхугъуэм хуэмыдэу, зи кӀэухым хыхьэжу зы Ӏуэхугъуэрт-. Ар щыхъукӀэй, зи гугъу тщӀыуэ щыт ″шху″м ″э″ кӀэух къыщыпыхьэкӀэ къэхъуу щыт ″шхуэ″р зы псалъэм и кӀэух щыхуэхъум щыгъуэ, а псалъэм къигъэщӀыу щыт эфектыр (ш) езым хыхьэжу зы

Iуэхугъуэрщ (хуэ) къэхъури, апщыгъуэм а псалъэр хохъуэр, ин мэхъур. Мыпхуэдэ IуэхугъуэрэкIэ къэхъуу щытщ ″инышхуэ, Iуэхушхуэ, лIышхуэ, мывэшхуэ, жыгышхуэ″ хуэдэ псалъэхэр.

Ауэ, ″шын-шэн″ Iуэхугъуэми дызэрытепсэлъыхьам хуэдэщи, ″гъэкIуэн, гъэкIуэтэн″ мыхьэнэхэри къызхэкIрэ зыджыфу щытырщ ″шхуэ″ Iэмалыгъуэр. Ар щыхъукIэй, "шхуэ" псалъэр икIи, зы псэущхьэр зыгъакIуэрэ зышэ Iуэхугъуэм щхьэпэ хуэхъуу зы гуэру щытынщ. Апхуэдэу къэхъуу щыт зы мыхьэнэр икIи, зы Iэмэпсымэ хъунщи, ″шэн″ Iуэхугъуэм папщIэ къагъэсэбэпу щытыр ″шхуэ″рщ. ″Шхуэ″м пыщIар "шхуэмылакIэ"рщ. "Шхуэ" псалъэм иджыр, шэн Iуэхугъуэр зыхуэIуам зыхуэзыгъэзащIэ зэрыхъукIэрэй, икIи, лъакъуэм и зы лъэныкъуэрэ, кIуэнрэ шэн Iуэхугъуэм хуэщхьэпэрэ хуэфIыу зы Iэпкълъэпкъ хъунщ; ар икIи, ″шхуэл″ жыхуаIэрщ.

″Щхуэ, щхуэл″ псалъэхэр икIи ″шэ къызщIэкIрэ зыхуэф″ зэрыхъуфынури гурыIуэгъуэнщи, тIэ, псэущхьэ быдзым хуэщIа лыри къыриIуапхъуэ псалъэхэрщ.

ТIэ гурыIуэгъуэщи, ″шху″р зы гъэшхэкIрэ шэ Iуэхугъуэхэр гурыIуэгъуэ зыщIыфыну зы псалъэрщ. ИкIи, зы гуэрым къыхэхъукIрэ (ш) къызхэхъукIам хыхьэжу (хуэ) зы Iуэхугъуэр зыджу щыт ″шхуэ″р, зы псалъэм кIэух хуэхъуу щытмэ, а псалъэм къикI мыхьэнэр ин дыдэ зыщIыфынурщ (цIыхушхуэ, Iуэхушхуэ, былымышхуэ).

″Шхуэ″р икIи, зы гъэкIуэтэнрэ шэн Iуэхугъуэр (ш) зыхуэIуам хуигъэзащIэу (хуэ) зы псалъэу щытыфырщи, а IуэхугъуэхэмкIэ къэсэбэпу щыт Iэпкълъэпкърэ Iэмэпсымэм я фIэщыгъэцIэу къосэбэпыфыр (шхуэмылакIэ).

## «ЛЪЫ» МАКЪЫМ КЪЫХЪУКI МАКЪ ЗЭГУЭТЫР

**Лъху...**

"Лъы"рэ лъэр къызтехъукIыу щыт макъ эфектыр "ху" макъкIэ щылажьэм щыгъуэ, къэхъуу щыт "лъху" макъ зэгуэтым иджыр, ″лъы е лъэ хун е ухуэн″ Iуэхугъуэ пэлъытэрщ. А макъ зэгуэтым зы ″лъэ″ утыку къигъэхьэн Iуэхурщ иджыр; нэгъуэщI иджыркъым. А Iуэхугъуэр, зы лъэр и лъым къыхэзыгъэхъукIрэ, ар и лъымкIэ зэфIэзгъэувэу, и кIуэцIым щипIа нэужьи, зыхихурэ зы лъэ псоуэ дунейм къытезыгъэхьэрэ къытезыхуэу щыт анэхэм ялэжьыгъэ Iуэхугъуэрщ. А Iуэхугъуэр зи лъабжьэкIэрэу псалъэхэр къохъур: «Лъхуэн, къэлъхун, бзылъхугъэ, хулъхугъэ, дэлъху, мылъхукъуэ, щылъху...».

## «ФЫ» МАКЪЫМ КЫХЭХЪУКӀ МАКЪ ЗЭГУЭТЫР

**Фты...**

″ХэцӀэфтын, щӀэцӀэфтын, къифтын″ хуэдэ псалъэхэм хэтрэ макъ зэгуэту щыт "фты"м тепсэлъыхьын Ӏуэхур еджакӀуэхэм унэ лэжьыгъэу къахуренэ.